Ongka 1 Setu kaping 22 Jumadilawal Ehe 1820, utawi kaping 3 Januwari 1891

Surakarta
Kulawisudhan

Raden Rongga sastra pradata carik jaksa ongka 1 ing kawadanan jaksa Mangkunagaran kakulawisudha dados Mantri Gunung ing Ngawen kapatedhan nama Ngabei Arjawiguna.

Kaundur
Mas Ngabei Arjasutagya, Mantri Gunung ing Ngawen margi saking talendho ing kawajibanipun.

Ing mangke sadaya tiyag ingkang gadhah yatra kertas sami poyang-payingan awit sanjangipun sami miring pawartos bilih yatra wau sampun boten pajeng, kalampahan kala saditnen angajengaken taun baru, ing kantor bariwut anggening anglintoni yatra kertas ing sadinten wau anggening angedalaken yatra pethak kalampahan ngantos pitnen –pitnen ewu, para tiyang ingkang sami anglintokaken wau, dipun sanjangi bilh yatra kertas taksih pajeng, punika sami andarung tanggening boten pitados, menggah pawartos wau bilih ing mangke yatra kertas boten pajeng punika dora, kados punika tumuwuhipun saking para gentho supados gampil anggening nitik para tiyang, ingkang sami kadunungan bondha.
Jurungarang.

Nalika rebo ingkang kapengker punika, kathah tiyang aglintokaken arta dhateng para pareyalan amila mangakten sangking gederig pawartos kangjeng gupremen badhe anirnakaken arta lami, kados ta Inggris rupiyah tuwin wukon badhe dipun santuni arta enggal amila polah ing tiyang kados gabah dipun interi, anggris naming dipun sade, 27 wang, rupiyah naming 10 wang, wukon naming 5 wang.
Ing kantor Bank, anggenipun angedalaken arta gnantos telas: 18 ewu. Awit saking arta kretas inggih badhe boten pajeng, arak kasangeten bongsa kula tiyang jawi anggenipun wateki ingungan dipun kinten kados arta kate, dhapur kanji kados kapal karebahan empyak.
Kintunan

Tuwan Dhawit ing kampung Nglorengan nalika ing ditnen malem Kemis ingkang kapengekr punika, nanggap ringgit purwa sareng wanci jam 1, dalu ki dhalang raraos sakit wetengipun dados manawi marangaken sakedhap kedhap kendel anyambi mijet wetengipun saya dangu sangsaya sanget paman dhalang lajeng pitaken niyaga nipun sitnen ingkang saged dhalang dipun purih gentosi, wangsulanipun niyaga boten wonten ingkang saged dhalang sarehning sakitipun boten kenging dipun sayuti dados lajeng kengkenan ngupados dhalang dhateng Kmlayan supados anggentosana angggenipun dhlang, sapitnen embalanipun badhe dipun pituruti, ananging ugi boten angsal kyai dhalang tansah pringisan kemawon lah: ing ngriku gujengipun para aningali kados dipun sentak kyai dhlang sumere dipun gugujeng dening para aningal lajeng wianten kaliyan ngrarepa: o, sadherek mugi sampun sami gugujeng, tiyang kula punika sakit sayektos malah manawi dhangan kula nyuwun pitulungan sinten inkgang saged ngringgit kula atur nyulihi, para ningali mangsuli boten saged ngringgit dhalang mangsuli malih kathik sami gugujengan mawon.

Para widadari ing Canthangan dipun tukup dening pulisi badhe kaladosaken dhteng Suyasairmala (Kadipala) badhe dipun turuh ing toya marta amargi salaminipun suyasa nirlama dados dereng nate kaladosaken mriku, dhatenging pulisi dumarojog tanpa larapan para widadari kaget sami mabur angambara boten kantenan purugipun ngantos dumugi sapunika boten wonten wangsul adamel kasusahanipun rama Canthang.
Ing Suyasa sanirmala sampun langkung widadari skeet ingkang sami dinus ing toya marta, punika naming para widadari pan rucah kemawo tutungguling apsari dereng wonten ingkang pinulasanten sanadyan anandhang roga inggih sinamar: kados isin.

Kala taun baru wanci sotnen wotnen dhosadho andhong langkung ing ngalun-alun ler, nuju kothong, kepethuk kaliyan saradhahu ingkang kemampo, kusir andhog dipun jengkangaken ngantos karengkangan dhosadhonipun lajeng dipun tumpaki dening saradhadhu wau, kusir andhong tangi lajeng lumajeng kikinthil ngririntih dhosa dho mugi dipun andhenga, sareng sampun sawatawis tebih dhosadho dipun dhegaken sarta kusir dipun wicanteni trimakasih pancenipun paman kusir kedah mangsli trimakasih kumbal, punika boten lajeng nginthar mlajengaken dhosadhonipun.

Nalika dinten jumungah Legi tanggal kaping 2 wulan punika, peken kapulisen kartasura kaleresan pekenan tiyang sapeken punika cantenanipun kok pating calemong wonten ingkang wicanten makaten, saiki dhuwit ringgit rupiyah ukon talen kethip wis ora payu, awit kanjeng raja wis seda, saiki sing dadi raja pturane putrid, mulane dhuwit salaka arep di owahi cap kondhe, yen ngijolake juwit masthi sudi, nadyana suda abecik di jolake juwit tembaga tinimbang bakal ora payu, wela puning katiyanga lit inggih lajeng mituhu kemawon ingkang gadhah arta wetah lajeng kalintokaken arta tembaga arta ringgit naming pajeng kawan likur wang, rupiyah wolugwang, wau kon kaan wang, talen kalihwang, namung bujeng katimba badhe boten pajeng, wotnen satunggiling priyantun tumbas alang-alang, ingkang kabayaraken arta ringgit punika pun kakang sade alang-alang boten purun nampeni, kedah nyuwun kabayar arta tembaga, sanadyana priyantun wau sampun dunungaken yen arta selaka boten ewah sarta pajeng kemawon ananging boten dipun paelu, wangsulanipun o dara, sampeyan punika dereng miring kabar, sapunika arta wetah rak sampun boten pajeng, nahanta, sang bupati sareng miring gumyah ing kathah.
Makaten lajeng utusan panewu mantri andhawuhi dhateng titiyang peken sarana tengara bendhe yen sarta ringgit sapanunggilanipun boten ewah paejgn kados lami kemawon siten ingkang boten majengaken arta wetah badhe kaukum punika titiyang sapeken saweg sumerep yen kabar wau dora, saking bingahing tiyang sapeken swqranpun ngantos kados geger, wasana arta wetah sapunika sampun pajeng kados lami. Lomakaten punika rak akalipun preyalan supados kathah bathinipun.
Sayekti.
==-========\========
Lah punika tindak ingkang saestu cancut trangginas pragat wangsul salebetipun nagari ta dipun dipara tiyang inggih sami poyang-payingan teka para kawogan ing pandulu kula kok sami kendel kemawon ananging para kapala kampung anggening anariki yatra lisah ting gantung punika katingalipun bikut sanget.
Jurungarang.
==========\=========

Rakiya ing dhusun Tambak (Samarang) medamel wonten ing sabin kraos dipun cakot ing swer toya sukunipun smabat, adhuh biyung lajeng dhawah wotnen ing leleran dipun tulungi denig kancanipun tiyang madamel pun rakiya sampu pinangggih kaken kados kajeng lajeng dipun bekta mantuk kalayan engggal-enggalan dumuginipun ing griya kalajeng pejahipun tatunipun naming bucek angeramaken apuh ing wisanipun sawer mandos.

Cina anama Asi kengig tarka anampeni wangkretas regi sewu rupyah saking tiyang estri jawi enggah pikantukipun wang krtas tiyang estri wau anggenipun nyolong saking tuwanipun dipun tukaraken dhateng

Asi pangraosipun kretas naming regi satus rupiyah mila pun Asi boten mawi dangu mali lajeng anglambangi arta pethak sapa nedhanipun estri wau, mengah kalintuning estri punika boten kalebet nglengkara, sayektosipun wang kretas regi satus akaliyan regi sewu, sabrebedan sami kemawon.

Kumpeni jepang gadhah atur dhumateng kanjeng gupremen Nederlan manawi wotnen tiyang Jepang sumedya tumut manggen wotnen pulo jawi, mugi sampun ngantos kasamekaken kaliyan bong Cina, kasamiya kados dene bongsa Eropah panuwun unika dereng tartamtu kaparengipun.

Titiyang Eropah boten saged mangretos dene para singseh bongsa Cina kathah ingkang misuwur namanipun snadyan kasagedanipun kathah ingkang cabar, anangig titiyang jawi kathah ingkang sami nganggep dhateng kaluwiyanipun singseh wau, wngsul para dhokter walandi sarta ingkang sampun mawi sasebuta Dr (dhokter) putus kawruhipu kasesen para sujana, inggih ugi boten kawentar namanipun dening ucapipun titiyang jawi, malah jampi saking dhokter taksih dipun kasesen para sujana, inggih ugi boten kawentar namanipun denig ucapipun titiyang jawi, malah jampi sakig dhokter taksih dipun sirik dhateng titiyang jawi ingkang ambek gugon tuhon.

Wonten lare jaler tilem ing griya suwug ing kampung gang mangkok (Samarang) saweg kapatos kapatosipun anggenipun tilem dipun damel mainan dening tiyang ingkang ambek niaya, sukuni lare wau dipun buntel ing sinjang amoh lajeng dipun suri lisah potroliyun sarta lajeng dipu sumet kados punapa kemawon polahipun lare punika kekitrang bengok-bengok nedha tulung sarta kados punapa kemawon bingahipun jajah lanat punia dene kadugen anggenipun damel mainan rahajeng kathah ingkang sami dhateng tumulung, nanging lare punika sampun satengah pejah monyoh sukunipun.

Wonten cina ingkang dhateng angrumiyini sderengipun wotnen tiyang tandng, dipun cepeng dening pulisi katar ka ingkang andamel piawon punika.

Cagaking setrilgrap sacelaking Agtesruweng (Karanganyar) isi mangkok kanem dipun samber ing gelap ajur dados sawalang-walang kawatipun pedhot sadaya, ingkang 5 kawat gupremen ingkang 1 kawat sepur, ing kantor Sruweng panggenan piraston setrilgrap ngantos medal latunipun kados latu panithikan pating klepyur.

Ing nagari Rusiyah mentas wotnen bencana latu, ambesmi griya salebeting kitha gnantos tapis kitha Kineslimah kalebet ing bawah anipun gupremen Kustrowa kabesmen ngantos dados karangabang, boten wonten griya satunggal ingkang kenging kapitulungan sadaya katut katuna, kapitunanipun kataksir kirnag langkung sakedhik wotnen tigang yuta rupiyah, salebting kutha ingkang dados karangabang wau ingkang angenggeni wotnen tiyang 4000, sarta tiyang samanten wau sapunika sami boten agagriya miwah kakirnagan tedha, awit barangipun prassasat katut kabesmen sadaya, makaten malih salebetipun kitha Orel sarta kitha Kruah wotnen bancana latu ambesmi griya cacah wuwung telas 20 akaliyan 150.

Kula nyuwun saserepan dhumateng priyantun surakarta ingkang kasebut almena Ngayogyakarta kangge taun 1891, wotnen ingkang mungel kabupaten panumping.
Bupati raden Mas Arya Sasrakusuma, kaliwon raden mas Ngabei Sasrakusuma, sarehning nama sami, mongka pamireng kula kaliwon panumping punika putranipun kanjeng gusti pangeran Arya Prabu Wijaya dados wayah dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan ingkang jumeenng sapunika, menggah bupati panumping wau, punapa mutranipun suwargi raden tumengung Prawiranagara, punapa putra Santana dalem tuwin ing seran saking bupat sanes sarehning nama sami mila kula terangaken angicalna songgarungi ning manah kula.
Pakualaman kaping 62 Dhesember 1891
Poncajanya.

Wangsulan katur mitra Sastrapratama
Ing Bramartani ongka 103 kasebut panjurungipun mitra angocapaken lalampahanipun raja pejah ing dhusun cakol Sela, punika nalar nalar sapiturutipun sampun leres boten ewah kalayan kawotnenanipun dados kula ugi andherek mangasthi kabuling pamujinipun mitra wau, pundi ingkang saged angsal wiwinih ing katrangan mugi kaluberan ganjaran saking kanjeng parentah ageng, ananging sarehning gumelaripun wau kirang wijang, saupami ing tembe wotnen sih kawlasanipun nagari aparing panarimah, tamtu tlesih saha adil mila wijangipun kula andhar kados ing ngandhap punika.
Kala panewu dhistrik anampeni pilapuranipun pulisi sela, bilih tiyang nama tadrana ing Cangkol ical sampun mawi katrangan sumelanging patrap watawis 8 dinten panewu dhistrik kitha Ngampel papriksa dhateng sela, angupados katrangan anangi sigeg boten pisan angsal wawenganing lampah, amargi kawontenaning papejah wa sampun saabipraya tiyang sadhusun cngkol sadangonipun kawekening lampah, tampi paturanipun tiyang nama sastra widarsa, tilas pulisi sela, amrateikelaken murih angsalipun katrangan supados panewu animbali pulisi Cepaga nama demang darmareja, awit piyambakipun gadhah telik ingkang kawajbaken rumeksa tata tentrem sata latah ing redi, amargi gnlurui embahipun nama ngabei Singawawreka, kala dados pulisi Cepaga, ngantos rambah kaping pitu, angsal serat panarimah saking kanjeng parentah ageng nagari, anggenipun saged amikut kadurjanan ageng kecu raja pejah ssaminipun lajeng angsal ganjaran dados abdi dalem mantri pamaosan bayalali, pandamelan tumurun dumugi anak putunipun.
Sanalika demang Darmareja, kadhatengaken ing sela, sampun ambekta telikipun tiyag nama Mertawijaya, ing genting sadumungiing gnajengipun paenwu dhsitrik telikipun demang reja, kadangu sampun saged gambling katrangan nalar nalaring papejah wau, amargi saking cariyosipu pak Salikin ingkang sampun kasebut panjurungipun mitra sastra pratama, mila sanalika punika pulisi cepaga, lajeng kapatah marsudi katrangan dhateng salebting dhusun Cangkol acanthi telikipun ngantos sageda angsal katrangan wewentehan dalah pamendhemipun bangke wau.
Lah sumongga mtira sastrapratama, punika katanganipun manawi mitra kirang pitados kula aturi mratitisaken wasana sakathahing kalepatan kula kasapua ing palamarta, amargti pangesthi kua, mitra sageda dados gagentosipn swargi mtiran kula wasibojakirana, jumeneng woten ing ngargacat8r mengku ambegsih kadarman parawadya wandawa sami ambeg sumungku pinuja-puja, mila kaderenging manah kula ngandhar ingkang mangkaten saupami tiyang ingkang angsal wiwinihing katrangan mongka badhe katlisut ing tembenipun sok tiyanga badhe aras-arasen marsudi katrangan lampahing kadurjanan punika rak dados piraboting praja.

Mangkaten malih ing ngatsig tiyang alit sampun malih ngantos tampi ganjaran sanajan among katingal damelipun kemawon rumaos tampi ganjaran ageng.
Kaserat ing ringin pitu kaping 1 januwari sinengkalan Kawula terus angesthi gusti
Mitra lami ajar sloka.
Mitra lami Ajarsloka.
=========\==========
Paman Jaka Pramana, sanadyan anggen sampeyan ngudhari pitakenipun endhang kilatawarna, boten anjalari bingahig manah kula, awit kula ugi sampun mangsuli kalayan cekak pamurih kula cupeta samanteh kemawon ewadene sarehning tiyang tutulng punika kedha tampi panarimah, ddos pitaken sampeyan ingkang dhteng endhangkilatawarna kula ingkang jawat minongka pamales kula ing pitulungan sampeyan ing ngandhap punika sampeyan sumerepi.

1. Wiwitipun wonten badhaya, ingkang yasa sanghyag Endra, panganggitipun kala ing taun Surya sangkala, 246 utawi ing taun condrasangkala 264.
2. Wiwitipun wotnen ditnen pon wage, sapanunggilanipun ingkang yasa sanghyang surya, nalika ngejantah dados puruitan nama resi Radhi, panganggitipun kala ing taun Surya sangkala, 284 utawi tau condrasangkala 298
3. Wiwitipun wonten taneman pantun jabung jarak juwawut klapa lingsa, ingkang miwiti nanem raden Jakapuring awit saking dhawuhing raka srimaharaja kano, amarengi ing taun suryasangkala, 312, utawi ing taun condra sangkala, 321.
4. Wiwitipun wonten dinten Dite, soma, sapanunggilanipun ingkang yasa sanghyang Surya, nalika ngejawantah dados puruita anama Resi radhi, ing kadipunaturi nglimrahaken sirmaharaja selacala, pangangitipun kala ing taun Suryasangkala 386 utawi ing taun condrasangkala 397 lah sampu paman kula lajeng sampeyan lilni manggih ing Sudirawarna.

Sudirawarna, sarehning wngsulan sampeyan ing bab panjawab kula semunipun dereng sumegem mila kula kedah ngudi pundi ingkang sampeyan lepataken prayogi kadumuk kasupados sampun dados semang-semanging manah kula, awit wangsulan ingkang mangkaten punika saestunipun sampun anggadhahi waton dene pamurih sampeyan supados kula sekolah malih, awit saking pamanah sampeyan kula dereng sumerep dhteng suraos wangsulan kula trimakasih, ananging sumerep pamenggah pamancah sampeyan boten anjalari kusuting nitya kula, wit upaminipun tukang grabah amanceni garapaning kemaan saestu naming ingeseman kemawon.
E Sudirawarna, sampeyan saged dumuk kalepataning sanes nanging boten sumerep menggah kalepatan sampeyan piyambak lah inggih leres sampun adatipun tiyang bodho punika mangkaten menggah pangangge sampeyan tembung, dhumteng jakalengkawa, punika punapa boten naming ngluhuraken badan sampeya piyambak sanadyan mangkatena manawi turut tembugipun inggih boten dados punapa, wangsul ing ngandhap tembungipun andhap asor sanget dados btoen dhaup kaliyan tembung sampeyan dhumateng, lah kawiyak wadine sipaman kula sampun sumerep menggah liding kajeng sampeyan mila ngangge tembung andhap asor punika rak supados sampun ngnatos winastan angunggulaken badan ta, awit sampeyan saweg mancah anggen kula ngunggulaken badan I dadi kaliru sing ora sumurup srasabilih kula boten kenging winastan dereng sumerep suraos mila kula purun ngangge tembung ingkang sampeyan wastani kados serat kakanciinganipun Kanjeng Parentah ageng, punika sampun kula sembadani sadaya tetembunganipun boten wotnen ingkang ngasoraken

badan awit nalka samanten panginten kula sampeyan puniia tiyang rucah kemawon dening ngangge waton serat suwiran tur panggiyan wekasan sampeyan ngaken jaka suyatna dados samangke sampun terang bilih sampeyan [punika priyantun wasana kula pitaen sakedhik menggah tembung sampeyan aturan kula baresan kemawon punka punapa sampun leres sarehning sampeyan punika dereng kenging winastan saged prayoginipun kedah sampeyan samantakaken rumiyin kaliyan guru sampeyan menggah lepating panyerat sampeyan boten susah kula pratelakaken awit sampun boten was-was panganggep kula bilih sampeyan punika tiyang bodho.
Witaradya kaping 13 Jumadilawal Ehe ongka 1820
Jakalengkawa.

Ongka 2,Salas Kliwon kaping 25 Jumadilawal Ehe, 1820 utawi kaping 6 Januwari 1891

Surakarta,

Nganyutuwuh

Nalika dinten Senen wage tanggal kaping 5 wulan Januwari, 1891, wanci injing sumerep tiyang pejah gantung gumandhul wonten balandar griya, sarana sabukanipun marenos cemeng, inggih punika tiyang nama Setradrana, abdi dalem jajar juuru ing kapatiyan griya kampung tegalreja, mila gadhah tekad pejah gantung, jalaran saking sedhih ginanjanr sakit mripat lami dereng saget sakeca, mongka tanpa anak tanpa bojo mung badan pribadi, dalunipun mentas mandhap caos siyang karaos badhe kapinten wah saya sanget karaosing sakit andadosaken ardanig manah sedhih, mila lajeng nglalu pejah gantung.
Ki Sukawarta

Panjenganipun kanjeng raden Adipati Sasradinigrat ing samangke sampun babar angggenipun iya sawradinan pakampungan saler dalem kapatiyan mujur mangilen anjog saleripun jaman tren sampun katingal bagus radin anjalari kabingahanipun tiyang pakampungan tuwin lampahipun kareta andhong ingkang sami lumampah ing margi gnriku wau, ananging ingkang mangetan saweg dumugi wradinan ingkang mujur mangaler dhteng sanggrahan dene terusanipun ingkang dhteng mesen saweg kalara sasampun kawatesan anjir (Kelop)
Saking pamuhi kula ing sarehning sapunika wradinan ingkang sisih kilen sampun dados sambetan ingkang wetan terusan dhateng Mesen lajeng tumutnen sageda galih panggapipun Amin Amin.
Ki Sukawarta.

Aneh tiyang tilem saged anatoni durjana

Karya menggala pangindhung ing kapung Danukusuman saben dalu kerep kecalan ayam kabekta ing durjana pandung, mongka ayam wau manggen wonten kandhang ingkang sakalangkung kekah naming lawanganing kandhang ciyut kinten sacekapipun babon dene durjana sagetipun mendhet ayam boten susah lumebeting kandhang namung dipun rogoh sangking lawangan wau, karya menggala sanget anyel manahipu lajeng tuwuh akalipun masang kala cekrek tosan ingkang adatipn kadamel angalatikus wonten salebeting kandhag ayam leres sangajenging lawangan kaiket ing rante angsal cagak kalayan santosa, sampun kaanggkah kinen durjana agrayahi sageda katangkep ing kala tanganipun kala wingi dalu kinten wanci jam 3 pakaranganipun karyamenggala kambah ing durjana malih ingkang ugi angangkah ayam sarana ambikak lawanganing kandhang lajeng anggagapi kados ingkang sampun sampun wasana kaleksanan tanganing dursilaingkang tengen waket ugel ugel dipun akep ing kala cekrek durjana sanget anjola sarta tanganipun katarik naming kalayan ririh supados boten tugel drijinipun nanging boten keningg nahan karya menggala ingkang tilem wonten salebeting griya nglilir miring kriciking rante sampun nginten bilih durjana kenging kalakarya menggala pancen jerih awit boten laejgn inggal angedali purun mulasara, namung nyuwara sora wonten salebetin ggriya pi-api ngupadosi sabet boten ngetang sakit tanganipun lajeng kasendhal sarosanipun kemrompyanging rante sareng kaliyan pangadhuhing durjana,

biyung:ngiyung, kanthis waraka debugging suku lumajeng sipat janggut karya menggala lajeng medal saking griya, tanpa alok naming gumujeng kekel sareng dhateng kandhang ayam ambekta dilah nuweni labet kidurjana wau, ing ngriku katitik bilih pancen durjana loma, awit kathah anggenipun nilari kulit utawi daginging tanganipun.
Kintunan.

Naliak ing dinten Malem Saptu tanggal kaping 2 Januwari punika, kinten wancijam 9 sonten kula lumampah saking kampung Cina, sareng dumugi ing kampung amongtrusthan, inggih punika panggenanipun lalangen para taruna, ing griyaipun ringgit pun sumyar, wonten satunggiling taruna awasta raden mas S.L.m. bdhe suwalakarsa, akaliyan encik, S.H. mandhor gudhang S.S. dene ingakgn dados jalaranipun inggih satunggal punika, neh, ingkang anuwhaken panggagasing manahkula wau naming sumbaripun ingkang sampun wonten slebeting kamar, wicanten makaten, mulane bocah lanang wis wani saba ing kene ya wis tau tatengenggo cukil kuping jingganing majapait ingkang wonten jawi mangsuli, sanadyan akuya wis tau tate nganggo sogok untu pitranging balambangan sasampuning kakalih sami sumbar sinumbar, tandya bibaran tan wonten kara-kara, badhe kula suduk dhuwung ingkang bolong tiga wedalan peken ingkang regenipun nyatengah sen, lajeng kula sepuhi ing mangsen tul, lajeng kacobekaken ing dalancang ekrek-ekrek punika kemawon antawis rampung boten susah kyai jigja tuwin kyai pitrang, awit ingkang sampun kalampahan manawi dhuwung bolong tengah tiga punika katamakaken ing tiyang ingkang lampah duta, ampuhipun anggigirisi, trakadhang sok laejgn kaken tanganipun kalih dados satunggal.

Ing antawis watesing paresidhenan ing Surakarta, akaliyan paresidhenan ing Madiyu kaleres ing dhusun Carat wonten bangkening tiyang estri, pejah margi katrajang ing ampuhan boten terang nami tuwin padununganipun wau bangke lajeng kakubur dening pulisi dhistrik Balepanjang, Magetan punapa dene wau bangke mawi tilar anak estri taksih pasuson tujonipun lare punika boten tumut kadhahar dening kyai ageng ampuhan salajengipun wau rare kapupu dhateng raden ngabei Purwakusuma, asisten wadana ing Plaosan kapulasara kados anakipun pyambak.

Yogyakarta
Kala ing dinten Jumungah Esge tangal lkaping 26 Dhesember, raden tumenggung Jayadipura, bupati Nayaka wadana kaparak tengen ngrangkep pamomong dalem kanjeng gusti pangeran adipati anom amengkunagara, sampun dumugi ing jangji tilar dunya, jalaranipun gerah sepuh.

Pethikan
Ing Juwana: pawartos lindhu kala kaping 12 Dhesember, wanci jam 3 langkung 15 Menit saleebting kitha kathah griya tembok ingkang sami karisakan titiyang isining kitha kados gabah dipun interi, swaranipun pating jalerit griyanipun para cina tuwin dalemipun para tuwan kathah ingkang sami ambruk sampun kaetang griya ageng-ageng pinanggih 21, karugiyan kininten boten kirang saking 100.000 satus ewu rupiyah, bab risaking griya ingkang boten ambruk naming bekah kemawon sarta rebah ig pager banon punapa dene patrolan tuwin risaking bekakas griya emja kursi lemari sasaminipun punika kininten boten kirang saking 20000 kalih dasa ewu rupiyah, titiyang ingkang pejah jaler stri gunggung, 11,

ingkang kataton sanget inggih 11 kabupaten Juwana masaweg winasuh dening pangeran rumiyin kabesmen lajeng kabanjiran wusana kelindhon panggaotanipun bongsa cina kilak apyun peteng sampun pejah babar pisan wah dipun kencengi prakawis serat pan kakesahan jaler estri katamtokaken sowan piyambak.
Babah OngOkyewan kuwasa pak ing Juwna, nalika wotnen lindhu panuju main sarta panuju menang kinten-kinten boten kirang 500 rupiyah, sareng karaos ebah ing siti, cina kancanipun sami lumajeng medal nanging babah Ongokgowan talompe mawi anglempak kaken arta pamenangipun rumiyin tumunten temboking griya ambruk tumunten griyanipun ambruk animpah sanginggiling tembok sareng sampun tentrem babah Ong Okgowan dipun padosi pitnen pinten dasa tiyang andhongkeli remukan banon wusana kapanggih sampun gepeng, balungipun sami katingal mamelas sanget pejahipun babah Ongokgowan wusana lajeng dipun rukteni alebetaken atabela, badhe kabekta dhteng nagari wutah rahipun ing kabupaten Kadhiri.

Ing kabupaten pathi inggih karisakan ugi, griya-griya gedhong ing Pacinan tuwi ing Ngloji sami kathah ingkang bengkah, sampun boten kenging dipun enggeni malih, masjid Pathi inggih risak pinten kathah ing Wragadipun pambangu karisakan wau, punika dereng kenging kateksir.
Paksi burcet punika miraos sanget para tuwan kathah ingkang sami nengenaken mengggah ing titiyang jawi, dipun liwet punika pengpengan sanget sekulipun ngantos anglisah, raosipu anyir, mila boten wotnen potipun para tuwan saben ditnen ngahad sami nyenjata nanging pikantukipun rekaos sanget beda kaliyan nyanjata paksi drekuku tuwi johan sanadyan inggil panggenanipun katingal mencok sarta tutut peksi burcet boten makaten panggenanipun wonten tanem ingakgn saweg gumadhu, ktingalipun sarana dipun dhawahi ing Klamarduk lajeng mabur, punika lajeng dipun dhawahi ing sanjata, nama nyenet kangelan pikantukipun sanadyan kenging a dhawhipun ing tanem dereng mesthi kapanggih, awit manawi tatunipun boten pramana, burcet taksih saged jrunthul tebih saking panggenan dhawahipun.
Titiyang jawi angsal pamanggih pikantukipun pak pibur set boten kanthi rekaos tur saged angsal kathah, punika kapasangan jarig tangkeban nanging kedah wanci sotnen sampun repet repet manawi paksiburcet dipu gusah kalayan kalamar duk mongka angleresi nempuh ing pasangan jarring, punika pinten pinten dasa nglepak dados satunggal malebet ing jaring, ingkang mendheti kemawon ngantos sayah.
==========\=====

Candhakipun suraosing serat panitisastra kawi katur panjenenganipun Endhang Kilatawarna.

Pada ongka 10 jroning weparimananala, gagangipung tunjug daut kawruhi, sapiturutipun suraosipun mangkaten yen badhe anguningani salebeting manah, kadi anguningani wates lebeting toya, gagang pig sekar tunjung binedhola kaunigan kadosta ye priyantun kawawas wicantenipun lenggah tataning tembug yekti angangkah-angkah yen pandhita, putusing nge,mi sabar maklum moment mengku, yen pujongga, patitis ing wicara saged angecaning manah ing tiyang sanagari.
Pada ongka 11 Mngaggyanrisrutilinggasojarrisastra, sanamandhala, sapiturutipun suraosipun mangkaten
Anangging manggening wuwulang punika boten woten kados angangge saujaring kakawin yen amerdeni suraosipun dipun kadi gawonging dhateng kadang, punapa ing saulahing sastra

dalah sajarwanipun kamerdiya, upaminipun kadi angidhepaken diponggа galak wonten ing wana.
Pada ongka 12 sang wadhayan oalan omawangunen tuhyamretengraat kabeh sapiturutipun suraosipun mangkaten.
Sang pandhita laedipun adamela pamujan dados angasrepi ing jagdsadaya, labeting pujongga adamela wuwulang kaliyan santosa ing budi boten lemeren labetig tiyang sugih, artanipun kadamela dadana dhateng tiyang sanagari, labeting tiyang estri, gumatosa dhateng putra.
Ingkang punika, sarehning serat panitisastra kawi gadhahan kula wau dereng mawi anyebutaken ingkang anganggit sarta kula pancen dereng sumerep amila panjenenganipun Endhang kul aaturi amaringi saserepan dhumateng kula.
Begelen kaping 21 Jumadilawal Ehe, 1820.
Jakapramana.
=========\================
Katur ingkang ranajanggan Samoga
Kira kaserat sampeyan ingkang kawrat ing Bramartani ongka 100, sampu kula sumerepi terang, menggah pamurih sampeyan supados kula angudhena Sugyata awit kira kawegah dening ingkang kangge upami sarwa nebahi, kula inggih sandika nanging kalilan na manggihi piyambak, sugyarto, panjarwa sampeyan sabab punika kanyambut saking tembung ngarab jarwanipun tetengering kang mesthi, panganggejpu kadosta, mulane weteng ku krasa sebah sabab kuwaregen pamangan kub beneman katela pendhem wela: yen makatena seah ing weteng sampeyan punika tetener ingkan mesthi kuwaregen beneman katela, lo pnapa inggih dhaup tembung tetenger ingkang mesthi kangge ing ngukara wau, hyeh mas tiyang punika bok inggih nurut ingkang sampun kalimrah kemawon sabab ya sabab anuya anu, rak sampun, ewadene sarehning tembung sabab punika panginten sampeyan sambutan saking ngarab kula mriyogekaken tumunten sampeyanan tuk aken supados sampun kagugat dening eyang ngarab panjararwa sampeyan panggening tebung awit amarga, lepat sanget naming panganggening tembung jalran radi memper, iyak mesem, panjawab samepayan pangangg tembung yen Manawa, leres menggah ing teges ngreti, nanging sumerepa punika boten condong kaliyan pangajeng-ajengipun janggan samoga, awit ingakgn dipun takekaken punika watek utawi pangangening tembung, boten taken ing bab krama ngoko, iyah kok merangi tatal bilih naming mangkaten kemawon saben rare temtu sumerep sarehning sampun tetela cabar sampeya mila ing ngandhap punika panjarwa kula ingkang tembung adamel mareming manahipun janggan samoga.

1. Sabab kangge ing mongsa lunges, kadosta, aku ora seba sabab tanga ku kesrihpahan.
2. Awit kangge ing mongsa ingkang saweg pinanggih, kadosta, aku ora seba awit lagi kedhayohan.
3. Amarga, kangge ing mongsa ingakgn dereng kalampahan kadosta, aku ora seba amarga lagi dandan-dandan omah.
4. Jalaran kangge ing mongsa ingkang sampun pinanggih, kadosta, jalaraning lara anakmu mangan apa.
5. Yen kangge ing mongsa lunges, kadosta, yen aja atak tulungi amesthi mati.
6. Manawa, kangge ing mongsaingkang saweg linampahan kadosta, Manawa dhangan mengko sore tak undang.

Sugyarta, panjar kual ing nginggil punika sampun leres sanget mila sampeyan prayogi nedhak supdos sageda tumanem telenging kaengetan sampeyan ewadene manawi sampeyan

taksih semang-semang kenging kapintokaken dhateng tiyang ingkang sampun sampe lan tetela yen sampeyan kirang seserepan sampun sampeyan kantun pinarak kula badhe mangggih ing karuh kula enggal nama jaka Sasana.
Jaka sasana pitaken sampeyan teges sarta warnining sastra 5, warni, witipun wonten kala jaman punapa, ing ngandhap punika panjarwa kula.
Pitaken ongka 1 Sastra gurita patra, tegesipun tulising godhong, awit panganggitipun kabuki saking wawangunan warayanging gogodhongan ingkang ngiyas prabu basupati ing Wirata kala taun surya sangkala 512 utawi ing taun condrasangkala 527 pitaken ongka 2 Sastragupala, punika kula nyuwun pangapunten awit saking kaengetan kula boten wotnen sastra gupala, yen sastrapala, kula sumerep tegesipun who, awit pangangitipun kabuki saking wawangunan citraning who langsep ingkang ngiya saprabu dwipakeswara ing Ngastina, kala taun surya sangkala 624 utawi ing taun condrasengkala 643 ewadene sarehning sampeyan takekaken tembtunipun wonten amila prayogi kawedharaken ing pasamuwan ngriki.
Pitaken ongka 3 Sastragarita, tegesipu pamoring tosan, awit panganggitipun kabuki saking wawangunan pamoring tosan ingkang ngiyasa prabu Jayabaya ing mamenang kadhiri kala taun surya sangkala 848 utawi ing taun candrasangkala 874
Pitaken ongka 4 sastra prawata, tegesipun redi, awt panganggitipun kabuki sakiwa wangunan lorahing redi, ingkang iyasa Prabu Ajipamasa ing pnegging, kala taun surya sangkala 915 utawi taun candrasangkala 943.
Pitaken ongka 5 Sastragruwendra, nyuwun pangapunten kaping kalih awit kula utgi dereng sumerep mila kula gentos nyuwun seserepan sarehning ingkang sampeyan takeni boten kula piyambak nanging tiga kurang, dados kakantunan kakalih wau prayogi kabage 1 dhateng D.A. 1 Jakasuyatna, ewadene mongsa bodho wa sampeyan.
Mila warninipun boten kula gelaraken awit ing saestunipun ing pangecapan dereng wonten sastrabuda, boten langkung mugi sampun andadosaken cuwanig manahs ampeyan
Ing Witaradya ping 6 Jumadilawal Ehe ongka 182.
Jaka Lengkawa.
==========\==========
Kulanuwun Jakalengkawa, kula dipun welng dhateng D.A. bilih sampeyan taksih nyimpen serat pangalemipun D.A. ingakgn dhateng sampeyan manawi kapareng kapurih nyereki sadaya, mila pangalem wau kasuwun wangsul jalaran dereng apsah tumrapiupn dahteng para saged, ewadene D.A. inggih sampun ngangep dhateng kasagedan sampeyan, milanipun D.A. boten presaben piyambak dhateng sampeyan saweg parlu ngupados serat paramasastra badhe kadamel sinau, nanging dereng angsal.
Kajawi punika bilih sampeyan saestu badhe sakolah malih, kula badhe tumut sakolah, nanging panuwu kula bilih kapareng sampun sakolah dhateng pawiyatan pasar Kiwon awit kula namtokaken badhe woten nomer 5 guronipun radi keras kula ajrih bilih dipun gebag ing jidhar, bilih kapareng prayogi nyuwun wulang dhateng Jaka suyatna kemawon kinten kula boten kaweken ambabadra dhateng para punggung ingkang kados kula punika, nanging kalilanana kula ngrumiyini matur dhateng jakasuryatna.
Kulanuwun jakasuyatna, bilih kapareng dhangan panggalih samepyan kula nyuwu barkah saserepan minongka kadadosaa piwulang dhateng pun kula, ewadene ingakgn kula suwunaken barkah punika, inggih bab anggenipun damel upami D.A. tembung Anuaku ngresaya ing kowe, tekakna si anu dina iki.
Ingkang punika rehnjng sampeyan sampun suka katrangan dhateng D.A. saha sampu sampeyan cekak bilih D.A. dereng saged gayuh, sarta dereng nate sarawungan kaliyan

ingkang nama tanggap sakriya, awit saking bpapathokanipun punika inggih leres mila kula boten taken dhteng D.A. teka lajeng nyuwun katernagan dhateng sampeyan awit ingkang sampun tamtu kagungan pathokanipun wangsul ingkang kula terangaken punika boten sakng dene tanggap kekriya, naming tiyang ingkang dipun resaya wau candhakipun ing panampi kados pundi, punapa dipun purih dhateng ngaken punapa dipun purih nekak ingkang mesthi badhe dipun lampahi ingkang pundi, pathokanipun menhet saking pnapa, anggenipun badhe nyumerepi suraosipun, utawi tembug dewipurwa punika ingkang bawalaknyana, bubukaning wanda ngajeng punapa kenging karaketan sandhangan swara, punapa boten sampun naming punika panuwun kula,
Manawisampeyan saged maringi katrangan ing ngatasipun tita bodho kados kula punika, saking bingah panarimah kula, asma sampeyan badhe kula turu ing sindu mawarsa aku larukti ing gebyas ilangilang, kangge sipat netra supados kasawabna ing paningal terang, kados dene paningalipun ingkang sampun dumunung dhateng kasusastran.

Mitranpun D.A. Jaka busuk minta wuruk.
Jaka Sasana rehning D.A. boten saged wawan sabda piyambak kaliyan sampeyan menggah pataken sampeyan 5 bab ingkang sampun kawrat ing bramartani ongka 100 punika kula ingkang dipun purih mangsuli, dados ing sasaged-saged ngandhap punik jawab kula

1. Sastraguritapatra, punika aksara buda, anggitanipun raja Kano, ingkang jujuluk prabu Srimahapunggung, ing nagari Purwacarit, mila dipun wastani gurita patra, panganggitipun aksara wau mendhet saking coreking gogodhongan.
2. Sastragupala, kinten kula kupala, ugi sastrabuda nanging sanes warni, ingkang nganggit prabupala sarana ing nagari Ngastina, mila dipun wastani sastrakupala panganggitipun aksara wau mendhet saking coreking wowoan kadosta: dhuku, pijetan sapanunggilanipun, sampun namung punika ingkang kula sumerepi, leres lepat kula sumongga, ewadene ingkang tiga bab jaka sanana kula purih nedha katerangan dhateng mitra sampeyan Jakasuyatna, tuwin Jakalengkawa.

E Jaka Sasana kula nyuwun barkah gentos tembang bendra, punika tembung punapa, utawi candhala, punika tembugipun tiyang jawi tengahan kados pundi, mugi paringa katrangan bilih sampeyan dereng pirsa prayogi kasuwuna katrangan pisan dhateng Jaka Suyatna.
Jaka Busuk.
==========\==========
Katur panjenenganipun W.H.Manrangbaya.
Wiyosipun , boten saking punapa, menggah sowan kula wotnen ing ngarsa pamenangan sampeyan among saking sruning anggen kula kapengin kararaban ing saserepan sagaduging manah kula, boten pisan yen ta kados dene pun S.R. D. Jawa bae during kuwagah, teka langkah, ngumbar kawruh saka madinah, samangke lir pendah bekingking, kininten sepen tiyang uning, mila jogged ngolang-aling, nahen ta sareng kamanungsan tandya mandelep tanpa kulingling, eh sampun mindhak panjang panjang tur badhe boten prayogi, amargi kula boten kriang trang dhateng pun S,R. D. wau, alajengaken atur kula kasebut nginggil parlu badhe nyuwun saserepan kalayan temen –temen kados ing ngandhap pnika.
Punapa sanesipun tembung, panyipta, pangesthi, kaliyan panggagas.
Ing wasana manawi panjenengan sampeyan karsa andhangaken paring katrangan badhe tanpa upami dahat ing panuwun kula.
Ing Joharsari kaping 30.12.90.

Kula pun Jaka Tetuka.
==========\==========
Thole, thole, Bandung Bandawasa, rehning aku iki wong tuwa ger, krungu sambt sarta panggegeting untumu, labet rekasane gonmu lumawan sang manrangbaya, tekap amorruida, marga kowe wus mawas ketara yen prawirane manrangbaya lan amongturida mau, saka jinangkung ing dewane, kacek apa ger kowe, dene padha trahing saptarengga teka nganti tinambahan ing bathara, masthi bae ora sipat satriya kang bisa nurunake ing ngawirya tanah jawa, yen ora kaya sang dananjaya kang kinasihan ing dewa, dene piturut ku aja kowe enggal gulung bandera sarta ngulungake saperangan prejamu, nanging kowe becik melu wa banjur munggah ing paom necek dupa, suwunen supaya panukmane hyang kesawa kang putus ing danurwenda gentiya menyang kowe, yen kowe during bisa nekem sanjta purosani aja metu menyang tegal Kuru dhisik
Reksikumbaya, ing Trunadutan.

Ongka 3, Setu Wage kaping 27 Jumadilawal Ehe, 1820, utawikaping 10 Januwari 1891

Mugi sampun andadosaken cuwaning panggalihipun para ingkagn sampun sami ngemin Almenak bab dereng rampungipun pandamel kula punika, amargi kandheg angentosi pratela jangkeping namanipun para abdi dalem panewu mantri ing Surakarta, sapunika sampun jangkep kados lami laminipun salebetipun wulan Januwari punika sampun babar, boten langkugn kula namugn nyuwun pangapunten sarta benjing taun ngajeng kula angkah badhe boten kantun malih.
Vogel Van Der Heijde & Co.
========\==========

Surakarta
Salebetipun wulan Besar taun Alip 1819, tiyagn nama krama, tiyagn alit ign dhusun tengggal ampel bawah dhistrik tandhan taraman (Kartasura) gahah anak Setri kaimah-imahaken angsal jajaka anakipun Darma, tiyagn alit ign dhusun bongkot tan namugn let sabin kimawon sarampungign parlu panggih, lare panganten wau boten atut amargi masepuhipun jaler sarta bojonipun boten remen sarta boten rujuk nanging sarehning lare setri panganten wau taksih tedhak turunipun tiyagn sae, boten purun kesah kesah, sanajan saben ditnen tansah dipun ungeli awon dhateng jaler sarta marsepuh nangign meksa katahanaken sareng dinten Slasa kliwon slebeting wulan Besar taun pnika, jaleripun pagnanten sarta marsepuh mawi wicanten nundhung, sanalika pagnanten setri kesah boten kantenan purugipun sotnenipun panganten jaler dalah bapakipun sengadi madosi dhteng griyanig tyang sepuhipun paganten setri cariyos bilih mantunipun kesah tanpa pamti babegta barang mas inten regi 500 rupiyah, kocapa tyasng sepuh ign pananten stri sanalika lir murca kinedhepna anggening badhe mangkat ngupadosi anakipu setri, sanalika wau sanak sadherekipun kasebar kapurih madosi nanging duugi sapunika dereng pinanggih tanpa angsal kabar.

Golek Nipkah kailangan bocah.
Mbok Wanadongsa, ing dhusun ngrina, bawha Kawadanan Wanagiri, (Mangkunagaran) nalika kaping 26 Dhesember ingkagn sawek kapengker, wanci enjing pangakt sangking griya, pados derepan pantun dhateng sabin sawetaning dhusun ngrina, let lepen mawi bekta anak kakalih, satunggal taksih sesepan ingkagn satunggal saweg ngumur 3 taun wasta pun Sinem sareng wanci sotnen sampun angsal pantun lajeng mantuk anak ingkang taksih sesepan kaemban pantun ginendhong, pun sinem katuntun sadumugining lepen katingal toyanipun tambah ageng, nanging sarehning sampun wanci sonten agenging toya tuwin karepotanipun boten pisan kamanah, kalajengaken panyabringipun sadumugining tengah, toya sangsaya santer, bokwanadognsa boten saget nanggulangi tiwikramaning pak ranu, sarta boten waget ngranggenaken karepotanipun temahan anggening nuntun pun sinem kagandhulaken dening pak Ranu marucut kampul-kampul panyabrangipun bok wanadongsa gagancaran sarwi cerik-cerik sadumugining griya warah dhateng kang jaler, wiwitan prapteng wekasan nahenta, sareng wana dognsa midhangetaken cariyosipun ingkagn setri tanpa riringa lumajeng sumedya nututi anakipun ingkang keli wau, sadumugining pinggir lepen lajeng anggebyur dangu-dangu ugi waget pinanggih nanging sampun pejah, mila wanadongsa urut margi kaliyan mondhong bangkenipun pun Sinem tansah sasambat Oaalah ngger, dene ora ngimpi apa-apa, teka nemu kasusahan dadak-dadakan.
Nalika ing ditnen Rebo tanggal kaping 7 wulan pka, ign wanci siyang kanjeng parentah ageng utusan andhawuhaken dhateng peken salebeting nagari, bilih sawarnining arta ingkagn

enggal punika kkabaraken sami badhe boten pajeng, punika sayaktosipun taksih pajeng, namugn arta kate ingkagn taksih lastantun boten pajeng, lajengkabendhenan mung, mung, mung, undhang punika saestu andadosaken bingahing manahipun para tiyang, awit ical semang-semangnging manah anggenipun sami mentas miring bilih arta kertas tuwin arta salaka badhe boten pajeng.

Kula miring kabar babaratan manawi pakampugnan ign Ngadikusuman ingkang sisih kidul wetan badhe dipun angge peken ingkang punika pamuji kula mugi mugi sageda tumunten kaleksanan saiba badhe sangsaya raharjanipun kalih dene malih par abakul saged sakeca anggenipun andhasaraken sasadeyanipun tinimbang sami uyel-uyelan woten ign Secayudan adamel pakewedipun tusir ingkang nglampahaken kareta, inggih mnawi boten pethukan manawi pethukan sangsaya ngemar-emari.

Nalika malem Senen ingkagn kapengker punika, pun E. ing kampugn Be, kang, badhe asuduksarira, mangakten jalaranipun wanci jam 9, dalu, dipun pamiti kaliyan ingakng estri badhe tuwi tiyagn sepuhipun pun S. mituruti nanging salebeting manahipun songgarunggi gadhah panginten bilih ingkang estri badhe lampah silib amila sareng sampun sawatawis dangu lajegn dipun tututi sareng lampahipun dumugi griyaning marasepuhipun pitanglet putra sampeyan punapa tuwi mriki, wangsulaning marasepuh, bojo mu ora marene, pun S. lajeng pamitan mantuks adumugining griyanipun lajegn sumedya nganyut tuwuh asuduksarira. Ananging sapun dilalah ereng dumuginipun ing takdir dene ingkagn estri dhateng, sumerep ingkang jaler angliga dhuwung badhe dipun tamakaken awakipun piyambak pun estri laejgn bengok-bengok nedha tulung, boten dangu tongga tepalih sami dhateng angrarompa pun S ingkang sumedya nganyut tuwuh wau, dipun pitangledipun S anggenipun badhe bosen anedha sekul boen ngaken: byah mas kados rare bokbilih ingkagn estri punika pancen bangsanipun absari ingkang sampun sami kasengker wonten ing panti nirmala kadipala (kintunan).

Pun suta griya ing kampung M.K. Kaparak tengen dinten malem Jumuwah kala wingi, kinten wanci jam nem anakipun estri nguur sadasa taun kakepruk ign sela ngantos buncur, rah ipun muncrat mili lir toya padasan jalaranipun amugn sapele, bapa selak katagiyan dipun kengken tansah lembutan katungkul anggenipun pasaran mila tuwuh ardanipun pinuju rare radi wiyana, naming sambatipun angolang-aling, tongga tapalih sami murina dhateng rare wau, sasampuning kagulawenthah lajegn kalapuraken kapala kampung, kilap kadadosanipun…..kados inggih lajeng rukun…..waton remit lah tiyang anakipun piyambak.

Pandung Estri.
Dinten malem jumuwah tangal kaping 9 januwari, 1891, griyanipun Kisangkara, abdi dalem Nyrangkraknyana, dumunung ing kampugn Warung miri kaparak tengen wanci jam wolu kalebetan durjana, angengakaken korining pandhapi, lajeng bikut amendheti barang, kocapa Kisangkara ingkagn nuju ninis wonten nglincak sajawinign griya kapara tebih tur lindhuk sumerep galibeting tiyang lumebet dhadi, mla lajeng kasapa, nanging saweg dipun purugi pandugn sampun medal ambekta barang, kisangkara trangginas anubruk purun sarwi alok pandung, anakipun jaler ingkagn nembe dipun imah-imahaken pinuju sanget karonsih wonten ing griya wingking, ireng swaraning bapakipun uleng kaliyan pandung, lajeng medal senthot atutulung bapakipun pandugn kagrubut kalih, katungka dhatengipun para tandang,

saha embokipun ingkagn maksih mande pandugn kapikut katalikung, anyikruk lir kuwuk boten dangu rawuhipun paryaantun pulisi, atitipariksa, sareng dipun priksa jebul tiyagn estri, ignakng pating galeges gujengipun pandugn kadangu ngaken tiyang beton pangobengipun mas anu, sasampuig titi pamariksanipun lajeng kabekta dhateng kabupaten Kartanagaran kilap kadadosanipun.
Kintunan.

Yogyakarta
Kanjeng Pagneran Ariya Purwasaputra (Pakualaman) kagungan abdinama Sajaya saking kawusanipun ingkagn maha agung gadhah kasentikan sakalangkung anggigirisi, pun sawijaya wau bilih nuju gadhah arta pecah 15 wang magnandhap boten nate dipun kandhut utawi kawadhahaken ing kanthong, siyang dalu tansah dipun emut kemawon ewadene boten saged katawis anggenipun gnemut arta semanten kathahipun wau, cantenipun boten pelo manawi nedha utawi nginang sami kados dene tiyagn ingakng tanpa ngemut emut punapa malih manawi tilem sampun sangara kecer sedhuwit kemawon mut-mutanipun mila kathah kancanipun ingkagn sami puru nunggil tilem among badhe nadhahi iler estunipun kenging kaurupaken klobot sata, nanging dereng nate wonten ingkagn keceran.
Sawijaya kerep dipu pitakeni kancanipun punapa boten nimbrah raosipun dene taksih ngemut arta wangsulanipun boten malah manawi nuju boten gadhah arta punika raosipun aeng, mila boten ketang namugn sadhuwit kedah dipun muti, punapa boten nate kecer arta mut-mutan punika wangsulanipun boten metun kolu manawi kakebaken nanging boten ical malah saya premati, jalaran dangu dangu saged kapanggih malih.
Sawijaya lajegn omong kaliyan bakipun teksih wonten ing dhusun kopok (Glaeng, Ngadikarta) sampu nate gadhah arta 50 rupiyah ugi dipun mut kemawon nanging warni wukon utawi rupiyah, sart akerep angsal sandhungan kaladereng kasusrah gadhah kanthong pusaka, bilih tutumbas asring mirah mirahan jalaran dipun ina dhateng ingkagn gadhah sasadeyan kados ta sawek macul wonten sabintur among kathokan tanpa satagen purun ngawis lembu utawi menda ingkang gadhah wangsulanipun trimah katumbasa sapratiganign pangaos jangji sampun kesah-kesah saking ngenggen panbayaring arta, lajegn kasasekaken dhateng ingkagn sami nyumerepi prajangjiyan tumunten mangapmahyakaken arta saking cangke dipun tadhahi tangan kalih krupyut rehning kasaksek ing kathah prajangjiyan wau inggih kalulusaken.
Dumuginipun sapunika sawijaya sandyan malarat saestu, nanging boten wonten ingkang purun gedhag kados ingkagn sampun kalampahan, sapunika tiyangipun ugi taksih wonten ing Purwasaputran dados tunggon.
Kala ing dinten Kemis kaliwon tanggal kaping 1 Januwari, angron Sura Kopral Inpanri Lisiyun Pakualaman nuju tuwi sadherekipun dhteng kabupaten Suleman dumugi ngriku sonten sepeng sadalu sareng wanci jam 12 siyagn pejah, jalaran sakit luntak wawratan,
Pawartosipun ing kitha ageng inggih radi kathah sasakit mangkaten wau, ananging boten wonten ingkang dumugi tiwas bokmanawi angsal swab barkahipun para ruhur ingkang sumare ing ngastana ngriku. =o=

Pethikan.
Taun pnika pasabinan bawah Gresik boten kataneman pantun sarta kanjeng gupremen boten mundhut paos ing dalem staun wau 24000 rupiyah bokmanawi kagalih badhe kakirangan toya malih, dados namugn badhe kapitunan kados taun ingkang kapengker, bawah ing

lamongan sarta Sadayu, ing panginten badhe boten kamedalan kados badhe dipun suda paosipun ing lamongan wonten sabin 21 000 bau, ign sedayu 1000 bau.
Ing kitha kanadhe (Amerikah) wonten kabilaen lampahing kareta asep ngambah satengah ign kaprteg rodhanipun oncat saking ril lokomotipipun ambyuk ing lepen dalah kareta ignkagn amot tiyagn tuwin barang, pinten-pinten atus titiyang pejah.
Kapal asep Amerikah nama Pandhaliyah, ammbekta lisah petroliun 33000 pethi, sapunika sampun dhateng ign Surabaya, dene reregening lisah ing Surabaya, mirah wewah dhategning lisah wau, sangsaya badhe mirah malih, bokmanawisumrambah dhteng Surakarta sarta Yogya.
Ing Surabaya wonten dho sadho panarik kapal satunggal ambandhang numbuk kareta trem kala aturi methek menang pundi, lokomotip akaliyan dhosadho, rahaheng boten wonten kabilaen.
Titiyang adus ing Ngelepen pnika tundonipun asring gadhah sakit mripat amargi toya lepen punika sanadyan katingal nyarong sayektosipun taksih kawoworan reged langkugn malih manawi katingal buthek puika prassasat adus ign ngeleleran menggah toya sumur pranyata bening amargi sampun dangu menebipun sarta boten kasentor lampahing angin.
Ing Malang kala kaping 13 wanci sonten karaos wotnen lidnhu, dados let 19 dinten wotnen lindhu malih, ebahing siti saking ler mangidul sarta ign redi Semeru katingal boten medal kukusipun bokmanawi amargi sakign punika badhe taksih wotnen lindhu malih.
==========\========
Kyai Sadongsa, pataken sampeyan prakawis tulmenak taun 1891 wedalan ign Yogyakarta kaliyan semawis punika pundi ing satunggaling almenak wau, andadosna kauingan kyai inggih punika alemenak ing Yogyakarta ingkang lepat sampun salaminipun nun anggenipun damel tansah kosek kemawon e3adene taksih kathah ingkang tumbas jalaran reengganipun bagus par alare kathah ingkang seneng, bilih kula piyambak sampun ingkang tumbas bok dipun sukanana kemawon emoh, setun gamabripun kula ingakgn seneng rehnign kengign damel eneng-eneng lare, rak inggih makaten ta brahamana kridhasara, athik gumujeng neh endhang bratajaya slompretan kuwi.
Katandhan Puthut Supama.
==========\==========
Poncajan leres kemawon anggen sampeyan mundhut katrangan asmanipun bupati padhumping, ing Surakarta, sabab ingkang kasebut almenak wedlan ing ngayogyakarta bupati kaliyan kaliwonipun asma sami sasrakusuma, arak sewu mokal nanging kula inggih boten gumun tiyagn ingkagn ngarang panjenenganipun babah tan ciyukan arak pinten panjenenganipun babah saged ngarang tembung jawi mongk ngayugya kaliyan Surakarta rak tebih, dene wotnen lepatipun kedhik kalih kedhik boten dados punapa, kados ta lepating pawukon mongsa, tuwin namaning priyantun tiyagn ngarang kathahipun samanten smapun tamtu kemawon wotnen ingkagn lepat ara cobi sampeyan ngarang trekadhang lepat sadaya, dene pamundhut sampeyan katrangan asmaning bupati panumping kula ingkang nyaosi ing ngandhap punika.
Rumiyin bupatinipun raden tumenggung Prawiranagara, kaliwonipun raden mas gnabei Sasrakusuma, inggih leres pamireng sampeyan bilih raden mas gnabei Sasrakusuma wau putranipun kanejgn gusti pangeran Arya Prabu Wijaya, wah dalem ampeyan dalem ingkagn sinuhun ingkagn kapign 9 pika, sasedanipun raden tumenggugn prawiranagara, raden mas gnabei Ssrakusuma lajegn kakarsakaken anggentosi dados bupati, nama Raden Mas Arya Sasrakusuma, dene kaliwonipun sapunika tksih lowong.

Ing Ngambar simun kapign 29 Jumadilawal warsa Ehe, ongka 1820.
W.H. Manrangbaya.
==========\==========
Dhuh risang Jakalengkawa, mugi kawuningana, rehning bodho balilu kula sampun kula gelaraken ing ngajeng, mila pangalem kula ing sampeyan sampun kula anggep leres awit bilih kula timbang kaliyan tiyagn bodho ingkang kados kula punika, ewadene tumrapipun dhteng para sa ged kula sumongga kemawon kajawi sangking puika mas jakalengkawa, bilih kapareng dhangan ing karsa kula nyuwun barkah saserepan tembung dwipurwa ingkagn nyawalak nyana, bubukanign wanda ngajengpunapa kenging dipun raketi sandhangan swara punapa boten, kadosta, papas utawi, pepaes, paparab utawi, peparab , punka leres ingkagn pudni, tembung dwipurwa ingkagn angsal panambang, an kadosta, papathokan lan pepathokan punika leres ignkagn pundi, punapa malih tembugn tekakna, gawakna, punika golonganipu tanduke kriya, punapa sambawa, na, sampun namugn punika ignakgn kula suwunaken barkah ktrangan wasana taklim kula katur ing sampeyan.
Jakasasana, ronignkula dereng gayuh dhteng pathokaning sastra, menggah pataken sampeyan 5 bab kawrat bramartani ongka 100 sasaged saged kula ngaturi katrngan nanging naming nular cacariyosan kemawon ing ngandhap punika kawontenanipun leres lepat sumongga.

1. Sastragurita patra, punika aksara buda, anggitanipun rajakano, ingkang jujuluk prabu Srimahapunggung, ing nagari Purwacarita, mila dipun wastani gurita patra, panganggitipun aksara wau mundhut sakign coreking gogodongan.
2. Sastrakupala, inggih ugi aksara budi, nanging sanes wujud kaliyan Sastragurita patra, ingkang nganggit prabu Palasara, ing nagari Ngastina, mila dipun wastani sastra kupala, panganggitipun aksara wau mundhut saking corekng wowohan sampun jakasana naming punika ingkagn kula sumerepi, ewadeen ingkagn tigang bab kula sumongga ingkagn karsa paring katrangan.

D.A.
==========\==========
Suka terangan mareng Yogeng ngulun sakarone.
Wawaluyanign katong ngwong iki, sayogya tumrap paring sutamami, sang nembe kadulu, yeku ki jakapramana, sumawanalen ki bgus jaka lengkawa, tanprabeda sotanign tyas mara, kadi umiyat kanangron winolakwalik samantara kiwala katoning beda, angiyan ginigit rasa jumbuh, mulane manira tanpa tahagyan rumengkuh mangakuweka, muwah tembug angungkrak krama, iya ki jakapramana iya kijaka lengkara, wus mangkono panganggep kita marang jenegn para sakarone, muga andadekana suka pirenan ta kulup.
Riuwuse ingkagn mangkana, kaki jaka pramana, pakenira pitakon ign manira, witing ana tutuwuhan enya, lboga, apa dene rudamala, miwah jawawut mungguh ing nusajawa yansi pangrungu manira kulup sadurunge kadunugnan wogn jawawut wis ana, kawruan denign empu sangkala duk wiwit ngajawa, kang maune jumeeng ratu ign tanah surati, ajujuluk sang prabu Isaka, putraning prabu Iwaksa, iya iku bathara empu anggajali, pareng masa panjenenganipung prabu Kanya, katurunan hyang kanekaputra iya resi narada, maringake wiji-wiji, anging ora pinarinci aranign wiji sanwiji wiji mau, muhung pratela kinen anangkaraken kiwala, banjur kalaksanan aneneg nusajawa tengahan prengmasa panjenenganign prabu Irayanarudra, aneng Gilingaya nusajawa sisih kulon dhawuh nang kara kemano winijang araning kang pinencarake mau, 1 who tiris 2 wit gedhang 3, who jagugn,

untapun tapan lalakoning resi randhi, iya brahma naradhi, sajatine bathara surya, iya sanghyang prawa, angrngkepi aranign mongsa pali, 12

1. Kartika aran Kasa Legi Maune aran Sri, 1
2. Pusa aran karo maune aran
3. Mngabasri aran katiga, paing maune aran kala 2
4. Sitra aran kapat maune
5. manggakala aran kalima pon maune aran prama 3
6. naya aran kanem maune aran
7. Palguna aran kapitu maune aran
8. Wisaka aran kawolu wage maune aran wiswa
9. Jita aran kasanga maune aran
10. Srawana aran kasapuluh maune aran
11. padrawana, arane dhastha
12. Asuji aran sada, kliwon maune aran guru

Pangganggite empu Sangkala, kang maune araning dina, 5 sri, kala, brama, wisnu, guru rinanggepan pangangite sng brhamanarandhi, legi, paing, pon, wage, kliwon katugnka pramana, 8 padha teka songka sabrang indhu ngajawa, nglumrahake sartta, padha babama, ca ja, nya, ngandhap na, ta da na, kanagaganga, yaralawa, sasaga ha, a, I, e, o, u, re le, meh muksane bramana radhi anganggit dina, 7, raditya, soma, anggara, budha, wrihaspati, sukra, saniscara, tegese srengenge, rembulan geni, bumi, beldheg udan angin, nuli kaingkayangan kaendran katiban mulad yeku sosotya kang luwih gedhene, lan mawa ujalanarawung, wasana sinidhikara denign para jawata, babar dadi widhadhari kasapta, 1 aran dewi Supraba, 2 lotama, 3 rasika, 4 surendra, 5, gagarmayang, 6 irim-irim 7, tunjugn biru,t andya kinen taya sarta jajar-jajar pagnadeg, iya iku mulane ing ngaranan padhaya, lantinabuh tan surendra muwah binarugn ing kiidugn, minangka lalangening para jawta ywan aneng kaendran.
Ing jaman karaton Wiratha, panjenenganing prabu basukesthi wiwit nulat karsa ngumpulake para rara-rara, muwah dhara-dhara, kinarya lalangen mau, tinetepake aan Bawaya, ana dene ananign carita kang padha kawedhar iku, sang kala awit taun 1 ing Nusajawa unine tinengeran kunirawuk tanpa dalu, ign taun rembulana tumekanign taun 397 ing taun rembulan tinengeran uninem pandhita trusing guna, dadi lalakon sajronign telungatus sangangpuluh pitu taun muhung kang kocap wiratha iku mlangkah jroning sngkala kagn kawuwus iki, kaki jaka pramana, matunamasidhi, pipilaning carita iki mongsa bodho ing jeneng para .i
Kaki bagus jakalengkawa, ibunta during bisa weh wawaton kang santosa, ananing tembang macapat karana during olih tuladha kang mongka pituduh, apa dene tembang tengahan uga tan kapangguh, jroning laying palindriya ngongngosak-asik maksa boya katemu, awit pinengetan taun budha sambrama, petugn sruyasngkala 361, tinengeran janma angrasa guna, petugn candra snagkala, 371 tinengeran janma angrasa guna, petugn candra sangkala 372 tiengneran kalih lir prawata agni, kongsi tumeka sajronign taun angila, pinetung suryasakala, 380, tinengeran muksanign bramana katon muluk pinetugn candra sangkala 391, tinengeran ratu rudramurup ing tawang, kita andarus mane, tumeka pepengetanign taun wikrama, metung surya sngkala 388, tinengeran basumurti katon muksa, pinetugn candra sangkala 399, tinegneran basumurti katon muksa, pinetung candra sngkala 399 tinegenran trusgatrakayalena, mangkono uga titatan kapangguh marma becik srehn dhingin ing tembe wurimana waolih titikanign ulupiya, iya wongwawarah kulup.

Wasana sawetning pudya darmareh ayutumrapa ign jeneng para
I, ping 15 (5/2=3)ibunta, endhangkilatawarna ingkila sjawiwukir.

Ongka 4, Salasa Paing kaping 2 Jumadilakir Ehe, 1820, utawi kaping 13 Januwari 1891

Surakarta
Kulawisudhan
Wiyosing timbalan dalem lalantaran unjukipun kanjeng raden adipati, ing mangke ngabei Kartadiwirya abdidalem mantri gedhongkiwa, kakarsakaken anggetnosi lalampahanipun ngabei Kartipradata ingkang sampun ajal menggah gagadhuhanipun siti dhusun lastantun naming katambahan siti uraking jaksa, kapatedhan nama tuwin sesebutan mas ngabei kartipradata

Tuwan Alekseregen Sebereh ing Batawi, ingkang andarbeni pangecapan winastan Regina Orientis mentas ambabar serat malayu kakalih, ingkang satunggal dhapur rerepen anggitanipun babah tantengi anyariyosaken kala para luhur amurwani pambikakipun lampahing kareta api, ingkang malampah saking sikarang dumugi kedhunggedhe, argi 30 sen stunggalipun serat sultan Ibrahim argi pitung dasa gangsal sen, serat kakalih wau peni panggarapipun saha sastranipun resik:

Pamireng kula para apsari ing candhangan dipun tukup dening pulisi badhe kaladosaken dhumateng suyasa nirmala ing Kadipala, ananging kathah ingkang boten saged kalampahan amargi pating salebar sami angambara dhateng ing praja sanes, ing tambak sagaran punapa boten katindakaken kados ing candhangan saupami boten punapa kagalih manawi par aapsari ing tambaksagaran wau empanipun benten kaliyan ing canthangan mongka sampun kayaktoen pinten-pinten para taruna bognsa Eropah jawi sarta sabrang ingkang sami katiwasan dipun ewahi kodratipun utawi dipun sukani tatenger, kacirenan tingalipun tarkadhang grananipun utawi lathinipun, menggah ingkang asring angepahi kodrat utawi nyireni wau, punapa boten kedah dipun priksa, awit manawi ing tambak sagaran boten katindakaken kados ing canthangan iba anggenipun sangsaya angrebda, ewadene gederipun ing magnke, sakalangkung rame, polahipun awarni-warni, ingkang saakedhik nalaripun lajeng kesah brung, dhateng nagari sanees griya kawade sawajeng-pajengipun ingkang sugih akal sangadi laki lastantun dados apsari, taksih manggen ing ngriku, tiyang jaler ingkang dipun purih mengku sarana dipun cekapa dintenanipun ingkang mangkaten wau, ing babasan punapa ingkang kawastanan angikal basa utawi tembung.
Kabudidayan ing Maja Sragen ing mangke pabrikipun katutup sarta tanemanipun rosan kalintu sata, bokmanawi gendhis boten pajeng punika, saibata: wiyar pamanggihipun tuwan mau boten namung rugi angendelaken gilingan nanging kedah angawontenaken gudhang gudhang sawatawis badhe kangge tandhon panyimpening sta, ingkang makaten punika kados ungelipun babasan ***Sing ana ditambuhi sing ora ana di goleki.***
*P*ara tuwan ingkang sami nyepeng kabudidayan raosing manahipun kados dipun wejing-wejing, amargi sampun wonten slebeting pakewed mundur boten saged majeng: gagap-gagap mongka pawitanipun ewon gampil sirnanipun.
Sapinten genging pitulunganipun para tuwan ingkang amaosi siti dhusun dhateng nagari, kados ta adamel margi aeng tuwin kareteg ing pundi-pundi sampun wradin boten wonten ingkang kalangkungan sanadyan ing redi redi wonten marginipun ageng, punika amurakabi dhateng titiyagn alit ing bawahipun piyambak-piyambak lajeng sumebar ing ngakathah, tuwin saged adamel kabingahanipun para priyantun ingkang sami tepa rembag sae wau, kala punapa tuwan tanah angempingi paos mawi sareman lan kalapunapa priyantun jawi nebasaken paos dhateng cina boten mawi sareman punapa punika boten nama sae.
Tuwan tanah anggenipun kardi padamelan dhateng tiyagn alit punika boten pisan medal saking manah drengki, ananging saking asih tresna, pangangkahipun titiyang alit sami remen anyambutdamel sampu kesed kados ingkang sampun manawi tiyagn remen nyambut damel punika badhe angsal pituwasa pantesipun mila titiyagn alit ingkang sami minggat manawi katiti amesthi pinanggih balentongipun boten saking judhasipun tuwan ananging saking kesed dipun piyambak sarta boten pinanggih ing nalar bilih tuwan tanah boten aremen tiyang alit rencangipun gotong royom anggenipun winastan judhas wau tatela naming saking tiyang punika kesed boten purun nyambut damel,
Lalabuhanipun tuwan tanah dhateng rencangipun ingkang labet angungkuli pagnanggepipun tiyagn ageng jawi dhateng abdinipun rencangipun para tuwan anggenipun yakecakaken boten naming salebting

gesangipun ngantos dumugi ing pejahipun taksih dipun munyakaken kuburipun dipun kijing ing sela mawi cungkup sarta pancaksudi tosan punapa dene dipun pager banon mubeng, ingkang kula sumerepi tuwan panderlindhe ing Cakra tuwan dhesenje ing Karanganom sarta tuwan dhurnik ing Gemampir ingkang sampu adamel patilasan makaten punika.

Betawi

Dinten katiti mangsanipun serat punika, ing kitha Betawi ngriki sampu wiwit ambeliki kapireng swaranipun nunung, bring bring, inggih punika yudanipun konca ringgit cina makao ingkang anggung kadamel tatingala ingkang dumunung ing siti benthak galodhog sacelakipun kantor pulisi, pamireng kula pancen sampun kapareng saking karsanipun kanjeng parentah ageng, boten angemungaken ringgit cina kemawon ingkang kakenjer ing saben dalu sanes-sanesipun titingalan ugi sami amurwani kagebyagaken saestu nagari batawi sampun emeh wangsul prabawanipun senening kitha upami mendhung tumiyung ingkang kabuncang ing maruta, byar kayatnan sangyang Bagaskara, gumilang gilang anyoroti salebetipun kitha padhang sumilak siyagn dalu gumolong apa padhan lampahipun rata dhokar ingkang dipun andhongaken kawewahan lampahipun kareta api, saha lampahipun etrem amibuhi regenging kitha, sarana sabawa gereng kadya bathara kala ingkang badhe ngrabaseng buwana, wondene lampahipun kareta api, ingkang saking palabuhan Tanjungpriok ingkang anjog ing salebeting kitha jam 12 dalu saweg ngaso, kumencaripun diyan gas ingkang wonten pingir wradinan ageng saestu anyenengaken manah, menawi dalu sasat rainten jalaran saking padhangipun diyan kurung ingkang jentrak utawi jejer-jejer, para taruna ingkang karem angiggar inggar pengalih badhe boten kacuwan jalaran para lethek bagnsanipun jinawil ampil pating salerang, sami wahanan saweneh wonten ingkang anjedhul saking kidul saking ler saking ile saking wetan , manawi sami wpunuju kacethuk pangajapan tawang, ingkang sae kakapti, satriya nom saksana abangggal ulat manis dhumateng para lethek ingkang kapinujeng galih, sumedhoting netra, yayah kitiran ingkang kataman ing samirana, munyeng anggigirisi.

Anjawi punika, sarehning kula sampun amrasajakaken gemahraharjanipun kitha betawi, lah sapunika, kula gatosaken angandharaken lalabetanipun para Kenya, o, lah punika ingkang alejeng katiwasan sagnet jalaran para Kenya betawi, ingkang sampun anderbeni bojo, sumawana ingkang taksih prawan utawi pikajeng angupajiwa, rarencang dhateng ingkang jaler, boten sanes ingkang kaesthi, anggening wedhak pupur, sarana manganggge ingkang sarwa enggal akakonyoh jebat kassturi, pendel klonyo sapanunggilanipun ingkang amrik arum gandanipun sasampunipun macak salajengipun sami laledhang, nginggar inggar penggalih wahanan kareta utawi dhokar, mubeng kemput salebetipun kitha, naming kuciwa busananipun tiyang estri beneh sanet kaliyan para Kenya jawi tengahan awit ingkang dipun karemi mangangge sarung rasukan kabayak landhung, moncer moncer kados anyura ingkang jalamprah, anamung boten ngange kasemekan utawi entrok dados bares kemawon naming rasukanipun mesthi pinantek ing peniti, dhapur taru-taru, dene sarungipun naming kapikekahi kalayan badhong, kundhe blaster, cara nyonyah cina, nadyan para estri sampu umur, 60, taun langkung ugi sami anangge paniti, dene sengkangipun dhapur krabu, menawi tiyagn betawi kawstanan giwang, samongsamongsa wonten barat saking ngajeng, sapun saestu para Kenya ingkang sami lumampah kayatnan wetengipun kados waloh kenthi, dene payudaranipun ngether, kados lampahipun sepur, badhenipun boten karem angagem kasemekan kados lokomotip tanpa sekrup lampahipun tansah ambendhung, kadhang kadhang menawi anggening nggem badhogn kirang singset kanangwastra kalorot mengandhap ngantos katingal wudelipun bokmenawi, pancen nedya kadamel pameran naminipun tiyagn gathi, osampun boten wonten babar pisan, sadaya koca estri waja katingal pethak anamung dipun bandhani doyan ganten, nyamleng, kados (*) ingkang memelas sanget namung ingkang jaler, awit pangupajiwanipun sasara sanget jalaran ingkang estri boten pisan purun gotong damel ucek ucek tangi tilem bok estri inggih sasampun ngathu astanipun sarana tembung malajeng, mitna blanja kang kakang sampun saestu kimawon menawi ingkang jaler boten darbe yatra pinuju sepen bok estri, sedhot lajeng marengut ambabon angrem ulatipun dene ingkang jaler lajeng makaprut kesah ngupados betah sarana rekaos, kathah-kathahipun bok estri inggih lajeng mak balenyeng ngupados kabingaanipun pribdi, pramila ing kitha ngriki kalebet deres sagnet tiyagn kekerengan jalaran sakng rebatan embok mase, pungkasanipun ing tembe kula ngaturaken sambetanipun cariyos punika ingkang langkung panjang, sapunika saweg kula purwani satawis

Titi jaketra kaping 4 Januwari 1891
Katandhan untung betawi inggih Surapati.
=========\==============
(*) lah punika dora mandar katingal mingis –mingis hyah agen sampeyan amada teka sanget… tembok manawi sampeyan kasmaran nig kacuwan ing panggalih, jawah riris, dhedhep micokoti jiklong kawekasane mung jombelong.
Juru gubah pun Stuhune

Pethikan.
Lare ngulukaken layangan ingkang kabekta mlajeng, punika salebetipun mlajeng ingkang dipun awasaken namung uluking layanganipun kemawon boten manah titiyang ingkang samilangkung mila kathah tiyang ingkang ketumbuk sanadyan wonten kareta bendi ingkang panuju kendel asring ketumbuk ugi.

Ing Jenggala (Sidaarja) wonten lare ngulukaken layangan kabekta mlajeng, mumbul rakitan dhosadho ingkang nuju kendel lare punika ngantos nandhang tatu katujah ing kapal.
Menggah lare lare ing Surakarta ingkang sami ngulukaken layangan wonten satngahing margi ageng, kados prayogi dipun awisi.

Surabaya
Tiyang jaler lumampah saleyoran wonten margi ageng, amargi mendem punika taksi kalebet limrah, ananging tiyagn estri mawi wonten ingkang remen wurudawa kados solah bawanipun titiyang jaler, punika punapa boten kalebet aneh.
Inggih aneh, nanging boten sanget
Ing Surakarta punapa wonten tiyagn estri remen wurudawa
Manawi ing ngarcapada, sumerep kula boten wonten nanging manawi ing kaendran punika kathah
Kados pundi dene para widadari sami remen wurudapa
Amargi para dewa saben dalu kathah ingkang sami dhateng mriku, punika ingkang marahi para widadari sami remen ngombe awis tarkadhang mawi kukus dupa benggala.
Punapa pikantukipun gnombe awis akaliyan kutug dupa benggala,
O 7, punika wados danguwa dhateng manrangbaya ing ngambar simun amesthi sumerep.
Tuwan Burni ingkagn nyepeng kabudidayan ageng ing Bondawasa, bab pananeming sata sumontra, ing mangke gudhang-gudhangipun badhe katutup amargi panyadening sata wedalan ngriku ingkang kabekta dhateng tanah Eropah sarta Amerikah, boten saged pajeng kados saben-saben ipun malah kapetang kaliyan wragading pananem sarta pangopen tuwin pambektanipu punika boten saged cubak makaten malih kabar saking para juragan ing Amerikah ingakgn kemireng denign tuwan Burni, badhe boten tumbas sata malih wedalan Bondawasa bilih boten kalayan argi mirah.
Awit sakingga punika tuwan Burni amanah badhe boten purun kapitunan pinten pinten leksa malih, upami nglajengna pananeming sata, mila ingkang pinanggih ing pambudi naming bahe kendel pananemipun sata.
Badhe pinten ewu rupiyah arta ingkang kakendelaken dening tuwan Burni, ingkang saben sabenipun sumebar wonten bawah Afdheling Bondawasa, sarta badhe pinten-pinten laksa tiyang ingkang ngumbara pados tedha, tuwan Burni misuwur ambek welasan owel sanget naming badhe kendel samanten.
========\================
Gati
Pandamelan ingagn rekaos punika boten kados pandamelan ingakng inggal dipun lampahi, sanadyan wotnena sudanipun ing kawajiban kados inggih taksih rekaos (gawokan) o mesakaken kulunun menawi boten kaparingan palimarma.
Kaping 2 Jumadilakir Ehe, ongka 1820.
Jaka Prasaja.
======\================

Wangsulan minongka panjarwa dhumateng D.A.

Tembung Dwipurwa kang nglegena punika bubukaning wanda ngajeng ing pakecapan kados dipun pepet nanging ing panyerat boten kenging karaketan *sandhangan* swara pepet kedah naming nglegena, tandhanipun kenging dipun kangge tanggapna, kadosta tinata bok saking dwipurwa tatabok saking lingga tabok 2 tekakna, gawakna, punika leres wijinipun saking kekriya nanging sampun lintu rimbag sarta sanen teges kepanjangen manawi kula pratekna sadaya, dene cekakipun tekakna, gawakna, wau winastan latiswagyana ingkagn kalanipun anelakaken dhateng paken, wasana taklim kula katur ing sampeyan.

Jakalengkawa.

======\==========

Kalangkung panuwun kula katuring mitra kakalih ingkagn sami silih nama wonten kabar bramartani, jaka lengkawa, tuwin kang kakasih jaka busuk, genipun paring jarwa ing pataken kula inggih sampun kuula tampi panrimahing manah, sanadyan ta mitra kula jakabusuk genya paring panjarwa radi sulaya lan anggenipun negesi jaka legnkarwa, nanging inggih sampun kula puwung, kantun sastra gruwendra, manawi sarju ingg galih ipun rising ruwadan, jakasuyatna, mugi paringa katrangan mongka dados sapalu-pilu piyaning mudha punggugn kadyan ba puniki, inyatrusthanign kapti, dene ta sang jaka busuk genipun mintajarwa bab tembung, bendara, tuwin basa jawi tetesing tembung, jandhela, kula nyuwun pangaksama amargi dereng nyerepi, basaning jawi jandhela, punika tembugn portegis bendara basa sankrit ananging tembung kalantur, lingga saking barandha, tegesing barandha inggil, trahing nata lan angsal tegesan tosa, mung punika atur kula leres utawi nalisir kula sumongga ing karsa, nanging bilih tak taksih sisip sampun dados panggalih paduka, sang jaka busuk titi sngkaleng warsa, tanembah mungesthi taklim saking kula mitranta, Jaka Sasana.

======\==========

Tembung: bandara, punika kados kalantur ingkagn kanggenipun embok manawi punika risaking tembung: bandaara, kaluluhaken dados badnara, menggah tegesipun ingkang wantah ingkinanipun prayantun ignkagn ngimpuni, kaskayaning nagari, rpakalan turi pun sarehning para gusti, satriya ign salaejngipun anggening anampeni kskaya boten mawi lantaran embok manawi inggih lajegn sami sinebut bandara, katelah kangge ngantos sapriki para ruhur sinebut bandara, punapa malih tembung wau ing bausastra kawijinarwanan pangusen pramila sansaya ical, bilih saking barandha, adhuh kanyeklengen sagnet inggih ta kathah tembug jawi saking sansekrit ananging sanadyan risaka, rak boten ngantos lintu suwara makaten.

Jurungubah pun Sengkleh.

==========\==========

Kudhandhangan lingluging tyas eling, lir sinidiring janma utama, prastawa myat panjurunge, prang tandang srusung pemut pimrihe ling duk linglung nguni, away na kang sarira, sayekti kadurus kadrawasan nreyung moyang, yun mangancar pming guru aliru keris dhuh kyai aksamanta. Boten-boten ambamurang niti, amugn saking sruing katambetan ing tyas sewu boten dimpe, mengsah ngong liru tembung, yen paduka ramakiyai, rumekseng yuning kabar, medhar ngungas kawruh, ambapang aminta lawan ngig wus wudhu snggyanign swarjana kontit kumel deka gunanta. Dekang purun lumawan mung kami, awit turun guru wantering tyas turun dalasan nging nglunge, gurune tau bingung ngompres sirah kongsi rong sasi, muride ya mangkana, ngengleng meh satengsu, reh mene ulun wus byakta, lamumengsah kawula paduka yekti, tobat turun ping sapta. Tembe boten purun malih malih, yen kawula jarag anemaha, mugya tantuk pangestune, dhuh kyai pupundhenku, ywa kdawa kadawan runtik mring siswa punggung mudha, kang sru kasalimur, den ta namar langkugn samar, ywan paduka tanedya ngapureng dasih, prasasat nganiaya. Paring siksa saleksa ing kami, ywan abdik tulus mangaksama, iba ing driya saarso lir papamanggih ayu, suka amba tempuhneng kardi, sawatna kadi sela, tan grantes sarambut lebura ntuwan tan kumedhap tempuh neng prawata agni, wantu datan suminggah. Yeku mongka dunung bekti mami, mring paduka kang sumulyeng jiwa, among nyanyadhang karyane, dhuh kyai guruning sun boten ambatur sandilamis saking driya mbawanto jrih sikuning guru lailanig kuna-kuna, wongkang cidra mring guru amelarat, tan wun tumebeng papa. Prawitane sang ywanjana murti, dipun tulus gunging pangaksama, mrig amba kang thikdhak lalen nadyan prapta ni layu, siswakena dasihe kyai, ywapegat ngestu pada, janma aping sewu, tan bisa ulun kariya, suka bungah pinardi mrign

guru nadi, neng jaman kalanggengan. Elo sapamara anudingi ngisinisinn guguyu maringwang, lothiki sadongsa kuwe, tur sarira ne iku, nguni during karuwan tandhing lawan pothet prang tanding, mun glagi den rembug dening sang jakasuyatna, pinrih kiwul prakara bakaling agni, nyakukruk banjur biyas. Biyang biyagna suh sambat mati, sasat urip ginege palastra, dek punanganggo anyenges abaliraganingsun kabalowok tau nglakoni, kongsin tuk rongka brukan saha nyata iku, katanggora kang sarira, baya kagum turu ngimpi den palecit doyak macan gadhungan. Beda ingsun yen away kaselik mungsuh guru yekti during ulap den rangkepa telu maneh, rah saningtyas tan keguh, kakadhalan ingsun lakoni, balik wus tuhu weca, lamun kyai datuk banjur sewu nyuwun sabar, abrepepeh neng ngarsa amangenjali, jrih bokkeneng wilalat. Titi kintaka dera mintasih, nuju kaping 29, wulan Rabingulakir taune, Ehe sangkalanipun sirna, kalih, murtaning, janmi, utawi kaping 12 dhesember lumaku, angkanira tinengeran ilang, angrong, esthiing, siswa, nadhani, ulun puspa udaka.

Ongka 5 Setu Legi kaping 6 Jumadilakir Ehe, 1829 utawi kaping 17 Januwari 1891

Surakarta
Kulawisudhan

Wiyosipun dhawuh ing timbalan dalem gusti kanjeng sang aprabu, ingkang amarengaken unjukipun papatih dalem saha jalipun ngabei Wriyadikrama abdi dalem mantri gedhong tengen ingkang kakarsakaken anggentosi anakipun nama Kudareja tantaka abdi dalem prajurit tamta, kaganjar nama Nunggak semi nabei Wiryadikrama.

Awit sakin kaparengipun ing karsa dalem ngabei Atmamarsana abdi dalem mantri Urdenas juru mulang baksa, kaingser dados abdi dalem mantri gedhog kiwa angatnosi tilas kalengahanipun ngabei kartawiguna ingkag sampun ajal kapatedhan nama Nunggaksemi ngabei Kartawigua, dene anakipun ngabei Kartawiguna ingkang sawek nembe magang sapunika, ing dhawuh ing timbalan dalem inggih kalulusaken ing pamagangipun anyanyadhang lowongan ing wingking.

Nalika dinten Ngahad kapengker punika, wanci sonten jawah deres titiyang langkung ing ngalun-alun ler sami ngayup wonten pasowanan kapalan wonten bakul palurikan ingkang tumut ngayup wontening ngriku kutilan sinjang satungal konangan dhateng ingkang jaler lajeng dipun pelcit saged kecandhak wusana ingkang ngutil wau tiyang estri sareng sinjagn sampun katedha wangsul lajeng dipun culaken kemawon kula pitaken punapa ateka boten lajeng kaladosaken dhteng kapulisen wangsulanipun O: la, punika boten boten sande kula dipun tarik dhtng kapulisen dados saksi, boten rampung wonlung ditnen dados kula badhe boten saged nambut damel apesipun ing dalem wolung dinten tarkadhang karugiyan kula badhe langkung saking punika.
Benjing punapa ngandhangipun bongsa kula tiyang jawi, bilih tindak ingkang makaten punika kalebet pamurina dhateng tatatentreming praja ingakgn dipun aubi, bab makaten wau kados ing prantan dereng wonten.

Radinan danukusuman ingkang sisih kidul asring wonten lenggotbawa, lalangenipun par asurawadu ingkang kakayang sapinggiring lepen jenes, inggih punika panjengklekipun para letheg ingkang sami ajar nyrimpi, mawi dipun ajoni para dewa bangkrah agentos gentos sasat janggrungan. Kintunan:P
========\==========
Kados inggih asok bulubekti, pramila btoen wonten ingkang nyaruwe.
Jurugubah.

Ing Bramartani ongka 4 mratelakaken punapa sababipun para apsari ing amongtrusthan boten kapirksa wonten satunggiling panggenan panti nirmala ing Kadipala, awit tiyang sami kimawon anggening sok purun-purun angewahi kodrating dewa, ing mangke ingkang mongka wangsulan kula, kawuninganan menggah para apsari ing maong trusthan tuwin para apsari sanesipun ingkang sami dumunung wonten kahyangan bawah dalem mangkunagaran, inggih boten badhe kabedakaken kaliyan para apsri ing kayangan pun siwa candhang, nanging mangke prantan saweg ngentosi kaparengipun karsa dalem kangjeng

tuwan residhen, kapara ambok manawi apsari gelap ingakgn sami pating slempit inggih punika dewi palanyahan badhe katut katawis kapriksa wonten panti nirmala ugi.
Pun J.T. Secawarta.
======\===============
Sumongga sami dipun sarasehaken griya pamulasaraning ttiyang sakit teka dipun namakaken panti nirmala, pamanggih kula prayogi dipun parabi balemerta.
Jurungarang.

Kala wingi kula sumerep kareta andhong dipun tumpaki cina ambekta bago satumpuk kados sami isi gereh tongkol katitik saking ambetipun lumampah mangidul kados kabekta dhateng ing Gemblekan.

Abdi dalem punakawan kamar mentas menang lotrei menila rambah kaping kalih sapian menang sewu rupiyah kaping kalih menang gangsal wells ewu rupiyah, arta wau ingkang sadasa ewu lajeng diun titipaken ing kantor Bank, saben wulan tampi saremanipun kemawon sanadyan sakedhik nanging netes ingkang gangsal ewu dipun angge tumbas griya sarta pawitan nyambut damel.

Tuban
Saking kaparenging karsanipun kanjeng parentah ageng, wiwit wulan Januwari punika, ing parensidhenan Rembang menggah wontenipun panyadeyan sarem kawewahan tigang panggenan.

1. Wonten ing dhistrik Rengel kabupaten Tuban 2 wonten ing dhusun sugehwaras kabupaten Bojanagara 3 wonten ing dhusun sarta dhistrik Pamotan kabupaten Rembang, mandar ingmangke pangupakaranipun griya panyadeyan sarem wau sampun rampung, dene satunggil-tunggilipung griya katamtokaken namung isi ngalihdasa koyan, ananging menggah wontenipun panyadeyan wau namung kangge kalih taun bilih ing dalem kalih taun wau panyadeyan sarem ing satunggiling panggenan saged majeng inggih badhe kalajengaken kangge salami-laminipun pramila prayantunipun badhe juru panyade sawek gajulan kemawon dereng katetepaken.

Ing nalika dinten malem jumuwah ingkang nembe kapengker punika, ing dhusun Premen dhistrik Jenu, wonten sawenehing tiyang jaler awsta pun….ngaleresi tilem wonten ing rompok tgilanipun wasana tiyang wau manggih blahi garesipun kabacok dening tiyang dursila gnantos tugel tigas pacing, nanging boten dados jalaranipun pejah, ing mangke tiyang wau kapulasara wonten ing griya sakit.

Malemipun dinten Ngaat wanci tabuh 8 ½ tiyang estri awasta embok…..gigriya ing dhusun tegal omba, onder dhistrik Semanthi, dhestrik rembes ngelresi sawek ecaeca nedha sareng kaliyan ingkang jaler, wasana pun estri wau dumadak man mangih bilahi pejah jalaran kasanjata tiyang, kenging sanginggiling jubur ngantos labet kalih panggenan piser taksih angrem wonten ing godhagan.

Ing dhusun bawah Onder dhistrik Montog dhestrik Singghan ugi wonten sawenehing tiyang sampun manggih bilahi pejah jalaran kasanjata tiyang.

Nembe punika upasipun ajung jaksa ing tuban awsta pun Wira, kacepeng dening kanjeng tuwan asisten residhen awit sampu puru purun nedha yatra dhumateng titiyang dhusun ingakgn sami dhateng ing nagari, dados saksi, saking kaparenging karsanipun kanjeng tuwan asisten residhen ing mangke pun Wira kakeker wontening pakunjaran prkawis badhe katindakaken.

Aneh tiyang paresan saged ngukum tiyang.
Tiyang paresan awsta pun Tambak ingkang katamtokaken nyambut damel wonten ing ngebum sumerep wonten sawenehing tiyang awasta pu A, panuju dhateng ing ngriku badhe bubucal, lajeng dipun purugi sarta dipun tedhani yatra minongka dhendhanipun, dene sampun purun-purun saba dhateng ngebum ingkang nembe kaupakara sarana badhe bubucal ananging boten dipun sukani, ing ngriku pun tambak sanget kridhanipun A lajeng kadakwa sampun purun purun abubucal wonten ing ngebum kanthi kaseksekaken dening para kancanipun tiyang paresan ingkang nunggil sapadamelan terus kaladosaken dhumateng pulisi rol menggah dhawah ing karampungan punA kapatrapan ukuman krakal.

Tiyang ukuman ing Tuban nembe punika kriang langkung wonten kalih atus ingkang samiluntak-luntak tuwin karaos sakit wetengipun jalaran mendem mentas nedha sekul rangsum lawuhipun ulam gorengan dene ingakgn anjalari mendem wau ambok manawi lisah ingkang kangge goreng ulam wau kacamboran lisah kecacil utwi lisah nyamplung.
Katandhan pun Kesed.
=========\===============
Inggih kaleres sanget anggening sampeyan sisilih nami, iyah embok inggih ingkang ragi rumagang, makaten ugi ing kendhal punika inggih lembon sanget tampi ning bramartani rak inggih boten semben.
Jurugubah.

Kendhal
Pak samadi gigriya ing dhusun Puguh dhistrik Perbuwan mentas punika griyanipun kalebetan pandung, menggah malebetipun pandung saking kori, gancaripun ing ngandhap punika:
Ing wanci dalu jam tabuh stunggil paksamdi tuwin bok samadi sampun sami tilem ananging boten tungil saenggen misah watawis boten kalih dhepa tebihipun bok samadi ngalilir miring kretsekipun pager, boten nginten yen punika pandung saweg ngupados margi, bok samadi boten sakeca manahipun lajeng wicatnen makten sapa kresek-kresek iku apa kucing, pun dursila magnsuli meyong, punika ngantos ambal-ambalan maksa makaten kemawon bok sama di wicanten malih pakmu, pamu, mengko kucing kuwi banjur nbukak tenong, es es sang mindha kucing ugi mangsuli kados ing ngajeng, dene paksamadi taksih kepati anggenipun tilem awit sampu kenging sirepipun sang mindha kucing, kacariyos boten dangu sang mindha kucing marepeki dhateng patilemanipun bok Samadi, sarehning peteng dados radi samar, bok samadi ugi kraos grayanging tanganipun tiyang, dipun kinten ingkang jaler kemawon awit ingkang dipun grayangi wau barang ingakgn peni, ingkang kaselehaken ing ngandhap kasur ingkang dipun tilemi, bok samadi wicanten makten pakmu kowe arep jupuk apa, sang pandung mangsuli, arep jupuk

barang iki arep dak singkirake kang primpen mbokmenawa ana uwong ora kainan, o, ingang kula gumuni punika, teka boksamadi boten ngyektossi suwantennipun ingkang jaler, kados bok samadi pnika sanget sayahipun jalaran siyang dalu marung, kukutipun jam sanga utawi jam sadasa, dados ragi tuna dungkap tandangipun, nahenta, dupi prapteng enjing boksamadi kaliyan ingkang jaler sami tutuh tinutuh, yen boten anyinggahaken barang-barang, sareng ningali kori tilas kabikak tiyang dados sampun terang yen kalebetan pandung, wondening ingkang kabekta ing durjana gunggung argi 150 rupiyah.
Kintunan

Pethikan
Cina Sanetau goreng nagih potangipun dhateng sami bangsanipun ‘Cina ing kampung Sragen inggih watekipun cina nagih wah ingkang dipun tagih sami bongsa Cina enggal saged dipun dados saben Cina tau gorengipun gebag ing oncowe, dening Cina ingkang dipunt agih kenging sirahipun oncowenipun ngantos tugel dados kalih, cina tau gereng enggal lumajeng kaliya mikul taunipun kocar kacir turut margi lapur dhateng kapala kampung cina nebut boten narimah bilih mentas dipun gebagi cina, prakawis punika kados badhe minggah ing pulisi rol.
Pangagenging wadya bala dalem dharatan kanjeng tuwan ingakgn wicaksana litnan Jendral darbe panyuwun ingkang jeng gupremen badhe angawontenaken wewahan prajurit jawi (saradhadhu) kathahipun 1125 manawi kalampahan panuwun punika para juru pangrimuk kathah ingkang sami anjoged ngiwa, awit kauntunganipun anglebetaken saradhadhu satunggal 15 rupiayh, punika dereng ngetang anggenipun masogi tetedhan sapanunggilanipun slebetipun kendel wonten griyanipun paman juru pangrimuk.
Palapuranipun upinsepektur sep kantor Pos sarta kantor kawat pikantukipun prabeya ing wulan September ingkang kapengker.
Saking kantor Pos f749. 74.97,1/2 rupiyah
Kathahing serat capcapan ingkang kalampahaken 812, 657 serat
Pangasilan kantor kawat f508, 75, 34 ½ rupiyah
Telegram ing kang lumampah 41, 436 lampahan
Kathahing pos wossel 13, 969 serat

Gunggung pikantuking arta f 641,8,15,26 rupiyah, nem kethi kawanleksa sewu wolungatus gangsal welas rupiyah langkung nem likur sen.

Teksiran karugiyan ing juwana kala kelindehon kados ingkang sampun kawrat ing Bramartani, sapunika angsal katrangan ingakgn langkung pratitis awawaton saking palapuraning komisi, punika wonten f 287 000 kalih kethi wolungleksa pitungewu rupiyah
Binawa ing taklimat minongka panarimah kula dhateng panjarwanipun Jaka Lengkawa ingakgn tumrap pataken kula.
D.A.
======\\=========
Bromartani ingkang kawedalaken ing dinten Setu kaping 10 Januwari 1891, ongka 3 kapengker punika, kua ningali wagnsulanipun pungut supama dhateng kyai sadongsa, bab pitakenipun kyai sadongsa prakawis elmenak wedalan Ngayogya tuwin Semawis dene wangsulanipun puthut suma almenak Ngayogya ingkang lepat punapa malih

ingkang tumbas puthut supama yen puruna, sanadyan dipun sukanana kemawon boten purun punika mokal sanget ingkang kados cariyosipun puthut supama wau, sumongga katimbanga para sarjana, sinten tiyangipun ingkang diipun sukani satunggiling barang ingkang kapetang perlu, kadosta: almenak teka boten purun tampi, kajawi yen boten seneng kaliyan ingkang nyukani punika kirang priksa, bokmanawi puthut supama boten saged angsal tumbas almenak Ngayogya, jalaran pendhak taun yen tumbas pados ingkang mirah, inggih punika almenak ingakgn medal saking wingking, aliyas barang colongan awit reginipun satunggal buku naming 30 sen nyengkanipun 40 sen moka yen tumbas dhateng took boten angsal kirang saking 1 rupiyah, dene sapunika kula miring kabar wedalipun almenaki ing ngayogya dipun kencengi kaliyan ingkang anguwasani, mila para salingkuh boten saged angedalaken saking wingking, bokmanawi punika ingkang anjalariputhut supama boten purun tumbas.
Katandhan Budyarja.
=========\==========
Mas W.H. Manrangbaya, kula sampu aningali paring sampeyan katerangan dahteng poncajanya, bab lepatipun almenak wedalan ngayogya, prakawis asmanipun bupati panumping ing Surakarta, ingkang sesinglon nami poncajaya punika kula dugi kadya satumungging rimbagan kaliyan puthut supama ing nginggil punika, awit ingkang dipun cariyos saben teka boten wonten sanesipun gumun kula kok telateni pun ngantos jalimet anggenipun ametani kalepatanning almenak wedalan ing Ngayogya, bokmanawi ingkang dados jalaran saking pamireng kula, kala taun ingkang kapengker wonten satunggiling priyantun ing bawah Ngayogyakarta, anyaosi panjurung isen-isening alemank serat gedhog lampahan kudanarawongsa, inggih tamtu dipun tumbas awit ingakgn ngarang almenak rikuh menggah nampika, ananging lajeng dipun ewahi sadaya, jalaran tatembunganiun kirang luwes sarta kathah ingkang dhomo, kula dugi priyantun wau taksih akrabipun poncajaya, ladipun murinani andadosaken pangalihipun ngnatos sapriki, mila taksih ngunggut-unggut kemawon kalih almenak Ngayogya.
Mas Manrangbaya, kauningana ing sampeya sareng kula sampun ningli wangsulan sampeya kula lajeng mara tamu ing griyanipun babah Tanwiyu Kan ingkang nganggit almenak tembung jawi sarta malajar, awit kula sampun tepang sae, dene perlu kula badhe pitaken bab lepating pawukon utawi mongsa, kados ingkang sampeyan pratelakaken wau, wansulanipu babah inggih leres menggah dipun cocogake kaliyan almenak wealan Semawis boten saged cocog awit almenak ngayogya babonipun mendhet saking almenak ingkang kawedalaken dening kanjeng upermen Regeerings almanak malah kula lajeng dipun tingalaken almenak ingkang kadamel babon wau, nanging kula boten saged ngungelaken awit tembug walandi, dene kalepataning para priyantun kula sampun anocokaken kados pagnandika sampeyan tiyag nganggit samanten kathahipun sampun tamtu wonten lepatipun satunggal kalih, kula upamekaken tiyang kehdik kemawon ingkang dipun ati-ati meksa wonten keceranipun punapa malih tiyang nganggit yen poncajanya kang nganggit boten saged lepat niyat satan rane, wsana kula suwunaken pagnaksama dhateng para sarjana menggah serat kula punika wonten ingkang lepat tatembunganipun awit kula sanes bangsaning pujongga, ingkang taklim katur dhumateng tuwan jurungarang sarta mas W.H. Manrangbaya.
Ngayogyakarta ping 14 januwari 1891.
Katandhan Budyarja.
======\============

Katur panjenenganipun Jaka Tetuka.

Kula sampu maos serat sampeya kang kawrat ing Bramartani ongka 2 sampeyan mundhut saserepan sanesipu tembug Panyipta pangesthi kaliyan panggagas kauningana bab pandangu sampeyan wau kula dereng patos terang, ewadene inggih kula jarwani, awit kula sarta sampeyan punika pancen dereng dungkap dhaeng sinonim malah miring kemawon kados saweksa punika, ing ngandhap punika kapanjarwa kula sampeyan pirsani.

Panyipta kanggge prakawis bagnsanipun kabilaen pangesthi kangge prakawis ingakgn wonten wuudipun panggagas kangge prakwis ingkang agnlempara, panjarwa kula punika, sayektosipun kula piyambak dereng patos ngandel nanging s sampeyan inggih boten saged anampik sabab sami dereng sumerep ing pepathokanipu kalih dene malih sampeyan mawi gnandika, boten pisan pisan yen ta kados dene S.R. D: jawabe during kuwagah, teka langkah, ngumbar kawruh saka madinah, samangke lir pendah bekingki, kininten sepen tiyang uning, mila joget ngolang-aling, la kual urun aggameli galaganjur, dhuk dhuk nong dhukdhukgung. Sampun duka lo Sr.D. dhene kula mawi nyaosi gamelan sabab kula naming nglajengaken pagnandikanipun jaka tetuka kemawon.

Jaka tetuka sarehning pandangu sampeyan awon-awon sampun kula jarwani, kula gentos nyuwun saserepan punapa bedanipun tembung inget kaliyan deleng, rikat kaliyan kebat wusana nutnen aparinga katrrangan.

Ing Ngambar simun kaping 29 Jumadilawal Warsa Ehe, ongka 1820.

W.H. Manrangbaya.

======\==========

Nanggap pitangletan ingkang kasebut ing Bramartani ongka 1

Menggah punika kawontenanipun kabupaten Panumping , ing satilaripun donya raden Tumenggung prairanagara, ingkang kakarsakaken agentosi dados abdi dalem bupati panumping, raden mas Angabei Sasrakusuma abdi dalem kapiwon kabupaten Panumping wau, kalilan mawi sasebutan raden Mas Ariya Sasrakusuma, leres putra dalem kanejgn gusti pangeran Arya prabu Wijaya, wondene ampas lenggah kaliwon panumping sapunika taksih lowong, kauningana.

Ing kamangkunagaran kaping 4 Januwari 1891.

Kula pun Dewadenta.

======\===============

Mas Sedya Sidana, kula tumut angajeng-ajeng sipitulung sampeya dhteng ngabei Wriya Guanrta, bab tatakrama tatembuganipun tiyang nglayat kasripahan ahli, sangking tembung walandi, anetepana paliwaranipun ngabei dipawardaya, badhe andadosaken suka pirena bingahing kathah saupami boten karsa mangsuli punapa boten ngaman-amanipun utawi punapa lepat panawangipun gnabei Wiryagunarta, anjawi bilih sawek kapambeng ingkang ngungkuli prelunipun punika: inggih sukur.

Kua punARjasaksana

=========\=============

Ah, ingkang angungkuli prelunipun punika tembung punapa neh, iyah anggening sami kelon neh gumun kula

Jurupanglalar.

===\==============

Ongka 6 Salasa Wage, kaping 9 Jumadilakir Ehe, 1820, utawi kaping 20 Januwari 1891

Surakarta
Kulawisudhan
Awit kaparenging karsa dalem kanjeng gusti pangeran Adiapti Arya Prabu Prangwadana, abdi dalem mantri kopi ing batuwarna, mas ngabei Pancajempina, kasentegaken dados panewu gunung ing baturetna, kapatedhan nami tuwi sesebutan mas Nabei Arjajempina.
Abdi Dalem Mantri Tebu ing prabrik Calamadu, rahaden ngabei Arja Asmara, kaingser dados mantri gunung ugi bawah pabrik Calamadu.
Abdi dalem carik mas Sastraubaya, kawadanan kartapraja, kasentegaken dados ronggajaksa pangakt kalih, kapatedhan sesebutan Mas Rongga, dene nami lulus Sastra Ubaya.

Aneh, nalika kaping 13 Januwari punika, pasetika ing dhusun Krapyak Kamantren Wuryantara kawadanan Wanagiri, sadalu tilem wonten ing griya tunggil sahamben kaliyan anak rayatipun,sareng jam 5, injing pasetika tangi meal ingkang setri nginten naming manawi dhateng sabin kimawon sabab sampun wancinipun wasana ngantos siyang boten mantuk kapadosan tiyang pitnen-pitnen boten saged pinanggih, ingkang setri inggal lapur dhateng prayantun polisi, sareng jam 4 sonten saged pinanggih sampu pejah kesangsang pathok wonten ing lepen sangandhaping kedhung, bangke kapriksa ing polisi boten wonten labetipun yen ta kinaniyaya ing tiyang, bok manawi inggih sumedya adus nanging lajeng klelep ing kedhung wau winastan kalap.

In dinten Jumungah tanggal kaping 16 wulan Januwari punika, wanci enjing kinten jam ½ 6 tanah sawetan nagari wonten angin ageng sangking kidul wetan kencengin g bayu bajra wau dangunipun kinten-kinten wonten satengah jam inggih boten ngantos damel karisakan namung ing dhusun Pakis (Sragen) wonten rare tengga gaga wiwit dalu tilem wonten gubug sakeca nen anggenipun tilem saking agenging angin jawah riwis-riwis duadakan nyarengi apesing rare punika, amben ambenaning gubug dalah payonipun katut kabuncang ig ngangin mulak wonten ing ngantariksa, pun rare taksih tumumpang ing amben-ambenan yen ta wontena nagari ibaramenipun kapirit kala nyonyah mubul numpang balon sareng punika mumbulipun wonten ng sabin sireping angi amben-ambenan dhawah wonten ing leleran pun lare ngantos galuprut endhut ananging ugi sampun pitulung dene boten rentah wonten siti garing, dhawah ing pun panuju wonten bladheran sarta tumrap rare dhusun awakipunsampun ambengkiyeng dados boten wonten ingkang karaos-raos.

Demang K.S. ing Pabelan kengkenan rencangipun jaler nama N.N. amurugi anggenipun andadosaken warongka dhateng griyanipun mranggi ing kauman sadhatengipun kengkenan pun Mranggi enggal anmpekaken babaran warongka ingkang sampun dipun anjingi dhuwung saprabotipun pendhok suwasa dhateng pun N.N. sasampunipun pasrah anjangkep pun N.N. pamitan mantuk lajeng bidhal sareng lampahipun dumugi margi prapatan secayudan anyarengi kathahipun kareta andhong lumampah saking wetan tuwin saking kilen punapa dene kareta kendel magrok kados adatipu ing Secayudan yen wanci sotnen ing wektu wau titiyang sarenganipun lumampah sami kaweken anggenipun nyingkiri lampahing kareta, temah sami yel asuksukan andadosaken rendheting lampah sareng lampahipun kareta sampun kalangkung ing parapatan pun N.N. anglajengaken lampahipun ing prapatan secayudan mangidul sumedya badhe dhateng jayengan amargi ngiras amurugi angggenipund andos

saken rasukanipun dmang K.S> nalika lampahipun dumugi kareteg lepen larangan pun N.N. anginger bontosing pendhok kacothe, lere, teka karaosan greyanging pendhok ananging kados grayanging gandar salebeting pendhok mila enggal anggenipun anglirik mangandhap mratitisaken adhuh jebul kayekten pendhoking dhuwung wau boten wonten pun gandar ingkang kacetha anglegla, ing ngriku pun N.N. saweg rumaos kesebrotan sanadyan piyambakipun melampah anggana tanpa kanthi, ananging saking sangeting kaget kapeksa sasambat dhapur ngayah wara, elah ketiwasanane, sarwi cangkelak wangsul lampahipun saler kareteg larangan mangetan sedyanipun badhe dhateng enggening sadherekanipun ing carikan sadumuginipun ngriku kapanggih sadherekanipun lajeng cariyos sagatosing lampahipun wiwitan dumugi wekasan saha nglairaken pangungun anggening pun kasebrotan boten kraos nalika punika sadherekanipun N.N. skalangkung kaget sarta bela sungkawa, dangu-dangu lajeng sami kawuwus saha sampun ngantos dipun kainaken N.N. dipun sukani pitedah supados angresaya aki adon potheting juru migut julig embok manawi saged pikantuk katerangan kilap ing wusananipun.

Hem angeram-eramaken temen kajuliganipun punyebrot dene anglolos pendhoking dhuwung saweg dipun angge teka saged kenging tur ingkang ngangge boten karaos mongka adatipun pendhok antup-antupane enggal punika anamtokaken angeloolosanipun bilih dede tukang awis ingkang saged mila pawartos ing nginggil wau pantes minongka papenget tumrap para ingkang magepokan kulina kulintong utawi malampah dharat ing margi secayudan supados prayitna kasampun atilar dheweka, manawi katungkul miling-miling milih….melok melok embok kasebrotan kados pun N.N. rak rewitung susita kulunun.

Sapunika kathah sasakit cacarwana, wradin ing kampung-kampung, titiyang ingakng kenging ing sasakit wau boten naming lare ingkang dereng dipun cacaraken sandyan sampun dipun cacaraken sarta tiyang sepuh sami katrajang ugi, demangipun tuwan nguwit sarta adhinipu demang wau lare kakalih tuwin kapenakanipun ugi lare kakalih sami ajal amargi katrajang ing plenthing, raden ngabei Puspadirada inggih plenthingen.

Menggah tutulaking plenthing siyang dalu angobonga godhong tanjung, awit godhong tanjung punika wonten sepir tusipun saged nulak dhatenging sasakit wau.

Kala rumiyin boten wonte cariyosipun tiyang sampun plenthingen plenthingen malih, manawi sapunika kathah kemawon.

Kaum ing dhusun Ngeboran (Kartasura) gadhah anak jaler sakit gondhongen saya lami gondhongipun saya ageng gadhah anak jaler sakit gondhongen saya lami gondhongipun saya ageng, awit sakin gpunika anak kaum wau dados tampikan boten pajeng rabi, ngantos dados jaka kasep tur kaum wau kalebet tiyang cekap anak kaum punika ageng prihatosipun ananging sarehning boten rampung dening prihatos sarta sumerep sababipun dados tampi kan amargi saking gondhongipun mila boten mawi kamanah dangu malih gondhongipun lajeng dipun purih nyudhet tiyang ingakng damelipun nyudheti sasakit uci-ucinipun sarta lajeng dipun tumbasaken jampi dhateng juru nracik jampi, sapunika dados lan sarasipun bok manawi sapunika badhe mantun dados tampikan malih kados ingkang sampun.

Sasakit gondhongan tuwin uci-uci manawi kasudhet adat saged tuwuh malih, nanging boten dados punapa manawi sampun kelajeng rabi.

Bab Arta

Ing Batawi arta salaka boten wonten tampikanipun tilas kalung, sampun gripis sarta boten kumencring, anggeripun dede arta palsu, punika pajeng kemawon sarta tanpa kirang nanging arta tembagi lami boten pajeng, ingkang pajeng sen.

Ing Samarang arta gobangan boten pajeng
Ing Surakarta kala rumiyin boten mawi tampik nangng sapunika wiwit rewel arta tembagi manawi sampun alus tulisipun boten pajeng, arta salaka manawi tembel sarta cacad sakedhik punapa dene boten kumencring, boten pajeng, manawi wonten ingkang ngajengi kirangipu anggenipun nedha basen boten murwat.
Wonten ingkang kalebet aneh, peken ing Geneng, tiramaya (Wanagiri) punika arta kethip boten pajeng, ujaripun tiyang ing ngriku, manawi purun nampeni arta kethip asring ical boten kantenan ingpeken tirtamaya, boten tebih saking peken geneng wau, arta kethip wiwit pajeng, nanging naming regi 8 dhuwit saya mengi len saya mindhak reginipun ngantos wangsul regi 12 dhuwit.

Kendhal
Mentas punika kacariyos ing dhusun P dhistrik Kaliwungu wonten titiyang tiga sami ngambara angen kambangan saking pakalongan anuju ing satunggil dinten tiyang titiga punika angleresi angen kambangan ing sabin dhusun P sakala punika sarehning nuju jawah deres sarwi bledhegipun anyambar-nyamber, dados tiyag titiga wau sami ngaup malebet dhteng dhepokipun dados satunggil O, inggih sampun boten kenging karsaning gusti kang murbeng tuwuh, bledheg lejaen gnyamber dhateng dhepokipu tiyang titiga wau, gumun kula punika teka tiyang kakalih kemawon ingakgn kenging, dene ingkang wonten ing tengah teka boten katut, sasampunipun kapriksa tiyang ingkang pejah lajeng kapetak.
Mila kula sapunika badhe nuwun sumerep dhateng para sarjana utawi para ingkang sampun andungkap dhateng bab punika, kados dene gludhug akaliyan bledheg punika kados pundi bedanipun mongka para saged ing budi, bab gludhug punika saking ebahipun awa ingkang anglimputi bumi, sareng bledheg punika katarik saking awanipun punapa, teka saged nyamber wuwujudan ingkang gumelar salumahing jagad kados denig cariyosipun kanjeng kyai geng Sela, anyepeng bledheg saingga kenging, sarta lajeng dipun gambar wonten ing korining masjid Demak malah sapunika kakabaripun maksih gambaripun ananging satugel.
Ingkang punika dahat ing panyadhong kula menggah sihipun para saged sarta para sarjananing bramartani, saderengipun kula matur trimakasih.
Kintunan.

Pethikan
Pabrik rosan ing dhistrik Pangkah, Kemanglen tuwin ng Jatibarang, kagunganipun kanjeng gupremen wiwit taun 1891 punika tiga pisan sami katutup sarehning pabrik sampun katutup mantri rosan titiga sami kaundur sarta mawi kaparingan wagel.
Kala wau enjing tuwan rines (Reinsk Enko ambikak pamulangan olah-olah migunani dhateng para nyonyah sarta para nonah, kangjeng tuwan residhen tuwan agenyapabang, tuwan Obrus sarta sanes-sanesipun ppunapa mali pinten-pinten nyonyah sami rawuh wonten ing pasamuwan punika, tumunten tuwan Rines tumandng ing damel angraratengi dhaharan patrapipun trampil angeram-eramaken ngantos damel kayungyunipun para wanudya ingakng ningali, sasampunipun rampung kanjeng tuwan residhen amaringi wilujeng dhumatng tuwan Rines kalayan angunjuk sapanye satunggal gelas sarta amumujekaken mugi gusti Allah anembadanana panuwunipun tuwan Rines anggenipun badhe angadegaken pamulangan olah-olah, kathah amuridipun ingkang sami sinau.
=========\===============
Katur panjenenganipun Manrangbaya, tuwin Dewadenta.

Kula nuwun kula nyuwun katrangan bab domponing namanipun para abdi dalem ing karaton surakarta ingakng kamot wonten ing almenak Yogyakarta kados ing ngandhap punika:

1. Twedhekumendhan Raden Mas Arya Purbawinata, Mayur Jayasura, Raden mas Arya Purbawinata.
2. Jayatanantaka, Mayur Rahaden Panji Jayawinata, jayatetana, Twedhelitnan Raden Mas Panji Jayawinata
3. Abdi dalem kaliwon ing kadipaten wonten ingkang nama rade Ngabei Ardawinata, punika kula kirang terang, ewadene sumongga panggalihipun manrangbaya tuwin dewadenta.
4. Ondergen ing Sukaarja, raden angabei Darmapranata, kaliwon ing Sragen Raden Angabei Darmapranata
5. Kabopaten Gedhong kiwa, pulisi raden ngabei Kartapranata, kabopaten Pangrembe pulisi mas ngabei Kartapranata, punika kados pundi punapa inggih sampun leres punapa kecer kalih kedhik tigang kedhik malih, bilih mangkaten kula jeng kepi dadosipun sadasa kedhik supados boten gathot arak inggih ta Budyaarja.

E, Budyaarja, sampeyan punika kenging kula wastani dereng sumerep ing suraos tandhanipun sampeyan purun…nginani taklim dhateng Manrangbaya, kang mongka punika menggah liding suraos manrangbaya mung junjung….dhateng saudara jengandika babah tanciyuk san ingkang sampun kaloka kasageanipun jarene, bydyarja, kula nyuwun saserepan kados pundi tegesipun tembung Yang Hyang nguyuriesthane, kang ginubah pisurwareja sekawi, ugi tumrap wonten almenak ing Yeygakarta wau, sanget pangajeng-ajeng kula.
Kaping 8/6/20 Arjasudana.
==========\==========
Bab Pangremek tuwin lampahipun rah
Manungsa masthi sampun sumerep prelunipun tiyang anedha, nanging awis ingkang …kerep kados pundi nalaripun, ingkang punika ing asaged saged kula sumeja amratelakaken saserepan sawatawis kados ingkang kasebut ing ngandhap punika katranganipun.
Prelunipun tiyang anedha punika kalih prakawis, sapisan mengah pigunanipuns ageda tuwuh saya mindhak ageng, utawi kadamel anuwuhaken badanipun tiyang kera wau, kaping kalih menggah pigunanipun tumrap tiyangingakgn sampun diwasa, saha ingkang badanipun sampun boten saged mindhak malih, dimen angsal jog utawi pikantuk lintu sakathahing jasad gagelitan samukawis, amargi saben dinten manungsa tansah koncatan jasad jasad ingakgn sampun botn kangge ing badanipun, langkung malih tumrap tiyang ingkang mentas nyambut damel awrat.
Sanajan wiwit lairngantos dumugi pejah badan manungsa naming cumpen kemawon nanging sampun tetela sanget bilih saben saben mawi santun, amargi sakathahing maujud ingkang wonten salebeting badan boten pegat asantun jasad enggal ingkang ugi medal saking tatedhan, malah ingkang kacariyos sampun wonten sawenehing tiyang ahli budi, ingknag saged angeytosaken bilih ing dalem pitung taun sapisan badan manungsa santun enggal (+).
Menggah gagelitan badan ingkang sirna ing dalem sadintenipun punika kalangkung kathah sanget, namung saprakawis nalika tiyang angedalaken ambekan jasad ing badanipun ingkang ical sadinten-dintenipun boten kirang wawrat 0.75 kilo gram, nanging satunggil-tunggilipun parincining badan teka boten sami kemawon kathah kedhikipun ingkang ical ing alem sadinten dintenipun, jasad ingang maujud cuwer kadosta rah, punika langkung kathah ingakgn ical tinimbang saking jasad ingkang maujud atos kadosta: balung sapanunggilanipun,

milanipun tiyang sakit ingkang boten doyan nedha, badanipun enggal kera, amargi sakathahing jasad badanipun ingkang ical sadinten-dintenipun boten angsal lintu, ingkang awit saking punika prelu sanget tiyang anedha wau, supados jasad gagelitan badanipun ingkang ical sageda angsal lintu malih, langkung prelu malih tumrap para rre tuwin tiyang kera, priyogi ingkang kerep nedha, dimen pigunani tatedhan dados lintunipun jasad ing badanipun ingang nembe murca, wasana saged tumunten bagas saha lema.

Taksih wonten sambetipun

Trunadongsa

(+) memper kewan anglusungi, lakarmanungsa ugi kalebet jinising kewan naming pirantosipun kemawon ingkang benten.

=========\==========

Ongka 7 Setu Pon kaping 13 Jumadilakir Ehe 1820, utawi kaping 24 nuwari 1891

Surakarta

Ing serat Bramartani kerep amratelakaken kawontenanipun kareta andhong ingakgn wuudipun boten pantes dalah kapala rakitan tuwin pakeyanipun punap a dene gemblungig kusir anggenipun siya-siya sarta sapurun purun amupuh kapal rakitanipun wosing pawartos angjeng-ajeng dhawuhing parentah nagari mranata amurih prayogiipun sadaya kareta ingkang kaandongaken ingakgn punika pangajeng-ajeng wau sapunika sampun kalampahan parentah nagari andhawuhaken pranatan bab anumpak kareta bendi utawi garobag sapanunggalnipun sarta numpak kapal sapanunggilanipun kewan pasangan mangakten malih bab gadhah sarta anyewakaken kareta garobag sapanunggilanipun tuwin bab gadhah saha anyewakaken kapal sapannggilanipun kewan paangan ingkang gatosipun among rumeksa amurih tebihing kasangsaran tuwin amurih tataprayoginipun sadaya kareta sapanunggilanipun ingkang kasewakaken, dene wiwit tumindakipun pranatan wau katamtokaken kala tanggal sapisan wulan januwari punika, mila ing sawatawis dinten punika sadaya kareta andhong sapanunggilanipun sampun katingal kathah ingkang sae, tur turut précis dalah rakitan sapakeyanipun saha sampun wiwit mawi tatenger aksara jawi tumrap ingpapan belg dhasaripun cet pethak seratanipun cet cemeng mungel namanipun kampung dunungipun kareta wau, dene kareta ingkang pating gedhagreg sarta kapal rakitanipun babak sapunika sampun angawis-awisi, sukur.

Wusana para ingkang kawogan angebahaken prantan wau mugi sampun gnatos kemba utawi bosen pangrenggepipun amargi karsanipun parentah nagari amranata, punika saestu badhe sakalangkung migunani tumrap para kawula sapraja dalem

Kintunan.

Sampun pinten rambahan bramartani, anyariyosaken bab kirangipun ting gantung ing margi ageng, ewadene kula kedah anusuli supados lajeng dipun galih kaliyan para ingkang kawogan.

Nalika malem salasa Kliwon inking kapengekr punika kula kakesahan dhateng ing kabupaten panumping, sareng lampah kula dumugi sakilenipun para patan ing bratakusuman petengipun angigirisi, saged padhang padhang malih sareng lampah kula sampun dumugi sacelaipun parapatan ing Mangunjayan kilap ingkang dadosaken petengipun punika, bokbilih naming saking kesetipun prikonca pangindhung angladosaken arta ptumbasing lisah ting gantung: sarta salebetipun kula lumampah punika kula ningali ing nginggil kados pancen boten wonten ting gantung, ananging punika dereng tamtu bok bilih naming sakng sulapipun maripat kula piyambak sarehning sanget petengipun dados saupami ing ngriku wonten tingipun naming saking daweg aras-arasen nymet kemawon.

Kintunan.

Nalika malem Jumungah Paing punika, awak kula ragi dhangan dados kaliyeg kaliyeg dumugi peken kaliwon miring gongsa sawetan sakolahan jawi, kula sumedya bdhe sumerep sareng dumugi gen gongsa nayub kula kok eram dene tamu sami ngagem kalung pita, ingkang ngagem kalung priyantun kulukan 1 dhestaran 1 cundhuk jungkat 1 dados 2 priyantun sir kula mantheng masthi Santana dalem, jebule ana sing kondha, wong desa,

inggih leres anak priyantun, nanging dede Santana dalem para tamu priyantun nagari naming sami gumun, kula sumongga para maos.
Pun Yekti

Yogyakarta
Kala ing ditnen Jumungah Pon tanggal kaping 9 Januwari punika, pabrik kasuran kulahipun pamangsakan nila kacemplung mongka sawek ngleresi damel masak kulah wau, rahayuipun angsal pitulunging pangeran saged mentas saking babaya kapitulungan ing sanes salajengipun tiyang wau akaldosaken dhateng nagari malebet ing griya sakit kabaripun sapunika estu pejah dipun petak wontenlempuyangan sareng let dinten warisipun dhateng nyuwun pirsa saras derengipun tuwan dhokter mangsuli yen sampun pejah, kala dinten anu kapetak iing nganu: waris wau saking trisnanipun dhateng tiyang sepuh, bangke kadhudhuk laejng kabekta mantuk ugi dipun kubur malih wonten sakiwatengening pabrik kasuran.

Pethikkan
Tuwan Sirus tanah Amerikah gadhahi ngon-ingon Orang Hutan dipun ajar kados caraning manungsa, amargi saking tlatos sarta sagedipun tuwan sirus orang utan wau saged punapa caraning manungsa, kadosta: maos tuwin nyerat punapa dene dipun kengken mendhet punapa punapa sarana sasmita, olah-olah, bilih angrarajang baud sanget angungkuli manungsa, malah saged udud pipa, ngantos adamel pangeram-eraming kathah, kuciwanipun boten saged wicanten kados manungsa..
Dokter neneman kasmaran dhateng nonah anakipun Kosmis Nonah punika inggih animbangi, sarehning sampun mateng prajajiyanipun tuwan dhokter lajeng gadhahpanedha dhateng tuwan Komid manawi suka anakipun badhe dipun pendhet bojo, tuwan Komis saeng aanampeni serat panembungipun tuwan dhokter boten andadosaken dhanganing manahipun malah semu anyanyampahi, wicantenipun *"dhek bojoku lara panas di tambani dhokter dadi lan patine, dhek anaku lara mung mutah ngising bae di tambani dhokter iya malah mati, ngapaha saiki aku amek mantu dhokter aku prasapa ora sumedya pitepungan karo dhokter, aja maneh ngepek mantu yen sudiya"*.

Kacariyos tuwan Komis kaliyan mitranipun kesah nyanjata peksi dhteng dhusun sajawining kitha, antukipun numpak kareta wonten ing margi sacelakipun pasanggrahan kejawahan ngantos kalebus lajeng ajak-ajak kendel sakedhep angentosi teranging jawah, mitranipun tuwan komis boten talompe lajeng angrumiyini dhateng pasanggrahan saking cancinganipun ngantos tuwan Komis boten sumerep bilih mitranipun sampun ngrumiyini, tuwan komis mingak-minguk sarta anyeluki nanging tansah dipun gugujeng kemawon kaliyan mitranipun kaken manahipun lajeng dhateng pasagrahan siripun sampun rumiyin boten sumerep bilih mitranipun sampun wonten ngriku sarta sampun angisis rasukan sarwi pitaken punapa punapa semu angering-erang, tuwan komis serik manahipun nanging tansah dipun samun ing netya sarta dipun dhem kemawon naming pados jalaran saged da males adael seriking manahipun mtira, slebetipun mlampah-mlampah tuwan komis anyenggol kanthonganing rasukanipun mitra, karaos mak ganul lajeng dipun grayangi mawi angon ulat ngumbar tangan ingkang pinanggih roti akaliyan lidhah sangunipun nyanjata dereng dipun tdha, punika lajeng dipun pendhet sarta lajeng eksah ngiwa sakedhap roti punika dipun tdha ngantos telas sareng wangsul wicanten badhe anedha sangunipun roti, amargi kala wau dereng dipun tedha, mtiranipun gita badhe tumut nedha roti, sreng dipun pendhet wonten ing kanthongan boten

wonten lajeng nyandhak kemawon bilih icaling rotinipun amargi saking pandamelipun tuwan komis nanging kendel kemawon sarta lajeng ngangge rasukan bdhe mangkat rumiyin lajeng dipun pitakeni dhateng tuwan komis punapa ateka badhe ngrumiyini , mitra punika mangsuli badhe mampir mriku sakedhap anampekaken roti damelanipun tuwan dhokter, sareng kanthonganipun dipun rogoh api-api kaget wicatnenipun *bilahi sapa sing mangan roti ku amesthi wurung wong mong saumura rong dina nek wis ngreda racune*, tuwan komis kaget sarta pitaken *apa tegese kang ko clathokake kuwi*, mitra mangsuli, *roti ku ilang mongka roti iku di wowori racun mandi sapa sing mangan amesthi bilahi, pancen arep ginawe angupasi satrune wong kang arep tak parani mau*, komis sareng miring wicantenipun mitra lajeng andhawah ing siti sarta lajeng katingal biyas ulatipun wicantenipun *ora wurung mati aku roti mu sing ngango racun iku aku sing mangan* amargi saking mirising manahipun lajeng katingal sakit dadakan awakipun dharodhog boten saged lumampah ulatipun ucet mitra punika ing batos gumujeng, nanging bilih ningali warninipun Komis sumelang manawi kalajeng sakit katarik dening marasipu mila lajeng lumampah piyambak ngundang dhokter kalayan enggal-enggalan boten antawis dangu dhateng ambekta dhokter nem-neman ingkang dipun sretu dening tuwan komis sadhatengipun tuwan dhokter lajeng amriksani tatenger, ananging ingakgn pinangih boten wonten labetipun bilih tuwan komis nandhang sakit ing batos gumun lajeng pitaken bisik-bisik dhateng tuwan mitra, punapa ingkang dados jalaranipun sakit tuwan komis tuwan mtira nyariyosaken mulabukanipun lajeng sami gumujeng atutup lathi, sarta angsal sunduk prayoginipun tuwan dhotkter bilih tuwan komis pancen boten sakit mila tuwan komis lajeng dipun ombeni puhan mawi gendhis batu sagelas ageng, tuwan dhokter mawi wicanten manawi jampi punika dipun ombe telas racunipun amesthi ajur tanpa dados puhan lajeng dipun ombe ngantos telas nglenyer kewala, tuwan dhokter wicanten malih, sapunika wisanipun sampun ajur, tuwan komis amesthi sampun saras sarta laejng dipun rih mantuk tuwan komis inggih lajeng saras amargi tanpa sakit sarta jeng mantuk wicantenipun dhateng tuwan dhokter, *e dhokter nem-neman kowe miluwa ngenyang omahku anampanana bayaran pituwasing kangelamu* wangsulanipun dhokter: *sakalangkung ing panuwun kula tuwan nanging boten susah kula mawa kaparingan bayaran amargi dhateng kula mriki naming sapisan botena marekaos jampi ingkang sampeyan unjuk boten tumbasan saking juru ngracik jampi, naming kula pundhutaken puhan saking tukan gperes* wicantenipun tuwan komis *e dhokter nom-noman kowe aja wangkot aku rak wis keotangan ko sambungi umurku, lan aja ko kira yen aku bakal ambayar opahan rupa dhuwit menyang kowe, kowe bakal tak wehi opah nonah ayu kang wus manjing ana ing guwagarbamu.*

Dhokter nem-neman sareng midhanget wicantenipun tuwan komis kados tinebak ing mongtuna, sinamber igelap lepat anjenger tanpa mangsuli, namung luhipun carocosan wusana lajeng dipun jak sareng mantuk sarta lajeng dipun dhaupaken rukun anggenipun palakrama menggah tuwan dhokter wau sapunika wonten ing pulojawi.

Boten among manungsa tuwi sato ingkang tinitah gadhah anak ananging ing jaman sapunika: arta ugi saged manak, sangking cariyosipun mitra kula ingkang kalayan temen tiyang nami Dj.W. griya ing kampug T, punika nyambut arta dhateng paman singkek ing kampung T (M.N.) kathah imun f 40, mawi prajangji kalayan limrah kasbut ing serat pratondha, sareng boten saged ambayar sareman 5 utawi 6 wulan paman singkek lajeng gadhah panedha, supadosa petangipun arta sareman pun panyambut kapurih nyukani pratondha jangji nyambut arta dados cacepenganipun, sang panyambut inggih mituruti, (punika saweg kagungan putra) dene pun ibu dalah putranipun sami lajeng ambabar putra, pun panyambut meksa puguh

boten ambayar sareman watawis lami paman singkek gadhah panedha malih, waleding sareman sageda nyepengi serat pratondha nyambut, inggih kalampahan (punika nama wayah) ewadene pun ibu putra tuwin wayah lestantun pambabaripun putra kakung putrid, dumugi buyut cangggah sapangandhap ingkang kula ngantos boten saged mastani, sang panyambut sekecanen tiyang leresipun saben wulan ambayar sareman mongka punika paman singkek among narimah nyepeng srat pratondha ingkang aung dalancang sasuwek boten anglegewa ing wingking krodhanipun paman singkek, kalampahan sareng sang panyambutan sah boten purun ambayar sareman utawi cicilan paman singkek mangkrakrura nirbaya nirkara, matur ing parentah pun panyambut kasuwun pambayaring sambutanipun ingkang kawrat serat pratondha 16 iji, kathahipun f 960.
Mila ingkang ngatos-atos ara bongsa kula tiyang jawi ingakgn tinitah gadhah sambutan dhateng paman singkek awit paman singkek puniku laupamekaken lintah, manawi karsa andhahar rah panampelipun boten purun uwal bilih amung katuruhan toyaning sata eca, mandar krodhanipun anelasaken daging, arak inggih makaten ta Mas Sr.D. Lo mesem
20.1.91 Kula pun Murina.
=========\=========
Punapa guta ingkang makaten inggih dipun tampeni, hyah kasangetan ta, yudanagarinipun punapa angsal singkek kathokthok ingkang anyambut inggih makaten ugi, supados pangemut-emut kula kantheni guguritan

Dasar atine ora jujur *singkirana kakalung cangklong*
Gunane mung adol balur *rembuge ora utami*
Nagih potange kanthi besur *ora wuru kabalegong*
Den gugatake tamtu sampulur *ulun aman ing buri*

==========\==========
Budyarja, pamurina sampeyan dhateng babah Tanciyuksan punika boten leres babah tanciyuksan punika tattela dereng mudheng dhateng lampahing petang pananggalan ing bab dinten tanggal sasaminipun dede bab grahana, kaconggahipun punika naming bondha kaduga, tandhanipun bilih dereng mudheng pandamelipun almenak ing dalem kalih taun punika beladheg lepat sadaya, lmrahipun tiyang manawi kalepatan sampun dipun serepaken lepatipun punika amesthi lajeng sumerep leresipun mnawi naming tansah lepat punika tondha parancan boten sumerep sanadyan sageda damel inggih boten sumerep punapa ingkang dipun damel tarkadhang naming ngawur utawi nedhak ingkang boten dipun sumerepi tegesipun.
Bara ingkang lepat punika boten saged leres punapa ateka dipun murinani, sokmakatena Budyarja punika maliyanipun babah tan ciyuksan dene kula inggih sampun sumerep manawi sampeyan trisna dhateng sarira sampeyan awit kalebet mitrra sampeyan sae, mila grathul-grathul apa paes.
Sarehning barng ingkang lepat punika boten saged leres mila namung kedah kasirnakaken tiyang ingakgn kanggen barang lepat prasasat amisani awakipun piyambak ananging upami puthut supama dipun sukanan boten ajeng, punika boten awit boten wonten ingkang badhe nyukani, sami ugi kaliyan kaul kula manawi kula saged menang lotrei, satus ewu kula badhe udhik udhik sewu rupiyah, punika menang kula boten mesthi udhik udhik malih mesthiya.
Sarehning barang ingkang lepat punika boten saged leres mila namung kedah kasirnakaken tiyang ingkang kanggen barang lepat prasasat amisani awakipun piyambak ananging upami

puthut supamadipun sukanana boten ajeng, punika boten awit boten wonten ingkang badhe nyukani, sami ugi kaliyan kaul kula manawi kula saged menang lotrei satusewu kula badhe udhik-udhik sewu rupiyah, punika menang kula boten mesthi udhik udhik malih mesthiya.
Piyandelipun tiyang jawi pawukon punika wonten ingang awon wonten ingkang sae, ingkang sae kangge pamilih ing dintenipun titiyang ingakgn badhe gadhah damel saupami ngangge almenak lepat pinanggih ing petang wuku sae, mongka sayektosipun awon punapa punika boten nama amisani awakipun piyambak tegesipun dipun tutuh ing sanak sadhereikpun manawi amanggih tiwas kajawi manawi wilujeng, sanadyan anerak kataliwangke inggih boten wonten raraosan, wusana kula amrayogekaken dhateng babah Yanciyuksan sarehning piniji ngarang almenak jawi, prayogi sinau waru rumiyin lampahing petang sidhawak, supados badhe boten kalintu malih ing pangarangipun
Ki Layukayapu.
==========\========

Sampun tetela bilih bramartani punika dados pakumpulaning para saged ingkang sami remen ambudi indhaking kawruhipun ananging wonten cuwaning manah kula dene sok wonten satunggaling widayaka ingkang taksih remen angandika kirang pantes nami pangaken dening tiyang kathah, inggih punika sang sudibya jaka lengkawa, kang mongka bilih kula boten kasupen serat bramartani paekcapan boten wonten ingkang pating baregel wusana sareng kula nyumerepi bramartani ongka tuwin ongka boten wonten pipiritanipun bilih jakalengkawa wau anampeni pangalemipun panjenenganipun tuwan juru ngarang, liripun mangkaten dosanipun punapa dene among turida badhe dipun banting, sudira warna lepatipun punapa dene dipun rucah-rucahaken sarta dipun bodhok-bodhokaken yen mangkaten punapa jakalengkawa wau punika panukmanipun pithat pratandang, utawi sadherekpun, atur kula ingkang kasebut ing nginggil punika bilih jakalengkawa tuwin pratandang duka kula inggih boten ngoncati, jangji priyantun kakalih wa oten angetrapaken tembung kasar, kang awit tiyang bebantahan punika namung sami sageda pu di ingkang leres sami dipu angge lo rak inggih makaten ta, jakasudibya kadosta, SRD genipun pitanglet wonten ing Bramartani punika rak boten ngupados kawusan ananging sageda mindhak kawruhipun la kok dipun uwus-uwus kaliyan pothet prangtandang ngantos dhileg-dhileg owel sanget bilih bramartani punika ngantos katrocoban tembung kacar, ingih manawi kados kula dipun menapak menapakna punika tamtu anurut kemawon tiyang salugunipun pancen bongsa panrucah sampun nun kula badhe manggihi dhoa.

Dhoa sampun terang punitik kula bilih sampeyan punika pancen priyantuns aged sabab kula pirit saking pitaken sampeya ingkang kawrat wonten ing Bramartani ongka 3 kapengker punika, amila kedah kula purih anjarwani pitakenipun jaka suyatna ingkang dhateng SRD, kados ing ngandhap punika.

1. Kados pundi bedanipunt tebung kablengkik kaliyan kapregok
2. Kados pundi bedanipun tembung Srwawungan kaliyan pranggulan

Sampun pnika kemawon rumiyin benjing kula ngaturi pitaken malih.
Kula mitranipun sontoloyo ing priyangan pun
Wiranirbaya.
=========\========

Wathahlilah, athikayan margi raden Wrekudara, apa sing ngala ya dialani, sing becik dibecii, la, yen kula sampeya alani boten purun kasa pundi tiyang ngedali pun bramartani boten wanci bangun enjing, mongsa wonten na wrekudara ngamuk kalih dene malih sampu sok banting ngantos anggalepung, nengehanipun benjing manawi wonten ing ngakerat sampeyan jumeneng malaekat andangu dhateng kula amongturida, oleh oleh mu sakadonya, apa atur kula, salami kula wonten ing donya, kasenengan kula namung kalenengan tuwan malaekat jakalengkawa, lah punika kula lajeng sampeyan gada ngantos anggalepung, tumunten sumut galek anglempakaken jisim kula sarta lajeng saget gesang, sampeyan dangu malih, mekaten salajengipun bata rekaosipun padamelan sampeyan kosoh ngantos anggalepung.
Gujenganan kulunun sayektosipun kula punika boten anggadhahi rumaos kalepatan dhumateng panjenengan sampeyan ananging gek kados pundi anggen kula selak manawi wonten tembung kula ingkang gangsul mojol saking pepethinganing kautaman mila mugi katedahna lepat kula Nyuk gilo luputmu, wangsul serat kula dhateng rama bandung, sanadyan wontena kasaripun amargi nama mangsulaken pangangepipun dhateng kula kemawon menggah pitaken kula dhaeng rama badnung sabab punap atembung, kepriye dipun pitakekaken panunggilanipun boten tegesipun panunggilaing kepriye, kadosta: apa, apa, pira, endi, ngendi, dhek apa, besuk apa, lagi apa, punika boten dipun pitakekaken saupami kula namung suka katrnagan kepriye, punapa badhe anyekapi, dene pitaken sanesipun punika boten kalebet ing pamikir kua kula sarta lasar boten kula sarwe, keroncen manawi amanah aprakawis ingakgn boten dipun wanuhi dening rama bandug, namung saprakawis tembung kepriye kemawon ing ngatasipun rama bandung sampun kekathahen awit kula sangkal bolong (Supama) bukipun sepe punapa taksih kirang terang atur kula, suwawi sampeyan terangaken malih, kaping kalih anggen kula anjarwani tembung jajaka, sampeyan utaken utgenti, kados pundi ta karsa sampeyan raden, punapa tembung jajaka sampeyan samekaken lelebat manawi mekaten kula welas dhateng sampeyan (Condrawilita) sampun raden sami andum wilujeng.
Karangkasidan tanggal kaping 5 wulan Jumadilawan taun Ehe, tinengeran Muluking praja nayakaning bumi.
Indhang Amongturida.
==========\==========
Cucuk pitaken sampeyan dhateng prang kadang kawrat ing Bramartani ongka 99, bab aksara swara, 2 aksara nuswara,, kados pundi teges tuwin wujudipun 3 srengen 4 tulen punika tembung tuwan rimbag punapa, ingkag punika sandyan ingkang sampeyan tuju ing pitaken dede kula, ananging sampeyan mawi anyampe dhateng bandung bondawasa, dados boten wonten awonipun manawi kula anjawaba dhateng pitaken sampeyan sadaya wau, awit kula punika sadherekipun prang tandang sarta bandung bondawasa, lah sampeyan tingali ing ngandhap punika jawab kula.

1. aksara swara, tegesipun kumandhang, punika wujudipun a, I, e, o, u, re, le, kramanipun boten kenging sinandhangan ulu, suku, pepet taringan tarungan kenging ugi yen sinandhangan layaran wigyan cecek dene yen sinandhangan pengkal layar cakra, ingakgn kenging namung a, sabab punika dipun wastani niraswara swadi, tegesipun rahsa luwih (anggen kula nedhak buk).
2. Aksara nungswara, tgesipun utamining swara, inggih punika sasandhanganing aksara, punika wujudipun ulu, taringan tarungan suku, pepet, cecekan layaran wigyan cakra, keret pengkal gembung, pangkon (anggen kula nedhak buk)
3. Srengen punika pinastan embung kriya, utawi purbaraswa

4. tulen punika pinasten tembung kriya, utawi purbaraswa

Cucuk pitaken sampeyan kasebut ingnginggil sampun kula jawab kalayan pratitis ingmangke kula gentos pitaken hating sampeyan kados ing ngandhap punika.

1. pangupajiwa, punika embung punapa, teges tuwin muradipun kados pundi
2. wiwitipun wonten sembah kuncuping ngasta kaarasaken ing grana, punika kala jaman punapa, sarta nalika taun pinten dumugi sapunika sampun pinten taun.

Lah samanten kemawon cucuk pitaken kula, lajeng sampeyan jawab ingakgn pratitis
Ing Mamenang tanggal kaping 20 Jumadiawal Ehe 1820
========\==========

Ongka 8, Salasa Legi kaping 16 Jumadilakir Ehe, 1820, utawi kaping 27 Januwari 1891

Surakarta
Samaprajaka, ing Singanabdan kampung kaparak kiwa, nalika ing dinten Senen Pon tanggal kaping 8 wulan Jumadilakir puika, rabinipun Samapraja kawau gadhah rare medal estri kebar, 2 paireng kula manawi wonten rare kembar lajeng konjuk utawi kapundhut ing karaton dados kalangenan sasaminipun abdi dalem kalawija, manawi kapara yektos pamireng wau ambok manawi badhe andadosaken bingah kamayaranipun ingkang gadhah anak
Kaping 15 Jumadilakir Ehe 1820
Katandhan Muhahmad Makmur

Pandung Tatag
Ing griyanipun tiyang sugih ing kapung grejen kalebetan durjana pandung mendhet barang mas inten ingkang wonten salebeting lemari sanginggiling patileman gunggung regi 7000 rupiyah, menggah patilemanipun tiyang ingang kapandungan wonten ing ngamben mawi tumpukan bantal inggil angaling-alngi inbeing lemari, dados boten saged menga bilih tumpuk kanipun bantal boten dipun singkiraken rumiyin mongka bantal punika dipun tindhih I tilem deng ingakng gadhah griya jaler estri sarta anakipun pandung julig boten mawi wigih angunusi bantala saking gandhap ngantos kantun satunggal ingkang dipun tindhihi, sarta lemari sampun boten kasanggrok sareng kuncinipun sampun dipun bandrek dene anggenipun angunusi bantal boten saking kiwatengen nanging saking ngandhap ingakgn gadhah griya dipun kakahi katawis tilasing tapak gupak endhut wonten ing ngiringan konanganipun ing wanci enjing kemawon akaen mali saking pratelanipun inking gadhah griya estri salebetipun tilem kraos kupingipun dipun demek ing tangan anguwik-uwik sengkang, nanging lajeng dipun kipataken dipun nyana tanganing anakipun ingkang grayahan anyepeng kuping, punika ngantos rambah-rambah tansah wongsal-wangsul makaen kemawon boten gadhah panyana bilih kalebetan pandung, wusana pulisi saweg angudi katerangan tuwin anglari durjananipun Babah Bingking ing kampung guna prawiran panggagotanipun sade kajeng balok dados lan kasugiyanipun babah Bingking punang kacina singkek pambekanipun alus sarta welasan boten namung dhateng sasamining manungsa manawi koluwa damel piawon sanadyan dhaeng sato kewan tebih panganiayanipun malah babah Bingking punika boten nate nedha ulam wiwit rare mila dumuginipun sepuh ingkang dipun tedha namug kukuluban utawi asin-asinan ingakgn angeram-eramaken malih manawi dipun taweni ayam utawi kambangan punika mesthi dipun tumbas nanging lajeng dipun culaken kemawon nuju tumbas kambangan gangsal bdhe dipun culaken kadengangan dhteng sura semita kampung Ngadikusuman lajeng dipun tedha, inggih dipun sukakaken nanging bilih dipun ingu, manawi dipun pragad boten suka surasemita inggih anyagahi, duka sampeyan yektosipun wonten tiyang sade bulus inggih lajeng dipun tumbas nanging lajeng dipun purih nguculaken dhateng lepen Pepe, tiyang ingakgn sade inggih anyagahi, nangng babah Bingking boten pitados dados mikawoni tumut slampahipun tiyang sade bulus dhteng ing lepe Pepe, sareng bulus sampun dipun culaken ingih lajeng mantuk lega manahipun sampun kaping pinten anggenipun babah Bingking adamel prating makaten punika sampun btoen kenging wnical kasugiyanipun saya dedel mas sura semita ingakgn nampeni kambangan gangsal kados pundi, punapa sempulur rijeki sampeyan manawi boten semalur amesthi sampeyan anglirwakaken welingipun babah Bingking kamipurun amragad kambangan sampeyan opor.

Tengen Punapa antukan

Mas Rongga N.J. ig K.J. kala taksh dados lurah, kautus bandaranipun anyirap pandhapa, salebetipun nyirap tansah theklek-thekluk kemawon dados prasasat boten nyambut damel nanging badhe muwun ajrih manawi kadukanan wusana keglundhung saking nginggil ngantos dumugi ing talang pringgitan dipun lokaken ing tiyang kathah lajeng muring-muring, boten rumaos ngantuk wicantenipun sinten ingakng nyumerepi pangantukipun manawi yektos ngantuk punapaha boten dipu lapuraken dhateng bandaranipun dene keglundhungipun pancen krana allah, tiyang ingakng puru amestani ngantuk punika tiyang calunthangan.
Ing serat Kabar B.S> anyariyosaken nuju pasamuwanig landrad wonten prayantun liding linggih dhawah saking kursi, amagi gnantuk punika ragi ewed pamungkiripun kados pundi, ngikaling sabenipun sarehning kelacak kepathak punika gampil kemawon tiyang ingakgn boten purun amastani ngantuk punika tiyang calunthangan
Kintunan.

Salebetipun wulan dhesember ingkang kapengker ing nrii sampun kathah jawah, ananging dereng ngantos angrisakaken margi aeng, awit wiwit nagari angencengaken dhawuh nyeni margi-margi, ingkang kaleres gadhah bagiyan ajrih angether panggarapipun mil amargi salebetipun kutha apunika sampun kathah ingang prayogi manawi kajawahan sawatawis kemawon dereng jemek anjemblong, amangsuli cariyos bab jawah, sanadyan salebetipun wulan dhesember wau ing ngriki sampun kerep jawah angrejeh, ewadene ing dhusun tanah sukawati kidul bawah kabupaten sukaarja, dereng patosa kerep jawah tur boten deres andadosake kasusahanipun para tani anggenipun badhe anindakaken sasabin langkung malih kala salebetipun sadsa ditnen ingakgn kapegker ngriki bethat boten jawah, punika ing bawah sukaarja tiyangipun alit sami susah ageng, amargi siti garapanipun sami garing malih malah wangsul atos utawi anela, mangakaten malih anggenipun anggadhang wiwijenan ugi garing lajeng pejah, awit saking genging kasusahan wau, sarembagipun para santri ing kedhung gudel sami niyat munajad sarana sembahhyang istika, nyuwun ing ngriku katurunana jawah supados kenginga kangge saprelunipun tatanen (*) kentheling rembag kacariyos mawi lapur saha nyuwun idi dhateng kabupaten sukaarja inggih lajeng kaiden saha para pulisi mawi biyantu nglapahi angrapa, rehning boten saged tumut sembhyang Istika, cekakipun inggih inggih lajeng sami sembhyang saha boten ngantos wawatis lami panuwun wau kabul ing nriku kerep jawah igakng salajengipun nyekapi kangge sasabin malah saleebtipun nagari kala Ngahad ingakng kapengekr pungkasaning bethatan jawahipun deres anggigirisi, punapa kagendeng supangating pandonganipun santri Kedhung Gudel wau, punika kilap kulu nun
=====\=========
(*) uh Gandrika seselan tembung, kilap niku gathukipun
Jurugubah.

Margi ageng wetan dalem ing Cakranagaran sapunika sampun sae, mangidul dumugi gnajeng kori palengkung waradin amargi nalika andandosi dipun santosani, ngantos sapunka sanadyan masa jawah tur tansah kambah ing kareta garobak sapanunggilanipun ewadene boten jeblog sakidulipun caket wates ingkang waradin saewau sapangidul dumugi peken

ageng, punika katingal kiran gprayogi, awit pangurugipun sela ageng ageng boten katata, ing tengah wonten ing kamblumbang sanadyan pangurugipun boten kantu, nanging pangetrapipun among kaselehaken balejet mongka ing ngriku margi pancen tansah kambah kareta grobak sapanunggilanipun sampun saestu kemawon nalika kangge bengkat rodhaning kareta, pun sela oncat saking enggenipun tarkadhang saged wansul minggir nelaki bronyong tandhen sela, punapa para kawogan dereng uninga punika prayogi kapatitisaken kaliyan titi pariksa.
Kintunan

Yogyakarta
Nalika ing ditnen Rebo ingkang kapengker punika lare nama pun Simin dhawah anumpak kapal wonten margi para sakawanan wande Tanjung (Pakualaman) ngantos boten saged tangi piyabak saking rekaosipu kula miring kabar dipun pethek dening dhokter pun Simin wau boten saged mantun sawulan jalaran dhengkul sikut utawi tepakipun anandhang tatu, tur sampun dipun prentahi dening ingkang gadhah kapal manawi guying boten suka numpak ki rehning kapal sampun sepuh, inggih manut kala wonten ngajengan sareng sampun dumugi jawi lajeng nyengklek kapal kabandhangaken temahan ambruk la wakipun sangsara, inggih punika wateking lare uru aleman *kaduk wani kurang duduga*, mila manah kula mir kemawon yen sumerep lare numpak kapal lagaran ingkang kabandhangaken punika.
Nirdeya.

Kala ing dinten Kemis legi ingkang kapengekr punika, wnci jam 12 siyang wonten rare nama pun Dulaah ngumur 9 taun dolan kaliyan adhinipun nama pun Suratman ngumur 6 taun anakipun Citrawijaya ing kampung Margayasan (Pakualaman) wonten ing tegal pabarisan amanggih patrum lajeng dipun thuthuki mawi sela, dangu-dangu patrum saged mungel thog pelor mesat anyrempet bathuk sarta pupunipun pun Dollah, kupingipun pun Surat ugi kababan sakedhk naming boten dados punapa, pun dollah ingang ragi rekaos wedalipun rah saking bathuk sarta saking pupu kados kados turasan ing sapengker kula pulisi dereng angaturi dhokter, dados rare wau teksih dipun upakara dening bapa biyungipun piyambak utawi tongga tepalihipun.
Nirdeya.

Pethikan
Margi pakampungan salebeting nagari kathah ingakgn dereng dipun pranata dening pulisi, kados ta kampung reksaniten iring kidul sarta kampung Saragenen marginipun sakalangkung ciyut meh boten cekap kadamel mikul jisim langkung malih manawi wonten banjanalatu, sampun saestu titiyang boten saged tandng ngambah margi punika sakng kasaladan ing latu, pumpa saya boten saged tumindak.

Ing tanah Eropah dhawah ing mongsa bedhidhing wiwit ing wulan dhesember dumugi januwari puika sakalangkung asrepipun pinten pinten tiyang miskin pejah dening asrep wau, punapa malih pejah korugan dening es.

Lautan ing antawisipun pulo marken kaliyan mosnikendham amargi saking sangeting asrep sapunika toyanipun anjendhel dados es lampah ing baitanipu para among dagang ingkang

wong salwangsul dhateng nagari kakalih wau kandheg dening es para lipat ing budi en..manggih akal damel baita angin ing ngandhap mawi rodha pinten-pinten ange pamancaling es sareng sampun dados rikating lampahipun baita anawi katingayub ing angin boten sanes kados kapalapi dhodhalambung, sapunika sampun wiwit rame malih kados ingkang sampun.

Kalakuanipun paker gantos anggenipun remen ambalithuk bab petanging sareman punika upaminipun balentonging sandhangan kenging ing rerged dipun kumbaha ingkang kados punapa lamat-lamating balentongipun amesthi taksih katingal sami ugi icaling andheng-andheng, puika naming kedah dipun cuplak tegesipun dipun santosana ing pangreksa kados punapa sarta dipun gantungana ing paukuman awrat saben kalimpe inggih lajeng nyebrot awit para garpipun sampun angethek saranggon mongka titiyang jawi tangeh sumerep ipun dhateng petang.
Pamambengipun lampah murka punika btoen sanes namung ekdah dipun kendeli, sarta lajeng santun salaga, dene ingkang mikantuki wawenangipun pak gantos kedah kaaasta piyas bak ingkang jeng gupremen.
Sapisan kanjeng gupremen amitulungi kapitunanipun tiyang alit ingkang tansah dipun balithuk dening pakter gadhe.
Kaping kalih knjeng gupremen saged amitulungi para tuwan prankan ingkang sami boten pikantuk padamelan lajeng saged rumagang ing damel kalayan balonja sakedhik.
Kaping tiga kanjeng gupremen badhe boten kapitunan nanging malah pikantuk kauntungan sapantesipun sakjg pamupuning sareman wau.

Dhumateng akalengkawa, tuwin Jaka Busuk

Pepenget kula dhumaeng jakalengkawa, bab panganggenng tembung angluhuraken sariranipun boten dados panggalihipun kula inggih sumanggakaken kemawon dene tembung, dhumteng, kaanggep kalebet angluhuraken sarira, kula inggih naming nyumanggakaken sarehning sanes pamanggih inggih andum wilujeng kemawon sarehning pangangge sampeyan tembug krama inggil sampun sampeyan sembadaning amargi tumrap dhumaeng tiyang rucah, sikur, sampeyan ingkang enggel mila sampeya lestantunaken karsa sampeyan kula nywun pitaken sakedhik punapa kenging bapa kintun serat dhumateng anak mawi tmbung, kowe tak timbali, tur ngalamatipun inggih, dhumateng, punika inggih sampeyan agem kaping kalih ukara kula sampeyan lepataken atur kula nuwun yen kober inggih badhe kula ewoahi, nanging sajatosipun kula taksih melang-melang dhateng kasagedan sampeyan bab tembung mangke gek jojog nyongklang kemawon kaliyan kula, sarta sampeyan adamel upami, tukang grabah amanceni garapaning skemasan saestu naming ing ngeseman kemawon punika leres raden awit saking tyang kundhi amesthi boten saged nyaraweni, dados tumraping kula kados boten aeng, kilap para priyantun ing witaradya bilih sami gumun panggalhipun e, meh kalalen jakalengkawa, kula nyuwun pitaken malih tebug sampun sarta manawi punika punapa sampun dhaup kaliyan tembug, kauningan sarta pangunguning galih, serat sampeyan ingkang dhumateng sudira warna wonten ingkang mungel mangkaten ananging manawi maring I katrangan ingkan ngantos-atos bilih kajeng kelok pangandika sampeyan piyambak ingkang sampun tumrap wonten ing bramartani ongka 1 kapengker punika.

Jaka Busuk sampun tamtu kemawon bilih sampeyan punika kodhenga dhateng lingganng tembung, tekak kaliyan teka, awit nama sampeyan kemawons ampun amratandhani dene anggen sampeyan damel sanepa tembung anu aku ngresaya ng kowe, tekakna si anu dina iki, sampeya pitakekaken panampining manahipun ingakng dipun resaya kados pundi, atur kula, rehning tembung wau, namanipun dereng tamtu, ddos kedah madosi bubukanipun tegesipun saupami paken kula wau kula saweg pinuuju kekerengan kaliyan D.A. mangkaten Jakabusuk aku ngresaya ing kowe, tekakna si D.A. saiki, sampeyan inggih ugi lajeng anekakaipun D.A. kula nuwun sawu wolungatus sangangdasa satunggal she sampun duka tiyang naming kula angge upami kemawon jaka busuk pitaken sampeyan bab tembung Dwipurwa punika ingakng bawalaknyana, bubukanig wanda ngajeng punapa kenging karaketan sandhangan swara, punapa boten punika kula dereng mudheng, tembung dwipurwa, ingkang mawi bawlaknyana, prayogi sampeyan lajeng sowana dhateng ing witaradya supados pitaken sampeyan wau kaudhengaken dhateng jaka sandhana ingkang bodho piyambak tumrapiing witaradya, nanging mesthi anggalepung, (Jakalengkawa) bilih naming tembung, dwipurwa, ingakgn raketan sandhangan swara kemawon kula inggih mangretos kadosta, yeyasa ingkang mungel kados mangkaten punika sadaya sami anama tembung dwipurwa, jaka busuk sampeyan punika busuk sayektos punapa namung busuki, bilih naming busuki sampeyan kula cobi ing pitaken kados pundi bedanipun tembung, papacak kalyan papacuh, sampy she, tumunten sampeyan terangaken.
Ing Bukit Selagana, kaping 26 Jumadilawal Ehe, ongka 1820.
Jaka Suyatna.
======\==========
O, O, kakang Supama utawi, Poncajanya sami katiwasan ing mangya kibaruk dene, Budyarja sobatipun tan ciyuksan uru panganggit almenak Yogyakarta, sang budyarja wau, mrinani dhumateng babah, pangarange datan suka den wastani, wuku mangsane lepat. Reh pathokanng panganggit mawi, almenak gudhermen tembug olan bilh mangkaten ing mangke, samawis ingkang kelntu, almenak ketekage sohi, etanging wuku mongsa, punapa redhaktur, 8ing Samarang tan kagungan almenak gupermen katembung walandi, punika andupara. Leresipun ngayogya samawis surakarta tuwin Surabaya, pangraos kula tansanes bab papathokan wau, mila atasipun pun pinging, tansaged mastanana, almenak kang luput tan kadi puthut Supama, kang again lajeng purun amastani, lepati reng almenak. Tandya dipun sangkal bolong dening, sang budyarja yen puthut supama, lan Poncajanya yaktine, lir stu kang dumunung, ing rimbagan cina kra sami, amurinani marang, sijining priyantun bawah ing ngayogya karta, kang misungsung kaanan ariyos ringgit gedhog lampahanira. Kuda narawongsa kalawarti, kang kapengker punika reh babah, ingakgn budyaja wateke, lumuh nampik janmasung, barnag perlu gya den tampeni, ananging ingngwahan tatembunganipun jalaran kang dhompo kathah, sarta kaurikuh sang jaru panganggit mah gak keneng almenak. Wusana ing ngewahan tumuli, dening babah nganten Tanciyuksan kinonang konang sakebon, saweneh kabaripun saking rencangipun abunging, bah nganten Tanciyuksan dhteng griyanipun raden ing Pakualaman tembungipun nedha tulung kinen nganggit ringgit gedhog lampahan. Kudanarawongsa, den sukani, babalunganing wau carita, kang sarta nyukani presen gangsal keton kohipun sasampuning pragad panganggit gya pinasrahken marnag, bah ngnten Tanciyuk kengkenanane ken anulya, den akoken mring sobat nanging tanapti, mangkaten dhawuhira. Layang mu iku gawanen bali, saiki aku moh awoeh tondha, uwis ping pira enggone, ngango kuwung jenengku, tur jangjine ora netepi, wekasan dutanig bah, matur terang terus dhateng bah nganten Ciyuksan yata watak wantuing janma utami, lumuh yen

kaungkulan.Isin kalah minter lan sasami, serat wau lajeng ing ngewohan ting clureg arojorajo, lebur rimbaging tembung, lan gandhengi basa bilahi, tan pajejer wasesa, lesan dya pituduh, ugi kang sampun pinucak ing almenak kala taun kang kawuri, mring yosipun kang gubah. Inggih mangkaten punapa nlisir, ampun gumujeng ta kang supama, ayah banjur lengoh-lengeh, rehning kawula punggung, dados dereng saged mastani, awon saening serat tatembunganipun boten langkung mung sumongga, para empu genipun sami anggalih, budyaja lan supama. Kawula mung badhe aningali, puputsanig para sarjana, utawi nara she ake, dhumateng kyai datuk dene wonten satunggal janmi, sobatipun mas babah, teka purun kintun taklim ing panjenengannya, tuwan juru ngarang kapiyagah sami, lan W.H. Manrangbaya. Saha kawula dahat metuti, karrsanipun tuwan jurungarng, prakawis namanig bale, kadipala puniku, balemrata lesresing nami, yen suyasa nrinamal, tebih sungsatipun lawan kanyahanira, reh nirmala kengingng winastannan suci, bilih marta, usada. Yen suyasa nirmala kang arti, omah resik wangsul balemarta, panggonan tomba tegese titi atur pukulun dalu malem anggara kaping, kalih dasa ing wulan januwari taun amba terus ngesti arja, pintoning almenak saking Sala ngriki, watoning titi mongsa. Dereng gadhah almenak ingkang tig babaran yojatuwin Samarang, malaran sang bunder gepeng, kineng ken ngundang buku, almenak mug tansah mangsulim lageye wed ngupakara, kyai ageng butuh, tan kadya kakang budyarja, e supama neh mung pados barng miring, katandhan pun Subagya.

Ongka 9 Setu Kliwon kaping 20 Jumadilakir Ehe 1820, utawi kaping 31 Januwari 1891

Surakarta

Moefakat
Resident Soerakarta
O.A. Burnaby Lautier

Manira kanjeng raden Adipati Sasradiningrat papatih dalem ing Surakarta, mupakat lan kanjeng tuwan residhen ing Surakarta, sarta terang kauningan saandhap ing sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan andhawuhaken prntan kaya ing ngisor iki.
Sarehne ana kan gwus kalakon bumi desa arep kapajegan ing tuwan tuwan rembuge lan kang duwe gagadhuhan wus kadadiyan wasana ora bisa kalakon jalaran bumi mau wus ana ing tebas gadhe sapapadhane, marmane saiki sarupane kang padha kapringan gagadhuhan kagungan dalem bumi dea, Manawa bumi gagadhuhane katembung dening tuwan tuwan bakal di pajegi, mongka sumedya dililakake, sadurunge mangsuli arang tuwan kang nembung, kang duwe gagadhuhan anglapurna dhisik marang nagara, mawa akaterangan bakal pajeg panyanggane tuwan lan pajege lawas Manawa mawa bekti uga kapratelakna kehe, sarta mawa angladekna babekeling bumi mau, sajronie telungpuluh dina sakalumadining palapuran sarta lumadining bekel marang nagara, nagara mesthi andhawuhake katrangan Manawa wus ana dhawuh ing nagara, iku kang duwe gagadhuhan lagi manira lilani mangsuli marang kang bakal majegi, wawaton dhawuh ing nagara mau, ewadene Manawa wus luwih sakatelungpuluh dina mau nagara during maringi dhawuh, mongka ora ana sababe kang prelu, iku kang duwe gadhuhan kena banjur amangsuli marang kang bakal majegi, wawton karepe dhewe.
Manawa ana kang ora ngstokake pranatan iki, bakal kasereg prakara nerak parentah yen ana prelu ne kaundur saka kalungguhane, dene rembuge lan kang bakal majegi ora manira gawe dadi, Manawa kang ora ngestokake mau putra Santana dalem kasumanggakake saandhap ing sampeya dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan.
Iku sarupane uwong padha sumurupa lan angestokna saprelune,
Dhawuh ing pranatan tanggal kaping 8 sasi Jumadilakir taun Ehe, ongka 1820
Utawa kaping 19 Januwari 1891
Kanjeng Raden Adipati Sasradiningrat.

Sampun salaminipun radinan pratigan ing puspawijayan kangge angiter turangga, ingkang bandhol dados saged kendhak ingkang angel dados saged gampil pangerehipun anangig boten kadosa punika kthahipun prayantun ingkang ngiteraken kapal wau, ngantos kerep sarengan enjing sonten boten ngamungaken dinten rebo setu.
Ingkang punika juru angandhongaken kareta prayogi tumut ngiteraken kapalipun supados boten kangelan pangerehing kapal.

Nalika malem Kemis kapengker punika ing kampung Pajinggan wonten tiyang damel bedhiyan wonten salebeting griya, sareng pukul sadasa dalu ingkang gadhah griya sampun tilem latu bedhiyan mraman dhateng gedheg lajeng muru ngnatos nyalad tutup keyong, rahajeng enggal kapitulungan ing kathah latu kapejahan meh kemawon dados karangabang.

Klaten
Sampun sawatawis wulan punika para sekar argulo bang ing kitha ngriki saha ingkang tuwuh ing dhusun dhusun sadaya saben ing dinten Senen wanci jam 7 enjing sami katamtokaken ngadhep panjenenganipun tuwan dhokter militer, gatos badhe kapriksa boten kapriksa wujudipun nanging kapriksa erinipun ingkang sampun lancip-lancip saha ingkang sampun mawa wisa, pundi ingkang erinipun sampun lanci lajeng dipun nikir, wisanipun dipun keroki, lah sapuika ing nriki sampu kelampahan kados tanah gupremenan badhe boten wonten godhang-gandhung raja singa……ngirung, ewadene sarehning tanah Surakarta derenate wonten lelampahan mangakten para sundel malem tansah angresula, mila samangke kathah ingkang nilar galangggang amocot anggenipun dados sekar sundel malem lajeng ucal tiyang jaler kaaken semah.
Nahenta para taruna ingkang saweg birai cundhuk sekar arglo sareng wonten prentah kenceng koreksi saweneh wonten ingkang bingah manahipun, sawenehipun malih wonten ingkang boten condong, wasana sami diyadiniya ah saiki aku ora sumelang sarta wus pracaya banget mesthi bakal ora kecak eri kemarung, eh begjane kyai ku ya she kancanipu mangsuli: eh dana kowe kuwi rak kliru she mungguh ing ngaku ora mengko no masa anaha kaya kembang argulo kang wus landhep erine, sarta mawa wisa mandi, wah kuwi nyamleng she, barang yen uwis di garap dening dhokter mungguh jamb banjur lodheg pire, dadi ora kepenak lakune.
Kala wulan dhesember 1890 tanggal kaping 15 Dumugi tanggal kaping 31 para tiyang ingakgn sami nedha satunggal punika sadaya amarwata suta, saha uyek anggenipun ngupados sambutan arta, sabab ing nepakan panyadenipun stunggal punika dipun mirahaken sanget tike ingkang regi 10 sen amung kasade kalih gobang, ingkang gangsal sen naming kasade sagobang, candu ingkang regi kawan welas rupiyah satunggal tail namung kasade ngenem rupiyah mila ing sdinten dinten tiyang tumbas andalidir tan pakendhat sareng tanggal kaping 27 panyadenipun stunggal punika dipun indhakaken malih, wah ngriku para tiyang ingkang tumbas kathah ingkang sami wangsul sarta garundelan turut margi, wonten ingkang ngresula ingkang sawetawis cekap amiduwu dene dereng ngantos tandho, sawenehipun tiyang wonten ingkang misuhi dhteng cina ingkang nyadeni, kacariyos sareng tangal kaping 29 dumugi 31 panyadenipun satunggal punika dipun mirahaken malih, ngantos naming dhawah saprapataning regiingkang sampun sampun wah punika untabipun para tiyang ingkang tumbas kumebul kadya susulung dalasan titiyang saha rare ingakgn pancen boten nadhah dhateng satunggal punika ugi kapiluyu tumbas awit kacaryan dene wonten tike namung regi sadhuwit saha nyagobang, lan malih arta tigang dhuwit sampun angsal candu stunggal wungkus manawi mangkaten pakter taun 1891 saiba anggenipun nandhang rugi.

Tuwan amtenar pulisiing Klathen tampi pilapuranipun para dollop bilih cina anama Si Suteyong ing Dlangu (Kartasura) asimpen apyun peteng langkung kathah, kalampahan kala ing ditnen setu kaping 10 Januwari punika griyanipun kagledhah pinanggih apyun mateng 4 belg wdhah lisah petraliyun menggah kathahing bobotipun woten kiwatengening 300 tail pangrimatipun kapendhem ing siti ngantos saawatawis lebetipun dumuung salebeting griya, nginggiling pendheman mawi katumpangan pantu pinten pinten gedheng, boten pisan pisan angatawisi, suprandosipun saged pinangih mandar lajeng mancegemek kemawon la punia manawi badhe uniga sidiking mripatipun sang prawira dollop wela manawi mangkaten lungsuran dollop binjin gsaged dados nujum akenthing-kenthing.

Tiyang nama S griya anunggil kakangipun raden M pradikn ing tembayat kesah boten kantenan para adherekipun ami anglari dhaten ging pundi-pundi boten amanggih lacak wasana sareng eled sadinten pun S pinanggih amakukung wontening guwa caket lepen ageng, ananging yitmanipun sampun musna, menggah ingkang ddos darunanipun den kaniaya ing tiyang utawi nganyut tuwuh, punika pulisi saweg jibeg angudi kawontenanipun.

Kala dinten Kemis Legi kapengker punika, wanci jam ½ 10 enjing kula badhe kesahan dhateng Dlanggu, anumpang kareta api ingkang saking Ngayogya, sareng lampah kula aing griya dumugi waradinan sacelaking kabupaten Kapapak lampahing pasakitan mawi kairingaken canggah, saha kajagi ing tiyang kathah sawingkinging pasakitan rembatan tana in glebet tandhu wonten tiyang ipun jaler stunggal ambethang, kula lajeng pitaken tiyang pangiring, e kang niku pasakitan prakara napa, wangsulanipun anumas pasakitan prakara rebatan pacangan pacangane pesakitan niki di sagluk kalih sing dipikul niki, sipasakitan panas atine, banjur nyidra, dadi ne nggih digotong niku.
Sarehnng kula celak kasesa manawi kepancal ing sepur dados boten saged dumugekaken pitaken malih ing tembe bilih kula sampun mantu sakng kesah mawon kula ngaturi kabar terangipun sadaya
Ki Jaka wuyung bale pitajuruwarti
======\==========
Sagluk punika tembung punapa
Jurugubah.

Pethikan
Kantor Paktorei ing Batawi sampun angintunaken kopi dhateng nagari Nederlan wedalipun taun 1889= 22558.38 dhacin sarta wedalipun taun 1890+ 47649,63 dhacin.

Salebetipun wulan Januwari punika, ing Batawi kathah kapala pejah jalaran nedha rumput ingakgn mawi wisa, rumput puika tuwuhipun kininten namung ing saben taun sapisan wonten ing Jombokan ananging titiyang dereng saged sumerep kados punapa warning rumput wisa punika, panuwunipun tiyang kathah mugi para pujongga ingkang alim dhateng ngelmi pamisah karsa amitulungi panitiking rumput wisa punika supados titiyang lajeng sami saged sumerep sarta lajeng saged anyingkiraken rumput babaya wau.

Wlandi bindheng anyadeni karcis komidhi, tumutnen wonten kaji bindheng tumbas karcis sarehning irungipun kaji boten wonten antawisipun piseg mongka wicanten bindhengan wlandi bindheng kalebeten tampi, kaji bindheng dipun tarka aniroakaken bindhengipun sarta lajeng nepsu mampul-mampul kaji bindhen gdipun candhak badhe dipun sothoni, nanging kaji bindheng enggal amratelakaken temening bindhengipun sanadyan dipun sothonana inakng kdos punapa, amesthi badhe boten ajrih bidnhengan amargi saking bidheng, sarta kadugi papriksanipun kalampahan irungipun rama kaji dipun dhengakaken kaincang-inceng dening wlandi bindeng, kados katawis suweking januripun dene wlandi bindheng lajeng ical kanepsonipun rahajeng rama kaji boten waing, saupami waing amesthi santun salagalintu prakawis waing punika ingkang nama irung nyilakani
Sampun gangsal welas taun laminipun ing kantor pos sarta setilgram ing Welteprédhis kapandungan arta ingkang sumimpen wonten ing pethi tosan kathahipun 13000 rupiyah, dumugi sapunika lestantun boten angsal lari, yatra boten kepanggih durjana boten kacepeng,

sapunika ing kantor pos kecalan arta malih kathahipun 82000 rupiyah, punika punapa inggih badhe tanpa lari malih.
==========\==========
Wangsulan katur dhumateng mas Budyarja
E, e, tobat tobat b oksampun lajeng cikowacikowa maringi duduka dhateng kula, gus sampeyan sarehaken rumiyin napas sampeyan supados boten ngawut gawar, teka-teka kok banjur gobras gabrus mangkono, ta, sampeyan mokalaken anggen kula emoh dhateng babaran almenak Yogyakarta, malah kula sampeya kinten tumbas wingking aliyas barang colongan ingkang pakantuk mirah la wong di enehana bae emoh kok ora dirasakake, sabab ipun mangkaten anggen kula boten ajeng wau, boten sande kula lajeng gadhah sakit engetan larak sangsara ta, atasipu kula yen ngantos gadhah almenak bubaran ing yogyakarta, jalaran pangarangipun saudara ijengandika panjenenganipun babah Tanciyuksan kathah ingkang geseh, kados ta asmaning para prayantun, panataning sastra, rimbaging tembung, urutin gpawukon utawi lampahing mongsa, rak mung dinten ageng Cina ingkang salesih, tumrapipun ing kula tanpa damel, tiyang gadhah almenak punika supados sageda beteh dhateng satunggal tunggaling para prayantun sasma saha dalemipun teka malah ribed sampun ingkang asmanipun prayantun moncapraja botena kosek namaning prayantun ingkang tunggil sanagari kemawon kathah ingkang dipun karangaken nama, arak katiwasan.
Dene anggen kula mangsuli dhateng kyai Sadongsa, estunipun almenak Yogyakarta ingkang lepat punika among kula pirit saking almenak ingkang sampun pejah, pundi wonten wuku gumbreg dumugi tolu lampahipun mangkaten gumbreg warigalit warigagung, kurantil, tolu, manawi kirang pitados kapriksa a ing kaca 1-16 utawi 20, punapa ingggih almenak gudhermen mangkaten lampahing wuku, rak satus ewu mokal, wondenten anggen kula sagelerangaken punika, kala dipun takeni dening pothet prang tandang rumiyin punika, kapeksa narethek pados sambutan, ora kaya snag budyarja kuwi leke pati patingiloni babah nganten, jengandikani kurak cobolo budyaja dhateng atasing kasusastran jawi.
Katandhan puthut Supama.
==========\==========

Katur dhumateng Budyarja
Budyarja, sampeyan punika sinten punapa bangsaning Narakarya punapa sing seh dene ujug-ujug kok lajeng marah-marah boten kantenan mangkaten, ampeyan tumarecep amastani bilih puthut supama kadya satu munggeng rimbagan lan poncajanya punika arak among sampeyan gasruh kemawon setun lan empu kridha sara wonten emperipun utawi samepyan kethekeran ngapados leres murinani pangaranganging almenak panjnnganipun babah Tanciyuksan ingkang sampun tatela ing kalepatanipun punika kula kok gumun awit menawi kula mired saking bregasing nama sampeyan budyarja pancenipun boten punapa wonten budi rahayu purun murinani pandamel ingkang lepat yen mangkaten langkung prayogi sampeyan ngalih anama budyangkara kemawon supados saged da cundhuk akaliyan kawontenanipun watak sampeyan.
E, Budyangkara, sampeyan punika kenging kula anggep satungggaling tiyang ingkang budheng, tanhanipun ketrupan jabung alus boten rumaos suwawi ta, karembaga ingkang panjang, kadosta, poncajanya tiyang amug pitaken dhupati sakaliwonipun panumping, manrangbaya teka mawi cariyos lepating mongsa, lepating pawukon utawi asmaning para priyantun la, pancen mata merem dadi melek we eluwes sakyaine manrangbaya kuwi neh
Kaping 9 6/20 Endhang bratajaya.

==========\==========

Urun Wudu

Serat almenak punika boten namung lampahing dinten sapanunggilanipun ingkang kedah dipun nut dening titiyang tanah Indiya Nederlan sanadyan nama sarta sasebutanipun para luhur, para ageng saha para priyantun inggih kedah dipun nut ugi, awit saking punika minongka coloking buwana ingkang amadhangi petenging manahipun tiyang ingkang dereng sumerep kang mongka sareng kula nyumerepi bramatani ongka 1 tuwin ongka 6 wonten panjurungipun poncajanya, ajar sudana, sami anyariyosaken lepatipun almenak ing Yogyakarta, punika bilih kapara yektos punapa badhe boten damel jinjani pun ingnag badhe tumbas.

E, Budyaarja, serat sampeyan ingkang kamot ing Bramartani ongka 5 wonten ingkang nyariyosaken mangkaten sumongga katimbanga para sarjana, sitnen tiyangipun ingkang dipun sukani satunggiling barang ingkang kaetang perlu, kadosta: almenak teka btoen purun tampi, bokmanawi puthut Supama boten saged angsal tumbas almenak Ngayogya, jalaran pendhak taun yen tumbas pados ingkang mirah, inggih punika almenak ingkang medal saking wingking, aliyas barang colongan awit reginipun satunggal buku naming, 30 sen punika bilih oten dora cariyosipun poncajanya, tuwin ajar sudana, kula ngleresaken puthut supama sampun ingkang 30 punika bilih boten dora cariyosipun poncajanya, tuwin ajar sudana, kula ngleresaken puthut supama sampun ingang kula yen ajeng ngabok inggih 10 sen bilih kula boten ajeng, kang awit lajeng kula angge punapa, punapa kula pensiyunaken kemawon (Ki Sadongsa) yen ta kula melika waosanipun saking cariyosipu prangtandang waosanipu awon ewadene sanadyan awona ajangjang pinuju sekar dhadnhang gendhis wonten ingka dhawah padalingsa boten talng tarung kla ingh ajeng, 40 sen ha, ra, dhe, wonten ola, sangsaya kula boten ajeng, 10 sen kulnun rugi.

Budyaarja, anggen sampeyan kintun taklim dhateng Manrangbaya, dipun bucal ing lepen emane mant kulunu tinimbang kerut boten wonten ingkang mendhet lapunika kula aturaken ing sampeyan sah, snah, kula sampun boten kanggenan taklim sacuwil cuwila, ah, sampun mas kula sampeyan lilani badhe sowan dhateng ing Pitaradya.

Jakalengkawa, kula nyuwun pitaken kaliyan sampeyan kados pundi bedanipun tembung, ne, kaliyan ning, kados ta upaminipun mangkaten si suta omahe sajroning nagara, sinaya omahe sajrone nagra, lo, punika raosing manah kula lajeng judheg kados pundi anggen kula badhe bedakaken ne, kaliya ning, amila boten langkung mugi panjenenganipun jakalengkawa lajeng amaringa katrangan ingkang tumunten e meh kalalen she adi pamiluta sampun pinten taun sampeyan boten leledha wonten ing Bramartani, bok inggih miyos I pitaken kula ingkang dhaeng jakalengkawa punika sampeyan kalihi.

12/6/20 Cekel Endralaya

==========\==========

Sambetipun bab pangremek tuwin lampahipun rah

Ajuripun tatedhanpunika sabab saking pirantos pangremekan, tatedhan lajeng saged asantun warni, ingkang saperangan dados rah, enggal amradin dhumateng saranduning badan, minongka lintunipun sing jasad ingkang ical, ngiras saged adamel resikipun badan, ingih punika ngalap jasad jasad ingkang sampu bote migunani dhumateng badan.

Tatedhan punika kamulanipun sarana dipun mamah wonten cangkem ing nriku tumunten kaworan idu ingkang medal saking kelanjer nem iji, ingkgn wonten salebeting cangkem dene panggeanipun kelanjer punika ingkang kalih wonten poking kalidhah, ingkang kalih wonten

sangandhaping lidhah, ingkang satunggil wonten ing pipitengen, satunggilipun wonten ing pipi kiwa, sami kaprenah sangandhaping talingan.
Awit saking tatedhan kaworan idu, dados enggal ajur sarta gampil pangeledipun, wah malih saged angindhakaken raos eca, milanipun yen tiyang pinuju pileg ingkang ngantos garing cangkemipun sakathahing tatedhan boten wonten ingkang miraos, kaliyan malih bilih tiyang anedha karikaten amurugaken kirang sakeca dhumateng badan amargi kriang kathah woworanipun idu ingkang sanget migunani,sanajan idu salainipun gesang boten nate telas nanging inggihkirang prayogi yen kerepa idu, awit maujud ingkang kathah pigunanipun punika prasasadipun bucalan padamel.
Pangeledipun tatedhan medal ing gurung wonten salebeting cangkem lajeng manggen wonten ing wadhuk, panggenanipun gurung wonten sawingkingipun bumbungan amrgi ambekan ingkang kenging dipun graying, terus kendhangan ingkang wonten sahantawising dhadha kaliya padharan ngantos dumugi wadhuk.
Wadhuk wonten lomponganipun kakalih, ingkang satunggil kaprenahing nginggil sumambet gurung, winastan tutuking wadhuk, satunggilipun kaprenah ing ngnadhap mawi kendhangan winastan kori wadhuk, inggih punik amargenipun tatedhan ingkang sampun lembat, slajengipun manjing salebeting usus, wondene lapising singget an wadhuk ing kanglebet punika wonten lanjeripun pinten-pinten ingkang angawontenaken toya kecut toya kecut punika lajeng amor tatedhan ingkang sampun wonten salebeting padharan, wonten ing ngriku tatedhan lajeng asantun warni klawu.
Wadhuk punika boten pegat amebah adamel lembatipun tatedhan saha angulet toya kecut ngantos wradin kaliyan tatedhan tandanging wadhuk anggenipun angremek tatedhan sampun kados lampahipun cacing pating panjelud nanging boten ewah saking panggenanipun, wondene tiyang kemlakaren punika jalaranipun wadhuk kebak isi tatedhan asring lajeng karaos sebah saha ambekan menggeh-menggeh, awit saking madhetipun dados wdhuk sampun boten saged ebah,s arta kendhangan sahantawising dhadha kaliyan padharan btoen saged medhun anglegakaken dhadha.
Taksih wonten sambetipun
Trunadongsa.

Ongka 10 Salasa Pon kaping 23 Jumadilakir Ehe, 1820, utawi kaping 3 Pebruwari 1891

Surakarta

Moefakat
Resident Soerakarta
O.A. Burnaby Lautier

Undhang-Undhang
Kanjeng Raden Adipati Sasradiningrat papatih dalem ing Surakarta, mupakat lan kanjeng tuwan Residhen ing Surakarta, sarta terang kauningan sahandhap ing sampeya dalem ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan Kagungan Karsa amuwuhi tata sasilahane paying kang prelu kudu di anggo dening panganten bocah tetak sarta mayit tumrap sarupaning wongkang during kalilan ngango paying, tata sasilahaning paying mau kaya kang katamtokake ing ngisor iki.

Bab 1
Anak utawa sadulure papatih dalem nalikane dadi panganten sajerone sapasar lan nalika salapan dina e yen nganggo pasamuwan apa dene bocah tetak nalika rise, mayit nalikane kaangkatake marang kubur, iku padha kalilan nganggo paying kang ing dhuwur cet kuning, ing ngisor cet ijo ambane kagawe padha, pungkasanig usuk nganggo parada ambane rong dim reinlan menur lan kembang warune di parada byur, ing jero sarta dhandhane cet ijo kena katulis lunglungan utawa kembangan.

Bab 2
Anak utawa sadulur sadulure abdi dalem bupati jaba jero alah anonanon sajeroning nagara, sapapadhane apa dene anak utawa sadulure abdi dalem mayor, kalilan nganggo paying cet ijo, seret parada ambane sadim pungkasane dhuwur nganggo talacap parada cacah lima turut usuk dawane anelung dim padha ukuran reinlan menur sarta kembange waru diparada.

Bab 3
Anak utawa sadulure abdi dalem kaliwon jaba jero bupati pulisi sajabaning nagara sarta pamajegan kaliwon anon-anon pulisi pamajegan sapapadhane sarta abdi dalem kaptin kalilan nganggo padyung cet ijo byur tanpa seret mungpung karsane ing dhuwur nganggo talacap parada cacah papat turut ucuk dawane anelung dim reilan menur lan kembang e waru diparada byur.

Bab 4
Anak utawa sadulure abdi dalem panewu mantri sapapadhane kabeh padha kalilan nganggo payung cet biru byur tanpa seret sarta tanpa talacap menur lan kembange waru kalilandiparada byur.

Bab 5
Abdi dalem lurah bekel jajar sapapadhane sarta anak utawa sadulure, padha kalilan nganggo paying ireng byur, tanpa seretan patalacap mung menure kna diparada byur, kembange warucet kuning byur.

Bab 6
Sarupane kawula dalem kang ora lumaku ing gawe, padha kalilan nganggo paying jambon byur, menur lan kembange waru cet kuning byur.

Bab 7
Sarupane paying kang kasebut bab siji tumeka nenem mau dhandhane padha ora kalilan nganggo karah utawa sopal sarta kang kasebut bb 2, tumeka nenem mau cet e ing jero dalah dhandhane kudu kapadha karo cete ing jaba, ora kalilan cet seje warna.

Bab 8
Ananing tata sasilahaning paying kang katamtokake ing dhuwur iki ora tumrap marang kang isih kalebu Santana dalem sanadyan anake abdi dalem Manawa ana turutane Santana dalem iku wus ana padatane dhewe.

Bab 9
Mungguh kalilane nganggo payug mau, yen panganten mung sajerone sapasar, sarta sanalikane salapane, Manawa mawa pasamuwan maneh, yen bocah tetak mung nalika rise, sanajan anangomah e dhewe utawa diparakake marng pangonane juru netaki iku padha bae, yen mayit wiwit angkatae saka panggonan pangruktine tumekaing kubur, sarta kena banjur dipanjer kaya adat liyane iku padha ora kena nganggo paying.

Bab 10
Sapa-sapa kang anerak papacake undhang-undhang iki, yen abdi dalem kang llumaku ing gawe kapatrapan dhendha srupiyah tutug limalas rupiyah, utawa kapatrapan res ana panggonan kaya dat rong dina tutug wolung dina, Manawa kawula dalem kang ora lumakuing gawe, kapatrapan dhendha srupiyah tutug sapuluh rupiyah utawa kapatrapake nyambut gawe ana yayasane nagara kaparingan panganten pabayaran lawase lima tutuke limalas dina.
Laying Undhang-Undhang iki kaparingake marang para panggedhe sarta para pulisi wajib anglumrahake marng wawengkone dhewe-dhewe, sarta katemplekake ana panggonan saprelune, supaya aja ana kang ngaku ora sumurup unine, lan sakabehe abdi dalem padha kawajibake arumeksa murih kalakone laying undhang-undhang iki.

Dhawuhing undhang-undhang tanggal kaping 12, sasi Jumadilakir taun Ehe, ongka 1820.

Utawa kaping 23 Januwari 1891
Kanjeng Raden Adipati Sasradiningrat

Wirakarsana ing kampung Ngadikusuman semahipun rencang lare, lare wau wiwit lair ngantos dumugi ngumur salapan dinten sakit mripatipun kados raceken ngantos boten saged melek dipun dhukunaken rambah-rambah inggih boten saras, pancen sasakit sampun medal jampi, kala Ngaad kapengker punika embahipun lare nama Bok Resapancen kaembanipun dara raden ajeng Nuriyah punika mantuk dherek saking langenarja, bekta angsal-angsal toya sumur bur saceret lajeng kadamel nyipati mripating lare ingkang raceken wau, wanci sonten

anggenipun nyipati,s areng enjing katingal saged melek sarta ing dalem tigang dinten sasakitipun racek sirna babar pisan.
Wonten lare ing Madegonda, bubulen sukunipun ngantos sabendha agengipun punika kekeceh wonten utuh-utuhaning toya sumur bur langenarja, sareng mantuk led sadalu lare wau kaget amargi bubulipun boten wonten jebul coplok dipun padosi gumlethek wonten jogan nanging boten purun ngange malih sampun narimah kecalan boten mawi nyuwun serat biwara dhateng polisi.
Sampun tatela bilh kagungan dalem sumur bur ing Langenarja, toya nipun kenging kadamel usda, ingkang cacap kadamel ngusadani saasakit kowek.
Ki Layukayapu

Cariyosipun mas Prantadanang ing kampung kapatiyan wonten tiyang apal dhaeng serat Ramadrindrigan apalipun wau dipun wacakaken ing tiyang sanes saking lanyahipun dalah wawalikanipun ing kekebetan saged aniteni, tiyang wau gendhungaken saged maca, sarta boten wonten tiyang ingkang maiben kajawi ingkang sumerep temenipun wonten priyantun amelehaken kabodhonanipun tiyang wau bilih temenipun boten saged maca, dipun ken maca serat menak drindrigan ingkang agengipun sami kaliyan serat rama, sarta dipun awadaken serat rama, inggih lajeng dipun waca ffredhek kemawon dalah pamaliking kekebetanipun boten wonten ingkang lepat amargi nalika punik amawi dipun semak prayantun ingkang melehaken punika kalebet saged angampet gujeng sarta boten purun amelehaken gemblungipun tiyang punika sareng sampu sawatawis dangu dipun ken mantuk mawi kaalembana saening mirenganipun sara teteh ing pamacanipun benjing malih badhe dipun undang wangsul dumugi sapunika tiyang wau taksih wilujeng sarta taksih baud maos serat rama.
Seliripun raden mas Panji Pr.H upsir Prawiratamtama, kala wulan anu:….pamit bendaranipun tuwi tiyang sepuhipun dhateng dhusun lamenipun sapeken wasana dipun sranton saken ngantos kalih dasa dinten boten mantuk raden mas panji lajeng utusan rencangipun anama pun : H, kapurih jujul pun :H ugi lajeng lumampah jujul wasana dumugining griyanipun embok rondha: inggih punika biyungipun embok selir: embok selir sepen boten wonten biyungipun lajeng dipun tangledi waleh manawi anakipun wau sampun imah-imah angsal mas demang sastraArja carik dhistrik ing Gesikan (Klathen) pun H sareng sampun angsal katrangan lajeng mantuk matur sasolahing dinuta ing bandara, raden mas Panji sareng mireng aturipun pun H. sakala andadosaken kabarananging panggalih, jajabang malatulatu angigit waja kumedut pardoning lathi, ananging dangu-dangu kapupus baya wustak diring ywang manon inggih lajeng lilih krodhanipun wasana pun H katutus kapangih dhateng demang ingakgn ngrabi wau, andhawuhna pangandikanipun manawi sariranipun sampun lila seliripun karabi saha badhe boten damel prakawis jangji mas demang kadugi mangsulaken arta panumbasipun dhateng bok selir ing ngajeng, kathahipun 30 rupiyah, sarta sengkang paparingipun ingakgn taksih dipun ange bokselir ugi kapundhut wangsul manawi btoen purun mangsulaken inggih anglintonana arta regining sengkang 10 rupiyah, inggaling cariyos pun H lajeng lumampah pinanggih kaliyan demang sastraarja saha lajeng rembagan kados dene dhawuhing bendaranipun mas demang ugi sanggem ananging boten saged netepi sapa mundhutipun raden mas panji, sarehning wontenipun arta naming 19 rupiyah, punapa ajeng nampeni, pun H inggih ajeng, arta lajeng katampekaken glindhing, sasampunipun anampeni arta lajeng pamitmantuk dumugining griya arta lajeng dipun aturaken daranipun raden mas Panji ugi karsa nampeni arta samanten wau.

Watawis eled saditnen kaliyan panampinipun arta, raden mas panji macak atur gigat ing parentah kabupaten kalathen nyebutaken boten narimah seliripun kala dinten anu wulan anu, kesah datan papamit wasana sareng dipu ucali pinamggih sam[pun imah imah kaliyan demang sastra arjacarik dhistrik ing Gesikan (Klathen) ewa samanten manawi mas demang kadugi mangsulaken arta panumbasipun dhateng bok selir ing ngajeng 30 rupiyah, utawi anglintoni arta regiing sengkang pawewehipun ingkang taksih dipun anggebok selir, 10 rupiyah, raden mas panji inggih sampun narimah, manawi mas demang boten sangem bok selir kajabel acanthi adil.

Ing parentah kabpten sasampunipun anupiksani serat atur gigatipun raden mas panji, inggal anarik demang sastra arja saha bok selir, sareng sampun lumados sadaya, mas demang kapriksa ing ngarsanipun ingkang bupati ngaken terus terang kados ingkang sampun kasebut gugatipun raden mas panji.

Ingkang bupati andhawuhaken adil sarehning sampun dados panarimahipunr aden mas panji mila pun demang kapaksa mujundaken arta dhateng raden mas panji 40 rupiyah, kalebet arta lalintu regi sengkang,

Mas demang mopo boten kadugi, awit ing ngajeng sampun rarukunan piyambak kaliyan raden mas Panji, saha sampu ambayaraken arta katampen kengkenanipun wasta pun H. Kathahipun 19 rupiyah, raden mas panji ugi sampun trimah.

Raden Mas Panji Kapriksa mukir dereng rumaos nameni arta saking mas demang.

H. Kapriksa ngakeni, sadaya atur pratelanipun mas dEamgn leres.

Ingkang bupati andhawuhaken malih mas demang kedah anetepi mangsulaken arta 40 rupiyah, klebet ing kang sampun katampekaken kanangng mas demang meksa mopo, aluwung mangsulna bokselir naming arta ingkang sampu katampi raen mas panji kasuwun wangsul..

Nahenta: bok selir sareng mireng aturipun mas demang dhapur badhe angling lakake awakipun rumaos kapungutan trisna mila dereng ngantya dhinawuhan sampun sumundhul atur: bilih piyambakipun sampun boten sotah angladosi dhteng raden mas panji, jalaran raden mas panji dereng nikah dhateng awakipun anggenipun ngladosi sampun 7 wulan kang mongka samangke sampun imah-imah sayektos anglempahi punapa adat cara caranipun agami rasul.

Pangadilan sareng mireng aturipun bok selir mak jegreg prakawis kaendhak rumiyin wasana lejng kasrah tatimbanganipu pangulu, kilap karampunganipun.

Katandhan Jurukabar Ki Jaka Wuyung ing Balepita.

======\===============

O, boten kadosa dene para apsari ing canthangan bibar katur badhe tinuup ing pulisi mongka naming badhe kaladosaken dhateng balemarta, manahipun teka bingung sami umpetan dhateng moncapraja, ngupados pangungsen malah wonten ingkang purun nekad atilar balegriya kasade sapajeng-pajengipun saweneh adadel gelar pados pangauban wurih katingala seleh ing drajadipun mantun dados agen campuh anyekapi kabetahanipun tiyang tedha ses sdinenipun dipu sanggi sandhangan jaskawt timang dipu sukani, o klentuniku bok adhi, sampeyan manah kang panjang rumiyin kula mrayogekaken saelinampahen kemawon sampeyan sampun mawi ajrih dipun..dipun …..rak boten punapa-punapa, kala ing ngayogya rumiyin rak inggi makaten ugi para setudhen gunggung tiyang kawandasa telas bibar asasaran amungn kantun kakalih ingkang panggah nirdeya nrangbaya, nunten sami anglampahi punapa dhawuhing prentah, enggaling cariyos sasmpunipun kataman ing ngusada nirmala, embok mase lajeng guprut criyos dhateng konca kancanipun ingkang sami dhelik o

dene nora ngapaha, mung arane bae dianu e toblas……..la, punika lajeng sami wangsul para basmaran daboen wonten ingakgn kesah malih, nunten pinaringan dhawuh kados kang sampun pinacak ing kabar ing Bramartani, engetkula kados ognka 10, yen boten supe wulan pebruwari warsa klang kapengker punika, mila ing mangke para wanudya prawira boten wonten ingkang sami nandhang sakit amargi saben pendhak dinten dipun noraksis …nipun bilih wonten ingakgn bibrah margi risaki grimbag rinimbas murih pakantuk giniyaraken ing kathah, dereng suka mantuk manawi dereng murut hyang kala, temahan para tiyang nem awis kang kenging bun upas amargi sampun dipun tawa wisa mandi tanpa daya atasing dhteng salira, ananging saya mranani wisanipun ngamah-amah dhateng pendhok supe, buser jlebrah dalah pajeg telas saksayahe narajang dereng purun purun empun yen dereng klakon lagyana, sampun kados uler kirik kang saweg mongsa rondhadhap punapa purun kesah yen den plinthisan kantun gagang tanpa godhong salembar. Maksih kathah pradosipun kang boten pisan rumongsa dipun dhahar nini kudhis sanadyan kulit boten babak nanging barang raja darbe pinarak dening bubuk bang lebur tanpa kukupan kraosipun bilih sampun nyekukruk bodholing elar, o nganti ngilang ngake uwit jejer wasesaning lesan sampun semanten kemawon wusana pamuhi kula dhateng para wanudya mugi kang manut miturut a punapa dhawuhing prentah.

Kaserat ing ditnen kemis Wage tanggal ping 4 madilakir taun Ehe, tan sikara ngesthi tunggal dhukuh Karangkbudan kang lami boten mancungul.

Kula pun Janggansubagya

==========\==========

Sambetipun cariyos bab pagremekan tuwin lampahipun rah.

Tatedhan punika wontenipun salebeting wadhuk ing alem kawan jam dangunipun sasampunipun mangkten nunten tumurun dhumateng usus panjang, ing ngriku sampun boten kenging pinastan tatedhan malih, amargi warnenipun sampun ewah sanget sapunika priyogi kawastan maujud kemawon, wondene usus tiyang ingang sampun akil balek ingkang limrah panjangipun kinten-kinten wolung meter, usu samanten panjangipun wau tata sae wonten salebeting padharan boten wonten salah satunggil ingkang wor suh utawi kalindhih dening sanes awit saupami boten mangkaten saged damel susah lampahipun tathedhan usus ingakgn wonten nginggil piyambak panjangipun kalih welas nyari, tumunten kasambetan usu nem lajeng usu sepuh, ngandha piyambak jabur, wondene prenah samebtan ing usus nem kaliyan usu sepuh puika wonten ususipun malih sawarni kanthong, winastan usus pejah.

Sasampunipun maujud punika medal saking adhuk lajeng malebet dhumateng usus kalihwelas nyari, wonten ing ngriku lajeng kaworan bangsning toya malih warni kalih, wasana maujud punika asantun corak kados peresan warninipun dene bangsaning toya wau ingkang satunggal kamulanipun medal saking kelanjer ingkang tumemplek wonten sawingkinging wadhuk winastan pangkreyas warninipun memper kados idu, satunggilipun winastan rempelu kamulanipun medal saking undhuk akangtumemplek ati, warninipun ijem raosipun kalangkung pait sanget saupami bumbungan toya remelu wau kapepetan boten saged angilekaken rempelu dhumateng usus kalih welas nyari ingkang dados camporanipun maujud saestu tiyang ambubucal rekaos sanget.

Sarehning ususpunika tansah melar eingkup gentos asambet sinambet boten wonten kendhtipun mila maujud ingkang wonten ngriku inggih boten pegat anglestantunaken lampahipun.

Wondene kulit usus ing kanglebet punika sadaya pancen kulit ariyari, langkung malih ing usus nem wonten ototipun kalangkung lembat pinten pinten saking lebatipun ngantos kenging

dipun upamekaken kados wuluning sangkelat utawi bludru, pigunanipun pirantos angisep jasad ingkang mikantuki dhumateng badan sarta maujud wau taksih tansah andumugekaken lampah laejgn anjog usus sepuh, nanging wontenipun ing ngriku kantun akemawon wekasan anjog ing jubur adamel sabab manungsa wawratan.
Taksih wonten sambetipun
Trunadongsa.

Ongka 11 Setu Paing kaping 27 Jumadilakir Ehe, 1820, utawi kaping 7 Pebruwari 1891

Surakarta
Ing dinten punika kaleres tingalan dalem jumenengan ananging sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan boten miyos amargi angot gerah sampeyan kanejgn tuwan residhen sarta para tuwan tuwan sampun sami ngalempak wonten ing dalem paresidhenan tumunten wonten utusan dalem prasaben bilih sampeyan dalem boten saetu miyos pramila lajeng bibaran kemawon.
Dhuh sang Binathara, pangauban saha pupundhenipun para tiyang isining bumi Surakarta, kawula dalem sadaya sami amumuji nalongsa ing pangeran ingkang maha agung, ingkang mugi gerah dalem tumuntena senggang saha kasugengan dalem lumastantuna ing salaminipun Amin.

Ing nalika ditnen Senen kaping 2 Pebruwari puika, wnci jam 8 injing, pun trunalesa na ing kampung Timuran kengkenan anakipun estri nami Kadiyem kinten ngumur 9 taun, kapurih nantukaken mori badhe kemben dht4n ggriyanipun tiyang nami bok marta, ing kampung Aryasebratan sareng lampahipun lare wau dumugi radinan ageng Peken Pon kocapa, sang kdhet setri ingkang tansah nyanyadhang paringipun sang ijajil waspada pandulunipun manawi wonten satunggiling lare ingkang dereng ngumur, lumampah tanpa rencang mawi bekta barng ingkang wonten aosipun, boten saronta lajeng tinututan dening sangkadhet setri, sarta mawi nandukaken ginemanuahara, dhuk pakone bok mukowekon melu aku dhisik morine kane dak gawakake, karo kowe diwehi dhuwit gilo sedhuwit anggonen jajan, wantuing lare dipun imingi mingi arta, mak grewel monten kaulungaken arta sedhuwiti nampen ing ngriku sareng kadhet setri sampun nampeni monten kalepat laejng anggilap lare katilar kantun anggana, lare lajeng wangsul matnuk cariyos dhateng bapakipun wiwitan dumuginig wekasan sanalika bapa biyungipun inggih lajeng anglacak lare kabegta kapurih dedahaken pundi tiyang ingkang nedha montenipun nanging lare tansah mingak-minguk tanpa angsal tilas, lo, ingkang makaten wau punapa boten kenging winastan tiyang kainan, sanadyan lare sampun nate kakengken begta barng rambah-rambah ingkang wonten aosipun inggih wilujeng, nanging rak inggih kasngetan ta, tiyang lare ingkang kakengken boten tebih sawek ngumur 8 utawi, 9 taun.
Bok niti, ingkang ugi karanden nganten P, padamelanipu medel griya ing kampung marta kusuman kaparak tengen dinen malem jumuwah kapaker punika, kinten wanci jam kalih griyanipun kalebetan durjana pandung, sarana ambabah sacelaking kotnen, raden nganten P wau dereng dangu anggenipun mapan tilem awit mentas nglembur jumput dados saweg alayap-layap mila durjana dereng gnantos dumugi kajengipun lajeng kaelokaken, Maling, maling, pandung lumajeng nginthar tanpa lari, tonga tapalih ingkang celak sami dhateng, nanging pandung sampun boten wonten menggah barang ingkang kabekta pandung naming udheng tuwin rasukanipun ingkang jaler
Kintunan.

Salebetipun wulan Januwari 1891 para tiyang ing kitha Klathen miwah titiyang ing dhusun sami geder anggenipun anukaraken arta pethak amargi mireng pawartos manawi arta keton rupiyah wukon saha talen badhe boten pajeng, jalaran kanjeng srimaharaja walandi sampun seda, arta salaka badhe kasantunan gambaripun kanjeng srimaharaja putrid, mila panukaripun arta anggris namung dipun ajengi, 27 wang, utawi naming 25 wang, rupiyah naming pajeng

10 wang, wukon pajeng 5 wang, talen pajeng tiga teng, ingkang nampeni panukaring arta pethak wau ingkang kathah bongsa cina.
Nahenta: boten sawatawis dinten kanjeng tuwan sisten risidhen mireng gendering titiyang kathah sami gugup anggenipun anukaraken artanipun pethak katukaraken arta pecah, mawi kasuda reginipun kanjen gtuwan asisten risidhen inggal paring wuninga ingkang bupati, supados ingkangt bupati tumuntena angundhangaken bab teteping reginipun arta salaka.
Panjenenganipun bupati sareng tampi dhawuhipun kanjeng tuwan asisten risidhen boten inggal angundhangaken ananging lajeng ngaturi prasaben ing kanjeng tuwan asiten menggah kawontenaning prakawis wau panjeennganipun badhe utusan anglolop dhateng juru tukar rumiyin manawi sampun tetela kanthi cihna punika kaundhangaken kanejng tuwan asisten ugi anyondhonti, kocapa ingkang bupati laejng amundhut tiyang pandhing kathahipun sanga, ingkang setri tiga, sasampunipun kaparingan sumerep gatosing lampah, lajeng kabekta nan arta satunggal tiyang saringgit lampahipun kaprenca tiga, ing saben saprenca mawi tindhih kajineman pulisi satunggal kelampahan namung tigang jam dangunipun para dollop sampun angsal katrangan kanthi cihna, wonten ingkang pajeng 29 wang, wonten ingkang 27 wng, saha wonten ingkang kapajeng 25 2ang, ingkang ngirup cina anama Babah Cunggi, 2 bahasing, 3 nyonyah Antik cina tiga punika sami took ageng.
Eledipun sadalu wanci jam 8 injing ingkang bupati utusan prayantun pulisi angundhangaken mubeng salebeting kitha, sarana tengara ungeleing bendhe mung mung mung, e e kabeh uwong padha sumurupa Manawa dhuwit salaka keton sapangisor, samengko isih tetep regane kaya lawas sapa sapa kang wani wani anyuda utawa ora amayokake dhuwit salaka iya sane kanjeng gupremen kajaba kang budheng utawa ana cirri-ciri liyane, iku bakal kapatrapan ukum abot dene ing peken peken dhusun undhangipun kajibahaken dhumateng pangagenging dhistrik ing bawah rehipun piyambak-piyambak wah sapinten ta gunging bingahipun para tiyang ingkang sakedhik engetanipun lan sapiten ta gelaning juru pangirup.
Nunggil sadinten wau cina saha nyonyah ingkang sampun katondha dados juru pangiruping arta salaka, kapriksa ing gnarsanipun ingkng bupati mukir, naming babah cunggi ingkang ngaken prakawis lajeng minggah pulisi rol wasana sami angsal patrapan ukum krakal tigang wulan satunggalipun cina.
Menggah wontenipun pawartos ingkang dados gederipun titiyang kathah wau, wiwinih, boten sanes saking bongsa cina, la punika gegedhohanipun si setan kucir, mila leres pangandikanipun swargi kanjeng raden adipati Sasradiningrat ingkang suare ing ngimagiri cina iku nunggal kreta yen disawang kaya thengulan nunggang jaran kaya keblak pantese nunggang tandhu gandhul lunga dagang marang samarang nyonyahe kari ana ngomah di sagluk nguwong.
Katandhan ki Jaka Wuyung ing Balepita.

Tuban
Kawisudhan tuwin ingser-ingseran
Ingkang awit wawaton serat kakancingan dalem kanjeng tuwan residhen rembang, sampun anamtokaken dhumateng mantri sambo dhistrik Kesdhan kaingser dados mantri gudhang sarem ing dhistrik pamotan salowongipun mantri Sambong ing dhistrik Sedhan kaparenging karsa dalem kanjeng tuwan Residhen ingkang kakarsakaken angetnosi, inggih punika carik ing dhistrik Kwaru, ingkang katetepaken dados carik ing dhistrik ngriku, pamagang ing kantor kabupaten Rembang, sarta sampun anamtokaken malih dhumateng raden Ngabei Prawiradiwinata, mantri Sambong dhistrik Rembes kaingser ddados mantri gudahgn sarem

ing dhistrik Rengel kabupaten Tuban menggah ingkang kakarsakaken anggentosi kalenggahanipun rahaden ngabei Prawiradiwinata wau, dereng wonten dados ing amngke taksih lowong.

Nembe punika wonten sawenehing rare jajaka wasta pun Takram rencangipun mantri ukur ing Bojanagara, anuju satunggiling dinten rare wau kakengken bandaranipun ngimbah gelaran wonten ing Benawi, wasana ngantos sadinten muput dereng wonten mantuk tansah dipun ajeng ajeng dening bendaranipun sareng sampun andugkap kalih dintenipun rare wau emksa dereng wonten mantuk ciptaning mas mantri ambok manawi rare umanggih bilahi pejah kalap mila mas mantri lajeng angatas dumateng pulisi, amratlakaken punapa kawontenanipun priyantun pulisi lajeng enggal tumandang garopyok ing benawi ngriku, dereng dangu rare wau saged pinanggih nanging sampun pejah, jisim kaentas sasampunipun kapriksa salesih, lajeng katampekaken dhumateng ahli warisipun terus kaupakara.

Pethikan

Tiyang ewah anama Sadi mangangge cara cina, saking pundi pikantukipun pangangge punika, tiyang boten sumerep pun Sadi dipun wicanteni ing tiyang makaten *Sadi kowe iku becik dadiya cina bae pisan awit panganggomu saiki wis cara cina*, wangsulanipun *ola suthik rak nak aku kok kon malih cina, cina yen lulungan kudu nganggo pas yen tanpa pas dicekel balik aku ora mengkono, lulungan menyang ngendi-endi ora ana sing ngarubiru dadi ing sakarepku* mulane aku isih dhemen dadi wong edan tinimbang…..

Cina klonthong nama Yotingsun nagih potangipun dhateng mas Atmawiraga ing kampung Suranagaran (Ngayogya) dumugi ing ngriku sakit kadadak mutah rah medal ing cangkem sarta ing ngirung, dipun upakara meksa boten saged ketututan wusana dados lan pejahipun mas Atmawiraga sampun saestu telas manahipun lajeng lapur dhateng pulisi boten dangu pulisi sarta wikmester cina tuwin ali warisipun sing kek wau sami dhiteng pikantuking papriksan pejahipun singkek boten saking pandameling tiyang ananging kumat sakitipun sarta ahli warisipun sami amratelakaken bilih tiyang sepuhipun cina punika gadhah sakit makten sampun asring asring kumat wonten griya inggih mawi nuntak rah, saweg punika asreping manahipun mas atmawiraga sirna tuwuh ing panginten awon.

Titiyang ing Karanganyar (Bagelen) punika sami karem godhong salam kangge woworan manawi olah-olah, sarta olah punapa kemawon kedah mawi dipun dekeki godhong salam ngantos sawatawis kathah, pamurihipun kadug gandaning sedhepipun, titiyang ing Surabaya boten makaten woworanipun bilih olah-olah jeram purut ugi ngantos sawatawis kathah, dene limrahipun ing kathah salam sarta jeram purut sami kanggenipun nanging pangemoripun namung kadamel mencir, kraosa sedhepipun sawatawis.

Rampunging pamainipun loterei yatra winastan wit Tekrebas kala kaping 1 Dhesember 1890.

Ingkang menang	rupiyah
Urutan 4042 ongka 12 angsal	f 100.000
Urutan 395 ongka 21 angsal	2.000,-
Urutan 958 ongka 44 angsal	2.000
Urutan 2007 ongka 8 angsal	500
Urutan 2608 ongka 48 angsal	500

Urutan 2007 ongka 11 angsal	50	
Urutan 4042 ongka 18 angsal	50	
Urutan 958 ongka 8 angsal		50
Urutan 395 ongka 13 angsal		50
Urutan 456 ongka 8 angsal		50
Urutan 958 ongka 26 angsal		25
Urutan 958 ongka 21angsal		25
Urutan 2007 ongka 21 angsal	25	
Urutan 456 ongka 38 angsal		25
Urutan 395 ongka 8 angsal		25
Urutan 958 ongka 13 angsal		25
Urutan 2608 ongka 36 angsal	25	
Urutan 958 ongka 2 angsal		25
Urutan 456 ongka 34 angsal		25
Urutan 456 ongka 39 angsal		25

Tampenipun yatra pamenang benjing kaping 31 Maret 1891.

Sampun limrah wateking durjana punika bote anggadhahi wells dhateng sasamining tumitah, wonten lare estri sawek ngumur 8 taun ider…nganan wonten panggenan ragi kiwa dipun tumbasi dening gentho, sampun saestu lare wau boten anglegewa, wusana pun gentho angrebat yatra papajenganipun panganan ingakn dipun kalempakaken wonten ing tampah, daya deye kathah anamung setangsul sarta lajeng angenjret lumajeng, lare punika nangis akikitrang turut margi, sumelang manawi dipun gebagi dening biyungipun rumaos cabaripu anggenipun pados tedha, wusana kapethuk cina amben darma, pitaken sababipun nangis turut margi, sareng sampun dipun sanjangi lajeng suka tatempah satengah rupiyah, sarta lare lajeng dipun ken mantuk menggah kasaenan makaten punika boten dupeh naming yatra tengah rupiyah, sayektosipun awis ingkang kanggenan.
Berah mikul daganganipun cina klonthong saben saben kathah ingkang predondi, pun cina ngajak lumampah rikat pun berah kedah rindhik bilih sampun wanci pun cina ngajak lajeng sakedhap engkas pun berah ngajak mantuk sareng sampun mantuk dados garejegan pun cina kedah motong embalan amargi talendhonipun ing damel pun berah kekah boten suka, ing mangke santun salaga, tiyang berah lampah presen kados caranipun panyadening barang took, etang 5 presen kalampahan kathah berah ingkang saged angsal berahan sarupiyah manawi nyandhung begja kathah papajenganpun nanging wonten berah sadinten naming angsal 7 ½ sen sarta sapunika kosok wangsul berah mlampah rikat cina gnantos kaponthal-ponthal berah ngajak lajeng cina badhe mantuks ampun tatela bilh lampahing kodrat nyakra manggilingan punapa aserik tinitah papa, amargi naming nyaur sambutan lan punapa angresula amanggih papa, ingkang dangunipun namung sasekon puapa manungsa saged angraosaken sangsara ingkang 20 taun kapengker, rak sampun tanpa tilas tuwin boten karaos raos kosokwanggsulipun tiyang wibawa punapa saged angraosaken nikmatipun langkung samenut mila ing ngatasipun manungsa namung wajib sukur dhteng pangeran ingkang maha agung, sarta angluhuraken asmanipuns adaya karsanipun mijil saking kawicaksanan namug murih rahayuning manungsa, awit saking punika, punapa damel dipun gadhah manah drengki, meren sarta panasten punapa tiyang wibawa boten kadhatengan sungkawa, mokal ta kadhahng langkung saking putekipun tiyang papa.

==========\==========

Sinten ingkang kula dherek

E ladalah kojur ane iki, salebetipun wulan dhesember 90 kula sampun dhateng took tumbas alenak damelan ing samarang kanggge taun 91 sawatawis dinten kula angsal kabar alenak damel ing Samarang, geseh kaliyan Alenak damelan ing Yogyakarta, kula lajeng dhateng took malih tumbas Alenak ing Yogyakarta, kula cocogaken inggih leres kados kabar wau, we la punika tigang pandurat kula datan angling, awit rewange mung kalih alemena kimawon ing dalem batos makaten la iki kepriye, golek padhang jebul oleh peteng, hem am tiwas kelangan dhuwit bae ane, uh, bekok kowe kang, iki apa geseh tenan apa saka during cetha pandeleng ku ta neh, kol ribet atiku, sareng kula maos bramartani ongka 1 ngemot panjurungipun poncajanya, almenak damelan ing Yogyakarta, kabupaten panumping bupati raden mas Arya Sasrakusuma, kaliwonipun raden mas ngabei sasrakusuma, sarehning nama sami, priyantun ing Surakarta wonten a ing kang suka katrangan dhateng poncajaya, supados angicalna songgarunggining manahipun kula lajeng ragi ngandel dhateng kabar lepatipun kang nganten wau , tansaya kula maos bramartani ongka 2 memot panjruungipun puthut supama, tansah kosekipun kang nganten punika, utawi katranganipun W.H. Manrangbaya, dhateng poncajanya, gesehipun namaning bupati panumping kaliyan kaliwonipun kula saya nganggeb dhateng lepatipun gus nganten wusana bramartani ongkan 8 ngemot panjruungipun subagya nglepasaken mas ngantene, awit pandamelipun ngangge waton almenak gupremen redhaktur samarang, Surabaya, surakarta, punapa boten gadhah waton makaten kok ragi mokal biilh sami boten gadhah, rak inggih ta she, wela bekaane, ngewuhake barnag dikukur,dianu-anu, ora dianuanoni, rewel bae anelokomotig sing tas di gemuk kuwi, e jabayaya tuku bae maneh ning almenai gaweyan ing Surakarta, dadi ganep 3 endi sing bener di anggo, damelan ing Surakarta kimawon kenging nga kaangge pathokan den e almenak damelan ing Samarang kaliyan Ngayogyakarta, kula suwunaken barkah katranganipun dhumateng 1 budyaja, 2 Poncajaya, 3 puthut supama, 4 W.H.Manrangbaya 5 Subagya, 6 Kilayu Kayapu, dados saget salah satunggalipun ingkang badhe kula pacak dados pradikan ing tramol ayuh sidasapa sing dak enut kiyi,

Purwasana ing Surakarta kaping 20, Jumadilakir Ehe, 1820

Ki Patratholo.

Wiranirbaya pantiik sampeyan dhateng kasagedanipun D.A. iran gkedhik liripun ing pundi wonten tiyang sampun sged teka taksih tataken sumawana bilih sampeyan mirit wangsulanipun jaka suyatna ingkang dhateng D.A. kados sampeyan lajeng boten parlu pitaken awit namtokaken bilih badhe boten kasembadan ing pataken sampeyan krana lajeng nyumerepi bilih D.A. kados sampeyan lajeng boten parlu pitaken awit namtokaken biih badhe boten kasembadan ing pataken sampeyan krana lajeng nymerepi bilih D.A. dereng gayuh dhateng pathokaning tembung. Trak inggih ta Jakalekawa sampun serik lo D.A. sampeyan kula pethek badhe boten jarwani.

Wiranirbaya mugi kawuingana D.A. tuwin kula punika tumraping prakawis rak namung sipil mila smapun taken punapa punapa, mugi takena ingkang sampun dedel panggayuhipun inggih punika priyantun ingang sami gadhah pathokaning tembung jawi, sampun andum wilujeng.

Titi ing jipang timur kaping 29 Januwari 1Mitraning jakalengkawa pu Sindhuliwawar.

=========\==========

Amudhoni Pataringan

Bilh saking pamanah kula boten wonten ingkang lepat tembung sasananirmala, punapa dene tembug balemeter, kangge mastani griya panggenaning pamulasara titiyang sakit kan gmawa tatu, awit dening katho tembung, ingkang ringkep kakalih tuwin tiga sakawan menggah ing ngredinipun,
Kadosta, martani, dipun tegesi 1 gesangi, 2 ngasrepi, 3 jampeni, 4 nyariyosi, 5 ulah tatanen. Wondene mamala: 1 rereged, 2 ssakit mawi tatu, 3, langkung won.
Makaten ingkang sampun pinanggih ing sasrepan kula, ewasmanten kula muhung amborongaken para anupiksa i.
Ping 206/2 20 jawi
Ki Jaka ramadi
Ing dhukuh katawengan.

Ongka 12, Salasa Kliwon kaping 1 Rejeb Ehe, 1820, utawi kaping 10 Pebruwari 1891.

Surakarta

Kala malem Akat kaping 8 Pebruwari punika wanci jam 11 gadhahanipun wit kalapa kimajagadhung, ing kampung nirbita kaprak kiwa, kapenek ing durjana pandung, saweg mendhet kalapa angsal satunggal kalpanipun dhawah, kimajagadhung lajeng medal mendhet kalapa katitik kalapa wau labetipun untir, tumunten pandung dipun purih mudhun bilih boten purun dipun ajrih-ajrihi badhe dipun pedhang, pandung miturut saprentah lajeng kacepeng dipu ladosaken ing pulisi.
Kala malem Senen kaping 9 ugi wulan punika, griyanipun Ngabei Suraprabawa mantri kaparak kiwa, ing kampug Nirbita, wanci jam 2 ½ griyanipun kalebetan durjana pandung, ambabah saler gedhongan ingkang kilen barnag ingakgn ical 1 gong suwukan lami regi 112 rupyah, anjawipunika barang suwek wonten pangaos 8 rupiyah, gungung regi 120 rupyah pulisi ingkang kawogan prayogi tindak rundha, sapunika mongsa jawah kathah buron saba dalu.
Kula pun Wigyapralebda.

Kapal rakitan pasewan gadhahanipun demang mangun Praseca ing kampung Brajanatan (Mangkunagaran) kacegur sumur wah sampun ta dede dede ramenipun titiyang ingkang sami dhateng kandheg btoen wonten ingakng saged tutulung, namung sami suka pratikel kemawon *mengkene mengkono*, nanging tanpa damel wusana kepanggih ing pamikir, kedah dipun jiret inggoni sarta kedah mawi pirantos dom keras inggih lajeng kalampahan sareng dumugi ing tengah dilalah kapala punika budi, la: kacemplung malih, punapa sababipun dipun inggahaken boten purun kados ajrih manawi dipun pakehi sarta lajeng dipun andhongaken tiyang kusiripun keras sanget dados nglalu aluwung pejah wonten salebeting sumur tinimbang kaliyan dipun sengkrak-sengkrak wusana lajeng kajiret malih saged mentas dumugi ing nginggil inggih ragi wurung kapal.
Tiyang pangindhung bawah Brajanatan (Mangkuangaran) karemanipun ngemut sekul dipun mamah saking sakedhik-sakedhik ngantos nyunyur kados bubur wonten salebeting cangkem sarta tansah dipu sesep toyanipun manawi sampu apuh lajeng dipun lepeh sarta laejgn ngemut malih, makaten ing salaejgnipun sanadya mapan tilem emut-emutanipun sekul inggih boten dipun lepeh, asnapun.

Tiyang ing dhusun Wongga (Kartasura) doyananipun sedhah lawaran sukur angsal sedhah cacingan ingkan graosipun pedhes punika ngemel sanget *sasat wedhus buleken* saben metnas nedha utawi nedha panganan boten mawi supe inggih lajeng angganya sedhah, asnapun kaping kalih.

Tiyang ing dhusun mangkan dhistrik Kalisoga (Klathen) manawi nginang boten nate idu, namung dipun uloni kemawon dalah sepahipun inggih dipun ulu, manawi sampun telas sepahipun susuripun tansah gina gigit wusana dipun ulu saking sakedhik sakedhik wusana bebas asnapun kaping tiga.

Mlayasari ing dhusu jet (Klathen) doyanipun ngina anggigirisi, dereng dipun lepeh, grayah-grayah sampun ngraciki inang malih, kendelipun nginang namung manawi nedha, tilem inggih ngemut kinang, asnapun kaping sakawan.

Gandar wong
Nitikrama bekel ing dhusun Benthangan bawah kathithang Kartasura,nalika malem akat grnintenaken kaping 8 wulan punika, gadhah damel mantu anak jaler pambajeng sawawratipun tiyang alit inggih sampu medalaken otot ada ini kinten wanci jam sadasa, tamu sampu pepak lajeng sinugata boja, bibaripun bojana pramugari badhe angedalaken taledhek sapirantosipun, cariyosing lare ningali tledhekipun nami kaget ing nglungge, ingkang sampun amajang sasiwi, wiwit sonten wusana pramugari wau kacelik mawi kalimputan amargi taledhekipu ical, sanalika punika para babau sami puyengan, ngupadosi tledhek nanging boten pinanggih dalah pitaken boten angsal saserepan punapa malih niyaganipun boten wonten sumerep icaling tledhek lokipun ingkang saminingali, kana empere yen di gondhol gandarwong katranganipun pramugari rumaos merang lajeng narutus urut margi ageng, kaleresan pun gandarwong pinuju ngatingal maujud tiyang, kalung pistul nyangkelit pedhang nyangking galih asem karangkep ting nanging tanpa dilah, asta keringan dhipawestri, inggih punika pun kaget ingkang narutus wau lajeng nglancangi sarta amethukaken pun gandarwa wong kadunungan pratamaning galih, tledhek lajeng katilar gepak, manawi lajeng ngayangan, pramugari btoen kasamaran, bilih sanesan dar wong sayektos kayanganipun ing wiwitan, boten patos ageng dumunung ing dhusun Karang Asem sakilen Tegalgonda, menggah tumandukipun pakareman makaten punikapunapa boten anyuda ing tata tentrem inggih manawi taksih kaengetan sekulipun wadhang, bilih pinuju kaliweng babektanipun gekdipun empakaken sedaya, dhul, gampleng, klewah.
Martadiwirya.

Tiyang andhap asor punika tuking kawicaksanan saben angaosi dhumateng tiyang sanes katemahanipu angaosi dhumateng awakipun piyambak kosokwansunglipun saben angremehaken dhumateng tiyangs anes inggih badhe dipun remehaken getnos dening tiyang ingkang dipun remehaken wau. Ewadene kathah-kathahing tiyag wonten patrap andhap asor boten kenging tiniru, ingih punika mas ngabei Suradinala, amargi saking matuhipun andhap asor, sanadyan dhateng anakipun piyambak ingkang sampun dados tiyang sepuh, nama Kudajayengpati, punika angangge tembung madya krama kadosta: *Panenengamu mau saka tindak ngendi*, sapiturutipun tembung madyakrama, wonten malih tiyang andhap asor ngantos anggumujengaken jenatipun paenwu Gedhon abdi dalem punakawan minuman remenanipun kasukan belit watekipun brangasan sampun limrah tiyang kasukan punika lajeng boten mawi subasita, ambucal tatakrami, linggihipun boten tata, manawi tiyang belit linggihipun kathah ingkang sami jegang, sekeca panguthutipun panewu gendhon nuju belit linggih ipun jegang, wusana sulaya kaliya mengsahipn arebat leres dangu-dangu sami abranang, pnika panewu gendhon lajeng sila mepes: tanganipun *aja mengkono kang mas ing ngatase priyayi yen ngandika sing sae, aku rak ora ajrih karo sariramu, apa ta bokan apa sudukan apa kene bae apa medl mrana,* sampun saestu ingkang dipun tantang boten umob lahipun amargi boten kataman ing tembung saru,

Tuban

Raden Ngabei: Natadiwirya, ingkang gigriya ing kampung Kametan Tuban kala dintn Akat kapengker punika, sampun saged anyepeng sawer sawa ingkang aengipun sapucang, panjangipun wonten tigang meter, ing mangke sawer wau karimat sae, kakeker wonten ing lebeting krangkeng, saha sampun katingal tutut snget saben ditnen ngantos atusan tiyang dhateng ing griyanipun raden ngabei Natadiwirya, sami amarlokaken ningali sawer wau.
Kala dinten salasa Paing, in gpadunungan kula wiwitipun wonten jawah neres terus dumugi sapriki boten wonten lerehipun sben dinten sama sabakda bedug inggih lajeng jawah, muput ngantos sadalu, para tiyang tani bingah sanget nanging par auru pamethak tuwin para juru pangareng ingkang susah sanget dene ingkang anjalari dados kabingahan tuwin pangresulanipun titiyang ingkang kajarwa ing nginggil wau, boten susah mawi kula pratelakaken wijang-wijangipun awit panjenenganipun para maos tamtu sampun anggalih piyambak.
Sampun netela sanget bilih kabegjan tuwin darajad punika boten kenging kabujeng sanget sanget makaten malih: mirit ujaring babasan begja tanpilih marga, mudhuk-mundhuk teka dhewe, punika pancen leres tandhanipun kados ta nembe punika, salowongipun upas ajung jaksa ing Tuban mongka boten kirang-kirang para magang tuwin para tiyang ingkang wonten kasagedanipun sami darbe panyuwu dhumateng kanjeng tuwan asisten residhen dalah jaksa ugi nyuwunaken magangipun ewadene bilih dereng wancinipun teka boten wonten ingkang pikantuk panyuwunipun titiyang wau sami katulak dening kanjeng tuwan asisten residhen ing wasana takdir rolah dumadak kengig ing sawenehing tiyang ingkang boten angepi-epi, tur tiyang wau bodhonipun sanget boten sumerep a: pincang, inggih punika juru tamanipun sang bupati, mandar nalika pangulawisudhanipun sarana kapeksa, dene para tiyang tuwin magangipun jaksa kajarwa ing nginggil wau, mila panyuwunipun sami katulak awit kangjeng tuwan asisten residhen anggalih, bilih tiyang ingkang wonten kasagedanipun kdadosaken ambok manawi ing tembe, badhe darbe tekad kados upas pun wira, ingkang ing mangke taksih kakeker wonten ing pakunjaran.
Ing nalika ditnen malem Salasa, wanci tabuh 3 dalu, bojonipun patinggi ing dhusun Waru, dhestrik Rembes sampun manggih bilahi kabacok tiyang dursila, I
Pun Kesed

Pethikan
Kanjeng Gupremen sampu amarengaken panuwunipun pangagenging nagari badhe ambendug lepen ing Cikandhi (Priyangan) sarta lepen Manggis (Kedhu) kangge angoncori pasabinan ingkang boten saged angsal toya lepen sarta sampun amaringi wradadipun pandameling bendungan sarta susukan kados teksiraning utusan kathahipun 312, 852, sarta 47,421 rupiyah.
Tuwan Pillen ajung Inspektur Panpinansi, nalika mriksani arta lelang ingkang sumimpen wonten ing kantor biliton kirnag 961, 57 pinanggih ing paprikan telas dipun angge dening juru seratipun nama tuwan trom sarta bukipun lajeng kaamel kisruh dening kapala lelang nama tuwan Piter, kados sumelang manawi katempah, mila dipun damel kisruh, wusana tuwan kakalih wau sami kaundur saking kalenggahanipun amargi angicalaken pitadosipun kanjeng gupremen.
==========\==========
Wangsulan dhumateng Kandheya.

Kan kula sampun maos serat sampeyan ingang kawrat bramartani ongka 7, ambatang pitaken kula ingkang dhateng pothet prang tandang, 1 aksara swara, 2 aksara nungsmara, 3 srengen, 4, tulen.
Dhe pambatang sapeya ing kang ongka 1 tuwin, 2 sarehning sampeyan tedhakaken saking buk kula inggih sampun condhong, sarta sanget tramakasih kula, ingkang ongka 3, kula inggih sampun cocog naming ingkang ongka 4, teksih kirang pratitisipun kados pundi dene tembung tulen sampeyan sami kaliyan srengen kok banjur digebyuk padha tembung kriya bae, punika sampeyan pendhetaken waton saking buk punapa, eh, sampeyan padosi malih ta rumiyin kula entosi, boten botenipun kula tilar malajeng.
Ya, kula gentos sampeyan purih batang tembung ing ngandhap punika.

1. Pangupajiwa, punika tembung punapa, teges tuwin muradipun kados pundi
2. Wiwitipun wonten sembah kuncubing nggasta kaarasaken ing grana, , punika sampun pinten taun ing ngandhap upnika sampeyan priksani pambatang kula.

1. Pangupajiwa, punika tembung kriya wacaka, kriya wantahipun angupajiwa, tegesipun ingkang ngupakating kathah ngupados tedha, gus sampeyan manawi ing tembung kawi wonten tegesipun sanes kadosta: u pa wonten tegespun piyambak jiwa, wonten tegesipun piyambak sabab kula kirnag mangretos dhaeng tembung kawi.
2. Wiwitipun wonten sembah, punika kula boten saged prayogi sampeyan sowan dhateng witaradya kemawon supados dipun jarwanana deing jakalengkawa, ing ngrika ingkang sugih serat pustakaraja, awit panginten kula pitaken sampeyan wau sampun kasebut wonten ing pustakaraja

Sinerat kaping 20 Jumadilakir Ehe 1820.
Den Cucuk
========\============================
Wiranirbaya, kula dereng wanu dhumaeng ing jengandika, kados pundi dene ingjengadika lajeng sumolonong angrembag prakawisipun tiyang sanes sanadyan mangretos inggih boten dhamang, mila panjenrit ijengandika kenging kula upamekaken kados swaraning kumandhngken tas dening dressing ahli wawar sumruwung angebeki jagad nglempara buyar tanpa tuju, enggen jengandika kedhung sangan momor dhateng para Mardi kawruh, pawitan jengandika naming gresek-gresek setun bondha kdugi,kula owel manawi selak pedhot napas jengandika, boten sande krungkep andhepani siti.
Kula gagas gagas kados wonten ingkang karaos manah kula, mirita tembungaken jengandika ingkang salewang salewang, bilih jengandika punika maliyanipun sudira wrna tuwin jaka suyatna, sarehnnig kula gadhah pamikir awawaton aniteni saking panggandhenging ukara, bilih jengandika pancen tunggil warga, mila sapunika ijengadika kula basani panjenengan sampeyan mantun ijengandika.
E wiranirbaya, panjenengan sampeyan kula serepaken bilih ujar yekti punika saged anyerikaken manah, upami sampeyan bodho kula wastani bodho, punika lajeng mabul-mabul tur namung satemenipun kemawon upami kula wastani pinter ingkang sayektosipun ngumpak punika sampeyan mongkok-mongkok nanging turas alingansa.
Prakawis punika dhasar kula jarag awit watek kula prasaja sarta berbudi, panjenenganipun jakalengkawa Jurungluhuraken sarira, boten pantes rebat kawruh utawi saraseyan rembag kaliyan satunggiling tiyang panrucah, kala nama sudira wrna sarta kala kula dereng sumerep

maliyanipun jaka suyatna, katitik saking sirnaning gananipun kusuma tanpa labet kasagedan mila sampun dados galih sampeyan sampeyan kula rucah rucahaken tiyang sampun kalajeng boten dados punapa, awit temenipun kula ketambetan dhateng sarira sampeyan sampeyan sumerep papan nitikin gukara, galibeding tembung, selehipun pasanging sastra, punika sampun celuk-celuk piyambak **Aku pinter, aku bodho**, wangsul serat sampeyan boten makaten asring mejao gek awon gek se, gek sedhengan gekseninjong, boten kados ukaranipun jakalengkawa, juru **anggunggung sarira,** mila kula ketambetan boten langkung kula nywyn pangapunten anggen kula kamipurun ambodhok-bodhokaken dhateng panjenengan sampeyan tur naming sayektosipun kemawo kasagedan sampeyan rak naming sapanjanging teken sampeya teka sampeyan obat-abitaken ingkang naming murih kuncara sarta kajen keringan sampeyan winastanana ing kathah nama tiyang saged wangsul wonten ingakng saged nitik taloncang taloncangning tembung sampeyan, la kados pundi punapa teken sampeyan boten makan tuwan sumelet angengingi gigir sampeyan piyambak smapun ta ampeyan ngulukaken balonan kemawon anmung samanten kasagedan sampeyan.

Dene anggen kula purun amastani awoning karanganipun sanes ingakng kados panjenengan sampeya kala kudhung lulang sudira warna, punika kula sembadani, bilih panjeenganipun Jakalengkawa **Juru angluhuraken sarira** widagda ing sasta, kenging dipun dadar saben denging kasageanipun wiranirbaya, punapa panjenengan sampeya boten kilak warta, sade amireng, bilih sarira kula, **jurumisudha awak** papethinganing siswanipun ki kramatika, tangeh kewrana dhateng wadining sastra.

Andangu sampeyan bab panganggening tembung krama ngoko, tuwin krama inggil pancen badhe kula remet ingkang ngantos anggalepung, nanging inggih kula anggep sampun anggalepung, amargi pandamelan kula ngerah nosoh kaliyan amng turida wonten among paren mengggah pitaken wau boten wajib tula jawab awit panjeenngan sampeyan dereng sanget maos saupami ula mituruti bekani rare, punika badhe kelu dhaeng panasaran sadaya, awit pitutur kula badhe kabur kados manawi sampeyan ngulukaken balonan makaten malih sampeyan damel punapa, kula ingkang sampeyan takeni kemawon isin panggalih sampeyan kados pundi, asta sampeyan mambet punapa, wasana kula boten badhe gempal dipun wastani bodho, amargi kula pinter, nanging panjeengan sampeyan gek kados pundi**, bodho suthik pinter gemang, sedhengan lagi dipikir**, janggelan: rane, sampun kulunun andum milujeng. **Lo iki jakasuyatna, tunggale wiranirbaya**, badhe pnapa sampeyan punika, ketepas-ketepus sampun kulunun andum wilujeng kaping kalih.

Lo kang mas among turida, digoleki nganti munyet jebul ketemu ana kene, sampeyan rak diwelingake nyi lurah, diken dugekake leno soh wingi, kantun sedasa dangan dikalihi mangkerak pedhot.

Lo ketebang-ketebang kaekaya mas Condrawilita, mentas saka nabuh apa, mantri lit kendel sakedhap //ontenapa//, sampeyan wau sakapundi, //saka sumabratan di timbal didarabei, //dhek lenengan gih,//enggih sewengi gobyog-gobyog boten jamak darabei lagi remen loro-loro, pijer muji raharjaning praja mawon.

Gentos gugujengan kullu nun damar mancang cinupetan sampun boten wonten damelipun kalajengaken sengaking pangandika sampeyan **suwawi sampeyan samantakaken dhateng priyantun ingakng sampeyan kanjeni**, bilih pun jakalengkawa kanyunyuk tembung ingkang mangkaten amesthi jingkat amargi empanig tembung nepak rainipun mongka boten rumaos kalepatan ananging sampeya sadherek kula tunggil guru awon tingalipun manawi sampeyan kula wujar sengak wasana kula amumuji lestantuning karsa sampeyan angungsed

wadinipun sastra cetha, boten gampil kang mas sarta boten rampung karembag wonten pasamuwan ngriki, kados panggalihipun ripik kuning….
Kaserat ng Witaradya kaping 19 Jumadilakir Ehe 1820.
Jakalengkawa, inggih Jakasadhana.
==========\==========

Mugi katur para sarjana
Nuwun sewu wiyosipun menawi kapareng ing karsanipun para sarjana kawula nuwun pitulung, kawula punika sayektosipun konca tiyang alit ttur bodho sanget asring tumut mohos seat bramartani, ananging boten saged mangertos sadaya awit saking kathahipun tembung kawi, dene menggah tembung kawi wau, kawula sampun nuwun pitulungan dhumaten gsrawungan kawula, ananging inggih ugi sami boten saged pramila sanget panyuwun kawula, manawi kapareng ing karsa tebung kawi wau sageda kajarwakna swatawis ing ngandhapipun ustaka bramartani, supados tiyang ingang taksih bodho kados kula sageda tumut maos saha mangertosi pun serat bramartani.
Aliya saking punika, mugi sampun ngnatos andadosaken duka dene kawula nyuwun reh piwulangipun para sarjana, menggah pangeratipun tembung Peniwen punapa leres makaten punapa paniwen saha asalipun tebung punika, punapa angking tiwi.
Makaten malih tembung Madiyun punika punapa sangking Diyu, bilih makaten kados pundi mangertosipu madiyun, naming makaten atur kawula sanget bingah ing manah kawula manawi para sarjana paring pitedah sakedhik dhumateng kawula.
Maniyun
12.1.91.
Jati Anom
==========\==========
Sambetipun cariyos bab pangremekan tuwin lampahipun rah
Manungsa punika boten marem anedha panganan remitkan kemawon inggi doyan anedha panganan teles-telesan ingkang mawi duduh, langkung malih mawi angunjuk wedang tuwin angujuk toya, punika anelakaken yen tatedhan ingakgn katdha tiyang saben ditnen langkung kathah toyanipun tinimbang saking ingkang awarni jasad garing, milanipun saupami badan manungsa pawawrat 77 kilogram, punika ingkang kawical jasad atos namung 19 kilogram ingakng 58 kilogram awarni wujud cuwer sadaya, dados jasad ingkang dipun isep dening otot lembat salebeting usus nem masthi kawoworan toya kalangkung kathah, nanging toya punika tundonipun kapisah denig ginjel saking jasad ingkang migunani dhumateng badan.
Otot otot juru angisep ingkang dumunug wonten warananing usus nem sangsaya panjang saya kempal sareng dumugi pucuk kempal dados satunggil dados otot ageng, otot punika anrajang ginjel.
Sakathahing jasad ingakng kaisep dening otot-otot juru angisep sadaya mili angambah ginjel toyanipun kathah ingkang kaisep dening ginjel, dene ingkang boten kaisep dening ginjel amradin dhumateng saranduning badan, tundonipun manjing salebeting epang otot nadi ingkang lembat lajeng tumurun salebeting jantung, sangking ngriku rahmili dhumateng paparu kiwa tengen.
Ginjel punika saged melar mingkup mila nalika ginjel kebak isi toya, lajeng amingkup toya ingkang wonten ngriku kapeksa meal dhumateng impes, saking ngriku medal malih, inggih punika wontenipun tiyang anguyuh, ugi mangkaten sababipu manawi tiyang kathah angenipun angnuk lajeng kerep toyan utawi pijer kringeten kemawon.

Jantung punika maujud daging kaken wangun sarta warnenipun kados tuntut nanging ing nglebet kothong, ingkang limrah agengipu jantung sagegem lompongan salebeting jantung wonten singgetanipun kakalih, kaprenah perangan kiwa tuwin perangan tengen, satungiling perangan wonten pernganipun malih kalihpanggenan, ingakgn satunggil perangan ing nginggil satunggilipun perangan ing ngandhap, wondene perangan kalih ing nginggil punika winastan paningrat, ingakgn kalih ing nandhap winastan sendhongan.
Perangan kiwa (paningrat saha senthongan kiwa) punika isi rah resik wrninipun jambon, perangan tengen) paningrat saha senthongan tengen) punika isi rah reged warninipu wungu, dene sababipun rah awarni abrit punika jalaran turut bumbungan isi maujud ingkang amurugaken warni abrit.
Taksih wonten sambetipun
Trunadongsa.

Ongka 13, Setu Wage kaping 5 Rejeb Ehe, 1820, utaw kaping 14 Pebruwari, 1891

Surakarta
Kulawisudhan

Awit saking atur unjukipun papatih dalem kaparenging karsa dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan abdi dalem rongasutapradata kori jaksa kabupaten ageng, kawisudha dados abdi dalem panewu jaksa ugi kabupten ageng, anggetnosi kalengggahaning bapa ingkang sampun ajal menggah nama sesebutan kapareng anunggaksemi mas Ngabei Surapradata.
2. Abdi dalem pun kadar pamagang kapatyan ugi anakipun nganbei Surapradata ingkang sampun ajal kawisudha dados abdi dalem Kori jaksa kabupaten ageng, kaganjar nama tuwin sesebutan Ronggasuta pradata.

Malem Setu kala wau dalu tanggal kaping 5 wulan Rejeb ing taun Ehe ongka 1820, wanci jam 12, kanejng pangeran Arya Pakuningrat seda, jalaran gerah sarira sadaya, karsa dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan layon badhe kasarekaken ing ngastana Imagiri, saha bidhalipun ing dinten Ngahad benjing-enjing.
Menggah rujitipun galih dalem sampeyan dalem ingakng sinuun kanjeng susuhunan punika kados saupaminipun tumingal rentah ing pradapanipun sekar soka gigal kadadak dening kamongsa in ngama, boten naming sampeyan dalem sha kadang warganipun kanjeng pangeran piyambak ingkang sami bela sungkawa, ananging isining praja surakarta ingih sami bela sungkawa ugi, amargi kanjeng pangeran arya Pakuningrat punika lembat budinipun geng par amartanipu alus pambeganipun saged mendhet manahipun titiyang alit sarta saged anglengahaken sariranipun lambaran budi andhap asor, punapa malih nengenaken dhateng kawruh, kongas gandanipun angebeki praja surakarta, dados pandomanipun para tiyang alit sumerepipun dhateng ing papdhang, owel sanget panjenenganipun kanjeng pangeran enggal murud dhateng ing tepet suci, boten langkung kawula dalem sami amumuji ingkang mugi panjenenganipun kajeng pangeran angsala rahmatingpangeran ingkang maha agung, saha sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan engala lejar galih dalem.

Ing nalika dinten Stuu Kliwon kaping 20 Madilakir punika, kula dolan anglipur manah dhateng ing dhusun-dhusun sareng kula dumugi ing peken Jatinom kapinujon wonten panganten 2 jodho numpak kareta kaubeng ubengaken ing peken wau, mawi karengga lelangen gongsa lumampah wonten sak ngajenging kareta, tuwin kajajaran kembar mayang 1 rakit, menthok 1 rakit, sami delancang saha tiyang 6 sisih sami ngliga salira, ambekta sabet barongsong slaka, kula lajeng pitaken dhateng suwijenipun tiyang sandhing kula linggih, pitaken kula mangkaten.
Ki sanak , sing gadhah temanten niku namine sinten wangsulanipun nami, D.G.R griya ing S.W. la perlune di ubeng-ubengaken onten pekeniku napa, wangsulanipun sangking cariyosipun tiyang sepuh, manawi ing dhusun jatinom wonten panganten ingkang mongka boten dipun ubeng-ubengaken ing peken niku ing tembe boten dados anggening jajodhowan.
Nahanta kocapa ingkang sami ngiringaken panganten wau wonten ingakng dharat tuwin kapalan punika sandhangan panganggejnipun ngebat-ebataken ingkang dipun emba

pangagemipun para gusti, wonten nem-neman 4 iji, lampahipun jajar-jajar wonten sakwingkinging gongsa, mawi ngangge cripu, tesmak rimong cal kalung pita, udut srutu.
Wonten malih 2 iji, lumampah wonten sak ngajengipun gongsa, ngangge rimong plangi, tesmak udut srutu, saknalika ngriku kula gragaban awit kula kinten bokmanawi gusti kula tedhak mariksani panganten wau, awit anggen kula ningali methangkrong wotnen nginggil, sareng kula waspadakaken pasemoning lejeming salira, nem-neman 6 wau katingal turuning pekathik.
Kula lajeng pitaken malih.
Kisanak niku sing sami ngangge, tesmak cripu, cal pangli, udut srutu, kalung pita, anak napa //niku rak anak kuli dhusun jatinom mawon mung kang siji niku anake mas Bei Mantri// toblas-toblas dadiniku mung padha anake nara kariya mawon ngoten kang, mung kang siji anake priyayi, dene penganggone boten kira-kira sineh kok boten noleh kawuke.
Eh mula sakniki niki kula mug gumun, wong ngenganggo janji bisa tuku, dupi boten dados awisanipun nagari, , e,e, kecer niku sing nunggang jaran ngange sundhuk kembang karang melok anak napa, niku anak kaji, I, I, dadi niku anak kaji ngoten kang mandar kula lajeng dipun cariyosi mangkaten.
O, La, dhek rumiyin sampeyan sumerepa, manawi onten panganten ngoteniku, mawi diiring tayungan panganggenipun bebet gunng guntur tanpa rasukan awak dipun borehi jene, udheng-udhenganipun jebehan, nyangking sabet brongsong kalung rante, karset belor kathok panjen panjen, mawi sondher dipun payungi lampahipun onten ngarep gamelan jajar-jajar, nanging lajeng diipambengi kalih prayantun ingkang kawogan jagi rumeksa ngriki, cuthel.

Leres ingkang sampun kasebut ing Bramartani, bilih ing mangke kalebet kathah mangalanipun tiyang ingkang julig anyeler, kala senen kapengker punika kula langkung ing wradinan geladhag mangilen wanci siyang sarta boten seksekan teka jam kula kandhutan ical ingkang guunaken anggen kula boten karaos dipu celaki tiyang, kajawi kalampah kula wonten sangajenging lumen sekoltenan punika dipun tumbuk tiyang angosod pn dhak kula ingkang tengenpunapa pnika tiyang nyeler, dene namung sakedheping netra, teka saged grayangi barang ingkang wonten ing kandhutan mongka jam kula alit sarta boten mawi karset jawi namung tangsuling sorok tamparan benang los cemeng, wondene jam wau dhebelkas ing jawi kasipun pethakan ing nglebed jene mawi aksara walandi **GHRONOMETRE**. Ciriblatipun sekondhepecah mara tiga, kajawi punika kathah cirri ingkang warni aksara walandi utawi ongka namung kula kirang enget makaten malih rencang kula ingkang sadangunipun lumampah boten pisah wonten wingking kula, teka ingih katambuhan boten sumerep dhteng rekanipun pun Pamanyeler, boten langkung lelampahan kula wau namung amewahana pangatos-atosipun para priyantun ingakng sami abhe ningali tontonan ing pacinan utawi sobat kula ki andon ingakng ing ngajeng sampun katitik kerepipun amracondhang para druhaka, mugi inggala amedali ing Asmaradilaga.
Kintunan.

Monggata, kados pundi: wangkalipun bongsa kula tiyang jawi alit sapunika sareng kanjeng parentah, amranata songsongipun para kawula dale ing kang sami dereng kalilan mawi songsong, manawi dados panganten utawi rare tetak sarta tiyang dados layon boten kalilan mawi songsong lintangipun songsong ingkang sampun katamtokaken wonten ing pranatan wau, ing mangke modhelipun sanadyan panganten mawi kaarak rare tetak ingakng kapurugaken dhateng pangenanipun juru netaki, sami dipun palaur boten mawi songsong,

manawi karsanipun kanjeng parentah leres supados sampun wor suh, jalaran kala dereng dipun pranata, kathah ingkang boten saget angyektosai, ingkang dados panganten ingakng dados layon punika pangkat punapa, nagging tiyang jawi alit sampun kalebet wateg nikmat sarta pirenanipun bilih anglempahi pandamel ing kang snes leresipun
Kintunan.

Bramartani ingkang medal kapngker punika anyariyosaken Setijabipun kagungan dalem sumur bur ing langen arja, bilh dipun angge ngusadani tiyang sakit kowek tuwin maripat ingkang puika kula lajeng gegancangan lumampah dhumateng ing langenarja ngupados toya ing sumur bur saklenthing lajeng kula bekta mantuk sadumugining griya lajeng kula turuhaken dhumateng anak kula ingkang ginanjar sakit gudhigen ingsa Allah namung sadinten sadalu gudhigipun anak kula lajeng gegrek.
Panyuwun kula dhumateng gusti ingkang murbeng jagad mugi mugi kabulipun kagungand alem sumur bur ing langen arja sageda lestantun ing salaminipun supados sadaya kawula dalem ing Surakarta sampun ngantos kenging sasakit gudhig pathek sasaminipun amin amin yarabilngalamin.
Ki Tuhuweca.

Pethikan
Kabar kawat anyariyosaken ing mongsa asrep punika tanah Eropah dhawah ing salju (Toya kenthel) sakalangkung santer, ngantos angandhegaken lampahipun kareta asep ingkang wira-wiri saking tunggiling panggenan dhateng panggenan sanesipun amargi rilipun sami katutup ing salju wau, menggah sagedipun lumampah kedah mawi ambucal salju sarana pirantos sarta kanthi rekaos.

Ing nagari Enggris limrah para pulisi sami angingah pulisi sgawon makaten cariyosipun.
Wonten tiyang minggat saking pangengeran ambekta barng ing lurahipun lurah punika lajeng lapur dhteng pulisi bab anggenipun kainggat inggatanpulisi lajeng dhteng papriksa kanthi sagawonipun dumuginipun ing ngriku pitaken punapa wonten barangipun tiyang ingkang minggat wau ingkang kantun lurah lajeng madosi, saged amanggih kacu kaliyan sabukan amoh, inggih lajeng dipn aturaken barang punika lajeng dipun tedahaken dhteng sagawon sarta mawi dipun wicanteni kados micanteni dhteng tiyang,s gawon pulisi sged anampeni punapa sawicantening bandaranipun sarta mawi suka sasmita akopat-kapit buntutipun barang lajeng dipun ulungaken dhateng sagawon inggih lajeng dipun cakot sarta lajeng dipun uyuhi, tumunten kalunging sgawon ingkang sampun mawi pirantos kanthongan kuncen dipun dekeki seat biwara, sarta ing pundi kacepengipun tiyang ingkang dipun padosi dening sagawon pulisi amitulungana, kunciing kalung sagawon dipun kanthilaken wonten ing gulu, sareng sampun lajeng dipun wicanteni malih, sagawon inggih saged tampi lajeng mamprung anurut lacaking tiyang ingkang minggat sarta samargi-margi tansah nguyuh, sanadyan gandanipun pethot keletan bilih angambah lepen sgawon pulisi inggih meksa sged nglajengaken panglariipun wusana kplantrang ngantos sapeken saweg kendel judhegipun ing gonad wotnen satunggaling losmen ageng mawi lotengan tundha sakawan sagawon boten saged anglajengaken lapahipun minggah ing loteng, namung tansah juguk anganter saking ngandhap ing ngriku kathah tiyang ingkang sami sumerep pratingkah ing sgawon ringas boten kenging cinelakan sarta angajrih-ajrihi awit saking ageng inggilipun kuwawi

nyembadani karosaning tiyang, boten dangu wotnen priyantun ateng ingkang sumerep bilih sgawon punika, sgawon pulisi, sarta dipun wicanteni tembung walandi punapa badhe madosi bubujenganipun sagawon pulisi laejgn sareh nepsunipun mantun juguk sarta akopat-kapit buntutipun pratondha anginggihi ing pitaken wau, prayatun wau dhawah kinen anyukani sekul dhateng sagawon puika, sarta lajeng amendhet seratipun biwara ingakng wonten ing kanthonganing kalung gulu, sagawaon pulisi inggih kendel kemawon sareng sampun terang pamariksanipun sagawon lajeng dipun dhawahi nyepeng dhateng durjana bubujenganipun minggah ing loteng tundha sakawan ing ngriku pinten atus tiyang ingkang sami ekndel wotnen ing losmen ananging sagawon boten pangling dhateng gandaning tiyang ingkang gadhah kacu sart asabukan amoh sareng kapanggih lajeng dipun tubruk gulunipun durjana dhawah kelumah dipun kakahi dening sagawon manawi durjana anggronjal badhe budi panyakotiing gulunipun dipun serokaken manawi kendl inggih diun kendhokaken wusana lajeng dipun tulungi ing kathah durjana kacepeng sarta taksi kanggenan cihna kados ingkang mungel ing serat biwara.

Antawis sampun wonten gangsal utawi nem wulan laminipun ngabei Jagadipraba patih ipun kang pangeran ing Surakarta, dipun dakwa mandung dhendhang dening tiyang nami wirasukarta, mawi cihna yatra besel 25 rupiyah saking gnabei Jagadipraya katampekaken dhteng pulisi mas Ronggayudapanata, supados katampekaken dhateng adhinipun Wirasuakrta ingkang nyepeng Ngabei Jagadipraya nalika nglampahi kadurjanan pulisi inggih mawi angsal besel piyambak, 5 rupiyah, gugatipun wirasukarta konjuk kanjeng tuwan residhen kanthi yatra cihna, parkawis punika sampun kapriksa ing pulisi rol kaleres minggah ing pangadilan dalem pradat ageng, inggih sampun kalampahan ananging lajeng kendel kemawon dumugi sapriki, beda sanget kaliyan pamikir tiyangkathah ingkag sami mireng prakawis punika, ngabei jagadipraya amesthi nampeni paukuma apesipun bela pulisi sami kapocot jebul boten wotnenn banenipun malah dipun priksa kemawon boten bokmanawi ingkang gadhah prakawis boten nate notol kagalih dening ingkang garap prakawis sampun supe, wo.
========\==========

Kala ing dinten Kems ingkang kapengker punika, kla punuju wotnening kitha Bayalali, nyadhong prakawis dhumaeng kabupaten Pulisi, undur kula saing kabupaten anyarengi bibaranipun para rare ingkang sami sekolah, kula mirengaken grenenganipun para rare wau makaten *bocah kang padha sekolah sakutha bayalali ing kikiranen ana pira,* kancanipun mangsuli,*luwih asathithik kuranga sathithik layake ana bocah rongatus mara gunggungen bocah rongatus kuwi bayare ing dalem sesasi ana priang rupiyah, iya wis dak gawe rampak bae bocah siji setali dadi gunggung skeet rupiyah sesasi, dene bocah kang bayar luwih saka setali iya ana, nanging bocah kang miskin kang ora dipundhuti bayaran iya akeh, mulane dak gitik rampak bocah rongatus mau skeet rupiyah sesasi wus sedhengan wah, yen mangkono kanjeng gupremen iku akeh tambahe, mongka ing kene mantri guru blanjane ing dalem sesasi luwih satus rupiyah, kalerehane perlu blanjane ana iang rong puluh ana kang limalas nganggo diparingi cadhong kretas utaw sapirantining nulis kari-kari ing Bayalali iki kalebu akeh ocah kang sekolah, gek kutha liya-liyane sepira bae karugiyan kanjeng gupremen dadi upama wong dagang layar pancen akeh tunane, nanging kapriye kok isih dilampahi bae,* wangsulaning kancanipun, *iya embuh aku kok ewuh pamiirku* sarehning rare wau anggening reraosan wonten sangajengipun anggen kula lumampah, sarta ginemanipun

sigeg boten woten ingang nanggapi, dados kula sauloni makaten: *thole, kowe wus padha duwe panemu yen kanjen gupremen iku tetela ing kamurahane, sarta kamurahan mahu ora mung menyan gkawulane bongsa jawa bae, sanadyan menyang sadhengah ing bongsa kang ana sajeroning wewengkone padha binudi bisa kaserenan kapinteran marga wong pinter iku sing akeh adoh menyang panggawe silip nanging wo bodho kang anglindhungana ingkarusakan labet kulina ing goroh, mulane thole, kowe sing padeha tumemen gonmu sekolah, kalawan tresna setya tuhu ngestokna saparentahe kanjeng gupremen jalaran iku thukule kan gpinuji puji wong ngatuwa-tuwamu.*

Kintunan

==========\==========

Jakalengkawa, sampeya cariyos biih dereng wanuh kaliyan kula punika leres awit inggih pancen dereng nate sarawungan sarta pancen boten kula niyati kula wanuh kaliyan sampeyan sikuminter jakalengkawa.

Pepenget kula sampeyan anggep swarning kumandhang ingkang kentas dening aliwawar punika kula boten serik sakedhik-kedhika, awit wicanten sampeyan ingkang samanten wau namung kula anggep ocehing beyo, lan malih sampeyan sanget kuwatos bok bilih napas kula pedhot boten wande kula dhawah andhepai siti, punika kul aboten purun punapa damelipun kula karungkep ing siti arak tiwas reged kemawon ewadene krugkep iggih krungkep jangji andhepani jaja sampeyan dados ingkang galuprut endhut dade kula ananging sampeyan piyambak lo mancereng sikuminter *sampeyan amastani kasagedan kula namung sapanjanging teken kul apiyambak atur kula nuwun lo wung tinimbang sampeyan namung sapanjanging kilan kemawon meksa kethekeran bapang wotnen pasamuwanipun para saged punika sampeyan punapa boten kuwatos bilih dipun sampluk ing jidharan labet anggen sampeyan suraweyan adamel ribetipu para ingakng sami budi kawruh,* La la kena ngapa mas beyo, kathik bekita-bekitu.*punapa sakit dariji sampeyan iyah,* mongsa lara adadi wong pitner kuwi di thuthuk ing jidharan bae lara, la bedane karo sing bodho apane,*Sampeyan mastani bilih kula namung ngupados kuncara sarta kajen keringan supados kula dipun wastanana tiyang saged punika lepat ing panarka sampeyan gus awitkula punika pancen bodho ananging remen ambudi indhaking kawruh tetaken dhaeng para aged mesthinipun inggih boten kados sampeyan namung cekap cruwat-cruwet kados beyo kemawon sampeyan ngaken widagda ing sastra, sabab punapa sampeyan boten jawab pitaken kula ingkang kamot ing bramartani ongka 8, paben sampeyan isin jawab pitakenipun tiyang rucah, punika sampeyan punapa boten kuwatos bilih dipun gugujeng dening empu kridhaara, bilih saged sampeyan wau namung saged sagedan* waton gupruk idune pating slemprot kaya cina nagih.

E, beyo jalak penyu Jakalengkawa, *sampeyan ngaken muritipun ki Kramatika punika kula kok gumun sanget awit cariyosipun manrangbaya sadaya muritipun ki Kramatika boten wotnen iing kang ngrangkel kados sampeyan mangkaten watekipun bares kawon inggih kawon menang inggih menang, kang mongka sampeyan puika boten watek sampeyan kados wateking kidang, bilih badhe kaseser ing paben ljeng malumpat ngupados saged dalui ing piranti, ananging punika leres awit sampun kalebet watekipun tiyang* kuminter *sadaya mangkaten sagedipun namung ngikal paben masng drigama*

E jalak Uren Jakalengkawa, *sampeyan aken dadar ing pitaken inggih cobi cobi kula dadar ananging sampu genjrat nedha tulung dhateng guru sampeya kados pundi leresipun ing panyerating tebung, snya, punapa, sunya, punapa, sunya, punapa, sunya, tuwin punapa, suja, sarta kados pundi bedanipun tiyang rucah kaliyan ingkang enggel kados sampeyan punika, sampeyan dhahar kula inggih nedha, sampeyan turas kula inggih nguyuh, sampeyan sare,*

kula inggih tilem eno kthik beca becu, *punap asampeyan boten isin dipun kepung dening par awidayaka ingkang sami anekseni anggen kula bebantahan kaliyan sampeyan pudi ingkang kawon pundi ingkang menang,* ayo, ayo, ladalah, iki empu sidyasidana, puthut supama, *sumongga ingkang sami celak ngriki kemawon mangke bilih kula kawon lajeng kula aturi nyankingaken ngantos mawurahan.*
Selagana tanggal kaping 3 Rejeb taun Ehe ongka 1820
Kula pun Dhagelan Wiranirbaya
Inggh Jakasuyatna.

Ongka 14, Salasa Paing kaping 8 Rejeb Ehe, 1820, utawi kaping 17 Pebruwari 1891

Surakarta
Kala dinten melem Setu angrintenakan tanggal kaping 27, wulan Jumadilakir ingkang saweg kapengker, griyanipun tiyang cina anama Limbangki ing kampugn Jayengan sisih wetan kalebetan durjan apandung, mendhet barang dagangan warni sata cacah 4 kranjang, regi 90 rupiyah, sarta pethen isi arta, 35 rupiyah ingkang kasandhing tilem dening pun cina, , menggah lebetipun pun dursila medal sangandhaping balabag tutup kalen jarambah ing griya, wedalipun boten mangsuli margi lami ananging medal ing kori, wiwit lumebetipun pun duratmaka ngantos wedalipu amendheti barang wau pun cina btoen pisan sumerep bokmanawi kaecanen anggenipun tilem amargi kala smanten asrepipun anggigirisi, mila saalu boten ngalisik sumerep sumerep manawi kapandungan sareng sampun enjing wanci srengenge rantak-rantak tangi tilem kaget korinipun sampun menga, pethen ingkang kasandhing tilem boten wotnen anuweni simpenanipun sata sepen dhuh ing ngriku pun cina jajabang mawi ngawinga, enggal sanjang dhateng tongga tepalihipun akaliyan begita-begitu, kawekasanipun lajeng lapur dhateng pulisi, o tujunipun limbang ki kala siyang metnas kemawon bayaran arta dhateng juragan ingkang dipun kula ki sata kathahipun 200 rupiyah, lah anuwa kirangt sakedhik rak katut kabekta ing pandung anetepi babasan karijom blong dhuwit mudi gondhel nguwong tujune ta tujune direksa luluhur limbangki anu wagek bagi mana neh, rak rada susah bukan.
(Kintunan)

Salebetipun wulan Jumadilakir ingknag kapengker, parentah nagari andhawuhaken prantan ingkang suraos sadaya abdi dalem panewu mantri abupaten Jawi lebet sahanon anonipn kalebet jajar, ing dinten senen sarta kemis katamtokaken sowan majeng, sapalih sapalih, panewu mantri gagolongan sepuh sowanpun wonten ing dinten senen panewu mantri gagolongan naming damel sowanipun ing dinten kemis sarta panggengin gkabupaten ing saben dinten pasowan wau katamtokaken lapur ing nagari kawontenanipu abdi dalem panewu mantri ingkang sowan saha ingkang pamit.
Awit saking wotnenipun pranatan wau, samangke saben ing dinten senen sarta kemis para panewu mantri jawi lebetiing kasowan katingal andher tatap titip atata, amimbuhi regeng geng-genging poncaniti.
Sukur.

Cakradimeja, gigriya ing kampugn kauman ingkang tembing ler wetan awit saking kumedah ringgitan wacucal nanging ajrih dhateng angger awisaning agami, ing kampung kauman ngriku boten kenging anabuh gongsa, kalampahan kala malem setu ingkang kapengker punika, ringgitan tanpa gongsa, dhalangipu ingkang katanggap dhalang ing sawahan kalebet sae manahipu jalaran sareng tapuk mayang karaos sanget kembanipun kidhalang purun angawoni gameling cangkem dumugi sadalu sisan.
Kintunan.

Para kusiripun demang mangunpraseca ing Brajanatan (Mangkunagaran) manawi dalu sami dipun giliraken rumeksa kapal tilem wotnen ing pandhapa, nalika malem ngahad kapengker puika kaleres pajagening pun kusir puja, kaliyan kusir lelur sami tilem wotnen ing pandhapa

sata ing ngriku kathah rare-rare sami kasukan belit kusir puja tanggenipu jagi kaliyan bojonipun tilem wonten ing pandhapa mapan ingkang ragi kiwa, panggenanipun kundhukan ing dilahipun rare ingkang sami ngabotohan kusir lelur taksih kalinteran dereng tilem sareng kusir pujasampun katingal tilem kusir lelur lajeng anyelaki, sarta lajeng ambreng kal anggenipun rangkulan bok puja, e e kendel temenan rane, bok puja teka bangunt urut kemawon pancen sae manahipun lajeng setoter ijen mawi ajonajon parewana, nalika bok puja idpun brenkal ingkang jaler pancen sampun tangi nanging api-api taksih tilem kemawon dados sumerep saparipolahipun ingkang estri, sareng sampun rampung anggenipun setoter, bok puja lajeng dipun tempilingi, ewadene saged sambat do sa ku a pa nanging boten dipun mirengaken sareng sampun wanci enjing bok puja dipun pegat kados kusir lelur lajeng rengeng-rengeng, jalak pitu sun westani kusuma boja nagara, sun adhangadhang randhane.

Sukaarja

Nalika kaping 11 Pebruwari 1891, sadherekipun estri Japawira, dhusun Guntur dhsitrik Nguter, kinten umur 7 taun adus ing benawi Guntur lajeng keli boten kantenan pulisi ingkang kajibah sampun ngupadosi nanging dereng saged pinanggih, amila ing sarehning samangke mongsa rendheng, para rare ingkang dereng ngumur, prayogi kajagiya, sampu ngantos adus ing nglepen sarta ing benawi, awit sampu wotnen kanyatahanipun rare kasebut nginggil supados sami kaangge pangenget-enget.

2. Para tiyang ani ing salebeting bawah kadhestrikan Sukarja, sampun sami wiwit panen tanemanipun pantun gaga sarta katingal medal nanging bawah ing kadhestrikan masaran sawatawis kirang medal.

3. Salebetipun wulan Januwari 1891 dumugi dinten punika ing peken Maja (Larangan) manawi angleresi ditnen pekenan sampun wiwit boten wotnen para tiyang ingkang sami sade raja kaya, kadosta: namugn wotnen maesa, 4 utawi 5, 14,2,91, kintunan.

Pethikan

Ing Karanganyar (Bagelen) kathah wit turi sami katane wotnen ing pinggiring susuk an margi toa ingkang angoncori paabinan ing ngriku, katingal atharik-tharik asri tiningalan ananging wit turi punika saweg nembe kasumerepan bilih sged anuwuhaken uler sarta walang sangit tanpa wicalan sarta lajeng anempuh taneming pantun ing pasabinan adamel karisakan ageng, ludhes utawi gabuk ing mangke taneman turi wau sampu kasirnakaken sadaya, mil aprayogi par apadhusunan boten nanem wit turi kemawon langkugn malih ingkang tuwuh sacelaking pasabinan.

Bawah Residhen Pathi kathah ingkang karisakan amargi saking banjir, bendugnan ing Sentul dhistrik Bogarame (Pathi) bendungan kedhung ngupit dhistrik Cendhana (Kudus) sami dhadhal kreteg kaliomba sacelakig dhusun gelongggong (Pathi) risakbabar pisan ngantos boten kenging kaambah ing tiyang langkugn, tebokipun lepen serang sacelaking dhusun Tanjung kali (Kudus) ingkang iring tengen jugrug sarta pitnen pinten dhusun sami kelem ing toya banjir, kathah kapitunanipun titiyang alit.

Kaji Tayip ing kampug Leksa (Batawi) kaladosaken ing pulisi rol amargi nyembeleh menda dereng dipun cap dening pulisi, e, e, bilih ing ngriki taksih klekak-klekek kemawon.

Kabar sakin gLIsabon kados ing ngandhap punika.

Kawanteraning prawan ngantos misuwur sanagari Portegal wotnen satunggalng opsir wadya bala dharatan Kompeni e, numpak baita tembo sarengan kaliyan tiaygn estri gangsal sami badhe dhateng ing baita ageng, dilalah sareng dumugi sacelakking baita ageng onder opsir wau kajegur ing sungapaning lepen taga rahajeng lajeng saged gondhelan tangsuling suwiwinipun baita ageng, sarta para estri wau dereng ngantos saged minggah amargi kepancal baita ageng wau selak lumampah, nanging baitanipu tembok sampun kacancang rumiyin kala saweg dhatengipun dados katut lampahing baita ageng kombak-kombul katut lampahing baita ageng dene onder opsir tansah kasempyok pecah ing toya ingkang katrajang ing baita, sanget sangsaranipn megap-megap ampun boten saged nedha tulugn, para awaking baita boten wonten ingkang sumerep bilih wonten kabilaken sarta boten mireng dipu celuki dening para estri ingkang taksih sami wotnen baita alit onder opsir punika katingal sampun telas karosanipunboten saged gondhelan tangsul malih, wotnen satungaling nonah punika boten sageed tahan ningali sangsaranipun onder opsir, boten mawi kamanah dangu malih lajeng anggebyur ing saganten anulungi onder opsir kacangking kaliya anglangi, kaentasaken dhateng ing baita alit sarta lajeg dipun welahi wangsul dhateng dharatan. Para awakig baita, saha para tiyang ingkang wotnen ing baita ageng sami sumerep sarta anyuraki pratingkahipun nonah wau wusana wilujeng saged mentas dumugi ing dharatan boten kirang punapa-punapa, lalampahanipun nonah wau enggal kajuwara ing kathah, nonah punik anama Isabel konik kaomartinis saweg ngumur 18 taun nalika lalampahan punika kalapuraken dening minister binenlan saken konjuk sribagendha maharaja, nonah Isabel ing ngandikan dumuginipun ing kraton kapethukaken sang prameswari sarta lajeng karangkul mawi kapasangan tatenger madhali ing dhadhanipun nonah Isabel sarta mawi ppangalembana ing bab kawanteran sarta kadarmanipun unduripun saking kadhaton mawi kaparingan pasangon sarajut ageng kebak isi arta pethak, pangagenging kapala prasman asuka tondha canela baludru sapasang dhasaripun gelas kristal.

Para kawanuhan sarta kadang warganipun nonah Isabel sami dhateng asuka wilujeng.

==========\==========

Sampun lami anggen kula anggagas kawontenanipun pamupu sarakahipun para naib, sanadyan sampun asring asring kawedhar tumrap ing pustaka warti Bramartani, ananging pambudi kul apathokanipun arta sarakah wau dereng kapanggih, wasana saleebtipu wulan Jumadilawal ing warsaEhe punika kula katamuwan ita saking kitha Panaraga, angojoaken kados ing nganndhap punika.

Wiwitipun ing tanah Jawi wotnen agami Islam kala saleebtipun tau surya, 1201, utawi taun condra, 1340, ingih punika kala jamanipun karaton ing demak ananging taksih kathah titiyang jawi ingkang ngugemi budha.

Sareng ing taun surya 1500, utawi taun condra 1545, jumeengipun karaton mataram panjenengan nata jujuluk panatagama, punika sampun kathah bbongsa jawi ingakg ngangge agami Islam pamardiipun boten sarana karodapaksa, ananging sarana dipu bibingah saking enthengipun sasanggen mila panjenengan nata adunungaken para ngulami kapatedhan siti tanpa sasanggen inggih punika parama ardikan sam kdhawuan amamulang ngaji tuwin sahadat.

Sasampuning sumerep lampahipun agami Islam para ingkang nedya imah-imah lajeng sami anedha ningkah dumateng gurunipun kasarjuning manah mawi adiyah warni wowohan ugi wonten ingkang nyukani arta sakadaripun ananging para mahardikan ingkang nampeni adiyah warni arta wau btoen pisan angadhahana pamelik sapa kang salipun arta karimat kaangge busananing prabot masjid utawi kaangge tutulugn tiyang kasangsaran saha

kamlaratan sasaminipu dumugi pamanggke ing bawahipu kanjeng gupremen taksih lestantun ananging sapa kang salipun arta saking para pinanganten ingkang kaningkahaken mawi kapara-para, dhumateng kipangulu sakarereyanipun wotnen igakgn lumebet ing kas pangulu kawastanan betulmasjid, samanten ugi para pangulu dipun pacu ing pamupunipun arta saking para ingkang kaningkahaken wau sarana kamsa utawi angaran-arani, kedah namugn sakoluripun sabab sarahipun ki tabultukpah utawi kitab bulkalihamacui sanget pamupunipun arta para nikahan wau, mila dumugi sapunikapanjeengan dalem nata taksih angabdekaken para ngulami kapatedhan siti nganggur, kajawi kawogan amamuhi wilujeng sarta raharjanipun karaton dalem kawogan anuntuni wiyaripun sarengat rasul sabab bongsa jawi punika ingkang katitim manawi taksih gelengan agami Islam amung kalih prakawis.

1. Salaki rabi taksih kadugi nikahan punapa adat cara caranipun tiyang bongsa Islam
2. Manawi nuju ditnen ngedul priti mawi jakat pitrah, wasana sareng kula condongaken kalayan kawotnenanipun boten montra-montra, sabab para pinangan ten ingkang kanikahaken para naob dusun pamupunipun sarakah boten namugn kawardi, ananging kapaksa, amargi para naib mawi anyanggi paosa ha ubarampe awrat tambah-tambah dadosipun naib mawi ambayar pisungsung kathah (bekti) ing mongka kawotnenanipun para ngulami ingkang kapatedhan pangawsa anindakaken adil saha kukum kapatedhan siti saha kapibawan suprandosipun tansah angngsa-ongsa mamrih kaindhakanipu kasugihan sakig panaiban sadhengaha bongsa ingkang saged amarnekaken arta pisungsung kathah saestu saged dados naib saha angsal wawenang amargi wedalipun sarakah, ewasamanten sarehnng sapunkawating kaliyulakbar sampu pralena ambok manawi rising yogi radi ngangkah-angkah, lo ingkang mangkaten wau punapa boten badhe anyuda sungkemipun anglampahi agami Islam, sabab tumrap ipun tiyang rumaos awrat anggenipun amarnekaken arta sarakah, mongka pangupayanipun pakasilan jaman mangkin sakalangkugn rekaos, adhuh bakunipun seneng pareng, jaka kaliyan Kenya lajeng sishsiniyan kantos ansususta, punapa badhe wotnen paukumanipun gajegipu babagan jinah ingkang dipun gantugni paukuman amugn bedhang estri ingkang gadhah bojo, wangsul tiyang legan sami legan turut-tinurut sih siniyan punapa inggih badhe kaukum ranjam.Ing wasana mitra ing panarga tembe sagah badhe ngintuni pethikanipun sarah kitab kakalih ing kang macui pamupunipun sarakah, bilih tanpa cegah kalimaha rab kapindhah sastra jawi inggih badhe kula pacak ing pustaka Bramartani. Kula pun M.S. Jaka waweka.

Bramartani ingkang meal kapengekr punika wotnen pethikan saking kabar malajeng anyariyosaken pandung ing ngadikusuman punka kalintun leresipun mangkaten namanipun ingkang kadakwa mandung raden Ngabei Jayadipraya, laminipun sapriki smpun langkung 6 wulan bilih kula boten kasupen wontenipun pandakwan pandung wau sampun kala wulan sawal taun Alip ongka 1819 ingkang dawek nembe pengker punika, dados sapriki sampun 10 wulan wusana kula taksih amborongaken dhateng priyantunipun ingkang kenging pandakwan piyambak utawi mas rongga yudapranata, punapa inggih leres 6 wulan punapa 10 wulan kados atur kula punika, sukur, lewat lewat dados sampeyan ragi saged mathentheng sakedhik sarta saged amelehaken dhateng ingkang nglebetaken kabar malajeng, lo, rak inggih mangkaten ta, daos genah, endi siluput endi sibener, la kula ingkang jurungaken amin kemawon saking katebihan dados saupami wotnen apes sampeyan kula boten kaipratan idu sampeyan ingkang gandanipun sampun nimbrah lami.

Potrowolo

==========\==========

Menggah guguritan pangriptaning panjeengnanipun tuwan juru ngarang, ingkang kapacak ing bramartani, ongka 7 saking pamuji kula ingkang mugi dados satondha pepenget tumrap dhateng bongsa kula alit jawi ing salaminipun sabab saking saserepan kula sampun pinten-pinten para prayantun tuwin tiyang alit ingkang ngantos tanpa griya, jalaran griyanipun ambruk katarik dening kusir, ananging menggah seratipu murina punika kalentu, awit saking pamanggih kula, J.W. ingkang kasengeten gemblungipun kadosta, putraning ngarta ingkang salah warni dados dalancang posmawi kaserat mawi dipun tandhani tangan ing ngatasipun kangge sasangggeman isi arta, kakinten sanes kaliyan kertas bang kuj jawa la da lah, sapunika kula sumerep terang manawi ingkang damelaken serat paturan J.W. sabab ing Hooggerechts hof (Pangadilan luhur) dhek sampeyan gih mas murina, kasangetan nun anggen sampeyan boten mirsa amben watonipun mulih pirsaha, samangke sampeyan kula saosi saserepan menggah pariksanipun pangadilan jawab manawi sampun ngankeni sagugad punapa badhe mawi mawang tiyang, cobolo, la manawi ngaten punapa boten adil mongka prakawi para paben ingkang kangge tondha kuwawi, tondha pangaken

Ruwiya.

=========\==========

Sambetipun cariyos bab pangremekan tuwin lampahipun rah.

Wonten satunggiling bumbungan ingkang medal saking senthngan kiwa, ingkang lajeng gadhah epang sakawan, epang ingkang satunggil dhumateng tangan kiwa, ingkang satunggil dhumateng sirah kiwa, ingkang satungil dhumateng sirah sisih tengen satunggilipun dhumateng tangan tengen, dene bumbungan ingkang miyambak punika terus dhumateng perangan badan sapangandhap, inggih bumbungan punika ingkang kasebut otot nadi (Orta) sakathahing bumbungan rah kasebut otot utawi bayu.

Saking senthongan tengen wotnen otot nadi paparu, salajengipun otot punika gadhah epang kakalih, ingkang satunggal dhumateng paparu kiwa, satunggalipun dhumateng paparu tengen.

Kaliyan malih wonten otot sakawan ingkang medal saking panirat kiwa dhumateng paparu kakalih, ingkang kalih dhumateng paparu kiwa, ingkang kalih dhumaten gpaparu tengen sakawan pisan kasebut otot rah paparu.

Saking paningrat tengen wonten otot kakalih, ingkang satunggil dhumateng perangan badan ing nginggil, satunggilipun dhumateng perangan badan ing ngandhap punika sami winastan otot rah.

Kajawi otot ewang, sakathahing otot punika sangsaya panjang g sangaya kathah epangipun, epang epang punika sangsaya lembat supaya anyangkepi saranduning badan sadaya, wujudipun memper anamanjala, malah saking alusipun ngantos boten katawis saha boten katingal yen namung tiningalan aran mripat kemawon, sagedipun katingal kedah ngagem pirantos kacapraksan (semprong) ing ngriku katingal sambet sinambet kaliyan sakathahing epang otot sanesipun.

Senthongan tengen punika juru angwedalaken rah reged ingkang wotnen salebeting paparu kakalih (kiwa tengen) lajeng amili turut otot nadi paparu, waradin dalah saepangipun sadaya.

Paningrat kiwa punika juru anampeni rah ingkang sampun resik sarta ingkang mili saking paparu kakalih, lajeng dhateng otot rah paparu sakawan pisan.

Paningrat tengen punika juru anampeni rah reged ingkang wangsul saking saranduning badan angambah otot rah kakalih (kothong) ingang sampun kasebut ngajeng, lajeng manjing salebeting jantung.
Taksih wotnen sambetipun
Trunadongsa

Ongka 15 Setu legi kaping 12 Rejep Ehe 1820 utawi 21 Pebruwari 1891

Kula ngaturi uninga bilih pandamelipun serat almenak sapnika sampun rampung, saha lajeng badhe kula kintunaken dhumateng para priyantun ingkang sampun sami meling wonten ing serat kalowongan dene ingkang boten meling: manawi karsa tumbas sami kaaturan utusan mundhut dhateng pangecapan reginipun ugi sarupiyah kalihan malih sinten ingkang gnarsakaken mundhut kados badhe boten kacuwan almenak punika kalebet ageng tinimbang kaliyan almenak sanesipun amargi isining pananggalan kaanggit enggal sanes kalayan ingkang sampun sampun kawewahan kathah, menggah lungsening rampungipu wau punika makaten awit kula nyuwun tulung dhateng para golonganing abdi dalem dangu anggening amangsuli mandar wonten ingkang boten karsa mangsuli, ugi wonten ingkang amangsuli ananging boten karsa mitulungi ajrih manawi anglangkahana inggil-inggilanipun dados dipun galih kados prakawis mila ing sasaged-saged kjula luruh piyambak inggih saged pikantuk nanging inggih kathah ingkang cewet boten langkung kula namung nyuwun pangapunten sampun limrah bilih tiyang amurwani padamelan puika wonten utawi kathah cewetipun ing tembe sarehning sampun wonten babalunganipun kados badhe boten kether malih sarta saged anjangkepi kakiranganipun.
Menggah pitulunganipun para ageng ingkang asmanipun sampun kula titeni, punika sakalangkung atur kula nuwun saha manawi wonten ewahipun mugi amaringana saserepan malih dhumateng kula, supados kula saged angewahi wonten ing almenak kaangge wedalipun ing taun ngajeng.
Vogel van der Heijde & Co.
========\==========

Surakarta
Kala dinten akat tanggalkaping 6 wulan punika, kula dherek aken layon dhumateng pasareyan dalem ing Ng(I)magiri, santuk kula sadaya rosrosaning badan kula, sami karaos sakit awit saking sayah metnas lalampah tebih ing ngriku kula katuwuhan panggraita, kapengein adus dhateng kagungan dalem sumur bur ing Langenarja, bokmanawi mikantuki menggah ing tiyang sayah, sanalika kula lajeng numpak kareta andhong dhateng Langenarja, sadhateng kula lajeng adus kungkum wonten kalen ilenilening toya ingakgn saking kagungan dalem sumur bur wau, dangunipun namug saprapat jam, samentas kula sadaya raosing ros-rosan kula sampun sirna babar pisan boten wonten labeting pun tiyang mentas lalampah tebih, kula lajeng mantuk kalayan bingahing manah, temah amumuji lulus sadayaning kagungan dalem sumur bur wau, supados para kawula dalem sampun wonten ingakgn kadhungsangan dhateng sendhang bayanan cekap ngalap brekah dhateng langenarja kemawon amin amin amin
Kitunan.

Kala wingi dalu kula mireng aken wicantenipun tiyang jaler kaliya tiyang estri, wonten ngradinan kemlayan ingkang sisih kilen nanging kula btoen mngretos tegesipun ingkang dipun wicanten punika, sairib kados wicantenan cara walandi, wiwitipun tiyang estri wau wicanten dhateng tiyang jaler ingakgn pinuju langkung mangaler, tembungipun makaten, Seh arep menyang ngendi Seh, tiyang jaler mangsuli, arep menyang Manahan Seh, tiyang estri wicanten malih, Seh aku milu Seh, tiyang jaler mangsuli, iya ayo Seh nanging mengko tak Seh, lo Seh, tiyang estri wicanten malih, iya Seh waton Seh tiyang jaler mangsuli, e lah

mongsa kuranga Seh, Seh, sasampuning mangkaten lajeng sami arag-aragan lir Kamajaya lan Ratih.
Wicanten mangakten punika punap atembung sasmitanan punapa sawek birahi dhateng tembung she, dene sakathahing sing she ngantos pating kareseh.
Kintunan P.
======\==========
Punika tembung ugal lugalan pantesipun inggih namung dhateng para she kemawon parapulkah, manawi dhateeng para pantes inggih boten anaging inggih asring sai angagem lah punika sumongga.
Jurungarang

Klathen
Kaki D ing dhusun M anggadhahi sakit napas (ampeg) ppandamelanipun anderes klapa, ing satunggiling dinten kaki D nuju deres mathongkrong wonten ppah sarta angetrapaken bumbung ingkang kangge tadhah legenipun saweg satengahipun uthak-uthek kaki D kumat ampekipun sampun padatanipun kaki D bilih kumat lajeng nirdayaning bayu asring dhawah saenggen enggen ananging kala punika anggening dhawah radi kelajengen amargi mawi lelantaran galugu, sampun saestu bleg sek kemawon dhuh mamelas sanget kaki D pejahipun teka den untapaken kiyai Glugu.
Pun S adhinipun Raden M mahardikan ing tembayat ingkang sampun kula giyaraken nunggil bramartani kaliyan pasakitan turut samangke pangudining pulisi sampun angsal katrangan pejahipun dipun kaniaya, mandar ingakgn nganiaya tasih akrabipun piyambak menggah jalaranipu kprajaya boten blebek saking prakawis barang sacuwil ingkang angkeripun kepati-pati nika.
Jinemanipun tuwan kabudidayan ing kepurun acanthi tiyang bau kakalih, ing sawenehing dalu angrundhani pakopen wasana amrangguli durjana lajeng kasapa sarta dipu agar-agari keladuken kalajeng dhateng wadhuk leweg d urjana tasih saged lumajeng sipat karna, kilap dhateng pun di plajengipun paman jineman lajeng ayem kemawon anpa mawi lapur pulisi.
Nahenta bojonipun durjana mireng wartos sreming-sreming bilih ingkang jaler konangan anggening nyolong godhong kopi sarta kawaos dening jineman anu….. lajeng anginten kemawon bilih semahipun anemahi pejah, bangkenipun lajeng kasidhem tandhanipun boten wonten tengara punapa-punapa, pupuntoning manah bojoning durjana wau laleng sowan ing kadhistrikan sapuluh, anglapuraken manawi semahipun dipun kaniaya dening tyang wasta dhadhap jineman ing nganu, 2, pun waru, 3 pun suta, dumugi sapunika boten kantenan alang ujuripun sang panewu dhistrik sareng sampun mireng aken aturipun embok durjana inggal kengkenan anyepeng tiyang 3, ingakgn kapratelakaken wau, sasampunipun kacepeng lajeng kapriksa ing dhistrik sami mukri, wasana tiyang tiga wau terus kaladosaken ing kabupaten panewu dhistrik anglajengaken angudip inanggih ipun bangke ananging ngantos sawatawis dinten boten saged pinanggih,w asana sawatawis dintenipun malih bangke dipu panggih dening tiyang ngarit kambengan gumlethek wonten pinggiring juran gsirung ingakgn ketel thukulaning kambengan kakang ngarit kambengan ingggala lapur lruah bekelipun lurah lajeng lapur dhateng dhistrik panewu dhistrik sakala lajeng tumindak amriksa kawontenanipun ananging bangke wau sampun risak sanget ewadene tatu tabeting waos taksih katawis dumunung ngandhap susuleres wasana sareng sampun rampung pamriksanipu bangke kakukup dening warisipun, ananging sampun moprol kemawon bau lakang tuwin suku lajeng pisah piyambak-piyambak.

Lare nama Tholo 2turut sasarengan mantuk angering maesanipun ingkang mentas dipun engen pun Tholo ngentut thut belgandanipun kecing sanget pun turut boten tahan ambetipun lajeng misu-misuh, tholo males misuh pun Turut tan saronta lajeng na bok keplak, Tholo gentos nempiling Ceplos ing ngriku lajeng ruket saha geget denira gelut gentos banting binanting, sarehing turut sawatawis nyengka tandhing inggih tansah dipun indhes-indhesaken kemawon, wasana lajeng dipu pisah rare kathah, ananging pun turut sampun nandhang kanin baunipun tengen kongsul.

Nahenta: pak Turuk sareng sumerep anakipun nandhang brana lajeng pacak atur gigat ing pangadilan, ananging gigat wau kaebrakaken amargi rare dereng akil balek saupami tiyang sepuh katetepaken dosa kerengan.

Waradinan salebeting kitha sarta sajawining kitha samangke sampun sae sadaya, ingakgn bagus piyambak saha kenging kaalembana waradinan salebeting kitha, wiwit malinjon mangaler mangaetan dumugi Tawangreja,, saged timbang kaliyan waradinan ing tanah gupremenan, para andhong sadaya amrwasa suta, ingakgn mangkaten wau saking talatos saha tberining panjenenganipun kanejng tuwan asisten risidhen sakaliyan ingkang bupati, bab pamardiipun dhumateng ingakgn gadhah wajib mandar asring kemawon panjenenganipun kanjeng tuwan aissten karsa tindak amariksani para tiyang ingaknng nyambut damel saha lajeng paring pratikel saben saben kanjeng tuwan asisten tindak amariksani para tiyang ingkang nyambut damel waradinan rawuhipun ing ngriku kados presabenan kaliyan panjeengnanipun sabupati, kang mongka kala sakedhap punka, saben injing uthuk-uthuk kula mlampah mlampah urut waradinan saweg kendel tabuh 6 theng tiyang agung kakalih wau sampun jenggarang wonten madyaning waradinan ageng, sarta pating kethawe amratikelaken titiyang ingkang sami nambut karya, para pangagenging kitha sanes kados boten lngsem bilih anelada.

Ki Jaka wuung ing Balepita juruwarti Br.

Pethikan saking serat kabar Warni-warni.

Kanjeng tuwan PanPluten tilas dhirektur binenlansebestir, ingkang tirah dhateng ing nagari Nederlan amargi sakng gerah spaunika sampun rawuh wonten ing nagari Batawi, gumyahipu ing kathah kanjeng tuwan wau badhe angasta padamelan ingang langkung ageng malih, ingih awit saking kawentaring kasagedanipun piniji dening kanjeng gupremen.

Tuwan Libarman pujangga ageng ing kitha Marsili, punika kalairan ing tanah Saksen nalika ing taun 1848 tuwan Libarman wau kabucal saking nagari Dhitslan sart awiwit ing taun wau lajeng manggen ing praja Prangkik, nalika ing sugengipun tuwan Libarman panjenenganipun amulangaken tembung Prasman Dhitslan Enggris Itali, Sepanye, Portegis Olan Swedhen Rus Serpi, Bulgari, Turki, Arab Onggar, Saskrita, tuwin tembung Grig pamulangpun tembung samanten punika boten anemungaken tembung ingkang kangge pawicantenan ananging putus dalah sapathokanipun, wah toblas kados punapa sineh engetanipun.

Dumugining taun 1890 tuwan Libarman atilar donya mantuk dhateng ngalam langeng, kathah para tuwan tuwan bongsa ruhur tuwin tuwan tuwan pujongga ingakgn sami angiring kala pametakipun dhateng kubur, supados karantaban kasagedanipun wau.

Ing kampung Anakan dhistrik Batang Kapas wonten tiyang rarayatan ingaknng jaler padamelanipun dados juru mudhi, nalika punika kaleres anglamahi padamelan ingkang esri dipun tilar, sarta kesahipun wau boten mawi eru.

Dereng lami pangulu ing ngriku anampeni serat medal ing pos sareng dipun bikak mungel seratipun juru mudhi, suraosipun suka serat pamegat dhateng estrinipun sarta angrentahaken

talakipun tiga ipsan ki pangulu inggih lajeng anidnakaken punapa sasuraosing seratipun juru mudhi wau, bok juru mudhi sakalangkung kaget dene dipun pegat dening ingkang jaler boten rumaos anggadhahi kalepatan pisan pisan sarta tansah anggagas punapa wadosipun, boten dangu ingkang jaler dhateng sarta lajeng dipun tedahi serat pamegat ingkang jaler kipa-kipa boten rumaos megat sarta boten rumaos gadhah serat punika, wusana serat kaladosaken ing parentah, sinten ingkang adamel kiyatnat punika saweg dipun upadosi dereng pinanggih.

Tuwan bongsa Paris anyariyosaken wonten ing serat kabar mangkaten:
Tuwan Insinyur ing kitha paris saged angsal pamanggih damel pirantos ingkang sakalangkung amigunani, inggih punika awarni teken ananging mawi pirabot alektris teken punika saupami kaangge tiyang lelampahing wanci dalu, mongka dipun begal ingkang begal punika sanalika lajeng bingung engetanipun yen dipun ethungi teken wau sarana dipun petelaken pentholanpun, pamanggih enggal punika sayektosipun angeram-eramaken sanget sarta sakalangkung prayogi bilih kaange tiyang sae supados kenging a kadamel anjagi sakathahing dursila, ananging ing panginten ingkang angrumiyini gadhah teken wau bokmanawi para durjana supados gampila manawi anyebrot tiyang, amargi saupami tiyang sampu kenging prabawaning alektris wau, rare alit kemawonh saged amblejedi, prabawaning teken punika saged adamel bingugipun tiyang langkung sadasa, kados prayogi bilih tuwan insinyur puru ananggel supados dadamelanipun teken boten dipun angge dening durjana

Wangsulan
Kula gumun sanget dhateng prakawisipun ngabei Jayadipraya sarta Ronggayuda pranata dene ingkang garap prakawis kagalih sampun kasupen punika punapa namung saking kriang teranging saserepanipun tiyang ingkang manjurung, punapa saking kepanasen kemawon punapa dupe saprikilaminipun sampun 10 wulan punika kula boten anglepataken dhateng priyantun ingkang gadhah garapan prakawisipun Ngabei jayadipraya utawi Ronggayuda pranta wau, awit oten namung punika ingkang dipun garap ananging saking kathahing garapannipun dene bab prakawis sanadyan ta unan wirandonana amesthi badhe boten katlisut sarta boten wonten prakawis gapuk tinarang, ananging salugunipun sarehning kula punika dereng sumerep dhateng atasing prakawis dados kedah kula suwunaken katrangan dhateng panjeennganipun tuwan juru ngarang, punapa inggih leres kados atur kula ingkang kasebut ing nginggil punika punapa leres pethikan saking kabar mlajeng, ingakgn garap sampun kasupen.
Kaping 10/7 20 pun Ardamintarja.
=========\==========
Bokmanawi kendeling prakawis saweg angggalih cihna arta 25 rupiyah, kedah kapringaken dhateng sinten punapa dhateng ingkang gugat punapa dhateng ingkang ginugat tuwin punapa dhateng sampeyan
Jurungarang.
==========\======================
Panarimah
Katura den Jakalengkawa.
Awiyosipun kl asampun anyumerepi panjurung samepyan kawrat ing pustaka warti ongka 1 suraos anggen kula angudhari pitakenipun endhang kilatawrna ingakng tumuju dhateng sampeyan boten anjalari bingahing manah, amargi sampeyan ugi sampun mangsuli kalayan cekak dhateng endhang klatawarna, kapurih cupeta semanten kimawon, ingkang punika,

sarehing wangsulan sampeyan wau kawontenanipun ing pabaratan ngriki sepen saking pamanah kula anggen sampeyan sawatawis dangu boten amangsuli wau, boten ta manawi kula rumaos lajeng amstani bilih sampeyanboten saged amangsuli, ananging sampunkula ecam bilih saweg kapambengan utawi dereng kaur amangsuli, amila kula lajeng purun angudhari, ewadene panjarwa kula wau btoen dados condongipun manah sampeyan kula anyumanggakaken.
Dene panjarwa sampeyan bab pitaken kula ingkang dhaeng endhangkilatawarna sampun kula tampeni akaliyan pirenaning manah kula.
Begelen kaping 24 Jumadilawal Ehe 1820.
Jakapramana.
==========\==========

//o\\ Jakabusuk sampun kadi kakipucung, lamun den resaya, ing priyantun paksa luwih, sasmitane kineniksa tanpa dosa. Sanadyan wastu, upami D.A. prang pupuh, lan Jaka suyatna, jakabusuk boten wajib amidosa sasmita kedah linalar. Ingkang mulur, sampun age andudulur, lire prastawakna, wani lan wedi binugi, beda lamun lumawan lampahing wdya. Tanpa lumuh, nglampahi ayahan prabu, nadyan pnrih lina, linakyan tan kenging muntir, ing sakira lamu lamaking kawula. Jaka busuk lamun kedah blusak-blusuk kebate kaliwat tataning praja den mohi, sida beka adhuh D.a. Katiwasan. Tujonipun jaman kmangke anggalepung, kan sedya mbek arda, amathentheng malangkerik pathingkrakan goprak-gapruk tanpa nalar. Yen tamungguh, jaka busuk lajeng ngesuk amburu mring D.A. manut sang sudira warni, alirwaken tata tentreming prajarja. Lamun tuhu nedya balela sang prabu, amanjer bandera, pranatan den orak-arik among praja kapungkur wus tanpa karya. Dhuh dhuh adhuh, yen mangkaten jaka busuk pun D.A. kewala, purun anggedheng pribadi, dhateng janma kang sedya manjer bandera. Jaka Busuk paminteng ngong mugi sampun kaduk ing wardaya, kasereng salah panampi pupuntone mung mantep patetepangan. Titi sampun muktamat minongka pemut tangal ping sadasa nuju wulan Pebruwari, sewu wolungatus sangangsa sajuga.
Katandhan D.A.
==========\==========

Ki sanak sindhungliwawar, mitraning sami sudhengsih, ingakgn sisilih panengran jakalengkawa wawangi, rikantasaneng panti, ing witaradya kan gmasaur, mangundhi ywakarana, karaning tyas wus tapis tetepusan pamususing yudasastra. Wiyose sindhungliwawar, kula sampun nyumerepi, lawiyan ta ingakng marang, wiranirbaya ancahi, denira analiti, dhateng kasagedanipun D.A. pinurihh mbatnag, suale sudirawarni, ingkang dhateng S.R.D. nanging kisanak. Sindhungliwawar wawarah, kula pinrih sampun serik cineda dereng widagda, mring laraping kramaniti, binadhe tan mangsuli, karana dereng anggayuh, gege yonganing guna, sinepa tumrap prakawis sangapunggung D.A. mung siwil kewala. Dhuh kisanak pasangyogya, gyan andika amangsuli, dhateng sang wira nirbaya, kula tarimah ing kapti, awit boten nalisir, lan sedya kula ing kalbu, marma wira nirbaya, ing panuwun kula murig, sampun duka kula tan sageler buka. Dene sang sindhung liwawar, sam-pun sumelang ing galih, kala mun kula masgula, nanging tapa ngraos mami, sayekti boten ngimpi, sarambut pinara ptiu, mandar akarya trustha, ning manah kula witsaking, tan salaya pamecantalan sirkula. Mangke ta wiranirbaya, kula badhe nilakrami, mengggah ing karsa andika, dhumateng kula puniki, punana badhe marmih, tetepangan kadang karuh, punapa namung sedya, badhe nyobi anjagi, yus waspada jro kacateheking manah kula. Punapa mung ngumpak-umpak D.A. cinararagya lit supadya manongong arda, malendhung kadya anggani,

lih balon mesat saking, bantala muluk anggayuh, gegeyonganing guna, kalamun mangkaten pesthi, gagak tulak pun D.A. kadunungana. Watak kang munggah upakan tangeh tangiya kinili, kalamu wiranirbaya, mung sedyarsa wanuh yekti, lan pu kula manawi, trimah tepang tiyang cubluk cupet ssepi ing nalar, sukur bagi sewu kethi, yen mangkaten anglarna tembung prasaja.Titipalesthaning gita, ing kebon karajan kaping, sajuga ari anggara, rejep mares he lumaris sangkala tanpa kanthi, pangesthiin gtyas manjurung, mrih regengiing pustaka, manekani bramartani, tondha tangan kula mitranta pun D.A.
========\========
Jaka Suyatna: anggen sampeya damel sanepa pataken kula dereng nyameleng, liripun mangakten upami kula ingakgn sampeyan rereya boten susah mados buukaning tembung *tekakna* , nadyan kula sampu na pirsa yen sampeyan poncakara kaliyan D.A. nanging ingakng mesthi kula namung murih dhatengipuning ngajeng sampeyan kemawon boten kok badhe lajeng clangclong punika, she, e cariyosipun tiyang tanggap dhateng pasanging sasmita punika kedah amrayogi, sampun malih paken wau taksih kenging dipun simpangaken nadyan sampuna gumeleng inggih kedah natrapaken dugi la prayogi, kados ta upami sampeya dipun rereya ing tiyang Jakasuyatna kula ngrsaya sampeyan cepeng sawungpun D.A. ingakng saweg saba punika.

Sumongga sampeya tamtu rak inggih boten purun ewadene bilih andhanganaken inggih sokur bage 1820, sampun duka lo, she, namug kla damel andhe kemawon jakasuyatna sampeyan boten mudheng pataken kula tembung dwipurwa ingkang bawalakyana, kula inggih sampun narimah boten susah taken dhateng Jakasadana dene anggen sampeya mastani nama kula sampun mratandhani, punika inggih leres nanging sampeyan taksih taken punapa busuk sayektos punapa namung busuki, ingakng punika wangsulan kula kanthi kawang naloseh. Kula mung sumarah anut, she jaka deny angersirni, ing ngagep busuki myang guna, jaka busuk tan nylaki, nanging sampun asring nyoba, tataken kang gaib gaib. Tumrapipun tiyang busuk, kang kados kula puniki, lajeng bingung palithukan, mung ngawur bilih ngucupi, asem kecut bumbu rujak, mindhak sampeyan dukani. Yen binasakna ing tembung, saloka pamining janmi, madu awu gagaringan, ing satemah tanpa kardi, awu winadung sarosa, sisip sisip ngalilipi. Jakasuyatna cekaking atur kula boten saged jarwani pataken sampeyan bedaning tembung papacak lan pamacuh, amargi kula dereng gayuh, dhateng pandumaning yudasastra, sampu she, rujak blibar, sampeyan mumbul kula nglekar.
Kula pun Jakabusuk ig Banjaransari.

Ongka 16 Salasa Wage kaping 15 Rejeb Ehe 1820, utawi kaping 24 Pebruwari 1891

Sarehning sampun wonten selanipun padamelan sawtawis benjing cetu ngajegn punika wedalipun kabar bramartani badhe mawi wewahan cariyos sewu stunggal dalu ingkang dereng kajawekaken dening suwargi tuwan karel Fredherik Winter, jurubasa ing ngari Surakarta, dene cariyoe sawus satngal dalu ingkagn badhe kawedalaken wau babonipun tembung malaejgn kajawekaken denign mas ngabeiTirtapraja abdi dalem panewu gedhogn tengen.
Serat wewahan wau manawi dipu kalempakaken saged dados serat waosan.
Vogel ban der Heijde & Co.
=========\==============
Surakarta
Nalika malem Senen ignkang kapengekr punika wanci jam ½ 4 griyanipun cina babah Lanang ing kampugn Natakusuman sisih kidul sampun brastha kataman denign dahana, ingkang saking pandameling durjana,cacah wuwung telas riya 3 iji, ingkagn satunggal griya gendheng sawek kemawon dadosipun kapara dereng dipun enggeni, selak kapeksa karsanipun snghyang Brama kadadosaken awu, wondene ingkagn gadhah griya punika ugi tiyagn cina badhe tumut griya wotnen ngriku, osak iba getunipun dene damel griya dereng ngantos nganggge tilem sapun sirna
Kintunan P/.

Tiyang nama Pak Kerta, ign dhusun Sondakan Nglawiyan punika ginanjar sakit lempoh sawatawis sampun ragi dangu, dereng waget mantun punika lajeng dipun tuweni sadherekipun pripeyan nama murtama, sadhatengipun ngriku, ingkagn sakit wicanten makaten kang kula niki sampeyan rencang-rencangi nyunyuwunaken kaliyan ingkagn kuwaos wangsulanipun ingkang dipun wicanteni, iya dhi dak rewang-rewangi muga-muga gusti allah aparigna ngapura marang kowe tumuli ya waras ingaknng sakti wicatnen malih, kang rasane ati kula nki yen boten waget mantun tumuli aluwung lajeng kapundhuta kemawon wangsulanipun aja mangkono dhi, iku ora becik delngen anak anakmu, Murtama lajeng mantuk dereng ngantos gantalan wula pak Kerta ingkagn sakit wau, saking empunging manahipun lajeng suduksarira, kalayan dadamel dhuwung, ngantos medal ususipun pejah sanalika boten kasumerepan denign anak bojonipun amargi anak-anakipun sam sasadeyan dhateng ing wande, bojonipun saweg kesahan sareng sami mantuk sumerep pak Kerta katingal sampun pejah anggalimpnag sarta kuthah erah, bok kerta lajeng anjeleh nedha tulung, tongga tepalihipun sami dhateng tutulung, nanging pak Kerta sampun kalajeng pejah.

Sanajan punika saweg mempenging mongsa rendheng ewadene radinan ageng ing pundi pundi salebeting nagari meh kenging dipun wastani sae sadaya, ananging manawi radinan ign kampugn kampugn taksih kathah ingaknng risak kala setu kapengekr punika kula langkugn radinan alit sangajenging regol ing Ngadikusuman terus mangilen dumugi ing pamotan taksih jeblog sanget bokmanawi priyatnun ingkang bawahaken dereng mariksani utawi saking kathahipun pandamelan sanes ini itu itu ini.

1. Dinten Slasa tanggal kaping 17 Pebruwari 1891, wanci pukul 4 sonten gusti ignakgn maha luhur, aparing kamirahan jawahipun sasak langkung deres saha angi ageng (Prahara) ing nalika angin ageng wau manah kula saklangkung geter await griya kula alit sampun dhoyong tur cagakipu pring sampun sami katedha ing rayab saking

sih pitulungipun gusti ignakgn maha luhur, wilujeng ananging griya los ign pabrik mulur sukaarja caacah 2 iji, ingkang kangge ngisis sata, manggen wonten saler dhusun randhulawang sarta sawetan dhusun carikan boten kuwawi anyembdani menggah kadibyanipun sang maruta, temahan griya wau ambruk ah, saiba kathahipun karugiyanipun tuwan ingkang kagugnan pinujunipun sampun boten nanem sata malih

2. Tiyang nami Takrama, dhusu Bulureja dhsitrik Tawang nalika dinten Rebo tanggal kaping 18 Pebruwari 1891 wnci injing sumedya ngendhat gulnipun kaberek sarana dedamel dhuwungipun piyambak sanalika wau kadengangan denign sadherekipun estri nami bok niti Setika, dhuwung kengign karebat amila takrama dereng ngantos pejah, anamung gulunipun sampun nandhang tatu wiyar sadin panjang gangsal dim lebet sapara pat dim kilap sanes dinen wusananipun
3. Kintunan

Yogyakarta
Kala ing dinten Senen ingkagn kapengker punika, saking karsa dalems ampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng sultan kanjegn ratu Sasi katrimakaken dhategn raden tumenggung Jayawinata, wadana jawi kiwa numbak anyar bekel.

Wisudhan
Saking kaparengig karsa dalem sampeyan dalem ignakng sinuhun kanjeng sultan kala ing dinten Kemis ingkang kapengekr punika raden tumenggung Brotakusuma bupati anom wadana ageng punakawan kapangkat dados nayaka kaprak tengen nama taksih Lastun raden tumenggung Brongtakusuma
Nirdeya.

Klathen
Terangipun tiyagn ingkagn kacidra jalaran saking prakawis rebatan pacangan kados ingakgn kula giyaraken kawrat ing bramartani ongka 15.
Jajaka nama Pun Turut ign dhusun Kathithang (Gesikan) gadhah pacangan lare estri nama pun Tompo sampun sawatawis lami tiyagn sepuhipun turut dereng saged angleksanani dhaupaken amargi dereng gadhah arta kadamel srakah saha kangge wragat sanesipun wasana bo purawan kataman ing sobi ning jawata purun alampah jina kaliyan dhudha wasta Wongsa kariya ugi ing dhusun Kathithang.
Kocapa pun Turut sareng mireng pawartos manawi pacanganipun ingkang tansah kumantil-kantil ing jajantung purun-purun alambang sari kaliyan wongsakariya, sanget krodhanireng driya muka kalir tinepak kadya sinabit ingkang karna dadya rh saranduning badan sarta lajeng pratignya boten sae anon soroting hyang bagaskara manawi boten saged angedalaken jaringanipun Wongsakariya, wsana kalampahan kala malemipun dinten kemis legi kapengker punika wanci jam 9 pun turut dhateng griyanipun Wongsa Kariya sarta angliga dhuwung, ananging wognsa kariya sampun tilem keontening griya dipun kancing, pun turut boten uwas uwas lajegn amangkrak krura suranig baya anatasi tangsul ingkang kanggge nguger angkul angkuling konten sareng inbeing konten agebyag wongsa kariya katingal ambetha tilem wonten salu, pun turut gupuh lumebet ign wisma belng lajeng anamakaken dadamelipun ingkang sampun kaliga, mak gecrus kenging ing lempeng kiwa terus naratas ing igir, ngantos kacep ing gonja, sakig sanget kaget saha panjolanipun wongsakariya, ukiranipun ngantos

jabut dhuwng taksih tumancep ing lempeng, wongsakariya sambat ngadhuh garegah lajeng nyad ngadeg dhuwung ingkang tumancep inglempeng inggal katarik piyambak ceprut rah sumembur, sasampunipun kenging ponang kat gaba badhe kasarungaken wadhukipun turut pun turut prayina tranginas anagkis kaliyan epek-epek kemawon sarta lajeng malumpat minger ing ngiringanipun Wongsakariya wasana dhuwung kenging karebat dening pun turut malih lajegn katamakaken kenging baunipun kering, Wongsakariya saya sanget kruranipun lajegn antrangsang ngrebat dhuwung, gentos kenging wongsakariya gentos kenging pun turut kantos sawatawis dangu denira ujeg-ujegan arebat curiga, rah ajeng wongsakariya saged nyembi tulung-tulung, wasana katungka dhatengipun para tandang, pun turut lajegn kacepeng ing kathah sarta tinalikung, wongsakariya karaos sakit lajeng rebah agereng-gereng, ing ngriku para tandang saweg sumerap bilih wongsakariya nandhang kanin sarehning para tandang sampun mireng ingakgn dados nalar nalaripun ngajeng mila boten mawi pitaken malih malih, pun turut lajegn kaladosaken ing dhistrik Gesikan panewu dhistrik sasampunipung rampugn pamriksanipun pasakitan terus kaladosaken ing kabupaten dene wongsa kariya ktandhu, pasakitan kadangu ing ngarsaning parentah ngaken kemawon namung katarik saking daya bentering manahipun, wonten satunggiling prayantun garap sanget anggenipun ngungun apitaken dhateng pun turut e turut ko kapati-pati timen gonmu nglabuhi lara pati marang si tompo dene rupane kaya cenggutru mangkono, pun turut wasis amangsuli: e dara boten sak bongsa sampeyan mawon kodrating Allah punika sadaya sampun wonten pipilahanipun piyambak sarta mawi undha-usuk liripun sak kula anjongka tiyang ayu ingkang utaning priyantun rak inggih nglenkara satus kethi mokal kalih dene malih sampun jamaking tiyang jaler wiwit jaman kina mekina tiyang rebat wanudya tohipun nyawa, empuripun karaton ingngalengka wiwinih inggih prakaqwis putrri adi, pejahipun prabu Kalana jalaanipun inggih rebat putrid, ing ngriku para pryantun sami gumujeng ger, pun turut lajeng kaeenggenaken ing wisma ingkang dipun sirik tiyang kathah, wongsa kariya kaenggenaken ing panti pamulasara, dene pun tompo saha saksi saksi kalilan mantuk samongsa mongsa wonten tarikan kemawon kadhawuhan sowan malih.

Kala pasakitan Turut airit dhaeng kunjara wedalipun saking kantor sasarengan pun tompo, pasakitan turut nedha lilah juru pangirit kendel ingjawi sakedhap prelu badhe wicanten sakedhik kaliyan tompo, pun tompo lajegn kapurih kendel sareng sampun sami kendel pasakitan turut amrepeki kaliyan tembung manuhara, dhuh dewa taningayu kang tansah dadi woding atiku, sarehning pun kakang nandhang paukuman kaparengna aku nyuwun sangucengkir denta sakembaran kang kopingit iku, sanadyan mung dumuk rong usapan kaya kaya wis dadi mareming atiku, sarta wus cukup tak gawe sangu sajronine ana kawah condradimuka, pun tompo amitambuhi, sarta angungkuraken mangsuli sakedcap kemawon boten wasana pasakitan turut sanget anggening ngarih-arih mawi karengga ing sekar ageng maesa bayangan lampah 17.

(Dhowongayu) punapanta: runtik) datanarsa umiyat) mring dasihta (kang lagya pinusara) datanarsa nembrameng wuwus) dhomas mirah) pupujaninjgsun hyanghyangnging parakenya (musthikaning) desa ing kathithang)dhuh ariku rumrumarum) wayah toblas sasat duk kangjeng panembahan Senapati angung rum ingakgn swami kanjeng ratu kidul rekane, sekar agenging ggil punika kanggenipun wonten kamar gedhah malige retnalakar ingakgn dipun ariharih wnudya ignkagn sampun lamilami dados telenging manah saweg saged kalampahan dhawah ing pada ageng katampen ing gendhing dhawah calunthang nuju ngambah kenong barang makno adho mati aku hem yen ana santri banting kethu nyampar sreban buwang

tesbeh kuwiya yenngene iki, wasana pasakitan wau boten saged kadugen pikajenganipun amargi selak kapeksa lumebet ign kunjara
Ki Jakawuyung ing Belpita Juruwarti Br.

……baris ke 13

Ongka 17 Setu pon kaping 19 Rejeb Ehe 1820, utawi kaping 28 Pebruwari 1891

Surakarta

Ing Kedhung Lumbu ugi winastan Kampug Kedhunglumbu, prenahipun sajawining banon capuri beteng karaton ingkang pojok ler wetan ananging manawi telenging kedhungipun wonten saleebting balowarti, leres sawingking dalem riya Mataraman sapunika telenging Kedhung sarta kampong Kedhung lumbu, sampun boten wonten labetipun manawi ing ngriku tilas kedhung ageng, jalaran sampun pepet dipun griyani ing titiyang kathah, ewadene sasela-selanipunng griya griya wau, sitinipun sami teksih membut mebut sarta tamtu nrucuk kathukulan lumbu, utawi uwir angedalaken toya alit kimpleng-kimpleng, makaten malih sawetan dalem riya Mataraman wonten kuburan ingkang dipun pepetri kapager banon mubeng, inggih punika kuburanipun kiyageng Sala, ingkang sakawit dhudhukuh wonten Sala, kala dereng dados nagari, wondene kedhung lumbu, kala dalem ing Riya Mataraman taksih nama ing Kusumadilagan pancen misuwur sanget singitipun kathah para tiyang ngriku manoni bujengan elok-elok kadosta: ulam ingkang sawarni kados gereh, welut pethak welut sirah kalih, sawer pethit cawng, wasana enggal punika, kala kaping 5 januwari ingkang kapengker, rare kedhung lumbu nama SArijan wanci sonten mincing welut wonten sawingking griya, angsal welut rentengan dene patrapipun welut ingkang nedhapancing wau sareng katarik pethitipun dipun cokot ing wrlut welut ingkang nyokot pethit wau pethitipun ugi dipun cokot ing welut makaten sapiturutipun ngantos reteng sadasa, rehning rare sampu nakil balek sumerep ingkang kados makaten tanpa sambat naming lajeng sumaput welut lajeng bibar piyambak-piyambak nanging sarijan tobat rurun pitu yen mancinga malih. (Kintunan.)

Kala wau dalu kinten wanci jam kalih, kula pinuju tilem kaget miring suwantenning tiyang alok ayo-ayo, boten saronta kula lajeng tangi sarta ambekta dadamel awit kula kinten tiyang ngoyak pandung, sareng lampah kula dumugi radinan ageng salering parapatan Gemblegan kula ugi miring alok nanging aloking para taruna nynegkok lguning gendhing Loro-loro, salendro pathet manyura) sasampuning dhawah gong lajeng dipun senggak ki makaten Inkwedripir, loro-loro Surakarta, sapiturutipun, kula lajeng angusap dhadha sarta wicanten saleeting batos dadi pangrungu ku aye, ayo iku mau loro-loro, sareng sampun kapengker kaliyan lampahing para taruna lajeng mantuk dhuh para kawogan menggah patraping calunthangan ingkang makaten punika punapa boten pantes manawi lajeng anampenana sapu dhendhaning nagari sapantesipun ananging sarehning wontenipun bengak-bengok wau sampun sawatawis dalu dadospryantun ing kawogan ambawahaken sampun sare apa ora rundha lagi ngaso keturon.

Rencang kula nama pun Kramanaya, dipun kengken kaliyan bapa kula tumbas ses sagobang, artanipun gobangan wusana sadumugining griya naming angsal ses pangaos sadhuwit dipun pitakeni wangsulanipun ingkang sadhuwit ical dados bapa kula badhe kurda boten saged ananging lajeng gumujeng kemawon, sumongga para maos kula aturi galih bab icaling arta ingkang sadhuwit punapa cuwil punapa kados pundit, rak inggih ragi aneh ta: nun.

Kala dinten malem Jumungah tanggal kaping 27 Pebruwari, kinten wanci jam ½ 4 griyanipun singkek sade bakmi, nama Kisamoa, ing kampong saragen ken kaparak tengen Bttastha katman sanghyang brama, ingkang saking pandameling durjana, ngantos telas griya tigang wuwung, wasana saking pamuhi kula, para kawogan lajeng andhawahana cawis toya utawi kopoh, awit jawah sampun wiwit ngarang-ngarangi.

Pethikan

Ing dhusun Kajawang dhisrik Karanganyar (Bagelen) wonten pelikanipun padhas alus kenging kadamel dadosan kandos ta kadamel potsasekaran saringan toya tuwin sanes-sanesipun eman sange dene pirantosipun titiyangjawi kirang sae, sarta juru pangukir kirang pinter, saupami wontena bongsa Eropah ingkang karsa ngadani, amesthi badhe dados panggaotan ageng, sanadyan naming sasaged sagedipun ewadene ing dhusun kajawang wau sapunika sampun katingal reja, kathah titiyangipun ingkang sami gigriya.

Nalika ing dinten Setu kaping 14 Pebruwari punika, wanci pukul 4 enjing, lintang kumukus katingal nanging boten patos tetela, namung anggembuleng kados rembulan badhe andhadhari.

Eyang Ngarub ingkang amitongtonaken bir sarta mendanipun angalaya bumi, saleebtipun 1890 kendel wonten ing Batawi, wonten ingnrgiku sampun boten pajengan biripun lajeng dipun culaken sapunika nglambrang dhateng padhusunan sabanipun ing wanci dalu sampun wangsul kados bir wanan andekepi menda tuwin sagawon ayam inggih doyan adamel tintrimipun tiyang padhusunan bokmanawi benjing amanggih tiyang inggih dipun dekep, kados pundi tae yang, dene kala kuan sampeyan mekaten arak damel kasusahanipun para wayah kathah, anggen sampeyan tegan punika teka boten sampun sampun ambalithuk tiyang warasan: baud mawi sarana: undhagi, pnika sampun satengah pejah, sapunika sampeyan culi bir urip-uripan arak mejahi tiyang, setun angeculaken punika menda, rari wonten emperipun dhepila lah sampeyan gule, pulisi kaatura nyirnakaken bir arab punika, sarta kaaturan munjung rol ladhah dhateng eyang Arab.

Tiyang agami Kristen ingkang sami manggen gagriya wonten ing kitha Yongtewisin (nagari Cina) sami dipun pejahi dening ongsa Cina ingkang sami manggen gagriya wonten ing kitha Tekosin nalaripun kacariyos kados ing ngandhap punika:
Pakumpulanipun titiyang Cina ing kitha tekosin ingkang mawi tondha aksara Lewiso, punika adamel bujana ageng ngantos pinten-pinten dinten rampunging bujana sami adamel pratondha wonten sangajenging tepekongipun punapa ingkang kedah dipun lampahi, anggenipun adamel praotndha wau sarana barang nama Powapwe, pinanggih ing sasmitanipun teTepekong titiyang pakumpulan wau sami adamela piawon dhateng titiyang ingkang malebet agami Kristrn inggih lajeng sami dipun lampahi, ing wanci dalu para pakumpulan sami anebak ing griyanipun tiyang bongsa Kristen wau, barangipun dipun jarah-rayah, griyanipun dipun obongi tiyangipun dipun pejahi, ngantos pinten-pinten dinten anggenipun damel piawon makaten wau, tiyang ingkang pejah pinanggih kalih dasa, sarta sami kaesi-esi pejahipun kadosta: dipun kethok-kethok dipun kuthungi tangan tuwin sukunipun jisimipun dipun kelekaken ing nglepen tuwin dipun obong ing latu murub ingkang boten kacandhak sami lumajeng pados pangungsen enjingipun para pakumpulan anglajengaken padamelanipun awon anibakaken pakampungan sacelakipun panggenan punika, badhe kanjarah-rayah sarta amamejahi malih, nanging kecelik ing ngriku sampun pinanggih suwung, namung amanggih tiyang satunggal lajeng dipun pejahi pisan piawon ingkang anggigirisipunika, pulisi dereng karsa anyaruwe, agengipun nanggulangi namung dipun kendelaken kemawon ingkang makatenpunika anelakaken bilih ing nagari Cina dereng kadunungan musthi kaning kautamen sarta budinipun dereng padhang kados budinipun bongsa Eropah, taksih peteng dhedhet alimunan.

Mongsa Bedhidhing ing nagari ERopah
Mongsa bedhidhing salebetipun taun punika ing tanah Eropah sakalangkung banter, pakumpulan ingkang nama Isplu ingkang sampun 8 taun laminipun boten nindakaken padamelan sapunika mitulungi dhateng lampahing para kapalapi ngantos pinten-pinten atus tiyang, boten namung mitulungi wonten ing selat Tanurse kanal nanging mitulungi kapalapi KOnengin emah ingkang badhe bidhal dhateng Batawi, sarta kapalapi prines Pan Oranye ingkang badhe bidhal dhateng Indiya Kilen.
Toya kenthel sanginggiling selatan sakalangkung kandel sarta para kapalapi dhasaripun sami kacep ing toyan kenthel ngantos satengah meter, pinten–pinten kapalapi sami kendel wonten pintu air, boten saged malebet utawi medal.
Namung ing Roterdham sarta ing Plimingen ingkang taksih kenging kaambahing baita layer, saged mitulungi dhateng kabetahanipun tiyang sajawining nagari.
Ing Plisingen wonten kapalapi 40 baita layer 30 sami kapeksa kendel sarta botens aged angsal pangenan prayogi.
Ing lautan Nurse sangajenging kitha Katwika antawis wonten 1500 meter dumuginipun ing laut ingkang ketutup ing toya kenthel.

INgkang ragi suda asrepipun namung ing tanah Enggris ingkang ukuranipun pinanggih 27 utawi 28 grad nanging ing tanah Dhitslan langkung asrep ukuranipun pinanggih 20 dumugi 30 grad sangandhaping Nil.
Ing kitha praporet ing Lepen Min wonten tiyang 7 ingkang pejah kamikekelen.
Ing Ostenrik salaminipun dereng nate wonten mongsa badhidhing kados sapunika, ing lepen dhono sacelaking kitha WEnes toyanipun ngantos anjendhel babar pisan.
Ing kitha Grastit ing Bohemen wonten grajanipun rebo deing banteripun dhawah ing salju sarta prahara, kathah titiyang ingkang sami manggen ing ngiku, nanging sami wilujeng boten wonten ingkang nadhang sangsara.
Ing kitha Trihes tansah katrajang ing prahara sakalangkung ageng, kathah pipa pipa pabrikingkang sami ambruk sarta urut margi titiyang lumampah sami amangsal tangsul dipun angsalaken ing tombok sarta pal kangge gujengan amargi manawi boten mawi gujengan asring kabuncang ing lesus ngantos saged dhawah ababak-bundhas.
Ing dhusun bawah kitha Trihes wonten griya kakalih rebah, ingkang ngenggeni boten ngukup pinten kathahing peppejahpuunika dereng terang, ing laut trihes wonten tiyang pejah 8 sami kamikekelen.
Kapalapi Orel badhe ambekta saradhadhu 1400 kecepit ing toya kenthel wonten tengahing lautan boten saged angsal pitulungan para awaking baita sarta para saradhadhu wau sami kapeksa mudhun saking kapal angambah laut ingkang saengga dharatan dhateng dharatan.
Wonten malih kapalapi Ostewik kakalih Enggih titiga, rus pipitu, sami kecepit wonten ing tengah lautan.
Lampahing kapal ing lepen Tenen sapunika kendel langkung malih ing kitha Londhon pinten-pinten ewu tiyang ingkang sami kausahan dening wontenipun toya kenthel punika, ngantos angebaki padununganipun makaten ugi ing Amerikah ler ingggih kasusahan dening wontenipun toya kenthel sasarengan kalian angina topan, pinten pinten karugiyanipun para juragan layer, wonten palapuran dhaeng kalipah amargi saking angina topan wau titiyang mendhet ulam ing laut sarana baita, punika pinten pinten atus baita ingang ical boten kantenan dene tiyangipun 40 ingkang sami pejah kabalabak.
=========\=================
Gek anggen kula boten rumaos cubluk kemawon kados pundit, bilih kula anggagas kagunanipun tuwan Labarman pujongga ing kitha Masili, sareng kula timba kaliyan rencangipun tuwan Ing Selagana, kasagedanipun kaliyan kula rame kemawon lapunapa wonten tiyang sampun gadhah anak pitu, kula tukeni umuripun cariyos saweg sawindu, mongka anak ingkang sepuh piyambak anggenipun lair kala banjir ageng ingkang rumiyin lo na mongga ta para saged kagaliya, sawindu p[unika dipun manah pinten taun o sampu malih punika tiyang dhusun nadyan tiyang nagari inggih wonten ingkang cubluk kados kula, suprandosipun saweg saged e b c, kemawon lajeng ngemba para garit boten rumaos bilih pitonjo binados kula kemawon D.A.
==========\==================
Utgandri, kaget aku, tak arani saa jebul cekel Endralaya, dumarojog rawuh karo malangkerik, lo apa gudhige wis padha nglethek kok wis mathentheng, coba ak cedhakane, o salong during, e cekel Endralaya pamancah sampeyan dhateng D.A. tuwin dhateng jaka busuk kok sepa tanpa rasa, eh prayogi ngupados uwos kaliyan bumbu rumiyin, bilih sampun angsal kapamerna dhateng pasamuwan sanadyan rawuh kaliyan malang kerik wonten wosipun bumbu ingkang pepak dados boten cemplang, ah sampun mindhak ddawa gabug.
Gentos rujakmuni sampeyan mathentheng kula keploki.
Pun Jaka clunthang kadanging Jakasasana.
==========\========================
Katur ingkang para awig carita
Kula nuwun ibu endhang kilatawarga, kala kula taksih rare sampun maos serat pustakaraja purwa, ingkang nyariyosaken bantahipun sang prabu dipayana ing Ngastina, kaliyan sang prabu Gandprawa, bab patrap lampahipun para luluhur mugsa, teka sanes-sanes lekas sarta tekat dipun saha sami kathah tondha sagsinipun ingkang dados piyandeling manah kula, ananging sarehne sampun lami sanet dados sampun kasupen aluranipun ing nalar,

Ingkang punika ibu, kula nyuwun mugi kaparenga ing panggalih andhanganaken paring pitulung saserapan ingkang prelu kemawon badhe sapinten munpangantipun dhateng para taruna ingkang kados kula, saha kula anggep gurunaddi lair batos ing pundit dalemipun ibu ingkang temen kula sanggem sowan anglebur tapak tilas sangking temen kula anandhani nama seratan kula piyambak
Kula kipatih Sucitra.
=========\=================
Wangsulan dhumateng Wiranirbaya.
Sapunika mongsa kawolu, wedaling candhuka saking rongipun ambyur ing jajembekan adamel raras sasenthonan gupyuk tanpa irama, ngantos angebeki lalongkanganing jagad tujunipun kasentor dressing bajrapati, dhawahipun ing wulan Pebruwari punika anyirnakaken ruharaning swara awon punapa sampeyan mngretos pasemon kula punika, mangretosa inggih \lunjak-lunjak tarkadhang lintu serep candhuka punika sampeyan wastani tahu goring, sampunta sampeyan mupus paman leres pamurih kula prayogi sampeyan jajal-jajal maos kemawon rumiyin benjing manawi sampeyan sampun saged nyerat mawi gatra, ngretos dumugi saukara, lungsi, ngretos lan manawi sampeyan sampun saged nyerat murit boten nyigeg ta, ananging, da, ngretos punika pitaken sampeyan badhe kula jawab lajeng sampeyan rawti ingkang primpen tumunten sampeyan ripik-ripik malih.
Sayektosipun kula punika sampun aras-arasen rebat kawruyh kaliyan sampeyan awit boten wonten kawruh sampeyan ingkang enggel sadaya namung remeh-remeh kemawon dados sampun sawit kaliyan anggen kula munjung jujuluk paman remeh.
Malah kula angsal wawales ujar awon sampeyan padhakaken beyo sarta jalak saupami sampeyan kula wales kula wastani thi thi ngu wit kas pundit.
Sampeyan punapa sampun maos dongeng, bilih panyepaking kuldi punika boten wajib dipun wales suwawi sampeyan badhe sinten ingkang nama kuldi.
Sampeyan ngaken pancen boten niyat wanuh kaliyan kula, wit na kula ampuna sampeyan cawadi boten sir sapocapan kalih tiyang dhagelan ingkang kados sampeyan.
Sadaya wicanten kula namung sampeyan anggep oceh ing beyo, leres amargi tiyang dhagelan boten mangretos pangandikanipun tiyang luhur, lo marengut si dhagelan sampeyan ngaken bodho nanging remen budi indhaking kawruy, tatakien dhaeng para saged leres kaping 2 la sar kedah makaten ananging ingkang kalayan sarehning solah bawa, sarta manising ngulat dados saged mamaladsih, boten kados sampeyan ujug-ujug banjur mencak-mencak ngajak padu, kaya cina singkek utbilahi koncakalebon cina gundhulan sampeyan mastani bilih saged kula namung saged sagedan punika boten pisan gempal manah kula, awit panjenenganipun jaka lengkawa, juru ngluhuraken sarira, sanyatapinter boten kados sampeyan sidhagelan bisane mung nyanyambat.
E dhagelan cina gundhul lan wiranirbaya, sampeyan mastani watek kula kados kidang, lowung, tinimbang sampeyan wong ora idhep ngisin anggung dharudhus kaya wedhus wis kalah kalah ne kat nunjang bae, e si domba becik di singkiri, nek numbuk babak kedhengkul nanging leres ping 3, awit sampun adatipun tiyang dhagelan punika makaten.
E bewok Wiranirbaya, sampeyan taken sawatawis tembung, sarta bedaning tiyang rucah ingkang kados sampeyan kaliyan tiyang enggel inggkang kados kula, la, pitaken sampeyan tembung punika, sampun mratandhani bilih tiyang rucah, iyah kok tumambuh sigembel arata basa dithungi ebug banjur nubras-nubras mengko rak mecahke piring, pitaken sampeyan embung ingkang makaten malih kula jawab, tiyang pitaken sampeyan tembung ingkang selehipun dhateng Sinoniem boten kulajawab kok awit kula sangsaya isin dhe ora wruh yen kapiyak wadine si prucul.
E Gibas Wiranirbaya, sampeyan pitaken punapa kula boten isin dipun kepang para widayaka, anggen kula bantah kaliyan sampeyan tiyang dhagelan lo isin isin ora kalah ki isin, e isin dhik dene panjenengane priyayi luhur paduka ro wong dhagelan.
Tangan kula abuh, jalaran sampeyan thuthuk ingjidharan awak kula gluprut endhut jalaran sampeyan banting, tujunipun ingkang sampeyan banting namung wayangan kulal, sarta pangraos sampeyan piyambak tabetabe tangan kula badhe nyampluk pasuryan sampeyan sampeyan saya gugup pukul angina agedhuwet namung ta wang-tuwang, saya cekak napas sampeyan boten sande krungkep kados wicanten kula rumiyin sampeyn ta paman sampeyan

mantuk aluwung sampeyan momong anak tinimbang rapik-rapik kawruh mindhak kringetan tur boten maedahi menggah ing badan sampeyan anggen kula taken sampeyan teka boten isin gadhah pitaken sinoniem mongka kula ingkang sampeyan takeni kemawon isin pnika sayektos liripun makaten paman bab kasusastran ingkang sampun kula cakup saking piwulangipun guru kula, punika sakalangkung weit kados upaminipun suleking mano sampeyan nganmbah wonten ing papeteng, panjenenganipun jakalengkawa juru anggunggung sarira, saweg kemawon mentas saking ing panggenan punika, kantun sampeyan piyambak ingkang taksih wonten ing ngriku sarta tansah gagap-gaagap.
Kaserat ing witadya kaping 10 Rejeb Ehe ongka 1820
Jakalengkawa.
==========\==========
Sambetipun cariyos bab pangremekan tuwin lampahipun rah.

Ati jantung punika tansah melar mingkup kemawon dene melar mingkupipun wau kenging dipun raosaken saking keteging dhadha sisih kiwa (pener susu kiwa) saha ebahing keteg boten ajeg nanging saya sepuh sangsaya lemper (tamban).
Keteg ati jantungipun jabangbayi punika ing dalem samenit 130 ngantos dumugi 140, tumrapipun tiaygn ingkang sampun akil baleg ing dalem samenit kegegipunnamung 70 dumugi 80, dene keteg ati jantungipun tiyang sepuh ing dalem samenit namung 60 utawi kirang saking samanten, nanging asring wonten sabab ingkang adamel rikat lamphipun keteg, inggih punika manawi tiyang pinuju nesu, kaget ajrih, sakit sasaminipun.
Nalika ati jantung pinuju mingkup saged angedalaken rah ingkang wonten salebeting sendhongan nanging wedalipun punika boten saged dumugi paningrat amargikapelagan dening kendhangan ingkang wonten lompongan saantawising paningrat kaliyan senthongan ingkang nalika punika saweg amingkup ing ngriku rah lajeng mili turut otot nadi, sarta boten saged mangsul mili malih, amargi tansah katrenjel dening rah ingkang mili sawingkingipun langkung malih turut otot nadi wonten kulitipun pinten pinten ingkang wonten sauruting bumbungan margi rah, minongka segogan supados rah boten saged wangsul malih.
Menggahtiyang ingkang sampun akil baleg rahipun 10 dumugi 14 kilogram rah samanten kathahipun punika anggenipun rumagang puter namung ing dalem kalih menit katranganipun kasebut ing ngandhap punika, .
PUteraipun rah ingkang kapara panjang, inggih punika saking senthongan kiwa dumugi paningrat tengen.
Nalika senthongan kiwa mingkup saed angedalaken rah resik ingkang wonten ing ngriku, lajeng mili turut otot nadi tuwin epang-epangipun sadaya, wondene peranganipun badan ingkang boten patos kandel dagingipun saged katitipriksa ugi mesthi karaos bab ilenipun rah wau, kadosta ing pilingan ing ugel-ugel ing lekik-lekikan utawi sanesipun sasampunipun rah mili salebeting otot nadi ingkang kalangkung alus ngantos dumugi kulit tengah, rah lajeng manjing salebeting epang otrah, amargi ingngriku ugi enggen tepang pucukipun otot nadi kaliyan pucukipun otot rah, inggih kados ingkang sampun kapratelakaken ing ngajeng rah lajeng kenging rereged jalaran sadaya jasad ingkang prelu saha ingkang manggen wonten ing ngelebet pigunanipun sampun kalap dening badan, wah malih rah lajeng kaworan reregeding badan ingkang sampun boten wonten paedahipun, wondene epang otot rah punika mawi sambet sinambet wekasan ingkang umanjing dhumateng salebeting atijantung kantun awujud kalih, katrangganipun mangkaten: ingkang satunggal angwedalaken rah reged saking nginggil satunggalipun ambekta rah reged saking perangan badan ingngandhap, wiwitanipun rah manjing salebeting paningrat tengen wsana manjing salebeting senthong tengen.
Taksih wonten sambetipun
Trunadongsa.

Ongka 18, Salasa Legi kaping 22 Rejeb Ehe 1820 utawi kaping 3 Maret 1891

Surakarta

Kala dinten Kemis kapengker punika, kula pinuju tuwi sadherek kula dhateng kampong Mangkupuran sareng lampah kula dumugi ngajeng regol Arjawinatan kula kaget sumerep lare kathah kinten langkung saking 40 sirah, wonten salebeting palataran ing Arjawinatan dene rare wau wangunipun kados pranakan bajingan ing ngriku pinuju wonten kuwanuhan kula, kula lajeng pitaken punika rare punapa, wangsulanipun punika kere ngemis kula pitaken malih, kadospundi teka rare ngemis ngantos samanten kathahipun punapa sampun padatanipun sarta punapa sampun leresipun kere ngemis dipun umbar kemawon wangsulanipun ingkang kula takeni, manawi babpangemisipun inggih sampun adapt saben malah kala rumiyin saben dinten sapunika naming pendhak senen kemis dene prakawis keningg lan botenipun kere ngemispunika kula kirang terang, gus sampeyan manawi kasumerepan kyai andon (kintunan)

Saben ing ditnen Jumungah bakda sembayang luhur, ing gapura sarta ing kori butulan masjid ageng, pinten-pinten kere sami priman dhateng priyantun ngulama ingkang saweg sami mundur saking masjid ageng, leres para kere sami priman dhateng priyantun ngula,a, mujur arta jakat pitrah sarta sarakahingkang boten nate kejambar, emanipun teka sami medhit, para kere punika dede kere ucul uculan saking wangkung (Kedhung Kopi) ananging pancen keree ngumbara, punapaha boten dipun kalempakaken dhateng wangkung nungggil kaliyan kancanipun kere kathah, sayektosipun paring dalem ingon dereng paja-paja anyekapi, saking kathahipun kere, menggah kathahing arta ingon kados ing ngandhap punika.

Paringdalem……..f 104
Saking nagari……f 106
Saking kanjeng tuwan residhen……f 40
Saking Mangkunagaran……f 40
Saking para pangeran……...f 25
Saking para bupati……f 25
Saking kapitan Cina……f 25

Gunggung…….f 335

Kathahing kere kirang langkung boten kathah kados satus salawe tiyang, tedhaniun kasanggekaken ing Anwemer, kere satunggal nedha kaping kalih 12 ½ sen kaping 30 dados 3 rupiyah 75 sen kaping 125 tiyang dados 468 rupiyah 75 sen blonja upsinder 40 rupiyah mandhor sakawan 16 rupiyah gunggung kumpul 524 rupiyah 75 sen lisah tuwin sanes-sanesipun dereng kapetang punapa malih wragad manawi wonten kere pejah ugi dereng kapetang, sarehning gunggunging yatra ing ngon wonten f 524, 75

Papancenipun naming wonten……. 335,00
Kirang…….. 189,75

Dereng resik punika ingkang anambahi kanjeng raden adipati, saking kagunganipun yatra piyambak.

Kala rumiyin tedhaning kere boten kakirangan mila awis kere ingkang nglambrang, saking pundit pikantukipun urunan malih, punika saking para tuwan tanah sami suka panjurung, ananging sapunika sami kendel sadaya bokmanawi kagalih kirang paedahipun ingkang taksih lestantun suka panjurung naming kantun tuwan tuwan tiga sarta gugungipun naming sakedhik sanget ewadene pantes pinuji menggah ing kadamranipun wau, inggih punika tuwan Sekol sarupiyah tuwan godlip kiliyan sarupiyah sarta twuan Winter satengah rupiyah, liya punika boten wonten,

Ing mangke sarehning kakirangan wau naming kasanggi dening kanjeng raden adipati piyambak sarta dereng montra-montra anyekapi kangge prabeyapanglempaking kere, kajawi naming manawi pakumpulaning para tuwan tanah anyantosani suka urunan malih kados ingkang sampun sampun punika badhe kaleksanan sae, amargi manawi boten wonten yatra sewu rupiyah ing dalem sawulan boten saged anglempakaken buyaripun para kere.

Para Laksmi ing Setubanda, badhe kateteesan tirta kamandhalu, panguwating cintraka, nanging sami lenggana, temahan angejawantah sami palakrama angsal sacandhakipun, ing dinten wau para laksmi ingkang palakrama langkung saking tigang dasa, kyai pangulu agaleges dene wonten lalampahan widadari nambut silaning ngakrama, kados sae impenipun pikantukipun srakah upami 5 rupiyah kaping 30 dados 150 rupiyah, sanggan sajenipun dados pinten pinten jodhang, mujur weh, menggah para laksmi wau aprajangji badhe boten nengen sarta badhe amangsulaken tamu ing wanci dalu, saking temen-temenipun boten kadugi nyanggi imbar supaosipun dene manawi jogged sarta sindhenipun taksih kalilan, wethe: kathahipun kalempaking yatra srakah, toblas……mesem ta mas Naib kosokwangsulipun kedah dana dhaten gpengkir maskin elo.

Ing nalika dinten Setu Legi kaping 12 Rejep punika, wanci pukul 11 siyang tiyang nami kramadongsa, kuli dhusun ing Patrasaren, (Jatinom Bayalali) menek uwit nongka perlu pados gori, dadamelipun arit dipun sengkelit wonten ing lempeng kiwa sareng mudhun dilalah nyarengi kalayan apesipun anggening gocekan pang mrucut dhawah mak bleg arit ingkang dipun sengkelit wau katanggor ing ngondha brabag lempengipun kiwa ngantos tatu panjang 1cengkang, ananging kramadongsa wilujeng dereng dumugi ing janji.
Lurah bekelipun kramadongsa, lajeng lapur dhateng prayantun pulisi ingkang kawogan, prayantun pulisi lajeng titipariksa dhateng ing Blabag sasampuning rampung anggenipun nitipriksa kramadongsa dipun dhawuhi badhe kaladosaken dhateng ing kabupaten Bayalali, supados dipun pitulungi dening tuwan dhokter, aturipun mopo boten purun, awit tatonipun wau sampun boten kraos sakit punapa dene badhe pados jampi piyambak kula lajeng mantuk kilap wusananipun.

Toya sendhang sakidul dhusun ing Kranggotan (Ngupit) Klathen samun wiwit kina makina kenging kadamel angusadani tiyang ingkang nandhang tatu gedadak, mila dhusun sakiwatengenipun manawi wonten tiyang ingkang nandhang tatu gedadak lajeng amendhet toya kranggotan wau, kausapaken sakiwatengenipun ing tatu, boten ngantos sapeken adapt ingkang sampun kalampahan lajeng mantun.
Katandhan Tunggakjati.
=====\================
Tatunipun Kramadongsa punapa kapupuh ing toya Marta wau, teka enggal saras
Jurugubah.
=========\==========
Pethikan
Ana begjane ora ana dahulate, barang colongan di begal nguwong.

Nalika kaping 28 wulan Januwari kapengker punika, babah K ing Jatinom (Bayalali) kedhatengan lare estri nama tukinem pangakenipun lare saking Ceper, nanging sayektosipun lare saking nagari, sarta sampun julig, kaleresan babah K pancen pados rencang, mila panedhanipun ngenger dipun tampeni, sareng tukinem wonten ing ngriku angsal 3 dinten babah K badhe dhateng peken kaliyan semahipun pun tukinem dipun ken tengga griya, sapengkeripun babah K pun tukinem lajeng mendhet arta ingkang wonten pasimpenan kathahipun 25 rupiyah, sarta sengkang regi 5 rupiyah, pun tukinem lajeng minggat sumedya mantuk dhateng nagari, sadhatengipun babah K saking peken sumerep pun tukinem minggat sarta ambekta yatra kaliyan sengkang, lajeng lapur dhateng pulisi.
Pun Tukinem lampahipun dumugiing dhusun Pangelon Gedalon ing ngriku nuju wonten tiyang badhe gadhah damel pun tukinem lajeng mampir mawi ula-ulas nymbang satengah rupiyah, sarta gadhah panedha kendel sumedya sipeng ingakng gdhah griya nama Mertawijaya inggah andhangaken, sareng wanci jam 7 sonten pun tukinem gadhah kajeng badhe anglajengaken lampah, nedha eter dahteng mertawijaya, manawi mlampah apiyambak pun tukinem ajrih, amargi bekta barang akaliyan yatra, panedhanipun pun tukinem wau inggih dipun pituruti, lajeng dipun teraken dhateng Mertawijaya.

Sareng lampahipun dumugiin gPlembi, pun tukinem dipun pasrahaken dhateng tiyang nama Iradikrama, supados aneterna dumugi nagari pisan mertawijaya wangsul mantuk pun tukinem kaliyan iradikrama anglajengaken lampah,s areng Mertawijaya dumugi ing griya anggas bab anggening mu badhe gadhah damel kakirangan wragad lajeng tuwuh engetanipun awon ciptanipun E aku bodho ngendi ana wong pancen oleh rijeki teka dadak tumambuh, barang lan dhuwite bocah wadon mau apa dudu paringing Allah. Mertawijaya lajeng ngajak tiyang satunggal anyegat lampahipun tukinem medal margi sanes ingakng murih enggalipun ketututan sarta sampun irantos ambekta tangsul sareng lampahipun dumugi dhusun Karang, pun tukinem saged ketututan iradikrama dipun purih wangsul mertawijaya piyambak ingkang badhe ngateraken amargi ngiras damelipun piyambakipun badhe dhateng Sala, iradikrama inggih lajeng wangsul mantuk sareng lampahipun tukinem kaliyan mertawijaya sakanthinipun dumugi tengah jurang, pun tukinem lajeng dipun wasesa, cangkemipu ndipun seseli sinjang, tangan sukunipun dipun tangsuli dados satunggal babektanipun barang tuwin arta dipun pendhet pun tukinem gumluntang wonten patengahing jurang boten saged sasambat amargi cangkemipun dipun seseli sinjang wau dados tasnah mangap kemawon rahajeng terng boten jawah upamiing jurang wontena toya nipun ageng amesthi pun tukinem sampun dados bathang, sareng wanci jam 10 enjing wonten tiyang ngarit nama Twijaya ing dhusun Karang, langkung ing jurang punika sumerep pun tukinem kinten bathang, sareng dipun cedhaki mripatipun kethip-kethip cangkemipun dipun seseli sinjang, tangan sukunipun dipun tangsuli dados satunggal tawijaya nginten bilih tiyang mentas dipun niyaya ing tyang, lajeng dipun pitulungi, sartalajeng dinladosaken ingkadhistrikan kapriksa ngaturaken sawantahipu Mertawijaya dipun cepeng dados pasakitan griyanipun kagledhah naming kapanggih cihna arta 11 rupiyah prakawis minggah pulisi rol tukinem kapatrapan paukum krakal 2 wul katetepaken dados ami at sakin gsangengeran sarta mertawijaya kalerem minggah pradata, tukinem lajeng manjing dados saksi ongka 1 bab anggenipun dipun begal.
Menggah prakawisipun tukinem wau punapa sampun leres naming kapatrapan paukuman krakal amargi ajinipun bang langkung saking Rp.25.

Iman dikrama ing dhusun Sugiyan (Tengaran) gadhah mitra sae namamita, ing kampong Salatiga, dipun purih nyadekaken lembu kathahipun kalihwelas inggih sampun kalamapahan nanging pun Mita cidra ngubaya, sareng lembu sampun pajeng, yatranipun boten dipun sukakaken nanging lajeng minggat boten kantenan purugipun imandikrama sareng miring sangt kagetipun sarta lajeng anglacak purugipun pun Mita dumugiing Surakarta saged pinanggih wonten ing bambib saweg nyeret timpahan guling, lajeng dipun cepeng, nanging artanipun sampun dados awu amargi tansah binesmi rinten dalu salaminipun minggat.

Ing dhusun Ngleses bawah kabudidayan Prambonan dhistrik Prambanan (Klathen) wonten tiyang jaler ewah nanging para warisipun sagah anjagi piyambak dados boten kaladosaken dhaeng parentah kakunjara wonten ng Klathen ing wanci jam 6 enjing tigyang ewah punika ucul saking cancangan sarta angsal dadamel berang, lajeng kesah malebet ing griyanipun tiyang sanes ingkang gadhah griya tiyang estri taksih tilem lajeng dipun gorok gulunipun ngantos pedhot sarta awakipun dipun cacah-cacah ngantos mumur, wusana cacahan wau dipun tedha, Ah biyen apa turune wong dhayak sineh.Tiyang ewah punika lajeng dhateng nglepen kepanggih kaliyan tiyang etri ingkang saweg badhe adus lajeng dipun kepruk ing sela rainipun sata lajeng dipun berek gulunipun ngantos pdhot sirahipun dipun jur kaliyan sela, ah arane wong edan mongga temen agawe piala mengkono menyang wong kang tanpa dosa
=========\==========

Jakawuyung, anggen sampeyan rengeng-rengeng sekar ageng maesa bayangan kalintu leresipun mangakten sekar aeng maesa baytangan lampah 17 pedhotaning lampah 5, 5, 7, wangul kaping 4, salendro pathet manyura, cobi cobi sampeyan miringaken ingngandhap punika kula rengeng-rengengaken.
Srinaranata\junasasra\lansang narpadayinta\\ wus ntiih rata\\retnanindhita\\ paradyah garwadhomas\\ sarta parekan\ mawongan cethi\ munggeng wahananira\ sajurujuru\rinakit marang\ sang ngapatih suwonda\ jakawuyung, sarehning anggen sampeyan ura-ura sampun kula leresaken akaliyhan pratitis kula nyuwun opah kaliyan sampeyan sampeyanjarwani

pitaken kula punika, sabab sakin gpunapa tiyang wicanten wonten salebeting gedhong saged anganwontenaken smara kumandhang, samun nun kula badhe kapanggih, D.A. kaliyan Jakabusuk.

Es……lunga: lunga: ngribed-ngribedi wong gunem kawruh la,la, banjur lontro-lontro kwui menyan gngendi, arak jagone kuwi dicekel pisan dalon dalon mengko nglubuk D.A. Jaka Busuk Bok Cekek
Kula boten mudheng anggen sampeyan mangsuli dhateng kula, dene kok mawi GEndera-gendera, jago-jago, anggelarna tembung prasaja tiyang kula badhe boten ngapusi kaliyan sampeyan sawung, sawung sampeyan sampun pedhotan ingkang kawon wonten kambengan jayadiingratan kala rumiyin punika, la, kula angge punapa, punapa kula beleh ulamipun awot sampun ta cekakipun kula sampun narimah kawon kaliyan sampeyan mila andum wilujeng kemawon Iyah bias guyura dene, samun nun rujak gendheyo kemmplung-kemplung wonten piring, sampeyan dhahar rumiyin kula lorodanipun
Kaping 18/20 jaka suyatna.
==========\=========
Manuharanipun pasakitan turut punapa boten langkung tigang wanda, samanten ugi rehnin gtiyang dhusun inggih sampun kawical saged, saking kaengetan kula sekar maesa bayangan punika pathet salendro, inggih lers lampah 17, ananging pedhotanipun ing dalem sadirga 4, 6, 7, rambah kaping sakawan seleh pada ageng, dene gantunganipun wonten aksara 13 saben badhe dhawah dirga, o la sar sami sami sekar kawimila judheg kadhawahna kinanthi inggih nyameleng, sumongga ta juruwarti, kagrambyanga ririh-ririhan kemawon bilih pedhotanipun turut rak sakeca ta.
Parantami rah ingsun prihatin waspaniranggung mijil, tuhu dahat ingkang tanpa karya, sengkang ywarinemukan, gelung rinusak sekar nya mawur, ingkang gambir malathi, upama tyas ingsun amangunkung, mulat siradyah ari.
La punika jangkep 68 wanda, wasana mugi sampun dados panggalih.
Pun kadiya ing Kartasura.
==========\================
Bramartaniongka 4, wonten panjurungipun Jakasasana, ingkang suraos asuka panarimah dhateng jakalengkawa, tuwin jaka busuk ananging ing ngandhap mawi gondhel taksih angajeng-ajeng pamethekipun jaka suyatna ing pitakenipun ingkang punika sarehning jaka suyatna wau taksih katingal compreng dhateng atasing kasusastran budha, dados kla kemawon ingkang jarwani kados ing ngandhap punika.
Sastragruwendra, amendhet pipiritan saking coreking guwa, ingkang anganggit prabu panji Suryawasesa, ingnagari janggala manik, pangganggitipun kala ing taun surya sangkala, 1128, utawi taun candrasangkala 1154.
Kasebut ing nginggil punika lugu saking anggen kula nedhak buk, lereslepat kula mung nymanggakaken panggalihipun Jakasasana, sarehne cacikalaning pataken sampun kula jawab tur ngantos anggalepung (Jakalengkawa) sapunika kula gentos nanuwun saserepan 2 bab kemawon.

1. Wiwitipun aksara Arab kangge bongsa mutiyan sapriki sampun pinten-pinten taun laminipun.
2. Wiwitipun wonten sandi kerata, sariki sampun pinten taun laminipun,s arta ingkang nganggit sinten.

Sampun kukulun naming punika ingkang kula suwunaken saserepan lajeng sampeyan jawab ingkang patitis.
Lo, iki Jakabusuk karo D.A.wonten punapa den bagusa kaliyan ta sampu kula aturi kondur kemawon rumiyin benjing manawi sampun ragi ngantos anggen sampeyan remen ngidung, sampeyan kula aturi wangsul maniki malih, sarta amboponga sawung sampeyan ingkang sampun nate saba wontening papan ngriki, mongsa menanga sampeyan mungsuh kaliyan jaka suyatna, punika rai pinter tinimbang kaliyan sampeyan wong wis kalah kuwi bok iya bares bae ya uwis kalah ya kalah, nganggo anu, anu, sing, sing, dikandhagake, ananging para saged

rak inggihsampun nguningani dhateng galibed sampeyan sampun she sakaliyan andum wilujeng.
Selaretna kaping 15 REjeb taun Ehe, ongka 1820
Kula pulunanipun Ajar Sudana
Pun Jakasuweda.
==========\==========

Katur ing panjenenganipun Jaka Suyatna
Menggah panyobining pandangu panjenengan sampeyan dhateng S.R. sarehning samangke sawek kathah pandamelan ingkang kapurih mangsulikula, dene atur wangsulan kula kados ing ngandhap punika.

1. Kablengkik, kaliyan, kapregok.Kablengkik punika tiyang dya malampah salingkuh,wasana kapanggih kaliyan tiyang ingkang dipun salingkuhi, kapregok boten dados aken renaming manah manawi kapanggih wasana kapanggih wonten satunggiling panggenan ingakng boten kenging dipun singkiri.
2. Prangulan, kaliyan srawungan. Pranggulan sampun nate sumerep dhateng warninipun naming sakedhap derengngantos tepang gegineman, srawungan, ingkang sampun nate tepang gineman nanging dereng trang names arta griyanipun ingkang punika, manawi atur wangsulan kula wau dereng paja angemperi, inggih among kalilana kula magang matudhen rumiyin, benjing manawi sampun angsal saserepan wangsul sowan ing panjenengan sampeyan malih.

Kula pun Capkaton.
=========\===============

Kula sumerep namanipun ruwiya, punika saweg sapunika, wonten punapa kulu nun? Teka lajeng deduka kapatos-patos mongka sangking rumaos kula, anggen kula anyariyosaken bab punika awewaton kayektosanipun sarta wewaos geguritanipun kiyai Jurungarang, punika supados minongka pepeling dhaten gbongsa kula tiyang alit ingakng gemblung, kados jewe, badhe boten anyulayani ing ngatasing anggenipun leleresan amatrapaken pangadilanipun, manawi makatenkula dugi sampeyan punika, muridipun Sr.D. dados ketularan wurudawa, dene kula sampeyan pithekaken damel aken rekes katur ing pangadilan luhur, punika sakalangkung ing panuwun kula, inggih pethekipun tiyang mambet gabus saaestonipun ngawut gawar, aliyas ngayahwara, sampun kulunun andum wilujeng, kalintu tampi.
Murina.
=========\================

Bedhe buset dudu-dudu, padudon apa but titih, sira ki jaka Suyatna, prayatna ulah praniti, miwah ki jakalengkawa, kawawas waskitheng tulis. Donok dadak dadi padu, reut balung tanpa isi, yekti bungah kang tan tresna, keplok bopong banting sikil sung sang kang asih myan gtresna, boksampun cinupet kalih. Kalah menang p[inten weruh, padu-padu kawus dadi, daredah arda andadra, rubed rubeda mawredi, witin gprakara wus ebra, ngombr-ombra tanpa uwis. Sampun ta ge sami rukun dulit idu canthel jenthik sineksep ki Kramaleya, sidya sidanangestreni, marangbaya tunggak tengah, urmat dheg swareng dhinamit.Ri anggara lek rolikur, rejep Ehe lumaris sewu astha tus dwidasa, cuthel.
==========\==========

Ongka 19 Setu Kliwon kaping 26 REjeb Ehe, 1820, utawi kaping 7 Maret 1891

Surakarta

Kula mangayubagya sanget saking pamireng kula ing mangke, bilih lampahipun prakawis para paben utang apiutang santun sangt boten kados kala rumiyin ngantos taunan prakawis kathah ingakng dereng rampung, ingkang makaten wau rak inggih wonten ingkang anjalari, kados nagari inggih boten kikilapan ingkang makaten wau, pramila kula naming inggih andherek mumuji, ingkang anjalari cancutipun rampunging prakawis para paben utang apiutang wau, dipun titenana para ruhur, saha bilih kapinujon dipun ganjara indhaking angkat sanadyan dhateng sanes golongan supados dadosa tuladha anuwuhaken panggraitaning para kancanipun.

Nalika malem Akad ingkang kapengker punika, mas Suradikrama ing kampong Gandhekan Kiwa, kasipengan tiyang estri kakalih pangakenipun tiyang ing dhusun Baki, mentas sesadeyan saking nagari kadalon wonten ing margi mila ngupados pasipengan pinuju mas Suradikrama punika priyantun ingkang welasan sanget pramila tiyang estri kakalih dipun tampeni kalayan sukaning manah suci, sarta dipun sunggata wedang sekul sakawontenanipun sasampunipun sugata rampung lajeng dipun purih tilem mas suradikrama ugi lajeng mapan tilem malebet ing senthong, kocapa sareng wanci lingsir dalu pun estri gadhah panginten bilih ingkang gadhah griya sampun tilem lajeng rebut angukuti barang-barang ingkang katingal adhakan dipun kukuti sadaya, lajeng gegancangan kesah boten kantenan purugipun enjing mas Suradikrama kantun lenger-lenger kemawon dhuh para maos ingkang sami ngatos-atos bilih sampeyan dipun sipengi tiyang wanci dalu, bokten wande kados lelampahanipun mas Suradikrama ing kampong Gandhekan Kiwa.

Ing mongsa punika bilih wanci dalu sakalangkung anggening atis anjalari sakecanipun ingkang sami tilem manawi samun kendel jam 12 dalu ingkang lena in gpambudinipun tamtu awis ingkang ngalisik nalika malem Jumungah tanggal kaping 25 wulan Rejeb taun punika, wancijam ½ 4 dalu, griyanipun tiyang nama W.T. kampong Brontakusuman kalebetan durjana pandung, dene lebetipun sarana ambabah sawetaning pipikonten lajeng mendhet ti barang suwek sawontenipun rehne ragi kerinan mila ponang pandung boten waged tanak pamendhetipun barang, trimah saangsalipun kemawon ponang pandung lajeng angles, kocapa sareng byar enjing pun W.t. tangi tilem sumerep malomponging babahan lajeng jenger sapandurat datan angling,s analikalajeng anitiki kalonging barangipun ingkang dipun bekta ponang pandung, naming barang suwek kemawon cacah 8 iji pangaos 9 rupiyah, pun w.T. anggrantes panyebutipun bokne, ingkang estri mangsuli, apa bapakne, wicantenipun ingkang jaler, ketiwasan ane, ning ya ora dadi ngapa, yen trima barang suwek bae, ingkang estri wicanten e iya ta nanging saiki singngatiyati, yen turu aja banget banget gonu lembon pun w.T. lajeng medal dhateng nglatar sarwi wicanten sora bilih kalebetan pandung, kageting tongga tepalih sami dhateng ningali kawontenanipun sami gumun dene sajawinipun konten ingkang iring kilen wonten klapa satabonipun kalih iji, mongka pun w.T. boten rumaos dekek mila pangintenipun bilih klapa punika gadhahnipun ponang pandung, lo punapa anggadhahi welas kok mokal wasana punW.T, lajeng nglacak dahteng gladhag kilap angsal damel tuwin botenipun

Kintunan.

Sampun sawatawis dinten punika, para dyyah ing tambaksagaran sami puyengan lir pendah gabah deninteri, sabab angggenipun nedya oncat saking balemerta, ananging sapunika samun wiwit tentrem malih, pawartosipun angger sampu ningkahan mawi sumpah, minongka tondha katemenanipun boten angeberaken malih,s anadjan taksih anglampahi joget sindhen inggih boten kaladosaken ing balemerta, kados ingkang kawrat ing bramartani ongka 18, dados manawi makaten boten dhaup kaliyan kaparengipun kanjeng gupremen mongka kaparengipun kanjeng gupremen aparing sih kawelasan dhateng para dasihipun inggih punika para dyah wau, ingkang nandhang sakit dipun paringi jampi tanpa tumbas dhokter tanpa bayaran panggenan gumriing tanpa nyewa, kaparingan sandhang tedha lahanan wasana sami kalintu serep amastani manawi mepet titiyangngupados tedha, milanipun siwadawa la lajengnyerep nyerep na ingkang ngantos angling, supados sampun ngantos kalintu serep loro-loro,

menggah anggenipun sangadiningkahan mantun angeberaken kados ingkang sampun kalampahan punika rak kalintu, mongka sanyatanipun manawi sampun katuruh toya marta wontening balemerta, sasakitipun sirna lajeng saged laris rakinggih tam as lara, wondene anggenipuns angadi ningkahan punika punapa dipun manah supados boten katuruh ing toya marta, rak inggih boten amargikula kok dereng sumerep ingkang mantun angberaken ingakng sampun mantun namanipunsinten awit kula sumerep pyambak ingakng sampun samininingkahan sarta nandhang sumpah wau, saben dipun undang ing mitranipun lami sanajan naming lahanana inggih dahteng, boten salingkuhan kaliyan ingkang ningkah, sabab jaler ingkang sami ningkah kathah ingkang boten murwat malah wonten ingkang dipun purih ningkah rencangipun pyambak tukang mendhet toya, lah punika akal punapa, rak inggih tam as Ajeng, ta, dipun lampahi, isin-isin punapa, rak boten sande.
Wondene ingkang kathahmanawi bibar kangge nayub utawi klenengan tamtulajeng aslup dhateng ingkangngandhut gambar dalemkanjeng srimaharaja ingkang tumrap ing slaka, suwawi ta dipun galih, ingkang sami ningkahan punika rak boten wonten sanesipun kaliyan putranipun siwa canthang ingkang ing mangke sampun sami dipun turuhi toya marta wonten ing balemerta, milanipun para ingkang sami kawogan utawi kabebahan aninakaken kaparengipun kanjeng gupremen wau sarta kaum ingkang ningkahaken saupamipanggalihipun pitados dhateng aturipun para ingkang sami ningkahan sanajan taksih nglampahi joget sindhen dipun galih remen sampun mantun angeberaken lajeng boten kapriksa utawi kapulasara boten wande taksih kathah kasangsaran kados ingkang sampun kayekten salaminipun anggen kula anggen kula anggelar ken wau, naming sabab saking pangowel kula amargi para gusti, para bandara, para putranipun abdi dalem para tuwan tuwan encik koja saha cina sasaminipun pinten-pinten ingkang sami lalangen kaliyan para ingkang ningkahan wau, mongka sanyatanipunsami pating klither, pinten-pinten uged uged ingkang sami anjrak manggen gagriya wonten ing klither klither wau, mila pamujinipun para ingkang ambeg asih ing sasami, pandamel salingkuh makaten wau sampun kalajeng anggenipun kasasaban ing ampak-ampak lajeng kalingkaba dening tumambangipun bathara Surya, inggih punika pralambangipun budi bijaksana,pamunahipun saliring gegelahingkang sami alingan wonten ing dhedhet palimengan sampun ngantos ingakng sami kayungyun main thokthik anemahi bilahi jiwa dalasan raga.
Kintunan.

Kendhal
Ing kampong P wonten sawenehing tiyang awasta pak K punika kala maksih enemipun tuwin maksih awas mripatipun pancen sakampumpung K namungpiyambakipun ingkang kalebet saged dados juru maos serat serat waosan ingkang mawi sekar, kacariyos pak K wau samangke anandhang sakit mripatipunngantos boten saged anonapa punapa, punapa malih amaspaosaken dhateng satunggil tunggiling aksara, dlasan malampah kemawon sampun cotho sanget, andakpuna teka maksih wonten ingkang samingundang dhateng pak K wau, ananging bilih kaundang badhe kapurih maos sadalu dhateng ing kampong utawi dhateng ing sanes dhusun punika inggih sagah bilih sinareng boten wonten udur, awitingkang makaten wau ingkang dados gumuning ngakathah teka boten mawi serat namung appal-apalan kemawon kados dening matuhipun maos serat punapa kala maksih awas inggih dherek punapa ing sasedyanipun ingkang gadhah pikajengan wau, kadosta: serat ddamarwulan, anglingdarma,, babad Demak Sekedher, dipanagara tuwinsanes-sanesipun dene menggah epahanipun ing dalem sadalu namung kawan wangse gobang mawi brekatan sapantesipun O, pak K wau ngantosa mangke ingkang dados panggesanganipun namung saking punika kemawon sanesipun boten, mila saking palimarmanipun gusti kang murbeng tuwuh tekalumintu kemawon titiyanbg ingakng sami ngundang.
Kintunan.
Lare jaler awasta pun Kasman gagriya ing dhusun K punika awit alit mila anggenipun boten purun mangangge single utawi kados penganggenipun lare jaler, dene ingkang dipun remeni namung mangangge cara estri, rasukan kokot tapih tompal mawi slendhang, suwantenipun ugi jibles kados dening suwantenipun tiyang estri. Sampun sawatawis wulan pun kasman punika malebet dados kenek ing madharan dhateng sawenehing walandi, ugi panganggenipun cara

estri, pramila kathahpara titiyang ingakng amastani wandu, kocapa dupi kasman wau sampun dipun waa, tiyang sepuhipun amuyrih dhateng pun kasman supados piyambakipun nuwun pamit medal saking anggenipun dados kenek madharan awit badhe dipun tetakaken: datan kocap anggenipun teka dupi sampunmantun pun kasman wau ugi maksih remen mangangge cara estri, dangunin gdangu pun kasman kadengangan dhateng pulisi bilih piyambakipun adamel samara, lajeng kapeksa pun kasman mangangge cara jaler malih, ngantos sapunika maksih mangangge jaler, ananging angggenipun lumampah wah lembeyanipun taksih matuh cara estri, malah sapunika pun Kasman lajeng dados kuli wae tau goring, inggih punika ingkang dados pangupajiwanipun saben dinten.
Kintunan.

Pethikan
Ing dhusun Kemuda 7 pal sakin gkitha Klathen 4 pal sakin gkikis ngayogyakarta kaliyan Surakarta, wonten kabar badhe kadhaengan kecu, kanjeng tuwan asisten sarta bupati pulisi Klathen sami rawuh wontening dhusun Kemuda, kadherekaken kalereyanipun para pulisi dhistrik anjagi badhe dhatengipun kecu wau, nanging paman kecu boten saestu dhateng, kados miring bilih sampun dipun ambengi, wontenkabar malih badhe dhateng benjing mongsa petengan.
Ingkang makaten wau sampun adatipun paman kecu, manawi mawi dipun miring-mirengaken badhe dhatengipun punika boten saestu dhaeng, nanging manawiboten dipun miring-mirengaken punika asring dhateng andarojok tanpa larapan.

REdi Crème 3 pal tebihipun saking alte Tlawah ing ngriku wonten sendhangipun dados padusanipun tiyang ingkang nandhang sakit ngeres linu, sarta kathah paksinipun beyo ingkangsami pusu anggowok wonten paragaking kajeng jati, kathah ing peksibeyo boten namung atusan kemawon malah ngantos ewon punapa malih kathah paksinipun brekutut ingkang sae-sae saha ageng swaranipun wonten tiyang demak padospaksi brekutut talayan wisaya kala angsal titiga, sareng mantuk dumugi ing samarang ingkang satunggal kasase pajeng 150 rupiyah satunggalipun pajeng 110 rupiyah sarta satunggalipun malih pajeng 60 rupiyah, cariyosipun tiyang sepuh, brekutut sae punika turunaniun brekutut kalangenanipun raden ayu Serang, ingkang misuwur sudira ingperang kasebut ingsrat babad Tanah Jawi,mila tiyang ngala peksi mriku manawi boten sucimanahipun boten saged angsal malah ginodha ing simalorok sarta sawer ageng.

Rama Kaji MUkamad ingkampung Bojong (Samarang) badhe angedusi anakipun ingkang saweg ngumur kalih tengah taun wonten ing sumur, kaget dipun celuki saking griya bilih bojonipun dhawah ngantos kalenger, rama kaji enggal malebet griya badhe tutulung anakipun dipun tilar, wusana lare punika brangkang dhatenglambe sumur lajeng kacegur, sareng rama kaji wangsul kaget dene anakipun sampun kumampul wonten salebeting sumur dipun entas sampun pejah, sinten ingkang sumerep dhatenging papesthen mongsa kiranga para puwakingkang ambekuk ayam punika awas sadaya.
Tiyang nama Kertagriyaing nagari badhe dhateng Kedhungunut (Klathen) lumampah warat anglangkungi sukunipun redi Sala tara sarta angambah wanaranca sawatawis wonten ing ngrikuwanci pukul 6 karenan sumerep langening redi, ijeming gogodhongan ingakng wonten tetepining margi, kumriwiking toya saking lambunging gunung ingkang anjog ing pepereng, adamel lam-laming manahipun lajeng kendel wonten ing ngriku kaliyan nedha sangunipun jadah kaliyan ulam ragi, salebetipunnedha miring kumresek ing wingkingipun sareng dipun toleh sawer sawa agengipun meh satirisan kados badhe manggihi pun kerta, pun kerta sareng sumerep enggal lumajeng sipat kuping, kakedos ajrih, nanging mut mutanipun jadah kaliyan ulam ragi boten dipun lepeh,sarengsampun tebihsarta napasipun mantun dangsur lajeng dipun ulu, namung keris teken buntelan sinjang sarta wonten yatranipun 4 rupiyah 3 kethip samikantun wonten ing ngriku, pun kerta ajrih mangsuli, lah sapunika kula saweg sumerep bilih ajiing jadah sacuwil punika asring anglangkungi ajinipun barang kathah, rak inggih ta mas Kerta.
=========\==========

Sampun asring-asring kula amrangulipustakawarti ingkangnyariyosaken awis arta, sarta sadhengah bongsa anggersah rekaos anggening ngupados pangasilan ingkang makatena wau bilih kagagas boten anglengkara awisipunarta, tuwin rekaosipun pangupados pangasilan ingkang dadosaken sabab ongka 1 saking kathahipun para saged temahan amejahipangasilanipun para bodho, sumongga kagalia ingkang remeh kemawon.

A. tiyang ingkang gadhah kasagedan bangsanipun dondom-dondom ingkang epahanipun rasukan satunggal kawang samangke wonten masine, angudhunaken epahan dalem satunggal rasukan epahanipun 2 wang.
B. Ingknag panggesanganiun gendongpikul pejahipun saking ara kareta andhong.
C. Ingkang panggesanganipun baberah momot gramen sarananipun kangge beberah kapal utawi grobag pejahipun saking kareta latu mangkaten salajengipun ewangenten salebetipun sekawan wulan punika wonten ingkang mirah arta, inggih punika ing kitha klathen sabab pambudiing bupati angupados katranganipun durjana ingkang ngecu griyanipun tuwan Kop akaliyan tuwan Bim sanajan samangke sampun amusara tiyang 16 dalah cihnanipun ananging katingal dereng marem taksih ambudi benggol tuwin gagununganing durjana, ewadene sampun kalih pethutipun ingkang kapusara, suprandosipun taksih dereng kemba, o, inggih ta raden tumenggung kula andherek mumuji lulusing santosanipun panggalih,s ageda ambengkas parajutiingkang tansah angorak-arik gelengan ing kabupaten samanten wau sampun minggah ganjelan manawi angeculaken arta kedahngangkah angkah, raden tumenggung dereng mariksa julig sarta wegigipun para ngumbar sangup tanah parambanan tuwin ingKali Opak, bokmanawi bocok sampeyan kalebeten, arak badhe anambahi kasugihanipun para nangkoda ing poncawati, tingalipun kok sampun……e, e, inggih laa yensaged kados anu, wasana pamuhi kula raden tumengung sampun ambudi mirnanipun durjana kemawon, ananging sageda ambengkas kalakuwanipun para juti ingkang nalabung sarawungan wonten pamedaning garapan amin amin ya rabulngalamin. Ki Jaka Wuyung ing Balepita.

==========\==========

Ing Bramartani ongka 13, 14, 15, wonten ingkang sami wawan sabda bab raden ngabei Jaya…..supe…..patihipun kanjeng pangeran….supe kaping 2, lawanan wira…..e santun kalepyan kimawon kauningana dinten setu kaping, 26 wulan punika sampun kalampahan ta priksa ingpasamuwaning pangadilan dalem ing pradata ageng, punapa pikantuking papriksan kula boten saged ngaturi katrangan malah saking pamireng kula saweg anjangkepaken prabotipun utawi ragi kathah pandamelanb mila saweg kalampahan sapunika, kauningana para mitra.

Purwasana kaping 26 Rejep Ehe, 1820

Ki Patratholo.

==========\==========

Wangsulan dhumateng Jaka Busuk minta wuruk

Serat sampeyan ingakng kawrat ing Bramartani ongka 2 sampun kula sumerepi terang, megah pitaken sampeyan punapa kula saestu sakolah malih, sapiturutipun ingkangpunika kauningana, boten wonten damelipun manawi kula puruita adhateng guru nomer 5, tuwin jaka suyutna, aluwung manawi sampeyan badhe sakolah kula mrayogekaken awit sayektosipun kula taksih gagap-gagap angraosaken sambeting pitembungan sampeyan ingkang badhe kula pratelakaken ing ngandhap punika, mila kedah kula terangaken rumiyin kados pundit ingkang dados karsa sampeyan awit pamikir kula kados boten saged dhaup kaliyan tatalining ukara, kadosta, Minongka dadosa piwulang dhatengpun kula, ewadene ingkang kula suwunaken barkah punika sapiturutipun ingkang kula kodhengi tembung ewadene teka sumelak wonten ing ngriku tegesipun punapa,bilih saking pamanggih kula sambeting tatalin\ namung angangge tembung dene tegesipun tatalining ukara enggal gathukipun kaliyan ukara ingkang sampun kkaping kalh tembung ingkang ungel Mila kula boten taken dhateng D.A. teka lajeng nyuwun katerangan dhateng sampeyan sapiturutipun ingkang kula kodhengi tembung teka,, tegesipun kados pundi, mongka tembung Teka punika tegesipun kok dados leresipun tatalining ukara pamangih kula kedah angangge tembung Nanging, kaping tiga tembung ingkang mungel wangsul ingakng kula terangkaen punika boten saking dene tangap kekriya,

sapiturutipun ingkang kula terangaken tembung boten saking dene, punika kados pundi karsa sampeyan manawi saking pamanggih kula kenging linninntu bab kaping sakawan tembung ingkang mungel ambabadra para punggung sapiturutipun ingkang kula kodhengi tembung ambabadra tegesipun kados pundit, mongka badra punika tembung kawi tegesipun budi, rembulan ambabadra punika dwipurwaning tanduk kriya wantah, dados kajengipun tembung ambadra parapunggung, ambubudi para punggung, utawi angemperaken rembulan para punggung, manawi saking pamanggih kula kenigng lintu amardi, nanging geg kados pundit bilih kula meksa atembungiliyanmila kula kedah nyuwun katrangan bokmanawi gadhah kajeng utawi maksud sanes.
Witaradya kaping 27 wulan JUmadlawal taun Ehe ongka 1820
Jakalengkawa.
==========\==========

Babaran almenak jawi, ing pangecapaning tuwan POgel Pandherhedhe enko, ing nagari Surakarta, kangge taun punika mratelakaken wontenipun kadhaton ngayogyakarta, para garwa dalem padmi, utawi pangeran putra Santana, upnapa dene abdi dalem kan gpiinatah anyepeng paprentahan namaning para priyantun bawah ing pakualaman nomer uruting opisir lesiyun wiwit kumendhan dumuginipun litnan nem.
Kawontenaning pratelan nginggil wau sanajan wonten ugi gesehipun nanging boten punapaha, jalaran among sakedhik sarta ingggih sampun limrah mawi wonteningakng kelon jangjiboten talusuran ngawur angawut gawar, punika lowarninipun almenak ngayogyakarta, prasasat tanpa pangaji, sampun malih ingkang tumbas dipun sukakna kemawon menawi puthut supama sangt akipa-kipa, kaok ingkang sampun sampun mindhak nuwuhaken sangsara, inggih dhik leresing 2 sabab ing mangke sampeyan saweg nguthut klawer mopok memengsahan lan budyarja, nanging menggah ingkula inggih ajeng angit lowung, kaanggene nembel balonan, siniram sepertus kedhikmurih urubipun keras wa, brasa atinya singkoh. E kiyai kramaleya,kula mugi klilana, mierangken kelonipun wau serat panangglan cacahipun tigang kedhik (Budyarja) kadosta pratelan ingkangmungal kanjeng ratu anom utawikanjeng pangeran ariya Suryabrota, gusti kanjeng ratu Sepuh, katranganipun punika sampun sawatawis lami anggenipun sami seda, ingkang punika supados gus subagya sumerepa, lan malih mrikasanana, lan niku neh kaca 09 lan 110 dene sanesipun saking kelon pratelaning putra sampun kula anggep beteh, dintenutawi pekenan pawukon tuwin mongsapandangon sadaya sampunboten wonten kang sulaya. Titining atur marengi, setu ponkaping 19 wulan Rejeb taun Ehe sintea ing mongsa Wisaka, sangara sinangkalan Tankalihesthining karuh
Katandhan pun KRidhasara.
=======\=========

Manawi dipun grambyang sekar asmaradana kados mathuk dhasar wasis brahmana kridhasara Jurungarang.

Ongka 20 Salasa Pon kaping 29 Rejeb Ehe, 1820, utawi kaping 10 Maret 1891

Surakarta

Sarem kagunganipun kanjeng gupremen ingkang kakintunaken saking Surabaya dhateng Surakarta, udhunipun saking kareta asep badhe kalebetaken ing gudhang, punika dipun colongi dening buruhipun piyambak sareng kadengangan lajeng kacepeng dening pulisi ingkang jagi.

Litnan ongka 2 nama tuwan Puret Voort ingkang sawek dhateng saking nagari Walandi kala Ngahad mondhok wonten ing losmen Selir, kala wau daluing kamaripun kabungal wonten latu murub saeng dipun tuweni tuwan UPret piyambak ambesmeni serat seratipun inggih lajeng dipun kendelaken kemawon kalawau enjing tuwan Puret katingal lejar manahipun mlampah-mlampah awira-wiri kaliyan rengeng-rengeng, tumunten linggih wonten ing kursi males ngombe wedang bubuk kaliyan presan tumunten malebet ingkamar kancing konten boten antawis dangu titiyang kathah miring swaraning sanjata mungel ing kamaripun tuwan puret kontening kamar pambikakipun kabejat wusana tuwan PUret katingal sampun pejah labet anguntal pistul repolper, mimisipun ambles ing sirah ngantos butul, ingkang dados jalaranipun tuwan puret anganyut tuwuh, punika dereng kasumerepan namung ing kamaripun pinanggih cuwilan serat alit-alit ingkang boten katut dipunbesmi,s apunika saweg dipun gathuk-gathukaken ngalamatipun serat wau sampun pnanggih, katur ibunipun bokmanawi ijemanipun namung pamit pejah, badhe kalamaphaing panguburipun mangke sonten.

Sadherek kula pun Sutarsiman ginanjar sakit benter tis kala ing dinten Salasa tangal kaping 15 ingkang kapengker punika, kula bekta dhateng ing Ngumbul Purwagonda Kalitan (kartasura) kula dusi toyaning umbul wau,s ampun dilalahkarsanipun gusti kulaingkang sipat kayun sadumugining griya lajeng saras ngantos sapriki sampun boten karaos sakit.

Nalika ing dinten Kenmis kapengker punika, griyanipun putn Krama ing kampong Ngadikusuman badhe kabesmen jalaranipun mangkaten ing dinten wau wanci siyangpun Krama pinuju nyeret bokbilih ragikekathahen anggenipun nyeret amila ngantuk tansah theklakthekluk boten sumerep bilih dilahipun nyalat gedheg lajengmraman manginggil grubug-grubug pun Krama kaget lajeng jenggirat bengok-bengok nedha tulung, boten dangu katungka dhatengipun para tongga tapalih ingkang sami tandang wusanani wilujeng, .

Ah anuwarak jujul wuwul omah kobong si Krama kalebu sentho, ning ngloji wurung, mila panyuwun kula mugi para kawogan kemawon ingkang greteh andhawuhaken supados satitinipun para titiyang ingkang sami gigriya.

Ing mangke para apsariing kaendran tampi dhawuhing hyang wisesa, singa ingkang lenggana siniraming toya Mata pangruwati durmala, kapeksa kinen aparakrama (+) sarta winaleran boten kenging katamuwan para taruna ingkang kasengsem bawara seng dalu, ngemungaken garwa ingkang sampun lingga bathara kemawon dene ingkang miturut kasiraming toya marta, kalulusaken kados rumiyin mila sami barusahan boten kanten-kantenan temah kathah ingkang sami nempuh byatnambut silaning ngakrama, angsal dewa pan rucah, namung saking anggenipun badhe sumingkir ing reh makaten wau ing ngriku anjalari mubra-mubraning ki among apsari, sarta ulu-uluning kaendran dene sami tampi isungsung saking widadari ingkang karma, satunggiling dewa tinjukanwi f 5,ingkang f2.50 dhumateng ki among, minongka paseksi, ingkang f2.50 dhumateng ki ulu-ulu sumerep srakah (*) prakawis punika sampun mesthi kemawon anjalari kirang renaming manahipun para tarunaingkang sami remen sumengka pangawakbraja, rumaosipun dene tanpa tuwas anggenipun tataki andhangir badan, kerikan pidiyan celakan pupuran saha lulur,

Wasana pamuji kula, mugilestantuna kalampahan dhawuhing parentah wau, supados anambahi tentreming praja raharja, amargi rumiyin isaben dalu, kathah kemawon para taruna ingkang sulaya ingrembag temah wawan-wawan badhe poncakara, ing sapunika kados badhe boten wonten lalampahan ingkang mutawatosi wau.

Kintunan.

========\================

(+) elo kadospundi, tekamawi dipun peksa nikahan ingkang meksa niku sinten kok aneh, kathik boten dipun peksa malebet dhateng balemarta, tembung rukuniku kula pancen boten sotir.
(*) Hyah kok mirah temen kados badhe barubul ingkang nikah, tur taksih awis niku.
Jurugubah.

Ing kamung Riyadiningratan ingkang tembing kilen wonten tiyang cina ngingah babi, manawi saba dhateng pemahan saged adamel risaking tanem tuwuh sasaminipun, amila panyuwun kula mugi para kawogan lajeng tumunten angrampasa, awit benjing lami-lami badhe susah, kalihan malih kaparengipun cina medal ing kampong jawi, rak namung manggen boten kok ngingah babi punapa malih adamel trasi, ngantos ambetipun ereng-erengan anuwuhaken kawekenipun para tongga tapalih, ngingah babi tuwin damel trasing kenging kaaturaken ing parentah, ingkang tamtu lajeng anindakaken wasesanipun.
Nalika Setu ping 26 Rejep wanci jam 4 sonten bango sacelaking alte Dlanggu, cacah 6 griya, sami kabur tumuwuh ing dayaning caleret taun dene tiyang kang sami wonten bango sami lumajeng sadaya, urugipun dhateng gedhong setatsiyun dene tuwan Sepsetatsiyun Dlangggu, karangkul dening tiyang kathah sukonipun tuwan sep kebyukan tiyang kathah, ngantos boten saged wicanten sarta boten amuntab budi awanipun among gumujeng kekel gumun mulat tiyang bingung wadeyan sadaya kang wonten bango kang sami kabur bangonipun sampun boten kenging kakukup sarta jawih wah mawa prahara, kadya ampak-ampak redi Lawu, sadaya witwitan kang celak lampahing kareta asep tanpa katingal saking petengipun tambah kang tebih saya sanget angggenipun boten katingal.

Pethikan
Tuwan Schredmetsky juru bombong prakawis ambebedhag dhateng wana numpak kareta kaliyan anakipun jaler ingkang saweg ngumur 10 taun sadumuginipun tepining wana, anakipun wau tansah abingah-bingah kados neramba aningali polatan jembar, mlajeng mlajeng sarta lunjak-lunjak angrangsang gogodhongan nem ingkang adamel sengseming manahipun nalika panggayuhing godhong ingkang celak kaliyan adaging bapakipun sukunipun ngantos mancal sentiling sanjata, sanjata mungel mimisipun angengingi dhadhaning bapakipun dhawah lajeng pejah ngenggen kusir sarta kancanipun ingkang taksih wonten ing kreta sarengmireng ungeling sanjata enggal dhateng tutulung, dumuginipun panggenan punika sanjata nipun tuwan Schredmetsky sampun dipun cepeng sinyo, sanjata punika sanjata panganten sarta dipun tengi sadaya, saking gubyur sarta gugupingmanahipun sandhanganipun wonten ingkang nyondhol sentiling sanjata, sanjata mungel malih mimisipun angengingi kusir ingkang badhe tutulung, ambruk ngenggen ngantos kataton sanget dereng kinanten pejah gesangipun jisimipun tuwan Schredmetsky kasar sarta kusir ingkang kataton nami dipun usung dhateng kreta lajeng kabekta mantuk dumuginipun ing griya sampun saestu adamel kaget sarta dados aageng, kula warganipun kathah ingkang sami nutuh sarta anguman-uman dhateng sinyo dene polahipun ngnatos aamel jalaraning kabilaen ageng, manahipun sinyo remek kados pecahing gelas dhawah ing sela, sareng ing wanci sonten amendhet reksa wadhahpucukipun dipun puguti sarta lajeng dipun tedha, wusana racunipun angreda, sinyo anandhang sakit kalayan sangsara ageng, kathah ingkang boten tahani ningali sakitipu wusana dumugiing pejah.

Tuwan Herman ing Ostenreik dipun petenah dening semah sarta maraseuhipun estri, diun aturaken ing parentah bilih awakipun dipun tarka ewah, amargi saking kuwating saksi dakwa tuwan Hirman lajeng dipun kunjara nunggil panggenanipun titiyang ewah, sarehning boten ewah gampil sanget mirudanipun saking kunjaran ngantos kalampahan kaping sakawan pamirudanipun wau, mila ngantos pinten-pinten taun anggenipun wonten kunjara, wusana minggatipun ingkang wekasan utawi minggat ingkang kaping gangsal lajeng dhateng kitha Barlin kepanggih tuwan Propesor Elenbureh amratelakaken bab anggenipun dipun pitenah wau, tuwan propesor lajeng aniti bab ingkang pinanggih ing yektosipun tetela bilih tuwan Hirman boten gadhah sakit ewah, sarta lajeng dipun sukani serat sirtipikat pratondha bilih

awakipun boten gadhah sakit ewah sarta boten kenging kinunjara malih manawi naming tinarka prakawis ewah.

Tuwan-tuwan bongsa dhit sampun ngumur sarta sampun boten gadhah bojo, namun g gadhah anak jaler satunggal nama Paol saweg ngumur 16 taun nunggil sagriya sarta sanget dipun tresnani, nanging sarehning bongsa Dhit wau sampun sepuh mongka paol taksih lare, dereng kenging pinatados anyepeng yatra kathah, badhe titilaranipun mila barang amalipun dipun titipaken ing wisnamar, supados sapejahipun bongsa Dhitslan Paul boten saged angeceh-eceh yatraniun sagedipun anampeni yatra manawi sampun ngumur sarta saged anindakaken pigunanipun nanging lare murang sarak boten makaten ciptanipun bapakipun kininten medhit amargi boten purun nguja budinipun ingkang ambelasar, paul gadhah kandhutan awon badhe amejahi bapakipun pamurihipun tumuntena sageda anampeni yatra saking Wisnamar, Paul lajeng anggasah lading ageng, sareng sampun kajeng dipun dhelikaken wonten patileman sareng ing wanci dalu bapapakipun badhe mapan tilem Paul sampun katingal angrumiyini, amargi manawi tilem nunggil sapanggenan sareng bongsa Dhit sampun katingal tilem Paul tangi alon-alonan awit pancen dereng tilem lajeng nyandhak lading ageng, bapakipun dipun gorok boten mawi sambat paul lajeng dhateng panggenanipun pulisi rundha, ngaturi uninga bilih bbapakipun pejah suduksarira, pulisi enggal dhateng komisi, dumuginipun ingngriku, Paul katingal pucet ulatipun amargi bapakipun dereng pejah, mripatipun taksih saged kedhep nanging sampun boten saged wicanten sarta ing tembok wontens aseratan mungel kang mateni aku:si Paul makaten malih tanganipun taksih saged adudingi dhateng paul mila pulisi lajeng nyepeng wateng Paul dados pasakitan tiyang bongsa Dhit lajeng pejah, Paul kapriksa inggih ngakeni mejahi bapakipun amargi selak kepengin nampeni arta pusaka.

Wangsulan Pratitis

Jaka Meskin gagriya salebetipun kitha udhen pandamelanipun anglampahaken cikar alit ingkang katarik ing sagawon ambucali rereged salebeting kitha, pikantukipun berahan naming anyekapi katedha kemawon sareng sagawonipun pejah amargi sampun sepuh, kapeksa pados sambutan yatra kangge tumbas sagawon sareng lampahipun anglangkungi ngajengipun kantor Notaris dipun undang sarta lajeng dipun pitakeni badhe dhateng pundit lan damelipun punapa, Jaka Miskin mangsuli sawantahipun kemawon bilih pados sambutan badhe kadamel tumbas sagawon tuwan notaries semu anyanyampahi, sarwi wicanten aku mentas tompa dhuwit 15000 *limalasewu sakawa warisaning sadulurku*, jaka menskin serik manahipun sarta wicantenkaliyan kesah, *punapa cekap yatra samanten kadamel tumbas sagawon tarikan cikar,prayogi sampeyan* agem piyambak kula pados sambutan sanesipun kemawon tabe tuwan.

==========\==========

Mring Rakyanapatih Sucitra

Dhudhu kulup sutaning ngulun kaki patih Sucitra, teka bias akarya bubuka rudyah ing tyasmanira, dene kadi rare tanpa guna pakenira iku, jebong dadak mumular babana minta wedharing carita nguni uni baya liwat adu paraywan ibunta ing kene wigya anembadani,angandhar carita kang wus kalalun kalunta kadaluwarsa, ewa mangkana jeneng mara boya kumbi: ing sayektine tau uga narenjui caritaku, anging samangko iki pugel awit katuwan tuladha, satemahan tidha-tidha, ing saudhama medharna kiwala kyai kang kalalen pokilabet sriti mudha dama paelan sanggyaning para purusatama, kang awicarita, lumrah kadunungan budhi sambegana, miwah nawungkridha, balik raganing wang iki tuna tan ngemot pangawruh daruna gung limut lamat-lamat katilapan adulur para berbudi kasarakat kasangsara dera tan ngundha usuki, denya angawruhi sabudiing dadipandumingati, puwara anon taman tinoning naya truh trah nikaleng kaya lila istha dyisthaning ngrat taman kena mosik sasiki kang ngaksama, babo kadi paran kulup tangeh yawn bangkit tangi mba ing tikah para linewih, tarlen muhung minta barkah jinurunging pudyastuti, kabula timbuling wahyu mayang gamayangi cremin sakarsanya sang misesa, satmata ajasmitani, tinanggapan panarima sumarah Tanya layani, mangkanamungguh ing kaminanging iya sasenengan luwih ewuh winora karep ingjalmi, wuspa pancen priyangga, wasana waluyaning wuwus manira kaki pati sucitra, muga aja dadi cuwaning tyas pakenira, rehning ibunta tan mituruti

angingsung pitudah kiwala bokmanawa paraywan mimitra lan arinira ki jakalengkawa pekik iku lo ing witaradya kaya nora pindho kardi, apa ingkang para sedya ibunta milu tut wuri, lah mintara sutaning wang ngandhiya tembung mamanis. Wus alatha panitraaning kangling, ari bundha ping 23 Rajap Kasa ngamangsa srengenge, lumaku landep wuku, dewa guru wurung, wasyakti, wasesa sagaranya, sang ara kang windu, warsa Ehe tinengeran Muksa, kalih ira, pan kaesthi, tunggil mangkana upamanya.
Risang amratandhani Endhang kilawarna: ing Kilata Jawi Wukir.
==========\==========
O, larak samikimawon mas murina, kula sumerep sampeyan inggih saweg sapunika, dene anggen sampeyan mastani kula punika muridipun Sr.D. mila katularan wurudawa, mangsulaken sakalangkung panuwun kula, ananging kawuningana, kados ta tondha asta sampeyan murina, punika punapa boten mratelakaken manawi sampeyan wau murinani dhateng pun J.W. lamanawi boten makatena, punapa prelunipun prakawis punika sampeyan endheraken wonten pasamuwan Bramartani, kula ngaturaken cacriyosan supados dadosa panginten sampeyan manawi kula tiyang katularan wurudawa, nalika kula tagsih lare sampun maos bramartani ingkang ginurit dening tiyang saged kados panjenenganipun tuwan jurungarang, sarta kula tegsih apal saukara ing ngandhap punika.
Cina singkek mider klonthong
Nasak kampong ting taloncong,
Angarah lenaning nguwong
Agolek isining cangkling----punika sapiturutipun taksih sakalangkung panjang nanging kula sampun boten apal.

Ing wasana ambok manawi inggih kula ingkang kalentu tampi ngawut gawar A,ngayahwra, buhbuhane, sampun kulunun andum wilujeng gentos.
Katandhan ruwiya, inggih Jaka Tetuka.
JOharsari
==========\==========
Ing Bramartani ongka 97 saking panjurungipun Jaka lengkawa, katur ingkang ibu endhekelatawarna, punika pancen pantes tinulat, anggeniing lugu ngangge tembung jawi, boten pisan yen ta kamomoran ing tembung liyan, makaten ugi atraping tetembungan mawi linut dening miluta, O, insakaalah tanun, pangalembana kula punika boten naming lalemeran kemawon, amargi saking sengseming manah kula, supados sageta angaberi kawicaksananipun ingkang sampun tetela andamel padhanging paningal kula ingkang sakalangkung dhedhet.
Kajawi punika, saking kamantyaning bodho kula, ewadene kumedah mangsuli minongka jawab, menggah tembung ngrebab tuwin ngendhang, kasebut wangsulanipun jakalengkawa, kula sampun andherek, ananging kula gadhahpamanggih kalayan ngawag boten sarana waton punapa punapa, mila saking panuwun kula mugi mugi sampunkantos tampi duduka, bab tembung ngrebab punika manut saking namining rebab, ngendha ugi saking namining kendhang, makaten malih saron manawi katubuh, ingkang nabuh inggih nami nyaron, gong inggih ngegong, dados rimbaging tembung bawa wau pamanggih kula awit saking kaungelaken dening tiyang, utawi tiyang ingkang nabuh lajeng kagendeng manut namanipun ingkang katabuh, nanging sarhening naming watosn dugi-dugi, mila kula purba boten kenging yen ta kadukanana.
O boten kadosa,s adaya ingkang kasebuting nginggil naming ngayawara, boten kula pratelakaken katuring ngabyantaraning sinten, awit anggadhahi kajeng katura para wicaksana, ingkang asmanipun sampun kacetha ing pabaratan pustakawarti.
Nahenta, karanten anggen kula cumanthaka, kamipurun ngatingal ing pabaratan margi ing mangke gadhahpamanggih uwos ingkang sawatawis abrit sarengkasosoh saget pethak ing sawatawis ingkang makaten wau boten jalaran saking alu kemawon ananging saking geosokan sami uwos.
Sr.d. Jugulkumawawa.
==========\==========
Ing serat Widyakirana, anyariyosaken kawontenanipun awa wolun gprakawis, inggihpunika hawa ingkang anartani, punapa dene angliputi sagunging dumadi lebeting bawana sadaya,

awa wolung parkawispunika dipun wastani asthagina, tegesipun astha wolu, gina diangga, dados kenging kawrdenan wolu kabadan, pratelanipun kados ingandhap punika.
1 awa sosotya, 2 emas 3 selaka,4 dembaga, 5 timah, 6 wesi, 7 walirang, 8 uyah, awa wolung prakawis punika, sami campur dados satunggal mongka saben kataman bentering siti sami pencar, makaten ugi yen kenging dayaning ngasrep kumpul, menggah kumpulipun awa wau, boten waget kumpul dados satunggal sami gegolungan kawontenanipun, pramila campuring adon adon warni-warni, ingmangke kapratelakaken kados ngandhap punika.
Adon adon wolung prakawis wau, manawiingkang kathah sosotya tuwin masipun dipun wastani andarut winwahyu, manawi kathah dembagi tuwin wesinipun dipun wastani teruhbraja, inggih teluh braja, punapa dene guntur tuwin baledheg.
Manawi manungsa pundit ingkang tansah sipendengki utawi cengil ingga medal sadinten-dintenipun saestu caampuraning awa kang sami klayan baledheg, pramila baledheg ingkang panuju celak, kenging katarik awaning cengil, inggih lajeng tumameng angganing manungsa, raganing manungsa katman baledheg sanalika boten kuwawa, katemahan pecat jiwa, mugsa dhumateng ing kasidan jati, punapa dene malih dhateng wiwitan sasamenipun inggih makaten, punika sangkig ungelipun serat kula widyakirana.
Ewadene samantenkula sumongga para sarjana, ingkang sampun sami waskitha saesthaning pranajiwa, saestu sampun boten kasamaran, dumateng sambaing-saambunging sabawa, punapa dene eliding lata lukita.
Dene manawi bab galudhug ingkang kacariyos serat widyakirana ngriku, inggih pecahing mendhung kagebag bantering ngain, dados ingkang nyuwara ngantos dangu punika kumandhangipun,mila angumandhang awit suwaraning galudhg katulak keteling swasana ing nganatarigsa inggih ngantarigsa.
Pramila ing mangke kula sumongga, awit kula among safarmi merit serat widyakirana kemawon pramila manawi wonten lepatan kula bab pnika inggih ngapuntena.
Kaserat ping 14Jumadilakir, ongka 1820
Katandhan Mondrakusuma.
==========\==========
Tamatipun cariyos babpangremekan tuwin lampahipun rah.
Puter lampahipun rah ingkang celak inggih punika saking senthong tengen dhumateng paningrat kiwa.
Awit saking kadhesek rah dados lajeng medal saking senthong tengen ngambah otot nadi paparu, ngantos dumugipaparu kiwa tengen, wonten ingngriku resik deing jinising awa ingkang adamel ambekan tiyang, rah lajeng lestantunmili kemawon, nanging samongsa sampun resik lajeng wangsul malih dhumatengpaningrat kiwa, angambah otot sakawan kados ingkang kasebut ngajeng, sareng rah ngambah epang epanging otot nadipaparu ingkang kalangkung alus salebeting paparu, turut otot otot punika kathah ugi unthukipun isi hawa, inggih awit saking dayaning watek ingkang winastan Osmose, awa saged adamel resikipun rah, sarta kawasa ambekta medal reregedipun, kocapa sampunipun rah dumugi paningrat kiwa, lajeng wangsul malih manjing salebeting senthong kiwa, cekakipun lampahing rah wau mangkaten: wiwitanipun rah mili saking senthong kiwa dhumateng saranduning badan sadaya, nunten anjog salebeting paningrat tengen lajeng dhumateng senthong tengen, sakng ngriku mili dhumateng paparu kakalih lajeng dhumateng paningrat kiwa, wekasan wangsul dhumateng senthong kiwa malih.
Sampun tetela sanget ati jantung punika pirantos kalangkung prelu sanget tumrap manungsa tuwin kewan, saupamikewan saha manungsa ati jantungipun risak saestu pejah.
Wondene pucukipun satangah ing otot epangkaprenah sambetanipun kalian otot sanes manggen satengahing lalapisan kulit ingkang tengah leres, milanipun manawi tiyangkataton sakedhik kemawon kadosta: kaperang lading, kabeler siladan kacocok dom sasaminipun lajeng getih yen, amargi otot lembat ingkang wonten satengahing kulit salah satunggil masthi wonten ingkang pegat.
Menggah panggenan kawan perangan ingkang wonten ing atijantung pigunanipun mangkaten: senthongan kiwapunika pirantos angedalaken rah resik mradin dhumateng saranduing badan lamahipun anrajang turut otot nadi (Orta) alah saepang-epangipun sadaya
TRunadongsa. =========\=========

Ongka 21, Setu Paing kaping 3 Ruwah Ehe, 1820 utawi kaping 14 Maret 1891

Abon-abon utamining kaprabon

Wiwit kina kemina karaton ingkang kasungkawan jalaran kasedan abdi tuwin kawula dalems ami boten kasupen bela prihatos katarik saking sih sungkem saha anggenipun angaosi dhateng karaton ingakng ngahayomi, malah prabawaning kasungkawan wau tumusipun dhateng praja saisinipun ngantos anglayu, pralambangipun cekak kados embanan koncatan ing muthika, menggah labet pratingkahing kasungkawan mangkaten wau, dumuginipun karaton jawi ingkang kala mangke, kenging kaanggep sampun sirna, liripun ingkadhaton saweg orem ing jawi kathah pratingkah ing among suka,mongka belasungkawaning kawula dhateng ratu gustinipun ing ngatasipun jumenenging karaton unggulsanget jer dados pratandhaning sih sungkem sarta angluhuraken kosok wangsulipun punapa manawiing lebet oneng, ing jawi seneng.
Wondene karatoningkala mangke, ingkang sampun kayektosan ingkathah, angluluri labet pratingkahing kasungkawan wau, ing Nederlan sabawah wawengkonipun saking anggenipun anggalih unggul dhateng tondha bela sungkawa ning kawula samasa wonten sedan ngantos kalampahan katamtokaken ing pranatan angangge cihnaning sungkawa tumrap ing lengenaning rasukan ingakng kiwa, inggih punika tondha prihatos utawi pangungun.
Ingkang punikaing karaton jawi punapa boten prayogi aneladra pranatanipun prja Nederlan wau, tuwin sanes-sanesipun praja tanah Eropah, sumongga para undhagi ing budi sami katimbanga ing saleresipun
Balecipta kaping 2 uwah angkaning warsa tinengeran ruhuring panembah samadyaning gusti katandhan Sayekti utami

Surakarta
Sampun sawatawis lami raden Ngabei Yudasuputra, jaksa pulisi sirol acanthi raden ngabei Kramadipura, mantra apyun anggening sami angincih dhateng lampahipun sawenehing tiyang nami Ranapuspita, ingkang sampun kawartos adamel yatra gopok madnar kalampahan dipun nonopi ingpakaranganipun tumuwuh ing wegigipun boten saged andengangi ingpandamelanipun,nalika malemkemis kapengker punika, prayantun kakalih wau sami anonop malih, punika kalampahan angsal damel wanci jam satengah sakawan dalu saged anukup pun Ranapuspita, kaleresan saweg amarengi damel yatra gopok malih,sanalika pun ranapuspita boten saged amingkuh, inggih lajeng tan lenggana ing kalepatanipun punapa malih sadaya pirantosipun sami saged kapanggih, dados terang singet anggening adamel yatra gopok, saibata sami bingah ipun prayantun wau, punapa malih tindakipun ingakng cancut tangginas saha tatas titis wau kedah ing ngalembana.
Ing sapunika saweg mampengipun jawah manawi dalu tiyang ingakng sami gigriya tansah anjintel kemawon aras-arasen nyambangi griyanipun mila salebetipun wulan punika padunungan kula ing kampong A,, sampun kaambah ing durjana pandung rambah kaping 3 mila boten langkung panyuwun kula, priyantun rundha kemawon sampun ngantos aras-arasen dupeh punika kerep grimisipun tinimbang kaliyan terangipun.
Yahman anakipun bok Kartasemita ing kampong Wirarejan (Kapatiyan) kala wau enjing pun kengken jajan dhateng wande, wusana lajeng boten kantenan purugipun dipun padosi ngantos munyet boten saged sinangih, bokmanawi dipun pelet ing tiyang, awit lare wau busuk sanget.
Para juru melet manawi naming narimah ambeljedipanganggening lare kemawon lare lajeng dipun uculaken punika boten dados punapa, naming manawi lare wau lajeng dipun sade dhateng liya nagari dipun aken anakipun dene pitaembunganipun inggih dipun ngengeraken nanging mawi dipun sambutaken yatra, punika ingkang adamel prihatosing titiyangspeuhipun I salami-laminipun mila kedah dipun gatosaken dening para kawogan prakawis kadurjanan nyolong lare dipun ulat-ulataken ingakng satiti.

Cina Bayi

Bayi Cina ing kampong REsaniten dipun dublag embokipun kesasar, dados lan pejahipun sampun kathah tatalanipun bayi pejah amargi dipun dublag nanging bongsa jawi sarta bongsa Cina boten gigrig manahipun sarta boten wigih andublag anakipun.

Cina alit
Nalika ing dinten Salasa kapengkerpunika, wanci jam 5 sonten wonten cina alit watawis umur 8 tau nningali barongan sareng bibar mlajeng mlajeng dumugis awetaning parapatan ingngadikusuman dhawah, nyarengi wonten kareta andhong bandhangan saking wetan cina alit kalindhes ing rodhapupunipun pinuju boten andadosaken sangsaranipun Ah benjingpunapa mantunipun gendhila para kusir andong, punapa papacuhipun nagari boten dipun gatosaken,

Cinarare
Kala dinten Slasa kapengker punika Cina Rare Hongkong-Hongkong wonten banon tambenging lepen awisan celak kreteg sukunipun kekobok toya, wusana dipun emplok ing sawer toya, sukuning rare dipun tarik malebet rare jeleh jeleh nedha tulung, kathah tiyang ingkang sami tutulung, rare katarik minggah sawer taksih nyokot suku, nanging adamel gawoking kathah sawer wau agengipun sapupu, lajeng dipun gebagi ngantos pejah, punika saweg wal panyakotipun rahajeng upasing sawr boten mandos dados rare naming sakit saking labeting untu kemawon.

Cina Mehjaka
Cina rare anakipun Cina nyeret candu sapunika sampun ngumur 12 taun punika wiwit bayi dipun kebuli candu dening bapakipun ngantos nyakot wiwit ngumur 8 taun sampun saged nyeret piyambak sapunika mali botena andhalileng tiyang sampun ngumur 12 taun wasis sanget angeceng candu, sabanipun ing unpowaking (bambon candu).

Cina Sepuh
Wonten cina sepuh ing Unpowaking (Bambon candu) kadugi anelasaken bakmi 25 mangkok regi nyekethipan wonten tiyang jawi ingkang maiben wusana dados padudon sarta lajeng totohan manawi cina saged anelasaken bakmi 25 mangkok tiyang jawi kaleres kawon sarta ambayar regiing bakmi 25 mangkok manawi boten saged cina piyambak ingkang badhe ambayar regining bakmi, kalampahan cina wiwit nyukit bakmi, klenyem-klenyem ngantos telas 25 mangkok punika taksih katingal ayem kemawon sarta wicanten dhateng mengsahipun totohan pnapa kadugi ambayar malih langkungipun saking 25 mangkok mengsahipun kipa-kipa sampun badhe boten amaiben malih sarta lajeng bayar pikawonipun 25 kethip mongka panumbasing bakmi.
Katandhan pun Gelek.

Juru sera ting kadhistrikan Jatinom nandhani serat lulusan kewan serat wau lumunta dhateng tiyang bawah kadhistrikan ing Patra (Klathen) lulusan wau lajeng kaladosaken ing kadhistrikan Patra, kasuwunaken lntu serat kitir, anetepi ingkang kasebut serat dhawuh undhang-undhang ingakng katitimangsan kaping, 19 Oktober 1889 ananging panewu dhistrik patra boten karsa nganggep amargi dereng wonten asmanipun panewu dhistrik Jatinom serat lulusan lajeng kawangsulaken dhateng kadhistrikan Jatinom, kula lajeng manggihi juru serat jatinom wau kanthi anyariyosaken mangkaten.
Mas Carik anggen sampeyan nandhani serat lulusan ingakng dhumawah tiyang bawah kadhistrikan patra, punika panewu dhistrik Patra boten karsa nganggep awit dereng wonten asmanipun Panewu, wangsulaning pun mangkaten.
Ola kados pundit kang mongka lulusan wau, sampun mawi kula cireni, panewu saha mantra sepen saweg anglampahi dhawuh nagari, mariksa radinan saha mariksa pager-pager dhusun nanging mggih kajengipun mas janji naming panewu dhistrikpatra kimawon ingkang boten karsa nganggep tondha cap kula, kalih dene anggen kula nandhani serat lulusan wau sampun terang dhawuhipun lurah kula panewu, amargi lurah kula panewu saha mantra saweg anglampahi pandamelan nagari, utawi saking pamanggih kula serat lulusan kewan punika,

pakaryanipun nagari mila kula purun lajeng nandhaning, awit sepening panewu mantra sadaya serat serat ingakng boten pados parlu, saha ingkang boten keningg sinarehaken keningg dipun tandhani panekaripun dhistrik ingkang jagi pandamelan ewadene panewu dhistrik Patra boten karsa nganggep cap kula sukur, e, la, dados mangkaten mas carik.
Menggah ingkang mangkaten punika, kula nyu7manggakaken ki Jaka Wuyung, br. Anggenipun galih, leres ingkang pundit.
Titi sinerat ing Jatipita kaping 27 Rejep warsa Ehe, 1820.

Ing nalika dinten Rebo kaping 23 Rejep punika, lare nami pu Daliman, anakipun jaler Sawijaya, bekel ing dhusun PUluwan Jatinom (Bayalali) angen lembu wonten sabin saleripun dhusun puluwan, sarehning jawah miwah bledheg nyamber-nyamber, lajeng mantuk lembunipun katuntun sareng lumampah kinten saweg angsal 10 jangkah, dipun samber ing bledhek *jebles*, capingipun ajur, udhengipun mancelat rambutipun sirah kobong kados kenging latu, dados lan pejahipun lembunipun malajeng dipun padosi pinanggih wonten ing dhusun Brajan, ingakng dados gumuning manah kula, naming lembu sareng dumugi sacelakipun panggenan anggening kasamber bledhek pun daliman wau, boten purun lumampah, dipun gebagi meksa mogok kimawon mandar badhe wangsul ngaler, bokmanawi netepibebasan mambu ilu.
Kocapipun, sawijaya bapakipun lare ingakng pejah, saeng sumerep anakipun gilang-gilang kuwandhanipun gumlethek wonten ing galengan lajeng dipun rungkebi, *sarwi sambat amelasasih* bangke lajeng kabopong mantuk, turut margipun, sawijaya kalaya nangis tuwin sambat sambat ingkang adamel ngeresi manah, tembungipun *Gusti Allah mugi mugi anak kula punika kaparingana pangapura saget gesang malih* ngantos dumugi ing griya boten pedhot anggening sasambat wau tuwin anakipun tasih dipun bopong, tongga gepalihipun saha kula warganipun sami dhateng tutulugn utawi anyere-nyerepaken dhateng sawijaya, bangke kapurih nyelehaken nanging pun Sawijaya kekah boten suka naming tansah sambat sambat angaruhara, sangking rembaging kula waranipun bangke karebat lajeng dipun upakara terus dipun kubur, kula lajeng mantuk kilap nusananipun.
Menggah anggening ngengleng pun Sawijaya, kula boten saget amancahi, ing ngatasipun anak naming satunggal sampun ngumur 19 taun, miwah pejahipun gedadak, nanging kados pundit malih ing ngatasipun manungsa tasih wonten ngalam donya, sampun anggenipun susah lan bingah,boten langkugn pamuhi kula mugi-mugi pun Sawijaya angsala panglalipun paneran ingkangmaha agung, kawaringan enget bilih kawula punika naming sadarminglampahi, cuthel.
Glinthu.

Kendhal
Kula pireng pwarti bilih ingngriki badhe wonten kempalan langen Sumitran awit sampun wonten tandhanipun kalih wulan punika seratipu nprajangji sampun kaideraken dhateng para taruna ingkang sedya sami malebet dhateng pakempalan langen sumitran wau, sarana urun tiyang satunggil kathahipun ngalih rupiyah dene bilih sampun kempal yata urunan wau, badhe pambikakipun benjing wulan ruwah ngajengpunika, boten naming saking pamuji panuwun kula dhateng gusti ingakng murbeng tuwuh, ingkang supados pakempalan wau kasembadan wah andadosna ing renaming panggalhipun para taruna ingkang sami urunan dhateng langen sumitran wusana kula angamini.
Amarengi purna masidhi, kathah para taruna ingakng sami manginggar-inggar ing driya, malampah mrika-mriki, angleresi bilih dalem kawadanan kihta ngriki, wonten tatingalan sampun sawatawis wulan bendara wadana ngarsakaken gongsa saking Surakarta sakawan prangkat 1, gongsa ageng (pelog)2 klenengan laras seldnro 3, klenengan laras barang, 4, klenengan laras pelog kala samanten konca niyaga dereng wonten ugi wonten nanging para konca niyaga pasisir boten saged nabuhklenengan mila saking karsanipun bendara wadana sarehaken rumiyin angantos dhatengipun konca niyaga saking Surakarta, nahenta amarengi isng salebetipun wulan punika ingkang rama bendara wadana rawuh sarwi ambekta niayaga, 1 juru ngrebab 2 juru anggambang, 3 juru ngendhang, 6, 7, kiye, mugi kauningana punika sami calaina, mila ingkang andadosaken ancaryaning para anon, dene sanesipun boten: marma

presasat saben dalu kemawon boten wonten pedhotipun para taruna ingaknng sami mirsani, tambah tambah kathik parikanipun dhasar alus mawi dipun bawani sekar ageng, seleh ing pada binarung ing gendhing, yak toblas yayah anganyut juiwa, pancen ing kendhal dereng wonten salaminipun ingkang kados makatenpramila saking atur kula dhateng mitra kula para taruna sinten ingaknng dereng prapta umiyat kula aturi anggatosa mirsani sampun ngantos ing tembe kacuwan ing panggalih.

Kintunan.

==========\==========

Jaka Suwendha, sampeyan ngalem saged dhateng Jaka Suyatna, punika lepat nanging wontenleresipun, lo, kas pundit, tiyang sampun n lepat kok mawi leres e makateen anggen sampeyan maos bramartani, kados naming kala jakasuyatna paben kaliyan D.A. sampun leres kemawon sampeyan mastanana saged upami maosa wiwitipun rebat leres kaliyan Jakalengkawa, kados anggen sampeyan nyebut saged kaduwung, amargi ing Bramartani ongka.

Jaka Suyatna ngerang-erang dhateng jakalengkawa,lajeng dipun wangsuli kawrat ing Bramartani ongka 1 mawi pitaken punapa sampun leres tembungipun ingkang mungel makaten, aturan kula baresan kemawon dereng ngantos mangsuli lajeng santun nama, wiraknirbaya, kawrat ing Bramartani ongka 7 rekanipun anggresah, dene ing Bramartani katrocoban tembungkasar,cekakipun naming anggenipun badhe ngendhak kagunanipun jakalengkawa, malah mawi pitaken bedaning tembung, kablengkik kaliyan kaspregok srawungan kalian prangggulan lajeng dipun wangsuli malih kawrat ing Bramartani ongka 12 amelehaken anggenipun remen nyanyambat sarta anggenipun ngungasaken kasagedan wiranirbaya riwut lajeng mangsuli kawrat ing Bramartani ongka 13 mawi madhakaken awon sarta pitaken kadospundileresing panyerat tembung sunyu,lajeng dipun wangsuli kawrat ing Bramartani ongka 17 cekakipun jaka lengkawa boten karsa jawab malah wiranirbaya dipun purih ajar maos kemawon rumiyin sarta dipun wastani kedah katlekung barang paripolahipun, dados leres jaka lengkawa, anggenipun masani Wiranirbaya kedah kaleku, kadosta, anggenipun susah, dene ing Bramartani katrocoban tembungkasar, wekasan ngungelaken jaka lengkawa, Waton gupruk idune pating clemprot kaya cina nagih, lah punika punapa boten nama kasar, sarta maptani watekipun jaka lengkawa, kados kidang,bilih badhe kasesering pabenlajeng malumpat ngupados sageda lungsi ing piranti, wekasan kala dipun takeni, leres lepating tembungipun piyambak boten mangsuli, mila lajeng santun nama, lah punika watek punapa, coba sampeyan parab I watekipun paman sampeyan piyambak dhewedi, suwawi para widayaka ingkang sami ngepang, mugi kaparenga angleresi, pundiingaknng nama watek kidang, punapa jaka suyatna, punapa jaka lengkawa,lah dalah empu kridhasara, sing arep beneri, lah inggih kyai, langkung prayogi.

Dene anggenipun jakalengkawa, boten karsa jawab pitakenipun wiranirbaya, punika boten saking compranging saserepanipun ananging netepi pangandikanipun sampun aras-arasen sabat kwruh kaliyan wiranirbaya naming dipun remehaken kemawon upamikarsa ajawab saestu rampung, awit jakalengkawa sanyata pnter, kulapunika mitranipun kemawon upami dipun purih lumawan kasuranipun wiranirbaya,babo salikur dina, menggah pitakenipun wiranirbaya, kula ingkang jawab ing ngandhap punika.

Kablengkik kapinujoning kinten…

Kapregok kapinujon akin ging panygat…gelaranipun panjang sampeyan mongsa dungkap,

Srawungan, sampun sumerep mardinipun nanging dene sumerep namanipun

Pranggulan punika wisesa: na, lingga, sakking seselan ra, tegesipun gawe pratingkah mengkono, saminipun tangisan jogedan bithen embugan lingghan perangan.

Sanya, punika rimbagan saking tembung sangkrit sunya, warganing, 9, langkung tebih tinimbang,nya mila boten kaserat sunya, nanging snyu, ngretos.

Jakasuwedha, sadaya pitakenipun wiranirbaya, sampunkula jawab ing mangke kula kedah ngyektakaken sarehning pangaken sampeyan sampeyan punika, wulunaning tiyang saged nanging panggnggep sampeyan piyambak saestunipun sampun karantaban kawruhipun manawi sampeyan saged jawabpitaken kula ing ngandhap punika,kulatumut ngecapi dumuk bilih wiranirbaya pinter.

1. tembung adiguna, salaminining rimbagipun wisesa, na, bawaka, kadosa, kadawan kacendhaken nanging wonten ingkang mrojol inggih punika tembung ing punah, kadosta, pangidulen pangaloren sapanunggilanipun punika sababsaking punapa.
2. Bali, kramanipun wangsul tali,kramanipun tangsul…punika witing cecak saking pundit.

Sampun kaloih babpunika kemawon rumiyin manawi sampun kajawab benjing gampil angger sampeyan boten ngucira.
Ing Giridaksina kaping 25 Rejeb Ehe, 1820.
MItraning sang Jakalengkawa, Wiranandarna.
==========\==========

Kayi pamisah, sanget ing panuwun kula dene panjenengan kara misahaken kula paben kaliyan jakalengkawa, nanging kauningana kula kedah mratelakaken jejeringpaben kala rumiyin mangkaten *jakalengkawa*, mangsuli dhateng kula mawi tembung *kauningan* kados sanes leresipun Jakalengkawa muring-muring, kulalajeng dipun purih dadardhateng piyambakipun kula inggih miturutipunapa ingakng dadospanedhanipun jakalengkawa beca-becu, kula malah dipun gwedhuswedhusaken sarta dipun wastani thi thi thuwit la punika saupamikula walik piyambakpun kula wastani barrongan mata beling, ingkang pandhelengipun boten saged adamel kageting rare kadospundipunapa boten sangsaya beca-becu kaping 2, wusana kyai pamisah kedahparing wangsulan dhateng kula.
Lo,jakalengkawa teka, punapa badhengungasaken kasagedan malih, punika kulak ok gumun rambah kaping 150 punapa sampeyan boten kengetan serat sampeyan ingakng kamot bramartani ongka, 97 amratelakakenbab bedaning tembung, lelembut kaliyan jajampi, ananging kalih babpunika sampeyan sampun sumanggem amastani sami suraosipun o o, dados punika ingkang sampeyan anggegaran naruthukenalukaken para wiraning Bramartani, arak katiwasan kang mong kabilih kula pirit kaliyan wangsulanipun among turida igkang kamot bramartaniongka, la amesti sampeyan lajeng ngendhat talimurda,awit anggens ampeyanngaken saged kacelik pinuju garwa sampeyansampun dipun cacaraken dados burikipun naming sakedhik we, e, malerok ki si barongan kaya putrine wong barong e mehkalaen saspeyan gadhah pamurih dhatengkula supados kula aripik-ripik kakawru malih punika leres kapig, 1000 awit sinten tiyangipun ingkang boten ripik-ripik kawruh,bok inggih guru sampeyan ingakng sampeyan angge dhengdheng punika kula anamtokaken manawi taksih ripik-ripik kawruh, kilaps ampeyan piyambak sarehing sampun jumeneng malaekat kandhane among tuwida, lo, mengko mantheleng maneh.
Arata: iki sapa maneh, e si kadiya, kadospundi nun anggen sampeyanngidung sekara ageng maesabayangan punapa sampeyn leres mangke gek kalintu bongsa patra, awit ingakng sampunmupakati kathah sekara aeng ingkang lampah, 17 pedhotanipun 4:6:7: punika bongsa patra, ewadene sarehning punika sekar maesa barangan ing kartasura cobi kula sampeyanurak-urakaken sekar bongsa Patra, nanging sampun pathet salendro kula boten remen prayogi santun pathet kdohok ngorek utawi pathet cara balen e, emoh, mundhut pathet galaganjur,inggih ta, sampunjangji gek dang ura-ura, selak kapengin kok rewel bae, kaya wong liya, sanak dhewe bae kok rikuh.
Ing selagana tanggalkaping 24 Rejeb Ehe, ongka 1820.
Pun Wiranirbaya
Inggih Jaka Suyatna.
=========\==========

Pabenipun jaka Suyatna kaliyan Jakalengkawa, ing amngke sampun kula damel pur, manawi ing wingking wonten panjurungipun malih ingkang magepokan bab paben punika badhe boten kula pacak
Jurungarang.

Ongka 22, Salasa Kliwon kaping 6 Ruwah Ehe 1820 utawi kaping 17 Maret 1891

Surakarta
Kala wingi ing dinten Senen kaping 5 Ruwah Ehe, 1820, sampeyan dalem ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan amatedhakaken timbalan dalem dhumateng abdi dalem papatih ingkang sowan magelaran sapri kancanipun para abdi dalem sadaya, menggahd dhawuh ing timbalan dalem ing mangkeputra dalem kakung sakawan ingkang sampun sami diwasa, sami kajumenengaken pangeran kaparingan sesebutan kadosing ngandhap punika:
Bandara raden mas Arjuna, kanjeng pangeran ARya Adiningrat
Bandara Raden Mas WIyadi, kanjeng pangeran ARya malayakusuma
Bandara RadenMas Rustamaji kanjeng pangeran Arya Sontakusuma
Bandara raden siswaji kanjeng pangeran arya Natapraja.

Nalika dinten Salasa tanggal kaping 29 wulan Rejep kapengkerpunika, kula aningali pasamuan ing Mangkunagaran inggih punika tingalan dalem wiyosan kanjeng gusti pangeran adipati Arya PrabuPrangwadana, menggah kawontenanipun ingkang kula sumerepi,kula pratelakaken kados ingngandhap punika.
Wanci jam 8 enjing, sadaya abdi ing mangkunagaran sampun samapta ing panggenanipun piyambak-piyambak sami amanganggе ageng. Jam 9 panjenengan dalem kanjeng gusti miyos pinarak ing pandhapi, boten antawis dangupara opisir ren lesiyun litnan sapanginggil minggah ing pandhapi semunipun kados angaturi kasugengan dalem kangjeng gusti,s areng sampun lajeng mandhap anata barisanipun malih, samandhapipun para opsir ren wau, abdi dalemnara praja (Antenar Jawi) bupati papatih sapangandhap dumugi mantra, ingkang sumewa ing taratag majeng angaturi wilujeng, sasampunipun lajeng abdi dalem antenar walandi minggah ing pandhapi, ugi angaturi wilujeng dinten tingalan dalem.
Jam ½ 10 rawuhipun kanjeng raden adipati Papatih dalem ing Surakarta, tuwinpara buapti Kaliwon.
Jam 10 rawuh dalem kanjeng gustipangeran adipati anom kadherekaken para pangeran sawatawis boten dangu panjenengan dalem kanjeng tuwan residhen rawuh kadherekaken para asisten residhen tuwintuwan-tuwan amtenar sarta militer.
Nahenta sareng rawuhipun para ruhur kakalih wau, prajurit wirapraja (panumbak) ingkang baris urut margi (Anei) saking sajawining konten ageng Mangkunagaran dumugi margi para patan salering secayudan lajeng sami mahargya pacak presenter, tuwin sadaya gongsa ingkang kapasang urut margi wau sami katatab punapa malih sarawuh dalem kanjeng tuwan residhen prajuritan panteri ingkang samapta salebeting palataran lajeng mangarcana sasmita drel binarung ungeling mariyem ingkang wonten ing pamedan.
Sasampunipun rerenggan rawuh dalem para ruhur wau, ajad dalemlajeng ing ngandikakaken andongani,sasampunipun anggening dongo Mas Panglu, nunten sasmita astute rinengga panatabing gongsa, tuwin dreling prajurit ugi binarung ungeling mariyem.
Sabibaring bujana wanci jam 3 panjenengan dalem kanjen gtuwan residhen saartapanjenengan dalem kanjeng gusti pangeran adipati anom sami kondur para tamu sadaya lajeng sami andherekaken reerenggan sami kados kala rawuh.
Kintunan saking S.S.

Sangajeng ing kapatiyan ingkang iring kilen wonten tiyang cina kamipurun damel butulan anjog pemahanipun tiyang jawi, mawi angadegaken pabrik alit-alitan wonten ng panggenan punika, kadamel pirantos ngupados pangasilan andadosaken kauntunganipun tiyang cina wau, utawi boten kantun pangingahipun raja kaya babi, ingkang ambetipun boten kantenan sumrambah dumateng toga ta palihipun tur asring tategar mungging samadyaning pamedan adamel enekipun para priyantun ingkang langkung ing ngriku menggah panggenan ingkang dipun broki wau bokmanawi boten mawi kasewa, dene kok kendel kemawon kadamel makaten inggih punika labetipun rondha datan sadaya.
Ingkangpunika manawi boten dipun murinani para kawogan bab adamel pratingkah resah kados lastantun makaten kemawon.
Kintunan.
========\=========
Mas pulisi, waton rukun rak inggih ta, tiyang panjenenganipun kanjeng tuwan asisten mentas tedhak titipariksa, teka boten kaaturaken
Jurungarang.
==========-\==========
Ingnalika kaping 19Pebruwari ingkang kapengker punika, panepen ing gudhang ulutan Afdheling Wuryantara (Wanagiri) katarajanging prahara sami sol utawi sempal nunten anarajang dhateng

padhusunan bawah Wuryantara, ngantos kathah griyaingkang sami kabarubuh, ananging wilujeng boten wonten tiyang ingkang kasangsaran.
Nalika kaping 4 wulan maret punika, tiyang nami bok Sawiyana ing dhusun Winong, kapanewon baturetna (Wanagiri) mawi anggendhong putunipun mantuk saking kesah dhateng sanes dhusun sadumugining lepensakidul dhusun winong, lepen pinuju banjir ingngrikuboksawiyana tansah mangu-mangu, nanging wantunitya kala duk ing budi kirang dudugi, kadgada cancut toya ageng tandya tinarajang purun nahenta sareng dumugi ing tengah kayetkosan boksawiyana dalasan putunipun nemahi keli tanpa kusukupan bangke kapadosan saweg pinanggih satunggal bangkening boksawiyana dereng saged pinanggih.
Ing sapunika ugi tegsih wonten tiyang lampah kadurjanan mandung jiwa, tandhnipun nalika ping 28 pebruwari 1891 tya nami pontika, ing dhusun talipetir puluh kawadanan wanagiri wanci dalu wonten ing griyanipun pyambak wasana tanpa nyana pontika wau kawaos dening durjana keningg sangandhaping susu ingkang kiwa, anjalari pejahipun labok manawi pamaosipun durjana wau kengingjantung utawi manahngantos damel risakmila pejah.
Sampun sawatawis dinten punika, kula dherek lurahkula jagong dhateng griyanipunmas S ing kampong Trunasuran punika kula gumun sanget ningali dhateng pasang rakiting griyanipun mas S wau lenggahipun naming drebis punakawan kemawon.
Gumun kaping tiga, bab anggenipun suka bujana hating para tamunipun teka mawi pilih kasih, e makaten mila kula puru mastani mawi pilih kasih dene ingkang dipunurmati sarta dipun lebetaken dhateng griya naming para ingkang sugih-sugih, sanadyan priyantun manawi gombal inggih dipun ken linggih wonten jawi kemawonpunapa malih kancanipun punakawan sansaya boten dipun manah.
Gumun kaping sakawan inggih punika gumun pamungkas dhateng para priyantun panewu mantra ingkang sami dipun lengggahaken jawi wau dene teka saged sageda pun dhahar, punapa boten.
Indhiya.

Ing nalika kaping 6 wulan maret punika, abdi dalem punakawankoki ing kraton maratamu dhateng griyanipun tawijaya, ugi punakawan koki griya kampong sumadiningratan, Mangkunagaran parlu nuweni Kenya endah ingkang sampun dados pacanganipun nalika ngriku ugi jagongan kalayan prikancanipun kathah, sarengjam 10 dalu tiyang wau tilem wonten senthong nunggil kaliyan Kenya pacanganipun, ingkang gadhah griya tuwin tiyang satunggals ami maos wonten ing jawi, wasana sareng jam 11 tamu wau bekuh-bekuh kados tiyang tindhiyen rencangipun tilem sarta ingkang maos wonten ing jawi wau inggal anggening gugah, nanging sampun kaken margi jiwa sampu oncat saking raga, lo sinten ingkang nyana mongka dhatenipun ing ngriku sang punakawan wau rak badhe suka suka, dene dhateng panggenaning badhe garwanipun wah sampans aged lambing raos wasana kok nemahi pralaya adak adakan ingkang boten sarana kina-kinayaya, dados meh rondhaprawanipun ingkang badhe sinambut ngakrama.
Pun Setrasetika, ing dhusun kauman kantrenPedan Mangkunagaran ing saben enjing tuwin sonten pandamelanipun menek wit kalapa, awit saking sampun dados pangupajiwanipun deres ing wasana nalika dinten Senen kaping 2 marret punika wanci jam 4 sonten setrasetikaanggening menek wit kalapa saweg badhe mapah marucut mongka sanjata arit ingkang landhepipun tanpa kinten taksih ingnngarga, ingngriku dhawahipun setra setika ing bantala,arit ngengingi lempengipun ingkang kanan leweg, wiyar 1 dim lebetipun 2 dim jamipun sangadaluing dinten Senen wau ugi setra setika temah layon.
Nalikakaping 20 Pebruwari ingkang kapengker, pratinggi ing dhusun Malangjiwan wancijam 9 dalu linggih wonten salebeting griya miring suwanten mak bleg kaprenahing kebon sawingking griya, sareng dipun tuweni wonten tiyang sampun anggalimpang wonten sangandhaping wit kalapa mawi nyandhing pangot dipun tangledi boten sumaur sarta boten saged ebah, kintenipun para tnadang tiyangingkang gumlimpang wau sampun pejah, mila lajeng kausung kaaturaken parentah kamantren Calamadu, sareng kapriksa wonten kamantren nami griya sarta sababipun anggening glimpang wonten pakewonanipun pratinggi mawibekta pangot aturipun ngaken nami Kreta semita griya ing dhusun Telapan ugi kamantren Calamadu, dene gumlimpanging wonten kebonipun pratinggi sumedya mandung kelapa, sarehning sampun sadinten sadalu boten nedha, dados pamenekipun kalapa sareng dumugi ing nginggil boten kuwawi gondhelan lajeng dhawah punika, prakawis kalajengaken katur ingnagari lajeng kasengker wonten ing griya pamulasaraning tiyang sakit kapriksa ing dhokter katranganipun iga balungipun pepes naming kalih, mila sanget rekaos, pun kertasemita wau sakalangkung melas asih, dene anggening kadunungan kaengetan kakinten sampun sepen pangupajiwa, kajawi naming panggaotan melik dhateng darbekipun tongga tepalih.

Yogyakarta

Saking dhawuhipun kanjeng gupremen benjing bakda garebeg siyam ngajeng punika, sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng sultan boten tedhak dhateng dalem karesidhenankados adapt among miyos wonten ing sitinggil kemawonsasampuning rampung saperluipunlajeng kondur ngadhaton.
==========\==========
(*) toblas mas Ponca embok sampun gigirisi tembugn sampeyan hyah wus bisa cengkok……saralunipun niku napa ta,hyahmuneg-muneg tembung sapralunipun ngantos kula teka tirutiru mangkenek tinnitus sansaya bibrah.
Jurungarang.

Sultan ing Siyak Sri Hendrapura, ingkang nembe winisudha deing kanjeng gupremen kaparingan empingan balonja kathahipun 10.000 rupiyah, kangge pakurmataning jumenengipun sultan.

Pethikan
Kanjeng Tuwandhirektur Yayasaning nagari badhe adamel lepen enggal anyudhet sakinglepen lami, wonten ing antawisipun dhusun kasri kaliyan dhistrik Pandhanan terus anglangkungi nagari Bangil tuwin pasuruhan para padhusunan ingkang katrajang inglepen enggalw au, sapinten kathahing pitunanipun titiyang alit ing bab tanem tuwuhipun ingkang karisak punika mawi kaparingan tatempah saking nagari saleresipun ing sapunika badhe pandameling lepen sampun wiwit kaukur, kados tumuntenkaleksanan badhe panggarapipun.

Emah-emah kaping sawelas dereng dumugi, wonten satunggiling nyonyahingkang sapunika sampun ngumur 56 taun nanging takswih katingal ayu, sarta taksih angajeng-ajeng jdhonipun ingkang kaping 12.
Nyonyah punika nalika taksih ngumur 16 taun nama Emah, emah-emah sapisan angsal undhagi kajeng nama tuwan DRehbel Drahl angsal 3 taun tuwan Drahbel ajal Nyonyah Drahbel dados rondha ngumur 20 taun tumunten emah-emah ingkang kaping 2 angsal tuwan Bgenir Robets nanging boten mathuk bubudenipun dados boten dangu lajeng pegattan nyonyah ronert kirang sakeca manahipun manawi manggunga dados randha,lajeng emah-emah ingang kaping tiga angsal tuwan dhkter Mayateh, marijate, nyonyah Maryateh sakalangkung tresna dhateng lakiniupn malah lajeng sinau pisan menggah ing kawruh dhokter, ngantos sampurna sumerpeipun sarta ngantos angsal dhiplomah (serat pratandhaning kasagedanipun) wusana tuwan maryateh ajal nyonyah Maryateh sakalangkung rudatos rinten dalu boten kendel tansah angrentahaken luh, setyanipun nyonyah maryateh dhatenglakinipun sarta kawentaring kasagedanipun ngantos adamel gonjinging manahipun juragan sugih nama tuwan belaret (BAllarit) kalampahan nyonyah maryateh kapendhet bojo dhateng tuwan Belaret dilalah tuwanbelaret wau dhawah saking kareta apikaplindhes ing rodha dados lan pejahipun nyonyah Belarit sakalangkung ruda dos malih sarta ansah angrentahaken luh, awit tuwan belareit asih tresna sarta sae pambekan sarta pamengkunipun.. Kala samanten nyonyah belaret saweg ngumur,26 taun lajeng emah-emah ingkang kaping gangsal angsal juru ambombong prakawis nama tuwan Panidhen ingkang misuruw namanipun nyonyah panidhen tentrem manahipun sarta lajeng saged patutuan kakalih, nanging taksih sami alit-alit kaselak tuwan panidhen sakit lajeng ajal atilar donya kathah, amargi saking agenging kauntunganipun kala gesangipun jalaran anggenipun dados juru ambombong prakawis boten nate kawon Nyonyah Panidhen dados parebatan amargi dados rondha sugih, wusana emah-emah ingkang kaping nem angsal undhagi kajeng malih nama tuwan Moore tuwan more inggih lajeng pejah. Nyonyah Moore lajeng emah-emah malih angsal tukang gambar nama tuwan Thomas, dados emah-emah ingkang kaping 7 boten lami tuwan Thomas inggih lajeng pejah.
Nyonyah Thomas lajeng emah-emah ingkang kaping 8 angsal tuwan Kunungham sareng tuwan Kunungham miring babpanasing rabinipun rabinipun lajeng dipun pegat amargi ajrih manawi katularan pejah. Tumunten wonten ingkang kadugi ngalap inggih punika tuwan Sepeneer ingkang sampun misuuwur panas anggenipun rabi sampun kaping 8 bojonipun tansah pejah kemawon sapunika angsal tandhing sami panas ananging tuwan Sepneer meksa kawon panas salebetipu kalih taun tuwan Sepeker sakitlajeng ajal tuwan punika atilar yatra sami liyun dhollar, nyonyah sepeker sangsaya sugih wasana lajeng emah-emah ingkang kaping 11 angsal tuwan Bolton punika saged ragi dangu ngnatos patutan wolu, ananging wekasanipun tuwan Bolton sakit lajeng ajal leresipun nyonyah Drahbel robret maryateh, telaret panidhen Moore, Thomas Kunungham Sepekner utawi Bolton sampun narimah dados rondha sugih sarta sampun sugih anak punapa malih samun sepuh, anangnig pamanahipun nyonyah Boten makaten taksihpados pasangan malih utawi jodho ingkang kaping 12 (*).
========\==========
(*)sinten ingkang purun
Jurugubah
==========\==========

Sumitra Jakasuyatna, pitaken sampeyan tembungm keblengkik kaliyan Kepregok kula ingkang anjawab ingngnadhap punika sampeyan pariksani.
Tembung Kblengkik kaliyan kepregok punika sami bawa, ka, sangking seselan ra, utawiprewek tatip, tegesipun kablengkik tiyang anglampahi piawon manawi kasumerepan pandhelikipun dening ingkang dipun awoni punika nama keblengkik, kepregok punika inggih tiyang anglampahi piawon dipun cegat saged kepethuk punika nama kepregok jakasuyatna, kula sampun sampeya nwastani dahwen utawi calak anggen kula kamipurun anerangaken dhateng pitaken sampeyan ingnginggil punika, manawi leres purih kula sageda dados tuntunanipun dhateng pawong mitra saer, manawi lepat kula nyuwun aksama sampeyan.
Se.D. ditakeni un Jakasuyatna, ingkang tumuhu dhateng sampeyan bab ingkang kalih bab sampun kula jawab kaliyan cekak gabeng, ingkang kalih bab dereng kula jawab amargi kula ajrih dereng wonten prasabin sampeya dhateng kula, ewadene manawi sampeyan meksa dangu boten anjawab inggih badhe kula terangaken malih sagaduk kula, iyah boksampun taneh enggal dipun jawab, kok pijer klithiyan bae, punapa wudhen bukipun saweg katlisut, manawi leres panarka kula mekaten sokur bae 1000, dados badhe gampil anggenkula manah tembeniun.
Tanggal kaping 16 Rejep Ehe ongka 1820
Ki Parungsari.
=========\============
Alo iki sapa e jebul kimas si Jaka Clunthang kadanging jaka Sasana, kula nyuwun pitaken nanging mugis ampun dados duka gih, sampeyan pnika jaka Clunthang lami puapa anyaran sareh tanuns areh, iyah ngeget-geti.
Seratipun cekel endalaya ingkang dhateng Dh.A. sarta jakabusuk sampeyan pirsani ingkang terang rumiyin sampun kok ujug-ujug lajeng sampeyan wastani cemplang kirang bumbu, punika ingkang cempalng pundit, mongka malah ngemot piwulang dhaeng Dh.A. sarta jaka Busuk akdos ta ingkang mungel benjing yen sampun jeleh lawangsul mariki malih, sehdneg sampun ragi sumerep dhateng pasamuaning papadhang sakedhik, tegesipun Dh, a sarta jaka Busuk lajeng ambudiya indhaking kawruhipun la punapa mangkaten punika sampeyan wastani cemplang cis dados sampun tetela sampeyan punika dereng sumerep dhateng suraos e mencep kimas SEkayajinah, sampeyan mundut bum engga kula caosi kados pundit sababipun sambukmanawi kasambukakenteka mungel mak dher.
Sampun kalununlajeng sampeyan jawab ingang patitis benjing kula caosi epah sarem kajengipunboten cemplang, gentos rujak sirikaya, kemplung-kemplung wonten elas sampeyan keplok ngantgos babak asta sampeyan kula kendel kemawon.
Selaretna tanggalkaping 27 Rejeb Ehe ongka 1820.
Pun Jakasuwedha.
==========\==========
Jaka Suyatna cekakipun sampeyan inggih boten mathuk bab sanespa kula ingkang tumrap bramartaniongka 15, atur kula inggih sampun
Jaka suwedha, bilih salebting pasamuan punika botenwonten tiyang bodho, ingkang kadamel tondha araning para pinter punapa
Jaka Busuk
=========\==========
Saklangkung bingahingng panuwun kula dhateng Jakalengkawa, dene karsa angleresaken dhateng kalepataning saseratan kula, naming bab tembugn ambabadra menggah kajeng kula ingggih lmendhet sakng tembun grembulan maksudipun anggadhahi pikajeng sageda amadhangaken kados padhanging rembulan, ing wasana bilih taksih lepat mugi karsaha angleresaken
JakaBusuk

Ongka 23 Setu Wage kaping 10 Ruwah Ehe, 1820 utawi kaping 21 maret 1891

Surakarta
Sapunika wonten gagrag enggal tiyang Surabaya sade lisah petroliyun kaideraken dahteng kampong-kampung dene panyadenipun eceran mila andadosaken kamayaranipun para titiyang salebeting kampong, manawi salajengipun makaen badhe anambahi sakecaning titiyangingkang sami gigirya, awit boten susah dhateng radinan ageng, naming cekap thenguk-thenguk wonten griya nyandhing cangklong isi arta, pundit ingkang dipun kajengaken dhateng piyambak amin.

Pamanggih enggal sepat kenging kaaben sami sepat mangakten tarekahipun amendheta sepat kinten sadsa iji, lajeng kapiliya pundit ingkang purun ngoyag-oyag inggih punika sawung, dene patraping pangabenipun wonten ing nglodhong, wa punika saged rame sanget sarta dangu tur kenging dipun totohi, ara parabotoh dh a kemecer badhe nyobi.
Jurukabar

Kapedhak ing Ngarjawintanan nama pun Akad ing saben kalamongsa dipun pitados ng bandaranipun anyadhong paos dhumateng para tuwan enggal punika minggat mawi bekta arta, 30 rupiyah, arta wau paring dalem balanjanipun abdi dalem panakawan maenad satengganipun ingkang sumerep wulan Pebruwari kapengker punika sampu mesthi kemawon para ingkang sami badhe tampi anggenipun ngantu-antu angentosi, nanging bok inggih ngantos punapa, pun Akat mongsa mantuka, mila naming sami anggaleges gujeng ginujeng.Tujunipun anggenipun kesah kakang Akad boten kala badhong paos ingkang sumerep garebeg mulud kapengkerpunika, uopamikesah ana lika samanten inggigh untung, awit apsipun 100 rupiyah, klebet busuk nanging kakang Akad mbokmanawi sampun anggadhahi pamikir, manawi nginggataken paos temtu dipun upadosi sisip-sisip tembiripun kacepeng, arak badhe lumebet ing griya ingkang sampun rumantos wangsul arta blonja, saehning gadhah anipun tiyang kathah, boten adamel rekaos dados temtu boten dipun upadosi, pancen wegig.
========\==========
Punapa lurah bekelipun boten gadhah pamurina, dupeh dede gadhahanipun
Jurugubah

Sadangonipun mongsa rendheng punika margi ageng salebeting nagari kenging winastan sae, boten wonten ingkang risak kados taun ingkang sampun kapengker, ingang makaten wau boten sanes naming saking taberinipun kanjen raden adipati, saben dinten ngaad utawi dinten saanesipun saben mentas wonten jawah ageng, punika kanjeng raden adipati mesthitindak amriksani piyambak nitih titiyan mubeng ing radin-radinan ageng salebeting nagari, manawi wonten ingkang katingal jemek lajeng diun urug ing karikil tandhon ingkang sampun kasudhiyakaken wonten tepining margi ageng, mila boen wonten ingkang kasep,lah ing sapunika margi pakampungan punika para pulisi kabupaten ingkang kawajiban angubenga ing bawahipun piyambak-piyambakk nanging kados awis dipunlampahi, kauingana margi pakampungan punika boten kedah mawi dipun krikil utawi dipun urug ing banon naming jangji dipun kirihi lampahing toya jawah kemawon amasthi sampun badhe boten dados leleran awit boten kaambah ing kareta bendi sasaminipun tuwin awis-awis kaambahing tiyang langkung, tinimbang kalianmargi ageng, suprandosipun kathah ingkang dados leleran amargi para pulisi kabupaten kekathahen padamelan criyosipun dados boten saged mriksanii margipakampungan saupami parentah kara utusan mariksani margi pakampungan ing jayengan ingkangler piyambak amesthi wonten tiyang pangindhung ingkan gdipun inggahaken ig pulisi rol jemeking margipunika boten punapaha, awit sampun limrah ing mongsa rendheng, nanging mawi dipun urug ing talethong sapi tuwuh rangipun sanget adamel jiji, awit kidul ing margi wau wonten pasewanipun kareta, bucalanipun telethong saenggenenggen kemawon dene margi pakampungan ingkang sampun kula ambah meh sadaya sami risak namugn jalaran ngembengi toya jawah boten dipun kirihi ilenipun naming

ingkang sanet piyambak kula aturaken inggihpunika ing kampong kawandasan ngajengmangkupranatan bladheripun ngantos sadhengkul.
Kintunan

Nalika dinten Jumungah tanggal kaping 2 wuan ruwah punika, ingkarangasem bawah Mangkunagaran sawetanipun kampong Gandhekan kaparak tengen wanci dalu kinten jam 10 satunggiling tiyang ngriku, aleledhang wonten nrgadinan boten antawis dangu wonten cina pekoh sade bakmi saking kilen mangetan akaliyan tawa, *Amiyeh*, kapireng pun leledhang lajeng dipunundang sanjang badhe tumbas sareng samun kendel sacelakipun kapurih nyadeni samangkok ingkang argi 5 sen sareng samunmatengkatedha angetheplu, satelasipunkapurih nyadeni malih, sareng sampun telas 6mangkok pun leledhang sumedya boten bayar sir malajeng, ananging katungka awasipun cina, lajeng dipun cegati kaliyanberahipunmikul kapregok ipun pun leledhangnumbuk pikulan ngantos wutah sadaya pun leledhang ambruk boten saget kesah-kesah saking ngenggen wah lajeng kacepeng dening cina pekoh wau, ina bengok-bengok nedha tulung, sanalika kathah ingkang tandang utawi ningali, ananging sami boten samara bilih punika tiyang ngriku, dados boten dipun prusa, sareng sampun sareh napasipun lajeng awicanten sajak asusumbar, tembungipun ayo sapa sing kuwat gendhong aku ulihna menyang omahku, sarehning katingal rekaos dados sareng sumerep kakangipun nak-sanak lajeng dipun gendhong mantuk dhateng griyanipun pun Cina ngetutaken sadumuginipun griya nedha tempah karugiyanipun naming dipun sukani, 3 rupiyah, awit bakmi kantun sakedhik cina ugi narimah, dados pun leledhang wau nama tiyang murih uceng kecalan deleg.
Kintunan.

Klathen
Kala dinten kemis kaping 12 Pebruwari 1891 tiyang estri wasta bok samadrana kinten umur 40 taun griya ing dhusun Nglesep dhistrik Sapuluh (Klathen) wanci jam 10 enjing, nuju ramban gegodhongan wonten ing kebonanipun piyambak nalika punika ing padhusunan ngriku suwung brung amargi ttitiyang sepuh jaler estri sami dhateng sabin sami derep dumadakan tiyang wasta kasan reja ingkang sampun lami gadhah sakit ewah, amurugi dhateng panggenanipun embok S.D. ingkang nuju ramban wau, kasanreja anyelaki lajeng anandukaken tembung amamela, murih ngusadani sasakitipun dhasar, bokramban amangsuli, *aku ora bias anambani, sabab aku dudu dhukun* Kasareja wicanten manis manuhara, *dhuh dewataning ngayu boya ana prayogane kang bias maluyakake lara ku kajaba kang dadi wonding atiku, iya kowe, sabab saranane kawarasan kudu munung ing arira mu mirah,* sangkala Kasanreja badhe andumugeni ngrataniuun bokramban lajeng katubruk saha adhe linulutan dayaning lambing sari, bokramban anunggu langi sata anjelih, wantunipun tiyang ewah lajeng satnun engetan sakala ical brangtanipun saha lajeng waringuten bok ramban kacandhak lajeng dipun jegal, maki glimpang dhadhanipun katumpakan cemplong, gulu kategkak makleg tangan kalih pisan karangkul dados satunggal kruwel katekem ing tangan kiwa, sarta lajeng nandukaken panyokot mawantu-wantu, .
Para rare ingkang dolan sacelaking pakebonan sareng sumerep kagegeran arebat dhucung palajengipun anusul tiyang sepuhipun dhateng sabin awawartos solahtingkahipun Kasanreja, sakala para tiyang jaler ingkang sami wonten sabingagancangan mantuk sumedya tutulung, dumugining panggenan kasanreja taksih angangkahi bok ramban sarta katingal angenipun gilud-gilud payudara, tangan tengen ametelaken gulu, para tutulung lajeng anubruk dhumaen gpun durhaka kawengkang tanganipun sarta lajeng kaglandhang, ananging bok ramban sampun anemahi pejah, o mamelas sanget dene tatunipun untu boten ambedhahaken kulit ayam ananging naming biblak saha bintul angemurah, wasana pun durhaka kapidana lajen gkatur ing parentah kilap kadadosanipun.

Bayalali
Pasakitan Kramalesana ugi karan Sayid 2 pecir sami gagriya ing dhusun Karang Pawon 2 Ranudikrama ugi karan Kasmin griya ing dhusun GEndongan (Salatiga) pasakitan titiga wau

sami kadakwa ngecu ing griyanipun tiyang ing dhusun Bandhung (Bahrawa) sarta sampun sami kadhawuhan karampunganipun pangadilan landrad ing Salatiga, karma lesana, sayid kaleres kapatrapan paukuman bucal laminipun 15 taun Pecir sarta Ranudikrama Kasmin amelung taun, dereng ngantos kalamapahan nalika salebetipun wulan Dhesember 1890. sami miruda saking kunjara Bahrawa.
Wadana dhistrik ing Tengaran (Salatiga) mas Sumadirja, kadhawahan angupadosi pasakitan titiga wau, mas sumadirja lajeng anglugas raga mangangge cara kuli dalah sapanekaripun sareng ing dinten Senen kaping 9 Maret 1891 pasakitan Kramalesana:Sayid kacepeng wonten ing dhusun TEegal PUle, ing dintenipun Salasa pasakitan Prcir sarta ranudikrama: kasmin kacepeng wonten ing dhusun Karangsengon sami dhiskrik Banyudana (Bayalali) mengggah lembating budinipun wadana ing tengaran wau pantes ing ngalembana,

Magetan
Kala malemipun tanggal kaping 25 REjeb jawahipun deres sanget mai barungan swaraning gelap nyamber-nyamber anggigirisi, enjingipun boksasemit ing dhusun Ranawijayan dhateng pategilan ngintun sarapan ingkang jaler,ingkang tengga tanemanipun kacang ijem adumugining tegil bok Samita kaget aningali gubugipun kabesmi,sareng dipun celaki ingkang jaler pinanggih sampun pejah geseng, labet kasamber ing gelap bok Sa Semita laejgn anye..ngrungkebi wangkening laki, sarta sambat laelae, wong lanang tangiya sadhela, gilo sarapanmu panganen dhisik kaningaya temen dene patimu during kongsi aninggali peluk ciyum.
Prakawis punika enggal kauningan dening priyantun ingkang kawogan sasampunipun katitipariksa, wangke lajeng dipun kubur.
Kyai Naib Sepuh ing dhistrik Bagi, doyanipun ganten anggigirisi, kaemipun jambe jebug anggigirisi kaping kalih, bilih jambenem boten ajeng, doyanipun ngulu dubang anggigirisi kaping tiga, awit manawi nginang boten nate idu, picantenipun mangkaten: *wong nginang nganggo idu iku rak saka kumewate bae upama wong meres krambil, sanene di buwang, arak panggawe siya-siya*. Ingkang anggumunaken bilih kyai naib tuwi ing anak putunipun sanajan ingkang gagriya ing sanes nagari, menawi ingkang dipun dhatengi boten cawis jebug 100, kyai naib boten estu sipeng, dalu dalu wa inggih mantuk sabab tadhahipun sadinten sadalu, mesthi jebug 100 iji, ingkang sampun dados bubukan samongsa nginang jebugipun kauntut kados tiyang nguntut sagon punapa punika boten kalebet aneh sanget.
Nalika tanggal kaping 9 Maret ing dhistrik Gorangareng wonten pasamuan amiwaha I kramenipun wadana ing dhistrik ngriku, dhaupipun panganten wonten ing kabupaten Panaraga, dados wontenipun pasamuan ing gorangareng wau dhapur angundhuh mantu.
Ing wanci jam 7, dalu para tamus ampun pepak kathah para priyantun saking monca ingkang sami rawuh, ngantos jejel kirang enggen awit saking parigelipun ingkang kapatah angacarani ing tamu, tingalipun ing pasamuwan ngriku boten kirna gpareng seneng.
Wiwit sonten anggebyagaken langentaya, yasan kabupaten Panaraga, lajen gumantos langendriyan saking Kertasana, yasanipun raden mas Wadana ing Kertasana, sawaratipun uyasan pasisir, ingggih kalebet sampun prayogi, kathahipun ingkang anjoged jaler estri sanga, kawiwitan kala menan koncar kabujeng kat buta angakt bata, dumugi pejahipun mring uru wesma, lajeng adegipun bok mas daliyem reg ingkang ningali kados anggogragaken ngakasa, sami sami titingalan bokmas daliyem punika yen ing tanah madiyun pancen kadamel pengpengan sareng dungkap tabuh kalih welas lajeng wiwit lenggot bawa, salajengipun wonten pambeng rewel sawatawis nanging boten prelu kacariyos saken.
Ing Maospati wonten cina ingkang dados juru kabaring pembrita baru, asisinglon nama Arya Sentyaki, tingalipun canggeh sanget para ingkang kagungan gethek cirri, ingkang ragi ngantos atos lo.
Unduripun wadana Kertasana sakin gGorengareng, dalah Langendriyanipun kampir dhistrik Keniten Langendriyanipun kagebyagaken sadalu, mila inggih nyenengaken sanget.
Pawartos saking Nganjuk amratelakaken bilih durjana ingkang pejahi tuwan Bekeng pandhegani pabrik Jati, sampun kacepeng, katranganipun jongosing tuwan Bekeng piyambak ingkang sampun suwita, 12 taun laminipun durjana kapariksa ngaken kemawon mila

kalampahan nandukaken pratingkah nganiaya, awit sakit manahipun dene mentas dipun pisuhi sarta kagebag dening bendaranipun
Jaka Marsudi.
==========\==========
Anggen sampeyan saged dados juru pawarti, punapa naming kadamel samben kemawon manawi saestu kantenan anggen kula upados sanesipun
Jurungarang.
=======\==========
Tuban
Kulawisudhan tuwin undur-unduran.
Awit kaparenging karsanipun kanjeng parentah ageng, mas reksaprawira Jaksa Landrat tuwin mas sastra winata ajung Jaksa ing kabupaten Tuban sami kaundur saking kalenggahanipun jalaran kirang cekap saha anamtokaken dhumaten graden mas Teja, asisten Wadana ongka II ing Onderdhsitrik Tegal dhistik Pamotan Rembang kawisudha dados Jaksa landrad ing Tuban agentosi kalenggahnipun mas Reksaprawira wau, dene ingkang kakarsakaken anggentosi kalenggahanipun mas Sastrawinata, Raden Boinata wijaya, asisten wadana ongka II, ing Onder Dhsitrik NGilan dhistrik Jatiraga Tuban.
Mas Wigyasastra, carik ing dhistrik Jenu, kawisudha dados mantra gudhang sarem ing dhusun Bulu, dhistrik Bancar.
Anakipun tuwanK ing Surabaya, Ngulu pen waja, tuwan K enggal ngaturi tuwan dhokter Senetlage punapa ingkang badhe dados usadanipun lare punika, sampun saestu titiyang boten saged andugi, pnika cangkeming lare kaengakaken pen waja kapancing ing wesi brani wonten salebeting cangkem pen waja saged minggah saking wadhuk katarik dayaningwesibrani wau, lare wilujeng boten kirang satunggal punapa.

Pun semi ing kampong Dhalangan (Samarang) rumaos jengkel amanah kalakuanipun ingkang jaler, dene tansah ngloyongantos adamel kapintenipun ingkang dipun tedha sadinten-dinten pun Semi kaken manahipun sumedya nganyut tuwuh lajeng anjegur sumur, annging boten dumugi ing tiwas amargi toyaning sumur boten anyilepaken pun Semi pun Semi lajeng dipun entasaken ing kathah, pak Semi bok dimantuni sineh ampun sok dhemen ngloyong malih, enggih nek bojo dika mlebu sumur sarta slamet nek mlebu guwa kiskendha pripun sanadyan slameta dika ketiwasan mulane becik dika nyambut gawe antepe bojo dika becik
=========\==========
Salami kula ningali kabar Bramartani dereng nate nrenyuhi kados panjurungipun sayekti utami, kenging kla wastani satunggaling priyantun ingkang wasis sanget dhateng panggandhenging ukara, kula titik sakin gwileting tetembunganipun naming sakedhik ingkang andadosaken pangunguning manah kula, dene kok purun ngetrapaken tembung kawi ingkang pancen boten keningg rinimbag kadosta sungkawa dados kasungkawan sok makatena tik bra, dados katikbran orem kaoreman nadyan kenginga inggih meksa lepat awit kasusahan wau rimbag wisesa na bawoka sami dene kabatinan kanginan utawi karusakan mongka kasungkawan ugi kalebet tembung Zelfstandig naamwoord punapa kenging (droefheid) jalaran wonten sedan rak inggih bedroefd jalaran wonten sedan boekan.

Kaping kalih tembung pratingkah ing kasungkawan sarta prabawaning kasungkawan punika tegesipun kados pundit, dene wonten tembung sungkawa gadhah prabawa sarta pratingkah, limrahipun ingkang gadhah prtingkah sarta prabawa punika naming kamlum Allah, manawi sampeyan dereng kraos utawi mungkir anggen kula ngleresaken dhaten glepating tembung sampeyan wau tunggilipun ingkang lepat tuwin lepatipun ukara sampeyan badhe kula terangaken malih, kalayan wawaton leres dene pamurih kula anggen kula nyruwe dhateng kalepatan sampeyan punika supados sampun ngantos kalajeng anunulari dhateng risaking tembugn jawi ingkang jaleran saking saening pangrakitipun tembung ngantos anutupi dhaten gpapathokaning ukara.
Kaping 16 maret 1891.
Kridhasara.

==========\==========

Kadiya ing Kartasura, piyarsanen wuwus mami, wongiku yen during apsah, apsahe kalayan yain, ya pisan sirawani, sumangge nyanggemi kawruh, neng ngabyantaranira, praswarjana lir duk nguni, dera medhar tembang maesabayangan. TEmah sira kanjengkelan, kanjeng kang kawalik walik, kacelik akukwirang, ambabarang-barang isin, ngendi gonira nyingit, kabacut suryanta ciyut, dhasar wus sira temah, tumaloncong ambeg wegig, gagap-gagap anggemu muwus ngrasa limpat. Ingkang mangkono tetela, katalityas ta kang lali,kalulun ing reh sumirang, murna gmaring kramaniti, tangehni tyang wawadi,digung muhungm bag gumunggung, gung age ginunggunga, mring samas samaeng dumadi, praptaning don among dhedher kalingseman. Nanging gek kapriye baya, wus koja rag dadi soyi, dhemen ginawe dolanan, nadyan besuk seket warsi, sayekti during lali, lalakon lakuneng luput, luput sing badan kita, katatangitan pauwis, lah ing mkapriye panjabelira.Wuwus mu kang wus kawuntat, tan kena sira tututi, katutupi lawang tobat, mundur wiring maju isin, marma mengko den eling, ujar mu kang wus kabanjur, ywa maning reka-reka, ngikat ngiket tembung kawi, tuwas, nestha dadi guguyoning janma. Titi pitutur manira,ing dina anggara kasih wayah ing surya gumlewang, kapig nem leking kang sasi, ruwah Ehe lumaris, angakning warsa pinetung, nistingal ngesthi mulya, ingsun ingkang mratandhani, kakang ngira undhakan puspaudaka.

==========\==========

Wosing pepenget dahteng Jaka Suyatna.

Ya allah ya rsulolah, ngok inggi hanyembadani, saking rtresnaning sumitra, ingkang sumedya ambeg sih, mring sang prawira kalih, kang samya padudon rembug mugi-mugi emuta, sakin gpengetira nguni, kyai juru pamisah kang wus wedhar. Aneng Bramartani ongka 18 mung murih sapih, ira kang abondayuda, wit jejering kang binudi, wus ilang tampa dadi, dedalaning kang rinembug bubar pating salebar, mila mila sang linuwih, alilih away nganti kadawa-dawa. Lamun kongsi linajengna, sayektine datan pawis tiwas uwas kang umiyat kang kadya kula punika, kapati asemadi,mumurih rahayunipun sadaya kadang warga, atut runtuta salami, owel temen dene ki jaka suyatna. Congkrah lan Jakalengkawa, kang wus tetela mumpuni, ing wadining kasusastran tanana ingkang kalempit lepas budine werit labet saking wulangipun kiyai kramatika, pangungsening tembung jawi, la sampeyan sinten kang den andelena. Punapa wedhuse domba, mangke rak tiwas bijigi, luwung prayogi mundura, enjing kewala manawi, sampun ragi mangreti, mring wadiing sastra luhung, punika anglawana, dhateng sang tuhu linuwih kasusrengngrat inggih pun Jakalengkawa. Ewadene yen tan arsa, saking penget kula kang mrih, rahayuing rengkakadang, paduka naming sedyapti, nekat alebu genisaking marang den wus suwus ah punika punapa, dene kadi rare alit lamun kula enak kalah ngulu lenga. Sampeyan angengetana, babasaning jaman mangkin menggah kuruming kerengan kalah menang apan sami, samya kalebeng buwi, lamun apa pedahipun bok inggih kados kula narimah dipun besengis watekipun rahayu lusi ing bela. Titi ning ngaturi sukra ping 2 Ruwah marengi, warsa E sangkalanira sirneng sembah ngesthi tunggil cuthel tiru biru.

Pun cekel Endralaya

==========\==========

Ongka 24, Salasa Paing kaping 13 Ruwah Ehe 1820 utawikaping 24 Maret 1891

Surakarta

Ing dinten NGahad kapng 11 wulan Ruwah taun Ehe punika, kalampahaning pamiwahanipun putrinipun Kanjeng Pangeran Arya Mataram nama Raden Ajeng Sukapti, dhaub kaliyan Raden mas Tumenggung Panji Cakrawardaya bupatiing Cilacap kasareng dahtub bata rubuh, kaliyan putrid titilaranipun suwargi kanjeng Pangeran Arya Suryadipura, nama Raden ajeng Samsirin sami wayah dalem ingakgn Sinuhun Kanjeng Susuhunan Katrimakaken dhateng Ngabei Jayadikara, abdi dalem mantra kaparak tengen putranipun Raden Ngabei PUrwadipura, abdi dalem kaliwon kaparak tengen dhaubing panganten wanci pukul 9 dalu ingkang sami rawuh anjenengi kanjeng tuwan residhen Sarimbit kanjeng gusti pangeran adipati anom sarimbit kanjeng gusti pangeran Adiapti Arya PrabuPrangwadana, para kanjen gpangeran putra Santana dalem pepak adaya, tuwan Owresteh komandhan sarta para opsiripun para kanjeng tuwan asiten residhen sarta para tuwan sanesipun sadaya sami sarimbit kanjeng raden adipati sarta para wadana kaliwon tuwin para tamu sakalangkung kathah sami pepak madyaning pandhapi,s asampunipun panggih lajeng dhansah, ungel-ungelanipun musik sakin gnagari Itali, kendeling dhanah mawi sinendhonan musik beteng, kendel musik beteng sinelanan ungeling gongsa mawi sinindhenan swaranipun anganyutanyut kendel gongsa wiwit dhansah malih, makaten salajengipun sanggyaning para tamu katingal pirena ingggalih amratandhani bilihpanjenenganipun kanjeng pangeran arya Mataram lembat budinipun sinihan para ageng sarta linulutan para mitra, andhapasor sarta anoraga, pantes dados tutuladanipuning kathah, kala rawuh ing tamu kadosupaminipun peken tumawon umyung gumuruh jejel uyel-uyelan ewadene saking wasisipun para among tamu, tataning lelenggahan katingal lega, malah taksih kiran gtamu langkun gpanggenan menggah sasaosaning pisegah dhahar sarta minuman boten anguciwani, konduripun para ruhur watawis wanci jam sakawan dalu, dene sanes-sanesipun sami angebyur.

Kala dinten Saptu kaping 21 Maret parawan rencangipun bok mas bei resacundaka nama pun Siyam kinten wanci jam kalih welas siyang dhateng kebon wasana ngantos jam satunggal pun siyam dereng wangsul sareng dipun tuweni sampun katingal gumandhul wonten ing griya sepi,s arena satagenipun kaangsaleken molo, kasumerepan ing kathah lajeng kalapuraken dhateng prayantun pulisi, sasampuing kapriksa terang, bangke kaudhunaken sarta lajeng kuybur, punapa sababipun pun siyam nganyut tuwuh, prayantun pulisi aweg budi nalaripun.

Ngabei Jayapawaka, abdi dalem mantra sarageni kaparak tengen ingkang sampun tilar donya kala dinten Jumungah tangggal kaping 2, wulan ruwah punika, kakubur wonteningngastana kampong SAragenen ugi kaparak tengen salebetipun wolung dinten saking dinten ajalipun wau, siyang dalu kuburipun mawi rineksaing tiyang sakawan sakawan menggah lalampahan ingkang makaten punika, kilap saking welingipun ingkang mantuking sunyaruri, kilap sakin gkajating para warisipun ananging pambudi samanten punika, tetela boten maedahi malah nenangi manahing durjana, sanglecitanipun bilih ingkang kinubur mawi dipun bektani barang ingkang kathah pangaosipun temahan kala malem setu ingkang kapengker, kuburipun ngabei jayapawaka dipun dhudhuk ing dursila, layon dalah pirantos ingkang wonten salebeting pruwat dipun orak-arik ngantos pating besasik dene tamtonbipun boten manggih punapa-punapa, amargi temenipun inggih boten dipun bektani punapa-punapa, kajawi naming teken kanjeng Kahwa, Allah, allah, katingal melas asih temen ingkang mantuk dhateng jaman kalanggengan sarta sapinten masguling manahipun para warisipun nanging gek sapinten malih karugiyanipun pun paman pandung.

Kala dinten Salasa kaping 17Maret kinten wanci jam sawelas siyang, pun siring abdi dalem para nyai nglebet karatonmantuk sakin gpeken medalkareteg gantung: pun Siring wau wategipun bingungan awit gadhah sakit suda pamireng, wah lamur kocapa, sarenglampahipun dumugi sangajenga took Limonadhe, wonten kareta andhong badnhang saking ler mangidul kusir sarwi alok lalelae, saking guguipun siring, mlampah pinggir malah mlajeng mentengah, temahan katumbuk dening kareta andhong wau, ngantos sapandurat boten ngalisik tujunipun kareta lajeng mandheg greg gumun kula among pun kusir, angggening lenggana tutulung dhatengingkang katumbuk malah semunipun kados badhe ambandhangaken karetanipun, ing ngriku pun Siring dipun tulungi dening para encik-encik ingkang sami bikak took ing ngriku,

wonten ingkangnyukani tigan mentah, weneh lajeng mendhet gebyas lisah dheklo nyo kasiram siramaken boten dangu pun siring sampun enget katungka dhateng ipun pulisi ingkang pinuju langkung, lajeng katitipariksa, ananging pun kusir sampun anggeblas bandhangaken karetanipun, sinten ingkang adhah andhong, kula kirnag terang, nanging kareta wau mawi tndha ongka 32 pun Siring katumpakaken karta andhong sanes kanthi pulisi kabekta mantuk kilap salajengipun.

Dintenipun kemis kaping 19 Maret kinten wanci jam gangsal sonten kusir pusara amandhangaken dhosadhonipun babah Ego, saking katandhan mangilen dhateng peken ageng, saweg dumugi sangajenging tukang roti pojok peken amlindhes rare jaler kanten ngumur 6 taun kaleres gigiripun tengah leres rahayu rare wiyana, mila boten patos rekaos ananging babak bundhas kusir lajeng kacepeng dening agen kabeta dhateng pulisen Tartanagaran kanthi lare ingkang kapplindhes, sadumuginipun ing kapulisen kusir kedah ambayar dhendan arta sakawan rupiyah, minongka tumbasan jampi, kusir boten lenggana lajeng ambayar arta padhendhan kawan rupiyah jreng, batosipun angunandika: *jangji aku ora radi ukum mongsakongsiya sadina ngupaya dhuwit patang rupiyah,* rak inggih ta mas Sara

Klathen
Kala dinten Akat kaping 15 Pebriwaru 1891 suldhadhu walandi apangkat sarsan mayor angendhat talimurda, menggah jalaranipun sarsan mayor wau badhe nampeni patrapan dipun krepos 24 jam sarta lajeng kaundur saking pangkatipun sarsam mayor, wangsul dados suldhat malih, dene prakawisipun saking anggenipun remen mendem saenggen-enggen sarta lajeng damel resah, wasana dinten kasebut wau anggening badhe nindakaken paukumanipun katamtokaken mangke siyang jam 2 enjing jam 10 sampun pejah agantung lantaran sinjang udheting calana, lo punika tekad ing prajurit utami, wiring lan pejah, dipun enthengaken pejah.
Tiyang wasta, S2 tj, anuju dhangir pategalanpun wasana tiyang kakalih wau kasamber ing beledheg sareng sakrepyekan kemawon pun S anemahi pejah, dene pun tj naming kalenger kemawon saha saged wilujeng, menggah lalampahanipun tiyang kakalih punika kalebet elok amargi kala bledheg nyamber, tanpa jawah tanpa angina naming wonten mendhung sawatawis dumunung ing nginggilipun leres saking panginten wiyaring mendhung wau kiran glangkung sekep pas mubeng, jumidheting gelap sareng lan icaling mendhung Ki Jaka wuyung ing Balepita,

Yogyakarta.
Pak Dablek ing kampong Margayasan P.A. nuju dherek bandaranipun dhateng kalangan yudanagaran salebetipu nwulan Rejeb punika dinten tanggalipun kasupen pak Dablek wau wonten ing kalangan ngriku tumbas pisang ambon siripun badhe dipun tedha ngenggen nanging boten saged kaleksanan jalaran angggenipun mangap kalajengen ngantos boten saged mingkem enggal mantuk lampahipun tansah anglangak (kaya ula lanang) saking emanipun busal pisang ingkang sampun dipun emplok saha saking kedahipun wedha pisang wau, nanging meksa boten saged kalampahan sagedipun mingkem ngantos kalih dinten kalih dalu, *punapa ingkang dipun angge ngusadani,* brambang kaliyan cokek dipun wedhakaken wangi pun nanging ingkang suka pitedah makatenw au boten dipun trimah, *la, kados pundit tiyang dipun sukani saserepan mongka dados lan sarasipun kok boten nrimah,* awit saking pamanggihipun pak Dableg ingkang mantunaken dede dayaning cokak lan brambang, saking kuwasanipun kiyai Dhukun gatosipun naming badhe ngunggulaken dhateng kasentikaning dhukun sabab angggenipun boten saged mingkem punika dipun gandhuli dhemit sewu, hyah kok sebah padharan kula yen ngraosaken bongsa kula jawi anggenipun dereng saged ngipataken dhateng gugon tuhon punika, benjing punapa kemawon tuwuhing budi ingkang sayekti, boten kelu dhateng kadayaning tiyang ingkang among pados kembang boreh jambe suruh sapanunggilanipun utawi abon-abon tembung Ngayogya *lemar*, ampun gumujeng tam as ponca.
Poncakretarta.

==========\==========

Batawi

Pangresulanipun para konca pekampungan jalaran saking kathahipun dursila pandugn kang sami amikuti barang yatra sapenunggilanipun kaetang saben dalu wonten tiyang kepandungan anggur-angguripun durjana kecu ingkang magut salebetipun wulan pabriwari punika, salebetipun dhistrik Penjaringan kalebet tan kecu kaping kalih, mongka dhistrik enjaringan saking kitha Betawi naming 3 pal kawical salebeting kitha pramila anggumunaken mongka ing JOnggringsalaka teka wonten makaten mercapada malih tembung langkung sangkin gpunika, bokmanawi para dewa dewi kathah ingkang ambruwah hawanipun.

Anggumunaken sanget ing kitha ngriki etang boten wonten lerehipun rinten dalu tansah ngreceh kimawon menawi dalu hawanipun asrep sanget wradinan sasat bubur katul kawewahan lampahipun reta dhokar sadinten dintenipun atusan sasat katul kaudheg para konca besus gela sange mergi boten saged laledhang sonten jalaran jothakan kalayan Lumpur katul iingkang inggang gumelar ing wradinan boten sande badhe anyiprati agemipun rasukan pameran. Titi kitha dinten kaping 3 Maret 1891.

==========\==========

Pethikan

Para studhen ing pamulangan dhelep, sami pirembagan badhe adamel mainan dhateng gurunipun inggih punika tuwan propesor Tolordha, saderengipun tuwan Rordha dhateng salah satunggaling murid anyerat wonten ing boripun pamulangan wau dumunung ing pojoking bor kiwa engen ungelipun To rodha……Kuldi, *mila mawi kabelah panyeratipun ajrih manawi dipun wastani amastani kuldi, tur inggih sampun pamanahipun para murid amesthi tuwan Rordha badhe nepsu nanging badhe boten kantenan sinten ingkang dipun nepsoni, awit saseratan wau kasanesaken dhapuring pun kaliyan saseratanipun par setudhen sadaya, dados boten wonten ingkang dipun unyeri, menggah cipta ingkang makaten mau upat awit sadhatengipun tuwan Rordha boten pisan katingal nepsu, sarta naming sakedhap netra angenipun ningali saseratan wau lajeng angasta kapur, antawising saseratn wau kaserat mungel Ngaja dados metah ing tembugn* To, Rordha, ngejar Kuldi.

Profesor tuwan N ing kitha P lumebet ing took padagangan serat mendhet satunggal sarta lajeng kawaos kaleresan serat ingang kawaos wau serat kawruh kridhaning jagad wonten wadosipun binuding dereng pinanggih, ing ngriku kathah para tuwan ingang sami tutumbas barang toko sarta ing salah satunggiliipun tuwan tuwan wau wonten ingkang dados pitepanganipun nanging boten dipun rewes sanadyan aruh-aruh inggih dipun kendelaken kemawon sareng wanci bedhug bojonipun nusul lajeng anyeblek sarta wicanten muliya ta: gage, ing ngomah ana dhayoh, aja pijer maca bae, kowe di enteni, *tuwan Profesor kaget sarta lajeng amangsuli* tembungipun aruming pangandika sampeyan sumehing niya sampeyan kula kados sampun nate srawungan nanging punapa ingkang dados pangandika sampeyan kula boten mangretos tabe nyonyah.

Lah punika bantering manahipun para propesor ing Eropah, dhateng bojo ngantos supe, nanging manawi propesor jaka pnapa inggih saged supe dhateng warnining papasanganipun ingkang tansah gumarit wotnen telenging manah, mongka nyeblek ah dereng tamtu, badhe boten supe.

Profesor N.N. sanget pamretekin gpambudinipun dhateng kawruh kodrat ngantos supe boten amanah panganggenipun rasukanipun ing lengenan sampun mowak-mowak dipun kendelaken kemawon wonten tuwan tuwan ingkang badhe adamel gugujengan angarhuh-aruhi dhateng tuwan propesor wau, tembungipun lah punika tuwan sikut sampeyan katingal mungup-mungup kados badhe angungak kawruh ingkang tansah sampeyan uni, wangsulipun lah punika tuwan sikut sampeyan katingal mungup mungup kados badhe angungak kawruh ingkang tansah sampeyan uni, wangsulipun kalintu tuwan sikut kula boten ngungak kawruh, nguak kurang ngajar sampeyan .

Wonten pujongga remen maos sanget ngantos aplirwakaken dhateng pangopening anak bojonipun bojonipun misan tel kalayan tembung manis Anton yen aku amueup padhemen mumacalayang angluwihi marang bojo, aku biyen dadiya laying bae, ingkang jaler amangsuli, iya bener, nanging aja dadi almenak mundhak salin saben taun.

Pakualaman 24 Maret 1891.
Kajawekaken saking tembung walandi dening Sudirja.
==========\==========
Sapunika dados sampun tetes kaliyan pamanggihipun ardamistarja, bgilih para anggarap prakawis taunan widonana amasthi boten kasupen punika leres sareng kula maos seratipun mitra, patra tholo, ingkang kawrat bramartani ongka 19, anyariyosaken bilih raden ngabei jaya.……kasupen sampu nwiwit iapriksa wonten ing ngarsanipun pangadilan pradata ageng, nalika ing dinten saptu tanggalkaping 26 wulan REjep ingkang kapengker punika, o, sokur lah kamdulilah dados naming angentosi ingkang dados paraboting prakawis kemawon.
Jaskawuyung, kathik pijer sangkuyang-sangkuyung, kados pundit sampeyan dipun pitakeni dening jaka wuyatna, prakawis mara ngumandhang wonten salebeting gedhong, ta di galih, apa yen badhe patakone jaka suyatna isin, (Jakalengkawa) sapian, yen sampeyan pancen sampun mindhangkaun kula ing kasagah ambatang tur masthi anggalepung (Jakalengkawa) kaping kalih, suwawi Jaka Suyatna sampeyan priksani jawab kula ing ngandhap punika.
Wontennipun sweara ngumandhang salebeting gedhong, amargi ing ngriku satunggaling panggenan ingkang rapet, panggenan ingkang rapet saged angenep aa ingkang ngantos kandel dados pesating swara boten saged kantas kabuncang katut lampahing awa, temahan katampen wansul narajang kendhanganing kuping, ingih punika ingkang dipun wastani kumandhang wau (*) sampun jaka suytana among samanten panjereng kula, kula gentosi taken dhateng sampeyan kados ing ngnadhp punika, kula manawi lumampah dalu asring kraos mangkorog githok kula, kang mongka prakawis memeding sampun kula sirnakaken kalayan kawruh ingkang sampun mawi tondha saksi, saha sampun boten mawi waswas menggah ing kawruh wau, dados ingkang nuwhaken sumenggranging githok punika saking daya punapa, sampeyan mugi paringa katrangan ingkang prakitis, dados dumuung sawab sinaweban kula boten dhapur pupucuking paben ,sampun ah pandum wilujeng tanpa rujak, kula badhe manggihipun kadiya ing kartasura.
Kadiya ing Kartasura, kadospundi anggen sampeyan grambyang sekar maesabayangan kathikylayamangkono,s asat bongsa patrabalejet ane, manawi sekar maesa bayangan sala, rak sampun leres saking pratelanipun jakasuyatna, lampah 17, pethotaning lampah 5,5,7, wangul kaping 6 seleh pada ageng, jangkep, dene prakawis pathet salendro punika leres saking dhawuh sampeyan boten lepat wit na yen sekar kilayu nedheng ta, pathetipun pelog , I yen mesem jaka suwedha,
Jaka Suwedha, anggen sampeyan ngandika anggalepung, saha mawi angluluri ngurung asmanipun (Jakalengkawa) punika leres amargi sampun wregdhuk kalayan kawontenanipun panjarwa sampeyan bab sastra gurwendra, dene patitis sampun boten wonten ingkang nalisir sagedhik-kedhika, dados anggen kula beri ngrung asmanipun jakalengkawa nginggil wau taksih wonten labetipun kados ta anggen kula batang patakenipun jakasuyatna rak boten basa galepung, sasat wis dadi jenang sungsum baleken, arak inggih ta, wak nem nrangbaya, kasrat tanggal kaping 2 Ruwah Ehe, 1820.
Jaka Mondreng samayarmolek.
======\==========
(*) ing ngara-ara gajegipun inggih wonten kumandhangipun tur ing ngriku panggenan jembar, awanipun boten ketetel kados pamanggihipun mas MOndreng,
Jurugubah.
==========\==========
Katur Raden Bandung BOndawasa
Kula sampun maos serat sampeyan kang kawrat ing Bramartani ongka 104 sampeyan mas tani saben kula tampi srat pitakening liyan lajeng kula aturaken dhateng panjenenganipun kyai Kramatika, punika inggih leres sanget sabab kyai karma tika wau guru kula kasusastran sampun tamtu kemawon sampeyan boten menang kaliyan kula, amila wiwit sapunika sampeyan lajeng angupadosa guru kasusastran inakng pengpengansuapdos sageda tandhing akaliyan kula, lan kula sampeyan wastani saben damel tembung taksih tumpang so, ingkang sae saweg kaping kalih, ingkang punika andadosaken gumuning manah ksaged mastani dhateng tembung kula ingkang lepat kala rumiyin ewed punapa raden teka boten nate

mancahi dhateng tembung kula, ewasamanten sarehning sampeyan sapunika sampun saged lajeng kula aturi dumuk pundit tembung kula ingkang sampeyan wastani tumpangso.
Raden Bandungbondawasa, pambatang sampeyan ingkang sampun sampeyan anggep pratitis dhateng pitaken kula bedaning btembugn, maju, kaliyan mundur maju,boten kenging katandukaken ngaju, kengingipun kedah mawi I kriya, ngajoni, mila boten kenging kadamel rimbag baa: ka, wangsul mundur, kenging katandukaken ngundur, dados kenging kadamel rimbag bawa ka, kondur, tetelanipun kondur punika boten saking mundur nanging saking ngundur, wah sapunika sampun tik tyas nanging kauingana raden tur tembung tuwin pambatang sampeyan punika ambetipun saking pitulunganing liyan ewadene taksih kirang pratitisipun kala punapa sampeyansaged ngandika ngundur, kajawi mawi panambang I kriya, tuwin kekriya, sartapangagem sampeyan tembung dening, kalen tu kulunun kados ta ingkang mungel denging saged anjalari wenganing pambudi, leresipun dene saged anjalari wenganing pambudi,s ampeyan pirsa araden e, inggih tabe tabe kalih ewu,dening, punika beda sanet kaliyan dene langkung malih ning kaliyan e door akaliyan en utawi tach wah baud temen cara londa aku iki neh sasat Sr.D, kadosta rasaning kopi, beda kaliyan rasane kopi, mangretosnun.
Ngambarimun kaping 22 Jumadilawal taun Ehe ongka 1820.
W.,H.Manrangbaya.
=====\==========

Wangsulan katurpanjenenganipun W.H. Marangbaya.
Menggah paring panjenengan panjarwa ing panyuwun kula saserepan bedanipun tembung panyipta, pangesthi, akaliyan panggagas sampun kula sumerep pi kalayan ternag, inggih among sakalangkung ing panuwun kula, dene panjeenngan gentos mundhut saserepan bedanipun tembung inget kaliyan deleng, rikat kaliyan kebat wangsuln kula kadosing ngandhap punika.
Inget ningali wujud ingkang tebih, deleng, ningali wujud ingkang celak utawi ingkang sampun kacepeng, dene rikat mastani ingkang katingal lumampah, ketat punika manawi kengken, atur wangsulan kula wau, lepat ugawi leres kula sumongga
Kajawi punika kula nyuwun saserepan tembung ubarampe, kaliyan patita sampir, punika kawastanan tembung punapa tuwin tegesipun kados pundit,mugi tumunten karsa aparing katrangan.
Pun Jaka tetuka, Joharsari.
=======\==========

Jurupawartiingkang asisilih nama Murina ing Ngayogyakarta, sarta sanesipun sampun malih malih angintunaken pakabaran tuwin panjurungipun medal ing posboten mawi prangko, manawi ing tembe kula anampeni makaten malih badhe kula wangsulaken kaun ingana.
Vogel Vander Heijde & Co.

Ongka 25 Setu Legikaping 17 Ruwah Ehe, 1820 utawi kaping 28 Maret 1891

Surakarta
Kulawisudhan

Nalika ing dinten Senen tanggal kaping 12 wulan Ruwah ing taun Ehe, 1820 awit saking kaparengipun karsa dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng Susuhunan.

1. Ngabei Jayadikara abddi dalem Mantri Kaparak tengen ingkang mentas angsal tariman putrid wayah dalem sasampuing ningkah kapatedhan nama saha sasebutan Raden Ngabei PUrwawidagda.
2. Ngabei Bratasanjaya abdid alem Mantri kadipaten anom kaingser dados abdi dalem Mantri kabupaten ageng anggentosi kalenggahanipun ngabei Wiraranu sasebutan tuwin nama Lulus ngabei Bratasanjaya.
3. ngabei Danuwijaya abdi dalem Mantri kadipaten anom gagolongan naming damel kakarsakaken anyenteg dados abdi dalem mantra gagolongan sepuh, anggentosi tilas kalengggahanipun Ngabei Bratasanjaya, nama lulus.
4. Raden Mas Partaka arsa pamagang kapatiyan kakarsakaken dados abdi dalem mantra ngajeng anggentosi kalengahanipun ngabei Jagadimeja, kaganjar nama Raden Ngabei Jagasuparta.
5. Ngabei mangunw idaya abdid alem Mantri Panumping, kakarsakaken dados abdi dalem panewu carik kasepuhan kaganjar nama Raden ngabei Sastrawidaya.

Ing ngandhap punika sambeting pamiwahanipun panganten ing riya Mataraman naming kapendhet gatosipun kemawon. Malemipun Salasa, lelangenipun Wirengan saking kapatiyan 3, rambahan tamunipun para kanjeng pangeran putra Santana, kanjeng raden adipati, para wadana kliwon tuwan tuwan militer tuwin mardika sawatawis bibaripun pukul 3.
Malemipun Rebo, lelangenipun bedhayan jam 11 bibar lajeng dipun sambeti nayuban tamunipun kanjeng gusti pangeran adipati anom kanjeng gusti pangeran adipati ARya Prabu Prangwadana, para kanjeng paneran putra Santana, para pangeran Santana mangkunagaran para wadana kaliwon tuwan tuwan militer tuwin mardika sawatawis bibaripun jam 5 enjing.
Malemipun Kemis lelangenipun nayuban malih, tamunipun para kanjeng pangeran putra Santana, para wadana kaliwon tuwant uwan Mardika sawatawis parakapti upisir, punakawna raden mas san ing kadipaten anom bibaripun jam 10 enjing, inggih punika minongka puungkasaning pasamuan.
Margi terusan ing kampjng Kauman ingkang mangidul anjog ing plaraban punikaingkang sisih ler wiwit sakidul kareteg mangidul kinten satus tindak taksih katingal kirang prayogi, manawi mentas jawah beladher sanget awit pancen kirang urug ngantos katingal ambalong, boten timbang utawi papaknyameni margi terusan sakin gnononngan mangetan kaotipunboten kirang kalih kaki, inggil margi ingkang mangetan wau, dene ingkang sanget ledhok wiwitipun kidulipun margi mangetan punika katingal boten kopen babar pisan sampun ingkang kaurug amurih inggil utawi sampun jeblog dipun kirihi regetipun kemawon boten mongka bilih jawah toyanipun kalen kiwa tengen margi wau luber mantengah, awit sasat inggil toyanipun ing kalen kaliyan marginipun.

Ingkang awit saking punika, mas pulisi ing Kauman sampu pijer anjigleng margi ageng kemawon ananging kagugnan sampeyan margi terusan kasbut nginggil wau mugi kagalih aprayoginipun dados badhe wewah kuncara asma sampeyan awit margi margi bawah sampeyan sanesipun tumuwuh ing taberi sampeyan kenging dipun babbi sampun kathah ingkang katingal sae (em mesem kyaine) kaliyan malih para tiyang ingkang gagriya urut margi taterusan ing kauman punika anggenipun angirihi arah-arah utawi regeding kalen kalen saelakin ggriyanipun kaprediya sampun ngantos kaentasakening tengahutawi pinggir margi, awit gandanipun…..nglendeng pating klenyit adamel gigunipun para lumampah, mila prayogi mas pulisi kerepa aleledhang kaliyan dhawuh-dhawuh punapa ingkang kedah dipun sampurnakaken botena saged sae babar pisan arak inggih badhe wonten kaotipun nun Kintunan.

Tiyang nama Patawi ing dhusun Bendhan Pengging dhistrik Banyudana (Bayalali) padamelanipun deres kalapa, angsal-angsalanipun legen kadamel gendhis, kala wingi ing dinten Senenkapng 9 wulan Ruwah punika wanci sonten patawi angudhunaken deresanipun legen lajeng dipun sukakaken ingkang estri, supados kadamela gendhis kados sabenipun wusana sareng panggodhoging legen sampun nitis dipun tuweni boten saged dados gendhis naming dados glali kemawon, bok patawi sanjang dhateng ingkang jaler, wicantenipun:*Pakne ketiwasan bakal ora ana sing digawe tuku tike, leh ku godhog legen orabisa dadi gula, mung dadi glali bae, ayake kena sengkala,* Patawi sareng miring pisanjangipun ingkang estri anglengger tanpa wicanten sarta kapeksa boten nyeret sadalu gedabigan kemawon kados ketagiyan wanci bangun enjing medal saking griya lajeng dhaeng pawon mendhet kendharat ingkang estri inggih sampun tangi, nanging boten anglegewa punapa kajengipun ingkang jaler.

Ing wanci enjing wau taksih repet-repet kathah titiyang ingkang sami dhaten glepen badhe asusuci sarta sembayang subuh, sami kaget sumerep wonten gumandhul ing epangipun wit asem sakilen ngumbul sareng dipun waspaosaken: tiyang, katingal sikilipun kewer-kewer, rainipun dipun brungkus ing sinjang, sareng dipun udhunaken inggih punika paman Patawi ngendhat talimurda sarta sampun pinanggih pejah, e, e, kalebet banter manahipun paman Patawi, amargi tiyang ketagiyan tega dhaeng pejahipun punika nama unusaning tiyangnyeret sartapantes tinulad deing para among, be……..du…….da…..n limrahipun naming ngagengaken pamuring-muring, wonten urun uranipun……..*thole marene na udud gething ku dhek cilikmu la apek mantu wong madati…..kecocotan mara tuwa di tempiling bedudan,* tirah kalihwanda, boten dados punapa.

Klathen

Nagara mawa tat, desa mawacara, babasan mangkaten punika kayektosan kados ta caranipun titiyang ing kitha padunungan kula saha titiyang ing kitha Kartasura manawi mentas kapejahan tiyang sepuhipun sarta anak lan sadherek bilih angleresi sidahkanipun tigang dinten dumugi sewu dinten mawi andhatengaken santri sawatawis kapurih maos Kuran sarampunging maos kuran lajeng dikir saha tahlil sakkwuawinipun la punika kajawi ngundang santri mawi nyuruhi para kadang karuhipun ungeling nguleman bilih sela ing tengadursa adhangan ing panggalih, mangke dalu panjenengan sampeyan kula aturi rawuh ing griya kula, salajengipun lenggah tirakatan prelu angintun saha nyidkahi dhateng…… sasampunipun para suruan dhateng lajeng kacaosan kitab ageng saha kiyab alit pundit ingknag dados senenging nala, punapa kitab ingkang wonten rapalipun klawer, punapa kitab ingkang rapalipun buncis saha rapal na kang, jangji nimbangi tahlilipun ki santri, dene panggenaning para tamu sarta panggenan santri, patrrapipun sisi sisiyan kemawon namun gkakelir ing rana sawatawis mila sareng ki santri wiwit dikir, la ila ha, aillalah, konca ta muni mbangi mangsuk dadi salikur. KI santri arngalimastapirlah, konca tamu lagi krompyang dhrerek jreng, ki santri irkamaya arkamarakeme.Tamu, rabas welakok nyamleng, sing brengosan angus kaerane, aluwun gpundi priyantun ing Kartasura, raden Bei, anu, kala kapejahan anakipun estri,sarehning pejah ipun sampun dungkap seraping surya mila boten sagdngubur tumunten layon kalerem maken sadalu, sasampunipun kasudcinan ponang layon kadunungaken ing wisma paringgitan kajagi denng kaki kaum sarta pata santri sawatawis, kocpa, madyaning pandhapi lajeng katata meja thothitan atharik-tharik lampu dhudhuk pating kalencar, inggih punika kangge maos kitab dhusdhusan utawi kitab krestelan ananging boten kawaos ing tutuk cekap kabikakan sarta den indhit-indhit kemawon para sadherekipun salayon sanadyan kaliyan nangis gorang garong, sewadene boten supe anguthut ah I eh I o adhikudhi, thik jebul mati neh, ah, I , eh I oah dalah keng sia, sadherekipun malh o, o, o o, oallah bok ayu ku jebul mati temenan o o o o mong gamas gor ngiras tomprang sekawanan. Mongga setangsul inggih o o o o sedherekipun malih, o allah biyun ganak kaonakan aku engger dene anak mu roro isih cilik-cilik kabeh konora gati meninggal mati kowe ngger ah e ah e ah o e e iye, la sampun medal mas ceki kula rabas eh e eh e, wee, sasat penthulane. Lo para mitra sumongga ta, kula aturi galih, patrap mangkaten

punika punapa boten kenging saupami kula westani boten ngaosi dhaen gagaminipu ah kasangeten bongsa kula punika.
Katandhan ki Jaka Wuyung balepita.
========\=================
Tiyang pados waragad mas rak inggih mawi cucuk tanun
Jurugubah.

Wonten sawenehing kaum sampu nlami kapitados saha dipun sukani wawenang aningkahaken panganten ing dalem tiyang kalih dhusun dening lurahipun naib wasana ki kaum wau ing sawenehing dinten dipun timbale, panjenenganipun bupati kadangu menggahingkang dados rukuing ningkah pinten, aturipun ki kaum naming nembe laswang, para priyantun ingkang miring gumujeng ger, ingkang bupati andangu malih, ingkang dipun sagedi donga punapa, aturipun naming kububanalum.
Wonten satunggalipun kaum malih ugi sampun kapitados dening lurah ipun naib anikahaken panganten ing dalem tiyang 4 dhusun ki kaum kadangu ingkang bupati, ki kapriye rapale yen kowe ngumsikumi panganten ingngriku ki kaum lajeng donga kunut tur boten kantenan kalimahipun wah sansaya gujengipun para tiyang ambata rebah, ingkang bupati dangu malih, ki, kowe yen salat japane priye mara apalna kii kaum tumungkul ing pratiwi matur bilih dereng saged, la japane wong jinambat kowe wis bias, jinabat niku napa ta dara, usgendheng la yen kowe……apa ora adus jinabat wong kowe santri, e, e, dados manawi……..mawi namine adus jabat jabat ngoteni kudara, lasing diangge aduspunapa inggih toya sumur punapa kedah ucal toya lepen dara, menggah sruning gujengipun para ingkang sami miring boten keningg winiraos naming mas naib piyambak ingkang kethop-kethop amargilajeng tampi dukaning ingkang sampun kalajeng dipun nikahaken, manawi mangakten bentenipun kaliyan saba dhateng kahyangan ing Canthangan punapa, ah mas naib ambok inggih ampun nganggowaton oleh jangji rukun rak enggih mesakake teng wongkan gpadha empun dikagrejeg bayar dhuwit saakah niku gus naib, bok nggih ampun matadhuwitan neh, sumelang kula lawaslawas nek belawur, lo mripat sampeyan
Juruwarti Jakawuyung.
==========\=================
Punika pakepel dereng kalebet sumongga ta kagalih arakaosipun bilih tiyang manut tataning sarak bilih boten inggih mirah, ananging tataning nagari kedah dipun gendhongi.
Jurungarang.

Yogyakarta
Sareng panggarpaing radinan ageng ing nagari sarta ing dhusun dhusun sampun kaasta wonten ing reh pangawasianipun susulihipun kanjeng gupremen sanadyan sapunika mongsa rendheng jawahipun angreceh ewadene sadaya wradinan ageng boten wonten ingang katingal risak awit saking taberi sarta prayogining panggarpipun adaya katingal dhahas boten wonten ingkang jeblog beda sanget katimbang kala rumiyin manawi mongsa rendheng kados mangkaten punika adamel karugiyanipun para tiyang alit tansah ginereg anggarap wradinan ngantos kapinten anggenipun ngupados sandhang tedha, tur wradinanipun boten saged sae=sae, sareng sapunika boten makaten boten anggarap radinan boten tumbas kikil boten bayar tumbasan lingsah ting, saben wulan tiyang cangkok naming bayar 25 sen pangindhung 12 ½ sen (*) sampun btoen kenging padamelan punapa punapa malih, kantun nedha tilem sarta boten wonten ingkang angeguh-eguhi anggenipun nyambut damel kula gagas gagas kanjeng gupremen punika saking asihipun dhaten gp ara kawulanipun titiyang alit sadaya, saha saking agenging paliimarmanipun kala saweg kadhawuhaken rumiyin titiyang inggih kathah ingkang garunengan rehning dereng dipun manah panjang sapunika sampun manggen jalaran sampun ngandhang saha amastani leres karsanipun kanjeng gupremen wau.
Katandhan Sudirabrata.
=====\============
(*) tiyang cangkok punika ing Surakarta kawastan pangindhung, dene tiyang pangindhung saminipun mager sari.
Jurungarang.

Pethikan
Samarang
Tiyang jagi ingpabrik mandung sabunangi wonten ing Pakiwan sareng kapriksa ing parentah ngaken kemawon dene gatosipun mandung sabun badhe kadamel nyabun sruwal supados arum.
Raden Mertadiwardaya, anggadhahi pamanggih damel gilingan kacang katarik ing kapal tiga, lampahing kapal anjojrog ingkang nyambut damel titiyang estri wolu, titiyang jaler sakawan lampahing gilingan ing dalem sadinten saged anelasaken kacang, 30 dacin, dene wradading pandamelipun gilingan telas 300 rupiyah.
Tiyang tlem wonten salebeting griya, kaliyan anak bojonipun sarta nuju jawah-jawah, insi ngakgah tebihing bilahi, kojur kojuripun naming bilih wonten pandung ingkang angangkah pejah nanging inggih sewu satunggal punika boten makaten tiyang ing dhusun Ngaragadhing dhistrik Pandhan dipun samber ing gelap wonten saleebting griya, griyanipun risak mowat-mawut sampuna jawah deres amesthi kabesmen anak bojonipun pejah kababan.
Kanjeng tuwan REsidhen ing Ngayogkarta anamtokaken para cina ingkang sampun keningg patrapan paukuman mimirang ingkang amargi anglampahi panerak awisaning nagari, boten kenging nyepeng padamelan pak apyun sarta pak Lekek sasamenipun.
Kala taun 1049 ngajengaken sedanipun Kanjeng Srimaharaja Walandi Willem II, ing Pojokipun parbik arta wonten arta talen ingkang sumimpen wonten ing ngriku kathahipun sayuta rupiyah, kesupen boten kawedalaken sareng kadengangan lajeng kawedalaken ing mangke kathah ing arta talen ingkang sumebar, sadinten dintenipun ewon.
Tiyang bawah distrik Gunung Kendheng paben kaliyan semahiupun saking wringuten pandelenganipun peteng semahipun dipun pacul ngantos pejah.
Ing wanci dalu petengan wonten pujongga lumampah boten bekta ting, kepethuk kaliyan tiyang dhusun lumampah ambekta ting, tiyang dhusun wau angaruh-aruhi, tembungipun *punapa sampeya nlumampah dalu boten mawi bekta ting*, naming dipun pitakeni makaten kemawon tuwan pujongga punika serik manahipun *sarta lajeng mangsuli kalayan tembung sengak tembungipun aku ora susah mlaku gawa ting, padhange atiku wis luwih saka padhanging ting*, tiyang dhusun amanguli gentos *makaten prayogi sampeyan dipun gantunga wonten ing pabrik, dados kula lajeng tanpa ting*.
=====\==========
E, la, cilaka awaku, dene ana wong sumalonong benyunyak benyunyuk mangkono, Jaka Clunthang, sampeyan kula cariyosi, milanipun Dh.A, kali8yan Jaka Busuk sami kula purih supados sumerepa dhateng ing papadhang rumiyin punika tegesipun lameng ambudiya indhaking kawruhipun supados boten gagak tulak bumbu rujak madung awu, ewadene sampeyan amastani dhateng panjurung kula kothong sajatining kondha punika kula naming nyumanggakaken para saged.
27/7 20 pun Cekelandrelaya.
==========\==========
Kula ngleresaken sanget pamancahipun Jaka Suwedha ingkang dhateng Jaka Clunthang, nanging cuwaning manah kula namung sakedhik dene priyantun ampun kawical saged pamulangipun dhateng para punggung, keka mawi tembung pangerang-erang, ingkang mangkaten punika sok asring dadosaken salah mangretosipun ingkang tampi wuwulang, inggih manawi kados kula, sanajan dipun erang-eranga inggih kendel kemawon Jaka Suwedha, mugi sampun dados pangggalih inggih, kula nyariyosaken kojahipun tiyang remen mitituri, kok mangkaten kuwating wulang lan pitutur iku, kang sapisan anggelarake wawaton kang bener, sarta terang resik panalitine, kapindho: ambenerake kaluputane kang den wulang, kaping telu, patraping pamulang kala wan solah ririh temnung manis lo bilih tanduking pamulang lan pitutur wau kados mangkaten bokmanawi ingkang tampi wuwulan glajeng larubayuning ongga, masa kuwawi ya junjung setaling ngepen ingkang badhe boten leres lampahipun: Jaka Suwedha mugi kawuningana, rehning kula punika tiyang bodhoning bodho, aturkula samanten wau sampun kagalih mulang muruk mamancahi inggih, ananging katampiya supados tebih kuncaranipun kasagedan sampeyan mila mawantu-wantu pamuhi

kula, mugi mugi sampun andadosaken panggalih, sampun nun kula adhe manggihipun kadiya ing Kartasura.
O, O, la katiwasan arane, kadiya: kula meling sakedhik inggih, manawi sampeyan seja mangsuli dhateng kakang ngira, undhakan puspa udaka, sampun malesoi tembun g ngoko, lo, mindhak ngusudaken manising pustakawarti, sampun mas namun gmankaten kemawon, kula pun Pona Saptari, ing Masaran.
=========\=====
Anusuli l;epating panyerat kula
Lampahin gsekar maesabayangan, 5, 5, 7, wangsul kaping 6, punika lepat, leresipun 5, 5, 7, wangsul kaping 4, seleh pada ageng, jangkep.
Kaping 14 Ruwah Ehe, 1820.
Jaka Mondreng Samayarmolek.

Ongka 26 Salasa Wage kaping 20 Ruwah Ehe, 1820, utawi kaping 31 Maret 1891

Surakarta
Namung kapendhet gatosipun.
Ing dinten Jumungah tanggal kaping 16 kapiengker punika kaleresa pekenipun panganten ing riya Mataraman saking kaparengipun ing Karsa dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan panganten dipun timbali dhumateng ing pasanggrahan dalem langenarja mawi pasamuan ing dintenipun jumungah wau siyangipun mawi lelangen ringgit tiyang, sontenipun nayuban wonten ing pasangggrahan dalem srikaton ingkang beksa para abdi dalem mayor kaptin upsir, santana dalem panji wayah buyut santana ing prangwadanan sawatawis abdi dalem panewu mantri ing kadipatn ingkang dados kaparengipun ing panggalih dalem sampeyan dalem kangjeng gusti pangeran adipati anom bibaripun pukul 7 enjing .
Tiyang Cina nama Kimpong, gigriya ing kampung Ngadikusuman ingkang sampun tetela purun purun gantos barnag ingkang dereng angsal idinipun kanjen ggupremen kala Akad ingkang kapengker punika griyanipun dipun galedhah dening utusannipun kanjeng parentah ageng, cina kaliyan nyonyahipun lajeng kabekta, bokbilih kepathak keyacak hyah: inggih punika watekipun bongsa Cina: la mekungkung saiki si kucir.
Jurukabar.

Ing kampung Danukusuman sapunika katingal wewah rejanipun awit kathah wewahipun tiyang ingkang gagriya ngriku, tur griyanipun kawical prayogi, dene pamanggenipun sami milih sakiwatengening margi terusan saking telukan mangetan anjog margi ageng sakidul gadhing, menggah margi terusan wau wiyaripun bhoten kiran gwolu kaki, pancen kenging kangge margi kareta sapanunggilanipun wujuding margi kawical sae awit kiwatengen sajawinipun tanggul wonten kalenipun mili, dados samasa jawah toyanipun lajeng mili dhateng kalenan salebet tanggul ingkang lajeng lumunta dhaten gkalen wau, sanadyan margi terusan wau sampun kalebet prayogi tur pancen kenging kaambah ing kareta, ewa dene ing ngriku awis kaambah ing kareta, awit ingkang sapisan sawatawis kiwa mangilennipun kaping kalih pungkasing margi wau anjogipun mangetan dhateng margi ageng dereng dipun iyasani kareteg utawi ipeng ingkang prayogi, ananging taksih kreteg galega ing nginggildipun sasak ing gedheg lah punika ingkang anjalari lampai8ng kareta dereng wonten ingkang amarengi ngambahing ngriku, ingkang mangkaten wau tatela kabekta saking pakampungan ngriku boten kadaleman pangageng utawi para ageng, dados boten wonten ingkang nyantosani angiyasani utawi nyuwunaken ing nagari wontenipun kareteg utawi ipeng ingkang santosa.
Ingkang punika sarehning margi terusan wau pancen amikantuki, punapa boten prayogi pangageng utawi apesipun pulisi ingkang angerehaken kampung danukusuman darbe atur ing nagari anyuwun wontenipun kareteg utawi ipeng saprayoginipun jer parentah nagari sampun andhawuhaken sapreninipun margi terusan ingkang mikantuki kados dene margi ing danukusuman wau, manawi wonten karetegipun ingkang dereng prayogi, punika kenging kasuwunaken ing nagari saaha badhe lajeng katindakaken pangggarpaipun dening arsiteg dalem mila cobi ta kulu nun gotekipun kiyai Bramartani punika kalaksananana, embokmanawi nagari badhe lajeng andhawuhaken kapareng angyasani saprayoginipun saha namtokaken panggarapipun ingkang kaliyan sampurna, wasana bilih kalampahan kayasanan kareteg amesthi amigunaniing kathah
Kintunan.

Pethik Ban
Wonten satunggaling jendral mlampah mlampah, watekipun brangsan kapethuk kaliyan saradhadhu pratingkahipun angewakaken manah, sareng dipun pitakeni, wangsulanipun sogol jendral sakalangkung nepsu, saradhadhu wau dipun sambuk rainipun saradhadhu kaget sanget sarta rumaos sakit tuwuh kanepsonipun lajeng mendhet pistul ing kandhutaningpun tuwan Jendral dipun pistul nanging lepat saradhadhu lajeng kacepeng sarta lajeng kalebetaken ing wrangkan kapatrapan paukuman tutup 3, dinten dhawahipun tuwan Jendral amargi kalepatan dereng saged ulah dadamel mistul ngantos lepat.

Agenging lampahipun para among dagang ing tanah Engelan punika boten wonten ingkang ngupamani, saderengipun kitha kitha salebeting tanah Enggelan tepang dening lampahing kareta latu, para tiyang ingkang sami kekesahan tebih sami numpak kareta ingkang pangirid kapal satunggiling dinten wonten kareta saking kitha Liverpool dhateng ing kitha Londen amot sawatawis sudagar margining karet aingkang dhateng lodnhen wau medal satengahing wana ageng ingkang sakalangkung singup sarta amutawatosi saking boten kaambah ing tiyang, saha sampun misuwur bilih ing ngriku wonten pakempalaning para durjana, ananging sarehning boten wotnen marginipun sanes dados kepeksa langkung margi ingkang narajang wana ageng wau.

Kacaariyos nuj u mongsa angajengaken badhidhing sampun kathah pedhut ingkang anglimputi jagad sirnaning pedhut manawi srengenge sampun sumuluh ing dirgantara, dados sampun ragi siyang nanging lampahing kareta wau kedah wanci enjing, anerak pepeteng dados prasasaat lumampah ing wanci dalu, sareng kareta dumugi tengah-tengah ing wana panggenan ingkang sakalangkung singup para sudagar sami pirembagan ing bab panyipening barang salebetipun wonten kareta, ing pundi anggenipun sasi badye anyimpeni artanipun supados mani wontn aapesipun kabegalan boten telas sadaya, nyonyah A cariyos bilih yatranipun f 5000 ingkang warni wang kretas sampun sumimpen wonten salebeting kaos tuwan B ugi nyariyosaken artanipun sarta barang barangipun warni mas inten sampun wonten ing topi, tumunten para sudagar samai kaget mireng swaraning sanjata sarta boten antawis 5 sekondhe sampun wonten tiyang kakalih nyepeni kapaling kareta, kareta lajeng kendel para sudagar sanget karepotan boten saged namakaken dadamelipun awit sareng kareta sampun kendel wonten durjana bujadi kontening kareta sarta angethungi pistul mawi wicanten ***Yen kowe ora padha ngulungake dhuwit mu bakal tak tumpes kabeh,*** wicantening durjana ingkang anggirisi punika adamel telasing manahipun para sudagar, alah satunggiling sudagar ingkang sadangunipun tansah tilem man wonten pojoking kareta katingal kaget sarta wicanten ***e wong begal aja kasuwen ngandhegake kareta, lan sumurupa nyonyah iku dhuwite f 5000, rupa wang kretas sumimpen ana ing kaos*** sareng para durjana mireng tembung makaten nyonyah wau enggal kacepeng marta karujat kaosipun nyonyah jerit jerit sarta sasambat amelas asih yatranipun mugi sampun ngantos kabekta sadaya dipun ngengehana sapalih utawi saprapat ananging boten pinarduli, para durjana sareng sampun angsal arta samanten wau sampun narimah sarta lajeng sami lumajeng sadaya, tiyang ingkang mitulungi durjana wau kininten ewoning begal lajeng tinubruk ing kathah sarta kabonda bawe kaladosaken ing parentah manawi sampun dumugi kitha londhen tiyang sepuh punika boten lenggana namung miturut kemawon.

Kacariyos sareng dumugi ing kitha Londhen wonten komisarising pulisi dhateng badhe niti pariksa babektaning para sudagar wau, para sudagar enggal ngaturi pariksa bab kawontenanipun ing margi saha ngladosaken tiyang ingkang kininten mitulungi durjana, sareng sampun kawedalaken saking reta, tiyang ngepuh wau gdhah paturan ing pulisi mugi kabika bandanipun pulisi amarengaken dhateng aturipun ingkang pindhapasakitan sasampunipun dipun uculi tiyang sepuh wau lajeng ambikak rasukanipun mendhet peso kaangge dhedheli dondomaning kemejanipun ing dhadha, alon mendhet artanipun ingkang sumimpen ing ngriku mawi wicanten ***E aja akowe tak lolohake marang begal amesthi dhuwitku nem meliyun iki bakal ilang kabeh, enya ta dhuwitmu f 5000 tak ijoli, tabe tuwan kula lajeng badhe andumugekaken lampah.***

Kajawekaken saking tembung walandi dening Sudirja.

Pakualaman kaping 31 Maret 1891.

Kasugiyanipun tiyang Anero donya ing tanah Amerikah ingang onjo piyambak nama tuwan Yougould anggadhahi arta 700 yuta rupiyah, sarta arta samanten wau tansah kalampahaken saremanipun pikantuking sareman ing dalem sataun 35 yuta rupiyah, cucukipun ing dalem sadinten saged medal satus ewu rupiyah 2 tuewan Y, W.Mackaij anggadhahi yatra 600 yuta rupiyah 3 tiyang bongsa Enggris nama tuwan Rotschild anggadhahi yatra 500 yuta rupiyah.

Boten badhe antawis lami malih para raja sarta para ageng namung badhe angunjuk wedang teh wedalan ing pulo selon, kebon teh ing Selon nama Hollgrood West Estate wiyaripun 300 bau kasade pajeng 180000 rupiyah, etangipun ing dalem sabau pajeng 600 rupiyah mongka taun ingkang kapengker mentas angsal kauntungan 14.000 rupiyah, wonten kebon teh malih kinten wonten 100 bau, lan wonten malih wana badhe gadhangan dados kebon teh, kinten kinten wonten 200 bau, sapunika sampun sasami katumbas dhateng bos Enggris namung kalayan argi 4200 rupiyah, kalebet mirah sanget ewadene titiyang selon angantawisi badhe ageng kauntunganipun kabar saking selon pamedaling toh sakalangkung prayogi, angungkuli teh sanes-sanesipun sarta pajengipun tasih kalebet awis titiyang anginten badhe boten antawis lami malih teh wedalan ing selon badhe sumrambah ing sajagad.

Raja Ruslan andhawuhaken parentah sawarnining bongsa Yahudi, ingkang sami manggen wonten nagari Ruslan satalatahipun sami ing ngandikakaken kesah, karsanipun san gprabu sampunkaleksanan titiyang Yahudi sami kesah pating salebar, ingkang kathah sami dhateng tanah Enggris wonten ing ngriku pangagengipun tiyang Yahudi lajeng macak paturan konjuk sang prabu Ruslan ijemanipun titiyang Yahudi saminyuwun sih kawelasan kalilanipun wangsul dhateng nagari Ruslan nanging sang prabu kekah ing karsa boten karsa kanggenan tiyang Yahudi, titiyang Yahudi ingkang sami manggen wonten tanah Amerikah, sareng midhanget bangsanipun ingkang wonten nagari Ruslan kasiya-siya, sami urunan anglempakaken arta pikantukipun 600.000 rupiyah, arta samantenw au lajeng badhe katumbasaken pasiten ing pundi pikantukipun kenginga dipun enggeni deing para Yahudi ingkang kawelas asih wau, ingkang mandhegani tiyang Yahudi nama Daniel Mijer.

Nalika kaping 17 Maret punika tuwan Dhuwardher Semitgal dhateng ing nagari Magelang, anyiwer baran gsarta anyepeng babah Litnan Liyuliyang, amargi gadhah sambutan boten saged ambayar kathahipun 12000 rupiyah, sarta wonten prakawis sanesipun malih, babah litnan wau lajeng kalebetaken ing kunjara.

Bab pratelanipun tuwan Jurungarang, bedaning namanipun pangindhung kaliyan magersari, tembung Surakarta kaliyan Ngayogyakarta, punika sampun leres nanging taksih wonten kirangipun malih, ingkang nama magersari ing Ngayogyakarta ingggih wonten nanging namung tumrap dhaten gtiyangngangeng kemawon sawarninipun tiyang ingakgn gigriya wonten salebeting capurinipun tiyang ageng wau nama Magersari, nanging manawi gigirya wotnen pemahanipun tiyang cangkok nama pangindhung templek manawi mondhok nama pangindhung tlosor dene bedaning padamelanipun tiyang cangkok lumampah patrol 8 dinten sapisan pangindhung templek 15 dinten pangindhung tlosor 30 dinten

Pathut supama

=========\===============

Katur dhumateng Ari Mas Rara Mentrik ing Sendhang Tretes.

Mugi katebihna ing sarusiku, dene lami sanget rara boten amiyosi ing pabaratan bramartani, dhuh lae rara, punapa ingang dados darunanipun, bokmanawi saweg amuja semedi, manekung ngupados pangalembana, boten langkung panuwun kula dhumateng rara, anggen sampeyan nguwot ing sirotalmustakim kimawon ingkang ngantos atos awit miren gkula inggal punika rare meh kagulewang kajegur ing kawah condradimuka, jalaran tangsuliun uwod siratalmustakim kapara kendho, dados anjalari susahipun tiyang kathah, jarene rara mentrik konca Kertatsa, dumadakan kaprojolan lah punika wujudipun manungsa dhaeng donya, lumaku ginunggung, sampun kok kagungan penggalih alit saha lemeren punika tembung kiran gutami kedah nyantosakaken penggalih ingkang rangkep punapa kinanipun angggilut sastra etha ngantos lencu sadaya, namung korub dhateng tembung manis kimawon, punika rak tembung tuni, betkowar-kawir, anamung ingkang samanten wau boten dados punika kula piyambak lajeng boten gumun awit sapunika rerempon prang bratayuda, dadosprelu ongka wijaya kadamel banten awit menawi ongka wijaya sampun dados tawur, tiyang pandhawa badhe unggul yudanipun (lo punika sisik melikipun).

Anjawi saking punika, upami paser langap ingkang sampun umesat sangking gandhewanipun kados pndi anggening nututi, boten langkung namung tuwakup ing takdirir, macan galak wulu badhak masa borong ingkang ngukir, saganthuntheng, leres punapa lepat rarta.

Titi ing ngukirahtawu kapng 23 Maret 1891.

Bagawan anbiyasa

=====\==========
Wirandana, kula badhe boten ajrih nyukani paparab dhateng pamankula pun Jaka Suyatna, bilih sampun kaleres dhawahing lepat nanging saderengipun kula kedah mratelakaken rumiyin wiwit bramartani ongka 89 wnten pitakenipun jaka wangkeng, bab wontenipun sekar ageng.
Bramartani ongka 93, paman kula mangsuli sarta sampun mratelakaken bilih waton ingkang dipun angge mangsuli wau serat Suwiran.
Bramartaniongka 98 jakalengkawa mangsuli mawi tembung, seratipun sudira warna sampun kauningan dening jakalengkawa, anjalari pangunguning galih dene wonten tiyang kumapurun ngangge waton serat suwiran tur panggiyan dhuh wiranandana mengggah wangsulanipun sadherek sampeyan pun jakalengkawa ingkang mangkaten wau punapa kalebet tembung alus punapa kasar tuwin punapa sedhengan nanging ugi sampun dipun welehaken dening paman kula tumrap wonten ing bramartani ongka 102.
Bramartani ongka 1 Jakasuyatna mangsuli,sarta mawi pitaken saupamibapakipun serat dhateng anak punapa kengin gmawi tembug kowe tak timbali, tur ngalamatipun inggih dhumateng, sarehning tembung dhumateng wau dipun anggep tembung luhur kaliyan sadherek sampeyan pun Jakalengkawa.
Bramartani ongka 12 Jakalengkawa mangsuli, nanging tan pa jarwani kajawi namung anglajengaken anggenipun ngaken tiyang luhur, sarta purun mastani dhaen gpaman kula tiyang rucah, punika kula pitaken malih tembung rucah, punika punapa alus punapa kasar, tuwin punapa sedhengan jakalengkawa sumbar bilih kasagedanpun kenging dipun dadar saindenging kasagedanipun paman kula.
Bramartani ongka 17 jakalengkawa mangsuli, nanging kenging kala wastani suwung sajatinuing kondha, awit boten wonten suraosipun malih kajawi namung isi tiyang luhur inggih punika pun Jakalengkawa piyambak kaliyan isi Cina gundhulan tuwin wedhus prucul punika paman kula ingkang dipun parabi mangkaten wau.
Wiranandana, kadospundi samangke raosipun panggalih sampeyan karaos punapa boten saking pralelan kula ingkang sampun kasebut nginggil lasapunika kidang kula aturaken ing sampeyan sinten ingkang badhe kadunungan wateking kidang, kula namung sumonggeng karsa.
Wiranandana, sampeyan pitaken tembung pangidulen pangaloren sapanunggilanipun punika sawek dipun pungseng para marsudi kasusastran nanging dereng pinanggih wadosipun sampun ingkang kados kula kaliyan sampeyan malih saged dungkap dene tembung, Bali, krumanipun wangsul Tali kramanipun tangsul sampeyan pitakekaken witing cecak saking pundi, punika kula mangretos nanging mugi sampun dados panggalihs ampeyan sapunika dereng kula jawab awit sampeyan kula peksa lajeng anjarwanana pitakenipun paman kula rumiyin bab bedanipun tiyang rucah, kaliyan tiyang enggel bilih punika sampun sampeyan pethek pitaken sampeyan inggih lajeng kula jawab ingkang ngantos saged adamelbingahipun manah sampeyan sampeyan cariyos jaka suyatna bodho punika angenipun ngongasaken kasaedan kalapunapa, rumiyin rumiyin rak inggih sampun celuk celuk bilih cubluk nanging manawi kaliyan Dh.A.babo selawe benten dinakula tanggel mesthi purunipun.
Selaretna kaping 5 ruwah taun Ehe 1820.
Kula pulunanipun Jakasuyatna
Jakasuwedha.
==========\==========
Tuhu dahat arsayaning kapti, sengga ingkang tata rumangarang, wus lami katraganingwe, mangkya katamaning truh, maratanirng taru resmi,temahan tumaruna, rikalaing ngulun sinungsung basa saharja, si sangendralaya ing banjarmalathi, cekel pekik taruna. Dhuh sang sumbaga dibyadimurti, mugi-mugilulusa sihira, sredha metmiradasihe, kan gpunggung gungg gumungung, singleringrol wiring wiyarti, yekti dahat sambawa, netepi panggunggung, ngira sang kumudasmara, dera datan ana tandhaning dibyanti, titatuna sabarang. Nanging nadyan mangkana arehning, sabdaning sujita manguntapa, anemahi sayektine, marma sruning panuwun mawantu lir drawayeng warih, menggah pamurihira, wunayuwa kalantur, derarda dadra ayuda, ulun lawan jakasuyatna supadi, runtut ta akakadang. Awit babasaning jaman mangkin menggah ukuming wong poncakara, asor unggul datan pae, kalihira ingngukum

dhuh pukulun boten nalisir, lwiring warwarahira, nanging reoning ulun lawan pun Jakasuyatna, boten yudeng katula alirukeris yekti tanpa ngopoha. Nadyan arek bondawalapati, mung wicaramrih indhaking guna, malah malah inglerese, maweh misra prahayun amamardi basa basuki, dhuh upami sampuna, panjenenganipun tuwan jurungarang karsa, amanyapih sarana saraharjanti, trahing sabda utama. Yekti kadawan temah ngong kanthih dedereng wrin reh ing sambodana, kukudu kudu acanggeh, lumaan sarjananung, wekasane kaesi-esi, sinangsaya sabdarda, pinadhaken manuk tujune beyollan jalak nadyan manuk graita saengga janmi, wikya manambang basa. Yen sampuna tumunten sinapih, boten wande ulun katriwawandhan ingisnisin wong ngakeh, sinurak ngalor ngidul desa dhara peksa ngayoni, wira parameng basa, tan wun remakrempu, sumahlesahkalasahan beca-becu jakasuyatna titining, gitakulem risoma. Ping dwi welas saban amarengi, warsa Ehe etanging sangkala, tan kembar esthiku reke, maret kaping dwilikur, sinangkalan sanyatrusthi, pangesthining kadimad katandhan punggung, Jakalengkawa sasana, witaradyata mitraning sang suwarnadi, cekel ing banjar sekar.

Ongka 27,Setu Pon kaping 24 Ruwah Ehe, 1820 utawi kaping 4 April 1891

Surakarta
Senen Kaping 12 Ruwah Ehe 1820.
Awit saking kaparengipun ing karsa dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan bandara raden mas Saprtitala, putra nipun kanejng pangeran Arya Natakusuma, kakarsakaken dados upsiring abdi dalem prajurit Trunasura, kapatedhan nama Raden mas PanjiPriyakusuma.
Kalih bandara raden mas Bambang Sakri, putranipun kanjeng pangeran arya Adikusuma, kakarsakaken dados upsiring abdi dalem prajurit suratatana, kapatedhan nama Raden mas Panji Adiatmaja.
Kemis kaping 23
Awit saking kaparengipun ing karsadalem sampeyan dalem kanejng gusti paneran adipati anom 1 Bandara Raden Mas Sungep 2 badnara raden mas Budiman samiputra tatilaranipun suwargi kanjeng pangeran Arya anyakrakusuma 3 bandara Raden mas Irkam putranipun Onder Mayor Raden mas Tumenggung Wiryadiningrat sami kakarsakaken dados upsiring abdi dalem prajurit Trunakembang.
Jurukabar.

Kala ing dinten Slasa kaping 20 ruwah punika, bidhalipun panganten riya mataraman dhaten gCilacap wancijam 9 enjing sowan pamit dahteng paresidhenan sarta lajeng bidhal dhateng setasiyun Balapan sampeyan dalem kanjeng gustipangeran adipati anom Marsa tedhak anguntapaken dumugi setasiyun kadherekaken para kanjeng pangeran putra santana dalem tuwin para wadana kaliwon dhatenginpun panganten wonten ing setatsiyunmawikarengga ing pahargyan gongsa carabalen sarta musik lajeng nitih kareta mirungga, para ageng salong wonteningkang naguntabaken dumugiing tugu,sarta wonten ingkang kapatah dherekaken panganten ngantos dumugi cilapap pisan nalika lampahing kareta dumugi ing Klathen kendel wadana kaliwon pulisi sarta pamaosan sapanengkaripunsami methuk wonten ing setasiyun mawi sasaosan minuman sarta uunjuk-unjukan para wadana kaliwonipun lajeng dherek angutnabaken dumugi ing tugu, lalalangenipun mawi ambekta langendriya, kathah plothot ingkang dumugi cilacap.
Kala malem Rebo kaping 2 wulan Ruwah punika raden Nganten P ing ngadikusuman wanci sonten kadhatengan rare jaler kinten ngumur, 6 utawi 7 taun taksih wuda, dipun takeni bapakbiyungipun boten terang, dipun teter teter namung tansah kendel kemawon dipun sukani sengkul boten ajeng nedha, sareng enjjing taksih repet-repet pamitan badhe mantuk dipun takeni griyanipun ngaken ing Tegalsari, lajeng dipun ken ngteraken rencangipun nama Simin lampahing rare mangilen kemawon boten kendel kendel ngantos dumugi ngasem kilen Kartasura, saben dipun tangledi griyanipun namung mangsuli ***kono***, wusana kapethuk tiyang estri boten terang namanipun pitaken dhateng rare ingkang ngeteraken rare alit wau, dipunwangsuli sawantahipun tiyang estripunika lajeng sagah angateraken rare alit ugi lajeng dipun bodhokaken kilap kadadosanipun.
Pawira ing kampungNgadikusuman tangganipun pak Tik gadhah budipanututing ngayam ngingah babons atunggal anakipunpitu punika sami jilma sadaya, sarta sami dipun sukani nama piyambak-piyambak manawi dipun undang mongka sampun mara sadaya punika lajeng dipun undang namanipun therok wonten nama pu ntemon tuwin sanes-sanesipun lajeng dipun sukanipakanan ayam wau inggih lajeng mara sinten ingkang dipun udnang namanipun ingakhg dereng dipun undang inggih tansah anjanatrungkemawon dene manawi wonten ingkang kalepatan boten cocog kaliyan pakenipun punika lajeng dipun srengni kados anyrengeni tiyang, mawi amimisuh tuwin tembung ingkang kasar-kasar, tarkadhang pisrengenipun wau asring anggujengaken kadosta: badhe dipun puntir kupingipun badhe dipun tapuk cangkemipun pun ayam teka samikendel rumaos ingkalepatanipun.
Abdi dalem koki nama A gadhah sadherek estri nama B badhe dipun rabeni kancanipun koki nama C sareng sampun mateng ing rembag anamtokaken dinten badhe kalampahaning paningkahipun sarta pangratenging sidekahipun prayogi dados satunggal kemawon koki C inggih anyondongi, lajeng kalampahan dipun ratengi dening koki A wonten gedhong koken

sarta lajeg dipun bekta mantuk pragating panikah panganten nedha oleh olehan wau lajeng sakit wetengipun wusana pejah, panarkaning para sadherekipun koki C pejahipun amargi kenging wisa, saking pandamelipun koki a, awit koki C kalebet maruning pasuwitanipun para sadherek wau kabaripun badhe macak atur gugat ing parentah.
Kala wau dalu jawahipun kados dipiun sokaken wiwit jam 8 ngantos dumugi jam 10 saweg terang, kamugn kampung salebeting nagari mehs adaya kabanjiran dening toya jawah, kreteg utawi wotingpakampungan kathah ingkang keli, wradinan ageng risak sadaya, ngantos katingal dhasaripun krikilipun sami kerut wedhinipuns ampun dumugi ing lepen malih, lah ing mangke titiyang ngalit badhe tampi dhawuh sudhiya krikil malih.
Tiyang nama: Ta, ing kampun gPanularan kesah glidhig ingkang estri tengga griya sarta angolah-olahaken kados sabenipun sareng ta mantuk kaget ing senthonganipun isi sima gadhungan tracak tiyang, sami anglegena kaliyan ingkang estri, sareng sumerep lajeng sami wudhar anggenipun gandhik sarta lajeng sami lumajeng asipat kuping, sima gadhungan mangilen ingkang estri mangidul ugi taksih sami anglegena, sima gadhungan wau dipun bujenga ngantos dumugi purwa sari saweg kacandhak lajeng dipun enggeni kathok sarta lajeng dipun sumbagani, pakpak lo aja dadi dadi macan dadiya uwong maneh, inggih lajeng dados tiyang nama Ka, kancanipun piyambak tunggil damel galidhig dhateng kraton pun Ka, punika rak kalebet sae manahipun ngopeni dhateng baranging konca, teka malah kalepatan dados angel ing ngagesang punika, tur ing kidungan sampun wonten ingkang nyebutaken sapa weruh nuju sasat weruh pagere wesi,punapa boten mawi tembung punika ingkang marahipun ta nepsu,benjing malih prayogi mawi dipun tembung.
Pamagangan ing kabupaten Kartsura nama Wiryaprana, nalika piyambakipun wiwit magang, lajeng amedhot anggenipun ses tike, jalaran kamanah badhe angewet-eweti ing ngatasing kapulisen ananging salebetipun medhot pun Wirya prana tansah sakit ten sarta tansah gumeter, sareng watawis sawulan ginemanipun sampun peloh, pun emutaken dhateng kancanipun mangg, katimbang pelo makaten boten inggih dipun sereti malih, wangsulanipun pejah inggih kajengipun tiyang pancen sampun kula niyati, kocapa sareng anggenipun medhot watawis ampun wonten gangsal wulan pun Wiryaprana wau ginemaniipun sarta polah tingkahipun kok sanes kaliyan padatanipun tandhanipun piyambakipun lajeng ngaken satriya madukara raden janaka, kala senen kapengekr punikapun Wiryaprana linggih wonten latar sarta tansah menthang gandhewa, manawi wonten tiyang langkung lajeng dipun jemparing, tujjunipun lepat sontenipun pun Wiryaprana kesah dhateng dhusun Wongga, antukipun dalu,sareng wonten dhusun Jabung pyambakipun kapapak tiyang tiga, lajeng dipun takeni, e kowe sapa, e genah kecu kowe kuwi, wangsulnipun tiyang tiga, kula tiyang pedan saking kartasura angidekaken serat pethuk anggen kula badhe nyambut arta, Wirya prana wicanten malih, matamu apa ora melek yen aku iki kanjeng gusti Mangkubumi, kanga rep neluakake sakehing wong, e wong cilik apa kowe gawa layang pas wangsulanipun boten gusti, punka serat pethuk pun Wiryaprana lajeng ngunus dhuwung srepet sarta wicanten mati apa urip yen jaluk urip endi layangmu, lan ngetutna aku marang kabupaten tiyang tiga angaturtaken serat pethuk sarta lajeng andherekaken nanging boten pisan pisan sumerep yen punika tiyang klenyeng-klenyeng, dipun wastani pulisi badhe nganggras dene pun Wiryaprana tansah angaggar-agar dhuwung dhateng tiyang tiga, tiyang tiga tansah matur ngrarepa, nahenta, sarengpukul kalih dalu dumugi ing ngajeng kabupaten punWiryaprana lajeng gujer tiyang satunggal ingkang ngiringaken wau, badhe dipun suduk trampiling tiyang kalih ingkang satunggal lajeng nuyepeng ugel-ugelipun Wiryaprana,s atunggalipun nekak gulu, lajeng dipun banting, mak breg tiyang tiga lajeng nedha tulung, tulung-tulung ana wong ngamuk, boten dangu dhatenging para tandang, kedhuweng, pun Wriyaprana rekanipun inggih badhe ngamuk nanging rehning medhot inggil tur kera, dados inggih malah sakit badanipun kilap salajengipun E e, kathik pengpengan temen dayaning tike yen di pedhot banjur angowahake nalar mangkono, iyah mesem kyaine jaka wuyung kuwi mesakaken inggih she. SAyekti.

Bayalali
Nalika iang dinten Kemis tanggal kaping 2 wulan april punika, wedana dhistrik ing Tengaran (Salatiga) samun bayar arta kathahipun f 75 dhateng tiyang tiga iji ingkang kasebut ing ngandhap miwah ingkang sampun suka pitedah panggenanipun durjana kecu ing Bahrawa,

ingkang sampun kacepeng nalika tanggal kaping 9 tuwin ping 10 maret ingkang nembe kapengker, arta samanten wau minongka ganjaran anggenipun sampun sami sabiyantu sagedipun ajalari kacepenging durjana kecu wau, wondening pabagiing arta f 75 kadosing ngandhap punika.

1. Trunakariya dhusun Karangsengon (Bayalali) f 50
2. Kasandikrama dhusun Jethis Bayalali f12.50
3. Tijaya Jethis Bayalali f 12.50

Gunggung f 75 lelampahan ing nginggil punika mugi dadossa tatuladan ing ngatasipun prakawis polisi.

Pethikan

Wonten tiyang sawatawis anunggil sagriya samipejah amargi kenging racun punapa dipun racun ing tiyang, punika boten nalaripun nedha panganan ingkang dipun olah ing kendhil tembagi, menggah pirantos ingkang kadamel saking tembagi manawi dipun angge olah-olah mawi cokak utawi sanesipun ingkang raos kecut punapa dene mawi lisahpunika lajeng neyeng ijem medal prusinipun inggihpunika ingkang nama wisagongsa, titiyang mugi engeta ngange pirantos tembagi kedah naming kalayan toya, kados ta kadamel ngliwet tuwin godhog wedang, utawi malih ingkang uger inggih ingkang resikan.

Ing ngalun-alun Bangil saben malem Ad titiyang alit sami pakumpulan adamel ramen-ramen tarkadhang mawi gngsa, ing dinten wau woten tiyang dipun taboki denig n prajurit kados inggih saking lepatipun utawi ragi kurang ajar, tiyang wau kendel kemawon lajeng bibaran prajurit punika boten anginten bilih tiyang ingkang dipun taboki punika angandhut awon sumedya males sawenehing dinten prajurit punika dhateng dhusun kanthi konca kancanipun sareng malebet ing warng badhe kendel dipun sarengi ing pukul besi sirahipun sami sanalika jebabah andhepani siti, dangu boten enget kancanipun sami kamitenggengen pun pamukul besi angindhar lumajeng boten kantenan purugipun emperipun inggih tiyang ingkang dipun taboki dening prajurit wau.

Kasiman ing kampong Mlathen (Samarang) nglampahi kadurjanan nyolong, konangan sak kal lajeng dipun bujeng saged kecandhak pun kasiman dipun gebagi tiyang kathah ngantos satengah pejah,ingkang gadhah bujengan boten marem naung tumut anggebagi kemawon malah kemuriten manahipun jempolanipun tangan pun Kasiman ingkang satungggal dipun kethok e e, le ora wewelas sineh, lamun dhak dadi prakara.

PInten pinten ewu ayam saking Samarang sami kabekta dhateng Singapura, ing ngrika wartos awis ayam juragan ayam wau amesthi badhe kathah kauntunganipun modhel baru amesthi badhe kathah ingkang niru.,

Ing dhusun Kraguman Klathen wonten griya kabesmen cacah wuwung telas 12 sanadyan ing mongsa rendheng prayogi angatos-atos awit kambenganpunika gampila sanget kobongipun.

=========\==========

Poncasaptari, panular sampeyan ing kojahipun tiyang remen mitututi tumuju dhateng Jaka Suwedha mangakten kuwating wulang lan pitutur iku, kang sapisan anggelarake wawaton kang bener, sarta terang resik panalitine, kapindho ambenerake kaluputane kang den wulang kaping telu patraping pamulang kalawan solah ririh tembung manis cariyosipun tiyang ingkang makaten wau kula jumurung sanget ananging kawuningana sajatosipun punika badhe dados gagaran anggen kula nyaruwe dhaten gsarira sampeyan dados among wangsul kemawon sumongga kula aturi mriksani ing ngandhap punika.

Tetembungan sampeyan ingankng mungel mongsa kuwawiya junjung setaling ngepen punika sayaktosipun sampeyan among ngangge kaprah, ananging menawi kapirit saking wawatonipun ingkang leres inggih lepat awit seral punika tembung walandi, tegesipun waja, nanging dede waja untu,lo, menawis ampeyan boten pitados prayogi pitakena dhateng, Sr.D. utawi Sudirabrata, kapig kalih panyerat sampeyan oh, teka boten mangkaten o, punika menawi wonten wawatonipun kula nyuwun nempil utawi sareng kula waspaosaken sampeyan punika radi kakirangan Na, gondhel sarehning kula punika kapara sugih dados ing mangke sampeyan kula caosi, mongga ta, katampenana kalayan sukapirenaning panggalih.

Bratajaya.

========\==========

Katur panjenenganipun sang Sudibya Jaka Suyatna.
Wiyosiupn sarehning sampunt erang panitik kula, menggah kasagedan sampeyan dhateng Sekar ageng saestu linuhung, amila kula nyuwun saserepan ing ngandhap punika.

1. Sekar lampah, 17 ingkang pedhotan 6, 7 kajawi bongsa patra punapa wonten saha sekar lampah 17 wau wonten pinten margi.
2. sekar lampah 13 ingkang pedhotan 6 7 kajawi dhadhap manteb punapa wonten saha sekar lampah 13 ingkang pedhotan 5, 8, kajawi Sudhiradraka, 2 kaniraras punapa wonten.
3. Sekar lampah 16 ingkang pedhotan 8 8 kajawi girira, 2, gori sgti, saha prawria lalita, punapa wonten.

Namung punika atur pitaken kula, mugi wotnena pitulung sampeyan amadhangaken cipta ingkang kalimputan ing pepeteng, amargi sampun lami sanget anggen kula miling-miling, nanging ing pabaratan bramartani sepen kajawi sampeyan ingkang sampun kacihna mumpuniing reh mardawa lagu, mila pitaken kula sampun kula tamtokaken angsalipun katrangan saking sampeyan wasana sanget panuwun pangajeng-ajeng kula.
Ing Mamenang tangal kaping 10 Saban Ehe, 1820.
Jaka Kandheya.
==========\==========

Jakasuwedha, rumiyin mila kula rak boten ngaku pinter,s arta boten seja padu, enget kula sareng jaka suyatna nyekak wiraos bilih kula dereng gayuh dhateng patakenipun kula lajeng boten wawan wuwus kaliyan Jaka suyatna malih, malah kula dipun poyoki dhateng cekel Endralaya Dawagabug ora cekak aos kula inggih kendel kemawon awit kula manah leres dene kula boten kulenis kados lngsa, lajeng sampeyan umpah-umpah wong wis kalah kuwi bok iya bares baeya uwis kalah ya kalah, nganggo, anuanu sing, sing, kula inggih kendel kemawon awit inggih leres sabab kula boten punapa-punapa, kula kaliyan Jaka Busuk lajeng sampeyan purih sumingkir saking pasamuwan ngriki, jalaran saking bodho kula kula inggihlajeng sumingkir, naming trimah ningali sarta mirengaken gunemipun para saged saking katebihan kemawon teka taksih sampeyan dukani, malah sampeyan susumbar babo bao salawedina, kula badhe sampeyan aben kaliyan paman sampeyan jaka suyatna, la kula mongsa puruna, tiyang kula bodho paman sampeyan pinter, kaliyan kula boten sumeja padu, boten badhe babantahan dene meksa taksih sampeyan lepataken boten langkung naming sumongga kemawon,
Kebon Karajan kapng 3 April 1891
Katandhan pun D.A.
=====\==========

Sampun saestu bilih kokosodaning panrang ita, punika anuntuni dhateng wiyaring kawruh, ananging panyuwun kula dhumateng para bantah, sampun ngantos anandukaken tetembungan ingkang pantes naming kawedharaken wonten pamedanipun para gemblung,para kumaki,kalihan malih sami kauningana bilihkontabipun ambeg utawi, punika tumadukipun taksih amikantuki,sanes kalihan ungeling gembrong ing pacinan ambarebegi boten amigunani
Jurungarang.
=========\==========

O puthut supama leres cartiyos sampeyan bab almenak babaran ngayogya anggen sampeyan boten condong,s areng kula timbang kaliyan almenak sanesipun inggih punika almenak babaran Surakarta utawi Semawis ewadene almenak ing Ngayogya taksih kalebt pajeng, tondha boten pisan pisan damel karugiyanipun tuwan abuning, awit saking angsal pitulunganipun kanjeng raden adipati Danureja, kabaripun saben taun boten kirang saking sewu almenak lajeng kabage dhateng para abdi dalem pulisi dhusun utawi nagari, saha dhateng para prayantun lurah wadana, bayaranipun katarik saking pamedaling balonja, saking karsanipun kanjeng raden adipati wau kenging kula wastani pitulungan ageng, sapisan anjembaraken kawruhipunpara abdi dalem kaping kalhipun rarengganing almenak pancen sae piyambak saupami sampuna panjenenganipun mas Budyakara (Kridhasara) ingkang ngarang kula dugi papajenganipun boten kriang saking sadasa ewu almenak tujunipun ingkang maha kuwasa punika sipat mirah,cekakipun sadaya almenak dadosipun samikemawon boten wonten ingkang awon boten wonten ingkang sae, ingkang sae rarenganipun bibrah anggenipun

nganrang, ingang leres pangarangipun kiran grarenggan boten ngasepaken paningal mila panuwun kula dhateng ingkang maha kuwasa saben taun among sageda tumbas almenak tiga pisan wau,rak inggih mangkaten ta kang patra tholo
Kaping 1 Maret 1891.
Jakaprasaja.
==========\==========

Poncasaptari, tiyang ingkang remen murinani dhateng kalepataning sanes punika amesthi sadherekipun pinten banggi sampeyan punika pancen maliyanipun Jaka clunthang, tandhanipun samajugak setali tiga uwang, anggenipun sami dereng sumerep dhateng ing suraos punapa serat kla ingkang sampun sampeyan waos dereng mratelakaken bilih dhoa sarta Jaka Busuk dipun purih sami budiya indhakiping kawruhipun sakedhik kalih kedhik (Budyaarja) kok banjur ewah wulang, kula gemang ngangge pitutur sampeyan kajengipun Jaka Clunthang nyandak kalampanurat tiyang kula badhe boten mundur sapecak sampeyan ngaken tiyang bodhoning bodho punika kula boten maiben la bilih sampeyan ngaben saged punika kula boten suka, awit pundit wonten tiyang saged benynyak-benyunyuk kaya sinyunyuk mangkaten.
Sampeyan nujuk sedhengah dhengah maliya ping sewu mongsa panglinga
Kaping 18 /8/ 20
Pun Jaka suwedha
Inggih pripeyanipun Sidyasidana.
=======\===============

Jaka Suwedha, panjawab sampeyan pitakenipun Jaka SAsasana, kakantuning ingkang sampun kula jawab, sastrasruwendha, amendhet pipiritan sakin gcoreking guwa, ingkang angangit prabu Panji Suryaywasesa, ing nagari Janggala manik panganggitingpun kala ing taun Surya sangkala 1128, utawi taun Candrasangkala, 1154 punika leres nanging kauningana, ing nagari Jangala, wiwit panjenenganipun nata Prabu lembu amiluhur, dumugi panjenenganipun nata Prabu Surya amiluhur (laleyan) ingkang dipun agem sastrawyanjana wangunan janggala, angitanipun resi Bathayu, sareng panjeennganipun nata prabu Banjaransari ing Galuh Pajajaran ingkang dipun agem sastrawyanjana, nanging sampun winangun dening panjeennganipun prabu Banjaransari wau, ugi taksih angirib warnining aksara wangunan Janggala,lajeng kalampahaken awit ing taun surya sangkala 1155, utawi ing taun condrasangkala, 1191, dados geseh kaliyanpratelan sampeyan makaten malih muksanipun prabu Panji Suryawasesa, punika kala ing taun Surya sangkal 1126, utawi ing taun Candrasangkala 1160. mongka cariyos sampeyan anggenipun nganggit aksara prabu Panji wau, kala taun Suryasangkal 1128, utawi ing taun Condrasangkala 1154, e inggih leres kados anggenipun nganggit aksara, Prabu Panji wau kala wonten ing Swarga, layak naminipun sae, sastra gruwenda.
Dene pitaken sampeyan 2 bab kula andhanganaken jawab ingkang 1, bab sandi kerata, punika inakng nganggit empu Tathaka Gandring ing Mehdnagkamulan panganggitipun kala taun Sruya sangkala 970, utawi ing taun condrasangkala 1001.
Kula gentos pitaken taun surya, kaliyan taun condra, punika boten sami petangipun kadosta: panganggitipun sandi kerata wau taun surya sangkala 970 taun condra sangkala 1001, punika dados ing dalem sataun kaotipun pinten dinten lo sapa ketepas-ketepus kuwi, e Sre.D. bok ingih lenggah, rumiyin mangke sampeyan dugekaken pangayawara sampeyan tiyang nabuh saron dadosa ron gong inggih ngegong, kabekta saking ingkang dipun tabuh, punika leres saeng kenthongan kok boten ngenthonganla, pripun saking pakanggih kula, ingkang makaten punika mesthi wonten wadosipun (Gunakartika) saminipun tembung kinbabekten mendhet saking lingga punapa, manawi sinanembah, saking tanggapna, sinembah, saking dwipurwa, sasembah,s aking lingga sembah, makaten sasaaminipun wangsuli kinabekten kaspundi, manawi mendhet saking ngabekten rak kirang loampah, amargi tanduk salaminipun boten angsal panambahan kadosta nayuban magepokan sapanunggilanipun ingkang marojol saking pamanggihkula ugi wonten wadosipun mila sanmpun tatela bilih wos sampeyan abrit tulen amargi kula sosoh, meksa boten saged dados pethak mongka padamelan kula punika nosoh ngantos anggalepung.

Sarehning taksih lugu abritipun dados boten pantes kangge dhahar, ila manawi kapareng badhe kula angge wedhak kemawon kenging ngadipun angge kalulut sampeyan pun SUmyar Jaka Lengkawa, ing Witaradya.

Ongka 28 Salasa LEgikaping 27 Ruwah Ehe, 1820, utawi kaping 7 April 1891

Surakarta
Kulawisudhan
Panyuwunipun panjenengan dalem kanjeng tuwan Yonghir C.H.A. Panderwek aseleh sabarnag reh anggening amandhegani gogolonganing Radpan Indhiye, ing mangke sampun kaparengaken saha alinulusakening pangkat karuhuranipun sarta kanjeng gupremen mawi amedharaken palembana ing satya tuhu ning pangawulanipun panjeengan dalem kanejng tuwan Yonghir Panderwek, menggahingkang kasentegaken jumeneng amandhegani gogolonganing rad pan Indhiye, panjeenngan dalem kanjeng tuwan KRusen ing mangke lid ing gogolongan wau, daene panjeenngan dalem kanjeng tuwan Galowah, sekretaris Jendral kasentegaken jumeneng lid.

Namung kapendhet gatosipun sambeting bidhalipun panganten ing Riya Mataraman dhateng ing Cilacap.
Ing dinten Salasa wau wanci jam 6 sonen sampun rawuh wonten ing setatsiyun kihta Cilacap mawi karengga ing pahargyan musik tuwin gongsa cara balen ingkang methukaken panjenenganipun kanjeng tuwan asisten residhen tuwin militer tuwin mardika sarta para ageng sanesipun sampuyn jibeg wonten ing ngriku sadaya, dene raden mas tumenggung panji Cakrawedaya saha ingkang garwa, lajengtatabeyan kalian kangjeng tuwan Aissten Residhen sarta para tuwan tuwan iliter tuwin martdika, sasampunipun tatabeyan lajeng kondur dhateng ing dalem kabopaten anitih kareta ginarebeg para panekaripun sadaya, ingkang sampun sanega amangangge grutni sami kakapalan sarawuhipun wonten adalem kabopaten para bupati lenggahingpandhapi boten dangu lajeng lumadosipun sugata wedang tuwin minuman kendel sawatawis srutu lumados jam 9 lajengbibaran.
INg dinten Malemipun Kemis pasamuanipun dhansah tamunipun kathah para luhur saking moncanagari watawis jam 8 sampun sami rawuh wonten ing dalem kabopaten wanci jam 9 angunjuk wilujengipun rawuh ing panganten ingkang ngundhisekaken panjeenngan dalem kanjeng tuwan residhen ing toya jene, lajeng kasauran ungeling mariyem mawantu-wantu, bibaring kundhisi lajeng dhansah dene dhaharipun resepsi, bibaripun jam 4 enjing.
Ing ditnenipun kemis siyang lelangenipun langendiryan bektan saking nagari Surakarta, malemipun jumungah pasamuanipun nayuban ingkang sami beksapara luhur jawi, ngantos ing dintenipun malem saptu, bilih dalu pasamuan nayuban siyangipun langendriyan
Jurukabar.

Palataran ing masjid ageng Tembing Kidul sawingking bangsal Sekaten toyanipun katingal ambalumbang, bokmanawis ampun salebeting rendheng punika ingkang kawogan boten nate nginguk ngriku, katitik dhasaring pager banon utawi baturing bangsal bangsal sampun anglumut sanget yen tam as modin keparenga ngresiki inggih saget resik sarta dhahas jalaran toya wau pancen kenging dipun kirh anjogipun kalen sawetaning banon upamikasogok bolonganiupn toya wau tamtu lajeng gumlindhing mili dhateng kalen ananging sarehning dhimas modin anggalih dhahasing palataran masjid wau, badhe anuwuhaken boten kesit anggenipun ngepung ambengan dados inggih ngecombang toya punika wau
Kintunan
=========\===============
Embok manawi kadamel angingah lelenun rak inggih eca tam as.
Juru gubah

Nalika rebo ingkang kapengker punika, watawis jam 5 sonten kula kakesahan dhateng ing kampong Mangkudiningratan sareng lampah kula dumugi ing Priyabadan kapethuk Ngabei Ja, abdi dalemmantri kabupaten ageng, dipun payungi mawi rimong cal bokmanawi ragi kekes awakipun awit nalika samanten pinuju gremis naming gumuning manah kula sakedhik punapa boten rikuh,sarehning piyambakipun punika sinipat abdi dalem mantra, dene kakesahan mawi rimongcal kuwatosing manah kula manawi dipun ganggu, awit samangke kathah witwitan ingkang angker, hya mas bei nek uwis gek uwis

Juru kabar.

Modhel enggal sapunika wonten tiyang marangi ider dhaten gslebeting kampong-kampung,manawi terus makaten badhe adamel kamayaranipun titiyang ingkang gigriya salebeting kampong, awit boten susah dhateng peken ageng, kantun punapa ingkang dereng dipun ideraken e….ha….pi….yu…n dereng dhik
Jurukabar

Tiyang nama Sa, mondhok ing kampong Keprabon asli saking Madiyun wonten ngriki magang ing kantor A, pamit mantuk dhaten gMadiyun tuwi semahipun ing kang tinilar salebetipun magang, dumuginipun ing ngriya kablekik ingkang estri pinanggih saweg amangihi tamu wonten salebeting……..nanging boten punapa-punapa tamu wau adhinipun pun Sa, piyambak mila pun Sa, cape tanpa bayu, wusana pinanggih ing rembag damel prajangjiyan badhe bathon kapal tumpakan tunggal kenging dipun angge tiyang kalih, jangji panumpakipun gentosan manawi goncangan kesangeten utawi gigir tutuk inggih makaten ugi…..hyah waton rukun nun.
Ta Drana, kuli ing dhusun Jogolan bawah Sukaarja, salebetipun wulan ruwah punika, wanci dalu anenggani sanakipun ingkang sakit nama samenggala griya nunggil sadhusun wau, nalika samanten tadrana katingal saras berag saha kathahingknag dipun cariyosaken dhateng ingkang sami tuwi,s areng kinten jam 12 tadrana wicanten dhateng Mertakarya ingkang linggih nyambimijeti ingkang sakit kang mertakarya,s ampeyan ragi mengi dul ngiringan sampeyan onten wiring papat mangangge sarwa mas bagus bagus mertakarya kaget nolih ngiwanenegen boten wonten punapaha, dados ungelipun tadrana wau boten kamanah panjang naming kakinten gugujengan tadrana wicanten malih kaliyan sora, e lo jamange mas kok padhapadha di buwangi, sarehing wicantenipun tadrana ingkang makaten wau sora sinawung andiking mripat jangkeruting rai, tiyang ingakng nunggil pajagongan lajeng saminginten bilih tadrana salah pandulu, wonten tiyang sepuh ingkang nandukaken tembung pangrapu, lo tadrana aja kaya mengkon ta, ngger, unimu iku mundhak gawe cilike atine sing lara, tadrana lajeng dhawah geblag saking palinggihyan tan pa asasambat inggal dipuntulungi dhaten gpara tiyang ingkang wonten ngriku,s arta dipun upakara murih waluya nanging lajeng dumugi pejah, dene samengggala ingkang sakit kacariyos ing nginggil samangke sampun saras.
Kintunan.
=======\==========
Pethikan
Enggal punika Srinata dewi ing tanah Enggris badhe tedhak ameng-ameng miyos saking kadhaton Winsor, amirsa tiyang wuta lumampah ijen srinata dewi lumuntur sih welasipun dhateng tiyang wau, kaparingan yatra ingkang cekap kadamel panggesanganipun. Tuwuhing panrimahipun wiwit ing dinten wau, tiyang wuta lajeng adamel pangenget-enget amasang medhali alit ing dhadhanipun mawi kaukir makaten ungelipun mung wong wuta ikikang temen kagungane srinata dewi Piktoriyah.
Sang nata ing nagari Jepang, karsa badhe tdhak papara dhaten gtanah Eropah, ingkang kajujug rumiyin piyambaking kitha WEnen tanah Ostenreik saking ngriku lajeng tedhak dhateng kitha-kitha ageng sanesipun.
Kula asring maos serat kabar Slompret Malayu, ing ngriku wonten Juru kabar ingkang asingsinglon mas S.P.Lo: S.P. punika sinten ta, mantra caca, hyang bok inggih dolan dolan mriki ta, sampun pijer mutheg wonten ing slompretan kemawon boten botenipun dipun krawus malih (Kongsa).
Wonten cina sepuh nyukani arta dhateng putunipun 10 sen ingkang 5 sen kapurih numbasaken lisah, ingkang gangsal sen kecap , cina alit enggal malajeng anglegsanani pakenipun embahipun ananging dereng dangu wangsul lajeng pitaken limang sen jing endi kan gdi tukokake kecap Cina sepuh mangsuli: sen sepuluh iku paronen bae, sadhengah dhengah kena, cina alit kalepat malajeng, ananging dereng dangu ugi wangsul pitaken kaping kalih tembungipun kaki gendul endi kang kebener dadi wadhah kecap, cina sepuh sakalangkung kajuweten putunipun bodho sanget mangkaten mila lajeng ngupados gitik putunipun dipun rangket, bapakipun rare sumerep yen anakipun dipun rangket ing embahipun

seling serep boten saronta lajeng nyandhak penjalin kadamel anggebagi awakipun piyambak cina sepuh kaget sumerep tingakhing nganakipun mangkaten punika, mila enggal pitaken ya gene kathik teka saka lungan awakmu kok gitiki dhewe, kaya wong edan mengkono, wangsulanipun kula males ukum wong anak kula sampeyan rangket anak sampeyan enggih kula gebugi, hara,.
Juru ngarang.

Ing ngalun-alun Bangil saben dalu wonten tontonan topeng, papanipun dipun cara komedhi, ingkang sami nonton mawi bayaran 10 sen ingkang linggih kursi 25 sen, modhel baru adapt wonten ingkang niru.
Opsiring prajurit ing kitha Warschaou nama tuwan Bastenieff tedhaking kusuma, gadhah pacangan nonah pinujul ing warni, kasoking katresnanipun tuwan opsir nyawanipun ginantungaken saupami dipun pecat tan nungil kaliyan yetmanipun nonah wau, nuju saweneh ing dinten tuwan opsir dhateng ing griyaning pacanganipun dumuginipun ingngrikusanget kaget sarta sanget ngunging manahipun boten nyana manawi sih tresnanipun boten dipun timbangi dhaten gpacanganipun amargi pacanganipun pinanggih saweg amanggih ing jajaka bagus bokmanawi badhe ambakali pacangan malih, tuwan opsir tuwuh kanepsonipun mendhet pistul sakng kandhutanipun pacanganipun lajeng dipun pistul pejah ngenggen tuwan opsir lajeng sowan dhateng kornelipun angaturaken lampahanipun wiwitan dumugi wekasan sarta anyelehaken pistulipuning bangkung, tuwan kornel boten pisan katingal kaget ing panggalih, pangandikanipun mungguh lekas ing pamikir mu iku bener, Lah saiki apa maneh kang kudu ko piker manah, pangandikanipun makaten wau kaliyan kesah, antawis gangsal menut mangsul malih, tuwan Opsir taksih katingal anjejer, tuwan Kornel ngandika malih, eh opsir prawira, apa kowe ora mangreti pasemoninig clathu ku mau, sarta lunga ku saka ing ngarepanamu apa ora mung supaya aja angriki marang pangggawe kang bakal kolakoni, nanging baliku mrene kowe katon isih wutuh ayam tuwan kornel kula sampun mangretos pasemoning pangandika sampeyan tuwna pralambangipun anggen sampeyan ngesahi kula, nanging kula boten tega ing pejah, tuwan kornel sanget dukanipun dene kagungan konca opsir jirih sami sanalika punika lajeng kapocot saking kalenggahanipun sarta lajeng kapasrahaken dhateng parentah.
Barang aneh ingkang timbul ing lautanipun pulo Jawi, inggihpunika sela karang ingkang agengipun dereng kenging kininten kumambang wonten satengahing lautan sampun saestu adamel mutawatosipun lampah ing kapal dagang, saking pundit gempalan karang wau pinangkanipun punika dereng kasumerepan, makaten malih ing serat karb oten wonten karang ingkang kumambang wonten ing lautan menggah mutawatosi tiyang wau kayekten kala salebetipun wulan juli 1890, wanci jam 8 enjing, lampahing kapal nama Pakalongan anumbuk karang wau, wonten sacelaking pulo Tabredhi, dhasaring awakipun kapal Pakalongan ngantos botol rahajeng lebeting toya ing kapal kenging katawu dening pumpa, lampahipun ngantos dumugi ing muwara sarta lajeng kathah ingkang sami tutulung salajengipun lastantun.
Wonten pujongga mretamu dating griyaning mitranipun sami pujongga, wonten ing ngriku lajeng maos serat ingkang wonten ing pasimpenan rak inggih pamaosipun mawi ancik-ancik dhingklik punika boten sampun sampun ngantos meh serap srengenge, supe purwa duksina, kados wonten kawruhing kang binudi dereng pinanggih wadosipun raosing manahipun kelem wonten salebeting serat wau, mila tansah anganyur kemawon boten angraosaken sayah, dene pujongga ingkang dipun tamoni boten pisan kengetan bilih ketamuwan malah lajeng dhateng griyaning tamunipun wau, annging winangsulan dening tiyang ingkang tengga griya lilih lurahipun mretamu dahten ggriyanipun, pujongga punika o, sanget midhangetaken wangsulanipun tiyang wau, awit sadinten muput boten kesah kesah saking griya sarta boten rumaos ketamuwan, tiyan gsupen dipun srengeni, ananging supenipun pujongga ingkang ngantos ngodhengaken tiyang sajagad boten dipun srengeni.
Wengkel ng nagari Chicago angsal pamanggih sarta sampun dipun ayoni, damel mariyem gagrak enggal dipun ungelaken kaping sewu dipun graying boten patos karaos panas sarta mariyem punika keningg kaisenan boming dhinamit malethos ing pesatipun ngantos gangsal mil.

Tuwan Panderbil (Van der Bilt) ingkang misuwur sinebut raja arta ing Amerikah, semahipun ajagong, anggen anggenipun ingkang warni sosotya kininten pangaos tigang miliyun dollar utawi nematus ewu rupiyah.
Guru estri ing pamulangan ing Minnesota Amerika nama nonah lansi Lents misakit dhaten gmuridipun kemireng dhaten gbapa biyunging murid wau nama tuwan GRuzon punika lajeng sami dhateng ing pamulangan malesaken tomisakit dhateng nonah Lents dipun but kalih,s areng sampun dipunn uli-uli lajeng dipun bucal dhaten jawi medal ing jendhela, dhawah ing siti kongsul dados lan pejahipun tuwan gruson sarta estrinipunlajeng kacepenging pulisi kaladosaken ingparentah, amakna tiyang ambeg brangasan neh.
=======\==========
Dhumateng Mas Kalih welas.
Lo, mas poncasaptari, mangke ta mangke, sareh ampun kok lajeng junjung ngetebaken dhateng awak kula la, pancenipun sampeyan punika rak dangu rumiyin mangkatn, e puspa udaka, awit punapa sampeyan purun purun ngnangge nembung ngoko dhateng pun Kadiya, kula lajeng matur mangkate, e inggih mas gangsal pitung dinten, dados nama sampeyan kula gunggung kapanggih 12 dinten, mila kula purun ngetrapaken tambung ngoko dhateng pun Kadiya, margi kula gadhah sadherek wonten ing Kartasura ugi nama pun Kadiya, kaleres adhi kula misan sami buyutipun ingkang babadhe ing dhusun cemeni, mila sanakdyan tembung kula wau ngoko, nanging boten anggadhahi raos ngidak dhateng tatakrami, ananging gadhah raos rumaket tuwin prasaja, arak inggih ta mas pepsiwen, cobi manawi kirang pitados sampeyan liling malih sinom kula.
Ibu Bratajaya, panjenengan punika keningg kula wastani nyonyongah dhateng mas Ponca, e gados pundit anggen kula mastani mangkatenw au, anggen panjenengan ngaturi gundhelan punika dereng cekap menggah ing kabetahanipun mas ponca, dados prasasat weweh boten angsal panarimah, margi sakedhiken sanget, amila manawi wonten kaparengipun ibu, kula ingkang badhe ngaturi tambah dhateng mas ponca, supados cekap kaangge nyamaktani saseratanipun,mongga tam as capji, sampeyan tampeni atur wewahan kula, tur ageng ageng……satengah dhosin engkas, dados jangkep satunggal dhosin kaliyan paringipun ibu Bratajaya
26/8/20
Undhakan Puspaudaka.
=========\=================
Bagawan Abiyasa, mugi sampun dados panggalih kulanyuwun katrangan bab panjurung sampeyan dene kok mawi wotsiratal wotsiratal tangsulipun kendho punika kala punapa anggenipun nangsuli, sarta tangsulipun wujud punapa, lahpunika wujudipun manungsa dhateng donya, prang bratayuda ongka wijayadados tawur, macan galak wulu badhak sagathuntheng, kilap manawi D.A. kaliyhan Jaka Busuk saged mangretos sarehning priyantun kakalih wau sami wegig dhateng ing suraos manawi kula nyuwun mopo boten saged dungkap saestu.
Wiranandana, sarehnin gpamethek sampeyan dhaten gwitaken kula bab tembung srawungan sapanunggilanipun sampunsampeyan cariyosaken bilih gelaranipun panjang sanget dados kula sampun sampeyan kinten bilih badhe boten mangretos witikna sampeyan gulung malih kula yen mudhenga, boten langkung inggih andum wilujeng kemawon.
Kyai Parungsari, papethek sampeyan dhateng pitaken kula ingkang 2, bab sampun boten wonten ingkang nalisip sanget ing panuwun kula, sampeyan karsa nganggep mitra inggih sukur bage suewu, benjing manawi sela ing pandamelan kula sowan dhateng dalem sampeyan ing karang Kasidan.
Capkaton mugi sampun dados pangggalih, pamethek sampeyaning pitaken kula lepat ke sampeyan saestu kula murih magang, studhen rumiyin benjing manawi sampun saged ta wangsul maring ki malih
22/8/20
Jakasuyatna
========\================

Mas Jaka Sutana tiyang samun amestani lepat pamethekipun pitaken sampeyanpunika sampeyan kedah andunungaken lepatipun lajeng cuthel teka lajeng angering-erang makaen, kadadosanipun boten sae nun.
Juru ngarang.
==========\================
Jaka LEngkawa, bab panjarwa kula wontenipun astrasruwenda, rak sampun terang bilih lugu anggen kula nedhak buk dados saupami lepat sinten ingkang badhe kulalepataken sampeyan saged cariyos bilih anganggitipun Sastragruwenda prabu Panjisuryawasesa, nalika wonten ing swarga, punika leres awit sampeyan sampun nate jumeneng malaekat (Amongturida) sarta sampeyan paring panjarrwa bab pitaken kula, wiwit wontenipun sandi kerata, punika kala taun surya sangkala 970 utawi ing taun candra sangkala, 1001, mugi sampun dados panggalih sulaya kaliyan waton kula, nanging inggih leres kaping kalih, awit waton kula buk lawaton sampeyan kajeng jati, dene wiwit wontenipun sandi kerata bilih waton kula saweg kala taun 1672, ingkang nganggit rtaden tumenggung Tirtawiguna, saking dahwuh dalem ingkang sinuhun Kanjeng susuhunan ingkang kaping 2 sampun ngadhaton wontening nagari Surakarta adiningrat mila pitaken sampeyan bab gesehipun taun surya kaliyan taun andra boten kula wangsuli, mangke mindhak sulaya malih, boten langkung namung sami andum wilujeng kemawon.
Ing salaretna kaping 25 Ruwah Ehe, 1820
Pulunanipun Jaka Suyatna, inggih Jaka Suwendha.
==========\================
Bramartani ongka 23 ngemot panjurungipun Jaka Marsudi, suka pepenget manawi ing maos pati wotnen cina dados juru kabar pembrita baru, asesinglon nama Arya Sentiyaki, watekipun canggeh anget sinten ingkang gadhah gethek cirri supados sami angatos-atos./
E jaka Marsudi Ijengandika sumerpa, manawipara wira ing Bramartani boten watak alitan manah, ta sumongga sinten ingkang badhe sumedya ngaben pucuking kalampaanurat kula aturi leledhang dhateng pabaratanipun kyai Bramartani ngriki, gadhah apitaken punapa punapa amesthi badhe kasembadan ing sakarsanipun punapa gunawan punapa mangunsurasa, punapa pamularsih,lanpunapa sentiyaki wau.
Ing Ngambar simun kaping 12 Ruwah Ehe, ongka 1891.
==========\==========

Ongka 29, Setu Kliwon kaping 2 Siyam Ehe, 1820 utawi kaping 11 April 1891

Surakarta
Ingseran sarta kulawisudhan

1. Raden Ngabei Jayapranata, pulisi kaparak kiwa, kaingser dados abdi dalem mantra wisamarta, anggentosi ampas lenggahipun ngabei dhelong ingkang sampun ngajal tanpa ahli waris anak kapatedhan nama Raden Ngabei Sura Andaya.
2. Ronggasastragahana, manri carik pradata ageng, kakulawisudha dados abdi dalem mantripulisi kaparak kiwa, kapatedhan nama Mas NgabeiJayapranata.

Nalika dinten Kemis kaping 2 wulan April punika, awit saking kaparengipun karsa dalem kanjeng pangeran adipati arya Prabu Prangwadana, ing kamantren Calamadu, katambahan Ronggapolisi tiga, dene ingkang kakarsakaken dados abdi dalem rongapolisi, tuwin katamtokakenmanggenipun kados ing ngandhap punika.

1. Sastrasumarta, Magangan manggen wotnen ing Komplang, kapatedhan pasebutan sarta nami, Raden Ronggakartasudirja.
2. Sastrasumarta, Magangan, manggen wonten ing Komplang kapatedhan pasebutan Sarta nami Raden Ronggakartasumarta.
3. Mas Rongga Mangun Wijaya ing kamantren pedan, Kaiser dados Rongga polisi wontening ngasem, namikalulusaken.

Ing kamantren Jurug ugi katambahan Ronggapolisi satunggal nami Mas Rongga Kartawikrama, manggen wonten ing Kemiri.

Sekar gadhung ingkang angrgenggani syasa balemmarta, wedalipun saking ing suyasa wau modhel sami numpak andhong mitongtonaken gebyaripun ngantos dadosparikan andhong numpak andhong.

Babah B, ingkang anggadhahi pasiten ing kampong P, kathah tanemanipun kalapa, saben ngundhuh lajeng dipun slumbati sarta dipun cukili lajeng badhe kadamel lisah klentik mawi tiyan gberah ngantos sawatawis kathah, wonten satunggaling kuli badhe amecah klapa, nanging dipun bolong rumiyin toyanipun badhe kaombe, salebetipun toya klapa kaombe, salebeting gurungipun kraos mangkel lajeng dipunlepeh,astagapirollah, punapa ingkang karos mangkel wau, punika wujud precil cemeng agilap paman kuli sanget gilanipun nanging wonten kuli sanesipun sumerep kaelokaning pangeran boten mawi kamanah dangu malih, precil wau lajeng dipun cepeng sarta lajeng dipun until calegug sampun kolu, lalampahanipun kuli wau misuwur ing kathahs arta titiyang sami anjampekaken sasakitipun naming dipun idoni utawi dipun dilate kemawon sami saged saras dados kacekapanipun antawis satengah wulan anakipun babah B tumut mecahi klapa, wusana mranguli klapa ingkang isi precil kados ingkang kacariyos wau, preecil lajeng kacepeng sarta lajeng kaingah kalebetaken ing nglodhong mawi toya klapa tuwinpakanan wawaran kalapa, menggah toya klapa ing ngodhong wau inggih istijap sanget kadamel jampi, manawi sakit weteng kaombe, manawis akit panas tuwin sanes-sanesipun kaborehaken insyaallah sakitipun wau saged waluya jati, precil ingkang wonten salebeting klapa, sampun saestu adamel kodhengin manah, nanging manawi kamanah dangu bab kawicaksananing allah anggenipun anitahaken makluk isining bumi langit precil wonten salebetipun kalapa punika kalebet dereng nama aeng, awit wedalanipun pelem ing batawi, sanadyan katingal sae awaras wiris boten dipun tdha ingnguler utawi boten bogkengen ewadene manawi kairas dening tiyang ingkang dereng nate sumerep amesthi kaget utawi gila, jranthal medal kewanipun ingkang mengkang, tarkadhang lajeng mabur angumbara, kalapunapa lebeting kewan wau lan saking pundit marginipun punika naming mijil saking kawicaksananing pangeran ingkang maha agung, suprandosipun manungsa kathah ingkang mungkar boten rumaos bilih awakipun punika wingking sesadening gusti Allah rumaosipun dumadi saka pribadinipun utawi saking pakumpulaning watekipun piyambak mila kathah ingkang nyirnakaken pangabekti.

Nalika kaping 26 wulan Maret kapengker punika, bok tawikrama ing dhusun Watu burik kapanewon kampong Ler,w anci enjing sumedya dhateng peken nagari, wasana sareng lampahipun dumugi ara-ara sawetan dhusun ing Ngemplak ing ngriku pinuju wonten maesa ingkang gambira, bok Tawikrama dipun gudag ing sungu kenging bokongipun ngantos nandhang tatu sarta krungkep lajeng ginosongan dening lare ingkang sami angen boktawikrama wilujeng boten dados tiwasipun.
Tiyang nami Partaka, gagriya kampong Keprabon gadhah sasakit ingkang ing ngalam donya dereng gumelar, dene patrapipun angot-angotan manawi angot pinuju mlampah, lajeng mlajen gsipat kuping manawi angot pinuju ngadeg awakipun inggih lajeng muded kados gangsingan dene manawi angotipun pinuju linggih, lajeng ngulet cangkem merot tuwin manawi angot wau mawi mungel makaten owe, owe, yta wimen ya wismen durmain labragan kecut lajeng enget kados tiyang saras punapa dene solah bawa, sarta manawi nyambut damel boten wonten labetipun yen ta gadhahi sasakit ingkang aneh makaten sareng saras kula tangledi menggah kaengetanipun manawi amarengi angot wanggsulanipun boten gadhah kengetan sarta boten rumaos punapa-punapa, kajawi namugn panonipun sumrepet dene yen angot sadintenipun rambah kaping 3 utawi 4.

Yogyakarta
Kala ing dinten Kemis pon tangal kaping 9/4/1891, panjenengan dalem kanjeng gusti pangeran adipati Pakualam karsa angintunaken putranipun kakung, nama Raden Mas Sumyada darta wayahipun kakung putranipun kanjeng pangeran Mayor Arya Natakusuma, nama Raden Mas Surtiya, saweg sami yuswa sangang taun lumampah, dipun sakolahaken dhateng nagari Walandi tanpa dipun kantheni abdi satunggil naming kapitadosaken dhateng tuwan REikres Oponder piser ing Yogyakarta ingkang mantuk dhateng nagari Walandi, saking pamireng kula wradadipun lare kalih wau sawulanipun nematus rupiyah pethak sumerep bayaran sakolah, dhahar, pangangge, pamonging lare tuwin kabetahan sanesipun kala angkatipun wau kados punapa kemawon raosing galih ipun ingkang kagungan putra, badhe pisah boten kirang saking sadasa taun laminipun ingkang sumerep kemawon kathah ingkang rentah luhipun mila kula lebetaken ingkabar Bramartani supados dados satuladaning kathah, anak punika prayogi kapreteg ing kasagedan manawi kagalih panjang punika tetep tresna dhaeng nganak sampun kados pak…..anakipun tansah dipun kempit kemawon sedyanipun saking welas saha asih sayektosipun boten tresna, anak punika manawi dipun ugung mesthi bodho, tiyang bodho punika ingknag kathah tembenipun amanggih sangsara.
Kala ing dinten Slasa Legi ingkang kapengker punika, rencangipun rama kaji Supingi ing Pakualaman kinten ngumur 15 taun kerengan dipun but tiga sami lare alit jalaran rebatan brekat ambeng ruwahan nanging lare tiga ingkang ngebut wau sami kawon ingkang kalih nandhang tatu, ing tangan sarta ing wetengipun nanging boten nyumelangi, lare ingkang satunggal sareng sumerep manawi kancanipuns ami nandhang tatu lajeng lumajeng, ajrih awit mengsahipun kacihna yen bekta pangot enggalipun lajeng kalapuraken ing pulisi lare ingkang natoni kacepeng dening pulisi, pangotipun boten pinanggihkilap wusananipun punapa punika kadadosanipun uran-uran sekar durma sapada, geger-geger, geger, geger-geger rewong ing kauman geger ngrebut kendhuri, salajengipun.
Kintunan.
==========\==========

Pethikan
Awit saking serat kakancinganipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral…….Statblad ongka 76 anamtokaken ing paresidhenan Banten kawewahan prajurit, ing Ciringin pangangengipun Instraktur bonggsa Eropah.
Sresan Kaparingan Balonja f 18
Kopral kaparingan balonja f16
Saradhadhu kalih dasa satunggal tiyang 14

Ing Lebak samikados ing Ciringain menggah wontenipun prajurit wau ing sasaged saged katamtokaken ngangge tiyang Ambon tuwin Menadho.

Ing Roterdham wonten guru saweg ngumur 20 taun kaocog pucuking pen waja lambenipun ngantos medal rah, wusana tatuning lambe wau ngrebda racunipun temahan abuh dados lan pejahipun sampun tatela yektining babasan pati satunggal marginipun sewu.

Kathah ing ARtapal suhu tawi tiron boten naming ingkang warni anggris tuwin rupiyah kemawon ukon talen dalasan kethi p wotnen ingkang palsu ugi, mila ingkang sami angatos-atos sampun ngantos kaslomboran.

Guru main tangan ing Maespati nama Lagiman kathah muridipun jaka sarta bagus bagus pamulangipun saben siyang ambekanpun ngantospating krengos lagi man wau bojonipun manis arum nama minten sae manahipun ugi dados gurunipun para murid wau nanging pamulangipun ing wanci dalu, ambeganipun inggih ngantos pating krengos kuiwanipun pamulangipun boten kenging sarengan nanging kedah gentosan sarehning guru kalih dados bayaranipunkedah kaping kalih bayaran sekolah siyang akaliyan sekolah dalu.

Ing griya pamulasaranipun tiyang sakit ing ngegiringan wonten tiyang wuta rencang rare, medal jaler wilujeng,a turipun p[un wuta pangendhogipun wonten ing margi, lajeng dipun ngremi wonten ing griya sakit wau ngantos netes nanging sinten sawungipun ingkang ngereki, bibi babon boten ngyektosi, lah punika ingkang nama anak Kowar sayektos.
Ing kantor Pos anampeni serat ingkang ngalamatipun katur gusti allah, upas pos kados dereng sumerep dalemipun mila boten kalampahaken serat lajeng kabikak dening tuwan komis ijemaning suraosipun rare anunuwun dhateng gusti Allah mugi karsaha anggesangaken adhinipun ingkang sampun pejah sanget sanget panyuwunipun manawi kagalih panjang ciptaning rare wau mongka piwulang ageng, naming gusti Allah piyambak ingkang saged mitulungi dhateng kabetahaning manungsa, punapa damelipun pados pendhok angsala inggih boten widada, beda kaliyan setya tuhuning pangabdi, pikantuking nugraha kanthi jembaring paningal amargi saking resiking budinipun.
==========\==========
Eh sapisan punika kimawons ampun kaduwung, dhi jaka Prasaja, serat sampeyan ingkang tatenger, 27 leres sanget bilih saben barang punika prayogi ingkang kathah, wangsul almenak saget da tumbas kados prayogi satunggal dene wontenipun griya kampong jejer telung katengah bakal mantu kandhane bocah, kula sampun boten parlu matur, sampun nun kula badhe kumandho dhateng Kartasura.
E lo mas Kadiya, dhateng pundit niku, ana dhayoh ngene malah arep lunga, sampeyan wangsul ta rumiyin, sampun sumelang manawi dipun oyak lampah 85 pedhotan 99, 60,40, tiyang kula boten bekta prayogi lenggah ta kang sakeca, kula ngaturaken parlu sakedhik sampun daos panggalih, pasakitan pun turut ingkang kagiyaraken tatenger kasupen dinten setu kaping 4, april 91, punika, sampun kapriksa pangadilan dalem pradata ageng, nalar nalaripun kathah ingkang cocog wonten sulayanipun sawatawis saderengipun persiddhen lenggah, wonten prayantun ingkang dangu, e, turut kowe apa bias maca laying aksara jawa, nggih saget dara, mungguh apalan apa kang kowe bisani, yen pinuju garum luku makaten semut ireng anak-anak sapi, irs giyog-giyog lo mas kalene aja kliwat ya, iku tembang apa, tureen mijil tibane pada aksara dikapake, gajege anu nika, e napa nika, la di suku,lo punapa memper saget dhateng kebo gotongan sanadyan badhe….mbok inggih sampun katempelaken ingkang kirang memper dados boten damel semangipun ingkang miring, kados ta, eng I eng I, o o, o o,la sampunmedal mas rabas mongka kados pundit, awit para ingkang sami dereng terang, ingkang kawrat ing ngriki lajeng kagerba cara uyah, dados kaewokaken uwitipun jagung, wujudipun gilap semu atos mentas ing nglebet sampun kalilan kula badhe manggihipun pustakawartiongka 27, lalampahanipun pamaganging Kartasura, sami sami kabar paraningali kathah ingkang boten kadugekaken pamaosipun dene ingkang dadosa bab kirang terang.
Purwasana kaping 26 ruwah Ehe 1820
KiPatratholo
=====\=====
Katur tedhaking ngukirahtawu panjenenganipun Bagawan Abiyasa

REhning kula punika taksih kathah kakirangan kula ing saserepan mila bilih wonten kalintu kula mugi sampun dados panggalih, manawi amarengaken saking karsanipun ing Hyang Adipukulun kula nyuwun katrangan kados ing ngandhap punika.
Menggah adegipun kadhaton ing Ngastinaingkang iyasa sinten utawi muksanipun rama jengandika sang nata Prabu Palasara, saha salajengipun salira panjeennganpiyambak jumeneng nata ugi nagari ing Ngastina, dumugi seleh kaprabon dhumateng putra jengandika sang nata prabu Pandhu, punika wijangipun ing titimasa satunggal tunggalipun kala taun punapa, saha sampun pinten taun laminipun dumugi ning sapunika, o wasana mugi panjenenganipun panembahan karsa paring katrangan.
Purwasana kaping 29 Ruwah Ehe 1820/
Ki Patratholo
==========\==========
Sarehning kula sampun kagalih lepat dhaten gJaka suwedha sarta dhateng cekelendralaya ingkang punika bilih kapareng kula naming nyuwun pangaksama sampeyan ingkang ageng, dene anggen sampeyan mastani bilih kula sadherek tuwin maliyanipun poncasaptari, nyuwun pangaksama kaping kalih awitanes utawi sampeyan taken jalaranipun sambut manawi dipun sambukaken mungel mak dher,nyuwun pangaksama kaping tiga,kula boten saged angaturi katernagan kakiranganing panyuwun kula aksama, kula nambahi nyuwunpangapunten kaping 9.
Pun Jaka Clunthang.
==========\==========
Jaka Lengkawa, menggah panalang saing tembug nipun S.R.Dh. anggening jawab tembung, ngrebab kaliyan ngendhang, punika winastan tembung tanduk nanging boten ddosaken renaming panggalih sampeyan kaprapancen wos abrit boten pantes kangge dhahar, naming pantes kange wedhak suku sampeyan leres, raden juru angggunggungkawuk ya situkang sugih wadi, jakalengkawa, bautwidhara, kok saged mungel ngendhongan lirmah gnetos ingpasamuwan bramartani kula dereng sumerep jawab sampeyan ingkang patitis kajawi ta manawi wonten pitaken ingkang sampun kasebut pustakaraja purwa, madyaasana, inggih lajeng saged dados jeanng lemu, ananging rehing jakasuyatna sampun purun mitedhani namipun beyo, dados kla inggih lajeng boten gumun dhatengkasagedan sampeyan wicara tembung ngabekten, lo sumongga kagaliya dening para sarjana, punapa ingkang sami malebet wonten pasamuwan bramartani boten wonten ingkang kagungan pustakaraja, ttuwin serat pathokanipun tembung jawi kawastan wyakarana, rak inggih ta sang podhang, jakalengkawa, pamancahipun empu kridhasara dhatengkalepataning tembugnipun sayekti utami,manawi sacocakdhek dereng ajeng, apitetela beda tinimbang kaliyan wicara sakpeyan manawi sangkuthilang sanyata patitis cobi sampeyan jab pitakenipun jaka tetuka dhateng marangbayaya 2 bab tembung ubarampe, kaliyan patibasasampir, iyah wong wis sugih paparab sasat raden lesmana ing Ngayugya
Jugul kumawawa inggih Jakasura.
=========\==========
Jaka Suyatna menggah anggenkula nerangaken pitaken sampeyan 2 bab punika punapa sampun leres saestu manawi sampun sokur mengko gek mung diargem tamping bae.
E.S.R. Dh. Leres cariyos sampeyan bilih wos punika kosekanipun sami wos pamanggihing manah condhongipun kedah kasrasehaken dados inggihleres kaping 2 pethek sampeyan ngrebab kabekta namaning rebab ngendhang namining kendhang, nanging menggah ing kula sanes pamanggih, ngrebab punika sarehing wujuding tembung tanduk kriya wntah tegesipun pratingkahingkangsaweg dipun lampahi, makaten ugi ngendhang naming beda sarananipun inggih makatenpunapa boten yayi jakalengkawa, wela sakiki si dadadi glepung gandum patakone, S.R.D. takbut ro jakalengkawa.
Eh sampun rujak trima owung nyenggeri sokur boten inggih kajenge.
Tanggal kaping 11 april 1891
Ki Parungsari
=========\==========
Saklangkung bingah saha panuwun kula, dhateng panjeennganipun Jakaswedha, dene karsa paring katerangan dhateng pataken kula bab ssatragruwendra, ingkang punika anjalari

kaindhakanipun manah kula, ananging kawuningana, kula matur bares yektosipun kula punika bodho nanging rekanipun remen dhateng seserepan mila kumedah dheple-dheple wonten ngarsanipun para saged punika, supados kaipratan pralebdanipun kajawi punika pancen taksih wonten ingkang badhe kula suwunaken katernagan dhateng para pambadikawruh, ananging kula ragi ajrih, bokmanawi dipun galih anyela nyela ingkang punika manwi kapareng panjenenganipun jaka suwedha, kula mugi kaparingana barekah saserepan malih, sukur bilih mitra kula jaka busuk karsabiyantu paring saaserepan king ngandhap punika ingkang kula suwunaken katerangan.

1. kingkang dipun wastani godhong picak budheg bisu,
2. toya picakbudheg bisu, punika kados pundit
3. ingkang dipunwstani sastraguwa utawi sastra gahana, punika kados pundit mangretosipun awit tula asring miring tiyang raraosan bab punika, nanging kula boten mangretos mila kula suwunaken katerangan dhateng mtira kula sakaliyan

Titikaping 5 Maret 1891.

Ongka 30, Slasa Pon Kaping 5 Siyam Ehe 1820 utawi kaping 14 April 1891

Surakarta
Kawulawisudhan
AWit saking dhawuhing timbalan dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan
Prajurit Jayataka
Raden Panji Jayawigata, Istelitnan dados kaptin
Raden Panji Jaya PRebawa, twedhe dados Irstelitnan
Rden Mas Sarjana Kakarsaken dados Twedhelitnan kaparingan nama Rden Mas Panji Dipasudarma
Prajurit Suratetana
Raden Mas Panji Jayalengkara, Irstelitnan dados kaptin
Raden Panji Jayapitana twedhelitnan Jaya tetana daos Irstelitnan
Raden Mas Panji Adiatmaja, twedhelitnan sampun kasebut ngajeng

Pajurit Jayasura
Raden Panji TRunawiraga, Irstelitnan Trunasura dados kaptin
Prajurit Trunasura
Raden Panji Trunasukarta, twedhe dados Irstelitnan
Raden Mas Panji Priyakusuma twedhelitnan sampun kasebut ngajeng

1. Raden mas Sutija, abdi dalem punakawan ing kadipaten anomkaganjar dados abdi dalem panewupamaosan ing Bayalali,kaentosaken tilas lelampahanipun ngabei Singapatra,kapatedhan sasebutan sarta nami Raden ngabei Jayasiwaya,
2. Ngabei Wirasanjaya abdi dalem mantri ngajeng ing kapatiyan ugi kaganjar dados abdi dalem panewupamaosan ing Bayalali, kagentosaken tilas lelampahanipun Ngabei Singadimeja, kapatedhan santun nami Raden Ngabei Singa Sukarta.
3. Raden Bagus Sudiman pamagang ing Gedhong arta kapatiyan kaganjar dados abdi dalem mantringajeng kaptiyan kagentosaken tilas lelampahanipun ngabei Wirawiryana.
4. Sastra anunasika, abdi dalem carik nem ing kapatiyan kaganjar dados abdi dalem kori jaksa kabupaten gedhong kiwa, kaparingan saesebutan sarta nami Rongga citra Praata.

Mitra kula nama E.T. gigriya ing kadipaten Prangwadanan gadhah sakit ngeres linu sampun 3 taun kala dintenkenis tanggal kaping 22 wulan ruwah kapengkepunika, dhatetng ing griya kula nedha pitulung, suapdos kula ateraken dahteng langenarja, badhe ngalab brekah kagugnan dalem sumur bur, kula andhanganaken boten dangu lajeng sami mangkat, dumugi nglangenarja jujug griyaning mtira kula nama mas S.L. kula nedha pitulung mugi kaparenga angirid dhateng kagungan dalem sumur bur, lajeng sami kairid dumugining ngriku, S>T. lajeng kungkum wonten kalen, antawis ½ jam mentas sareng sampun asosawatawis lajeng mantuk mawi dipun bektani toya, 2 klenthing dados a rembat pambektanipun dipun pitulungi bau dening mas S.L.
Sareng ing dinten Jumungah tangal sapisan siyampunika, S.T. dhateng griya kula malih, mintonaken suka sukuripun saha sanget amumundhi barkah dalem dene sakitipun ngeres linu sampun mantun babar pisan mongka waunipun ing saben sonten tansah ngrengan kemawon awit saking sangeting sakitipun sapunika sampun boten wonten labetipun kula pitaken toya 2 klenthing dipun menapakaken wangsulanipun saben sonten dipun godhog ingkang manget-manget kangge kungkum naming salebetipun 8 dinten lajeng mantun.
Kitunanan

Manadho
Panjenengan dalem kanjeng ratu kadhaton ing Ngayogyakarta, ingkang kapindhah wotnen nagari manadho, nalika dinten jumuwah kaliwon tanggal kaping 11 Rejeb, Ehe,

1820, karsa anetesaken ingkang wayah, nami bandara raden ajeng amariyah, putranipun Kanjeng Pangeran Ariya Suryaningalaga, saha raden Rara Marsitin anakipun Raden Ngabei ing Prawiradimeja, ingkang bela sunat rare, 2 iji, punika saingga dados wwelasan nalika ngadegaken sabuwah, yen tembung jawi ngadegaken griya ngajeng, inggih pandhapi, kathah tiyang amastani, dumugi ing damel dinten Jumungah Kliwon wau sabuwah tamtu dereng saged dados margi saking awisipun bau suku, nagari manadho tiyang jawi boten wonten enget-enget gusti kanjeng ratu wau tesih tdhak ing kusuma, saha rembesing madu, anggenipun yasa sabuwah, dumugi ing dinten perlu, saged dados saha sudhiyan ingkang badhe kadamel nyugata tami, boten anguciwani, dumugi damel bibar sunat para tuwan tuwan utawi kanjeng tuwan residhen sami kumpul lenggah, lajeng dhansah, rame-rame, para tuwan tuwan sami mangayubagya, mumuji, panjenengan dalem gusti kanjeng ratu, kapanjangan ing yuswa, dumugiya momong, putra wayah, buyut ssasampunipun bujana minum para tami, utawi para tuwan tuwan lajeng bibar sowing-sowang, sapengekripun para tuwan tuwan lajeng animbali para arab para ngulama, sami dhikiran sadinten lajeng bubar.

Salebetipun taun 1890 kitha Manado, kalebet wilujeng, saking kencengipun para tuwan tuwan Antenar, ingkang ngasta paprintahan nagari boten wontenprakewet ingkang nyumelangi, para kawula ami sakeca manahipun tumungkul anggenipun sami ngupados tedha, medal saking pakaryan pakebonan yen tembung jawi tegil utawi sabin sarta mincing ulam dhaten glaut lan baberah.

Dene rajapejah naming wonten ramabah kaping kalih, jalaran tiyang dhusun Gorontalo, ngamuk wonten peken sarana dedamel tumbak utawi galewang, kadamel marjaya tiyang, dene ingkang ngamuk lajeng dipun pejahi tiyang kathah. Prakawis raja tanu naming wonten satunggal tiyang nami Rajak griya kampong Baruarip tanakipun raden Bagus Jayakerta, patih Banten ingkang kabucal dhateng Manado, wau Rajak kadakwa remen dhateng rayatipun tiyang, nami atap ugi griya kampong Baru, tiyang Bucalan saking Banjarmasinb atap jaler murina, rajak lajeng dipun sanjata, kinging tepak ingkang kiwa trus jonggairing, naming boten pejah, saking tranginansipun para pulisi, atap lajeng kapusara, kapanjingaken wisma pakunjaran sapunika prakawis dereng putus kilap dadosipun punapa dene nagri manado wau,tata tentrem awis tiyang lampah dursila, kados ta lembu kapal awit dipun rimat ing griya, sami dipun cancangi ing wona kimawon dalu boten kabeta mantuk ingkang gadhah kewan kathah, ugi dipun umbar wonten ing wana kimawon saking lamiboten dipun tuweni, kewan kathah sami giras priksa ingkang gadhah, sami mlajeng, mila bilih wonten damelipun wau kewan dipun sanjata kimawon boten perlu murih kaceping gesang, nanging maesa dereng wonten ingkang gadhah, punanipun sima boten wonten.

Manado kaping 10 Maret 1891

Kula

Ruditya.

=========\==========

TEtembunganipun panjurung punika kalugokaken kemawon

Jurungarang.

Tuban

Kulawisudhan tuwin ingser-ingseran.

Ingkang awit wawaton serat kakancingan dalem kanjeng tuwan residhen pambang, sampun anamtokaken dhumateng mas Kertakusuma, asisten wadana ongka II ing Onderdhistrik Wangun dhistrik Rembes Kaiser dados mantri pulisi wana ing bawah dhistrik Sulang Rembang.

Mas Sumadikrama, mantri pulisi apyun ing dhistrik Banjar, kawisudha dados asisten Wadana ing Onder dhsitrik Wangun.

MantriSambong ing dhistrik Bauwarna bojanagara, kawisudha dados asisten wadana ongka II ing Onder dhsitrik Bangilan dhistrik Jatiraga.

Mas Suradirja, carik asisten REsidhen ing kantor Tuban kainger dados carik ing dhistrik Jenu.

Raden Prawiradiarja, carik ing kantor algemen kaingser dados carik ingkantor asisten residhen
Raden Tirta susastra, paniti yatra, kaingser dados cariking kantor algemen dene ingkang kakarsakaken anggentosi kalenggahanipun raden Tirtasusastra wau, inggih punika raden Ngabei Tejawinata, pamagang ing kantor ngriku,
Mas Wirya dimeja, pamagang ing dhistrik Sedhan Rembang, kawisudha dados carik ing dhistrik Jatiraga.

Ing nalika dinten Salasa, tanggal kaping 7 wulan April punika, wanci jam tabuh 7 enjing ing kitha ngriki,s ampun anandukaken patrap ukum gantung, dhumateng pasakitan nami 1 Sabidin 2 Singaresa, sami gigriya ing dhusun dhukuh dhestrik Banjar, dene kalepatanipun pasakitan kakalih wau, sampun sami amejahi tiyang nami Karen gigriya ing dhusun ngriku ugi.

Aneh
Kacariyos ing salebeting wulan Maret ingkang nembe kapengker punika, ing dhusun bawah dhestrik Jenu, wonten sawenehing panganten anuju satunggiling dinten bidhal kawinan dhumateng griyanipun mas naip lampahing penganten sapangiringipun sami numpak kapal sasanderan kyai wali tuwin kyai modin ingkang minongka kacucuking lampah, wantunipun tiyang sepuh lampahipun kantun kaponthel-ponthel badhe tumut nyanderaken tumpakanipun ajrih dhawah, enggalipun lampahing panganten sapangiringipun wau sampun dangu dhatengipun wonten ing kanaiban kyai wali tuwin kyuai modin dereng wonten muncul dados mas nabik boten tumunten saged aningkahaken ngentosi dhatengipun kyai wali tuwin modin derng dangu dhateng , kyai modin saking ajrihipun kapaiben mas naib bab randhating lampah, dados saderengipun mas naib andhawahaken panguman-uman pyambakipun sampun angrumiyini srengen dhumateng panganten saparingipun kados ing ngandhap punika.
E panganten taloton desa, modin sarta wali iku rak parlu, lan wajib kok aji-aji, yagene teka kok tinggal nganti kaponthel-ponthel apa aku ki ye kok anggep perpatmu, eh setan belis ing tembe aja mangkono, nahenta dupi panganten miring panguman-umanipun imodin ingkang makaten wau, jajabang mawi ngawinga, kumemedut padoning lati, lajeng ngadeg nyad ngunus dhuwung sebrak kajojohaken ing wadhukipun kyai modin mak jros temahan kyai modin anandhang kanin dhowah-dhowah, sanalika ugi sang panganten lajeng katrubruk dening para pangiring, kacepeng kaladosaken dhumateng parentah, kyia modin anggelangsaran kuthah ludira, sasambat melas asih, ing ngriku kyai modin lajeng kagula wenthah dening prayantun pulisi, sasampuning salesih pamriksanipun lajeng katampekaken dhumateng ahli warisipun kilap gesang pejahipun ing wasana nembe punika kula miren gpawartos bilih kyai modin wau, antawis tigang dinten kaliyan anggening nandhang kanin wau, sampun anemahi pralaya, dhuh memelas temen wondening sang panganten ing mangke sampun kakeker wonten ing gedhong pakunjaran.
Cinaweta: Swipin gigriya ing kampong Baru, nembe punika wanci jam tabuh 11 siyang sampun manggih bilahi kaprajaya sarana dadamel waos dening tiyang cina nami Puhong, gigriya ing kampong watu lumur, let gangsal dinten pun swiping anemahi pejah.

Kala dinten malem Akat angrintenaken tanggalkaping 5 wulan punika, wancijam tabuh 2 dalu, ing dhusun GEsik bawah REh ipun Wadana ing dhestrik Rembes wotnen sawenehing tiyang sampun kadadosan manggih babaya anemahi pejah, jalaran kasanjata dening tiyang dursila, labet ing jaja terus walikat , dalu wau ugi kinten kinten wanci tabuh 5 caket enjing, ing dhusun Saahan bawah Rehipun asisten wadana ing Onder dhistrik Semandhing, dhestrik rembes ugi wonten sawenehing tiyang sampun manggih babaya malih, kabacok tiyang dursil, labet sapanggenan wonten ing bathuk, taksih gesang.

Panyadeyan sarem ing gudhang Sugehwaras (Bojanagara) wiwit tangal 2 dumugi tanggal 31 Maret angsal yatra f 1300 ing gudhang Rengel angsal f 1766,10 sewu pitung atus sawidak nem rupiyah pethak langkung sadasa sen.

Masa punika ing nagari padunungan kula, menggah wontenipun jawah saben dinten taksih ngreceh kemawon pantun cethekan sampun kathah ingkang panen, menggah sawarnining tatedhan ingkang kasade ing peken awit saking kathah wedalipun dados argi mirah, saking kathahipun katela menyok ngantos tanpa regi sukur alkamdulilah, pun kesed,

Pethikan
Pasakitan minggat saking kunjara mantuk dahteng balegriyanipun boten dipun cepeng malih, inggih punika tiyang gadhah sakit ewah 1 nama Dhomati ing kampun gPatireman 2 Edris ing kampugn Kemayoran (Surabaya) minggat saking kunjara mantuk dhateng balegriyanipun lajeng saras.
Ing Amerikah wonten tiyang ewah numpak sepur nanging waunipun boten kasumerepan biih ewah, sareng salebetipun greta api lumampah tiyang ewah punika anedalaken pistul saking kandhutanipun sarta lajeng dipun pistulaken dhateng tiyang sacelaking linggihipun kenging sirahipun pejah boten nedha toya, wontenmalih nyonyah kenging pulung manahiupn kados punapa kemawon ramenipun salebeting kreta, titiyang sami dhelik tumpk wonten salebeting dhingklik lajuran tiyang ewah punika saya bingah manahipun amistuli tiyang sakiwatengning linggihipun kathah ingkang sami kataton kondhektur tansah angungelaken sempritanipun tondha wonten babaya ageng, inggih dipun pistul nanging boten kenging, wusana sahandheging kreta tiyang ewah kenging kacepeng dening para babauing damel.

Prajurit Usar kathah ipun kawandasa kapindhah saking panggenanipun lami dhateng ing Ilsah Lotaringen sarta sampun kadhawahan dhateng pangagengipun bilih enjingipun badhe lareman sareng ing wanci enjing pngageng wau ngungun dene para prajurit Usar nyenyat boten wonten banenipun sareng dipun tuweni saya ngungun malih awit katingal angulasah taksih sami tilem sareng dipun waspaosaken sami katingal cemeng rainipun kenging kukusing gas amargi wadhahipun borot enggal dipun pitulungi prajurit tiga ingkang kalajeng pejah, sadsa ingkang payah boten saged gulawat sanes-sanesipun inggih payah sarta boten saged nyambut damel sadaya sami kalebetakening griya sakit.
==========\==========
Jaka Suwedha, mila kual cariyos bilih pangganggitpun sastragruwedha prabu Panji Suryawasesa, kala wotnen ing swarga, punika naming merit cariyos sampeyan anggenipun nganggit sastragruwenda wau, amarengi taun suryasangkala 1128 utawi ing taun candrasangkala 1154 mongka muksanipun kemawon kala taun suryasangkala 1126 utawi ing taun condrasangkala 1160.
Panjarwa kula bab sandikerata, sampeyan lepataken awit maton sampeyan bak waton kula panginten sampeyan kajeng jati, punika kauningana, waton kula inggih buk malah angiytanipun rising minulnya raden angabei ronggagawarsita, lah kasapundi ta, anggen kula boten gega, dene sadaya kawruhipun rising minulya wau sampun sumrambah ing sajagad tansah dados pangaleman, labuk sampeyan anggitanipun setra kenco, la yak sulaya, sampeyan boten purun jawab pitaken kula, awit mindhak sulaya malih, punika leres dene sampeyan pancen dereng mangretos lo, kula punika naming criyos saleresipun kemawon mengko beca-becu (Jaka Suyatna) upami sampeyan sampun amaos serat widhapradhana saestu lajeng sumerep bedaning taun surya, kaliyan taun condra, sarehing naming tansah sulaya, sampeyan ngajak sewang-sewangan andum wilujeng, kula condong sanget, sampun inggih sampeyan kantun pinarak kula badhe manggihi sadherek kula sepuh ki Parungsari.
Kiraka, pangandika sampeyan bab ngrebab sarta nendhang, kula pesthekaken tanpa damel tumrapipun S.R.D. Jugulkumawwawa, awit upaminipun netah tiyang lempoh, tiwas sayah tanpa tuwas la kas pundit ta, rumiyin pun Jugul wau cariyos bilih ngrebab sarta ngendhang, punika kabekta ingkang dipun tabuh wangsulan kula leres among kula mawi pitaken sareng nabuh kenthongan kok boten ngendhotan pamanggih kula amesthi wotnen wadosipun (Gunakartika) makaten ugi kinabetkten sorah kula, manawi mendhet saking

ngabekten rak boten limrah, wekasan kula dipun kinten saged mungel ngenthongan sarta ngabekten arak rewel mengko di guguyu wiranandana, sumongga kagaliya kiraka, athik wonten tiyang benyunyak-benyunyuk makaten nanging inggih leres tiyang jugul kok nyela-nyela dhateng pasamuwan ing para sarjana, aestunipun inggih gonyak-ganyuk temahan naming dipun gugujeng kemawon pangungun kula dene kasangeten temen anggenipun boten mangretos dahteng suraos mongka serat kula rumiyin cetha wela-wela, parandosipun pun jugul wonten dhamang, dados nglres jaka tetuka anggenipun mastani bekingking tiyang jinisin gjisjis kok badhe gayuh kasagedaning manungsa, la mongsa gaduga, pitakenipun tembung ubarampe boten susah kula jawab malah kula prasetya mugi kaestrenana para sarjana, ngamungna sapisan rumiyin kemawon kula sapocapan kalih pun jugul e bok inggih ngantos menir en anggenipun mungel mongsa kula saurana, awit boten wonten damelipun tiyangsaraseyan ingkang badhe tanpa kaindhakan sarta mindhak camah, la punapa tumon tiyang kula punika boten madhakaken punapa punapa,kok dipun manuk manukaken sumongga kagaliya kaping 2 kiraka, menggah tiyang ingkang makaten punika punapa pantes malebet dhteng pasamuwaning para mardibasa, naningg anggenipun madhahkaken awon dhateng kula, boten kalebet pamikir kula, awit tiyang bakperes kandhane manrangbaya, mria kecut sahuni-unine lo mantheleng sijugul tiyang kula sampun ajrih kok.
Witaradya kaping 3 mamelan Ehe 1820.
==========\====
Sampun kaping pinten pinten kula angemutaken dhaten gpara panjurung, bilih kula boten gurnan dhateng tetembungan wadhag pramila ing tembe biih wonten panjruurng isi tembung makaten wau, punika inggih kula pacakugi, ananging tembung ingkang wadhag wau kula santuni, ingkang kedalipun nalesep ing talingan boten sumegrak,hyah mas tiyang wira ing sastra teka lajeng kenyut dhateng wadhag wadhagan.
Jurungarang.

Ongka 31, Setu Paing kaping 9 Siyam Ehe, 1820 utawi kaping 18April 1891

Surakarta

Kula miring ujar papasaran kilap yektosipun criyos nagari ngriki badhe wontenpranatan sadaya abdi dalem utawi kawula dalem tiyang alit badhe boten kalilan mawi dhuwung ingkang prabotipun dhuwung wau kados ingkang sampun kalampahan ing jaman punika, ah, sokur ta sokur, supados nagari katingala resik sampun wonten tiyang remen dhuwungan pating peteteng, kados satanah kula ing pasisir.

========\========

Nah tiyang ngandhong kathokan tuwin susuran mawi sila,punika badhe kados pundit
Juru gubah.

Inggal punika wonten bongsa ruhur, kapetengan penggalih jalaran kaecalan pangangge ingkang ngantos regi ewonewonan animbali tiyang saget patangan (dhukun) sanggungan ngriku, dhawuhipun bongsa ruhur wau ki dhukun ing ngandikakaken metangi, sinten ingkang mendhet pangangge punika, aturipun ki dhukun sakalangkung gagah bondhak congah, ingkang dipunbatang mendhet barang wau patihipun piyambak bongsa ruhur wau sanadyan sampun berbudi jembar ingkadarman angungkuli labeting para alim sareng miyarsa aturing dhukun benyunyak-benyunyuk makaten bongsa ruhur langkung bramantya, yen ta sampuna pun dhukun rineksa ing luwuripun sart tansah ngobetaken budi kang wicaksana, kados kalamapahan pun dhukun gegek kumandhangipun awit sangking pethekipun tetela naming agahan kimawon amargi nalika kecalan baran gwau, patih punika sadalu boten kesah kesah, ngladosi main wonten ngersanipun, lo mongga ta dayaning dhukun rak badhe ngapusi sarta makandarah ng tiyang kimawon ta, tujunipun angsal gusti ingkang mriksani labeting kawula, yen ta angsala ingkang kiran gpamriksa, arak pun patih mesakaken sanget apes dipun pocot.

====\========

Elo rak inggih sampun sami sumerep manawi para petanganpunika, naming anandukaken ujar pagorohan pinuju pinuju ta mas andekpun….
Juru gubah

Nalika malem Rebo tangggal kaping 6 wulan siyam punika kinten wanci jam 6 ½ anakipun tiyang nama N.N. ing kampong Gajahan kinten ngumur 5 taun ical boten kantenan purugipun dipun padosi ngantos dangu boten kapanggih, wasana sareng wanci jam 9 dalu wonten tiyang cariyos biloih ing kampong Jayatakan wonten rare thenguk-thenguk wonten sapinggir margi ageng karubung tiyang kathah sareng N.N. miring cariyos ingkang makaten wau enggal anggenipun murugi, sadumugining ngriku rare dipun tingali sayektos bilih anakipun lajeng dipun tangledi, o anakku ngger sapa sing ngajak mrene kowe, ananging rare meksa Mendel kemawon wasana lajeng kabekta mantuk lah punika punapa ingkang dipun wastani rare kebekta ing wewe, kilap kadadosanipun.

Wonten sawenehing kaum ing kampong Martakusuman bawah kaparak tengen remenipun kasukan kowah anggigirisi, rinten dalu tansah mbalayan gngupados mengsah, dangu-dangu katandhegan kawonipun ngantos kalampahan sade griyanipun dhel yarta boten nganthongi, griya boten ngenggeni, lah sapunika kasan sangsaya anggening ambeling rinten dalu tansah ngupados pangungsen ngantos dadosaken susahipun para titiyang ing ngriku, manawi badhe gadhah ajal wilujengan kyai kaum dipun padosi ngantos goblegaken panon boten pinanggih, awit boten kantenan pondhokipun lo lalampahan punika punapa boten badhe dados panggagas mongka ing ngatasipun tiyang alit kados kula, kajawi ingkang sampun jompo, temtunipun rak kesah ngupados pangupajiwa, sarana glidhig saha padamelan sanes-sanesipun pangkatipun terkadhang jalem siyang-siyangipun jam wolu, mantukipun ngantos jam nem sonten mila manawi gadhah ajad kedah dipun enjingi, mongka ngundan gkaum terkdahng ngantos kalih jam dereng pinanggih, lah badhe sapinten ta susahipun ingkang gadhah ajad sarta ingkang ngepang, ngantos pating tharetrhuk ngadhep gumuk suwe ora muluk iyah kongsi ngolod-dolod para ngepang, wasana laboring dhaten gprayantun ingkang kawogan.
Katandhan Iman JInarag.

=====\==========
Elo kadospundi tam as kapala kampong, punapa sampeyan boten uninga dhateng lalampahan punika, teka boten dipun saruwe neh, pancenipun rak sampeyan ingkang kawogan amranata tentreming pakampungan dene bilih wonten pakewedipun rak inggih kenging angatas ingkang manjuluk babar pindho ta, aliya punika punapa boten keningg angundang kaum sanes kampung, dangu-dangu inggih pakepel waton rukun nun.
Juru ngarang

Pethikan
Gunaning patitis panyelehipun padalingsa.
Para dhirektur ingkang dhateng ing pamulangan andadar kasagedanipun para murid punika pitakenipun ingkang angel-angel.
Lalabuhanipun dhirektur ingkang makaten wau para guru kiran grena manahipun amargi para muridipun boten wonten ingkang saged amangsuli pitakenipun dhirektur.
Makatenpunika sampun wonten inakng kalampahan dhirektur dhaeng ingpamulangan X andadaaar kasagedanipun para murid boten wonten murid ingkang saged amangsuli pitakenipun dhirektur, saantukipun dhirektur, wonten satunggaling murid ingkang wicantensemu muring-muring, kepriye karsane dhirektur pitakon prakara sing ora kaprah, kang mangkono iku kena ingaranan kaya pitakone dho gemblung, mangkono maneh guru ku teka anguja bae marang pitakon ora kaprah mau, dadi kena ing ngaranan maneh yen dhirektur iku karya dede kebo.
Tuwan guru inggih miring wicantening murin dipun wau, nanging kendel kemawon ing batos anyel dhaten gpara muridipun dene boten wonten satunggal tunggala ingkang saged amangsuli pitakening dhirektur.
Sanesipun dinten tuwan guru tampi serat saking tuwan dhirektur, ijemanipun tuwan dhirektur badhe dhateng malih ing pamulangan andumugekaken pandadaring kasagedanipun para murid guru wicanten dhateng para muridipun wau, e bocah bocah kabeh, besuk dina senen esuk kebo utawa dhirektur kae arep bali mrene maneh, bakal tan dadar kapinteramu kayak an gwis, kangiku dipadha ngati-ati aja nganti lali marang sabarng piwulangku, kang wis padha koru ngupad padha elingeling ngendi bange
Wicantening guru dhateng para muridipun wau: amadhakaken maesa dhateng dhirektur, punika tular tumular, para murid sai sanjang dhaeng titiyang sepuhipun paribasaniun wonten sadawandawanane lurung ijeh dawa cangkem para osan punika dumugi dhirektur, bilih dipun awon wawon guru, mila badhe wangsul dhateng pamulangan malih.
Sareng ing dinten Senen dhirektur saestu wangsul daheng pamulangan ing ngriku sampun pepak guru sarta murid dhirektur wicanten dhateng guru,para murid punapa sampun dipun wulang ugeripun nyeret selehipun padalingsa, guru amangsuli sampun dhirektur lajeng damel ukara pasemon ungelipun kados ing ngandhap upnika, guru sekolah ing kihta, anu, wicanten dhirektur puika kados upaminipun maesa, dhirektur wicanten dhateng murid ingkang kawical saged piyambak dipun dhawahi andekeki padalingsa, ugi lajeng dipun leksanani, makaten guru sekolahan ing kitha anu wicantenipun dhirektur punika kados upaminipun maesa.
Direktur sareng sumerep pandekeking padaljngsa murid wau gumujeng, sarta wicanten agus nanging satemene pandokok mu padalingsa iku luput banget ra coba delengen tak dekekane padalingsa, mengko rak dudu aku sing kaya kebo, nanging guru mu dhewe, dhirektur lajeng ambirah padalingsa sarta lajeng dipun dekeki padalinga malih makaten guru sekolahan ing kitha anu, wicantenipun dhirektur punika kados upaminipun maesa.
Menggah dhirektur punika naming amalesipangerang-erangipun guru ingkang ijeman wangsul dhirektur kawrat ing seseratan.
Ing Surabaya wonten saradhadhu mendem kepethuk tuwan tuwan ingkang saweg mlampah-mlampah kaliyan anak bojonipun tuwan wau dipun gebag ing sabet nanging lepat amargidipun tangkis ing teken saradhadhu terus lumajeng, mranguli kusir dhokar ingkang saweg kendel angentosi tuwanipun ingkang nyewa, saweeeg wonten komidhen kusir wau dipun gebag ing pedhan sirahipun lajeng dipun pedhang irungiun ngantos timpal paman kusir anjerit sarosanipun ananging boten saged banter, amargi gruwung dadakan saradhadhu terus lumajeng malih tuwan ingkang nyewa dhokar mitulungi enggal anglapuraken dhaeng pulisi

kilap kadadosanipun antukipun paman kusir bojonipun amesthi pangling, sinten ingkang kecalan irung.

Krawang

Ing dhusunCihidheng girang, dhsitrik Batusirap Pamanukan (Krawang) kabesmen ngantos tapis kathah ing griya cacah wuwung telas 42 lumbung 29 karugiyan naming 2400 rupiyah.

Batawi

Sri Paduka kanjen gtuwan ingkang wicaksana guprenur jendral anetepaken kalepatanipun sayid Ngabdullah bi Ngumar Sanggab sarta Sarib Abu binNgusman alkadri,s ami kapatrapan paukuman pejah, kados ingkang mungel ing serat karampunganipun Landrad ing Pontiyanak sarta ingkang sampun katetepaken ing Pangadilan luhur.

Pulisi andhawuhaken pamacak dhateng Cina sade minuman keras eceran boten kalilan asideya minumanipun malih dhateng sadherngah tiyang, amargi pulisi mentas kepethuk tuwan tuwan mendem ngantos adamel sumelanging kathah, sasampunipun papacak punika kadhawuhaken kamireng dening tuwan tuwan wau pulisi lajeng dipun labrag sapunika dados prakawis punika leres pundit.

Wonten tiyang Inggris nama JOrese, sampun misuwur kasugiyanipun ngantos gadhah yatra kathahipun f 10,000000, dipun takeni dening sadherekanipun kados pundit raosipun tiyang gadhah yatra ngantos pinten pinten yuta punika, wangsulanipun salaminipun kula dereng nate angengeti dhateng prakawis punika, nanging sareng sampeyan takeni punika kula lajeng karaos nalika kula teksih nandha papa, sadinten-dinten nyambut damel sarta manawi nedhah tanpa lawuh, nanging panedha kula karaos eca, wangsul sapunika kula boten nate nyambut damel ingkang rekaos sarta panedha kula temtu kaping tiga sadinten utawi lawuhipun tamtu eca, ewadene boten nate ngraosaken eca, dados katranganipun karaos sakeca punika dumunung wonten tiyang ingkang kikirangan awit ingkang tamtu manahipun dipun ayem-ayem piyambak kalihan malih ingkang tarimah ing satitah.

Tiayng sade es puteran saweg dipun tumbasi ing tiyang, dipun undang ing Cina badhe dipun tumbasi, dipun wangsuli mangke, nanging ngantos ragi dangu saweg mara, inggih saking derening rampung anggenipun nyadeni wau, punika pun Cina mutung boten siyos tumbas tukang sade es mangkrak pun Cina dipun gebag ingpikulan sirahipun ngantos medal rah, lah punika baul sami kakon aten.

Cinakakalih numpak dhosadho sewan sareng sampun dumugi jangjiniing udhunipun wonten satunggaling kampung sepi, wicanten punapa tukang dhosadho gadhah susuk kalih rupiyah, amargi yatranipun Inggris ingkang satengah minongka epahanipun tukang dhosadho lajeng angrogoh yatra saking kanthonganipun rasukan dereng ngantos dipun ulungaken dipun rebat dening cina, nanging lepat cina lajeng dipun lokaken lumajeng kacegat kenging kacepeng lajeng kaladosaken dhateng kapala kampung, nanging wonten ing margi brosot lumajeng malih, wegiging si Cina badhe ngampuh numpak dhosadho mawi nedha epahan yatra.

Eyang Ngarab nama S.S. paben kaliyan twuan G prakawis anggenipun metangaken yatra dahteng tuwan Gpun tagih, dipun wangsuli boten purun bayar amargis ampun wonten salebeting prakawis sarta prakawis wau sampun dipun sarahaken dhateng apokat eyang Ngarab Bangkrak mampul-mampul tuwan G dipun padhakaken maling, tuwan nebut boten naimah dipun ujar-ujari awon dhateng eyang Ngarab la mindhak wewah prakawisan malih, limrah para eyang Ngarab sugih awa nepsu, amargi sugih potang dhaten gpara putra wayahipun tur putra wayah wau sami ajrih asih sarta sumungkem suprandosipun tansah dipun bengisi kemawon sapunika ketanggor bongsa Eropah.

Ing Kamauraska sit kanandhahan tanah Amerika, Kamauraska Zuid Canada Amerika titiyang amanggih redi ingkang selanipun bening kados gelas sela punika amigunani sanget kenging kadamel gelas ingkang sakalangkung alus ing pandugi isiining jagad kados naming ing Amerikah piyambak ingkang wonten redinipun tuwuh selanipun bening.

Tuwan Whito gigriya ing Setockh II tanah Enggris sampun ngumur 72 taun tuwan Whito wau tansah sasakiten kemawon malah ngantos lumpuh, sapunika sakit wudunen wonten sirahipun kiwa, saya lami saya katingal ageng, nanging boten saged mecah, malah atos kados watu, wusana thikil balungipun balung wau mindhak dinten mindhak aeng, sapunika sami kaliyan sunguning maenad, dhapuripun balekuk inggih kados sunguning maenda.

Sapunika sirahipun tengen kraos sakit kados badhewudunen malih, pangintenipun titiyang kathah, manawi tuwan Wit panjang ngumuripun amesthi badhe tuwuh sungunipun malih timbanganipun ingkang sampun katingal.
Awit saking punika tuwin wit dados titingalaning kathah sarta para dhokter sami amrelokaken tumut aningali, para tiyang kathah ingkang sami welas nyukani yatra sakadaripun anjalari kacekapanipun semahipun tuwan wit.
Ing serat suluh pangajar wonten tiyang pitaken bedanipun tembung ing ngandhap punika.
Tiyang dhusun Kebonsari
Tiyang ing dhusun Kebonsari
Tiyang dhusun ing kebonsari

Pitaken wau sampun wonten ingkang suka katranan kados ingngandhappunika tiyang dhusun kebonsari, tegesipun tiyang ingkang asli saha kalairanipun ing dhusun kebonsari.
Tiyang ing dhusun Kebonsari, tegesipun tiayng ingkang gigriya ing dhusun Kebonsari asalipun saking nagari utawi saking sanes dhusun punika boten kacariyos ugeripun anggenipun gigriya wonten ing ngriku.
Tiyang dhusun ing kebonsari, tegesipun tiyang dhusun saking ing pundit-pundi, gigriya wonten ing dhusun Kebonsari.
Awit sakin gpunika para wiraning bramartani, mugi kaparenga aparing katrangan pitaken punika punapa sampun leres kados pratelan wau, punapa taksih wonten nalisiripun menggah ing pamangih kula piyambak manah kula teka taksih mangu-mangu, wusana malah saya putek boten wonten wewenganipun malih, mila kula sumanggakaken para wiraning bramartani, supados kula karantabana saserepan sakin gsakedhik
Jurungarang.

Paris
Tuwan Bake juragan ageng ingak9itha Paris miruda ambekta sambutan kiran glangkung 20 yuta rupiyah, potangipun ingkang katilar naming wonten 1 ½ yuta rupiyah, kados pundit angsalipun nyambut ngantos samanten kathahipun kadospunika amargi saking lembating budinipun boten wonten antawisipun pisan bilih badhe alampah palacidra, ing dalem gangsal taun ingkang kapengker tuwan bake anandukaken kalakuan sarta ambek utami, lampahing saremenan tetep mila kados lampahing sulung titiyang sugih, sami rebatan anitipaken yatranipun supados kalampahaken sageda angsal sareman mirudani pun tuwan bake anuwuhaken kapitunanipun titiyang ewon ingkang pinanggih ibukipun titiyang sugih ingkang sami nyambut tuwin nyambutaken wonten 17700 tuwan bake atamtu sampun santun nami, eh tuwan teka tega temen sampeyan.
Titiyang Cina ingkang sami nyambut damel wotnen salebeting kapal enggris nama Monuthshire ingkang labuh wonten ing ambureh, samisoroh amuk kalayan dadamel lading rawut sarta tugelan wesi ingkang pinanggih salebeting kapal kathah titiyang ingkang sami kataton kendelipuns areng kadhatengan pulisi rundha.
Ing kitha Gama tiyang mentas amangih pendheman arta salaka lami, kathahipun 2000 kados nalika kumencranging yatra kenging pacul tiyang wau amesthi mesem.
=====\=========================
mas Juru pawartos ing Yogyakarta,sampeyan rak kula titeni bilih anggen sampeyan kintun panjurung awis-awis sarta naming sakedhik sepening kabar kintun pethikan inggih boten punika anelakakenbilih naming sampeyan damel awon ngangur kemawon mila manawi boten netepi ing kasagahan samp[eyan badhe kula suwuk pangintuning kabar bramartani, pepenget punika inggih tumanduk dhumaten gsanes-sanesipun juru pawarta, hyah kasangeten mas
Jurungarang.
==========\==========
Panuwun
Sakalangkung ingpnauwun kula, bab dedukanipun panjenenganipun tuwan juru ngarang ingkang dhumawuh dhateng kula, nanging kauningana, mila kula purun aken dhateng cat katon supados amagangastuten rumiyin punika kula naming anglestantunaken saking cariyosipun cat katon piyambak ingkang sampun kamot wonten ing Bramartani ongak 18

makaten ingkang punika, manawi atur wangsulan kula wau dereng angemperi, inggih among kalilanana kula maganggastuten rumiyin.
Mila saking pamanggihkula, kula wau boten angering-erang dhateng pun cat katon dene dhawuhipun tuwan jurungarang kula esthi salebeting manah, ing tembe kula badhe boten ngetrapaken tembung pangerang erang.
Kaping 1/2-0/9/jaka Suyatna.
==========\==========

Wangsulan cekak dhateng Jaka Sasana

1. ingkang dipunwastani, sastraguwa, tegesipun esong, dene pecahipun dados 8 prakawis
2. Ingkang dipun wastani sastragahana, tegesipun jurang, dene pecahipun dados 6 prakawis nanging sarehning boten sampeyan pitakekaken dados kula boten susah mratelalkaken lugu I anggen kula nedhak buklo (kantheya) dene bab godho tuwin toya ingkang picak budheg bisu, kula aturaken wangsul mugi sampun dados galih sampeyan awit kula dereng suserep. Panedhanipun pangapura jaka Clunthang, dhateng kula ngantos rambah kaping 9 punika ing sal sampun kula paringaken sarta kula sampun badhe boten ngucap angrasani, ing donya rawuh ngakerat

Kaping 3/20/9. jaka Suweda.

Ongka 32 Slasa Kliwon kaping 12 siyam Ehe 1820,utawi kaping 21 April 1891

Surakarta

Mas Theng. Ing kampung Wi, kerep paben liyan semahipun saben paben lajeng dados pegatan nanging boten ngantos wulanan lajeng antuk-antukan malih, anggenipun pepegatans ampun rambah kaping tiga, sareng antuk antukan ingkang wekasan boten mawi nikahan malih sanadyan sumedyaningkahan kyai kaum badhe boten saged mituruti, amargi anggenipun pegatan sampun rambah kaping tiga rentah talakipun tiga, ing sarak kengingipun wangsulan kedah mawi kaeletan wusana anggenipun antuk-antukan peteng mas theng wau, kadengangan dening babau pulisi, mas theng, jaler estri lajeng katukup kilap kadadosanipun nanging katingalipun lajeng sidhem pramanem kados wonten baling anggereis

Juruwarta

Sanadyan punika dereng dumuginipun ing malem 21 nanging sampun kathah rare angungelaken mucon, dhuh para kawogan pryogi lajeng angenget na dhateng rare ingakng sami mreconan wau, awitpunika sampun dungkap mongsa katiga, manawi mancelat dhateng ing payon bokmanawi saged angwontenaken babaya griya kabesmen.

Wiwit wulan ruwah dumuginipun siyam punika, waradin ing pakampungan pundit-pundi kathah rare sami ginanjar sakit gabagen padunungan jkula ing kampung Ngadikusuman salebetipun kalih dinten rare 4 ingkang pejah kenging sakit wau, mila pepenget kula dhateng titiyang ingakng anakipun sami ginanjar sakit gabagen ingakng ngantos-atos punapa ingakng dados isaratipun sampun nganytos kalepyan mangke anakipun dawek sakit gek….la katiwasan

Jurukabar

Nalika ing dinten REbo tanggal kaping 6 wulan siyampunika, wonten rare namipun Pothet abdi ing Kusumayudan manic wonten ing rawan ler dalem kusumayudan boten antawis dangu angsal ulam kutuk, lajeng dhawahken pancing malih, angsal tikus kalangkung ageng, tikus wau lajeng nyander nyakot kempolipun pun POthet rare pejah ngenggen kancanipun rare nami sariman sumerep pun Pothet pejah,lajeng tulung-tulung sarta alok alok tikus dipun kepung ing kathah kenging kacepeng, tikuslajeng kapndhut kanjeng pangeran kusumayuda,s arta dipun sengkeri,sareng dalu tikus ical boten kantenan.

Wiwit tanggal kaping 2 siyam ngabei jeneng sampun amasang ting kados adapt saben ing wulan siyam ting wau kadhapur gendrunwo jaler estri agengipun antawis nem tiyang kamanggenaken wonten ing griya suwung mawi gadhah anak taksih rare, dipun apit ing linggihipun wonten tengah, sarta mawi kalenengan dipun gerongi, gendruwo wau mawidipun panganggeni, ingkang estri mawi sengkang sarta rimong plangi, sarehning plangi damelan ing donya, dados naming gatuk kemawon amargi saking agengipun kathah ing tiyang ningali ngantos awon kala malem ngahad kapengker punika kathah ing tiyang ningali ngantos awon kala malem ngahat kapengker punika kathah tiyang ningali kados dipun sekaken ing ngradinan kebak dening kareta andhong, kathah bajingan ingkang mowor wambu, kadospados mamangsan amargis aking suksukan ngantos boten angsal papan ing ngriku wonten balumbanging pun kerep kecemplungan tiyang ingkang sami dhawah kejengkang, wusana lajeng wonten tiyang kerengan rahajeng lajeng saged sapih.

Sapunika ting gendruwo wau sampun kapundhut ing sampeyan dalem kanjen ggusti, badhe kapasang wonten ing ngbet beteng kangge tatingalan benjang maleman sapunika inggih sampun dipun cicil kapasang, mongga sami nicil ningali.

Juruwarti

Sanadyan jawahipun angreceh, suprandosipun sasakit plething dereng saged sirna, ing wulan siyam punika, salebeting capuri kabupaten kaparak kiwa, rare ingakng pejah jalaran sasikat wau, e, mila prayogi ing saben sonten ambesmi ron tanjung, misranipun saged anebihaken sasakit wau, awit kukusipun dados paliyasaning lemut mongka lemut iingkang menstas anesep rahira rare penthingen Manawa nyakot mesthi sakit wau nular, dene sasat dipun cublak.

Tiyang nami W.T.Y. gagriya sawetaning dalem Dayakiswaran (Pranwadana) enggal punika pejah, jalaranipun naming saking anggenipun angop awit baliyut mentas maos, kados punapa kemawon rujiting manah e sanak sadherekipun dene jam 2, dalu taksih maos jam ½ 3 sampun pejah, langkung malih bapa biyungipun renceming manahipun saestu kados dene tumingal rentah ing pradapa, ingakng kadadaka mongsa ing ngama, lah punika wujuding kawula, wontenipun naming apes sinten ta ingkang nyana, dene angop kemawon anjalari pejah, mila sakalangkung pangungun kula, aningali tuwin miring, tiyang ingkang sami ngegungaken sugih singgihipun punapa pangintenipun sugih singgih, punika saged angewahaken tekdir,punika dupara sanget, tiyang jaman samangke, punika manawi ginanjar sugih, utawi daddos priyantun pangraosipun sampun gesang piyambak ora ana kawula lan gusti, iya aku ya gusti, padha bae, arararak ora karu-karuwan.

==========\=========
e mas sampun gerah galih sampeyan ta, sapunika pancen saweg mangsanipun titiyang sami supe Jurugubah.
==========\==========
Ngawi
Ing salebetipun wulan Pebruwari tuwin Maret wonten kalih prakawis pasakitanipun gagnal sami kaukum kisas sadaya, pasakitanipun ingkang kalih saking dhistrik ing Jagaraga, ingkang tiga saking dhistrik ing Dera, dene sadaya pasakitan wau kalepatanipun anema amejahi tiyang, ewadene wasesaing nagari kan ggigirisi wau, dereng montra-montra angendhakaken lampahipng kadurjanan utawi minongka tuladanipun para ambeg arda, cihnanipun ingmkangke sampun wontenmalih prakawis raja pejah, inggih punika ing dhistrik Dera, menggah gancaripunmakaten ing nalika tanggal ping 12 Maret kapngker tiyagn wsta Karya semita kamisepuh dhusun Tetek ical boten kantenanpurugipun pratelanipun bekel ing dhusun ngriku, dipun kinten kesah galidhig dhumateng Kadhiri, ananging pratelaning bekel makaten wau sami kamanah anyengkleng, saha para kadangipun sami gadhahpanarka, bilih karya semita dipun pejahi ing tiyang, panarka teka anyeplesi sanget tumuwuh ingkawicaksananipun pulisi dhistrik ing Dera, ing nalika tanggal kaping 11 April punika, pun Karya semita pinanggih sampun pejah, sarta kapendhem ing sangandhaping gampeng pinggir lepens ajawining dhusun saha kacihna bilih dipun kaniaya ing tiyyanbg, awit guluh tangan miwah suku mawi kaerut dhadhung, dene sanalika ugi sampun angsal katerangan mawi nyepeng tiyang tiga ingakgn katarka sampun sami amejahi pun karya semita wau, 1 nami iradikrama, inggihpunika bekelipun piyambak ing dhusun tetek 2 sanameja, 3 sadrana, sami kuli ing dhusun ngriku ugi, saha pasakitan katur ing nagari, makaten ugi awit saking pratitisipun ingkang mariksa prakawis punika, inggih sampu nsami ngaken balaka kalepatanipun sampun mejahi pun karyasemita, wanci dalu wonten ing griyanipun sakitan ongka 1 , sarana rumiyin kalebetan kacubung dipun wor ing sambel sareng sampun mendem lajeng kajiret jangganipun ngantospejah, bangke sami kagotong saha lajeng kapendhem ing panggenan pinanggihipun wau, wondene jalaranipun pun karya semita dinalih ngremeni rayatipun sakitan, ongka 1 sarta dipun kinten sumedya anggugataken ing nagari, dahteng sadaya lalampahanipun bekel (sakitan ongka 1) ingakng nerakw aler pranataning nagari.
Ing salebetipun wulan Pebruwari kapengekr punika, ing bawah dhistrik gendhingan ugi wonten satunggal tiyagn wasta Praya dongsa, dhusun Karanganyar, ing wanci dalu pejah dipun sanjata deign durbrata saking sajawininpun griya, ing mangke pulisi sampun angsal eler saha sampun anyepeng tiyang satunggal anami diprakrama, ananign dereng tetela kalepatanipun sartakapriksa taksih kumbi.
Aliya saking punika wonten malih, ing salebetipun wulan maret kapengker punika ugi, sawenehing tiyagn bawah dhistrik ing Dera, kapanggih sampun pejah wonten salebeting gubug pasabinan labet dipun prajaya ananging sapriki dereng angsal katerangan
Katandhan
Jakaprasaja.

Pethikan
Propesor MIlneEdwards ing kitha Paris pados saserepan sato punapa ingkang saged ana andayaning ngasrep punika sampun dipun nyatakaken naming buron kancil ingkang tahan piyambak dhaten gdayaning ngasrep buron kancil wau dipun kum ing toya kenthel es ngantos sadalu, sareng dipun entas boten wonten antawisipun asrep malah panas ing awakipun naming suda sawatawis dene kakuwatanipun maenad gembel utawi domba kalebet ongka 2, maenad jawi ongka 3 babi ongka 4, sgawon boten kuwawi ing ngasrep langkung malih kapal
Cara-caranipu ing kadhaton Oeganda sarta Oenjoro ing tanah Aprikah, sami angingah tiyang estri ingakng kadamel lema, miturut lalabuhanipun lampahan kina, menggah tiyagn estri lema wau minongka pratondha kabegjan sarta kamulyan ageng, saha ing ngatasipun raja ingkang kagungan garwa lema, punika kaangep utami, menggah dadosipun lema tiyang estri wau mawi dipun sukani tatedhan ingkang saged anyaburaken awak saya lami saya mindhak lema katingal mumpluk-mumpluk yen sampun andados boten saged lumampah namun gbrangkang kemawon.
Mayor Casati ingkang nyariyosaken prakawispunika, sampun yiptati piyambak sumerep tiyang estri lemalinggih wonten ngamben dipun pigul ing tiyang ageng inggil gotong sakawan kasowanaken ing ngarsanipun sang prabu, pipinipun tiaygn estri punika katingal mumplug-mumplug mripatipun ngnatos boten katingal.

Mas ngabei nitpura, kampung Pajeksan (Ngayogyakarta) ketamuwan tiyang ingkang dereng nate sumerep nama griyanipun tamu wau ngaken taksih kalebet santananipun sarta nyariyosaken urut urutanipun saking pratitising wicantenipun tamu, Mas ngabei nitipura pitados sarta sae pitepangipun tamu wau lajeng sipeng, sareng enjing katingal boten wonten anakipun jaler ingkng sawek ngumur 3

taun inggih katingal boten wonten dipun padosi mrika-mriki meksa boten saged pinagih, ingpandugi amesthi kabekta minggad dening tamu wau, lajeng dipun lacak purugipun sarta kalapuraken dahteng pulisi nanging dereng angsal lari, iba rujiting manahipun tiyang kecalan anak punika ngungkuli tiyang kepejahan.

========\==========

Bab gesehing waton supados kagaliya dening para saged.

Kula maos bramartaniongka 27 wonten wangsulanipun jakalengkawa dhaeng jaka suweda, anyulayani bab wontenipun sastragruweda, awit watonipun jaka suweda, panganggitpun sastragruwenda kala taun surya sangkala, 1128 utawi ing taun condrasangkala, 1154 watonipun jakalengkawa, muksanipun prabu panji suryawasesa kala taun suryasangkala, 1126 utawi ing taun condrasangkala, 1160. manawi kula pirit saking punika leres jakalengkawa, Prabu Panji Surya wasesa sampun seda.

Jaka Suwedha Jakalengkawa, mugi sampun dados galih sampeyan kula kalilana mratelakaken waton kula piyambak ing ngandhap punika.

Jumenengipun prabu Panji Suryawasesa, ing Janggala Manik punika kala taun surya sangkala 1118 utawi ing taun condrasangkala 1144, dumuginipun ing taun suryasangkala 1128, utai ing taun condrasangkala, 1154, lajegn angawontenaken sastragruwenda, ingakng kadhawuhan nganggit empu Wiratma, cundhuk kaliyan watonipun jaka suwedha, dumuginipun ing taun surya sangkala 1135, utawi ing taun condrasangkala 1161,prabu Panji Suryawasesa seda, kang mongka waton kula punika inggih wonten cirri asmanipun sami nulya raden ngabei Ronggawarsita.

Jaka Sasana, kados pundit anggen sampeyan nyukani panarimah dhateng jakasuwedha, ingkang sampun kamot wonten bramartani ongak 29, punika punapa sampun leres saestu, punapa blondrongan kemawon biilih sampun leres dados kula kantun nyamanggakaken para saged menggah watonipun tiyang 3, punika kaliyan watonipun tiyang 1 kekah ingkang pundit, arak inggih mangkaten ta jaka clunthang, sokur sampeyan karsa mudhoni rembag punika.

Ing kampug nTruna Suran kaping 11 siyam ehe, ongka 1820.

Kula pun Dhadhab Narantaka.

=========\==========

Patakenipun Jaka sasana, bab godong tuwin toya ingkang dipunwastani picak budheg bisu, punika rehning kula naming nular cacriyosan manawi lepat panjarwa kula ingngandhap punika mugi sampun dados panggalih.

SAdhegnah godong ingkang sami taksih wonten nguwit ignkang mangkurep dipun wastani picak ingkang boten ebah dening angina dipun wastani budheg ingakng luminting sanesing pupus dipunwastani bisu.

Dene toya ingkang dipunw astani picak budheg bisu punika, kados ta tiyang mendhet toya dahteng genthong, panyidhukipun mungkur sarta megeng napas boten wicanten punika ingkang dipunw astani banyu tuli, wasana leres lepat kula sumongga jaka sasana

Pun Jaka busuk.

=========\==========

Katur para wiraning Bramartani

Sarehning pambudi kula piyambak boten saged gadug pados paguron boten saged angsal mila kula sumangaken para marsudi kasusastran bedaning panyeratipun tembang ing ngandhap punika.

Lawane saking lingga lawa
Lawane sakin glingga lawan
Wajane saking lingga waja,
Wajane saking lingga wajan
Jarane saking lingga jara
Jarane saking lingga jaran
Damine daminipun saking lingga dami
Sapune sapunipun saking lingsa sapu
Tapene tapenipun sakiing lingga tape
Kalone kalonipun saking lingga kalo

Panyerating panambangipun ne.

Punika mawi kagondhel punapa boten witing panambang e dados lintu ne, kados pundit, mugi kagelar na wonten ing bramartani supados sumrambaha ing ngakathah manawi pitaken kula punika saged kasembadan angsal pitedah ingkang anyekapi, kla taksih gadhah simpenan pitaken malih langkungipun saking punika inggih punika

Ki Jaran Panolih.

==========\==========

//i\\ Panglipuring driya kingkin ngluluri kondha utama, dukingkuna caritane, praratu ing nungsajawa, ingkang jumeneng nata, wiwit hyang pramesthi Guru, prapteng nagri Surakarta. Mongka pangiketing rawi, soma manis jam saptenjang, patbelas ing taresmine, lek sapar kapitu mongsa, warse ewu kubala, sancaya sangkalanipun tingaling wong ngesthi tunggal.Nalika sanghyang Presthi, tumurun mring ngarsapada, angejawantah samene, mamayu ayuing jagad mangrampals kalamurka, mongka sudarsaneng laku, duk hyang Guru jenengira. Murwaning jumeneng aji, jujulukireng pamasa, maha dewa budha, katong, nuju ing taun purnama, mongka sangkalanira, suci caturing ngumulun aneneg ing mendhangkamulan. Kilen dupyan tuk nem warsi, ngalih kadhaton sang nata, neng ngrardi mahendra, rane, iyeku lawu ancala, antuk patlikur warsa, muk sanghyang Bathara Guru, putra kang gumanti raja. Lilima sing garwa padmi, prasamya angejawantah, amonca praja dununge, hyang sambo neng mendhangprawa,mendhang giling, hyang brama, sarta asalin jujuluk sang srimaharaja sundha. Hyang Endra jumeenng aji, neng nagri ing Mendhang gana, sarta salin jujuluke, sang srimaharaja, Sakra, Bayuneneg mendhanggora, , sarta asalin jujuluk sang srimaharaja Bima. Jumeengira catur sri, pandhawa sabdane nyata, yeku sangkala titine, dupyan tuk tri dasawarsa, catur srisarengmuksa, hyang siwah wuragilipun mandhireng mendhang siwanda. Julukira sang aji, sang srimaharaja Balwa, sinengkalan duk jeenge, tanpa samaring paningal antuk salawe warsa,mengkrad kang gumanti ratu, rakayang Bathara Brama. Angejawantah ping kalih, neng nagri mendhangsiwanda, jujulukira sang katong, maha raja Budhawaka, aneneg mendhang siwanda, jumeneng antuk rong taun jengkar mongka sangkalanya. Buta kalih niningali, hyang kala jumeeng nata, neng wana tu nulyan arane, sinalin mendhang kamulan julukireng Pamasa, maharaja Beraweku, sangkala taun rembulan. Wiku kjalih mangenjali, dupyan tuk salawe warsa, medrad kang gumanti rajeng, maharatu Budhawaka, jeng karsa king siwanda, mring mendhang gilingsang prabu, sinalin nama inng praja.ARan nagri Gilingwesi, titi jenenging narendra, ningali warsita loro, dupyan tuk tri dasa warsa, mekrad sribudhawaka, ingkang gumanti hyang wisnu, neng nagri Mendhang kamulan. Sinalin aranign nagri, nenggih ingpurwacarita, jujulukira sang katong, maharaja Budha KResna, titi sangkalanira, ningali dana wawerung, daya tuk sadasa warsa. Empu ran bramar kadhali, nimbangi jumeneng nata, neng gilingwesi prajane, sangkala ing adegira,nembah karaseng ngasta, antuk sangangwarsa murud sareng lan sri Budha Kresna. Hyang Rudra Jumeneng aji, neng Gilingwesi nagara, jujuluk ireng pamase, mahaja dewa esa, mongka sangkalanira, dwipandhita awotsantun kawandasa nenem warsa.
Taksih wonten sambetipun.
==========\==========

Ongka 33, Setu Wage kaping 16 Siyam Ehe, 1820, utawi kaping 25 April 1891

Surakarta
Kula ngaturi uninga, dhumaten gpara mtira kula ingkang seneng mlancong dalu, naming bilih dumugi bawah karanganom sampun ngantos kasupen boten mawi upet utawi ting, amargi tuwanignakng anguwasani ing karanganom sapunika arsa biyantu karsanipun nagari, punapa malih lampahing pulisi mamrih tatatentreming padhusunan malah sapunika sampun ndhawah ngencengaken brukuting pager pager, sarta manawi tiyang lumampah langkah jam 8 dalu tanpa upet utawi ting kadhawah anyepeng, punapa dene sadaya bawahipun sami boten kenging ngabotohan Manawa nerak ingkang pangkat bekel minggah kapocot mila sapunika pawartosipun ing kadhistrikan bingah signet dene tuwan ingkang anguwasani karanganombiyantu, dhumaeng karsanipun nagari ngencengaken paparentahan pulisi, bokmanawi sapunika ing karanganom badhe boten raresah kados inga\ kang sampun mantun kathah pandung, kathah ngabotohan
Pun Jaka

Kala padusan Raden Mas panji K Twedhelitnan Jayasura, amengameng nyanjata ngiras badhe siram dhateng umbul mungup dumugi saler dhusun Kepundhu wonten rare angen linggih ing galengan tindakipun raden mas Panji K rare wau boten purun kesah utawi mangarcana, rare lajeng dipun gebagi sarta dipun popoki ing ngendhut kalebet boten ngowel bagusipun ngagem topi elmut rasukan jas kalung cal karset kamalewer, teka angasta endhut la mindhak gupak astanipun wijik dhateng pundit, bok radi dipun candhet awanepsunipun rare wau lajeng mantuk badhe sanjang dhateng bapakipun turut margi atawantangis boten rumaos dosa dipun pisakit raden mas Panji K lajeng dhateng mungup badhe siram boten antawis dangu, rare ingkang mentas dipun gebagi, wau tingal nusul kaliyan bapakipun raden mas Panji tuwuh kanepsonipun malih, rare wau dipun gebagi malih, kaliyan alok tulung-tulung ana wong ngamuk kabaripun raden mas Panji K lajeng lapur dhateng pangagenging pradikan mungup nebut boten narimah, e, e, kados nebut boten narimah amargi gebagi tiyang, kilap kadadosanipun
Juru Warti.

Yogyakarta
Kala dinten Senen kaliwon tanggalkaping 2 /3/91 wanci jam 1 siyang, rama kaji Supiingi ing kampung Kauman P.A. katamuwan Cina ingkang dereng nate tepang, panggenipun boten anguciwani boten watawis dangu pun Cina pitaken dhateng semahipun rama kaji bakyu kowe apa duwe dagangan jarik kangng kodhen sarta kang kalebu becik yen duwe aku arep tuku rong kodhi bae dhisik pira regane, wangsulanipun gadhah, kadadosaning rembag sinjang kaloih kodhi wau pangaosipun Rp 50,- Cina pitaken malih bakyu kowe apa duwe jujul iki dhuwit ku isih wutuh rupa wang kretas rega Rp 200, wangsulanipun ibu kaji ugi gadhah saha lajeng amical arta jujul 150 pun Cina lajeng noogaken petanging arta saha nyaritekaken manawi wonten yatranipun ingkang awon sasampuning salesih, pun Cina anggagapi kanthonging rasukan lajeng katingal malenggong sarta ngunandika, o ketiwasan ane dene dhuwit ku during tak gaa, la gek isih keri ana meja kae, lajeng wicanten dhateng ing ibu kaji makaten wis ta yu kilo dhuwit mu rawatana bae dhisik aku tak mulih baleni dhuwit karo tak ngajak kuli. Tanganipun kaliyan anglempak-nglempakaken arta badhe jujul wau, lajeng nyata angindhar lumajeng sipat buntut kocapa sapengkeripun buntut kuwalikibu kaji lajeng ngetang arta wau badhe kasinggahaken nalilahi rajingun arta punika sampun kalong 4 angggris ibu kaji lajeng anjelih sakayangipun rama kaji sareng miren gpanjeritipun ingkang estri trangginas anututi nanging buntut kuwalik sampun ical lacakipun wusana estu boten saged kapangggih, pamupusipun rama utawi ibu kaji among sukur ingpangeran padune wis ilang.
Nirdeya
=========\=======
Kala ing dinten Kemis pon tangalkaping 9.4.91 ing dhusun Cepengan Jagasutan 9Pangasih) wanci jam 2 wiyang wonten lare jaler pejah, kinten ngumur 14 taun wonten sabin celak

margining kareta latu, kabaripun dipun deres pupunipun dening kancanipun piyambak ing ngajeng kerengan jalaran naw wungu pados ulam loh, lare ingkang damel pejah wau kapriksa ing pulisi ngaken terus terang, boten seja damel pejah naming kacawuk deres pupunipun ingkang tengen kemawon teka lajeng ambrukboten kantos nedha toya, sapunika prakawis sampun wonten kabupaten sarehning pasakitan wau teksih rarte kilap wusananipun.

Kintunan

Deres punika manawiing Yogyakarta lading panderesan kawastanan deres Jurugubah.

=========\=========

Kala malem Rebo wage wanci jam 11, pun Cokris ingkang griya ing kampung Jagalan (Pakualaman) bengok-bengok ngangtos dhateng ngaken tongga tepalihipun saminginten wonten damel ingkang gatos pulisi ingkang bawahaken ing kampung ngriku ugi dhateng, jebul e tiyang ingkang bengok-bengok wau nglindur, lindurane bae bisa nekakake tongga utawa pulisi, mendahnek nemu sangsara ayake kaya petake Jayengrana, bisa gawe klengering uwong, critaning laying menak ika neh

Bauwarta.

Pethikan

Ing Sanfransisco titiyang sampun anyoba pirantos dilah elektresiteit ingkang kalebetaken dhateng sadhasaring toya,mongka panyuluhing ulam saged pikantuk ulam pinten pinten pamendhetipun naming sarana gampil dipun jalani, amargi ulampunika ngalempak dados satunggal angrubung dilah wau, malah sampun kacoba wonten panggenan ingkang boten patos wonten ulamipun suprandosipun inggih taksih saged angsal kathah amargi padhanging dilah wau sumorotipun tebih sanget, kala rumiyin ing batawi sampun wonten ingkang angayoni damel dilah elektrisiteit mongka panyluhoing ulam nanigng boten kalajengaken bokmanawi kirang pikantukipun tumrapipun nagari Batawi.

OIng tanah Eropah wonten tiyang jaler saweg ngumur 27 taun inggilipun sampun 6 kaki, bobotipun 318 kati, karosanipun anggigirisi, kuwawi anjunjung brang kalayan boten ngaya wawrat 4500 pon darijinipun saged angangkat barang wawrat 535 pon.

Tiyang punika tedhanipun dremba sanget ulam inggih kedah kathah, nanging boten gadhah kareman ngombe awis utawi udud sata, ingkang dipun ombe naming mligi toya wantah.

Awit saking punika sinten ingkang sumerep tiyang boten gadhah pakareman kados raden bratasenain gEropah punika, sanadyan raden Bratasena kala dados sawung wonten ing Mandura, inggih mawi ngunjuk saupami wonten sawenehing tiyang saged niru, boten angombe awis boten udud boten ngemud susur, wah boten nye…..trakenco, amesthi awet rosa sarta seger kuwarasan saged anjalari panjanging umuripun serat sanasunu sampun wonten ingkang mungel makaten nora nana wong nye…..tra umure dawa.

Juru madharan utawi kokinipun kangjeng sultan ing Turki,kapatedhan balonja ing dalem sataun 5000 rupiyah.

Singapura

Simbah Benggala pandamelanipun jagi wonten griya kunjaran awis-awis mantuk dhateng griyanipun ingkang estri taksih nem saewarninipun wah sae manahipun punika ingkang dipun kenteng gagriya piyambak kemawon suprandosipun boten ngadhuh ngeses inggih tiyang sae manahipun wau, sumongga ta kagaliha, katamuwan jaka tur bagus lajeng kados sadherek cer kemawon saben saben sipeng wonten ing ngriku ngrencangi tumut tengga griya, tilem anunggil sabantal nanging dipun let-leti guling, wah manawi tilem boten nglilir nglilir, kocapa simbah bengala mantuk saking jagi, pun diwonten jaka punika rasa risi lajeng nyalimpet medal wingking mantuk tanpa pamit upami dipun tarkaha ingkang boten boten rak sewu longka tiyang anggenipun tilem let-letan guling, wah ta boten nglilir-nglilir, punika ingkang estri lajeng kurda mampul-mampul ingkang jaler saweg dhateng dipun krawu ampo, entek ammek kurang golek ungelipun makaten aku jaluk pegat kowe wis kaki kaki ora godag aku ijeh bocah, aku wis ora gurnan ngladeni kowe, ingkang jaler ragi kemuriten sarta sampun ical tresnanipun wangsulanipun ayo melu ha aku tak sih I ana ngarepe pakipa ngulu tiyang

kakalih lajeng sami lumampah, sareng sampun dumugi panggenan kiwa ingkang estri dipun penthung ing teken ngantos klenger, , lajeng dipun iris irungipun, sir, sareng enget irungipun karaos sakit dipun mek meki sampun boten wonten lajeng jerit sarosanipun, nanging sampun bteon patos bantas amargi bindhengan temen ingkang jaler taksih anenggani boten kesah kesah sarta wicanten la, kuwi wujude lah kumegat katresnan ku, ayo ta seba ingparentah nyuwun adil

Prangkrik.
Tiyang estri kaganjar rider saking lesiyun Panher, ingkang sampun kalampahan saweg satunggal inggih punika nonoperini esnuwer, , apaparab Nonah Leyuliserhan.
Kacariyos ing srat babadipun angari Prangkrik kala ing tau 1808. Kakangipn nonah Leyuli katetepake kenigng pandamelaning nagari dados prajurit nanging rumaos boten kuwagang angulahaken dadamel amargi saking ringkihing awakipun nonah Leyuli sanget welas ningali kakangipun lajeng anyamar malih warni jaler sarana angangge sandhanganing prajurit laeng malebet dhateng beteng mawi ambekta serat ampilaning kakangipun kangge panyadhongign dadamel nonah leyuli kalerres tumut ataliyun ongka 27, ingkang dados pangageng colonel yunot boten antawis lami bataliyun ongka 27 kaangsahaken perang mengsah bongsa Portugal colonel Yunot ketaton ngantos pisah saking pabarisan boten talompe nonah Leyulii lajeng mitulungi angupaakara dahteng nolonelipun nanging kadengangan dening mengsah, nonah Leyuli kadhawahan dedamel tatu pundhakipun kiwa, sarta lajeng males mengsahipun litnan kakalih kasenjata pejah sadaya, kapalipun kapendhet lajeng kadamel tumpakanipun colonel dumugiipun ing nagari lajeng kapulasara ing dhokter, namun gleyuli sareng badhe dipun jampeni tatunipun ing pundhak boten purun amargi kepeksa badhe ucul rasukan ananging sarehning prelu kedah ajampenan dening dhokter, mila leyuli lajeng kagrejeg dipun cepengi ing kathah sarta lajeng dipun bikak rasukanipun lukaring rasukan adamel kagetipun para wiraning prajurit
Taruna, amargikawruyan ingkang pindha kumala gumebyar kados banguning kartika badhar dados sajatining wanodya.
Prakawis punika konjuk koningan ing sang prabuu,onah leyuliing ngandikan sowan ingkaraton kairid deing para wadya bala ageng alit mawi pasamiwan ageng samargi-margi asurak surak dumugining ngarsanipun sang prabu, nonah leyuli aganjar ridering bataliyun Panher.

Cikandhi.
Cariyosipun tiyang anyambut sewu dipunpundhati kalayan tilem.
Wonten sawenehing sudagar sugih tuwinsanget anggening ambucal yatra, ananging sadaya kasugihanipun boten awet awit saking sanget anggening ambucal yatra wau dados ing mlaratipun tuwin ngantos katandhegan sambutan kathahipun 1000 rupiyah, dhateng sanesing sudagar, sasampuniipun sugdagar wau dhawah ing kmamlaratan meh saben dinten kemawon dipun tagih dhateng tiyang ingkang anyambutaken, makaten ugi saben saben dipun tagih naming semados kemawon ananging ingkang nagih punika sangsaya sanget ing panagihipun awit ajrih bokmanawi ical yatranipun prasasat meh saben dinten anggenipun nagih, ananging ingkang dipun tagih naming tansah kendel kemawonh tuwin tarocosan luhipun awit sampun bteon sagd ambudi malih, saged dipun angsal yatra sewu rupiyah, kadamel anyaur, anujuing sawenehing dinten sudagar wau gadhah pamanggih ingkang prayogi, lajeng meling dhaeng ingkang estri makaten eh woong wadon saiki aku arep turu, mengko yen ana wong teka nagih poma aja ko gugah, ingkang estri mali inggih prayogi, boten antawis dangu tiyang ingkang nagih dhateng,s arta lajeng pitaken dhateng ingkang estri, raka jandika punapa wonten ingkang estri mangsuli, wonten ananging taksih tilem pun tamu wicanten malih kenging punapa sampun wanci jem sadasa taksih tilem, Ingkang estri mangsuli jalaran kawla wau dalu btten pisan pisan saged tilem pun tamu mangsuli bok inggih cobi sampeyan gugah, ingkang estri mangsuli, o, sampun dados ing panggalih sampeyan kula ajrih yen gugaha, awit kala wau sampun meling dahteng kula, manawi derng tangi piyambak boten suka anggugah, senadyan ta wontena prakawis punapaha kemawon inggih kapurih ngentosi
Taksih wonten sambetipun.

==========\==========

Jaka Suwedh, pratelan sampeyan ing bab pabenipun mitra kula raden Jakalengkawa,kaliyan paman sampeyan upn Jaka Suyatna, leres sadaya, naming wangsulanipun mitra kula, ingkang kawrat ing Bramartani ongka, 17 sampeyan wastani, suwung sajatining kondha, punika kas pundit pamanggih sampeyan mongka ing ngriku ngamot pitedah sae, kados ta, paman sampeyan dipun purih ajar maos punika boten lepat ingpamurih, awit dereng saged nyerat mawi gatra, dumugi saukara, lungi, lan dereng saged nyerat murit nyigeg da, ananging nyigeg ta, makaten malih, anggenipun paman sampeyan madhakaken beyo sarta jalak boten sampeyan pratelakaken mongkapunika tunggilipun bab cina nagih, kawrat ing wangsulan inakgn kapacaking Bramartani,ongka 13, dene anggenipun mitra kula madhakaken wedhus sarta cina gundhulan punika naming sumerep malesi kemawon kadosta, dipun padhakaken beyo jalak males madhakaken wedhus dipun padhakaken cina nagih, males madhakaken cina gundhulan, anggen sampeyan wastani suwung sajatining kondha punika dados kados jaka clunthang, mastani seratipun cekel endralaya cempung gajegipun inggih sampeyan mangsuli, ta, punapa ateka sampeyan tiru, nanging kula ajrih mastani, bilih sampeyan boten mangretos dhateng suraos.Jaka Suwendha, pitaken kula tembung pangdulen pangaloren sapanunggilanipun wangsulans ampeyankula kaliyan sampeyan malih sageda dungkap awit punika saweg dipun pungser para marsudi kasustran dereng pinanggih wadosipun o la kas pundit,mongka mitra kula, kula tangggel mesthi saged amaringi katrangan dados punapa raden jaka lengkawa punika sanginggiling tiyang marudi kasusastran manawi merit ciriyos sampeyan wau, nangg panginten kula boten makaten naming kados kados para marsudi kasusatran ingkang sampeyan cariyosaken wau, sami sempug panggraitanpun e inggih sukur sewu wolungaytus kalih dasa (Jaka Suyatna) awit leres anggen kula ngalemsaged dhateng mitra kula.

Jaka Suwedha, pameksa sampeyan supados kula anjarwanana bab bedaning tiyang rucah kaliyan tiyang enggel sarehning sampeyan peksa, sasaged saged inggih kula turuti.

Tiyang Enggel kaliyan tiyang rucah, punika boten wonten bedanipun nanging ugi beda, kadosta, sampeyan kaliyan rencang sampeyan punika wujud sarta pratingkahipun sami, bedanipun sampeyan buyut dalem rencang sampeyan buyutipun pun karma, mengke sampeyan wangsuli, lo rak bagus aku karo si thesel, manawi sampeyan dereng dhamang, kula terangaken malih, wujud punika saranduing badan kadosta, netra,kapala, lidhah, irung, sapanungilanipun, pratingkah,punika, kadosta, nedha, tilem sene, bubuwang, sapanunggilanipun.

Jaka Suwedha, panyerat sampeyan piyambakipun badhe kula ewahi piyambakipun nanging kula sumelang,manawi sampeyanbeca-becu, (Jasuyatna) ping 2 dene sasat madhakaken dereng saged nyerat nanging bilih naming sasat kemawon rak kenging, ta, makaten malih sampeyan badhe kula wastani, dereng saged nyerat mawi gatra,nanging kok sasat ping 2 wa pijer sasat bae aku kineh sasat amanceni paiting butra wali, awit boten wonten lepen ingkang mili manginggil ingkang temtu mangandhap ngretos, mila boten siyos kemawon.

Ing Giridaksi kaping 21 Saban Ehe, 1820, mitraning Sajakalengkaama

Wiranandana.

==========\==========

Mekrad kang sumilih aji, putra ji saking Dayita, raden Pakukuhan rane, mandhireng purwa carita, julikireng pamasa, mahraja kano ing dangu, titi adeging narendra.Angesthi pati ing geni, mukswantuk tridasa warsa, ginantyan putra mantune, nama Prabu Kandhiyawa, aneneg purwa carita, sareng lan jumenengipun rinata kanoha nama. Heryana rudranarrpati, neng gilingwesi kukutha, dwi nata duk jumenenge, nuju ing taun rembulan ngesthi sucining nala, desrikandhiyawa antuk satur warsa prapteng seda. Hernarudranarpati, antuk tridasasdha muksa, dene kang sumanti rajeng, putra nya srikandhiyawa, nama Raden Respatya, neng mendhanggele dumunung, sinalin mendhang kamulan. Jujulukireng narpati,mahaprabu Palendriya, mongka sangkala adage, sujanma mring ngardibrama, antuk dri dasawarsa,muksa, kang sumilih prabu, maharaja sitawaka. Jumeenng neng Gilingwesi, gumanti karatonira, Heryanarudra sang katong nalika taun rembulan pandhawa ngesthi guna, dupyan tuk sat warsa murud dene kang jumeneng nata. Jujuluk sriselaardi, neng gilingwesi nagara,

anggenteni karatone, mahaprabu Sitawaka, mongka sangkalanira, sujanma kalebeng latu, antuk tigang dasa sanga. Warsa sedasribupati, hyang wisgnu jumeneg nata, kukuthaneng mendhanggele, gumantya sang palendriya, julukire pamasa, prabu Setmata ing dangu, titi adadeging narendra. Tumontoning gapura pra dupi antuk wonlungwarsa, pan linusur karatone, hyang Wisnu nulya malawan tan lami tan taranya, jumeenng malih hyang Wisnu, nen gmendhan ggele nagara. Nama prabu Wisnupati, sareng lan jumenengira, hyang Brama mongka silihe gilingwesi nagara, jujuluk Bramaraja, sangkalanira dwiprabu…tingaling samodra. Dupyantuk tridasa siki, warsa srikalih amuksa, sarta sumeleh kaprabon sribramaraja putranya, nata bramanaraja, akukutha sang aprabu, neng gilingwesi nagara. Putranya sriwisnu pati, kakalih jumeeng nata, raden srigati mbajenge, madnhireng mendhangkamulan srimagunggung juluknya, ingkang nem jumeneng ratu, aneng wiratha srinata.

Nama Prabu Basurata, dwinata jenengireki, sujanma lima caturnya, bramanarajanarpati, antuk salawe warsi, prabu Basurata antuk nenggih tridasa sapta, sami muksa sri bupati putranira prabu watugunung nama. Srimaharaja Sindhula, jumeneng nata neng nagri, mendhang Galungan sangkala, tanpa obah kan jaladri, antuk limalas warsi, muksa wau sang aprabu, putra gumantya nata, cingkara dewa, narpati, mehdnag galung ingelih mendhang kamulan.

Takwih wonten sambetipun.

Ongka 34, Salasa Paing kaping 19 nSiyam Ehe, 1820 utawi kaping 28 April 1891

Surakarta
Spaarbank boewat orang djawa di Modjowarno
REportan taoen 1890 (taoen kedhoewa)
Sampe pengabisan taoen 1889 soedah dimasokken f 4789.85,-
Dalem daoen 1890 dimasokken f 6239.48
Dalem taoen 1890 diambil kombali f 2367.83 f 3871.65
==========
goenggoeng 8661.50
rente dalam taoen 1890 f 342.30
dipotong boewat reserve fonds (art,14). 79.80
djadi dibagi pada jan simpen doewit dalam bank f 262.50
tinggal dalem bank pengabisan taoen 1890 8924
Pada pengabisan taoen 1890 ada 115 orang simpen doewit di bank tertimbang sama taoen 1889 ada tambah 64 orang atawa 100 % lebih.
Masoeknja doewit dalem taoen 1890 sama dalem taoen 1889 ada lebih f 1341.23
Diambil kombali lebih dalam taoen 1890 sama dalam taoen 1889 ada f 2167.83 tapi bolehnja orang ambil kombali dia poenja doewit bagitor banjak, ja itor tandanja memang ini spaarbank soeda djalan samaestinja. Orang njang simpen doewitnja dalem spaarbank tida rentenja jan gdipikir, sebab boewat adapt djawa rentenja spaarbank sedikit sekali.
Engetanja tjoema djangan sampe doeweitnja dimakan. Bagiotor djoega temponja banjak doewit dimasoekkan di dalem spaarbank kalau tempo kethjeklik kalu tempo panen temponja banjak doewit diminta kombali, maonja bowat modal dagang (padi)
Sari sebab jang terseboet di atas kita orang kira boleh ditemtoeken jang ini spaarbanksoeda djadi dan tepake sekali boewat orang djawa. Kapitaal ketjil tidak lantas ilang sadja dan lama lama orang djawa boleh adjar simpen doewit jang tida perloe di makan.
Djoega soedah ada orang sator doewa jang masoekken doewit pake namanja dia poenja anak, djadi jang simpen doewit boewat ana itoe.
Dari sebab segala renten wektoe sekarang banjak toeroen, bestuurnja spaarbank owak bolehnja reken rentenja spaarbank. (Owahan Reglement ini soedah di idinni kanjeng Gouvernement dengan besluit 14 januari 1891 No.15 dan soedah di kabarken soerat soerat kabar) Dari itoe sekarang soedah oleh kasih renten koerang darai 4% satoe taoen.
Tapi jang ditinggalken doewitnja teroes sapapen dalam spaarbank boleh djadi dapet renten lebih dari katamtoewanja.
Bestuurnja spaarbank ini teroes minta toeloeng pada sapa saadja boewat kasih inget dan mengerti pada orang djawa dari maoenja dan perloenja bankini Kalau ada jang kepingin dapet karngan lebi ppandjang toewan directeur di Modjowarno dengan segala soeka ati maoe kasih katrangan itor.
Modhowwarno 15 April 1891 Bestuurnja spaarbank

A. Kruyt Directeur
B. H.E.Steinmets
C. Kromo Djojo Adinegoro
D. H.Van Vleuten

Ketiganya KOmisaris.
Wradinan salebeting nagari Surakarta waradi nama Kopen sedaya, kiriyan lampah ing toya ingkang anugel tanggul kaangkah godhagipun boten wonten toya jawah ingkang kendel ingkang amargi kepepetan barang sanesipun makaten malih tandhon krikil ing pundit-pundi cumepak wonten tepinin gmargi ageng, gampil pamendhetipun namun gpunthuking tanggul saupami dipun leteraken mayat kados margi ageng ing mesen saestu amikantuki, sapisan angsal polatan kaping kalih angel jugrugipun kaping tiga gampil panggarapipun wonten malih ingkang kiran gangresepaken paningal inggih punika deling ori i9ngknag katanem sacelaking tepininpun margi ageng, punika naming tansah adamel risaks arta godhongipun angregedi margi, mila saupami saged kaleksanan sirnaning deling ori, sarta karsa anyulami pethetan

asem ingkang sampun sepuh utawi ingkang tuwuhipun kiran gsae, saestu anambahi senening praja.
Ing kampong Ngadikusuman pinten-pinten lare sami dolanan bedhilan ingkang kadamel wuluhing patruman angsal ingpatruman wau wartosipun tumbas saking klithikan ing peken Pon nanging sapunika sampun boten wonten ingkang saede patruman malih, menggah bedhilan wau dipun iseni obat saking obat mrecon utawi long dipun kalothoki, mawi dipun iseni gotri utawi krikil dipun sanjatakaken ing sagawon utawi ayam sayektos adamel sumelang ageng, mananwi angengingi tiyang utawi ambesmi griya, lare lare wau dipun emutaken boten kenging lajeng ngaalih panggenan pating salebar, prayantun pulisi ingkang bawahaken manawi sampun buka bokinggih karsa nyaruwe, bilih boten angsal patruman ingkang sampun dipun angge uwuluh bedhilan saking sadasa, kula sampun sampeyan dukani, tetgesipun kagega sokur, boten ingih sampun rujak kintunan saksseneng sampeyan.
Rancaging panggarpipun prakawis kadurjanan sarta para paben ing pangadilan dalem pranata ageng, kenging tinulad dening para pradata kabupaten ingkang makaten punika boten sanes naming saking taberinipun panjenengan dalem kanjeng raden adipati, angulatulataken saliring prakawis ingkang kawajibaken dhateng para kawogan naming pangadilan ing Surambi dalem bab talak waris wasiyat taksih dhedhel kemawon ing kang rancag naming bab salakirabi, pegat dhel mancal glimpang, ningkah krumpyuung wang sarakah.
Ki Jaran Panolih.

Kendhal

Ing dhusun Meteseh dhistrik BOja Kabupaten Kendhal sampun lami kacariyos ing ngriku wonten sandhang ingkang winastan sendhang mudal boten tebih prenahipun saha dumunng wonten satengahing sawah, dene wiyaripun ugi kinten kirang langkung kawan kaki pesagi, wondene toyanipun katingalan bening saha mudal mudal tuwin kathah ulamipun lele, wader, tuwin sepat kutuk bokol miwah bethik ananging ingkang kathah piyambak naming ulamipun lele, bilih wonten tiyang dhateng ing sendhang ngriku, boten dangu tamtu katingal ulam lele tharik-tharik saemp[er kados barisan urut ing pingiran jejer, upami dipun cepenga dipun damel dolanan sanadyan dipun tasa boten pisan-pisan molah wonten ingkang sampun ningali ugi ing sendhang punika bulus pethak tuwin ulam lele mung kantun sirah tuwin eri, ananging taksih gesang, punapa malih punika awis-awis katingalan dhateng tiyang. Wonten malih pawartos yen sendhang mudal punika senadyan ing ngangsonan dening titiyang sadhusun boten saged asat wonten malih saking omongipun para titiyang sepuh sepuh, yen turuting sendhang punika anjog ing lepen Demak, kintunan.

Kala dinten Rebo Paing tanggal kaping 28 wulan ruwah ingkang mentas kapengekrpunika, kula agatosaken ningali ringgit tiyang ing kabupaten ngriki, pangkat kula sakin ggriya jam satengah sanga sonten wonten ing margi kula gumun ningali untabing para titiyang ingkang badhe aningali, jaler estri enem sepuh sami ambekta ting piyambakpiyambak saking kathah ing ting yen tiningalan prasasat kadipadam sewu, ingkang makatenw au boten angemungaken punika kemawon dallas titiyang estri ingkang nesepi inggih kapidereng aningali kaliyan repot anggendhong dhateng anakipun, wsana dup kula sampun dhateng ing plataran dalem kabupaten kula samlengeren aningali kathah ing tiyang, ngantos boten katingal adeging ringgitipun tengah-tengahipun ramening ringgit perang, wonten sawenehing tiyang jaler medals aking lebet awit boten betah sumuk tuwin suking tiyang kathah, sareng wonten ing jawi lajeng mutah-mutah, rencangipun ingkang sami ningali pitaken anggenipun mutah mutah wau, tiyang wau mangsuli bilih mutah ipun wau amargi saking bingungipun aningali kathahing para ingkang sami ningali dados semaput, sawenehing tiyang malih wicanten makaten e, la, kiye mendem wayang uwong ane, aune nonton wayang kaleng, weruh wayang uwong sing endah rupane,dadi ora kuwat wekasane banjur mendem.
Nahenta kacariyos para tuwan tuwan tuwin nyonyah-nyonyah ingkang sami karsa mirsani inggih kathah, maakten ugi para priyantun jawi, ringgit wau kagunganipun bupati ing salatiga, cuwanipun balaning ingkang sami ngringgit wau kiran gpepak awit naming kabekta ingkang kaangge kemawon , wasana saking pamuji panuwun kula ing gusti, sarehning ing Kendhal

awis-awis wonten titingalan mugi enggal wntena titingalan anesipun supados angramekaken para tiyang kemba.

Pethikan

Ing tanah Eropah wonten tiyang sampun katuwuhan pamanggih, sadaya para ingkang sami nyambut dame ling kantor tilepon sami tiyang wuta, awit pancen tiyang wuta punika sakalangkung tengen bilih ing ngriki ugi kaleksanan kados makaten kados inggih prayogi.

Ing nagari Cina wonten jaka akaliyan praawan sampun sami kapacangaken sareng meh tempukipun ing damel ampun pintesthi ing pangeran jaka tuwin prawan wau pejah dadakan ewadene tiyang sepuhipun lare kalih punika inggih ugi anglajengaken dhateng panggihh ing layonipun jajaka kaliyan prawan wau, panggihipun wau inggih mawi rinengga ing pasamuan dupi sampun bibar anggenipun bujana punika layon lajeng kapetak dados satunggil.

Wonten tiyang rante, mentasw punika sampu nluwar saking ukumanipun piyambakipun sampun saget nyelengi yatra kathahipun nematus rupiyah, bilih makaten ing ngatasipun tiaygn ukuman rak boten kemlaratan sasampuning medal saking ukumanipun ambok manawi titiyang ing kampong, kados boten saget nyelengi yatra samanten kathahipun, ananging sanadyan makatena kados lalampahan ingkang kagyarsaken punika, kados inggih boten amenginaken awit sadhengah tiyang pancen saged sugih, bilih sadaya padamelan dipun lampahi lalantaran taberi, wekel nastiti saha mawi kaangkah-angkah ing tindak tanduk ing sadinten dintenipun.

Afdheling Karanganyar

Wonten sawenehing tiyang awasta pun Sutaduta, gagriya ing dhusun Darawati, dhistrik Soka, kabupaten Karanganyar, cariyos dhateng tiyang kathah saget dhateng sadaya ngilmu, kados ta kasentikan kanuragan tuwin saged adamel sugih,a wit pikantuk jimat awarni sela, tuwin barang tiban kados ta palu, wadung, tuwin pethel kan gkadamel saking tosan sadaya, pun suta duta wau asring asring tirakat kesah dhateng canthenipun kyai Gajah Barong, ingkang dumunung wonten ing dhusun pangempon ing pucaking ardi, kaliyan ambekta para murid sawatawiskathahipun pun

Sutaduta wani anglinggihi sanginggiling kuburan kaliyan mawi solah bawa kados dening turongga ingkang badhe kerah sasampunipun makaten lajeng amendhet siti tuwin sela saningggilipun kuburan punika, dipun dumaken dhateng sadaya muridipun sarwi awicantenmakaten eh bocah bocah muridku, andadekna ingkawruh ana muk kabeh,mungguh anane lemah iku mau gone maring I saka kyai Gajah Baraong, dene paesdahe kena dig awe ngusadani samubarnag wong kang nandha roga, sarta watu iki kabeh kowe kena anjupuk sathithik sawise banjur padha untalen karo gedhang mas, ing tembe awakmu bias atos lan rosa kaya dene watu, ananging kowe kabeh poma aja sok adus menyan gkali kang jero, awit iku bisa dadi kelem, nahenta ing ngriku para murid sadaya angestokaken saking piwulangingpun sutaduta, malah sadaya muridipun sami angudnang dahtengpun Sutaduta,kyai ageng gajah barong ngantos misuwur dhateng ing pundit-pundi, muridingpun sangsaya kathah, dene kyai Gajah Barong wau inggih sangsaya pengpengan genipun nesep dhateng anak muridipun ngantos kapireng dening priyantun pulisi, pun sutaduta kyai ageng gajah barong wau lajeng kadekep ciyet kalapuraken dhateng nagari,s adhatengipun ing ngarsanipun parentah, kyai ageng Gajah Barong wau solah bawanipun kados tiyang gemblung lajeng wudam balejed dangu dangu kalebetaken ing pakunjaran galundheng, ananging tanpa damel awit boten keningg kapiraaa malih ing parentah, lajeng kawedalaken saha katampekaken dhateng ahli warisipun ah sapunika sampun purun ngawiti malih, anggenipun anglampahaken apus punika lambok dipun mantuni kyageng-kyageng.

Ing kitha Berlin wonten lampah kadurjanan kacepeng amargi saking gambar sorot.

Durjana punika numpak kareta asep saking Stettin dhateng Beryo asarengan sarta lajeng tunggils akareta kaliyan tiyang neneman lajeng pitepang sae acacariyosan warni-warni,tiyang neneman amalehaken bilih anakipun sudagar ageng ing kitha Stettin badhe kekesahan dhateng kitha Barlin damelipun naming badhe angengar-enggar manah amargi dereng nate sumerep ing kitha wau, mongka sampun misuwur bilih kihta ageng saha gemah ripah, amargi saking

supeketipun amanggih mtira enggal tiyang neneman sepen ing weweka saben dipun pitakeni amangsuli sawantahipun durjana rumaos angsal margi sedyanipun ingkang badhe dipun tandukaken,

Boten antawis dangu sudagar ageng ing Sttettin bapakipun tiyang neneman wau, tampi serat telegram saking anakipun ingkang wonten purug nedha kintunan arta ragi sawatawis kathah, kawedalna ing posa saha serat mawi acanerenan kedah pinurugan piyambak sudagar ageng sareng anampeni serat tlelegram saking anakipun rumaos kodheng, manawi merit tetesing ungelipun serat kados temen serat saking anakipun awit cocog salampah lampahpun wonten ing purug nanging manawi manah enggaling telasipun arta sangu kathah ingkang naming kangge sawatawis dinten manahipun mangu-mangu, manawi boten angintuni yatra sumelang manawi anakipun badhe anemahi kapinten wonten ing purug wusana saged amangih akal panedhanipun kintunan arta anakipun wau dipun pituruti, nanging dipun kantheni serat dhateng tuwan komis pos akaliyan kanthi gambar sorot ijemanipun mugi wontena pitulunganipun tuwan komis pos anampekaken arta ingkang kasebut ing wissel dhateng anakipun ingkang wonten ing nagari ngriki, nanging sarehning tuwan komis pos dereng sumerep dhaeng warnining anakipun mila gambar sorot ingkang kakintunaken asareng kaliyan seratipun wau kaocogna rumiyin kaliyan warnining anakipun manawi boten cocog anelakaken wonten durjana ingkang balibuk lampahing anakipun kenging lajeng kadhepeng kaladosaken ing parentah, komis pos sareng anampeni serat wau sarta boten antawis dinten kadhatengan tiyang ingkang nyadhong arta, lajeng kacocogaken kados welingipun sudagar ageng, pinanggih ing dhapuripun tiyang sulaya kalihan warnining gambar, la sampun boten mawi sumelang malih bilih tiyang punika durjana anyalibuk lajeng kaladosaken ing parentah.

==========\==========

Ing Bramartani ongka 33: angemot panjurungipun juru warti, anyariyosaken lalampahanipun raden mas Panji K, nalika padusan dhateng umbul ing mungup sadaya kojahipun juru warti boten pisan pisan memper kalayan nyatanipun amargi nalika samanten kula ugi nymerepi, bilih para maos badhe nyatakaken gesehing cariyosipun juruwarti,kenging lajeng amariksani, serat ugeranipun para saksi, ingkang sumimpen wonten ing kadhistrikan Kathithang,

E Juru warti, benjing malih sampun sok anglebetaken pawartos ingkag dereng trrang sumerep sampeyan awit manawi kaweleh badhe andadosaken wudhunipun kojah sampeya la, bok inggih kagalih arumiyin ta saweg panusulipun juru pangon dhateng mungup kalayan ambekta dedamel punika kemawon sampun amracihnani kalepatanipun juru pangon kalayan boten pisan-pisan manawi raden mas pnaji K wau ngantos ngranket utawi mopoki endhut, hyah boksampun makaten ta: mas Agus teka keendel temen sampeyan goroh wonten serat pawartos sawek anggen sampeyan mastani pangagemanipun raden mas Panji K kemawon geseh, ngojahaken uruta nalar malih sageda, la wong klambi beskap dadi jas tanpa cal topi jare nganggo, sansaya anggasruh dados tatela waton sampeyan naming saking kabar pasar, nandukaken sasengitan ngiloni si cobolo desa, e la wong sing soka anjadah kidhik.

Pamireng kula prakawis wau sampun karampungan dening parentah kabopaten Kartasura, jurupangon sampun anampeni paukuman.

Juru warta manawi sampeyan adreng anggen sampeyan manjurung kula boten badhe makewet angandhar urusan nalar ingkang kalayan temen/

Ing Jayasuran tangal kaping 17 Siyam warsa Ehe ongka 1820

Katandhan Kopral Jayasura.

==========\==========

Kula sampun maos Bramartani ongka 31 anrenjuhi pitaken pethikan saking suluh pangajar ingkan sampun kanthi jarwanipun pisan menggah ing panjarwa wau tumraping pangalihipun kyai jurungarang boten saged adamel padhang, wusana panjenenganipun kyai mundhut seserepan dhumateng para wiraning Bramartani, ingkang punika sanajan kula wau rumaos dereng kenging kaewokaken dhateng para saged, ewadene kepengin sanget urun nurun lowung bokmanawi saged lumebet dados panimbang, botenipun ia wewahan isen-isening Bramartani.

1. Tiyang dhusun Kebonsari, punika anedahaken aslining tiyang sarta namaning dhusun, mila ingsuluh pangajr negesi bilih tiyang asli kalairan ing kebonsari, punika kula sampun condhong.

2. Tiyang ing dhusun kebonsari, punika, tiyang kawengku ing dhusun tegesipun boten mawi mamastani, tiyang na asli dhusun utawi nagari, sanajan sanesa bongsa pisan uger gigriya wonten ing Kebonsari p[unika kenging dipun wastani, tiyanging dhusun Kebonsari.
3. Tiyang dhusun ing Kebonsari, punika tegesipun tiyang asli dhusun, ingkang wonten ing kebonsari, kadosta: tiyang asli ing dhusun Pedan, kalasan, Brosot sapanunggilanipun, punika menawi sami gigriya ing Kebonsari, kenging dipun wantani, tiyang dhusun ing Kebonsari, ananging manawi tiyang asli nagari, saking nga pundit kemawon, mongka lajeng gigriya ing Kebonsari, punika boten kenging, dipun wastani tiyang dhusun ing Kebonsari, awit asli saking nagari, kengingipun among dipun wastani, tiyang ing dhusun Kebonsari, among punika gadugin gpangrembag kula, wusana sumongga panjenenganipun kyai

Kaping 11/4 91 siswanipun Kridhasara
Abuliyep
Pakualaman
=========\==========
Sakalangkung ing panuhun kula mas atuliyep saha panjurung panjenengan ugi sumaos ing ngabyantaraning para wigya, embok manawi bwonten ingkang karsa manggalih, awit punika ewoning panggendeng dhateng kaindhakaning kawruh
Jurungarang.
==========\=======
Sambeting cariosipun tiyang anyambut dewu dipun pundhati kalayan tilem
Pun tamu wau kados pundit malih, inggih kapeksa ngentosi ngantos jam tabuh gangsal sonten ingkang tilem ugi dereng paja paja nglilir, saking jengkelipun pun tamu mijil krodhanipun lajeng nyyat malebet ing griya, saha anyepeng murdanipun ingkang taksih tilem sarwi dipun goleg-golekaken kaliyan wicanten satengah bramantya, eh tangi, tangi, iki wong turu apa edan-edanan nahenta ingkang ethok-ethokan tilem wau tangi, e thok-ethok kaget sarana gumeter awakipun laejgn kemawon bramantya jajabang mawi ngawingaku medut pardoning lathi, kadya sinabet ing merang sasisih mijil dahana, tandang tuwin wicantenipun suraweyan I, e,e, bener kowe ya wongkang kurang arja, sarta ora sumurup ing duga prayoga, lancang wani wani anggugah marang wong kang lagi turu, pun tamu mangsuli,e, sampun ta, sampeyan sampun nuruti dhateng hawa arda makaten awit kula sakelangkung jengkel ngentosi dangu dika tilem iku, napawenten tiyang tilem di entosi awit jam sadasa enjing ngantos jam gangsal sonten kok boten tangi tangi, napa onten ta, gek kula ngentosi niki rak bdhe nagih teng dika, tiyang ingkang kagugah punika mangsuli bener, aku ora preduli, senadyan bok entenana kongsi pendhak dina sapa sing akon gugah wontg lagi turu lan aku uga isih eling utang marang kowe 1000 rupiyah, dhuwit sewu rupiyah mono sepira kehe, ananging kowe saiki angilangkae dhiwt ku sawatara puluhewu rupiyah kehe, pun tamu mkangsuli lo kepriypun ta kulak ok boten dhenger kajeng dikaniku, yatra dika sing pundit sing kula ilangake samanten kathahe niku, sudagar mangsuli la, yen kowe kurang sumurup becik tak surupake. Lah satemene mangkene, sajroning aku lagi turu mau, aku ngimpi arep nguntali rimbulan bareng rembulan iku arep dak cekel meh kurang sethithik maneh kalebu ing cangkemku, banjur aku tangi karo kaget jalaran kowe sing gugah, pun tamu mangsuli kepripunta, prakawis anggen dika ngimpi badhe nguntal rembulan boten kaleksanan mawon kok dados kla dika dakwa ngicalaken yatra sampun ten kathahe, sudagar mangsuli, o,mengkene sapa sapa sing ngimpi mangan rembulan wus mesthi dadi ruhur, mongak yen aku dadi ruhur wis mesthi gajhih ku ing dalem sasasi seu rongatus rupiyah, yen aku dadi kanejng oleh sapuluh taun mesthi dhuwitku 14 ewu 300 rupiyah, kang ko ilangake, ananging prakawra iki aja kowe enak-enak sajroning ngatimu, amesthi ora luput bakal dak lapurake ing ngarsaning pangadilan kang data kang luwih dhuwur, sik ben kowe di ukum sarta kapeksa ambalekake dhuwit kaya dene kang wus ko ilangake iku, pun ta mung mangsuli kaliyan sakalangkung ajrihipun o empun ta,punika prakawis sampu ndika damel panjang-panjang, awit kula niki dados tiyang sanget ajrih dhateng prekawis cekak keprekawis dhuwit sing sewu rupiyah niku, empun ta boten susah dika bayar, empun kula eklasaken lair batin anggere prekawis niki di sidhem empun

tarimah ingkang dipun tagih mangsuli embuh aku ora idhep celathumu iku, yen kowe during nganti di ukum ati kudu rung lega,pun tam u mangsuli, sarwi melas asih, o, sampunta sampun sampun dika damel saking ati kula, malah anggadhahana kawelasan dahteng tiyang sing kados kula niki, kalih yen niki prekawis dika damel rampung ing ngriki sapunika ugi kula nyukani satus rupiyah teng dika, punika lo yatrane, yen dika boten pitados, kocapa, ing ngriku kados pundit bingahipun ingkang dipun tagih wau, wewah-wewah tampi yatra satus rupiyah, sasampuning dipun ulungi yatra, pun tamu lajeng mantuk la, rak kojur saestu, wis kelangan kalongan tamat.
P.Bt.

Ongka 35 Setu Legi kapng 23 Siyam Ehe, 1820 utawi kaping 2 Mei 1891

Surakarta

Nalika dinten Arbo enjing ingkang mentas kapengker punika, prenah sangajenging besalenipun tuwan Dheleng wonten pasamuan ageng, ingggih punika panjenengan dalem kanjeng tuwan residhen karsa amurwani pamasanipun ril margining kareta trem ingkang saking satatsiyon Jebres anjog ing alte PUrwasari, besalenipun tuwan dhelong ing dinten wau asantun warni, mawi tinata tata rinengga rengga badhe kadamel angacarani rawuhipun para ruhur, prenah leripun besalen wau satepining margi ageng tembing wetan pinasangan tarub inggih rinengga rengga sae, mawi pinanjeran dalu dag triwarna cihna pasemoning bongsa Nederlan inggih ing ngriku angggening badhe angawiti pamasangipun ril.
Wiwit enjing untabipun titiyang sami badhe aningali, angggililir pendah sulung barubutan pedhot inggih punika tumuwuh ipun ujaring babasan sudaning kiriman undhaking pawarta, awit pancen boten wonten ingkang dipun tonton para wanodya ingkang jekininga nindhing, tasikan para san saha pidihan punapa malihnyenyeh cina ingkang kinyis-kinyis inggih boten kantun….para anem adhuh….saibata kebuting manah…..wekasanipun naming dhedhesukan thok…..ing besalen inggih kathah para tamu, nyonyah tuwin para tuwan tuwan awiwit.
Sareng angantawisaken jam satengah sawelas panjenengan dalem kanjeng tuwan residhen rawuh asasarengan panjenengan dalem kanjeng gusti pangeran adipati anom raka dalemkanjeng gustipangeran adipati arya PrabuPrangwadana, raka dalem kanejng gusti pangeran arya Prabu Wijaya, sami mangangembusana cara alandi, saha kadherekaken para guti putra dalem para pangeran Santana dalem rahaden adipati, ingakng kadherekaken abdi dalem sawatawis, rawuhipun para ruhur wau mawi pinethukaken saha tindakipun dhateng ing besalen ing ngacarani dening tuwan Perlup inggih punika ingkang angadani lampahing kareta trem sasampunipun atatalenggah sawatawis dangunipun para ruhur pwau samiing ngaturan tedhak dhateng tarub, panjenengan dalem kanjeng tuwan residhen nunten jumeneng angandhi nyonyah Perlup tedhak dhateng tarub dumugining ngriku sampun kacawisan ril sakethok tuwin bantalanipun kajeng, tuwan meyer ingkang amandhegani pamasangipun ril margining trem punika angulungaken paku paradan dhaten gnyonyah Perlup ingkang lajeng ing nganjingaken ing lompongan ril sasampunipun ril tuwin bantalan kasiram sampun panyedening tuwan Perlup tegesipun anyuwun sinambanana pangeran maha agung, nyonyah Perlup nunten angaturaken gandhen tosan dhumateng panjenengan dalem kanjeng tuwan residhen ingkang lajeng kadhawahaken kaping tiga dhateng wau, punika cihnaning bilih pamasangipun ril margiing kareta trem pundit pun purwani, sareng sampun sadaya tamu lajeng sami wangsul daheng basalen malih, sami atata lenggah kados sakawit sungata sampanye asumaos saha tuwan Perlup angacarani para ruhur ingkang lajeng sami angasta gelas sampanye, piyambakipun inggih andherek nyandhak gelas sampanye, saha amajeng ing ngabyantaraning para ruhur sarwi umatur, ingkang sawatawis kula engetin makaten panjeenngan dalem kanjeng tuwan residhen mengggahkalampahanipunpambudiya punika, sanadyan ingpundi-pundi apancen angel kalaksananipun pambudidaya kula, ambikak lampahing kareta trem wonten ing Praja dalem Surakarta, punika muhung wonten sih pitulung dalem kayaktosan bilih panjenengan dalem naming arsa ambudi, indhakipun raharjaning tanah ingkang panjeengan dalem asta paparentahanipun, tuwan Perlup nunten
angajengaken panjenengan dalem kanjeng Gustipangeran adipati anom umatur mugi karsa asaos unjuk ing sahandhaping sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan angunjukaken sakalangkung ing panuhun pamundhinipun ingkang sinuhun sampun amarengaken pambikakipun margi kareta trem ing salajengipun amedharaken bilih piyambakipun badhe manut piturut dhateng sadaya prajangjeyan ingkang tinumrapaken pambingkaking margiw au, sahamumuji mugi mugi kalaksananipun makaten wau, ing saestu anyirnakna raharjanipun praja Surakarta Adiningrat, wekasanipun panjenengan dalem kanjeng tuwan residhen angandika, sanget amangayobagya dhateng kerdyating tuwan Perlup ing pambikakipun margining kareta trem ingaing badhe nembe kawruyan ing Surakarta,

pangarsa-arsa dalem mugi makaten wau, ingkang saestu badhe amebaaken dhaten gkaindhakaning kawontenanipun lampahing pamomoting barang, mugi ugi anjalarana tumuwuhipun pambudidaya sanesipun punapa malih mugi mugi tuwan Perlup sinambadanana ing pambudidayanipun suapdos tuwan wau saged anglajengna, lampahipun kareta trem dumugiingBayalali atatalenggah sakedhap engkas malih, nunten bibaran.

Awit saking parentah nagari andhawuhaken kaliyan kenceng anyegah anggenipunpara rare sami mreconan sapanungggilanipuning mangke lajeng pet kelampet boten wonten rare mreconan wontena sa satunggil kalih mawi nglimpe ingkang tebih pangageng pulisi utawi kapala kampong, angantos amarengi malem salikur boten wonten sabawaning mrecon sukur.
Kintunan
==========\==========
Dados kenging dhawuh punika dipun kencengi, teka ingkang sampun sampun kok boten Jurugubah.

Bramartani ingkang medal nalika dinten salasa tanggal kaping 19 wulan Siyam punika, mratelakaken ing mangke sadaya wradinan sampun sami kopen sadaya, ingangk punika,s adaya wradinan samangkeinggih temen sampun sami katingal bagus bagus naming wradinan sawetan prapatan Baturana, salamenipun kula dereng nate sumerep dipun dandosi, amila saking pamuji kula mugi tumuntena kagalih saenipun wradinan sawetan rpapatan Baturana wau
Kintunan.

Kula sasarengan jagong kaliyan raden B ing kampun gA dipun cariyosi kala raden B taksih neneman wonten lare estri badhe dados panganten nanging lare estri wau sampun secan kaliyan raden B purun diun pendhet selir, sarehning sampun kalajeng badhe dipun emah-emahaken dening titiyang sepuhipun inggih dipun aken anglampaahi, nanging manawi sampun kalampahan panggih lajeng dipun ken medal dhateng jawi kalayan tapiya pinjung kemawon inggih kalampahan panganten estri sareng sampun panggih lajeng mendal dhaten gjawi, raden B sampun wonten ing ngriku sarta sampun nyawisi kapal kakalih panganten estri lajeng katumpakaken kapal kabekta kesah samia K kapalan sapengekring panganten estri geger puyengan sami alok kecalan panganten estri, pirembagipun para sepuh supados boten adamel sandening pikramen adhining panganten saweg ngumur 7 taun kadamel lintu lajeng dipun paesi, inggih lajeng suwuk boten dados prakawis sarta sami dados panarimahipun cuthel kaping kalih gadhah bojo nedha pegat watakipun raden B boten mawi gadhah serik sarta lajeng mulung kemawon punika boten namun gkendel samanten malah benjing manawi emah-emah badhe dipun inggahaken sarta dipun wradadi sacekapipun inggih kalampahan sareng bojonipun emah emah dipun inggahaken piyambak sarta dipun wragadi sayektos menggah wragradipun telas gangsalatus rupiyah, punika kajawi panumbasing minuman sumongga kagaliha, tiyang anggenipun mragad ayem telas sakawan kambangan tiga, kaping tiga dados mandhor sata wonten malang, blanjanipun ing dalem sawulan skeet rupiyah saha kathah kauntunganipun amargi dipun pitados neypeng yatra kasar tananjakaken bayaranipun pisan mila kauntunganipun ing dalem sadinten boten kirang skeet rupiyah, tirahaning balanjanipun sarta pikantuknipun kauntungan punika dipun celengi, laminpun ngantos tigang taun sareng celenganipun dipun pecah kapetang angsal sangadasa rupiyah, raden B lajeng pamit mantuk dhaten gSurakarta, kala samanten sepur dereng wonten dados lampahipun dharat sangunipun wonten ing margi kapetang telas skeet rupiyah, dumugi surakarta yatranipun sampun telas kaipng sakawan kalampahan I sade kapyun peteng, punika kathah kauntunganipun amargi raden B saged damel apyun piyambak ingkang kadamel bakal ulam dhendheng penthul kajawipunika umukipun pinten pinten ingkang boten saged manjing kaliyan aben-abenaning umukipun wau, anggen kula nglebetaken ing kabar wau, awit raden B punika naming deles saking bodhonipun kemawon dereng sumerep petangan yuatra kathah, nanging remen umuk tandhanipun bilih nyariyosaken malih bab punika inggih kados makaten malih, sara saking bodhonipun boten kraos dipun ogrong dahteng kancanipun

linggihan cariyos kula punika kenging dipun nyatakaken griyanipun elak kaliyan mas manrangbaya
Katandhan Manrang Ubanggi.
=========\==========

Yogyakarta

Kala dinten Jumungah pon tanggal kaping 15 wulan Ramlan punika, kanjeng ratu Condrakirana, putra dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng sultan ingkang jumeneng sapunika, seda konduran, saweg yuswa 30 taun putranipun ingkang nembe lair ugi seda, layonipun sami kasarekaken ing ngastana Imagiri, kanjeng ratu wau amun gkantun tilar putra sakawan kakung putri patutanipun kaliyan raden tumenggung Brongtakusuma, sadayaputranipun 9 namun gkantun 4 kados punapa kemawon raosing galihipun raden tumenggung, kabar anggenipun boten emut rambah kaping 18 sadinten sadalu, nanging boten ngamungaken raden tumenggung kemawon nadyan para abdinipun kanjeng ratu kathah ingkang bela kantaka, salaminipun wonten sedan ing praja Yogyakarta dereng wonten kados sedanipun kanjeng ratu condrakirana punika, prasasast saben tiyang sami bela sungkawa, kenging kula upamekaken embenan kaoncatan musthika si re m si rem diwangkara tistis kados cariyosipun serat gedhog sapejahipun dewi ngreni punika neh.
Bauwarta.

Kendhal

Sapunika ramenipun para among tani sami amanenaken sabinipun menggah reginipun uwos sapunika radi mirah, boten kados kala dereng panen , dene wontenipun jawah tigang dinten sapisan kadhang inggih anggenter, ngantos andadosaken banjiring lepen lepen tuwin angelebi radinanpakampungan, mila parentah sapunika wiwit andhawahaken supados para titiyang kampong sami anguruga radinanipun piyambak piyambak.

Aneh

Ing kampong puguh dhistrik Pebuwan wonten tiyang ingkang kala wulaningkang kapengker punika mentas angimah-imahaken anakipun estri, angsal anakipun tiyang tunggil sadhusun punika kaleksanan sareng sampun panggih, boten gantalan wulan lajeng sami pisahan nanging lare jaler taksih kempal marasepuhipun dene penganten estri angesahi saking griyanipun mondhok wonten ing ngriyaning sadherekipun ugi ing kampung ngriku, kacariyos danguing dadu pun marasepuh estri katingal remen kaliyan sang mantu, bojonipun sumerep ingkang dados tingakh polahipun ingkang estri kaliyan sang mantu, sedyanipun ingkang estri badhe dipun pegat ing wasana sedya makaten wau kaleksanan ingkang estri saestu dipun pegat. Inggih ta boten anggumunaken lalampahan punika……asnapun…awit petenging tingal punika asring anuwuhaken lalampahan ingkang boten boten…..la embok mara sepuh sapunika lajeng kanikah lan ingkang mantu, dene patrapipun gigirya….lir pendah mimilan mintuna.
Sawenehing tiyang estri bok P gagriya ing kampong K kesah mugut dhateng sabin ingkang leh saha kathah lintahipun, kacariyos tengah-tengahing mugut pantun dipun tampeli lintah kalih enggen ing pupu tuwin ing slaka wah polahipun dene par rencang sami kapingkel-pingkel angenipun guyu sarwi amitulungi mendhet lintah wau, ananging meh sumaput ingkang sami mitulungi punika, awit sadanguning molah sarwi agirp-girap nyamping nyalukar paningset weduhar….adhuh….inggih tiyang taksih nem lakar kulitan anemu giring….hem

Pethikan

Ing praja Inggris wonten sawenehing juru mendhet ulam kacariyos sampu angsal satunggiling ulam ingkang panjangipun wonten 12 kaki, sareng dipun bedhel ing jerohanipun wonten ulamipun 24 iji taksih sami gesang.
Wonten saweneh ing tiyang ing nagari Chicago, sapunika gadhah pamanggih adamel mariyem gagrag inggal ingkang kenging kaungelaken ngantos kaping 1000 rambahan punapa malih mariyem boten benter.

Ing nagari Avezaat wonten sawatawis tiyang ingkang manggen dados sagriya, titiyang wau sami manggih cilaka jalaran sami kalebetan wisa, ingkang boten sarana kapiawon dening tiyang, menggah patrapipun makaten para titiyang punika sami nedha tetedhan ingkang dipun olah sarana kuwali tembagi, mongka ing ngatasipun barang ingkang kecut punapa malih ingkang warni lisah, amasthi anuwuhaken tinja ingkang warni ijem punika bilih kalebet ing padharan anuwuhaken sasakit mila para maos sami angatos-atosa nun.

Ing nagari Eropah tuiwin Amerikah, kathahpara wanita ingkang sami anyambut damel kadosta dados juru serat carik tomis pos tuwin kawat ngantos wonten malih ingkang dados apokat sapunika nagari Jepang sampun nembak buk malih kados ing nagari Eropah, tuwin ing Amerikah, sampun kaleksanan ugi junjun gpangkat dhateng parawanita dados priyantun ingkang malebet dhateng kantor kados dening tiyang jaler, ing ngriki kados benjing punapa kaleksanan saged makaten.

Ing satunggiling nagari wonten sawenehing kantor kawat ingkang dados komisi pun estri wah taksih mmedem kacariyos ing satunggiling dinten ing kantor kawat ngriku wonten para tuwan tuwan enem sepuh sawatawis sami dhateng, awit badhe sami angawataken ananging saking pikajengipun nonah komisi sinten ingkang dhateng rumiyin punika kedah dipun tulungi rumiyin, boten sanes ingkang dhateng rumiyin naming tuwan tuwan taksih neneman sarta anjaleri warnipunpun, punika kalih kalihipun sami rikuh, naming sami kantun papan dengan kemawon kawekasanipun inggih kalih kalih ipun ing ngatunggil apasrah jiwaraga.
==========\==========
Kapiluyu
Dhuh-dhuh kapaang yogya temen sarawuhan dika punika, raden dhadhab Narantaka saha karsa amintonaken wawaton ingkang kalayan santosa, yawn mangkatena sawastu animpen tuladha kang tanpa kuciwa, ing sawarninning cariyos kang mawi tinengeran pepengeting sang kala, amila pun patik akapang cumundhuk ing ngabyantaran ta saserepan kang dereng patitis ing pamiyaarsa kula, kadosta 1 ing dalika sanghyang Wisnu angejawantah jumeneng nata, wonten ing nagari, winastan ing mendhangpura, punika silih jujuluk sinten punapa taksih kasebut sanghyang wisnu kimawon punapa santun punapa dene awitipun jumeneng dumugi muksanipun angleresi taun pinten, 2 ing wawengkon nagari Ngastina katurunan PUrasarwa kancana dening sanghyang Maya, lajeng winastanan ing ngrendraprastha, punika ngelresi tau npinten 3 prabu pun adewa, sakkadangipun pandhawa, 5, awit suwita wonten ing wiratha dumugi dadaos ing prang Bratayudha, ugi ngleresi taun pinten,s ampun punika kimawon rumuhun raden wondene ing benjang gampil bilih punika sampun kasembadan saiba ta suka pirenaning manah kula tanpa upami, wasana badhe mangsulaken panarima akantikaargyan ing sasaget saget kla titi
Kaping 16/9/2/20 sangking pun Rara Kumenyar, ing Ngargadumilah.
==========\==========
Katur Kridhasara
Sawetan lepen Code

Kula miring pawartos sampeyan punika remen sanget damel ba lo nan malah saderengipun ing nagari Yogyakarta wonten tingalan balon saking Eropah, sampeyan ugi sampun asring asring damel, sarehning sampeyan punika katingal mangretos dahteng ngelmi kodrad amila mugi wontena karsa sampeyan batang pitaken kula kados ing ngandhap punika.

1. Nalika taun 1889 sampeyan ngumbulaken balonan punika punapa saking pamanggih sampeyan piyambak punapa sampun tiru-tiru para sage ding Eropah.

2. Manawi sampu amungkantun nulad kemawon lah sinten ingkang gadhah pamanggih sapisan sarta saweg ing taun punapa
3. kados pundit sababipun balon saged dedel ing ngawiyat

Sampun samanten kemawon amun gkaangge anjalari tepang
Ing Triloka 21/4/9
Katandhan Bratarda.
==========\==========
Katur Puthut Supama
Bramartani ongka…wonten panjurungipun Puthut supama dhaten gBudyarja, suraosipun angering-erang awoning pandamelipun almenak Babah T, ing taun ingkang kapengkerpunika, ing ngriku kula sumerep tatembunganipun Puthut supama ingkang sakalangkung sae (Pangraos kula piyambak lo) amila ing mangke kula purun mastani, puthut supama punika satunggiling priyantun ingkang mangretos dhateng kasusastran jawi. Kula punika temenipun rak inggih taksih santananipun Budyarja, sarta inggih remen dhateng kasusastran jawi, ananging sarehning kula punika boten gadhah gosok\an dados saestunipun inggigh boten saged ngiribbi kados mas pothut supama wau.
Andadosna kauningan kula punika cekakipun dipun utus kaliyan Budyarja dipun ken kepanggih sampeyan nyaosaken serat punika lo e dados sampeyan punika dereng sumerep dhateng tembung malajeng, pundit, kula waosaken la suraosipun mangkaten budyaja nyuwun saserepan ring sampeyan pundit jejer wasesalesanipun ukara ing ngandhap punika.

1. dak takoni tegese ora sumurup
2. sapa ta jeenengmu
3. sampun kalilana wangsul inggih among punika prelu kula

ing Kauman 20/4 91
Abdul Kempi
==========\==========
Dhadhab Narantaka angggenkula suka panarimah dhateng Jaka suwedha punika, naming saking leganing manah kemawon yektosipun kula boten gadhah bab wawatoning sastra gruwedndha, kula naming nyuwun seserepan lugu, mila raaosing manah kula tansah gagjeg-gajeg dene paringipun barkah jakalengkawa, kaliyan paringipun barkah jaka suwedha geseh, kula boten saged mastani pundit ingkang leres pundit ingkang lepat malah kula atur panrimah malih dhateng jaka suwedha, ng ngandhap punika.
Sakalangkung panuwunkula dhateng Jaka Suwedha, dene sampun paring katangan pataken kula bab aksara guwa utawi gahana, nanging suwaning manah dene boten karsa nerangaken babar pusan bab pecahipun akara wau, utawi sakalangkugn panuwun kula dhateng jaka busuk anggenipun paring katrangan pataken kula godhong tuwin toya, ingkang dipun wastani picak budheg bisu, wasana atur taklim kula dhateng priyantun sakaliyan mau
27 .4.1891
pun Jakasasana.

Ongka 36, Salasa Wage kaping 26 Siyam Ehe 1820, utawi kaping 5 Mei 1891

Pawartos kawat

Kawisudha dados prsidhen landrad ing Besuki tuwan ing Situbonda, Kanjeng tuwan Mister Braower

Lerehing pandamelan lulus ing pangkat karuhuranipun kanjeng tuwan asisten dhesekemaker

Kawisudha dados asisten ing Batang kanjeng tuwan Menodheprewahdhepile

Kawisudha dados asisten ing BOndawasa ngiras mangereh kantor lelang, kanjeng tuwan Panengel

Serat pawartos Batawiya saandhelseblad angiyaraken bilih kanjeng tuwan asisten ing PUrbalingga, badhe pamit dhateng Eropah, awit sampun langko saking kalih welas taun pangawulanipun.

Surakarta

Sampun sawatawis dintenpunika wonten pawartos sidheman bilih ing kampun gBradipuran badhe kadhatengan kecu, ingkang badhe katebak griyanipun Raden mas Panjidipayana, celak kaliyan prapatan Pasnularan sampun tigang dalu punika raden ams AryaJayadiningrat saha raden tumenggung Kartanagara akalereyanipun baladheg sami ambeng wonten ing margi margi sarta sami asikep dadamel waos saben tuwin sanjata, mubeng ing kampong kampong tanpa sabawa, nanging paman kecu boten wonten dhateng, saupami siyosa dhateng amesthi badhe mantuk aran wonten malih pawartos babaratan kecu punika badhe mampir dhateng pasareyan ing nglangkungan rumiyin nyuwun pangestu, mila ing nglangkungan inggih dipun jageni.

Siti dhusun reh kadhistrikan nga\mban kabupaten Sragen wiwit ing salebetipun wulan siyam punika sampun panen dene wedalipun pantun magak kemawon boten ingkang kathah sami boten kamedalan babar pisan.

Ing bawah dhistrik Laban ugikabupaten Sragen punika inggih sami kathah ingkang boten kamedalan amargikatrjang ing ngama menthek,

Siti dhusun bawah Kabupaten Sukaarja wedalipun pantun rerendhengan kalebet Magak yektenipun namun gpapalihan ingkang kamedalan. Dhuh allah ingkang sipat mirah sarta asih, mugi paringa rahmat dhumateng omat tuwan para amongtani, awit punika abiyantu kasantoanipun para abdi dalem anggenipun anglampahi wajib padamelaning gusti pupundhenipun ingkangdipun aaubi amin amin ya rabilngalamin.

Sampun kalampah salaminipun saben ing wulan Ramelan para titiyang ingkang tetep ibadahipun sarta ingkang among mencir mencir, liripun ibadah ibadah among manawi amarengi ing wulan siyam thok saweneh amun gmencir sembahyang saben jumungah thok punapa dene para rama kaji ing kauman ingkang boten ngaderg barjumungahipun ing saben sonten kathah ingkang dhateng ing kagungan dalem masjid ageng, makmum sembahhyang isa saha lajeng tarweh, andadosaken regengipun kagungan dalem masjid ageng swaranipun kapireng gumrenggeng.

Sarehning para titiyang ingkang ibadahipun among pating balentong mencir mencir kemawon sami angggatosaken makmum sembahhyang in gmasjid ageng, leres leresipun titiyang ingkang sampun nama kaji saregep utawi sengsemipun dhateng masjid langkung saking titiyang ingkang ibadahipun among mencir wau, ewadene babasan jembar-jembaring jagad kathah kathah ing titah, wonten kaji ingkang nyulayani panginten leres wau kados ingngandhap punika.

Kaji, A, ing Kauman kinten umur sawidak taun rambut saha jenggotipun sampun nyembel wijen bojonipun taksih kaparan nem kalebet endah ing warni, pamulunipun jene kados pradapaning soka, rumembe sumrah katresaning bun ing wanci enjing.

Awit saking kekkaji kalebet sawatawis cekap kadunyanipun temah gesangipun acanthi kasenengan bojonipun boten nate kapreteg ing pandamelan awrat prasasat amun gkaperdi angadisarira saha agagonda burat wida, wasana sakin gsengseming manah lalangen angela-elani bok musthi kaning pagulingan ki kaji ngantos boten nate kekesahan tansah angundher kemawon tengga barang yasa miran (gandum…..menuk gomaleman.)

Sanadyan limrahipun ing wulan siyam para kaji kathah ingkang sami dhateng masjid sarta nglurug dadarusan kuran dhateng pawong mitranipun anangingmanawi keji, A, boten purun thok punapa jalaranipun punika embok manawi boten liya saking mulat leng…..nimbe kaji…….dene manawi kaji A, kapeksa kesahan punika ingkang estri dipun pacuhi boten kenging medal saha kori griya kainep ngajeng kori dipun wurwuri awu, manawi awu ngajeng kori wau kacetha wonten tapakin gtiyang jaler, amasthi ingkang estri badhe tampi kukudangan ingkang anyekapi, apesipun pinukul in g cripu sirahipun.
Pawartos ing nginggil punika kenging kangge lilimbangan sawatawis trumrap ingkang cupet pangandel dhateng bubudenipun swami ing kang sampun winengku, saha minongka pipirin sarunipun tiyang sanget lumengket ing wanita, angantos gegebenganing tekat anggenipun korup dhaten gpakarti ning rajah tamah kacetha ajenggleh
Kintunan
==========\==========
Kados inggih titisipunsanghyang Yamadipati, manawi sato inggih peksi rangkok
Jurugubah
==========\==========
Pun A, akaliyan pun B samijajar mnongan gigriya mondhok nunggul tiyang tengganipun kagungan dalem gedhong joli, ingkang dados panggesanganipun boten liya anggenipun menang botohan punapa botohan ingkang dipun sagedi utawi dipun remeni, punika sadhengah botohan amesthi saged saha dipun remeni sadaya, kados ta ngaben kecik ngaben jangkrik tuwin ngaben sawung, punapa dene botohan ingkang mawi kertu tuwin sanesipun dene tumindakipun dpundi ingkang saweg ungsum manawi sepen ngabotohan bongsa abenabenan inggih sanesipun ingkang uger keningng dipun tohi, mila pun a, 2 pun B , wau kenging sinebut potheting ngabotohan.
Awit saking lumengketipun dhaten gbotohan ingkang amargi kangge gagaran pados tedha, manawi nuju sepen lurugan utawi nuju tipis paitanipunpunika pun A, amesthi tutut boten saba, saha anggelaraken mainan nama klabang ayam utawi kasukan kertu alit bangsanipun cap jiki, sapanunggilanipun manggen wonten ngandhap pethetan sawo ing palataran kamandhungan sisih wetan ngajeng pajagen prajurit dene ingkang sami tumut methek para lare lare utawi tiyang dhusun ingkang mentas mantuk sasadeyan saking peken ingkang nuju lumampah ngriku, prasaat saben dinten ing ngriku katingal rubung-rubung tiyang ngabotohan.
Sanadyan tohipun main kelabang ayam sapanunggilanipun wau boten kawical kathah, ananging kerep wonten tiyng dhusun kawon ngantos barang panganggenipun katilar kantun ngangge kathok thok utawi lare mantuk tanpa jungkat dene anggenipun para lare tuwin tiyang dhusun sami kecangkol memethek main wau, wiwinihipun kabekta saking kapencut cariyosipun pun A, sinten ingkang methek pamenangipun angsal tikel sakawan wasana lajeng melik melok anggendong lali, nalika methek sapisan kaping kalih dipun lobong menang kemawon lare nbingah, sareng kaping tiga kaping sakawan pun A, wiwit anandukaken pangangkah, angantos salajengipun ingkang methekan tun ambalindhis.
Sarehning tetelapun a, dhapur angapusi alus saha boten pantes ing ngrikukangge rurubungan nganbotohan kados prayogi para kawogan anindakaken pambirating dur brata wau, supados sampun kalajeng-lajeng tiyang kapitunan amargi kenging gelar, saha boten angregedi tuwin nyuda sumeblakipun kagungan dalem palataran kamandhungan.
Kintunan.

Tiyang jaler nama pun Wayarencanging priyantun ing kampong kapatiyan sampun anglalu suduk sarira sarana dadamel dhuwung, tatu ing ulu manah lebetipun kinten kalih dim sanalika punaya dereng karaos sakit mila boten mawi sabawa, sareng sampun sawtawis dangu kados karaos perih, saha sumelang ningali wedaling uwel kanthi rudira, wekasan pun Naya agereng-gereng sasambat nedha tulung dhateng lurahipun estri, allah bok mas pejah kula, sanalika bokmasse medal saking griya trangginas nyelak dhateng enggenipun pun Naya inggih punika ing gandhok saha pitaken punapa karananipun sasambat pejah, puna Naya boten mangsuli among agereng gereng aliyan kelesedan sarta ambikak kemulipun ing ngriku sareng bok mase sumerep wedaling rah andeledeg sarta dhuwung ligan gumlethek sandhing patilemanipun pun Naya, wantunipun tiyang estri sumerep ingkang ngemar-ngemari, inggih boten kirang baut

nyabawa ingkang nelakaken kajrihanipun sanalika tongga tapalihipun sarta lurahipun sami dhateng asitusitu kaliyan gugup pitaken lo a…..anaha…pakuwe, sareng dumugi ing gandhok sumerep pun Naya kados mangkaten lurah saanduratan pakarkat sareng sampun kayatnane enggal akengkenan pratela dhateng kapala kampong,sarta lajegn murih ngupakara sarana pratikel jawi, kadosta bobok beras kencur,nguntal tigan ayam mentah, boten dangu kapala kampugn tuwin babau pulisi dhteng sami mariksani, sarampungipun papriksan pun Naya lajeng kaladosaken ing balemarta.
Menggah jalaranipun pun Naya nglalu badhe nganyut tuwuh wau, punika dereng saged tetela, wonten ingkang nginten amang sakng puteking manah, anggenipun pegatan kaliyan bojonipun saweneh mastani manawi pun Anaya pancen sakit ewah, waasana dumugi sapunika pun Naya kacariyos lastantun.

Yogyakarta
Kala malem Senen Legi tanggalkaping 18 wulan Siyam punika, wanci jam 3 griyanipun Wongsadiwirya ing Panembahan Nglebet beteng klebetan dursila pandung kenging nganbangipun warni jungkat penyu satunggal iket satunggal sinjang wiyar satnggal ananging paman pandung dereng narimah lajegn badhe ngukud di barang kendhil piring sasaminipun kadengangan ingkang gadhah griya lajeng dipun lokaken maling-maling paman pandung lumajeng singidan lebet nngurung-ngurung toya pengkeran ing surya putran kocapa sadhatenging para tandang biyantu sami madosi dhateng papan ingkang singup-singup mapan pandung sareng sumerep dipun padosi dening tiyang kathah sanget sumelang raosing manahipun bokmanawi urung-ngurung punia dipun othak-othak mawi tumbak piyambakipun boten sande kacepeng tur nandhang tatu, paman pandung lajeng medal sarta alok-alok mangakten lah iki malinge di ngidul ngidul ananging anggenipun damel gelar punika, para tandang boten wonten ingkang gega, malah kacepeng dening para tandang cuwit paman pandung inggih nurut kemawon lajegn katangsulan set, lajeng dipun pitakeni nama saha griyanipun ngaken nama Mukamad Darum griya ing kampong Suranatan lajegn lumados ingpulisi ageng, kilap kadadosanipun
Nirdeya.

Kala malem JUmuwah legi tanggalkaping 17-4-91 wanci jam 1 gigriyanipun Onggapremana tiyang dhusun kalisoga (Pangasih) kalebetan dursila pandung, lebetipun sarana benggang gedheg pojogking griya ingkang ler wetan sawek angsal kendhil satunggal kapinujon bok Onggapremana nglilir lajeng gugah ingkang jaler saha dipun bisiki manawi wonten pandung sampun malebet griya, pak Onggapremana lajeng medal saking griya jujug padon ler wetan ingkang esri ugi lajegn tangi anyoloki salebeting griya dursila trangginas dhelik dhaten glongan bok Ongga premana sareng sumerep bilih durjana andhelik sangandhaping ngamben lajejeng alok alok nedha tulung tongga kiwa tengenipun sampun sami dhateng, dursila medals aking longan lajeng menek langitan senthong tengah, para tandang wau ingkang sepalih sami melebet griya, ingkang sapalih kantun wonten ing jawi, ingkang gadhah griya wicanten *sapa dhing kresekan aneeng kono kuwe ya, dursila mangsuli mangkaten kula kang rayi sampeyan si jami riyun para tandang sareng miring sangsulaning durjana gujengipun bata rebah saha wicanten mangkaten dhengerane nek malinge wadon tak cekel ijen bae jami kuwi rak bocah kene biyen kancanipun mangsuli iya jarak lairan kene adhine si jamakelingan enggal ing cariyos durjana sampun kacepeng lajeng lumados ing pulisi, kilap salajengipun*

Pethikan
Saenehing tiyang ing sikago (Chicago) saged adamel mariyem gagrak enggal kaungelaken terus boten mawi kendel ngantos kaping sewu, boten patos karaos panas. Wonten malih sawenehin gopsir wadya bala Itali, saged adamel sanjata ugi gagrak enggal, kaungelaken terus boten mawi kendel ngantos kaping kalihewu ing dalem samenut, menggah kalepasanin gbudiipun manungsa ingkang kawengakaken dening allahutangala, ing masa sapunika, punika naming dhateng ing kamurkan liripun pakarti ingkang makaten wau naming sagewd damel jalaran kathahing wutah rah tuwin pecating nyawanipun tiyang, nanging dereng katuwuhan pambikaking budi rahayu atepang rukun boten wonten perang.

Nalika kaping 21 wulan April kapengkerpunika, ing griya bale pa,ong weaklola ing Samarang, kalebetan durjana pandung, medal urung-urung toya lajeng angrisak jandhela malebet ing kamar ambikak pethi tosan kalayan sorog tiron utawi bandrek mendhet arta kathahipun Rp 4000 tuwin baran gmas inten gadhahanipun para rare wau, menggah awasing lampahipun durjana, punika anelakaken naming tiyang ingkang sampun nate ngambah ing ngriku ingkang dados durjana, milapulisi boten talompe sampun saged anyepeng durjana jasman simin sarta praya, tiyang titiga wau punika kala rumiyin nate nyambut dameling ngriku sarta dereng antawis lami kendelipun punika ingkang keningg ipanyakrabawa, lan monten cihna tugel lan jugil ingkang kantun wonten ing jandhela, babonipun kepanggih ing griyanipun pasakitan jasman dipun dhukaken mathuk naming owel dene barangipun dereng saged ketitik.

Telegram saking nagari Enggris amartosaken amargi saking genging kauntunganipun lampah amongdagang sarta among tani sanes-sanesipun ing mangke badhe anyirnakaken pananemipun wit apyun ing talaahipun pulo indiya Engggris inggih badhe boten sade baran gwau kajawi ingkang kadamel woworan jampi wedalan saking juru ngracik jampi, karsanipun gupremen Enggris ingkang makaten wau anyabun asta kalayan toya resik supados paliketing pulut apyun ingkang salami-laminipun lengket wonten ing ngasta sirna kentir ing toya, dene kaleksananipun taksih mawi prabeya ageng, amambengi lampahing para juru salingkuh apyun sampun ngantos malebet ing laladanipun Indiya Enggris. Pangajeng ajeng saha pamujinipun titiyang indhiya Nederlan lalampahan ing ngrgil wau amamalada panggalihipun knjeng gupremen nederlan karsaniru ing bab wau pnika, iba badhe kathahipun tiyang angob ing pulo jawi, anggeripun taksih saged waing mongsa pejaha, sanadyan pejah agih naming sapisan.

Juru metang arta ing kantor Bank Batawi, kaleet ing kunjara, amargi kininten sakuthu prakawis icalipun arta 82000 kagunganipun kanjeng gupremen sarta wonten raosan bilih kasirsanes-sanesipun ingkang magepokanprakawispunika badhe kacepeng ugi, punapa jalaranipun para kantor wang naming sami angangge kasir Cina, punika boten sanes naming saking bongsa Cina langkung saged petang sarta rikat tinimbang kaliyan bongsa sanesipun sarehning wonten lalamaphan kados ing nginggil wau, punapa boten prayogi para kasir cina wau kasuwak sadaya, linintunan para bongsa Eropah ingkang kathah wawatekipun anebihaken pandamel awon.

Kewan sukupat boten wonten ingkang boten saged nglangi, nanging unta punika ingkang menjila boten saged ngalngi piyambak manawi nyabrang ing lepen kellep sakedhik kemawon lajeng kagulimpang boten saged polah.

Tukang cengkal anama tuwan L Bron amanggih guwa ageng ing Maksidhonel tanah Ostraliyah, guwa punika sakalangkung sempit wonten bolonganipun wiyar kados upaminipun margi, ingkang anjog ing guwa wau, lebeting guwa kininten boten kiran gsaking 70 kaki, sasisih ing guwa ingkang langkung wiyar kebak isi lawa pethak sarta titiyang sajagad dereng wonten ingkang sumerep lawa ingkang kadospunika, saiba badhe angsalipun yatra bilih lawa wau, dipun tontonaken amarengi sakaten.

Ing tanah Eropah taneman kenthang punika kalebet taneman ingkang ageng paedahipun sami ugi klint taneman gandum tuwin pantun ing tanah jawi, raja ing Ruslan sampun wiwit kala ing taun 1842 dumugi sapriki boten kendhat adhadhawuh tansah sarta amumurun kataberenipun para kawula alit ing dhusun supados sami amarsudi ya kaindhakaning tatanen sinten ingkang anetepi karsanipun sang prabu, ananen kenthang kathah sarta sae pangopenipun punika mawi kaparingan ganjaran sapantesipun sarta ganjaran medhali emas utawi salaka mawi kaukir, mungel mendhali kenthang.

Wonten Walandi tumbas sate dhateng tiyang jawi ing kampong Cantikan (Surabaya) sareng sampun dipun tedha lajeng mutah mutah, walandi wau macak gugat dhaten parentah, parentah nrutuli dhaten griyanipun tiyang sade sate, ingngriku kapanggih wonten sampil satunggil sarta kayektosan bilih punika sampil segawon dados sarte sanes sate loembu utawi menda, kilap kadadosanipun.

Ing nagari Eropah wonten sawenehing tuwan ngaras dhateng pacanganipun karaket boten saged pisah malih jalaran kalih pisan lambenipun lumengket dados satunggil awit saking atisipun, tujonipun tumuwuh in gpitulungipun dhokter lambenipun lajeng pisah malih

ananging kalih pisan sami tatu rahayunipun kok lambe ingkang kanthila, yen sanesipun riricikan ingkang karaket arak kojur.

Isarat warni-warni

Sepatu, tuwin sanesipun prabot ingkang kadamel saking wacucal manawi amrih lemes tuwin awet sami dipun gebega kaliyan lisah petroliyum lajeng katingal kados damelan enggal.

Sadaya dandosan ingkang kadamel saking timah, menawi badhe anggilapaken kagebega kalihan sinjang ingkang cinelupaken ing lisah petroleyum, makaten ugi baran-barang ingkang poturan bilih katingal busem tuwin pating cloreng, prayogi kagebega mawi lisah petroliyum punika katingal kados inggal malih.

Saratipun mangsi boten jamuren punika amendheta cengkeh sawatawis kathahipun lajeng dipun pipisa ingkang lembut sasampunipun lajeng kaworaken kaliyan mangsi wau.

Supados hawa salebeting senthong saged resik punika makaten acawisa mangkok isi toya,sarta mawi chleorkak klurkalek ingkang kapara kebak klurkalek kenging tumbns dhaten griya pangracikan jampi, sarta kacamboran cokak sakedhik lajegn kadekekna ing senthong.

Balih manggen griya ingkang caket kaliyan gotgot tuwin paceren ingkang gandanipun awon sampun kasupen cawis isarat kados ingkang sampun kasebut nginggil, temahanipun sakalangkugnsae, awit angirup sadaya gonad awon

P.Bt.

Cucuting wangsulan

Wonten sawenehing prajurit ingkang kacihna kawanteranipun ing ranangga, dipun timbali majeng ing ngarsanipun senapatining ngayuda, badhe tampi wisudhan sareng prajurit sampun sumewa, sang senapati manabda, e prajurit rehning wus tatela gonmu tansah arsa labuh pati menyang praja, anandukaken sudiranamu jroning ngayuda, ing mangko sira bakal tompa ganjaran ingakng warna roro ewadene sira kapareng amilih salah sawijine, madhali salaka utawa dhuwit Rp.100.

Atur wangsulanipun prajurit inggih saklangkung kapundhi sih tresna dalem ananging kaparenga kawula amiterangaken mdadhali salaka makaen wau, ngantos pangaos pinten.

Senapati iku madhali regane ora luwih saka Rp 10

Prajurit manawi makaten sampun katanggelan madhali salaka wau kawula suwun pisan saha kawula nrimah tampi ganjaran ara Rp 90 rupiyah kemawon dados ingkang 10 rupiyah sumerep panumbasing madhali.

Nahanta sang senapati gumujeng anggugguk karenan saking aturipun prajurit cucut, ganjaran madhali saha arta Rp 100, kaparingaken sadaya, malah kawewahan 1 pedhang adi, sandhangan sapangadeg,makaten sabdaning senapati, lahikiwong lucu pedhang lan sandhangan tampanana pian dadi ora katanggungan.

Ongka 37, SEtupon kaping 30 siyam Ehe 1820 utawi 9 Mei 1891

Surakarta

Kala malem Rebo ingkang kapengkerpunika, ing ngriki karaos wonten lindhu, sareh ebahipun eyang bantala, amarengi ngajegnaken jam kalih welas dalu, pramila awis tiyang ingkang karaos ebahipun wau.

Kala ing dinten Rebo ingakng kapengker punika, sampun wanci jam satengah pitu sonten kulak ok miring drel sanjata sarta mariyem wawantu-wantu, punika drel tetenger punapa

Sampeyan punapa boten ngengeti, manawi dinten Rebo wau pekenanipun kaliwon nuju wuku galungan.

E, inggih kula kengetan dinten rebo ingkang kapengker punika kaleres tingalan dalem pawukon sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan nanging wiyosing ajad kok sonten ingkang sampun sampun siyang.

Lo, sampeyan kalepyan maliyh.

E inggih, inggih, punika wulan siyam, manawi makaten punika ingkang andhawuhaken timbalan dalem dhumaten gpapatih dalem punapa abdi dalem bupati kaparak punapa kaliwon anggandhek.

SAdaya wiyosing ajatingalan dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan utawi gusti kanjeng ratu pakubawana kanjeng gusti pangeran adipati anom maleman sapanunggilanipun sarta manawi wonten tetetepan ing seran abdi dalem buapti anom anon pulisi saaha pamajegan kaliwon jawi lebet punika ingkang nampeni dhawuhing pangandika dalem abdi dalem wadana estri, wadana estri lajeng medal sangking kadhaton dhateng pasowanan sripanganti kilen andhawuhaken timbalan dalem wau dhateng kaliwon gandhek kaliwon gandhek lajeng medal dhaeng pagelaran andhawuhaken dhateng papatih dalem.

Inggih kajawi miyos garebegan kaping tiga sataun manawi wotnen tetepan pangeran putra Santana, utawi tetepan lan ingser-ingseranipun abdi dalem bupati nayaka, 8, sarta pangulu, punika ingkang dhawuhaken dhateng papatih dalem bupati kaparak anangng bupati kaparak kalih pisan punika tampinipun dhawuh ing timbalan dalem punika boten mawi lantaran wadana estri.

E inggih, nanging sanes ingakng kula aturaken manawi wonten serat saking batawi utawi sangking Yogyakarta lumebet ingkaraton bidhalipun sangking dalem paresidhenan serat wau kawadhahan ing beri jene dipun lurubi sutra jene, kaampil tuwan litnan dregunder numpak kreta pethukan sangking karaton dipun songsongi gilap ingkang nongsong abdi dalem mantra kaparak manawi sampun dumugi ing pagelaran tuwan litnan mudhun sangking kreta, serat wau lajeng dipun tampeni sarta lajen gdipun ampil abdi dalem carik ingkang nongsongi taksih mantra kaprak manawi sampun dumugi ing kori srimanganti, ingkang nongsongi kok lajeng santun abdi dalem kaliwon kaparak ngantos dumugi ngarsa dalem mongka manawi sampeyan dalem ingkang sang sinuhun miyos pasamuan sarta manawi sripaduka kanjeng tuwan besar ingkang wicaksana guprenur jendral martamu ing karaton ingkang nongsongi inggih namun gmantri kaparak kimawon wangsul serat wau ingkang nongsiongi kok abdi dalem kaliwon nayaka, lo punika kinanipun kados pundit.

Wolah, sampun dados pengalih, kula dereng angsal seserpan pitakens ampeyan punika, cobi sampeyan gelar wonten ing bramartani ngriki, bokbilih wonten ingkang paring katrangan ampun nun andum wilujeng

Ing kampong Kusumadilagan griyanipun Cina singkek nami Tan To Hok kala dinten kemis kapengekr punika kinten wanci jam 2 siyang meh dados awu, amargi anggenipun gogoreng tahu, awit latu ingkang wonten salebetipun keren anyalat dhaten gwaja ngantos mubal mubal badhe nyandhak emper, pinuju tongga tepalih ingakng celak wau kathah ingkang sami tandang, ing wusana latu lajeng pejah

Kintunan.

Tiyang nama Sutgya griya kampong K.H. gadhah sakit untu awit nalika rare ngantos dumugi sepuh, dereng watawis lami pun sutagya wau ngleresi sakit untunipun wah pancen badhe ompong, untu sampun sami oyag dados anambahi sakit sanget saking boten kuwawi nahanaken sakitipun lajeng angundang tukang pasha awit punika saged nyoplok untu, sareng sampun dhateng lajegn dipun ken nyoplok untunipun ingkang sakit 4 iji, prenah ngebam kiwa

nginggil kalih ngandhap kalih, dipun sukani epah kalih wang m kelapahan untu wau dipun coplok prol tiyagn pancen sampun badhe rentah inggih gampil kemawon nanging sareng sampun makaten pun sutagya bamipun ingkang kiwa dados abuh, lami-lami abuh wau dados ageng ngantos samaja, dumugi sapriki dereng mantun sarta tansah ngrengan kemawon ah mesakaken sanget pramila sok galuwah gluweh prayogi angantos-antos awit nyethilipun untupunika, manawi derneg saged ingkang anyethil tamtu ambabayani.

Yogyakarta

Nalika dinten Rebo kaleres malem salikur wanci jam 7, sonten ingkampung lempuyangan nuju rame-ramenipun tiyagn ngepung ambengan maleman kaget miren gswara tulung-tulung, sami dipun nyana tiyang mabujeng durjana, para angepung lajeng sami medal sikep dadamel sareng dipun tuweni tiyang kacegur sumur, enggal dipun pitulungi lantaran deling sara kendharat rahajeng sumur wau sampun pejah boten wonten toyanipun sareng tiyagn sampun kenging kainggahaken jebul mas ngantene karya mijil katingal ababak bundhas waunipun inggih tumut kendhuri, ananging lajeng medal angrumiyini badhe amanggihi janma, ingkang pethuk ati gumolong cipta, kesasar margi dhateng sumur pejah, we, la, dipun gugujeng ing tiyang kathah, lajeng kesah galeles tanpa pamit kados isin. Inggih punika jampinipun tiyang estri remen balusukan.

Dereng lamiing griyanipun cina nama Ko Tyang Jwa ing kampong PUrbakusuman ing wanci dalu dipun pasangi dhinamit saupamiboten na konangan pambalaedhosing dhinamit kados inggih saged angrisakaken griya, rahajeng babah kotyangjwa miren gnalika pamasangipun sareng dipun tuweni dhinamit puika kapendhem kawadhahan ing bleg alit sarta mawi uceng-uceng panjang ingkang kenging kasumed saking katebian kala jumeneng dalem kanjeng tuwan residhen Panbak ing ngriku sampun nate wonten dhinamit mungel wancinipun jam 11 dalu, swaranipun gumleger pindha mariyem nanging kaping kalih pisan punika durjana ingkang saged damel dhinamit dereng kacepeng, sampun saestu makaten wau boten adamel tentreming tiyang gigriya punapa malih bilih durjana punika dereng kacepeng, ingkang taberi tam as kawogan, hyah gluwah-gluweh.

Awit saking karsa dalem kanjegn tuwan risihen sadaya tiyagn ingagn sami gigriya wotnen ing warung tanjung reh ing Pakualaman ing ngandikakaken sami ngalihs alebetipun wulan ramlan punika sageda sampunan resik rehing papan ing ngriku badhe kapulihaken kados ingkang wau wau, sarta kaadegan los kados ingpeken ageng, dene para tiyagn ingakgn sami ngalih mawi kaparingan pituwas katimbang sapinten cekapipun anadyan wong sadintn kendel nanging rame swarnipun tiyagn bibrah bibrah griya utawi usung-ngusung, wah benjing manawi sampun dados anggenipun angyasani los saiba puthut supama bingahipun neh, rak lajeng kenging kulawastani puthut ing peken tanjung, sampun mesem ta.

Bauwarta

Kala ing dinten jumungah Kliwon tanggal kaping 1/5/91 wanci jam ½ t enjing wnten lindhu naming alit dangunipun kinten-kinten among alapan sontenipun wanci jam ½ 9 wonten malih ragi ageng naming kalih iyegan, kala dinten salasa sonten ugi wonten malih nanging alit dangunipun ¾ menit rehning kul sampun tilem dados boten sged ngaturaken jamipun kauningana ujaring primbon kula, ingkang tumrap buku pasatoan anggitanipun raden martadireja, ingkang sanmpun tilem dados boten saged ngatur ken jamipun kauningana ujaring primbonkula, ingkang tumrap buku pasaton anggityanpun raden Martadireja, ingkang sampun kasithak dening tuwan Pandhorep ing nagari SAmarang, ungelipun mangkaten “yen lindhu ing sasi puwasa, rina, keh wong suwala, yen bengi keh wong ngalih” ingkang punika sumongga pamaos anggenipun sami manggalih temen utawi botenipun ungeling primbon wau, Nirdeya.ss

Tiyang sadasa sami kalempakan guyubing rtembagipun badhe amitontonaken kawasisanipun anirokaken angeling sato sawatawis ananging kedah mawi totohan yatra, tiyagn satungggal wudhusarupiyah, pundit ingkang onjo piyambak panirunipun pnika ingkang badhe ngukup arta sadasa rupiyah, wonten satunggal ingakng sagah badhe anirokaken ungeling ulam grameh, punika adamel kodhenging manahipun tiyang ingakng sanga, dipun pitangledi kadospundi ungelipun amangsuli mangke kemawon manawi titiyang sanga sampun sami kalamapahan bawa swara, ya piyambakipun inggi hbadhe abawa swara ugi, titiyang sanga

wau inggih lajeng bawaswara, 1 anirokaken swaranign kapal 2, segawon 3 kucing, 4, menda, 5, lembu, 6, maesa, 7 sima, 8, swung, 8, tekek, tiyang ongka 10 wicanten bilih anggenipun sami nirokaken ungeling sato saweg memper kemawon dereng saged anyeplesi, piyambakipun lajeng dipun tag anirokaken swaraning grameh, inggih lajeng nirokaken cangkemipun amecoco, kaliyan angukup yatra, sarwi wicanten kaliyan mesem bilih naming awakipun piyambak ingkang ceples anggening anirokaken swaraning sato, mawi apitangled sinten ingakng smpun nate miring swaraning ulam grameh, kajawi naming mecoco samana manawi badhe angedalaken hawa, mila anggenipun nirokaken cekap naming mecoco kemawon boten susah abawa swara mindhai badhe boten saged anyeplesi, tiyagn sanga sanadyan rumaos sami dipun balithuk gujengipun kados sinentak sarta narimah kawonipun.

Ngawi
Bramartani ongka 32 anggiyaraken pawartos prakawis raja pejah, ingkang kalamapahan wonten ing gubug pasabinan ing dhusun bawah dhistrik dera, ing mangkepulisi sampun nyepeng tiyang nami Kertadimeja dhusun bintaya, ingkang kadakwa anandukaken kadurjanan wau, panggrayanganipun angsal punapa malih wonten cihna bektinpun ananging pun durjana taksih kumbi kalepatanipun saprakawis dereng salesih papriksanipun.

Ingkang makaten wau saestu boten kaladuk bilih mangalembana kacakepanipun priyantun ingakng amedanani ing kadhistrikan wau, amargi salbetiing taun punika, ing dhistrik Dera wonten tiga prakawis raja pejah, karetes sadaya angsal katrangan saha ngantos saged misesa para durjananipun punapa malih pambudinipun katrangan wau sarana alusing patrap sarta kacihna kawegiganipun.

Ing nalika dinten Salasa dalu dumugi dinten Kemis dalu, ingkang kapengker ing madyaning ngalun-alun wonten tatingalan kumidhi jepang, kaleresan ing tigang dalu wau ing ngakasa sumilakprabaning hyang sitaresmi anelahi, dados kapara kathah titiyang ingakng sami ningali, para tuwan tuwan saha priyantun ugi kathah ingakng rawuh mriksani sarimbit punapa malih para babah babah inggih sami dhateng, wondenign tatingalan wau warni-warni ingkang kagiyaraken ugi adamel karenaning para nonton..
Untabing titiyang ingakng dhateng ing ngalun-alun kumelun kados sulung, la ka ring ngriki radi awis ta tingalan sanadyan titiyang wau boten malebet ing trub para taruna kathah ingkang sami angenggar-enggar ing jawi kemawon saoto, sate sami atab sajatining tarub para gabayak pethak narithik pating pathinthing, kanthil pethak sinebar ing maruta, angambar gandanipun nanduki grana, anambahi beragipun para taruna juru ngrahbaseng gelung.
Prasaja.

Pethikan
Samarang
Akalng Cina ngadegaken griya koplakan supados kathaha ingakng ngendeli, margi ageng ing samarang ingakgn dhateng ing ngungaran punika kathah kapal momotan ingakng ambekta barang gagramen anglangkungi koplak pakendelanign kapal momotan wau, ingakng kacariyos koplak ing jomblang inggih punika koplaking cina kaliyan koplak Karangturi, antawising koplak kakalih wau marginipun ageng anugel wanatrataban saben saben lampahing kapal momotan nanggel utawi saweg wanci ngasar, sampun anglangkungi koplak jomblang, badhe kendel wonten ing koplak KarngTuri, ngalngkungi wana trataban wau, punika dipun cegat dening upas pating jredhul medal sakin grumbul amriksani kapal momotan dipun bikaki, bokmanawi wonten ing kang babak bade kaladoaken ingrentah, sarta dipun prakawis anggenipun lumampah nanggelboten kendel wonten ing koplak jomblang, awit saking punika para among dagang sami ajrih lumampah ing wanci sonten manawi dipun arubiru dening upaspulisi wau, nemah kendel wonten ing koplak jomblang, denjingipun bidhal boten wonten kara-kara, gentos kacarios koplak karang turi boten nte dipun kendeli kapal momotn sampun saestu adamel kapitunanipun titiyangingkang sami ngadegaken koplak paytrap punika anuwuhaken panggraitanipun ing kathah, bilih para upas pulisi punika

dede upas sayektos ananging damelanipun cina koplak ing jomblang, alusing budanipun cina punika ambodhokaken dhateng polisi, punapa pulisi badhe kendel kemawon.

Surabaya
Sriman ing kampong Paesan gadhah mtira saewah estri nama mijahi kampong Baru, wanci dalu apapanggihan konangan pulisi rundha, kacepeng kalih pisan tinarka bandrek….uh: kecuwan karsa, athik jebul di arani dhemenan ta, neh, mongka naming badhe rerembagan ing pamancalipun dhateng bojo sepuh kados pundit, ananging panggenaning anggening papanggihan radi lindhuk.

Serat pawartos Surabaya Koran anyariyosaken besuwit damelan Enggris ingkang sampun misuwur ecanipun punika wonten ingkang niru damelan saking dhistslan ngalamatipun mungel kombinatnahekat P.W. Noke, wonten malih mungel besuwit ambureh, besuwit punika boten eca, tinimbang kaliyan damelan Enggris sampun ngantos tumbas besuwit wau.

Prangkrik
Lalangenan sato gala king kitha Paris wotnen tuwan ignakng mitontonaken sima gangsal ingkang dados pangeram-eram sima wau sami miturut punapa abaning juru amongipun prasasat sampun kados dhateng segawon pangerehipun tuwan dhateng pun sima, ananging sawenehing dinten sima dipun tontonaken malih, sareng samun rampung dipun abani wangsul dhateng kandhangipun ingkang sakawan sami manut wangsul ingkang satunggal mogok we la dalah nyulayani, sinten ingkang kaconggah nyembadani karosaning sima,s ampun saestu boten wonten para tiyang ningali geger oter rebat rumiyin wedalipun saking tarub dhirekturing komidhi enggal angebyuki sima dipun grejeg ing kathah kenging kalebetaken ing kandhang, para tiyang ningali saya salang tunjang wedalipun wonten te ingkang purun kantun saha ningali tarunging renang komidhi kaliyan sima, kados inggih ami ajrih embok manawi katawur kagraut.
=====\=====================
Kula sampun angudaneni suraosipun serat panjurungipun ingkang sasilih nama Abuliyep kawrat ing ngabyantaraning Bramartani, ongka, 34, tanggal kaping 19, siyam ehe, ongka warsa, 1820, ingkang aparing jarwa, bab pitaken pethikan saking suluh pangajar, ingkang punika panjarwa wau saking pamanggih kula ugi dereng saged ajalaripadhanging paningalipun tiyang ingakng taksih kirang saserepan, e kadospundi anggen kula saged mastani makaten wau, kok kula sumedya anyanyawadi dhaeng kasagedanipun liyan utawi badhe ngungasaken kawegigan kula piyambak, punika sampun boten pisan pisan naming kula pirit saking tatembungan bilih wonten tiyang langkung dipun pitakeni kadosta, sampeyaniku tiyang pundit, manawi wangsulanipun kula tiyang dhusun kebonsari, utawi, kula tiyagn ing dhusun kebonsari, utawi malih, kula tiyang dhusun ing Kebonsari, punikapunapa wonten bedanipun saking gaduging manah kula kados kok inggih satali tigawang, ing wasana sanget ing panuwun kula dene panjenenganipun kyai sampun karsa macak panjurung kula punika wonten ing pustakawaarti Bramartani.
Ing Giriloka ping 3, siyam Ehe, 1820
Wingkotama.
==============\================
Ing Bramartani ongka 34 wonten panjururngipun mitra kula ingakng tigas kawuryan asisinglona nama Abuliyep ambatang pandangunipun kyai jurungarang pethikan saking sulh pangajar, saking panimbang kula inggih sampun lumayan awit sampun kathah emperipun naming sakedhik ingkang dados aken cuwanign manah, pambatangipun mitra kula abuliyep wau kados pndi menggah leleregipun dhateng tembung sajagad lan malih sampeyan punapa badhe ngicali kajenging daya sasatra.
Ing Karang Panucukan kaping 23 Siyam Ehe 1820.
Kula pun Amad Kempi
=========\=================
Padhanarantaka, wawaton sampeyan kawrat ing Bramartani ongka 32, boten andadosaken condhonging manah kula, ananging malah andadosaken gumuning manahkula, dene

sampeyan teka purun anganggep leres ing kalepatanign liyan sampeyan cariyos jakalengkawa anyulayani dhateng Jaka Suwedha bab wontenipun sastrasruwenda, awit watonipun jaka suwedha, pgruwanda kala taun surya sangkala 1128, utawi ing taunCandrasangkala 1154, watonipun Jakalengkawa, muksanipun Prabu Panjisuryawasesa, kala taun suryasangkala 1126, utawi ing taun condrasangkala, 1160 manawi sampeyan pririt saking pnika leres jakalengkawa, prabu Panjisuryawasesa sampun seda, wawaton sampeyan pyambak jumenengipun prabu Panji Surya wasesa, ing Janggala manik punika kala taun suryasangkala 1118, utawiing taun Condrasangkala, 1144, dumuginipun ing taun suryasangkala, 1128, utawi ing taun condrasangkala, 1154, lajeng angawontenaken sastragruwenda, ingakng kadhawuhan nganggit empu Wiratma (cundhuk kaliyan wawatonipun Jakasuwendha) dumuginipun ing taun Surya sangkala, 1135, utawi ing taun condrasangakala 1160 prab Panji Suryawasesa seda, lah punika dhadhap narantaka, tetelanipun wawaton sampeyan kaliyan wawatonipun jaka suwedha boten montra-montra angemperi kaliyan wawaton ingkang leres kados ta saweg merit petanging taun kemawon sampeuyn angantarani bilih lepat awit boten wonten taun surya, 1135 taun condra 1161 manawi taun surya 1135 taun condrawesthi, 1170 manawis ampeyan boten pidados coba sampeyan ,aps serat widyapradana, punika inggih anggitanipun rising minulya, mangkaten malih saha geng kula samanten dereng sumerep serat panji sarta serat babad sangkala anggitanipun rising minulya ingkang anyariyosaken prabu Panji Surya wasesa ngangit sastragruweda, ing mangke kula pitaken saupami temena prabu Panji wau nganggit sastra gruweda, saestu kasebut ing serat panji, sarta serat babad sangkala, mila sampeyan pratelakaken panganggitipun kasebut wotnen ing serat punapa, mongka karaton ing janggala dumugi karaton ing Pajajaran ingakng dipun agem sastra Wyajana, leres cariyosipun jakalengkawa, dene bab gesehing petangipun taun sruya kaliyan taun condra, wawaton sampeyan nalika muksanipun prabu Panji, sarta wawatonipun jaka suwedha, punapa dene wawatonipun Jakalengkawa, ing amngke kula ingkang ngleresaken kalayan wawaton premati, anggitanipun I Ronggagawarnisirata, ing Kedhung Kolah sampeyan tingali ing ngandhap punika,

Jumeenngipun prabu Panji Surya wasesa nalika taun Surya sangkala, 1110 utawi ing taun candrasangkala 1144 kasebut ing serat panji paniba, muksanipun nalika taun surya sangkala 1126 utawi ing taun candrasangkala 1161 kasebut ing serat panji panuba, wasana manawi wawatonkula punika sampeyan sarta jakasuwedha dereng ajeng, inggih among rujak nongka kemawon wawaton kula anggitanipun jangga,wawatons ampeyan anggitanipun setrakenco.

Ing langenjayan tnggal kaping 15 Siyam minge Ehe 1820

Pulunan utawi Manipun Jakalengkawa

Bandungbondawasa.

Ongka 38, Slasa Legi Kaping 3 Sawal Ehe, 1820 utawi kaping 12 Mei 1891

Kulawisudhan
Mas Ngabei Ranaatmaja, wadana ing Samarata, kaangkat dados patih Ngawi.
==========\========
Surakarta
Kanjeng Parentah sampun angundhangaken bilih sabin ingkang kirang langkung sepal ebihipun saking prenahing sabin pamaosanipun para tuwan punika boten kaparengaken dipun tanem wana rosan cemeng, awit punika amring anuwuhaken samaring lampah, punapa malih anawuhaken sedya awo ilih sanesipun rosan inggih kapareng, dene bilih pancen badhe dipun giling kadamel gendhis punika inggih kapareng, ananging bilih sampun angsal kalih mangsa, sanadyan rosan cemeng utawi sanesipun punika taneman kedah karombak awit bilih boten makaten tuwuhipun anyere saha lajeng tumular dhateng sanesipun.
Kula miring kabar papasaran naracundaka kapala kampong ing Kemlayan purun purun angadegaken griya sarta bango bango wonten papan pemahan ing Ngadikusuman ingkang tembing midul wetan dipun sewakaken dhateng tiyang jawi tuwin tiyang cina, ingkang dereng angsal idinipun kapala kampong ing ngadikusuman utawi dhateng ing kabupaten pulisi punika saking pamiren gkula samangke dadosprakawis griya sarta bango bango wau dhawuhipun kabupaten pulisi lajeng dikakaken ngriksak kilap badhe jawabipun narandaka, (Kintunan).

Griya padhasaranipun bok Sendika ingkang mande sapinggiring margi ageng tengah kabupaten Bumi, sawatawis radi katingal mamprah, nalika dinten malem Slasa tangggal kaping 26 wulan siyam wanci jam 4 enjing, dipun besmi dursila, katitik saking gandaning latu walkirang, rahayunipun lajeng katungka dhatengipun para tandang saha cikating para kawogan prayantun ingakng rundha ing kabupaten latu temahan sirna naming dipun caruki kaliyan tangan mila sangking pamuhi kula sanadyan nagari anggening ngencengaken rumeksanipun ing tatatentrem sampun boten kuciwa, para kawula dalem sageda animbangi dhaten gpangreksanipun ing nagari, supados sami angatos-atos. (kintunanan).

Sampun ingkangpara maos malih botena sami bosen tiyang kula piyambak inggih sampun bosen awit sampun pinten-pinten rambahan bramartani nyariyosaken awoning kareta andhong, ingkang karetanipun sampun katingal pating gedhagreg kapalipun sami babak punika arak mokal sanget bilih para ngandhongaken wau derenga nampeni dhawuh saking kanjeng parentah ageng, yen mangkaten punapa pancen dipun jarag tandhanipun kala Akat ingkang kapengker punika kula dolan kaliyan mitra kula tiyaka kalih sami sumerep kareta andhong saking wetan mangilen kareta dalah kapalipun kados ingkang sampun kasebut nginggil dipun momoti areng kathahipun boten kirang saking 12 kranjang (6 pikul) bokmanawi dipun beta dhateng Nglawiyan hyah ngantos sepet maripat kula aningalipunapa boten prayogi dipun emutaken denign para priyantun ingkang sami kawogan among praja, saking temen temen kula kadugi nyanggi imbar supadosipun saha ngecapi dumuk raden Balung Pengki.

Ngabei karta Wiyoga abdi dalem panewu bumi ingkang sampun tilar ndonya, kala tilaripun tanpa sakit sarta adamel gawokipun titiyang kathah, wanci enjing dhateng ngloji ngemping paos dhateng tuwan brongkos angsal satus rupiyah, punika lajeng dhateng ing pacinan tumbas mori, 5 emblog uwos sadhacin ulam tuwin bumbu bumbu, antukipun mampir tumbas deling pisan dumuginipun ing griya ingkang estri kaget sarwi taken *sampeyan athik balonja kiyambak Mas Bei, dingaren mongka selamine sampeyanboten nate nyumerepi teng kebetahane tiyang estri lan tumbas mori lawon kathah niki damel napa, kados di angte tiyang*

pejah, napa onten sanak sadherek sing ajal wangsulanipun *ora ana apa-apa, muaku bakal kedhayohan sadulur tunggal guru saka Kedhu, tekane mengko sore, mulane kowe banjur olah-olaha* ingkang ngestri inggih lajeng mituhokaken salebetipun ingkang ngstri olah-olah ngabei Kartapiyoga lajeng angrakit pirantosing layon ingkang ngestri sumerep pitaken malih wicantenipun *manahkula kok boten sekeca mas bei, ningali karsa sampeyan punika, teka angedheg-dhegi manah, mori sampeyan suweki, deling sampeyan kethokipunika sampeyan damel punapa,* ***wangsulanipun*** *biyang cilikan temenaten nora ana kedhah kedhih, kowe weruh apa tak tuturiya yen wong arep ketekan sadulur tunggal guru, kang wis lawas or tau temu tinemu, mongka bakal ketemu ikupatrape olehe nemoni ngango sarwa putih, kaya wong mati, taw is tutugna lehmu olah-olah* ingkang jaler lajegn reresik dhateng sumur adus karmas sarta kethok kuku, sareng sampun lajeng linggih wonten jrambrah, ingakng ngestri sanjang bilih anggenipun olah-olah sampun mateng,s arta lajegn sasaji ngabei kartapiyoga inggih lajeng nedha, sareng sampun sanjang dhateng ingkang estri, bok mase, aku tak turu menyang gedhong dhisik mengko sedheng dhayoh ku teka aku gugahen pitungkasipun wau inggih dipun estokaken dhateng ingakng ngestri, antawis wanci pukul 4 sonten tamu dereng dhateng, ngabei Kartapiyoga dereng tangi, manahipun ingkang estri kirang sakeca, lajeng nusul dhateng gedhong, dhuh pangeran maha gung, ngabei Kartapiyoga sampun mujur ngaler piyambak alemek mori wonten ing patilemanipun kantun anangsuli kemawon ingkang ngestri jerit sarta lajeng angrungkebi, nanging ngabei Kartapiyoga sampun pejah dangu, tongga tepalihipun sami kaget sarta lajeng nglayat sami kagawokan aningali pasang rakitipun pirantining layon ingkang mentas kadamel dening ingkang pejah, sarta anggenipun olah-olah ingakng ngestri wau inggihlajeng kage sasegahaipun para priyantun panewu mantra ingakng saminglayad menggah kalepasaning ngelmunipun kasampurnan ngabei kartapiyoga wau angeram-eramaken sayektos suprandosipun boten purun dados guru, kosokwangsulipun para cecrekan kemawon kathah ingkang purun dados guru

Kintunan

Aneh

Ing dhusun Nglungge, wonten tiyang anama Ki Cakrajaya, ingkang kala ing tanggalkaping 5 wulan siyam kapengker punika, awawartos dhateng para sanak sadherek tuwin sanesipun manawi kasambadan ing sedyanipun benjing ing dinten Saptu wage tanggalkaping 16 wulan Siyam ugi, ing wanci pukul sadasa siyang pyambakipun badhe atilar donya,mila dinten wau ing wanci pukul 7, 8, akiripun pukul 9, para ahli warisipun sami dpun purih dhateng ing Nglungge sageda anenggani pananjakipun, para sadherek miring cariyos mangkaten wau anggatosaken sanget malah saderengpun dinten saptu wage sampun kathah para tiyang sami tuwi kaliyan anyukani badhe tumbasan toya tuwin mori sapanunggilanipun sanalika lajeng katingal kacekapan wah apa mangkono iku si jeneng ngingu blorong, dumugining dinten saptu, para sanak sadherek ugi angleksanani dhateng saestu, kyai cakrajaya sadhatengipun tiyang punika sampun mapan tileman dados dipun bubung tiyang kathah manawi wujudipun kiyai wau katingal naming lesuning badan katarik saking anggenipun boten doyan nedha sampun 10 dalu.

Wusana sareng sampun wanci kendel pukul sadasa, kyai wau dipun tuweni kok jebul taksih ngorok sasenggoran dereng pejah, wo, pripun bah, napa boten sida ngajal lun mekoten ing ngriku kathah parapryantun ingkang sami mantuk saha anggegujeng kabatosan dhateng bah kyai wau, awit boten anetepi cariyosipun pejah ing wanci pukul sadasa, dados antukipun para pryantun ingkang saminglayan wurung wau bah kyai inggih taksih dipun tengga para akrabipun pyamabk kocapa enjingipun para pryantun ingkang saminglayad waspejah wurung punika kadhatengan kengkenan saking Nglungge, angaturi wuninga yen ki Cakrajaya kala wau dalu saestu atilar donya, eno, gek wingi awan wis ora sida bae kathik mubengi sida mati, apa nguntal kendhela, punika ciptanipun para prayantun nanging bab mau taksih meksa kula alembana, inggih sampun ingkang anemtokaken pejah malih boten namlesed tiyang mung semadosan badhek klintok-klintok kep pawonter kdhaang rewel rakinggih ta nun, wusana paakyai guru guru, sami kula aturi enget lelampahan ingkang kasebut nginggil punika,

sampun remen angungasaken pengpenganing ngelminipun mindhak malesed arakkajegur jurang.
Kula pun Cobolo POthet
Prantandang.

Kanjeng gupremen sampun amarengaken pamitipun kanjeng tuwan residhen tindak dhateng ing Bogor lajeng dhateng ing Tegal tindak kondur sawulan laminipun menggah bidhalipun enjing punika, asasarengan putra dalem kanjeng pangeran arya Mataram tuwin Kanjeng Pangeran Arya Pratuningrat ingkang kawentar ing pawartos gusti kakalih wau, sami badhe sowan sripaduka kanjeng twuan ingkang wicaksana.

Pethikan
Pacitan
Kala tanggal kaping 5 wulan punika wanci angajengaken jam kalih welas dalu, ing ngriki karaos wonten lindhu, ebahipun bantala ragi sanget tujunipun naming salapan kemawon.
Benjing tanggalkaping 17 Juni ngajeng punika sripaduka kanjeng tuwan ingkang wicaksana, badhe tedhak dhateng ing Surabaya, naming kadherekaken dening kanjeng tuwan Sekretaris jendral kalihan ajidan sakawan lerep wonten ing Surabaya tigang dinten sakawanipun dinten anitih kareta asep mirunggan tindak dhateng Malang nunten lerep sadinten salajengipun tindak dhateng Pasuruan majakerta tuwin dhateng Prabalingga, dene saking ngriki wangsul tindak dhateng Surabaya malih, ingkang lajeng nitih baita pethukan kondur dhateng Batawi.
Manut serat kawat lumantar saking tuwan Moses dhumateng tuwan Gasper ing Samarang, kawontenanipun panariking loterei yatra uing Manilah, ing ngandhap punika kateranganipun.
Ongka 36090 angsal 45,000 dholer
Ongka 36091 angsal 4000 dholer
Ongka 36089 angsal 1000 dholar
Ongka 24809 angsal 20000dholar
Ongka 24810 angsal 500 dholar
Ongka 24808 angsal 500dholar
Ongka 6447 angsal 10000 dholar
Ongka 6448 angsal 250 dholar
Ongka 6446 angsal 250 dholar
Ongka 23572 angsal 5000 dholer

Dereng lami mentas wonten griya kabesmen griyanipun nyonyah Sopiyah dheyongen (Soptoa Dejonghe ing Reisel.
Salebetipun ara uru, wonten tiyang tandang ingkang bengok bengok biih nyonyah sopiyah dereng medal saknng kamaripun dipun wangsuli dening tiyang ingaknng selak kaliyan pangggenanipun ngadeg bilih nyonyah sopiyah sampun medal antawis saweg gangsal menut dangunipun sarta tiyang punika sumerep piyambak nalika wedalipun lumajeng andhelik dhateng griyaning tangganipun ingkang boten tumut kabesmen dipun wangsuli boten paningalipun amesthi kalintu, nyonyah sepiyah taksih wonten salebeting griya, tiyang ingaknng ngaken sumerep boten dipun gega wau lajeng kesah angles antawis sajam latu sampun sirep titiyang lajeng sami madosi nyonyah Sopiyah, pinanggih wonten ingpanggenan prenahing kamaripun sampun pejah kobong alonyoh, nanging wonten labetipun tatu dipun pragad gulunipun pulisi lajeng anginten bilih pejahipun nyonyah sopiyah boten saking kobong, nanging pancen dipun cidra ing tiyang, sarta lajeng angsal katrangan tilas bojonipun nyonyah sopiyah nama tuwan Egsde Dielgens ingkang sawaeg mantuk saking bucalan punika asring asring katingal mriku, ugi lajeng dipun padosi, sareng kaping 24 maret kapengker punika, tuwan dhilges saged kacepeng,s areng kapriksa angakeni kemawon bilih amejahi tilas bojonipun amargi dipun jak antuk-antuk kas boten purun sasampunipun dipun pejahi griynipun lajeng dipun obong, supados bojonipun kobong pamurihipun bdhe boten katingal labeting piawonipun.
Dereng dangu wonten sudargar ingkang asring kilak lembu dhateng ing dhusun dhusun kndel wonten ing kitha rgoningen sadangunipun lilinggihan wonten ing pa,ondhokanipun sudagar

punika sumerep wonten tiyang ngingah maenda domba kathahipun sadasa sarta katingal sami meteng sadaya, ki sudagar gadhah pitembung, manawi suka badhe anaking maenda domba sapinten kathahipun punika katumbasas sadaya, ingaknng gadhah inggih suka sarta lajegn damel serat prajangjiyan mawi kasaksekaken ing pangagengipun nanging prajangjiyan wau boten limrah kados prajangjiyan sanes-sanesipun bab sade tinumbasing lembu, liripun makaten anaking maenda domba wau sapinten kathahipun punika ingkang ongka 1 ,katumbas 1 sen ongka 2 , 2 sen ongka 3, 4 sen ongka 4, 8 sen makaten salajengipun tikel tumikel sauipami maenda domba 1 wau sami gadhah anak ngalih dados wonten 20 cempe, punika badhe bayaripun ki juragan dhaten gcempe 20 wau langkung saking 9600 rupyah nanging kadospundi lalajenganipun punika dereng kinanten amargi maenda domba wau dereng sami manak wewetenganipun.

Ing Trenesin tanah Hunggari wonten rare ngumur 3, taun dipun umbar ing latar dene tiyang sepuhipun linggih wonten ngajeng konten dados naming dipun ulat ulataken saking katebihan kemawon wusana dipun samber ing paksi, ingkang asring mamongsa maenda utawipethet kabetka ngambara ngantos ilem megapethak titiyang sepuhipun anjerit kaliyan nangis sarta embat tulung tulung, nanging boten wonten tiyang ingkang saged nulungi, rare punika boten sandeka bekta mudhun dhateng redi ageng satengah ing wana lajegn kamongsa, iba oreming manahipun tiyang kecalan anak ingkang kados makaten punika.

=======\===============

Rencangipun bapa kula nami pun dhesel punika saking coplokipun dhateng serat pustaka raja jilidan ongka 1 kala wingi dalu tilem nglindur makaten: Amarengi mongsa srawana taksih tunggil warsa ing salebeting taun Istrimuka, kacariyos ing nalika punika wonten tiyagn wuta mare king ngarsanipun sripaduka raja mahadewabudha, dinangu nama sarta ingkang dados sedyanipun atur wangsulanipun dhuh pukulun nama kawula pun Sena ing dhusun Sardha, kamipurun matur ing panjenengan paduka, punapa pikantukipun dene dewa kang maha kawasa anitahaken tiyang ina alit mila kados kawula punika, yenboten wonten pikantukpun estu kenging dipun wastani kirang kawasa, dene boten saged anitahaken jangkep pangandikanipun sripaduka raja mahadewa budha, dewa iku asipat murah lawan asih, ing mengko paran kang dadi sedyanpun sayekti tinurutan pun sana umatur, pukulun kawula anyuwun netra paningal ingkang bawera, sareng sanalika netranipun pun Sena kalih pisan dados langkugn wiyar boten limrah sasamining tiyang, saubenging muka meh dados netra sadaya, pun Sena gumujeng suka sargya matur, dhuh dewa kang minulya ing mangke kawula awit uninga gumelaring jagad awarni-arni, ingkang nama pethak jene abrit cemeng ijem ing sapanunggilanipun katingal sadaya, saweg dumugi samanten aturipun pun sena anjungkel sarya sasambat sakit metranipun amargi nalika punika adnuju wonten prahara lesus lebu sumaur anampeg dhateng netranipun pun sena, sasambatipun adhuh dewa kang kawasa, mugi maringana netra ciyut kewala, sareng ing sanalika pun sena netreanipun langkung ciyut among salenging dom pun sena andangengek saya matur adhuh dewa, ing mangke netra kawula sampun boten sumelang yen kalilipen, ananging paningal kawula teka anyalingup anglangut mangkaten saweg dumugi samanten aturipun pun sena kaget guragapan lajegn dhawah, amargi ing nalikapunika nuju jawah amarengi wonten caleret barungan gebyar dipun tansah tumanduk dhateng netranipun pun sena, milapun sena gugup aturipun anyuwun kawangsulna netranipun kados ing wau wau, sareng ing sanalika pun sena netranipun wangsul kados lami, dados wuta malih, lajeng matur ignkang dados sababipun sripaduka raja maha dewa budha angandika, e sena, iku kayumana seka ing wuwusira dhewe, dadi anandhakake yen papasthening dewa iku ora kena kinondha.

Dumugi samanten panglinduripun pun dhesel lajeng nglilir, emok manawikaget miring swantening kucing gandhik lorak saeta wiranandanapanglinduripun dhesel ya wong buyute si krama, kojah sampeyan

20/9. 20 Rara Sulaksmi.

=========\=========

Rara Kumenyar, pandangu sampeyan dhateng kula, 3 bab saged kula ngaturi naming ingkang, 1, bab jumenengipun sanghyang wisnu wonten ing nagari Mendhangpura punika jujuluk srimaharaja suman kala taun surya 170, tinengeran barakan swaraning janma ing taun condra 175 tinengeran ponca pandhita angratoni wiyat muksanipun kala taun surya 197, tinengeran

swara anrus pratala, ing taun condra 203, tinengeran katon muksa kapeksa (*) lugu anggen kula nedhak buk (Jaka Kandheya) wusana leres lepat kula nyumangggakaken panggalihipun rara kumenyar.
Dhadhalerantaka.
========\========
(*) katon dados watak tiga,punika kapendhet saking punapa, kula ksumerep
Jurungarang.
==========\==========
Wangsulan
Jaka Kandheya, sampeyan pariksani pambatang kula ing ngandhappunika, katranganpun

1. Sekar lampah, 17 ingkang pedhotan 4, 6, 7, kajawi bongsa patrappunpa wonten atur kula wonten inggih punika sekar mandakranta, dene gunggungipun sadaya sekar ingkang lampah 17 namung 9 sekar
2. Nekar lampah 13 ingakng pedhotan 6, 7, kajawi dhadhap mantep punapa wonten saha sekar lampah, 13 ingkang pedhot 5, 8, kajawi sudhiradraka, 2 kanirara sapunapa wonten atur kula wonten inggih punika sekar rucira, samikaliyan dhadp mantep sekar praharsiki sami kaliyan sudhiradraka, tuwin kaniraras.
3. Sekar lampah, 16, ingkang pedhotan 8, 8, kajawi giris 2 gori sagati saha prawira lalita punapa wonten atur kula wonten inggih punika sekar osabagati.Jaka Kandheya, manawi pamethek kula ingkang kasebut nginggil punika sampun rujuk kaliyan waton sampeyan inggih sokur mugi lajeng dados salelantaraning mitra sae, manawi dereng rujuk kemawon sampeyan lajeng dangu wa dhateng bandung bondawasa, gajegipun saged dhateng sekar kawi, dalemipun rak celak kaliyan sampeyan sami ing kampong wirengan 6 lameh kalalen kula gentos nyuwun saserepan ing sampeyan kados ngandhap punika katrangan.1. Sekar dhendha ignkang lampah, 192, pedhotanipun 24, 24,punika dipun wastani dhendha punapa,2. kados pundit bedanipun tembung, rangu-rangu, kaliyan mangu-mangu, 3 kados pundit bedanipun tembung papacak kaliyan papcauh, sampun wun amun gpunika ingkang kula suwunaken saserepan ing Selagan tanggalkaping 26 Ruwah, Ehe, ongka 1820. Jaka Suyatna.

==========\==========
Katur panjenganipun angger Jaka lengkawa, kaliyan angger bandungbondawasa.Wiyosipun manawi dhangan ingpanggalih kula nyuwun saserepan tembung Pajampuwa, punika tembung arab pnapa kawi, tuwin punapa tembung jawi lugu, sarta tegesipun kados pundit, mila kula suwunaken ping taken ing panjenengan sampeyan awit kula dugi badhe boten madal sumbi, mugi kauningana, angger, kala kula suwita wonten ing Batawi, kla kadangu tegesipun tembung Pajampuwa wau, kula matur boten sumerep malah kula kadugi anginten bilih pancen boten wonten kalampahan kapitakekaken dhateng ing Surakarta,inggih meksa boten angsal katangan dados panginten kula wau ngantos kaanggep leres dening guru badnara kula, wusana ing mangke kula kacelik kula maos serat cemporet anggitanipun sami nulya raden ngabei Ronggawarsita, wonten sekar dhandhanggendhis kadosing ngandhappunika.
Pinten banggi saged angepleki, kelabetan labuhan utama,linanteh ing salintere, kasidaning tumuwuh, sinungana saharsaingsih, dunyapraptengdelahan sinar duheng sadu, sinidika reng ciptarja, pajampuwa sinambadaning pangesthi yek tya mba tan lenggana.
Sudarmantaki
Kebonusugudel.

Ongka 39, Setu Kliwon kaping 7 Sawal Ehe, 1820, utawi kaping 16 Mei 1891

Surakarta

Kala wingi sonten wancijam 7 bok mas lurah anu ingkampung Mangkudipuran nuju wontening Nglatar linggih lincak sukunipun dipun ongkang-ongkangaken dipun cekot ing tikus wirog nanging enggal dipun kipataken dados tatunipun naming barut kemawon boten dangu tikuspunika wangsul malih nyokot tilasipun tatu wau ngantos kacep uwali panyakot sareng kagebag dipun tingali tatunipun ngantos medal rah, raosipun sakit sanget kados wonten upasipun dangu-dangu wetengipun kraos senep lajeng sumaput adamel sumelanging kathah, bok mas lurah lajeng kabekta tirah dhateng kusumabratan kilap lalajenganipun.

Ig pakebonanipun kyai Kriyadongsa, kabupaten Ageng, wonten rongipun salira manggen tengah dhapuran pring ori ngongkang kalen salira punika mentas katingal wonten ing kebon agengipun meh saksagawon tarung kaliyan sawer jangan agengipun salengen sawer dipun cokot wetengipun lajeng kagondhol dhateng ngerong, sanadyan sawert ytaksih saged anyokot sarta anggganipun katingal amulet ewadene boten kadamel raos sarta ing samargi margi tansah dipun sabetaken sawer ngalumpruk sampun katingal pejah, kados lajegn katedha, kala wingi gadhah ant kla banyak kakalih jaler estri ical boten kantenan kula kinten dipun bedhog ing tiyang, wusana ing rongipun salira katingal wonten bathangipun banyak kados sisaningpun ingkang katedha, banyak kakalih boten saged telas manawi wonten ingakng karsa yasa epek lapis cucal salira, kaatura nyenjata salira wau, anggeripun kenging amesthi pejah, nanging wonten kuiwanipun manawi btoen trenyuhi boten kenging dipun sanjata

Sanyata.

Mbok mas anu blonja dhateng peken badhe milujengaken tumbas sanipun awarniwarni pagnaos saringgit dipun berahaken dhateng tiyang estri, kagendhong ing senik ageng, sareng sampun dumugi anggenipun balonja lajeng mantuk dipun iringaken ing berah estri wau kaliyan rencangipun estri lare kalih, dereng dangu berah estri katoleh sampunboten wonten dipun padosi ngantos munyet meksa boten pinanggih, punapa bingung kesasar mantuk dhateng griyanpun piyambak kyai andon kula sumongga ing sampeyan.

Tiyang dhusun estri sade uwos ing warung Slompretan pajeng kalih tengah rupiyah warni yatra pecah sadaya, saweg dipun etang tumunten wonten tiyang estri dhateng pitembung badhe anukaraken yatra sarupiyah, tiyang estri dhusun dhangan sanget lajegn amical yatranipun malih kapiliyan ingang gobang gobangan kemawon dereng dumugi tiyang ingakng badhe nukaraken apinepsu, dupeh kadangon anggenipun mical wicanten sampun boten siyos nukaraken sarwi anyodhokaken yatra, sarta lajegn kesah, tiyagn estri dhusun inggih kendel kemawon artanipun kalajengaken dipun etang, wusana pinanggih gangsal welas uwang, dados dhapur kutilan arta satangsul tur samimelek aben ajengan kados pundit pangutilipun punika nalika tiyang wau bodhokaken yatra tanganipun mawi nyapit cetcetan yatra tigang tharik gobangan anggang sal iji, gunggung satangsul wau para tiyang estri ingkang saba peken sami dipun ngantos-atos mongsa punika kathah tiyagn estri ingakng sami saged anjelak kyai andon mongsa boronga sampeyan.

Wongsakerta tiyagn alit ing dhusun Tapaten (Sukaarja) kala malemipun tanggal kaping 21, wulan siyam punika, kinten wanci pukul tiga, tangi sangking anggenipun tilem lajeng angglandha anakipun estri ingkang sampun ageng, kabekta dhateng lepen samin ingkang boten tebih kaliyan griyanipun rare wau sanget ajerit jerit sarta biyangipun tangi sangking tilek lajeng anututi ugi jerit-jerit sambatipun bapakne, anakmu arep kok apakake, wong sakerta boten amangsuli naming bekuhbekuh kimawon sadumuginipun ing lepen rare wau lajeng kajeguraken ing toya, mawi dpun kosoki rumput sarta dipun bajongi, kados patrapipun tiyang angguyang maesa, wongsakerta estri sareng sumerep yen anakipun kajeguraken ing toya, pngintenipun anemtokaken badhe dipun pejahi, ing ggal wangsul mantuk badhe guguah I tiyang tongga tepalihipun supados tutulung, wangsulipun dhateng lepen malih sampun kanthi tiyang jaler tiga, nanging rare estri sampun kapanggih wonten pentasan anangis senggrak-senggruk wontgsakerta jaler sampu nkapanggih tilem badanipun kasampiraken wonten sasengkaning lepen ngorok sasenggoran, e,e pandamelan ingakng uthi dipun lampahi

sarta ngantos dados tangisan wau dados naming nglindur, nanging inggih, pamireng kula boten punika kimawon tiyang nglindur ingkang dados gugujengan wondene anggen kula ngaturaken tumameng ing Bramartani, dadosa jalaran anggen kula badhe nyuwun barkah dhateng wiraning Bramartani ignkagn kakasih Trunadongsa, ingkangsampu nkacihna barkahipun migunani ingngakathah, bab kawruh dhokter pangremek sarta lampahing rah kados ingkang sampun kapacak ing Bramartani, ING MANGKE PANYUWUN KULA DHATENG MITRA KULA Trunadongsa,manawi wuninga kawruhpirantosing manungsa mawi tilem supena, utawi nglindur, mugi kapanjurungna ing Bramartani tamtu damel kukuwungipun ing pustakawarti (kintunan).

Yogyakarta
Mongsa punika ing pekampungan kathah tiyang kenging sasakit watuk lajeng kacandhak ing panastis inggihpunika sasakit ingakng kawastan basa wlaandi Inpluwensa, sinten ingakng katrajang ing sasakit wau, kathah ingkang tiwas sagriya ngantos wonten tiyang 6 utawi 8 ingkang pejah, adamel tintriming pun tiyang kathah, punika sasakit pancen anggigirisi, saking pituturipun tuwan Tamen sasakitpunika wonten jampinipun ingkang saged jodho.
Pala satunggal iji kamoran gendhis 1 lirang, cengkeh 13 toya sak siwur kagodhog ngantos kantun sepalih punika kaombekaken, sadinten sadalu kaping 5 utawi kaping 6 ingkang sampun kalampahan dipun pituklungi ing salebetipun sapeken lajeng saras .

Garebeg kula ngriki kang mentas kalampahan pulih kados kina, kaotipun ing sontenipun sampeyan dalem ingkang sinuwun kanjeng sultan boten tedhak dahteng karesidhenan.
Encik Dhatuk bongsa sabrang dereng cetha cara jawi, badhe basiyar numpak kapal ananging gadhahanipun kendhali katlisut lajeng parentah dhateng gamelipun wira,kowe menyang ngagone mas bei, tutura aku pinjem kendhang suling, punika lajeng lumampah dumugining griyanipun mas bei, lajeng sanjang dipun kengken encik anyambut kendhang kaliyan suling, pamanggihipun mas bei wau encik badhe slawatan mila kendhang suling kabetakaken sadugining griya encik wau taken manakendhang suling, wira lajeng nauri niki suling kasebul kendhang katabuh, kapal kaget jola-jola, encik anggenipun nyembadani kapal ngantos godheg lambe, sarwi mojar wira bodho sagawon kendhang suling iyeh punika wirasaweg ngrtos bilih ingkang dipun sambut kendhali.
Ing dhusun Meces wotnen tiyagn wasta Kiyai Guna, dene gunanipun bilih wicanten ulonipun ngajeng alit wingking ageng, anggereng, ngantos kaceluk kiyai Sugih Gong.
Mas Bei SArba Jenis.

Pethikan
Kala kaping 12 April kapengker punika Asisten Wadana ing Mondhokan dhistrik Jenu (Tuban) angledhah ing griyanipun pak Mungsa ing dhusun Kedhuran dhestrik Rembes kadakwa damel arta salaka tiron manggih cina arta talen kathahipun 25 rupiyah, pirantosipun damel arta tiron wau boten kacariyos dene pak Mungsa lajeng kalebetaken ing Kunjara.

TuwanL ing Samarang gadhahpamonglare (babu) nama Samilah, sangat dipun sihi sarta pinitados sanadyan tuwan L kekesahan dhateng liya nagari, babu kamilah boten nate kantun anggenipun dados babu sampun 16 taun laminipun boten nate gadhah meda, utawi cidra, agengipun culika, sampun boten pisan pisan panganggepipun tuwan L dhateng babu kadilah, sampun kinulit daging, kala wingenipun babu kamilah dipun kengken nukaraken yatra wang kretas regi 50 ngantos dangu boten katingal wangsul adamel eramipun tuwan L lajeng dipun jujul dnanging boten saged pinanggih, saya adamel eramipun tuwan L awit babu kamilah sampun kerep dipun kengken nukaraken arta atusan boten nate cidra, tuwh ing manahipun tuwan L bok manawi babu kamilah kening bujuk kagiwang manahipun dhateng tiyang jaler sanes tuwan L enggal lapur dhateng pulisi. Wusana kayekten babu kamilah kenging ing pellet dados tutumbaling kamaripun pak saji, asargi kamar punika singit sanget sampun dangu suwung boten wonten ingkang ngenggeni, kilap kalajenganipun.
Kabupaten Bujanagara, kathah reresah, kadosta raja pejah, kecu, begal tuwin pandung, saben rol boten kirang 10 nutawi 20 tarkadhang ngantos 30 prakawispnika sampun kalebet suda

tinimbangkaliyan taun ingkang kapengker, jaksa saha ajung jaksa sakalangkugn rekaos panggarapipun prakawis lumadosipun rol naming let sadinten.
Sampun kawartos bilih ing nagari Bahgedad punika kalebet nagari ageng, ewadene rurung-rurungipun salebeting kitha sakalangkung cayut sarta boten dipun openi, ingakng wiyar piyambak naming wonten 12 kaki, langkung malih margi ageng sajawining kitha, punika langkugn ciyut malihs arta kathah ingkang kapiran risak boten dipun dandosi, tansah adamel sumelanglampahing kreta bilih tumbukan ing sapunika titiyang ing nagari Bahgedad ingakng saged katingal sami remes ngiingah kareta,langkugn malih para ageng tuwin para kosul saking nagari Eropah sadaya sami kagungan kareta, punika sami darbe panyuwun supados parentah Bahgedad amulyakana para rurung-rurung wau.
==========\==========
Pundi ingkang leres badhe kula angge
Manawikapirit saking pangalemipun wirandana, jakalengkawa punika amesthi sampun mangretos dhateng papathokaning kasusastran mila manawi wonten kaparenging panggalih ipun jakalengkawa kula nyuwun saserepan kados ing ngandhap punika pratelanipun.
Ing kabart jawi kandha wonten ingkang mungel makaten wuryaning reh, sedyanireki, praptane, kagunan punika, sadaya nanipun tanpa dipun gondhel awit kula pirit kaliyan seratan sampeyan punikaananipun mawi dipun gondhel dados sulaya kaliyan punika ingkabar jawi kandha, punika, lo rak tanpa gondhel ta, mila panyuwun kula dhateng Jakalengkawa lajeng amaringana waton ingkang saleresipun nanipun pancen kagondhel punapa boten supados ing wingking wonten \a ingakgn kula tulad menggah lersing panyerat wau, e lah dalah meh kalalen endhang Bratajaya, gajegipun sampeyan inggih sugih na gondhel sumongga kula aturi ngudhoni rembag punika, sadherek kula auliyep samanten ugi sampun ngantos tumambuh, iyah kaya dudu jagokluruk mudhun saka pratpen anyeranyeran mongsa kawrana yen mung baba prakara, na godnhel wusana pangajeng ajeng kula dhateng mtira kula, 3 pisan, manawipitaken kula ingkang kasebut ing nginggil punika sampun saged kaleksanan ing wingking kula taksih gadhah pitaken ingkang pantes dados panggaliyanipun rara marsudi kasusastran jawi
Kaping 21/9/20 mitranipun ki jaranpanolih
Pun Ibnu Kempi.
==========\=========
La dalah, kabeneran banget dene panjenengane kyai abdul Kempi ing kauman saiki karsa leledhang marang pabaratanin gpara wira bramartani sineh kyai kyai kula mugipanjenengan mrekahi inggih prakawis wotnenipun tengara ungeling bedhug ingkagn dumunung ing masjid wontenipun kala taun punapa, dene panabuhipun salebeting sadinten sadalu ngantos gangsal rambahan subuh, luhur, asar, mahgrib, isa, manawi perlunipun among damel tengeran waktu sembahyang, para rama kaji utawipara santri ingakng sami dhudhukuh sukuning redi redi utawi ing wana wana estunipun boten miring ungelin gbedhug wau, suprandosipun sami enget waktuning sembahyang, nadyan kaji santri salebeting nagari tarkadhang sok boten miring ungeling bedhug suprandosipun kok inggih saged mastani waktu luhur waktu ngasar utawi mahrib salajengipun, makaten malih manawi nuju bedhug tiga dalu teka wonten gesehipun tur sami tunggil sanagari yogyakarta, yen ing Pakualaman wancijam 4 yyen kasultanan wancijam 3, ungelipun bedhug tiga dalu wau, ladalah meh kecerta, utawi yen pinuju wulan siyam manawi dalu panabuhing bedhug ingkang tanpa kendhat kok dipun wastani ticur, mongka ing tembung malayu tingdhur punika tegesipun tilem, bedug utawi tidhur wau tembung punapa, enget kula tembung Arab punika btoen wonten bedhug utawi dhur, sampun kyaipunika kemawon ramiyin panjenengan enggala paring katerangan, manawi dereng mudheng panjenengan kula aturi sowan warana sampeyan kyai pangulu supados tumunten angsal saserepan roning punika ngajengakien dinten riyadi badhe boten sumelang anggen kula nyaosi papitrah dhaten gpanjenengan wusana sanget pangajeng-ajeng kula sampun nun
Kaserat ing SErut Jajar tanggal kaping 28 wulan Ramlan taun Ehe 1891
Katandhan Ki Sudirabrata
Siswanipun Endhang Bratajaya.
=======\==========

Wah Bandungbondawasa, wilujeng rawuh sampeyan wonten ing pabartan ngriki, kula wastani sampun kawus kaliyan amongturida, sukur manawi taksih saged mathentheng, saged nedhak buk sampeyan nyondongi wawatonipun jakalengkawa,nyulayani wawaton kula atur kula nuwun setrakenco sampeyan piyambak pitaken sampeyan ingkang kathah kathah boten susah kula wangsuli, awit kula boten gadhah wawatonipun ingkang leres setrakonca sampeyan piyambak kaping 2.
Bandung Bondawasa,,s ampeyan sampun kumbi kula wastani gadhah serat paramasastra jawi, tuwin serat wyakarana jawi, awit sampun kula titeni sadangunipun sampeyan makanjar wonten ing Bramartani, sampeyan tansah latis wagyana, tanduk temaha, mila samangke sampeyan kula cobi ing pitaken kados ing ngandhap punika.
Serat Wyakaranajawi, anggitanipun suwargi tuwan Karel Fredherik Winter, akaliyan tuwan Wilkes bab tandang ing kriya, ikriya lan kekriya, kadosta, tak jukuke, sakin gtakjukuk tak jukukane,saking tak jukiki, tak jukukne, saking takjukukake, ingkang mangkaten wau punapa sampun leres cocog kaliyan serat paramasastra jawi, ah, sampun nun rujak sawo mentah, ingggih sepet kulu nun ingkang ganjang paring wangsulan boten saged maringi katrangan inggih sampun sampeyan punika rak sadherekipun alim saleh, ta, ingkang pamukipun ngudu bilahi kala rumiyiin punika, neh, ingkang menang sanget kaliyan kibandar, lo mesem e, pancen kenes
Sinerat ingkanmpung Trunasuran ping, 2 Sawal Ehe ongka 1820.
Dhadhab Narantaka.
========\==========

Ki Patratholo, pataken sampeyan dhateng bagawan abiyasa kawrat ing Bramatani ongka 29, sarehning sampun sawatawis lami sang bagawan boten karsa jawab ing mangke kalilanana kula ingkang ngaturi katrangan lah sampeyan tingali ing ngandhap punika.
Kadhaton ing Ngastina, ingkang yasa panjenenganipun nata prabu basumurti ing With a, nalika taun surya sangkala 527, utawi ing taun candrasnagkala, 543, dumugi sapriki sampun 1277 taun.
Muksanipun prabu Dwipakeswara ing nggastina, nalika taun surya sangkala 636 utawiing taun candrasangkala 655 dumugi sapriki sampun 1165 taun.
Jumenengipun prabu Kresna dipayana ing Ngastina, nalika taun surya sangkala, 656 utawi ing taun candrasangka 665 dumugi sapriki sampun 1155, taun
Ki Patratholo, sarehning pataken sampeyan kasebut ingnginggl punika sampeyan kula jawab kalayan wawaton leres amila ing mangke kula gentosi pitaken kados ing ngandhap punika.
Wiwitipun wonten patang paperanganiing sabin kadosta caacah, saidu, sairing, salupit sabau, sakikil sarta sajung, punika ingkaina ingkang ngadani sinten sarta nalika taun punapa.
Wiwitipun wonten patang cacah ing pantun kados ta sabelah, sarta saben kalih belah winastan sagedheng, saben tiga welas tengah gedheng, winastan sawuwa, saben kalih wuwa minastan sahamet punika ing kina ingkang ngadani sinten sarta nalika taun pppunapa.
Kadhaton ing Mandraka punika ingakng yasa sinten sarta nalika taun pnapa
Wiwitipun wonten tabuhan abana, trabang, angklung, gendha kekeleng, punika ingkang nganggit isnten arta nalika taun punapa.
Lah sampun samanten kimawon patratholo lajegn ampeyan pratelakaken ingkang pratitis
Ingmamenang tanggal kaping 15 ramelaning Ehe, 1820
P.M.Jaka kandheya.

Ongka 40, Salasa Pon Kaping 10 Sawal Ehe, 1820, utawi kaping 19 Mei 1891

Pawartos kawat saking Batawi
Kanjeng Gusti pnageran Adipati Anom ing Yogyakarta, kakulawisudha ing Pangkat LItnan KOlonel Pansetap.

==========\==========
Surakarta
Kula wisudhan saha sentegan ing dinten Senen tanggal kaping 9 wulan sawal ing taun Ehe 1820

1. Awit saking dhawuh ing timbalan dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan ngabei Wongsawadana abdi dalem mantra gagolongan kabupaten sewu, kakarsakaken dados panewu gedhong kiwa, aggentosi ngabei sindupraja ingkang sampun ajal dereng atilar waris anak ingkang diwasa, kaganjar nama Radenangabei Sindupraja, dene ingkang anggetnosi ngabei wongsa wdana, pamagangkapatiyan nama Dasi kaganjar mraden ngebei Wongsa ATmaja
2. ngabei martadiwirya abdi dalem mantra gedhong tengen kakarakaken nyenteg panewu anggetnosi ngabei Wirapraja ingakng sampun ajal boten tilar waris anak jaler, kaganjar nama Ngabei puspapraja, dene ingkang anggentosi ngabei Martadiwirya punika pun Kudawiratanta kaabdi dalem jajar wiratamta makaleres anak mantonipun ngabei Wirapraja wau kaganjar nama Ngabei martadiwirya.
3. Ngabei Resakusuma abdiu dalem mantra sepuh kadipaten anom kakarsakaken dados panewu kabayan ngajeng anggentosi ngabei onggga wadana ing kang ajal dereng tilar warisingkang diwasa, kaganjar nama Raden ngabei Brajakusuma.
4. ngabei wirasutiksna mantra Ngajeng kapatiyan kakarsakaken dados abdi dalemmantri panumping, kaganjar nama ngabei manguns utiksna, anggentosi ngabei mangun widaya ingkang kawisudhan dados abdi dalem panewu carik kasepuhan kasebut ing Bramartani ongka 25 warsa punika (kintunan)

kala malem Rebo ingkang kapengker punika wanci jam 3 dalu, griyanipun raden Lurah S.H. ing kampong P.K. wonten kaji aneneka tanpa sabawa sarta boten mawi tetenger ting tuwin upet lampahipun dumugi sangajenging pandhapi ririh amindhik-m,indhik kapinujon rencangipun dhusun raden lurah wau tilem ing nglatar, sareng sumerep wonten galibeting tiyang lajeng dipun sapa sarta dipun celaki, nanging kyai kanjeng kendel kemawon malah mire-mire lampahipun tiyang dhusun sareng waspada bilih ingkang neneka punika kaji, enggal badhe sanjang tiyang ing ngriku, amargi dipun kinte bilih kaji badhe mara tamu, wasana sawangsulipun tiyang dhusun kyai kaji sampun bablas lampahipun o o punapa punika maling kaji, kilap bilih nyambut pangangge kemawon e kathik sugih temen gelar neh (kintunan)
Nalika dinten Jumungah tanggalkaping 6 wulan siyam punika kinten wanci jam ½ 8 enjing, Mas Wirasuwarna griya ingkampung Ngadikusuman manggih kapal wonten ing waradinan ageng, kapal wau bandhang angking kilen mangetan sarehning kapal ingkang gadhah boten kantenan lajeng dipun aturaken dhateng kapulisen kilap salajengpun.
Kala wau dalu ingkampung jayadiningratan sacelaking margi pratigan ingakng dhateng kabupaten kidul margi, wonten griya kabesmen cacah wuwung telas griya tiga, sangkaning latu dereng terang, para priyantun pulisi sapunika sampun mongsa katiga, kathah barang aking, rek inggih boten malempem sami kaaturan anggatosaken dhawuhing nagari.
Administratur ing Manang nampeni serat sidheman ingkang suraos bilih badhe kadhatengan kecu, kados inggih dora malih kados ingkang sampun tiyang ingakng kintun serat wau warninipun naming sukak damel mainan dhateng pulisi, supados samiya ambeng ing saben dalu, manawis ampun nembalah punika sayektos dhatengipun paman kecu sarta boten mawi serat seret soroting obor sampun katingal mublak dumarojog dhateng tanpa larapan.
Sragen

Durjana mandugn pantun nama Citragala, ing dhusun dhukuh (Ngamban) konangan dhateng ingkang tengga, dipun tumbak saking wingking ngantos kacep nanging nalasap pesining tumbak tugel durjana taksih saged lumajeng sarwi nyangkelit tumbak ligan tumancep ing gegeripun wau, dumugining griyanipun ambruk tumbaklajegn dipun pocot denign bapakipun anlasap ing ngiga ngantos bengkung, gereng gerengipund urjana kadengangan ing kathah lajegn kaladosaken ing parentah kalebetaken ing balemarta

Pethikan
Ing jaman kina kabetahanipun tiyang alampaha urupurupan ingakng gadhah uwos kaurupaken sarem sata kaliyan mas makaten pipindhanipun tumunten wonten akaling liyang angawontenaken arta arta punikapangringkesing lampah urup-urupan ingkang kathah kathah, sinten ingkang anggahdahi akal pnika, titiyang jawi awis ingkang sumerep
Ingkang punika para kapireja mugi wonteningakng kasdu akrsa nyariyosaken bibit kawitipun saestu adamel ancaryaning kathah.

Tuwan Schade van der Does sekaut ing Samarang, pamit sakit mantuk dhateng nagari Walandi, barang-barang dipun kalelangaken kados caranipun para tuwan ingkang tilar balegriya, nalika punika ingkang dhateng lelang namung para tuwan tuwin titiyang jawi kemawon bongsa cina satunggal boten wonten ingkang dhateng, ngantos adamel pangunguning tiyang kathah, nanging sakedhap lajeng kapanggih wadosipun tuwan Panderdhus punika sawenehing priyantun ingkang satya tuhu pangabdinipun dhateng kanjen ggupremen limrah ing kathah amesthi gadhah pawong mitra cina, pambekaning cina saged angered manahing tiyang dhateng lampahing kang boten jujur, nanging tuwan panderdhus boten makaten boten gadhah pawong mitra cina satunggal-tunggal sanadyan namung ½ utawi ¼ meksa boten gadhah, gedhang gabu isi wuku, kepethuk ora ngaruhi mila papajenganing lelang boten patos kathah.
Pinten-pinten ewu bau pasabinan bawah kabupaten Bujanagara, ingkang boten angsal toya saking nglepen namung kaolah ing mongsa rendheng kemawon awit saking punika bawah ing Bojanagara prasasat nama siti tadhahan sadaya, manawi kaleresan masanipun titiyan ging ngriku inggih boten kakirangan tedha, nanging manawi tansah kados makaten pijer lepat kemawon masaninpuns arta pancen kirang jawah, inggih kathah ingkang sangsara, kirang ing tedha sampun saestu adamel bibaripun tiyang, sami ngumbara pados tedha, tarkadhang anuwuhaken lampah kadurjanan.
Kanjeng gupremen boten tega dhateng lalampahan ing nginggil punika, ing mangke anggalih inggahipun toya banawi Sala, sagedipun angoncori para siti tadhahan wau, dene ingakng saweg katindakaken sapunika, angukur siti ingkang badhe dados margining toya susukanan sarta pasabinan ingkang badhe kenging kainggahan ing toya, susukan wau, pintenpinten dasa tiyang neneman ingkang saged angsal padamelan mawi balonja sapantesipun tuwin pitnen-pinten ewu tiyang ingkang galidhig dados angsal tedha lajeng tentreem manahipun boten susah ngumbara pados tedha kados ingkang sampun menggah kadarmanipun kanjen ggpremen punika pantes tinulad dening para angreh praja, dinugiya ing sadungkapipun.
Tiyang nama S Pratinggi dhusun K Onder dhistrik T (Pamalang) gadhah anak pupon estri sarta sampun dipun emah-emahaken angsal tiyang nama K, anggenipun bobojowan pun K kalebet runtut nanging marasepuhipun inggih punika pun S gething sanget sabarang paripolahipun pun K tansah dipun ewani sarta tansah dipun srengeni, pun K rumaos boten kuwawi sarta lajegn badhe kesah saking ngriku, dene bojonipun manawi trisna ing tembe rak inggih nusul pun K lajeng dadan sarwa sae, sarta lajeng pamit dhateng marasepuhipun sareng marasepuhipun dipun pamiti, tuwuh budi awanipun pun K dipun srengeni kathah kathah sarta lajeng dipun jejegi, pun K lajeng wangsul dhateng griya wingking kapanggih bojonipun bojonipun pitaken wonten punapa bapakipun kurda ngantos anggebagi dhateng piyambakipun ingakng jaler mangsuli remeh wicantenipun K mungel remeh punika kamirengan dhaeng marasepuhipun marasepuhipun lajeng ngundang dhateng anakipun pupon kinen medal dodol dhateng wande kados sabenipun sareng anakipuns ampun kesah saking griya pun S lajeng malebet dhateng griya wingkingm mantunipun dipun jejegi malih ngantos pejah, bok S sareng sumerep mantunipun pejah badhe jerit nanging dipun srengi dhateng pun S sarta lajeng dipun

serepaken tiyang estri sumerep punapa, inggih lajeng kendel pun S, lajeng mirantos pikulan kasladhangaken pangereting griya, tumunten pun K, dipun tangsuli gulunipun lajeng kagantung, bok pupon mantuk saking wande, kados badhe kapanggih kaliyan ingkang jaler, dumugiing nglatar dipun wangsulaken dhateng bapakipun sarta dipun srengeni mantuk wonten damelipun punapa, bok pupon inggih lajegn wangsul dahteng wande, pun S, lajegn wicanten sora aceluk-celuk pun K, nanging boten wonten ingkang nyauri, malah tangganipun ngantos wonten ingkang dhteng tiyagn kakalih dipun kinten bilih wonten kara-kara, tongga punika lajeng dipun ke nuweni pun K dhaten ggriya wingking, bok manawi tilem dene dipun undang ngantos bengak-bengok teka boten nyauri, saeng tongga punika anuweni dhateng griya ingking kaget sumerep pun K sampun pejah gantung gumandhul wonten pangeret enggal wangsul sanjang dhateng pun S ingakng awi kaget sarta lajeng lapur dhateng asisten wadana, asisten wadana enggal dhateng papriksa, inggih sampun anganggep temen pratelanipun pun S wau, nanging pamendhemipun kedah nyarantosaken bilih sampun kalapuraken dhateng wadana, wadana sareng anampeni palapuran wontening pepejah enggal dhateng piyambak apapriksa sarta anitiik kawontenanipun awaking wangke, pinanggih ing papriksan wonten labet gosong ing puyuhannipun wdana katuwuhan panggraita bilih pejahipun pun K amargi kinaniaya ing tiyang wangkela jengkinen mendhem sarta lajeng pariksa sarana tindak alus wusana saged angsal katrangan anyeplesi kados ingkang kasebut ing nginggil wau, wadana lajeng lapur dhateng in gparentah, anunten panjenenganipun kajeng tuwan asisten residhen saha panjenenganipun bupati, tuwin tuwan dhokter, sami rawuh papriksa ing blabag lajeng adhadhawuh kinen andhudhuk pendheman sareng sampun kaentas wangke kadekekaken ing meja,lajeng kabedhel dhateng tuwan dhokter,jero wanipun katingal biru erem sarta iganipun kakalih katingal pepes serat pratelanipun tuwan dhokter amastani pejahipun K boten pejah gantung, pejah kinaniyaya tiyang, sareng priksani pun wdana kacocogaken boten wonten ingkang geseh sadaya tiyagn sami angakeni kados ingkang sebut ing nginggil wau pun S jaler estri lajeng kalebetaken ing kunjara, kilap karampunganipun asisten wadana sanget kalingseman ing kiranging satitining pun anindakeken prakawis.

==========\==========

Abdul Kempi, panjurung ampeyan kawrat ing Bramartani ongka 35, punika upami ngantos sa boten wonten ingkang mangsuli saiba saudara jegnandika budyarja anggenipun wrekakakan akeplok bokong kamanah bilih puthut supama ngucira awit saking boten saged ambatang ing pitakenipun ingkang punika raden kawuningana, ing natasing pitaken wau, tumrap ping panggaihipun puthut supama boten angel dene anggenipun boten tumunten mangsuli twau awit ing dintenpunika pinuju kathah panamelanipun amila sampeyan sampun cuwa kula kemawon ingkang makili,nanging panuwun kula ing sampeyan saudara jengandika budyarja sampeyan purih kerep paleledhang wonten pabarataning bramrtani, kula anget angajeng ajeng kadospunapa tajeming kalamp panuratipun yen mila saged natoni dhadhanipun ki abuliyep mitranipun puthtut supama, inggih sanadyan prawira, dene panjarwa kula ing pitakenipun kasebut ing ngandhappunika sampeyan pariksani.

1. dak takoni tegese ora sumurup punika jejering tembung wonten tiyang kaping, 2 e mindhak budyarja kisruhneh, gampilipun wonten sinaya, dados jangkep\ipun mangakten sinaya dak takoni tegese ora sumurup inggih punika ingkang dipun wastani jejer kapendhem ngertos.
2. Sapata jenengmu, punika nama tembung tanpa lesan dene jejeripun wonten jenengmu sapata, wisse samudheng.

Lobratarda, sokur ta kapanggih ing ngriki, kula dipun weling kyai kridhasara, pitaken sampeyan baba umbuling balonan sapanunggilanipun punika kyaha boten karsa jawab awit saking kagampilen lan malih kuwatos bilih kablowok boten wande badhe kados manrangbaya nalika paben lan supama, kawrat ing bramartani ongka 17 ing wulan maret taun 1890.

Kridhasaran kaping Mei 1891

Abuliyep.

==========\==========

Jaka Sasana sampeyan pariksani ing ngandhap punika pecahipun sastraguwa, tuwin sastra gahana.

1. Nama panggarban tegesipun pangemot kadosta,maring, kados mring, perang,dados prang, sasaminipun ingkang mangkaten.
2. Nama Paninglaran, tegesipun pangumpetan, kadosta saking, dados sing, wontendene, dados wondene, sasaminipun ingkang mangkaten
3. nama pamegahan tegesipun mangumangu, kdosta dene, dados de, tanana, dados tana, sasaminipun ingkang makaten
4. Nama Pangirisan, tegesipun panigasan, kadosta upama, dados pama, utama, dados tama, uwis, dados wis ingsun dados sun, ingong, dados ngong, ajrihh dados jrih, sasaminipun ingkang makaten.
5. pamasahan tegesipun pamedhotan kadosta sira arsa, dados sirarsa, arsa ambelani, dados arsa belani, sasaminipun ingkang makaten.
6. nama Panganyutan tegesipun pangelenan, kadosta, ardi dadis dri, kayuaking, dados kaywaking, sira iki, dados sireki, , nuuli aglis, dados nulyaglis, sasaminipun ingkang makaten,
7. Nama pangampetan tegesipun pananggungan, kadosta winarna ing, dados winarneng, karsaning ratu, dados karsengratu, sasaminipun ingakng makaten.
8. Nama Pangragonan tegesipun agajeg-gajeg kadosta angumbulaken, dados angumbulken sasainipun ingakng mangkaten.

Aksara Gahana, tegesipun jurang, inggih punika kan g alngulur, mongka aksara gahana punika nem warni

1. Nama kawiran, tegesipun kawiyaran, kadosta kula, dados, kaula, sasaminipun ingakng mangkaten'
2. nama Kawigaran, tegesipun kamigaran, kadsota sardula, dados saradula, sasaminingpun ingkang makaten
3. nama Karantan, tegesipun karaos, kadosta kembang, dados kembanga, ilang, dados ilanga, sang prabu, dados sang ngaprabu sasaminipun ingkang mangkaten
4. Nama kadibyan tegesipun kaluwihan, kadosta kang, dados kakang, tan, dados taman, sasaminipun ingkang mangkaten
5. nama kalayunan, tegesipun kalajengan, kadosta jagadtri dados jagadtraya, apuya, dados apuya, sasaminipun ingakng makaten'
6. Nama Katratran tegesipun kaumpakan kadosta tondha dados pratondha, muni, dados umuni, sasaminipun ingkang mangkaten jakasanana kasbut nginggil punika lugu saking anggen kula nedhak buk,(Bandung Bondawasa) leres lepat kula nyumanggakaken Selaretna kaping 2 wulan Siyam Ehe 1820. Jakasuwedha, inggih bapakipun Rara Sulaksmi.

Nalika taun rembulan butanabda wau dadi, tuk tridasa sapta muksa,nunten putra nya sang aji, maha punggung narpati,nama Srimahawan prabu, gumanti ingkang rama, duk jenengira narpati, sinengkalan pandhit atumutur keblat. Antuk tigang dasa sanga warsamuksa sribpati nutnen sang prabu titrustha, putra Bramanaraja, jinagari gilingwesi gentosira mrama sang prabu nuju taun rembulan trunsing sabda wau dadi, antuk tigang dasa nenem warsa muksa. Putra prabuBasurata, gumanti rama narpati, aneng nagri ing Wiratha, nama Prabu Basupati, sangkala degiraji, bremara angesthi catur, tigang dasa nem warsa, jumeenng angalih puri, aneng ngandong wilis, ran wiratha enggal. Dupi antuk saptawarsa, sedaprabu basupati, nunten hyang Bramanawisaa, ingkang jumeneng narpati, neng mendhang kamulani, sarta asalin jujuluk maharaja wisata, sangkala jenengiraji, tumingal ing atmajanireng raksasa. Mung antuk dwiwarsa muksa, nunten srimahawansiwi, kang sepuh jumeneng nata, gumanti wisaka aji, nama sriwah aneki, sangkala duk jenengipun catur ring janma lima, antuk tri ta un ngemasi nuntenputranira sang prabu tritrustha. Nama prabu Parikenan gumanti rama sangaji, neng gilingwesi,sangkala, diyu sutaning raseksi, seda antuk nem warsi,nunten putra nya sang prabu, srimahawan kang mudha, nama srikala narpati, anggentosi karatonireng sudarma. Sangkala duk jenengira, rasaning wong mingis mingis antuk ponca wartsa seda, putra prabu Basupati, nama sribasumurti, neng wirtha madeg prabu, janmosik yeksangkala, antuk rolas

warsa lalis arinata gumanti aneng wiratha. Prabu Basukesthi nama,s angkala adegiraji,bahnihernawa maruta, muksa wolulikur warsi putra gumanti aji,nama keswara sangprabu, duk ing tau nrembulan sikara naderaseksi, tuk sangalas warsa seda srinarendra. Putra kang gumanting raja, nama prabu Basukethi, jujulukireng pamasa, basukeswara ping kalih, titijenengiraji, janma sanga asisiyung, antuk sawidak sapta,warsa muksa sribupati, nenggih nunten sang bagawan Palasara. Jumeneng aneneg ngastina, nama Dipakeswara ji, kala ing tau rembulan sirna caturing mamanis antuk limalas warsi, muksa wau sang ngaprabu, kaselan jenengira, bagawan santanu murti, ajujuluk parampara wiku raja
Taksih wonten sambetipun.

Ongka 41, Setu paing kaping 14 Sawal Ehe, 1820 utawi kaping 23 Mei 1891

Surakarta
Pawartos kawat saking Batawi dhateng serat pawartos Dhelokomotip ing Semarang, amedharaken bilih kanjeng pangeran Arya Mataram tuwin Kanjeng Pangeran Arya Prabuningrat samikapangkat kolonel pansetap.

Pejahboten kenyanan
Tiyang nem-neman nama pun P, pangindhung ing kampng Arjadipuran iring kidul pinggir lepen jenes jeket kala malem jumungah ingkang kapengker punika tilem wonten ing latar sacelaking griya, tanpa kanthi amung ijen emple, saderengipun pun P, tilem angantawisi karenan ing manah, amargi kapireng golek galok anggenipun angrerepi laguing kinung langen swara, sedheng anggenipun ngrareping samun sayah lajeng tilemmujur akunyut sinjang, dumugi enjing paletheking hyang surya, wancinipun tiyang nyapu pun P, taksih katingal tilem pules tumunten wonten warganipun ingkang tunggils agriya anggugah saking katebihan pamurihipun sarehne sampun siyang dados satilem malih manawi wonten griya, sareng kagugah rambah rambah boten tangi, panggugahipun anyelak kaliyan ngoyot-oyog suprandosipun meksa boten ngalisik pun panggugah semu muring muring temahan bikak kemul wasana sareng kapatitisaken adhuh angger wong bagus pun P, jebul sampun pecat yitmanipn hem layak digugah bolabali nglisik saka)malah grayangipun ing badan sampu nkaparakaken amratandhani manawi pejahipun sampun radi lungse masa, sanalika pun panggugah kamilurusen sapanduratan pawacana, sareng kayatnan enggal ngudnang parawarganipun ingkang wonten salebet griya kanthis asambat pangaruara, ingkang lajeng andhatengaken tongga tapalih, sarta lajegn kapratelakaken ingpulisi, salesihipun pamriksan wangke lajeng kakubur.
Dhuh saiba trenyuh ing manahipun para gotrahipun pun P, dene katilar tanpa karana tur tanpa paliwara, wasana lumuntaming pawartos punika amung tansah anuwuhaken pangungun dene wong waras wiris kok pejah, lah inggihpunika kaelokanipun pangeran ingkang maha agung. (kintunan).
Tilem ing latar lakarmasa badhidhing makaten pancen boten sae, ingkang kagelaraken ing kawruh dhokter, apesipun inggih katemahan kakening awak sakojur utawi bisu
Jurungarang.

Pawartosipun tiyang kathah ing Jumapala bawah Wanagiri, kathah kadurjanan ambarak maesa ing wanci dalu, kukumpulaning durjana ngantos dasanan manawi anempuh dhusun boten trimah mendhet maesa satunggal kalih, ngantos nempitu, ing mangke kawartos badhe nglanjak dhateng bawah kabupaten Sragen malah sampun wonten satunggal kalih ingkang kapandungan maesa, panewu dhistrik ing Karangduren sampun andhawuhaken kenceng dhateng bawahipun sadaya, sinten ingkang kapandungan sadhengah akemawon kadhawahan lajeng anggndhong \a mrapat monca gangsalipun lajeng nimbangana gendhong, medal ing dhawahipun piyambak piyambak tiyang pulisi nyegat wonten ing margi-margi, malah sampun wonten ingkang kalampahan tiyang kepandungan maesa, sareng ing ngrika ngriki samikagendhongan maesanipun katilar wonten ing sabin durjana anglesmedal ing lolilindhuk pratikelipun panewu dhistrik karangduren punikapancen pantes tinulad.

Bakul ing Nglawiyan mantuk saking peken nunggang kreta andhong kancanipun sami bakul tiyang tiga, lampahing kareta inggihkados saben namung saselot-selotipun ewadene den bagus kusir boten talompe tansah andresi, ir, dher, suprandosipun lampahing kareta boten saged ragadag wusana boten wonten barat boten wonten angin elaring rodha sami rentah, tiyang sampun oyag mesthi kemawon rentah, suwawi kencenga mongsa rentaha boten bakyu bakul lajegn sami mudhun kapeksa mlampah dharat kaliyan grunengan sarta boten purun ambayar arta tambangan, elo jebul wonten lalampahan makaten punapa pranatanipun sapunika sampun tanpa amel,hyah dipun estokaken ta mas.

Kala malem setu kapengker punika ing dhusun masran wonten griya kabesmen namung telan griya kakalih menggah kapitunanipun pangaos tigang dasa gangsal rupiyah sangkaning latu jalaran weyanipun ingkang gadhah griya piyambak.

Ingkampung karangasem bawah Mangkunagaran wotnen tiyang sakit ewah, nama Mertadikrama, tiyang wau sampun boten gadhah bapa biyung, para warganipun ingkang kawogan pamulasaranipun sarana siya, kados ta dipun rante angsal saka, dipun purih ngadeg kemawon ngantos sawatawis lami, rinten dalu sasambat ngaruhara, damel runtaging manahipun ingkang mireng ngaken mongka tiyang punika pancen taksih kathah kaengetanipun katitik sambat panangisipun boten liya namung nedha kalados na dhateng parentah, saking panginten kula sakitipun wau tagsih saged saras bilih dipun upakara kalayan talatos dipun tebihna ing raramen sarta sampun dipun ajak nuntenan pramila pamuji kula mugi paentah ingkang kawogan karsa amundhuti ya wau, kasimpen woten in kunjara supados dumunung wonten panggenan sepi (kintunan)

Pun Gandim kuli dhusun ing Jambu (Sragen) nalika garebeg punika malebet dhateng griyaning lurahipun nagari, piyambakipun kojah manawi kala rumiyin sampun nate dados ringgit tiyang wonten ing Sragen sarehning pun Gandim wau pancen kuciwa ing warni lajeng dipun dangu kaliyan lurahipun dadi wayang kowe ngadeg apa, aturipun gandim kula dados ongkawijaya, e, e, kok gumun aku, nanging dak kira yen kowe dadi Ongkawijaya ora patut awit kowe iku kembranyaken pun Gandim matur bokpejah kala rumiyin kula dados ongkawijaya, manawi lurahkirang pitados sumongga kula aturi mariksani kula joged rak sae pun gandim lajeng ngadeg mak nyat amameraken jogedipun lo rak sae ta rah, mila sampun maiben dupeh kula kuli ing dhusun o ora maido.
Dhuh mitra trunadongsa, salugunipun milapun Gandim kula lebetaken ing Bramartani punika pancen ewah engetanipun menggah dhawah ing engetan wau katarik sakin gjalaran ingkang pundi, sarehning sampeyan punika sampun sampurna dhateng kawruh papasthen.
Raden Balung Peking.

Dereng lami kula kakekesahan dahteng tanah sokawati ler, sareng lampah tula dumugi ing hdusun gedhangan kadhistrikan lawang, sumerep bango enggal sarta kathah atharik-tharik mari karega ing tuwuhan kula lajeng pitangled dhateng inkang mandhegani ing dhusun ngriku, punapa ing ngriki badhe dipun edegi peken wangsulanipun manawi angsal pangestunipun para ruhur inggih makaten malah wiwit dintenpunika sampun ambayawarakaken dhateng peken peken dhuwsun sakiwatengenipun sarana bendhe, adegipun benjing ing dinten Rebo legi tanggal kaping 18, sawal punika, ing salajengipun saben pekenan Legi, dene ingkang dipun sade kajawipangangge bongsa suwek tuwin bongsa karut sasaminipun maesa, lembu sarta pantun manawi peken wau saged dados sampun saestu anambahi reja, sarta damel kamayaraning para tiyang sakiwatengenipun.
Anjawi punika wonten pawartos bilih kadhistrikan Lawang, sarta kaliyasa sawapengkonipun kabupaten Ngampel ing mangke badhe kasuwun dhateng kabupaten Sragen amargi celak dhateng Sergen katimbang dhateng Ngampel manawi kalampahan makaten saestu anambahi rancag lampahing prakawis, menggah yektinipun dhasar inggih celak dhateng Sregen mila manawikalampahan panyuwun wau tamtu andadosaken kamayaran ing sadayanipun langkung malih saupami kadhistrikan kalih wau kaparingaken dahteng kabupaten Polisi nagari punika saya andadosaken kabingahanipun kawula dalem titiyang alit sadaya, jalaran samasa sowan katarik utawi darbe atur sapaninggilanipun lampahipun mayar, awit sanajan boten na margi sakin gpunika, para kawula dalem alit sakiwatengenipun kadhistrikan Lawang ingkang sami sasadeyan kadostaL godhong kajeng sarta areng sapanunggilanipun padintenanipun malebet dhateng nagari, dados kajawi sampun natenipun gampil anggenipun pados sangu, inggih punika nyangking gagrameyan wau, dhasar celak marginipun sakeca, wontenipun panggenan mondhok griyaning mitra utawi lurahipun, kalangkungan ingkang priyantun utawi ingkang gadhah arta, numpak kareta asep sansaya mayar, wasana punapa kaparengipun ing kanjeng parentah, kula namung muji kalampahanipun

Kaserat ing dinten Saptu kaping 14, Ehe, candraning sangkala murca manembah mangesthi gusti
Katandhan Kalapraceka

Yogyakarta
Encik Dathuk sintok laut Mesoyi babakan menyan kadrawasan nalare dereng cetha wicanten dalu badhe gendhong amben pitunkas dhateng gamelipun Sesuk pagi-pati, kowe guyang kapal lakuk pun wira enjingipun wanci byar dhateng sumur nimba toya saesmber lajegn kabekta malebet ing griya, encik teksih tilem sirahipun ginarujug toya ing ngember wau, encik geragapan tangi wicanten Wira(*) bode segawon kapalakuk iyeh iyehpunika wira saweg anyandhak yen kapal ingkang kinen anggrujug mas bei sarba jenis
===\==========

(*) Bode: bodho, segawon sungguwan = Kinten-kinten
Jurugubah

Kabar Yogyakarta ingkang kawedalaken ing Bramartani ongka 89 setu Kliwon kaping 7 Sawal ehe, 1820, punika wonten ingkang lepat ing pamacakipun kadosta ingakgn anyebutaken sagriya ngantos wotnen tiyang 6 utawi 8 ingkang pejah punika lepat menggah leresipun mangkaten tiyang sakit 6 utawi 8 dinten pejah.

Pethikan
Ing jembatan Busuk (Batawi) wonten cina paben kaliyan bangsanipun piyambak sulaya babpanumbasing babi, kerengan ngantos boten kenging pinisah amargi saking guletipun wusana ingkang satunggal ngantos jebol kuciripun sarta lajeng kabekta mlajeng dening mengsahipun la kadamel punapa punika, katungka dhateng pulisi cina gundhul kaliyan cina kucir sami kacepeng lajeng kaladosaken ing parentah.
Tuwan a, mondok ing griyaning mitranipun nama tuwan B ambekta rencang nama Karban saben bibar nedha lorodanipun lajeng sami katedha dhateng para rncangipun nanging pun Karban dipun anggep tamu, kala wingi nuju malem ngahad rencangipun tuwan B nama Jimin asuka suka nedha lorodan kaliyan Pun Karban boten namung dumugi samanten pun Jimin lajeng bolong anggur ing karap kaliyan konyak sabotol lajeng dipun kalihi kaombe ngantos telas tiyang kalih wuru liwung nyuwara sora sarta lajeng dados kerengan gelas piring kathah ingkang pecah dipun idak-idak tuwan B kaget enggal anuweni dhateng wingking, sumerep pratingkahing rencangipun kaliyan rencanging tamunipun wau boten nepsu malah angajak tamunipun tembungipun tuwan mongga ningali ringgit tiyang ing wingking tuwan A boten angggraita inggihlajeng kerid dhateng wingking, wusana sumerep pratingkahing rencangipun sanget ing pangungunipun tuwan B wicanten malih boten susah kagalih tiyang sampun kalajeng, tiyang kakalih punika sampun katingal sayah sarta sampun boten anyumelangi,s akedhap engkas amesthi sami ambruk tuwin boten saged angulawat wah lajeng tilem prayogi dipun kendelaken kemawon benjing enjing manawi tangi tilem kula kepengin sumerep punapa ingkang dados lekasing kajengipun tuwan B lajeng amendhet serog kamar dipun kunci saking jawi.

Serat kawruh kasarasan anggitanipun tuwan dhokter Vosmaer tiyang nem manawi tilem sampun ngantos kirang sakin g5 jam utawi langkung sakin g8 jam ing dalem sadinten sadalu, dene manawi tiyang sepuh utawi lare, sampun ngantos kirang saking 8 jam amargi tiyang sepuh tuwin lare wau otot balungipun krian gkuwat tinimbang kaliyan tiyang nemneman.
Manawa tiyang sayah sakin gkekesahan tebih, utawi tiyang ingkang sayah saking nyambut damelpunika neggal amapana tilem amargi otot alus ing sirah, tuwin mripat punapa malih saranduning awak sadaya, punika sampun sami sayah angajak nganso, sinten ingkang angestokaken pitutur punika badhe sarasan ing salami-laminipun.
Lotrei Greja Rum ing Batawi ingkang narik pamenang ongka 2 cina ing Surabaya, kathah ing arta 20.000 rupiyah pamenang ongka 3, tuwan tuwan ing Madiyun kathah ing arta 10,000 rupiyah.

=====\===============
Ki Kebo Nusu Gudel pataken sampeyan bab tembung, pajampuwa punika katembung Arab punapa tembung kawi, tuwin punapa tembung jawi lugu, sarta tegesipun kados pundi, lah kauningana kyai, tembun gPajampuwa punika tembung kawi, tegesipun muga-muga,
Ki Kebonusugudel pataken sapeyan kasebut ingnginggil wau sampun kula jawab mila ing mangke kula gentos nyuwun saserepan dhateng sampeyan kados ing ngandhappunika.
Tembung Ganyang, kaliyan gadho, punika bedaning tegesipun kados pundi,
Ilmu Karang, punika tembung Arab punapa tembung jawi, tuwin punapa tembung kawi,s ata tegesipun kados pundi
Lah sampun kyai amun gpunika pitaken kula
Ing Langentayan kaping 6 sawal ling Ngehe, 1820
Bandungbandawasa
========\==========
Wawaton sampeyan punapa kenging kula sumerpei raden
Jurungarang.
========\======================
katur ing Panjenenganipun ki Kebonusugudel
kula sampun maos serat panjenengan ingkang kawrat bramartani ongka 38 dangu tembung pajampuwa, punika tembung arab punapa tembung kawi, tuwin punapa tembung jawilugu sarta tegesipun kados pundi, sanadyan pandangu wau boten tumuju dhateng kula, nanging tumrap wonten pabarantanipun kyai Bramartani dados boten wonten pakewetipun kula tumua nyaosi katrangan kadosing ngandhap punika.
Pajampuwa(*) punika tembung Kawi, dene tegesipun muga-muga, wusana leres lepat kula nyumanggakaken 3 sanes raden badnung bondawasa tukang methek patitis rak inggih ta den.
Sinerat tanggal kaping 5 wulan Siyam warsa
Ehe, ongka 1820
Kula sanes parawira, bangsanipun pakpakan
Pak Srudug
=========\==========
(*) waton sampeyan dugi dugi punapa methik saking buk manawibuk anggitanipun sinten
Jurungarang.
==========\==========
Mas abuliyep sarehning sampeyan punika siswanipun empu Kridhasara kula bok sampeyan barkahi tembung ingkang dereng kula mangretosi kados ing ngandhap punika
Tuko, taktukoni, taktukune, jarwa tuwin wijangipun kadospundi, sarta rimbaging panambangipun kadospundi.

Sampun mas punika kemawon rumiyin inggih, benjing yen sampun sampeyan paringi saserepan kula badhe nyuwun barkah malih namung bab tembung ingkang dereng kula mudhengi kemawon kula kaparingana barkah, badhe nyuwun barkah dhateng empu kridhasara ing Pakualaman kathah kajriyan kula, mila kaleresan sanget sampeyan sareng purun medali wonten pabaratan bramartani ngriki, ngntos kempi anggen kula badhe pitaken dhateng sampeyan la sapunika kula dura darsihi
Pamoptan ping 21 Ramlan 1820
Kramajaya.

Ongka 42 Salasa Kliwon kaping 17 Sawal Ehe 1820 utawi kaping 26 Mei 1891

Pawartos kawat saking Batawi
Pamit dhateng tanah Eropah, kanjeng tuwan Pino, Asisten Residhen ing Prabalinga
Kawisudha ing Pangkat asisten residhen ing Prabalingga, kanjeng tuwan Seidhel
Rereh saha lulus ing pangkat karuhuranipun tuwan Brures sekretaris ing Surabaya
Kawisudha ing Pangkat Sekretaris ing Surabaya, tuwan Enggelberet PabBeperpurdhe

Kala dinten Sabtu siyang ing kampugn Pasar, Batawi, kabesmen telas griya tigangdasa, ingakgn salong dipun enggeni para tuwan tuwan kapitunan kakinten tigang dasa ewu rupiyah, sarta wonten tiyang kakalih katut kabesmen.
========\==========
Surakarta
Ing dinten Kemis kaping 12 Sawal Ehe ongka 1829, ingkang saking kaparengipun ing karsa dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan putra dalemkanjeng pangeran arya Natapraja samangke kasantunan nama Kanjeng Pangeran Arya Prabu Mijaya
Kintunan

Pawartos kawat saking Batawi dhateng Dhelokomotip amaedharaken kanjeng pangeran Arya Mataram saha kanjeng pangeran Arya Prabu Ningrat sami kapangkat kolonel pan Setap punika lepat ingkang leres makaten Kanjeng Pangeran Arya Mataram Kapngkat Litnan Kolonel Pansetap dene kanjeng pangeran Arya Prabuningrat kapangkat mayor, saha lulus anggening dados ajudan dalem ingkagn sinuhun kanjeng susuhunan.
Kala wau dalu wanci jam 9 wonten cina ing kamugn Gandhekan tengen saweg linggihan wonten salebeting griyanipun cinidra ing durjana saking jawi, sarans anjata kenging tepakipunsakalan punika derengpejah, nanging tansah boten enget kemawon kilap lalajenganipun pulisi sampun saged anyepeng tiyagn ingkang kininten nyidra,kacihna gadhah sanjata, nanging sanjata wau sampun dipun rucati, wuluhipun dipun tuntak medal toyanipun angemperi mentas dipun koroki.
Nama enggal saoto templek tau numpang, dhasar wonten wradinan sacelaking kampugn jaidan medal wanci sonten bibar bedhug dalu, papajenganipun boten nate kirang seket rupiyah, kalebet angeramaken manawi tiyagn sadesa oto kaliyan tau goreng kemawons aged pajegn seket rupiyah namugn ing dalem 6 jam.
Kala wau dalu sampun gagat raina ing griyanipun raden ngabei L kalebet dan durjana mandugn banyak sanadyan panyepengipun durjana kaangkah guluning banyak ewadene taksih saged mungel ngak keling, sarta nglubuk konangan tiyang patrol durjana kabujeng boten saged kacepeng, nanging banyakipun dipun culaken.

Pethikan
Kala dinten Setu kapengker punika wanci sonten lampahing kareta asep saking samarang dhateng Surakarta, ingkang kantun piyambak dumugi antawis ing alte Tlawah kirang 2 kilometer lokomotippipun borot dados lajeng kendel sarta lajeng anglampahaken serat kawat dhateng Surakarta, nedha pethukan boten dangu dhateng, sarta lajeng andumugekaken lampah, dhatengipun ing Surakarta ngantos wancijam wolu sonten.
Sasakit pancingen ingkang anggigirisi, sarta ingkang dipun lut ingpanastis tembungipun walandi winastan sasakit Influenza, sapunika tuwuh angrebda wonten ing Surabaya, sarta sampun kathah pepejah ingkang amargi sasakit wau.

Margi ageng ing bogor ingkang terus dhateng Jasinga, punika anugel lepen ageng ing Ciyantan ing mangke karsa badhe dipun yasani kreteg karanganipun kedah angawontenaken wragad 26,212 nbemlikur ewu kalihatus kalihwelas rupiyah slaka.
Nyonayh S ing Batutulis dhawuh dhateng Mdahranipun nama Silah supados adamea wedang kopi ingkang kandel sareng sampun kalampahan dipun tingali boten kaleresan amargi ketipisen sarta cangkiripun kirang resik madharan dipun srengeni, sarta dipun serepaken ing kirang saening pangagepipun dhaten gbendara, madharan silah sakit manahipun lajeng nedha medal panedha wau inggih dipun pituruti, sami sanalika madharan silah lajeng mantuk dhateng griyanipun, boten antawis dangu madharan silah katingal wangsul kaliyan bojonipun nama Simanlajeng angujar-ujari awon dhateng nyonyah S sarta angancam-ancam badhe anggugat dhateng parentah ing awoning panganggepipun bandara dhateng rencang, nyonyah S kendel kemawon malahlajeng mendhet kartas akaliyan pena serat kalayan ulat manis wicantenipun tiyang kakalih boten dipun rewes sareng serat sampun dados kalampahaken dening rencangpunjaler,boten antawis dangu wonten pulisi dhateng anyepeng tiyang kakalih wau lajegn kalebetaken ing kunjara, e dados serat ulem dhateng pulisi jawenipun.
Kareta asep saking Bogor, ingkang badhe terus dhateng Tanjungpriyuk kala kaping 9 wulan Meipunika lampahing kareta wanci jam 11 siyang, 30 menut lampahipun dumugi batawi palanging margi agengingkang nunggil ril dipun bikak dening tiyang jagi, boten kenging, kilap saking seret kilap saking kaseselan barang sanesipun selak katungka dhatengipun kareta asep palanging margi wau katumbuk inglokomotip anjepat dhawah ing ngeril lajeng kagiles ing roda, kala panjepating palang andhawahi kondhektur nama tuwan Museingkang linggih wonten ing andhan-andhan kareta tuwan muse dhawah ing siti ngantos boten engetlajeng kagotong kaborongaken dhaten gdhokter Kapala perang.
Inggih kareta asep saking Bogor igkang badhe terus dhateng Tanjung Priok kala ping 12 wulan Mei wau, lampahing kareta wanci jam 12 siyang 30 menut dumugi sacelaking lepen tirem wonten tiyagn estri lumampah ing ril dipun tengarani cempritan deing masinis supados sumingkira, nanging meksa boten mireng kaselak dhatenging kareta tiyagn estri kagiles ing rodha pejah risak angganipun wangke lajegn kabekta dhateng tanjung priyuk kapetak wonten ing ngriku, pawartosipun tiyagn estri punika gundhik cina ing Kramat.
Ing lusmenipun Nonyah J ing Gang Menjangan (Batawi) kathah para nyonyah sarta nonah ingkang samikendel wonten ngriku, pasiramanipun tumemepel ing griyanipun tuwan V.B. dioun gebyog mubeng, tuwan V.B. wau gadhah rencang nama Miyan remenipun nginjen manawi para nyonyah sarta nonah punika sami adus sarana ambolong gebyog manawi sampun kangge nginjenlajeng dipun tutupi.
E, miyan manawa mareming ngati cukup saka ing pandeleng becik amulata gambar bae, nonah kan gkaton saka ing lompongan ciyut padha uga karo andeleng bonekah, menggah pratingkahipun miyan punika dangudangu konangan dening nyonyah ingkang panuju adus lajeng dipun pratelakaken dhateng pulisi,miyan kaepeng lajeng kalebetaken ing kunjara.

Welut di edoli udhet
Wonten pangeran ameng-ameng ing paris tedhak dhateng toko ageng badhe ngarsakaken mundhut ingkang dipun parengaken nanging boten wonten ingkang kapinujon ing galih, tuwan toko nama L anawekaken gambar aeng, sang pangeran inggih boten karsa, pangadikanpun gambar ingkagn turunan sarta orapati becik tuwan toko matur punika sanes gambar turunan nanging gambar tulen sayektos damelanipun juru gambar ingkang sampu nkawentar sarta kamanipun kaserat wonten tepining

gambar, sang pangeran ngandika pratandhane juru gambar iki iya tiron tuwan toko matur o punika btoen kla kadugi tanggel bilih pratandhaning juru gambar punika tiron amesthi temen manawi sang pangeran dereng pitados kula kadugi sumpah,s ang pagnern ngandika lah ya wis ta tak pituruti karemmu gambar mu tak tuku, nanging kirimna metu ing pos bae kala wan wragad saka kowe, besuk amratelakna menyang ngaku sapetunge, ngalamat tan menyang a ku ing kutha Bordho, sang pangeran lajegn kondur sarta dhadhawah dhateng ingkang ngabdi, manawi wonten kintunan barang saking toko lajeng kadhawahan angladosaken sampun ngantos kaandheg sareng abdi wau nampeni kintunan barng saking toko inggih enggalajeng kaladosaken sang pangeran lajeng dhadhawah kinen angrakitipalangkan saeng sampun lajeng kapasang wonten ing sasana karti wacana, sareng antawis 20 dinten sang pagneran utusani nimbali tuwan toko, sasowanipun sang pangeran ngandika, L kowe tak sereg ya gene wis antara lawas kowe durung angaturaken gambar kang wis tak tuku, tuwan toko kaget sarwi matur, o, bandara,kula sampun angestokaken sadhawah, sami sanalika gambar lajeng kla kintunaken medal ing pos punika saking daleyanipun juru anglampahaken serat mangke saundur kula saking ngriki, kula seregipun sang pangeran ngandika, iya becik sregen nanging mengko ta kowe miluwa aku sadhela,tontonen gambar ku tulen kan ganaing sasana kartiwacana, tuwan toko manahipun kirng sakeca, nanging inggih lajegn andherek dumuginipun ing ngriku sang pangeran ngandika, lah mara tontonen sing temenan iku polane gambar tulen mongsa dadak kaya duwekmu biyen kae, tuwan toko lajeng amaspaosaken sarta mawi kacamata supados terang ing paningalipun sareng sampun lajegn matur, dhuh bandara gambar punika awon sanget wah tiron beda kaliyan gambar kula ingkang kakarsakaken rumiyin punika, sumongga benjing manawis ampund hateng katandhinga, manawi gambar kula kawon sae mugi lajegn kaparingna wangsul kemawon kula narimah boten saestu kakarsakaken sang pangeran ngandika sarwi gumujueng, iya tak turut apa kang dadi clathumu dhewe, gambar kang kowe wada ala iku banjur tak balekake marnag kowe, awit satemene gambar iku iya gambar mu, kang ko kirimake menyang ngaku metu ing pos kang wis tak tampani, saiki kowe pangling mulane angarani ing satemene yen gambar iku pancen ala, gambar lajeng kaparingaken wangsul.

========\========================

Bramartani ongka 38 angawartosaken sarta ngalembana pejahipun ngabei Kartapiyoga, abdi dalempanewu bumi, menggah lalampahan ingkang makaten wau sampun saestu adamel gawok tumraping tiyang ingkang dereng gayuh dahteng papasthenipun punpa malih tiyang kados kula punika tansah angungun kemawon mila kula kumedah-kedah nyuwun saserepan kados ing ngandhappunika.

1. Tiyang ingkang saged damel mesthi dhateng pejahipun piyambak punika punapa sampun kenging kaanggep sampurna ngilmunipun
2. tiyagn ingang sampurna dhaten gkawruh pati punika panitikipun nalika taksi hgesang saking punika
3. Ingkang dipunw astani ngilmu kasampurnan punika tegesipun kados pundi, sampun namung punika ingkang kula suwunaken katerangan, ing wasana sampun andadosaken pangalih

Kula pun Ngabdul Jailin

=====\=======

Mugi wontena ingkang karsa amedhaakenpadangon punika, lumeberipun dhumateng para punggung, ingkang tansh lumengket dhumateng watek gugon tuhon Jurungarang.

=====\==========

Nokil saking sarba jenis

Bramartani ongka 39, wonten panjurungipun ngabei sarbajenis ing yOgyakarta, anyariyosaken manawiing mangke kathah sasakit watuk lajeng kacandhak ing Bentertis punika lajeng kausadanan pala 1 iji, cengkeh 13 iji, gendhis 1 lirang, toya sasiwur, punika kakagodhoga kakantunaken sapalih lajeng kaombekaken sadinten sadalu rambah kaping 5, punika ingkang sampun kalampahan saged saraspunika leresan sanget anak kula pun Suwrni ginanjar sakit watuk nanging dereng kacandhak ing bentertislajeng kula s cobi kula jampeni kados kojahipun adhi Sarbajenis wau, anak ula pun Suwarni saged saras mila sadaya para priyantun ingkang sami kagungan putra wayah manawi ginanjar sakit watuk lajeng anggatosna ngusadani kados ingkang sampun kasebut ing nginggil wau, insa allah waluya

Ing Ngadikusuman kaping 15 Sawal Ehe ongka 1820 abdi dalem Carik ing Kawadanan Panji Isnen pun Sastratiyasa.

Jaka Kandheya, kula nyuwun pitaken ing sampeyan bab pitakenipun Patratholo, nalika dadosipun kadhaton ing Ngastina, punika sampeyan jarwani nalika ing tau nSurya sangkala, 527,utawi taun condrasangkala 543 sapriki sampun 1277 taun punika andadosaken kodhengipun manahkula, kados pundi kodhengipun e makaten kados ta sampeyan sampun saged mastani taun suryasangkala, 527 ing taun condrasangkala 543 lo rak sampun tetela manawi geseh menggah lampahipun taun surya tuwin taun condra wau, mongka pamethek sampeyan adegipun kala taun 527 utawi 543 punika sampeyan petang saking taun surya punpa taun condra, kula nyuwu nkatrangan.

Kaping 8/20 10 pun Cekel Endralaya.

==========\==========

Katur Kridhasara 2 Trunadongsa

Menggah kasagedanipun para bongsa Eropahpunika sampun tatela anggigirisi sanget kados ta inagn sampun kacetha wonten ing serat pananggalan taun 1891 pnika anyariyosaken manawi tanggal kaping 23 ngrintenaken ping 24 Mei wonten grahana rembulan ngantos telas wiwitipun jam 12 dalu punika sampun cocok boten wonten ingkang nalisip nanging manawi bongsa kula titiyang jawi ingkang taksih totok boten suka sanget manawi woten grahana wau saking kaalingalingan pakelukipung bumi, kajawi namung saking karsanipun gusti Allah, leres nanging totok kapingkalih, sayektosipun kula punika boten maiben dhateng gugon guthonipun titiyang jawi, awit mangkaten ingkang sampun mupakat tiyang ingkang ginajar sakit gingsir engetanipun punika dipun surupi ing dhemit mila manawi jampening tiyagn ewah punika namun gdipun kutugi menyan inggih boten kulu nun tiwas tiwas plepegen nanging pun dhukun taksih adreng mstani dipun surupi ing dhemitleres nanging gugon tuhon kapng kalih, sumongga empu Kridhasara kulaaturi galih kaliyn aki trunadongsa, menggah pamanggihipun dhukun wau punapa leres punapa gugon tuhon kaping tiga, kula nyuwun katrangan

Kaping 16 Sawal ehe ongak 1820

Pun Ibnu Kempi.

Ongka 43, Setu Wage kaping 21 Sawal Ehe 1820 utawi kaping 30 Mei 1891

Surtakarta

Bramartani ingaknng amartosaken cina kacidra ing durjana kalayan dadamel sanjata teranganipun makaten.

Suradiwirya ing kang kampung Warung miri, anakipun abdi dalem anggandhek ingkang sampun ajal angsal warisan pemahan ing kamung Warung Miri, pemahan wau ing ngajengan ingakgn ngongkang waradinan ageng dipun seakaken dhateng cina nama Licingkan ing dalem sawulan 15 rupiyah,s arta lajeng dipun degi griya tembok nanging lingcingkan lajeng maled boten ambayar pasewn ngantos atataunan saben dipun tedha tansah mubeng gayeng kemawon suradiwirya ngantos rumaos jengkel nanging badhe gadhah atur gugat ajrih bok bilih kalepatan awit anggenipun kamipurun anyewakaken pasiten dhateng cina boten terang ing nagari, suradiriwya tuwuh pamuring muringipun lajegn tumbas sanjata isen saking wingking, gadhahaniun Ngabei puwa turongga abdi dalem mantri gamel katumbas 15 rupiyah sanjata lajeng dipun pasangi patrum sarta dipun iseni mimis kalih iji, sareng wanci jam 11 dalu suradiwiya dhateng ing griyanipun Lingcingkang, lawanging griya sampu nkaineb nanging inebing candhelanipun taksih menga namung inebiipun ram kaca ingaknng sampu nkatutup Lngcingkang dipun injen saking jawi katingal taksih melek lingih kursi wotnen ing galdri ngajengaken konten lajentg dipun sanjata, mimis anrajang raming candhela ingaknng ngantos sumyur, mimis taksih lajegn nanging pesatipun sampun ragi aber, ingaknng satunggal dhatewah wotnen ing jogan ingaknng satungnggal angengingi dhadhanipun lingcingkang ingkang kiwa, mimis ambles lajeng angrem boten antawis dangu suradiwirya enggal lumajeng, poporing sanjata nipun dipun bikak wuluhipun dipun titipaken dhaten gmtiranipun tukang batu ingakngpung Warung Miri, sareng pulisi gledhah pinangih wuluh sanjta mentas dipun koroki kalayan toya denign tukang batul dene poporipun boten saged pinanggih, suradiwirya sarta tukang batu lajeng sami kacepeng kalebetaken ing kunjara. Wonten cariyos malih anggenipun Lingcingkang boten bayar pasewan wau awit samangke sadaya pasewaning pemahan cina ing pakampungan unika lumados dhateng nagari lalantaran cina ingaknng gadhah pemahan.

Pun Marliyah ingkang mondhok wonten ing griyanipun Ratadikrama, ing kampung ngadikusuman kala salaa ingkang kapengker punika kupingipun kalebetan coro, sanalika pun marliyah lajeng anggeblag sambat tulung, tulung, kulkuping kul kelebon apa, alah pak rata, rikat niki napa saking guupipun ingkang sami tutulung kupingipun pun marlisah lajeng dipun curi toya ing lantingan nanging boten mantun malah sakit sambatipun Allah tobat aku mati, iki apa, dangu-dangu wonten ingaknng gadhah pamanggih supados lajeng kasuraa lisah klentik amesthi coro lajeng pejah, mila enggal enggal lajegn angupados lisah klentik angsal satengah gebyas alit lajegn dipun suraken sur boten watawis dangu coro pejah, dipun cuthik kenging pun marliyah saras lajeg nsaged gumujeng, iik pinuju kokena, anuwarak sidamati dening coro nggih pak ra…ta, tujune boten angadegaken swayembara, awit ing kampugn ngriku wonten bambangipun

Pun Bikis.

Batawi

Kanjeng Pangeran Arya Mtaram saha kanjeng pangeran Arya Prabuningrat putra dalem ingaknng sinuhun kanjeng susuhunan tuwin kanjeng pangeran arya Gondasiswara, putra dalemkanjeng gusti pagneran adipati Arya mangkunagara, ingkang sampun swargi, dinten punika kaping 21 Mei 1891 rawuhipung kitha Batawi, sasarengan kanjeng tuwan residhen ing Surakarta, lerep ingkitha Batawi sawatawis dinten lajegn tindak dhateng Bogor, sowan ing ngarsa dalem sripaduka kenjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral tanggal kaping 21 para gusti wau sami amriksani balapan kapal ingngalun-alun bogor ingkang sisih ler para ruhur jibeg sami kempal wontening papanggungan ingkang rinengga rengga sakalangkung adi, pagnageman militer kempal sapanggul andherek sripaduka kanjeng tuwan besar guprenur jendral wanci jam ½ 1 siyang sirpaduka kanjeng tuwan besar kondur, titihan dalem kareta jinajaran prajurit kapaleri, dene ing pengkeran titihan kareta ginarebeg para priyantun jawi, ingkang sami mangrasuk busana prajuritan saha sami kapalan sadaya, sontenipun para gusti saha kanjeng tuwan residhen Surakarta, sami katimbalan dhahar ing dalempaleis sripaduka

kanjeng tuwan besar katingal suka pirena inggalihanampenipisowanipun para gusti wau, makaten ugi para gusti inggih katingal boten kcuwan dhasar priyagung taruna putra nata kathah ingakng sami lam-lamen tekaosikipun manahpara abdi dalem tiyang jawi saha kawula alit ingakng sami dumunung ing kitha Batawi sarta bogor, prasasat karoban ing tirta marta umiyat gustinipun katingal wonten ing kitha Batawi, lajegn andharbeni cipta, lah mara ta sawangen gusti kukang dadi kekembanging tingal, iya iku trah utama winongwong ing jawata.
Dhuh saiba badhe suka saha tus dhaning manah sama samasa, wonten pasamuan ing kitha Batawi, para gusti kula ing Surakarta salah satunggal karsa tumedhak anjenengi, dados kenging kadamel tatumbalipun para abdi dalem tiyang jawi ingkang sami wonten ing kitha Batawi, wondening badhe konduripun para gusti saha kanjeng tuwan residhen ing Surakarta, kula boten saged amratelakaken. Titi ing kitha inten kaping 21 Mei 1891
Saking kawula pun Surapati

Kulawisudhan miturut beslitipun kanjeng tuwan residhen Batawi kaangkat dados upsir saking pabarisan dhistrik ongka 3 manggabesar tetelitnan raden Bei Basah Tirtasubrata, pambantu Juru basa Pengadilan Landrad Kitha Batawi.

Pethikan
Babah Bagong saking Pasuruhan dhaten gMadiyun numpak kareta asep ing samargi-margi karaos badhe toyan nanging dipun ampet sareng mudhun saking kareta kasesa dhateng panggenan sepi badhe lajeng totoyan nanging boten saged medal raosipun kados kapepetan barang, temahan ngantos boten enget kabekta mantuk dhteng pondhokan lajeng dipun upakara, wusana saged medal naming tetes kemawon lajeng dipun dhokteraken karsanipun tuwan dhokter puyuhanipun babah Bagong badhe kabedhel nanging babahBgong boten kadugi, lulus ngantos satun babah Bagong anandhang sakit makaten awakipun ngantos kera ulatipun pucet tumunten wonten kojah ing tiyang, dipun ken mawah lajeng kaulu apisan goddhong kuja (*) saben dinten boten kenging towong, inggih lajeng dipun lmpahi, saweg angsal 4 dinten babah Bgong saged toyan bancar sarta angawedalaken toya pethak kados jujuran pupur, wawarnen makaten punika sami dipun wastani sela ajur, wusana babahBagong saged saras sasakitipun sarta sampun wiwit pulih awikipun katingal badhe lema.
==========\========
Manawi ngriki ingkang sampun kawentar godhong Keji, punapa godhong kuja wau inggih godhong keji.
Jurungarang
=======\============
Ing Pasuruhan taksih kathah jawah, malah kala kaing 8,9, Mei punika mendhungipun anglimputi jagad ing dalem kalih dinten soroting surya asemu kuning kados sekel tumingal dening ngrabdanipun sasakit kolereh, wonten kabegjan akedhik taneman pantun ragi medal tinimbang taun ingakng kapengker jebul wonten pageblug ageng, ringgit tiyang saking Surakarta ingkang saweg dhteng wonten pasuruhan sampun kalampahan kagebyagaken nanging kados badhe boten dangu lajeng kukut mali hpanggenan giras ningali tiyang pejah ingkang katarajang sasakit kolerah wau, ing kebbon agung wonten pasiramanipun atusan tiyang ingam,ng sami dhateng adus ing ngriku, dalah bongsa walandikathah ingkang kelayu ugi adus ing ngriku, bokmanawi kangge panulking sasakit kolerah.
Dharan utawi unjuk-unjukan adi, punika panjangipun naming sapucuking ilat sarta ingkang sampun nate angraosaken sirna namaning adiwau, sarta boten kalebetaken betahan ageng, tiyang pulo jawi kala dereng wonten toya es kumecueripun kados ngidham cempaluk kados punapa raosipun toya es punika sapunika sampun mantun makaten nanging sapunika titiyan ging sumenep ingkang gentosngidham cempaluk angajeng-ajeng tumuntenipun dados pabrik es yasanipun babah T.K.K. ibabadhe larisipun manawi sampun kalampahan dados nanging naming ing dalem sayektosipun naming bongsa walandi piyambak ingkang septa angunuk es kabekta saking nagari wutah rahipun bongsa jawi tuwin madura, sayektosi pun namun beri.
Taneman kacang cina ing sumenep kamedalan sanget angantawisi badhe mirah lisah kaang, pr jurugan badhe boten anyade lisahipun manawi mirah reginipun badhe katandho kemawon

mila sampun sami sudhiya wadhah pinten-pinten bleg petoliyun regining bleg satunggal ngantos 50 sen punapa boten wonten ingkang purun dagang bleg dhateng Sumenep.
Para pandhit aMesehi in gMajawarna, ageng pitulungipun dhateng tiyang bumi ingkang sami ginanjar sakit dipun sukani jampi lahnan malah gunggungipun wonten tiyang 4500 ingkang sami nedha jampi, sawenehing tiyang ingkang griyanipun tebih,s arta ingakng sakitipun kedah pinulasara denign dhokter, punika lajegn kendel wonten ing ngriku pisan kathah para tiyang ingkang sami malebet agami Mesehi, ing mangke pangagenging pandhita wau badhe yasa balemarta, waragadipun badhe kaangkah lalambaran loi yatra, acumadhong sih kadarmanipun kanjen ggupremen.
Pangagenging pangadilan andangu dhteng pasakitan e pasakitan kowe apa isih duwe aturan kang bias ngendhengake mungguh in gprakaramu, aturipun pasakitan bandara mugi kauningana taksih wonten lampahan saprakawis ingkang kedah kula aturaken makaten jalaranipun sedya kula mandung punika boten dhateng ing griyanipun saksi ongka 1 nanging dhaen ging griya ning tangganipun sarehning kalintupunapa boten wonten parimarmanipun pangadilan angenthengaken menggah in gprakawis kula wau.
Singseh nama Bukingcowan ngiras andhasaraken panyadening jampi racikan wonten ing griya sacelakipun kantor lelang ing Batawi, nalika kaping 30 April kapengker punika wanci jam 11 dalu singseh Bukingcowan sakit ewah, minggah ing loteng lajegn ambesmi griya saking nglebet lantaran punapa titiyang boten sumerep sumerepipun saeng latu sampun mubal andados titiyang tandang sami amanah wedalipun singseh saking griya, amargi btoen katingal wonten ing jawi, sareng kapanggih dipun purih medal boten purun malah ambalangi tugelan gendheng titiyang tandang lajeng sami medal sumelang manawi katungkeban latu, singseh taksih wonten salebeting griya, sireping latu katingal sampun dados areng mentah, memelas sanget.
Dhokter tiyang Keling, mentas mider-mider wonen ing Singapura, sapunika wonten ing pulo PInang bokmanawi bdhe dumugi ing pulo jawi, misuwur saged anjampeni mripat sampun risak malah kaduking pawartos mripat sampun piak saged melek aparipurna sumerep tiyang, ananging prayogi ngantos atos kemawon awit dhokter keeling ingkang dhateng rumiyin aniwasi tiyang kathah.
Sambatipun tiyang kathah, sami angrsula rekaosipun ngupados sandhang tedha, menggah pangresulaipun tiyang kathah wau sulaya ingkayektenipun pinten pinten ewu titiyang sami ningali komidhi ing wanci dalu wonten ing ngalun-alun Surabaya, sarta boten mawi sambat bilih artanipun panumbasing karcis arta panas nanging arta asrepa pajenganipun panyadening es.
INg redi Cemeneng dhistrik Ngunut wonten sumberipun mili dhaten gtanah Ngare, nanging toya punika manawi dangu lajeng anjendhel dados boten saged amradini sawiyaring pasabinan ingkang pancen kenging kaoncoran toya punika, sanadyan tus-tusanipun ingkang kadamel pancuran sarana sigaran deling, manawi dangu inggih lajeng anjendhel ddados aepeti embesing toya saking nginggil sagedipun mili malih manawi jendhelanipun toya wau kabucal.
==========\==========
Ing nalika dinen malem Akat Pon tanggal kaping 15 wulan sawal punika, wonten grahana rembulan ngantos telas, wiwitipun kalong wanci jam ½ 12 dalu, telasipun pisan jam 2 ¼ dene wiwitipun katingal malih, jam 3 langkung 20 menit pulihipun jam 4 enjing, sanalika kula lajeng maos serat kutbah, ungelipun kados ing ngandhap punika.
Lapel tegesipun
Wapikusupilkamari: bilih wonten grahana rembulan
Pisahrisawalin: ing wulan Sawal
Pangalamtku: ngalamatipun
Kasirulmarli: kathah tiyang sakit
Wakasirulkuni:tuwin kathah tiyagn prihatin
Wakalilulrijki: uwos pantun awis

Walamiru: para tiyang
Layangibu: boten remen

Ilasakibihi:ddhumateng bangsanipun
Serat kutbah punika tegesipun nyariyosaken lelampahan awon sae, mengggah panulakipun boten susah kula pratelaaken wilujenganipun bilih wonten ingakng karsa milujengi, kula aturi pitaken dhateng para saged.
Pajar Sidik
Ing Pangulon M.N.
====\==========
Elo mask ok jebul ngangge milujengaken, makaten punika punapa wonten pathokanipun
Jurugubah.
=========\======================
Katur para wiraning Bramartani
Dhuh para para mongsastra, kula matur prasaja, sampun lami anggen kula ambudi bab condrasangakala, kula manah supados mudheng ananging malah kodheng, amargi sakin gpancen balilu tur sempuk ing budi, mila ing sapunika pupuntoning manahkula makaten: bab condrasangkala iki bisane padhang piker ku jaba tak aturake marang para widhayaka, dhuh dhuh rising mardi kawruh, mugi kara paring barkah saserepan pipiridaning condrasangakala tumrap ing Bramartani, supados amewahi sumunar cahyaning pustaka warti, dene ingakng kula suwunaken barkah kasebut ing ngandhappunika.
Bumi, medi, kadamel watak satunggal kula pirit pirit inggih sampun andherek kapisan
Netra, lar kadamel watak kalih kula pirit pirit inggih sampun dherek kaping kalih
Wangsul latu, kadamel watak tiga, toya, kadamel watak sakawan lo punika sami kapirit saking punapa
Pandhawa, kadamel watak gagnsal kula inggih sampun dhrek kaing tiga
Rasa, kadamel watak nem kula pirit saking serat panitisastra rasaing ilat kadosta
Pedhes asin pait sepet kecut legi, inggih sampun dherek kaping sakawan
Pandhita, redi, kadamel watak itu, punika merit sakin gpunapa, tuna, basu
Murti, kdamel watak wonlu, kula pirit saking serat paniti sastra nyebutaken ingkang tinampik para sujana srenggala kintelanula, bunglon tekek laler uler cecurut wolu nira, inggih sampun dherek kaping gangsal.
Wangsul bramana, gajah, kadamelw atak wolu punika kapirit sakin gpunapa, watak sanga, kapirit saking babahan nawasanga, inggih andherek kaping nem watak sadasa, kapirit saking ical inggih andherek kaping pitu, o saiba badhe andadosaken bingahing manah kula saupami para sarjana karsa paring barkah sasrepan bab condrasangkala kasebut ing nginggil
Wanakarta kaping 28 Mei 1891.
Sedyatama
=======\=========
Raden Bandungbondawasa, kula nyuwun pitaken ing sampeyan tembungparas punika tembung kawi punapa jawi tulen wusana sanget ingpangajeng-ajeng kula saking panjarwa sampeyan wau.
Ing ngadikusumankaping 20 Sawal Ehe ongka 1820
Pun Sastratiyasa.
==========\======================
Katur panjenenganipun mitra sastratiyasa.
Panjurung sampeyan kasebut ing ongka 42, kula condong sanget ananging mitra mugi kaparenga nerangaken lare kajampenan makaten wau prayoginipun ingkang umur pinten taun utawi tumrapipun tiyang sepuh punapa inggih boten wonten sababipun ingkang kirang sakeca wsana kula nyuwun katrrangan. Mitra cekel endralaya,sakalangkung sanget ing panuwun kulamitra kaparengnyaruwe, bilih panjenengan adhangan mugi kaparenga nyembdani sadaya pitaken wau, wasdana atur taklimkula katur mitra.
Ing Prwasana kaping 21 Sawal Ehe 1820
Ki patratholo.
========\=================
Akadhaton neng Ngastina, wenang jumeneng ken aji, marma duk ajenengira, anetepaken narpati,putra Sri Basupati,, nama Matswapati, prabu, aneng nagri Wiratha, sang prabu Santanumurti, duk angasta pangawasa Parampara. Anuju taun rembulan angesthi tata

mamanis antuk pitung warsa Mekrad dene duk jenenging reki, sang prabu Matswapati, apan misih tunggal taun mekrad tuk satus warsa, sri dwipakswera siwi, kang jumeneng aneng nagari Ngastina. Jujulukireng Pawasa, Kresnan Dwipayana aji, sangkala ing adegira, barat ngobahken mamanis, antuk salikur warsi, weleh kaprabon sang prabu, mara putra taruna, pandhu dewanata, aji, dene sang ngaprabu Kresnadwipaya. Laju magawan mring ngarga, ngretawu araning wukir, subrata amatiraga, jujuluk Biyasa resi, nalika degiraji, pandhu dewanata prabu, nuju taun rembulan obah angesthi mamanis antuk kawan likur warsa, prapteng seda. Ginantyaning rakanata, jujulukireng narpati, mahaprabu Drastharata, sangkala adegiraji, nengeng condra ing ngardi, jumeneng antuk nem taun sumeleh marang putra, pambajeng sri Kurupati, ajujuluk maha Prabu Soyodhana. Mandhireng nagri Ngastina, titi duk jenengiraji, obahing bumikasapta, kumondhang amengkubumi, suyut sanus wajawi, tuk tridasa sangataun seda prangbratayuda, dene kang sumilih aji, putranira prabu pandhu dewanata,Pamabjeng sriyudhistira, duk ing taun sitaresmi pandhawa lima manabda, pan mung antuk limangwarsi, sumeleh sribupati,mring dyan abimanyu sunu, wayah dyan dananjaya, nama raden parikesit ajujuluk maha prabu dipatyana. Titi duk ing jenengira, nuju taun sitaresmi, samr oyaging ancala, antuk tridasa nemwarsi,muksa srinarapati,putra gumanti kaprabun julukireng pamasa, yudayana sribupati, adegira anuju taun rembulan. LIndhu terusanprawata, antuk tri taun ngemasi, putra kang gumanti raja, juluk gendrayana aji, sangkala degiraji, trusing gapura pipitu, antuk salawe warsa,jengkar singasntina nagri, akadhaton aneng nagari mamenang.
Taksih wonten sambetipun.

Ongka 44, Salasa paing kaping 24 Sawal Ehe 1820 utawi kaping 2 Juni 1891

Surakarta

Griyanipun mbok Mangun…..in gkampung Krapyak kala malem Ngaad wanci jam 12 kabesmen ingkang kobong rumiyin griya atep lajeng nyalat griyanipun bok Mangun sarta griyanipun panatu, sami payon gendheng sarta ageng-ageng, menggah sangkaning latu dereng terang.

Sampun kaping pinten lalantaranipun griya ageng ageng kobong saking griya payon atep sarta nagari sampun angawisi wontening pun riya atep wau, nangin gpara kawogan teka sami apitambuh, pnapa wonten darunanipun ingkang gatos..

Saking cariyosipun sadherek kula pun K nalika ing dinten saptu kapengker punika, wonten priyantun medhun saking sepur ing Balapan kecalan arta kretas 125 rupiyah wonten ing kantongan rasukan bokmanawi nalika udhunipun sakin gsepur priyantun wau suksukan kaliyan tiyang kathah, dados salepenipun dipun suwut ing bajingan boten karaos wah saiba anggenipun nyeret candu srutu srut benjing kemawonpara priyantun ingakng sami mudhun saking sepur kula aturi ngatos-atos manawi kecalan arta kados ingakng sampun punika rak rugi sampun ingakng arta 125 rupiyah, kula punika ngupados arta 5 dhuwit kemawon kula rencangi babak pundhak kula, inggih punapa boten para miskin (kintunan)

Benjing tanggal kaping 9 twin tanggal kaping 10 wulan Junipunikas ing griya komidhen ngriki badhe wonten titingalan ingkang sakalangkung sare, saha saestu adamel lam-lamipun para ingakng sami anonton dene ingakng badhe kagebyagaken cariyos angemperi ringgit jepang, tuwin pethikaning cariyos sewu, menggah titiyangipun mawi kabusanan manut cariyos wau, wah wonten wanodya wolu las ingkang sami kagbyagaken ing malenggot bawah busana inggih amanut lampahanipun piyambak.

Sarehning papan panggenanipun ragi cumpen pramila sinten sinten ingkang karsa aningali, sami dipun aturi amratelakna tuwin amundhuta karcis ipun dhateng tuwan PanGrol utawi tuwan Landho.

Yogyakarta

Dhawuh terang saking shandhaping sampeyan dalem sapunika sadaya abdi dalem boten kenging nyambut utawi nyambutaken manawi wonten ingkang purun nerak pranatan badhe tampi paukuman ing sakarsa dalem dene manawi kawula dalem (tiyang Ngindhung) motangaken dhateng abdi dalem manawi ingakng nyambut sampun kaukum sapinten anggenipun nyambutaken badhe boten angsal panyaur, tumrapipun para tuwan tuwan utawi cina manawi nyambutaken dhateng abdi dalem pranatanipun sami kaliyan tiyang Ngindhung wau.

Bauwarta.

Kanjeng parentah ageng andhawuhaken dhateng parapulisi, sadaya tiyang ingkang sami gigriya salebeting nari boten kalilan mawi payon sanesipun gendheng, ing sawatawis wulan kanjeng parentah ageng badhe utusan kuisi, pundit para kawula dalem ingkang bote miturut parentah wau mesthi kapatrapan paukuman ing sapantesipun.

Kala tanggal kaping 16 Mei 1891 wanci jam 6 enjing wonten lare badhe guying kapal wantu lare kaduk wani kirnag dudugi among guru aleman kapal kabandhangaken pleng sareng dgi ngebuk sawetan pakualaman kapal kaployo dhawah breg lare ugi dhawah malah bathukipun dhawah ing sela prek salajengipun lare boten saget tangi piyambag enggal enggal dipun kukup warisipun lajen gdipun lebetaken balemerta kilap taksih kenging dipun dadosi kilap kalajeng risakipun.

Ngawi

Sampun sawulan punika ing ngriki boten kararaban riris bilih wanci dalu atis kados bedhidhing, bilih siyang prabaning kulandarani sanget jene, tanem tuwuh katingal prihatos kakirangan toya, makaten ugi sang rotabenter tis lajegn anjajah dhusun ing ngadhusun amitontonaken rumaketin gpawong mitra nandukaken sira tulrami, ananging awit parmaning

hyang kathah ingkang tinagulang dening sang dibya kenini, boten wonten ingakng ktiwasan sukur.
Ing mongsa punika ramenipun panen pantun suwurin gngakathah pawedalipuin sedheng, utawi tikel kaliyan taun kapengker, wonten ugi ingakng kapitunan jalaran katrajang sasakit ananging palendhongan awit sakin gpunika regining wos suda kathah naming f 3.50 f 3 utawi, f.2.50 ing dalem sadhacin, amin amin yen ta taun punika boten medal ing bang saranipun para tiyagn alit mongka panenan taun kapengker lepat babar pisan.
Jalaran mirahin grejeki, para durjana sareh pambekanipun yen dalu tansah mempen ing griya kemawon amargi ktuwuken dados enggal tilem mila ing mangke kathah sudaning prakawis
Kasesem bilih nuju lalana ing dhusun ngadhusun anuju sumilaking ngakasa nedheng purna masidhi, miren gswaranign suling dami angempo, patng karendhung tiyang nutupantun kothekan esthanipun kados anelakaken suka sukuripun menggah mairahanipun ingkang murbeng jagad.
Magetan
Parawan nama N.N. pangindhung Atmadipuran dhistrik Maospati, kala malem tanggal kaping 15 wualnMeipunika, ing wanci dalu thenguk jenguk celak dilah colok ingkang mawi lisah patraliyun kados saweg angraras langening asmara, awit bok parawan wau sampun lunges mongsa dereng laki, sadangunipun linggih kasambi nginang, anggenipun angoseraken susur ngantos anyikut dilah colok ingkang celak ing ngriku, sanalika lisah wutah angubrasi tapih, kaelut panyalating latu, bel lajeng mubal kaget tuwin gugupipun bok parawa akitdeang kitrang supe anguculi udhet pikekahing tapiyh, namun gkadurus abilulungan sarwi ambengok tulung-tulung, titiyang ingkang nunggil sagriya, boten wonten ingkang saged mitulungi, naming sami pating barengok amurih wedalipun bok parawan sakin griya, awit griyanipun kambengan, kuwatos bilih kobong, bok N.N. medal saking griya mlojang mlajeng kados kemamang, enggal katulungan dhateng tanggaipun udhet kasendhal tapihkantun sacuwil saged uwal byar katingal tanpa sandhangan swara, naming lagyana kemawon nanging latu mpun yalat ing kemben tuwin rasukan para tandang sami rikuh mitulungi, awit kablerengen pancoronging sitaresmi, ingakng nglela tanpa warana, pejahin glatu amargi sampun telas empan empanipun mbok N.N. sampun boten saged anggulawat awakipun sakojur losoh, naming rai thok ingkang boten kasalat ing latu, dene dereng sumerep raosingpedhes asin kaselakmurut dhateng pancaka.

Kala ing dinten Saptu tanggal kaping 23 Mei panjenenganipun Rden Tumenggung, saeng sarengankanjeng tuwan Asisten residhen kadherekaken tuwan Gripir, ing Magetan tindak dhateng kunjaran andhawuhaken dhateng pasakitan citrawijaya, bilih panyuwunipun pangapunten saking wau kuman pejah sripaduka kanjeng tuwan Besar ingkang wicaksana guprenur jendral boten amarengaken mila benjing tanggal kaping 28 wulanpunika badhekalampahanpangggantungipun nalika citrawijaya nampeni dhawuh lajeng nangis badhe gadhah atur nyuwun pangapunten malih, nanging sampun boten kalilan saeng tanggalkaping 28 mei citrawijaya kalampahan kagantung wonten ing ngalun-alun magetan panggantungipun jam 8 enjing dumugi jam 10 sampun pejah, dados naming kalih jam inggih kalebet gangsar.
Panunggilanipun Citrawijaya ingkang nama Citrasena miruda saking kunjaran, ngantos sapriki kaupadosan dereng pinanggih, parentah agantungi ganjaran yatra 500 rupiyah, dhateng ingkang saged nyepeng citrasena wau, mengahprakawisipun citra sena tuwin citrawijaya, amejahi tiyagn para saking Gresik rumiyin sampun kacariyosaken ing Bramartani.
Wedalipun pantun ing taun punika awons anget malah kathahpantun ingakng pejah, tuwin katrajang ama menthek mila para among tani sangt pangresulanipun dene kalih taun punika boten kamedalan.
Mongsa punika kathah sasakit benter tis parentah ateng amaringi usada keni nedha teng dhusun dhusun ngantos kasnasan.
Jakamarsudi

Pethikan
Awit saking serat kakancinganipun kanjeng gupremen katitimangsan kaping 4 April 1891 ongka 12 namtokaken barisan ing Madura sarta ing Bangkalan kasamekaken kaliyan

wadyabala dalem dharatan sarta lautan (Leger) tuwn pangangge sarta dadamelipun inggih kasami punapa dene pandel inggih sampun kaparingan badhe rawuhipun sripaduka kanjeng tuwan ingakng wicaksana guprenur jendral benjing wulan Juni, bok manawi lajeng tedhak dhateng ing Madura, amriksani adeging leger engggal wau.
The ingkang misuwur eca, ing salami-laminipun naming wedalan saking nagari Cina, nanging sapunika boten the wedalan ing pulo selong angungkuli wedalan ing nagari Cina, malah sampun kalamahan pakumpulanipun among dagang ing nagari selong angintunaken the papethingan dhateng nagari Londhon ing dalem sapun saged pajeng Rp. 306,--
Dereng lami ing kitha Paris wonten sawatwis padhati ambekta bangke pnten-pinten atus bangke wau katingal sampun sami risak wonten ingakng tugel sirahipun wonten ingkang kataton ngantos dhengkleh dhengkleh wonteningkang mobrol-mobrol ususipun sarta saweneh naming tangan tuwin suku thok pinten-pinten atus tiyang ingkang sami ningali angetuaken lampain gpadhati, nanging boten wonten ingakng sumerep darunanipun sarta tansah adamel pangunguning kathah, tukang padhati inggih boten sumerep dumugiipun panggenan kartisana kabikak…..nonekah lilin sampun sami risakbadhe kapulihaken.
Ing sageri nalika kaping 3 Mei punika ing peken wonen tiyang ngamuk nuju ramen ramenipun peken saweg tumawon ngantos wonten pepejah tiyang sakawan ketaton dening kinanten pejah gesangipun tiyang kawanwelas tiyagn ngamuk wau kacepengipun sareng sampun sayah ambruk sampun boten saged gulawat, tuwan kontrolir sanget kotrang-katring parentah amendhem bangke sarta mulasara tiyagn ingakng kataton amargi tuwan dhokter pinuju boten wonten.
Pasisiripun ing lautan nagari Cina, wonten ulam toya warninipun aneh sanget katingal wonten ing gigisik saemper kados sagawon sarta asu kupat juru misaya ulam kali, asuka nama Sagawon dhuyung, menggah sagawon dhuyung wau gesang toya kalih, wonten ing dharatan sarta ing toya, manawi siyang malebet ing toya, manawi dalu medal ing dharatan sarta lajeng dhateng pakrangan pados mamangsan meneking wit witan pados anak sarta tiganing peksi ingkang wontening susuh lajeng katedha, wateking sagawon dhuyung gesit sanget saben sumerep tiyagn lajegn anggeblas malebet ing saganten boten kenigng diun dhawahi sanjata utawi jemparing, suprandosipun tiyagn taksih saged angangkah pikantukipun sagawon dhuyung, ing wanci dalu tiyang amasang jarring ing panggenan ingakng kininten bahe margining plajengipun sagawon dhuyung, manawi sampun titiyang lajeng alok arame rame wonten ing kiwatengening panggenaniupn sagawon dhuyung, tumunten sagawon dhuyung enggal mudhun saking wit-witan anyander pati badhe wangsul dhateng sagantenboten sumerep kalebet ing jarring boten saged polah, gampil panyepengipun mila titiyang sami misaya sagawon dhuyung, punapa badhe katedha ulamipun punika boten naming badhe kasade sarta badhe kathah papajenganipun amargi tuturipun para brahmana Cina, ulam sagawon dhuyung punika kenging kadamel jampi sasakit watuk ingkang sanget tuwin sasakit sanes-sanesipun.
Manungsa ing ngalamdonya, tatacaranipun manawi tiyang jaler rabi, tiyagn estri laki, dene manawis ampu kalampahan sesemahan mawi anak-anak kathah utawi sakedhik utawi boten gadhah anak ingkang makaten wau atas tumantung wonten kawasanipun pangeran ingkang maha kawasa, manungsa naming sadarma anglampahi, boten saged milih utawi nampik paribasanipun pindha sarahmunggeng lautan punapa saeombaking toya manungsa naming amiturut tegesipun ingkang gadhah anakkekathahen boten saged nyuwun sudan ingkang gadhah anak sakedhiken boten saged nyuwun wewah igakng kepongin gadhah anak malah boten kaparingan anak punika sanyata paparingan Allah, bapak biyungipppun sanget asih tresna terusi g…sarta angopeni sandhang tedha tuwin kasarasaningpun supados sampun ngantos apanggih sangsara.
Menggah kareksanipun bapa biyung anyuukani sandhang tedha dhateng anak sarta anjagi kasarasanipun punapa dene suka piwulang ngantos dumuginipun diwasa, punika

Ongka 45 Setu Legi kaping 28 Sawal Ehe 1820 utawi kaping 6 Juni 1891

Surakarta
Kanjeng Parentah ing Yogyakarta mentas anyepeng tiyang kakalih, ingkang sami anyumelangi dhateng kawontenaning tatatentreming nagari, tiyang kakalih wa sami angguguru dhateng saweneh ing tiyang ingkang sampun sisilih sesebutan gusti pangeran sae semahipun gusti raden ayu, sarta sami andhepok wonten ing dhusun Kejambon punapa malih ingkang dereng kacepeng, makaten ugi wonten pawartos bilih panjenenganipun bupati pulisi ing Kalathen inggih sampun anyepeng tiyang ingkang sampun asisilih sesebutan gusti pangeran semahipun gusti putrid, punapa tiyang punika inggih ingkang dados bubujenganipun kanjeng parentah ing Yogyakarta, punika dereng gumathok pawartosipun, mas bujaning rum embok inggih sampun lembon mugi enggal amedhar na punapa kawontenanipun prakawispunika (kintunan.)

Sampun sawatawis dinten punika laminipun cina ngepakan sakidulipun para patan ing Kawatan kadhatengan tiyang kakalih ngaken rencangipun raden mas panjidhe anyukakaken kimlo satuwung, cina inggih lajeng nampeni sarta mangsuli tarimakasih, nanging sapengkeripun tiyang kalih wau cina boten sakeca manahipun sarehning dereng tepang kaliyan raden mas Pandhe, dados lajeng dipun sukakaken dhateng rencangipun wusana sareng dipun tedha rencang cina lajeng karaos mumet lajeng ambruk bokmanawi kawoworan cubung, tiyang ingkang ngaken kengkenanipun raden mas Panjidhe, dipun tututi sampun boten kapanggih, kilap dhateng pundit purugipun kabaripun tiyang ingakng mendem dipun tawa saged saras.

Nalika ing dinten malem Salasa Paing tanggal kaping 24 wulan sawal taun punika wanci jam 3, dalu, ing dhusun suyudan dhestrik ing kitha Bayalali, wonten griya kabesemen kula lajeng pitaken dhateng lurahipun mas demang telas griya pinten saha latunipun piyambak punapa latu pandung, saking wangsulanipun cacah wuwung telas griya 11 dene ingkang besmi dereng terang, mandar sampuna cancut ingkang sami tandang bokmanawi telas sadaya, awit sakiwatengenipun pipit griya kemawon sarehning sampun mongsa katiga wah angina ageng, saking panuwun kula priyantun ingkang bawahaken kerso andhawahi dhaeng tiyang ing dhusun tandho toya tepak utawi koscor, manawi saget kalampahan badhe nambahi kukuwunging kitha ing JaBayalali
Pun Prihatin.

Kala masa rendheng, para ingakng panggaotanipun candhak kilat tuwin bau suku, manawi jawahipun agenjer pangresulanipun andharindhil amargi saben badhe lumampah nyambut damel kanggeg dening jawah ing mangke sareng masa terang, ingkang tumapakipun kalebet ewonipun angagetaken bilih badhe lumampah nyambut damel manahipun melang-melang anilar griyanipun ambok manawi winisesa ing sanghyang bathara Brahma awit saking panggubling titahipun ingkang ambeg angkara aliyas durjana, o mila leres ujaripun kiyai darma wasita, longka bilih wonten ingkang saget anuruti pikajenganing satungil-tunggiling tiyang.
Kintunanan

Mas T ing kampong Martakusuman bawah kaparak tengen kala tanggal kaping 5-91 katilar rencang ingakng estri T kapurih tengga griya kaliyan ipenipun taksih Kenya umur 25 taun ngantos jam 11 dalu dereng mantuk kocapa mas T sareng sumerep

ipenipun tilem ngelepos wonten ing jrambah sarta katingal… em mas T boiten saget anyuwaweni angkaranipun sanalika ambudidaya, inggih punika kori korining griya kinancingan kekah, anunten tutukipun embok ipe kasumpelan gombal tangan sukunipun tinanggulang sami tangan sarta suku, sarta lajeng amatak aji: asmaradana, nanging sarehning mas T nembe anglampahi pandamelan makaten dados kirang prigel awit bok ipe taksih saget ambengok tulung, tulung, mati aku, mati aku, tongga tepalihipun sami tandang sarta asikep dadamel amargi kakinten wonten tiyang regejegan kaliyan durjana utawi wonten bancana latu, ananging sareng demugi ing panggenan swara ingakng anedha tulung, para tandang kanggeg jalaran korining griyanipun mas T kakancingan sadaya, saking mempenging para tandang awit dening boten mongga dhateng pasambatipun ingkang pinarusa, sanalika kori kabejat para tandang lajeng sami lumebet kaliyan ambekta pandam ting, thonthor utawi wonten ingkang ambekta obor, ewadene mas T taksih katingal mathangkrong kaliyan serikutan wonten ing….. sareng kasulak ing pandam mas T enggal medhun saking penekan lenggah dhelog-dhelog wonten ing ngamben kaliyan mengingis bok Kenya lajeng kapurih sumingkir dhaten gpanggenan ingkang sepen pakewet para tandang sami mantuk sarta wonten ingkang wicanten mas T kuwedhek cilik empere during ngundhag lathik awit galathik lagi teka saka pasar banjur di getak masthi bae iya ngleburake tangan tujune ora entek sarantane, upama entek banjur di banting makbok arak megap-megap.

Enjingipun sareng mas T estri mantuk saking rencang sarta miring wartos saking tongga tepalihipun mas T estri boten wicanten angrawus ingakng jaler, sarta katingal sulaya kaliyan lakinpun mung ambrebesmili ngantos sadinten muput, dene lakinipun wiwit nalika badhe ngaben kakiyatan ngantos sapriki,boten katingal medal saking griya andhuwel kemawon kados tikus tinenggan iing kucing

Kintunan.

Awit ing wulan Rejep saklebetipun taun Ehe 1820 punika, pekampungan ing Sontakusuman saben ing dinten Kemis sonten angrintenaken dinten Jumungah, kedhahan baling, dene dhatengipun baling saben kendel jam 11 dalu, sangkanipun boten kantenan menggah ingakng dipun baling, manggen among griya pitung pemahan 1 dalemipun bandara raden mas panji Dirjakusuma, 2 dalemipun bandara waneng suhut 3 griyanipun lurah Suraarja, 4 griyanipun Yasareja, 5 griyanipun Tritakarya, 6 nglanjak dhumateng kampong ing kusumayudan griyanipun den bagus SArdiman 7 griyanipun Sutadikrama.

Ing sak nalika sak dhatengipun baling wau, saleebtipun 10 utawi 20 dalu, sami dipun jagi, kalayan ingkang darbe wajip pyambak-pyambak anggenipun dingkik sak kelangkung remit sangking pangintenipun ambok manawi baling punika, pandamelipun saking tiyang anggadhahi manah ingkang drengki.

Wasana ing kan gsami jejep saha dingkik tumunten angsal katrngan 2 bab ingakng sapindhah, saben saben wonten baling lajeng dipun upadosi asring boten kepanggih.,

Ingkang kaping kalih nalika ing wulan Ramelan tengahipun leres jrambahipun pandhapi ing Dirjakusuman kedhawahan baling saking nginggil dhawah mengandhap ing wegdal punika para abdi pangobeng esri sami taksih nglembur nyerat sinjang, dados sampun tetela baling wau pandamelipun sakin gbongsa lelembat sadaya para jejep lajeng suwak saking kajengipun piyambak.

Awit ing wulan Rejep ngantos dumugiing wulan Ramelan saben malem jumungah taksih anamtokaken raden bagus baling, andhatengi, dhumateng salah satunggilipun ingpayoning griya kasebut nginggil wau, anamung lajeng boten dipun praduli, sarta

boten dipun manah, amargi rawuhipun raden bagus baling wau, boten damel rusiya dhumateng ing payoning griy, utawi boten damel kasangsaranipun tiyang, dene pcahipun ing gendheng, among sawantawis.
Sakbibaripun garebeg ing wulan ramelan raden bagus Balang boten karsa rawuh, ambok manawi saweg prehi.
Ing dinten Salasa tanggal kaping 24 angrintenaken rebo kaping 25 ugi wulan sawal punika, ing wanci jam 12 dalu, kula mlampah rundha, mawi bekta kanthi, 1 tiyang nama Wongsa Semita, angrondhani dhumaeng pekampungan ing Sontakusuman sareng damugi sak wetanipun dalem ing Dirjakusuman kula lajeng anggugah gugah dhumateng prikonca, kula purih sageda betah melek rehning mongsa sampun panglong, wedalipun prikonca ingkang kula gugah wau, 1 utawi, 2 lajeng anyar rengi rawuhipun raden bagus baling jujug ing payon griyanipun ingkang kula gugah nama lurah suraarja, rawuhipun ngantos rambah kaping tiga, tumunten kula upadosi raden bagus baling boten kersa kepanggih, kilap ing tembe raden bagus balnag lajegn krerep rawuh malih utawi kendel.
Katur tanggal kaping 25 wulan SAwal ing taun Ehe, ongka 1820
Ytatayanyana

Pethikan
Anakipun babah S.T.B. in gSerang dhawah menek layangan sakin gwit asem pecah sirahipun katanggor sela, pejah sanalika, sambatipun babah S.T.B. boten nyana pejah ing anakipun naming jalaran ambujen garta 4 dhuwit regining layangan boten timbang anggenipun mragadi, ampun mekoten ta bah, luwung pundit boten baruna panapa mati dadakan satemene kainan dika dhewe, boten bias mredi teng anak,
Ing kitha Barlin tanah Dhitslan wonten tontonan Nona nama Aniyones Eliyot ugi karan Ezau, kala wedalipun nonah Ezau adamel gawokipun tiyang kathah, amargi sampun mawi rambut panjang sarta tuwuh brengosipun sapunika sampun ngumur 20 taun tuwuh jenggotipun panjang sarta angrespateni, titiyang jaler ingakng sami angingahjenggot kasor denign jenggotipun nonah wau, lah saweg punika wonten jenggot ngrejekeni, limrahipun namng kangge pasrentur mawi wragad pamapalipun dhaten gtukang cukur.
Nalika lebaran pak Karjimin ing kampong SEbandaran (Samarang) ngungelaken bedhilan dipun iseni obat kathah, pamanggihipun supados banter ungelipun ingakng kadamel bedhilan tembaga, sareng dipun summed anjeblos epek-epekipun sempal sapalih, dalah darijinipun sakawan katut muluk dhawah ingpayonipun pak tar, dados naming kantun jempolipun kemawon pak karji mindh dhawah kalenger, epek-epekipun katut tan dariji wau sareng kapendhet katingal biru rem ngantos mateng, lah punika tambanipun tiyang anggalidhig sarta kirang weweka, ing tembe amesthi kapok badhe boten angungelaken bedhilan malih, sanadyan taksih gadhah tangan kiwa tengen dariji nem lan badhe boten saged nyambut damel salaminipun gesang sanadyan taksih gadhah tangan kalih, pak Karjimin wau lajeng kalebetaken ing balemarta.
Lotrei arta greja rum ing Batawi,s aking pawartosipun ingkang narik pamenang ongka 1 matrus kapal kathahipun satus ewu rupiyah, matrus punika saweg anglampahi padamelan wonten kapal dereng mantuk sarta dereng miring pawartos pnika, bilih sampun miring pnapa badhe kuwawi angampet sumuking kabingahanipun lepat lepat sembiripun wurung tiyang, wurunga tiyagn wewah ngoling inggih kathah ingkang purun.

Katrisnaning anak dhateng biyung narik dhateng kabegjan.

Rondha nama Bok Kerta, ing Karanganyar (Bagelen) gadhah anak kakalih sami jaler, ingakng sepuh nama Sirun saweg ngumur 15 taun ingkang nem nama Amir ngumur 12 taun panggesanganipun bok Kerta aside sata sakedhik bathinipun kadamel angingoni anakipun kakalih wau, saya lami saya boen kacekap wusana dhumawah ing Kemlaratan ngantos boten saged angingoni anak sirun akaliyan amir pirembagan.
Sirun Mir: sarehning simbok banget rekasane olehe ngingoni akulan kowe, ayo padha ewang-ewang milu nyambut gawe.
Amir aku mono manut bae apa sing dadi karepmu, nanging sing digawe pawitan apa.
Sirun sasat ane, ngango nganggit pawitan sasat kecret dhuwit karepku ora mengkono, nyambut gawe sing tanpa pawitan adol suket bae wong loro,mung pawitan kranjang lan arit.
Kalampahan rare kakalih wau aside rumput sadinten saged pajeng 30 utawi 35 sen ingkang 15 sen kasukakaken embokipun kadamel balonja katedha tiyang tiga, ingkang 15 sen kasukakaken embokipun kadamel balonja katdha tiyang tiga, ingkang 15 se utawi 20 sen dipun celengi, amargi saking geminipun sareng sampun dangu celenganipun kapecah isi 4 rupiyah 65 sen rare kakalih lajeng pirembagan malih.
Sirun mir: saiki aku lank owe wis duwe dhuwit pawitan karepku saiki mari adol suket dhuwit iki arep tak tukokake lenga petroliyun banjur tak dol menyang desa kang adoh pasar, yen ana pitulunging Allah ayake gelis oleh bathi akeh.
Amir, aku mono wong nom milu bae sakarepmu
Rare kakalih lajeng tumbas lisah petroliyun dhateng peken Karanganyar angsal sapethi, lajeng dipun sade rare kakalih sebleg sawang, ing dalem 2 dintn saged telas angsal bathi 50 sen pethi sarta blegipun kasade pajeng 40 sen gunggung angsal bathi, 90 sen arta bathen wau satirahipun ingakng katedha dipun celengi, saben sampun ngalempak kabangggelaken dipun tumbasaken lisah malih, makaten salajengipun saya kathah pawitanipun saya kathah bathinipun sarta lajeng kuwawi amberahaken embokipun dipun muktekaken boten suka sade sata malih, naming dipun purih anyimpenni guna kayanipun sareng sampun ngalempak kathah lajeng yasa griya gendheng misuwur nama juragan lisah, sarta misuwur sugih.
Kaji Dollah juragan ageng ing Bagelen kepencut ing pawartos lajeng amanggihi sirun sarta amir, dipun jak bathon adagang kopra (kopra punika sade klapa ewon dhateng liyan nagari ingkang sampun dipun slumbati sarta sampun dipun bolongi kabucal toyanipun)
Sirun sarta Amir sakalangkung bingah dipun sarwe dening juragan ageng dipun jak bathon inggih sampun kalampahan dagang kopra lestantun boten wonten sambekalanipun kathah kauntunganipun.
Kaji dollah ngantos lamlamen dhateng saening pambeganipun rare kakalih wau, sarta tansah kaalem anggenipun angaosi dhaten gtitiyang sepuhipun kaji dollah gadhah anak estri sampun diwasa punjul ing warni, ngantos dados kembang lambenipun para anaking sudagar sarta sampun kathah ingkang sami angebun-ebun enjing anjawjawah sonten nanging dereng wonten ingkang ktampen ciptanipun kaji Dollah anaku wadon mung siji, dadi rarebutaning ngakeh endi jajaka isng becik dhewe kalakuane, kaya during ana sing ngemperi kalakuane sisirun yen mengkono anaku becik oleh kuli kaya si sirun tinimbang prayayi kaya anake para sudagar iku
Cekaking cariyos pun Sirun kapendhet mantu kadhaubaken kaliyan anakipun estri ingkang pinunjul ing warni wau, atut anggenipun palakrama, kasog sihipun kaji dollah sirun lastantun dados juragan nem-bneman dados kawasanipun kaji Dollah, mentas saking nama kuli tetep nama juragan sarta sampun brewu, embok dipun dipun muktekaken wonten padununganipun lami, sarta griyanipun sampun dipun mulyakaken kathah yayasan griya sanes-sanesipun ingkang sage ambibingah

manahing tembokipun dene adhinipun amir, dereng emah-emah, saweg dipun padosaken jodho ingkang utami.
==========\==========
Sedyatama, pitaken sampeyan bab candrasengkala kawrat ing Bramartani ongka 43 kula ingkang jawab kados ing ngandhap punika
Ltu, mil akadamel watak tiga,punika kapirit saking sorotipun tigang prakawis cemeng, abrit jene,
Toya,mila kadamel watak sakawan punika kapirit saking angsaling toya, kawan prakawis saking badan saking bumi, saking langit saking cucukulan.
Pandhita mila kadamel watak pitu, punika kapirit saking resi pipitu kawan, wasistha, anggasthi rama parasu, naradha, eku tamburu, janaka, brahmana, mil akadamel watak wolu, punika kapirit saking pandhita sabrang wolu, gajah, mila kadamelw atak wolu, punika kapirit saking tlalening gajah, saperti kados naga, dene naga mila kadamel watak wolu, bumi punika sap pitu kawolu naga
Seduyatama, jawab kula inggil punika manawi dereng cocog kaliyan pamanggih sampeyan l;ajeng pitakena dhateng sidyadarma, ingkang baud sanget dhateng candra sangkala manawi sampun cocog sukur base sewu wolungatus kalihdasa (sudirawrna) kajawipunika sarehning sampun mupakat tiyang taken punika gentos dipun pitakeni, mila kula gentos pitaken dahteng sampeyan kados ing ngnadhap punika
Muka, kadamelw atak sanga punika kapirit saking punapa
Karungu, kadamel watak nenem punika kapirit saking punapa
Ayu kadamelw atak nenem punika kapirit saking punapa
Angina kadamel watak gangsal punika kapirit saking punapa
Tembungpaduka, kaliyan panduka punka sami tembung kawi, ananging menggah bedaning tegesipun kados pundit, lah amun gpunika kimawon sedyatama, pitaken kula lajeng sampeyan jawab ingkang pratitis.
Dhuh mitra mas Sastratiyasa, pitaken sampeyan tembung parasdya, punika tembung kawi punapa jawi tulen atur kula tembung paradya, punika tembung kawi, tegesipun para karereep rak enggeh mangkoten ta pak srudug wsana leres lepat kula anyumanggakaken sampeyan mitra mas sastratiyasa.
Dhadhapnarantaka, wangsulan sampeyan kawrat ing Bramartani ongka 39 sampun kula sumerepi terang, sarehning galibedipun wawaton sampeyan kaliyan wawawaton kula tansah sulaya dados inggih among andum wilujeng kimawon dene pitaken sampeyan boten kula jawab amargi boten wonten parlunipun yen ta kula anjawaba, awit sampun tetela wawaton kula sulaya kaliyan waton sampeyan inggih among andu wilujeng kimawon kaping 2
Ing langenteyan kaping 22 sawal ing Ngehe 1820
Bandung Bondawasa.
==========\==========
Jaka Suwedha, kula ampun maos serat sampeyan ing kang dhaten gjakasasana, bab peaipun sastraguwa tuwin sastragahana, sanajan sampeyan sampun pasaja, akehed bedgaj vyj ewaaadebe jyka jaoebgeub abgywuj oanabggug sanoetab outanvaj jadista: tembung, sira arsa dados sirarsa, punika kawastanan pamasahan wangsul sira iki, dados sireki teka kawastanan panganyutan lo punika botenipun punapa, mongka sami agarba, ha, bubukaning wand ing tembung ingkang wekasan suwawi kimas sampeyan terangaken menggah pathokanipun kados pundit, supados amewahi dhamangipun ingkang sami maos
Gadhing pangukir.
==========\==========
Wangsulan katur kyai patratholo

Kipatratholo, sampeyan dangu jampi wau saenipun dipun jampeaken lare ingakng ngumur pinten taun atur kula, manawi jampi ingkang sampun kula tamakaken wau dhateng lare ingakng sampun ngumur 25 taun kilap manawi dhateng lare ingakng ngumur 12, taun utawi ingkang sampun langkung ngumur 50, taun awit adhi sarta jenis boten mratelaken prayogi mitra patratholo andangu wa piyambak katernangipun wusana taklim kula katura ing sampeyan
Ing Ngadikusuman kaping 23 20 10
Pun Sastratiyasa

KiPatratholo, mugi sampun andadosaken duka sampeyan pamundhut sampeyan pitulungan supados kula amethekaka dhateng pitakenipun raden bandung bondawasa, punika kula boten saged awit boten gadhah wawatonipun dene pitaken kula ingkang dhateng raden bandung bondawasa, punika w pitaken lugu naming saking bodho kula
Kaping 23 10 20
Pun Endralaya
==========\==========
Sakalangkung bingah ing panuwun kula, dene panjenenganipun jaka suwedha sampun karsa amaringi katrangan ing panyuwun kula bab pecahipun aksara guwa utawi gahana, sakin gpamuhi kula mugi andagosna jalaran dhteng padhanging manahkula, ing wasana taklim kula katur ing sampeyan
Kaserat kaping 26 Sawal Ehe 1820
Pun Jaka Sasana

Ongka 46, Salasa Wage kaping 2 Sawal Ehe 1820 utawi kaping 9 Juni 1891

Surakarta

Mangke sonten badhe wonten komedhi operah, inggihpunika langen suwara, dene ingkang kagebyagaken, lampahanig cariyos ingkang tansah lulucon kemawon ambokmanawi para ingkang karsa amirsani, mongka wonten ingkang ambalabag padhaharanipun kados tumuwuh muwuh anggening gumujeng padharanipun saestu saged lemes lemesipun wau angunkuli den urut dhukun, gancaring cariyos kados ingkang kawedharaken ing ngandhap punika.

Ekamakandha

Ingkang jinijer sang dibya, Nangkipo, inggih punika putranipun nata ing Jepang, ingkang los saking kadhaton awit anggening kasmaran dhateng rara Yumyum tunggilipun kenya ingkang sami pinutra dening kyai Koko: Wadana Singanagara, sang dibya Nangkipo sawenehing dinten duwarojog ing palataraning griyanipun kiyai: koko, anggolong para tiyang ingkang sami wonten palataran ngriku, anylamur mangrasuk busananing juru ambarang ura-ura, andhedhes andharidhis patrapnya kadya tiyang emar ing manahipun pitaken srikenya Yum-yum wonten ing pundi. Dipun tanggapi saking pundi sangkanipun sarta sinambat ing wawangi, amangsuli bilih piyambakipun punika, tiyan gambarng ura-ura,kinanthi gorengan mijil godhogan asmaradana beneman dhandhanggula bakaran, nalika sang dibya nangki amarengi ambarang ura-ura, punika sampun sumerep kalebating sang retna Yumyum tumuwh ing tyasira baliwur kasmaran ingkang nembe kawuryan sotanig nala kadya lampus datan kanin, pobah sawenehing pangageng ingkang amarengi wonten ing ngriku, amangsuli bilih sang reta yumyum badhe nutnen dhaup kalihan kiyai Koko piyambak salajengipun boten antawis dangu kyai koko mijilira, saha mangrasuk busana endah arsa panggih lan retna Yum-yum.

Nahenta: sang retna sampun angani busana, miyosi panti retna ing ngapit kancanira kenya kakalih, sadanguning sami andon wacana kyai koko limun tinggati, sang dibya nangking antuk lantaran awawan sabda,lan retna yum-yummaiyakaken sotaning tyas lalu turidasmara, sanadyan sang retna yumyum kagiwanging galih dhateng sang dbiya nangki, ananging kanggeg ing prabawanya kyai koko, ewadene lalambaran ing manuhara nyasang dibya nangki, sri kenya yum-yum akala sredaning tyas rentah dhateng sang dibya nangki,makatena punika meksa sami boten saged kadugen ing karsa, awit ingkang rama sang dibya nangki inggih punika mikadho nata ing tanah Jepang, kapiadreng ingakng putra arsa dinaupaken lan srikenya wreda katisyah, sang nibya Nangki lenggana reh ing reng sudarma,kinen merami lampu lampus tan pajatukra madhaup lan raraweda wau, sang dibya Nangki milalu palastra minta ubaya, sacondra arsa nembadani dhaupira lan retna Yum-yum sami kadho amarengaken panyuwunin putra, pamocoking muda binodhogaken kiyai Koko, wadana singanagara, kalakyan sang dibya Binusanan cihnaning sungkawa, ing ngirid samadyaning kyai singanagara sang dibya Nangki sinungan sabda dening para karuhira, kinen minta aksama sumene sacondra, kalayanira tinigas murdanya, awit adreng arsa dhaup rumuhun lan retna yumyum kyai kokori wusing miyarsa aturira sang dibya nangki, pangunandikaning galih iya angarah apa angenteni sasai bakal sida amondhong retna yumyum mungguh paminta nya sang dibya nangki tulus pinarengaken sakala para karuhipun sami asuka suka asurak rame, kocapa kasaru dhateng ipun rara wreda dumarojog tanpa larapan aminta jatukramanya sang dibya nangki, asasambat lir garantang polahira kadya tempaling, bina rung suraking para karuhnya sang dibya Nangki, temahan srikenya werda kariwandhan dhawahing bantala tanpa nonrat boya saged angampet meranging tyas.

Dwimakantha

Sri Kenya Yumyum kawruyan katemahan giranging tyas mangenggar-enggar sarira ing kamanipun kiyai koko, sarwi angrakit busananing panganten kancanya para kenya wonten ingkang wawarah dhateng retna yumyum bilih sang dibya Nangki sawusnya dhaup badhe tinelasan menggah sang dibya nangki pangarem-areming tyasira, iya sanadyan ingsun tinelasan

karsaningsun dhaup lan retna Yumyum kalaksanan, Kocapa kyai Singanagara, Koko, rumaos piduwung minangkani pamintanya sang dibya Nangki, tumuwuh osiking tyas anguncalaken pupundhenipun pranatan kina. Semahipun tiyang tinelasan kedah pinetag gesang gesangan, sriretna Yumyum amiyarsa makaten wau, malik anglanggana dhaup lan sang dibya nangki, saestu dhaup lan kiyai Singanagara sang dibya Nangki untik semu liwung sotaning tyas mangancam-ancam pamalesnya dhateng Kyai Koko, mengah kyai Koko ing mangke sanget anandhang samar. Nahenta: pangageng pobah angundhaaken miyosipun sang nata, kyai Koko myang lenira samiya gugup lir pendah gabah den interi, saiba dukanira sang nata sang dibya nangki dereng tinelasan guyubing rembag badhe munjuk sang dibya nangki sampun kalakyan tinigas murdanya proses perbal kapalsu para nayaka tan lenggana saestu dhateng amiturut. Namung pangageng pobah boten anembadani, makaten ugi sang dibya nangki dahat lumuh lamun dereng kalkyan palakrama lan retna Yumyum

Kyai Singanagara temahan gugupping tyas asung besel dhateng pangageng pobah sang dibya Nangki age age dhinaupaken sang rtna Yum-Yum praptaning sang nata mawi kadherekaken rara wreda katisyah, ingkang sampun mangrasuk busana raja kaputren nuntenproses perbal telasan palsu sinaosaken. Sang nata andangu putra ingkang badhe kadhaupaken dhateng rara werda katisyah ingkang lajeng lolos punika ponten pundi, awit saking pandanguning sang prapbu wau, sakala sadaya lampah lampah sami kajodheran.

Sang dibya Nangki punikaputranipun sang prabu ingakgn lolos dene sriretna katisyah mila katampik awit riricikaning sarira kathah ingkang sopakan, wusana sang nata wangsul sihipun dhateng ingkang putra, sarta kalulusaken dhaupipun kalihan sang retna Yum-Yum.

Sapunika sampun mongsa katiga, sadaya cucukulan katingal sami garing, anginipun ageng sanget punika saking sanyuwunipun titiyang ngalit ingkang teberi dhateng ing kautamen supados priyantun pulisi lajeng andhawuhna dhateng bawahipun piyambak-piyambak para titiyang kampung lajeng sadhaya atoya ingngetong sarta sakopohipun awit punika kalebet dhateng panulaking bab canalatu.

Pawira tangganipun Pak Tik ingakng sampun kalebetaken ing Bramartani saged dhateng kawruh panututing ngayam punika taksih kirang awit dhateng segawon inggih saget nututaken kala wingi segawonipun ingkang nama pun Badhut kesah dipun upadosi kapanggih wonten ing kalen sacelaking griyanipun bokmanawi pados ingakng dados kekaremanipun pawira lajeng muringmuring wicantenipun: E asu ora nggenah apa kurang gonku ngingoni, dene kowe blasakan menyan gkalen aragolek apa,kapok ora monyet segawon katingal ajrihipun lajeng kendel buntutipun tansah kopat-kapit kados suka sasmita ajrih saestu e, ,e inggih layaktiyang segawon kok badhe nedha….. boten lajeng dipun gebagi punika rak pinten pinten

Kintunan

==========\==========

Yogyakarta

Dhusun Duren ing Redi Kidul caket seganten tiyang wasta Singa kesah sumeja ucal tigan kura, ing pinggir seganten adamelipun badhe kadamel dhudhuk tigan nanging boten pikantuk lajeng kadamel mendhet kajeng rencek pangkatipun wanci byah rahina ngantos wanci lingsir kilen boten pikantuk tigan kura, wusana lajeng badhe mantuk kendel nganso wonten ing wana Sendhen wit plasa, boten dangu kapurugan sima sarta lajeng anubruk pun Singa sampun boten cipta gesang, suedya males sapikantukipun grayah-grayah nuju nyepeng konthol sima, lajeng dipun iris ing bendho sima anggero lumajeng malebet ing garubul pitung dinten sima pinanggih sampun pejah singa boten pikantuk tigan kura angsal tigan sima.

Singasengaja, bekel dhusun karanglo, tanemanipun katela modin kathah kariak ing celeng, singa sengaja sakit manahipun lajeng jagi ing ktelan boten dangu kapireng wraha dhateng sakbrakatipun lajeng dipun dhawahi snjata, sajedhotan kenging la, punika kula sumerep piyambak.

Nagari kula ngriki mongsa punika tataneman pantun medalipun kalebet sae boten katrajang ama menthek tiyang padhusunan ugi samikacekapan saged nedha tuwuk

Mas Bei sarbajenis

Pethikan
Bab sasmitaning tiyang budheg akaliyan bisu.
Wonten tiyang monca angalaya bumi, nalika dumugi ing kitha Amterdham kendel wonten ing griya pamondhokan kapanujon dinten punika kathah para setudhen sami wonten ing griya pamondhkan wau asuka suka, makaten malih sarengt ningali tiyang monca, lajeng wicanten.
Studhent paningal kula sampeyan punika kados tiyang monca saweg dhateng, punapa ingkang dados damel sampeyan
Tiyang Monca, leres pangandika ampeyan kula punika tiyang monca, damel tula ados tandhng kasagedan kaliyan tiyang ingkang lepas dhateng kawruh sasmitaning tiyang budheg akaliyan bisu
Studhent e e dene kapanujon temen guru kula kepengin sanget kapanggih kaliyan tiyang ingakgn putus ing kawruh makaten bokmanawi badhe adamel sukapirenaning guru kula manawi saestu kapanggih kaliyan sampeyan.
Tiyang monca, bilih makaten mugi wontena pitulung sampeyan amanggih aken kula dhateng ugur sampeyan
Studhent inggih prayogi nanging sampeyan kula aturi kepanggih piyambak kula namung ambekta ni serat kemawon ingakng keah aken namat tuwin pidalemanipun sampeyan upadosi amethi pinanggih, sampeyan tindak benjing ngenjing wanci pukul 7 enjing, lah punika seratipun kula namtokaken punapa karsa sampeyan badhe kadugen
Tiyang monca, sanget panuwun kula pitulung sampeyan ingkang sampun kula tampeni
Sasampunipun dumugi anggenipun pirembagan tiang monca pamit ngaso dhateng pondhokan setudhen lajeng ngundang rencangipun nama Jan mripatipun cala ina sisih.
Studen jan kowe tak pilih bakal anemoni dhayoh wong monca satekane bakal ora clathu sakecap mung aweh sasmita kawruh e wong budheg lan bisu, dene gonmu bakal nemoni ana omah risturasi, sesuk wayah jam 7 esuk mulane teka mu ing kono sadurunge jam 7 gilo dhuwit gonen tuku sarapan esuk ana kana, mung wekas ku nggonmu nemoni dhayoh kang ngati-ati, aja nganti kodigsurani, ujanen sakarepe.
Sareng wanci byar jan lajeng dandan mangangge sarwa cemeng lajeng dhateng ing risturasi, angentosi dhatenging tamu, saderengipun dhateng jajan rumiyin nedha roti kaliyan ngombe wedang bubuk dereng dumugi anggenipun nedha miren g swara kingklinthingan tondha wonten tamu, jan nginten amesthi tamunipun mila enggal ngadeg lajeng badhe amanggihi, salebetipun ngadeg ningali sisanipun roti taksih sairis ciptaning manah owel sanget bilih katilara, mila lajeng dipun lebetaken ing kanthongan rasukan kalyan ngunandika, upama roti iki tak tinggal amesthi banjur diundurake lan banjur dipangan batur, mongka aku dhewe ijeh ngeleh, mulane becik tak lebokake ing kantongan kulambi tur ora ketara mengko kena tak pangan maneh, jan lajeng lumampah medal dumuginipun ing jawi tamu tiyang monca lajeng anyelaki sarta angethungi dariji satunggal jan sareng dipun thungi dariji satunggal ing batos muring muring ulatipun andik sarta lajeng gentos angethungi dariji kalih, tiyang monca sumeh kemawon ulatipun sara lajeng angthungaken dariji tiga, jan saya andik sarta angethungaken bithi, tiyang monca lajeng mendhek kurma sakng kanthutan sarta lajeng lajeng dipun dhungaken malih, jan lajen gmendhet roti saking kantongan rasukan ingih dipun dhungaken gentos sarta lajeng kesah tiyang monca ingih lajeng kesah, Jan taksih muring-uring ing batos sampun ajrih welnging bandaranipun amesthi kawedal wicantenipun songol awit rumaos dipun diksurani, tiyang monca wangsul dhateng pamondhokan kepanggih setudhen wonten ing margi, setudhen wau pancen nyegat kepengin babar ipun lalampahan punika.
Studhen kadosp undi sampeyan punapa sampun kapangih kaliyan guru kula tiyang monca, sampun saged eram saha pangalem kula dhateng kalepasaning kawruhipun guru sampeyan sanyata tiyang linuwih punjul ing ngapamak mrojol ing ngakerep salami kula dereng sumerep tiyang limpat ing budi kados sariranipun sumerep dhateng ssmitaning tiyangbudheg bisu

Studhen mugi sampeyan terangaken kados pundi tegesipun eram sarta pangalem sampeyan kula dereng gayuh.
Tiyang monca, makaten nalika kula apanggih kaliyan guru sampeyan kula angethungi dariji satunggal ngrika angethungi dariji kalih, kula kalih, ngrika tiga kutiga, ngrika angegem tumunten kula angethung kurma, ngrika angethungi roti, lah punika ingkang anddosaken eram sarta pangalem kula sanyata manawi guru sampeyan lepas kawruhipun sumerep dhateng sasmitanig tiyang budheg bisu.
Setudhen sanadyan sampun sampeyan terangaken makaten kula saya boten saged gayuh pangandika sampeyan wau.
Tiyang monca, makaten artosipun kula angacungaken dariji satunggal tegesipun maha suci namung stunggal tumunten ngrika angacungaken dariji kali, tegesipun maha suci wonten kakalih kaliyan Nabi Ngisa, kula angacungaken dariji tiga, tegesipun manawi makaten malah wonten tiga, maha suci, nabi Ngisa rohul kudus tumunten ngrika ngacungaken gegeman tegesipun boten makaten maha suci titiga wau kumpulipun nama trimurti, makaten malih kula anedahi kurma, tegesipun gusti Allah anitahaken nabi Adam kaliyan baru kawonten ing suwarga dhateng ing ngalam donya, guru sampeyan andahaken roti, tegesipun wonten ing donya ingandikakaken pados tedha piyambak sumongga ta sampeyan galh piyambak anggen kula boten eram saha ngalem kados pundi, boten langkung manawi mangke sampeyan kepangih kaliyan guru sampeyan taklim kula. Sampeyan aturaken sampun pengekran wonten ing ngriki kemawon sami andum wilujeng.
Sapengkeripun tiyang monca Jan dhateng, lajeng dipun pituakeni
Studhen Jan kepriye gonmu tetemon karo wong monca
Jan o bendara, anggen kula papanggihan kaliyan tiyang monca sampuna ajrih dhateng dhawuh sampeyan boten keli lan wicanten amesthi ketiban tangan amargi tiyang monca sanget diksuranipun sawiyahwiyah panganggepipun dhateng kula , purun anudingi mata kula ingkang pece.
Studhen mara kondhaha tak rungokna, wiwit tan mula bukane pisan.
Jan makaten badnara, nalika tiyang monca punika kapanggih, ujug ujug lajeng angasungaken dariji satunggal tegesipun angisin-isini mata kula namung satunggal lajeng kula wales angacungaken dariji kalih, tegesipun mata loro, punika meksa taksih andadra angacungaken dariji tiga. Tegesipun tiyang kakalih matanipun tiga lajeng kula thungi sotho punika lajeng ngasih-asih kula dipun thungi kurma, dipun kinten kula badhe agahan purun anampeni paweweipun kurma, kula boten watak gragas lan dede rare alit mawi dipun neng-nengi panganan malah kula pameri roti kula thungaken tegesipun kula boten sudi pawewehipun kula sampun gadhah roti piyambak wusana lajeng kula tilar kesah mrika inggih kesah.
Kapitan saha para pikmester tuwin kuwasa pakcina ing Yogyakarta sami saos atur ing kanjeng tuwan residhen mugi kalilan na badhe adamel sidhekah rebutan kados ingang sampun sampun panuwun wau dipun parengaken dene manggenipun karenahaken wontn ingngalun-alun Pakualaman kalampahanipun benjing kapg 29 utawi 30 Ji t guwik ccogipun kaliyan tanggal walandi sarta jawi, kacocog wa piyambak ing almenak.
Bayaran pascina kekesahan kasuda, namung 15 sen suprandosipun taksih kathah ingaknng ngresula, punapa kaindhakaken malih supados boten ketanggelan anggenipun nampeni pangresula.
Dhusun-dhusun tanah Algeri, ing sapunika kadhatengan amawalang ngantos yutan awendran sami nedha taneman pantun tuwin sanes-sanesipun adamel karisakan ageng, titiyang tani ing Algeri ewon ingang sai amurih pejah walang wau, ing dalem sdinten boten kirang pikantuk 3000 gantung, tiganipun pikantuk 400 gantang.
Kasugiyan ingakgn ngantos boten kenging dinugi, sudgar ageng ing kitha Niweyorek sampun sepuh nandhang sakit kininten badhe boten saged saras dening jampi, anggenipun sakit sampun nem wulan punika badhe adamel wasiyat pamanduming barng sarana ponograp pirantos panyimpening swara sareng sampun mirantos tuwan Notaris dipun aturi supados aneksenana bab

pamanduming barnag wau, dhateng ipun tuwan notaris sudagar lajeng anglekasi wicatnen wonten ing ponograp boten wonten tiyang ingkang mireng wicatnenipun sareng sampun rampung ponograp dipun tutup mawi lak dening tuwan Notaris boten antawis dinten sudagar wau saestu ajal let wolungdinten saking ajalipun sudagar ponograp kabikak dening tuwan notaris wonten ngajenganipun para aliwaris swarane ponograp boten sanes kados swaranng sudagar kala gesangipun cetha atitih sarta pamanduming barang ngadil boten mawi bau kapine, adamel suka pirenaning para warisipun sarta angluhuraken kawicaksananing sudagar wau.
Ing kitha Paris ing angke wonten kareta setup tampa ril angambah margi ageng, dados beda kaliyan kareta asep sarta trem kedah angambah ril lampahipun kareta setum wau boten sanes kaliyan kareta pangirit kapal kenging dipun rikataken utawi karindhikaken tuwin kenging dipun dhegaken ing saenggenipun tiyang ingakng badhe numpak tuwin mudhun ing panginten pamanggih enggal ingkang makten wau boten dangu badhe wradin sajagad sarta ing paninten ing tembe titiyang badhe boten angangge kathah kapal tumpakan tuwin rakitan andhong saya boten wonten.
==========\==========
Dupi antuk sangang warsa mangkin jeng karsa king Majenang nagara, marang ing Pengga kuthane, duk jengkar nya sang prabu, katon lima eleng ing gangsir, mung antuk kawan warsa, seda sang ngaprabu, pturra kagumanti raja apa parab: Citrasoma sribupati, titiduk jenengira. Guna ning reksa sasanga, nenggih, nata seda antuk wolungwarsa, nunten ginantyan putrane, poncadriya, sang prabu sinengkalan jenengiraji, bumi obah ping sanga, tuk salikur taun muksa wau srinarendra, ginantyaning putra tan angling driya ji, duk ing taun rembulan. Sinengkalan sikaras dhatrusthi, nagri Pengging nulya tinimbangan ing galuh madeg kuthane, juluk sindhula prabu, sinengkalan jenengira, ji, gapura bolong sanga, karung kala diyu, madeg nata neng prambanan animbangi karaton nagari Pengging, titi duk jenengira. Sirneng gagana nir sitaresmi, nata sirnantuk limang las warsa rabu Baka gumantyage, neng prambanan kutha gung, sinengkalan jenengira, j tata janma nir tama, sirnantuk tri taun nulya prabu anglingdirya, seleh marnag putra mantu: awawangi, sang Prabu Darmamaya. Jumeneng aneng pengging nagari, sinengkalan duk ingjenengira, trusing ngatinir sedyane, seda antuk sataun rama nata jumeeng malih, mahraja angling dirya, duk umadeg prabu, nir sembah nengngeng sujana, amung antuk dwi warsa nata ngemasi, putra prabu Sindhula. Ajujuluk Deatacengkar ji aku kutha neng Mendhang kamulan titi duk madeg pamase, welut dwi sir neng ngendhut antuk pitung warsa ngemasi, nutnen sang Ajisaka, angendhih kaprabun aneneg ing Mendhangkamulan ajujuluk widayaka sribupati, titiduk jenengira. Tanpa kukus tumenga ing sasi, muksa antuk kawan welas warsa, nulya ngling driya putrane, karo umadeg prabu, ingang sepuh julukireki, prabu suwelasala, jumeenng amengku, nagari mendhangkamulan ingang enem nama pandhayanata ji, neng pengging madeg nata. Titi duk jenengira nata dwi, sucining toya tupe ngeng warna, suwela cala pamase sedeng prang tuk rong taun sripandaya nata narpati, sedan tuk limang warsa, nunten putranipun sang prabu dewa tacengkar, nama raden dakswara umadegim aneng purwacarita. Srimapunggung jujulukireki, titiduk jenengira narendra, raseng toya tanpa gawe antuk lmalas taun mekridira srinarapati, anutnen putranira, swelacala prabu, jaka kandhuyu paparab madeg aneng purwacarita nagari, jujuluk maharaja
Taksih wonten sambetipun

Ongka 47 Setu Pon kaping 6 Dulkangidah Ehe 1820 utawi kaping 13 Juni 1891

Surakarta
Kala wingi wancijam 6 enjing kanjeng gusti pagneran adipati Arya Prabu Prangwadana tedhak ing pagrobogan Kartasura, saha sampun terang ing sahandhap sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan mawikadhawuhaken kapareng anyanjata sangsam nangign karsanipun kanjeng gusti namung badhe nyanjata ulam kutuk awit ing sagaran pagrolen kathah ulamipun kutuk ingkang ageng-ageng, kaliwon pulisi Kartasura sarta panewu dhistrik sakrereyanipun sami methuk wonten ing kaleca, nanging katlisiban awit tindakipun kanjeng gusti miyos kidul lajeng terus dhateng pagrogolan ingkang makaten wau boten sanes namung saking krsa anor g a sampun ngantos katingal mawi pethukan bupati Kartasura lajegn nusul dhateng pagrogolan saha mawi atur pasugatan kupat gudheg tuwin cawisan unjuk unjukan wedang, punapa malih uparenggan gongsa lajeng kasusulaken dhateng pagrogolan boten dangu utusan dalem saking nagari abdi dalem urdenas sakarereyanipun punakawan amaringaken pisegah minuman sakendelipun ambebedhag kanjeng gusti tilem wonten wonten pasanggrahan katingal pirena ing glih saking genging sih katresnan dalem dhumateng ingkgn sarira, bibar bujana lajeng kondur, boten angsal kutuk amargi boten wonten ingkagn ngambang, namung ambubujeng kompreang angsal gasal ing pagrogolan kathah ing sangsm boten kirng saking nematus.

Kala ing dinten Jumungah sonten wanci satengah pitu, ing kampung sangkrag nyana kaparak kiwa, wonten tiyang estri titiga, sami adus wonten ng lepen Awisan sami kungkum sarwi ciciblonan sareng mentas badhe mendhet sinjangipun ignang kadekekaken pinggir lepen sampun boten wonten lajegn alok sarta taken tiyang langkung ingkagn celak anangign sampun boten wonten ingkang sumerep ambok manawi kabradhat ing durjana tujunipun tiyang wau sami sepak griyanipun dados lajeng saged santusa sinjang saking tangganipun
Juruwarti lami Sang Sriyatna

Kala wingi sotnen wanci pukul 7 ing Purwasari wonten griya kabesmen tilas gnepakan lami sangkanign latu dereng terang.

Papasthen pejahing manungsa, punika boten namung wonten sawiyaring kasur kemawon sanadyan priyantun sarta tiyagn sugih tarkadhang pejah ipun kaesi-esi saking lalampahan kapinujon makaten cariyosipun.
Mas Ngabei anu abdi dalem mantri anem ing Nganu, dipun wilingaken sadherekipun estri ingkang gigriya ign dhusun Kuncen wonten damelipun mas ngabei inggih ljeng mangkat dipun iringaken rencang jaler kakalih, dumugi ing dhusun kuncen lajeng sipeng, sareng sampun rampung damelipun lajeng mantuk dumugi sakidul pabrik dilanggu wetengipun kraos senep nangig dipun tahanaken sakitipun sarta lampahipun dipun sengkakaken saged dumugi ing s sepur lajeng saged numpang, nanging lampahipun wau saweg dumugi margi ageng prapatan dilanggu lajeng ambruk renvangipun kakalih gupuh sami angupakara ing sassaged sagedipun nanging mas ngabei sampn kalajeng ajal rencang kakalh sami kaciputwan badhe kadospndi dale lekasing kajengipun renvang ingkang satunggal kengetan bilh gdhah kawanuhan kusir wonten ing dilanggu enggal dipun dhateng ngi sarta nedha pitulunganipun kusir adhangan sanget mitulungi kasusahanng kawanuhanipun wau, wangke lajeng kabekta dhateng ing ngriku badhe kasucenan tuwan ingkang dipun ngengering kusir mireng, bilih kusiripun angukup wngke wonten ing radinan sanget dukanipun bokmanawi pejahipun tiyagn punika jalaran saking piawon mila wangke lajeng dipun purih mangsulaken dhateng radinan panggenanipun pejah,s arta ljeng dipun purih ngaturaken dhateng pulisi, supados atitipariksa ha kawontenanipun pepejah wau, inggih kalampahan wanke punika kawangsulaken dhateng radinan pagnggenanipun lami, boten dangu pulisi dhateng parikssa ign kawontenaning pepejah, pinanggih ing pariksan sepen ing pa nginten bilih pejahpun mas ngabei wau saking piawoning sanes nanging pejah saking sakit wangke lajeng kabekta dhateng kdhistrikan pulisi amacak serat pratelan sarta wawarah dhateng rencangipun mas bei tiyang jaler

kakalih wau, ingkang satunggal dipun ken dhateng nagari, ingkagn satunggal dipun ken dhateng dhusun Kuncen amratelakna pejahipun mas bei wau sarta ignakng dados kajenging kakang watga kados pundi, punapa kapetak wonten ngriki kemawon punapa wonten ng dhusun kuncen utawi wonten nagari, rencang kakalih lajeng sami mangkat ingkang dhateng sepur kepancal saking ajrih sarta daya daya kasumerepan ing kalawarga lajen glumampah dharat boten sumerep manawi malah dangu, dumuginipun nagari sotnen para kadang warga dupi mireng kandha trenyuh wau sanget kaget sarta sami atawantangis guyu b birembag wangke kabekta mantuk dhateng Surakarta, lajegn amatah kengkenan ing wanci sonten wau amirantos dumuginipun sepur purwasari kepancal sarta sampun boten wonten sepur malih, para kengkenan wau lajeng sami lumampah dharat, gentos kacariyos kadang warga ing dhusun Kuncen dhatengipun ing kadhistrikan angrumiyini, sarta gadhah panyuwun wangke lajeng badhe kapetak wonten ing dhusun Kuncen pulisi boten awrat amarengaken panyuwun wau, nanging kedah anyruntosaken dhatengipun kengkenan saking nagari, boten dangu dahteng sarta sampun samakta badhe pambektanign wangke, ingkang inggih lajeng katampekaken kabekta mantuk dhaeng ngari,dumuginipun nagari lajeng karengga asrenasrening layon kapetak wonten ign ngastana luluhuripun, ingkang anggumunaken namung mas bei dhistrik wangke dipunsuwuna teng kadng warga Kuncen teka boten kaulungaken punika kados pundi pamanggihipun.

Klathen

Pustaka Bramartani ongak 45 angemot cariyos bilih parentah nagari Ngayogyakarta mentas anyepeng tiyagn kakalh, tiyang kakalih wau sami aguguru dahteng sawenehing tiyang ingakgn sampun sisilih nama gusti pagneran saha semahipun gusti raden ayu, ingakgn punika mugi kauningana para maos menggah uruting prakawis mangkaten kapendhet gatosipun kemawon.
Panjenenganipun rahaden tumengung anem peni paturanipun juru terlik ignakgn kapatah angulat ulataken lampahign kadurjanan sasaminpun mangggen ingakng mikantuk kaangge sisingon mratelakaken bili wonten sawenehing guru sisilih nama gusti kanjengpangeran saha garwa sisilih nama gusti putri, medharaken wiraos manawi panjeennganipun wau badhe ambawani bawana jumeenng Mulki Balad Kilen Opak panjenenganipun rahaden tumenggung lajeng matah telik saged dalu mebet murid.
Amarengi dinten Akad tanggal kaping 8 wulan sawal ingagn kapengekr juru telik angaturaken gustipagneran sisilih dalah garwanipun manggen ing dhusun Kauman jatinom (Bayalali) sakala rahaden tumenggung agagancangan anitih kareta tindak dhumateng jatinom dumugi ning panggenan gustiputri sisilih sampun kacepeg denig panewu dhistrik ing Jatinom anangign gusti pagneran sisilih tanpa angsal titik ing pundi dunungipun jalaran kala punika gustiputri sisilih anuju ameng-ameng dhumateng peken Jatinommampir griyanipun tiyang wasta Kartasreja sakng ler peken jatinom kasenguh gusti pagneran sisilh nunggil wotnen griyanipun Kartareja, sakalang sang bupati ambudi panggenanipun pangeran sisilih boten pinanggih, konduripun anawan gustiputri sisilih, sarta Kartareja, dene bapakipun Kartareja wasta kartadimeja kabodhokaken pangagenging dhistrik jatinom supados maripih mamrih prasaja ing pundi dunungipun sang mindha guru nadi wau.
Dintenipun Senen enjing sang bupati angsal saserapan pangeran guru sisilih manggen ing griyanipun dipareja bekeling dhusun birenan (Jatinom) sang bupati ugi badhe Karsa nyarirani amikut ananging panewu dhistrik jatinom sampun anglaksanani nglampahaken karetereyanipun mantri kanthi demang satunggal kinen anyepeng risang mindha kalengkanignrat dumuginingpanggenan saestu risang majenun taksih wonten salebeting griya wingking, mas mantri kandheg ign pandhapi, awit ignkagn gadhah griya nuju wotnen ign sabin saweg kajujul saderengipun ingang gadhah griya dhateng sapangeran mindha amasang kemat utawi matak aji welut pingul sarana ambobol gedheg punggawa demang kadunungan panggraita sumedya medal ing jawi ambokmanawi sang surengrat lolos saking salebeting griya, anangign mas mantri sanget amambengi, sampun kantos anilar tindhih sabab rumaos kaijenan wela rada narnaran penggaliye mas mantri, temahan sapangeran mindha saged oncat lah sinten ta ingakgn kalepatan.

Panjenenganipun bupati sakala mireng lajegn nindakaken pambudi, anangign tanpa damel namung lajeng amikut sakatha ing murid pinarik sasami prasaja, sang pindha anggadhang raden mangunwinata tila pulisi saha griya ign dhusn Kejambon (Kalasan) tembe kinudang kudang angembani gustipagneran mindha, mawi jinunjung pangkat karuhuran sarta bekeling dhusun maras (Kalasan) ginadhang mantri wasesa, pamedharipun sang mindha jumeneng ipun Kalipah sakilen Opak saking kaelokan angentosi dhatengipun cundaka sakng praja Rum. Sampunipun pangageng apdhelng Klathen angintunaken sakatha ig papriksan raden mangun winata sapanunggilanipun ingkang kalebet kinuleng t daging sarta ginadhang dening san gmindha lajeng kapikut saha kagledhah denign utusanipun parentah nagari ngayogyakarta, samangke raden mangun winata sapanunggilanipun kakintunaken dhateng Klathen lajegn nunggal sapanggenan wotnen ing baledurta taliyan gustinipun putri sisilih, inggih punika wisma kunjaran kilap pamriksanpun samangke dereng kawedhar ign ngakathah.
Nalika angrantineken Jumungah Kliwon kaping 5 wulan Junipunika, griyanipun Resawiguna ign dhusun Thithang dhsitrik Prambanan sampun kalebetan durjana koyog dene barang ingakgn kengign kabekta ign durjana namung remeh-remeh kemawo awit ingkgn gadhah griya jaler estri pinuju kesahan kados barang ignakgn kathah aosipun katitipaken utawi kabegta amargitiyagn wau pancen sugih
Kaping 6 Dulakangidah warsa Ehe 1820
Katandhan Jaka Turidasmara inggih Kiwuyung.

Pethikan
Kasusuahan narik dhateng kabegjan

Tiyang sesemaha taksih tinengga ing bapabiyngipn nanging sampuns ami jempo, dados namung mewah I damelign anak kemawon ewadene tiyagn punika boten pisan angresula utawi bosen kanggenan bapabiyngipun wau, malah tansah dipun aji-aji sarta dipun gumatosi supados awet ta gesang tulus angemong awakipun lami-lami dhumawah ing papam nangign boten dipun manah anggeripun taksih saged pados tdha cekap kangge angingoni bapabiyungipun tumunten tiyagn wau gadhah anak punika wiwit suda angsalipun tdha sarta wewah padamelan mawi angopeni bayi, ingkang saya ageng saya mayar, tumunten gadhah anak malih, lah punika ingkagn anyirnakaken mayaripun wewah karibedan malih rekaosipun pangupadosipun tedha ingakgn cekap katdha tiyagn sabrayat wah lae punika sugih beka ageng budinipun kinten saweg ngumur 3 taun sampun gadhah adhi malih, alh punika ingkang anjalari ageng boten saged nyambut damel sarta oten saged angsal jagi pancining tedha, anak ingkagn sugih beka wau boten kenging pisah kaliyan awakipun cekaki namung badhe anganyut tuwuh, nanging lajegn dipun manah manawi kalampahan makaten botennamung adamel pejah ing awakipun piyambak malah adamel jalaran pejahipun tiyagn sagriya sami kaliren boten saged nedha, tuwuh ing ciptanipunmalih aluwung angelongi anakipun satunggal ingkang sugih beka sarta ingakgn boten saged pisah kaliyan awakipun badhe kapendhem urip uripan saweg gadhah cipta kemawon sampun carocosan luhipun tumuten pitembagan kaliyan semahipun kdos ignakng kcariyos wau kaliyan nangis ingakgn estri boten amagnsuli malah lajeng tumut nangis sami pating salenggruk sareng ingkagn estri dipun teter-teter, punapa pilih dipun tilar pejah punapa pilih ngulungaken anakipun dipun pendhem urip-uripan ciptanipun ignakng estri aluwugn pejah ing anak ing tembe badhe saged pulih, nanging pejah ing bojo badhe rujid ing salami-lainipun wusana mangsuli: seret ulonipun wis ta wong lanang aku aja ko tari, lan aja ko wei weruh apa sign dadi karepmu aku mung teka aamiturut bae, anggere kowe ora nglalu pati, sing ngingoni bapak simbok lan anakmu sing keri tuwin aku sapa?
Tumunten tiyang punika ambekta anakipun dhateng wana kaliyan pacul samargi-margi angrentahaken luh etang welasipun dhateng anak sadumuginipun ing wana, anakipun dipun selehken kendel kemawonmalahpitaken kuwi arep ko gawe apa pak apa dhudhuk uwim mengko di benep ya pak.

Bapakipun boten amangsuli namung tansah carocosan kemawon sreng anggenpun dhudhuk dhudhuk siti angsal saseta, paculipun anangor watu kimencar, dipun waspaosaken watu wau kalimis lajegn dipun kaling supados boten mangkewedi anggenipun badhe anglebetaken luwangan wusana ingakng katingal watu wau, enceh, lajeng dipun unggilken tas sakin g panggennipun sarta tutupipun kabikak kebak isi mas ure, spnten bingahipun tiyang punika mentas saking papa, amargi saking pitulunging pangeran, lajeng nama tiyang sugih dadakan sampun tamtu kemawon anakipun ingkagn dados telengig manah sande kapendhem tiyagn punika lajeng matnuk kapanggih anak bojo sarta bapa biyngpun angengakaken lawang suka, angineb lawang sungkawa, masipun kasade lajegn kadamel ange ota, lulus kasugiyanipun lah punika dongenganipun tiyagn tresna dahteng tiyang sepuhipun sanadyan sampun jompo taksih ambarkahi, sampun malih ingakgn taksih sages suka uwur lan sembur, sanadyan jagur wajibdipunpundhi-pndhi.
Sadherek jaler estri pisah sangkaning ngalit diwasanipun saged kapanggih, nanging katambetan bilih punika sadherekipun piyambak malah lajeng dados sesemahan atut runtut boten wonten sagnsayanipun wusana sareng nyariyosaken aluraning sajarahipun piyambak piyambak wont 7 tunggak kalingan rondhon jebul tunggil pancer, tiyagn kakalih sapandurat boten saged wicanten isin dhateng pangeranipun kendheli rembag golong badhe anganyut tuwuh, inggih lajegn kalapahan sadherek jaler estri sami angindhat talimurda, mikiripun tinimbang badhe angangge tesmak damela nagari kalapa aluwung cupeta lalampahanipun.
Parentah ign Amerikah andhawuhaken papacak kenceng, prakawis pamariksanpun daging lembu domba sarta babi, saha sadereng tuwin sasampunipun kapragad lembu tiwn sanesipun kedah kapariksa rumiyin denign para insepektur, pamariksanpun mawi kaca praksana.
Bawah dhistrik ngunut apdheleng Ngrawa, paresidhenan Kadhiri, pitnen pitnen atus bau sabin tadhahan ingakgn dados panggesanganipun titiyang tani, dereng kengign kagarap amargi dereng wontn jawangign pasabinan ingakgn lendhah wonten ingkagn kenging kataneman pantun nah, sareng kalampahan kalih wulan boten wonten kintunan jawah, ngantos dumugi sapunika, temahan wijinipun sami garing, titiyang alit sami anggrasah sarta asasambat badhe kados pndi wusana nipun.
Sasakit pancingen tuwuh wonten ign nagari Amerikah sakalangkung santer ssarta anggigirisi, nalika kaping 13 april 1891 pepejah ing dalem sadinten 630 tiyang, ing kitha barlin ugi nalka kaping 13 April wau pepejah ing dalem sadinten 200 tiyang, makaten ugi ing Nyuyork prasassat prase, tiyagn pejah ngantos btoen dipun keta, namungkagrobag sarta kapedhati.
Komedhi kapal ingkagn misuwur sae sanget ingkagn ngereh tuwan Abel sapunika saweg dhateng sarta lajegn kagebyagaken wotnen ing Batawi titiyang ningali kados dipun sokaken ing made padnaya kebak ngantos jejel uyel-uyelan serat girik aningali sudhiyan 5000 tiyagn taksih kirang, kados pundi yektiing ucapipun tiyagn mongsa kala punika winastan angel pangupadosipun arta, mongka saben wotnen komidhi titiyagn tansah saged ambucal li yatra saben dalu.
Gadhing pangukir, pitaken sampeyan ingkang dhaeng kula boten kula wangsuli, awit sampn tetela sampeyan punika dereng sumerep dhateng leregipun tembung, kados ta panyerat sampeyan ingkagn mungel kula kapengein anguwik pamanggih sampeyan piyambak punika kados pndi, dene pamanggihdipun kuwik sasate jambu kluthukane, mila sampun dados panggggalih sampeyan mangke kula jarwanana inggih boten mudheng, awit sampeyan punika ambekti pun dereng sinau tembung jawi
Sinerat kaping 29 Sawal Ehe 1820
Pun Jakasuwedha, inggih pulunanipun Jaka Suyatna

Ongka 48 Salasa Legi kaping 9 Dulkangidah ehe 1820, utawi kaping 16 Juni 1891

Surakarta
Panjurung
Nalika ing dinten Jumungah tanggal kaping 5 wulan Dulkangidah taun punika ongka 1820, kanjeng gusti pangeran adipati ARya Prabu Prangwadana, tedhakan papara dhumateng ing Pagrogolan Kandhang sangsam ing Kartasura) akalayan kaparengipun ing karsa dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan ingakng dherek naming sawatawis kathahipun lalangen anyenjata peksi tuwin bangsanipun ulam toya.
Rawuhipun kanjeng gusti ing pagrogolan kinten wanci jam ½ 8, lajeng kimawon tedhak nenjata dhumteng sakiwatengenipun sagaran para abdi ingakng boten kakersakaken dhrek sarta para priyantun pulisi ingkang bupati sakrehipun sami rerep wonten ing pasanggrahan salebeting pagrogolan.
Saderengipun kanjeng gusti kondur amasanggrahan wonten satunggalng abdi estri ingkang saged singet adamel senengipun para rerep inggih punika abdi metengan ura-ura apalan saemutipun sekarripun sinom sarta mijil saben sapadalingsa dipun selani wicantenan suraosipun anyariyosaken lalampahanipun selir kekasih ngajeng-ajeng badnaranipun ingakng saweg sowan.
Lah punika kapara among karya ingakng saweg areracik dhahar pangunjukan wedang tuwin minuman segah panyubanyubanipun ingkang bupati kacawisaken ing tamu, sareng miring suwanten angenganyut manah seseging panyambutipun damel sasatan patimbangan upami ingakng ura-ura wau boten na awarni abdi abdi metengan ananging wanodya endahing warna, bokmanawi kalampahan para among karya nuweni wironing meretanipun sarana pangilon toyaning pambaresih cangkir, menggah uran uranipun metengan wau pamireng kula, kados ing ngandhap punika.
Sinom’

1. Wedhus bangkang sabengwana, 1 dingaren wis yahene kok during kondur.
2. Sun kudang wong ngakuning, 2 e toblas lagi meneng bae le kumuni
3. satriya paranguntara, 3 keris ku iki sing gahna,
4. Atmaja dyah rara amis 4 aku tatak na dhahar,
5. sapa bias nglakoni, 5 yem rikat na le mu ngenget sop
6. Dulu inten bias clathu, 6 kok enak madhang kiyen kokoh
7. senthemu geng ing jurang, 7 wis ta loroden
8. sotya retna sun wastani, 8 kula sampun tuwuk menika dara
9. bisa smesem mirahe wong kali kajar, 9 sorak tak dulangya.
10. Kembang-kembang sining jurang 10 o, kok kaya bocah didulang
11. pepereng anggraning wukir, 11 aku kinek weruh lambe mu kok kudu necep wae,
12. rumarum e arum sira 12 aku tak turu kebutanaya
13. wowohaning sawrgadi, 13 dara sampun sonten kula aturi wungu
14. pinet manise sami, 14 meh na we lali, semayan tegar karo konca, jaran ku kon dandani
15. 1 kasor lan manis sireku, 15 ingkang kagempuna pasekar duren
16. sosotye madya pada, 16 iya kembang duren bae prabote pita wungu,
17. pinet ujwalane sami 17 yem titihane dara mukembang duren dhawah na mraboti sruwa wungu kagem tegar
18. maksih kasor lan soroting nityanira 18 pantesing tak go apa. MIJIL
19. paran baya darunaning runtik 19 nggih anglungresmipunika kagem jebeyan rak bregas 20 sotyaning rat babo, 20 dadi wis tuwa ki je beyan
20. babo mapan gumendheng dasih yo 21 e wis sepuh ngendi kane, leres sepu ningking kerta
21. mruning ngewa miyat ing kaswasih 22 yem kulahe kon ngejogi aku arep adus
22. anggung nikel alis 23 bak jengkinen ngagem semekan rinteik gelunge gondhel sasat srikanthi
23. tanaris maweh kung 24 ah embuh nyayem klambi kuloroden.

Saweg dumugi samantenlajeng kendel kanjeng gusti kondur masanggrahan angresepi sugata ingkang pinongka panyuwhun-nyuhunipun ingakng bupati kasebut ing nginggil akalayan suka renaming galih, kinten wanci jam ½ 1 kanjeng gusti konduringnagari.
Ing ngardasela arja kaping 6 dulkangidah taun Ehe ongka 1820.
Sarawangsa
=========\================
Mugi kauningana para maos ongka jawipunika uruting tambur, ongka walandipunika uruting pawicantenan
Jurungarang.

Nalika ing dinten SEtu pon tanggal kaping 6 wulan dulkangidah taunpunika, wanci jam 4 sonten ing kampong K wonten sawenehing walandi suldhadhu kesah anyanyanjata peksi, sareng sadumugining tegil miring swaraning peksi brekutut boten saronta lajeng dipun purugi, katiling tilingaken ungeling peksi katingal mencok ing wit kluwih, wusana lajeng dipun sanjata, ananging sanjata boten sanged mungel malah ngantos rambah kaoing 4, sanjata meksa boten mungel walandi suldhadhu kaken manahipun sanjata lajeng dipun gedhug-gedhugaken ing sepatu sanjata lajeng mungel mak jret angengingi sepatu lajeng nratas ing driji tengah suku tengen walandi dados bayangan lajeng kabekta mantuk kalebetaken ing balemarta kilap salajengipun.
Nalika dinten Kemis tanggal kaping 4 dulkangidah punika wanci jam 9 enjing griyanipun jayeng Prasthiya ing kampong Puspakusumankabesmen jalaran latu anggenipun olah-olah, awit ingkang tengga latu wau anakipun taksih rare, rahayunipun naming griya satunggal boten ngantos tumular ing sanes rehing sapunika gedheg alang-alang sami aking, para angratengi sampun kirang pangatos-atosipun, punapa malih para kawogan mugi anggatosna ing kawontenanipun mas katiga, sampun ngantos kenging kawastanan kainan
Kintunan.

Yogyakarta
Saking kaparenging panggalih dalem kanjeng tuwan residhen kala tanggal kaping 15 6 91 paring parimarma dhaten gadaya tiyang kampong anggenipun sami nglampahi pandamelan patrol kasuwak kanjeng parentah ageng sapunika ngabdekaken titiyang ingkang taksih nem saha kang boten sasakiten satungggal tiyang kabayar Rp. 3 sawulan damelipun among patrol saben dalu ingakng kadamel bayar wau tiyang kapundhutaken arta paos wradinan kados dene ingakng sampun kawrat ing Bramartani ongka 25 panjurungipun ki Sudira brata anjerengkathah kedhiking paos sapunika titiyang kampong saben sampun bayar paos wradinan utawi nglampahi rondhakamungipun punapa malih nyumed dilah wonten ing nglataripun piyambak yen pinuju petengan kantun ngura-ura gita repen semut ireng sapanunggilanipun.
Ingkang makaten punika boten langkung sakin glumebering sih kadarmanipun panjenengan dalem kanjen gtuwan residhen sadangunipun jumeneng ngasta parentah wonten nagari Yogyakarta, tansah manggalih tata tentreming kawula, pamalesing kawula among sami mumuji wriya arjaning sarira dalem kanjeng tuwan residhen saha mugi lulusa sapanginggilipun wontening pranatan wau, pangeran ingkang maha agung anambanana
Bauwarta
Sapunika dados sadaya wradinan salebeting kampong kampung manawi dalu padhangipun saengga siyang, suprandosipun teksih bekta ting para remen kkloyongan
Supama

Ing dhusun Kranon kadhistrikan Arjawinangun (Kalasan) wonten tiyang nama pak Amad Sukur kinten sampun wanci 70 taun kalakuanipun aneh katimbang latimbang lan tonggatangganipun manawi dipun sambat dhateng anak putu utawi tongga boten nate purun samukawis pandamelan ingkang bongsa kasar saged nanging manawi boten dipun purugaken dhateng griyanipun sengara purunan nandangi, mila ingkang sami sampun sumerep lagehanipun aken sisik sisikmelika utawi nganam gedheg lajeng dipun teraken dhateng griyanipun pnapa malih manawi nuju sembahyang dipun iptakeni mesthi sumaur dados boten

gdadhah batal kala dinten senen tanggal kaping 8 Juni punika kesahan dhateng nagari tuwi anakipun ingkang griya ing kampong Prawiradirjan dumugi ngriku sarehning tiyang sepuh mlampah kabenteren lajeng sakit anak ingkang kabrokan wau sakalangkung sedhih manahipun jalaran saking sangetipung mlarat lajeng nyambat mitranipun dipun kengken suka serep dhateng sadherekipun ingkang griya ing Kranon bilih bapakipun ing dinten punika ajal kapurih damel kuwat utawi ledha pethukan tiyang 12 dipun ken ngrembat bandhosa sapirantosing tiyang pejah, sareng ingkang dipun kengken sampun dumugi ing Kranon lajeng criyos punapa welingipun wau, ingkang kadhatengan kengkenan sakalangkung gatos saken tumunten kapanggih juru kunci nedha papan badhe kadamel kaluwating bapakipun ajal wonten nagari, jurukunci saklangkung maiben saha wicanten dhateng kengkenan wau, apa nyata si kakang mati aku kok ora ngandel sabab geseh lan petungku tinggalane si kaki, yen dina iki wayah awan ora ana wong mati jaba esuk lan sore iku ana, yen si kakang Amad Sukur ora pati mongka kluwat wis digawe dadi kowe losing tak pendhem urip uripan aneng kene, wangsulanipun ah boten tiyang kula dremi dipun kengken pejah utawi gesang kula boten terang awit boten sumerep piyambak enggaling criyos kuuwat sampun dados sarengipun tossing sawatawis dangu boten wonten dhateng lajeng ngangakataken tiyang 12 methuk layon lampahipun tiyang kalih welas wau ngantos dumugi prawiradirjan jebul siimbah kyai nuju wedangan saha ngadhepya mikan linggih wonten emper ing griya kang jawi, tiyang 12 sareng anggenipun wicanten dene kuwe kyai ne isih urip tur wars wiris jare wis mati, bener wakne mau le maido, ki Amad Sukur lajeng pitaken padha ana apa mrene gemrudug kuwi, wangsulanipun methuk dika criyose empun ajal onten ngriki ajeng kula pikul dibekta mantuk jebul iseh megek-megek Amad Sukur wicanten malih e dadi aku di kon mati dina iki, iyata iya, lajeng mlebet griya tileman ngathang-athang wonten jogan watawis gangsal menit dipun celaki dening anakipun nalilahi, yitmanipun “Amad Sukur sampun pecat e e gelis temen no dene tanpa senggur, wancinipun jam 4 nadyan sampun sonten rehning kruwat sampun dados ing kang mikul ampun wonten wangke enggal-enggal dipun dusi, sarampunging pangupakara lajeng kabegta mantuk dhateng Kranon.
Katandhan Mangunsuwarna.

Kala dinten Kemis legi tanggal kaping 11 6 91 wanci jam sadasa wonten griy pawonipun bok Bubur kampong Suranatan kabesmen ngalnjak pandhapining tangganipun anghyang Brama lajeng sirep saking cukat trampiling para tandang, ujaring ngakathah latu wau jalaran saking anggenipun kiran gsatitinipun bok BUbur, tiyang pancen sade ratengan kok deleya, tujunipun kiwatengen sampun kathah griya payon gendheng, anuwarak dados karanglatu.

Sampun tigang dalu punika bilih dalu boten karaos asrep awit ing gagana sampun angandhanu, malah kala tanggal kaping 14 6 91 wanci jam 4 dalu dewi Riris karsa tumedhak dangunipun ngantos tigang jam bokmanawi punika ingkng minongka pambirating sasakit benter watuk utawi ngelu saha pileg ngaturaken omong sakedhik ing mongsa punika bilih dalu anggenkula miring aken watuking tiyang sepuh sarta raree ramenipun kados ungeling kenthongan manawi nuju wonten grahana, awit jam tiga dumugi byar pating clrkreh pating clekreoh utawi glungglung, sonten ugi sampun wonten tiyang saha rare watuk nanging boten patjupat babarungan
Ki Sudira Brata.

Pawartos warni-warni
Kemasan ing kadhistrikan Caruban 9madiyun) misuwur alus garapanipun sarta saged adamel cap sastranipun angetumbar, sekaranipun angrawit sarta lemes ukelipun manawi tiyang jawi kados dereng wonten ingkang ngiribi alusing garapanipun sampun nyameni garapan Eropah, para printun ingakng kepengin sumerep prayogi yasa acap kemawon punika badhe anemenaken yektining pawartos wau.
Cinaing Sukabumi padamelanipun pados celeng dhateng wana, sarana luweng, sanginggiling luweng dipun tutupi gogodhongan lajeng dipun wurwuri siti supados luwengipun boten katingal malompong, ing ngriku dipun dekeki paangan tatela beneman sawatawis saben

enjing dpun tuweni amesthi sampun angsal celeng kantun amejahi kemawon sawenehing dinten wanci serap wonten nini-nini mantuk saking wana mentas ngala peksi gemak inggih angsal enjingipun badh esade kados sabenipun lampahipun dumugiing luweng, boten sumerep bilih punika wisayaning celeng ambabayani, malah tela pasangan ingkang wonten ngriku badhe kapendhetan rumaosipun manggih, sareng luweng dipun enciki anjeblos nini-nini kalebet ing luweng, boten saged mentas amargi saking lebetipun tumunten wonten jawah prahara, nini-nini kethether wonten salebeting luweng kaliyan anyepeng gemak salebetipun jawah deres wonten sima tutul ambujeng kidang, plajengiing kidang angener luweng wau sima tutul ingaknng ambujeng inggih boten tebih, sareng meh kecandhak dumugiing luweng wau kidang kejeblos kalebet ing luweng, makaten ugi sima ingaknng nutui inggih oten kantun kalebet ing luweng, boten dangu malih wonten celeng kedhawahan ing pangipun kajeng jati, amargi saking kagetipun celeng lumajeng ngempet rumaosipun kados binujeng ing tiyang, wusana klebet ingluweng wau, sareng sampun ngalempak jawahipun terang, sanadyan sami kalempak kan boten wonten ingaknng pirembagan tur sadalu muput sami boten tilem sarta sami malengosipun ing wanci enjing cina dhateng sampu anginten bilih luwengipunkalebetan celeng kathah, amargi katawis saking risaking tutupipun sareng dipuninguk cina anjenger, dene luwengipun angsal tiyang, sima,kidang, celeng tuwin peksi gemak.

Ing Pasundhan (Cilacap) wonten tiyang nanggap wayang, kathah tiyang sundha ingkang ningali, tiyang jawiinggih wonten sareng ki haling nglampahaken Wrekudara, teka aged mumbul kados gathutkaca, titiyang jawi sami eram sarta sami wicanten bilih ing pulo jawi tengahan boten wonten Wrekudara sagedmabur, wicantenipun wau ngantos kemireng ki dhalang, kidhalang engal amicantenaken Wrekudara eana wong jawa enak mudhun becik malumpat bae kaya nek aku mluaku ana ing jawa tengahan.

Nalika kaping 22 mei kapengker punika, cina ing kitha pasuruwan wonten tiyang 40 sami dhaten ging ngajengipun kapitan gadhah panedha badhemalebet agami jawi, babah kapitan sagalangkung kaget dipun pitakeni jalaranipun badhe malebet agami jawi, pangajenging cina kawandasa mangsuli, naming supados sageda nyambutdamel sasadeyan dhateng dhusun ing ngadhusun kesah tanpa pas awit sampun kalebet bongsa jawi, bilih taksih dados cina ingkang sala milaminipun badhe mindeng kasusahan ing rendhetipun angsaling serat pas lah punika tarekahipun bongsa cina manawi dipun pambengip pangupajiwanpun ingkang angrisakaken tiyang jawi, lajeng wonten kemawon suwawi para pak apyun ing sapunika dhe sidhem pramanem tanpa gunem pinten kethi pikantukipun bathi wayah ngantos minthi-minthi.

Ing palabuhanipun Laut Sirakuse, wonten sawenehipun juru silem mentas sumerep griya selebeting laut griya tembok jarambahipun marmer,s arta mawi undhak-undhakan punapa malih wonten kencangan tangsul angsal ing pucak pucakin ggriya au naming tigang meter kalelepipun saking rataning toya laut para pujongga sampun angyektosaken tetela griya wau masjid dipun tiyang ing Jaman kina.

Tuwan K ingaknng maehsi kabudidayan ing Dhongkal Pamalang (Tegal) remen sanget ambenbedak dhateng wana sarta amisaya ulam lepen ngantos marentahaken dhateng rencangipun tiyang alit wanawana, sarta lepen-lepen ing bawahipun ingkang woten ulamipun tombra, boten kenging dipun pendheti, rencangipun gantos sami nyatur: tuwan K iki anindakake pangwasa kaya dene kanjeng nabi Suleman kang angratoni manungsa jin sarta sato kang kumelip ing ngalamdonya kabeh, anglarangi wong ambebedhag lan misaya iwak kalikang dadi gajuling panguripan wong bilih,nyilih tuwan K misaya ulamlepen mawi sarana dhinamit ulam sakalangkung kaget sami pejah keli pating krampul kathah angsalipun, wonten pratinggi anglapuraken bilih ing wana trataban wonten kidang sembeka tingal tuwan K enggal parentah anggropyoki kidang wau, sarta lumampahpiyambak asikep sanjata, dumuginipuning wana, kaleresan kidang kabujeng medal saknng grumbul lajeng dipun dhawahi sanjata dening tuwan K ambruk ngenggenkakinten sampun pejah, tuwan K nyelaki sarta dhawah kinen ngembat boen sumerep bilih kidang wau dereng pejah gregah tangi ngancap dhaten gtuwan K tuwan K gugup kaslepek boten saged andhawahi sanjata mali, kidang kagebag ing popor

endhasipun pejah ngenggen nanging sanjata punika mungel miisipun makantun-kantun angengingi wetengipun tuwan Kngantos butul mimis taksih lajeng angengingi wetengipun pratinggi,lajeng angrem nanging tuwan K sarta pringgi wau boten pejah sanalika, tuwan K taksih enget sarta saged nahanaken sakitipun lajengparentah dhateng rencangipun kinen amikul awakipun arta pratinggi dhateng nagari ing griyanipun dhokter, inggih sampun kalampahan nanging sontenipun tuwan K sarta pratinggi wau kalajeng ajal.
=======\========
Seratipun Sedyatama ingkang sampun dipun wangsuli Bandung Bandawasa, laraping kajengipun boten saged gathuk rujak sasekecanipun sedyatama budi teges badnung bondawasa suka cublikan buk anggen kula mastani makaten wau kula pirit sakng seratipun sedyatama: watak satunggal bumi, wujudipun satunggal boten lawis pitu kawolu naga.
Watak kalih bang ingakng wujud kalih wangsul
Watak tiga latu
Watak sakawan toya punika sami kapirit saking punapa ingang awawaton kawruh yekti Kdosta:
Watak tiga kapendhet saking soroting latu, punapa inggih soroting latu naming warni tiga, watak sakawan kapendhet saking toya ingakng mijil saking bumi, saking langit saking awak saking cucukulan, punapa langit angawontenaken toya, manawi toya jaah aslinipun boten saking langit.
Watak pitu pandhita, kapirit saking namaning dowa ptiu,punapa dewa pitu wau nyepeng pusaraning praja, saminipun nayaka kawolu dados watak wolu
Watak wolu kapirit saking lapising bumi pitu kawolu naga sinteningakng ngandel cariyos sampeyan punika, dene bumi sampeyan cariyosaken kados kuwih lapis.
Saupami kula saged asuka katrangan dhaten gpitakenipun sedya tama amesthi boten makaten, kuciwanipun kula boten saged dhateng condrasangkala, nanging galibeding kajengipun kula sumerep sedyatama nedha mentas sakin gpepeteng dhaten ging papadhang
Ing Parangteja kaping 11 Juni 1891
Widyakerat
==========\==========
bandung Bandawasa, anggen kula pintaken candrasangkala punika temen saking bdho kula, mongka lajeng sampeyan walik pitaken punika prasasat kula sampeyan peksa anjawab pitaken kula piyambak ingkang boten kula sumerepi, saupami kula sampuna sumerep dhateng pitaken kula wau, boten perlu kula gelaraken wonten tanpa samuaning bram,artani, dene panjarwa sampeyan inggih sakalangkung panuwun kula, nanging dereng mathuk 11 6 91
Sedyatama.

Ongka 49 Setu Kliwon Kaping 13 Dulakangidah Ehe 1820 utawi kaping 20 Juni 1891

Para ingkang angemin serat panangalan sami nkula aturi nunten angintuna yata pangeminipun wau, punapa malih para ingkang sami abyantu ideripun serat kalowongan ing pangeminipun sserat panangalan wau mugi karsa aabyantu lumebetipun yatra

Vogel van Der Heyde & Co
==========\=========
Surakarta
Ing sawatawis dinten malih badhe wonten komedhi sato warni-warni malebet ing nagari ngrik anggening badhe angebyagaken pamireng kula, wonten ing kagungan dalem alun-alun.
Mas K ing kampung Karengan kaliya recangipun 3 nalika tanggal ka0ing 12.6.91 anjapa dhumateng banawi jurug anggenipun ngebyakaken jala wiwit saking sakidulipun sabrangan jurug ingkang sisih wetan sareng ngebykakaen jala wotnen sangandhapipun kareteg jurug dup kapupus angsal rare jaler kinten umur 6 taun agundhul mlinthis sarta boten mawi pangangge, mas K kaliyan rencangipun 3 sami kaget anjumbul mas K lajeng apitaken makaten “kowe bocah ngendi” lare amangsuli lagi adol panas sarta watuk, sasampunipun mangsuli makaten rare lajeng lap ical boten kantenan purugipun mongga para saget sami kagaliha rare igakng katut ing jala p-unika pancen manungsa punapa dhemit saupami dhemit ta kok katingal.
Mas L ing kampung Beton nalika tanggal kaping 14.6.91 angepeni sinjang bathikan ingakg metnas kasoga wotnen in genter sangajenging griyanipun sareng wanci jam 11 siyang wonten tiyang estri leledhang nyambi nyambi angentasi sinjang memean wau, dumadakan kadengangan dening mas L jaler, pun durma lajeng, lajeng kabujeng sarta dipun elokaken wong nayap wong nayap tongga tepalihipun mas L ingkang mireng sami dhateng sarta tumut ambujeng, sarng badhe kacepeng pun dur lajeng dhawah makbreg rewa-rewa kalenger, para tandang sareng sumerep ingang kabujeng katingal kados pralaya sanalika ical mangah-mangahipun amugn sumeja tutulung murih waluyanipun pun dur awakipun dipun olag-alegaken taken kados amecati, anunten sirahipun kasiram toya muih engetipun ewadeene taksih katingal kados ananjak sareng padharanipun kacepeng badhe dipun pijeti dening par atandang pun dur angronjal sarta wicanten kerimas keri, ampun demek weteng, mas L tanda rana pun dur lajeng dipun taboki, dipun jejegi sarta wicanten:byangane thelit kok kaya krenggilire kane, banjura tak pendhem sida kabanjur kodar kowe, ananging pun dur tansah tumungkul sarwi karuna, awak anglentroh boten saget ngadeg kalapahan katuripun ing parentahipun tumpakaken andhong, ah kok eca, teka boten katumpakaken engkrak (Kintunan).
Kula mireng pawartos bilih kala wau enjig ing lepen Pepe kaleres salering griya koidhen woten bayi keli dalah embing embingipun dereng terang jaler estrinipun ambok bilih bayi wau saweg kawahyakaken kala wau dalu kemawon katawis awakipun taksih katingal seger, kilap kateranganipun.

Kala wau enjing kula lumampah ing margi Kemlayan mangetan anjog ing Cayudan sumerep bajingan sami gogolongan titiga utawi sakawan bilih wotnen tiyang langkung gegendong kaungak-ungak gendhonganipun ambok blih ngupaods barang ingkang skinten gampil kaseler, ing wana sareng kula dumugi sawetaning parapatan Cayudan sumerep tiyang eestri dhusun sampun sepuh anuntun putunipun estri inten saweg wanci `12 taun tiyang wau anangis kekitrang sarwi asesambat sareng kapethuk tiyang jaler ugi sami tiyang dhusun dipun pitakeni, cariyos bilih artanipun papajengan anggening wade godhong jati kathahipun 33 dhuwit kabuntel ing Bagor ical kaseler ing bangsat ing moka anggening sasadeyan wau bilih pajeng lajeng badhe kadamel tumbas betahin g griya minongka gajuling weteng, ing wkasan godhong pajeng, arta kaseler ing bawat mak griyeng, kabekta kesah amleng abok bilih tiyang estri wau dumugi ing griya taksih anggiyeng, lah punka lelampahan ingang anudhuhaken kawelasan la mas anggen pulisi sampeyan

wonten ing pundi, kiyah teka pijer ngandhong pacinan mawon ta, napa inggih angentresake tiru tiru sikalonthong.
Kala kaping 16 Juni Amtenar apyun sarta mantri Osarasir, nyepeng tiang 7 saking kaliyasa numpak sepur mudhun in gPalur kakinten ambekta apyun peteng, sareng kagledhah ingkang 1 pinangih ambekta candu wonten ing ngusus kaubedaken ing tangan lajeng dipun kulambeni, nalika kagledhah sabukanipun tanganipun anjepapang, dados boten kagrayang, nanging mantri Ocarasir sampun angsal saserepan saking dolopipun mila sampun boten mawi kasamaran malih, tanganipun lajeng kacpeng grenjel wonten ususipun candu, iketipun lajeng dipun uculi talepok apyun mentah gunggung ingkang pinanggih wawrat 2 kati, dene kancanipun tiyang 6 kagledhah sepen nanging sami ambekta yatra kathah emperipun saking papajengan anggenipun sade apiyu tiyang 7 sami kacepeng katur parentah.
Kala kemis ingang kapengker punika, kula kadhatengan tiyang bongsa Keling, ambekta sato bruwang cariyos manawi pun Bruwang wau saged main tur sae, kula dipun purih nangap tanggapanipun namung 30 sen kula amanggsuli anawi boten gadhah ata, pun Keling lajeng muring-muring bruwang kamainaken sabibaripun lajeng nedha arta, kula inggih cariyos manawi btoen gadhah arta, utawi kula boten sumedya nanggap bruwangipun pu Keling sangsaya begita-begitu panedhanpun arta, sarehning kul aboten gadhah lajeng kula sukani 10 sen pun Keling boten ajeng kedah nedha 25 sen we e kathik anaa wong nanggap peksan ning iya bedane apa panjelag Keling karo panyebrot benggala, mila boten langkung panyuwun kula dhatengpara kawogan kemawon lajeng angrampas sadhatengipun keling wau, mesakaken sanget kula nun awit kawuladalem alit ing Surakarta ngriki saweg angel pangupadosipun arta mongka badhe dipun jelag paman Kelng, manawi btoen para kawogan ingkang ngowel sinten pu Keling manawi kaliyan tiyang alit kendel sanget tanpa ngungak dhateng tiyang mlarat sakedhik-kedhika (kintunan).
========\========
Para kawogan mugi angestokna panuhun punika welasa dhaeng para alit ing pakampungan bongsa punika pancen adharidhis patrapipun
Jurungarang.

Ing kitha Wenen manawi wonten titingalan kathah tiyang ingkng sami mangangge pameran sarta mawi topeng, sawenehing dinten wonten tng tiyang titiga, ingkang stunggal mendem dipun dhabyang kancanipun kiwa tengen lampahipun saleyoran lajeng malebet ing lusmen tiyang ingkang mendem wau dipun linggihaken ing kursi nurut kemawon sata boten mawi mobah mosik tumunten kancanipun kakalih sami nedha sarta ngombe minuman satuwukipun sareng sampun lajeng medal boten wangsul wangsul sarta dereng ambayar regining tetedhan sarta minuman wau, gunggung telas pangaos rp.15 sarng antawis dangu tita boten wangsul ingkang gadhah griya pitaken dhateng tiyang ingkang taksih kantun linggih ing kursi, nanging boten dipun sauri, dipun teter-teter inggih kendel kemawon ingang gadhah griya pasewan muring muring ngantos andhatengaken pulisi, pulisi gentos mitakeni inggih dipun kendelaken kemawon sampun saestu kemawon manawi pulisi boten dipun preduli sarta parentahipun boten dipun gatosaken lajeng anindakaken pangwasanipun tiyang wau kacandhak tanganipun kagendeng saking kursi badhe lajeng kalebetaken ing kunjara, jebuul tiyangan rumput dipun sandhangi kados manungsa.
Ing kitha Wenen wotnen titiyang nyepeng griya pasewan semahipun asor ing warni, sarta butajengan walandi wau gadhah renang estri ragi gregetaken manah, dipun undang dhateng kamar lajeng dipun rangkul jebul ingkang estri sampun wonten wingking dipun sarwi pitaken sia tilah dhahi kuko kapakake, ingkang jaler mangsuli kaliyan mesem tak rangkul aku kangen, ya gene ngango kok ambung, luput pandelengmu ora tak ambung mugn tak bisiki bae, kok bisiki apa, e besuk maneh yen katemu aku aja nganti weruh kowe, geneya athik ngango songgarunggi, lo mengko, mengko apa ya pancen arep cluthak.
Lim Cing Ong taksih jaka, nunggil kaliyan biyngipun nama Li Sing, Li Sing wau ginanjar sakit sanget barngipun ngantos telas kadamel wragad sakit nanging meksa dereng saras pados

sambutan dhateng sanak sadherekipun sampun boten angsal badhe nyambut damel boten aed anilar biyung, kedyatipun licing hong badhe malebet tiyang tukon sukur awakipun namung pajeng kagantosaken tinimbang biyungipun anemahi pejah ingkang amargi boten jajampi, aluwung awakipun kalebet ing sangsara, lampahanipun jajaka punika kenging kairib-birib katresnanig anak dhateng titiyang sepuhipun.

Prayantun angangglang awon ngangur wicantenan lan konca jagi.
Priyayi , o metengan jaka gredu athik turu bae e , he.
Metengan, ehem ehem inggih dara, yektos kula wau tilem nanging pancen kula jarag
Priyayi, keparak kowe iku, ya gene teka malah ko jarag mongka kowe wong pulisi kawogan rumeksa tata-tentrem.
Metengan, mila mekaten dara supados boten wotnen tiyang kamandungan.
Priyayi, e kowe ana kaya wong edan dikakoni mangsuli sagelem geleme, endi ana wong jaga turu teka malah ora ana maling.
Metengan, sayektos dara, manawi kula tilem salebetipun dhusun wawengkon kula amesthi roteran wotnen tiyang kapandungan amarti ing kadadosan pandung namung tiyang kakalih, kalebet kula, kula ingkang dados pangajeng.
Priyayi, mengkono wijine iku sapa dene iya turu bae.
Metengan, inggih punika konca kula inkang kula aturaken wau, namung kaot kla ongka, 1 piyambakipun ongka 2
Priyayi, apa kowe wis tau kena paukuman
Metengan, dera-dera
Priyayi, kowe rak iya sok maling ta
Metengan, inggih dara, nanging boten nate kacepeng dening priyantun pulisi.
Priyayi, apa nalare dene teka slamet bae e lah mung nglakoni kadurjanan
Metengan, makaten nalaripun saben pangageng dhusun sarta priyantun pulisi pados katrangan bab lampah kadurjanan kula malah dipun kanthi dados kondhangipun dhateng ing pundi-pundi rinten daluboten kenging pisah, dados kula sakalangkung terang lampah jantranipun pulisi anggenipun pados katrangan gampil sanget sumikir kula dhateng ing panggrayangan awon amargi kula ampun sumerep rumiyin punapa kajengipun pulisi ingkag nbadhe katindakaken.
Priyayi, , e sok mangkono apa ra metengan lan para pangedhening desa iku padha kaya kowe kalakuane.
Metengan, boten sadaya dara, naging kathah ingkang kados makaten
Priyayi, kowe kuwi apa nyeret
Metengan, inggih nanging namung sakedhik
Priyayi, ah aku maido lambemu biru temen
Metengan, manawi wonten inggih langkung.
Priyayi, kepriye nalare mulabukane kowe dadi nyeret aku kandhanana
Metengan, kalakune neneman saweg ngumur 20 taun dereng nyeret sareng kula kadadosaken mebengan punika wiwit kula pakempalan kaliyan tiyang kathah wonten ing bmbon angembuli tiyang ingkang sami nyeret mila makaten murih sagedipun kula angsal katrangan prakawis ingkang kula upadosi, manawiboten malebet ing bak,bon dangu angsalipun katrangan sareng lami lami kelajeng nyakot sakitipun pedhot sarta lajeng tuwuh akengetan kula awon bilih boten gadhah yatra.
Priyayi, awit saka iku apa gunane wong Jaga gredhu
Metengan, sayektosipun pancen kadamel malah anuwuhaken wontenipun durjana lank ala punapa wonten tiyang jagi gredhu saged nyepeng pandung wonten babahan.
Priyayi,, Kepriye tegese clathu mu iku, ternanga maneh
Metengan mekaten bendara, saupaminipun A tuwin pun B dalu punika jagi gredhu duejana sampun sumerep bilih ing nrgiku boten wonten tiyangipun jaler, sampun saestu durjana punika boten ajrih mandung mriku, tinimbang mandung ing rgiyanipun tiyang ingkang wonten griya

Priyayi,e gawene wong jaga gredhu mubeng therethek apa, apa tanpa gawe,
Metengan wau kula sampun matur, tiyang ajgi gredhu pangagenging durjana, tiyang ngatrol mubeng thethek kancanipun pandungipun kengkenanipun
Priyayi apa nyata kandhamu iku
Metengan, sayektos bendara
Priyayi sarehning kowe wis anglakoni maling rambah-rambah, sarta wwis sawegon mu dadi metengan lurah mu pa ora sumurup marang kalakuanamu iku
Metengan, mrangi tatal bendara, sampeyan punika sampun saestru bilih sasampun sumerep
Priyayi yen nyata mengkono kena ngapa lurah mu ikjeh ngingu marang kowe ora banjur di tundhung, teka malah ijeh dipek gawemu.
Metengan, Kula inggih sumerep madosi pun punika anggadhahi manah songgarunggi manawikula ngantos sadipun tundhung boten sande upami latu saya andados kula kininten badhe aadamel karang abang ambesmi griya utawi amamandungi boten mawi kendel saupami kula dipun tundhunga syaketos cipta kula inggih lakar makaten.
Priyayi, kok rada cilik atiku ngrungu kandhamu kuwe, layakakeh priyayi pulisi yen ana paku kadurjanan banjur angisissiyung ngamuk punggung anyekeli wong cuwak-cuwet yen wis dipilihi endi sing sakira pantes kena dipatrapi paukuman kang mangkono iku saka kawekene ora bias golek katrangan sumelang yen kaluputan ing parentah ora wurung diponot becik ngathik-athik laying papriksan sarta anggabus saksi, yen saksi ne kurang kenceng banjur diwedeni apa didadekake pasakitan lah kepriye sing dadi rembug m sarehning aku kiye iya dadi pulisi aja nganti anglakoni duraka mengkono lan aja nganti kaluputan ing parentah.
Metengan kaleresan bendara, sapunika kula sampun sepuh sarta sampun kendel boten anglampahi mamandung malih, kala ngaturipratikelmurih wilujengipun ing bawah sampeyan ing padhusunan sarta ing margi margi botens usah mawi kadekekan gredhu, sarta boten susah ngingah metengan tuwin kapala kampong ngamungna pulisi dhistrik kemawon titiyang alit sami dipun parentahi kenceng saking lurah batekelipun piyambak manawi kesah utawi katamuwan kedah mawi lapur, mongka boten angestokaken ajawi gagantunganing paukumanipun anerak paretnah badhe katundhung saking balegriyanipun punika ajrihipun titiyangalit terusing manah, amargi rumaos kawasesa dening lurah babekelipun dene manawi wonten lampah kadurjanan para lurah bekel wau dados tiyang pulisi sadaya, manawi makaten amesthi badhe santosa, makaten malih ing sasaged saged kedah kapardi santosanipun anggenipun gagriya, dene ingkang kedah kaleksanan pager karas baku kekah angelipun tinempuh ing durjana, wonten malih saprakawisingkang migunani ageng, inggih punika angingah sagawon e kasupen kulunun najis.
Priyayi o, iku dhasar ora kena, bener kandhamu, najis
Metengan kula nuwun mugi sampun andadosaken duka, najis pundit ngingah sagawon kaliyan metengan
Priyayi embuh ya nanging ora,
Nitidurjana, BS.

========\==========

BANDUNGBONDAWASA, wangsulan sampeyan sampun kula sumerepi terang, sampeyan cariyos manawi wawaton kula kaliyan wawaton sampeyan tansah sulaya, leres nanging manawi bab saptragruwenda, la sareng bab tandanging kriya, ing griya lan kekriya, sampeyan kula purih nyundhukaken ing serat wyakarana kapiyan serat para masstra, punika boten saking k sulaya nangng sampeyan pancen dereng gayuh dhateng kasusastran jawi, dene samangke sampeyan ngajak sawangan kaliyan kula kula bingah sanget awit kula lajeng kaingah tanpa damel sabab ingkang kula pitakekaken prakawis kasusastran jawi,d ados inggih leres kaping kalih sampeyan kudhung wawaton kula klaiyan wawaton sampeyan sulaya kaping tiga, nanging kula nuwun sewu inggih raden Bandungbondawasa, kula nyuwun pataken kala punapa sampeyan saged jarwani bab pitaken kasusastran jawi, jangji sanesipun la ting swagana tanduk temaha, awit naming punika serat pupundhen sampeyan.

Sinerat ing kamputruna suran kaping 29 sawal 1820
Dhadhap Narantaka.
=======\=====================
Empu Kridhasara, sanget ing panuwun kula dene panjenengan sampun saged agelaraken kawontenanipun tiyang ingkang ginanjar sakit gingsir engetanipun dados samangke sampun tetela manawi tiyang sakit gingsir engetanipun punika boten dipun surupi ing dkados wicantenipun para tiyang ingkang taksih sami gugon thon kaping 6 nanging kauningana panjenengan sampun kami papan kaliyan kula, awit kula punika rayi panjenengan sun Jaka Suyatna.
KiSudirabrata: pratelan sampeyan bab Na, gondhel sampun cacog singet kaliyan wawatonipun ing panyerat kula, miturut saking anggitanipun para pujongga ingkang sampun kawentar kasagedanipun mila kula gumun dene sampeyan amratelakaken manawi risaking wawatonipun ing panyerat wau saking gunawan (Raden Mas Suran) awit punika dereng sinebut pujongga, utawi tiyang saged setun daweg lumayan. Dene purun purun angrisak angitanipun tuwan t Rurdhang wusana manawi wonten para muridipun gunawan ingkang serik bab prakawis Na, gondhel lajeng kla aturi medali wonten ing Bramartani, asuka awawatoning pamanggihipun kula kaliyan kisudira brata ingkang kadugi badhe nglawani. Ing Salagana, kaping 25 Sawal Ehe 1820
Pun Inu Kempi
Inggih Jaka Suyatna.
=============\=====================
Katur panjuenenganipun empu Kridhasara Bin Abuliyep
Tobas-tobas saiki mekanjarreneh, wis tikstenanan

Dhuh sang Kridhasara, kula mugi sampeyan udhengaken kodhengipun manah kula, bab leresipun nyerat kados ing ngandhap punika.

1. Manawi kula nyerat kunca dodot leresipun punapa kunca, punapa konca, tuwin badanipun kaliyan konca rencvang.
2. manawi kula nyerat unta, kewan punapa, unta, punapa, onta, tuwin bedanipun kaliyan onta raosing toya

Kaajawi punika kula dipun welingi pun Amad Kampi, nyuwun katrangan bab leregipun anggen sampeyan batang pandangunipun tuwan Juru ngara pethikans aking suluh pangajar, sanget pangajeng ajengipun

Sinerat kaping 24 Sawal Ehe 1820
Kula pak Srudug..

Pasumbang tumrabing Pustakawarti.
Tyasira sang sadya murweng kardi, nulus nadya samyudra gumawang, sirna alareregede, dhangan samuning kayun lumaris sarining ngaksi, aksining kalangenan, tekang dadya tuduh, laire kumpuling rah sa, rahsa tama angangkah kauwusaning rikang putusing sastra. Singih punika tingkae kadi, kadadening namaning pandhita, lir kumbuling nawiyate, mangkana sang wus putus pan minangka damaring bumi, dening rawus kasusra, rising wus linuhung, uninga rung siting basa, dadya bias amijilken basa kawi, kawining pasamuan. Kang mangakana pan prasasat olih, kanugrahaning hyang Girinata, ing sawus linewihake, lawan yektiing kawruh,s arasaning kawruh wus pasthi, sesthining kawisesa, tansah sireng kalbu, nahan marmane mangkana, kang dadyane pangucapira sang kawi, mangaran kawiswara. Uluniki bodho anglangkungi, ing wasana arsa tumulada, tulat ing akwiswarane, mangkana dora lamun kawasa anulat rungsiting, gurulaku myang candra, ningaksara sirung, mangkana ta raganingwang, kadyenggganing kokonang paksa nimbangi, sumunaring sasongka. Awit saking udha maksangawi, datan temen tumulada ringsang, wus putus kalewihane, tandening wijilipun, ing babasan kang ulun anggit, arsa karya sadaya, dene ngong kumudu, cinacada ing ngakathah, karya basan sangkaning guyurur ya lit tan sami lan kang bias. Tuwin bekti ngong mungguh padaning, guruning ngong dene angsung warah, mecah

kening tyas dadine, sarehning ngatilimut, mudha punggung kumudu niti, amilang-milang basa, swara marganipun, sang uwus putusing sastra, rising mongsa mongsa sira wenang ugi, pintan wana ing warah. Kadyeng ganing tirta marta ening mamunah ing satru ring tyasira, kang wus waskitha budine, mapan janma kang luhung, kang ngaulah ing pangabekti, ngilanga kawijayan paning tegesipun, wong ngaulah kapenedan mrih kamuksan ngilangena tyas kang ngamrih, jaya ika wijayan. Mamriya tyas ingkang amrik minging, saking sabda ingkang parayogya, warah kang tambuh mangsane, utawi awitipun, kamuktene sarira iki, pan saking tribawana, ing panemunipun,s aking boga lawan arta, lamun wikan sang kaning wibawa mukti, sangking ingg jagat raya. Lamun ta sira arsa amanggih, ing panemu sajatining pejah, away pegat ngilangake, reregeding panemu, kang mangkana jalma linuwuih, supunya lanpurusa, nenggih wastanipun, lire supunyapunika, liwat sugih purusa pandhita yekti, panamaning pandhita. Lintang sugih apan angluwihi, saking kasugihaning kang koda, marma makana sugihe, dene taw us samengku, kawruh marang sawijiwwiji, yen sira sampun angsal pituduh ing guru, anggepen ing kalbunira, den rumenggep ngilana saliring pamrih, mendenga ing na muksan. Taksih wonten sambetipun tikang manulat sing papakem awasta kijaka pranawasidhi sang dhdudhukuh ing mendhang prawa.

=======\==========

Ongka 50, Salasa Pon kaping 16 Dulkangidah Ehe 1820 utawi kaping 23 Juni 1891

Surakarta

Kula mentas dipun pameri danganipun tuwa Pinarken ingkang dipun dhasaraken wotnen ing Losemen Pineke, bilih andulu ing kawontenanipun saestu anggawokaken teka garapanipun ing tanah Jawi kemawon kenging kaewokaken dhateng garapanipun ing tanah jawi kemawon kenging kaewokaken dhateng garapanipun ing tanah Eropah, anggening peni-peni, endah saha angrujit elung-alungan tuwin sesekaranipun, punapa malih sarehning badhe wontenipun damel ageng ing wulan besar, tuwan wau anggening andhasaraken barng kathah saha gagrag enggal sadaya.

Kala ing dinten Setu kaping 20 Juni punika, ing lepen Pepe Mangkunagaran wonten bayi keli ingang mentas kawahyakaken katawis awit bibingipun taksi katut mulisi saweg pados katrangan sinten ingkang gadhah anak bayi wau punika, pancenipun gampil tinibang pados katrangan prakawis kecu.

Sepaltepapar, mentas ambeskup apyun wonten kareta asep kathahipun 35 kati, o, la, getun sing duwe.

Ing warung Cayudan wnten menda ucul uculan galak sanget asring bijig lare ingkang sami dolan ing radinan ngantos wonten ingkang amoh bebedipun kajawi makaten menda wu angresahi tiyang sasadeyan purun nedha wowohan tuwin jajanganan ingkang kaedhep wonten ing dhasaripun, menda punika gadhahanipun cina ingkang nguwasani klentheng alit ing Cayudan prayantun pulisi ingkagn bawah aken prayaoga anyuruweya dhateng cina wau, ing ngriku dede panggenanipun tiyagn ngumbar maenda, nanging panggenan ngingah bakmi kaliyan buterham.

Nalika ditnen Ngaad kaping 21 Juni punika wanci sonten panjenengan dalem kanjeng tuwan residhen rawuh saking Batawi, sarta sugeng.

Tuwan D ing “Widaraarja, (Klathen) nganyut tuwuh sarana sanjata, jalaran kapugut tan trisna dhateng pasanganipun tuwan D wau sanalika dereng pejah, lajeng kabekta dhateng nagari kalebetaken ing balemart, nanging saking sangeting brana oten saged anahan sakit wusana dumugi ing janji mantuk dhateng kalanggengan.

Nalika dinten Kemis ingkang kapengker punika, pinggir radinan sakidul Ngadikusuman wonten tiyagn estri pejah sumendhe ing balok daganganipun cina singkek nama Tan Bao, kula pitaken tiyagn ingakng pejah wau tiyang ngumbara pados tedha mondhok ing griyanipun singkek wau, ananging pancen sampun sakit lami, memelas anget dene tanpa kadang warga.

Nalika ing dinten Setu kaping 20, Juni punika, Kwik Luwi ig kampung Katandhan pejah ngendhaktalimurda, kadenganganipun sampun kasep kwik Luwi punika ing ngajeng Cina sugih sapunika mlarat bokmanawi teganign pejahipun wau saking putek manahipun boten kuwawi nandhang kemlaratan, kemlaratan punika pancen dipun sirik ing tiyang kathah, nangign tansah kraket kemawon bokmanawi kadadosan gom.

Ing dintenipun ngahad enjing rencangipun tuwan W ugi pejah ngendhat talimurda, dereng terang jalaranipun.

Tuban

Nalika ing dinten malem Akt kapengekr punika, griyanipun patinggi dhusun karuman dhestrik rengel sampun kalebetan durjana kecu, wonten dening barang barang ingkang kenging kabekta dening durjana namung barang remeh kemawon mawi angsal yatra sawatawis.

Wiwit wulan uni punika para mantri pulisi candu ing residhen Sirembang sami kasuwak ambok manawi kanjeng gupremen anggalih kirang amikantuki, cekap katindakaken dening amtenar kemawon.

Prakawisipun pganten ingakgn mrajaya dhumateng modinipun ingkagn kasebut ing bramartani ongka, ….nalika dinten Senen tanggal kaping 15 nunggil wulan sampun kapriksa ing ngarsa landrad menggah dhawah ing karampungan pasakitan (panganten) ugi kapatrapan paukuman ananging entheng, inggih punika nyambut damel peksan tanpa karante, laminipun sawulan.

Lurah ing dhusun campedan dhestrik rengel sarta lurah ing dhusun buludhentrik Bancar, nalika ing tanggal kaping 12 wulan punika, sampun sai mundhi ganjaran saking kanjeng gupremen awarni madhali prunggu, saha songsong seret pasamuan nalika nampekaken ganjaran wau wiwit jam 8 enjing, par prayantun ageng alit dumugi patinggi lurah, sami basahan enmpalan wotnen ign pendhapi kabupaten jam 8 ½ ingkang bupati medal saking dalem pinarak wotnen ing pandhapi, jam 9 panjenenganipun kanjeng tuwan asisten residhen sasarengan tuwan Kontrolir rawuh ing kaupaten mawi ngasta ganjaran ingakng badhe kaparingaken dhumateng lurah kakalih wau, ing ngriku kiyai patih kadhawahan amaos nawala kakacinganipun kanjeng gupremen sasampunipun medhali tuwin songsong lajegn sami kaparingaken saha rinengga ungeling drel dalunipun mawi nayub wonten ing ngalun-alun.
Ing Bramartani ongka, 43, mitra kula pun Surapati, Batawi, amartosaken yen raden ngabei Basahtirta subrata, pambantu juru basa pangadilan landrad kitha Batawi, kawisudha dados Opsir saking pabarisan dhestrik ongka III Manggabesar mawi tetelitnan, ingkang pnika asanget bingah saha sukur kula ing gusti ratulalamin, mugi-mugi lulus wilujeng, saha tumuntena saged nasul wotnen ing jaman Tuban malih.
Sampun sawatawis dangu ing padunungan kula boten wonten jawah, manawi siyang panas sanget, bilih dalu asrepipun ugi sanget penyakit kolerah, tuwin panastis ragi angemohi, ananging boten patos agegirisi, jalaran titiyang ingkang sami katarajang sasakit wau, kathah ingkang waluya awis ingkang tiwas.
Ing afdheling Tuban pangkat asisten wadana badhe kawewahan malih sapanggenan inggih punika ing dhistrik Rembes ingakng badhe dipun wewahi.
Katandhan pun Kesed.
====\==========
Bagus kesed pulunanipun pun kiyai mas rara mentrik punapa taksih kasugengan teka boten karsa leledhang nun, pun kiyai sakalangkung kangen nun,lahembok inggih panjenengan tuweni, nun Jurungarang.

Ngawi
Pasamuwan rad mider nalika tanggal ping 15 Juni 89 sampun agnrampungi prakawisipun pasakitan wastadikrama, saking dhusun temugiring dhistrik Gendhingan kabupaten Ngawi, terang kalepatanipun sampun mahamejahi tiyagn sarana sanjata mawi mimis kalebet anerak bab 212 tuwin 218 saking angger paukuman pasakitan pinatrapan paukuman gantung ngantos dumugi ing pejahipun.
Pasamuwan landrad nalika tanggal ping 16 Juni 1891 angrampungi prakawisipun pasakitan sajaya, kramameja, surameja, tuwin danamerja , katarka mandung saha sakuthu mandung kapal waktu dalu kalebet bab 27.301 ongka 1 saking buku angger paukuman.
Ing nalika dinten Kemis tanggal kaping 4 wulan Junipunika wanci enjing tiyang nami Karya meja carik dhusun ing Puhkunyal kawedanan Dera, pejah wonten ing griyanipun tiyang nami sawikrama griya nunggil sadhusu ngriku, jalaran kapenthung dening sawikrama, gancaripun kados ing ngandhap punika. Ing dinten wau wanci jam 6 sawikrama kesah dhateng sabin kaliyan bekta luku, ingkagn tengga griya namung ingkang estri, sadhatengipun ing sabin boten estu nyambut damel amargi maesa anggening nyambut boten dhateng, mila kinten jam 7 pun sawikrama lajeng wangsul sadhantengipun ing ggriya korinipun minep pyambakipun lajeng lumebet anjujug patileman ing ngriku sumerep tiyagn ingkang nami karyameja wau akoronsih kalihan ingakng estri, sawikrama pitaken e karyameja, nyang a pakuwe, pun karyameja mangsuli o…ra…a….pa…a…pa sawikrama sanget bramantya mundur nyandhak teken kajeng lamtara, ignakgn gumlethek ign longan salu, karya jagi ta medal saking senthong sawek dumugi ing jogan badhe lajeng medal lumajeng angoncati babaya ingkang amethukaken malah usus-ususipun kathok dereng ngantos dipun singseti, lajegn kadumuk penthung cengelipun karyameja ambruk gulangsaran dipun kaping kalih sirahipun lajeng thek sek babar pisan boten mawi sambat malih.

Sawikrama lajeng bengok-bengok saha lajeng apratela dhumateng pulisi ing sanalika titiang kathah saha priyantun pulisi sami dhateng atiti priksa, bok sawikrama angaken leres dipn remeni dening karyareja, saha tatela saking cihnaning jaler tuwin estri, terang bilih karyameja dereng dangu saresmi klayan bok swikrama.
Ing mangke prakawis sampun kapasrahaken jaksa, Prasaja.

Pawartos warni-warni

Nalika kaping 17 Juni punika sripaduka kanjeng tuwan ingkagn wicaksna guprenur Jendra; saha ingkang garwa, ratu ing Surabaya kadherekaken ajudan sakawan sarta para abdi lalados saking batawi tiyang wolu las inggih punka ingng irantosi rumeksnipun dhahar saha nginum an sapanunggilanipun makaten malih awit saking atur pamrayoginipun tuwan dhokter ing Bogor ignkagn andherekaken satindhakkipun kanjeng tuwan besar, sampun ngantos ngunjuk minuman sanesipun toya wlandi Piktoriyah amurih wilujengipun sarira dalem awit ing sapunika ing nagari Surabaya wonten sasakit kolera, para tuwan ingkang angyektosi kala kanjeng tuwan besar nembe rawuh wotnen pulojawi, katingal sugeng, nanging ing samangke katitik saking pasuryanipun kathah kaotipun bokmanawi saking karoban ing padamelan gatos, nalika nampeni pisowanipun para priyantun saha kawula dalem alit ingkang sami darbe aturan bongsa walandi, jawi cina tuwin sanesipun kathah sanget ing ngriku wonten satunggal tiyang jawi estri bongsa alit ugi darbe atur sarana ngunjukaken serat anyunyuwun sih kawlasan dalem supados anakipun ingkang saweg anglampahi dados pasakitan lepat sakng paukuman ingkang sampu katamtokaken. Nalika kaping 18 kanjeng tuwan Besar karsa amengameng salebeting kitha Surabaya nitih kareta pameran kalayan pasamuwan ageng, ing ngriku sarawuhipn ujnng sacelaking bum palabuhan katejuhan lare tilar donya ingakng badhe kapetak anakipun tuwan K sareng pulisi walandi (Sekaut) sarta jajaran sumerep lampahing layon lajeng kaandheg kapurih nyimpang rumiyin sanalika kanjeng tuwan besar anguningani lajegn parisasmita boten kapareng sanget pangreh ingknag makaten wau, layon kinen anglajengaken inggih lajeng kalampahan sareng lampahing layn dumugi sairinging ngarsa dalem kanje gtuwan besar, kanjeng tuwan besar anatakrameni sarana ambikak agem dalem topi, ignkagn makaten wau ngantos dados raraosanipun tiyagn kathah, dene tiyang agung taksih karsa anggalih dhateng karuhuranipun ing tatakrami, bokmanawi ing ngagesang punika namung wonten kalih prakawis ignkang kedah dipun ruhuraken inggih punika tiyang emah-emah sarta tiyagn pejah, ananging ngagensang punika wawatekanipun ewah gingsir.

Juragan ambekmarta

Wawengkoning nagari Galuh ing kampung kadiraja wonte juragan sugih, sampun andungkap sepuh dereng anak-anak sanget prihatosipun pangunandikanipun sapa baya sign bakal anduweni rajabrana ku yen aku wis tumeka ing jangji sida cures tanpa turun dhuh pangeran ingakng maha agung mugi welasa dhaten gtitahipun ingakng kawelas asih, ki jruagan nuju atarak brat linggih wonten sangandhaping wit kemuning ingang angaubi pupundhut tengahing udyana, gandanipun mulek kentas dening sumiliring maruta monda angebeki seseining udyana, adamel remeking manahipun ki juragan wanci lingsir kilen rembulan sampun angayom sorotipun asemu kuning ambedhah selanign gogodhongan kados inten sumebar ing siti, swaraning toya kumriwik anjog saking telih ing parigi ingakng lajeng angoncori sasekaranign udyana, boten wonten sabawaning tiyang namung kelek-keleking angkup nongka ingakgn amelingi nrajang kendhanganing karna, ki juragan saya oremanipun tumunten wonten swara kapiyarsa, eh juragan rucaten bratanira, panuwunira wus ingsun parengake, ing tembe sira bakal asusuta jalu pekik ing warna mumpuni ing kawigyan bisa among dgang kaya sira, nanging bakal akeh sasandhungane, sampun wanci anggagat enjing cings\cing goling sampun mungel tumunten ki jurgagan asususci sembah hyang subuh, boten antawis lami semahipn ki juragan anggarbini, saeng sampn dumugi ing mongsa ambabar mijil jalu, boten kacarios bingah ing manahipun ki juragan lare walagang kalising sasakit tumunten dipun pendhetaken guru tiyang ingakng linuwih kijaka dipu pretek ing piwulang

warni-warni, gathekan sanget enggal putus kawruhipun ki juragan sartani juragan boten dumugi pangemonging anak sami ginanjar sakit boten waluya deing jampi, wusana dmugi ing janji mantuk dhatng kalanggengan ki Jaka kepeksa nampeni padamelan ageng andumugekaken padamelaning bapakipun among dagang dhateng liya nagari, sarta lajegn karan juragan neneman bagus amargi saign limpading kawruhipun boten nate kapitunan lampahing gagramen malah asring tikel gulung pikantukipun bathi mila saha andrebala menggah ing kasugihanipun nuju ing satunggil dinten wotnen ing pamondhokan kadhatengan kenya ngaken anakipun pangulu ageng ing nagari banten pinjul ing warni galak ulatipun kesit paguting tingal, saya anggreetaken manah, pitaken kaliyan mengo, kados boten sudi tumingal dhateng juraganenenam punapa gadhh sinjang lemes juragane neneman kuwur manahipun wangsulanipun gadhah wong ayu, wong la, kalintu kecap kula pancen mungel tendara, dados wogn au, mugi sampun andadosaken ing panggalih sampeyan kula nyuwun pangapunten kaping sewu, kenya wau sareng dipun jawat andik ing netyaring ngaspasuryanipun nyata ngadeg kaliyan wicanten kula boten gadhah panginten pisan pisan bilih juragan bagus ingkang kados sarira sampeyan gadhah patrap diksura, kumapurun anganggep bedhang dhumateng putraning pangulu ageng ing Banten kenya wau lajeng mantuk boten mawi pamitan sapengkeripun kenya jurgan neneman kataman ing turidasmara linglung kados tiyagn ewah, sadinten boten doyan nedha, sareng ing wanci dalu nuju purnamasidhi, hyang condra katong ton melok mados wadananipun sang pindharatih, juragan neneman saya bingleng manahipun sadalu kalisikan botn saged tilem ciptanipun lajegn badhe angebun-ebun enjang anjajawah sotnen dhateng pangulu ing Banten awit wicantenipun kenya kala wingi ngaken anakipu pangulu ing Banten namung punika ingkang kaesthi salebeting manah, cabar tiwas badhe dipun lampahi tumunten ing ditnen punika boten ambingkak warungipun lajeng bahe sowan dhteng pagnulon umun-umun sampun adus sarta lajegn dandan angadibusana, sarampungipun saweg medal sakng griya sumerep kenya kala wingi ingkang adamel edaning manahipun dipun iring ing rencang estri kakalih, ngorerema kados mentas sembhyang subuh ng lepen lajeng mubeng-mubeng, juragane nem-neman gurawalan anutui, sarta pitembung amelas asih, dhuh bendara, mugi kaparenga tindak malih dhaeng ing warung kula adumugekaken karsa sampeyan badhe amundhut sinjang lem kula sampun yudhiyani ingkang sae-sae, pantes kagem ing sampeyan dene kalepatan kula ingkagn sampun kalampahan mugi sampun kagalih, kula sampun kapok sarta kula badhe boten malih malih kumapurun angasoraken sarira sampeyan ngamungna ingakgn sampun makaten malih kula aprajang ji badhe angaosi dhaten gsarirsa sampean ing salami-laminipun kenya noleh kaliyan mesem wicanenipun mangke mawon kula bali eng warung sampeyan saniki kula dereng gawa dhuwit jurgan neneman dhuh bendara mugi sampun kagalih bab arta, kula badhe anyrantosaken parign sampeyan yatra ign panumbasipun barang anggeripun barang wau wotnen ingkang kalebet pantes dados agem-agemanipu sampeyan kenya:napa sampeyan ngandel teng kula juragan adhuh bendra kan gabdi sasat sampeyan pejahi
Taksih wotnen sambetipun.
==========\======

Sri Mapunggung ingkangping kalih, titi duk mandireng maesswara janma ngrasa nirbudine, antuk trilikur taun muksa wau srinarapati,putra gumanti raja, kanthiyawa prabu, jujuluk kayalengkara, sinengkalan nalika jenengiraji, catur esthinirkarsa. Muksa antuk tiga welas warsi, nutnen sang prabu tejalengkara, madeg neng Majapurane, binathara ratya gugn, sinengkalan jenengiraji, sabda trustan pakarya, muksan tuk tri taun putra kagn gumanti raja, ajujuluk Tejangkura, sribupati, duk ing taun rembulan. Tumengeng wiyat basonta siki, muksa antuk kalih dasa warsa, resi Jathayu putrane, lima pambajen gwadu, kdirama sang mahamuni, subrata mati raga, neng pucanganipun sela mangleng pacrabakan apaparab kilisuci pandhitestri, sidik panignalira. Kang panenggak madeg narapati, prabulembumiluhur jenggala,bondhabandhung karatone, pamadya madeg prabu, lembu peteng srinaapati, neng kadhiri nagara sumendhi sang prabu, lembumanara ngurawan kang wuragil, lembu mijaya, narpati, cingasari,kukutha. Titi dukcatur nata mandhiri, trusing bumi kamondhang sajagad sricatur sareng muksane, antuk salawe taun ing nagari Jenggala Mani ingkang umadeg raja, putra nya sang prabu, lembu amiluhur nama, kondhang ing ngrat panji

Inokartapati, kasub sudira ing prang. Bisikanira wau sang aji, maha prabu surya amisesa, titi duk madeg pamase, wesuciru pa wujud mukda antuk pitulas warsi, putra gumanti raja, paparabireku, rahaden kuda laleyan ajujuluk surya amilhur aji, mandhirineng Jenggala. Sinengkalan duk jenengiraji, bumi obah sajagd wiryawan antuk sawarsa mandhereng, jengkar wau sng prabu, nenggih saking jenggala manik marang ing pajajaran asalin jujuluk panji maesa tan dremen amung antuk kalih warsa nata lalis putra gumanti raja.
Taksih wonten sambetipun.
=========\================

Ongka 51, Setu Paing kaping 20 Dulkangidah Ehe, 1820 utawi kaping 27 Juni 1891

Surakarta

Kala wingi dalu sampun wanci jam 3, ing tanjung anom wonten swara ingkang damel kaget ngalor, ngalor, ngapusi, mengggah katanganipun makaten: wonten tiyang sade bakmi nanging bakminipun boten patos pajeng, ing wanci jam ½ 3 dalu wau badhe mantuk dhaten ggriyanipun ing tanjung anom kapethuk tiyang kawanuhanipun ingkang sampun asring asring tumbas bakminipun wonten ing kambengan jangkrik nanging dereng terang nama tuwin griyanipun mitra wau pitanglet dhaten gtiyang sade bakmi, tembungipun: lo kowe kang bakmi, yah ene lagi mulih, tukang bakmi mangsuli enggih mas sampeya saking pundit, karuh sumaur: saka nginjen jangkrik bakmi mu apa ijeh, yen ijeh aku dolana, tukang bakmi matur semu lega, taksih kathah mas mongga kula ladosi, sareng sampun anggenipun nedha karuh ing ggal ngulungaken arta warni anggris dhateng tukang bakmi tukan gbakmi kaget matur sora, wo, boten gadhah susuk mun gtelas nem dhuwit kok maringi anggris wangsulaning karuh yen kowe ora duwe susuk coba ta kona cina tukang tau padhang padhang kae, apa duwe dhuwit pecah yen gelem ngijolikurang suwang dak wehake, aturing tukang bakmi, paringake ta anggrise, la ta wekne, karuhipun sumaur, ora susah ta kona bae dhisik, tukang bakmi langkung pracaya nilar pikulanipun nanging sapengkeripun tukang bakmi bumbungipun wadhah arya papajenganing bakmi sadalu kathahipun sawelas wang dipun pendhet dening karuhipun kabekta lumajeng, sawangsulipun tukang bakmi sakin ggriyaning cina tukan gtahu, mas kaaruh sampun boten wonten nuweni bumbungipun wadhah arta ugi sampun boten wonten mila lajeng nututi mengaler ajelah-jeleh, nanging boten wonten ingkang tutulung, labet wanci sakecanipun tiyang tilem.

Kintunan.

==========\==========

Nalika dinten REbo ingkang kapengkerpunika, bok Kang, giggriya jampung Ra ngajal punika angumunaken awit kirang tigangdinten saking ajalipun bok kang wau sampun reresik adus karapas saben mentas adus dipun takeni kaliyan bojonipun makaten ora bokne, kowe ki saben esuk adus karamas iku ana apa, bok kang lajeng mangsuli, iya ora ana apa-apa bapakne mung reresik bae jarene wong resik ki becik wusana let tigang dinten lajeng ajal amila anjalari rujiting manahipun pak kang, lo rak inggih anggumunaken wawratipun tiyang estri teka sumerep papasthen ingkang badhe dhumawah

Pun N.ing Natabratan.

==========\==========

Embok manawi pejahipun wau pinarag anguntal elo…punapa sampeyan sumerep tam as emok inggih sampun lajeng katuwuhan budi sek tinandukaken gugon tuhon purwadaksina punika muhung ginantung wonten ingkang maha wasesa

Jurugubah.

Yogyakarta

Kukuwungipun nagari Ngayogyakarta, ing samangke sulakipun saya katingal sakng ngatebih, inggih punika sunaring kadarman dalen kangjeng tuwan REsidhen sakaliyan kangjeng raden adipati Danureja, anggenipun tansah anggalih dhateng para kawula dalem ageng alit ing nagari ngriki, supados suda arekaosipun bab ping padamelan nagari, rundha, patrol pagaraping wradinan sapanunggilanipun sarta boten pisan pisan sami arsa angruhuraken punapa malih amengku ing kawontenanipun sarira pribadi, awit ingpundipundi dipun tindaki saha dipun uningani piyambak kenging winastan meh boten wonten padamelan ingkang dipun pitadosaken pnapa malih dipun bodhokaken dhateng liyan pramila saya kemawon lampahipun boten garonjalan para wadya sapunika naming kantun angraosaken betahipun piyambak piyambak thok kalothok katemahan saben soten naming gorangrong sesendhonan kinanthi pathetan urut margi ginaemipun boten wonten malih naming lagi saiki karasa kapenak ora gendeng ceneng….toblas eca estu mas sumongga ta sampeyan nyatakaken menek boten pitados lah, punika ta tiyang ageng ingkang badhe sah anampani sembah sarta pamuhinipun tiyang alit sanagari.

Prasaja.

Kendhal
Ingkang awit saking nawala dalem kakancingan kanjeng tuwan residhen SEmarang
Kakulawisudhan dados wadana dhistrik Selakaton apdheling Kendhal raden Bei Sastradipura, asisten wadana ongka 1 ing Onder dhsitrik Pagreruyu dhistrik Selakaton.
Kakulawisudha dados Asisten wadana ongka 1 ing Onder dhistrik pagrruyung, Mas Mangunsastra, asisten wadana ongka 2, ing omderdhistrik pateyan dhistrik Selakaton
Dados asisten wadana ongka 2 iong onder dhistrik Pateyan raden Kusumawinata, mantri Kopi Bahrawa
Dados Ajung Jaksa apdhelng Salatiga, mas Sastradiarja, ajung Jaksa Landrad ing Kitha Kendhal raden Sudira kusuma, mantra Kabupaten ing Kendhal
Dados mantri kabupaten ing Kendhal raden Bagus Suprapta, cariyk kabupaten Demak
Kintunan.
Kaelokaning gusti adamel ancaryaning para tumitah
Kok la gigriya ing dhusun Kebondalem mentas arencang rare, ananging jabang bayi boten mawi sirah ingkang wotnen endhanipun naming rai kemawon saha malih dhakarripun wonten naming palandhungan boten wonten, dene jabang bayi punika naming sumerep padhang hawa kawan likur jam, o, bok manawipunika bok la, kasupen kala grahana rembulan ing wulan sawal jabang bayi ingkang taksih kakandhut boten dipun gugah, temahanipun kados makaten punika(kintunan).

Tiyang ngelu ingkang nglengkara patraping anjampeni sasakitipun.
Bilih tiyang sakit ngelu punika yen sampun dipun ubed-ubed kacu mawi lisah dhoklonyo sarta mawi kapilisan punika boten dangu tamtu kathah sadanipun kadosta: raosipun mumet awrat tuwin ingkang pating crekot sadaya, ewa semanten mangke punika wonten sawenehing tiyan gestri wasta bok mas K gigriya ing kampong P sakit ngelu, nuju angot wah, kas pundit ta sambatipun sanadyan punika sampun dipun pilisi dipun ubed kacu, inggih meksa gereng-gereng kemawon, lajeng bok mas K punika sanjang dhaten gsanak sadherekipun bilih sirahipun kapurih anindhihana pipisan ugi kaleksanan ananging dipun raosaken taksih mumet kemawon lajeng kapurih anglinggihi tiyang kalih pipisan wau, la, punika saweg saged saras boten dangu kapurih mendhet pipisan punika, sasampunipun katingal mayar, sumongga para maos punika punapa boten kalebet aneh, mila ngantos sapunika bilih kumat inggih makaten kemawon jajampinipun
Kintunan.
==========\=========
bilih wonten ingkang maiben prayogi kacobi ajampi punika.
Jurugubah
=========\================
Saweg jagi jinagenan:
Kala dinten dinten REbo ingkang mentas kapengker punika, wonten sawenehing kaji neman wasta pun L nuju jagi ing daleming bendaranipun wiwit sonten mila janm satengah pitu sampun pangkat saking griyanipun dados semahipun L kantun piyambakan wonten ing griya. Kocapa dupi watawis radi dalu wotnen sawenehing tiyang jaler ugi nunggil kampong wasta pak Ng. sumedya anyidra resmi dhateng pun bok L wau, kados kala siyangipun sampun rembagan sarehning sakaron ron sampun kasembadan ing kapti, ing sasampunipun sami muha semedi suku tunggal kados inggih radi lena, sadangunipun keelson kalajeng tilem punapa malih tansah angecakaken patrap mimi lan mintuna.
Nahanta, dupi ngajengaken wanci jam tabuh sakawan enjing pak L punika boten sakeca manahipun lajeng mantuk sumedya anglangnglang ig griya, sareng dumugi ing griya, o kadospundi ta polahipun pak L teka sengkeranipun dipun enggeni ing sanes nanging pak L punika manahipun tansah sareh kemawon awit sampun nyepeng penthung boten siyos katamakaken nyepeng pedhang utawi dadamel landhep sanesipun inggih sande, boten dangu pun Ng, nglilir saha sumerap bilih ingkang gadhah griya dhateng, badhe malajeng kacandhak rambutipun kados inggih angsal sadasa persen sasampunipun lajeng kapurih nyepengi tiyang jagi gerdhu, pakkk L ngupados tangsul badhe kadamel nangsuli, sarengpak L wangsul sarta

bekta pusara pun Ng, sampun malajeng tanpa tilas awit anggenipun nyepengi mrucut anaanging pak L angsal cinah bekti amarni singelipun pun Ng kantun ing ngamben punika prakawis sampun kaaturaken ingkang kawogan sarta pun Ng, saweg dipun upadosi
Kintunan.

Pawartos warni-warni
Wonten sawenehing tuwan ing kitha Betawi sampu amedharaken ing serat kabar welandi, bilih piyambakipun saged sumerap dhateng watekipun para tiyang, naming sarana katitik saking pacaking saseratanipun, sinten ingkang badhe anyobi, kapurih akintuna seratanipun kakanthi yatra gangsal rupiyah, dhateng serat kabar Ywangbodhe, tuwin dipun ngalamatana aksara B wasana tuwan punika lajeng badhe amangsuli, sarta mawi anjalentrehaken pamethekipun ing wawatekipun para tiyang ingkang sami angintuni yatra. B.B.

Ingkang sampun kalampah asring rahmenda, ingkang kadamel anyembuh tiyang sakit cekek ing mangke wonten pamanggih tembeyan bilih rah sagawon ugi amikantuki kadamel anyembu wau, ing tanah eropah sampun kathah titiyang ingkang anyobi sembuh punika leksanan saged sartas sadaya. B.B.

Ing kitha Otreh wonten tukan glonceng sampun adamel jam kandhutan jene, ingkang agengipun sami kaliyan yatra kelip malah kacariyos ageng kelipipun, wondene lampahipun inggih kados sanesipun menggah pekakasipun ing nglebet sakalangkugn alus saha alit alit, jam kandhutan wau sampun dipun awis seu ruiyah, ananging pancen boten kasade B.B.

Ing nagari Kanglam wonten mantra Cina arimat tabela wonten griya suwung, ingkang celak kaliyan griya pamulangan, sawenehing dinten murid pamulangan wau ingkang lumebet sinau naming 7 sarehning ingkang malebet naming sakedhik kyai guru sembrana, mila sasampunipun damelaken garapa lajeng katilar dolan kocapa sapengkeripun kyai guru antawis dangu, murid pipuitu wau inggih medal dolan dhateng sakiwatengning pamulangan sareng lumebet ing griya suwung wau sami sumerep tabela kothong, ingakg satunggil awicanten dhteng kancanipun makaten: kowe padha andhelika malebu ing tabela kene, banjur dak tutupane, nek guru teka ben bingung gone goleki, dene aku tak dhelik ing panggonan seje, kang bias andeleng bingunge kyai guru gone goleki aku lank owe kabeh, rare nenem anuruti sawicantenipun rare andhugal punika, sareng sampun malebet lajeng tutup kaanjingaken, boten antawis dangu kyai guru dhateng cengangukan awit dening muridipun boten wonten sadaya, kapadosak dhateng sakiwatengenipun pamulangan boten kapanggih, kyai guru sakalangkung bingung, anunten wonten tiyang satunggal ingkang martosi, bilih murid muridipun sami malebet dhateng tabela ing griya suwung, wicantipun guru, amarga apa dheweke padha lumebet ing tabela, wangsulanipun ingkang tinakenan asemu ngungun tiyang gesang gesang kok malebet dhaten gtabela punika manawi m,edal punapa inggih taksih gesang, guru lajeng ambikak tabela, rare nem ingkang wonten ing tabela katingal sampun sami pinanggih pejah, ing ngriku lajeng kathah tiyang sami ningali, tangkar tumangkaring wartos dumugi para tiyang sepuhipun rare nem wau, lajeng enggal sami andhatengi, dumugining ngriku sami wicanten eh: ki guru kang gawe cilakaning anakku, mongsa wurunga kowe di gantung saking ajrihipun kyai guru lajeng minggat naming nalika kapriksa ing nagari wonten tiyang satunggil ingkang matur, menggah kasangasaran mangkaten punika saking pandameling kancanipun sinau piyambak anama Abu Aceng, sanalika nagara lajeng dhateng ing griyanipun AbuAceng, abu Aceng kacepeng kaaturakening pangadilan dereng kadhawahaken parampunganipun.
H.O.
==========\==========

Warah Yogya. Pandumaning mudhadama, kang datan kaduman budi, ywa kadaud Andaluya, den samya mardi yeng budhi, dununge ing dumadi, kadadyan prapteng Saumur, sami amikanana, kaanan sajroning ngurip rururusan ding badaniki den waspada. Ywa kongsi kawileting trap kajoronging triprakawis awa ingkang narik arda, puwapuwa tarprindhiri, dhedherening budining, srana sareh barang kayun supala uningaha, kadadyaning ngala becik

becik iku karana ilapating dit. Kang ginadhuhken kawula mongka lantrn sayekti, pepancen dening kamulyan ing dunya rawuhing ngakir, krana ngel uripiki, den mrukasing tumuwuh, ywa katutuh sambrana, ye ku pangrusak swargadi, munganaken naraka narik sangara. Salamine mangih sela, nora muncul marincik yen tarwrineng subasita, mongka busananing ngurip yen ngiratan pakardi, iye kuweong mudha punggung, wus dhinadhunging setan sarusiku tanpinikir, niring duga prayoga ringawatara. Kadya upami nyb bocah ngumur telung warsa misih, wuwuda tanpa busana, sasat ingkek anyar prapti, tanpa tatalan titi, tuna bet sajege umur, uripe siya-siya, sirna parlunin gdumadi, ngidak sark kasaru kasurang-surang. Sarak opunika warana, ing tegese aling-aling, dene bias nganggo dhadha, den tarti pyawangan ti sebit yen warane ku sebit yekti rusak nalaripun kuwur kawur keweran labane tarulah titi, katalika talering ytyas terukara. Sasolahe wadya rasan tondha bodhone kapati, tanpa tabeting trapsi, kadalurung keneng sarik tan rinasa yen nurip iki kyeh rencananipun kinalang sambekala tanpa sela siyang ratri, tangi turu laku linggih nora esah.
Taksih wonten sambetipun.
==========\==========
Sambetipun juragan ambekmarta
Kenyalumampah rumiyin kdharekaken juragan neneman sarta rencang estri kakalih dumugining warung juragane nemneman enggal angengakaken konten sarta anggelar babud lajeng amendhet barang lemes pinten-pinten tumpuk sarta dipun jerengi sadaya, Kenya wau naming mendhet plangi ijem satunggal pangaos kawan dinar, lajeng kadamel rimong, niki mawon sing sethithik regane, kula tuku, mangke kula ngirimake dhuwite,jurgane neneman saha bingung anunjang-nunjang, *kados pundit bendara, punika lo ingkang sulam jene tulen pantes kagem rimong, dene yatra mugi sampun kagalih, badhe boten kula tagih ing salami-laminipun bilih boten kaparingan ah niku boten becik mundhak nuwuhake panyana nyana, wong niku nek kelebon abot walesane boten wurung kula kalebu dadi batur tukon inggih nek kanggo, adhuh toblas aku boten dara, sitnen kula purun angagep sarta amestani ingkang boten boten saupami pangandika sampeyan mawu sayektosan kula kalilan angembani sarira sampeyan punika suwe suwe asring nuwuhake wanuh wani, becik lestari dadi saduluran mawon.*
Juragane neneman ngantos dhumawah ing Kmlaratan amargi saking pandameling kalulutipun punika, dene samiing pamengkunipun naming ing dalem sataun tumenten dipun tilar kesah, juragane neneman kantun anggana tanp arta buana, naming dipun tilari sungkaa, punika aweg merep bilih kalebet ing pirantos lajeng mantuk dhateng kadiraja Galuh anyadeni barnag gadhahnipun tuwin griya sapanunggilanipun kadamel pawitan dagang malih, dilalah tansah kapitunan sarta kaapusa-apusan kemawon pawitanipun ngantos telas babar pisan lah saupnika sampun mantun nama juragan tetep nama tiyang mesakat, ytumunten andhatengi para mitra nipun ingkang sami kapotangan sae, sedyanipun gentos anedha pitulunganipun kenginga dadamel pawitan mredagang malih, nanging lepat ing pangajeng ajeng awit para mitranipun ingkang kadhatengan wau sami amitambuh saweneh atutup konten wonten ingkang welas pawewehipun boten misra, boten sanes kaliyan tiyang priman lugu, mila paweweh wau sami dpun wangsulaken mongka kala rumiyin ageng pitulunganipun dhateng para mitanipun wau, ingmangke walesipun nmung supe sadaya, tilas juagane neneman kala rare nipun sampun na kapretek ingpiwulang sae wdhumawahing papa amesthinglampahi papriman pupuntoning manahipun juragane neneman naming badhe anganyut tuwh, tumunen dhaten ging wana anusup angayam alas lampahipun kandheg wonten luweng ingkang sampun katuwuhaken gurda ageng, ciptanipun kapasang yogi anggenipun badhe anganyut tuwuh, boten mawi kapanah dangu malih jurgane neneman lajeng anjegur ingluweng, nanging boten saged dhawah lajeng tansah kcanthol dening oyod-oyodaning tutuwuhan salebeting luweng, dhawahipun ing dhsar namungkados sumeleh kemawo salebeting luweng punika kathah guwanipun mawi tutup sela ukir-ukiran mawi sastra buda, wonten pepengetipun mungel barangipun raja ing Galuh ingkang kasingidaken salebeting pera ageng,s areng kontening guwa dipun bikak kebak raja brana warna-warna, sarta winten pinten enceh kebak isi ma sure, juragane nemneman ngantos sumlengeren anginten supena
Taksih wonten sambetipun.

Ongka 52, Salasa Kliwon kaping 23 Dulkangidah Ehe, 1820, utawi kaping 30 Juni 1891

Surakarta
Enjing punika kula kapethuk titiyang roroyoman kirang langkung wontn tiyang pitundasa kathahipun sadaya sami bekel dhusun-dhusun bawah tandhan taraman, wedharing raraosanipun ami badhe sowan ing parentah anyuwun sudan paos punapa malih suwaking pambaaring yatra, panebasing damel dhteng pangageng pulisi, tumuwuh anggening among tani sami boten kamedalan ngantos tigang mongsa laminipun, bili kapra sayektos pamireng kula wau,nagari ing saestunipun inggih boten kakilapan punapa pamalih tiyang pancenkadununganparamarsa, lajengkamawon kula kamipurun anamtokaken bilih panyuwunipun para bekel wau saestu kaparengaken
Kintunan.

Resawijaya estri ing kampun gKrato0nan nyakiti badhe gadhah anak nanging sakala punika ingkang jaler pinuju kesahan rehning resawijaya esri nembe punika bdhe gahah anak sambatipun tansah angaruara, sanadyan sampun kajagi ing dhukun tuwin para wangsanipune wadene bokresawijaya dereng marem manahipun taksih ngajeng ajeng dhateng ingkang jaler kemawon boten dangu resawijaya jaler dhateng, para tiyang ingkang tutulung wau sami bingah, sarta wicanten dhateng resawijaya jaler la kuwi mas Resawijaya wis teka, enggal babjur cucula sabukan karo ngoreya rambut gek bojomu sundhangen saka buri, mesakake ole nglarani bojo mu wis suwe, lan yen kowe nanaleni barang-barang uculana, wadhah-wadhahkang nganggo kunci bukaken.
Resawijaya jaler lajeng gatosaken dhtng paliwara ingkang smpun kapyarsa wau, sasampuning cucul sabuk iket reyab-reyab arta brangkang ambijigi ingkang estri saking wingking, resawijaya estri bengok-bengok e la iki kepriye ta mas kathik boyok ku kok dhodhosi mengkene, dene tiyang ingkang sami tutulung wau inggih nyrengeni dhateng resawijaya jaler, lo, kuwi kepriye wong sing wedok pringisan mengkono kok malah di bijigi, kaya wedhus, resawijaya jaler mangsuli: la turene kenyundghang, tiyang tulung sami wicanten, e wong busuk doyan anu, jenenge nyundhang iku bojo mu jaganana saka buri, bunbunane setullen resawijaya jaler, e boten dadine, gih ta
Saampuning makaten boten dangu jabang bayi medal estri, saha wiluejng sadayanipun (kintunan).

Nalika dinten Senenkaping 22 Juni punika,bok lintah ing kampung Jiwalesanan paben kaliyan bojonipun sakng kakening manahlajeng nyegur sumur: byur kecubuk-kecubuk sampun saestu yen kadengangan ing tiyang kathah,s arta lajeng dipun tulungi, dumuginipun nginggil katingal babak bundhas amargi katanggor banoning parigi sumur, ingkang jaler inggih lajeng anulungi: bok aja ngono padu ya padu, nyegur sumur ya nyegur sumur.

Ing Mangkunagaran kampung kidul sawingkinging dalem tumenggungan wonten tiyagn dipun kecubung ing tiyang, panduginipun ing kathah tiyang ingkagn dipun kecubung wau kdos badhe dipun pandungi, utawi dipun koyok dene ingkang mewahaken rencangipun estri piyambak wonten tiyang titiga ingagnk sami kenging tarka angecubung, sami dados prajurit inpantri, pawartosipun tiyagn tiga wau inggih sampun ngakeni, amargi kangge nancih na kecubung bubukan dene prakawisipun minggah pradata, klap kadadosanipun.

Yogyakarta
Pak Krama tari ing dhusun Temulawak (Sleman) nalika kaping 18 wulan Juni punika nuju anggarap sabin manggih barang kina warni keris ligan, bokor, sengkang sarta kalung, lajeng kalapuraken ing parentah, menggah barang wau kininten barang buda.
Nunggil dinten pak Kasan Mustadi ing dhusun Kadisan (Bantul) ambekta lembu kalih, maenda kawanwelas badhe kasade dhateng peken wotnen satengah margi kapethuk kan begal pak kasan

mustadi lajeng dipun penthungi ngants satengah pejah, lembu sarta maenda wau wonten ingkang lajeng dipun uprak wonten ing ngriku, wonten ingkang lajeng kabekta kesah dening begal wau.

Kendhal

Nalika dinten malem salasa ingkagn metnas kapengker punika, ing bawah kadhistrikan K sdalu punika kamireng wotnen titir kaping iga rambahan ingkang sapisan titir kapandungan kapingkalih titir griya kabesmen kaping tiga titir rosan kabesmen sumonggata, para ingagn kawogan mugi angatos-atos, prakawis latu sampun sami sembrana, sarehnng sapunika mongsa badhidhing sadaya wewarnen sami aking kemripik.

Sasakit watuk ingkang akanthi benter tis ing padhepokan kula ngriki slenthing-slenthing inggih wonten pundi ingankg kataman ing sasakit pnika bilih boten pikatuk usada ingkang cespleng inggih dangu mantunipun kadhang bilih boten kaleresan inggih boten ngukup.

Para among tani ingkang angsal toya endungan salebetipun taun punika, kathahingkagn sami angresula, jlaran saking pranatan toya rad kisruh, dados kathah sabin ingkang sami nela.

Kala dinten n Salaa Pon ingkang mentas kapengker punika, kaleresan pekenan ing putat kul akapethukan awenehing tiyang estri sampun sepuh angiringaken rare kthah sarta nyepeng breg kados dening tiyang angiring bebek sareng kula pitaken dhteng rencngipun amangsuli bilih punika utunipun sadaya, kathahipun boten kirang boten langkung 25 iji,punika gesang sadaya, boten wonten ingkang pejah satunggil satunggil, punka saben wetonipun tiyang sepuh wau putunipun dipun midhangaken dhatng ing peken (kintunan).

Pethikan

Ing Bangkahulu tuwin ing Kruwe boten kendel wonten kabar lindhu.

Ing dhistrik tengahan tuwin Map kabuapten Lamongan (Surabaya) kathah taneman pantun ingkang kenging sesakit ingkang dipun wastani amatepak kathahipun tigang ewu bau.

Wonten sawenehing nonah ing kitha Paris kala ing taun 1871 piyambakipun sampun tumbas kasur satunggil, kocapa sareng kasur punika badhe dipun santuni urungipun ing lebet wonten yatranipun krets gunggung tigangdasa ewu.

Ing ngriki kathah para titiyang ingkang sami adamel cikalan kala palajeng dipun epe, sarta lajeng kasade dhateng para bakul cina ingkang adamel sabun kumbahan, dene toyanipun kala wawau dipun bucali kemawon awit boten sumerep kanggenipun cobi punika toya ning kalapa kakempalaken wonten ing gendul lajeng dipun epe kados wotnen kasilanipun.

Pabrik panggilingan gendhis ing kaliwungu, puguh, sepiping, sarta ing Gemuh, sapunika sampun sai wiwit kalamapahaken

Bab reeginipun uwos ing taun punika sampun kaetang mindhak sadhacinipun ingkang pethak regi 8 utawi 7 ½ rupiyah

Kintunan.

Pawartos warni-warni

Mitra sae, cina ing Grobogan suka pawitan dhateng mitranipun cina ing Demak kangge nempur wos kathahipun 30,000 tigangdasaewu rupiyah.

Mapagan wos ing Demak modhelipun wanci pukul 2 alu para bakul sarta para cina ingang ami angepaki wos ipun para tiyagn tani ing Demak kados sulung, sarta titi titi tani ing Demak sami abingah-bingah nampeni yatra wetah bote wonten bayaran yatra pecah ing wanci enjing bingahipun wau ical amargi arta papajenganing wosipun kathah ingkang palsu , wonten tiyang sade wos pajeng Rp.12,- artanipun igkang temen namung Rp.2,- wo, la punapa arta Rp.30,000,-- ing nginggil punika badbonipun yatra palsu, ingkang sampun sumebar putra wyahipun bok sami gatos-atos lalayanan kaliyan bongsa Cina, sampun dupeh taksih pelo.

Para amongtani salebeting pulo jawi tatenmanipun kathah inakng boten ngukup amargi saking cidraning mongsa, kapegat dening bethatan jawah ngantos dumugi sapunika, ing Cirebon ing Samarang, ing Surakarta, ing Ngayogyakarta, tuwin sanes-sanesipun para cina kathah ingkang

ngankuti nempur wos wedalan taun punika sawontenipun sarta lajeng kakintunaken dhateng Singapura, badhe kasade malih kdos ing ngrika tanguhipun awis uwos awit saking punika anuwuhaken pamanggih salebetiipun taun punika saderengipun panen ing pulo jawi amesthi bdhe awis wos amargi sampun kathah ingkang dipun usungi dhateng Singapura wau, para parentah pangrehing praja kaaturan ngatos-atos sampun ngantos ing bawhipun dhumawah ing karisakan amargi saking paceklik bab pananeming palawija jagung canthel kacang sasaminipun punapa dene pohung ing pategalan tuwin ing pakebonan pantes dipun gatosaken manawi tiyng alit tulus angenipun tatanen punika badhe boten kethe panyanggining paos tuwin rukud damel sasat oncat saking bavaya ageng bab sambutaniun dhateng lurah patuh tuwin dhateng pulisi ingkang salamilaminipun tansah dados wana

Kramadrana sarta Wongsareja, sami tiyang alit ing dhusun Nglipar (Wanasari) kerengan wonten sabin Wongsareja nandhang tatu ngantos sanget namung kalayan dadamel arit bok manawi celak tiwasipun.

Rawuh dalem sripaduka kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral wonten ing Surabaya, kathah anggenipun paparing ganjaran awarni arta dhateng titiyang ingkang sami nyambut damel wonten ing pabrik kunsetruksiwengkel sarta dhateng para rare ingkang pinulasara wonten ing balepamardiweka.

Mengggah kanjeng tuwan besar wau saben rawuhing satunggiling panggenan ingkang sampun katamtokaken ing ngriku mawi pasamuwan ageng, naming rawuhipun wonten ing apdheleng malang (Pasuruwan) wonten pakumpulanipun para tuwan sawatawis igakng sami nyepeng kabudidayan ingngriku, punika adamel pista dhahar priyantun skeet ing dalem sakuper (Couvert) sacatu:utawi satadhah) boten kirang pangaos skeet rupiyah slaka sanesipun ubarampe, sarta lajeng pasamuwan tedhangsah.

Pawartosipun sepur Batawi Bogor, gadhahanipun sepur WEhmatkaliyer dening kangjeng gupremen nanging para punggawanipun dereng kapasrahaken.

==========\==========

Sambetipun juragan ambekmarta

Dangu-dangu sumerep yektiipun ciptanipun juragane Neman lah saiki aku ora sida ngendhat malah bakal bali dadijuragan maneh tikel satus karo kasugiyanaku biyen nanging Manawa barang iki tak usungi marang nagara, ora becik dadine, becik tak gawe wadi, sarta alas iki banjur tak degi omah bae, aku banjur omahomah ana kene lawas lawas bokmanawa bias dadi nagara saka dayaning raja brana ku paringing pangerani niki, tumunten juragane neman mendhet arta mas sakuwawinipun kabekta mentas sarta lajeng dhaten gnagari, tumbas bondha sarta kabetahaning griya, angirid tiyang pinten pinten sarta lajeng sami nyambut damel saubenging luweng kapager banon mubeng boten lami anggenipun yasa griya tuwin gedhong gedhong sampun sami dados sadaya kathh rerenggan tuwin patamanan saged koncaran toya saking lambunging redi dipun jogaken ing talagan salebeting capuri, amberipun anelesi patamanan salebeting udyana, manggening griya angajengaken gurda ageng, luweingipun pinaringgi mawiundhag-undhagan sela mangandhap dumugi kontening guwa guwa ingkang isi rajabrana, wonten guwa satunggal ingkang dipun kothongaken naming dipun dekeki patileman sarta wadhah yatra cepakan nanging titiyang ingkang sami anggarap padamelan boten wonten ingkang sumerep bilih guwa punika isi raja brana, amargi kontenipun kasamar, warninipun naming kados sela tulis kemawon sanginggiling luweng katutup bala bag jeplakan titiyang ingkang sami nyambut damel kathahingkang sami katreemtumut gigriya wonten ing nriku, malahlajeng dados pangungsenipun para tiyang padhusunan ingkang sami kakirangan tedha, kocapa juragane nemen rumaos sampun mukti wibawa, punapa ingkang dipun kajengaken saged kadugen tanpa angaota barangipun boten saged telas dipun tedha ing salami-laminipun naming saprakawis ingkang dados sekeling manahipun inggih punika anggenipun taksih lamban sarta dereng mirangguhi wanudya ingkang dados bojonipun ingkang amedhot trisna, manawi dipun gagas gagas dangu longka tiyang ayu, ingkang kados bojonipun anggadhahana cipta awon ananging sayektosipun awon amargi tega sing saranpun mongka anelasaken barang lajeng anglestampa popoyan ing wanci dalu juragane

neman malebet ing luweng badhe mendhet yatra cepakan kadamel sangu dhateng nagari pados bojo sareng kontening guwa dipun ngakaken kaget ng patilemanipun wonten tiyang ngayu linggih kalingan pajangan angajengaken kenap alit panggenan panjeran dilah lilin sareng dipun waspaosaken bojonipun ingkang dados telenging manah salami-laminipun dereng ngantos dipun pitakeni bojonipun wicanten sumongga sampun mawi rikuh, sampeya lajeng ngaken anggen sampeyan badhe mundhut arta cepakan kadamel tumbasan badhe garwa, telunganipun kula ingkang sampun sepuh wah awon manah kula nelasaken barang sampeyan sarta sampeyan lajeng kula tilar angles juragane neman dupi miring wicantening bojonipun lajeng dipun rangkul sarta dipun tangisi, wicantenipun dhuh nyawa gusti ku, kepriye nalare lalakon ku dene mung tansah anglakoni kaelokan bae, pisah karo kowe tanpa karana banjur anglakoi sangsara, sapriki nemu kabegjan kaya bakal ora widada maneh mulane aku muga pajarana tumuli, supaya padhanging ngatiku, bojonipun lajeng angandharaken lalampahan kados ing ngandhap punika.

Kula punika putrinipun retuning jin ingakng tengga raja brana ing luweng punika, bronta dhateng sampeyan kalampahanipun sedya kula wau gerah mawi gelar, kados ingakng sampun sampeyan lampahi, ingkang punika sarehning sedya kula wau sampun kadugen panyuwun kula sampeyankula jak mukti sari wonten ing ngriki, ing salami-laminipun.

=======\==========

Ongka 53, Setu Wage kaping 27 dulkangidah Ehe, 1820, utawi kaping 4 Juli 1891

Surakarta
Sadangonipun komedhi kapal kagebyagaken wontening ngriki, ing saben daluing Tarub tamtu kebek titiyang ingkang sami aningali, nalika sontening kawitipun main tumuwuh ing kebegipun tiyang kngkang malebet ing tarub ngantos kathah tiyang ingkang sami dipun wangsulaken dene ingkang adreng badhe malebet inggih lajeng sami amikawon sami amewahi bayaranipun malebet ing pangakt satungal utawi kalih, maininpun pancen kathahingkang nembe kagebyakaken bed sanget kalihan ingkang sampun sampun, nonah blondhepancen pantes ingparabi retuning para panegar, panen undhagi sanget anggening anegari kapal tuwan Silberto anggawokaken pamainipun wonten sangingiiling kapal trangginas cancut cukat tuwin tarumpil sanget malumpatipun boten nate lepat, nonah minetah punika anedahaken karosanipun adhuh, teka wonten wanodya karosanpun samanten, manawi boten nyipati piyambak saestu kapaiben makaten ugi ing kawontenaning sanes=sanesipun pramila para ingkang dereng sami aningali, mugi enggal anembadanana ing karsanipun tamtu badhe boten kcuwan ing manah, punapa malih luluconipun inggih boten amboseni.

Prakawisipun Suradimeja, tiyang ingkampung Gandhekan tenen ingkang kadakwa anyenjata tiyang Cina nama congkang, ing mangke sampun minggah ing pradata, manawi saweidak taun sapriki ing Surakarta pamireng kula saweg punika tiyang jawi nema anyanjata cina, menggah pandakwaning pulisi dhateng Suradimeja waupanen leres sanget kulakosok wngsulaken ingpatrap-patrappipun tiyang purun mejahi tiyang punika tamtu tiyang ingkang purun pejah, suradimeja sampun rambah rambah purunipun dhatenging pejah anganyut tuwh andhawah saking wit kalapa anyegur sumur, tuwin suduk sarira, sarta rumiyin sampun kalebet ing bramartani, suradimeja urun gebagi tiyagn tanpa dosa ngantos satengah pejah, wonten kramatan gandhekan tengen ugi ngantos katur ingparentah pulisi, wasana ing mangke suradimeja manggih prakawis makaten manawi kapara yekti mas ngabei purwa pranata pancen pantes anampeni pangaleming nagari, awit sampun rambah-rambah kabupaten kaparak tengen wonten prakawis raja pejah, kados ta kala pejahipun tuwan Swaping cinidra ing durjana, pulisi boten ngantos sapukul liga thita, sampun saged musara durjana sacihnanipun makaen malih kala panyepengipun suradimejaingkang kadakwa nyanjata cina songkang wau, jumeethoting sanjata kinten jam 9 sonten jam 11 dalu radi meja dalah sanakipun ingkang kakinten biyantu sampun sami katangsulan boten ngantos dados panggaliyan boten damel susah rumapingkathah, dumugining papriksan boten nganpingkalih damel pulisi lintangipun ngabei PUrwapranata manwi bawahipun wonten raja-raja, wo, rak kaul agenipun bandani tyang, kajengipun naming kathah atiyang susah, iyah, rak enggih ta
Kintunan.

Nalika ing malem Salasa Kliwon tanggal kaping 23 wulan Dulkangidah taun punika, griyanipun pak Buwang, ingkampung Krapyak meh ddos Karangabang, awit lajeng katungka dhatengipun para tandang, saking cukat cancutipun para tandang latu saged sirep dene sangkaning latu boten terang, supados sampun kainan amila kula ngaturi pepengt dhumateng priyantun ingkang bawahaken kampong ngriku, supados andhawuhna manawi sonten anyirami griya sarta cawis toya kopoh, awit ing kampong ngriku kathah griya atep.
Jaka Suyekti.

Kala Akat ingkang kapengker punika kula kesah dhateng peken Jongke, (Nglawiyan) kula gumun sanget dene ingkang sesadeyan sakalangkung kathahipun ngantos balabar angebeki radinan ingkang terus magnilen dhateng ing Pajang, lo menggah kathahipun para tiyang sesadeyan ingkang ngantos angebeki margi ageng waupunapa boten pantes kaemutaken deing parapriyantun ingkang bawahaken awit saupamikatrajang ing kreta andhong langkung kados pundit, arak tiwas rewel kemawon manawi tukang peken malah cikrak-cikrak sabab nbamung manahkathahing pamupunipun arta, punapa priyantun ingkang bawahaken inggih …..rak mokal.

Samangke padunungan kula ingkampung, H, sampun wiwit kathah malih singkek kalonthong anagih arta dintenan uh, katiwasan bok manawi sakedhap engkas badhe kathah kagalundhung dening kalonthong malih, e anulo mas den dara, ingkang ngatos-atos mumpung sampeyan dereg kagubed ing kucir, kados ingkang sampun sampun awit sapunika pun kalonthong,sawek ngobat-tabitaken konca, jajar pangindhung
Kintunan

Pawartos warni-warni
Mangunreja
Wonten sadherek jaler titiga taksih sami neneman sami saking monca nagari pasisir kidul sumedya kesah dhateng pasantren nagari GArut (Bandung) rare titiga wau sami ambekta sangu, sarehning lampahipun kadalon wonten ing margi,rare titiga wau.
Dhata lurah adhusun ngriku, ingkang supados kaparenga sipeng sadalu wonten ing griyanipun lurah, lurah mangsuli: apa padha anggwa barang-barang utawa dhuwit: santri tigamangsuli: inggih bekta, ananging naming 300 rupiyah, lajeng dipun tedahaken wasana sareng pun lurah sumerep yatra samantenkathahipun lajeng tuwuh engetanipun ingkang boten jujur, anunten wicanten: yaw is santri telu kowe kena nginep sawengiing omahku, lan dhuwit iku rumatana sing primpen sarehning sampun wanci dalu lare titiga punika sami mapan tilem sareng watawis jam tabuh kalihwelas dalu, pun lurah rembagan dhateng ingkang estri tuwin dhateng rancangipun wicantipun makaten santri telu iku bengi iki uga arep dak pateni bae, supaya dhuwite 300 rupiyah putihana ing tangaku, mengko wang kene banjur pendhemen ana ing kebon kono ing bengi iki uga, sawise banjur getiyhe kumbahen kang resik aja nganti keatara, ing kala samanten dereng pinesthi ing pangeran lare ingkang ragil anglilir sakin gtilemipun dados miringaken kaliyan terang menggah ingkang dados pirembagipun pun lurah punika, sarta manahipun sanget ing kawekenipun awit kakangipun sami dipun gugahi, teka boten wonten ingkang nglili, pun ragil punika lajeng inggal anyandhak sangunipun yatra 300 rupiyah wau dipun buntel lajeng dipun gendhong anunten abrangkang limrah griyanipun tiyagn pasundhan kados dening langgar boten dangu miring suwantenipun patingglebrug awit sadherek kakalih punika wek dipun sembeleh dhateng lurah, rahipun mili mangandhap angengingi dhateng pun ragil ingkang umpetan ing ngandhap pun ragil punika nangis ananging kaampet sanget welasipun dhateng sedherek kakalih ingkang dipun pejahi, pun ragil lonlonan angoncati dhateng babaya punika, sareng dumugi jawi lajeng menek wonten ing witwitan sarta awakipun dipun rut dhateng epang pengkuh, pun lurah lajeng amendhem wangkenipun lare kakalih wau, sarta angumbah erah ingkang talabaran tuwin ngupadosiyatra kaliyan lare satunggipun boten saged oinanggih, sasampunipun katuturan manahipun ingkang boten jujur wau pun lurah tuwin ingkang estri saminangis ing salebetipun manah boten kanten-kantenan awit sanget siya-siya padnamelanipun wau. Sapisan yatra boten pinanggih, rare ingkang satunggil kesah, dados nget sumelangipun bilih badhe kaweleh wadosipun lurah sakamantyan ing panagis wah priatosipun, kocapa dupi bangbang wetan wonten sawenehing tiyangjaler ngrmbat sedhahlangkung ing ngandhapipun uwit wau,lare angundang sarta wicanten: o paman tukang sedhah,mugi sampeyan mandheg sakedhap lare lajegn madhap saking nguwit sarta pitaken punika sedhah sadaya regi pinten tukang sedhah wicanten o nik I kula regeni 5 rupiyah pethak mawon lare wicanten: o inggih sampun kula ingkang numbas kaliyan regi 7 pitung rupiyah pethak sarta punika sedhah mekssih gadhahanipun paman nanging kula pantesmugi paman tulungi sowan dhateng dalemipun asiten wadana, tukang sedhah mangsuli inggih prayogi,lajeng sowan malampah sasarengan sareng dumugining asisten lare matur menggah ingkang wontenanipun lampah ing padalu wau, sasampuning makaten asisten wadana paring sera ting Berd dhateng pun lurahan sarta lurah supados sampun kesah kesah saking griya, pun lurah sanet kagetipun ningali bilih wonten jineman dhateng, ananging radi bingah kedhik manahipun awit ing dhusunipun badhe karawuhan lajeng bojonipun kapurih olah-olah sawontenipun, boten antawis dangu asisten wadana dhaeng ing kalurahan sarta kdherekaken dhatengpulisi sanes boten ngandika sakecap naming pun jinemanipun kapurih onda dhateng punlurah, makaen ugipun lurah boten supala utawiebah, angemungaken puce ting praupanipun lajeng kabekta dhateng ing asistenan kilap ing wasananipun (P.B.)

Kudus

Kala tanggal kaping 12 Maret taun punika, pindhaipun peken Kriyan (Kudus) dene peken ingkang lami duunung wonten ing pinggiripun alun-alun ingkang sisih kidul kalebet wawengkon kampong cina Kriyan wondening sapunika dipun pindhah wonten sapinggiripun kithaingkang sisihkidul kinten tebihipun saking alun-alun watawis 2 /4 pal sarta peken punika samangke karan peken Bitingan awit dunungipun caket akaliyan kampong cina Bitingan.

Ing kala samanten dinten punika ugi kathahtitingalan warni warni, kadosta: musik ringgit wacucal ringgit taledhek barongan tuwin reyog para pagnagenging nagari ugi rawuh ing ngriku, kajawi pnika ewon untaping para titiyang ingang sami dhaengngantos suksukan. Kocapa ing sakala pnika wonten sawenehing wnaita garbini sampun lekipun o sampun pinesthi ing pangeran boten kenging, jabang bayi medal wonten ing tengahipun peken punika, ananging babaya andhatengi, wonten ingkang pawartos bilih dipunkuub dhateng bapakipun wonten malih pawartos bilih dipun kroyok dening sawatawis tiyang inga peken ngantos dados sacuwil cuwil saha malih dalasan erah ingkagn kaer ing siti boten wonten ingkang kantun, awit cariyosipun makaten sinten ingkang angsal rare medal ing tengah peken punika kenging kadamel tumbal gampil dados ugih ing salaminipun, bilih pawartos punika yektos adhuh: memelas sanget dene bayi teka dipun juwing-juwing.

Wonten sawenehing tiyang Singapura sampun angiris irungipung semahipun ngantos ngepol jalaranipun ingkang estri sampun purun anglampahi cidra ing resmi (B.B).

Wonten sawenehing juru mendhet mina samana angsal ulam ingkang sakalangkung agengipun wonten ing samodra kristiyani, dene awratipun ulam wau wonten kawanwelas eupun sarta panjangipun wonten sangangsdasa gangsal kaki.

Mentas punika wonten sawenehing bongsa Ingris sampun tumbas sagawon dhateng tiyagn Amerikah, kaliyan pangaos 64 ewu mark sagawonpunika inggilipun meh sameter, kados bongsa Inggris wau sampun binungung amanggenaken yatranipun (H.O).

==========\==========

Sambetipun warahyogya

Kasad mata kapiyarsa, datan rinasa ing ngati, titika niring (gaita, paranta margining becik sok kyah kang salah dalih kinira kang mubyar murub kang katoning paningal iku dudu aran becik becik iku panggayuhe nora gampang. Yekti kudu mawaarja, agal alus den kawruhi, aja tinggaling wiweka, lair batin den mangarti, tanah ing pambudi, kadadyaning ngarsa ugkur, during ngelinakonan dinuga sajroing ngati, solah bawa,tinanduk lawan prayoga. Winatareng barang karsa, ayama tilaring riri ngaring, ing reh tumrap catur yogya, yogya den samya marsudhi, away lali salami, karage kuwuruking hu, paningal pamiyarsa, panggodnda pangucap yekti cundhuk ing udhi lawan darana. Suksmanen sajroning driya, apa barang kawiyarsi, miwah katoning paningal patitisna ing tyas dhingin yma kaliru yen angling, liningling: sadurungipun salwir reh kasusilan linuriya away ali, den apanggah, panggugahing kaelingan.Eling ngamarganing ngarju, kaarjanig ngawalakir, kekeran wasitetama, tinuman tyas tumaneming, sinidhik sidaning, purwakasing tumuwuh, ginulang mananggulang, ywa katungkul mangan guling, laras lareslaraping wicara terang. TErusubg ttas paripurna, pranawaning budiadi, wibisana mardyenagbasa, basukininig jiwa dhiri, kadhap kilating liring, linaras sajroning kalbu, pambukeng solah bawa, ning lyan linanglangliningling, aja candhak yen during cundhuk ing driya. Krana dadya panengeran janma rucah janma adi, dumununging catur yogya, solah bawa ingkang wadhi, winidik saking ngaksi, calereting pasasmuing nitya kawistara, kekeran wasita mingis lah ing kono, tondha kandhane kacandhak. Marmanta den eling padha, para mudha pjkindha kami, away dhemen akekandhan, lamundurung wruh ing nguwit uwiting kayjati, mundhak kaya kayu rnadhu, nadyan genga berawa, tan ngaubi ing wong siji, ora dadi arahan mungguh inggasang. Kenane muhun gkinarya dodolanan lare alit tan angel pangolahira, gampang saking gopokneki, tan dadya dhaeng ngurip marma away ager muwus yen during wruh wosira, dene mangarti salwiring, nora tilar catur bab kawuryeng ngarsa. Pwarasanggya mantrakara, aksamanta lamun sisip gumaib ngripteng wasita, angajar ring tyas pribadi, yen tacinathet tulis, temah katula tan muncul eling e gung alingan labet langip bondha budhi, mudya ngudya pinahyu wahyuaning sedya. Itih rarasing gupita, lwir kawedya naluntang wis marma ngapus lama jita,

wruh eng bekaning dumadi, kainan yen tan uning, mongka manggalaing kewuh, kudu linagutakna, wiraseku kesthi tuunggil away gita, yen during gathi ing driya.
==========\==========

Minangka psumbang tumrabing pustakawarti yeka kadya ing ngadhappunika candhakipun.

Yen mangkono panyata sayekti, angilangna ing napsu titiga, liretitiga sakehe, pepenginan kang mungguh, tri bawana pamesatneki, pandatan pahantara, tanpaamangsanipun tankapanggihing pangucap weruh nora nana den kawruhi yekti, ing tyas pawing narawang. Denya sampun tanpa mongsa yekti, nenggihpunika dadya pangarsa, sajtiining panemune, ing boga kang linuhung, tanpa tuduh denya amanggih, tunggal ingkan gangucap lan ingkang winuwus tunggal ingkahananira, tan rumongsa darbeni patilan urip uripe tan setunggal. Paningungi alalawan becik suka laan duka nora nana, tan ana melang elange, tumadeg tyas apengkuh, angebeki sabuwaneki, kawimbuhaning suksma, pan pangebekipun ing buwana kauningan katuduhan panarimaning reng widhi, ing ciptaning wardaya. Pratpaning jatiing raywan uwis ing lang bayu sabda lan tingalnya, yata nana ing tuduhe, dene wus salin iku, ing pakaryaninra hyang widhi, lawan malih ta ana, pandhita kang uwus sedhenge arip ta sira, arsa nendra lir urip teka ing pati, pasesating supena. Tanpa kangenangen datan eling, yen kaupaya sasandinira, sang wus antuk ing waruahe, wonten ta malih tuduh, ing pandhita ingkang ngawerit tanadoh kaanan, sedhenging pandulu, ing jagagg ingkang walikan anarawang katon sahananing alit myang kang ageng katingal

Taksih wonten sambetipun

Rikang manulad sing papakem sawantah deraki jaka pranatasidhi

Ing dhukuh Mendhangprawa.

Ongka 54 Salasa Paing kaping 30 Dulkangidah Ehe, 1820 utawi kaping 7 JUli 1891

Surakarta
Kula wisudhan ingkang kadhawuhaken wonten ing pasowan pagelaran amarengi ing dinten Kemis tanggalkaping 25 wulan dulkangidah punika.
Awit saking kapareng ipun ing karsa dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan salowongipun abdi dalwm mantra panumping kalengggahanipun ngabei cucuk ingkang kakarsakaken anggentosi anakipun nama Waneng Prabaa, abdi dalem praira nom kaganjar nama Sesebutan Mas Ngabei Cucuk.
2. Pun Sukarna abdi dalem panakawan karaton kakarsakaken dados abdi dalem mantra kabaytan kabupaten Panumping anggentosi kalenggahnipun bapa ngabei Wongsadikrama ingkang sampun ajal kaganjar nama sesebutan mas Ngabei Mangunsukarna (kintunan).

Kala malem akad kapiengker punika wonten pasamuan resepsi ingkapatiyan ingkang sami rawuh para ruhur namungkanjeng tuwan residhen kanjen gusti pangeran adipati anom Kanjeng gusti Pangeran ARya Prabu Wijaya, militer rekomandhan kadherekaken para opisir sawatawis kanjeng tuwan asisten tuwin tuwan tuwan sanesipun boten kathah, kados naming para pinisepuh kemawon, sasampunipun para ruhur sampun pepak sadaya, lajeng ing ngancarani malebet ing dalem sami amirsani yayasan winangunane enggal sadaya katingal asri gumariing, saha peni tuwin adi ing panggarapipun tumuwuhipun angresepaken dhateng para ingkang sami amirsani, emperipun pandhapa ingkang ngandhap kasantunan baletundha, emper pananggap kainggilaken la karpapanipun bawera dados katingal anjiglak sarampungipun sami mrisani para tamu sami papandhan lajeng kasukan sakendeling beksanipun wiring sarambahan para tamu ingkang nem-neman sami dhansah, kanjeng gusti pangeran adipati anom inggih angarsakaken lalanen dhansah
Bibaripun wanci jams atengah kalih dalu.

Gredhu sangajeng priyembadan bawah kabupaten ageng, dipunenggeni tiyan gestri sampun sepuh: sasakiten sapunika pejah, nangg sampun medal saking gredhu wonten tanggul sangandhap asem sarehning masa benter ngantos garing: pulisi ingkang bawahaken sanadyan caket dalemipun wangunipun kados dereng priksa, sapriki taksih gumlundhung wonten sangandhap asem wau, iyah masangantos samambet rak tumunten utusan nuweni, sampun tuwa tos gananing saya, angger betah tutup grana boten dados punapa, susah manawi dipun ngarah apa makaten
==========\==========
kalian malih teka tumambuh temen ing kiwatenenipun ngriku
jurugubah.
……

Mainipun komedhi kapal sansaya angedab-edabaken bilih tiyang dipunc ariyosi patraping tingkahipun para ingakng sami main anggening anumpak kapal anggening sami jengkelitan pancolotan sasaminipun saestu amaiben mongka lajegn anyipati piyambak punika ingkang wonten naming lajeng samlengeren kadosta tiyagn malumpat anglangkahi kapal sanga, sadangonipun wonten ing nginggil saged anjangkelit kaping kalih kaping tiga, dhawahipun ing siti angadeg, punika punapa boten anggawokaken, mai ing ngriki pitung dalu angsalipun kirang langkung sadasa ewu rupiyah.

Pasamuan Radmider
Tanggal ping 29 Junikang kapengker, sampun angrampungi prakawisipun pasakitan nami sawikrama, ingakng sampun amejahi tiyang nami Karyadimeja carik saminunggil sadhusun ing Puhkonyal kawadanan Dera, margik kdengangan waktu anyidra resmi dhumaten grayatipun pasakitan ignkang sampun kawrat ing Bramartani ongka 50 pinanggih ing sapirksaning pangadilan tatela kalepatanipun pasakitan kawrat ing bab 221 tuwin 242, saking serat angerpaukuman pasakitan kapatrapan nyambut damel paksa naming 6 wulan laminipun.

Pasamuwan Landrad
Ing dinten punika ugi angrampungi prakawisipun pasakitan cinanamilao tingguwan griya kampong cina kitha Ngawi, katarka nyahak piyandel saha samun asring kapatrpan paukuman tatela kalepatanipun pasakitan kaukum 18 wulan nyambut damel peksa.
Tanggal ping 30 Juni 1891, angrampungiprakawisipun pasakitan nami jasena, sangking dhusun Tulakan kawadanan Sine, katarka sakuthumandung baranging waktu dalu sarta anggasir siti, kirang terang kalepatanipun lajegn kaluwaran saha kalilan mantuk ing griyanipun.
Tanggal ping 1 angrampungi prakawisipun 6 pasakitan 1 iradikrama,2 Sadiman, 3 dipadrana, 4, irasemita, 5 sameja, 6 Kramasemreta, ladosan sangking kawedanan Kenthingan tatelakalepatanipun pasakitan ongka 1.2. mandung, pasakitan ongka 3.4.5.6sabiyantu mandung, kapal saking gedhogan ing waktu dalu bab 302 ongka, sangking serat angger paukuman sadaya pasakitan tampi paukuman nyambut damel peksa, kadosta: ingkang ongka 1, kalih tengah taun, ingkang ongka 2 sataun, ingkang ongka 3,4,5,6, wulan satunggaling tiyang.

Yogyakarta
Sawikrama ing dhusun Tangkilan (gamping) katamuwan tiyang tiga, lajeng kasegah wedang, b oten dangu tamu titiga wau sakit wetengipun lajeng pejah, sawikrama ingkang gadhah griya inggih nututi sakit lajeng pejah, kados wedang punika kewoworan wisa, wangke sakawan kaladosaken dhateng nagari sadaya
B.S.

Pawartos warni-warni

Ing Singapura pulisi mentas nyepeng pangagengipung pakumpulan lampah kadurjanan nama Tong Bing, sarta pakumpulan wau sampun sawatawis taun laminipun kabibaraken dening pulisi, awit sampun tatela badhe adamel sumelanging nagari, sapunika wiwit badhe pakumpulan malih, rahajeng selak kadengangan sarta lajeng kenging kacepeng dalah cihnaning prakawis.

Kala kanjeng tuwan Asisten residhen B L Reperiyus jumeneng wonten ing Jember (Basuki) kathah tiyang sami ngaben lembu mawi totohan sarehning kabingahan ingakng makaten punika adamel karisakaning tiyang, kathah ingkang dhumawah ing kamlaratan sarta adamel karisakaning lembu, mila kasukan ngaben lembu kaawisan sanget para botoh sami angresula bab karsanipun kanjeng tuwan asisten wau, awit kasukan ngaben lembu sampun dados caranipun titiyang Jember wiwit kinakemina dumugi sapriki, nanging pangresula wau boten pisan dipun galih, sareng ing mangke kanjeng tuwan asisten pindho sakin gJember, titiyang Jember wiwit angon malih, saben ing dinten senen sami dhaten gngara-ara sacelaking peken salasa, anyanjata ngaben lembu, bilih pikantuk lembu patohan badhe lajeng kabekta dhateng Bondawasa, kaaben wontening ngriku mawi totohan ageng.

Klathen
Minongka sambetan pawartos ingkang kula giyaraken tumerap ing Bramartani ongka 47.
Alkamdulilah, amarengi dinten Setu tanggalkaping 17, wulan Juni 1891 panjenenganipun bupati anampeni praturaning telik ingkang kapatah ambudi katarangan durjana koyok sarta angupadosi guru ingkang sisilih nama gusti Kanjeng Pangeran Ariya Suryengalaga, amratelakaken pangudining katrangan kadurjanan sampun angsal ananging manggening baran gtaksih kasingitdaken patembaya sagah ing telik ing dalem 4 dinten saged mikut durjana

dalasan cihnaning prakawis dene pangeran sisilih samangke manggen ing griyanipun kapala dhusun ing Kentheng Mentul dhistrik TEngaran (Salatiga) ing kabupaten Ngampel sarta pratela ingkang bupati Ngampel amayakaken lampahipun kautus saha amratelakaken gatosing lampah, ingkang bupati sakala tampi paturaning telik smedya nyyarirani pribadi, ananging kapambeng dening punggawanipun sabab dereng tamtu manggen ing Kentheng cekap among nglampahaken cundaka kemawawon sakalangkung bupati trangginas sarrta tumanggah cundaka Klatehen kaandheg wonten kabupaten boten susah tumut tumut manawi kapara yektos pangeran guru sisilih ingkang kaupadosan manggen sacelaking talatah Ngampel mongka kantos boten saged kacepeng dening tutulunganipun rumaos lingsem dhumateng g sasamining kancanipun bupati, awit sampun kasusra bilih bupati Klathen trangginas sarta kawanteranipun sakala bupati ngampel amatah duta pamungkas ambudi dununging guru ingakng sisilih nama pangeran Ariya Suryengalaga.

Amarengi dinten Senen kaping 28 Juni 91 duta pamungkas angaturaken temen pangeran guru sisilih ing ngajeng mondhok griyanipun kapala dhusun Kentheng ananging sampun 8 dinten pindhah manggen ing griyanipun raden Sastradirja gegelengan Karajan kawadanan dhistrik Tengaran sakala panjenenganipun bupati lajeng matah karereyanipun pangat panewu miwah mantra sami wahana turongga agagancangan dhateng tengaran dumuginin gpanggenan sarana pitaken dhumaten graden sastradirja, wangsulaipun boten gadhah tamu, kajawi pbapakipun piyambak anuju sakiti tilem wonten ing Senthongan para wiraduta boten saged anahan ardanipun amakrakkruraning bayaning wikara lajeng dumarojog malebet ing senthong ambarengkal tiyang ingkang apinendra sarana krubut sinjang barukut cekekal ingkang mendhak kapikaget ananging para wira boten kasamaran inggih punika pun durhaka ingkang kaupadosan lajeng kapusarasetwo o wurunggone arep jumeneng……anenging ing yasida, dene ginarebeg para punggawaning tangane karo diinger aneng buri, kagledhah pinanggih panganggenipun dhuwung 3 iji, 1 warongka gandar miwah ukiran sami gadhing, kanamakaken kanjen gkyai Natadlajad 1 sarungan gayaman kajeng tembaloka namaakaken kanjen gkyai Jayakusuma, sarungan gayaman kajeng timaha kanamakaken Kanjeng Kyai nataretna, golok lameng luwuk kanamakaken Kiyai Sumberretkna, wondene panganggenipun timang jalebrah karset saha kalung rante dalah erloji sami kasingidaken wonten sangandhaping patilemanipun sarampunging pangledhah pun durhaka lajeng kaangkataken dhateng ngampel dumugi ning kitha Ngampel panjenenganipun buapti sarta raden ngabei kaliwon sakarereyanipun sami amethuk sang pangeran Ketawan wonten salering peken kitha, sareng katingal pun durhaka dhinabyan gsaking ler punggawa alit datan kenging sinayutan lajeng sami surak mawurahan ure ure ure pangerakne pal suwis kacekel temenananan ure pangern budheng wis kacekel ure pangeran tembelan kacekel sansaya sareng pun durhaka sampun badhe kalebetaken ing kunjara sumbaripun para punggawa alit jare bias ngilang arawis ngilang ngalap jare bias mabur ara mabura ber, jarene bias ambles bumi ara amblesa blest a inggal isin dhek dak entut bae kabur le, le, enjingipun ing dinten salasa pun durhaka kadangu ing panjenenganipun bupati ngaken nama bagus Jaka Bendhul Adi, osman Basah Tejakusuma, Mangkusuputra, Suryangalaga, inggih suryaningaprang, mukir sisilih nama Pangeran , dene anggening bekta dhaten gKlathen dinten Jumungah punika.
Ing wasana pamuhi kula ingpanjenenganipun bupati Klathen sahangampel mugi alulusa bagas kasugenganipun sarira ingkang kalayan santosaning panggalih, tetepa budyayu martotama, amin amin yarabilangalamin.

Sinerat ing Balepita, ring sukra lekping 26 sela warsa ehe sangkala tinengeran luhur sakaliyan sarira bupati
Ki Jaka TUridasmara.

Ing dinten Jumungah kala wingi wanci jam 2 siyang, pangeran ariya Suryaningalaga sisilih, sampun dhateng, jujug ing kabupaten enjing wanci jam 7 ing dinten wau ingakng bupati amatah prayantun sulih jaksa akanthilurah selang saha methuk sang pangeran Ketawan dhateng kadhistrikan Jatinom (Boyolali) awahana kareta pangirit turongga catur, dene angkatipun sang pangeran sisilish saking ngampel dinten Kemis wanci jam 4 sonten lajegn lerek wonten ing kitha Bayalali sadalu, sang pangeran kadunungaken ing kunjaran enjingipun sangpangeran sisilih dipun angkataken medal ing katinom dumugi ning jatinom jujug ing kadhistrikan kapethuk para punggawa ing Klathen sareng sampun lerem sawatawis pangeran sisiloih lajeng kaangkataken malih katumpakaken kareta nunggil kaliyan sulih jaksa panewu dhistrik jatinom sapanekaripun sami kakapalan abiyantu ngiringaken pun pasakitan dumugi ing Klathen, saking Bayalali, mawi pangirit anggen satunggal dene para punggawa ingkang sami wahana turongga amethuk sarta biyantu angering lampah ing pasakitan wonten kalih dasa kapal wah samuwanun samargi-margi dados tontonan sasat jendral cilik –cilikanane ananging sanadyan numpak kareta saha mawi ginarubyug wadya kakapalan manawi tangan kalih pisan kablenggu, kok inggih oten bagus, kocapa dhatengipun sang ketawan mudhun jog saking rata lajeng kaayap para resa kunjara ingang sampun sami suda wonten ing pandhapi kabupaten para prayantun ingkang sami sowan ing kantor sadaya sami medal ing jawi angurmati dhatengipun pasakitan saha lajeng sami ngadhep ingkang bupati ing pandhapi, kathahipun tiyang ika sami ningali atusan wasana ing tembe punapa wontenipun papriksan ambok manawi kula sumerep ugi badhe kula giyaraken ingpustaka Bramartani.
Ki Jaka Turidasmara Balepita.

Udal ing Blabag.
Awit saking cariysipun para sepuh sepuh ing dhusun Gathak Onder dhistrik Prabalingga kabupaten Magelang, wonten sawenehing griya joglo satunggil saha mawi payon gendheng dumunung wonten ing Udal Balabag, punika griya pirantos pasewanipun dhaten gsadaya para priyantun cina, koja, tuwin bongsa kula tiyang jawi pundit ingkang karsa badhe adus wonten ing panggenan udal ingkang sampun misuwur ing saparesidhenan Kedhu. Makaten ugi ing sapunika badhe kula cariyosaken menggah wiwitipun wonten udal punika, gancaripun makaten: wonten sawenehing bekel ing dhusun Jethak ingakng boten tebih saking udal punika sanget melaratipun gadhah rare jaler satunggil awasta pun Songet, kacariyos pun songet wau wiwit umur 20 taun bilih piyambakipun miring ungelin gong salajeng nangis kaliyan asring meling dhaten gbapakipun bilih benjing dpun rabekaken supados bapakipun angrengga-ngrengga alan mawi aha gongsa, saupami bapakipun mangsuli makaten dig awe nanggap gamelan maneh anaha, digenggo madhang bae ora ana, pun songet lajegn nangis boten kendel muput sadinten sarta boten ajrih pejah tuwin boten ajrih bilih dipun gebugi dhaateng bapakipun lo,punika pun songet boten pisan-pisan kendel bilih bapa biyungipun dereng wicanten makaten, yawis ta meneng cep besuk dak tangapake, tawis, punika pun songet saweg kendel anggenipun nangis. Kacariyos lami-lami pu Songet sampun andungkap wanci, 21 utawi 22 taun badhe dipun rabekaken angsal anakipun bekelig dhusun Mungkit sami ugi mlaratipun pramila prajanjinipun dhateng pun songet kala rumiyin sami boten pisan sageda anuruti, makaten ugi pun Songet narimah punapa takdiripun Allah awit pun Songet sampun kathah pangretosanipun yen piyambakipun tinakdir dados anakipun tiyang mlarat sareng andungkap ing wulan ingkang sae, kathahpaa titiyang ingakng sami amantokaken anakipun wonten ingkang nanggap ringgit wacucal reyogan nayuban tuwin sanes-sanesipun, kocapa sareng pun songet wau mireng umyunging ungelipun gongsa sakiwatengening griyanpun pun Songet lajeng tuwuh engetanipun ingkang nalongsa, sanalika lajeng kesah dhateng sabin sarta lingak-linguk wonten ing galengan kaliyan sidhakep bilih tinon saking katebihan kados dening wiyaga saweg anglaras ungeling gongsa, ngantos sadinten sadalu boten kesah saking ngriku, bapakipun lajeng nusul amurih antuk ipun pun Songet ananging tanpa karya awit pun

songet boten sedya purun mantuk ngantos para kulawarganipun sadaya sami nusul ananging pun songet boten pisan anggatosaken wicantening sanak sadherekipun ingkang sami dhateng ing ngriku, ical ingkang poncadriya anggeningaken cipta ana rupa tn dinulu, ana swara tan rinungu, naming angeningaken larsing gongsa, ing nalika samanten ingkang estri maksih dheprok wonten pangkoning raka, kosapa wonten swanten kadya gelap sasra, oter pater aliweran jawah deres tanpa songka, kapita sagunging janma sawatawis dhusun tandang jumujuk prenahing swara.
Taksih wonten sambetipun.
========\==========
wangsulan dhateng E N
bilih tiyang sumerep dhateng papasthenipun piyambak punika boten kalebet anggumunaken ambok manawi dhawah ing papasthen samanen wau sampun kaseja, mongka jalaraning pejah punika tanpa wicalan ananging menggah ngagesang punik ingkang kaprah lumuh sanget dhateng sakit tuwin kawirangan awit kathah kemawon tiyang nema aha dhateng pejah jalaran saking tboen kuwawi nahen sakit kawiranganipun kula nyuwun pitaken kredyat ingkang mangkaten punika awon punapa sae
ngabdul Jailin
==========-========\=
Minangka pasumbang tumrabingpustakawarti yeka kadya ing ngandhap punika candhakipun.
Myang sabarng warna kang kaeksi, sapa ta sira ingkang katingal wangsulena pandulune, iya mamang den mengku, katemu kang amengkujati, rejtaka dadeneka, leyep na ing dulu, away kandheg ing warana, kono sira aningali suksmajati, aneng sariranira. Tampaning sih liniyepken ngaksi, yeku jatimurti aranira, kuneng kang winarna ringreh, wonten ta parbatagung, madyaning ngawiyat goneki, sapta ingkang pawarta, pan minangka paku,papakuning jagat treaya,lawan sapta samodra kang aneng inggil sadaya pan minangka, Papakune sahananing bumi, geni angina lintang lawan wulan miwah surya sakabehe, dewaresi lan eku, myang danawa kang dadya resi, buta kang pinandhita, neng ngriku genipun ing jagad sapta prawata, lawan sapta samodra panggenaneki, dewa maharsigana. Ing luhure malih enggeneki, nenggih sribathara dhardhana, pan nemengku jadaddhewa, yasribathara Wisnu, antarane pradewaresi, luhure enggenira, triatus pandulu,luhure malih tan ana, parane wpapan naming sang batharaji, bang aneng luhurira. Sang hyang wisnuy len para dewarsi, ingakng nganeng ngandhape sadaya, samya angastuti kabeh, pujamantrayaestu, samya nembah yoga semadi, sembah rekkatur marign ing bathara guru,lan wonten marga asimpar, nusup teng anerus pucaking wukir, ingang sapta parwata.
Taksih wonten sambetipun
Ri kang manulad sing papakem sawantah dera ki jaka pranawasidhi
Ing Dhukuh Mendhang prawa.
=========\==========

Ongka 55, Setu Legi kaping 4 kaping 4 Besar Ehe, 1820, utawi kaping 11 Juli 1891

Surakarta
Awit saking dhawuhing timbalan dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan nalika ing dinten Kemis tanggal kaping 25 Dulkangidah Ehe, ongka 1820.
Raden Mas Panji Martakusuma, kawisudha dados Santana dalem riya ngandhap nama kauluwusaken
Raden Mas Panji Dewakusuma, ugi kawisudha dados riya ngandhap nama kalulusaken
Kintunan.

Enggal pnika parentah nagari andhawuhaken dhumaeng para pagnenging kabupaten salebeting punagari, mundhuta terangan pinten katelasanipun waragat ing dalem sataun sasanggenipun dahteng padamelan nagaripara abdi saha kawula dalem tiyang alit punapa dene bongsa sabrang ingkang sami manggen pasiten pakampungan bawahipun para pangageng wau piyambak piyambak kadosta rundha,patrol urug urug margi ageng tumban lisah ting margi ageng
Menggah gatosipun dhawuh nagari wau, gumyah ing ngakathah sami anginten sasanggen dhateng nagari rundhapatrol sapanungilanipun wau, badhe kapundhut nagari, titiyang alit boten susah tumindak rundha tuwin anggarap margi, ananging cekap angladosaken arta sumerep lintunipun sasanggen wau dene kathahing pambayar paos punika dereng kadhawuhaken
Wusana saupami badhe karsanipun nagari mangkaten wau kalampahan anggeripun boten awrat panyangginipun paos ambok manawi para kawula dalem titiyang alit inggih samibingah saha kamayaran saestu badhe rumaos dipun palimarma ingkang mikantuki salaminipun (kintunan)

Rare estri nama pun JInem kinten umur kalih welas taun anakpun bok Suta ing kampong Gandhekan Tengen kala wingi wanci enjing pun JInem tutumbas dhateng peken ageng, sareng mantuks aweg dumugi Ketandhan dipun tututi tiyang estri wancis atengahsepuh, pun JInem dipun cableki kaajak wangsul mangilen sarta dipun wicanteni kathah-kathah, sengkangipun pun JInem ingkang dipun angge punika badhe dipun dandosaken kaagengakenselanipun pun JInem teka miturut kimawon awit dipun sumerepi kanthongipun kebak dipun tangsulikantos mathet sareng pun JInem sampun dipun ajak mubeng mubeng, dumugi sawetan prapatan Cayudan lajeng kendel tiyang estri wau ngulungaken kanthongipun ing sanget antep dhateng pun Jinem tembungipun iki ger dhuwit ku gawakna kope ana kene bae ngentenana aku, kene suwengmu dak dandakne sadhela menyang kauman kono, pun JInem ngulungaken sengkangipun pengaos satus kalih dasa rupiyah, sarta nampeni kanthong kebak tiyang estri lajeng mengaler lumebet ing kampong kauman sareng sampun dangu boten wonten wanggsul pun JInem lajeng kamipurun bikak kanthong punika, adhuh biyung, jebul sanes arta, isi sela ageng kaliyan gondarukem pun JIneman tuk anawung tangis sanjang dhateng tiyang sepuhipun bok suta langkung bramantya ngirid pun JInem kaajak ngupadosi, ananging longka yen kapanggiya (kintunan)

Kala tanggal 9.7.91 kinten-kinten wanci jam 9 siyang, tiyang ing kampong Balong ingkang karan anak pak SEnen tuwin pak Kuncung sami pados kajeng dhatengpapringankuburan ing ngriku,sadumuginipun papringan pak Senen sumerep cuwo enggal malumah celak kaliyan pendheman dipun tuweni katingal isi jabang bayi sabingbingipun nanging sirahipun boten wonten, saeng mundur pak Senen anjumbul awit sukunipun karaos nyenggol anyep-anyep wicantenipun*: kang kuncung, rene ya kang, iki apa lo, apa iki dhase bayi iku,* wangsulanipun pak kuncung: *empere iya, awit ingssuwe iki ora na dhase, aduh bakal nemu apa wongkang duwe patrap mangkene iki,* pak Kuncung kaliyan pak Senen lajeng sami opyak tongga tepalihipun sarta para kiwatengenipun kuburan ngriku sami dhateng, ananging boten wonteningkang ngakeni, wangke lajeng na kubur dening para nglayat.

E pak Kuncung, pak SEnen sarta mas Para nglayat sampeyan punika sadaya pancen saged amuktekaken pulisi sampeyan dene prakawis mekoten kok bacut padha di karampungi dhewe. (kintunan).

Nalika ing dinten Kemis kapengker punika, watawis jam 4 sonten wonten tiyang estri gendhong senik ing nglebetipun isi bagor, lajeng dipun cemplungaken wonten ing banawi bacem nanging sarehning dipun kinten nyalawadi, titiyang ing Bacem ingkang sami sumerep lajeng angandheg titiyang estri wau,sarta bagor ingkang kacemplungaken ing banawi lajeng dipun pendhet adhuh angger, sareng dipun tuweni wonten rare nipun jaler taksih alit watawis umur 16 wulan dipun pitakeni ngaken anakipun piyambak nanging saking kencenging manahipun titiyang ing Bacem tiyang estri wau kedah dipun aturaken ing kadhistrikan kilap kadadosanipun.
Kyai Ngabdul Jailin manawi saking pamanggihkukula kaprekat ing tiyang ingkang mangkaten punika awon awit punapa gatosipun dene piyambakipun amejahi anakipun ingkang dereng lepas ing budikalih dene tiyagnpunika bok inggih kados kula kemawon inggih sampun miring karo mati becik miring waton urip.

Pak GAdhe
Miturut anggeripun kanjen ggupremen titiyang angantosaken dhateng pak Gadhe, wiwit 1 rupiyah dumuginipun 24 rupiyah saremanipun 6 presen manawi gantosan 25 rupiyah, dumuginipun 49 rupiyah, punika saremanipun naming 5 presen ewadene kala winginipunkulanebusbaradhatengpakGAdhe ing SEcaudan, 25 rupiyah ing dalem 3 wulan leeresipun kula naming nyaremi, 3 rupiyah 75 sen nanging pun Cina kula sukani sareman 4 rupiyah 50 sen teka galenggem kemawon sareng kula angsuli kula nyariyosaken bilih arta kula langkung 75 sen pun cina mancereng boten suka, malah kula dipun tantang manawi kula boten narimah dipun purih anggund dhateng parentah, nanging sarehning naming arta 75 sen dados kula lajeng narimah, 6 namung gumunkula punika watekipun pun cina kocar-kacir anggenipun tanpa kogug anjelag artaning tiyang aben ajeng (kintunan)
==========\==========
Sanes anjelag mas sampeyan piyambak ingkang lewat keningg napa kirang titi.
Jurugubah.

========\===============
Ing pabrikipun tuwan Van Kempen ing Voorscoten, ing nagari Nederlan mentas ambabar panyithakipun reca prunggu gambaripun swargi tuwan Y.A. Wilkes ing Surakarta, ingkang misuwur namanipun putus dhateng tembung Jawi,s arta awit saking taberipun saged adamel bausastra tembung jawi wau,menggah reca wau ingmangke sampun kakintunaken sakin gNederlan dhateng ing Pulojawi, katampekaken dhteng putra wayahipun sarta ing tembe lajeng badhe kaetrapaken wonten ing pasareyanipun suwargi tuwan Wilkes wau ing astana Jebres.

Pawartos warni-warni
Sekretaris utusan ingnagari Enggris nama tuwan Maklor, wonten ing nagari Belgradho, dhateng kebon binatang, amriksani liman liman wau lajeng dipun pakani anganan sareng pangan sampun telas liman anedha malih, tuwan maklor boten anggraita eca eca mriksani kemawon liman tan saronta tuwan Maklor pun Candhak ing Telale lajeng kaobatabitaken sampun na selak didipun pitulungi dening para jagimongka kelajeng dipun banting amesthi anggalepung, ewadene naming dipun uli-uli kemawons ampun satengah pejah.

Ing ngriki wonten lalampahan ugi liman saweg uthik gadhing kaliyan kancanipun liman diupn pisah ing ngecis denig abdi dalem srati ingkangjagi,s apisan kaping kalih liman kendel kemawon boten maelu dhateng pamisah ing srati, ngeca eca anggenipun gugujengan sareng tansah dipun cisi rumaosipun dipun arubiru, liman males mrati dipun candhak ing telale, nanging lajeng dipun culaken kemawon saupami boten na makaten amesthi remuk balungipun.

Ing nagari SEmitsildha wonten pikramen ingkang anggumujengaken nona bongsa Enggris ingkang dedegipun naming 32 dim enggris utawi 2.3/4 kaki palakrama angsal propeser armonikah nama tuwan Hendheli ingkang dedeipun 6 kaki, para tuwan ingkang malebet dados saksi inggih beda beda katimbang kaliyan tiyang limrah 1 nama tuwan ubut punika sampun boten gadhah tangan ananging saged tumut amratandhani wonten ing serat prajanjiyan panyepenging pen sarana dipun akep ing lambe, suprandosipun seratanipun sae, 2 tuwan ingkang inggilipun 7 kaki 10 dim 3 tuwan ingkang inggilipun naming 29 ½ dim punika dados kancoanipun dene ingkang ngapit panganten estri,nonah sakalangkung kera, dipun timbangi nonah sakalangkung nama ingkang awratipun ngantos 264 kilo gram wonten malih nama Sitonela warninipun kados Banaspati,menggah kawontenanipun para tuwan sarta para nona wau inggih anggawokaken dene pating talening nanging sayektosipun punika sadaya sami tiyang komidhi.

Dereng kendel karsanipun sang prabu Ruslan anggenipun manggalih wontenipun pranatan enggal tumrapipun tiyang Yahudi ingkang sampun sami kaburak saking nagari Ruslan, dereng angu sang prabu anampeni unjuk pirembagipun para uluning pakumpulan kathah, sarta sampun andadosaken parenging panggalihipun sang prabu ing mangke karsa andhawuhaken pranatan anastokaken sawarniing juru ambombong prakawis bongsa yahudi boten kapareng sowan ing pangadilan anglawan prakawis kadurnan wanerak tuwin para paben manawi tiyang Yahudi katarik utawikasangkut ing prakawis yatra ingkang langkung saking gunggungan tegesipun yatra sadasa rupiyah minggah, punika naming badhe katetepaken kawon pabenipun, awit saking punika titiyang Yahudi telas manahipun sarta badhe sangsara manawi boten oncat saking tanahRusalan.

Gumolonging Raos

Nyonya……..anakipun tuwan…..ing Surabaya, ing kang sampun kuncara sugih sarta ayu ing warni, ngantos dados kondhanging ngakidung para tuwan tuwan ing Surabaya, ananging cacadipun naming samatra, dene dereng nambutsilaning ngakrama, rehne nyonyah wau sampun wanci, sampun watawis taun laminipun lajeng anglebetaken adpertensi ing serat kabar, ingkang suraos supados enggala angsal jodho ingkang timbang kaliyan piyambakipun sigeg.

Ing saweneh ing dinten wonten walandi juru serat telegram nama tuwan….taksih jajaka tur bagus ing warni, mlampah mlamnpahing radinan angenggar-enggar manah,s areng dumugi sangajenging griya pangecapan tuwan wau kendel anaingali serat tutupan ingkang gumlethek wonten sangajeng konten griya pangecapan wasana lajeng kapendhet sareng ngalamatipun dipun tingali ungelipun makaten: SErat katur panjenenganipun tuwan ingkang badhe amengku ing awak kula, tuwan juru serat angunandika salebeting manah, lagi iki aku wruh laying wawarahe mangkena, coba tak bukake pisan areng serat kabikak suraosipun makaten kula punika nama nyonyah…..umur 24 taun anakipun tuwan….ingkampung……rehne kula punika pancen sampun wanci, manawi sampeyan sudi amengku ing awak kula, kula inggihboten lenggana naming sumanggeng karsa, dene manawi sampeyan badhe sumerep ing warni kula benjing-enjing wanci pukul 5 sonten sampeyan tindaka ing tamanaji, ingkang minongka tetenger, dhasi sampeyan rinengga asekara gula pethak dene kula ugi makaten yen wonten ing taman aji sampeyan sampun sumerep warni kula sarta kula sampun sumerep warni sampeyan manawis ami condong inggih dipunlajengaken dados jodho ingkang ngantos kaken-kaken nenen-nenen manawi btoen inggih naming andum wilujeng, wasana semayan punika sampun ngantos balenjani, awit badhe andadosaken cacad sampeyan dene taksih mudha sidra ing ngubaya, tuwan jru serat sasampunipun maos cangkelak wangsul mantuk sarta tansah semu mesem dumugiing griya anjujug ing ngudyana,nglilipur manahingkang kataman turidasmara, labet mentas ningali srat ingkang mawa guna tembung manuhara, dumugining dinten ingkang sampun kat sampun dipun dekeki sekar argulopethak pukul 4 sonten tuwan juru serat dhateng tamani, mlampah-mlampah ing tamangiras angadhang ingkang dados telenging manah, boten antawis dangu wonten walandi dhateng inggih punika tuwan…..juru gubah ing pangecapan dhasinipun inggih dipun dekeki sekar argula petha

ananging tuwan wau umuripuns ampun 32 taun dene tuwan guru ……. Saweg 27 taun dados nama sarta bagus tuwan jru serat tuwan juru serat sareng sumerep walandi dhasinipun dipun dekeki sekar, sakalangkung kagetlajeng pitaken saudara jalaranipun punapa sampeyan ngangge sekar kados kula, sinten ingkang ngaken tuwan Juru gubah mangsuli, kados pundit saudara dene sampeyan taken pangangge kula sekar, temenipun wonten ingkang ngaken nanging sarn serat tuwan juru serat e e tobat jebles temen kaliyankula, mongka kula punika inggih wonten ingkang ngaken ugi sarana serat *tuwan Juru gubah sareng miring cariyosipun tuwan juru serat saklangkung duduka dhateng ingkang suka serat tuwin rumaos dipun aben dene sekar ingkang wonten dhasi lajeng dipun wenyet-wenyet wsana boten saestu ningali ketamanaji ananging lajeng mantuk tuwan juru serat bingah sanget dene badhe angijeni ngangge sekar, kocapa, risang pindha ratih, pukul 5 sasampunipun adus lajeng angadi-adi busana sarta angangge dhasi rinengga ing sekar argulo pethak dhasar ayu ing warni rinengga ing busana saya anggigirisi, asampunipun rampung anggenipun busana, lajeng anumpak kreta ingkang sampun boten nguciwani dahten ging taman aji,adumuginipun tamanaji lum lampah dhart sarwi anata busana pun tindak mangu pindha macan anglih, ciptaning manah* sapa baya sing nemu laying ku sarta banjur anuhoni jangji, boten antawis dangu wonten katebang katebang katingal priya jajaka bagus ing warni, tuwan…..sampun sawatawis dangu angajeng-ajeng dhateng ipun nonah wau,sareng sumerep sumedhot manahipun ayake iya iki sing gawe gonjinge atiku, sareng tempuking tingal kados upaminipun panjang putra tibeng sela kumala sampyar rempu kalihipun tuwan wicanten punapa sampeyan wong ayu ingkang paring serat dhateng abdi nipun ingkang kasmasih ing ngandikakaken nyanyadhang sih wonten ing ngriki, wangsulanipun nonah, inggih sayektos kula, tiyang prak ati, nanging kula gadhah sumelang manawi raga kula naming sampeyan anggep tambel betah awit akng kuciwanipun warni kla, gek kados punapa badhe piduwung kula angladosi tiyagn bagus naming kangge sapanginang, tuwan mangsuli, adhuh gusti boksampun ngendika makaten sinten kula kamipurun anganggep sarta angasoraken sarira sampeyan destun ingkang abdi ambabana kang gge ya dados pamomong utawi panebah pasareyan cekaking cariyos sampun sami condhong, wasana saestu dados bojo ngantos sapirki sampun anak-anak sarta tulus amilulut sih, toblas tuwan juru gubah saiba anggenipun getun mongka pancenipun ingkang dipun sukani serat inggih tuwan juru gubah, rehne kawonem sarta kawon bagus inggihlajeng boten dipun manah, la wong dkok laying we kok glethak-glethek. Para priyantun nem manawi tampi serat ingkang suraosipun makaten prayogi lajeng dipun suwek-suwek kemawon manawi dipun panggih tiyagn mindhak dados rewel
Narawangsa.

==========\==========

Sambetipun cariyos Udal ing Blabag

O, sampun boten kenging karsa Allah tiyang kakalih ingkang nandhang sungkawa wau sami musna, sarta panggenan ingkang dipun damel lenggah wonten songipun angwedalaken toya, song punika kiran glangkung kinten wonten 7, kaki pesagi, ananging toya ingkang medal saking song punika boten ajeg kadhang kawisa dinten boten medal toyanipun boten dangu lajeng medal malih ngantos tiga sekawan dinten inggih punika salajengipun makaten kemawon, kocapa priyantun ingkang kawogan ing ngriku ami sumelang, awit punika song sanget wiyaripun dados dipun tutu ping kajeng blabag mila ngantos samangke karandhusun Blabag ananging tanpa damel sampun pinten-pinten kemawon anelasaken balabag ingkang kalebet wonten ing ngriku, malah kacriyos wonten saweneh ing tiyng saweg anggaru sabin sasampuning anggening anggaru lajeng garunipun wahlembu dipun resiki wonten ing udal ngriku, tan dangu aat ing toya garu lembu tuwin tiyangipun ical kalebet wonten ing ngriku, naming sadalu kemawon toya medal malih sareng kaliyan raru lembu tuwin tiyangipun ananging taksih sami wetah boten wonten tilasipun punapa punapa, naming sampun sami pejah.

BOten antawis dangu bapakipun pun Songet wau ing sawenehing dalu supena, bilih songing toya punika kapurih nutup pana satunggil gong kemawon amasthi wekasanipun andadosaken rejanipun para tiyang tani ing ngriku, sasampunipun bapakipun pun Songet wau lajeng matur dhateng priyantun ingkang kawogan ing ngriku, boten dangu udal aetu dipun tutupi gongsa siyem dene pawartosipun gongsa siyem punika saking pasumbangipun bongsa cina ingkang

gagriya ing blabak lajeng toyaning udal wedalipun pating pendus saka ngandhap cekap kadamel ttanen kocapa par priyantun ingkang kawogan ing ngriku gadhah rembag dhateng babah kapala kampong ing Blabak supados adamea urunan dhateng bongsa Cina, jawi sareng yatra sampun ngalempaklajeng kadamel wragad adegipun griya tuwin kadamel anata blumbangan pesagi kinten-kinten wonten 30 elo wiyaripun,wsana sawek gangsal elo peagi toya sampun medal punapa malih cekap kaamel sabin ananging songipun boten katingalan ngantos sapriki punika. (B.B.)

Ongka 57, SEtu Pon kaping 11 Besar Ehe, 1820, utawi kaping 18 Juli 1891

Surakarta

Kala wingi sonten watawis jam 8 jongosipun twuan Migil Mangkunagaran dipun kengken tumbas bakmi dhateng ing Secayudan anumpak kapal sareng dumugi saleringparapatan ing Ngdikusuman kapethuk kareta andhong saking kidul kapaling jongos gambira bokmanawi ajrih miring swaraning sambuk milapun Jongos bengok-bengok supados kusir andhong sampun ngungelaken sambuk nanging pun kusir bote mraduli malahkapal ingkang gambira wau dipun sambuk sirahipun ther, kapal bandhang wangsul mangaler, sarehning pun Jongos tanganipun ingkang tengen nyepeng apus ingkang kiwa yepeng piring kaliyan tuwung dados inggih ljeng dhawah bleg pun jongos semaput piinuju taksih watawis soten dados lajeng dipun tulungi dening titiyang langkugn kathah, dipun pulasara dipun pijeti dangu-dangu lajegn enget ah gela kula sakedhik dene kusir andhong ingkang damel sangsara wau boten saged kacepeng, hembenjing punapa mantunipun calunthangan para thethekan kusir andhong, sampun pinten rambahan bramartani nyariyosaken bab edaning kusir andhong, ing secayudan sapangilen ngantos dumuginipun parapatan ing ngadikusuman sabenipun manawi jam 8 sonten kathahpara prawira agen ingakng saminganglangi manawi wonten pakewet nanging kok kadi ngaren kala samanten pinuju sepen bokmanawi sawek ngaso.

Oloking lalampahan ngantos anuwuhaken pangungun

Nalikaing dinten Salasa tanggal kaping 7 wulan Besar punika, wanci jam ½ 6 sonten anakipun raden ngabei Atmagrejita, tilar dunya,jalaran sakitpanas tuwin watuk sampun saatawis lami, jam ½ 7, raden nganten Atmagrejita ugi tilar dunya, jalaran sakit sepuh, dados raden ngabei Atmagrejita au, 1 jam kapejahan tiayng kalih, 1 anakipun 2 bojonipun lah saiba raosing panggalihipun mongka aden ngabei piyambak inggih saweg ginajar sakit mangsuli caariyos kula ingnginggil ing dintenipun rebo tanggal kaping 8 wanci jam 10 siyang, kunarpa kalih kaangkataken sareng lampahipun urut kacang, o inggih punika samargi margi tanah dados pangunguning ngakathah, dene wonten lalampahan kados makaten saeng dumugi wonten sangajengan ing Sasrakusuman kapethuk angaktan layon saking wetan 1 dados gunggung 3, angaktan ingkang punika saya andadosaken pangunguning para tiyang, ing baronwonten sawijenipun tiyang estri sareng sumerep lampahipun layon 3 lumampah urut urutan sanalika lajeng bengok nangis panangisipun wau ambok manawi naming saking gumunipun jalaran sumerep lampahan kados makaten, mugi-mugi ingkang kantun sageda anambadani cocobaning pangeran

Pun Bela.

Kudus

Ing dhusun Dawe dhistrik Cendhana (Kudus) wonten wit sengon agengipun saprangkul rebah katrajang inglesus rungkat dalah oyodipun dumugi sapunika sampun sataun laminipun delegingkajeng wau sampun garing, panjangipun 6 elo, nanging dereng dipu nkethok saweg dipun rampali pangipun ingakng ageng-ageng kemawon kala jumungah kliwon kaping 10 Juli punika, wanci enjing titiyang sami sumerep bilih delegkajeng sengon wau ngadeg malih ajejeg malah ngantos wonten oyoding sengon sasisihipun ingkang taksih tumanceppedhot amargi saking adegipun kajeng sengon wau, titiyang pinten pinten sami dhateng aningali sarta boten saged andugi punapa ingakng dados darunanipun kajeng sampun pejah saged ngdeg piyambak punapa dipun degaken inglelembat kados pundit empu kridhasara.

Pabrik lisah petruyliyum ing dhusun Jagir dhistrik jabakutha, sampun kabesmen wondene mula bukanipun mangkaten saben ing dinten ngahad ketel inakng kebak lisahkaresikan dening tukang nyugokaken latu.

Surabaya

Saderengipun wanci jam 9 tukang nyugoakaken latu ingkang nama Sleman ing dhusu nWEdang, basiman tuwin Samina sami ing dhusun Darmaraja, sami angresiki sangandhapipun ketel tilas wadhahlisah latu, ing ngriku ugi katingal taksih wonten mawanipppun sareng kacuthilk inggih badhe dipun resiki,inglebet ketel anyuwara, gludhug-

gludhug sakalalajegn jumebles kados ungelipun mariyem kocapa tiyang titiga wau ingkang taksih sami wonten ngandhap ketel lisah, punika sami kawutahan lisah petroliyum ingkang balabar amurub mulat mulat, sareng kapariksa, ing nginggil ketel lisahingkang baledhos wau wonten pirantos ingkang katingal menga, mila para titiyang sami anginten menggah krodhanipun sanghyang bathara Brahma badhe

Ongka 58, Salasa Legi kaping 14 Besar Ehe, 1820 utawi kaping 21 Juno 1891

Surakarta

Kala dipun cariyosi konca dhusun ingkang sami lumebet dhateng griyaning lurahipun kala garebeg punika kilap dora lan yektosipun kala wulan dulkangidah ingkang kapengker punika, ing dhusun Majasta wonten tiyang sami derep dipun rusuhi denng rare alit watawis umur 5 utawi 6 taun dipun pitakeni bapa biyungipun boten ngaken wangsulanipun Si biyung lagi ider panas karo watuk

Ing banawi sacelakipun kagugnan dalem pasanggrahan ing Parangjara, wonten tiyang jala angsal rare alit dipun pitakeni wangsulanipun samikados ingkang kasebut ing nginggil wau, e, e, punapa punika sadherekipun rare ingkang kalebet ing jala wonten ing banawi jurug kados pundiempu Kridhasara sampeyan ingkang tukang ngudhari gugon tuhon.

Yogyakarta

Kala dinten Kemis paing tanggal kaping 2 Juli punika, wanci jam 11 dalu griyanipun mangun Pawira ing dhusun Mingin Gudheyan (Suleman) kalebetan dursila kecu watawis tiyang 12 lebetipun boten mawi dhodhog kori, jalaran sampun sami sumerep bilihMangun Pawira tilem ing pandhapi, ingkang tiga jagi Mangun Pawira anggenipun tilem ingkang sanga lumeebetipun griya nedha konten sarana ulus suwara mindha knag gadhah griya, sareng sampun dipun wengani konten lajeng sami sareng wicanten asu celeng asu celeng, saha mendheti barang sawontenipun utawi celeng asu celeng, saha mendhet barang wontenipun utawi mlathok grobog angsal-angsalanipun kecu warni barnag gunggung pangaos f 176,75 sen

Lampahipun kala badhe ngecu wointen ing wradinan kaur dahaken dening konca patrol sumaur saha murugi lajeng ngebat canggah kagebagaken sarosanipun paman patrol tiyang sakawan sami lumajeng jalaran sangt ajrih temahan boten purun cerek-cerek para kecu wicanten makaten wong arep golek golek nganggo disapa.

Unduripun saking griyanipun Mangun Pawira para kecu wau oboripun teksih kaconcong kemawon kocapa wonten samtunggal tiyang kanthi anakipun jaler griya ugi tungil dhusun Mingin badhe nglembur eleb sabinlampahipun dereng dumugi sabin mireng swara dhag-dhog manawi punika la pamlathoking grobog wau, boten dangu lajeng sumerep padhang-padhang sulaking obor, lajeng gadhahpanginen manawi dhusunipun wonten griya kabesmen manahipn boten sakeca bokmanawi griyanipn ingkang kobong, anakipun lajeng dipun ajak mantuk dilalah kapethuk lampahing kecudipun kintn tiyang mantuk saking pabrik kecu boten saronta awit gadhah pandugi punika katiyang tandang, lajeng dipun ancari waos padharanipun andhawah, anakipun sumedya kiwul dereng ngantos namakaken dadamel lajeng dipun pedhang kenging baunipun ingkang tengen ugi lajeng dhawah kecu lestantun lampahipun lumajeng mangilen.

Ugi sareng sami sadalu ing dhusun banthengijon (Suleman) wonten dursila pandung kabujeng mlajeng ngetanpulisi ngijon bujeng ngetan pulisi gudheyan bujeng kecu wau mangilen pulisi sami pulisi benthuk kecu utawi pandung sampun bablas para pulisi kendel anentremaken ambeganipun asami ngungun icaling durila, kocapa wonten tiyang 40 sami pados rapak tebu, sareng sumerep manawi wonten pulisi ingkang sami bujeng kecu, tiyang kawandasa bibar lumajeng, pulisi sareng mireng palajenging tiyang kathah dipun dugi yen punika kecu wau tiyang lajeng dipun cepeng dening pulisi, kilap kadadosanipun prakawis kecu pawartosipun sampun kacepeng, saking atur dakwa pramaneming paman patrol pulisi lajeng nindakaken gledhah angsal barang mongka kacihna warni waos tumbak sampun kapangih dipun petak sangajenging griya kilap salajengipun.

Katandhan Atmajumna

Wonten rare jaler wanci 18 taun baud ngapusi tiyang sepuh wanci, 45 taun kados pundi sakawawitipun anggening nandukaken kados ing ngandhap punika.

Kala dinten malem slasa kliwon tanggal kaping 30 6 91 bekel dhusun Cepuwa tubrub (Kalasan) nuju preti dhusun ringgit tan ngundang dhalang nagari ingkang sampun kasusra baud mayangipun ringgit utawi gangsanipun sae, inggih punika ta sana mangkusuman (Suryanagaran).
Ing sabibaripun nginggit dhalang kaliyaniyaga mantuk rumiyin gongsa utawi kothak dipun tilar, dhalang eau antuk ipun numpak kapal sareng dumugi pasanggrahan gowok kapethuk tilas rencangipun nama pun bendhul ingkang wanci, 18 taun wau, dhalang taken kowe arep nyengen diwul wangsulanipun dhateng sambilegi, saha pitaken tindak saking pundi lurah, dhalang saka cupu watu bengi mau mayang, dhalang terus mantuk bendhul terus mangetan sareng dumugi Sambi Legi sumerep grobag ngemot gongsa lan kothak pitaken mangkaten dhateng paman grobag pak pak niki gangsane ta sana, sampeyan endhegake riyin kula ajeng mendhet gender, paman grobag magnsuli mangkaten lomendheg mendheg kapriye, gender arenkok pakake ngandhap kula niki di kengken lurah kula dhalang mantup dikengken nyambut gendere ta sa na, ajeng di angge mayang mangke bengi, kula wau empun nembung kalih sing duwe banjur dikon jupuk mawon kothak utawa gamelan tasih enten buri, paman grobag e iya ta ye mangkono dadi wis terang karo sing duwe, jeneng mu sapa gus dadimengko tutur ku bisa genah, bendhul la enggih sampeyan blaka mawon gendere di pendhet si bungkik rencange dhalang mantup criyose sampun nembung kalih sampeyan ngoten robag lajeng kaendhegaken bendhul amendhet gender lerehing bango, groba terus lampahipun sareg dumugi griyanipun dhalang kothak gongsa kapasrahaken nanging gender boten wonten dhalang pitaken rumaos dipun tembungi sarta dereng sumerep wujudipun bungkik paman gorbag ugi dereng nate sumerep dhateng rare wau, karampunganing dhalang paman grobag kapurih mantuk nanging robag dipun ken nilar salembunipun minongka lintuning gender, paman grobag miturut kemawon grobag puika la kar dede gadhahanipunpiyambak antukipun paman grobag jujug kadhsitrikan pratela kawontenaning lampah, dhsitrik anglajengaken katur dhateng pabrik awit grobag wau kagunganipun tuwan Pabrik tuwan lajegn epiot dhateng kantor kanjeng parentah enggal dhawuhaken dhateng pulisi ageng raden tumengung Suryanagara, ingkang bawahaken pakampungan mangkusuman wau enggal ing cariyos grobag lajeng kawangsulaken dhateng ingkang gadhah.
Let tigang dinten bendhul sampun kacepeng lajeng dipun sengkeri wonten kadhistrikan arjawinangun gender sampun kapanggih nanging tksih wonten ing ngepakan kagantosaken 14 rupiyah pun bendhul kala gantosaken sing silih nama malih, ngaken pun sukarja rencangipun dhalang Gondawasita ing sambilegi, prakawis wau aksih kagarap wonten kadhistrikan kilap karampunganipun.
Bauwarta

Rembang
Ngajengaken weksasaning taun 1890 ratuning juru salingkuh apyun inggihpunika babah Lomtoksing, kuwasa pak Rembang kala rumiyin misuwur namanipun sae sapunika misuwur namanipun awon atilar glanggang colong playu, boten kadugi anambadani prakawisipun miruda saking balegriyanipun amargi sisinglonanipun kadengangan dening bupati ing Rembang, sarta konangan anggenipun andhelikaken apyunipun ingkang sami kasingidaken dening para pitadosipun sarta apyun wau lajeng kabeskup sadaya, kapanggih:

1. kapendhem wonten ing redi bonang …….50bleg
2. kapendhem wonten pakuburan jangkungan dipun wor kaliyan wangke ingkang mentas kapendhem wonten ing karasanipun wangke wau 40 belg
3. kapendhem wonten ing dhusun Cangkan 25 bleg
4. Kapendhem wonten ing pulo suwung, nama pulo agung saking pitedahipun Amtenar apyun 46 bleg

Gunggung 151 bleg

Sablegipun isi 20 kati x 151 = 3020. kati, sampun saestu bilih namanipun bupati ing rembang misuwur ing sapulo jawi, pangdi pangungsed ingkang ngantos anjalari makaten wau, punika pantes dados tutuladanipun ingakng pinatah angasta sarta ananggel tata tentreming nagari.

Pathi

Pabrik rosan ing Kelaling (Pathi) rosanipun boten mawi kagiling ing slender kados salimrahipun nanging dipun tugel tugel kados upaminipun karajang, rajangan rosan punika lajeng kagodhok ing kawah, bilih toyaning kawah sampun umob gendhisipun menep mandhap rosanipun kumampul sampun dados gabeng, angsal-angsalanipun bilih 7, 8 dhacin rosan dados 1 dhacin enmdhis dene manawi kagiling, 14,11: dhacin rosan dados 1 dhacin gendhis dados kaot 3 dhacin.

Jepara

Pangadilan ing ngriki ing salebetipun taun 1890 ingkang kapengker mentas angrampungi prakawis raja pejah, pasakitanipun namung kapatrap-atrapan krakal laminipun 6 wulan, turutipunmakaten pasakitan punika, wanci dalu nuju kesahan sareng mantuk amanggih semahipun dipun keloni ing tiyang, pasakitanlajeng mendhet gandhen sirah ing tiyang ingakng ngeloni semahipun lajeng dipun gandhen ngantos pecah daledeg polonipun sampun saestu boten nedha toya, tumunten pajaleranipun tiyang punika dipun iris thel lajeng kaladosaken dhateng ing parentah kangge cihnaning prakawis aturipun semah kula dipun remenin tiyang tiyangipun sampun kula pejahi, kula gandhen siahipun ngantos remuk pajaleranipun lajeng kula kethok lah punika warninipun kula damel cihnaning prakawis jer punika ingakng marahi edan.
Dhawuh ing karampungan pasakitan anggenipun mejahi tiyang, kaleres luwar saking serenggan nanging anggeganipun ngethok pajaleraning bangke kapatrapan paukuman krakal 6 wulan.

Pawartos warni-warni

Ing Kandhah wonten saradhadhu jawi gadhah Bojo remenan kaliyan tiyang Bugis bugis punika dados madharan wonten balemarta, saradhadhu wau nuju jagi ngriku sumerep bojonipunmedal saking panggenanipun Bugis bojonipun lajeng dipun srengeni kathah-kathah dipun butajengaken dhateng Bugis bojonipun lajeng nangis bengak-bengok bugis sareng mireng panasgising estri punika lajegn cekak napasipun medal ing jawi ambekta bothik sarta penthung, saradhadhu dipun suduk ing bodhik wetengipun ngantos kacep lajeng dipun penthung rainipun ngantos remuk saradhadhu ambruk boten enget bugis lajeng kacepeng ing kathah kalebetaken ing kunjara, saradhadhu sanget anandhang tatu kalebetaken ing balemarta, dere kinanten pejah gesangipun.

Ingparesidhenan Prayangan nalika kaping 2 Juni kapengker punika katrajang ingprahara sarta lajeng jawah deresa uwhaken lepen lepen sami banjir ageng griya griya kathah ingkang rebah wiwitan kathah ingkang sol kadaungt dalah oyodipun payoning kareteg ing cipala sari kabur dening lesus.
Ing Cirebon makaten ugi kambah ing prahara ageng sarta jawah deres ing dhistrik Ciyamis (Galuh) lepen lepen sami banjir ageng pinten pinten pasabinan ingkang sampun kataneman pantun risak dening toya banjir wau, kareteg sangatuwin urung-urung sakawan inggih sami risak dening toya banjir wau, wotnen malih karegeg kalih sami keli punapa malih margi ageng prasasat risak sadaya, kalen-kalen sami torugan.
Ing siti rari sarta siratsari pakopenipun sami risak sadaya, malah wonten siti ingakng ambrol kala banjir malindhas kantun dhasaripun padhas kemawon siti wau inggih sampun kataneman kopi.
Ing Cikalombe, dhistrik Kuwali (Galuh) pakopen kagunganipun kanjeng gupremen ugi sami karisakan sarta ugi wonten siti ingkang ambol katut dening toya banjir wau, wonten tanemanipun kopi 600 wit.
Nalika kaping 24 Juni kapengker punika ing kitha serayu wonten griya kabesmen cacah wuwung telas griya 50 nanging kathah griya welit kapitunan wonten 3695 rupiyah.

Nalika kaping 28 Juni kapengker punika ing Buleleng (Bali) wonten lindhu, dangunipun 2 senkon ebahing siti saking kilen mangetan.
Nalika kaping 2 Juli punika ing tontuli (Selebes) inggih wonten lindhu, ebahing siti saking ler mangidul getering siti ngantos sawatawis dangunipun.
==========\==========
Kridhasara: kula nyuwun saserepan tegesipun tembung jumblang, punika tembung punapa, utawi tegesipun punapa 2 congkok ugi tembung punapa, utawi tegesipun punapa.
2 bab kasebut ing nginggil wau, mitra kula mugi karsa apapring barkah dhumateng kula, ah saibaneh
==========\==========
Katur mitra kula Kridhasara

1. Pangkur purwa kaninggita, pinandara pamujar jamawanti, wimba sing ening ing kalbu, sanitya salumayan parabe sang warangkaning kresna prabu, yayah uda keng udaya, saking mitranta pun manis
2. Mudhaparikrameng wredha, ingkagn ansah manawung driya wingit mangu-amngu amangunkung, dyah rarasati suta, tamama mrih tawon geng asrameng lebu, katura sumitra kula, sang kridhasara wawangi.
3. Kang ambeg tyas martotama, Kertataring pangolahing lulungit mardawa laguning tembung, bangkit ngenaki mitra, pantes dadaya darsananing para anung, babo banembanign ji sumitra sumitra terus ing budi.
4. Tumuse ngasturi ngambar, basaningkang pakartining maharsi, sun pupuji sitraningsun dhangana kang wardaya, paribasan panabda kanthi mlasayun ambanyuwun pitulngan mugi karsa aparingsih.
5. Saron teng mongka manggala, sanadyana amung sapele nanging, dadya giyuh kirengkalbu, inggih punika mitra yaksa dewa pambajengalengka prabu, dhuh wiwit kala punapa, gongsa sakatieng masjid.
6. Paraping cala juwita, kunir pita igkang timbul wonadhri, lah saiba sukaning sun sun suwun muga muga, kaparenga aparign jalering kalbu, baya wus tanpa wangenan yenpadu ka aparing sih
7. Talaga kuncatan toya, sassat taruma ngarang antuk riris samantara semi suhun ngreteg tumruna sumyar, rasanign tyas lamun sinambadan kayun marma dreng panyuwun kula, mugi karsa aparingsih.
8. Titi sampurneng panitra nuju wimbaning kan gpancara sidhi, parap sang ngawongga sunu, besar ehe kang warsa, sinengkalan boma paksa ngesthi anung, saytengkagariing yayah.

katandhan Kula pun Manis
==========\==========
Triwara pasunggung munggweng wiyatanjrah.
\\Triwara\\ Lwir Bramara, mrih maduning sari, denya mardi, widadeng kadadyan dadya ngapus lampateng reh, sambe kaleng tumuwuh, kang kasrambah ing ngariratri,lumrah ing jaman mangkya, kang kaprah kalakuwijah-wijah tamah, anggep pindha, pandhita mudya semadi, tarwrin yen sandibaya. Ubayane sok ambalenjani, nora paja, lan pangajapira, puwara ring tyas ngaleh meprah, yen tan sambadeng tanduk yekti kaduk kadadak dadi,sahardi geng mangrebda, tanpandak-panduk tanpa dadya ing Budaya, anirdeya, kawidayanign dumadi muhun rada pinudya. Yen tar mandayeti dadi, papancadan dursaneng kasidan yen tan kasiden tindake, dumadi manrangkewuh, wit kewean wenganing ngati, tumitih laksi ngraja, tmah nimpang nempuh, ing papan kan gamrih suka, nora wikan sisiku sinengka saking, kabekatri prakara. Nahenta reh ing sasiki-siki, kang kariyin kareming wanita, kapign ro karema date, tri ngaboto taniku, dha dha dha dha: maksiyat katri, kang kalebu utama, karemadhoniku, sabarang kudu sambada, badan budi, ananedya nguciwani, ing smu mring

sasama, Sumimparing pakarti mrih pokil sanalika pan katon barangkal miwah lungka pangrasane saking brongta ingkalbu, matabari kalising kasil sarta narik paedah, dwi prakara iku, siji betah cenggah pangan nora angger kalebu murih malenthing, ing wadhuk daya-daya. Sarwa sabar mring sabarang bukti, tumaninah ing tyas tan karenah, amung nedya ayu bae, sumuking tyas kadulu, , dyas mikane asemu wingid mingis mengesinitya, nitya sasa arju, tondha raharjaning driya, nora konus kanis mayaning dumadi, mrih darda kawidadan. Sanggya satya, parawanudyadi, kang pinudya ign dalulan rina, rinowang kurang mangane, pinres sajroning kalbu, sumbalaning ngalaga lagi, supadya kalegana, legutaning kayun malagi sae kapraya, akayaha, arya dhananjaya nguni, duk aneng ngendraloka. Rinumpakeng para widhadari, ing nascaryan anncaryeng kalangyan tan kalungan kalulute, lumeket tumaruntun katanggapan sesthiningkapti, katamantya sasusanta, myang manising tembung, tumambang telebadriya, kaninditaning dyah datan nguceng wani, cumadhang ing sakarsa. Tan sawala lumawanign kapti, kaping rone betah cegah nendra, nora angger turu bae, mawa masa yen turu, lan tinbasa laliyen guling, dhela dhela dhatdhatan sarta tanangep luk tan lumuhan tan sungkanan samubarang kudu resik kudu becik ingkang tumrap ing badan. Murih katon jelarat jalirit ambelancar lelancur lancaran rityas wimbuh kasurane ning susila siningkur, wus mangkana wateking ngestri, dene ping kalih ira, madat watekipun akeset ngepluk sungkanan aranging kang bregas trengginasing kardhi, wit warih werinira.

Sambungipun taksih wonten

Ringiketri sang damakumawi, widyakamawa

Ing Bukit Kadilaya.

Ongka 59 Setu Kliwon kaping 18 Besar Ehe 1820 utawi kaping 25 Juli 1891

Pawartos kawat

Ing tanah Arab bawah Yaman ing mangke katuwuhan aruhan ingakng andadra saha anyumelangi, jalaranign awit kirangig bondha ing Praja Turki, mongka prahimpuning para sugih, Bangotoman sungkan amitulungi, awit yatra kartastarki boten pajeng.

Jalaran gerah sampun kaparengaken pamit kalih taun laminipun dhateng Eropah, panjenenganipun tuwan Bogar, sekretaris ing Pakalongan ingkang kakulawisudha, anggetnosi panjenenganipun tuwan Dheskeper.

Kapareng rerehing pasuwitanipun kanjeng tuwan Mullemster, residhen ing Yogyakarta

Seda Kanjeng tuwan Eting, residhen ing Prayangan

====\==========

Surakarta

Kala malem Kemis tanggal kaping 15 wulan Besar punika wanci jam 2 sonten kanjeng pangeran Arya Suryabrata II seda, jalaran gerah cekoh akaliyan panas sumare ing ngastana Kuwangen nunggil ingkang rayi Bandara Raden Ayu Suryabrata putraninpun kanjeng raden Adipati Sasranagara, menggah parengganing layon sakalangkung semuwa, kanjeng pangeran Arya Suryabrata punika misuwur sugih pawong mitra, karambah ing patepangipun kaliyan bongsa sabrang, jembar kawruhipun.

Mas D.J. ingkampung Kanggotan bawah kabupaten kapara tengen Dremba dhateng Lombok Jemprit tadhahipun sadinten pangaos tigang dhuwit bilih nedha sanadyan ulamipun kathah sarta warni-warni wah eca, manawi boten wonten biyang jemprit inggih boten siyos nedha, lajeng andrewili srengen dhateng bojonipun makaten malih manawi dipun ulemi tiyang gadhah damel mongka ingkang ngulemi wau dereng sumerepa karemanipun ingkang tamtu boten dipun cawisi sambel jemprit inggih boten dipun dhatengi, dene ingkang sampun sumerep panyegahipun inggih dipun cawisi jemprit satengah beruk namung ingkang anggumunaken manawi anglesabok Jemprit punika boten katingal angeses utawi ambrebes mili, tuwin salaminipun boten nate mules punapa malih.

Kojahipun tiyang ahli tani, nedhengipun badhidhing ing tanah jawi punika saben sampun ungsum sekar turi, sekar karandhang karuk randhu sasaminipun witwitan ingkang sekar ing masa asrep tengeran makaten wau salaminipun sampun kaangggep leres awit boten nate cidra, kados dene yen badhe nananem: mawi angyektosi lampahipun lintang lintang rumiyin ewadee sapunika sampun kathah malesed dipun tandhani pun sapunika dereng wonten sekar karandhang sami mancungul saben dalu asrepipun anglangkungi, ngemperi anginipun masa katiga, ngantos para kulina angliga awag sami boten purun pisah kaliyan rasukan, sumongga para saged sami kagaliya, menggah kawontenan ewahipun masa wau kados pundi.

Tiyang alit ing Sima Walen: titiga, nuju malebet garebeg wanci sontening nis wonten prapatan ing ngadikusuman tumunten wonten congsun medal saking bango, sampu dangu anggenipun umpetan wonten ing ngriku,lajeng galedhah anggogohi kandhutanipun titiyang wau kininten bekta apyun peteng, nanging boten angsal sarta tiyanglajeng dipun ken kesah, inggih lajeng kesah wangsul dhateng pamondokan dumuginipun ing griya sami kaget yatranipun sangu tur yatra pecah musna saking kandhutan boten wonten ingkang kantun saigar igara daya deya kathaha, namung kalih wang, kalih teng akaliyan sakethip makaten ing salajengipun para congsun wau anggaledhahi kandutanipun titiyang dhusun ingakng sami langkung wonten ing margi, malah boten namungmakaten kemawon sampun lami wontenipun lalampahan makaten punika, kathah bakul estri katiwasan saking pandamelipun congsun dipun galedhah kandhutanipun sajatosipun anggelap yatra, sami angatos-atosa para tiyang ing pakampungan sapunika pancen kathah congsun tiron para cina ingkang kikirangan asring sami anempuh byat inggih sangsal-angsalipun pramila bilih wonten lampah kados makaten malih, prayogi diun ayonana, sineksenan ingkathah sarta lajeng sami angirida cina saha cihna bektinipun pindah, kasowanaken dhateng ngasistenan.

Kintunan.

Yogyakarta

Sarehning dipun galih bote amigunani, pramil aing mangke lampahipun parundhan tuwin patrolan badhe kadhaahaken suwakipun, dados ing salajengipun para tiyang kampung boten kaecakan ing parondhan tuwn patrolan punapa malih kapundhutana yatra panebasing pandamelan wau, dene wontenipun lampahing parondhan tuwin patrolanpunika badhe kasaggi nagari piyambak.

Saking dhawuh dalem panjenengan dalem kanjeng tuwan residhen dhumawuh dhateng sadaya parapulisi sakaresidhenan Yogyakarta, manawi wonten tiyang ingkang kekesahan awit ing wulan punika prakawis serat pas kawuwak nadyan dhateng sanes nagari kalilan tanpa serat pas nanging kedah kainggahaken ing regester, nama: panggenan dinten tanggal wulan taun utawi kang dipun jujug ugi katerangna nama lan panggenanipun wahyaning dhawuh ingkang makaten wau estu sampun dipun panggalih kalayan pratitis inggih punika tondha sampun wicaksana.

Ki Sudirabrata.

Ngawi

Pasamuwan landrad ing dinten Senenkaping 13 Juli punika, sampu angrampungi prakawisipun tiyang cina pasakitan nami Jogeo, kaukum sataun nyambut damel paksa, amargi nyahak piyandel.

Pasamuwan rad mider dinten rebo kemis tanggal 15 16 Juli ugi, angrampungi prakawisipn pasakitan nami Semeja sarta Kerta sentika ladosan sangking kawadanan Jagaraga, sami katarka ambegal saha sabiyantu ambegal pasakitan ongka 1 kaukum 18 taun ingkang ongka 2 kakum 3 taun.

Lelang, ing diten Isnen kapengker punika (20 Juli 1891) tiyang Arab sampun anglelangaken daganganipun kapal sabrang wotnen ing nrgiki, pajeng 11, iji regi f 1150 dados kapetang racak satunggal regi f 100 inggih kalebet sedheng.

Sasakit dhuh lae gusti kang murbeng tuwuh, panggresahing ngakathah jalaran sasakit sansaya ngrebda, sanget ababayani, kathah ingkang dados tiwasipun jalaran sakit benter sarta madharan lagehaning sasakit wau agegirisi, purwanipun benter atis saweg megeng-megeng lajeng katrajang sakit madharan sarta murus toyanen ing salebetipun 12 jam bilih katalompen pangupakaraning jampi, masthi anjalari wangsulipun ing jaman kalanggengan.

Sakit ingkang mangkaten wau, wonten kathah ingkang waluya dening dayaning kukuscandu sarana kaseret inakng kapara kaduk ngantos mendem ananging lo kedah weweka, candu punika peet ingakng istijab bilih ponang sakit oncat pu candu lajeng manggen dados amburu mur, kelangan dhapur.

Kridhaning awa ing mongsa punika saestu boten sakeca, tumraping awak bilih wanci siyang sanget benter, ing dalu sanget atisipun sumawana hyang bayu tansah angidid rinten dalu.

Prasaja.

Surabaya

Rama kaji, T gadhah sambutan dhateng toko, saben dipun tagih dening juru ngubengaken rekening tansah angesahi, utawi umpetan sanjangipun ingkang estri, layar dhateng Singapura, utawi kesah dhateng peken ngantos dheklok juru rekening anggenipun madosi rama kaji boten nate saged kepanggih, saehning sampun tita boten saged kepanggih, sarta tuwan toko inggih sampun nyatakaken piyambak dhaten ggriyanipun rama kaji inggih meksa boten saged kapangih tumunten panagihipun kapasrahaken dhateng juru prakawis. Boten antawis dinten juru ngubengaken rekening kepapag kaliyan rma kaji wonten ing kampung sasak dipun pitakeni prakawis sambutanipun dhateng toko, wangsulanipun benjing abis bulan kemawon dipun bayar sadaya, juru ngubengaken rkening mangsuli, saesampeyan bayaraken dhateng parentah, awit sambutan sampeyan sampun kapasrahaken dhatengjuru prakawis rama kaji, amalenggong, toblas anggening saged ubeng ngubenganeh, punapa manawi sembahyang inggih ngical

Warni-warni

Ing tanah Brasilie nalika ngrombak beteng kina nama Sanonto bo ing Riyoyaniro sangandhaping beteng wau katingal anjembelong, sareng tinupiksa pinanggih kulahan apanjang, isi rajabrana wonten pethi kathahipun 112 iji, sareng kabikak katingal sami isi yatra mas portegal sareng kapetang gunggung 70 yuta prang, sarta lantakan mas kapetang wawrat 945 kilogram punapa malih barang adi adi babakalipun sami emas sadaya, tuwin sosotya ageng-ageng sarta warni-warni kathah pangaosipun.

Dereng lami ing kitha Barlin wontensawenehing juru anglampahaken telepon saweg anempelaken cangkemipun ing lomponganing pirantos badhe wicanten kasarengan awaning baledheg awor ing telepon amargi nalika punika nuju mendhung kathah galudhug tiyang punika ngantos kontal saking panggenanipun ngadeg dhawah ing siti ngantos kados dipun banting, ing kitha paris inggih angawartosaken mentas wonten kalampahan makaten.

Awit saking punika adamel tantrim saha aliting manah kipun para juru nglampahaken telepon awit sanadyan ing panggenan dunungipun terang galindhang inggih badhe boten sumerep bilih ing panggenan sanesipun nuju mendhung sarta kathah galudheg.

Inspektur ing kitha Barlin nyuwun kendel anggenipun abdekaken ing ratu, seleh kalenggahanipun amargi saking lema boten kongang anggarap padamelan bobotipun tuwan wau pinanggih 3888, pon sukunipun boten kuwawi anjunjung adeging badanipun iba anggenipun remen tileman.

==========\==========

Ing bramartani ongka 49 wontenpanjurungipun pak Srudug suraos pitaken dhaten gkridha sara bab leresing panyerat 1 kunca dodot 2 konca rencang, 3 untakewan 4 onta raosing toya, punika andadosana kawuninganipun pak surdug tetembungan wau menggah ing panyerat leresipun mangkaten konca rencang utawi konca dodot punika sami kemawon dipun serat konca, unta kewan utawi onta raosing toya, punika sami dipun serat onta, ananging menawi kuncung boten dipun serat koncung, ingkang mangkaten wau bokmanawi wonten wadosipun (Gunakartika) kajawi saking punika pak Srudug pakintun sampeyan honggrongtik tyas dhateng kridhasara sampun dipun tampeni sanget andadosaken kabingahaning manahipun awit saking punika mila dedegipun kridhasara wewah sakedhik yen mangkaten tekak siden sanget tepang lan sampeyan kridhasaa karem onggrong, pak Srudug jurugan onggrong, gujengan lo,s ampun duka nun sarehne lami nun boten pinanggih nun

Bayesing buyung, pak Grubyug.

==========\==========

Jaka Suyatna pitaken sampeyan bab tembung, 4 bab sarehnign sampun sawantawis lami sarta dereng wonten ingkang karsa paring katrangan manawi andadosaken kapareng tuwin crendhuking pamanggih kula ingkang badhe ngaturi katranganipun ing ngandhap punika sampeyan tingali.

Tembung rangu-rangu akaliyan mangu-mangu

Tembugn papacak akaliyan papacuh, punika kados pundi bada tuwin etrapipun tembugn wau, wangsulan kula sadaya wau sarehning rada kakecapaken saestunipun inggih beda etrapipun menggah bedanipun makaten rangu-rangu punika tembung kriya, tegesipun pratingkah ing badan ingakng boten kamaha, mangu-mangu punika inggih tembung kriya sakinglingga mangu, tegesipun pratingkah ingakng dereng tamtu, sanadyan sampun katamtokaken dhateng ing pundi badhe purugipun ananging wotnen ingakng anjalari boten saestu, (katebihen) Adiguna makaten ing pamanggih kula, dene papacak kaliyan papacuh sami lingga andhahan ananging kenging pinisah tembungipun papacak dados linggga andahaning lingga andhahan papcuh,daya wacaka, sangking pacuhan makaten malih menggah panyerat kula kebon kaliyan kebo mawi panambang ing punika, na gondhelipun inggih lula beda, kebone sangking kebon kebon sangking kebo makaten panyerat kula leres punapa lepat manawi taksih lepat kula nyumanggakaken mengggah leresipun yen sampun kagalih leres sadaya kula saosaken sampeyan kanggeya tetali panancanging pamitran sae, sami wilujeng

Ing Ngreden Kebonsari tanggal kaping 20/20 11
Ki Parungsari, IndhoPanitisara
==========\==========

Widyakerata, sampeyan boten anyondhongi jawab kula dhaten gsedya tama amargi laraping kajengipun boten saged gathuk rujak sasekecanipun sedya tama budi teges kula suka cublikan buk. Punika leres kimawon anggen sampeyan boten anyondhongi, awit sampeyan boten saged dhateng candra sangkala, saupami sampeyan sageda amesthi boten nampik dhateng panjawab kula, dene anggen kula anjawab dhateng sedya tama mangkaten wau, punika amung gula pirit saking seratipun sedyatama, suraos nedha sumerep piridaning candrasangkala, kados ta latu kadamel watak tiga punika kapirit saking punapa (boten nedha teegesipun candrasangkala) lajeng kuls esnhduli kspitiy dskinh dotoyinh lsyu yihnh ptskseid yoys kspitiy sdslih yoys ksesn ptskseid psnfhiys dskinh trdi zpipiyu (Bahmana saking pandhita sabrang wowonyu (*) gajah kapirit telalening gajah kados naga, naga kapirit saking bumi pipitu kawolu naga kangkonga bumi, lo ak sampun wawaton kawruh yekti ta she, teka sampeyan wasatani boten gathuk punapa sampeyan saged angwontenaken soroting latu langkung saking tigang warni, toya jawah boten saking langit punapa sampeyan sumerep aslining toya ngkang saprakawis dene manawi sedya tama nedha metnas saking pepeteng dhateng ing papadhang punika yen kagelaraken wonten ing bramartani boten ilok rak inggih mangkaten ta uwadya ing Kramatika.

Dhuh Kyai Wasibujaning rum tejasulaksana, sampeyan sakaliyan kados pundi kulunun jawab kula dhateng sedya tama gkang makaten mau punapa sampun wonten emperipun punapa dereng, sampeyan sakaliyan mugi karsa amudhoni rembag punika,

Sedyatama, jawab kula boten sampeyan ajengi, amargi dereg mathuk menggah punika sampun tetela wawaton kula kaliyan wawaton sampeyan geseh, dados inggih amung andum wilujeng kimawon

Ing Langentayan kaping 10 Selaning Ehe, 1820.
==========\==========

(*) Mas Bandungbondawasa, badhe sakalangkugn suka rena kula,bilih sampeyan karsa amratelakaken namaning resi pipitu tuwin pandhita wowolu kasebut ing serat punika, punapa malih anerangna pindhah serat serat cariyosipun

Jurungarang.
========\==========

Minangka pasumbang tumrabing pustaka warti yeka kadya: ringandhap punika candhakipun Kanangwiyata.

Wonten kang winarna malih, pangandikanign pandhita, igkang saweneh kwruhe, sakyeh ingkang poncadriya, karsakang kathah kathah, datan siningkirken iku, lire pandatan binuwang. Sakarsane ingkang amrih sabarang barang pratingkah, tan den muna sikarehe srikapalak kapangguhan ing panggawe kang ardha, panggah datan singgan-siggun ing skarsa lumaksana. Lumaku miwah alinggih, angucap tan kasaranan pan saestu pangucape, swabaw saparimana, ing budi paniwanengen linantur sabarang catur, amikalpa tanpinegad. Kinarya timbanganeki, ing becik kalawan ala, yen sampun manggih artane, sinimpen a sahananya, atinggal tata buja, dadana weweh tan ayun denya tanpa pakolehi. Kamuksan miwah kajatin tan denenget-enget pisan ngrasa tan ana karyane, mung anut nuruti hawa, sandyan atemahan kasusahan datan uwus maksa andadra kiwala. Denya nguniwus udani nora malih pindho karya, pambukane waranane, muhung sapisan kewala mangkana karsanira, panganggenira sang wiku, carobo jurungi hawa. Wonten kang pandhita malih, karya jatining pangucap sirnane darsendrayane, awit saking enggenira, bayu kang manggilingan winikan ngenepken kalbu, kawruh lan pandulunira. Sinimpen tan kena lair, dadya rampah enengira, petenge darsendrayane, sirnane tanpa karana, temahan kang pangucap swara mijil saking kalbu, asri ngebeki buwana.

Taksih wotnen sambetipun.

Ongka 60 Salasa Pon kapig 21 Besar Ehe 1820, utawi kaping 28 Juli 1891

Pawartos kawat

Sinuhun Dhitselansarimbit sampun rawuh ing praja Nederlan sakala anggening ambiwada wadya Nederlan dhateng sribupati dhitselan sakalangkung ageng, nalika pasugatnipun ondrawina sumumuwanipun amracinani kasugihanipun praja Nederlan.

========\==========

Surakarta

Serat Dhelokomotip angiyaraken bilih kala wingi siyang kanjeng pangeran arya Adiwijaya anitih sepur sakng Yogyakarta rawuhing Samarang, mawi kairingaken komandhaning dragonder, sarta salajengipun badhe kapindhah dhateng manadho,jalaranipun anggenipung adamel sambutan langkah saking ngekat, saalong wonten ingkang dhateng para cina gunggung 250,000mongka taksih salong dhateng sanesipun malih, kanjeng pangeran Arya adiwijaya wau ingkang rumiyin sampun nate kapindhah dhateng mentok nunten tumuwuh inggih apunten dalem ingkang sinuhun kanjeng sultan katimbalan wangsul dhateng Yogyakarta.

Wradin titiyang bawah dalem ing surakarta sami watuk pating clekreh tuwin sakit panas punapa malih rare kathah ingkang sami cangkrangen tiyang pejah ingkang amargi saking sasakit wau inggih kalebet kathah.

Margi Cayudan ing pinggiripun keningg kailenan toya, titiyang ingkang ingkang nyiras mimargi kantun nyuwuk kemawon mila ing ngriku boten wonten siti ingkang belang garing, ingkang lumampah sarta sasadeyan sami sakeca, nanging ing purwasari mangetan dumugi peken pon baron mangetan dumugi prapatan Gandhekan kiwa, marginipun sakalangkung risak mawur dados balubukan ing wanci tiyang aris tiyang ingkang betah ngambah margi wau, sami maliwir wonten pinggir, dala kreta andhong igggih tumut malipir, saupami para kawoga karsa anginggahaken toya ing kalen ing masa katiga dhateng pinggiring radinan dados kados ing cayudan punika badhe mikantuki ing ngakathah, tur boten sapntena wragadipun , kados bilih toya wau kainggahaken lampah kuduran sansaya boten wonten waragadipun waton krsa anyerep nyerepaken sarta rigen ing pangecakipun.

Aneh

Ing kampung Dhe:kang, wonten satunggaling tiyang anama N.N. Pakaremanipun ses tike, manawi ses ing dalem sadinten rambah kaping 3, enjing siyang sonten punika anamtokaken cawisanipun wedang 1 ceret awit jangji sajeblisan amesthi wedangipun sacangkir dipun ombe glenggeng, jeblis malih inggih glenggeng malih sacangkir ngantos satelasipun cmengan kalih welas dhuwit mongka ingkang sampun limrah cemengan kalih welas dhuwit punika dados 20 jeblisan dados pun N.N. wau ing dalem sadinten sadalu tamtu saged anelasaken wedang 60 cangkir, e, e, punapa boten plembung anginen punika mas saking cariyosipun boten

Kintunan.

Ing kampung Kawandasan ingkang sisih kidul kala malem senen wanci jam 9 sonten wonten tiyang jeleh nedha tulung, tiyang kiwatengenipun ngriku ingkang mireng botn saronta lajeng medal saking griya badhe tandang, kaliyan sikep dadamel pedhang,

nyangkelit dhuwung, saking gugupipun wonten ingkang reyab-reyab wangunipun mentas saking tangi tilem dipun kinten bilh wonten bencana latu utawi tiyang paben lajeng penthungan sareng sampun sami celak boten wonten punapa-punapa namung ing ngriku wonten tiyang estri renca rare, jaba bayi medal (brul) biyungipun sumaput boten enget ingkang jaler teksih nyundhang, sumerep ingkang estri makaten lajeng dipun petaki, gendhuk gendhuk elinga, ngantos sawetawis dangu, ing kaestri lajeng emut uwis eling ah, dene ingkang sami sumedya tandang wau sareng sumerep tiyang rencang rare, lajeng ssami wngsul sarwi gremengan dadi tulung-tulung mau satemene wong metiki gendhuk gendhuk elinga, krunguku, tulung, tulungana
Kintunan.

Yogyakarta
Salebetipun ing wulan Besar punika keningg kula tembungaken ngemohi dhateng karameyan saking kathahipun tiyang gadhah damel mantu netakake utawi sunat rinten dalu boten wonten ten delipun gongsa mungel mung dinten jumuwah kendelipun karamean wa wonten ing kang tayuban wonten ingkang wayangan kathah kathah ipun tiyang wonten ingkang slawatan Kretalaris dhalang niyaga ringit ontung, barang sewan pajeng, dene ki kaum begjanipun umbuk-umbukan.
Manawi kula laras kaliyan kawontenanipun nginggil punika prakawis yatra boten awis malah kapara gampil anggenipun ngupados tondha kathah ingkang bucal kaangge nguja kasenengan saha kabujeng kalimrahan rak inggih mangkaten ta mas ponca
Sumatirta.

Nalika ka: 20 juni kapengker punika, piten pinten jineman ing nagari tuwin ing dhusun dhusun sami katimbalan kaklempakaken wonten ngarsaning parentah badhe kapriksa sinten ingkang gadhah patrap calunthangan nuju jagi grebeg purun purun diksura ingpatrap dhateng nonah putranipun tiyang ageng nonah punika ingkang badhe nitik dhateng warnining kajineman ingkang gadhah patrap calunthangan wau.

Pawartos warni-warni
Ing kitha Keyengkowan nagari Cina, wonten tiyang sepuh pejah,s asampunipun sinucen sarta binusanana sarwa pethak badhe kalebetaken ing tabela, wusana wangke wau mripatipun saged kedhep lambenipun ebah boten dangu wang saged tangi ambikak ulesipun sarta lajeng ngadeg sarwi wicanten pitaken anak putunipun wonten pundi, titiyang ingkang wonten ngriku sami kamigilan lumajeng asalangtunjang, boten wonten tiyang satunggil tunggila ingkang kantun tumunten wangke wau andhaah gumulung wonten ing ngules malih lulus pejah, lah kadospundi pukulun kridhasara.

Dereng lami sampun kawartosaken rumiyin bili tuwan Edhison badhe damel pirantos kangge aniningali samukawis saking katebihan saupami tiyang sampun ngangge pirantos punika: linggih wonte salebeting kamar, saged sumerep pamaining komedhi ingkang wonten panggenan tebih, tamat saparipolahipun ing mangke pirantos punika sampun dados dipun namakaken Kinetograp

Tuwan Edhison sampun nyobi ngangge kinetograp tumunten matah rare satunggal dipun ken dolanan sarta sisindhenan wonten panggenan sawatawis tebihipun wayanganing rare punika kalebet wonten ing kinetograp dalas waranipun kamirengan wonten ing ngriku ugi boten wonten ingkang cicir.

Wonten wanodya ing Eropah lumampah dharat saking satunggiling panggenan dhateng panggenan sanesipun tebihipun 3395 mil wanodya punik amentas menang totohan 14.000 dholar, dipun ina boten kuwawi lumampah dharat ing dalem 266 dinten ingkang tanpa kendel kajawi namung kendel nedha akaliyan tilem sareng dipun lampahi saged umugi ing dalem 212 dinten 10 jam 53 menut pun wanodya dhedalan saking nagari sepanyol saweg ngumur 34 taun.

Surabaya
Rama Kaji sampun kaki-kaki, rabi angsal prawan saweg ngumur 16 taun sareng panggih bokparawan sanget gilanipun malah ngantos kalenger, amargi boten nginten bilih badhe lakinipun sampu dhiklu, dene pirembagipun ngajeng bok parawan boten mawi katantun nanging titiyang sepuhipun rinoban ing yatra mila angulungaken anakipun karabenan ing tiyang pikun inggih makaten punika caranipun tiyang jawi angemah-emahaken anak punapa malih pun kaji boten gadhah tongga, sarta ingkang sampun sakalangkung buta jenganipun.

Ing kitha resel wonten pabrik ingkang kasingidaken adegipun wonten satuggiling panggenan ingang kiwa, kangge ambebak kopi peteng, mawi woworan galepungipun barang kalih warni, ingkang gadhah tiyang belgi nama tuwan Brugeman sareng kadengangan deningparentah pabrikipun katutup dalah tuwan brugeman tuwin para tiyangipun ingkang sami nyambut damel ingpabrik sami kacepeng sadaya.

Kareteg sangalamdonya ingkang ageng sarta panjang piyambak punika kareteg ing nagari cina nama Sita kareteg punika manggen telukipun laut tan kuning, panjangipun 7000 meter utawi 6 pal langkung sakedhik sakanipun tembok 300 adeg mengah ingkang yasa kareteg punika swargi ingkang sinuhun Kinglong, kala taun: 1796 dados sapriki sampun 95 taun.

Tuwan Blikrodher ing kitha Barlin nagari dhitselan misuwur kasugiyanipun angaturi pisungsung yatra konjuk ing sang prabu, kathahipun 25 miliyun rupiyah gatosipun namung darbe panyuwun supados sangprabu karsaha angundur saking kalenggahanipun tuwan pandhita setoker awit dadosa satrunipun aeng, pisungsung arta 25 miliyun wau boten katampen sarta tuwan blikloder wiwit punika kaawisan boten kalilan sowan ing karaton marak ing sang prabu nanging ing wingking tuwan pandhita setoker saestu kaundur, awit pandhita wau pancen kami purun angawonawon sang nata dhitselan, lah punika ta besel ingkang kenging dipun raosaken, sampun kok besel kere mawon sokwonten ing ngepeni.

Ing kitha Londhon nagari Enggris wonten tiyang jaler kagut dening estrinipun amargi sampun anak-anak kathah purun rabi angsal nonah pinte pinten sami dipun kandhangaken wonten ing kamar piyambak-piyambak aturipun tuwan punika boten kok

nama rabi makten sayektosipun masang jontrot snadyan alap-alap ing nagari manawi kalebet ing wisa punika amesthi rontog yatranipun.

Pawartos saking Suriname, tanah Indiya Nederlan kilen titiyang cemeng sami pakumpulan mawi asikep gegebag ngiras kadamel teken ngantos atusan kathahipun sami malebet ing nagari adamel reresah, wonten pulisi pipitu sami nandhang tatu, tumunten parentah angumpulaken prajurit seketre anglawan piawonipun tiyang cemeng wau, boten antawis dangu dhadhal tiyang cemeng sami lumajeng arebat gesang

Sepstatsiyon akaliyan komis kontrole, sepur wehmatsekapeiindiya Nederlan sami miruda boten kantenanpurugipun amargi nelasaken utawi adamel kisruh ing petangipun arta kas kathahipun 27,000 pitulikur rupiyah.
==========\==========
Girman ing Suranagaran sampeyan punika kados tunggil kula, nanging sumrerem kula ing sampeyan saweg sapisan dados kula taksih kirang terang, awit pambaratan ngriki punika kla upamekaken tiyang wonten ing papetengan mrerepipun dhateng wawarnen taksih kanthi dugi-dugi, rehning padunung sampeyan wonten ing Suranagaran punika kabupaten panegar, mila sampeyan kula cobi pitaken kados ing ngandhap punika.

1. kagungan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan kapal titiyan dalem punika ingkang masthi cacahipun pinten ulesipun punapa, tegaranipun sinten
2. talimonca, tegesipun kados pundi
3. talikapa tegesipunkados pundi
4. camethi,kanamakaken tembung tegesipun kados pundi
5. carak punika tembung punapa, dhapur sarta tegesipun kados pundi.

Sampun punika kimawon tumunten kula aturi maringi katrangan
Ki Sagala ing Sumber (Manahan).
==========\==========
Ing Bramartani ongka 56 angemot pitakenipu sambiya dhumateng pak Srudug prakawis wijang-wijangipun tembung tikyas sanajan pitaken wau boten anuju dhumateng kula ewadene sagadug-gadug kula, kula kumedah amudhari pitaken wau, makaten ugi sampun kagalih lancang sarta kumaget sayaktosipun namung saking sanget kapengin kula tepang kaliyan pak Srudug tuwin sambiya, tembung tikyas punika saking panginten kula makaten tik wancahanipun maletik yas wancahanipu tyas manah, dados panyeratipun pancen makaten tkyas dene wetahipun maletik ing tyas utawi manah ingkang lantip pramila kanggenipun tikyas samangke dados kembang lambe, bilih amastani tiyang ingkang ragi isi ing budi,punapa malih pancen limpad punika lajeng dipun parabi, tikyas, gus ambiya, bilih pamedhar kla punika dereng necegi sampun andadosaken duduka sampeyan.
Ing bukit Sanakerta kaping 17 besar ehe sinengkalan bundering netra esthi tunggal
Manguyu, Kedhung lumbu
==========\==========

Sambungipun Tri Dhara Pasungupu.

Nora srawungan ping rosesasi, dapak-dapak golongan utama, gutuk ping sansesasine, marmanta gandanipun sdhep tungtung langu saththithik labet gung pulangjawi,lan juwitaning rum kusumeng widha ra kandhang marmanitya kusut sarira nyukusi, saking kukus kang mawa. Kaya wreksa tinarang wus lami, yen sinawang katon lawas luwas kluwus kluwusing semune, lwir wiku ments gentur, tapa ngluwat sajroning bumi, raga, gagra kusika, regeng rgeng wangun aras-arasen kewala, lamun durung kambon kukusig dupa mrik nora bisa gulawat. Yen wus kambon karemine nglilir, gumariming anggaotanira, layat luyud pan dulune, lamat-lamat tan emut emane manobah sathithik rumasane kelangan rasa kang rinuruh, temah tuwuh aras-aras kang linaras tarlyan pamrih kang pinurih, mungkalebed dening badan. Ri ratri gunganam-anam budi, kang budhi panggawe kang gampang, lumuh igkang ngangelangel salin sumalin kayun jroning layat luyuting kapti, kaya ana kumlebat kang cinipta muncul cumedhak sumandhing nendra, marma turunira lwir turuning kucing, catcatanora cetha. Saking koruping pangrasaneki, maring panggawe kang luwih gampang, sok gegampang wekasane, ujare arang jebul barang sanggup nora nekani, mungkarepe priyongga, mrih pakolihipun nanging ana luwihira, wong ngamadet medet mudet rembungeki, bangkit mamaladriya. Dhemes memes luwes yen mrih asil marang janma ingkang tan kakenan saking memenais tumetes tibeng telebing kalbu, sakala lwir amiyatani, nanging tanpa jamuga, mung ana ing wuwus tanpa wekas barang karsa, saking datan sambana ing badan budi, dumadya luya-luya. Barang pikir tan ana kang ngakir, alecekan lwir toya lan lisah kalisak lwiring panggawe, wit saking awakipun tansah dadi gawe pribadhi, rinawengi prakaran nora rampung rampung, mangkana salaminira, abebasan lara ra pok ritiriti, tankeni kinanthiya.

//Imandra\\ Ping tri prakara winuwus ngabotohan watekneki, kalirugyan akalira, pangrasanira winalik marang ing pakarti sasar, pratondha lali ing cik. Lan tan wruh ing leripun miwah kawajibaneki, kang parlu ginawe sunat kang sunat ginawe gati, ing tyas gita tana tata, tetep keparat sayekti.Lwiring keparat puniku, ngangelangel ing kang gampil gegampil panggawe lawat nanging tanpa tekat yekti, mung amrih wigaramng-gagar, panggawe kang den lakoni. Kang tan krana cegah tuhu, tenga during badan yekti, yeku wus keneng ngaradan setan gundhul mrih barindhil klambi gondhil ambegondhal dhadhal dhadhel den dhedheli. Kana dhalan dhawul-dhawul gadhangan ginedhong sdhih, ngadhuh-adhuh wus kadhadha, dhendhaning dhiri dhatengi, tyas molah badan kapradhah, tmahan kandhih kalindhih. Kandhem kerem tyase bawur, barusah wit kurang barsih, manusa ingkang mangkana, wus rusak alamneki, gluput kagubet musibat tanedya tobating batin.
Sambungipun teksih wonten

Ingiket ring sang dama kumawi widya kamawa, ing bukit'Kadilaya
=========\================

Ongka 61 Setu Paing kaping 25 Besar ehe, 1820 utawikaping 1 agustus 1891

Surakarta
Wisudhan
Ing dinten Kemis Kaliwon tanggal kaping 23 Besar taun Ehe, ongka 1820, awit saking kaparengipun ingkarsadalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan Raden Lurah Atmadikrama abdi dalem lurah Gedhongbrak,2 Raden lurah Atmawikrama, lurah pun Kawan Pandhapi, 3 Mas LUrah Atmasurasa, lurah koki,4 Mas LUrah Atmadimeja,lurah Minuman 5 mas lurahAtmatiyasa, lurah kamar Cara Walandi 6 Raden Lurah Atmasutikna,lurah kemasan, 7, mas lurah Atmasuwarna,lurah gedhong Brak Cet, 8 Mas LUrah Atmawiyaga, lurahy Niyaga, 9, Mas Lurah Atmasukondha,lurah Keniten lebet sami kakarsakaken dados abdi dalem manri Urdenas sasebutan raden ngabei, nama saha pandamelanipun sami taksih lestantun amajibi ing gedhongipun pyambak piyambak among mas lurahATmawiyaga nama kaparingan santun raden Ngabei Atmapradongga, punapa malih mas Surandil abdi dalempanewupunakawanminuman kakarsakaken dados abdi dalem lurah nama mas lurah Atmasukarsa, 2 mas Murtambah, 3 mas Semu, 4 Mas Samsu, sami abdi dalem sekretaris kapiliyan mas Murtambah nama Mas LUrah ATmamarsana, mas Semun nama mas Lurah ATmasupana, mas Samsu nama Mas LUrah Atmasupaka, 5, Raden tejasari panewu punakawaniyaga, nama Raden lurah Atmawiyaga
Panjurung sangking D.H.

Sukasukur
Alkamdulilahirobilngalamin samangke kagungan dalem sumur bur ing langenarja panggarapipun sampun rampung, sakijng pratelan lebetipun 113 eo meter, udaling toya katingal ajeg banter sanget brumbunganipun ingkangtumaem ing siti rangkep 3 ingkang ageng piyambak medal toya tawa, ingkang dhara medal toya asin sanget mandhongoling brumbungan saking siti mawi pang brumbungan tiga, satunggal sumeleh ing sitimili mangidul lajeng nekuk mangilen sawatawis anjog pasiraman dalem sakaki inggilipun mawi pamalih kalih angongkleh mangetan anjog ing blumbang, satunggal medal toya tawa satunggal asin dene brumbungan ingkang minggah saking siti inggilipun 21 kakiing pucuking nginggil mawi bengkuk mangandhap semongsa brumbungan ingkang anjog ing blumbang kapepet toya lajeng minggah anut brumbungan ingkang21 kaki wau, wasana toyanipun sumawur mangan

Ndhap kados jawahingkang deres sadaya brumbungan wau manawi dipun sumet sagedmurup biih dalu ujwalanipun padhang kados dilah gas, menggah toya ingkang dhateng blumbang wau mawi kasinungan ilen ilen mangidul tuwin mangalerd hawah sajawining capuri, lumeber dhaten gpasabinan bucalanipun toya saking pasiraman dalem mili mangilen ugi dhawah sajawining capuri anjog ing kandhang menjangan dados pangombentuwin pahayemaning sangsam ugi lajeng lumeber dhateng ing sabin sadaya wau wedaling toya ing dalem samenutingkang asin 6 bleg lisah pet ingkang tawa, 40 gunggung, 46 bleg.
Pramila para abdi dalem tiyang tani ingkang celaking ngriku sakalangkung bingah ingmanah, awit kajawi pancen sampun loh, mawi kawewahan toya saking sumur bur wau, nambahi lema pananeming pantun tuwin palawija sapanunggilanipun tataneman.
Kajawi punika sanajan sampun kacariyosaken kamot ing serat bramartani ongka bilih toya wau kenging kaangge usada sasakit keju, ngeres linu,, badan leash, belak bubul koreng sapanunggilanipun ananging sapunika kedah kacariyosaken malih, awit sangsayamindhak dayaning toya tumrap ing sesakit kadosta: panu ugi saged ical mripat jeles ingkang sampun seret abrit tuwin mripat maletik ingkang saweg sawatawis punika manawi talatos angrambang toya wau, ingkang sampun kalampahan saged mantun mila tular tumularing pawartos

ingkang makaten punika, boten angemungaken lalampahan nempal kemawon sanajan tiyang ingkang tebih tebih inggih sami dhateng, angalab barkah ngangge usada toya wau, ugi sami narimah adus wonten sajawining capuri, manawi mantuk sami ambekta, kawadhahan gendul tuwin kendhi lajeng kaangge jampi, makaten malih menggah sadaya toya sumur bur punika, sinten ingkang kulina ngunjuk asring boten kambah sasakit padharan kolerah, awit sekedhik reregedipun tinimbang toya liyanipun ingkang mentah.
Amila sadaya para putra Santana kawula dalem jaler estri ing ngriki, sami suka sokur dhateng yayasan dalem sumur bur wau, tansah mumuji mugi gusti ingkang maha kawasa, anglanggengna wedaling toya kados punika wau, amin amin.
Sinerat tanggal kaping 13 wulanBesar, taun ehe, angkaning warsa 1820 (kintunan).

Kala wau wanci pukul 5 enjing ing kampung Tambaksegaran kidul Wradinan griyanipun Grema kabesmen among telas griya satunggal selak katukeban tiyang tandang kathah sarta taksih sami asrep latu lajeng pejah boten ngantos nular dhaten gsanesipun sareng wanci jam sakawan sonten ing kampong tambaksegaran malih griyanipun bok Ponca kabesmen cacah wuwung telas griya 12 amargi saking benteripun latu enggal saged nular, parakawogan kaaturan anggrentehi dhateng bawahipun piyambak piyambak katiganipun panjang, kathah barang dados aking.

Wonten pamanggih enggal ingkang kaangge ing tanah Ruslan sarehning ing mongsa badhidhing ing ngriku kathah dhawahipun salju, ingkang sanget memplak mabelukipun katawanging diwangkara, sanget sulapipun ngantos paralembu ing pangenan sami baloloken punika ing angke paralembu wau sami ing nganggenan belor, elo paraneneman sampun sok angangge belor ta, mindhak dipun ewokaken lembu tanah Ruslan.
Kulanumpak kareta andhong wonten ing Nglawiyan rodhanipun ingkang sisih wingking ambyar inggih pancen sampun rengka wewahwewah anggiles krakal ageng ageng ingkang naming dipun galethakaken wonten tengahing radinan jlogipun kaget ngantos adamel ambyaring rodha wau, kula lajeng lumampah dharat mangetan ngantos dumugi sakilenipun prapatan gandhekan kiwa, balubukanipun ngantos sapolok lampahing kareta andhong sami minggir dhteng emper-emperan margi ingakgn iring ler, baledugipun ngantos kados ampak-ampak tiyang lumampah dharetat manawi nyirik baledug kedah lumampah emper-emperan kidul awor margi grobag angambah saganten balubukanmenggah atur kula wau awonipun gelar dene yekti, prayogi dipun titipariksa dhateng priyantun mantra anem gajegipun saben ngahad tegar, punapa naming angereh lambe manahing kapal boten anitik kawontenanipun margi ageng, punapa malih angrigenaken dhumateng titiyang alit ingkang taksih sami pugal andumugekeken lampah kula dumugiing paretan ing ngriku kathah selanpun malah wonten sela saejun mandhongol sakng pendheman manawi katrajang ing rodha meteges kemawon malah sempala rodhanipun mongsa angebahna sela, tarkadhang lami-lami sela puniki dipun bendrongi kados sela tumpeng, awit taksih kalebet kula warganipun.

Pawartos warni-warni
Tiaygning GArut mentas nyepeng sawer dhaulu sirah kalih, nanging ageng alit menggah sirah kakalih wau sampunboten wonten antawisipun beda kaliyan sirah ing sawer limrah, plajenging sawer punika rikat sanget ngantos kangelan nalika panyepengipun sawer wau lajeng kabekta dhateng ing batawi dening tuwan N.N. kados badhe lajeng kakintunaken dhateng musiyum.

Nalika kaping 22 Juli kapengker punika, prawan nama Sangkrah ngumur 20 taun griya taksih tumut tiyang sepuhipun ing dhusun Sokamungal (Bangil) nuju nglembur bathik sareng wanci pukul 11 dalu kraos mumet sirahipun sambat sambat dhateng biyungipun lajeng dipun ken tilem wonten ing senthong, inggih lajeng tilem boten dangu Sangkrah jeler jeleh nedha tulung alok wonten kaji badhe misesa, kadospunika dhemit bapa biyungipun enggal dhateng, wusana pun sangkrah sampu npinanggihaken bapa biyungipun lajeng jeleh jeleh, tongga tepalihipun sami dhateng sarta lajeng mitulungi dhaten gpunSangkrah, dipun pijeti wetengipun saged

lemes sarta pun Sangkrah saged enget lajeng ngomyang boten kantenan dangu-dangu saged sareh sarta katingal sakeca, tiyang ingkang dekep dhadhanipun pun sangkrah kaget jalaran dhadhanipun Sangkrah kraos alus kemawon lajeng alok bilih pendhilipun punSangkrah kalih pian boten wonten sareng dipunwaspaosaken yektos dipun padosi coplokanipun boten kapanggih, tilasipun under-underan katingal abrit nanging boten tilas kairis sarta boten wonten labetipun rahingkang tumeter sarehing wonten lalampahan aneh tiyang kecalan penthil dados mawi kalapuraken ing parentah, sapunika pun sangkrah kapulasara wonten ing balemarta Bangil,akdos pundiempu Kridhasara bab icaling penthil punapa kedah mawi nyuwun serat biwara, sarehning kacolong ing lelembat.

Pangulu Landrad ing kabupaten Kudus (Pathi) rndha numpak galindhinga nglangkungi patrolaning jati dhistrik ing kitha Kudus boten dipun urdah deing tiyang jagi, pangulu pitaken e wong jaga, geneya kowe pdha turu kabeh tiyang jagi mangsuli dara pangulu, kula boten tilem kulatiyang sakawan sami melek sadaya geneya aku liwat ora kok urdah, boten wonten damelipun dara, kula mawi urdah, amargikula sampun sumerep dhateng sampeyan, e mengkono wangsulamu, iya becik enjingipun pangulu pratela bilih tiyang jagi ing jati samitilem sadaya, tiyang jagi lajeng samikatarik kaladosaken ing ngarsa rol sareng kapriksa ngaken kemawon kados ingnginggil wau sababipunboten urdah amargi anggenipun rundha pangululandrat kaliyan seliripun tuwanasisten kaget lajeng dangu dhateng pangulu, pangulu boten saged mangsuli,namungkendelkemawon wusana prakawis kauwukaken tiyang patrol boten kapatrapan punapa-punapa, manawiprayantun rundha kaliyan bekta tiyang estripunika mikantuki sanget awit sapunika mongsa sekar kecelung, inggih punika pangulu mainan.
========\==============
Panjurung
Kula sampun aningali panjurungipun mitra kula ingkang asisingon nedha, sag a la, ing dhusun Sumber (Manahan) suraosipun sampun kula sumerepi sadaya, sag a la menggah bab pitaken sampeyan punika, saestunipun badhe kula saosaken dhaten glurah kula, samasa sampun kaparingan kateranganbadhe lajeng kula aturaken ing sampeyan namung sapunika kula saweg saget ngaturi uran-uran sekar pocung kados ing ngandhap punika.
Patrapipun arsa mal bojro kadhatun kanthi atetanya, priyayi kang jagi kori, patrap patrap miwah tatakramanira
Ungguh ungguh, in gpraja dipun kadulu, lamun wus waspada, dadi nora den larangi, nyai regol ingkang tungguk aneng dwara.
Paminipun arsa manjing jro wanagung, kedah atatanya, sujalma kang selak gnriki, supayane slamet manggih babaya.
Kadi lamun arsa wruh gelaring mungsuh, kedah anglampahna, telik dimenewruh wadi,ning mungsuh nya supaya isa prayitna
Nadyan lamun arsa gugulang sastranung, kedah sinauwa, ring para sarjaneng budi, didimene yen macak ya dadi cacat.
Lir pukulun sag a la ing sumber dhusun nurung sesrawungan bangsane sarjaneng budi, pan kasusu arsa mintoken kagunan
Gunanipunwonten ing sumber asli dhusun tinimbang kang celak ing praja tikel sakethi, during montra montra malah dadi gendra
Tandhanipun panulise maksih ngawur, wit during prapungan pathokaning tembang adi, gih punika aingkang aran Gramatika
Milanipun den sarehaya ksusu, becik sakolaha, benjang gampil tepang mawi, wit pun kula tadhah sakarsa paduka
Lo mitra, sampun dados panggalih sampeyan nun inggih, mengko gek mutung, sampunsalah surupjalaran punika among minongka panggrendaning manah, iyah gajege sampeyan punika rak asli keparent ta, selak secayudan kok ngalih menyang sumber, apa dadi juru kunci
Suranagaran kaping 23 Besar taun Ehe ongka 1820
Katandhan mitra ampeyan ingkang tikyas Girman
=======\===========
panjurungipun pun prihatin boten kapacak karemehen
Jurungarang.

Muksapya antuk limalas warsi, putra pambayun Wadu gumantya, ratu ayupaparae, titi duk jenengipun Turon made tiga anunggil muksan tuk catur warsa, ring gumanti prabu, arya ayam wuruknama, ajujuluk sri Brawijaya ping kalih, titi duk jenengira. Sirneng ngasta kumukusing bumi, muksan tuk tri dasa nenem warsa, pura gumanti pamase, parabira ing dangu, raden arya lembu misani, juluk sri brawijaya, mandhiri ping telu, titi duk ing jenengira, karasa ing siyung puyikaning bumi, muksa limalas warsa. Putra ingkang gumantya narpati, prabu Brawijaya, kang kaping pat sengkala degira rajeng, lek sabda gunapurun antuk kawan warsa ngemasi, putra gumanti raja, Brawijaya prabu, mandhiri kang kaping lima, sinengkalan buta sapta osik wani, tujm wolulikur warsa. Tinimbangan ing Demak nagari, raen patah jumenengi dipatya, randipati bintarane,titiduk jenengipun osi sirna sucining nabi, adipati Bintara, gya jumeenng ratu,jeng sultan Sah Ngalam akbar, kang kapisan titi duk jenengiraji, nir suci satur janma. Nata Seda antuk limang warsi, putra ingkang gumanti narendra, jeng pangeran sabrang eler, sarta salin jujuluk nata mudha kang kaping kalih, sultan sah ngalam Akbar, duk jumenengipun nuju ing taun rembulan buta caturneng prapatan amrih janmi, seda antuk rong warsa. Ari nata sumilih narpati, sultan sah ngalala akbar ping tiga, titi duk madeg pamase, giring pat catur menus tridasa triwarsa ngemasi,nunten jeng susuhunan Giri ratu Tunggul makili karaton Demak sinengkalan tanpa ngesthi catur becik tuk tiga likur warsa. Nulya dipati pajang nagari, jinunjung deing prawalitama, neng Giri ing pangangkate, jujuluk jeng sinuhun sultan adi Awijayeki, mengku nagari Pajang, duk ing jenengipun nujuing taun rembulan kan gdahana muluk barat nempuh wani, antuk tridasa tiga. Warsa seda wau sribupati putra mantu gumanti narendra, sultan ngawantipurane, among antuk sata un pan linung sur jenengiraji, tinanem aneneng Demak kang gumantiprabu putra ny jeng sultan Pajang, jeng pangeran dipati Banawa nami, kinanthi madeg raja

Taksih wonten sambetipun.

Ongka 63 Setu Wage kaping 2 Sura Jimawal 1821 utawi kaping 8 Agustus 1891

Surakarta
Enjing punika saestu amurwani saha ambikak pinandhah lampahipun kareta trem kajenengan kanjeng tuwan reesidhen kadherekaken para tuwan tuwan sawatawis kanjeng gusti pangeran adipati anom kadherekaken raka dalem tuwin para ruhur sanesipun kanjen ggusti pangeran adipati arya Pabu Prangwadana, kadherekaken para raka tuwin rayi dalem, lampahipun kareta saking kidul kakawitan ing kantor pos mangaler dumugi ing pandheyan Dehleng, dumugi ing ngriku nunten wangsul mangidul malih, sadumuginipun ngajengan dalem paresidhenan kareta kendel para ruhur sami tumedhak ing ngacarani mampir ing dalem wau, sasampunipun atatalenggah sawatawis dangunipun saha sinugatata sami angunjuk mamuji ririkesanipun indhaking raharjanipun praja Surakarta, sumrambah ipundhateng sadaya pambudidaya ing pakarti,punika nunten atatalenggah sawatawis dangunipn malih lajeng bibaran.

Babah Kwiktingbi saudagar ing ngriki, badhe ngadegaken pabrik sabun wontening Pacinan kapatiyan pirantosing pabrik wau sapunika sampun dhateng bilih pangrik wua sampun kalampahan ngadeg sarta pikantukipun sabun kathah amesthi ing ngriki badhe mirah sabun.

Ing kamung D.K. wonten tiyang estri anama embok Bongsa, kinten umur 58 taun punika sakalangkugn aneh, menggah ingkang kula wastani aneh punika, embok bongsa wau doyananipun angombe banyon sak mamahanipun lajeng dipun wori inggu, punika ingkang dipun ombe ing sadinten-dintenipun o manawi towong sadinten kimawon awakipun lesah saha prungsang, ing wusana anjalari sakiting awakipun nanging sanadyan sanget sakit manawi sampun dipun ombeni banyon inggih lajeng waluya, e dados boten tike kimawon ingkang nagihi punika.

Kala wingi dalu ing Baturana wonten rare estri kinten ngumur 18 taun dipun bekta ing gendruwo ingkang rasukan pulkah bebed sarung kemul kamli, wah mawi udud sarutu (*).
Bapa biyunging rare wau saklangkung bingung lajeng nyuruhi tongga tepalihipun sami dipun ken ngrencangi madosi anakipun sarana nabuh bodhing tebok ananging bok inggih dipun sambutaken kalenengan ta, sang mimba gandarwo rak malah angler anggenipun sare kaliyan sanggi konthol, lah rak inggih ta para asring gondhol, kacariyosing mimba gandarwo saksi reping tatabuhan gondholanipun lajeng dipun wangsulaken ing panggenaning lami.
Lo para ingkang sami ngingah gondholan kula aturi ngatos-atos
Pun Ardamarasma
(*)
Calpunapa botemawi
Jurugubah.

Klathen
Kala ing dinten Jumuwah tanggal kaping 10 wulan Besar punika panjenenganipun bupati sampun wiwit amriksa pasakitan pangeran tiron dene ingkang kakarsakaken angugeri paturaning pasakitan wau, prayantun susulih jaksa akanthi mantri kabpaten saderengipun bupatilenggah susulh jaksa sampun sumewa ing pandhapi kabupaten sarta angajengaken sakitan ingkang kapriksa, kocapa pa kal apun pasakitan punika kakaajengaken dhateng taratag pandhapi lajeng anandukaken patrap diksura, amitontonaken kekendelanipun sanadyan karante anggepipun tuwan Tun Besar, dlajig dlajig kaperdi linggih dening susulih jaksa wangsulaipun aku ora bisa linggih, sakala sangsusulihjaksa sanget kageting manahipun lajeng wicanten asemurengu,amarga apa kowe ora gelem basa marang aku, wangsulanipun pasakitan aku ora bisa basa, sanadyan ora gelem basa nanging kowe linggiha dak pariksa jeneng mu sapa, lan iki ana gone sapa kowe anggep mu samono, embuh ora praduli,aku ora duwe jeneng,

Saweg dumugi samanten lajeng katungka panjeenganipun bupati lumaris ign pandhapi, sareng mirsa pun pasakitan aandukaken diksura, sanget dukanipun sarta lajeng dhawuh dhumateng para abdi panakawan andiakaken ameksa nglinggihaken dhateng pasakitan ingkang ambeg diksura, ananging dereng ngantos kalampahan kapeksa pun pasakitan sampun karoban prabawaning sang bupati temahan andharodhog saha lajeng mapan linggih piyambak sasampuning tatalinggihipun pasakitan lajeng kapriksa saha kaugeran punapa kawontenaning paturanipun wasana kapanggih ing pariksan pasakitan wau ngaken sawantahipun anama pun Tejawinangun kala alitipun nama Alibasah, anakipun Asisten wadana Selakaton (Kendhal) rumiyin kaleres buyutipun kiyai adipati Suryakusuma,inggih punika trahin gtrebaya, dene anggening nglambrang malebet ing gegelengan kitha Klathen sarta malebet dhateng bawah Yogyakarta, punika namugn sarana anggening ngupados tedha, wah piyambakipun nedha satunggal punika, rekanipun anggiyaraken ngilmu bangsanipun engkak-engkakan wondene anggenipun sisilih nama kanjeng pangeran ariya Suryengngalaga punika inggih temenkala piyambakipun manggen ing dhusun Maras (Kalasan) samanten ugi boten saking pakenipun ananging saking pikajengipun para anak murid lan malih tetoyanipun anggening sami kaombe para murid murid wau ugi saking pikajenging anak murit piyambak paturaning pasakitan ingkang samanten wau kathah doranipun awit para anak muridipun kala pasakitan dereng kacepeng kapriksa sampun sami prasaja, cocog kados ingkang kula giyaraken ing bramartani ongka 47 tuwin ongka 54 donya pakawis gadhahnipu dhuwung3 iji tuwin lameng luwuk punapa malih panganggejnipun awarni timang jalebrah kalurantemas saha karset maher lojinipun karpiksa saking sinten angsalipu punika ingkang sampun prasaja, dene nammaning titiyang ingkang misungsungaken barang wau ugi kapratelakaken satunggal tugnggal wotnen malih dadosan awarni susu pe satunggal paang ingkang tasih dipun kikibi saking sinten ingkang suka pisungsung, kateter-teter pasakitan muksa dereng purun prasaja, dumugi samanten pamrihksanipun pasakitna lajeng kawangsulaken ing kunjara pamriksanipun dipun sarantosaken malih ambok manawi sawatawis dintenipun malih gadhah kaengetan purun balaka.

Kala ing dinten Jumungah kaping 17 ugi wulanBesar punika, panjenenganipun bupati panyarirani ngaping kalih ing pamriksanipun paakitan kasebt nginggil wau, ananging rehning pasakitan wau salebetipun wonten kunjara patrapipun kados dene tiyang ingkang ewah, mongka kantun aneter mrih prasajanipun susupe sasping punika saestu saking sinten angsalipunmila panjenenganipun bupati dipun pilaur angrewuhi dhateng kunjara, ngiras mariksa kawontenanipun kamar kamar panggenaning pasakitan, kacariyos pun pasakitan pangeran anceran dumug ulat sang bupati rawuh ing panggenan kamaripun sakala lajeng wuda byar akaliyan reyab-reyab dalah muridipun kaetheng-ethengaken kemawon ananging sareng dipun ngendikani akathah-kathah sartta saerap serapaken dening sang bupati inggih lajeng purun anandukaken tatakrami, saha emut mangangge sandhanganipun sasampunipun panjenenganipun bupati lajeng andangu kaliyan pangandika arumanis boten kirang pangrapulan pangelus elus inkang ngantos amamarada manahing pasakitan supados kawedhar ingkang temahan anjentrehaken sawantah sadaya, ingkang linampahan ing ngawakipu ewa samanten punan pasakitan meksa boten kakenan ing friyanipun namung puguh saha tansah ubengan kemawon patruanipun wasana panjenenganipun bupati lajeng kondur, samanten ugi taksih kasrantosaken malih papriksanipun ambok manawi lami-laminin gdinten wonten ing kunjara pasakitan gadhah kaengtan prasaja ing parentah.

Dhuh tuwan juru ngarang, kula selak kapengein sanget sumerap badhe punapa sapudhendhanipun nagari ingakgn dhumawah dhateng tiyang ingakgn nema ha anglimputi sunaring praja ung agung, sanadyan sampun tetela bilih punika tiyang namung anjelag alus alusan eram kula anggening teka kjedhep sarta puyutipn titiyang kathah sami amundhi mundhi kaanggep gusti satuhu, inggih ingkang titiyang kuli dhusun amargi saking sopaking seserepanipun la wangsul ingkang talecer pradhantun kadosta: raden mangun Winata ing Kejambon tuwi demang pulisi dhistrik sapulu, lo, eram kapng kalih kula, dene teka sami kelu, ah hem apa baya pirantine wong iku, eh, hem hem e , u, I , a, o eh buta sindhula.

Bantuwarti ki Jaka turidasmara ing Balepita.

Surabaya.
Kyai Blora ing kampung Grudha, misuwur saged dhateng ngelmu panujuman tandik tingalipun sumerep lalampahan saderenging winarah, kathah titiyang ingkang sami nedha sanjata pitulung, ing mangke tilar dhunya mantuk dhateng kalanggengan, sapejahipun Kyai Blora titiyang ing nriku sami sumerep bilih ing griyanipun kyai Blora saben dalu wonten celengipun pethak mawi kalungka cugem baya abvrit panarkaning kathah dede celeng sabaennipun ingigih punika panuksmanipun kyai Blora, kados pundi……
Nalika kaping 12 Juli kapengker punika, bok pondhok ing kampung Kebon sasaran gadhah anak jaler, ingkang tanpa bolonganing medi, sumerepipun sampun let sadinten sadalu, bayi badhe ambubucal katingal palontiran saeng dipun mekmeki buntu namung saged toyan kemawon dumugi kala samanten bayi taksih gesang, saupami bolonganing medi dipun bedhel dening dhokter, kados dene kala bayiing Jombang, bokmanawi saged lulus gesang.
Banjarnagara
Nalika kaping 7 Juli kapengker punika ing dhusun Banjarsari (Bawang) wonten tiyang estri rencang lae, sabronlan tiga iji sami jaler sadaya, sarta sami lastantun, memelas sanget bayi titiga wau bilih ing tembe boten wonten tiyang welas purun anesepi, upami dipun inyakaken sarehning tiyang alit sarta mlarat sinten ingkang badhe ambayar prabeyaning nginya, bokmanawi ager-angger rin nagari taksih kalongkangan manawi saestu makaten prayogi dipun wontenaken punika kalebet pangreksa genging tiyang.

Situbonda
Ing Onder dhsitrik Panji, wonten tiyang mamaron ingkang jaler nuju giling dhaten griyanipun bok nem lerespun wanci enjing igilir dhateng griyanipun bok sepuh, sareng wancinipun mantuk dereng katingal mantuk,manahipun bok sepuh muntab sanget dipun antawisaken meksa dereng dhateng, lajeng dipun larag dumugining griyanipun bok nem bok nem saweg medal saking griya katingal pupuran sarta awakipun katingal pethak labet mentas dipun balonyoh ing wedhak manahipun bok sepuh kados dipun dodor ing ngalu lajeng angujar-jari awon entek amek kurang golek bok nem angraosaken gemes miengaken ungelipunb bok sepuh, lajeng malebet ing griya mendhet lading blathi, medalipun saking griya boten mawi saronta boksepuh dhipun jojoh ing lading kenging salangipun ngantos kacep pejah sanalika, bok nem kacepeng ing tiyang kathah lajeng kalebetaken ing kunjara, uh ketiwasan pak lanang, kapiran kapirun bojo loro siji ana ing suwarga sijine ana ing naraka awake ana donya.
=====\==========
Panjurung
Katur mitra kula Ngabdul Jailin
Saking pamuji kula bilih wonten kalepatanipun atur kula ing ngandhap punika sampun kirang ing pangaksama
Sarehning kula gadhah panginten bilih sampeyan punika mitra kula lami, ingkang dunung ing kebon karajan mila dados kula kamipurun cumanthaka nyuwun brkah saserepan kados ing ngandhap punika.
Kados ta tembung parlu, sunat wajib lan wenang, punika sami tembun gpunapa, teges sarta maksutipun kados pundi, kajawi punika menggah bab panangu sampeyan tiyang pejah ingkang sarana nganyut tuwuh punika awon punapa sae, mnongka ing bramartani ongka 55 sampun wonten ingkang mratelakaken bilih nredyat mangkaten wau awon.
Ingkang punika menggah cocokipun kaliyan pamanggih sampeyan kados pundi, punapa inggih sampun leres punapa dereng.
Kula nuwun atur kula sadaya punika wotnena kara sampeya nparing katrangan ingkang badhe andadosaken padhanging manah kula.
Kula mitra sampeyan pun Jaka Sasana.

Minangka pasumbang tumrabing pustaka warti, ye kakadya: ring ngandhap punika candhakipun kanang wiyata.

Nora netra nora kuping, tanpa lesan tanpa panggrana, miwah tanpa sarirane, nanging awikanign rahsa, ing gondamyang pangucap rupanign rupa kawengku, datan ana kaliwatan. Saosiking karsa dadi, mya asrining wanawana, tan beda iya becake, ilanging cipta pakarya, nira tan anakurang, sampat sampurna sadarum saha deging kang sarira. Liwreksakalawan angi, kadya puwan lawan lenga, lir gonda lawan sekare, kadya angin lawan tawang, lemah lawa wijenan lir angi lan panasipun mangkana bathara suksma. Anane amoring ngati, tanpa tondha tatengeran ngucap milwa pangucape, pandulu aworing netra, ambu amoring gonda, amaengan iya tumut angrasaken kapinangan. Kumedhep tumuting ati, awor lawan ciptanira, aseluman ing budne, mor sarireng poncadriya, angganing ngular-ular, tan pisah kalawan jarum ora wurhadatan pisan Tan pegat angapti-apti patitise ing patinya, tanpa pegat pangambille, wekas unggyaning kamuksan upayanen ing manah, peresen sajroning kalbu, sang hyang bathara tan liyan. Tanana ing kulon nenggih, ing kidul miwah ing wetan ing lor kalawan tengahe, ing nginggil miwah ing ngandhap tengen kalawan kiwa, ing ngarsa miwah ing pungkur, hyan gsuksma tan aneng kana.
Taksih wonten sambetipun malih

Ingkang manulat isng papakem sawantah dera ki jaka pranawa sidhi ing dhukuh Mendhangprawa.
=========\===============
Sambungipun triwara sungapung.

//Imandra\\ Wineceku, cawangan kacuwan kayu cacadig pratingkah, ciri caraning waweri, cara rucah caruk coro kipanrima. Tyase sakuwur, kaworworan awanapsu, arda sayandadra, tan basan kalebonablis, kang mangkono wus surupa, laan setan. Kacekipun, cangken muur netra munglu, mawa sikil tangan solah bawa angemperi, nora beda dhapure, lawan manungsa. Yen sireku, padhatea ngandel satuhu, wujude ing setan lah payo liyaten yekti, ing bundering netranta, yen nuju arda,. Oya iku, wujuding setan satuhu ingkang konusaka, sumuking ngada mawenerdi, den waspa dapan duking pangendrajala. Wruh anteku, weriing ngurip satuhu, tarlen budinira, pribadi, ing rinawengi, kang nganaken srabedha, ardarubeda. Jatinipun srenging budi awa iku, ingkang tuwuh dadya, srabeda, angrubedani, ing tegese,budyarda angakaramurka. Wujudipun pakareman sawiji ku, main ngabotohan satuhu ratuning peri,nora mari-mari yen tan kawerongka.
Taksih wonten sambungipun
Bangiketring, sangdamakumawi, widyakamawa ing bukit kadilaya.

Ongka 64 Salasa Paing kaping 5 Sura Jimawal 1821 utawi kaping 11 Agustus 1891

Pawartos kawat

Kanjeng tuwan Ardres kajumeennga ken residhen ing Prayangan.

====\==========

Surakarta

Wontenipun titingalan komidhi ing Surakarta, titiyang ningali sakalangkung kathah, ing Madeiya sangantos bentet juru mupu arta sampun boten saged anyadeni karcis malih, temahan titiyang ningali kathah ingkang sami menek ing wit wiringin ing sisih kilen panging waringin sempal tiyang pinten pinten ingkang dhawah, rahajeng boten wonten ingkang katiwasa namung satunggal lare dhawah ing balok ngantos kalenger, makaten malih amargi saking kathahipun titiyang ningali, kathah ingkang sami katiwasan kaseler barang panganggenipun ingkang kathah awarni tmang kaliyan erloji, anakipun raden ngabei Atmasumitra kecalan erloji mas pangaos 250 rupiyah sapriki dereng angsal titik kyai bleber sarta kyai andon ingkang sampun sami kulina utawi sumerep dhateng pakumpulaning para gentho mamalaning praja, mugi amitulungana dhateng para kawusahan wau, saestu badhe saya misuwur menggah ing kacakepan sampeyan.

Sampun sawatawis dinten punika rencang kula estri kula kengken dhaten gwande, saeng lampahipun dumugi sakilening parapata ing secayudan dipun celaki tiyang estri sampun sawatawis sepu kaliyan wianten mangkaten e bok mas kjla aturi kendel sakedhap kula gadhah dagangan supe cere dhempet regi Rp. 25, sampeyan punapa karsa tumbas wangsulanipun rencang kula, bok inggih cobinipun paringaken manawi angsal mirah-mirahan sampu sepuh lajeng nykakaken supenipun wusana sareng dipun tingali….nipun boten marwat embanan dembaga, mripatipun bardiyep dados rencang kula boten ajeng, supe dipun sukakaken wangsul pun sepuh wicanten malih, kdos pundi bok mas boten Rp.25 inggih karsa sampeyan pinten tiyang kla selak betah ta sampun kula aturaken Rp. 15, rncang kula mangsuli, o sampun bok boten siyos mawon cekakipun ngantos diun sukakaken 30 dhuwit nanging rencang kula meksa boten ajeng, lo para priyantun estri ingkang sami dhateng wande kula aturi ngatos-atos manawi kapethuk tiyang sepuh ta wi supe, punika tegesipun ngapusi, ah tujunipun kacelik.

Kintunan.

=======\==========

Gelar Ekapraya

Ing salebetipun wulan Besar ingkang kapengker punika, wonten cina ambarang sulapan dhateng bok Sawa pinilih, ingkampung puspakusuman ingkang pinuju dhasar gadhe wotnen ngradinan sacelaking griyanipun cina wau tembungi pun mangkaten bakyu sampeyan napa gadhah yatra ringgit yen gadhah kula lintoni yatra pecah kula punjuli suwang, mbok Sewa pInilih sanjang bilih adhah,sarta lajeng ngulungaken yatranipun ringit cina nampeni lajeng kalebetaken ing kanthong rasukan saha lajeng mical yatranipun pecah, ing sadangunipu mical yatr wau wonten tiyang jaler dhateng padon buburan rasukan lurik bok sawa pinilih mangsuli bote gadhah, tiyang jaler lajeng kesah boten kantenan purugipun.

Kocapa pun Cina pamicalipun yatra sareng badhe rampung, ringgit ingkang dipun kanthongi wau sedya badhe dipun tingali awon saenipun , sareng dipun iling-ilngi ringgit punika warni tiron cina kaget sarta wicanten lo bakyu yatra sampeyan niki kathik kados ngaten kula boten ajeng, sasampuning cina wicanen ambangsulaken ringgit saha ngukup yatranipun pecah dipun kanthongi malih, bok sowapinilh boten purun nampeni, awit rumaos boten gadhah ringgit gopok ngantos rame dados paben boten dangu ing kajaler bok sawa pinilih dhateng Krudha mangkrak boten saronta lajeng galedhah dhateng cina, ananging pun cina boten gadhah ringit malih malih kajawi namung satunggal ringgit budheng punika, sarta pun cina sumpah kathah-kathah, e dhasar wis ganyangane supata, rehning bok swa pinilih kawon tondha yekti, dados kapeksa ing tiyang kathah kapurih nampeni wangsulipun yatra tampang jala punika, babah sulapan lajeng gencretana tulh kucir.

O barang kali orang jawa tadhi temenya itu cina, iya itu gamembawak piging ringgitnya tetul ngatos-atos para melik melok sampun remen nanggap sulapan cina (kintunan.)

Enggelan

Ing Nurpolek kaangge pakumpulanipun titiyang dhusun ingkang sami ngingah rajakaya kaangge tatanen prakawis pangopen tuwin pangreksa punapa dede tedhanipun guyubing pirembaga lajeng diupn ayoni, kathah kaindhakanipun wonten malih saprakawis pirembag ingkang nyaleneh, sawarnining raja kaya ingkang gadhah sungu,punika kedah dipun grajeni pamanggihipun manawi rajakaya sampun tanpa sungu, punika mesthi badhe boten gambira, lajeng wewah tutut sangka wewah jilami, tur kukuwataning damelipun boten suda nanging minggah wewah awit saking tentreming manah aakipun saya lema, sayektosipun sungu punika dadameling rajakaya kaangge pamunahing satru, salaminipun taksih gadhah sungu amingis-mijgis tansah tuwuh ardanipun ngantos saged adamel jalaran keraning awak temahan kndho damelipun saminipun manungsa manawi tanpa dadamel amsthi boten kaserenan kawanen langkung malih manawi dipun…. Lajeng tututan pabudi, sarta boten ambucal yatra kaangge ambayar prabeyaning kawruh li ki ka,nanging satunggal p0unika nyuwun sareh,ngamungna konca kakabat kolah kemawon, menggah anggraji sunguning raja kaya sampun dipun ayoni ugi, inggi h netepipethekipun titiyang ing ngriku lajeng sami angethoki sunguing rajakaya,bokmanawi badhe dipun tulad ing ngakathah.
Kala ing jaman kina panjenenganipun prabu Kaligullah nata ing Ngerum kaungang karsa adamel mas babakalipun warangan sarana ngumbu ingkang kininten saged dados inggih sampun kalampahan kalayan wragad kathahing adegipun pabrik sarta bekakasipun nanging karsanipun sang prabu wau boten saged kasembadan warangan boten saged malih dados mas.

Kala ing taun 1405 praja Enngelan andhawuhaken undhang-undang sinten ingkang ngaken saged damel mas sarta salaka, kaanggep anglampahi kadurjanan ngapus-apusi, sarta kagantungan patrapan awrat nanging kathah titiyang ingkang sami darbe panyuwun suwuking undhang-undang wau, awit para saged kathah ingkang badhe ngayoni damel mas panyuwun wau inggih dipun parengaken ngantos dumugi taun 1689 nanging ingih boten wonten kayektosanipun, sasreng ing taun 1782 wonten dhokter nama tuwan Pris ngaken saged damel mas sarta ngamuraken pinton dadamelanipun mas sakedhik konjuk ing sang prabu, dene babakalipun awarni bubukan abrit sakaliyan pethak bkmanawi tuwan dhokter angajeng-ajeng ganjaran ageng, nanging sang prabu boten kenging dipun balithuk malah angencengaken karsa, tuwan dhokter kadhawahan damel mas wonten ngabyantaraning para saged manawi yektos saged damel mas badhe nampeni ganjaran ageng, manawi boten saged badhe kapatrapan bucal sareng midhanget karsanipun sang prabu makaten wau, lajeng ngendhat talimurda.
Wonten malih ing nagari wonten tiyang ngaken saged damel mas sarta salaka, emas babakalipun tembaga, salaka babakalipun timah utawi seng, sarta pandamelipun wau dipun tungkuli ing tiyang kathahinggih saged dados sarehning tiyang punika sampun tatela linuwih kawruhipun para pakumpulan sami nedha sumerep wadosipun tiyang punik amawi dipun sukani pituwas arta kathahipun Rp. 120.000 sareng arta sampun dipun tampeni wawados wau inggih dipun giyaraken sareng dipun ayoni, pandamelipun mas sarta salaka boten saged dados nanging tiyang Honggari sampun angles kados badhe adamel mas wonten nagari sanesipun supados angsala pituwas samanten malih.

Wonten utusan kakalih bongsa Prasman panganggenipun angantawisi bilih priyantun ageng, dhateng satunggiling pabrik sinjang ing Yorasla utusan wau ngaken kinawasakaken dening parentah pramasn dados lengganan pabrik ingkang sagah angladosi sinjang krobonganing Effiltoren ingkang wonten ing Paris supados bilih ing mongsa badhidhing panggung wau boten risak deing awa asrep ingkang anggadhahi pabrik inggih nyanggemi, lajeng adamel ukuran sarta awis-awis san regi, sareng sampun kadadosan lajeng adamel serat prajangjiyan sarta lajeng sami

katandhanan ingkang anggadhahi pabrik mawi bayar yatra tatanggelan kathahipun 1500 ringgit temen –temenipun badheboten malesed ing kasagahanipun sareng sampun rampung, utusan kakalih lajeng kaaturan kendel sakedhap sinugata dhahar, laladosanipun sarwa adi sarta miraos bibar dhahar utusan pamitan mantuk sagahipun sadinten kalih dinten badhe wangsul asuka katrangan dhawahipun parentah, sareng sampun kalih dinten utusan wau boten katingal wangsul lajeng dipun padosi dening ingkang gadhah pabrik nanging boten saged pinanggh, sayektosipun tiyang kakalih wau dede utusanipun parentah, tiyang ngapus-apusi, ingkang makaten punika piugnanipun tiyang ingkang kaserenan kwruh padhang, sanadyan dhasaripun awon lajeng anglampahi kadurjanan ingkang dipun anggelampah utami, sumerep kabetahaning praja ngantos dipun endel dening juragan ageng ingkang anggadhahi pabrik piyambak sanadyan kacepenga inggih dangu awit saking prayitnanipun beda kaliyan tiyang ingkang boten kaserenan kawruh, manawi dhasaripun awon lajeng anglampahi kadurjanan punika namung angangge lampah kanisthan kendel dhateng ing kawirangan enggal tinalikung, mila ing ngagesang sampun mawi sumelang malih amretek kasagedaning anak putunipun kaprediya dhaten gpamulangan sanadyan dhumaaha ing karisakan beda kaliyan karisakanipun tiaygn bodho, sukur bage sewu netepi pangajeng-ajenging bawa saged dhumawah ing kamulyan mila sanadyan kathah awragadipun icaling yatra wau kenging kaanggep kalebetaken ing celengan bingaihipun ningali mursiding anak putunipun ingkang gengipun rinengga ing buk kathah kaliyan ningali kalempaking artanipun wonten ing celengan anak putunipun sah dados manah, artanipun badhe mambeg salamining gesangipun sarta badhe dhadhal dening pandameling anakipun bilih awakipun sampun pejah, ingatasipun tiyang ingkang kadunungan budi padhang punika bingah aningali mursiding nganak wau, bapa punika kenging ing babasan anak molah bapa kapradhah, tegesipun awon saening anak bapa kecangking.

Panjurung
Semar, Lan, Togog
Togog, Lo kowe dhimas Semar, padha slamet dhi, wis lawas gonku ngarep-arep kowe dhi.
Semar, pandongamu songka marmaning pangeran Allah, iya slamet kang, mungguh ing kowe kapriye
Togog Songka welase gustiAllah padha ugadhi, kajaba iku kowe duwe kabar apa dhi?
Semar, Pepen, kang, malah gonku mrene iki takon kabar mu, apa kowe wis mundhak pangkat mu apa ijeh dadi karangas.
Togog, O durung mundhak apa apa dhi, ijeh balejed dadi jarangas bae.
Semar, e durung mundhak apa-apa, kang, mongka gonmu ngenger iku wis suwe banget kang, kok durung ana kaundhakane, iku saka apa, kang.
Togog mungguh jalarane luput songka awaku dhewe dhi, awit aku ikingluwihi gonku mlincur sarta keser ora duwe pagunan, ora parigel rupa ku kiwa atiku gugupan, lan pakewuhan, sarta maeneh kowe tak kandhani dhi, mungguh undhakane pangakt iku wus atas songka karsaning Widhi, mungguh para panggedhe ing dhuya iki mung dadi lataran bae.
Semar, mungguh ana sawijining kang pethel, kang sregep, kang pinter, kang tetek, kang prigel, kang sembada ing prabot, lan kang wais kang iku apa kena di pasthi mundhak ing pangkat, kang
Togog, kang mangkono iku oa tanggung, dhi, sabab ana wulang kang muni mangkene. Nanging ta begja cilaka, sugih miskin wus pinasthi, wit manungsa tan kuwasa, agawe pesthining dhiri, pintere sugih singgih, tan kena ngandel ken iku, dupi wus sarwa bisa sarabarang sastra mumpuni, pasthi dadi tumenggung tanapi rongga. Wit manungsa tan kuwasa, karya temtuning dumadi, untung becik utnung ala, sadurungira dumadi, ing kono wus kapanci, tan kena owah sarambut wirya kalawan papa, arjarusakireng dhiri, nora kena ngowahi kodrading suksma.
Semar, o, iya iya kang prayoga banget kandhamu iku, rehing wis antara suwe aku lilanana mulih menyang pondhok balapan kang jarangas muga Allah pangeran amaringana kaslametean saha kramu, sarta angganjara kasenengan kang langgeng.

Togog, oiya dhi banget ing trimaku, nanging aku iya mujekake kowe padha kaya pujimu mau, amin, amin, ya allah, sarta aku menehi wulang ringkes menyang kowe dhinanging wulang iki aku nora weruh kang nanggit ing biyen kaya mangkene unine. Wredining kang warsi ta jinarwi, wruh ing kukum iku watekira, adoh marang kanisthane, baicara puniku, weh reseping sagung miyarsi, tatakrama punika, adoh ing pabendhu, pagunan iku kinarya,ngupabuga dene kalakuwan becik wehrahayuing raga.
Semar, e e sapada bae wis nrampungi ya kang, yen mangkono tan nenegake layang wulang sapada rampung, kang.
Togog, iya dhi payoga, lan kowe tak tuturi maneh dhi, pathokane ngaurip iki temen lan mentas dhi, mati karo temen ujudana, dhi.
Semar, e iya tak estoke banget kandhamu iku kang, kudu mati kaliren songka ing temen pancen wus tinakdir karsane Allah pangeran, bukan,kang
Toigog, iya dhi, yes, terebyang
Semar, wis kang andum slamet akulilanana mulih
Togog, iya dhi muga gusti Allah ngabulna clathumu kuwi.
Jagal Abilawa.
==========\==========
Pethikan saking pustakaraja
Meper manahipun para nem ingkang molah sumedya anggampilaken wawenanging bapa, yen tinerak nemahi papa.

Nahan wuryaning carita, rumipta basa mamanis sinung sanggyaning srenggaa, nguni duk ing nusa jawi, jinarwa nuju warsi, Jimawal sangkalanipun rondhon retu kawayang, jaman rebara wus akir, sanghyang kala kalane aneng kadewan.dewaning diyu raksasa, khayanganeng gondamayitm murkambegya ku akuha,kekesa isining bumi, tansah ruhara mamrih, cidra durmala ing laku,asih sagung durcara, adoh wong pasang samedi, gunga luhur sarira pindha parbata. Mastaka lir graning arga, netya kadya tagaspati, tanana kawawawiyat kang pinandeng geseng basmi, siniwi para peri, gandarwa myang ing luhilu, kabeh isi ning jagad juru sisiwo sumiwi, yen tumindak bumi mollah kadya belah. Segune bathara Kala, tanpa engga ludhugmu ki, petak watuk pindha gelas grana angguwa kakalih, kumusuh bajra mijil prawira rehning prang pupuh, tanpa ah ing gagaman kawasa mancala warni, tuhu karya walangati sabawana. Kawarnaha duk ing neba, dening punggawa rasaksi, supenuh neng ngabyantara, ingkang kapara ing ngarsi, putra mantu wawangi, resi pula adi byanung, tangguh amondraguna, garwa dyah kalayowati, angandika wau sabathara Kala. Eh kulup resi pulaha, paran budiia mangkin pamales ingsun mrih wirang, marang wisnu dene mami, misih kaliat serik, ngoli pur lipur tan lipur, sun bingkas tan kabakat, tinilar tilar tanlali, duk manuk maring prabu suwelacala. Kalangkung kinarya wirang, dening wisnu den ngisa engis, solahe nora kiraha, amburu arsa mateni, nguman uman nudingi, rinungu surawadya gung, mangkono ucapira, eh kala sira cecewis, murang sara teka karem laku cidra.Lah mara tanggona ing parng, tadhahana wale mami, duk samana kulup ingwang, rana kadurusen miris kurang thihtik kacethik, upama tan oncat mabur, yekti yen pirnilara,kiarya pirang kang luwih, marma paran pamalesira samangkya. Resi Pula atur sembah, pukulun puniku gampil, nanging lamun kasambadan, sampun ngantos katon nisthip, keda mawi pakolih, dhadhakan ababing laku, lekasan dipun gelar, lampah pamales puniki, agandika hyang kala kulup Pulaha. Apa kinarya paekan, dene prabu wisnupati, waspada sabarag karsa, meh meh tan kena kasilip, nanging mungguh tyas mami, tan lega kang lamun durung, males saka wirangan nembah Pula ha sang resi menggah ingkang kinarya guna paekan. Ing nguni enget kawula putra prabu wisnupati, hyang anamurna kang nama, suwit paduka ngriki, punika den timbali, kinembonga ing bubujuk pinalad driyanira, pinrih sanggupya tinuding, yata wau bathara Kala miyarsa. Gumujeng aris ngandika, eh pulaha sira wasis karya srana pupucukan wus sah mangke pikir mami, lah mara dipun gelis timbalana putranipun duta sandika mentar, , sakecap lampahe prapti, ngarsanira sang bathara anamurna. Caraka nembah turira pukulun ambatinuding, ing ramanta sang hyang Kala, paduka

dipun timbali, haygn anamur na angling, duta teka situsitu, apa ta ana karya, cundaka matur wotsari, dhawuhira ramanta kinen sarenga. Pampah duka ng lahamba, haygn anamur nanging l malih, lah payoduta umangkat sigra kakalih lumaris prapta ing gondamayi, hyang anamur na tumundhuk ing ngarsaniong hyang kala, rinangkul dipun arasi, angandika hyang kaladhuh putraningwang. Diwasa asalin warna, teka baguse manglingi, prawira sakti ing rana, kuciwane anakmami, bakal katekan kingkin kawirangan sira kulup paran lamun mangkana, mring ngapa tingal mu kaki,aneng ngendi areping pamukanira. Sasaban rangkep sapta, raganira pan katawis ingsun milu banget marang, yen kalakona upami, anamurna wonten sari menggah dhaah ta pukulun paran margane wirang, ingakgn sumandhing ing mami, dene datan mawa purwamung wahana. Deta purwakaning wirang, pamurang sabarang kalir, mongka kawulatan murang, punapa daruna kingkin hyang Kala ngandika ris sinawung esem tumanduk eh kulup dene sira,nora rumongsa ing galih, apa nora seruh yen ramanira. Sawuse madeg narendra, jujuluk sriwinupati, kukutha mendhangkamulan kangginadhang madeg aji, arinira srigati, dudusira ingkang sepuh,lah punapa tan wirang, rinira madeg narpati, destu temen sia tan den aken putra. Iya mring sudarmanira, suwuring jaga nyireni, umum lamun jenengira, katara kuramangarsi, sinenggah tanpa budi, lah mara rasanen kulup huyang anamur nanemba, pululun menggah ing mami, sestu wirangna lamun neng ngarcapada. Balik amba wonten arga, ngungkuli para narpati, bawwa kawriyawanan mba, punap awiranging galih,boten kameren mami, hyang kala mesem srumuwus eh kulup nruhanira, karenan lir ing dumadi, rong prakara pada botel waka tilar. Yen mungguh muhung ing swarga, kewala awas kang nami, yen ta wriyan marcapada, kewala tiwas pinanggih, babasan ana kaki dipun taberi narutus dimeneke terusan pikiren dipun premati, aja age kakeyan manawa lawar. Hyang anamurna,mana,kalangkung lenglengkng galih,lilung kapalanga ala,pletan katali-tali, teluh luluh nuluhi,limute laku andarung, angres wiyarsa sabda, kaluhuran ing panggalih, lir murcita engeta pirangan driya.
Taksihwonten sambetipun

Ongka 65 Setu Legi kaping 9 Sura Jimawal 1821 utawi kaping 15 Agustus 1891

Surakarta

Kala wingi sonten watawis jam 5 ing Pajang wonten banke gumalundhung ing Rolan dipun tenggani tiyang estri satunggal sampun sawatawis sepuh kaliyan barebes mili, bokmanawi puniki rayatipun ah, mesakaken sanget kulunun inggih punika dhendhaning pangeran ingkang dhumawah dhateng kawua ngantos anggigirisi, mila ingkang sami nampeni babendu kemawon sami kula aturi enget.

Saking cariyosipun sadherek kula, ing dhusun nusupan kathah sesakit benter kaliyan watuk wiwit garebeg besar dumuginipun sapunika ragi kathah ingkang tiwas jalaran sasakit wau.

Sanadyan ing Bramartani sampun nyariyosaken manawi ing radinan ageng wiwit parapatan ing Gandhekan kiwa, ngantos dumuginipun ing nglawiyan Baledugipun ngntos anyilepaken polok ewadene ngantos sapunika taksih manyul-manyul tansah anglilipi mripatipun tiyang langkung, kados pundi priyantun mantri anem panjenengan kula aturi galih sarehning kawogan awit kula badhe ngangge belor ajrih manawi dipun ewokaken pedhet ing tanah Rus

Kintunan.

Awit ing dangunipun bethating jawah kathah sabin tadhahan sami boten angukup dene sabin gadhung kathah ingkang kikirangan toya, anuwuhaken pamedalipun suda sanget, ing tanah sukawati kidul kalampahan sampun tigang taun kenging winastan bilih pamedalipun sanget anggening boten timbang kalayan pangajeng-ajengipun para bekel kalampahan ngantos kathah ingkang sami sowan ing parentah anyuwun sudanipun sasanggen, lalampahan punika boten sande anjalari tular tumularipun dhumateng para bekel sanesipn, o ingih ta kawotnenanipun ingkang makaten wau, rak inggih sampun kaagalih para ruhur, ingakng sami winengaken amurbamasesa,, saha kapatedhan angemban sih kadarmanign gusti, tumerapipun dhumateng para wadya alit saestu bilih para bekel agelaraken ing kawontenaning wewengkonipun mongka kalampahan katitik saestu inggih makaten tamtu para bekel badhe boten kacuwan ing panalangsanipun, wangsula kados pundi tindak tandukipun para pradikan punapa boten sampeyan raosaken panggresahipun kanan kering sampeyan punapa inggih tulus lembon kemawon pramila sampeyan winenangaken ing Sibupati, dhahar eca anendra kapenak ingkang tinebas rak puji donga sampeyan punapa dupeh sampeyan boten anyanggi taker tehdak raja pundhuti nagari, lajeng kadarung-darung anggen sampeyan kekecanen lajeng sungkan tumolih dhateng kasusahaning ngakathah, dipun grujug dhawet punika rak inggih eca tumrapipun ing awak priadi, lajeng sami tumandanga ta, dipun cobi kados boten wonten awonipun.

Yogyakarta

Sampeyan dalem ingkang sinuhun Kanjeng Sultan Gumyah ing ngakathah badhe kagungan damel nyupitaken gusti raden mas Pratistha, wondening risipun benjing ing dinten Senen kaliwon tanggal kaping 18 wulan Sura ing taun Jimawal punika.

Alestaning karya kanjeng tuwan residhen Mulemster lajeng pasrah panguwasa, badhe lajeng kondur dhateng nagari Walandi sagarwa putranipun sadaya, nanging dereng tamtu dinten bidhalipun amargi kanjeng tuwan wau mawi lereh sawatawis ditnen wotnen kagungan dalem pasanggrahan ing Ngambarwinangun.

Sarehning masa bethatan tansah panggeng kemawon anjalari para tuwan tuwan ingkang ananem tom ngantos sami kaweken salong wonten ingkang awit saking garingipun ing siti, kalampahan ngantos ananem tom kaping tigang rambahan taneman meksa katingal boten subur, ingkang makaten wau saestu anuwuhaken kirangipun pamedal pramila sami mangarsa arsa nunten wonten\a jawah, ignakgn saestu badhe angindhakaken segeripun tataneman punapa malih tumrapipun dhumaeng rosan taneman engal sae, taneman lami ingkang sampun kakawitan kagiling garingipun boten anganlindhing, kenging kaajeng-ajeng pamedalipun kathah.

Tuban
Awit ingkang nawala dalem kanjeng tuwan residhen Rembang,s ampun anamtokaken dhumateng raden Mertapraja, carik kabupaten Balora, kawisudha dados mantri ulu-ulu ing dhistrik Karangjati (Balora) dene ingkagn kakarsakaken anggentosi kalenggahanipun raden Merta Praja wau, raden Mas Suryadi, pamangang ing kantor sekretaris Rembang.
Sampun watawis dangu ing padunungan kula boten wonten jawah, hawanipun bumi panas sanget bilih dalu asrepipun ugi sanget amargi saking punika anjalari kathah wontenipun sasakit panastis pilek tuwin watuk namung sasakit kolera ragi wonten kembanipun mandar ing mangke sasakit wau kenging kawestanan boten wonten inggih sanadyan wontenipun sasakit kasebut ing nginggil kalebet kathah, sarta arginipun uwong sampun mindhak awit taneman pantun ing salebetipun taun pnika pancen boten patosa medal kathah ingkang sami gabug ewadene ing salebeting wulan besar punika, kathah sanget para tiyang ingkang sami mantu, tuwan anetakaken mawi anabuh gongsa utawi pasamuan sanesipun.
Ing nalika dinten malem Ngaat kapengker punika, wanci tabuh 8 ½ , asinten wadana ing Onderdhistrik Semandhi, mantuk sakng dhistrik numpak bendi, sareng dumugi ing wradinan saleripun griya asistenan asisten wadana wau dipuns anjata tiyang, rahayunipun lepat.
Nembe punika wonten sawenehing pangaten dhusun dhateng ing griyanipun asisten wadana nyuwun serat palilah, sareng sampun kaparingan sedyanipun sng panganten badhe lajeng dhumateng panaiban nikahan ananging sampun pinesthi ing pagneran lampahipun sang panganten wau dereng gantos dumugi ing panaiban wonten ing margi kenging sasakit kolerah, ngantos anjalari dados pejahipun.
Dinten malem saptu kapengker punika carik ing dhusun jeruk gulung, bawah ondr dhistrik semandhing, dhistrik rembes dipun sanjat atiyang kengign ing walikatipun nanging boten dados pejahipun.Kala malem Salasa angrintnaken tanggal kaping 11 nunggil wulan wanci tabuh 11 dalu, griyanipun raden nganten Kartadikaa, inggih punika rondha tilaranipun mas Kartdikara, mantri kabupaten, kabesmi denign tiyagn dursila, wontening raden nganten wau ngaleresi boten wotnen ing griya, kesah dhateng ing bojanagara, tuwi anakipun gadhah damel mantu.
Para murid calon priyayi, ingkang sampun sami medal kanthi serat dhiploma saking kumisi pamulangan kacihna saking putusing kasagedanipun kula tamtokaken yen ing mangke sami ageng manahipun jalaran kanjeng gupremen sampeun andhawahaken menggah suraosing sir kiler wau bilih parentah nagari saangsal kedah amisudha dhumateng para magang ingkang sampun angsal dhiploma saking pamulangan calon priyayi.Wonten sawenehing welandi kagugat denign tiyang ingkang dipun pondhoki, jlaaran bojonipun tiyang ingkang dipun pondhoki wau kainggataken, ing mangke prakawis saweg kapriksa, kilap karampunganipun, we la punika punapa ingkang kawestanan wong mondhok adol omah
Katandhan pun Kesed
=======\==========
Wahyuning Pangeran.
Bibar perang in gpulojawi, wonten kaki-kaki priman dhaeng ing kampung Ngungaran kaki-kaki punika kala rumiyin sugih, nanging salebetipun perang dhumawah ing karisakan amargi griya-griyanipun sami dipun obongi ing brandhal nyarangi pundi punjarah raya, sarehning sampun sepuh kerep nandhang sakit boten mesthi pikantuk rijeki, kerep kaluwen, nuju ing satunggal dinten kaki-kaki punika linggih wonten ing warung nuju jawah, tumunten wonten tiyang dhateng saking Salatiga tumut linggih ngaub wonten ing warung wau, sarta lajeng wicanten e: sadherek sdherek kula pnika dipun utus ing bendara dhateng ing samawis ambekta serat katur ing kantor paresidhenan badhe kendel dangu ajrih, awit lampah enggal enggalan badhe lajeng ajrih manawi seratipun risak denign jawah, utawi bokmanawikula kacandhak ing sakit kasrepen amargi kula boten bekta caping, lah sinten ingkang purun mitulungi dhateng kula nyambuti caping, badhe ageng ing panarimah kula,s arta sawangsl kula saking samawis caping wau inggih kula wangsulaken.

Titiyang salebeting warung boten wotnen purun ingkang nyambuti awit kangge piyambak namung kaki-kaki tuwuh kadarmanipun kengetan kala taksih wibawa mukti, remen mitulungi tiyang kakirangan paribasanipun suka beken tiyangkalunyon sasaminipun punika suka kudhng tiyang kejawahan mila capingipun lajeng dipun sukakaken kalayan pirenaning manah, wicantenipun: niki lo putu dika kula silihi caping betuwah, nanging gedhe banget, enggih rada aboit nek digolulunganadoh, nanging boten dadi napa, malah pekoleh boten kodanan lan kepanasen.
Tiyang palayangan lajeng andumugekaken lampah sarwi angangge caping ageng dumugi ingkang kantor paresidhenan Samarang, sareng sampunnampekaken babektanipun serat unduripun dipun andheg ing juragan kapal ing kang panuju wonten ngriku, katawis saking pasang rakitipun pangganggenipun murub mumpyuar rsukanipun baludru, mawi nyotheng dhuwung pendhokipun mas angunir bosok wicantening juragan e buruh mandhega sadhela arep tak takoni, caping iku oleh mu saka ngendi, awit iku mesthi dudu caping mu dhewe, aku sumurup kang duwe caping iku.
Tiyang Palayangankaget sanget midhanget wicantenipun juragan kapal punika, sarta lajeng mangsuli tembungipun kasinggihan tuwan juragan caping punika dede gadhahan kula piyambak anggen kula nyambut tiyangkaki-kaki, wonten ing bango ngungaran wicantenipun juragan kapal e, mengkono, aku tuduhna menyang panggonane wong kaki-kaki iku,, tiyagn Palayangan kula sumongga kemawon anggeripun sampeyan karsa tindak piyambak dhateng ing Ngungaran juragan kapal iya aku bakal mrana dhewe, sarta amurih rikating laku besik padha nunggang jaran bae.
Tumunten juragan kapal kapal nyewa kapal tumpakan kakalih, tiyang palayangan tumut numpak kapal sami sasanderan enggal dumugi ing Ngungaran kendel wonten sangajenging bango pakendelanipun tiyang kaki kaki wau, tiyang palayanganlajegn malebet ign bango kapanggih kaki-kaki sarta napakaken panyambutipun caping, saha cariyos bilih ing jawi wonten jurgaan kapal madosi ing piyambakipun kaki kaki sepu gupuh badhe manggiha, saweg ngadeg juragan kapal sa,[im ki,amglaj omg lpmtem saemg [agitomg [momga; la;oj la;ojo[im sa,o a,nemgpl ;akemg ramgli-rinangkul sambutipun kaki sepuh,d huh anak ku ambyah begja kemayangan temen kowe bisa katemu aku isih urip ora mung bakal ngrungu pawarta yen aku wis matyi kaesi esi ana ing bango kaya tatanign patine kere, wruhana mu thole wus lawas gonku nandhang papacintraka, wis tuwa banjur kacndhak ing lara, uripku mung saka papriman.
Juragan kapal tansah kendel lingipun corocosan titiyang ingakng sami wonten ing ngriku katut sami nangis kamiwelasan sumerep lalampahan amemelas wusana juragan kapal wicanten rama sapisah kula kaliyan sampeyan awit saking pangestu sampeyan saha barkah ing Allah kula dados jurgan kapal kasugihan kula, kula boten saged mical kula sedhahaken wonten ing juru serat saha tukang wangkula, kula namung nyumerepi gunggungganipun kemawon dene kala bibar perang kula inggih boten talompe sampun amartos martosaken menggah ing kasugengan sampeyan nanging panglari kula tanpa damel sarehning sapunika gusti allah sampun nyembadani ing kalih kalihipun ing mangke sampeyan kula pondongi dhteng ing baita nunggil kula salami-laminipun andumugenana kabingahan ingkang badhe kula sudhiyakaken punika ingkang minongka bekti saha pamundhi-mundhi kula ing sampeyan tumunten juran kapal anggabar dhateng palayangan sarta dhateng titiyang ingkang sami wotnen ing nriku sadaya, kaki sepuh dipun boyongi lulus mukti sari ngantos dumugi ing pejah.

Sambetipun pethikan pustakaraja.
Temaha manenggak waspa, pineper puputan pawis wasana wasesa prapta, umatur saha wotsari, pukulun yen suwawi, kawula awit anglurug dhateng medhang kamulan rinebat sarna jurit reremponan asedya taker rudira. Atosing gagra kucika, angrok bonda walapati, apragola teppung jaja, sedhenge linabuh pati dene rama wus lali, dhumateng amba kalangkung, hyang kalamesem nabda, mengko mengko aja kaki, eman lamun sira nora nganggo krama. Kaping dho eman ramanta, cacad jenenging ngajurip jer ana enget manira, pariwara sangka wuri, nora kena linali,

sapa limut ta linimput ngrusak kang nitahena, , kena sapu dhendha pasthi, wong angrusak kang nganakake punika. Yekti anemoni papa, wong ngrusak kang asung uning, iku kena ila-ila, wong ngrusak kang asung mukti, punika bakal manggih, sangsaa saenggonipun ngusak kang karya bungah, iku durhaka pinanggih, basa ingkang nitahake iku dewa. Kang nganake yayah rena, guru ingkang asung uning, kang muktekake narendra, ingkang bungahake kaki, martuwa lanang estri, kalimane iku kulup mila latiti nerak, len saking sasami sami, nora pati gampang gelise sampurna.Pangruwating duka cipta, dene prabu wisnu pati, catur yogya marang sira, patang prenah iku kaki, sapisan Wisnu iki, iya dewanira kulup kapindho sudarmanta, guru tuwanggana katri, kacature wisnu iku ratunira. Kalamun sira ngrusaka, paran bisa musuh mikir, yasaking pangupadrawa, menek dadi ngrejid cacing, tan kapenak pinanggih, kalumpukan kangdos sagung sira laraning lara, yen gnanti ya ngrusak wani, duksamana hyang anamurnamiyarsa. Wimbuh marikelu ing tyas kumembeng netyane kalih, karasa duh kitandadra, tikbrabira andhatengi, haygn kala nabda aris ksi ing sarira. Manawa tembe ramanta, katemu pikire nuli, enet marang jeneng para, kang sinungling awodfsari, nuwun dhateng kapundhi, sandika karsa pukulun ambada tan lenggana, suka myang kalamiayrsi, kulup mengko karsaningsun mrih sarkara.
Taksih wonten sambetipun.
==========\==========

Minangka pasukabing tumrabing pustakawarti yekakadya ring ngandhap punika: candhakira kanangwiyasa.

Aparek kalawan tebih, ageng alit apanora, miwah ala lan becike, ing wekasane takliya, muhung ing kukang tedah, tanatebih enggonipun kang ngakarya ala arja. Akarya geng lawan alit ing ruhur muwah ing ngandhap miwah ing tengah tengahe, ya tengahing ngawang-aang, lor kidul panden ucap anut sakarsaning kawruh, yen manteb boya sumelang. Ya marmane keh kasilip ing kawru tumibeng samar, kang ametengi driyane, saking napsu awanira, wuta tan trusing tingal dadya ngawur sasar susur, kang dudu dinalih iya. Mangkana kang tekeng jati, pangawak bathara siwah, paningale ing ngarsane, anerusi kalbunira, lepas kanang paningal tungtunging ngulat amengku, ngawasaken ing wekasan. Nirus ambukaling aling, sarmurti jati sumunar, mimbuh ngebeki jagade, mangkana ing ngawasira, anuta ing sawarah, ing guru agemen tuhu, pangggahena ing tyasira. Sapa niba wanireki, saenenging ciptanira, kang tan ana rasa gede, sahambege gontanuta, ing tingkah guru nira, tana na sanepanipun ing liyning kang cinipta. Mung wekasaneki napti, panarimanign bathara, tumekeng kang sangkan parane, yeku kang dadya utama, ngilangken rajah tamah, kunci nen kawruhieku, kekesen pamirsanira. Dunungna sajroning ngati, mancur lir sosotya mulya, tan kena kinira dene, tetep datan ilangilang, tan gereng binakara, tan kurang den longa iku, tan luwih den wuwuhana. Datan betah yen ginarit tan karisaparanira, karana ta pangidhepe, sira sang maha pandhita, tan adoh lan sarira, akarya tumut karyeku, meneng milu enengira. Enget weh engeting ati, tanpegat anuting tingkah, asuka milu sukane, amuktiya wibawaha, tan kena ywan kariha, adus apan milya adus ing tirta sukcikanthii
Taksih wonten sambetipun

Ongka 66 Salasa Wage kaping 12 Sura Jimawal 1821, utawi kaping 18 Agustus 1891

Pawartos kawat
Kanjeng tuwan C.M. Keteng Olipir residhen ing Pasuruwan kajumenengaken residhen ing Yogyakarta
Kanjeng tuwan Jonghir, Y.G.O. PonsemitOpaltensetat asisten residhening LImbangan (Priyangan) kajumenengaken residhening Madiyun.
==========\==========
Surakarta
Pakumpulaning para tuwan tuwan kamar bolah punika, salaminipun ing kang ing ngaturanjumeneng lidruhur, naming ingkang sinuhun kanjeng susuhunan kanjeng tuwan residhen kanejng guti pangeran adipati ary Mangkunagara, tuwin tuwan militer komandhan prantan wau taksih kaange ngantos sapriki, gelenging rembag ingkang makaten wau kalampahanipun nalika kanjeng gusti pangeran adipati anom dereng diwasa, rpamila kenging kaewokaken kalimput ing mangke awatawis tuwan tuwan wonten ingkang angosikaken dhateng para pangerehing kamar bolah, punapa malih pancen tuwan tuwan sadaya sami mangayubagya, supados pranatan wau kaewahana, saha kanjeng gusti pangeran adipati aneom nunten ing ngaturan jumeneng lidruhur, punapa malih makaten wau, pancen badhe anjalari resep rumaketing para ruhur sadaya

Wonten prayantun saking Purwadadi Grobogan nalika rame ramening pasamuan malebet ngriki,mondhoking griyaning karuhipun ing kampong Kaprabon kados kasmaran dhateng bok mas Renyep utawi angsal tirahan unjuk-unjukan anggur Ekwem dados anggenipun tilem radi kecanen sareng wungu enjing gragap-gragap pados kemul amargi asrep sanet adhuh sansaya sanget anggening kasrepen awit erloji tuwin timangipun pangaos Rp. 700,-- ingkang sami sinelehaken celak panggenaning tilem sampun sami boten wonten ing nrgiku, ginondhol ing gendruwo kados anjomblong….sang priyayi, gek anggening ngeled ah sansaya…susah ipun, para kawogan gupuh anggening sami upados titik

Pawartos saking tanah-tanah sanes nyebrot aben-ajeng wilujeng.
Tiyang jawi ing Surabaya, ngembalaken pajagenipun patrol dhateng tiyang Madura, jangji saben abis bulan bayar, inggih sampun dipun lampahi nanging bayaranipun dipun tagih mubeng kemawon tiyang madura rumaos jengkel sareng kapanggih wonten ing margi, dipun tedha taksih sumados malih, iketipun dipun sendhal klunyum lajeng kabekta kesah, tiyagn Surabaya kendel kemawon lajegn mantuk santun iket sanes rampung.

Nalika kaping 17 Agustus taun ingkang kapengekr, ing Itreh wonten tiyang angentas bangke wonten salebeting lepen bangke wau sampun risak amargi sampun sawatawis dangu kabalabagipun wonten nyonyah ingakng ngaken bilih punika, bangkening lakinipun ingkang kesahngumbara nyambutdamel dhaten gliyan nagari, katitik saking sandhanganipun boten pangling, bangke wau inggih lajegn dipun saeni ing pamendhemipun wusanaangsal pawartosbiih lakinipun taksih gesang, nyambutdamel wonten ing kitha Dhepenter Nederlan iba bingahipun nyonyah punika, sassat manggih bojo enggal.
Baron ing REs ingakng misuwur ing sajagad menggah ing kasugihanipun petanging artanipun ingkang kalampahaken mawi angsal sareman gunggung 250.000.000 kalih atus skeet rupiyah, punapa kakajegnanipun tuwan baron Ires ingkang kenging kagayuh dening dayaning yatra, boten wonten ingkang boten kadugen ananging ingangesang punika boten saged anyingkiri kasusahan ingakng taksih kineker dhaten ipun sarta bilih andhagengiboten kenging tinambak saking dayaning yatra wau, inggih punika tuwan baron ires mentas kesedan pueta satunggal trenyuh ing galihipun boten saged pulih saking indhaking kagunganipun yatra, malah arta punika ingkang sapalih utawi satus salaweyuta rupiyah dipun pitulungaken dhateng tiyagn bongsa yahudi ingakng sami katundhungan saking nagari Ruslan.
Wonten tiyang jaler Petresbureh mentas kapejahan bojo, ingkang jalaran dipun usadani dening dhokter, panyananipun tuwn wau jalarning pejah bojonipun boten saking sakit nanging saking ngombe jampi wahu,mila serat resep saking dhokter dipun pasang wonten ing

kajeng bapa Salib ingkang tumanem wonten ing kerkob pendhemaning bojonipun titiyang sami ningali ungeling resep boten wonten wadosipuninggih kados resep limrah kemawon kajawi saking pratelaning tuwan wau yen pejah ing bojonipun amargi ngombe jampi dhokter, sanadyan titiyang boten anggatosaken dhateng ungeling resep nanging damel jinjanipun tiyagn kathah ajrih ngundang dhateng tuwan dhokter wau, wusana tuwan dhokter rumaos dipun awon-awon enggal gadhah atur gugat ing parentah, lah punika dayanipun ujar awon sanadyan boten nyata saged adamel ribedipun ingkang kenging ujar wau, punapa pikantukipun ususing ujar awon naming sukak bokdipun mantuni sinepara poswel mindhak tuman dene pikantukipun kok naming sapele.

Ing kitha Kwanton tanah Kuwitang, wanci tengah dalu ing tokonipun babah King Bi tiyan kadhaengan tiyagn kawandasa, sami mrabot sarta mawi upcaranipriyayi, lan wonten pangagengipun satunggal ingakng sinembah sembah, tembungipun alus sarta boten gadhah patrap siya tuwin pangroda igakgh nyumelangi tentremipun tiyang, nanging tiyang kawandasa wau sayektosipun kampak ingkang pindha prayantun tembungipun kautus ing parentah badhe angledhah ing took ngriki, amargiing gudhang kumpeni kagunganipunkanjeng gupremen walandi,kathah barangipun ingakng ngical sarta sampun wonten dollop ingkang amratelakakenbilih barangbarang wau clorotipun malebet ing took ngriki, mila cina wau kedah boten lajeng badhe dipun bonda, bongga punapa nutut, cina sareng miring wiscantening panggeng angles manahipun monkaboten pisan pisan rumaos nampeni barnag colongan sanadyan sanget ingpanabagipun nangingboten piniyarsa denign pangageng wau sarta kapeksa kedahmituruta dipun bonda, tinimbang bongga, boten sande rinejeng ingkathah, temahan naming badhe amewahi sakiting awakipun tur inggih siyos dipun bonda, cina lajegn dipun bonda, miturut boten mawi suwala, sarta lajegn dipun angkataken rumiyin tumunten para tiyang wau amendheti barang took kausungan sakajengkajengipun boten wonten ingkang munasika,barang salebeting took ngantos gasis tumunten pangagne wau botdhol dalah pangiringipun lampah lonlonan boten wonten tiyang ingkang nginten bilih tiyang samanten wau kampak sadaya, mila lampahipun boten wonten ingkang mambengi,kininiten sayektos utusaning paentah,s asampunipun bab las lampahipun sartaq sampun tanpa lari, cina bandan wau dipun tilar lumajeng dening tiyang ingkang pinagtah tengga, saweg punika cina sumerep bilih titiyang ingkang galedhah ing tokonipun kampak cinajerit jerit nedha tulung, nanging sampun kasep menggah lalampahan kadurjanan ageng ingkang makaten wau saestu anggawokaken manah.

Cina neneman nama Iyengsong, ingkampugn Angciyu nagari Cina, kalok saged ambebedhag buron wana sarta amisaya ulam lepen sanadyan kepranggul sato galak sima warak sapanunggilanipun iyengsong boten mawi miris amesthi satoggalak wau kenging kacepeng gesang-gesang ngan boten saged budi, inggih saking cukat trampil sarta sagedipun anandukaken sarananipun iyenxong kathah ingah-ingahanipun buron wana sarta sato galak adamel pangeram-eraming kathah, ngantos dipun jujuluki ratuing tuwa buru, nuju wenehing dinten iyengsong badhe misaya ulam lepenkanthi tiyangkakalih sami numpak baita, sakedhap kemawon sampun angsal ulam kathah, ing baita ngantos kebak lepen ingkang dipuntuba, punika celak kaliyan redi nama Liyosan redipunika kathah simanipun ngantos pating sriwet kados upaminipun menda, boten wonten pdhusunan ingkang celak sarta titiyagn awis ingkang purun ngambah, inggih saking ajrih manawi dipun dekep ing singma,kiocapa Iyengsong wau sakancanipun kendel ing ngriku, angasokaken awak mentas dhtenging dharatan sarta lajegn cethik latu kadamel angratengi ulam badhekadamellawuh, sekul sampun sangu, dereng dangu tumunten katingal wonten sima lorek sakawan dhateng, angangah-angah kados tumunten badhe ngalethak kancanipun iyengsong ngoplok boten gadhah bayu,dhengkelen botensagedlumampah, tumunten Iyengsong cancut taliwonda, angembarisima sakawan sarta boten naming rumeksa dhateng awakipun piyambak mawirumeksa dhateng kancanipun tiyang kakalih ingkang sami dhengkelen wau, saking cukat tarampilipun boten dangu sima ksakawan sampun samikapikut kalebet ing pirantoslajeng dipunpejahi, this this thas this,eh toblas athik ora malebu komidhi tarung karo leyo ana krangkong sineh, embuh sing di this

==========\==========

Jaka Suyatna sangking sih tresna kula dhateng sampeyan sampn kados adherek kula ingkang nunggil yayah rena pyambak wangsul panganggep sampeyan dhateng kulak as pundit

kulunun punapa ingih sagednimbangi kados cariyos kula ing nginggil punika yen makaten inggih sukur, 1821 dados sampun saged seething, menggah trap-trapanipun ingpawongmitra punika prayoginipun kedah ingkang sabarng conthong,liripun makaten kados pitaken sampeyan bab tembung pnika lugunipun pancen angel tandhanipun dangu boten wonten para sarjana ingkang karsa anjawab leres lepat kangge utawi boten kula lajeng tumanggap angaturai katrangan lo punika kula rak sampun martandhani ta namanipun wangsul ingakng kaping 2 sampeyan badhe mertamu dhateng padhepokan kula ngantos saprikiboten rawuh-rawuh lo punika kados pundit punapa ingkang dados kanggekipun boten saestu rawuh punapa martuwi kemawon mawi ambekta angsal-angsal yen makaten langkung prayogi lo punika kula saosi sarana kanggge angangsal-angsali suwawi bubundhelan kula tembung ing ngandhap punika sampeyan udhari, 1 tembung slanggapan ujar, 2 blerengen 3 sapratelon 4 sasanggen tembung, 4 bab punika winastan tembung punapa sarta tegesipun kados pundit, kula baresipun radi kasupen ririmbaganipun mila mugi kapadhangna pepetengipun manah kula ing babadhe sapinten bingahipun manah, lo, wasana sanget ing pangajeng ajeng kula
Kebonsari tanggalkaping 2 Mukaram JImawal 1820.
Ki Parungsari Indha Panitisara.
==========\==========

Kridhasara, kula sampun maos serat sampeyan tumraping Bramartani ongka, 62 sinukarta ing sekar mas kumambang, suraos aparing jarwa bab tembung jumbling, tuwin congkog, sakalangkung andadosaken suka bingahipng manahkula, nanging sakedhik taksih andadosaken cuwaning manah kula, inggih punika wedaling tembung, 2 wau, mitra dene paring katrangan amila saking panyuwun kula mitra migi karsowa paring katrangan babar pisan.
Kajawi kasebut ing nginggil kaleresan enggal punika jeng manis dhaten ggriya kula, lajeng kula criyosi bilih pitakenipun awitipun gongsa sakati wonten ing mesjid punika sa mpun angsal katerangan panjarwa sampeyan sampun kula criyosaken sadadaya, nanging jeng manis manahipun taksih kirang sumanggem atampi panjarwa sampeyan, jalaran panjarwa sampeyan taksih semang-semang, dados jeng manis langkugn pakewet mangkaten malih mitra kula anedahaken dhateng kasagedanipun putra jengandika endhang manik titisari, ananmtokaken bilih putra jengandika, sumerep dhateng sakawitipun gongsa sasakit wonten ing masjid nanging ugi saweg mara kemawon amila lajeng manis saya bingung sanget boten langkung saking pangajeng-ajeng kula mitra mugi karsowa mitulungi gancaraken malih ingkang tumunten, kajawi punika kula ugi nyuwun katrangan tumunten.
Mitrestu, Girman.

=========\=================

Panyaruwe
sanadyan pugirman sampun saged dhateng pepathokaning panyerat ingkang winastan Gamatika, ewadene kula taksih kadugi nglepataken ingpanyeratipun kados ta ingakng mungel saget leresipun saged ingkang mungel kanthi, leresipun kanthi, ingkang mungel tandhanipun leresipun tandhanipun.
Gieman anggen kula nglepataken panyerat sampeyan punika naming kula pendheti ingkang gampil gampoil awit saupami kula dumuk anggen sampeyan nyerat lepating jejer wasesa kedalipun amesthi sampeyan jola-jola, sarta lajeng katitik anggen sampeyan sumerep gramatika wau naming tataken nanging kados punapa warnining serat gramatika punika namtokaken manawi sampeyan dereng sumerep awit sampun tetela manawi sampeyan kaliyan sagala, samajugak satalitiga uwang, lo duka kimase, kula boten adamel pupucuking sabin naming badhe angrameni kemawon anggeripun prakawis kasusastran jawi supados dipun sayogyani dhateng para saged bab lenggahipun tiyang nyerat sampun amuta tuli, sumongga manawi sampeyan kirang pitados kula ingkang damel pepucuk pitaken ing sampeyan kados ing ngandhap punika, sampeyan liling ingkang terang, jeruk bunder kepleng punikanipun wastani tembung punapa.
Sinerat ing dhusun Sumberwetan kaping, 27 Besar Ehe 1820
Kula mitranipun Sagalapun REsa SEtika.
==========\==========

Sambetipun Pethikan Pustakaraja
Sira ingsun malih aken estri, angejawantah neng marcapada, jumenenga ratu angger, peri wadon balamu, iya ingsun kang karya wiwit mring ramanta srinata, turutenakingsun hyang anamurna sandika, sanalika hyang kala masang samadi, nyipta hyang anamurna. Tuhu kawaga hyang kalanguni, mung sakedhep netra sampun warna, wanudya endah semune, cahya nuksmeng sitangsu, datan paelan widadari, pinasang dhesthi dhustha, kebek budanipun karya koping paningal kapigyane hayng kala manguning mathi, aris andikanira. Anamurna sira sun paringi, kakasihira ya prabu rara, kresnawatari pantese, sun karyaken kadhatun aranang medhang panataran wit bakale ingsun puja, dadine prajagung, eh sira kulup pulaha, angracuta jalu warna apawestri, sandika hyang sulaha. Samya kawasa sakedhap warni, dyah alangargandes maksih rara, suka hyang kala wuwuse, lahpula anakingsun paparabaken sukskandini, dadiya patihira sikusuma prabu, ambaboni sabalanya, awon sarisira dewi sukskandini, nuli wadyane dityaa. Kakalih wusinalin wanwini, samya dadya wadon ayu endah, ditya swandumengyarane, sinungan nama sampun ken suminta wadana puri, kang sujaga raksasa, dyaramiyasinung, aran saoyi pinangkat angreh wadya peri ing sanuswajawi, kinen mangejawantah. Sipat manungsa makaryaprajurit ditya kalih matur tan lenggana, hyang kala anjejag age, bantala renju megur, gara-gara kagigiri-giri, geter pater wurahan wetan eler kidul kilen ngakak pracalita, gebyar gebyar prabawa goraya sumrik gegeri peris samya
Taksih wonten sambetipun.

Sambungipun triwaraPasungpung.
Nanging iku, ana kalewianipun yen lagya sambada, ageple ngudung bilahi, pangrasane dulu wotan ngabotohan. Kaya indhuk naruthuk saking tan mathuk teka tan kethaha, narima suka sathithik baye kuweong, tan wruh goning cik begja. Yen nggonipun neng bangku kang winalitur, kang mongka lantaran, pangayuh ingbekjacik pan mangkono kang wus karem ngabotohan. Lamun weruh, bangku bunder, pinalitur, kasonganing pandam lirap lirap anyulapi, tyas kumelap lwir tempuh ing pranasmara. Badanipun gumriming tekan sakojur, kawimbuhan praja, gebyaring karetu enggris kang cinitra, dharadabyur kakembangan. Ciptanipun embuh ontung embuh kontung, tyasnyakumarangsang, napase segmatek aji, aji ginungpangaskreti, pangirupan
Taksih wonten sambungipun
Ingiketring, sang damakumawi widyakamawa
Ing Bukti Kadilaya.
==========\==========

Minangka pasumbang tumrabing pustakawarti yekakadyaringngandhappunika, candhakira kanangwiyata.

Wonten ta wukir aruhur, gengira anglalangkungi, tanadoh lawan sarira, unggyaning kangpunang wukir, paningnriku enggenira, hyang poncasatya dimurti. Kang munggeng sukuing gunung, hyang giri nata sumilih, wonten ta sekar winarna, ngimbangi sukuning wukir, umekar roni rareta, lir amajupat winarni. Muhung sakawan ronipun tan siwah gonira sami, lor kidul kulon lan wetan tengah ing ron wonten agni, lir amadhangi buwana, muntap urupekaeksi. Punika pangawakipun bathara brahmageneki, ing ruhure urub ingkang, pawaka sari imingi, wontten ta malih puspita, asripanawarni-warni. Umekar nenem ronipun ing madya ayun tan sipi, wonten malih kang pawaka, lumrang tumeja nelahi, wonten malih kan gpuspita, munggeng pucaking kang agni. Abra lir suryadukmetu, mabang saking jalanidhi, mekar sadaya ronira, madya suryadenirderi, ing jronira kasarambah, ing sira sang wis gumurti. Hyang surya pamekaripun sumorot anglalang kungi, wonten malih puspitendah, umunggyeng tengah ing wukir, sadaya ron sarinira, warnanya lr teja abrit. Kadyua sosotya umancar, mabang senenya aresik sektine hyang jagadnata, sekar ajajar tulya sri, samine warna kang mekar, lir sumaji ngarsa sami. Wonten mali puspitagung, abrawarnanira putih, sadasa endahronira, ing tengah wulan nelahi, bunder lir purnamasadha, enggonira aneng wukir. Sang hayng iswara yan lungguh, akalangen aneng wukir, suka sanghyang maiswara, denya mekar

anglangkungi, munggeng pucaking arga, umekar ronira asri. Ing tengah kancona murup kang sosotya anelahi, ingriku pan enggnira, nenggih sang batrhara sekti, ring pucaking kang hyang arga, kamantyan mukya linuwih. Wonten toya nya kalangkung, ngapwening nirmala suci, ing tngening tirta marta, wonten awoh sosotyadi, pethak wrnanya gumebyar, mekar amenui warih. Asri sae wuroipun wonten watu ingakng mugning, tengah tenahing puspita kadya mega ngemu riris ing pucuking ngeronira, lir surya praja nelati. Muncar dumilah sumun, angebeki buwana tri, ring madyanya malih ika, sui tanana kaeksi, punika pangawakira, sang manon datan kaeksi. Tansah aja ganeng ngriku,s ang manon datan kaeksi, apadhang tanpa watesan pangawak sang batharahui yen simanon data nana, mari mangreksa ngastuti. Tikang manulat sing papakem muhung sawantah, dera ki Jaka Pranawasidhi
Sang dhudhukuh ing Mendhangprawa.

Mas Bandung wasa, ngantos cecengklungen anggen kula angentosi wangsulan sampeya ana wong dita koni embahne dhewe teka rungu-rungu wangune, enggal talajegn amedharna,namaning pupundhen resi pipitu, namaning pupundhen redi pitu, pramila ing candranign sangkala punika sami anggadhahi watekpitu, punapa malih brahmana pandhita sabrang anggadhahi watek wolul punika tumuwuh ing punapa, tamas bandugn sampun anggali rikuh, badhe kula angge piyambak]
Punembah Jurungarang.

Ongka 67, Setu Pon kaping 16 Sura JImawal 1821 uawi kaping 22 Agustus 1891

Wewahan Bramartani cariyose sewu satunggal dalu, ing mangke kaendhakaken rumiyin kaselanan cariyos pitkramen mawi kasekaraken samongsa cariyos pikramen sampun dumugi, cariyoswu satunggal dalu wau kalajengaken malih ngantos candhakipun mugi sampun andadosaken cuwaning pangggalih
Jurungarang.

Balitar
Nalika tanggal kaping 15 Agustus punika, ing dalem kabupaten amarengi pasamuwan inggih punika pamiwaha pikramining putranipun ingkang bupati, dhaup kalihan putrinipun ingkang bupatiing tulungagung, sarengmadyanipun dalu rame-rame ning para tamu sami jajagongan ingakng ting tindak tanduk amrascihnani resep supaketing ngamitrandhu dhumateng ignkang kagungn damel punika kanjeng tuwan asisten rawuh mangrasuk busana ageng,s aha ing ngiringaken sawatawis tuwan tuwan sanalika pasamuan ing ngukulan prabawa lajeng cep lir pendahwadya mangnungku umiyat ing n gagana aneng abawanign wahyu angrawuhi, kanjeng tuwan asisten jumeenng ing madya ning pandhapa, nunten bupati ing ngatag majeng saha ajengipun wau ginarebeg para tamu adaya, sasampunipun nunten kanjeng tuwan asisten amangandikakaken bilih panjenenganipun sinulihaken kanjeng tuwan residhen ing Kadhiri, ignaing awit gerah pramila kapambengan rawuh, angembanti timbalan dalem sripaduka kanjeng tuwan besar, andhawuhaken sih nugraha dalem dhumateng bupati, yen inga mngke sinengkakaken ing ngaruhur pinangkat pangeran kanjeng tuwan aissten mawi amedharaken lalabet pasuwitanipun bupati, bilih sadangunipun kaabdekaken ing kanjeng gupremen kacihna naming muhung dhateng satya tuhu saha asih manteb abipraya dhateng karuhuranipu nkanjen ggupremenpantes dados satutuladan kanjeng gupremen nunten kanjeng tuwan asisten anggiyraken sadaya nawala ingkang tumrap dhateng bupati, wiwit pangkat carik dumuginipu kawisudha ing pangakt adipati, sasampunipun lajeng atedhakaken nawala ingkang taksih ing ngulesan peni, inggih punika nawala dalem sripaduka kanjeng utwan besar, ing pangangkatipun raden adipati arya warsakusuma dhumateng pangakt pngeran, sugata sampanye lajeng kaajengaken kanjeng tuwan asisten tuwin para tamu sadaya sami angunjuk wilujengipun raden adipati, surakipun para tamu angatawisi bilih sadaya sami jumurung amangayubagya dhateng widadaning, ingaing mentas dhumawahan nugra ageng, sasampunipun nunten raden adipati arya warsakusuma angasta gelas sampanye, para tamu ign ngaarani sami ngunjuk saha lajeng majeng ing ngarsanipun kanjeng tuwan asisten raden adipatiangaturaken panuhun pamundhinipun dhumaten gsih nugraha ingakng dhumawahing sariranipun, menggah katuripun ingkanjeng tuwan residhen salajengipun sumaos konjuk ing ngarsa dalem sripaduka kanjeng tuwan asisten tuwin para tamu sadaya ing ngaturan sami angunjuk wilujeng raharjanipun kanjeng gupremen.
Rahaden adipati arya WArsakusuma anggening lumebet ign damel nalika taun 1837 dados carik ing Kadhiri, ing taun 1840 kawisudha dados mantra dhistrik ing kartasana, ing taun 1847 kawisudha dados matri carik ing Berbeg ing taun 1854 kawisudha dados wadana ugi ing Berbeg ing taun 1866 kawisudha dados patih ing Baloitar, ing taun 1869 kawisudha dados bupatiugi ing Balitar,nunten ing taun 1875 pinangkat adipati, ing taun 1887, tinengeran mendhali jene cihnaning bekti sungkem ing pasuwitanipun saha dereng dangu mentas ing ngangkat sesebutan arya, dene dumugi ing mangke dados sampun angsal 54 tau laminipun anggening suwita
Sampun kasinggihan pangandikanipun kanjeng tuwan asisten lalabetipun raden adipati arya warsakusuma dados tutuladanipun para ingakng sami suwita, awit punika naming anyeplesi candraning tindak ugtami saestu anuntuni dhateng karuhuran.
Para tuwan tuwan tuwin sanesipun sampun sami sumerep sadaya, bili kanjeng tuwan residhen ing Kadhiri asaos unjuk dhateng ing Batawi, anyuwun mugi rahaden adipati arya warsa kusuma pinangkat pangeran tampinipun nawala saking Batawi bilih panyuwun wau kaparengaken punika kineker dhateng kanjeng tuwan residhen anggening badhe amatedhakaken nawala wau, angentosi tempukipun damelpikrami wau, pramila sareng madyanipun rame-ramening tamu jajagongan kajeng tuwan asisten ambolos kondur, boten

antawis dangu wangsul rawuh malih mangrasuk busana ageng, ing ngringaken panjenenganipun tuwan presidhening Prndrad tuwin tuwan KOntrolir punapa malih tauwan tuwans anesipuns awatawis punika para tamu sami kaget sareng binuka ing wadosipun bingah ing tamu ignggih sakalangkung, punapa malih tumuwuh ing tindakipun raden adipati ARya Warsakusuma punika dhumateng sadherengah tipang, sanget anandukaken traping susila karma, asish rumaket saha agahan atutulung dhateng sasamiing tumitah, awit ing resepipun para tamu ngantos bibaripun pasamuan sanghyang Bagaskara kuningan sampun sumirat, dene ing dalu punika pajeng sampun wonten para tuwan ingkang sami rerembagan roroyoman badhe amiwaha, ing pangngkatipun pangeran raden adipati arya Warsakusuma wau.

Pasuruan

Sareng sumebaring pawartos angombra waradin ing kitha sadaya, bilih kanjeng tuwan residhen kapindhah mangereh nagari Yogyakarta, tumandukipun pawartos wau dhumateng sadaya ingkang winengku anrenyuhi, sanalika ingpanganggepipun kadya kataman ing warta cintaka, awit kanjeng tuwan ing tindak tanduk naming arsa mahambeg utami, anjalari agung kinasih andhateng para ingkang binawahaken sadaya, ciptaning driya ingkang cepak naming adhuh baya kadya pundit badhe kaoncatan pangageng, ingakng lembah panggalih saha juju ring tindakipun wangsul sareng ginagas gaga sing kawontenaning lalampahan punika jumbuh kalayan pangarsa arsaning ngakathah, inggih punika indhaking karuhuraing pangkatipun kanjen gutwan residhen pramila sadaya lajeng sami manungku sungkem sumeleh ing kekeranipun pangeran ingkang maha agung, mandar sakalangkung jumurung saha mangayubagya dhateng indhaking karuhuran wau. Datan langguk saha ambeg rumaket dhateng sadhengah tiyang, arsa anglaksanani dhateng sadaya atur, anambadani dhateng sadaya pambudi, jumenengipun kanjeng tuwan Ketingolipir kenging winastan sayekti kadya paugeranipun pangangkah satuhu, tuwin sedya sanyata, boten nate wonten ingkang kacuwan ing aturipun bilih atur wau andadosaken raharja utawi suka rena ning ingakng sami kaereh, punapa malih ingkang garwa cucut amicara luwes ing pamengku, anjalariresep rumaketipun ingkang sami maratamu, pamujinipun para ingakng sami tinilar, jumenengipun kanjeng tuwan ketingolipir ing Yogyakarta mugi-mugi lastantuna, tulusa kadya jumenengipun wonten ingngriki, garwa putra sami tinebihna ing suker sakit cinelakna ing suka mlyaning ngagesang. Kanjeng tuwan Ketingolipir saged dhateng tembung jawi, punika tamtu amurugaken kanjeng tuwan enggal dhemes dhateng cara saha tata-tatanipun karaton ing Yogyakarta.

Ngawi

Pasakitan wasta Dipakrama saking dhusun Temugiring kaadanan ing Gendhingan ingakng kalepatanipun nema amejahi tiyang sarana dipun sanjata, prakawisipun sampun karampungan dening radmider,sarta ginantungan sapudhendhaning nagari tinelasan sarana dipun gantung dumugi ingpejahipun ing dinten Rebo kaping 12 Agustus punika, gripir kalian jaksa sami dhateng ing kunjaran andhawuhaken dhumateng pun dipakrama wau, bilih karampunganing prakawisipun sampun nayogyani dening pangadilan ruhur ing batawi, pyambakipun tetep kapatrapan gantung ngantos pejah, dipakrama matur sandika, saha katingal tandukipun tatag malah pawartosipun badhe boten nyuwun pangapunten.

Sakathahihg serat pawartos angojahaken yen ing pundipundi panggenan sangetbenteripun saha dereng wotnen jawah, ingakng gumetes titiyang kathh ingkang kambah ing sasakit panatis sanadyan ing nagari padunungan kula inggih makaten malah anggigirisi, wondening tiyang ingkang kambah ing sasakit meh tanpa etang, awit sampun wradin saben griya sarta kathah ingkang anjalari pejahipun. Saking sih kamirahanipun kanjeng guprenemen ing ngriki sampun kaparengan dhokter jawi, ingkang sanget amitulungi dhateng para ingakng sami sakit saben dinten tansah mubeng ing kampong kampng amulasara titiyang sakit. Menggah wontenipun dhokter jawi punika upami tetep ingsalajengipun amikantuki sanget tumrapipun para kawula alit ingakng tansah kacinthung dening dhukun jambe sedhah mawi tatindhih, malah sakalangkung utami bilih kanjeng parintah karsa maringi dhokter ing sakawadanan satunggal utawi kalih kawadanan satunggal dhokter, ngiras mantra cacar, ambok manawi badhe dados jalaran pambirating gugon tuhon awit para tiyang lalayanan lampah talatos katuntun ing kasunyatan, bilih wontenipun sasakit ngantos makaten punika, para tiyang lajeng

tumuwuh cariyos ingkang aneh saha dupara, kadosta ratu kidul sawadya balanipun rawuh, lajeng kados saemper umuk-umukan ingkang ginojahaken saha anggigirisi dumadakan tiyang ingkang sami sakit kados sanget sangeting benteripun inggih kok lajeng daleming ingakng elok-elok ingkang saras panganggepipun tanpa ginraita teka lajeng amituhu.
Pamujining ngakathah naming tumuntena jawah, ambok manawi jawahs asakit kados lajeng sirna, lah, ki kaum kados pundit, punapa boten ngrayogi amitontonaken dayanipun sembahyang istika.
Prasaja ing Bantalarengka.

Panjurung
Bandungbondawasa, andadosna sumerep sampeyan bilih pun Widyakertata sampun prasaben akaliyan kula, aras-arasen magnsuli dhateng serat sampeyan ingakng kasebut ing bramartani ongka 59 amargi klebatipun anggen sampeyan mangsuli widya kerata naming saking isin mundur, kajengipun widya kerat kulaingakng kapurih mangsuli, mila sampun andadosaken panggalih.
Bandungbondawasa, pundit tandhanipun bilih anggen sampeyan anjawab pitakenipun sedya tama bab candra sangkala sampu nmawi pathokan kawruh yekti ara kula elehaken lepat sampeyan satunggal kemawon inggih jawab sampeyan toya mila kadamel watak akawan awit kamirib sakng angsaling toya kawanprakawis saking badan saking bumi, saking cucukulan sakin glangit.
Bandung, saking saserepan kula langit punika boten nate angawontenaken jawah, bilih jawah sampeyan westani asli saking langit sabab punapa pucukipun ardi Marapi boten nate kejawahan upamileresa panjawab sampeyan jawah asli saking langit dados pnapa puccuking ardi marapi punika wonten sanginggil utawi sajawining langit.
Bandungbondawasa, naming punika pameleh kula dhaten glepat sampeyan kadamel tondha bilih jawab sampeyan dhateng pitakenipun sedya tama dereng temtu wonten ingkang leres ananging bokmanawi malah lepat sadaya.
Ing ardi sela arja kapign 9 surajimawal ongka 1821
Narawangsa
=========\================
Yayi ardamarasma, manawi sampeyan taksih remen manjurunging Bramartani tinimbang naming nglebetaken tiyang karem banyon kaliyan inggu,boginggih anggen sampeyan nyekaraken nalika karma dalem sampeyan dalem kanjen ggusti pangeran adipati anom, punika sampeyan ngabetaken ing bramartani, amesthi badhe damel sukapirenanipun tuwan jurungarang, dene sampeyan karsa biyantu ingkang pancen pantes kagiyaraken wontening pabaratan ngriki, wusana tklim kul akatura ing sampeyuan (*).
Ramakridhasara, pamurih panjenengan dhumteng endhang manik arja, supados angurunana panjar wa bab wotenipun gongs sasakati wontening masjid punika bokmanawi boten saged kaleksanan awit samangke tingalipun andhangmanik arja purwaka, daweg kataman ing turidasmara, wusana namugn andadosna ing kauningan panjenengan.
Sinerat tanggal kaping 11 sura, taun JImawal ongka 1821
Pun Jakasuwedha
=====\==========
(*) o inggih saestu punika mas
jurungarang.
==========\=================
Jakasasana: I menggah panginten sampeyan dhateng kula kasidhep mitra sampeyanlamining kebon Karajan ingkang mangkaten punika bilih temen boten katambahan kula inggih sakalangkung sukur bagi ((+)000 ananging suados sampun waswas ingpanggih kula kedah ngaturi tondhayekti, sarana anilakramikakasih sampeyan ingkang satuhu, punapa inggih Jakasasana X II ingakng sinambat raden A.Pr. bilih boten kalintu kula inggih naming anetepaken ingkarsa sampeyan kemawonmangkaten ugi sanadyan panginten wau lepat boten dados pnapa, amargi tiyagn mimtiran unika langung prayogi katimbang kaliyan mamengsahan.

Jakasasana X III pataken sampeyan bab teges maksudipun tembung parlu sunat wajib lan wenang, punika sarehning kula boten pisan saged damel padhanging panggalih sampeyan jalaran taksih kathah/kacingkrangan kula dhateng kawruh, ewadene saking kumedah kula ingngangep mitra, ing sasaged kula ngaturi katrangan kadamela tarimah lowung kemawon ing ngandhap punika sampeyan pirsani.

Tembung parlu, sunat, wajib punika tembung ngarab parlu tegesipun gatos angestokaken sunat tegesipun utami kautamen wajib tegesipun mesthi, anamtokaken wenang, kados tembng jawi, tegesipun kuwasa kunuwasanaken dene makasudipun sami tumrap dhateng pandamelan kados tapan damelan.

Parlu, punika bilih boten dipun lampahi badhe malarati, bilih dipun lampahi badhe mupangati

Sunat bili boten dipunlampahi boten malarati, bilih dipun lampahi mupangati

Wajib bilih boten dipun lampahi malarati, bilih dipun lampahi boten mupangati

Wenang, bilih boten dipun lampahi boten malarati, bilih dipun lampahi boten mupangati.

Among punika pamangih kula, leres lepat kula sumongga, e meh kasupen pataken sampeyan bab leres leepating tiyagn pejah jalaan anganyut tuwuh, punika mugi sampun dadospanggalih sampeyan kula boten saged mastani lereslepatipun boten langkugn kula namugnngaturi saloka kados ing ngandhappunika.

Papasthening tumuwuh punika kaupamekaken panganten jaler kaliyan estri ingkang sampun gantung ningkah, menggah pangudiing prya dhateng swami wau ing samasa masa boten kenging kadamel tamtu, mangkaten ugi sang juwit inggih boten kenging amrediya tuwin nambuh ana dhateng karaning priya wau(*)Jakasasana XIV atur kula punika bilih sampeyan dereng tampi, prayogi lajeng ngupadosa sarating sakarata pinten prakawis enget kulaing kitab sakaratulmaot anyariyosaken ingngrikubilih sampun pinanggih,s ampeyan lajeng saged mastani piyambak lereslepatipun tiyang cekak bdi

Ing kebonkarajan tanggalkaping …Mukaram ing taun Jimawal 1821

Kula pun Pangkirul Ngabduljailit

==========\=====

(*)lah manawi nedha suweng cinanginang boten kadugen kados pundit, ah kok enggal menang makoten sampeyan napa namugn ken malerok mawon iyah

jurugubah.

==========\========

Ongka 68 Slasa Legi kaping 19 Sura Jimawal 1821, utawi kaping 25 Agustus 1891

Surakarta

Nalika malem Ngaad ingkang kapengker punika wanci jam sanga sonten ing kampung Dayakiswaran wonten griya basmi telas griya sakawan alit-alit ingakng mubal rumiyin griyanipun Wongsataruna, sumerep sumerep tongga tapalihipun griya wau sampun mubal angalat-alat mongka wongsa taruna jaler estri wonten salebeting griya, punapa malih konten sampun mineb saha boten wonten sabawanipun para tandang trangginas anjebol konten sareng malebet ing griya katingal wongsataruna jaler estri taksih sami sakeca tilem ingakng lajeng sami dipun galandhang medal, rahayunipun ing sonten wau konten wonten angin mongka ing kampung wau riya pipit kathah ingakng payon atep wah ing masa garing yen ta wontena angin saiba sang hayang brama anggening anandukaken kruranipun, pompa kalih ingkang dhateng atutulung, punapa malih panjenenganipun kanjeng tuwan asisten inggih rawuh, saha mamatah ingkang sami anandukaken sanjata pitulung, ananging meh sadaya sumur ing ngriku sami esat.

Kala wingi kula martuwi dhateng sadherek kula ingakng suwita wonten ing kabupaten Karftasura, kula dipun cariyosi manawi sabawahing kabupaten Kartasura, kathah titiyang ingkang sami ginanjar sakit benter kaliyan watuk boten kirang saking 1400 titiyang ingkang kenging sasakit wau, dhuh gusti ingkang rahman rakim munggi welasa dhateng kawula tuhan ingkang sami kenging sasakit benter kaliyan watuk mugi lajeng binukoha panuwunipun para ngulama ingkang sami sembahyang istika, supados sageda suda tumuwuhipun sasakit benter kaliyan watuk Kintunan

Yogyakarta

Kala Reboenjing sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng sultan tdhak dhaten ging dalem paresidhenan ginarebeg para kanjeng ratu saha para kanjeng pangeran putra santana dalem kqrsaha mirsani barang ingkang badhe kalelang, enjingipun ingkang sinuhun uti 6edhak malih dhateng dalem paresidhenan karsa dalem wau amracihnani resep supaket dalem dhumateng panjenengan dalem kanjeng tuwan residhen Mullemster, ingkang sapunika sampun rereh saha nunten kondur dhateng tanah Nederlan, inggih taksih dalem ingkang amanten wau, awit sanadyan dereng dangu jumeneng dalem kanejgn tuwan mullemsyer ing ngiki, ewadene sampun kathah labetipun ingkang sae, tumrapipun dhumateng pangrehing praja dalem.

Kendhal

Wadana Cengkalsewu (Pathi) trunipun kanjeng pangeran Megatsari bupati ing Pathi, saged dhateng kawruh panuntuting sato, ingkang bilih sampun tutut samijil mangke ngiring dreh sakajengipun wadana wau, manawi wadana cngkelsewu kekesahan dalu tmpakanipun lembu, punakawanipun ingkang bekta obor, menjangan kakalih, kengkenanipun bilih ambekta serat:paksidara, kalakuanipun wadana Cengkalsewu ingkang makaten wau kauningan dening panggagengipun kanjeng pangeran condra Adinagara bupati ing Pathi, wadana ing Cengkalsewu ing nganggep angubalaken ngelmi karang, boten sande badhe adamel wiwinih sudaning tata tentremipun titiyang alit korup dhateng ing panasaran mila wadana ing engkalsewu kasuwun sumingkiripun pangageng inggih lajeng atiti pariksa anyatakaken aturipun bupati Pathi, ugi kelu anganggep bilih wadana cengkalsewu angubalaken ngelmi karang, mila wadana cengkalewu lajegn kakeker kasingsiraken dhateng Surabaya, sarta pinacuhan boten kenigng mantuk salaminipun gesang, gentos ta cariyos wadana cingkalsewu wau gahah anak kakalih jaler estri, ingkang jaler kaabdekaken pamagangan wonten ing kantor paresidhenan surabaya, punika kala sang dibya narendra putra nederlan prinse Endrak amengameng dhatng ing pulo jawi, lerem wonten ing paresidhenan Surabaya, ingkang kasaosaken angladosi anakipun wdana cengkalsewu pamagangan wau, nahenta: inggih punika dhapur pamelehipun ingagn maha agung, ing sucinipun waedana cengkelsewu, bilih panganggep ingkang tumrap dhateng awakipu kalintu, pambiratipun sungkawa jinalaran denign nakipun dumdakan sangdiby narendra putra rentah

sihipun dhateng ing anakipun pu rare nalar parigel punapa malih semunipun sumeh amerak ati, katemahan sang dibya narenndra putra andhawuhaken pangandika dhumateng kanjeng tuwan residhen ing Surabaya, manawi rare wau purun kapundhut bdi kakarsakaken andherek konduripun dhteng Nederlan rare katantun nyindi kari ing karsanipun sang dibya narendra putra, sakonduripun sang dibya narendraputra, rare wau inggih saestu dherek wonten ing Nederlan rare wau kapreteg ing puwulang gathekan sanget manahipun saged anyakup samukawis kawrh ingkang winulangaken sareng smpun antawis lami rare boten karaos wonten ing ederlan inggih saking tebih kaliyan kulawarganipun semunipun ngantos katawis ing saweneh dinten sang dibya narendra putra anuju lenggah dhahar kalilan ingkang rama ingkang sinuhun kanjeng srimaha nararya, punika ingkang sinuhun kangge ta mirsa ingkang angladosi dhahar wonten tiyangipun jawi, patrapipun cikat pariget tarampil cuwanipun ing waspadakaken dangu-dangu, inggih ta semu sumeh aanging angemperi, bilih rare wau angemot susah ing manah, ingkang winengku eringipun ing bandara ajrih amunjuk katemahan ingkang sinuhn entah ing sih welas dalem ngantos kawiyos ign dhaah pangandika dalem dhumateng ing putra, sarehning ingkang abdi tebih ing purug ambok manawi kaengetan ing kulawarganipun prayogi kawangsulna dhateng siti wutahrahipun, kalampahan pun rare kawangsulaken dhateng tanah Jawi, saha sarehning sadangonipun kaabdekaken srinarendra putra, tansah anuwuhaken sukarenaning galih, wangsulipun wau ing ngampolan nawala dhumawwuh ing sripaduka kanjeng tuwan besar asuraos nemban timbalan dalem srinararya, sadhatengipun ing tanah jawi pun rare kapatedhan balonja nganggur 250 rupiyah sawulan sarta yen wonten lowongan padamelan saha pantes dhateng kasageanipun pun rare nunten ing ngandikakaken anancebaken.

Cekaking cariyos sadumuginipun ing tanah Jawi bapakipun sampun atilar, kantun biyung tuwin sadherekipun estri taksih sami wulujeng, inggih taksih sami manggen wonten ing Surabaya, dene patedhan dalem balonja 250 rupiyah ing dalem sawulan wau lulus katampen ananging boten ngantos dangu lajeng kawisudha dados wadana ing Gedhangan sansaya kados lineler katingal saening lalabetipun pramila kanjeng gupremen boten semang ing galih, sareng wonten lowongan bupati ing Kendhal amisudha dhateng wadana ing gedhangan anggentosi bupati wau, kathah-kathah ing tiyang punika angsring supe, la karkinasih an ing gustinipun bilih sampun dados ageng lajeng anggun-gumunggung namung anolih sarira pribadi, langguk dhateng ing sasami lumuh kaungkulan murih kaeringan nunten anandukaken gelaring patrap ingkang magel dhaeng ing madya, jubel ing utami, larapipun sungkan dhateng nistha, katingal ing kathah anandukaken tindak ing berbudi, ananging, inggih punika bilih kalingkaban angsring kaweleh letheking budinipun, tangeh bilih bupatei kendhal anandukna tindak ingkang makaten sansaya dangu ing ngabdekkaken sansaya kacihana bekti sungkemipun pamurihipun namung indhaking karuhuranipun kanjeng gupremen pramila dhumawah ing ganjaranipun kanjeng gupremen inggih boten kendhat-kendhat. Pinangkat adipati, tinengeran songsong jene, pinangkat arya, tinengeran mendhali jene, kawekasanipun sinengkakaken ing ruhur pinangkat pangeran, saha dhumawah sih trisnanign sang narendra putra kapatdhan gambarar dalem ingakng mawi palangkan jene tinaretes ing sosotya,

Ingkang giniyaraken ing nginggil punika, inggih punika lalampahanipun kanjeng pangeran arya nata amipraja bupati ing Kendhal ingkang sapunika taksih sugeng, inggih tamakaten wau sampun kawentar ing pundi-pundi, prasaasat anggelaraken patrap ingkang sampun luwas ananging ingkang manah makaten punika saestu kalintu, awit wontenipun tuladha utawi panggugahing cipta punika, tumuwuh ing patrap luwas tegesipun tindak tanduk ingkang sampun kalampah, ingakng sampun kalangkung, dados ingkang sampun kacihna ing utaminipun tinandhingaken ing sae awonipun. Sarehning kanjeng pangeran arya nata amipraja sampun yuswa, ing mangke anyuwun rerehing padamelanipun pawartos kawat ing serat Dhe Lokomotip anggiyaraken bilih panyuwun wau sampun kaparengaken saha kalulusaken ing pangkat karuhuranipun mawi kapatedhan balonja nganggur, dene sarehning kanjeng gupremen namung arsa angluluri ing tindak sae, pramila ingkang angentosi tamtu inggih dhumawuh dhateng kawulawarganipu

kanjeng pangeran piyambak, luh punika wonten malih tuladhanipun bilih kautamen punika angruhuraken sarira.

Indhisebodhega.
Serat serat pawartos ing Suraaya anggiyaraken bilih ing mangke tuwan ingkang sade anggur indhisebodhega, atumbas griya ageng kadamel tandho daganganipun anggur, sanajan kathah ingkagn angejorri tinandhignan ing anggur wedalaning ing tanah sanes-sanes ewadene papajenganipun anggur Indhisebodhega akalangkung majengipun anggur wau pancen onjot tinimbang ing sanesipu anggur, ingkang wedalan tulen saking tanah sepanyol punapa malih tumrapipun dhateng tiyang ignkang lemes leson utawi tiyang ingkang mentas sakit punika rumasuking dayanipun enggal angawatawisi sanget.

Panjurung
Sanadyan kirang pantes ing kawujuan kula, dene tiyang dhusun jinis ing parucah, teka cumanthaka kamipuru sumelang wonten pasamuwan ngiki, awit saking sanget kumacelu kula karantaban kadibyanipun para widayaka.
Dhuh sang para santabudya, ingkang manawi marengaken ing panggalih karsa nyaruwe dhateng panyadhangipun tiyang bodho kados kula punika, mugi-mugi sang andana kawruh aparinga barkah saserepan kados ing ngandhap punika kawontenanipun.

1. Tembung lingga wanda ingkang tengah kaseselan na,kadosta: manawi, sanepa, siniwi, minangka, pininta, pinitaya, punika menggah leresing panyerat na wau awi dipun gondhel punapa boten utawi tembung guna, tuna, nini winih, panyeratipun na, ugi mawi dipun gondhel punapa boten.
2. tembung punika kalyan punapa,punika tembugn camboran punapa lingga, pun wau punapa namung kangge ater-ater punapa kados pundi
3. kados ta tembung yekti, kramanipun yektos, ngreti kramanipun ngretos, wanti kramanipun m wantos, sranti kramanipun srantos, nganti, kramanipun ngantos, kapati kramanipun kapatos, gumanti kramanipun gumantos. Makaten malih tembung: mati, kramanipun teka boten matos, ranti kramanipun teka boten rantos, padhati kramanikpun temka boten padhatos, narapati, kramanipun teka boten naraptos. Ingkang makaten wau kados pundi bedanipun.
4. tembung rabi lan mantu, punika tembung punapa sarta tegesipun kados pundi, panyuwun kula saserepan ing ngigil punika bilih wotnen ingakng karsa paring kjaterangan o saiba bingahipun manah kula, kajawi punika manawi wonten lepating panyerat kua sampun kirang ing pamengku, awit saged kujla nyerat samanten punika namung saking titiron kemawon dene angsal wuwulang bab leresing panyerat ingkang sampurna.

Kaserat tanggal kaping 15 wulan Mukaram taun Jimawal ongka, 1821
Kula pun trunadrana, ing Karangkamulyan.
=======\==========

Mitra kula gus Girman mugi sampun andadosaken ing panggalih panjenengan rehning semunipun wangsulan panjenengan kirang gathuk kaliyan pitaken kula, mila panjenengan kula aturi mirengaken atur wangsulan kula ingkang wiwit ongka, 1 dumugi sarampungipun panyerat kula sampun nganngge wawaton serat wyakaranajawi, ing ngandhap punika sampeya pariksani

1. wah mitra ku Girman ing tiktyasenanan sakawit kula taken tembung larapipun sampeyan dereng gayuh, dhateng pataken kula, ananging lajegn badhe sampeyan aturaken dhateng lurah sampeyan menggah makaten wau bilih kula piyambak mastani leres awit sampun limrah tiyagn punika, manawi kawekening budi tamtu tataken dhateng guru, luruh, konca, mitra.

2. ananging wangsulanipun kedah kosokwangasul kaliyan pitakenipun nogretos liripun tembungipun kasar inggih dipun wangsuli kasar, dene kasar sampeyan mesa mangsuli, alus inggih langkung prayogi, sampun kok lajeng ngangge sak……warninipun mindhak lajeng badhe dados pupucuk paben she.
3. kaliyan rumaos kkula piyambak canten kula sakawit enget kula, kados boten wonten ingkang murugaken dukaning panggalih, kok sampeyan lajeng, canten kathah kathah sarta siupados kula sekolah, punika tanpa parlu sampeyuan ,mungal makaten seh.
4. cekakipun mekaten wiwit kang canten kiang sakeca rumiyin sinten mongga para maos kula aturi, mastani, ingkang salah surup sinten.
5. kalih kula criyos sapisaniki mawon yen tembe onten wangsulan sampeyan kirang panjang, tandhane pangandikane banjur kasar, sajak nyaba bengit

Ki Sagala, sumber (Manahan) hih Kaparen aliyas Sanggeman talimurdan.

==========\==========

Kados pundi ta kula turuti dados paben boten kula turuti gerunengan ing mangke kula angemutaken malih, bilih kula anampeni panjurung angemu raos sengab tamtu kula wangsulaken boten amikantuki awit pabenipun tansah sami kemawon sarta boten wonten kawekasanipun

Jurungarang.

==========\==========

Sambunganipun triwarapasungupung.

Anggepipun, kadyarsa: magut prang pupuh, ing pangrasanira, dheweke nyenapateni, lanang weweaneng jronign pasamoan. Kaya ratu, ananging ratuning ngantu, ing tyas tan tuminah, mung karenah, kang binudhi, gung ngegungken songgarunggi, tan legawa. Laganipun, lungguh, wus den anggep mungupuh, tarenget purwanya, dhadhagendhon rukon becik temah kolu angarah bilahinira. Kang kadyeku, paranta, gone tan ngaku, ketan ngejawantah, ingkang mangkana karti, aneng ngendi dununging becik lan bekja. Ujaripun ngungkuli priayayi tuhu, yen wong llawoa, yen priyayi, ujarneki, jangji ijeh, tuwan tanah majeg desa. Nadyan sampun , nora ulih bekti agung, yasa puluh dadya rong puluh, bekjanign dhiri, pira-pira, amenangi jaman rura. Sasat ountung yen bisa nglakoni tuhu, asabarnarima, stya santoseng tyas ing, sayektya nung, kaonang janma sujana.Ita ounjul bisa nambadani napsu, srenging budi hawa, tumindaking jaman mangkin luwih saka tapane pandhiteng kuna. Pandhitanung, kang nganepi, aneng gunung, amisokeng suka, manungku ing pudyastuti, parlunya mu kaliseng ngardarubeda, tan bedestu, pungguh titah ig hyang agung, ing nguni lan mangkya, lamu misih, suryasasi, sajatine, kang benamung antepira. Upameku, antepe, kadhi rumuhun yekti lewih lawan, tapeg janma, jaman nguni, nanging menek konusnismayanign sang.Upamalung, manglung tumelungipng lurung, pinunggeling bocah, dodolanan sukak ati, sayekti swah sinalarineng dumadya. Temah lalu, kolu maring patinipun ngulari jalaran weneh mring ngasta nanepi angupaya wasita, wangsiting stan. Sing tyas giyuh tanbuh polah tingkahipun wus antara lay, lali salwir ing pakarti, lali guling, lalibuktilalibungah. Kabeh lebur, wus musna senenging kalbu, bubrah sakyeh tata, tyasira pating saluwir, lwir kalengr lamun eling gone kalah. Tyase kongsul kasliyo ganti lanipun angel pulihira, jegendhunge, kang jalari, gawe kodheng gendheng kongsi kadhungsangan. Gunggeng adhuh, sing kandhas rahsanign kalbu, sasambatan tobat tetep pakartiing eblis mrih ambles ing daulat bekjane minggat. Lah ngendiku, goning bekja becikipun kabehkarya beka, nora tinemu samenir, mung nirarja, pawasangupaya pinanggya, Wus pinugut triwara, panganggitipun sang pun gumuna, tanwrin aga supengeting, mitraongupa, kang lumedhang triprakara, den samye emut, tan kuralepiyanipun kang matareng karsa, kala-kala yekti eni, I ywa sepi kanthiya pangesthi arja

Triwara puwara

Karipta ring Sangdamakumawi widyakamawa, ing Bukit Kadilaya.

Ongka 69, Setu Kliwon kaping 23 Sura Jimawal 1821 utawi kaping 29 Agustus 1891

Pawartos kawat

Kapareng pamit dhateng tanah Eropah awit gerah, kanjeng tuwan Lansiyus asisten ing Wanagiri. Kawisudha dados asisten ing Limbangan kanjeng tuwan Perlup ing Wanagiri, kanjeng tuwan panderplas, ing Banjarnagara, kanjeng tuwan Kollar.

========\==========

Ujar Babaratan

Kanjeng tuwan Amen ingkang jumeneng residhen ing Kedhu, badhe kapindah dhateng Pasuruan ingakng badhe jumeneng ing Kedhu kanjeng tuwan Teemegelen ingkang wau jumeneng residhen ing pakalongan sapunika mentas kondur saking pamit dhateng tanah Eropah

=====\==========

Surakarta

Ing bramartani kerep amasak ngerang-erang dhateng apra taruna kang mimindha, kadosta: cariyos saruton calcalan cundhukan ewasamanten taksih kimawon ingkang narajang, inggih punika tiyang lawiyan ngaken anaking kapala nama Sa, sanajan sampun ajrih mangangge makaten ing wanci sonten rehning sampun karem margi mongcal punika kalebet sumyuh dhaten gawak mila ajalan-jalan ing wanci tengah dalu, kasoroting sitangsu amilang-miling katingal dumeling, k kaleresan nalika malem rebo kaping 13 Sura punika, katalika wotnen tiyang ing gandhekan titiga, inggih ugi arsa leledhang dhateng lawiyan sareng sumerep tiyang rimongcal iket iketan modang kencenongan boten sarontati gandhekan sumeja amacuhi, nyandhak cal sebrak katutan koncering iket grewal rambutipun sa, mabul-mabul tiyagn Gandhekan sareng sampun angsal calrehniong katutan iket wande panganggran kipun santun pikajeng tinimbang nglarangi mu badhe angsal sadasa sen aluwung kabekta mlajeng semparet pun sa, ajelih-jelih nedha tulung, tiyang gadnhekan ingakng kalih kasepeng denign para tandang cuwit 1 nami da, w nami, ka, dipun tangledi selak anyebrot mratelakaken ingkang nyendal calwau kancanipun nami daliman sareng dumugi ing kapulisen daliman kagledhah sih nanipun kapanggih, daliman inggih ngakeni malah temenipun dipun rencangi kaliyan pun, da, tuwin pun kang, layak kimawon wande nglarangi, margi iket pangaji srupiyah, cal rengi gangsal rupiyah, ah, mas, sa, sampun sok rimongcal ta, mundhak dita rik dadi saksi rol.

Nyariyosaken lalampahan ingkang sampun luwas

Bok S, griya celak kaliyan kimanrangbaya, kala taksih parawan sunthi remen sanget ningali ringgit cucal tumuwuh ing remenipun ngantos kedanan dhaten graden Janaka, ing sarehning sanjanging tiyang sepuh sepuh ing kina, sanadyan ngantos sapuning kasinten ingkang purun tirakat wonten ing ardi endrakila, nunuwun sagedipun kapanggih kaliyan raden Janaka, amesthi kalampahan apes manawi kirnag katrimahipun amung sumerep dubang tilas anggenipun ganten, nahnta, bok S sareng midhanget wicanten makaten ardaning budi awa sampun boten kenging dipun sayuti, sanalika lajeng mangkatt dhateng ing ardi endrakila, sipeng tigang dinten tigang dalu, punika sampun malih dipun panggihi raden janaka, alitipun sumerep dubang, alitipun malih sumerep kalebatipun raden dawala, ajujuluk pun petruk kemawon boten, andek puna teka taksih kathah tiyang, ingkang ewonipun tiyang lampad sami telu dhateng jarene,
(kintunan).

Ing tanah pakarangan kula ngriki wonten satunggiling tiyang anama KD kinten wanci 35 taun ngaken kasurupan ing dhemit anama, bandara puca semadi utawi Dhawungngamuk. Kathah titiyang ignakng sami dhateng anyuwun sarana warni-warni, wonten ingkang nyuwun sarana supados gadhah anak saweneh nyuwun sarana supados laris anggenipun wawadeyan.nalika dinten anggara kasih ingkang kapengker punika, kula cobi cobi amanggihi, sareng radi sawatawis dangu anggen kula linggih, kok lajeng dipun paringi ses cacah 5 iji, inggih ugi kula tampeni ananging ewa manah kula, ewadene kula lajeng apitanglet makaten e e dara pucang seadi kala winginipun

kula kecalan supe, ngantos sapriki derng kapanggih, ingkang punika badhenipun kapanggih punapa boten bandara pucang semadi amangsuli makaten o wong barang wis nora gelem melu kowe teka ngango kok goleki,lah ya mongsa bisaha katemu, wusana sareng kula mireng wangsulanipun kula lajeng rewa-rewa gumun utawi getun ananging sayektosipun bok inggih pun sumpah kula wancen boten kecalan punapapunapa, namung kula angge gleler kaprasastanipun risng mundhut kutug o ingkang kula gumuni punika boten wonten malih, namung ingkang sami nuwun sarana punika, teka gugon tuhon temen dene kok dereng karaos manawi kalebetan cina gundhulan ah bok inggih sampuns anget sanget anggen sampeyan gugon tuhon mas mupung derng blindhis.
Pun Ardapemut
=======\==========
Lo, mas pulisi bageyan sampeyan niki, ta dirikata lan taberi kayanek nariki yatra ing margi.
Jurungarang.

Warta warni-warni
Babah Cain cing bi ing kampung Kawatan Surabaya, panganggenipun barng suwek wonten salebeting griya kobong ngantos rambah kaping gangsal sumerepipun la tu sampun murub sarta boten sumerep sinten ingkang ngupad damel ngantos adamel girising manahipun kalampahan sandhanganipun suwek dipun lebetaken ing gedhong mawi sakunci, nanging saya adamel giris ing manah ipun sandhanganipun ingakang wonten ing sampiran salebeting gedhong wau sami kobong malih, sumerepipun latu inggih sampun murub panarkanipun caincingbi,s aking pandameling genduwo dipun dhukunaken dhukun anggih mastani makaten.
Ing kampung Tunjungan Surabaya wonten griya pasewan singit umumipun ing kathah dipun enggeni gendruwo, sinten sinteningkang nyewa boten saged dangu lajeng giris amargi dipun ajrih-ajrihi dhateng gendruwo wau mila tiyang ingkang sami manggen wonten ngriku dangu-dangunipun sawulan lajeng ngalih, tarkadhang saweg satengah wulan sampun kesah, gendruwo wau mawi ambalangi griya, ananging boten nate angengingi tiyang sarta asring dolanan dilah setroli kaos dipun ungelaken utawi dipun baleretaken manawi dilah panjeratn ingakng wonten ing gebyas kados dipun iling llisahipun titiyang kathah ignkang sami kamigelan kados aningali ebahing wrejit cacing, ingakng makaten punika para ignkagn boten kaserenan manah gugon tuhon amesthi ewa amarengaken.

Litnan Tituler babah Cowasin ing Surabaya, kadhatengan cina nama Kwekeling, atawang tangis sarta sojah kuwi, nyuwun sih kawlasanipun babah litnan awit bojoniun tilar donya jalaran sakit kolerah, mongsa puika inggih sayektos kathah sasakit kolerah, babah litnan pancen kalok ageng kadarmanipun dhateng ingakng nandhang papa tangguhipun Keling boten leat Kwekeling dipun sukani arta kangge wragading pamendhem kathahipun 20 rupiyah lajeng ngindhar mantuk sanes dinten babah Litnan angsal ketrangan bilih Kwekeling boten gadhah bojo, lah dados sinten ignakgn pejah punika, e punika inggih badhe bojonipun Kwekeling sarta ingakng badhe pejah sakit kolerah, sapunika yatra taksih kagantung kados panggantunging barang ing nganuni kunehhyah.

Raare nama Amin wanci 8 taun anakipun Tirtdadikrama ing dhusu Kebon Agung dhistrikBugi (Ngrembe) gadhah pakareman ngemut sekul saben wanci rare ngucul enjing wingit ngemut sekul sembari angen maesa, ngantos siyang dumugi wancinipun nedha, sekul mut mutan saweg kalepeh, bibar nedha lajeng ngemut sekul malih kadamel sangu tilem ganntos boten nate nedha panganan awit boten wonten koberipun sanadyan namung mecoco kenging kaanggep sampun nenedha, wanci enjing tangi tilem mut-mutannipun sekul saweg kalepeh sarta lajeng santun mut-mutan sekul enggal malih, mangkaten salajengipun sinten ingkang purunni amesthi suda tadhahipun boten suisa tumbas panganan renggong ing wanci dalu angsal sampu sami sayup,

punapa nalika pun namin taksih wonten ingngetengan biyungipun kaget rangkokan teka angemis kados kethek.

Ing Sruweng wonten nini-nini badhe kesah andhateng satungguling panggenan numpak sepur dipun teraken putunipun jaler titiga, nanging sajegipun gesang dereng nate numpak sepur, sareng minggah ing kareta, sumerep dhatengipun lokomotip mawi nuwara sentit sanget ajrihipun nini-nini enggal muwun saking kareta, wicanten dhateng utunipun aku wedi sing muni kuwi ayo bali mulih bae.

Rencangipun nyonyah K.P. nama kasiyem ing Semawis dipun ken ngesiki loteng,mripatipun kenging sawang, lajeng sakit mripat boten saged mantun dening usada temahan dados picak, wonten malih lare mripatipun kenging sawang punika mantun dening dipun usadaning bak mangsi cina ingakng gandanipun arum sampun tetela bilih awang kalebet dados wisaning mripat kedah angatos-atos.
=====\==========
Panjurung
Tripadudon
Tiyang tiga sami sambut sinambut
Kados ta pun naya nyambut arta dhateng pun dita kathahipun Rp 9, pun dita wau nyambut dhateng pun waru kathahipun inggih Rp,9 pun Waru wau nyambut dhateng pu Naya katghahipun ugi 9 rupiyah, tiyang tiga sami atagih tinagih, samikencengipn boe purun loligera kedah ngudi panyauripun piyambak piyambak ananging boten wonten ing kapurun mikawoni nyaur rumiyiin tan sasulaya ing rembag tanpa wsana,
Dhuh sang para saged kados pundi panyapiyipun paben punika.,
Kintunan
=========\==========
Sinaroja kanangtaklim mgui katura:
Dhuh paman sang pangan kridhasara, kula kalilana anarukrami, kumedah nyuwun saserepan awit saking angsring ngasring dipun cariyosi dhumateng kaka karuh ula ingkang sampun nate nyumerepi wiyos dalem ingakng sinuhun sultan ing Ngayogyakarta, nalika tdhdak ing masjid kaleres garebeg bakda maulud taun dal punika bilih badhe kondur saking ing masjid wau, mawi sarana angrbahaken banon papagering wawengkon masjid ingkang kaprenah ing ring kidul bilh sampun makaten lajeng wangsul lenggah ing sitinggil malih, kados adat ingkang sampun kalampahan lo amung punika kados pundi bubukanipun ing nguni-uni, dene mawi teka sarana angrembuk pager banon wau, manawi panjenenganipun paman karsa paring pitedah dhumateng pun kula, kang kalayan pratitis bokmanawi wonten mitra ingjengandika ingkang badhe urun cariyos bab wontening gongsa sukati, babasanipun lega linegan muhng makaten paman ing panuwun kula, titi.
Kaping 19/1/3/21, jawi, pun Jakamanamar ing Mendhangkaarsa.
====\=======
Yakti lamun luwih ing sasami, bagus girman ing kawigyanira, mumpuni salwir kawruhe, dadya kondhanging kidung, para kanangtuna ing budi, sanggyaning par awira, ing bramartani ku, samya nebut widayaka, ajrih asih janma kang kirang ing ngelmi, angaben kawidagdan pit karoban sabaranging ngelmi, bagus girman tuhu kanangtik kyas undhagi saniskarengreh,putus alus kang tembung, kamang tikang olandha jawi, kalawan wyakarana, pramasastra punjul coplok tumancer pwardaya,layak mujiya janma ikang cupet budi, wit durung wruh apincang.
Mugi sampun dados panggalihinggih, nun inggih, awit kula naming nerusi serat sampeyan kimawon utawi serat kula punika minongka wngsulan pungkasan manawi tembe wontewopnten mangsulan sampeyan bab punika kula sampun boten kadugi mangsuli, amargi larabipun tembung sampeyan samun sajak kedah duka kimawon ewadene bilih sampeya kdugingambah wonten

slompret ing Samarang sasaget saget kula taksih sumeja mangsuli, boten langkugn sami adus wilujeng.
E mah kasupen badhe panjarwa sampeyan bab talimuncer sapanunggilanipun rak dipun ajeng-ajeng bapak empu kridhasara, awit badhe kangge lintu ungelipun gongsa sekati ing masjid ageng.
Ki Sagala, ing Sumber (Manahan) inggih kaparen aliyas sanggeman (talimurdan).
======\============
Taki Sagala sampun tatela boten wonten ingkang saged angudhari pandangon sampeyan la embok inggih enggal sampeyan uculin gpiyambak, kula piyambak inggih kapengin sanget sumerep
Jurungarang.
Dhuh para sarjana, bok inggih sami dhangan paring barkah saserepan tumanduking tembung kados ing ngandhap punika.

1. remen, 2 asih, 3 tresna, 4 welas ingkang kados pundi patrapipun sarta sagedipun tumanduk sasarengan dhteng satunggaling tiyang, punika dhateng sinten. Wonten malih ingkang ngodhengaken ing manah kula, tumuwuhipun napa, bilih tiyang dhateng ing panggenan liyan teka, bingung, kadosta kidul pangraosipun dados ler, kilen dados wotan kalepatna ing sarusiku, kla pun Anu.

=\==========
Kula calakmas menek ka sampeyan ajeng weruh tanduk ke tembung temen sapanunggalane niku wayuh sing okeh pisan mangke rak lajeng karaos piyambak,
Magang juru gubah.
==========\==========
Minangka pasumbang tumraping pustakawarti.

Yekakadya: ring ngandhap punika, candhakira kanangwiyata. Pangawak wekasing wuwus wus tan ana den pintani, ing wuwus wus tan winanrna, telasing pangidhepneki, datan wanacinarita, nenggih ingkang den lakoni. Datan andulu ing suwung, myang saisining wanadri, tan manoning pasamoan datan manoning ntgadhemit datan pisan karaketan ing ngangenangen tan mamrih. Nahan yen wus mangkane ku, tanana kangngudaneni, muwah ana kang ing ngucap tatakrama ing kumijil saking ora ananira, lan saking papadhang ugi. Tunggal ing pangawakipun sang bathara giri aji, wangsul manengah asuja, aningali tan kapengin datan pakangenangena, sakathahe kang kaeksi. Tansah acipta tan ayun kalangening buwaneki, sang manon datan katingal ye kapangawakireki,myang saking sang manon ika, wau medala ken kadi. Angebuni pucakipun ring puspita leres kadi, baskara tulya apadhang, punika mangka uriping, sabawana saha daya,bisane mobah lan mosik. Kang rosa medal ken wuwus len pangawikan sakalir, saking sabda wedalira, tekeng tyasira kang ening, onglamangulah kening grat tunggalpanriraneki. Tribawana saking ngiku, mung beda kagugnaneki, pangulahing saniskara, tripurusa iya iki, ingkang ngaran sanghyang karya, sahana ananing budhi. Wruhing purwawasenengku, wruhing ngalalawan becik ing nguni apan akarya, sadasa pangetu nenggih, lir kapara sadasa, sabarang tingkahing bumi. Apan ta sampun linuhung pan wus apangawak api, parane mring tribawana, mangkana umijil saking bayu dadya kang pawaka, molah anom ingkang ngani,
Taksihwonten sambetipun
Ingkang manulat sing papakem muhng sawantah dera kijaka pranawasidhi,
Sang dhudhukuh ing Mendhangprawa.

Ongka 70, Slasa Pon kaing 26 Sura Jimawal 1821 utawi kaping 1 September 1891

Surakarta
Kala malem Ngaad ingkang kapengker, wanci ukul 7 sonten tiyang sade cao ing peken Pon manggen wonten kidul margi, diun tumbasi miyang esri wonten ler margi, tembungipun cao dikadoli sagelas dika gawa mriki pisan karo dika gawakake banyu tawa sagelas panehdanipun tiyang wau inggih lajegn dipun sadeni, sarta lajeng dipun purugaken dhateng ler margi, cao inggih lajeng dipun ombe dhaten gtiyang estri wau, satengahipun ngombe wicanten malih, dika doli sagelas engkas inggih lajeng dipun sadeni, sareng dipun prugaken tiyagn estri sampun anggeblas kaliyan ambekta gelas kakalih, tiyang sade cao lajeng madosi dhateng bango ingkang linthuk-linthuk nanging boten saged pinanggih, sarereng wangsul artanipun papajenganing cao sampun boten wonten dipun kukup ing wayitan sanes bokmanawi punika pancen kancanipun tiyagn sade cao dhapur kepalu kepenthung.

Surabaya
Sacelaking calangapipun bendungan Seemambung (Jenggala) titiyang sami sumerep wotnen sawer agengipun sapucang endhasipun pang sakawan nanging boten ngantos dangu lajeng boten angatingal ngatingal malih, ujaring gugon thon para tiyang sami amastani bilih sawer punika panuksmanipun kyai sarotama jemparingipu raden Arjuna.

Warni-warni
Tiyang ing dhusun Darasidaarja, nyepeng pandung wonten ign pakaranganipun piyambak pandugn wau nutut kemawon panganggenipun ambelanggre, , tanpa dadamel andung lajeng kaladosaken ing parentah, kapriksa ngaken kemawon nanging boten mandung barang, anggenipun wonten ign pakarangan dipun welingaken dhateng bojonipun tiyang wauy, dene damelipun badhe maguru, supados katetesana tirta kamandhalu suket godhong sampun ngantos wonten ingkang mireng, ibata weeritipunprakawis wau, kilap karampunganipun.

Ing Sumenep wonten cikar mawi payon pangirit lembu, salebeting pun lumampah payonipun kabesmen saking latu sanglat juru nglampahaken cikar sumerepipun sampun kasep dados namung anggatosaken angrucat tilem bupangirid payoning cikar telas kobong, namung cikaripun boten kalebet lalampahan anglengkara.

Nalika wonten ambah-ambah sasakit kolerah, sapriki kinten sampun wolung taun laminipun anakipun estri surakrama ing dhusun Gengmulu dhestrk Bancar, watawis wanci 7 taun pejah katarjang ing sasakit kolereah, inggih kalaksanan kapetak.

Enggal punika pun Surakrama kadhatengan rare estri kinten wanci 15 taun ngaken anakipun, pun Surakrama jaler estri sami mangu-mangu, bilih ningali warniipun boten pangling, ananging sarehning anakipun sampun pejah, anglengkara yen gesanga malih, rare adreng panelangsanipun supaods katampena awakipun surakrama lajeng nyengkolong pitaken, kowe sapa jenengmu lan sapa jenenge wong tuwa mu sarta sadulur sadulurmu, wngsulanpun rare ugi saged anjalentrehaken nmanipun surakrama sarta sadaya ulawaranipun, sanajan makaen surakrama jales estri ugi dereng pitados lajegn awakipun rare sakojur kapriksa, dipun titik ing ciri-cirinipun wasana pinanggih nyamleng, surakrama sakaliyan anjenger awit saking elokipun rare inggih lajeng dipun tampeni.ngantos sapriki rare estri wau gi taksih gesang, ananging wawatekanipun sanes kaliyan rare kathah, sapriki taksih gendhelang-gendhelung kados rare gendheng, sarta boten purun dipun ejak kakanthen dhateng sasaminipun rare
H.Q.

Kula nuwun empu Kridhasara, kados pundi nalaripun dene tiyang pejah sampun tataunan teka saget gesang malih.
Jurugubah.

Ing kitha Munsen, wonten pangeram-eram komidhi menyanyi, kenging dipun mirengaken saking kitha Nurenberg sarta kitha Wurbureh sarana telepun griya komidhi punika kebak denign kawat telepun saking nagari kakalih wau, sinten ingkang masangaken telepun nipun ing griya komidhi saged mireng swaranign menyanyi sarta musikipun saking salebeting kamar, boten susah anempelaken kupingipun ing slompret telepun namung swaraning menyanyi ingkang taksih kirang cetha, bilih musikipuns ampun sakalangkung terang, ing mangke tanah Eropah sampun saged ningali komidhi menyanyi dhteng Liyan nagari boten susah dhteng, namung wotnen salebeting kamar kemawon kaliyan linggih ing kurtsi males pangajeng-ajenging kathah pambudinipun lampahing swara saged a mindhak mindhak ngantos boten wonten bedanipun kaliyan swara ingkang kemireng celak, pamanggihipun tuwan Edhison bab pandameling telepun ingkang sampun kagiyaraken ing ngakathah bokmanawi kenging dipun cakaken dhateng panggenan tebih.

Ing jaman kina salebeting paprangan wonten upsir anindhihi baris pedhangipun rentah lajeng dipun pendhet piyambak salebetipun tumungkul wonten mimis langkung angengingi sirahing saradhadhu ingkang ngadeg wonten wongkingipun caket upsir noleh saradhadhu sampun pinanggih pejah, upsir lajeng wicanten dhateng kopral; e, kopral patining saradhadhu iku saya angandelake atiku lan atimu, tuwin dadi piwulang gedhe, yen pati urip iku dudu gadhahaning manungsa nanging atas saka karsanign Allah, saupami aku ora adhingkluk sadhela, amesthi endhasku kang kena ing mimis.

Amerikah
Nembe punika ing nagari sarikat tanah Amerikah wonten kasangsaran tumuwuh saking luh balon. Ing Niyulesbon (Oiyo) kala tuwan karlesyones ngambah ing awang-awang kaliyan anumpak luh balon tiyang ingkang kapurih nyepengi tangsul katut muluk ing awang-aang, tuwan Yones enggal angudhunaken luh baonipun ananging sareng dumugi ing bantala, tuwan Yones piyambak dhawah katekuk ngantos anandhang tatu, dene tiyang ingkang katut umbulipun luh balon nanlika luh balon cumalorot ssakig ngawiyat sampun ngrumiyini dhawah kantep dados ing pejahipun.

Ing Aliriyah ugi ing Ohiyo, wonten satunggalipun nonah anama Sutahdhenlei ngambahing awang-awang kaliyan anumpak luh balon dumadakan kasarengan ing prakara, luh balonipun katatap ing wit nonah nutahdhen lei dhawah dados ing pejahipun.

Ing alun-alun ageng ing Sikago (Chichago), ingkang badhe kangge panggenan titingalan tentunsengteleng, wonten luh balon muluk kasamber ing gelap dene aku numpak tuwan prakoisgodrad kaliyan tuwan Panis sami kataton sanget ananging wilujeng.
H.O.

Ing moncanagari Ciyatkang nagari Cina, wonten tiyang esri dhateng Sendhang anggendhong nakipun taksih lare, lare wau lajeng dipun selehaken wotnen tepining sendhang, boten dangu wonten tiyang estri dhateng lajeng ambekta lare wau, biyungipu kereh-kereh boten suka, ngantos dados rebatan wusana lare kenging karebat dening biyungipun nanging nyawanipun sampun boten wonten sarta tiyang wau musna boten katingal,punapa bangsaning lelembat.

Tuwan Albretilmeng bongsa Engris ingkang anggadhahi kabudidayan ingLangdhale sapanunggilanipun nuju papriksa paamelan ing pabrik pabrik kathah kuli jaler estri ingkang sami

nyambut damel nanging kuli estri ing kamng sampun sepuh awis ingkang kuwagang anggarap damel awrat dados pilalah nampeni bayaran sakedhik sami anggarap padamelan entheng wonten ing kampung kampung, tuwan albretilmeng, watekipun welasan tumunten amanggih akal damel pirantos ngantih tuwinenun sareng sampun dados sarta kacoba amikantuki lajeng kabekta dhaten ging dhusun dhusun ingakng kalebet bawahipun titiyang estri sepuh sami dipun kalempakaken tumunten dipun wulang ngantih sarta nenun saking lampahipun pirantos wau sareng sampun saged lajeng dipun parentahi nyambut damel ngantih sarta nenun wusana saged kondhang saening adamelanipun sinjang pedalan ing ngriku, kathah papajenganipun dados titiyang sepuh wau sami anglampahi padamelan boten awrat tur kathah bathiipun

Ing tanah Amerikah adamel coban-coban angikah udhuning jawah sarana lih balon dipun iseni dhinamit lih balon punika kaulukaken ing ngawang-awang andedel ngantos dumugi ing mega, wonten ing ngriku dhinamit malethos awit saking punika toya jawah ingkang dereng wancinipun andhawah kepeksa kedah katut katarik dening udhunipun daya ning dhinamit wau, temahan dados jawah deres, panyoba punika sampun dipun ayoni rambah-rambah boten nate cabar, menggah kawruh anarik jawah punika pancen migunani ageng dhateng para amongtani sarta para pambudi daya sanesipun.

=====\==========

Panjurung

Kula gumun sanget dhateng para manjurung, anggenign boten wonten ingkang yaktosi dhateng panggalhipun kyai jurungarang, anggenipun momot ambeg para marta alusing panggalihyanipun, saha ing pangandikanipun ingkang anelakaken pamomong tuwin rumojongipun dhateng kasenenganing sanes, suprandosipun para manjurung boten wonten ingkang gatosaken dhateng sapacuhipun kyai jurungarang ingakng nambahi ing kautamen, teka taksih sami remen rumaket dhateng tembung kasar tuwin pangerang-erang, lah punika gunanipun punapa, tuwan dipun wastani tiyang boten sumerep ing trapsila, punapa malih para manjurung punapa dereng nate maos serat wulang darmawasita, ongka 151 awawarah mangkaten, wetunign tembung sakecap kang ora patut nora wurung bakal andadekake kasusahane dhewe, lah sumongga sami kula aturi ngraosaken leres punapa lepat menggah suraos mangkaten wau

Kaping 22 1 21 pun Mondreng samayarmolek.

======\==========

Kakang Resa Setika, sanadyan sampeyan priyantun sepuh nanging kula kedah ngaturi rembag ing kakang, rehning gus Girman punika kula titik sangking seratipun ingkang kawrat ing Bramartani, ongka 61 manawi naming prang catur kaliyan tiyang sumber kimawon boten wegah kadugingembari sakajengipun saha laraping tembungipun sampun anamtokaken saged dhateng serat gramatika sapanunggilanipun kasusastran mila kakang kula aturi angatos-atos bilih kakang maiben kula aturi pethikan sesongaripun gus Girman ing ngnadhap punika, nanging sapada, sanes-sanesipun mindhak kakathahen seratan.

Gunanipun wong ing sumber asli dhusun tinimbang kang celak ing praja tikel sakethi, durung montra-montra malah dadi gendra,

Katandhan mitra sampeyan ingakng tikkyas girman

Wah arak candhas tenan ta wong iya dhasar priyayi praja ing Jehtarunapinter, mesthi bae mongsa miundur….sa….karo wong sumber bae, candhas inggih kajengipun ta anggere talimunce inggal diuculi gih, tembe kula saosi malih

Sumber kilen kaping 18 Surajimawal 1821.

Atur taklim kula katur, kisagala, inggih kaparen

Kakang resasetika, engalih kang celak ngalun-alun ler,

Aliyas sanggeman (talimurdan)

======\==========

Sambetipun pethikan pustakaraja

Kasasmita tinimbalan gusti, usrek sampun marek sanghyang kala, kalawan sakedhap bae, perii ng lampahipun sanghyang kala ngandika aris perisinungani wikan rehing karsanipun kang peri matur sandika, sanghyang kalagya dhawah kresna watari, payo anuli budhal. Prabu rara sandika wodsari, sigra kebut lan sawadyanira, tan karisukskandaniken, lan kakasih tumenggung, sapraptane tengah wanadri, bathara kala muja sakedhap kadulu, wana medhang panakran, dadya praja tinulya sri kang nagari, rakitanign puraya. Rara sareng rengi rahanimbangi,puranira sanghyang suradipa, kalangkung lengleng langone, pala pala supenuh, nedheng samya who ira ndadi, wigyane sanghayang kala, akarya pandulu, prabu rara lan hyang kala, sigra manjing, kyana patih sukskandani, lawan kalih punggawa. Tuwin para peri maring puri, langkung denya suka sanghyang kala, mangkana ing ngandikane, eh babo nini prabu,nendi ana karaton malih, kang padha kratonira, purawa ngunipun, sri tinon maneka warna, sarojane nir sawarga anelahi, lah endi kang tumimbang. Prabu dewi mesem awotsari, dhuh pukulun rah kawasa tuwan, sayekti datan patondhe, nadyan ignkang tinuduh, mung amanut saparan tuding, parandene kawula, angrasa linangkung, mila sagunging nugraha, padu kakang wigya misungsunging dasih karya sukaning titah, manthuk-manthuk hyang kalagya nolih, sira patih manggona ing yasa, tengah kaeka pering ler, dene suminta iku, amanggona kilene malih, saoyi ingkang wetan, kang liningan nuhun, ngandika malih hyang kala, eh apa tih wadyanira para estri, kabeh kinon neng jaba. Angepunga papandhan neng pinggir, babaanjengan jawining la

Ongka 71, Setu Paing kaping 30 Sura Jimawal 1821 utawi kaping 5 September 1891

Kulawisudhan

Rahaden Mas Panjinata Amijaya, wdana ing Selakaton kaangkat dados bupati ing Kendhal pinangkat Tumenggung.

======\==========

Surakarta

Kala malem Jumuwah ingkang kapengker punika, para tuwan ingkang mangereh ingkawontenanipun kamar bolah, sami malebet ing kadipaten angedharaken dhatengpanjenengan dalem kanjeng gusti pangeran adipati anom bilih amarengi pasamuanipun para lidlid ing kamar bolah, nalika sami impunan kala tanggalkaping 31 wulan Agustus kapengker, sami anamtokaken panjenengan dalem tangjeng gusti pangeran adipati anom jumeneng lid ruhur ing kamar bolah wau, saha sami angunukaken serat cihna tandhaning jumeneng dalem wau.

Nalika Sabtu kapengker punika rahaden ngabei Resaniti, abdi dalem kaliwon suranata atilar donya, jalaranipun sakit namung sawatawis dadunipun enjingipun ing dinten wau sowan ing kapatian unduripun ing sowan anumpak kapal mampir ing pacinan namung sakedhap lajeng mantuk dumuginingi griya mudhun saking kapal karaos seseg pnika anakipn mantu lajeng age-age ngaturi dhokter, dhtengipun dhokter namung saged ameningi tilaripun.

Kula mireng wetos anakipun demang Wiryadimeja ing Kartasura anama pun Adam kinten umur 13 utawi 14 taun kala pasamuan amarengi dhauping panganten putra putri dalem wonten ing kapatiyan angleresi dherek panjenenganipun raden tumenggung Citradirja ing wanci dalu wuwungipun pangaos 120 rupiyah kaseler ing bajingan wantunipun lare boten tahan melek dalu, ananging bokbilih panyelering dhuwung wu wonten salebeting palataran ingkapatiyan awit sampun kadhawuhaken kenceng sadaya titiyang ningali boten kapareng lumebet ing palataran kajawi abdinipun para ruhur para ageng saha rencngipun abdi dalem sawatawis ingkang pancen pants panganggenipun punapa malih ing konten regol sarta konten konten butulan ingkang pancen kangge margi lumeebt dhateng palataran ing ngriku sampun kajagi dening pulisi utawi selansih kakalih, lah kados punedi saged dipun lumebet pun keparat gentho, ambok manawi rare punika angleresi medal kaliyan kaliyeg kaliyeg dhteng jawi, sareng sumerep titiyang sadeyan amanekawarni, watekipun rare angong saongsa, lakar gembol arta ingkang tamtu angumbar hawa, wasana sareng katuwukaken panedhanipun ingkang limrah mripat lajeng saya baliyut wantuning rare dereng patos kadunungan dudugi lan prayogi, temahan tilem saenggen-enggen ingkang joloka kaenggenan tilem paa tiyang saha rare salebetipun wonten pasumukan punika, ingkang kula sumerepi griya pasowanan ing pamedan boten langkung saking panedha kula kibleber kemawon sasaged-saged amitulungana anglacak sokur bage 1821, sged mikut durjananipun botenipun inggih angsal angsala titik barangipun kemawon sampun nami pitulungan ageng,. Lan malih sanadyan icaling karsetipun putraning bupati ing Klathen kang mongka sampeyan saged mitulungi kapanggihipun sarana saking taliti sampeyan angubres dhteng para juru gantos ah saiba sansaya komuking nama sampeyan neh Kyai ambok manawi wewah ganjaran okyai lakar pancen pakaryaning praja mawi gayutan priyayi ingkang sampun pinangkat ageng, tamtu kemawon lajeng buncirangkeo sampeyan kyai.

Pun Talbulsih ing amongwibawa.

Warni-warni

Ing tanah Switserlan mentas wonten kasangsaran ageng, inggih punika lampahing kareta asep saking basel angalngkungikaretegipun lepen Bires kareteg wau tugel mongka angemot tiyang 600 kajawi barang, mengah karetk wau taksih enggal sarta pancen santosa, boten wonten kuwtosipun sakedhik-kedhika, pandamelipun kala taun 1870 saha mentas kapriksa dening

Insinyur Epel ingkang sampun kalok namanipun inggih unika ingkang mandhegani pandamelipun panggung tosan ing kitha Paris ewadene dhawah ing papesthen boten kenging nalika lampah ing lokomotip angambah karegeg terus boten wonten sambekalanipun sareng saweg mancik siti tengah-tengah ing kareteg wau tugel kareta ingkang dipun tumpaki tiyang ingkang kalih sarta ing kalih malih ing sibarang sami kacegur ing lepen mongka lepenipu panuju ageng, wotnen malih kareta satunggal dipun tumpaki tiyang punika gumandhul awit kacanthol dening pucuking kareteg ingkang mentas tugel sarta dening kagondholan rante gandhetaning kareta ingkang sambung sumambung lajeng angsal lokomotip dados kawontenaning tiyang kados dipun tuntak tumpuk angundhung-undhung, wonten salebeting kareta ingkang gumandhul wau, sinten ingkang saged anggagas lampahipun pejah ing tiyang, ingkang kacemplung ing lepen wonten salebeting kareta kala dereng abalabak amesthi marinding githokipun menggah pratela kawontenaning pejah sarta ingkang namung kataton punika ngantos rambah kaping tiga pamariksanipun ingkang pejah pinanggih 100 tiyang ingkang kataton pinanggih 150 tiyang, wngkenipun tiyang satus ingkang kaentas saking lepen sarta ingkang kaentas saking tumpukan katindhiyan ing kareta lajeng sami kajejer-jejer wonten ing pakebonan sacelakipun panggenaning sangsara wau, tumunten parentah andhatengaken kadang warganipun tiyang satus wau, supados sami anitik kawangkening kadawarganipun piyambak-piyambak polahipun kadang warga dhatengipun ing panggenan wau sakalangkung anrenyuhaken manah adhuh sasambatipun nadyan garantang solah lir tampaling, sansaya bilih pamilihipun wau amanggih wangkenipun kadang warga, pambengokipun kadya anjebol anjebolna langit.

Ing wengkoning wit kapel salebeting kitha Londhon sampun rambah-rambah ing ngriku panggenan begalan sarta wonten raja pejah tiyang estri ngantos sawatawis kathah, bangkenipun dipun tugel tugel dene benggoling durjana nama Jetiriper, nanging dereng saged kacepeng sarta tansah adamel pepejah kemawon tumuntenpara pulisi sami impunan guyubing rembag ing wengkoni wit kapel kedah dipun griyaning para pulisi sarta mawi pangageng, rembag wau inggih lajeng kalampahan boten antawis lamipangenging pulisi nampeniserat saking jekiriper, ijemanipun kados ing ngandhap punika./

Ora suwe aku bakal amiwiti pagaweyanaku lawas maneh ana ing wengkon kene lan supaya komuke jenengku teka bu bakal dumarojog lamun kowe lan sakalerehamu para pulisi padha pepakan ana kene kabeh, dene lamun kowe wani amapagake cobanen kalawan pitulunging ngallah aku bakal anancebake lading rawut anokowe aja munasika marang laku ku supaya aku kabeh padha tumandang kalawan sengseng, mengo lamun uwis rampung bae ku cekelen nanging layake luput awit aku duwe punngi ora bakal amasrahake awakku kecekel urip wis ping pitnyo aku meh kena kacekel nanging kanca mu ijeh padha cubluk-cubluk

Batur mu kiandhapasor, Jack the Ripper.

Obrolipun tiyang Enggris tiyang Prasman.

Kula punika nyambut damel wonten satunggiling kantor dagang ingkang agengipun ngantos boten kenging kininten suwawi sampeyan gali, lurah kula angangkah sudaning wedalipun pabeya, punika namung angawisi sawarnining serat ingkang wonten aksara I, boten kalilan dipun cecek punika sudaning panumbasipun mangsi ing dalem sataun 10,000 saleksa rupiyah. Tiyang Prasman boten pisan katingal eram dhateng wicantenipun tiyang Enggris wau wangsulanipun kual boten maiben pangandika sampeyan wau, awit kula inggih ngalami piyambak sami ugi kula punika nggih nyambutdamel woten satunggiling kantor dagang tur dadaganganipun boten kasade dahteng tiyang ingkang sami manggen wonten ing rembulan tuwin ing lintang-lintang, namung kasade dhateng tiyang ing ngalam donya kemawon punika panganggenipun dhimlela ingkang kadamel nguwur-uwuri serat ingkang mentas kaserat supados garing punika ngantos pinten-pinten miliyun antang, pamendhetipun wedhi wau saking tanah Aprikah, ing ngriku kathah simanipun ing satunggal ditnen ing kantor ageng wau ambikak tong wedhi kalintu isi sima, bokmanawi kala pamendhetipun wedhi, tong dipun lebeti sima boten sumerep dipun kinten

sampun isi wedhi, katitik saking awratipun menggah sima wau anggelo lajeng malebet ing kantor ageng, dipun padosi ngantos dumugi sapunika boten kepangih.
======\==========
Nalika ing dinten Senen Pon salebeting wulan Besar, ehe, 1820 kula mentas istirakah saking masjid ing Jatinom antuk kula lumampah dharat sarta bidhal medal margi alit sareng dumugi ing dhusun Jimus dhistrik Koripan (Bayalali) lampah kula kandheg aningali tyang kathah sami lumampah ambekta ambengan saweneh amikul jodhang isi sekul pangan mirantos inkang saking wetan mangilen ingkang saking kilen mangetan wangunipun badhe kendhuri ageng, kula lajeng angetutaken lampahingtyang ingkang bekta ambengan wau, kendelipun sami nglempak wonten madyaning palataran masjid ing ngriku sampun kathah para prayantun ingkang samilenggah, angadhep meja panjang isi sasaji, tatarakitipun saengga pista ageng, dene tyang alit sami lesehan ngadhep ambengan kula lajeng pitaken dhateng satunggaling tyang sepuh, eh ki sanak kula nyuwun pitaken punika badhe wonten punapa dene para prayantun sami kempalan wonten palataraning masjid ngriki angadhep sasaji kathah, wangsulanipun dhasar saben kalamongsa lebar panen lajeng adamel sidikah ageng, ingkang dados pangajeng, kyai Iman Johar, inggih punika abdi dalem pradikan ing Jimus ingkang majibi masjid punika, mila prayantun iji musdala bekel sarta tyang kuli, sami sangu ambengan ngalempak ing masjid kula pitaken malih, kajatipun kados pundi kisanak wangsulanipun lah inggih punika, ingkang sapisan mumule nabi adham 2 Panembahan Senapati Mataram 3 para luluhuripun 4, She Jisimasmani, putra tumenggung Pugalan kang sumare ing Kembanglampir, wayah She Ngabdulngaripin ing Sela, sadherek ipe kiyai ageng Sela wondene kang sumare ngriki, inggih ingkang nurunaken ppara prayantun ing Jimus ugi nama Kyai Jamus kula pitaken malih, lah ingkang lenggah ler pyambak jajar kalih punika sinten wangsulanipun hem inggih punika pangageng dhistrik ingkang bawahaken dhusun ing ngriki sami anjenengi 1 ingkang lenggah kilen punika mangabei Suradikara ing Jatinom 2 kang lenggah wetan punika raden bei Surapruwita ing koripan kalih pisan sami kadherekaken panekaripun sawatawis dene kinyambeti Banjengan prayantun Rongganmangpaneket panglawe dumugi bekel ingkang sami gadhah ajat sarta uleman iki wonten salebeting masjid punika uleman prayantun abdi dalem pradikan tuwin para kaji santri sapanunggilanipun sami mumuji maos slawat dikir, dadonga luhuring karaton saha wilujeng arjaning nagari, sampun maskula aturi lenggah ngandhap kajeng blimbing ngriki rumiyin kula andumugekaken tata-tata. golong alit papanipun kirang bawera, pandugi kula ingkang wonten salebeting masjid dalah ing plataran ageng alit boten kirang tyang 300 iji, wiwit kendhuiri jam 5 sonten jam 6 bibar, kla sipeng ngriku sadalu, enjing mikat trus numpi sepur ing Dligu, mandhap Purwasari.
Pamuji kula, sarehning patrap mangkaten punika kalebet pratondha arjaning nagari, mugimugi pangeran kang amurbeng tuwuh anglestuna, amin amin amin yarabulngalamin.
Ing kampung Kauman pi, 2 Sura Jimawal sangkala, kawula nembah angesthi narendra
Katnahdan ki Jakaslamet.

Minangka pasumbang tumrabing pustakawarti yeka kadya ring ngandhap punika candhakira Kanangwiyata.

Molah urubing bawana, dadeken sakalir kalir, sangkaning kang tribawana, papanganane sakalir, pan mijil saking bumi, tutuwuhan ingkang cukul gulma myatarulata, miwah babektining paksi, saisining pramudita Saikisma. Punika pan jagad agal myang guru pangawakneki, len kang katon kapiryarsa, angucap myang angrasani, mangangenangen nenggih, ing ganal pakaryanipun marma anasungkawa, prihatin petenging ati, iya dening cina ut reregeding tyas. Luwamah lan rajah tamah, bathara suksma akardi, ing bawana sasarungan ing sariranira sami, dadya pasthi kamanik tanpa warananeng kalbu, surasakti prabawa, agal pakartinireki, nora godha ngekeh-ekehaken cipta. Myang budhi angkaramurka, punika kawijil neki, nenggih kang budhi angkara, rosa

molahaken dhiri, marmanya dadya mijil ingkang poncadriya iku, miwah kang poncadriya, tansah migena ing ngati, yeka dadya atemahan Darsendriya.
Taksih wonten sambetipun
Ingkang manulat sing papakem mau sawantah dera kijaka pranawasidhi
Sang dhudhukuh ing Mendhang Prawa.

Ongka 72 Salasa Kliwon kaping 3 Sapar Jimawal 1821, utqwi kaping 8 September 1891

Surakarta
Kulawisudhan
Awit saking kaparengipun karsa dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan salowongipun kalenggahan abdi dalem panewu carik kadipaten anom tilas lalampahanipun ngabei Sastraarjendra, ingkang kinarsakaken agentosi ngabei Sastraatmaja mantri carik kasepuhan kaganjar sasebutan tuwin nama Raden Ngabei Sastraatmaja.

Wonten ing dinten Kemis tanggal kaping sadasa wulan punika, kanjeng tuwan asisten pansetedhen badhe kagungan damel ressepsi, inggih punika anengeri anggenign pallakrami tetep salangkung taun laminipun ing sonten wau para pawong mitra tuwin para karuhipun badhe ngalempak wonten ing losemen sekolten nnten badhe lampah sasarengan dhateng dalem asistenan saha sami angalempakaken yatra badhe katumbasaken wawarnen salaka, kaaturaken ing kanjeng tuwan pansetedhen mongka pasungsung cihnaning sih ing mimitran punapa malih tondha pangemut-emut dhateng ing dinten wau.

Rahaden mas aryasebrata, ppatih ing Mangkunagaran anyuwun rereh, ingkang kakarsakaken anggentosi, rahaden gnabei Citrapradata, wadana gunung ing Karanganyar, dene kepyakipun amarengi ing dinten tingalan dalem kanjeng gusti pangeran adipati aryaprabuprangwadana, wonten ing dinten Senen Legi ngajeng punika.

Dinten Senen kala wingi wanci jam 1 siyang, ingkampung gandhekan tengen wonten griya kabesmen sami payon atep cacah wuwung telas 3 iji, griyanign tiyagn arab jalaran latu bedhiyangipun piyambak.
Kintunan.

Nalika dinten Akad kapengekr punika wanci jam 5 sonten rare nama pun Kenthus ing kampung Kratonan menek wit gayam badhe nyepeng peksi galathik ingkang mencok ing ngepang inggilipun 18 kaki, pun Kenthus katarik panotoling manah lena dhateng kaprayitnan kadung panggayuhipun satemah kumaleyang saking nginggil anujoni bok Kasan Kastu Balangkung wonten ngandhapipun pun Kenthus andhawahi cengelipun bok Kasan Kastuba, thekseg kapisanan tansambat ing dinten punika bok Kasan kastuba dumugiing wates anemahi pejah, dene pun Kenthus sanalika punika dados petikan ananging lastantun
Kintunan.

Wongsadrana tiyang ing kampung kaliraman kala tanggal sepuh wulan sarua kapengker punika, sampun tilar donya jalaran sakit benter, saderengipun layon dipun dusi para kadang warga sampun gnrsaya dhateng tongga tepalih adamel luwangan wonten kramatan Gandhekan tengen sareng pandhuduking siti sampun lebet wonten kengkenan saking griya anyandekaken pandameling luwangan wau, awit ingkang pejah sasampunipun dipun dusi gesang malih, para tiyagn ingkang adamel luwangg inggih sami gumun dene wongsadrana sampun kapanggih gesang malih, para kadang warganipun sami pitanglet kapriye kowe mau wus mati teka banjur urip maneh, wangsulanipun wongsadrana aku ora sumurup yen aku mau wus mati, pangrasaku mung lelesan turu kepati, malah tangi ku iki aku duwe rasa kaduwung, mraga sajrone aku lara lagi iki mau gonku turu bisa kapenak banget.

Mugi angatos-atosa ing kawontenanipun sasakit benter sapunika, ingkang katarajang sasakit wau kathah ingkang ugi kataman ing lembon tilemipun inggih ngantos kapatosa tiyang ngantos prasasatan paaos pramila bilih wonten ingkang makaten prayogi kasarantosaken rumiyin sampun

kasesa kadamelaken luwangan, lembon utawi tilem kapatos wau, pancen bektanipun sasakit benter ingkang anggelasah sapunika.
Kintunan.

Kala Akat ngkang kapengker punika, watawis jam 5 sonten sakilening dalem kapatiyan wonten tiyagn ider regong sekul pulen ulam terik dipun tumbasi pangananipun kaliyan cina ider bakmi,nanging panganan sampun katedha angsal sapalih dipun wangsulaken cinacariyos bilih pangnanipun boten eca, pun paman terik boten anampeni, sarehning panganan sampun ktedha, cina muring-muring, pun kakang terik lajeng dipun tabok saking ramenipun ngantos kadhatengan para titiyang ingkang sami tutulung, dipun pitakeni ing kathah tetela cina ingkang lepat pramila boten lenggana lajeng bayar tetempah, anggenipun ngorak-arik sesadeyan regi 50 sen.

Sampun sawatawis dinten punika anakipun bok N.N. ing pamotan watawis umur 4 taun dipun tilar ider sareng antukipun ider dipun upadosi boten kapanggih aduh biyung, dangu dangu kapanggih rare sampun pejah kumambang wonten ing balumbang celak ing griyanipun.
Kintunan

Yogyakarta
Kala tanggal kaping 26 salebetipun wulan saura punika ing kapatiyan wotnen pasamuan dhaupipun raden ajeng Istijah putranipun gusti pagneran arya Surya Mataram ingkang dipun pundhut putra denign kanjeng ratu pambayun angsal raden mas tumenggung arya adiningrat bupati ing Demak gumyuh ing pawartos boyongipun dhateng Demak benjing Rebo Legi.

Kala dinten Kemis Wage tanggal kaping 3.9.91 wanci jam 7 sonten ing kampung Sayiddin sakilen kareeg lepen Code, wonten Cina singkek langkung mentas anagihi tekkan saking kampung-kampung, sareng dumugi ngriku canklongipun wadhah yatra karebat denign saradhadhu, kados pn cina sanget anggenipun ngekahi, lajeng dipun songkoli ngantos biru erem rainipun malah kupingipun ngantos medal rahipun cangklong estu kenging karebat isinipun kinten sadasa rupiyah: otota kawat balunge wesi cina satunggal saradhadhu gangsal boten dangu kaliyan wontenipun lalampahan punika, kanjeng tuwan Asisten residhen tindak saking kilen kados badhe kondur, mriksa cina dipun rubung tiyang kathah lajeng andangu sakawitipun sampuning titi miyarsa lajeng kemawon wangsul tindak mangilen malebet ing tangsi mikut kang ambek siya siya kang nyuda tatatentreming praja, kang sarta paring dhawuh cina dikakaken bebta dhateng tuwan dhokter supados tumuntena kaupakara.
Kertalesana ing dhusun Galonggong bawah Kalasan tangi enjing, lajeng anjujug dhateng kandhangipun dumugi ing ngriku lajeng anjenger sak pandurat tampa saraba, awit lembunipun sampun kapanggih pejah saha suku wingking kalih pisan sampun dipun sampil punapa malih labet kabegta ing durjana, inggih punika telakipun pandung tarimah satitah, punapa malih pancen kadunungan patrap sathithik edhang.

Ing dhusun Ledhok bawah Sentolo wonten tiyang anacak mandung malebet ing griyanipun Kertawijaya, ananging boten saged kalampahan malebet ing griya, lajegn griya kaangkah badhe dipun basmi, saweg angerek saha amasang pirantosipun kertawijaya medal anganglang sumerep kalebatipun tiyang, ingakng lajeng dipun permanakaken sanalika pun pandung malajeng, ananging sarehning radi tuni dhateng jajahan ngriku, kacegur ing sumur, sareng dipun entas awakipun babak bunyak ingkang gadhah griya tuwin para tandang aningali tatunipun saemper sami katuwuhan ambegdarma, ardaning tyas sanalika sidhem datan anggadhahana kredyat namung pandung lajeng dipun ladosaken dhateng pulisi.

Madiyun

Bawah ing Pranaraga kathah ing tiyang sakit ngantos ewon sadaya sami katarajang ing sasakit benter, kalampahan ngantos dhokter ageng ing samawis dhateng ing Pranaraga, anyatakaken ing kawontenanipun sasakit wau, saha angadhawah dhateng dhokter jawi ing ngriku, punapa malih ambudi tanggulangi ngambranipun sasakit wau.

Nalika tanggal 21 wulan Agustus kapengker punika, wanci jam 5 sonten griya gadhanipun tiyang estri rondha nami Senakrama, ing dhusun Tawang Onder dhistrik Dalapa, kabesmen jalaraning latunipun piyambak inggih punika wti lena anggenign badhiyang, tumuwuh bingungipun ngantos kasupen dhateng anakipun kakalih, ingkang taksih sami alit alit saha tilem wonten senthongan dipun gatosaken anggenipun ngopeni bongsa suwek sanalika kathah para pulisi tuwin tiyagn sami tandang, bekta ganthol saha lodhong isi toya, anamung sarehning mongsa benter wah anginageng, kalampahan griya wau cures dados awu sareng latu sampun sirep bok rondha saweg kaengetan bilih anakipun kalih kantun ing senthong, lajeng matur dhateng pulisi, pulisi lajegn angosak-asik awu nign griya, wusana lare kalih wau inggih kapanggih ananging sampun dhapur awu, bok rondha sareng sumerep bilih anakipun kapanggih sampun pejah, lajegn anjerit angrungkebi awunign anakipunw au, dhuh adhuh pangeran ignakng maha agung, sinten ingkang saged anandhang cocobaning tuhan ingkang makaten dhapuripun mugi tuhan enggal amaringana pamuwus dhateng bok rondha.

Nalika ing dinten Kemis tanggal kaing 13 wulan Agustus kapengker punika, wanci jam satunggal siyang wonten maesa jaler, dipun angen sareng badhe kagiring mantuk maesa wau lajeng lumajeng mangidul sareng dumugiing dhusun Banjarsari wetan dhistrik nguteran umebet ing pakaranganipun tiyang nami Kasanreja, pun Kasanreja kaleres linggih ing nglatar, maesa lajeng ambujeng, kasan reja ngantos dhawah ingakng lajeng dipun kakahi, rahayuipun kasanreja saged gumulung lumebet ing ngandhap gedhogan ewadene maesa taksih ambujeng sarta anatapi gedhogan ingkang ngantos risak namung Kasanreja wilujeng, bok Kasanreja mireng lajeng medal saking griya, sareng maesa sumerep dhateng bok Kasan reja medal sanalika lajeng kabuejng lumebet ing griya, bok Kasan reja andhawah dhateng ing ngamben maesa lajeng anatabi amben bok kasan reja lajeng glundhung dhateng ing longan nanging suku taksih katingal sakedhik ingkang inggih lajeng dipun gudagi, suku ingkang kiwa ngantos labet anamung boten dados punapa, boten dangu maesa medal saking griya sumerep kalebating tiyang lajeng kabujeng, namung dereng ngantos angsal tiyang malih, boten antawis dangu pulisi tuwin tiyang ing dhusun ngriku kathah ingakng sami dhateng, ingkang sami lajeng anandukaken sanjata pitulung, maesa lajeng diun sanjata, ingakng nemahi maesa pejah ngenggen, ujaring gugon tuhon pancen inggih makaten bilih sabin nami Sekunta, saben dipun angeni rajakaya, sampun tamtu wotnen maesanipun ingkang ngumuk.
Kintunan

Ngawi
Pasamuan landrad ing nalika tanggal kaping 26,27, tuwin 28, Agustus punika sampn angrampungi prakawisipun.
Pasakitan wasta Gondawikrama, griya dhusun ing Gandrikawedanan Dera, tatela kalepatanipun mandung dhuwung saprabotipun regi f 150 kapatrapan anyambut damel paksa, 4 tahun.
Pasakitan estri wasta bok Tlawah saking kampung Karangtengah kitha Ngawi, tetela kalepata mandung barang warni-warni, kapatrapan anyambutdamel paksa 1 taun.
Pasakitan wasta Trunakarsa saking dhusun Jambangan kawadanan Sepreh, tetela kalepatan mandung pacul kapatrapan anyambutdamel paksa 4 wulan.

Ing nalika tanggal kaping 20 wulan Agustus punika, wanci jam 5 sonten jaksa kanthi 1 opas tuwin 1 magang, sami dhateng angledhah dhateng ing dhusun keguhan amargi wonten pratelanign dodok bilih wonten tiyang amahat arak peteng, dumugining dhusun wau wonten griya

alit celak ing lepen salebeting capuri, sarta griya wau anyalawadi, inggih punika bale pamahatan saha wonten pawon miwah pirantosipun pepak nalika opas badhe lumeebt ing griya, wonten satunggaling tiyang jaler balosot medal lumajeng agebyar lepen lulus boten kacepeng, anangig opas boten kikilapan bilih tiyang jawi ingkang lumajeng wau, sajatosipun tiyang cina ing kitha Ngawi nami K.S. ingkang mandhegani pamahating arak ing griya wau, sareng panggaledhahipun kalajengaken ing lebeting griya wonten titikipun kathah, punapa malih amanggih rasukan tuwin kathok cina miwah benang kusir sami wonten ing patileman inggih punika gahah kanipu cina ingkang lumajeng mancala warni wau, kacihna wonten ing patileman ngriku anggenipun anglusungi, sanes dinten pun gadhungan kapanggih sampun wonten ing griyanipun ingmangke prakawis sampun kaaturaken ing rol pulisi.

Warni-warni

Ing nagari Riga wonten pakumpulan rumeksa nign gesangipun ulam toya,bilih amanggih pejah sampun ngantos dhumawah ing siya-siya, titiyang sade ulam toya boten kenging dipun galethekaken wonten ing ngentasan kedah kawadhahan ing pangaron mawi isi toya, bilih wonten tiyang tumbas boten kenging kabekta urip-uripan kedah lajeng kapejahan sanalika dipun kethok endhasipun sarta lajegn dipun sembeleh kaliyan lading landhep wusana lajeng kenging dipun tugel tugel kajawi manawi ingkang tumbas wau mawi ambekta pangaron isi toya, punika kenging kabekta mantuk gesang.

Pambektaning ulam ing pangaron dhateng peken peken kedah kaemotaen ing papati ingkang mawi pir, supados boten sanget kocak toyanipun.

Tukang mancing kaawisan andekek ulamipun ing kepis nanging kedah kacemplungaken ing pangaron ingkang mawi toya ugi.

Panggodhoging kepithing sarta urang kedah dipun kalengeraken rumiyin.

Tirem boten kenging ktedha mentahan inggih kedah kadamel kalenger rumiyin

Pranatan ingkang sampun tumindak rumiyin pamragading rajakaya saderengipun kalampahan rajakaya wau kedah diun moraken rumiyin kaliyan kanca-kancanipun utawi wangsanipun saemper sinuprih kados tiyang, supados apamitana.

Pranatan punika kalimrahaken ing sanagari riga, manawi kamana celak amesthi kagalih tanpa damel sarta amung badhe angathahaken pandamelan nanging manawi kagalih sanjang amesthi ageng pigunanipun menggah ing manungsa.

==\==========

Panjurung

Raraspucung, mongka sasmukanign kidung, dadak kandadinya, dera mugn sudarpeng kapti, ngurayani pracihnaning kanisturan. Pansinawung, parjapangistawa muhung, mrih katur grajengwang, sang ngambek widakdeng budi, kang prasasta parabv ki Jaka Suwedha. Marmanipun ulun dahad kumalungkung, sumengka tur thika, muhung mamrih rismarini, tumacelu sisthaya mimba widyaka. Tanwrinlamun sampilaginuyu sgung, nging para wijana, kang samya anupiksani panggi tamba tuhu tan montra rajasa. Wiyosipun dhuh akang wus tampi ulun thikasing panduka, winuryaneng bramartani, ingkang mardu mardawa traping lukita. Sakalangkung karya kayungyuning kayun sasuraosira, sampun kawula taliti, bab paken tamah hyangsrat danujakrama. Mugi sampun dadosken cuwaning kalbu, wit kirang sambawa, ywan pinacak bramartani, tarlen muhung arinta minta aksama. Titi nuju , surayaksitaning enujimawal sangkala, janma katon ngesthi aji, katandhan arinta pun ardamarasma.

Ongka 73 Setu Wage kaping 7 Sapar Jimawal 1821 utawi kaping 12 September

Kulawisudhan

Kanjeng tuwan Kis asisten residhen ing Demak kapareng pamit dhteng tanah Eropah, awit pasuwitanipun langkung gangsal welas taun laminipun ingkang anggentosi kanjeng tuwan Numanse, prayantun ingkang ngentosi kapatah ing damel.

Bupati ing Kendhal ingakng nembe rereh kapatedhan balonja kendel 3000 ng dalem sataun

===\========

Surakarta

Nalika malem Jumungah wnaci sonten ing dalem asistenan kathah para ruhur, ingkang sami rawuh arsa asung cihnaning sih trisnaning ngamitran dhumateng kanjeng tuwan aissten sarimbit ingakng amarengi ing dinten wau anggening aparakrami tetep salangkung taun laminipun dene tuwan tuwan ing kitha, para ruhur bongsa jawi sawatawis kapitan Litnan tuwin para cina dang, pagnagengipun bongsa Arab saha kancanipun ingkang sami danga, sami ngalempak wonten ing losmen Sakoltenan saking ngriku malampah sasarengan dhateng ing dalem asistenan mawi ing ngapitapt obor amubyar, saha musikan ing ngajengan dumugi ning panggenan para tuwan-tuwan amatah tuwan satunggal ingkang mrasajakakn dhateng kanjeng tuwan pasetedhen dhatengipun wau, muhung badhe amedharaken saesthining wardaya lalambaran ing sukacitanipun amarengi anggening para krami kanjeng tuwan tetep salangkung tau laminipun sasampunipun sami ngunjk sarambahan kanjeng kanjeng tuwan tuwin para tamu sami ing ngaturan amirsani kembangansi, ingkang kasulet rumiyin dhapur gapura, sareg latu mubyar tebenging gapura katingal wonten saseratan ingakng ruaos makate bongsa cina ing kitha Surakarta sami angaturi pudyastuti ing kanjeng tuwan pansetedhen sarimbit anggening parakrami tetep salangkung taun laminipun sasampunipun nunten anyulet kembang api lanjaran sadaya pancen sae punapa malih awiting kasing jumantara urubipun angresepaken , sasampunipun sami wangsul dhateng dalemipun kanjeng tuwan malih, angunjuk sarambahan engkas nunten sami bibaran, aliya punika kanjeng tuwan inggih anampeni cihnaning ngamitran warni barang kristal pinalisir salaka, utawi ingkang maligi salaka, saking para ruhur, para tuwan tuwan bongsa koja tuwin bongsa cina.

Sareng dalunipun ing dalem asistenan pasamuan resepsi, bibaripun wanci jam tiga dalu, menggah pamuhinipun para mitra mugi mugi kanjeng tuwan asisten sinembadanan ing sakarsanipun tulusa anggening amengku kamulyanning ngagesang, enggal minggaha ing pangkat.

Nalika rebo sonten wonten rare katarajang kareta andhong, pun rare ngantos anandhang tatu saha sanalika wau galasaran ing radinan inggih kathah ingkang sami anandukaken sanjata pitulung, dados pun rare boten kapirante kawonten ingkang amulasara, kalihan malih pinuju taksih radi siyang, yen ta katalompeya ign wanci kados inggih tulus anggening anglekar wonten ing radinan dene kapala kampung ingkang kasiten sakala bramantya acancut taliwanda, brebet anututi pun andhong, inggih kacipeng ingkang lajeng kaladosaken dhateng kapulisen dumuginipun kapulisen katitipariksa ing kawontenanipun pun kusir kasingker ing kunjara dene pun rare lajeng kabodhokaken ing bapa-biyungipun, lah punika radi anggumunaken dene pun rare boten dipun pariksakaken ing dhokter, mas pulisi teka namung anarimah ing aturipun biyungipun rare, bilih

pukangipun rare ingkang kalindhes ing kareta boten pepes la embok inggih dipun timbang bilih atur ingkang makaten wau, rak namugn tumuwuh ing ajrihutawi ing gugupipun, anggirisi sanget sapunika patrapipun para kusir andhong, anggening sami anandukaken kapurunanipun saanggeripun sampun anyetheraken sambukipun wonten tiyang boten anyimpang inggih tamtu karatajang purun wangsul bedhah ing daging pepes tugeling balung punika, angsring anuwuhaken cothonipun tiyang, laminipun wuwulanan ugi wonten ingkang ngantos taunan utawi salaminipun gesang, bilih makaten punika ingkang nyanggi gesangipun sinten mongka ingkang sampun kalampah entheng utawi awrat kalepatanipun pun kusir angsring namung dipun patrapi kakarakal kemawon punapa punika timbang kalihan anggeing tiyang anandhang sakit utawi kapitunaning sakala anandhang sakit temahan boten saged anyambut damel ingkang tumuwuh anggening katarajang ing kareta, pramila pangarsa arsanign ngakathah mugi mugi punika para ingakng kawogan karsa amanggalih, kados pantes bilih kusir andhong amolah ingakng gadhah andhong kapradhah, ing wingking tamtu kawok saha boten sadhengah atiyang ingkang badhe dados kusir, tamtu ingkang gadhah andhong lajeng amilih titiyanganipun boten kadosa punika sadaya kusir andhong tiyang pocokan sanes tanggen kacihna ing solah tingkahipun sami degsura sadaya, ingkang manawi sampun wonten ing kusiran anggepipun lir pendah ingkang jumeneng pribdi dene ciptanipu ingkang gadhah andhong, inggih ugeripun angsal yatra, bareta anunjang tiyang, wonten ingkang anglampahaken saha terkadhang wonten ingkang anumpaki, la inggih punika kaudiya dhaeng ingkang sami kawogan, patrap ingakng makaten punika, punapa boten kedah dipun tandukiingkang awrat ing titimbanganipun.

Ing dinten Akad tanggal kaping 24 wulan September punika, ingngalun-alun mangkunagaran badhe wonten titingalan ingkang angggirisi, ingih punika inggahipun tuwan piktorpanglasi ajumantara, sarana luh balon saha dhumawahipun sarana sengsong, kawanteranipun tuwan wau sampun kawentar ingpundi-pundi, awit dereng wonten ingakng animbangi, wonten ing Majaker, Magelang tuwin ing Cilacap saha ing Sanes panggenan inggahipun ngantos kawanewu kaki inggilipun saweg mancolot uwal saking luh balon dene bilih kantun tigangatus kaki ingilipun songsong tamenging dhawahipun wau saweg megar

Ongka 74, Selasa Paing kaping 10 Sapar Jimawal 1821 utawi kaping 15 September 1891

Pawartos kawat
Kapareng rereh sarta lulus ing pangakt karuhuranipun kanjeng tuwan Pandheldhen asisten residhen ing Grobogan.
Jinenengaken residhen ing Pasuruan Kanjeng tuwan Salmon asisten residhen ing Bangil
==========\==========
Pawartos babaratan
Ingkang badhe ginentosaken tuwadhendhanoi, guru pangajeng ing pamulangan guru ing padhang sidhempuan tuwan L.K.Aremsen ingkang wau sampun nate dados guru ageng ing Keidhen amulang para neneman calon prayantun ing tanah jawi.
=========\==========
Surakarta
Tuwan Falasi boten saestu amumubul ing dirgantara, awit boten saged angsal papan ingkang amikantuki, eman sanget boten saestu, amargi tuwan wau saged angangah dhawahipun wangsul wonten ing panggenan ingkang kaangge ngumbulaken luh balonipun

Nalika ing dinten Setu ingkang mentas kapengker punika sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan amatedhakaken cihnaning sih kapareng dalem dhumateng tuwan dhokter Mayer, awarni erloji sarantenipun jene sadaya, ingkang pancen agem dalem piyambak.

Tiyang ing dhusun Mara bawah Tegalreja, bilih wonten tiyang pejahpametakipun mujur mangilen rehningpunika sulaya kalayan lalampahanipun tiyang sanes kula pitaken dhateng tiyang ingngriku teka tiyang jawi pametakipun mujur mangilen wangsulanipun tiyang ingkang kula takeni, mila dipun petak mujur mangilen awit manut suruping surya mangilen wondene lampah ingkang makaen wau sampun kina kimina
Kintunan

Samangke wonten pratingkah enggal ingkangmurih angsal arta, inggihpunika tiyang durcara ingkang mangangge, anunggil tiyang gadhah damel mantu sapanunggilanipun angdegi damelpasamuan samudana rencang ngladosi, dipun bandhani nyewa pangangge ingkang regi kathah, saben wonten barang ingkang kapering lajeng kapendhet utawi kaseler(*).
Wonten malih, tiyang estri ingkang pindhautusanipun para ageng, mangangge sembongan mawi samir, tanpa rasukan sengadika utus nyambut barang, utawi mundhut barang sambutan utawi mundhut arta pasangon warni-warni manut kalamasanipun lampahing pandamelan ngriku.

Makaten malih rare punakawan ugi ownten ingkang patrap makaten gelung kondhe ngangge samir, tanpa rasukan asamudana dados utusan kados tiyang estri wau, milaingkang kirang pangatos-atos kathah ingkang katiwasan kataman patrap giniyaraken ing nginggil wau, awit kula sampun nyumerepi piyambak pramila para prayantun ingkanggadhah damel sami waspaos sapaningalipun sampun ngantos kelu tembung manis manuhara, utawi dora sembada, ananging prayogi lajeng kaudiya ingkawontenanipun punapa malih lajeng katanjihna dhatengkancanipun ingkang sami wonten ing ngriku ingkang tamtu lajeng sami rikuh, kalihan malih sami gawok awit pangangkahipun kajodheran saha nalika kajuwara ing kathah, patrap makaten punika sampun sokdipun puwung, mindhak anuntuni ing sanesipun sarta dangu dangu sansaya andadra
Kintunan
==\==========
(*) lalampahan punika kados ingkang dipun salokani, mawor sambu, bilih punika leres rakpancen lalampahan kina
jurungarang.

Kala senenlegi amarengi pasamuan tingalan dalem kanjeng gustipangeran adipati Arya Prabu Prangwadana, abdi dalem patih ingang mentas kawisudha, kakepyakaken saha kapatedhan sasebutan tuwin nami Rahaden Tumenggung Jayapranata.

Yogyakarta
Putra dalem utri sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng sultan Gusti raden ayu anom seda, kala tanggalkaping 8 wulan punika, jalaran gerah benter, nalika wiyosipun layon untabipun para kawuladalem ingkang andherekaken kathah saha gumolongipun tinon saking katebihan kadya lumeberipun samodra bena, dene ingkang sami andherekaken punapa malih para ruhur ingkang sami anguntabaken sadaya sami ngantos dumugi ing astanaImagiri.

Yasanipun pamulangan kanjeng pangeran arya Yudanagara punika, sami sami pamulangan Partikelir, boten wonten ingkang nyameni, kathahing murit ing sawulanipun kirang langkung saking 160 dumugi 180 iji, lare samanten wau kawulang guru tetiga.
Pam,ulanging guru wau sanajan pamulangan partikelir katimbangpamulangan gupremen kaota boten kathah, ananging pirantosipun ki guru ingkang kangge mmulang sakalangkung kacingkrangan sanget.
Wondene babprabeyanipun sinau lare satunggal boten langkung nyalangkung sen, sarta mali ben wingking bokmanawi pamulangan wau wewah arjanipun
Gumun kula wau ingngatasipun pamulangan partikelir larenipun koklangkung saking 150
Pun Patik

Banyumas
Boten wonten sanesipun ingkang kawartosaken saking tanah ngriki, inggih namung kasangsaran ingkang sami kasandhang ing mangke, taneman rosan panjan enggal kathah ingkang boten amedal sanadyan katungkoha ingjawah kadosinggih kalajeng boten medalipun wau, para tiyang sitikathah ingkang sami sakit dados kathah pandamelan ingkang boten tumindaka, para tuwan tuwan ingkang sami dumuung in gtanah ngriki, ugi kathah ingkang sami katarajang ing sasakit ngantos kala tingalan dalem taunan ingkang sinuhun Srinatareni, pasamuan dhansah kalampahan kasandekaken dene regining tetedhankatimbang kalihan kala rumiyin ing mangke keninging kawestanan mindhak tikel.

Priyangan
Wawateking Jagad sakalangkung majengipun, samangke para wanodya ing Cianjur bilih leledhang ing wanci sotnen punika sami mangrasuk busana endah numpak dhosasho pusara dipun asta pribadi, manawi sampun amiderider urut rurung, lajeng amampir ing toko painan atutumbas sarwi angumbe seri utawi sodhah limondhe, dene para kakungipun arsa boten purun kawon, ugi mangrasuk busana endah ugi aleledhang urut rurung, bilih sampun lajeng andhok ing kopihis amainbolah, sarwi angumbe beter utawi brendhi sodhah.

Ing dhusun Cikodhang wonten tiyang estri arencang rare amedali estri, ingkang bau tuwin sukunipun warni kados dipun untir, saha endhasipun mawi cula wonten rambutipun ambobat, tiyang sami aningali andalidir, saha mawi anyangking sekar konyoh saha yatra, umynging kathah rare wau titisipun sanghyangkala pramila sami angsung sekar konyoh wau,ambok manawi tinitahaken saged ambirat sangsaranipun ing masa kala sapunika.

Batawi
Ing kampung Limah wonten pandung kakalih ingkang saweg sakecanpun anggening amendheti barang, sami kaget wonten ingkang angelokaken pandung, angsal-angsalanipun sami dpun bopong lajeng agenjrit palajengipun sareng palajengipun wau maksa katututanlajeng anempuh byat anglirwakaken jiwaraga, sami anjegur ing sumur, sanalika patandang kaecalan lacak dumugi ing ngriku sami wangsul sadaya, kocapa enjingipun ingkang gadhah griya, ingkang sumuripun dipun jeguri wau tangi tilem anjujug ing sumur, punika sareng aningali ing sumur wonten tiyangipun ciptanipun boten sanes tiyang kakalih wau tamtu pandng, nunten alok sakala tongga tapalih sami dhateng, ingkang tan saronta

lajeng sami ambenturi dhateng pun Tiyang, tujonipun wonten konca pulisi langkung ing ngriku, ingkang lajeng amenging dhateng para tiyang ingkang sami ambenturi wau, saha lajeng abaucal pirantos saha tiyang kinen anggentas wonten ing pentasan memelas asih sanget angabibir saha naruthuk katisen dados an anggening sami amandung kapanggih dipun lelepaken ing sumur.

Panjurung
Serat kanthi taklim ulun katuring paduka yayi, ardamarasmasudibya, ambekmarta lusing budi, wiyosipun dhuh yayi mas kula sampun anampeni. Thikanta suraosipun paduka lenggoneng kapti, pahyang srat danujakrama,wontening pustakawarti, wittamtu kirang sambada, o: puniku boten yayi. Sinten benjang tiyangipun manawipurun moyoki, pun kakang ingkang nungguli, yayi sampun maring galih, jangji sok namung karsaha, macak wonten bramartani. Ibata ing sukanipun tuwan jurungarang tuwin kula kalamun kalakyan uninga babar ing rawi, pustaka danujakrama,mila pamintamba yayi, sampu nmawi galih rikuh. Titi sinereat tanggal ping 7 sparing jimawal yakti kalih ngesthi tunggil ulun pun
Jakasuwedha
Cantriking Banjar Malathi.
====\==========
Kaya dhayoh mas Ardamarasma, teka angalihrikuh
Juru gubah.
==\========
Apitaken dunungipun
Titiyang ingkang dipun wastani gadhah sasakit ewah punikapunapa dados gagolonganing kanisthan punapa dhumateng ing kautamen yen nisthoha sabab punapa denedipun mulyakaken dening para ruhur, manawi utamiya sabab pounapa teka boten kangge ing damel ingkang gatos pakumpulaning para putus ingpambudi, lan malih ingkang sami katetepaken nami ewah punika punapa nipun awit sadaya sipating makluk tamtu kimawon mawi ewah gingsir, amila kula dereng andungkap kados pun di paugeranipun mugi-mugi wontena ingkang karsa paringkaterangan dhumateng kula i
Pun Istipar.
========\==========
Jalaranipun segawon edan
Jalaranipun sagawon edan punika, amargi ing salebeting awakipun dipun rubung ginremetan ingkang sakalangkung alit ngantos boten kenging kasat mata kawastanan basil tembung walandi, ing tembung jawi kados ingkang dipun wastani:kruma.
Pramila manawi segawon edan punika anyakot tiyang ngantos labet basil ingkang manggen ing cangkem segawonpunika sami kantun wonten ing salebetipun tatu, lajeng lumebet ing urat utawi bayu margi erah, ingkang sampun pedhot amargi kacokot wau.
Manawi basil punika lumebet ing bayu margi erah, tiyang ingkang dipun cakot ing segawon punika amasthi sakit sanget terkdhang dados tiwasipun amargi ginremetan basil wau boten antawis lami tangkar tumangkar ngantos awon dados angrisakaken margi erah tuwin sanes-sanesipun.
Manawi basil wau lumebet ing urat tiyang ingkang kacakot amasthi ewa pandoming bale atmanipun amargi basil wau lajeng minggah dhateng utek dumugi ing utekugi tangkar tumangkar, dados pinten-pinten ewu, dados tiyang wau srina manahiun inakng jejeg raosing manahipun tansah sakalangkung bingung, lami lami amasthi ewah.
Dhuh para mitra,manawi wonten segawon edankedah angatos-atos.
Ismayawati, ing asraman Wukir Sundara.
====\==========
Wasitarja Pasungupung,munggweng wiyatanjrah.
Wong urip murih gambuh, ing pamberat rubedaning kalbu, kang lumeber ngalebi,telebing budhi, binudhiya kang satuhu, away kongsi, kabasturon. Karana ing tumuwuh, wus ginawan wuruk ing hyang agung, nora susah winuruk samaning janmi, saksining ngurip pireku, yeku wuruking hyang manon. Margane mring swargagung, lan margane mring naraka iku, pan wus ana kaananira pribadhi, den mangarti ywa kaliru, ing patrap kangngatos-atos. Parluning urip

iku,kawruhana wijiwijangipun ingkang wajib sinaji ing puja-puji, tarlen muhung badanipun binudya mrih karahayon. Ywakongsi keneng siku, walang sngkersajroning tumuwuh, wit sarira iku, warana sayekti, alabecik bener luput masthi neng sarusiku, mongka rowang,:barang pakon anglakoni, tan swawala:salaminipun sakarsa-karsa: rumojong. Yenta rinaksa tuhu, siya-siya:maring badanipun dene ingkang wajib rumaksa ing dhiri, tan lyan kalakuan ayu, solahbawa kang minongka baku, paugeran dadi tondha lawan titik yen tinitiking tyas tuhu, batine tinonton katon. Kadiwuda dinulu, pan tatela wentah-wantahipun marma kudu den samya gemanas karti,s alwiring reh de aserung, saringen sarininig raos. Ing ngempan papanipunmawawahyaning masa kaleku, den kalakon kalakuan ingkang becik kalakuan becik iku, kang wajib rumakseng batos
Taksihwonten sambetipun
Ingiketring, sangdamakumawi widyakamawa
Ing bukti Kadilaya
=========\==========

Minangka pasumabng tumrabing pustakawarti,yeka kadya ringandhappunika candhakira kanangwiyata.

Lire kang sampun tumeka, putus marang ing kajatin, sayogya den pituhuwa, sakawruhe ingkang yukti, teguhena ing ngati, tata nyoha kang satuhu, dene wicara uga, pesunen ing tyasireki, away pegat ngilaken raregeding tyas.Angrasanana pitedah, purwatekeng wsaneki, den kongsi bukawarana, yen wus mangkono tan kenging, yawn pinikira mali, panjatine wonglinuhung, abawa tur lekpana, tan keguh ingngulatiring, suka lamun cina cada ing sarama. Wisayanng tyas kang arda, punika datan kinardi, mung ulah puja subrata, snaghyang wisesa den esthi, sasolah bawaneki,a ngawasaken pandulu, dunungaken panembah, magem agama gugoni, tiwas ciptanira yen tan mangkonoha. Wonten warah ing pandhita, lakonana pan prayogi, sarate pangrusaking tyas ing tyasing arda saardi, kang suker nora becik yeku wawasen den gupuh, dadya ening tyasira, tanana kang nyunyukeri, alungguh asira menenga kewala.
Taksih wonten sambetipun
Ingkang manulat sing papakemmuhung sawantah derakijaka pranwa sidhi, sang dhudhukuhing mendhangprawa.
====\========

Ongka 75 Setu Legi kaping 1 Sapar Jimawal 1821 utawi kaping 19 September 1891

Surakarta

Kala dinten Kemis ingkang kapengker punika wonten konca gandhek ing Yogyakarta malebet ing ngriki, angemban timbalan dalem ingkang sinuhun kanjeng sultan saha angirid pasumbang dalem amarenga kramanipun putra dalem ingkang sinuhun kanjeng susuunan menggah pamethukipun konca gandhek wau wonten ing setatsiyon pangiridipun dhumateng ing kapatiyan punapa malih pisowanipun malebet saka sumaosipun pasumbang wau, konjuk ing ngarsa dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan pranatanipun boten siwa kados nalika lumebetipun gandhek ing Yogyakarta, angirid lumebetipun pasumbang amarengi kramadalem kanjeng gusti pangeran adipati anom.

Kala malem Jumungah kapengker punika wanci jam 3 ing kampung kaparak tengen sangajengipun dalem kabupaten lami, wonten griya kabasmen cacah wuwung telas 6 griya, igakng payon atep gangsal ingkng payon gendheng satunggal jalaraning latunipun piyambak tumuwuh ing cancut trangginasipun para tandang sanghyang Brama anggening makrakkura boten saged angrebda.
Kintunan.

Nalika tanggal kaping 17 September punika sangajenging Klentheng ing Secayudan wonten ringgit potei, wiwitipun jam 4 sonten jam 6 bibar, wiwitipun talu malih jam 8 dalu ngantos dumugi jam 12 bibar, ing nalika punika rehning nuju teranging sitaresmi, tiyang ningali langkung dening kathah, la sarwantuning para taruna ingkang seneng dhateng lampah kaliyan boten kacuwan anggenipun ngumbar gembeleng, saweneh wonten ingkang mitontonaken gebyaring pangangge, kumlewering karset ingkang tansah linaling-liling, saweneh kemul kamli kacara mantol wonten ingkang rimong calcari putheyet saweneh wonten rasukan jas ses srutu cundhug sarung bugisan rasukan pulkah, (*) wonten ingkang sarimbitan surawadu prajan sarta numpak andhong, weeh ngangge gamparan teken rotan panjang, apindhawi kuruwat saking taki-taki, ananging sang pindha pi wipra bilih kasaliring dening arumanis pasang polatanipun teka kesit, hem sugih temen gelar, wonten ingkang kaduk sura ing manah, dupi sumerep modang kumalewer tanpa kanthi, tandarana iya g anggenipun nginthil….ambagondhal…… iyak anggepe nemu gudel la sarpara arum dalu ingkang sami ambabar ganda nyolahraga, adhuh wonten ingkang sarenteg wonten ingkang karincing, lenjang, dhangah-dhangah, wonten sentruk-sentruk jonggrong-jonggrong, tarembel trinil-trinil lencir angronje dalah ingkang cingkrug-cingkrug inggih wonten sumawana paradaninggar ingkang sami wahanan manekawarni anggenipun sami ngayang busana, lah ing ngriku para taruna priya kawistara panawangipun kumececres kadi ningali rujak careme, ananging bandeng tumumpang tenong mas tiwas mandeng boten mondong.
Ing saderengipun ringgit wau talu, ing kalentheng wonten cina singkek kados tiyang kasurupan makaten patrapipun ilatipun kasigar ing pedhang bau kering kacubles ing sujen ngantos butul wedaling rah saking ngilat wau dipun tadhahi cangkir kadamel nyeret minongka tumbal nalika anyigar ilatipun piyambak punika, wonten cina ningali boten tahan sakala sumaput dados bayangan singkek kasurupan lajeng medal mlajeng-mlajeng, adamel giris ingkang sami ningali, gegeripun cina kaler ngrebarung gegering singkek bigar, ing ngriku para wasingan saengga panen gadhu, katemahan wonten ingkang alok kecalan kima, wonten kacu wonten kecalan slepen wonten erlosi, saweneh arum dalu alok kecalan jambuk lampok wonten ingkang risak daganganipun jambe rambon wonten ingkang risak namung sadumuk kla ngantos jombelong.
Kintunan
=====\==========
(*) toblas kadya buron napan niku neh,
Jurugubah

Nalika salevbetipun wulan sura ingkang sampun kapengker punika, kula dolan dhateng peken ing Bekonang, antuk kula kapethu, prayantun wangunipun kados bandara, mgnadem nyamping parang rusak kagok rusakan pulkah beloran ngagem tudhung, sarta ngagem teken penjalin sakala lampah kula lajeng anyimpang sarta mangarcana ambok manawi angsal sisiku, awit kapethuk para bandara trahing ngandanawarih, wasana sareng kula waspadakaken sanes bandara, jebul trahing core kimawon inggih punika pun R rare ing kampung wirengan dhuh para kawogan sarta kyai blengber, sarehning punika nama tiyang deksura murang tatakrama, purun mangangge dede leresipun kula anyungmanggakaken awit punika kalebet anerak awassaning nagari.
Nalika woyos dalem tedhak ing ngloji, wonten rare estri parawan nama LA, ….taun anakipun Wongsadimeja, pinuju ningali wonten ing siti inggil kagondhol ing gendruwo, ingkang sampun dangu ningali wonten ing ngriku, dene panganggenipun boten kacariyosaken awit gendruwo nipun kados saking sowan kaitik panganggenipun cara,……pa,…..na….ka….wan sanalika tiyang sepuhipun sarta sadherek sadherekipun sareng pun LA, boten mantuk lajeng enggal angupadosi, ananging boten kapanggih, wasana saeng ing dinten Jumungah pun LA, kapanggih wonten griyanipun gendruwo ing Pa ka salebetipun baluwarti, sareng dipun tangledi ngaken bilih pyambakipun dipun saosaken ing gendruwo dening bakyunipun pyambak nama pun TA minongka nyuluh bekti supados pyambakipun dipun karsakna gendruwo wau, dados sampun tetela pun Ta, anggenipun ngupadosi adhinipun wau namung, damel ulas–ulas yak la raden Bandungbondawasa panjenengan sampeyan punapa boten tiru-tiru anggondhol kadosgendruwo la bok inggih ta raden pun Ya wau sakadangipun gangsal rak purun dipun gondhol pancen rare gondholan
Medhakumuwung kaping 8, Sapar Jimawal 1821
Mayangkara

Manawi boten kelintu panjenenganipun Kiyai jurungarang sampun asring anggiyaraken pawartos tumrap ing serat punika ingkang wosipun amrayogi supados parentahan dawuhaken boten amarengaken kareta nadhong kothong kalampahaken medal ing kagugnan dalem alun-alun ler ingkang makaten wau pancen kasinggihian sanget awit anjawiing ngalun-alun dalem boten pantes dipun angge nyanyakakan kareta andhong, saestu dipun manawi kelantur boten tumunten dipun awisi, badhe anjalari ampangipun dhawuh pranatan awisanipun para abdi dalem botenipun kapaeng numpak wonten salebetipn alun-alun wansul upami parentah andhawuhaken ingkang kenceng angawisi lampahipun kareta kothong ngambah ing ngalun-alun wau, punika anjingipun anurutaken saha badhe amewahi antebipunpranatan awisan ingkang ing kina sampun kadhawuhaken saha kabangun saben ungelipun gongsa sakati ing wulan Maulud tumrap ing undhang-undhang, wasana puji pangajeng-ajengipun kiyai Bramartani mugi tumutena kalampahanipun kagungan dalem alun-alun boten kambah dening kareta andhong, ingkang amargi angestokaken dhawuh pranatanipun parentah nagari, amin.
Kintunan.

Ing pamedan kapatiyan ingkang iring ler kilen sapunika dipun iyasani sumur bur, manawi sampun rampungt ing panggarapiun saestu ageng pikantukipun malah amurih kacekap kanggenipun ing wingking dalem punapa malih tumrapipund humateng para pakampungan ing ngriku sadaya ambok manawi ing tembe saking wa tengen utawi wingking dalem tumunten dipun iyasani sumur bur kados ing pamedan wau
Kintunan.

Yogyakarta
Rawuh dalem Kanjeng tuwan Keting Olipir wontening dinten Rebo enjing wanci jam sanga, ing setatsiyon kanjeng tuwan kapethuk panjenenganipun tuwan Sekretaris tuwan Kontolir, para

kanjeng panggeran kasultanan tuwin kapakualaman kanjeng raden adipati tuwin para bupati sawatawis ingkang anampeni rawuh dalem wonten ing dalem paresidhenan kanjeng tuwan asisten kanjeng gusti pangeran adipati anom kanjeng gusti pangeran adipati Pakualam panjenenganipunt uwan Opreste, para kanjeng pangeran sanesipun para amtenar, tuwin para bupati ingkang boten andhek methuk punapa malih para tuwan tuwan saha para pangagenging bongsa sanesipun enjingipun ing dinten Kemis pasamuan anggening ambayawarakaken jumenengan dalem residhen saha tampenipun paparentahan pangerehing nagari Yogyakarta, sasampunipun ginarabeg para tamu ingkang kapratelakaken ing nginggil wau, panjenengan dalem kanjeng tuwan residhen malebet ing kadhaton.
Menggah abdi dalem bupati panewu mantri tuwin parapara bupati pulisi dhusun sami sowan wonten ing pagelaran pisowanipun wau mangangge cara garebeg nanging kuluk cemeng, sampeyan dalem anggenipun manggihi wonten pandhapi, ngagem wangkid dananging nyampingan kanjeng gusti pangeran adipati anom saha putra santana dalem paa pangeran sami mangagem cara walandi, rawuh dalem kanjeng tuwan ing karaton mawi kapahargyan ungeling musik saha gongsa, sareng sampun lenggah lajeng kasugata minuman sareng sampun ngnunjuk mlajeng malebet ing prabayasa tabeyan kaliyan kanjeng ratu garwa saha ibu dalem wiyosipun saking prabayasa lajeng kasugata wedang, watawis a jam anggenipun wonten katon lajeng kondur, sawang-sawangipun kanjeng tuwan wau sumeh sarta nyatriya, mracihnani bilih putus dhateng tembungjawi punapa malih dhateng tata caraning kraton boten wonten ingkang cewet.
Kala ing dinten Jumungah kanjeng tuwan sampun tedhak dhateng kantor Rat mariksani paragarap prakawis saking pamui kula dhateng ingkang maha agugn kanjeng tuwan residhen wau mugi sageda lami anggenipun jumeneng residhen wonten ing Yogyakarta, saha ginanjara raharja sagarwa putra dalem ingkang sarta ginanjara panjang yuswa dadnam
Ki Sudirabrata

Kendhal
Amarengi dinten Jumungah Legi tanggal kaping 29 wulan Sura taun punika, kinten wanci jam tabuh satengah pitu sonten garwanipun kanjeng pangeran Arya Nata amipraja bupati Kendhal Seda, jalaran gerah namung gangsal dinten dene ingkang anuwuhaken gerahipun wau, namung anggening kacocog paniti, kaprenah jempol tuwin penuduh ing asta kiwa, dados ing abuhipun, enjingipun dinten Sabtu paing tanggal kaping 30 bidhalipun layon saking dalem kabupaten wanci jam tabuh 4 sonten ginarebeg sagunging para pangiring, ingkang ngajeng piyambak para priyantun sami busana basahan prajuritan wah ana turongga, sadaya mawi salempang mori, makaten ugi turangganipun ing sirah inggih mawi dipun samiri mori, nunten pengkeranipun para priyantun bandera lajeng waos wingkingipun waos bandhosa kaapit dening para kaji, bandhosa mawi ranjam dados majeng sekawan wonten tiyangipun ingkang urut radinan boten kendhat anebut asmaning Allah, dene ingkang amikul bandhosa mawi kasingel lan nori, wingkingipun bandhosa kareta titiyanipun para tuwan tuwan dene layon kasarekaken dhateng pasareyan ing prata, saking kitha kendhal watawis wonten sapos langkung tebihipun jam pitu sonten saweg sami wangsul ingkang angateraken.
Mbok Lebe gigriya ing dhusun B, kadhistrikan P mentas punika pejah kabesmi, inggih punika kala griyanipun kabesmi piyambakipun kapanuju wonten ing griya piyambakan dene kanjeng jaler saweg kesah panggenanipun lurah nalika bok lebe sumerep manawi latu sampun nyalat sarta sampun andados piyambakipun lajeng medal saking griya, sareng duugi ing jawi enget bilih barang-barang ingkang pengaos maksih, kantun salebeting griya sadaya, piyambakipun wangsul malih malebet ing griya, kados tumuwuh ing kirangipun weweka, utawi kadangon anggening wonten ing griya, embok lebe katungkeban ing latu, ngantos kalampahan kobong wau.
Kintunan

Ing masa sapunika sarehning kirang jawah, ing padhepokan kula sadaya pasiten ing pekawisan tuwin ing sabin sami nela, saking sumukipun awa ingkang awon anuwuhaken sasakit warni-warni, kados ta benter tis watuk slenthing-slenthing ugi ingpakampungan wonten ingkang katerajang sasakit padharan tuwin penthing, dhuh sampun kadangon mugi gusti ingkang murbeng tuwu inggal ambirata dhateng kawontenanipun sasakit sadaya.
Kintunan

Panjurung
Saking kulinanipun para gugon tuhon
Awit saking bongsa kula tiyang jawi punika boten pisan bilih anilara dhateng watek gugon tuhon pramila tumrap dhaten gpara dhukun prewangan ingkang kacihna namugn adamel samudana kemawon lah punika saking panganggepipun para gugon tuhon bilih tiyang wau yektos kasurupan utawi gadhah prewangan ananging bilh kawaspadakaken ingkang kaliyan saestunipun wadheh sanget jalaran kawontenanipun suwanten ingkang ageng saha alit punika inggih saking suwantenipun pun prewangan wau, awit dhawahipun tembung sakecap ingkang mawi tondha tiga teng punika namung nuju-nuju, kadhang leres kadhang boten, wangsul sareng para sugih ingkang kasuwur mendhet setan utawi gundhul punika, bilih tiyang anyambut yatra dhateng piyambakipun ing mongka boten netepi dhateng patembayanipun prakawis pambuyar utawinunggak lo punika den seta gundhul teka boten suka manahipun lajeng tiyang ingkang nyambut wau manawi boten awakipun piyambak utawi bojonipun ingkang dipun setani inggih dhawah dhateng anakipun, kacariyos ingmangke punika wonten sawenehing tiyang nyambut yatra dhateng saweneh ing tiyang ingkang kawentar dhahi gundhul pnika, sareng badhe pambayaripun tiyang punika semados putawi nunggak taksih anunggil dinten anakipun tiyang ingkang nyambut punika lajeng sumerep sumerep sampun kaken tanpa sakit lah tiyang sepuhipun lajeng ribut ngupados dhukun mrika-mriki boten wonten ingkang saged saking takdir allah taalah angsal sawenehipng dhukun ingkang kalebet wicaksana, inggih punika karsaning gusti dhapur amelehaken dhateng tiyang ingkang gadhah gundhul wau, sareng dhukun punika dhteng ing ngriku, ingkang gadhah anak wau kathah ing panedhanipun dhteng kyai dhukun lajeng rare punika dipn pejeti ing pilinganipun boten dangu rare saged ngucap nanging pangusapipun makaten kenanganpa kowe utang karo bapak maneh ora nyaur, aku ya ora aweh, mulane anakmu tak gawe kaya ngene, kyai dhukun wicanten, lo lakowe anake sapa, akuya anake,…….inggih yektos tiyang punika nyambut dhateng…..punika, lajeng kyai dhukun wicanten lah kowe daiki gelem lunga apa ora, lare mangsuli, ya gelem menawa utang mu wis dilunasi, lajeng tiyang ingkang nyambut dhateng,……punika, lajeng kyai dhukun wicanten lahj kowe saiki gelem lunga apa ora, lare mangsuli, ya gelem menawa utangmu wis dilunasi,lajeng tiyang ingkang nymbuti dipun purih dhateng ngriku, sadhatengipun ing nriku lajeng dipun saur enot sapungkuripun tiyang punika rare pulih kados waunipn, suongga ta para lepasing kawruh mugi kagaliha kawontenanipun prakawis punika,punapa yektos wonten punapa pancen kados pundi namung kula matur sumongga
Kula tiyang dhusun Kluthuk.
==========\==========
Sambetipun pethikan Pustakaraja
Patran patraning mundri angrewit kadya remeg lamun ginarayang, tumiyung bayu wilise, salange nora saluk jongga nglunging lemenga wengi, mayamaya kawuryan tejane sumunu, rungih ing grana nganaka, ingkang mentas winaos memet tulunging, waja rentet karata. Tuturutan lir mirah den anggit lathi manis abrit nedheng nedheng gengnya, nyamut-nyamut sawanganea, celena wisawa rum buja wijang gandhewa gadhing, palirit rema silak sogokan sumusuk uwang mujur sawatara pipi pupuk menter menter semu abrit binurat bayu rancang. Pindha cacap cicitran sumungging, wulunira lembat lamat-lamat wangunan duren sapungge, ema angembang bakung, muyek memak awela wilis janggut luwes apagas pan kadya jinujud imba panjang nanggal pisan netra jait lulut mulet tqandang lindri, dumilah kilah kilah. Pelarapan anyela cendhani, asta membat jari jine panjang, lir sekar pisang kudhurupe, talingan sedheng anglung, pakis mulet

leletan ngoling, tunggal resmi lan wulan soratih swargagung, pamulu meles ajenar, yeku titisane sanghyang bathara sri, mangun langen asmara. Lawan sira prabu wisnu pati,maharjeng rat mentas nandhang papa, tumurun sangking swargane, umadeg mahawiku, aneng mendhang plakaran nguni, mangran resi satmata, nuli antuk wahyu,biratrenteng nya hyang Endra, duk kaparak parang muka geng ngunggahi, kingkining suraloka. Dening ratu gilingwesi, yeku prabu selacala, cempaluk mungsh dewane, ing nguni resi satmata, puninta sayembara, lamun wigya anananggul nanggulang mungsuh kang prapta. Dosane dipun sampuni, miwah sinungan nugraha, duk samana sapejahe, sang ngaprabu selacala, luluh ngasmara laga, saking dibyane hyang wisnu, kakalih lawan kang putra. Paparab raden srigati, tuhu prawira ng yuda, duk samana sasamne, resik lan sawadyanira, hyang wisnu den apura, kalilan umadeg ratu, neng nagri medhang kamulan, Mangkana srinarapati, anuju lenggah ing pura, sakaliyan lan garwane, tanana pisang raja putra, raden srigati jajar, lawan patih kang jujuluk prawira raden sriyana. Kaipe dening sang aji, arinira snag dayita, sakti abagus warnane, sang prabu caketing garwa, tansah ambriyembada, angudang adining ayu, yayah muksa mor sasongka.
Taksih wonten sambetipun

Ongka 76, Salasa Wage kaping 17 Sapar Jimawal 1821 utawikaping 22 September 1891

Pawartos kawat

Kapindhah dhateng Bangil Kanjeng tuwan Pansetedhen asisten residhen ing lebet kitha Surakarta, ginentosan kanjeng tuwan L.T. Sneider, prayantun ingkang dereng tinanggenh ing damel, kawisudha gumantos asisten residhen ing Grobogan kanjeng tuwan Lok, bupati ing Tuban rahaden Tumenggung Panji Citrasoma, kaparingan rereh taksih linulusaken ing pangakt karuhuranipun.

Tumuwuh ing adrenging pangudinipun praja Ruslan tuwin praja Prangkrik sinuhun sultan ing Turki tanpa mawi andhawahaken prakawisipun ing mangke angrerehaken ingkang nindyamantri sarta nayaka nenem ingkang sami gadhah rehing paparentahan.

=====\==========

Surakarta

Kula miring kabar, manawis amangkepanjenenganipun bupatipulisi salebetipun nagari badhe andhawuhaken dhateng para kawogan sadaya, manawi wonten tiyang alit purunpurun mangangge ing kang boten pantes kados dene ingkang sampun kamot wonten ing Bramartani ongka 75 kapengker punika lajeng dikakaken nyepeng sart lajeng kaladosna ing parentah, ladalah,manawipamireng kula kasebut ing nginggil punika, saged tumunten kalaksanan amesthi para gembelengan lajeng cape manahipun rumaos boten saged momor sambu.

Raden Mayangkara, sinten lare ing wirengan ingkang purun purun mangangge nyamping parang rusak kagok namanipun prayogi sampeyan pratelakaken lugunipun boten wonten damelipun sampeyan sumped jangji kapara yektos dados priyantun pulisi badhe boten pakewet anggening nindakaken papriksanipun awit punika sampun tetela tiyang badhe adamel kusudipun praja dalem kalih dene manawilare ing wirengan kemawon rak boten susahkyai bleber, bokmanawi kyai andon kemawo saged rampung, boten angaping kalih damel.

Pun Gareng ing N B.

=======\================

Ing salebeting wulan Sura punika ing peken Tulung, Bayalali, wonten tiyang anemahi kasangsaran jalaranipun ing dinten anuju pekenan uwit bulu ageng ingkang dumunung wonten peken wau sempal epangipun andhawahi tiyang estri ingkang sasadeyan celak ing wit wau, katenggel sirah remuk pejah ing ngenggen ingkang lajeng kabekta mantuk para kadang warga, rahayu tiyang sampun radi suda awit sampun wanci jam satunggal siyang, upami dhawah ingpang wau nyarengi nedhenging peken tumao saiba kathahipun ingkang kataman kasangsaran sanadyan tiayng sampun kalong mantukkathah, ewadene ulenganing salebeting peken saengga geger, kathahpara bakul lumajeng tilar dhasaripun mila sanalika punika paman ngutil sasat panen gadhu walikan boten langkung panyuwun kula, saehing kakajengan ing peken wau pancen kathah ingkang nyumelangi, para kawogan punapa boten prayogi dhawuh na angrampusi,mugi kagaliha supados anetepi rumeksa tatatentrem. i.

Ing nalika kula mratamu dhateng Karanganom (Boyolali) aningali dhudhusunan sadaya reh ingkabudidayan grniku teka anyenengaken manah, awit sadaya pager karas rapet santosa, griya patrolan pantes margi ageng ingkang ngambahpapan kiwa tamtu mawi griya gredhupayon gendheng, saben dalukajagi boten kirang 8, 6, tiyang, pakebonan boten wonten ingkang bera, nadyan sangandhap pring ugi saget kataneman krowodan ingkang saged gesang ing papan ayom lampahing parondhan ajeg kaping tiga sadalu, tiyang lumampahlangkah jam 7, dalu, tanpa tenger upet boten kenging, para kapala dhusun tansah kapredi ing saben dinten anyerepakensadaya karehrehanipun majenga ing damel sampun ngantos berakaken pakebonan supados rumeksa arjaning dhusunipun pyambak-pyambak ingkang wekasan anjalari tatatentrem, kula pitaken dhateng sadherek kula, punpa saget radin ajeg anggening nindakaken pangreh makaenpunika, wangsulanipun o sampun malih, siti kang kaasta pyambak btoena kalampahan dalah kabudidayan kang tebih tebih, ingkang pancen dados kagunganipun tamtu makaten pranatanipun manawi wilujeng malah badhe wiwit angarap

anggenipun badhe yasa sumur bur wonten reh ing kabudidayan ponggok mila pamuhiningngakathah, mugi mugi sumur bur wau sageda kasamban ageng wedaling toyanipun. i.

Kula punika tiyang ngamonca, kayungyun mentas amaos serat manuhara pasanggrhan dalem ing Langenarja, anggitanipun suwargikanjengpangeran aryaPakuningrat ingkang kawedalakening pangecapanipun tuwan Pogel pander eidhe, pramila sareng kula miring bilih sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan badhe amangun suka apasangrahan dalem wau te dhangsah, mawi anyuruhiingkang bapa kanjeng tuwan rasidhen ingkang ugi tinuduh anyuruhana para tuwan tuwan tuwan para nyonyah-nyonyah sawatawis, kocapa, saged kula lumebet ingpatataran asasarengan prikonca Ngayogyakarta, ingkang saking cariyosipun dinuta, gusti kanjeng pangeran arya mangku rumiyin anyaosaken titihan ules jajanjene wonda warni sakalankgung sae, pantes kaagema para gusti ruhur, konjuk sang prabu…..amangsuli cariyos kula anggen kula kayungyun dhateng pasangggrahan dalem wau, sareng kula awor linggih konca ngantos wonten ing palataran kula mulat ngiwanengen ingkawontennipun ngriku, dhateng uparengga saha rakitipun dalem mandar kaserotan sunaripun dilah, saha ngubyari panas songka purna masidhi, teka lajeng emeng manah kula, yektos embah juru ngarang, kula amatonggong asamlengeren angget kula sareng kula amireng panatabing kagungan dalem gongsa, ningalipun angrarabin lagu lokanonta, binarung ungeling musik inggihpunika tengaranipun wiyos dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan kula dangengek amaspadakaken sampeyan dalem ingkang sinuhun sarimbit ginarebeg rara putrid dalem saha para biyada mangampil sampeyan dalem lajeng lenggah ing singhasana samadya ing pandhapa, ingkang ginubah sutra pitaginombyok emas peni, siniwi para tamu sawatawis ingtang sampun sowan untabing sara abdi dalem ingkang sami pacak mangarcana, kenyuting manah kataman gumelaring sanalika ngriku, kula magunadika, baya kiyeng kang ing ngaranan kaendran, suwuking musik nunten gongsa sinindhenan tureen bok ajeng prenthel kang sindhen kula dereng wanuh, adhuh….menek sadayane timbang lan suwarane,……toblas……kula saweg dangengek anamatake konangan konca encik-encikan lajeng dipun galandhang medal….kathik angkuh temeneh….kula inggih lajeng mantuk kemawon boten angentosi bibaripun pasamuan
Cinitra amarengi tangal kaping 1 sapar, jimawal tinengeran
Iku manyembah sarira gusti
Pun Gumun.

Kula maos serat bramartani ongka,…..ngemot panjurungipun ardapemut manawi tanah padununganipun wonten tiyang wasta embok Ka, dha, ngaken dipun surupi ing dhemit anama raden Pucang Semedi, sarta Dhadhungamuk.
Ingkang punika mugi kauningana, kala wingi wanci jam satengah wolu sonten sawetanipun embok Kadha, inggih wonten tiyang anama bok Ta, sa, mondhok griya nipun bok Ha, punika inggih ngaken dipun surupi dhemit anama den Bagus Tirtawiyat boten watawis dangu lajeng kathah para tiyang ingkang sami ningali, malah bok Ka, dha, wau sareng miring manawi tangganipun kasurupan piyambakipun ugi lajeng tumut kasurupan lajeng mangihi raden bagus tirtawiyat ananging rai aneh ingkang kula aturaken punika, katimbang bok Ka, dha, kadospundi anehipun jalaran gadhah kagunan saged ngemut latu utawi mamah edom saged ajur, lo punika punapa boten radi aneh katimbang kaliyan embok ka dha, kagunanipun aliya dhehem kaliyan mandhi sanjata ingkang dipun wastani pring awoh manggis, saking cariyosipun raden bagus tirtawiyat wau benjing malem jumungah ngajeng punika badhe miyosiniwi para gugon tuhon malih, lo mas pulisi rising mundhut kutug wau yen selak ngalad-dalad mesakaken bongsa kula tiyang jawi, iyah bokkaya yen andhawuhake nabag kalen Sineh
Pun Bedong.

Klathen
Kala malem Akat Kaliwon kapengkerpunika ing dhusun gombolan dhistrik Prambanan wonten durjana koyok ananging boten angsal-angsalan sampun malih ingkang warni yatra

barang pangaos 50 sen kemawon boten awit tiyangingkang katujupunika pancen radi sobek paman koyok dhapur kacelik unduripun sami garunengan saweneh wonten ingkang mimisuh, kocapa unduring para koyok wonten ing margi gathuk kapapag lampahing para tandang ing ngriku lajeng sami madnhegipun sarehning pun koyok tiyang 6 pun tandang tiyang 4 pun koyok lajeng narajang purun kemawon pun tandng sareng katrajang lajeng sami lumajeng niba tangi, naming saweneh ing mandor gudhang punika kapepet boten tumut lumajeng, lan malih piyambakipun bekta dadamel sanjata, saha lajeng siningdan anglungsar wonten ngandhap pager ingkang sawatawis wonten rurungkudanipun sareng lampah ing koyok sampun radi kapering sawatawis mas mandhor lajeng andhawahaken sanjata dhul mas mandhor lajeng lumajeng sipat kuping, gantya kocapa sang koyok ingkang kataman luping sanjata sakala lajeng andhawah abuntayangan ngolang-aling, sarta asambat sambat nedha tulung dhateng kancanipun ananging satunggal kemawon boten wonten ingkang kesdu nulungi, malah sami kados dipun uncal-uncalna palajengipun punapa malih kaselak gugup miring swantening tengara titir, boten watawis dangu katungka dhatengipun pulisi tandang, pun durjana ingkang nadhang tatu lajeng kadhabyang dhateng pangggenan ing kang prenah, saeng kapriksa ingkang tatu labet kasanjata wau, ing ngandhap kuping leres ingkang sisih kiwa, tujunipun naming gotri panambur kemawon la angsala mimis keneng masi ngantosa nedha toya.

Ing sakala dalu punika panewu dhistrik inggal kengkenan dhateng ing kabupaten sang bupati sareng tampi aturan lajeng gagancangan tindak amriksa ing kawontenanipun sarawuhing panggenan panjenenganipun bupati lajeng amariksa dhateng pasakitan ingkang kataton wau, sinten rencangipun ngoyok punapa sakitan ugi lajeng ngaken kemawon sarta kapratelakaken nama utawi dhusunipun ing satunggal-tunggalipun tiyang, sasampunipun mangkaten sang bupati inggal utusan anyeeng titiyang ingkang sampun kapratelakaken namanipun dening pasakitan wau, wasana ing sapunika para durjana sampun sami kacepeng, kapriksa ugi sami ngaken kados dene paturanipun pasakitan ing ngajeng, la jumurung sanget manawi sampun sami ngaken dados boten kakathahen ambucal ragad pangagenging pulisi ing klathen iyak kula mirengngantos giris sanget ing mongsa punika pangagenging pulisi ing ngriki anggening anyebar bondha kaangge analiti kadurjanan, dene durjana ingkang kataton wau samangke lastantun saha kaduungaken wontening balemarta

punCecarja.

=====\==========

Warni-warni

Sadaya serat pawartos sami anggiyaraken bilih ing pundit-pundi benteripun sakalangkung sanget ingpundi pundit kikirangan toya,ngantos tataneman ing sabin sami garing sadaya, wah dereng wonten antawisipun bilih kyai tasik badhe leledhang, saweneh tanah wonten ingkang anandukaken cara-caraning kina bilih tiyang katendhagan jawah, kyai tasik inggih meksa angoncati, hyah kyai perdikan sami mesem sareng saged amelehaken, kosokwangsulipun masa punika sakalangkung anggening angatawisi, ing pundit pundit griya kabesmen wah ngantos kathah sanget kapitunanipun kados ta ing kampung pasar baru, Batawi, kabesmen telas griya tigangdasa, kapitunan 20000 rupiyah, ing dhusun Sumelap Tasik Malaya, Prayangan telas griya sadsa saha lumbung-lumbung isi pantun sadaya, ing dhusun Karangasem Sendhang Laut Cirebon telas griya satuseket sakawan saha skeet tigalumbung isipantun kapitunan 100500 rupiyah, punika naming kapethikan ingkangageng kemawon, dhuh pangeran maha agung, mugi nunten angentasa kwula tuan anggening sami anandhang papa.

Panjurung

Minangka pasumbang tumrabing pustakawarti, yeka kadya ringandhap punika candhakira kanangwiyata.

Den panggah kadiparwata, ywa mengeng tingalireki, den leres ring gragacika, mendenga tyasira ening, away anenngeni, ing pangunandika iku, lepasna sirnakakena, kang angraridhu ing kapti, den akukuh ywa gumingsir ciptanira. Karananira mangkana, lekas pria sang maharsi, yen wus panggah ring wadaya, enengira tuhuing, ulatana ing ngakupi, nora nana ing

cipteku, enggana ing tingal kang terus ingkang matitis leyepena tyasira ing sanalika. Ing purwane ulatana, puspita tengah ing ngati, anami jinglir sosotya, gumilar gilar awening, ing kono den patitis ing grotelenging pandulu, teguhena ing driya, ilanging kang buwaneki, tutupana kuncinen ing jropaningal. Pangagemira den kadya, ngangep tyas kang luwih becik wonten ta malih pandhita, marnalangen kang kapyarsi, anuruti sireping, alingan mirsakaken niku, ulatana ing ngarsa, ngawang-awang selaneki, wonten nadyan sanjata dibya lumarap. Denawasupira agema, den patitis jroning ngati, nengena madyaning tingal yen wus panggah tyas nyaradin weak supan dadineki, awasup na kang satuhu, anarupa anamar, urupan kalangkung alit dangu dangu mubyar lir dammar apadhang. Hawa supna tingalira, temahan ilang kaekupi, anaingkang metu kadya, sasongka purnamasidhi, amadhangi sabumi, panggahna tingalireku, ing madyaning kang wulan pinende kang ponang sasi, tilasuping kang wulan mijil kadisruya. Mekar apadhang katingal ireng lir nilamaening, ing temahanira ilang, rupa ingkang kadirawi, dadya tanpa ling-aling, idhepen renggepeniku, wekasuping ciptanira, tamakna nangggganireki, kang buwana ngilangana mring nganggganira. Taksih wonten sambetipun

Iongakng manulat sing papakem muhung sawantah dera kijaka pranawasidhi
Sang dhudhukuh ing Mendhang prawa.

==========\==========

Ongka 77, Setu Pon kaping 21 Sapar Jimawal 1821 utawikaping 26 September 1891

Surakarta
Nalika ing ditnen malem Rebo Pon ingkang kapengker punika, ing ardi Marapi katingal murub anyremomong, sampun tetela manawipunika urubing latu, wiwit wanci jam 7 sonten dumugi jam 2 dalu, saweg sirna ingkang katingal murub akara-kara wau, manawi tiningalan saking mandrawa kados timbuling sanghyang bagaspati.

Kula leledhang dhateng kabangan lampah kula lajeng nengkuk anjog ing PUrwasari, sadumugi kula ing ngriku kula sumerep bendi adho-adho ambrug ingakgn anumpaki tiyang estri kakalih enem sepuh, ambrugipunbendi wau jalaran pakeyanipun sami rantas kapal malajeng sampun anglenggena, pun kusir dhawahipun kongsep ngantos dangu sagedipun tangi, tiyang estri kontal dhawahipun sami angonjongonjo, tapih anglikap…..adhuh……wentis ka…boten dhing kula lajeng amrem dene para kakung sanesipun nunten inggih sami mingo, tujonipun makaten.
Lo mas par kawogan la embok dipun titipariksa, para kareta andhong sasapunika rak kathah ingkang bobrok pranatanipun nagari punapa namung kacanthelaken ing bethek kadamel sawangan kemawon,….kasangetean mas-mas
Kintunan.

Kartasura
Nalika angrintenaken dinten Kemis tanggal kaping 9 wulan Sapar punika kinten wancijam 12 dalu, griyanipun ra, ma, wa, carik kabesmen ngantos mermen dhateng griyanipun ra, ha, sa, sanadyana tumindaking kacekapanipun ingkang bupati sampun boten kenging winaonan ewadene awit saking salebetipun ing kutha Kartasura punika pancen sanget kakirangan toya, kalen kalen boten wonten toyanipun mila latu saged anelasaken griya cacah wuwung 25 iji.
Kaserat dening kaum tuwa aliyas kaum Drengki ing Pucangan

Klathen
Kala dinten Jumungah wulan agustuspunika tiyang wasta Kertasemita bekel ing dhusun Mandhungan dhistrik Sapuluh kinten wanci jam 8 sonten kesah sambaing dhateng sabin boten watwis dangu kaprgul lare jaler kinten umur 6 taun mangangge saruwal jingga loka, rasukan sambagi abrit taksih gundhul sarwi anuntun lembu, sakala kertasemita jumbul suwedyalumajeng, awit kakinten riridhu bangsaning siluman ananging kertasemita lajeng kaserenan manah teteg amaspaosaken dhateng lampahing rare wau, wasana rare ingkang nuntun lembu katingal cothol lampahipun sakedhap sakedhap kendel sarwi lingak-linguk Kertasemita lajeng nyelak sarana pitaken kowe iku bocah ngendi e le, wangsulanpun aku bocah cupuwatu kulon Kalasan Kertasemita jenengmu sapa l rare jenengku si Keblak Kertasemita: elo keblak memedi apa keblak pancen jenenge uwong, karuane gonku gundam-gundam rare aku ya wong tenan j mung jenengku karan sikeblak utawa silelur, Kertasemita: la kowe anake sapa, sumedya mu arep menyang ngendi, lan kang ko gawa iku sapine sapa duweke sapa rare: bapaku aku lali jenenge, sumedya ku arep menyang omahe biyung ku desane aku lali jarene sandhing prambanan wekasan dak goleki wiwit wayah srengenge gematel teka bengi ingki ora katemu la kuku kesasar sasar kongsi wayah mene during mangan apa-apa, sakala kertasemita manahipun kados rinujit lare dalah lembnipun kabekta mantuk sadumugining griya lare wau lajeng kasukanan sekul sasampunipun dumugi anggening nadhah lare lajeng kaladosaken dhateng kadhistrikan ing sapuluh, sreng ing dintenipun Senen ugi agustus punika, wonten tiyang nami Kertadarna bekel ing Cupuwatu (Kalasan) ambekta serat biwara, ngupadosi anakipun namipun lelur, inggih punika pun keblak wau amargikesah tanpa mawi sanjang dhateng sinten sinten sarta ambekta lembunipun ingkang dipun angen cacah 3 iji, ingkang kabekta naming 1 iji, e e anggumunaken sanget nun dene rare saweg umur 6 taun sampun gadhah tekat samanten sarta rumaos awratipun angenger biyung kuwalon, ah kang kertadrana mulane besuk malih dika kudu ning mulat anak dika isih cilik milubiyung kuwalon sisip tembene Manawa nganti kalakon di pindhang kaya lakone wong ing samarang sing dilebokake laya kabar biyenika, la prehpun kang, dika rak kelangan dhewe.

Ki Jakawuyung Balepita.

Yogyakarta
Kramamenggala Ng(I)magiri kekesahan badhe atumbas maesa, sadangonipun kesah wau kontening griya binejat saha darbekipun ingkang entheng saha gampil pambektanipun sadaya ical dipun usungi pandung, sareng wangsul saha sasampunipun dipun sanjangiingkang estri, pun Krama menggala adereng lajeng dhateng peken anitik darbekipun ingkang kapasang yogi sanet dumugining peken wau apitlajeng saged nindak daberbekipun ingkang tinawekaken tiyang, nunten karma menggala mratelakaken dhateng pulisi, sanalika tiyang wau kacepeng, dene barangipun karma menggala kathah ingkang wangsul.

RUSAK

Tuban
Tiyangnami Tarma, gigriya ing kampung Pandheyan ingkang sampun sawatawis dangu ginanjar sakit panas kacariyos ing nalika dinten Kemis tanggalkaping 17 nunggil wulan wanci tabuh 10 siyang, piyambakipun kadadosan asuduk sarira sarana dadamelw aos ingkang kajojohaken ing wadhukipun ngantos dhowah-dhowah sarta medal ususipun ananging boten andadosaken pejahipun wontdening jalaranipun pun Tarma anandukaken lalampah ingkang makaten wau, kados tumuwuh ing kaken manahipun dene sadanguning piyambakipunnandha sakit wau saben dinten tansah kauring uring ingkang estri kemawon sarta boten rineksa pinulasara.
Nalika malem Saptukapengker punika, wanci tabuh 3 dalu, ing kampong dagan wonten griya kabesmen ngantos telas caacah wuwung kalih welas malemipun ngahat ing kampong kitha ugi wonten griya kabesmen ngantos telas gunggung cacah wuwung gangsal welas.
Kala tanggal kaping 17 wulan punika, Radmider sampun amriksa prakawsipun pasakitan wasta Using, ingkang kadakwa mandung kanthi anatoni ingkang gadhah griya, menggah dhawahing karampungan pasakitan wau terang kalepatanipun pramila kapatrapan anyambut damel peksan mawikarante sadasa taun laminipun saha kasingkiraken dhateng ing tanah sajawinipun pulo jawi

Borneyo
Kala tanggal kaping ….wulan Agustus ingkang mentas kapengker punika, ing kitha Sambas wonten pasamuan ageng, inggih punika ing dinten wau sangsaranindya, anggening jinenengaken sultan Tetep salangkung taun laminipun, para tuwan tuwan ingkang sami dudunung wonten ing kitha Sambas punapa malih sadaya ingkang sampun nate kaleberan kasaenanipun sultan sami sayuk sae kakapti arsa angruhuraken dinten wau, menggah pasamuan ingkang badhe dipun bawahi sultan piyambak inggih amarengi ing dinten wau, punika amargi wonten pambenganipun kaunduraken wonten ing tanggal kaping 9 Agustus ewadene mandur sansaya kapasang yogi, awit ing ditnen wau tetengering sih treisnanipun kanjen ggupremen ingkang badhe kaparingaken dhateng sultan ing Sambas awarni pateyan salaka ingkang lengseripun mawi cinitra ing tembung malayu makaten cihna sihtrisnaning kanjeng gupremen idiya Nederlandhumateng Sultan Muhammad mapiyuddin ing Sambas bawah Borneyo ing kilen ridering Ordhe Nederlan Senleyo, amarengi tetep salangkung taun jinenengipun punapa malih nawala dalem sambrama sripaduka kanjeng tuwan Besar, dhtengipun wonten ing tanggal kaping 9Agustus wau, sarehning kanjeng tuwan residhen kapambeng gerah, pramila kanjeng tuwan asisten residhen ingkang sinulihaken amaringaken nawala dalem tuwin pateyan wau, enjingipun ing dinten kaping 9 Agustuspara tamuingkang sami dipun suruhi andherekaken tindakipun kanjeng tuwan asisten residhen sampun samijibeg wontening dalemipun wancijams adasa enjing bidhalipun sami anitih baita kapal asep sarta mawi tinengeran ungeling mariyem ambal-ambalan rawuhipun wonten ing palabuhan ngajengaken ing dalemipun Sultan punika mawi pinapag para pangageng ingkang ginarebeg

pra kwula ing sambas punapa malih wonten pangeran kakalih dinuta angcarani rwuh saha tindakipun kanjeng tuwan wau, sasampunipun pangeran wau minggahing bita saha jengkeng anampeni nawala dalem sripaduka kanjeng tuwan besar tuwinpateyan ingkang mulungipun saking ngastani pun kanjeng tuwan asisten Sinelehan wonten ing sirahipun pangern duta, dados pangampilipun nawala wau ingkang sinelehaken ing langsang jene, punapa malih pateyan wau sami sinunggi, punika mongka bekti sungkemipun sultan ing Sambas dhumateng kanjeng gupremen nunten sami mandhap saking baita tindak dhateng dalemipun sultan dumugi ning dalemipun sultan rawuhipun kanjeng tuwan pinethukaken dening sultan dene nawala tuwin pateyan taksih sinunggi ing pangeran ingkang majengipun lampah dhodhok sareng dumugi ing ngarsanipun kanjeng tuwan sami jengkeng, sareng sampun sami atatalenggah nutnen kanjeng tuwan amedharaken gatosing rawuhipun mawi anandukaken tetembungan manuhara saha nunten nawala kawaos sasampunipun panjenenganipun sultan gentos amahyakaken panuhun pamundhinipun dhateng sih tresnanipun kanjeng gupremen ingkang dhumawah dhateng ingkang sarira, dene konjuk sumaosipun ing ngarsa dalem kanjen gtuwan besar kasumanggakaken ingkanjeng tuwan asisten mulungi puna nawala saking kanjeng tuwan tinampenipun dening sultan punika mawi pinetegken ing tembung nembunanipun saha pateyan ugi lajeng dipun tampeni, sasampunipun atatalenggah sawawtawis dangunipun punapa malih sasampunipun sugata sumaos kanjeng tuwan asisten nunten kondur, ing sontenipun para tamu wangsul malih anjenengi pasamuan dhansah, saha mawi sinegah kembang api, ing dintenipun kaping 11 Agustus sultan ing Sambas ingngaturan rawuhing kamar bolah, ugi sinegah pasamuan dhansah dening para tuwan tuwan ing Sambas.

Cariyosipun tiyanging tanah Bali Hindhu saha pranatanipun alakirabi

Bongsa Balipunika tiyang Bali amastani CAturjelma, tegesipun sakawan bongsa, catur jelma punika perang dados kalih.

1. Bongsa TRiwongsa
2. BongsaSudra

Bongsa TRiwongsa kaperang dados tiga

1. Bongsa Brahmana
2. bognsa Satriya
3. bongsa Wesiya

Bopngsa Brahmana punika bongsa luhur piyambak bongsa Brahmana punika ugi kaperang dados kalih

1. bongsa Siwah
2. bongsa Bodha

wondene sasebutipun tiyang bongsa Balipunika kados ingngandhap punika
bongsa Brahmana jaler kasebut Idha estri kasebut Idhayu
bongsa satriya jaler kasebut Idhewa estrikasebut dhewaayu
bongsa Persanghyang jaler kasebut pengakan estrikasebut dhesak
bongsa Petbagus jaler kasebut gagus estrikasebut ayu
bongsa arya, jaler kasebut gusti (ngurah) estri kasebut gusti ayu
bongsa satriya manawi teksih alit kasebut salit.
Bongsa wesiya lre jaler kasebut gedhe, manawi sampun rabi kasebut guru lare estri kasebut Iluh, ingkang sampun laki kasebut meg
Bongsa Sudra lare estri kasebuti, ingkang sampun laki kasebut men lare jaler kasebut I, ingkang sampun rabi pan
Wondene sasebutanipun ugi sanes-sanes kados ta anakipun bongsa Brahmana, ingkang pambajeng kasebut Idha putu, panggulukasebut Made, pandhadha kasebut Nyoman, salajengipun anak anak ingkang nem kasebut Kethut sadaya

Sasebutan anakipunbongsa satriya tuwin wesiya ugi kados brahmana punika, anakipun bongsa sudra, ingkang pambajeng kasebut wayan, panggulu kasebut nengah,pandhadha kasebut nyoman, anak ingkangnem sanes-sanesipun kasebut kethut sadaya
Taksih wonten sambetipun.

=======\==========

Mas Istipar, kula sampun maos serat sampeyan ingkang kawrat ing Bramratani ongka 74 suraosipun apitaken kawontenanipun tiyang ewah, punapa golonganing kanisthan punapa golonganing kautamen yen isthaha amargi punapa dene dipun mulyakaken dening para luhur, yen utamiya kenging punapa boten kangge ing damel ingkang gatos.
Mas Istipar, sasumerep kula dereng wonten tiyang ewah ingkang dipunmulyakaken dening para luhur, inggih kathah tiyang ewah ingkang dipun cepengi para pulisi, ananging dipun kunjara amargi asring adamel resah, sarta dipun prih sarasipun boten kados cariyos sampeyan dipun pupundhi makaten mila kula nyuwun seserepan sinten sartapundi dalemipun para luhur ingkang amumundhi dhateng tiyang ewah, wasana kula sanget angajeng-ajeng dhateng wangsulan sampeyan.
Narawangsa
Ingkang ing ngajeng griya ing Ardiselaarja ing mangke pindhah dhateng ing ARdi SEkar inggih ing WReksacnadhana.
=======\==========

Sewu, atur tabe ulun, katuring tuwan ridhaksi, sarjana beg martotama, tumerah murih lestari, anttaraning kabudayan mamandayeng sastraniti. Kuneng ta sasampunipun kadyeka wahyeng palupi, manawi inggih sambada, selaning abramartani, amba manjurung cangkriman suka kabatanga yegti. Wonten sawenehing kakung, reruntungan lawan swami, tan garbini darbe suta, lamun medal saking panti, mawagiri gara-gara, uger panggeraning nagri
Katandhan Mondrarena.
==\========

Wakaryastaning wasitarjapasungupu
ATi, ing tgesipun ati temen kawajibanipun rumaksaring kalakuan ingkang becik aja kongsi:ketamandur, de ati temen ing kono. Kang wajib rumekseku, budi kang bener: bubuhanipun supayane, aywakongsi keneng silip yen tan kaeksaha iku, budhi bener bakal goroh. Budi bener puniku, ingkang wajib baureksa tuhu, tanlyan awasireng, kaanan salwiring, sosiking rattan kalimput tansah liningling, prapteng don. Siyang dalu kadulu, luketaning ngalam kang sinuluh, amrihluluh sinamemalaning budi, yen tan kareksa wasipun budhi bener bakal bengkong. Dene awas uniku, ingkang wajib rumeksa mutipun emut maring kaannanireng dumadi, kang weh lam-lam kang weh limput kelaping ngalam katongton. Tan kewran tan kalimput tan kalingan lulungiding semu, lair batin tan kalimputan kalempit yen tan kareksa ing ngetmut awas dadi: damuk dunngmoh. Tan dumipeng tyas limut kalimengan yekti keneng tlutuh, temah kalud tanpa titi tanpa titih, kawawas was wasing tuwuh, temah salwiring rehne ron. Dene ta wijangipun badaniku kapurba ingkalbu, nanging kalbu kawisesa maringdhiri, paparengan wahyanipun tankenisalayeng karo.
Taksihwonten sauuswanipun
Ing ketring sang Damakumawi Widyakamawa
Ing bukit Kadilaya.

Ongka 78 Selasa Legikaping 24 Sapar JImawal 1821 utawi kaping 29 September 1891

Surakarta
Kulawisudhan
Wiyosipun dhawuh ing timbalan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan amarengiing dinten Senen tanggal kaping 23 wulan Sapar punika, salowongipun abdi dalem kaliwon pulisi slebetipun nagari, kaparengipun ing karsa dalem ingkang kawisudha anggentosi ngabei ARjapradata abdi dalem panewu jaksa gedhong tengen kajunjung saking ngandhapsinengkakaken ing ngaluhur kaganjar nama Raden Ngabei Kartawadana
2. salowongipun abdi dalem Kaliwon pulisiing Kabupaten Kalathen kaparengipun ing karsa dalem ingkang kawisudha anggentosi ngabei Linggapranata abdi dalem panewu jaksa pulisi nagari, kajunjung saking ngandhap sinengkakaken ing ngaluhur kaganjar nama Radenngabei Citrawadana
kintunan.

Wonten pawartos ingkang tular tumular ing ngriki, bilih kala sumuripun ing griyaning babah Gareng kakuras punika tiyang ingkang nguras sumur wau amargi yatra, kathahipun langkung saking satus ewu, o inggih ta, manut ujaring babasan, sudaning kiriman undhaking pawarta, tamtu pawartos punika mindhak ananging lajeng wonten ingkang cumaplok saha nunten ginyaraken ing ngakathah, punika anggumunaken sanget punapa boten mawikalimbang rumiyin agengipun alitipun embokinggih dipun nyatakaken kawontenanipun, kitab amestani donya pnika asn pun punika leres kayektosanipun manungsa punika wonten ingkang bodho angebon naming manut sawawarah, gugon tuhon lan piyandelan bilih dipun cariyosi boten kamanah malh, punapa badhe anjalari babaya, prakawis utawi awoning tiyang, pawartos wau lajegn dipun tular-tularaken.
B S E.

Awit saking karsa dalem kanjen gparentah ageng, radinan ageng ing pasar Kliwon watesipun ingkang sisih wetan kadhawahan anjugangi kangge ilen-ilen toya wutahipun dhateng lepen pepe, lebetipun 3 ½ kaki, wiyar 1 ½ kaki, salebetipun wulan September punika, para tiyang kampong pasar Kliwon ingkang gigriya mangku radinan ageng, sami anggregut anggenipun tumandang angarapa damelan wau, awit pipinipun kalen mawi kabanon let 5 utawi 6 kaki, wonten irung-irunganipun margi toya saking radinan dumugi sapunika panggarpipun kalen meh rampung, sarta makaten wau pancen amigunani sanget dhateng pakampungan ananging eman sanget kalenan boten sageet kilen toya ajeg mongka yen kabudi pancen gampil wontenipun toya kangge ngileni.

Kala malem Akat tanggal kaping 19 september, raden Ngabei Yudaseputra jaksa pulisi rol gadhah damel angentas adhinipun estri angsal kaliyan anakipun raden Sasraprawira, sanajana mung calimen awit boten mawi ngaturi para pangageng, muhung anyuruhi konca konca sarta para sadherek kemawon ewasamanten panggihipun panganten katingal karengga, cakepipun ingaknng ambawahi damel boten anguciwani, para suruhan katingal rena sarta emah, katawisa sadangonipun tayuban boten wonten ingaknng suntrut pasemonipun mitra ingkang nembe kapanggih resep rumaketipun kados mitra sampun tataunan awit emah sahaiyeging para tamu gnantos dhawahipun sondher sakalangkugn sareh punapa malih mawi kasiwo gegerongan sarta ngunjuk ambal-ambalan bibaripun tayuban jam ½ 8 enjing, dene tumuwh ebering budi, awit boten kacekap wancinipun malem ipun senen anaybaken para magang sarata kula warganipun panganten awit malem akat kagalih kthah para magang sarta kulawarga ingkang sami dereng kadhawahan sondher, malem Senen wau sakalangkugn rame saha sayuk tinimbang malemipun Akat amargiing pasamuanngriku wonten ingkang adamel suka renanipun para ingkang sami nayban wonten sawenehing prayantun kaliyan sing kek satunggal punika sakalangkung anggening sami anuwuhaken gumujengipun para tamu, dene tindak tandukipun para tamu sadaya amracihnani jumurungipun sadaya, bibaring nayuban jam ½ 10 siyang
Kintunan.

Tuban
Yatra pamadeyan sarem tuwin yatra paos ing gudhang sarem dhistrik jatiraga, kathahipun f 8000,64 ical panjenenganipun bupati pyambak karsa tindak ing dhistrik jatiraga, saha anyarirani pamariksanpun tumuwuh ng cakep tuwin wibawanipun pamriksa, kadadosanipun saged angsal katrangan saha cihna bekti: yatra Kertas gunggung f 1800 sarta dursilanpun ugi sampun katalikung.

Nembe punika ing dhusun Senori, dhistrik Singgahan kalebetan durjana kecu, ngantos sapriki dereng wonten titikipun. ngantos sapriki ing padunungan kula dereng wonten jawah, pramila awanipun bumi wewah boten sakea sangt anjalari kathah wontenipun sasakit punapa malih para tiyang tani sami alit manahipun jalaran tanemanipun jagung sami kathah ingkang wedangen.

Eyang Arab nami Sayid…. Kinten umur 54 taun ingkang gigriya ing kampong K kadhawahan kanugrahan ageng, ingih punika mentas apalakrami angsal raden ayu…..dene ijab sarta panggihipun nalika dinten jumuwah kapengekr punika (*).
Pun Kesed
=======\==========
(*) dene nayunapa niku mas turunipun sinten urutipun karaton prenah napa, Manawa sesebutan kasasar mawon
jurugubah.

Wawarah santosaning waja:
Rumeksaning dhateng tutuk tuwin waja punika kedah den estokaken ing saben dinten anggatosna resikipun tutuk lan waja, kadya resik gumeriningipun sarira:
Ing saben dinten mentas awungu sarta bilih badhe mapan sare, punika waja kedah den sikat lan sikat ingkang alus lajeng kemu alan toya enggal:
Waja sampun ngantos kaagem anglethak ingkang atos kadosta: balung, isining wowohan sapanunggilanipun punapa malih kaagem anggeget utawi amedhot tangsul inggih sanadyan lawe awenang:
Eses srutu sasaminipun punika amigunani dhateng waja, mandar bilih waja ulerrentra kadhang anyirnakaken uler botenipun anuwuhaken mayaring sakitipun dene susur punapa malih angemutt sata, punika tumrapipun dhumateng waja sakalangkung awon.
Bilih wawarah punika dene estokaken temahanipun waja gadhah cahya gilap ameles saha awet.
==========\==========
Panjurung
Mugis ampun dados panggalihipun mitra kula ngabdul Jailin mila kula ngantos lami boten ngaturi wangsulan amargi sawek kapambeng ing pandamelan:
Kula sampun nyumerepi paring sampeyan katerangan ing pataken kula, atur kula nuwun ananging paring sampeyan saloka katerananipun tiyang pejah anganyutuwuh, punika tanggaping manah kulak ok taksih kodheng, kitab saha ratulmaot kula boten gadhah sarta gadhaha kula inggih boten mangretos pramila tansah angajeng-ajeng ruwating rerenteng ingakng tumrap dhateng manah kula, ing wasana pangastuti kula katur ing sampeyan.
Saking mitra tuhu pun Jakasasana.
=\==========
Ki Sagala,manawi sampeyan karsa tumbas kula gadhah kempitan pethetan jerambali, gadhahanipun sadherek kula nama Sidyasidana, jeram wau menggah nyrekakah ing pasar tabiyating who jibles kagungan sampeyan jeram bali ingakng katingal wonten sangajenging pandhapi sampeyan punika, nanging wonten kaotipun sakedhik kagungan sampeyan punika sampun salong mempal pangipun santun sempalan panging jeram kuwik eno, engko gek ya kuwi, kok ora pati duga aku.
Narawangsa ing ngardisekar, sanes mitranipun
Girman

===\==
wawangsulan kalayan gita, sumaos dhumateng ing wreksa candhanan.
E,e,e, raden Undhakan narawanga, kula punika titiyang ngupaods saserepan malah wangsul dipun dangu supados ngaturi katerangan ingkang kalayan tumunten adhuh raden saking sanget kajriyan kula rehning titiyang sudra satemahan gugup acaruk bawur lan mamaras bokmanawi kenging sisiku, lepating tanduk pakraping lukita, mugi kaeksomoha, inggih raden sawastu, ingmangke kula amratelakaken bubukanipun kula darbe atur miminta saserepan wontening wiladhhalurmang punika awit saking rupaking budi kula piyambak ananging asring dipun cariyosi kakaruh kula kaum sami dusun awasta ki Kasan Munawar. Menggah saking cariyosipun sampurnaning ngidhep ingakng mulus tumanduk dhumateng ing kasukciyan punika ingkang saged wangsul waluya kados idheping rare, ingakng dereng diwasa. Amil ararepunika boten kawajibaken katatanton ing kang perlu, saderengipun baleg ewasamanten sanadyan sampun sepuh bilih ingkang winastanan mujenunbiltah, ugi boten kawajibaken pratingkah ingkang perlu tumraping ngakathah, punapa dene titiyang ingkang winastan weh punika ugi mangkaten boten kawajibaken sakaliring pandamel ingakang mawi gatos, lo mangkaten punika ingkang amimba ing tarwiluning manah kula o inggih tiyang sudra mila boten saged bentenaken peparangan tigang kaanan wau…wondene anggen kula mastani kamulyanakeken dening para ruhur punika sampun kalintu tampi, dene dipun lulusaken sami ing kukumipun lan peperangan titiga wau, kayektosan ing saupami perangan tiga wau anglampahi dosa idananipun boten anwrat lan boten kasebut durjana, kados dene tiyang limrah ingkang sampun sami ing wanci diwasa, yen ta damela dosa pidananipun tamtu katimbangaken sadosanipun lan malih katitik ingkang kasat mata, werangan tiga wau solah bawanipun ugi mirip anging yen samiya jahat anglengkara, wasena saking kawekening manah kula, mila nyuwun seserepan sami tuwin bentenipun kados pundit, manawi raden narawangsa karsa paring pitedah badhe saklangkung panuhun kula, titi
Ping 24/2/3/21 pun Istipar.
=====\==========
Para sarjana mugi aparinga panjutaning manahingkang sakalangkung peteng dhedhet apimengan ing wenganipun pitaken ing atur kula ing ngandhap punika.

1. kados pundit leresing panyeratipun rimbag dwipurwa : upami lingga, tuku, dados tutuku, punapa, tatuku; upami lingga guyu dados guguyu,punapa gaguyu; upami lingga kudang, dados kukudang punapa kakudang. Upami leres ingkang tutuku, guguyu, kukudang, sabab kados pundit, upami leres ingkang tutuku, gaguyu, punapa kakudang sabab kados pundit.
2. menggah bedanipun paribasan akaliyan saloka punika kados pundit, upami kebo nusu gudel, tunggak kalingan rone, sumur lumaku tinimba, kacang tinggallanjarane, enz. Punika paribasan punapa saloka, sarta kados pundit tegesipun paribasan utawi saloka punika.

Ismayawati ing Asraman Wukir Sundara

==========\==========
Sambetipun pthikan pustakaraja

Mangkana sriwisnupati, ngandika ruming kyapatya, eh yayiparan wartane, pangulahira ing praja, miwah sagunging wadya, punapa padha raharyu, tan ana ingkang sangaya. Sriyana rekyanapatih, duk konjem pasilanira, kagyatdinuktimbalane, tanggap anembah turria, pukulun sribathara, pangestu tuwan rahayu, sagung ing sining nagara. Tulus kang sarwa basuki, suka sak woning kawula, kawelek kathah bogane, dene prawira manggala, prajurit saha daya, ngarsa arsa karya prabu reh lamimukti kewala.mesem prabu wis bupati, karenan miyarsa warta, kendelkasendhu ature, sriyati sang prameswara, pukulun sribathara, dahat dasih ta pukulun tan ngamran sinungga-sungga. Tansah amuwuhi kardi, ing gusti dene kawula, gadhah panuwun ing mangke, kapencut darbe karenan kidang lawan menjangan mongka kathahingkang sampun wonten lawening pandraya. Paran dene taksih mami, anyuwun

dhateng paduka, kalamun nuju parenge, srinata kacaryan myarsa, aturing prameswara, temah angndika, arum dhuh jiwaing sun kusuma. Away sira wancak galih, mundhut mangkono kewala, gampang iku pikantuke, angger nadyan amundhuta, wisma turunan swarga, sayektipun kakang saguh, mrih renaming maskumirah. Mung angger tulus saang yayi, mangun ing baa siryawan lawan pun kakang nak angger, punapa dene ing mangkya sgunging wadyanira, wus dangu datan prang pupuh, anglamrahiing ayahan. Mene karsaning sun yayi, arsa tedhak ambebedhak kalawan arinta angger, yayi mas patih sriyana, marang ing wanawasa, ngudi pundhutan ta ibu, mesem mauprameswara. Umatur dhuh sribupati, kadurus dasih paduka, ngadi-adi panyuwune, paradene srinarendra, tanpegat denya nguja, rinojong sakayun ulun mungmugi aksama tuwan. Dhaten gdasih ta sang aji, luputa ingngil-ila, sangsar ksintrakane, sang prabu kapandukprana, suka mulat mring garwa, anulya dhawah sang prabu, eh yayi patih sriyana. Undhanga marng prajurit padha mepaka gagaman sapira botpiantine, tetedhak mring wanapringga, sira yayi miluha, mung srigati sira kulup kariya tungguing praja. taksih wonten sambetipun.
==========\==========

Wakaryastaning wasitarjapasungupung.
Roroning tunggaliku, yen ngantiya, salaya tan jumbuh, saobahe saosiki nora dadi, yekti sida tibeng dudu, kadaringesing pakewoh. Dene ati puniku, pan kapurba ing budhi satuhu, nnging budi, kawisesa maring ati, wit ati kamolah iku, budhi kang nimbang kang bobot. Tumindak lawan sadu,nangsupadya, away tibeng dudu, yen ngantiya, panimbang bobote silir, yekti lwir ing rahayu, sakayun tan karahayon. Lwir surya lan sitangsu, tunggal praba beda padhangipun yen padhanging sasi nora narambahi, wawakulem sorotipun tan bias tumeka ing jro. Jro wisma misih undhuk mung neng jaba bae, padhanginpun yekusasi, upama padhanging ati, beda surya, padhangipun sumrrambah ing jaba jero. Jro wisma nora undhuk ndyan kalinganima tan siluk nora nana selak soroting hyang rawi, yeku urya, paminipun padhanging budi kinaot. Yen tan winruhan tuhu, apngaling budhi, kalawan kalbu, sayektine, barang patrap kurang titi, sok andadak tinak tanduk bedane, dipun waspaos. Karsa apngaling kalbu, budhi, wicara apngalireku, lamun karsaning wicar, nora dadi, slwir adya tanpa nuju, nora pajaweh kasarjon. Pangajap nora jumbuh, tanpa lajer, jenenging tudhudhuh, temah tuna tan papituwa sing ngurip yekti tansah lura-luru, sirna lairne, iku wong. De budhibeneriku, pan kapurba, ing waspadanipun nanging ngawasiku, kawiseseng budi, kranabudi, kang lumaku sumrambah ing lair batos. Bisa mring ngajer-ajur, lamun agal angungkuli gunung, lamun lembu,tangukuli lembuting angina lwir pan doman lan kang dugu, wruh ler kidul wetan kulon. Pamdom manawas semut kang dulu budi kumudhinipun yen kurana awas pamawasing budhi, yekti bakal katelanjur ing prang,praune bojod
Taksih wonten sauswanipun
Ingiketring sang damakumawi,widyakamawa
ingBukti Kadilaya.

Ongka 79, Setu Kliwon kaping 28 Sapar Jimawal 1821 utawi kaping 3 Oktober 1891

Pawartos kawat

Bupati ing Blora raden mas Tumenggung Cakradipura, ing mangke sampun kapareng asantun nami Cakranagara
Kamot ing nawala kakancinganipun kanjeng ugpremen katitimangsan kaping 23 September 1891, sripaduka kanjeng tuwan besar sampun anamtokakenbilih sadaya pranatan ing anggeripun amaringi pensiyun dhumateng paraprayantun jawi, ugi tumerap dhumateng para prayantun ingkang pasuwitanipun ing tanah-tanah sajawiing pulo Jawi lan Madura

Prakawis panyadening apyun ingkang badhe dipun adani kanjeng gupremen piyambak ing angke sampun sumaos ing pasamuanipun radpan Indiye, sanadyankanjeng tuwan dhirektur pinansi boten anyondhongi ing aturipun kanjeng tuwan grunepel ingkang kautus kanjeng gupremen dhateng tanah Tongkaeng, bawah Prasman atitipariksa lampah lampahing panyadenipun apyun denig parentah ing tanah wau, ewadene sakalangkugn amangayobagya dhateng panyadenipun apyun dipun adani kanjeng gupremen piyambak, kanjeng tuwan Temegelen anarjoni panyadening apyun dening pakter, kadosingkang sampun kalampahan dene para liding rad pan indiye rembagipun taksih iyung, dereng saged gumolong.
==========\==========\

Surakarta
Kulawisudhan ingkang kadhawuhaken wonten ing pasowan srimanganti, amarengi ing dinten Kemis tanggal kaping 26 wulan Sapar ing warsa JImawal ongka 1821.

Awit saking kaparengipun ing karsa dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan salowongipun kalenggahan abdi dalem mantra mranggi kasepuhan gogolongan kabupaten gedhong kiwa, tilas lalampahanipun Ngabei Naya Wirongka, ingkang kakarsakaken anggentosi anak sepuh nama Ki NayaCandhana, abdi dalem Jajar Mranggi ugi kasepuhan kaganjar nama Mas Ngabei Nayawirongka.

Ki Secadrana abdi dalem jajar tanu astra kaparak kiwa, giya ing kampong kratonan pangggaotanipun ngamus wacucal lembu, maenad, miwah waucal maesa, karosanipun nyameni tiyang sakawan karemanipun nedha lawuh ulam sawer toya, sawerninipun sarta ingkang wisanipun sagedta wadening marta, kala remen ngaben sawung kendel……..ingkang awis purun ngentohi kathah dene pangopenipun sregep sanget ananging saben ngben mesthi kawon awit panggarapipun sawung wau saben enjing mawi dipun gecel dipun jethuti kados andadah rare, dados sawung sakit awakipun, anjawi punika gadhah lagean malih, saben dipun pintoni wesi aji dhuwung sapanunggilanipun sae utawi awon punika lajeng dipun cobekaken dhateng awakipun utawi dipun untir kados dhawung, bilih taksih kenging dipun ulet kados gulali inggih awon bilih boten kenging dipun luk utawi kauntir, inggih punika dhuwung sae, ananging sarehninng ingkang mintokaken wau naming para sadhengah tiyangipun inggih awis dhuwung ingkang nyplesi kajengipun kiyai secadrana, pramila kathah dhuwung ingkang katampik tuwin ingkang amintokaken kathahing angsami kaduwung, amargi anjawi risakipun tosan ki SEcadrana pancen dereng terang dhateng tosan aji
Ki ajar jatipurna.

Bayalali

Ing dinten ngajengaken pundhating giling pabrik ing Krajan dhistrik jatinom enjing wanci jam 7 mandher juru anglampahaken gilingan anglisahi untu gelap sarehning lampahing gilingan santer, mandhor kiran gpangatos-atosipun anyarengi dhawah ing papasthen tanganipun kacaplok ing nguntu gelap wau,s areng anjerit nedha tulung, guguping para tandang tangan ngantos kacep dumugi ing singkap gilngan saweg saget kendel nanging mandor sampun kalajeng oncat jiwanipun enggal kauningan ing pulisi, para kadang nunten

sami dhaen gkalayan atawantangis saha nampeni wangkening amndhor, tuwanpangagenging kabudidayan sakala tuwuh welasipun aparing arta sacekaping kangge waragat pametaking wangke, em awrat nun tyang pados mangsan punika.

Meh kemawon peken ing Tulung wonten kasangsaran malih, inggihpunika mangsaning pekenan anedheng tumawon wonten panging kajeng ingkang sempal tujunipun kasangsang, boten saget dhawah ing siti kados ingkang sampun parandene saking kaget saha kanji o kadospunapa gegering tiyang, lahpunika para gentho ngutil sadaya sukak kados antukipun sakin gpeken lajeng angsung dhahar ingkang rumeksa peken wau, supados saben pekenan wontena pangsempal mandar jumurung sanget uwit rebah apindhah tentreming gegeran para bakul sareng wangsul ing dhasar sami malongo, awit daganganipun gusis mila pangajeng-ajengingkathah para kawogan enggal dhawuhna santuning kakajengan wau, bilih ngantos kaping tiga sinten ingkang kadunungan lepat rehning pamupuning arta sapon sami wonten bengkel ingkang gadhah blabag kados saged angsal anggl kalampahnipun

BATAWI

Tumuwuh ing benter andadosaken garingpun siti, kathahpanggenan ingkang sitinipun sami anela, nela wau wonten ingkang ngantos kalih elo lebetipun katemahan kathah griya griya makaten ugiya yasanipun kanjeng gupremensami bengkah tembokipun ingkang sami anyumelangi ngantos sami dipun tuwaki.

Wonten Cina kalih welas tiyang aroroyomans ami adus ing lepen sacelaking panggenan anggening sami adus toyanipun pating plempus ngantos wonten ingkang malajeng mentas awit dipun kinten embokmanawi wonten wayahipun kiyai jalumampang, ingkang saba apados mamangsan boten dangu katingal wonten bulus angambang, ingkang mentas wau nunten sami anggebyur, angrencangi kancanipun anggening sami anyepeng bulus wau, inggih kalampahan bulus saged kacepeng kabekta ments sakala wau wonten cina sepuh anaengi malampah sapinggiring lepen punika sareng sumerep kancanipun anggening sami angakahi bulus saha ingkang satunggal sampun cancut saha mirantos lading, cina sepuh sakalangkung anggening angrerepa, saha anandukaken tetembungan amemela mumurih bulus wau mugi enggal kawangsulna ing lepen malih, awit wonten titikipun bilih bulus punika kalangenanipun sanghyang Baruna, mindhak sansaya kurdanipun katemahan sansaya dangu malih kendhatipun jawah, buluus inggih lajeng kaeculaken malih, dene katemahan lajeng jawah utawi boten punika boten kacariyos.

Bogor

Aneh punapa longka, derenglami wonten tiyang estri kairingaken lan pacanganipun tuwin para kadang, sami dhateng griyanipun pangulu anembung supados dipun ningkana kawinipun lan tiyang jaler wau, inggih kalampahan dipun ningkahaken saha sontenipun ing griya ning kadangipun estri samijajagongan rame, sareng andungkap mangsanipun estri lan jaler sami sumingkir,acampuh bondayuda perang gragalan nutnen ing ngatag kadang karuh sami amapana ing kalangan rekanipun sami mingkak-mingkok dangu-dangu kalimpeni tiyang ingkang estri mak barebet lumebet ing senthong, sanalika sidhem pramanem jeroning tilam sari, nahenta, anuwuhaken cingaking ngakathah boten wonten sak panginang teka ingkang jaler medal ingkang lajeng amojok anggeninglinggih saha dhelog-dhelog angrangkul dhengkul dangu-dangu wonten kadang estri sepuh anyelaki, amaripih ing ngatag malebet ing senthong malih, sanjangipun ayo ta malebuha maneh, mengko bojo mu rak iya nuruti tansah kendel kemawon pun rare jaler, mandar gedrag-gedrug dipun rarapu masamingkot kemawon dangu-dangu ngadeg nyat medal sarwi wicanten….benthak niku malebet malih…….sakala sadaya sami kaget…..wasananipun panganten estri jebul wandu……saiba gelanipun neh. Pawartos punika sanes lucon wonten saestu.

Panjurung
Mudha punggung srukumadha, kumawi teka nguncupi, angkrimanipun mitramba, mo0ndrarena kang wawangi, lagu sinawung gendhing, muhung sapada tan langkung, puniku ajak nata, gunungan jalu lan estri, wedalira bakda binarung gurnita.
Pun Bakdingujaman inggih Imansuwongsa.
=======\==========
inggih makaten ugi pambedhekipun mas duga tuwin mas sinom pangrawit.
Jurungarang.
==========\==========

Waliyan dhateng Jakasasana
O kala sasama ladamge [im lalamg. Deme lpl la[orare te,em uauo dadps sa,[euam dermg ta,[o amggem li;a mgatiro same[a nan latramgamo[im touamg [ekaj amgamuit tiwij. Cpno li;a same[amo ,a;oj sa[osam emglas siwawo sa,[euam [orsamo omg mgamdja[[imola.
Saupami sampeyan kagungan abdi dikakaken dhedherek angampil-ampil mongka boten sampeyan pundhut kok dipun caosaken utawis ampeyan pundhut boten suka, lo punika raosing panggalih sampeyan kados pundit yayi, hara dhe inggihduka, sampun ngretos yayi, manawis ampeyan meksa dereng tampi boten langkung pun kakang kalilanana jimbit kemawon rumiyin la manawi sampeyan temen dereng gayuh dhateng sarating sakarat punika lo babaripun kawan prakawis inggih punika ingkang dados kanthi santosaning budi.
Sarati ng sakaratu ctur, caritaning para mukmin mupakat para ngulama, ngalamat ngalaming pati, patitising cipta mulya, mulih mulaning ngasepi. Sapisan anrahhyangagung, gunggunging lalakon sisip mung sumusup ing panrima, nunuman kang kaping kalih, kalamun manggih sangsar, sarana suka ing kapti.ping tri tokitireng kalbu, tan rumongsa andarbeni, ing karenteg myang karekat mndar tajiwangga iki, karpubalan kawasesa, dening hyang ngalimul gaib. Jangkeping sakarat ctur, ayun narimaingkapti, karsaning sang mawisesa, kalampahanipun yayi, sumongga jaka sasana, pasrah pun Ngabdul jailin. Ayak mencep jakaclunthnag tiyang naming andhe kemawon kok nun.
=======\===============
Wangsulan minongka panjarwa dhumteng Ismayawati.
Sanadyan kula punika dede bangsaning sarjana, ewadene sarehning sanget kapengin kula sarawungan kaliyan para wiraning Bramartani, dadosa saged saged atur panjarwa pitaken sampeyan ingkang kawrat ing Bramartani ongka 78 supados dadosa jalaran kasambadaning sedya kula wau, menggah panjarwa kula ing ngandhap punika.
Pitaken ongka 1 leresing panyeratipun rimbag dwipurwa, punika babukaning wanda ngajeng kedah naming nglegena, tandhanipun kenging dipun angge tanggapna, kados ta, gina guyu, saking dwipurwa, gumuyu, saking lingga, guyu.
Pitaken ongka 2 bedaning paribsan kaliyan saloka, saloka, punika tembung ingkang kasamun ing upami, utawiingkang angemu raos kadosta, edom sumuruping banyu, mila tembung, kebo nusu gudel tunggak kalingn rone, sumur lumaku tinimba, kacang tinggallanjarne, punika sami saloka, dene paribasan punika tembung ingkang wantah boten kasamun ing upami, kadosta, kapirare, tembugn laku, ambondakalani, menggah saloka wau tegesipun upami.
Paribasan tegesipun pasemoning basa, tataning basa, caraning basa.
Ismayawati, sarehning pitaken sampeyan sampun kula jawab kula gentos pitaken tembung budamamah, punika kdos pundit teges sarta kajengipun sampun punika kemawon rumiyin ing benjing gampil bilih sampun kulina.
Ki Sagala, anggenipun tawi pethetan jeram bali narawang sampun sampeyan ajengi, awit punika naming nyempel alajeng katancebaken kemawon samongsa sampeyan ceblokaken mesthi lajeng alum manawi kirng pitados suwawi maos serat sampeyan ingkang kawrat ing Bramartaniongka 69 tumuju dhateng bagus girman rak ggihngoten ta pak dhopang rekane wong mendem gadhung, wasana taklim kula winantu ingkaraharjan dhumateng Narawangsa, ingkang baut ngiket saloka.
25/21/2 katandhan Undhakan AStra Miruda ing Banjarsari.
==========\=============

Minangka pasumbang tumrabing pustakawarti, ye kakadya ringandhap punika candhakira kanangwiyata.

Ing sandining kawruhira, telasupnahaya mosik wus mari sira anyipta, ing rupa myang angina-angin mangkana sira dadi, apangawak jawata hyun sari sarining warah, away penggat den kawruhi, reregeding ngatisira resikana. Ing tirta paramasiswa, tegassupte toya kang wening, maraupa muka ngangga, mangkana tataning urip karyaha, pangabekti, marang satya wiseseku, estokna panumpayogya, pakoliye mring sireki, kalisup kyeh rubeda mamala sirna. Pamurkyaning kabecikan ayoga bratasemadi, aluhur tur olih padhang, denya tanupah yitneng ngati, apanggah ing palinggih, bayu lingaling ateguh, dadya talining ngangga, sampurnaning jiwa dhiri, atmajeneg aneng sarira sarkara.

Myang kang ngagupung lalara sakalir, saking bayu mulasangkanira, myang alalawan becike, ing kono dipun emut ing mulane marga kang mugti, sakira senetanya, kang ngisor tinutup pinaesupan kinukuwan dening bayu kumpul tan ana kang mregil dulunen dipun awas. Yen wus ening panunggaling kang wit saking bayu panggah tutuana, titisupna panamare, ing tgrikundhalinampus telas prapta madyaning ngapiya ayo gya umenenga, ayuwa keh kaetung, la joknen atmanira, angungsiraring diwangkaraya dadi, padhang sarira surya. Lamun uwis parirantaane, lajularis supena ing wardaya, samangkana prabedane, yen uwus prapteng kalbu, tetepena kawruhireki,pekupenenta sakala, resanen ingkalbu, ilangna ywa kalabetan lamun uwis kapanggih manggoning ati, annuli lajokna. Kawruhira mring sukuning wukir, condra angi kang aneng sarira, yawn wus panuu prenahe, ing susukuning gunung, umenenga yoga mahening, pamandhenge kang cipta, kukupen kang bayu, tumekowa ing papaka, myang ing diwangkara kumpulena sami, ingkawruhkang waspada. Amor rena panukup mini ening, yen wus tugnggal ing saekabawa, ring sosotya pamangsuke, away nyipta genipun muhung kawruhira denunggil pesunen ngilangna,kang dadya ririwuk ing laku poncawisaya, yen wus papag ing papeteng medal nuli, padhang asri winuryan. Laju sira amukti sajawti, wekasuping yoga lila darana, nahan mangkana kramane, kang nguped dya lumastan tun mamrih praptaning sang sajati, ing ngangga winulika, pesunen ing kalbu, ilanging poncawisaya, panyilumanupi poncabutaworangin amulet aneng karsa. Lan minangka satruning sang resi, ywannujya mrih marangkalepasupan ya marma denilangake, dera sang mahawiku, pakaryanya yoga brateki, umeneng lestariya, pantanumpah sinamun sinimpen ing wardayanya, ingkang ngalus yen upama pun anukupmengkapti, alus tan amiyasa. Pajah ilanging poncadriyeki, binasmiring kawruh kang sampurna, marmane tan bias jenggel mapan telas ping kawruh, kang kagunan pahananeki, tulus pena denira mumulang amuruk pratingkah marang jawata, amumujya ngilangaken tyas kang tan becik katemu ing tujduhi

Taksih wontens auswanipun ingkang manulat sing papakem muhung sawantah dera kijaka pranawasidhi sang dhudhukuh ing Mendhangprawa.

Ongka 80 Salasa Pon kaping 2 Mulud Jimawal 1821 utawi kaping 6 Oktober 1891

Pawartos kawat

Kanjeng Tuwan Albretsema, Asisten Residhen ing Yogyakarta, anyuwun pindhah dhateng Panarukan.
Tuwan Rosemeyer, sekretaris ing Tegal kapindhah dhateg ing Jepara
Tuwan Dhen Amer kawisudha dados juru niti pamulangan Jawi, dinunungaken ingSurakarta.
==========\==========
Surakarta
Kulawisudhan ing kadhawuhaken wonten ing pasowanan pagelaran amaengiing dinten senen tanggal sapisan wulan Rabingulawal
Ongka 1821.
Kawrat ingkang nawala kanjeng raden adipati papatih dalem ing Surakarta terang sahandhap ing sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhnan salowongipun kalenggahan abdi dalem mantri gaglongan kabupaten ngajeng tilas lalampahanipun ngabei Jagapuspita, ingkang kinarsakaken anggentosi kair pamaga kapatiyan kaganjar sasebutan tuwin nama Raden Ngabei Jagapuspita.

Samangke pangupajiwani tiyang ingkang saged sakeca tiyang sade rumput utawi roning pisang, regining rumput ingkang kala rumiyin sapikul kalih kethip sapunika pajeng gangsal uwang, roning pisang ingkang ageng kala rumiyin tigang papah sadhueit sapunika sapapah saged pajeng sagobang, ing kampugn Purwadiningratan utawi kampung cina ingkang sisih ler, para tiyang nagriya panumbasing toya saya awis kalih belg pitroliyum egi gangsal sen sumur sumur toyanipun sami sat kathah ing kakatingal dhasaripun ewadene wonten kaelokan bok bilih ingkang dipun wastani prawatyaning karaton inggih punika kagungan dalem sumur ing sitingil boten ewah toyanipun taksih agung, punapa tiyang saged manggih ingjalaranipun dene sumur wonten ing pupunthuk malah dados pangangsonipun tiyang ingkang wonten ngandhap para tiyang bakul sinjang ingkang saking ngriki dhateng purwadadi (Samarang) dipun welingi toya sumur bur ing Langenarja, ing dalem sabotol ageng tiyang Purwadadi purun numbas 50 sen
Kintunan.

Nalika malem Senen tanggal kaping 1 Mulud punika, ing dalem Prabuningratan wonten pasamuan inggih punika rerengganing konduripun kanjeng pangeran Arya Pabunigrat saking lebet karaton sakaliyan ingkang garwa.

Menggah wangun tuwin rerengganipun dalem punika, cekap kula jugag bilih langkung dening sae, wondene kateranganipun pasamuan kados ing ngandhap punika.

Wanci jam 9 dalu, para tamu kangjeng pangeran putra santana dalem tuwin para priyagung bupati mayor sawatawis sampun sami rawuh mepak ing pandhapi alenggah kursi, jam satengah 10 sampeyan dalem kaneng gusti pangeran adipati anom rawuh saha ingkang garwa kanjeng ratu anem.

Jam 10 lalangening pasamuan medal saking dalem kairid dening nyai lurah, inggihpunika abdi dalem badhaya ingkang beksa wonten samadyaning paringgitan, sasuwuking badhaya wangsu lumebet ing dalem malih boten watawis dangu pangiringipun sang dayun angalad-aladi mawi topeng danawa cakil anjoged wonten samadyaning pandhapi, mratandhani bilih sang dayun badhe jumeneng prabu kalana, sakendelipun joget pangiring gongsa lajeng suwuk sinelan ada da greget saut boten dangu gongsa munggang mungel barung ramening tiyang ingkang sami ningali uyel

gumuruh arebat ngajeng, inggih punika jumedhulipun sang dayun saking paningrating pandhapi sampun samapta busana priya, anggembeleng nyangking topeng.
Taksih wonten sambetipun.
===\==========
Sarehning pnika prayogi biih, kasekaraken pramila namung kajugak samanten rumiyin.
Jurungarang.

Sasampunipun rampung panggarapipu kagungan dalem sumur bur ing langernarja sadaya sumur-sumur sakiwatengenipun ing kagungan dalem pasanggrahan wau toyaning raosipn sami asin sadaya, kilap ingkang dados jalaranipun.

Kala malem salasa ingkang kapengker punika watawis jam 8 ing radinan saantawisipun ing kadhistrikan grogol wonten alok rame-rame, katranganipun tiyang sade kupat gudheg dipun tumbasi telas pangaos 20 dhuwit lajeng dipun tilar malajeng turut sabin mangaler pun dur saestu boten saged kacepeng, sarehning taksih wanci sonten bokmanawi priyantunipun dhistrik tuwin rangganipun sami sawek sami kapambeng dhahar
Kintunan.

Sarehning mangsanipun benter sawatawis panjang, sadaya taneman sami alum saha nglindhing godhongipun tumandukipun dhumateng awak kraos pating prekinting, suwawi para raden radenpradikan kados pundi anggen sampeyan angetog salat sampeyan istika, teka aber kemawon, e, ambok manawi aberipun panyuwun wau saking ura kersanipun boten gumolong, awit salebetipun nyunyuwun anggagas ingang kadamel sangu caos dereng wonten punapa makaten
Sambiya.
==========\==========
La embok inggih lajeng tumandang nun sampun amanggung kabesturon namung acumadhong lumunturing berkah dalem kemawon rak inggi kedah dipun timbang nginggih nugraha dalem wau, sangu caos rak namung sale nun,
Juru gubah.

Kendhal
Nalika dinten Salasa tanggal kaping 17 wulan sapar 1821 wanci jam 11 siyang, ing dhusun Pratawetan tuwin dhusun Pratakilen sampun kabesmen cacah dhuwung telas kirang langkung griya 106 iji, awit saking daleyanipun panjagining latu.

Ugi kala dinten Salasa tanggal kaping 2 wulan Sapar, tau punika, kinten wanci jam 2 dalu, ing kampung pengandhapan kabesmen cacah wuwung telas kirang langkung griya 15 iji, ugi latunipun piyambak.
Sawenehing tiyang ingkang gigriya ing kampung Sa, carios bilih ing kampung ngriku punika asring-asring kaicalan barang-barang, kados ta tenong sa isinipun cething ingkang taksih wonten sekulipun tuwin barang sanees-sanesipun ananging yen kapendheta ing pandung amesthi wonten tilasipn margi ning malebtipun utawi ye katedha akucing tuwin wirog amasathi namung isinipun kemawon o, punika inggih wadhah saisinpun sadaya ingkang dipun pendhet, lo, punika kados pundi kawontenanipun punapa inggih ingkang sinebut nama kyai gandarwo, teka saged aniluman kados makten boten angemungaken tiyang sanunggal kalih ingkang sampun katatalan kaecalan, ugi ing kampung ngriku saupami wonten tiyang medal ijen dhteng kebon utawi sanesiing panggenan punika kathah ingkang ajrih, jalaran sampun kalampahan wonten ingkang medal wanci dalu, punika raos rainipun kados dipun emek emek ing tiyang, saha tanganipun ingkang ngemek wau karaos atis, lah sumongga sami ginagasa punapa punika.
Kintunan.

Warni-warni

Tatedhan ingkang dipun sade peken ing ngapeken punika kathah ingkang boten mikantuki dhateng kasarasan, mongka ing peken boten kirang sadeyan daging ingkang sampun biru warninipun, ulam mambet tigan buthuk ulam loh acangkok kasar ingkang ulamipun gdhah watek kados racun sasaminipun sged adamnel sakitipun tiyang ingkang tumingal nanging sasumerep kula boten wonten ingkang angulat ulataken jagi angendhakiaken prakawis wau, saking pamanggih kula kawontenaning tedhan ingkang kaewokaken saepunika mesthi kedah ugi kagalih, amargi sampun pinten-pinten kathahipn tiyang sakit saha pejah dadakan sami dipun kinten saking kawontenanipun sasakit ambah-ambah, ingkang jebulanipunboten liya saking anggenipun mentas aneng dhaeng tedhan kados ingkang kasebut nginggil wau.

Kala malem Ngaat kapengker punika ing kitha Samarang samnpun wonten jawah kalangkung deres sanget ngantos pnten-pinten jam, adhuh iba sapinten bingahipin manawi ing ngriki sged katularan tumunten wonten jawah mangkaten, sasat katuruhan toya gesang.

Ing tanah Rus punika boten wonten caranipun kapal rakitan mawi pirantos tedheng mripat kados ing ngriki, mila kapal rakitan ing ngrika awis snget ingkang nyendhot lajeng ambandhang, amargi marengipun swara samukawis sanalika sumerep ingkang angawontenaken swara wa, manawi boten wonten jalaran ingkang adamel ajrih, mesthi boten wonten kapanyenthot, wondene witipun kapal rakitan dipun dekeki pirantos tedheng mripat punika mangkaten cariyosipun, kala rumiyin wonten saweneh ing bongsa luhur ing tanah Ingris kagugnan kapal kalangkung endah nanging mripatipun kapal punika ingkang satunggal sampun cacad, supados boten katingal cacdipun lajeng dipun damelaken pirantos tedheng mripat punika lajeng katingal saya bregas, saha lajeng kathah bongsa luhur ingkang anggalih asrinipun tedheng mripat kapal rakitan ngiras kengig kadamel andakek rerenggan saka parengipun wusana lajeng mratah saben kapal rakitan mawi tedheng mripat, nanging salugunipun malah adamel risakipun mripat kapal saha angaling-alingi manawi badhe anoleh d humateng wingking, sapunika tiyang ing tanah Amerikah sampun kathah ingkang rakitanipun tanpa tedheng mripat katingal resik tur kapal saged anyipati sakthah ing wawarnen, ingkang tundonipun boten adamel kaget ing nagari welandi inggih sampun wonten ingkang aniru makaten wau,

Cihna utamaning pambeganipun prabu Napoleon kaping tiga, wancinipun enjing sang prabu amarengi lenggah wonten ing bilik kartisastra, panggalihipun saweg bunek amargi wonten lalampahanng praja, ingkang sanget anuwuhaken emenging panggaihipun boten dangu wonten titindhihipun prajurit sinelir sowan anembung dhateng kiregol mugi sowanipun wau kaunjukna boten dangu kiregol wangsul saha andhawuhaken dhateng titindhih, bilih sowanipun sampun kapareng saha ing ngandikakaken majeng, titindhih taksih neneman saha ansring anandukaken lalampah ingkang kirang dugi prayogi, pramila kalapahan ngantos anempuh byat sowan ing ngarsanipun sang prabu, aawit piyambakipun mentas kasukan ngantos kawont kalih dasa ewu rupiyah, pun titindhih sakalangkung tatag anggening amunjuk ing sang prabu, tanpa wigih sadaya lampahanipun winedharaken, mandar amahyakaken bilh anggening acumadhong lumunturing sihipun sang prabu ngantos lepat cutheling lampah tinimbang anandhang wirang aluhng amunggel gesang, ing sadangonipun sang prabu amiyarsakaken unjukipun titindhih, boten pisan pisana katawis bilih angalhipun kataman ing sih welas pasuryan wanteg boten amracihnani osiking cipta, namugn kawekasaning unjuka sang prabu jumeneng, asta angrogoh guthekaning panyeratan nunten angandika: lastarine prabu rit ing sun siji tinimbang landhuwit rong puluh ewu, iku ijih aji nyawane prajurit insun siji, ananging weruaniira ingsun iki ijih kukurangan banget munguguh ing ana ning kadonyan mulane ing tembe pakenira angati-atiha, embok manawa ingsun boya bisa amiulungi pakenira, punika sang prabu semu mesem sarwi amatedhakaken atra kartas kalih dasa lembar, wus pakenira lumengsera pendhatana kalah pakenira mau.

Panjurung
Pitaken
Dhuh sang minulya ngabduljailin samun lami anggen kula kapencut badhe sowan wonten ing ngarsa sampeyan nanging tansah kapambeng ing sabab mila daweg punika kalampahanipun o inggihpunika labetipun tiyang kacingkrangan budi, dados gunanipun boten wonten malih kajawi namung tetaken ing ngandhap punika kados pundi sababipun.

1. bayi lair saking guwagarbaning biyungipun punika mesthi dereng sged ngedalaken luh.
2. engeting rare ingkang saweg ngumur 5 wulan punika tamtu beda kaliyan rare ingkang ngumur 2 taun, wusana sanget ing pangajeng-ajeng kula tumuntenipun angsal katrangan saking sang pinulya Ngabduljailin.

Sinerat ing Padhukuhan Sepi kaping 2 rabingulawal Jimawal ongka 1821 siswanipun Jaka Pranawasidhipun Ngabdulsukur.
======\=========
Panjarwa
Ing pitakenipun Ismayawati: ing Wukirsundara

1. tembng dwipurwa punika sadaya bubukaning wanda ngajeng ing pakecapanipun mesthi kados dipun pepet ananging leresipun nyerat kedah manut pnnapa lingganipun kados ta: lingga, lurah, ing panyerat inggih kedah: lulurah, jamu, jajamu, mangkaten sapanungilanipun.
2. Kacang tinggal lanjarane, ngibara sae dados awon utawi anakipun tiyang awon dados sae, kebo nusu gudel ngibarat iyang sepuh nedha wulang dhateng tiyang enem utawi bapa tuwin biyung anenedha dhateng anak; tunggak kalingan rone, ngibarat tiyang ngraosi awon dhateng tiyang boten sumerep manawi wonten sadherekipun ingkang dipun raosi, sumur lumaku tinimba, ngibarat tiyang lumampah dipun goroni, manawi saking pamangih kula pnika sanes saloka, ananging paribasan.

Ismayawati, sarehning pitaken sampeyan sampun kula batang, kula gentos nyuwun saserepan ing sampeyan kados pundi leresipun ing panyerat

1. wana, punapa, wona, tuwin punapa wana,pundi ingkang leres badhe kula angge, mila sampeyan terangaken ingkang pratitis.
2. rana, punapa rona, tuwin punapa rana

awit manawi kula nyerat tuna wani, na, kedah kula gondhel miturut saking wulangipun guru kula, dupeh punika karaketan sandhangan swara, utawi klingker, (sidyasidanasulaya) wusana sanget ing pangajeng-ajeng kula tumuntenipun ismayawati, paring wangsulan dhateng kula. Ing bukit selagana tanggal kaping 25 Sapar, Jimawal ongka 1821.
Jakasuyatna.
====\========
Sedantuk telulas tanun putra kang gumanti aji, jeng Sunan Prabu Mangkurat, ing ngalaga senapati, Ngabdurahman Ngalamina, sayitdin Pantagami. Tuhu kalipatullahu, sangkala jenengiraji, guneng catur rasjanma, seda antuk pitungwarsi, putra gumanti narendra, Pakubuwana ping kalih. Titi duk umadeg prabu janma limangrasawani, dupyan tuknembelas warsa, lolos marang pranaragi, keser dening ripudibya, bongsa cina ngrusak puri.angangkat ing jenengipun ye kur raden mas Garendi, jujulk jen gsusuhunan Mangkurat Mas Prabu Kuning, titi duk sumelanata, sabdo bahkara seng bumi. Jengkar mung antuk sataun tinulunganing kumpeni, jeng sunan Pakubuwana, kondur saking Pranaragi, marang nagri Kartasura, titi jumeneng ping kalih. Ngesthirasa kraseng purus dupi antuk kawan warsi, ngalih kadhaton sang nata, mring surakarta nagari, sinengkalan deging praja, janma sapta ngrasawani. Antuk kawanwarsa surud putra kang gumanti aji, jeng sunan Pakubuwana, ping tiga, timur mandhiri,buta sapta ngrasa tungggal yeku retuning nagari.Surakarta manggih ripu, riknsaking risudarmi, mijil sing pangrembe nata, jeng

pangeran mangkubumi, linulutan wadya tontra, kondha sudireng ngajurit. Kumpeni ingkang angrapu, nagari pinandum palih, Surakarta lan Ngayogya, marma pangiketing rawi, pinecah romrih tatela, ing Surakarta rumiyin.

A. tatenger sajarah Surakarta
B. tatenger sajarah Ngayogyakarta.

A. Ing Surakarta winuwus jumenengira sang aji, Pakubuwana ping tiga, tuk tridasa sanga warsi, deda ginantyaning putra, jeng gusti Pangran dipati A. Jujuluk ingkang sinuhun ping pat Pakubuwaneki, titiduk madeg narendra, sucining tyas sabda yekti, antuk tigang dasa tiga, warsasedasribupati A. putra gumanti kaprabun jeng gusti pangrandipati, jujulukireng pamasa, jeng sunan Pakubana ping, lima, duk madeg narendra, ngesthi catur sabda becik A. seda antuk tigang taun tan dabe putra sing padmi, sing pangrembe madengata, jujulukire narpati, jeng sunan Pakubnuwana, Ping Nem duk nata Mandhiri, A. Janma lima nabdeng ratu, nem warsa kendhang sang aji, ginantyan marang kang paman jeng gusti pangrandipati, purabaya, kang minulya, jujuluk Kirasangaji A, Pakubuwana ping pitu, titiduk prabu Mandhiri, nabdeng diyu tutur arja, sedan tuk tridasa siki, warsa tan puputra priya, inantyan raka narpati A. mijil sing pangrembenipun jeng gusti pangran dipati, ngabei pinandhitarja, jujulukireng narpati, pakubuwana ping astha, titiduk jenegira ji,A. Rasesthimanabdeng sunu, seda antuk catur warsi, ugatan puputra priya, ginantya n putra narpati, kaping nem Pakubuwana, duk nama Sinatriyadi A. Jeng gusti pangeran prabu, Awijaya wus mandhiri, jeng pangeran adipatya, ane, amengkunagari, sudibyaraja putra 9, narendra trahing Matawis A. riwusnya jumengng prabu, jujulukireng narpati, pakubuwana ping Sanga, titi duk jumeneng aji, negatrus sabdaning nata, ing Surakarta mandhiri

Taksih wonten sambetipun.

Ongka 81, Setu Paing kaping 6 Mulud JImawal 1821, utawi kaping 10 Oktober 1891

Surakarta

Kyai WRedakrawita, ingkang adhedhekah ing Dhepok pangularan sareng maos pustakawarti, ongka 80 ingkang anggyaraken bilih samangke para sumur-sumur sacelaking kagungan dalem sumur bur ing Langen Arja, toyanipun asin sadaya, sanalika lajeng aparing pambuka ing gelenging pamanggih dhateng anakipun kadya ta:

Eh thole mungguh panemuku, iyasan dalem sumur bur ing Langenarja mau, kabeneran antuk parapataning urat bumi, ing mongka para pataning urat bumi iku,pancen papan pakumpulaning sari asthagina, dene kang binasakake sari asthagina ta kapratelakake kaya ing ngisor iki.

1. sarining sosotya sapepadhane
2. sarining emas
3. sarining slaka,
4. sarining dembaga
5. sarining wesi
6. sarining timah,
7. sarining walirang
8. sarining uyah, sariwolungprakara mau, dadi panguripaning kang padha dumadi sajroning jagad ikikabeh.

Mongka pangeburing sumur anarajang urat parapatan iku mau, mulane banyu ing kono kena ginawe usada, sabaralalara mesthi waluya, dene ing samengko lubering banyu sumur bur, dadi embesing para sumur-sumur, kang padha cedhak kagungan dalem sumur bur mau.

Mengkono uga ikuiya tumuwuh ing nugrahaning hyang kang mahakawasa, aparingpratondha cihnaning sih marang kang iyasa

Jarene ingjaman kuna-kuna, endipara tukang padha katrima dening dewa, iya pinaringan pratondha.

Kaya ta in gYogyapala, sang prabu Darata kagungan sendhang arani sendhang Tirtanirmala, duwe redipambirating lalara.

Apa maneh ing cempalareja, iya katrima dening widhi winaringana pratondha arupapatamanan, diarani maeratkaca, tegese kabeh rinengga ing kaca, mungguh carita ku marang ing kowe, samono bae akaya kaya wus nykuypi marga kowe wong wus diwasa.

Kaping 4 wulan Mulut ing wrsa JImawal sinengkalan Janma, miyat slireng nata

Kintunan

Para ingkang sami angemin punapa malih ingkang waled bayaripun pangemining bramartani,s ami ing ngaturan amundhati, dene ingkang angarsakaken angemin sapunika, punika wiwit wulan nopember sampun wiwit anampeni bramartani, pangeminpun kaetang wiwit wulan Nopember, ananging pambayaripun kedah kalaksanan rumiyin.

Serat kawruh bu, wewahanipun serat bramartani, ing mangke sampun kajilid dados serat bilih para ngemin ingkang angarsakaken serat wau argi kalihtengah rupiyah, bilih sanesipun ingkang amundhut argi kalih rupiyah, manawi medal ing pos argi kalih rupiyah kalih kethip.

Babah Limpi ing kampong PUspakusuman sampun dumugi ing wates mantuk dhateng kalanggengan jalaran sakit sepuh, sarehning pejahipun babah Limpi wau saweg pinuju linggih, angkating layon dinten Jumungah kala wingi, uparengganipun sanes kaliyan cina kathah, layon kadekek jolen inggih dipun linggihaken kemawon kanan kering mawi karengga ing bandera cina, saha mawi paying agung, kairita tabuhan cina, sadumugining ngebong pametakipun inggih dipun linggihaken kemawon majen mangidul wondene umuripun babah lim pi wau sampun 84 taun nalika taksih gesangipun boten nate nedha ulam ingkang sipat nyawa, kajawinamung tempe, sarta kuluban sapanunggilanipun punapa malih manahiun kalebet momot tur suci, patrap wicantenipun alus kalayan sareh.

Labeting manah sae anuwuhaken sihing para mitranipun ingkang sami mahargya angkating layon wau sadaya ngantos dumugi panggenan ing pametakipun

Kintunan.

Yogyakarta
Rare nama pun Buwang Aliyas Bahsehog kala dinten Kemis pon tanggalkaping 1 wulan punika pejah anggantung, sekawitipun mangkaten pun Buwangpunika anakipun tiyang jawi, sareng wanci, 2 taun bapakipun tilar biyungipun lajeng kagundhik ing cina, sarehning cina wau boten gadhah tuwuh dados sanget sih katresnanipun dhateng anakipun kuwalon panganggepipun dhateng pun Buwang sampun kados dene anakipun piyambak pun Buwang wau dipun kuciri saha dipun panganggeni cara cina, sareng sampun wanci 12 taun bapakipun kuwalon pejah, pun Buwanglajeng dipun kukup dhateng wikapun saking bapa kuwalon wau ugi cina, panganggenipun inggih teksih kalulusaken cara cina, biyungipun lajeng manggen griya ing kampong Kumetiran pun Buwang wau kanggep damelipun cakep dhateng sabarang reh pangggaotan dening wakipun kapitados tenga barang dodolan dumugiing wanci 17 taun angangkat birahi katuwuhan ambek gumampang anelasaken arta, 17 ½ rupiyah, dipu pitakeni dening wakipun purugipun arta semanten wau sarta tumonja punapa, pun Buwang kumbi anggenipun tumbas sekar sundel malem dereng ngantos saged mangsuli pinanggih gelenging cipta kapalajeng mantuk dhateng griyaning biyungipun dumugining griya lajeng ucul sandhangan kapurih masuhi, biyungipun mangkat dhateng sumur, piyambakipun lajeng mlebet senthong gulunipun dipun tangsuli suwekan mori dipun gayutaken ngusuk kadhandhul biyungipun dhateng saking sumur pun buwang sampun pinanggih gumantung, biyungipun lajeng bengok-bengok nedha tulung boten dangu dhatengipun para tandang, ananging nyawanipun pun buwang sampun oncat ee tega temen neh marnag kalulute pun sohog wau sarehning jawi deles pangupakaraning bangkening pun inggih cara jawi
Kintunan.
========\==========
mas Manjurung panjenengan sapunika teka lelep temen tam as punapa sampeyan inggih kataman daya panggendeng, ingang tumuwuh wimbaningkenya nyanyaran asupe dhaten gembok tuwa, kabeh kabeh kok kaya bocah neh
jurungarang.

Ngawi
Sanadyan sampunlami saisiing bawana angarsa-arsa rarabing riris ewadene ngriki dereng sinubagya dening kang mahakawasa, sampun sawatawis dinten ngriki saben lebar bedhug siyang ing dirgantara mendhung angendhanu, ananging nyai tasik boten ngantos tumetes jalaran sirna tinanggulang hyang bayu ingkang tansah ngidid ngantos ing wanci dalu, bilih kawawrat ing taun kapengker, mongsa benter sapunika panjang saha sanget kacihna siti ingpundipundi samibaledhag kathah pager tembok ingkang jangler, wonten sawenehing griya salebeting kitha ngantos anyumelangaken bilih ambruk tumuwuh baledhaging pager tembok tanem tuwuh kawistara ngarang bosah-basih, rumput rumput sami aking, kalampahan rumput sawiyaring ngalun-alun kabesmen telaning siti cekap puputinekuk yen sinawang kados ara-ara pareden ingkang nembe kabubak.
Bilih ing wanci siyang pilihan ingkang kawawi lumampah ing raningnan jalaran sangeting benter, suku ngambah ing pawedhen tansah kicat-kicat mubaling lebu sinerang maruta tumanduk ing grana pengar, ing netra pedhes sanadyan ingkang wonten ing griya inggih awis ingkang kawawi mempen tansah uyang-uyung mamrihpangayoman sawenehingkang celak banawi, lajeng anggelar kalasa ing pinggiring banawi sangandhaping wreksa, sinambing petan kaliyan kalulutanipun sehdengipun papasihan teka pinuju ngliga sarira katingal maya-maya, layoning sekar kanthil seta ing gelung, sinangsayeng maruta tandanira aminging, masthi gihe….dhu,……mas sing lambaniki gih kumecer.
Nahanta titiyangingkang katarajang sasakit benter taksihlumintu, ananging wonten mendhanipun kawawrat ing wulan ingkang sampun kapengker
Para amongtani tansah melang-melang, badhe rekaos ing panggarapipun sabin bilih boten tumunten jawah, upami taun punika badhe boten kamedalan malih, dhuh kados pundit kadadosanipun mongka sampun tigang mongsa punika, tiyang tani tansah kabekan wedaling pantun, ing mangke reginipun uwos sampun nyengkreng, titiyang dhusun sampun palenthongan inking simpen pantun,

Menggah watoning pambudi daya punika amongtani, mila pamuhining ngakathah, mugi mugi tumuntena jawah, para among tani lajeng saged tumandang, saha lastantuna sapanginggilipun pangeran ingkang maha agung anambadanana ing pudya taki-tekining kang titah
Bujawarta.

Kendhal
Pun wiragigirya ing dhusun B kala dinten Panuju rundhanipun sami dipun pitakeni, kang wira baitane pados dika saniki kantun piinten o, saniki menawi kantun tiga sekawan iji niku, lo kok dados kantun kedhik napa sami d idol sadaya liyane, boten nalika wulan kang tas kapengker niki babi bana lurah kula sampun kerem kapernah caket sangndhaping uwit waru kang wonten pinggir lepen sisih wetan lo, la niku napa boten dipendhet boten sabab bature lurah kula sampun dirimpeni yen baita niku dipendhet malih badhe di tumpes sadaya, dados baitan niku ngantos sapriki taksih ngedhangkrang wonten ing pinggir lepen inggih risak kapinten 7, lajeng ngenapa boten dipendheti damel kajeng obong, boten jalaran ngiih naming napa empuk diprimpeni, adhuh bongsa kula tiyang jawi punika ajrih dhateng impen kang meneh ing tiyang wianten impen iku rak kekekmabnge wong turu, e wang samanten ingpadhepokan kula sapunika ugi wonten sawenehing tiyang wasta pak K punika angimanaken bab impen, manawi wonten sanak sadherekipun anedha jampi utawi nerang impen inggih lajeng dipun kapendhet medalanipun tiyang ingkang pitaken wau, lajeng dipun bagi-bagi ngantos pinanggih, sarta malih menawi wonten tiyang nedha tulung dhateng piyambakipun nedha jampi, tuwin tiyang pitaken nedha supados tiyang punika saged dados lurah priyantun tuwin saratipun tiyang nyambut yatra supados inggal angsal, lajeng piyambakipun punika nglampahi boten nedha sekul pitung dinten pitung dalu (*) sasampunipun dumugi pitung dinten lajeng milujengaken sekul golong, ulam panggang pitik kapecel amumule ngaturi dhahar kanjeng nabi Kilir, utawi ngaturi dhahar dhanyangipun dhusun pundit ingkang dipun enggeni tiyang ingkang nedha tulung wau, sasampuning milujengaken dalunipun lajeng pinanggih gambaripun (impen) ingkang mesthi dados utawi botenipun pak K saged amrelambangi, senadyan pak K, punika boten wonten ingkang dados utawi botenipun pak K saged amrelambangi nadyan pak K punika boten wonten ingkang nedha tulung dhateng piyambakipun lalampahanipun ingkang makaten wau tansah boten katilar, kadhangngantos kawandasa dinten anggenipun anglampahi boten nedha (*) o, kados lalampahan ingkang makaten wau boten kenging katiru, sampun bektanipun piyambak-piyambak (kintunan).
=========\================
(*) punika manawi saestu inggih ewoning kaelokaning pangeran ananging sami sumerepa bilih tiyang tinitahaken punika, gesangipun kedah kalayan nedha, dados bilih wonten tiyang ingkang lulus geang tanpa nedha, punika sanes kamayan ananging tarekah wantah kemawon ginajulutawi sanesipun.
Jurungarang.
=========\===========
Panjurng
Lo lo lo mangke ta Ngabdul Jailin mugi sampun kaduk panggalih bela ing panampi, saderengipun jakasasana amangsuli anggen sampeyan damel sanepa tiyang pejah anganyut tuwuh, kula kalilanana anyela atur, menggah tiyang pejah angnyuttuwuh punika punapa kabrojol saking takdir ingkang gumantung wonten papasthenipun piyambak kados ta ingkangmangkana, mangkono, mangkene, punika saking pandamelipun sinten o bok inggih sampun kasawataken tebih-tebih, mindhak nuwuhaken pangongkang dhateng bangsaning tawang-tuwang, iyak kas sanukaya pak Bayek, punapa saweg busuki punapa saweg kalimput.
Sampun dados pangglih lo kiraka, namugn rembag cagak lenggah kemawon wasana taklim kula katur ing sampeyan
Pun Mutawasit.
=========\=====================

Warkayastaning wasitajapasungpung.
Ajur saisiinipun tangeh lamun keniya kinukup golek bathi: kwasan pawitaning ting, anggagawa jiwanipun, lwir juragan ngalanan don. Mung budhi ardanipun nora eling

kwasaning pungkur, lamun , lamun tilar wisma,: miwah anak rabi, kalunta angarah ontung, neng paran katamane who. Temah susah tinemu, tan tumanem panganaming kalbu, ingkang nguwus kabuki angrubedani, ing badan budi tan jumbuh, banget kduwung ing batos. Nangingpiyang-piyangkuh, rangkahe ringkih, rineka pengkuh, yen kapengkok akale nora ngekoki, ujar takdir kang den dhaku, iku wong budhine ompong. Gagampang barang wuwus wekasan takdiring kang den wuwus, yen uwus sangandel kumandeling takdir, tindake, tanelir reedu, sumarah reh ing hyang manon. Dene kaawasiku, pan kapurba maring elingipun nanging eling kawisesengawes yekti, wit awase, kang weh tuduh, bler luput becik awon. Kang ngiya lan kang dudu, iku dadi pamawasanipun, lair batin terusing ngelmu sajati, tan samara pamoring wujud wujud sajatining kono. Windradi dadinipun datan kewran pisah kumpulipun, panuksmaning ngehusub kanallahi, tankalingan tan kalimput ing sangkanparan tan keron. Panji suruping lampus nora semang-semang, masanipun wus samapta layering darusali, tan waswas wus tanpa kewuh, wenganing ngalam katongton. Tumiling telengipun amalawan lalawen kang tuwuh, kang tumali aneng ngantaraing budi, binerat berawanipun ruruwet jroning megatroh.

Taksih wonten sauswanipun

Iniketrin sang damakumawi, widyakamawa, ing bukit kadilaya

Ongka 82 Slasa Kliwon kaping 9 Mulud JImawal 1821 utawi kaping 13 Oktober 1891

Surakarta

Wiwit kala tanggalkaping sapisan dumugi sapunika, para kaji saking ngamonca atusan ingkang sami dhateng ing ngriki, parlu badhe nyadhong paring dalem arta jangkat wedalipun wulan Mulud punika, wonten ingkang nyambi kaliyan gagramen wonten ngiras tuwi sanak sadherekipun wonten ingkang mligi naming gatosaken anggenipun cumadhong jakat kemawon kalayan lampah musapir.

Dene pondhokipun wonten ngriki, ingkang gadhah sanak sadherek inggih wonten griyaning sanak sadherekipun wonten ingkang mondhok griyaing pawong mitranipun trakadhang wonten kagungan dalem masjid ageng.

Sanajan ssaben serat pawartos wonten panjurung saking sawiji-wijinipun nagari, ingkang ngocapaken panggresahipun para lampah dadagangan jalaran ing jaman sapunika ajenipun dagangan suda sarta rendhet papajenganipun temahan para dagang pocokan sarta ingkang cekak pamanggihipunlajeng amalepes boten purun anggarap damel malih, ewa samantenpara lampah dadagangan ing nagari Surakarta boten makaten malah sangsaya karemenen anggenipun anggaota,ngecap sarta anyoga sinjang bathik awit regi taksih ajeg wah enggal papajenganipun malah asring kantu pambabaripun sinjang bathik.

Para sudagar saking sanes nagari, meh saben dinten sami dhateng ing Surakarta, kilak sinjang bathik kasar sarta alus lajeng kasade dhateng nagari nagari salebetipun pulo jawi, malah ngantos malantrah kasade dhateng nagari sabrang, angggenipun para sudagar kilak sinjang bathik wau, kantos atusan (etang kodhen) pambektanipunmawi kawadhahanpethi ageng, sarta kajejet ing panjatos wetahan sakalangkung primpen wah santosa.

Sinjang bathik saking Surakarta, dhumawahing pundit panggenan yen katandhing kaliya sinjang batrhik saking nagari sanes boten kawon bagus ananging malah angonjoni, mila sangsaya mingsuwur ing sakapulowan Indhi WEtan, ingkang makaten wau muhung saking brekah dalem ingkang sinuhun ing Surakarta

Kedhung Panganten kaping 4 Mulud Jimawal angkaning warsa Golonging sembah ngesthi nata,

Sambiya.

Ngawi

Tiyang estri nami bok Sameja, griya ing dhusun Majasem kawadanan jagaraga, ing nalika dalu ngrinenaken dinten Kemis tanggal kaping 24 september punika, pinuju tilem ing salebetipun griya, nunggil sahamben kalayan anakipun jaler kalih , ingkang saweg wanci 6 tuwin 4 taun dene ingkang jaler saweg anglampahi sapudhendhaning nagari nyambut damel paksan wonten ing kitha Ngawi, sareng watawis tengah dalu wonten tiyang jaler lumebet ing griya sarana ambikak gedheg btoen saronta lajeng anggujer dhumateng bok samea wau, ngantos udreg udregan wasana bok Sameja lajeng agulasah an ing siti, anandhang labeting dadamel kaleresing kap deres wedaling ludira ambelabar ing siti, pun durbragatranginas anglesipun saking ngriku, lare kakalih wau tansah nangis sarta jerit jerit boten dangu titiyang tongga tapalih ipun sahapulisi sami dhateng nglayat ananging pun bok Sameja sampunboten kenging dipun takeni, punapa malih lajeng kalajeng antukipun ingkang langgengan o memelas sanget lare kakalih lajeng cariyos angandharaken kados ing nginggil wau, sarta lajeng anuding bilih ingkang udreg udregan kalayan embokipun wau, tiyang nunggil sadhusun ngriku nami Wanadongsa, awitpiyambakipun terang dhateng ing warni, awit latuning badhiyang ingkang celak amben patileman sanalika punika teksih murub ing dalu punika ugi wus dhustha Wanadongsa sampu pinanggih tilem ing griyanipun ingkang lajeng kapusara deing pulisi, kacihnan 1 lading ageng, ing mangke prakawis teksi kapriksa, menggah panggagapaning ngakathah ambok bilh punika bajag akrik, boten kasembadan sedyanipun awitpun wanadongsa wau misuwuring dhusun ngriku kalebet gadhah bandana cethik.

Kendhal

Wonten sawatawis tiyang kathahipun ingkang gagriya ing dhusun K mentas punika sami rawuh wonten ing lepen kaprenah sangnadhaping blabagan ingkang dipun bendung, boten

dangu tiyang samanten punika angsal-angsalipun dipun wadhahi pikantuk tigang blek kebak lajeng sami mentas jalaran ulam sampun nandhes sareng dumugi griya ulam dipun dum waradin, la punika wonten sawenehing tiyang ingkang sampun pikantuk panduman ulam ulamipun lajeng kasukakaken dhateng ingkang estri, boten saronta wau ulam lajeng badhe dipun gesek sadaya, sareng ingkang jaler sumerep yen ingkang estri tumandang badhe geseki, lajeng wicanten dhateng ingkang estri, tembungipun, o, kowe kuwi tak kira wong gendheng temenan wis idhep-iwak iku rak go ne tas entuk saka kali bae kok banjur arep digesek kabeh, tujune gek olo lorogon mu gesek yaw is liyane banjur cemplung na pengaron dhisik aja nganti padha lunga, diantekake sawengi dhisik iki sing wis kebanjur yaw is kowe apa ora sumurup utawa wa ora kulak warta dagang prungon dhek dhek mene ingkampung K rak wis ana sawijining uwong aran…..iku takcritakne rungokna, baeng wong iku nuju mlaku-mlaku barengi niliki gagane, satekane sawah pojoking pekarangan ingkono ana balonge, diarani sawah sibathang, awit critane wong tuwa tuwa dhek jaman kuna kunane sawah iku kanggo ambuwang sakehing bathang, bathang semono iku walaungalam bathange wong asa,….., kacarita balumbang uruting sawah sibathang iku dideleng akeh iwake kang ngaton iwak kutuk lan lele saingga ditawu nganti oleh pirang-pirang parah, kala semono wong iku uga wis dielingake marang kancane, dingatiyati amek iwak dudu sebaene, bareng tekan omah iwakpirang-pirang arah iku banjur digeseki kabeh, ora ana sing kari siji-sijiya, ora let jam maneh saka gone amek iwak iku wong mau banjur owah engtane, angame maneh maneh arep bali bae menyang balumbang kang mentas ditawu iku, bareng bengine salah sawijine kulawargane mripeni, unine impen mangkene, la iya kok teka gendhak sikara temen wong bebek lagi dingon bae kok dirusakkabeh, iya atiyati yen ora gelis dibalekake ingoning ngon ku iku ora wurung bakal tak tumpes bareng esuk impene dikandhakake.
Ing sarehning iwak wis dadi gesekan kabehuga dibalekake ing blumbang gone mau, ora gantalan dina maneh wong mau sida baleni nyawane iwak kang semono kehe iku, ora ganti sapi maneh anake saembokne uga nututi mati, sarta aku kilingan caritane wong tuwa-tuwa, yen iwak elohiku akeh kang sok agawe kaya mengkono, la ana maneh caritane wong ing bawah dhistrik K wus ana wu ingn kali kang ora adoh saka ing omahe, iku oleh iwak deleg watara gedhe kurang luwih sapupu, olehe suksore didol kagawa menyang pasar kutha, digendong diwadhai dhunak bareng tekan ing kretek kalibuntu, ing ngisor kreteg kono ana swara tanpa rupa, calathune, lo, kok kowe di gendhong arep digawa menyang ngendi, iwak kang ana ing sajroning dhunal nyauri, ya iki jarene aku arep digawa nyang passer kutha didol sarehning ing kono ora ana rewange lumaku, banjur iwake kang digendong dicegurake ing kali kono banjur mulih gegancangan la, rak ya kuwe sing dak enggo tepa tuladha bokmenawa kaya kang wis uwis iku, wasana sareng enjing sampun boten wonten punapa punapa lajeng dipun geseki sadaya, amin
Kintunan.

Warni-warni
Ing Anton Ohiyo tukang adamel jaah sampun anyobi kaping wolung rambahandene anggenipun nyobi kaping samanen wau, ingkang boten dados jawah among sapisan amargi pirantosipun masine pecah, nalika anyobi kaping wolu rambahan ing dirgantara katingal padhang, menggah sagediun wiwit jawah jam 2 siyang, ngantos dumugi surupipun sanghyang bagaskara saweg terang.

Ing Emui, wonten sudagar mejahi rayatipun kapatrapan manut angger gagrg enggal sudagar wau boten keningg tilem laminipun sawulan dene cadhong dipun sekajeng, rinten dalu kajagiing prayantun pulisi tiga-tiga, supados sampun ngantos saget anglimpe tilem, saweg angsal wolung dinten kemawon sudgar samun katingal rekaos awit saking arip sanget tumuwuh sanget lesu, ngantos kalair nyuwun kapejahan tumunten ananging pulisi ingkangjagi boten maelu dhumateng panyuwun wau, muhung nindakaken ing saleresipun, sareng sampun angsal sangalas ditnen sudagar lajeng pejah kiyambak
H.O.

Ing kitha NEwyork kinten-kinten langkungs aking tiyang 1000 ingkang kasugihanipun arta ngantos mliyunan nanging sanes mliyun rupiyah, mliyun dholar (sadholar wonten 18 kethip) tiyang ing Newyork manawi gadhah arta namung samliyun boten saget angereh ing tiyang, muhung gagolong cekap deneboten kapetang miskin manawi nyambut damel sudagaran boten kenging nunggil kaliyan sudagar ingkang sugih, suddagar ing Newyork bilih pawitanipun saamilyun dholar dipun lampahaken kaliyan saleresipuning dalem 150 taun saged dados 1000 mliyun dholar, amila sapunikaing Newyork kathah tiyang sugih, ngantos wonten ingkang gadhah arta sayuta mliyun dholar.
Sudagar ing Newyork manawi ing dalems ataun kauntunganipunnamung 5 mliyun dholar, dereng gagolong kathah, tuwan Asto naming anyewakaken kareta sart kapal ing dalem sataun saged angsal kauntungan 700,000 dholar, ytur manawi gdhah damel tuwan wau panumbasipun rerenggan sesekaran ngantos telas 5000 dholar,ewadene boten boros punapa nalaripun amargi dinten kauntunganipun 30000 rupiyah.

==========\==========
Wangsulan dhumateng Ismayawati
Muga sampun andadosaken panggalih sampeyan pitaken sampeyan kalih bab naming kula udhari ingkang sak bab ongka, 2, awit gajegipun pitaken sampeyan ingkang ongka 1 sampun dipun terangaken dening raden Jakalengkawa kawrat ing Bramartaniongka 4, Salasa Paing kaping 2/6/20/ tumuju dhumateng doa, dene panjarwa kula ing ngandhap punika.
Bedaning Saloka kaliyan paribasan saloka pnika tembung ingkang kesamun ing upami, utawi ingkang angemu raos kadosta, kanghang langit kemul mega, dadospitaken sampeyan tembung Kebonusugudel sapanunggilanipun punika sami saloka, dene paribasanpunika tembung ingkang wantah boten angemuraos kadosta asurebutan balung, wong busuk ktekuk sasaminipun ingkang makaten menggah tegsing saloka, punika upami dene tegesing paribasan punika tataning basa, araning basa, pasemoning basa.
Sarehning pitaken sampeyan arep lepat sampun kula jawab kula gentos pitaken ing ngandhap punika.

1. punapa tegesipun ater-ater ka, di, tak dak ko, wiwitipun sampeyan terangaken pisan.
2. wonten pinten perangan ingkang dipun wastani tembung tatangsul utawi pangggandhenging ukara, sampeyan teangaken wujudipun sawatawis saha ingkang dados watek utawi dayanipun piyambak-piyambak.

Punika mawon rumiyin minongka panglelering kagunan sampeyan sampun akula kalilan na manggihi raden narawangsa.
Iyah raden Narawangsa kineh, baude gawe saloka kathik kaya margi raden Ngabei Kawitana, gugujengan lo, sayektosipun kula punika kapengin tepang kaliyan sampeyan nanging sumelang manawi kasiku, awit mangunipun sampeyan punika remen nyalilekaken tiyang lepat mongka kula punika dhaten gsamukawis kawruh taksih tidha-tidha, pitaken kula kados ngandhap punika.

1. tegesing tanduk kriya wantah pinten perangan mawi sampeyan terngaken wujudipun sadaya.
2. tembung surastra adikara, punika kalebet ing saloka punapa paribasan tuwin teges sarta kanjengipun kados pundit

sampun raden punika kemawon rumiyin ing benjing kados badhe wonten malih si pitaken kula
Retnanindhita.
=========\==========
Sambetan CAriyos tiyang ing tanah Bali Hindhu saha pranatanipun alakirabi.
Pranatanipun tiyang ing tanah Bali HIndhu punika bongsa andhap dipun awisi sanget boten kenging angrabi bongsa luhur, tiyang Bali amastani:
Brahmana ratipatpat wardinipun bongsa brahmana kenging angrabi tigang bongsa ing sangandhapipun sakawan akaliyan bangsanipun piyambak.

Satriya rati tetelu, wardinipun bongsa satriya kenging angrabi kalih bongsa ing sangandhapipun tiga akaliyan bangsanipun piyambak.
Wesiya rabi rabi dhadhuwe, werdinipun bongsa wesiya naming kenging angrabi bongsa ing sangandhapipun kalih akaliyan bangsanipun piyambak.
Sudra rati abesik wardinipun bongsa sudra boten kenging angabi bongsa sanesipun kajawi naming banganipun piyambak.
Menggah carannipun panganten ing bali punika warni tiga, tiyang Bali amaastani, tunangan merangkat ngejug ngejug punika wardinipun rabi ingkang asarana peksan utawi estri anggenipun angrebat.
Wondene caranipun amanggihaken panganten warni kalih, dipun wastani wekalahan akaliyan penauran, pekalahanpunika gadhah damel utawi manggihaken panganten ingkang boten mawi angulem-ulemi para kulawrga tuwin mitra karuyh, saha panganten boten mawi rinarengga, penauran punika wardinpun pangaten mawi rinarenggga, sarta mawi angulem-ulemi parakulawarga tuwin mitra kawruh, amwi amangun kasukan saha mawi ambayawarakaken pawartos manawi pun anu sampun rabi angsal pun anu.

Bab panganten tunangan

Manawi wonten Jaka kasengsem dhateng satungilipun prawan jajaka wau lajeng sanjang dhateng biyungipun awaleh bilih piyambakipun kasengsem dhateng satunggiling prawan supados karabekna angsal prawan wau.
Sareng amarengi dinten ingkang sae, biyungipun jajaka kesah amanggihi tiyang sepuhipun prawan wau, saha mawi ambekta rarapan, ingkang dipun wastani rara pan punika awarni tatedhan wowohan sedhah saha sanes-sanesipun, sasampuning rarapan dipun tampeni, eboipun jajaka lajeng anjawab manawi suka anakipun estri badhe kapendhet mantu, tiyang sepuhipun prawan amangsuli suka tut boten amargi anakipun sampun gadhah pacangan utawi amangsuli badhe karembag rumiyin
Taksih wonten sambetipun.
==========\==========
Lir bremaraswarane kang janmi, ing nalika dinten Pasamuan amarengi Akad sore,tanggal ping juga nuju, lek Rabingulawal kang sasi, warsa Jimawal ongka 1800 dwidasa juga sangara, pasamuan kang mongka rawuhireki, jeng pangran Prabuningrat. Denya kondur medal singjropuri, sakaliyan lawan ingkang narwa, kondur mring pdalemane, kang lagya nembe rampung, paripurna mangkya dumadi, dalem prabuningatan tuhyandah ing wangun winarsuka dining warna, liptyanirasenisen dalem pandhapi, keh rengganing panjuta. Karsane jeng pangram ngiras kardi, kang sapisan ngalihpadaleman dene kang kaping kalihe, kondur saking kadhatun dera mentas karma piningit marma mangun wiwahan yeku sang binagus mrih trustha galih ing garwa, sumawana prakadang warga tumrah mring, sagung kawulanira. Cinarita kondure sang pekik amarengijam satengah astha, saking jropura wedale,neng srimanganti kidul denya nitih rata sarimbit ing ngarsa jinajaran musikan gumuruh obor mubyar kadirina, abdi dalem priyagung gedhong nindhihi, mranata lampahira. Tuwin wadya kang samya umiring, sawurining rata atap tata, gumredeg rame swarane, peteng dhedhet lir tedhuh, ing marga gung kebek kan sami, yata wau jeng pangram samana wus rawuh, ing dalem prabuningratan kinurmatan munggang cara balenm musik saksana lebetira. Wus samapta rerenggan rinakit rikating pamasang pasamuan myang ingkang pinatah gawe,ing dalem pandhapa gung, unggyanira pradonggamusik tinata titimbangan kilen prenahipun leres empering pandhapa, hyang gyaning kang pradongga wetan pandhapi, musikan bareng munya. Umyung swaranya munggang ngrameni, worswaraning kareta kang prapta, gumaledheg titihane, pratamu ingkang rawuh, tanpa rungwenengker wiyati, ing wanci tabuh astha, sagung tamu tamu, sampun rawuh sarimbitan para kanjeng tanapi para bupati, lengggah munggeng pandhapa. Jam satengah sanga kanjeng gusti, pangram aringya prabu Wijaya, rawuh saha sagarwane, datan antara dangu, kanjen ggusti pangram dipati, anom Mangkunagara, sang narendra sunu, rawuh saha ingkang garwa, kanjeng ratu anom kinurmatan musik gendhing ambabar layer. Binarung lan pakurmatan muni, ponang cara Bali gagangsaran umyung gumuruh swarane, datan antara suwuk musik lawan kang cabara Bali, gumantya kan

gpradongga, seseg tanaseru,munya gendhing puspawarna, rarasenya matrenyuh anganyut ati, lir mangantikang prapta. Oreg sagung kang lenggahpandhapi, samya mudhun saking palenggahan tumundhuk methuk rawuhe, kang para panji buyut dhodhok ngapurancang sumisih, wus tumedhak sarata, sang narendra sunu, lumampah kakanthen asta, lawan garwa jeng ratu sampun umamnjing, dalem prabuningratan
Taksih wonten sambetipun

Ongka 83 Setu Wage kaping 13 Mulud Jimawal 1821 utawi kapingh17 Oktober 1891

Surakarta

Kulawisudhan ingkang kadhawuhaken wonten pasowan pagelaran tuwin ing Srimanganti , amarengi dinten Senen tanggal kaping 8, wulan Rabingulawal punika.

1. Salowonging kalenggahanipun abdi dalem mantri panumping tilas lalampahanipun Ngabei Onggadimeja, kaparengipun ing karsa dalem ingkang kagentosaken anak enem nama Ki Sutamenggala sampun dados abdi dalem jajar kabuapten Gedhong Kiwa, ing mangke kaganjar nama Ngabei Mangun Utama.
2. Salowonging kalenggahanipun abdi dalem mantri carik kasepuhan tilas lalampahanipun ngabei sastraatmaja, ingakng kinarsakaken anggentosi ngabei sastrawiranu abdi dalem mantri carik kasepuhan golongan nem kapareng dalem nama kalulusaken.
3. salowonging kalengggahanipun abdi dalem mantri carik kasepuhan golongane nama wau, ingkang kakarsakaken anggetnosi sastrawiluta jajar carik kapatiyan kaganjar sasebutan sarta nama ngabei sastrawiluta,
4. Salowongipun abdi dalem mantri anggandhek kiwa, tilas lalampahanipun ngabei Dutasudira, ingkang kinarsakaken agentosi anak mantu nama arsasudyana, abdi dalem panakawan ing kadipaten anom kaganjar nama tuwin sasebutan nunggak semi mas Ngabei Dutasudira.

Kintunan

Pasamuan Garebeg

Nalika ing ngari Sukra, wulan Mulud tanggal kaping, kalih welas srinarendra, miyos ing sitiggil kadi, adat ing kraton jawi, wiwit ing tabuh saptesuk geng alit wadya nata, seluran ingkang suiwi, bupati jronayaka sanonanonya.

Tanapi kaliwonira, jujug bangsal Srimanganti, samapta mring wajibira, lan mangke badhe umiring, miyosira sang aji, dene sang warongka prabu, myang sagung prabupatya, nayaka sakawan jawi, samya jujug paglaran sakliwonira.

Utawi bupatinira, pulisi jroning nagari, kaliwon jaksa majegan myang panewu mantri jawi, priyantaka kang ngamoil upacara jeng srimagng, maweh rerengging papan tejane jeng nindya manri, lan nayaka kalir sosotya lumreng kisma.

Prapteng wanci jam sadasa, wus pepakingkang sumiwi, winuwus nayaka ingakng, sowan bangsal srimanganti, tampi dhawuh ing ngaji, miyos ing nyai tumenggung, timbalan sang istawa, bupati kapara kalih, cinundaka dhateng ing paresidhenan.

Matedhaken tabe nata, lawan ingkang tabe malih, jeng ratu pakubuwana, ignkagn tabe kanjeng gusti, pangeran adipati anom lawan tabenipun ari putra putrendra, mring jeng tuwan residhensi, kalih malih amatedhani uninga,

Lamun kanjeng sang pamasa, arsa miyos garbeg mangkin jeng tuwan den arsa-arsa, umaning ngajroning puri, wau bupati kalih, sawusira tampi dhawuh, mudhun sangking nging bangsal ginarbeg upacara sri, samya dharat sapraptaning pangurakan.

Kalih nyawahana rata, jinajaran prapteng ngloji, ing dalem paresidhenan pepak para bongsa luwih, sarta wus amiranti, de arse manjijg kadhatun grutnitembung walonda, jeng gusti pangran dipati, arya prabu prangwadana sarehira.

Honor tituler ingkang, katitik prawireng jurit myang pratuwan milter pepak irstwedhelitnan kaptin tuwan asisten tuwin amternar lan Irgungagung, samana kanjeng tuwan residhen gupuh nanggapi, mring praptane bupati kalih nayaka.

Wiraganira widagda, tumameng madyaning panti, neng ngarsene kanjeng tuwan ngimbaken timbalan aji, lir kang winayeng wang ngarsi, swara bantes mantes putus wusnyapurnaning dhawah, jeng tuwan gentos mangsuli, sakalangkugn trima kasih myang tabenya.
Konjuk ki jeng srinarendra, lan katur garwa putraji, tuwin dahad ngayubagya, mring karsa jeng sribupati, telas den amangsuli, kang duta utama mundur, angrumiyini lampah, sapraptane ing sitinggil kendel mawi ngrarangu ingkang jeng tuwan.
Taksih wonten sambetipun.

Mongsa terang ing taun punika sampun satengah taunanggenipun boten wotnen jawah, manawi wanci siyang benteripun boten jamak, pasiten dhahas santun warni dados lebu mawur, rinten dalu angin tansah sumilir kenceng anyerang lebu kombul ing tawang kantos peteng, saha kathah tiyagn ingakgn sasambat rumaos boten kuwawe sakng benteripun, manawi wanci siyang raosipun awak priyang-priyang, manawi wanci dalu sumuk, ing kampung kampung kathah tiyang ingknag kenging sasakit benter tuwin watuk, punapa dene kathah rare ingakng kenging sasakit cacar, sumur sumur meh sat toyanipun kalangkung buthek, andadosaken kirang sakeca dhumateng kasarasan, taneman pantun kathah ingkang bledhos tanpa kukupan.
Para priyantun ingkang lenggah gadhuhanipun siti dhusun kasanggi bekel malihan kathah ingakng sami angunjal ambegan panjang, amargi saben wotnen bekelipun ingkang lumebet sami anglapuraken tatanemanipun sami garing, saha nyuwun kapaenga kaerit badhe kadamel pakan rajakaya,mongka ing ngatasipun prayantun punika boten wotnen malih ingkang dipun jagekaken kajawi pamedal saking lenggah gadhuhanipun siti dhusun, sareng mangkaten lajegn sami capetan pakarkat langkung malih ngenesing manah, manawi angagas prakawis bekelipun ingakng nyanggi majegan mangke gek sami nyuwun suda paos, dene lenggah gadhuhanipun siti dhusun ingkang kapaosaken para tuwan ugi meh pundhat saking wawangenipun pamaos lami, saha sampun katembung badhe kaonjot malih, ananging lajegn sami angelus dhadha, samiran mas beine……dhawah gong.
Titiyang alit ign pakampungan saha ing dhusun dhusun sami anggrsah saking angelipun pangupajiwa, sarta anggenipun boten kawedalan, babasanipun ngantos boten kuwawi nedha, wusana dipun pilalah anrajang prakawis panerak alit-alitan pamrihipun namung sageda kalebet ing sengkeran awit wonten ing ngriku ksanggi tedhanipun kaping tiga sadinten.

Yogyakarta
Kartareja, greji ing Pakualaman kala ditnen Rebo Legi tanggal kaping 14.10.91 wanci jam 5 enjing, griyanipun kalebetan dusila p andung, lebetipun sarana mengakaken konten sanadyan kori kontening griya wau nanging kancingipun namugn satunggal wah sampun odheg paman pandugn sampun mirantos bur panggenan kancing wau dipun bur, saha lajeng bandrek lemantun ingakng isi badhe rasukan sinjang wiyar wade, utawi pangangge ingakng warni barang supeka sarta supe, punap amalih lemantun wau isi arta 70 ringgit ugi dipun bekta gunggung sadaya telas 225 rupiyah.
Ingkang kula gumuni punika paman pandugn teka anggenipun tatag manahipun dipun sawpa kaliyan ingkang gadhah griya mangkaten sapaklethak-kletheg kuwe maling apa, dene wis esuk wangsulanipun iya maling, ingkagn gadhah griya lajeng tangi sangking patileman ambujung, paman pandugn sumedya badhe dipun sikep tranginas malajar sarta anampel mawi pangot tanganipun ingakng gadhah griya ingakng tengen kenging ngantos labet nanging boten dados punapa saha boten dipun raosaken masih nglajengaken sedyanipun wau, sareng dumugi konten paman pandung wedalipun kaliyan nyambi nginepaken konten sarosanipun jepit tanganipun ingkang gadhah griya, sareng kraos sakit sarta boten saged lajeng pambujungipun lajeng alok-alok maling, maling, sarehnng para tongga sampun kathah ankang tangi boten dangu sami dhateng tandang tulung, nanging paman pandugn samun anggebjret paratandang kecalan lacak tur griya wau pinggir radinan wah gedheg saha kontening griya dados pipinig wradinan ageng, tiyagn langkung ugi sampun kathah, suprandosipun paman pandugn baut nilap gumyah ing tiyagn

mastani anggenipun boten saged kacepeng punika dereng kebak sundukanipun cukat canngcuting pulisi lajeng kemawon anandukaken gledhah kiwa tengenipun nangign dereng pikantuk titik.
Ing salebetipun wotnen tingalan sekati punika bilih dalu pinten pinten para tiyagn alit ingkang ningali ing wanci dalu dipun endheg dening egan jalaran angenipun boten bekta ting, ingkang sampun genah nama saha griyanipun lajeng sami dipun purih mantuk ingkang dereng gnah nama saha grianipun tantun dipun andheg kapapanaken dados satunggal kilap karampunganipun o mulane ampun sonk gamluweh mas dhawuh ing nagari niku prayogi di tilingake sarta dipundhi-pundhi la gek ngoteniku kepripun.
Sampun sawataiw lami ing dirgantara anggenipun tansah mendhung angendhanu ananging dereng wonten kayektosanipun dhawah ing riris anjalari kayon angarang tiningalan witwitan ingakgn ngalit ronipun sami alum punapa dene bonggol pisang kathah ingakng pepes deling ing padhusunan kathah ingakng abrit abregadag tiyagn tani bingung manahipun tiyang nagari awayang-wuyung, sumur sami asat lepen alit ilinipun nanging sasakit boten patos kathah, muhung wons saben dinten tansah mindhak pangaosipun ingkang nomier 1 sadhacinipun f 7 ½ rupiyah, ingkang nomer 2 f 7 rupiyah, ingkang nomer 3 f6 rupiyah, lisah klapa 1 bleg pitruliyun f 4
Kintunan.

==========\=========
Panjurung
Dhuh sang ambeksadu Ngabdulsukur, mugi sampun andadosaken ign duduka, awit saking kula boten saged anembadani karsanipun sang ambek mulya, boten saking panulak kula dhateng kadarmanipun risang santya budya, dhumateng pun Ngabdul Jailin tiyagn odho, omalah maewu-ewu ing panuwun kula, ananging cuwanign manah dene kula boten saged ngaturi katrangan pandangu ijengandika, bab kawotnenanipun bayi dereng angwedalaken luh, utawi bedaning kaengetanipun rare ingakgn saweg umur 5 wulan kaliyan ingkang sampun umur 2 taun punika yektosipun kula dereng saged ngungkap wondene ing tembe manawi kula sampun angsal seserepan ing pasaged inggih badhe ngaturaken sokur sokur risang Ngabdul Syukur karsa ambabaraken piyambak saiba bingah ign manah kula, prasasat kula tampi sih kanugrahan ingkang tanpa wangenan, dene kula karantaban kawruh ingakng badhe mencaraken wiji, wasana pangastuti kula sumaos sang martyeng budi Ngabdul Sukujr, lajegn nyuwun pamit badhe manggihi sang Mutawasit.
Yayi raden Mutawasit paring sampeyan serat dhateng kula ingkang kawrat bramartani ongka 81 setu paing tanggal kaing 6 Mulud punika, sampun kula pariksani kalayan terang, ingakng punika yayi sakalangkung ing panuwun pamundhi kula, paringipun seserepan yayi raden wau, anambaiwiyar paningaling manah kula, sampun kula tampi ing ngasta kakalih katanem ing puat sanubari, mugi andadosna kaengetan ing salami-laminipun wasana taklim kula katur yayi raden.
Kebon Karajan kaping 8 Mulud Jimawal ongka 1821.
Pun Ngabduljailin.
=========\======================
Wakaryastaning wasitarjapasungupung.
Dene ingkang winahyeng wuryaning ngayun dununge sawiji-wiji, kang wus muneng sanasunu, patang prakara winarni, kalimane nora winot. Pan sarengat lakuning badan puniku, tarekat lakuning ati, kakekat nyawa kang laku, makripat rahsa lumaris islam lakuning sajatos. Iya iku lakuning urip satuhu, urip ing kangkasub kanahi, wujud tan kaanan tuhu, walkiyatulbilarohkin kang orip tanmawa eroh. Kang wus uning jatining, prakara iku, itawruh sarining urip kusuma rembesing madu, andanawarih sayekti, amaratapa arangggop. Lwiring ngamartapa lakune tan pugut tansah denya taki-taki, menggah budi awanipun pinanggah amrih pananggih, kautamaning tumuwoh. Dening lwiring ngandanawarih puniku, janma kang wus maksud yekti, rila ring kal dunyanipun legawa, marang ing pati, tan was-uwas praptaning don. Ingkang nguwus tinemu ing ngelmunipun tekade wus tekeng tokit kusumarembesing madu, lwir ring sujana mumpuni,

kanimpunan lair batos.wus sumurup ing rahsa jati satuhu ya rahsa, jatining ngurip lan rahsa, jatining lampus kasampurnaning dumadi, nora kadho nora dhompo. Kacakeping cipta tan ana marucut pangracut pangukud neki, pambabare tan kaliru, mungguh ing kaanan jati, ajengleh ginulung golong. Yen wus nyata ing panganggep nora sigug apanggah tan wegah wigih, raganta lwir rat na tuhu, ngalela tanpa lingaling, ingkang ngalingi, katoton. Iya iku jatining ngislam satuhu, kang nora karana lair, salatan sarana banyu, banyune, budi kang bening, pancuran ati, kinaot

Taksih wonten sauswanipun

Ingiketring sang damakumawi widya kamawa, ing bukit kadilaya.

Ongka 85, Setu Legi kaping 20 Mulud JImawal 1821 utawi kaping 24 Oktober 1891

Surakarta
Sambetipun pasamuan garebeg

Kaampil ara biyada, manggung katanggung sarimpi, kang branyak tankaton ladak kang ruruh tankaton wigih, kang bregas ngraras ati, kang anteng mamenyet jantung, samana srinarendra tanpa ehyang Surapati, duk pinarak neng bale paparewarna
Ingkang caket mungging ngarsa, jeng gusti pangram dipati, anom amengkunagara, upama prabu Karithi, nalika maneg aji, wit saking pratigyanipun hyang saskraming sang parta, denya munahripusekti, kuneng basa sane pamalih winarna.
Kanjeng tuwan rawuhira, srana sewaka sang aji, jumeneng sangking ngadhampar, sawatawisw angurmati, jeng tuwan angraketi gapyak astanira peluk rinsing tansah sasmita, mring tamu tondha ngresepi, sawusira sawatawra srinarendra.
Wangsul pinarak ing dhampar, kanjeng tuwan anjejeri, lenggah kursi bludru reta, aneng keringe sang aji, pratamu ageng alit wus ana pangaktanipun lenggah kursi sadaya, neng ngarsa ragikapering, kuneneg ganti winuwus para wadyendra.
Sawusira kanjeng tuwan residhen umanjing puri, prajurit lebet jayengan kang baris anengsitinggil sigra dipun abani, mudhun saking sitiluhur, nyaris neng pagelaran wondene malihprajurit lebet miji pinilih lawan tamtama.
Kang duk wau barisira, aneng natar srimanganti, ingmangke wiratamtama, minggah marang ing sitingil sareng kalawan musik sapraptaning sitiluhur, medal sawetan bangsal witanamangaler nuli,nekuk ngetan majeng mangidul barisnya.
Sabidhalipun tamtama, ing wuri ingkang nambungi, upacara kadi patyan banyakdalang sawunggaling, asri dipun jajari, punakawan anemsepuh, gindes ranan ajidan ing wuri dipun sambungi, pagantenan ampilan ingkadipatyan
Waos panurung talempak pedhang gandhewa jemparing, tameng rotan myang sanyata, ginerbeg dipun jajari, dening panewu manri, lurah urdhenes nem sepuh wriyan panjilan riya, tinindhihan kliwon kalih, kadipatyanjujug sawetaning bangsal.
Sinambungan kasepuhan pramantri panewu carik bondharat lurah urdenas sentana bandara panji, buyut wayah nambungi, riya ing ngandhapmyangluhur, samna srinarendra, wus jengkar saking pandhapi, kanthen lawan jeng tuwan pramodeng praja.
Ginrbeg myangjinajaran ampilan padhayasrimpi, songsong karajanpusaka, gilar byr binara pinggir, padhang ing kanankering, kataman sunaring paying, surem pradongga kara, karana merang umeksi, kasok singsal kasoroting brawijaya
Taksih wonten sambetipun.

Kala ing ngriki wonten sumur bur enggal enggalan Bramartani anggiyaraken menggah pigunanipun sumur bur, tumrap panggenan ingkang saben mongsa katiga kikirangan toya, sarta amratelakaken dunungipun pasiten wau, kadosta: ing kapatiyan ing Mesen ing bawah kabupaten kaparak tengen sasaminipun sapunika sampun kayektosan wonten kamirahanipunparentah, amargi sakiduling pamedan kapatiyan sampun dipun yasakaken sumur bur, saestu andadosaken pitulungan ageng tumraping tiyang kathah, sumur bur wau sapunika sampun medalaken toya, ingkang raosipun sami kalihan toya ingkang saking sumur wantah, dados sanes lan toya saking sumur bor sanesipun.

Nalika malem Akat tanggalkaping 11 wulan Oktober punika, embok SEtradipa, gigriya ingkampung Puspan kinten-kinten wanci jam ½ 8 sonten acanthi anak dalah rencangipu satunggal sami estri, mantuk saking kampong Kentiran anumpak ingkareta andhong, tur blak-blakan sadumungining prapatan secayudan lajeng wonten tiyang jaler satunggil inking gonceng, punika ingkang anumpak sami boten anglagewa, bilih tiyang punika badhe lampah awon, sarenglampah ingkareta minggahingkareeg lepen Rarangan bawah ing kampungn Gandhekan angalondoringpun kareta mangidul pund urhaka lajeng anyebrot sengkangipun bok SEtradipa kenging sasele, sengkang wau pangaos kawan atus rupiyah, embok setradipa ajerit-jerit anedha tulung, dene kusir ugi saangsal-angsal amekak jaranipun ananging rehning

sanget panglondoripun dados mandhegipun kareta pun durhaka sampun lumajeng mangaler tebih, bok SEtradipa saandheging kareta wau gugup anggenipun anjlog ngantos galundhungan sumedya anututi pundurhaka kalayan alok-alok ananging tiyang ingkang sami langkung boten wonten ingkang atetulung, plajengipun pun durhaka terus mangaler kemawon.
Ingkang punika mung panuwun kula ing Gusti Allah, mugi para ingkang kawogan sami kaparingana gampil anggenipun ngupados katerangan
Kintunan.

Wonten sakawan dinten punika wanci jam 8 sonten wonten kapal bandhang saking ler urut radinan inakng anjog dhateng Gemblegan kapalpunika mawi lapak sapirantosipun nanging boten wonten ingkang numpaki, kilap ingkang kagungan nalika wonten radinan Secayudan nunjang tiyang sade sekul liwet sarta nunjang rare jaler kakalih, ingkang satungalngantos kalenger,sareng dumugi radinan sakidul Natakusumana nunjang tiyang jaler nama Citratama, abdi dalem Jajar Kemasan Kasepuhan tiyang wau ngantos boten enget dene ingkang katingal rekaos sukukaliyan labenipun iket tuwin jungkat ical botenkantenan jalaran lajeng kathah tiyang ingkang dhateng tutulung saweneh aningali, sareng sampun enget tiyang punika lajeng cariyos bilih iket kaliyan jungkatipun boten wonten kapurih madosi boten pinanggih, ananging piyambakipun kok manggih buntelan srebet sareng dipunbikak isi sata eca langkung wawrat sakati, mongka mas citratama boten rumaos gadhah sareng sampunkathah kaengetanipun lajeng dipun bekta mantuk kalepasan kawontenanipun dhateng kapatiyan dene kapal wau sareng dumugi Gemblegan inggih nunjan g tiyang estri,nanging boten dadosaken rekaos.

Nunggil sadalu punika wanci jam 3, ing kampong Kartdipuran lami wonten griya kabesmi, rahayuipun naming telas griya atep satunggal inggih punika griya kaum nama Kasanpura, ambokmanawi latu kadurjanan.

Nalikaing dinten Jumungah tanggal kaping, 19, wulan punika, Klapa sawingkinging pawonnipun raden mas angabei, Wiryakusuma, ing Mangkunagaran katingal murup kumantar-kantar, ananging uruping latupunika wau, sami anjebus sakingjepitaning papah, menggah gandaning latu, kados dening ambeting kawul panithikan ing sanalika para tiyangingkang agegriya sacelaking ngrikumsami kagegeran katujonipun wonen jajaka satunggal igakng geng kapurunipunlajeng trangginas amenek saha ambektasinjang ingkang sampun kacelupaken ing toya, kadamel mejahi latu ingkang murup angkara-kara wau, katemahan sirep.
Dene inggiling galega sampun wonten 16 kaki, lah kula sumongga sagunging para sarjana, ingkang sami marsudi ngelmi kodrat, sking punapa jalaraning galega punika wau, teka waget kabesmen.
Kintunan

Klathen
Tiyang nyalawadi, kala dinen Kemis legi kapengker punika wanci jam 6, sonten tuwan dhokter angleresi lenggah wontening galdri ngajeng, wasana wonten tiyang jaler kalih dhateng ing ngarsanipun tuwan dhokter, tiyang wau lajeng dipun pitakeni dening tuwan dhokter, wangsulanipun amratelakaken bilih tiyang saking tanah Ngaoyga, dahtengipun miki prelu badhe ngupados pandamelan dhateng dalemipun tuwan dhokter, tuwan dhokter amangsuli: iya ta antenana kene dhisik aku tak kondha karo nyonyah, embok Manawa kaduga tompa marang awakmu, yen ora kaduga bae aja pisan dadi atimu, wasana tuwan dhokter lumebet dhaten gkamar rembugan kaliyan swaminipun ananging nyonyah boten ajeng tampi dhateng tiyang kalih wau, tuwan dhokter lajeng medal malih badhe anyanjangi bilih nyonyah boten ajeng tampi, wasana tiyang kalih punika sampun kesah boten kantenan kapurih nututi jongosipun sampun boten katututan sakala tuwan dhokter lajeng lapur dhateng pulisi, anuju dhaten gwakil kaliwon wakil kaliwon inggal andhawuhaken dhateng para pulisi kinen anjagi pangenanipun tuwan dhokter, sarta anglawak lampahing tiyang wau.

Kala dinten akat wage angrintenaken tanggal kaping 23 wulan Sapar punika wanci jam ½ 8 ing Bangopeken kabupaten caket kaliyan bangsal parundhan wonten santen kamireng dening tiyang baurundha swanten wau kados swantenipun tiyang estri bekah-bekuh badhe gadhah rare, tiyang baurundha inggal anuweni dhateng prenahing swanten wau, wasana saestu wonten satunggalipun tiyang estri angathang-athang gumlinting wonten ing siti tanpa lemek tiyang baurundha sareng sumerep sarta sampun terang bilih tiyang punika badhe gadhah rare inggal anglapuraken dhateng panewu dhistrik kutha, panewu dhistrik sasampunipun anampeni palapuran sakala lajeng amatah demang pulisi kinen anitipariksa sarta ambekta dhukun pisan, kocapa, sadhatengipun demang pulisi saha nyai dhukun jabang bayi sampun lair kembar, nyai dhukun lajeng tumandang angupakara, sarta amurih wedaling embing-embing, sasampunipun embing-embing sged medal punang jabang bayi kalih pisan kapendhet deing nyai dhukun badhe lajeng karesikan ing ngriku katingal bilih jabang bayi wau estri, ingkang satunggal bungkus bungkusipun inggal kabelek dening nyai dhukun ugi estri, ananging boten ngantos jam jaman jabang bayi kalah pisan lajeng sami lalis sakala jabang bayi wauinggih lajeng kapetak dene bab pangreksaning biyungipun kaji bahaken dhaen gingkang kawogan, sareng sampun lerem sawatawis tiyang estri punika kapriksa ngaken tiyang ing dhusun sutran Klathen dhatengipun ing nrgiki anglaris semahipun amargi sampun sawulan kesah saking balegriyanipun saking sanjangipun badhe ucal pandamelan dhateng beteng, wasana dipun upadosi ing beteng boten wonten badhe wangsul mantuk selak karaos anyakiti, temahan lajeng andhawah saenggen enggen dhuh memelas sanget tiyang ingkang knemahi kasangsaran mangkaten punika
kiJaka turidasmarabalepita.

Panjurung
Asasaji puji winigati, ring sarkra kara nderarsa, wor surasa sarasane, sagung kang para jamhur, sinungkusih mardikeng budi, dening sang awibawa, den tuwan tekabul panduk padomaning donga, mancat jroning jaman kasuwargan dening, wus ening manoning rat. Dhuh lae dhuh adhuh pramukmini, myan gpradikan tindak kapamujan lan mangunah tuwan REke reekaos para makluk lami datan kataman riris dhuh adhuh sinten ingkang, kajibah tetulung, kajawi para mardika, ingkang sami sampun sumanggem mring aji, mumuji arjeng praja. Welasana sesining nagari, kisma belah tarulata manglah, tumerah leash rondhone, janma keh kabarubuh, rebah kambah rogarda tistis mrekang kang ngathang-athang, neng salumalatungku, kongkalan ing suksmanyana, temah bawur kuwur kaworan gigiris giras tentreming cipta. Myang ta saben para kang sesabin lir binesut kasatan ing tirta, roning parilesah wite, alum kalaman jawuh, temah riwittinukteng panti, didol mring papasaran ing sakajengipun kewala kang arsa tumbas dhuh kiyai linggara mringlanggar aglis yang anggunge ca-eca. Yen kasepa tan awande dadi, dadalaning dur tangkaa tikbra, sarasa nukmeng karsane, kiyai kala bendhung, selak melak angajak muti, mumungu mangun cipta, kang datan pikantuk kang kapitunan nartendra, darbe tumbal tetambalan kowar-kawir, mung tansah dadi karya.
Titi.
Katnadhan Mondrarena
==========\==========
sambetipun pasamuan ing Prabuningratan.
Amantesi dadya buta cakil yen dinulu kawujudanira, lir Kenya during wancine, nanging pasemonipun kaya kaya yen wus kuwawi, ngembat watang magut prang, nadyan kinarubut, prang muka ngasmareng laga, kawistara tatag tyase tan gumingsir, tondha prajurit tama. Yeku wdya nya srikala kaji, ing maguwa nenggih prabu jaka, arum dayun jujuluke, pangiring apan sampun kendel denya joget linggih, tumungkul tapsilanya, manembah gya mundur, wangsul maring pa,ondhokan arsa ngrucat busananing buta cakil ngrasuk busana Kenya. Sawusira sinuwuk kang gendhing, tanantara munya pathet sanga, andrudhug sesegkerpake, yekupratandhanipun sang kalana arsa medali, kendeling pathet nulya, gendhing puang rubuh, lir barubuh mawurahan, sru gumedres waraning wong niningali, raame arebut papanb. Weneh wonten kang bithi-binithi, genti ngesuk ajeng kang jenengkang, parestri kathah sambate, ana

kang sambat sumuk, weneh ana kang sambat mati, ana kan gparingisan mulesikutipun ana kang gumuyu suka, sarwi mojar, o apa rekane kuwi, wong wis padha di jarag
Taksih wonten sambetipun.
==========\==========

Minangka pasumbang tumraping pustakawarti, yeka kadya ring ngandhappunika, candhakira Kanangwiyata.

Sendhenging wulan paraning dresthi, ing saha na ananing buwana, katingal ageng alite, maringmangarah dunung, ing pangonan datan kaesthi, menangangarsa-arsa, ing kamukupanipun kaya ngapata ananya, wong anemu suka bungah ing panggalih, yen tekane ing susah. Suka bungah ira maring nendi, ngendi gone ya prihatinira, munek muneking atine, tan bisa ilang iku, ing nalikanira prihatin yenpandhengira mulat ing jagad pawegu, sahaning warnan rupa, katingallan padhata ingkang ningali, apasahananingrat. Ulatana wulikeningati, kaanane tingali-tiningalan mangkana ana saweneh, akrya sura iku, anareca anulat warni, nira hyang Girinata, iya reca iku, kang sinembah kang pinuju, dadya nembah pakaryanira pribadi,ing rupasahyang arca. Wonten pwenehe anglingga I, ingpanganggo kang sedya pandhita, tanpah umider umareng, sabawana ing nuju rasa ala dandalajahi, kang samun kang ngasuja, pinarantan uwus sakupana prapteng hynggyanya, an apa ing ngenggon kang den parani, apa ta kang katingal
Taksih wonten pasambetanipun
Ingkang manulat ping pakemuhung sawantahi, dera ki Jaka Pranawasidhi
Sang dhudhukuh ing Mendhangprawa.

Ongka 86 Salasa Wage kaping 23 Mulud JImawal 1821, utawi kaping 27 Oktober 1891

Pawartos kawat
Kapareng pamit dhateng ERopah kanjeng tuwan Pandergonetser, asisten residhen ing Panarukan.
Kawisudha dados asisten residhening Panarukan Kanjeng tuwanBisekop ing Jember, kanjeng tuwan Panderlindhe, ing Bojanagara kanjeng tuwan Kir
Kawisudha dados SEkaut inggal tuwan GErin
==========\==========

Surakarta
Sampun sawatawis dinten punika lalampahipun trus wiwit ing Purwasari dumugi ing mesen sarta kadosing salebetipun wulan punika, lampahipun wau kalaksanan saget gathuk kalih an setatsiyon ing Jebres, kareta trem ingkang aking PUrwasari saben saben tamtu kebak ing ngriku ngantos kasek kalampahan amringki kirangan kareta, wangsul ingkang saking Mesenpunika kerep legehipun kadosta nalika kaping 16 Oktober kareta treem ingkang dhaengPUrwasarinamung angemot tiyang 57 wangsul ingkang sakin gngrika angemot tiyang 424, lalampahan makaten wau kayaktosan ing saben dinen kados pundit ka naming tumuwuh ing semangipun para tiyang ingkang sami anumpang, embok manawi kakinten bilih anumpang trem dumugiing purwasari kapancal angkatipun kareta sepur, punika boten awit angkatipun kareta trem dhateng ing PUrwasari, punika sampun kaangkah telad gathukipun kalihan angkatipun kareta sepur sanadyan para tiyang ingkang badhe anumpang karta sepur setatsiyon Balapan pindhah, punika anumpang karta trem wiwit ing kantor dumugi ing Purwasari, lajeng anumpang kareta sepur anjog ing Balapan dhateng ipun ing setatsiyonwau taksih telad mandarwa rgadipun mirah anumpang trem katimbang angandhong, anumpak kareta trem saking kantor dumugi Purwasari waradaipun 10 sen anumpang kareta sepur wiwit ing Purwasari dumugi ing Balapan waradipun 3 sen wanggsul andhong dumugi ing Balapan punapa angsal ngalih kethip, mengggah wancining angkatipun kareta trem dhaten ging PUrwasari ingngandhap punika pratelanipun kadosta:
Enjing jam 5-30
Enjing jam 8-21
Enjing jam 10-18
Siyang jam1-40
Dene angkatipun kareta sepur ing PUrwasari
Enjing jam 6-03
Enjing jam 8-51
Enjing jam 10-48
Enjing jam 2-13

Ngawi:
Nalika malem Kemis tanggal kaping 14/15 Oktober punika, wncijam tbuh 9 /sirep rare/ sedheng prabaning hyang condra angraramyang katawenging ngima, tiygn anama Danameja ing dhusun Bangsri kawadanan jagaraga, sambaing tanemanipun katela tuwin jagung ingpategilanipun sarta anyanging sanjata meteng isi mimis awit pataneman wau asring cinabai sato candhala, wraha, sareng pun danameja dumugi ing pategilan angulat ulat kaleres ing salbeting garembelan uwit kaspe saking katebihan kawistaraing ngriku wonten cemeng cemeng bargegegipun saemper wraha, sarta tansah ebah-ebah semperpinuju gungsiri katela tansarontapun Danameja, tanpa titiprksa malih, jalaran sampun masthekaken wawarnen mangkaten wau pun dhustha wraha ingkang sampun kaarsa-arsa, saking griya, boten sronta lajeng kadhawahan pramana tanduking sirwenda, jethot kapisanan anangig e jebul gadhungan pun wraha mawi sambat adhuh mati aku pun Danameja anyelaki kalayan geter, ah, kados punapa kaduwungipun awit ingkang kasanjata wau pamanipun pyambak nami Surasentika, ingkang lajeng binopong mantuk sadumuginipun ing griya surasentika sampun sumaput ingkang kabranan kaleresing kabutul deres wedaling ludira,boten dangu anjalari antukipun ing kamuksan lajeng katungka dahteng ing para nglayat sahapulisi, sarta lajeng

anindakaken ingkang kedah linampahan wondene danameja kaunjukaken ing nagari, kados inggih badhe anampeni, sapudhendaning nagari jalaran anggening kirang pangatosipun.

Awit sampun kaparenging karsaning panjenengipun kanjeng tuwan Asisten residhen kasembadanan apanjenenganing bupati, sapunika para priyantun jawi salebting kitha angadegaken pakempalan winastan: Satyasadana, inggih punika pamurihipun anglempakaken arta, minongka pangreksaning karaharjan saben wulan parapriyantun wau anglebeti arta sapantesipun animbang ageng aliting balanjanipun wulanan deneingkang dados prasidhening kempalan wau panjenenganipun bupati, sekretarisipun Mas Bei Patih, komisarisipun; wadana kitha tuwin Onderkolektur.
Pamangih punika wau sanget pinuju ing ngakathah, awit amikantuki ageng tumrapipun para priyantun jawi
Jujawarta

Kendhal
Kala dinten Akat kaliwon amarengi tanggal kaping 18 wulan punika, ingngriki sampun wonten pakempalan kadosingkang sampun saben tigangwulan sapisan menggah nglempakipun wau sampun katamtokaken panggenanipun wonten ingpalabuhan, kcariyos ing ngriku wonten pakempalan para piyantun walandi tuwin jawi, sami nyanjata lesan ingkang agengipun satampah mawi katengeranpethak saha cemeng, pakempalan wau sinteningkang saget angener dhateng tetenger, punika mawi angal pratondha ganjaran awarni barng ingkang sampun kaawisaken wonten ing ngriku, sasampuning punika wonten ugi ingkang karsa lomban dhateng sagantenkendel bedhug sawatwis dangu lajeng angaben sima akaliyan maesa, andhapan kaliyan menda tuwin segawon ing ngriku ugi wonten pucang kalih adegan minongka rebatan palorodan, wah malih saprankat musik saking nagari Semarang, gongsa aabcak tuwin pinten pinten ringgit taledhekipun, nahenta untabing para ingkang sami dhteng ningali tiyangingpundi-pundi tumplek belg tankenging winicalan kathahipun ananging para ingkang aningali kathah ingkang kacuwan jalaran boten saged waspaos ingkang sami anonton dados kathah ingkang sami wangsul
Kintunan.

Griyanipun La, ing dhusun Ka, kala malem rebo wageingkang nembe kapengkerpunika meh kemawon boten ngukup sampuna wonten tongga tepalihipun ingkang sumerep rumiyin awit griyanipun pak La, ing Penanggap sampun katingal murub saha sampun nyalad ing pupugan sanesipun jam tiga dalu leres katungka dhatengipun para tandang sakedhappejah babar pindhah kados inggihleres pangecupipun par tandang bilih griyanipun pak La, punika dhapur badhe kaobong dening pandung, jalaran ing prenah urubing latu wau kacihna wonten gombalan rasukan dipun soki lisah petroliyun lajeng kasumed kapanggih kalih panggenan.
Griyanipun pak Ka, ing dhusun Pe, kadhistrikan Prebuwan mentas punika sampun kabesmen kinten wanci jam 1 dalu, kiranglangkung cacah wuwung telas 3 griya adhuh mesakaken sanget pak Ka,kala griyanipun saweg kabesmi tangining saking tilem korinipun griya sampun pinanggih menga sadaya,s arta piyambakipun ngupados pasimpenanipun barang ugi sampun boten wonten malah anakipun ingkang taksih alit meh kemawon dados awu. Ingkang rumiyin pun Ka, sareng sumerep griyanipun basmi lajeng inggal ngupados barangbarangipun badhe kabekta medal wasana kapanggih sepen lajeng terus malajeng medal ing jawi, sareng wonten jawi kengetanbilih anakipun ingkang alit botenwonten inggal lajeng wangsul malih malebet dhateng ing griya datan etang krodhanipun sanghyang Brama, dene rare taksih kapanggih tilems arta patilemanipun ing kiwatengenipun kathahingkang sampun sami kabesmi, lajeng dipun cemot terus kabekta medal ing jawi wilujeng, pamanggihingngakathah kados pun durhaka sampun malebet ing griya rumiyin angukudi barang barang ingkang sampun kacawisaken wangsul saking griya kori kawengakaken canten griya kasulet aduh, tujunipun griya korikorinipun boen dipun erut dhateng pun durhaka, dipun rut ka kados pundit

polahipun pak Ka, saha nak bojonipun, pak Ka, punika naming saged ambekta anak bojonipun sampun beja geng, senadyan barang barang tuwin griyanipun telas bilih nyawanipun taksih kados lami-lami inggih saged pulih malih.
Bok N(en) ugi gigriya ing dhusun P, kadhistrikan ing PRebuwan ing sawenehing dinten piyambakipun sampun kadhatengan tiyang jaler, punika katiya tiyang kabaripun mentas saking bucalan wasta pun……..manggen grigriya ing dhusun B, tiyang punika dhatengipun ing griyanipun embok N badhe nyambut arta naming tigang kethip, jalaran badhe kadamel nicil paosipun bok N mangsuli tembungipun o aja dadi atimu, aku nuju ora ngandhut dhuwit mengko yen kakang ngamumulih saka nyambut gawe ingpabrik Manawa duwe dhuwit tetembungan makaten wau anuwuhaken kurdanipun sambut dipun kinten bilih panyambutipun yatra dhateng bok N boten dipun pitados lajeng angancam-ancam bilih boten angatos-atos anggenipun anjagi griyanipun boten wande griyanipun bdhe dados karang abang, tiyang wau lajeng wangsul mantuk, kocapa sareng kasaputing dalu bok N sanjang dhateng ingkang jaler punapaing kawontenanipun bok N tuwin ingkang jaler boten sakeca manahipun dados barang barang ingkang mejaji tuwin barang suwek sadaya sami kakempalaken dados satunggal kawadhahan ing pethi saha kadekekaken ing griya ngajeng, bokmanawi pangancam-anamipun tiyang wau kalaksanan, , kacariyos pak N punika amengkeraken ujar wau bilih dalu sampun boten saged tilem malah angundang tiyang kulawarganipun kapurih samilek-lekan manawi siya tilem bilih dalu inggih makaten kemawon, adhuh, kados pundit nun ingkang pancen jenggulipun tiyang ing ngrikupunika (Jadhug awon) bilih boten kenging barangipun inggih kabesmi griyanipun punapa malih nembung nyambut yatra boten angsal iggih lajeng kados makaten pangancamipun.==0==

Kala malem Sabtu paing ingkang nembe kapengker punika, ing dhusun carikan dhistrik truka, kinten wanci jam 11 dalu kabesmen cacah wuwung telas griya, 19 iji.

Kintunan.

WArni-warni

Tuwin biskop utawi tuwan Jupe pandhita Rum ingkang sapunika wonten nagari Tilbureh (Nederlan) mentas kekesahan saking papuwah, antukipun ambekta rencang tumbasan tiyang cemeng ngumur 8 sarta 10 taun dene tiyang cemeng punika anggenipun anebusi saking tiyang ngriku, menggah kredyatipun rare cemeng kakalih wau badhe kapredi ing kawruh, ing tembe bilih sampun saged badhe kawangsulaken dhateng tanahipun malih, supados amula ngabangsanipun tiyang cemeng wau.

Sribagenda sinuhun Ruslan kagungan kalangenan segawon wedalaning Dhenemarken ingkang kalangkung tresna tuwi setya dhumateng bandara, saking kaparengipun sang prabu, manawi wonten sawenehing wadya ketingal kirang arenanipun dhateng sagawon wau, punika sang prabu aparing sasmita dhateng sagawon supados anjegug ana gigire dhateng tiyangingkang sengit wau, kalmpahan tiyang ngantos medal saking kadhaton.

Ing Nikaragokaprenah wonten satengah tengahing tanah Amerikah, ingngriku wonten pasiten wiyar, ingkang dipun kinten kathah pelikanipun emas amargi enggal punika wonten satunggaling tiyang manggih mas prongkolan, wonten ingkang wawratipun gangsal katos utawi wonten ingkang ngantos wawrat kalih dasa katos, wiwitipun tiyang sumerep yen panggenanpunika kathah emasipun wonten satunggaling soldhadhu manggih mas wawrat gangsal welas katos lajeng dipun sade pajeng kalih ewu wolungatus ringgit punika lajeng kajuwara ingkathah bilih ing panggenanpunika kathah jenenipun, saking pamanggihipun para saged wontenipun mas punika, awa benter salebeting siti, tumuwuhipun ingkang anglurluhaken dhapur parincen lajeng gumolong dados mas prongkolan wau, wusana kombul ing dharatan saking wateking latu, punapa dene lindhu.

Ing kitha ROdhes tanah Prasman wonten tiyang kaki-kaki umur 70 taun atilar donya, nalika tabelanipun badhe kalebetaken ing luwangan titiyang ingkang nglebetaken tabela sami kraos bilih ingkang wonten ing tabela kados meba, tabela enggal kabikak kaki ingkang pejah wau ayektos gesang malih, lajeng kaupakara saha nunten kabekta mantuk sadumugining griya kakikaki wau saged wicanten teteh, ananging enjingipun pejah malih.
==========\\\\\\\\\\\\\\\==========
Panjurung
Sambetipun pasamuan ing Prabuningratan.

Kathik nganggo nganggo sambat mati-mati,bokyasusurmundhak aku ewa, wong padha kancane dhewe, sapa kang wani ganggu, apangarah wong kidul Baki, angurbaya menenga, tur mengko tinuntun bias golek ake papan ramening wong tan mundur ginebleg langsir, saking den arsa mulat. Wus jumedhul kang mangun mamanis lir mamanis ingkang lagya prapta, mring kang tumingal anggane, yeku sangarum dayun wasisira mamatut dhiri, busana prajuritan ngliga tanpa baju, arja sinjang parang rusak kagok genes alancingan panjipanji, bludru tinepirenda. Iket pinggang salepe pinatik ing sosotya rineka lulungan sekaring gadhung isthane, pinidih renda janur, jenar jumbuh lan renda tepi, tepusaning pamekak madya bludru wungu, wangunan busana wayang, wayahira sang dayun rumojong guling, gumelut mullet driya. GElang kelat bau datan mawi, mewal curiga ladrang rinengga, gombyok malathi rinonce, rinancaneng seselut seling silih sotya ergeni, , tetekes jinamang mas sumping tanpa kalung, kalingan sipat ing Kenya, mungkenya aring suweng yen sinawang maksih, salugu lamun Kenya. Kanyut kumenyut sotaning ati, sangga ring kang tumingal neng jaba, anjomblong kedhep tesmake, mring warnane sang dayun daya deye lamun majaji, wujud lan panganggonya, paripeksa kudu, kadulu keh solahira, nging kacuwan jrih reh ta daleming gusti, dumadi nrima nyaang. Yata wau sang dayun dukwiwit ambeksa neng madyaning pandhapa, topeng kalana ing ngangge, tandangira sang dayun kadi jangkrik amambu kili, gambira janggilengan gelanekang dulu, pulasing topeng talana, prada seta dumadya kurang respati, pantese pula seta. Katujune sang pekikmanggalih, kanjeng pngran arya Prabunigrat dhawuh kinen mundhut age, kalana ingkang patut talennamung kang pulas abrit tandangu nuluya prapta, winaringken sampun sang dayun salin kalana, wimbuh lanang lagu lalageyaneki, lega sagung kang mulat.
Takwsih wonten sambetipun.
==========\==========
Pwakaryastaingwasitarjapasungupung.
Padasane iya ibadanireku, cacawuke cipta suci, kang sinuscenawasemutira ingkang maha suci, kasuciyan lair batos. Bias nuksma maring wujud kang rahayu, wus winawas praptaning wis tetep jenengi islamipun islam parlune ingkang pir, kang wriperlu islam jatos. Iya iku agama batin satuhu, mongka tateken lumaris neng siratalmustakimu, jatining taken suluring, kang yatulau kinaot. Sayektine, luwih kuwat luwih kukuh, nora uwal kuwal kuwil de agama lair iku, tan kanggo teken lumaris neng ngenukeh, kang maleyot. Malah dadi wekasan gawapakewuh, ekencarang, amawari,nocog-nocog kurang burus tancrem caraning urip lwir curiga gonja logro. Pijer lecek kengis sungase alengus tur during wruh wosing urip ksusu kselak angkuh,lwir wus karuh lan kang urip uripe dhewe tan weroh. Pangrasane wus uwis aneng pamuwus wuwus sapa kang duweni, yen rinengkuh wuwusipun wong kumaki, tan kakiki, mungaku aku kemawon. Yen sinengguh iku wuwusing hyang agung, wongketanggung itapingging, nora wruh teka puguh, anganggep ingkang tensthi, iku wong during wruh ing wos. Tiwas bae kangelan tan ulih parlu, tanpa tuwas gone urip yen tan wruh kwasaning wuwus nora bias tumekeng wis sasat belo milu seton. Tanpa lariuripe aluraluru, nora weruh marga writ taruwat ruruwedipun badan mandar dadi weri, weri wiro tameng kewoh.
Taksih wonten pasambetanipun.

Ongka 87, Setu Pon kaping 27 Mulad Jimawal 1821 utawi kaping 31 Oktober 1891

Surakarta
Sambetanipun pasamua garebeg

Jeng gusti pangran dipatya, anom amengkunagari, tindakira neng ngarsendra, tuwan asisten kang nanthi, nul ngarsane malih, jeng gusti pangeran parabu, wijayangarsanira, pangeran putra narpati, jejer niga urut anem wonten ngarsa.

Tanapi para bandara, pangeran santana aji, neng ngarsaning pangran putra, neng wurining riya nginggil wondene kanjeng gusti, adipati arya prabu, prng wadana pratuwan militer antenar lan hir, samya gurbyug aneng pengkeran narendra.

Miyosira sripmasa, duk rawuhing srimanganti, kinurmatan mares raja, mij pinilih kang baris dupi srinarapati, duk rawuhip korimandhung, miji pinili lawan muskan bedholen baris anambungi umiring wuri narendra.

Dungkap rawu praja nala, wonten pakurmatan malih, prajurit kang sikep pedhang, lan waos mingurmati, wau srinarapati, arawuhing siti luhur, mingah bangsal witana, tan pisah jeng residhensi, lawan para biyada srimpi badhaya.

Sadaya minggah ing bangsal umiring srinarapati, dene sang reksa kaningrat jeng gusti pangran dipati, anom mengkunagari, myang jeng asisten sadarum pangran putra santana myang pramu bongsa peni, medal ngandhap ing bangsal wetan witana.

Dene musik kang saprangkat prajurit miji pinilih, medal sakilening bangsa, mangaler nekuk tumuli, mangilen nulya baris sami umajeng mangidul samana pratiwendra, bupati kliwon myang mantri, sampun mapan neng ngadat sakanthinira.

Sarawuhira sang prabu, neng bangsal wangun tur tangkil saderengira pinarak sang nata anyasmitani, ungeling pradongga mogang, mring demang niyaga kalih
Taksih wonten sambetipun.

Para tuwan ingkang mangereh lampahipun kareta api saking Semarang dhateng Surakarta tuwin dhteng Yogyakarta, sami anyuwun supados kaparenga abantuni wancining lampahipun kareta api wau dene yen kapareng santuning wanci kados ing ngandhap punika.

Angkatipun saking Semarang enjing jam 8.3, 7-5
Angkatipun saking semarang Siyang jam 2-2
Dhatengipun ingSurakarta enjing jam 10.30 –
Dhatengipun ing Surakarta siyang 112-47, 5.53
Angkatipun dhateng Yogyakarta enjing jam 6.32, 10.43
Angkatipun dhateng Yogyakarta siyang 1-26, 3-32
Dumugi ing Yogyakarta enjing, 9.01.12-15
Dumugi ing Yogyakarta siyang 3-22, 6.04
Angkatipun saking Yogyakarta enjing 6-28.8-51
Angkatipun saking Yogyakarta siyang 12-46, 3.40
Dhatengipun ing Surakarta enjing 8-48, 10-48
Dhatengipun ing surakarta siyang 2.18, 6-10

Angkatipun saking Surakarta dhateng Semarang lampahipun seneltran jam 6-22 enjing 11-30-2-30- ssiyang
Dhatengipun ingSemarang 10-04 enjing 4-21-4-59

Bilih panyuwun wau kapareng saiba bingahipun para amongdagang, awit lampahipun dhateng Semarang saged tulak dhateng wani jam 10-40 enjing, wangsulipun anumpang angkatan ingkang wanci jam 2-30 siyang jam 4-59 sonten sampun wangsul dumugi griya malih, wontenipun ing Semarang dados taksih talad sanget.

Ing Jebres wonten stunggilipun tiyang nama Kerta Menggala, punika penginipun gadhah anak sanget kalampahan anggenipun semah ngantos kaping tiga, meksa boten gadhah anak, pun Kera Menggala lajeng semah malih, dados angggenipun semah kapng sekawan rehing pun Kerta Menggala wau sanget pangudinipun supados gadhah anak sarta rinten dalu tansah nyunyuwun djatemg omglamg ,irnemg tiwij. ;a,o;a,o Leta <emgga;a ladigem omg [amgarsa arsamo[im wai. Omggoj [imola ;akemg [omaromgam ,p,pmgam kanamg estro.saona nomgajo[im saremg [im Leta,emgga;a la;a,a[jam saged gadjaj amal. Lacaroups saremg kanamg nauo sa,[im wamco sa;a[am domtem djawajo[im wptmem domtem rnp l;owpm tamgga; la[omg 24 wulanMulud punika pun jabang bayi tilar donya,dene tilaripun donya wau anggumunaken mekaten angleres malem dinten rebo kaliwon wau, bok kertamenggala tileman kaliyan angeloni anakipun, anggenipun angeloni wau katileman sarta anindhihi anakipun ingkang anjalari sirnaning pun jabang bayi, sumerepipun sareng sampun wanci jam gangsal enjing, pun jabang bayi piynanggih sampun gepeng, o, saiba polahipun pak Kertamenggala, anrimah tapakne sibeng,sampun pinesthi ing pangeran
kintunanS.P.

Klathen

Kala ing dinten Jumungah Kliwon tanggal kaping 23 Oktober punika, ing dhusun dhawereh kabudidayan ing Kebon Arum wanci jam, ½ 12 siyang wonten griya kabesme ingkang dados kawitan griyanipun tiyang reh kejawen wasta pun Sajaya, sarehning pun Sajaya boten wontening griya, latu boten saged kadengan sakala dados angrebda, nurut lampahing ngangin lajeng mangidul anyandhak griyanipun tiyang awasta pun Pawira dikrama ingkang kacariyos cekap tujuniun taksih sami saged angedalaken dandosan sanesipun dene cacah wuwung griya ingkang kabesmen 26 iji.

Yogyakarta
Kala tanggal kaping 27 Oktober , wanawijaya ing dhusun Gadhingan Wates Ngadikarta P.K. Wanawijaya wau dipun purih nginggahaken siti Kedhukan sumur dening bapakipun wangsulanipun mangkaten dika mawon mas nimbui kula kedhukane, inggih lajeng kalaksanan mangkatenlebetipun sumur punika 7 elo, saha samun dipun banon sela pethak nanging tanpa labur, sareng wanci jam 12 wana wijaya estri akan kendel anggenipun sami ngedhuki sumur, wangsulanipun mung kirang sakedhik badhe dipun rampungaken pisan kajengipun lebet dados boten kerep dhudhuki, sareng jam ½ 2 astaga, sela pethak ta wingking sumur wau ambrol saking satunggal lekasipun saking ngandhap tiyang wau saingga dipun paset saking cukat cakuting pulisi selaning sumur kapurih nginggahaken sadangunipun pulisi nenggani inggahipun sela, para sadherekipun sami dhateng pundi ingkang mentas ngukap sumur lajeng nangis anggebor, sigeg ramening tangispara waris utawi tongga tepalihipun sampun sami sumerep saderengipun winarah, teka lajeng mirantos amben-ambenan sarta lincak dipun tumpangi, debog tinata wonten ing latar toya embangan pengaron utawi siwur punapa sapirantosipun tiyang pejah.

Ingkang nyemplung smur anginggahaken sela santun santun tiyang, wonten satunggal ingkang pancen boten rahap dhateng tiygn ingkang kurugan wau, sareng sampun telas selanipun sarta gepok awaking tiyang lajeng nengga dagan tinangin boten purun blaka wadosipun ugi lajeng dipun ganteni, sareng ingakg ganteni wau bleng ceg angsal sirah, lajeng mratelakaken manawi punika kantun anginggahaken kemawon wakenipun wana wijaya, lajeng dipun ulungi pirantos senik dados minggahipun dipun wadhahi senik wangke wau, kadugi sampun jam 4 entasipn saking sumur lajeng kemawon dipun pirantosi sarehning sampun dalu dados dipun lerepaken ngantos enjingipun gumun kula punika nyamleng temen anggenipun sami methek saha marantosa wau, mong wurunga ora wis mati

Kentunan

Tanah salering nagari sapengaler isan dumugiipun ardi Marapi, kala dinten Jumungah Kliwon siyang sampun katurunan jawah sakalangkung deres saha dangu, nanging nagari namung kaomanan mendhng saengga meh dhumawah saha suwaraning gludhug wusana grimis kemawon teka boten tiwas wis padha nyingkirake barang barang kang pancen satron karoban banyu udan

Rembang

Ing mangke ing nagaringrikikathah ebahan prayantun, sadangunipun kanjeng tuwan residhen punika jmeneng ing ngriki, kathah priyantun ingkang kaparingan rereh, utawi kapindha lilintonan padununganipun, prasasat winasuh ing regedipun.

Patih tuwin jaksaing Bojanagara sami atampi ganjaan warni yatra, kathahipun ingkang dhateng patih, 400 rupiyah, ingkang dhateng jaksa 600 rupiyah minongka patuwas anggening samia banjeli padamelanipun wadana tuwin sorsoraning wadana.

Lelanging barangipun bupati ing tuban ingkang mentas rereh ngantos tigang dinten laminipun saha angsal-angsalanipunn kirang langkung gunggung, 13000 rupiyah, kathah barang rem,eh ingkang jor jinoran pangawisipun katemahan arginipun ngantos sakalangkung amindhak inggih punika amracihna ni bilih kathah ingkang trisna dhteng panjenenganipun bupati wau.

Warni-warni

Ing tanah Amerikah, wonten pakempalanipun para sudagar badhe iyasa griya, panggenan sedhiya nyambuti songsong dhateng sadhengah tiyang, cacahipun 800 griya, wragad kakarang 30000 dholar, sadhiyan songsong, 25000 iji, para sumedya lengganan anyambut songsong ing sawanci-wanci, tiyang satunggal satunggalipun ing dalem sataun kedah asok prabeya tigang dholar, sinten ingkang sampun lengganan anyambut songsong angsal tatenger awarni tambu gi mawi ongka kaukir sae, saupami kakesahan mongka kajawahan wonten ing margi, kenging anyambut songsong ingkang sampun kasadhiyakaken wonten ing griya-griya panggenan anyambuti songsong, ananging kedah anedahaken tenger ingkang wau, sasampunipun kacekap kanggenipun songsong boten usah kawangsulaken dhateng panggenan anggenipun nyambut kenging lajeng kaulungaken dhateng griya panggenan nyambuting songsong sanesipun, benjing wulan Nopember ngajeng punika pakempalaning para sudagar wau, badhe angadegaken griya-griya panggenan nyambuti songsong wonten ing kitha Sarikat supados tiyang nyuyoreg (Newyork) saupami nyambut songsong sageda amangsulaken dhateng ing Prangsisko (Sanfransisco)

Ing sawarninipun griya kumidhi, pakendelan kareta api, griya pamondhokan tuwin tojo toko sadaya sami kasadhiyan griya panggenan pasambutan songsong, katemahanipun pambudi daya wau, tamtu kathah kauntunganipun, ananging sapunika kathahingkang sami gumujeng.

Baitanipun api sudagar ing Yunani wasta Tesaliyah ingkang layar saking piraos dhateng Polo, sampun tumbukan kaliyan baitanipun api tiyang Itali wasta Taorminah ingkang mentas saking Setambul sumeja wangsul dhumateng nagarinipun menggah ingkang tumbukan baita wau wonten sacelaking pulo Sunion wanci jam satunggal dalu, baita Taorminah sigar byak tiyangipun salong

wonten ingkang saged mancolot dhateng baita api tesaliyah dene ingkang kerem kinten-kinten wonten tiyang 85 samanten wau ingkang kathah tiyang Dhitse tuwin tiyang Ostenrik, menggah kasangsaran pnika tumuwuh saking prahara ageng.
==========\==========

Panjurung

Serat-serat kabar kathahingkang ngemot pawartos ing pundi-pundiya mongsa unika sami kikirangan toya, amargi sampun pinten-pinten wulan sangyang riris dereng karsa tumun dhateng ngarcapada, temahan dados pangresulanipun para kawula amongtani sadaya, boten wande badhe awis tedha, ing bawah bawah kitha ngriki ing mongsa punika kathah sabin ingkang tanemipun cukul sainggga kambengan temahan kaerit kangge tedha maesa sarta lembu, siti lenggah kabupaten ingkang 1 jungking dhusun Semangkak sabinipun ingkang sampun dipun dhawahi taneman awit saking lajeng boten angsal toya satetes sadaya tanemipn tanpa dados sawuli kemawon boten ngukup.

Bramartani sampun rambah-rambah angemot panjurung ingkang suraosipun semu ngerang-erang sarta angosikaken dhteng para abdi dalem ngulama utawi mardikan ingkang sami katungkul nedha eca tilem sakeca, wah sugih,…….gar…..wakapancenan siti ngangur…karya, wah enakbukan hur, supados sami anunuwuna jawahing gusti Allah sarana sembahyang istika, menggah pamurih wau punapa sampun wonten salah satunggal abdi dalem mardikaan ingkang nglaksanani, kok dereng wonten ambetipun, namung ing gegelengan kitha padunungan kula sampun wonten satunggalipun naib pakempalan kaliya para kaumipun cobi cobi sembahyang istika sarana mawi wilujengaken sekul saha tetedhan sakadaripun anangig teka dereng katrimah ambok manawi sarehning namung gaib (*) sanes goonganipun abdi dalem dados kirang istijab donganipun wah demadakan naibipun naib bungcuk komplit sakaumipun kathah ingkang boten sumerep alipbengkong, aluwung manawi wonten putrawayah ing candhangan ingkang angleresi beber dhateng dhusun dhusun mongka samindhawaranggana wau langkung ing margiingkang anjog satengahing dhusun padununganipuning ngriku mas naib manawi mireng swatnening kendhang peg peg bung peg peg bung sarta sumerap dhateng warninipun sapindha apsari, oh kinaib lajeng gendhila sakala gugur imanipun e kula nuwun sewu radi kalebeten anggen kula mastani setun lajeng kados uran-uran kula sekar sinom ing ngandhap punika:

Seblak kliwat tengah kwaman nguji wati nyancingken alis sarwi ngowahi gelungnya, ana santeri banting cundrik pujinira, dhariwil kauming rabu wangkethu, marbote buwang jobahg, gamparane den petheli, naibira cacekonn cara walonda. Sawitan sogagenesan ngelus wiron cincing cincing, adu mancung meretan karset tesbeh ting barendhil udut srutu milang miling, pentah marang santrinipun bedhugiku pecelana, sarta gedheg masjid kuwi, bladhahana mengko bakal gonayuban santri nya kalangkugn suka, anyebut kamdulilahi, dene kyai karsanira, nayban sajronng masjid ibakaul kumangkin anjaluk gendhingan dhengklung, kinaib lon ngandika, mengko ingsun mundhut gendhing sekar gadhung, yen ora kinanthi barang. Lo sumongga ta, kaliya pnika naib seninjong, tur dereng kaabdekaken ing ratu, ananging babau pulisi sarta pitados ing pangulu suprandosipun gahdah kaengetan rumeksa dhteng tatarah arjaning praja dalem wangsul kyai mardikaan sadaya kados pndi, punapa boten sami enget bilih dipun…….ing ratu gustinipun ta suwawinun tumunten samya tumandang, hyah embok inggih ingkang cekat-ceketno, kula tumut panjurung dikir sakadaripun punapa prakawis mangkaten kemawon dadak angentosi dhawuhipun kanjeng prentah ageng, hyah sumongga ta gusti allah punika rak sipat rahmanirakim janji panuwunipun kalayan temen-temen wela kae kyai ne kaji Edris Muhyi wis ubeng anggone arep salat istika, o sukur ta kyai tumunten tumandanga, kerepa rabi punika adat ingkang sampun kalampahan sampeyan punika asring katrimah, kula kemutan kala taun jawi, 1816 ing salebeting taun wau wonten bethatan ngantos sawatawis dangu, ing satunggalipun dinten wanci jam 11 siyang kaji edris Muhyi sami pakempalan sembahyang istika mangen ing ngara-ara, wasana sami sadinten wau donganipun ki kaji Edris Muhyi sakancanipun tinarimah ing gusti kang maha suci, katondha lajeng ngwontenaken jawah sakalangkugn derep sarta lajeng lestantun saben dinten

mila saking pangajeng-ajeng kula dhateng para ngulami tinarimah utawi boten walaualam ananging mugi tumuntena tumadang, amin amin amin
KiJaka turidsmarabalepita.
==========\==========
(*) Naib damelipun rak namung nebas sarakah thok kaya dhayoh ki Jaka.
=======\==========
Sambetipun pasamuan ing Prabuningratan
Sakalane kalana kalindhih, kalanglangan sindhen ngura-ura, ngrarontog genjong gendhinge, samana para ruhur, atanapi kaprabupati, samya langen kasukan main wis sawegung,jeng gusti pangran dipatya, lenggah kursi aneng paringgitan sisih, kilen majeng mangetan. Dene ingkang samya angladosi, kanjeng gusti denira kasukan ingkang kaleres wonten ler, lenggah majeng mangidul raka dalem yeku jeng gusti, prangran prabu wijaya, ing sawetanipun jeng pangran sumadiningrat deta kang neng sakidulira jeng gusti, pangran Dipakusuma. Para kanjeng pangran myang bupati, sisih wetan denira kasukan dadya tripondhawiwit ler, prapteng tengah mangidul para mayor mung sawatawis myang para panjiwayah, lenggah nunggil dunung, wonten pojok kidul wetan dene para bandara raden maspanji, buyul lenggah neng ngandhap. Sakiduling ampilan jeng gusti, caket lawan ungganing pradongga, ambanjeng majeng mangaler, puput wekas kang kidul ginelaran gelaran pasir, sgung para pangeran ingkang samya rawuh, ing dalem prabuningratan pangran putra dalem sapta kanjeng gtusti, len kanjeng prabuningratan. Wiwit nomer kalih kanjeng gusti, pangeran arya prabuwijaya, jeng pangran nata sumane, kalanmalihipun pangran sumadiningrat pekik tanapi jeng pangeran sumadilaga nung, jeng pangran mangkudiningrat lan jeng pangran arya Prabu Mijayeki, kaasthanya jeng pangran
Taksih wonten sambetipun.
==========\==========
Pakaryastaning wasittarjapasungupung.
Datan ana kadhi badan budinipun yen den umbar angrubedi, temah amunah silayu, karahayon ngawalakir, nanging sok arangkang weroh. Kyeh katungkul amungkul sabarnag kayun solah tingkah tan pinikir, ngandel puji dwikiripun pangrasane, wus nguwisi, tarwriniku karya kuwor. Yen tan terusing ngelmu sajatinipun salate malah malati, dadya 1 alat ingkang agung, luhung anganggo wakucir, tan tanggung nembah tepek kong. Dadya genah sembah pujine maujud tekade mantep sawiji, wiwit duk jaman Nabi Nuh sapreneh tan mulah malih, kucir kenceng, tan malencong. Ih tekade tan kacangkoling bebangus tinimbang lan kang ngarani sawarga, agandhul-gandhul utama sicina kucir, tetep tekade wus manggon. Nora gugon –gugon ing panganggepipun tan keguha nor awigih, mring ngalama marganipun mnunggah mring sawarga nginggil kang gumandhul pindha lodhong. Cinpantes nora uning caritanung, karana tanduwe nabi, panutane budinipun beda duwe dewa nabi, panautan karo kinaot. Si gelar lakuning badan satuhu, kangsgi lakuning budhi, badan budi, yen wus jumbuh, apa denulari malih, lair batine, wus golong. Yekti tanpa wagel magelah weh mesgul tarwigenamigenani, ita guna graitanung, kaonang yen sujanadi, tuhu adining tumuwoh. Pantes lamun tinulad labuhanipun janmotama, amartani, miluta memalad kalbu, barang solah tingkah dadi tuladan budi kinaot. Bis among among mot miwah amengku, salwiring reh werut writ tansah rinaras rinuruh, karasikaning dumadi, nora samar kanthining don
Taksih wonten sambetipun.
Ingi Ketring sang damakumawi widyakamawa, ing Bukit Kadilaya.

Ongka 88 Salasa Legi kaping 30 Mulud Jimawal 1821, utawi kaping 3 Nopember 1891

Surakarta
Kulawisudhan

1. Salowonging kalenggahanipun abdi dalem panewu jaksa polisi salebetipun nagari, ingkang kinasakaken anggentosi Ronggajaya Surama, abdi dalem mantri dhistrik Lawang Kabupaten Ngampel kaganjar nama tuwin sesebutan Raden ngabei Gitapranata.
2. Salowonging kalenggahnipun abdi dalem mantripulisi kabupaten Pangrembe, ingkang kinarsakaken anggetnosi Ronggasastraaruta, abdi dalem mantri carik ing pangadilan dalem pradata ageng, kaganjar nama tuwin sasebutan mas Ngabei Wiryapranata
3. Salowonging kalenggahanipun dabdi dalem panewu Onder dhistrik ing Laban kabupaten Sragen ingkang kinarsakaken agentosi, Latha pamagang kabupaten Pangrembe, kaganjar nama tuwin sasebutan Mas Ngabei Citraatmaja.
4. Salowonging kalenggahanipun abdi dalem mantri dhistrik Lawang, kabupaten Ngampel ingkang kinarsakaken anggetnosi Resasuma, pamagang ing kantor Asistenan kaganjar nama tuwin sasebutan Mas Rongga Jayasurama
5. Ronggajaya anduta abdi dalem mantri ajidan ing kabupaten Ngampel kinarsakaken dados abdi dalem mantri edhistrik Lawang nama Kalulusaken.
6. Salowonging kalengahnipun abdid alem mantri ajidan ing kabupaten Ngampel ingkang kinarsakaken anggentosi demang Darmareja, abdi dalemn Demang ajidan ugi ing kabupaten Ngampel kaganjar nama tuwin sasebutan Mas Ronggajaya Mandrawa.

Sambetanipun pasamuan Garebeg

Sawusnya mongga tinabuh, narendra sasmita malih, mring gedhong bupatinira, kalih dhinawuhan ngirit wedaling ajat gunungan sigra pinarak sang aji.
Ing dhampar kencana murup lelemek bludru rinukmi, jeng tuwan residhen lengggah, ing kursi baludru abrit jejer munggeng kering nata, jeng gusti pangran dipati.
Anom andherek sang prabu neng bangsal manguntur tangkil ing kanan lenggah jarambah, caketing dhedhampar rukmi, jmbuhe lawan sang nata, lir sudamanawung sasi.
Jeng gusti pangeran prabu, wijaya myang paa ari, jeng pngran putru santana, neng ngandhap bangsal tinangkil mabukuh silaneng kisma, ing kanan kapareng ngarsi.
Tanapi pangagengipun prajurit lebet la jawi, jeng pangran kolonel Arya, Purbanagara sumiwi, aneng ngarsane sang nata, ing ngandhap kapareng kering.
Wondene kang para tamu, jeng gusti pangran dipati, arya Prabu Prangwadana, lan tuwan Asisten tuwin militer lan Irantenar, Mardi kalenggah ing kursi.
Aneng ngarsane sang parbu, ngandhap bangsal nganan ngering, anggodhag jembaring tengah,bupati kaparak kalih, kaliwon nononira, tanapi panewu mantri.
Kaparak gandhek mabukuh, ing kisma sumiweng ngaji, myang pradongga sekatikang, badhe tumurun mring mesjid munggeng rancakan kencanan ugi wus sumakteng ngarsi.
Tanpa elan robing laud kehning wadya santanaji, karya ebating pangrasa, sinambawa suwaraning, monggang kyai surak ngankang, ing ngriku wonten kaeksi.
Neng ngarsaning para anung, panewu gedhong kakalih, ngampil tuk bokor kencana, ingkang isi ganten wangi, majenge mring ngarsanata, satatatataning ngibing.
Tindak kudu ngidak iku, kenong gong monggang kang ngrangin lir manyura manuhara, paptaning nabyantaraji,seleh tuk bokor kencana, woten kang katingal malih.
Lampahing wadya andulur, dene kang dadya pangarsi, bupati Gedhong sakrehnya, kaliwon panewu mantri, karaton Mranggi kabaya majegan jaksa pulisi.
Ajeg banjaran ajujur, jejer sakawan jajari, pareden ajating raja, badhe sinaji mring mesjid medal sakilening bangsal jejel liwat ing ngarsaji.

Lampahe samya tumungkul drekukul anekuk sikil tindak kengidaking rama, ngeningken monggang kang muni, telase ingkang mangkana, kanang gunungan nambungi.
Taksih wonten sambetanipn.

Kala malem Akad ingkang kapengker punika pun M ing kampung Danukusuman gadhah damel mantokaken recangipun mawi bawahan sawatawis sareng wanci jam 12 lajeng wonten rare malebet ing pandhapi sanjang dhateng tamu bilih dipun kengken kaliyan bok M kaprih mendhetaken arta cucuk tamu lajeng mendhetaken 1 ½ rupiyah, rare sareng sampun nampeni lajeng angles.
Kocapa tamu ingkang ngulungaken arta wau kagagas gagas manahipun boten sakeca, lajeng medal manggihi bok M pitaken punapa piyambakipun wau kengkenan rare anedha arta cucuk wangsulanipun bok M boten rumaos tamu boten saronta lajeng anglari purugipun pun panjelag wusana kapanggih pun Pangapus saweg anglintokaken arta cucuk wau, rare lajeng kacepeng suwit budiya, kaulungaken konca patrol ing salajengipun kula dumugekaken lampah kula, kilap ing salajengipun.
Pun Gareng, ing N.B.

Rare estri ma,a :asoue, amalo[im Wongsadimeja ingkang kapratelakaken kagondhol gendruwo ing P K, dening raden Mayangkara, kawrat bramartani ongka 75, punika inggih temen malah nalika wonten tingalan sakaten pn Lasiyem sampun sumeep padhang hawamalih, inggih punika saben dalu dipn jak ningali sarta wahana andhong, wahrekane nyonya-nyonyahan pangraosipun sampu minggah sawarga, rikne inggih dhiksakedhap engkas tamtu lajeng jujuluk Widadari (Apsari) dene pun Lasiyem wau dumugi sapunika taksih wonten griyaning gendruwo ing P, K, salebetipun baluwarti, ananging sanak sadherekipun lajeng sidhem pramaneboten madosi malih, kados wonten balangipun gendeuwo warni bunder gepak mastakaraja, ing Gereis lo ampun ngoten ta, rak becik digoleki melih, niku mengke sisip tembire genti dagondhol teng mangun jayan rak ketiwasan lan mesakake wong bucah derng dhenger napa-napa, kandhane
P.M. Jalummamapang.

Surabaya
Nembe punika lampahipun kareta api saking Surabaya ngantos kalampahan kaendheg awit wonten pasakitan ingkang kablenggu tanganipun mancolot saking kareta, boten dangu prajurit ingkang angirid anututi mancolot ananging dhawahipun ababangjungkir, kakinten tamtu tugel gulunipun pramila tuwan ingkang mangereh lampahipun kareta aba andheg tuwin unduripun kareta, sareng kareta sampun mandhegt sapinten gumunipun tuwan wau, saha sanesipun ingkang sami anumpang kareta, pasakitan tuwin prajurit ing kalih kalihipun ingkang kakinten sami kapanggih pejah, pun prajurit kapangih sampun mathangkrong ing tanggul angulataken palajengipun pun pasakitan pun pasakitan palajengipun alonjong mimis anggenjret malebet ing wana.

Boten kala kina kemawon cariyosipun wonten wanodya, ingkang kawanteranipun tanpa timbang asring andon ngayuda, ing mangke sarehning sami amenangi kala mangsaning temtrem gebyaging kasuranipun wanodya tumandak dhateng satogalak kadosta: nyonyah Gligur ing Banjar anyar, dhistrik Kedhokan wewengkoning sidayu, mentas anyanjata sima tutu dene titimbanganipun nyonyah wau, inggih punika anakipun estri bupati ing Tuban ingakng angsal wadana ing Randhu Blatung, menggah padununganipun dhistrik Randhu Blatung wau, ing kiwatengenipun wana greng, wadana randhu Blatung wau kawentar bilih remen sanget ajag dhateng ing wana, punika rabinipun asring kelu dhateng ing wana, bilih sampun amapan wonten ing wreksa, dhasar patitis bilih andhawahaken sanjatanipun pramila sima ingkang leledhang pados mangsan dumugi ing ngandhap wreksa wau, tamtu boten wangsul dhateng ing wana malih.

S.H.

Cariyosipun para sepuh manawi tiyang ngimpi sumerep utawi galuprut punapa malih ngantos amboga susuker, punika katemahanipun badhe amanggih sagungig kabegyan ananging makaten wau tumrapipun dhateng babah S, teka geseh sanget kadosta: Babah S ing kampung K,P ing sawenehing dinten angimpi, wonten ngrikanipun awakipun galuprut susuker, enjingipun babah S sakalangkung giranging manahipn saking gugon tuhonipun sanjang dhateng para mitra, sasumerepipun sampun kathah ketatalanipun manawi impen makaten wau telakipun badhe kabegjan ananging tumrapipun babah S boten kosok wangsul malah anuwuhaken kalingseman awit sabibaring madhangan wanci siyang, babah S bubucal dhumateng jumbleng, sareng saweg mancik balabagipun tugel babah S, dhawah ing jumbleng, adhuh, awakipun galuprut susuker, tongga tepalihipun ingkang tutulung sami gumujeng anggagas kabegjanipun babah S. katemahan impen wau.
B,S.

Betawi
Para Arab ing ngriki sami katingal seger-seger, ajibarji tur saya dangusaya katingal sugihipun mongka katawis boten wonten ingkang anyambut damel menggah sugih-sugihipun konca seban wau makaten andulu kawontenanipun kala mangsanipun sapunika, kathah tiyang kikirangan utawi betah, para Arab sami anempuh byat amurang sarak boten angetang dosanipun ing wekasan uger saged sugih boten praduli bahgareng, sami anglampahaken yatra cicilan wulanan ing dalem sadasa wulan ebot yatra 100 rupiyah mantuk tigang ngatus rupiyah, adhuh prasasat lintah adhapur manungsa, sarehning para Arab purun anarajang walering para Anbiya, kados inggih badhe kathah ingkang aniru, cina klonthong prasasat namung canggahipun, toblas dede menus.
B.N.
==========\==========
Panjurung
Serat sarta sinukarta keh ing taklim katur prakertarta, miyatani bramartani ,wiyose ingkang walkit, pakitnun sing mitranta wong bongsa mukmin minta pangaksama, maranging sasami sami, margi pun kakirumongsa, tanpa sesanunuwun apure sisip mring angwang kang misesa, susah kasataning siti, tita tan katiban tirta, tarlen sampun paduka ula pandalih ywan ulama salah, le datan sasat mrih olih, kawelasanireng Allah, isallah sampun wiwit kala kaping, kalih dasa sapar, istiparipun pun kaki, nungkusembahhyang istika, ngejum kaji mumuji neng jroning mesjid jumungkunging kajad jrih mring jajine sang aji, jamn rumuhi praja arja, dene datan dadya dadalaning dadi, kadarmaning widya, sadasa dasados pundi, beda lan widagdeng kuna, sinung wena mengaken manah kng ening, keneng nundhung nendang mendhung trekadhang sinandhing, lir sang reksi tejamaya, wus kayakten pandhita trehsenapati, doing dunya arta, kapati tan arsamukti, titi mung minta sawadya amin
Alimuntahar Madiyun.
==========\==========
Kakang mas empu Kridhasara, sampun sawatawis lami kakang mas boten mengdalipabaratan ngriki, saweg parlu punapa nun awita kula aturi medali, kula badhe nyuwun barkah saserepan sakedhik kados ing ngandhap punika.
Gandaning janggamnurni kangalayata mri kangum kumamar (lotlinawadning kukusnika ngangusmaring wimba batharagana). Sampun samanten kemawon rumiyin kula aturi tumunten paring katrangan nanging kakang mas sampun lajeng nguwus uwus dhateng kula, malah manawi wonten lepating panyerata kula kakang mas karsoha ngewahi, awit sajatosipun kula punika taksih kuthuk sanget e sampun badhe dados sawur ngandhik. Lho iki jaka suwedha kasapundi ger gok lajeng boten medal-medali, bok inggi medali neh bekta kabar sak wonten-wontenipun supados nambahi egeng kiyai Bramartani punapa taksih gantung dherekan malem jumungah. Kaserat ing pirautaman kaping8 wlan mulud ing Warsa Jimawal ongka, 1821.

Pak Ileng.
==========\==========
Katuraden Narawangsa ing wreksacandhana.
Wiyosipun kula sampun nampeni wangsulan sampeyan ingkang kawrat ing Bramartani ongka 84 sapituruting suraos sampun kula sumerepi terang, menggah panjarwa sampeyan saha anggen sampeyan medharaken bingahing galih, awit saking anggen kula kapengin tepang, punika sakalangkung langkung bingahing manah kula, dene bahe kasambadan sedya kula amamitran wonten ing jaman karameyan la sar kapengin kula tepangna mung wonten ing jaman karameyan kemawon sayektosipun kula boten dungkap liding karsa sampeyan awit kados pundi kandanipun tiyang mamritan wonten ing jaman ngakerat ewadene manawi raden saged anyorahaken reh ing mamitran wonten ing ngakerat kula inggih dherek samanten wau manawi kula condong, manawi boten cekap wonten ing jaman karameyan kemawon. Dene paring sampeyan cangkok kalih iji ingkang sami sumyur denng ramening budi sampeyan sampun kula tampeni akaliyan pirenaning manah, namung ingkang satunggal kula aturaken wangsul rumiyin awit saking paningal kula saweg jaetkemawon suwawi ta kapirsanan ingkang terang, la punika punapa raden pangandika sampeyan tembung Surastraadikara, punika wetahipun suraastraadikara, tegesipun sura kendel, astra, dadamel, ha, tanpa, dikaa, wisesa, dados kajengipun tiyang kendel ingkang boten ambeksikara, lah dalah rak saweg jahat kemawon ta, leres menggah ing teges anamung kawuningana, ukara ingkang kangge saloka punika ing dalem satembung mesthi angggadhahi kajeng, teka tembung astra anggen sampeyan mardeni kajenging saloka tanpa kajeng apa precumah saja, mila cngkok manawi dereng sumyur kula boten kadugi tampi,wayah rame temen budine dening Wangsakinah, nganti kabrebegen kupingku, gagujengan gentos mengko gek nyalileke, sarehning rameningbudisampeyan namung saged mecahaken kecik dados paring sampeyan kecik tanjung dereng kula klethak benjing samongsa cangkok sampun sumyur, bab kecik tanjung gampil bokmanawi kula wenyet kemawon rampung.
Hem gentos raden punapa sampun leres pangangge sampeyan tembung katura, gajegipun sambawana ingkang makaten wau namung dados kanthining tembung mugi, kadosta: mugi katura, ananging sayektosipun menggah ing suraos inggih lepat awit ing ngatasing tiyang suka sengrat boten susah nangge sambawa na tumraping adangilah, gajegipun kaping kalih ingkang leres makaten kula pun undhakan sastra miruda amamuji mugi ing pabaratan bramartani wewah asumorotipun kados upaminipun purnama kesisan mega mugi lang anelahi jagad raya, ewadene kula nyumanggakaken kareping galih sampeyan, eh, eh, eh, gentos kawuningana raden serat sampeyan ingkang dhumateng kula adangiyahipun makaten minongka wangsulan katura ing sampeyan retnanindhita, teka adeg-adeg ongka 1 tembung sampeyan makaten kula Narawangsa ing wreksa candhana sampun maos seratipun retna nindhita (lomegatgatra) ingkang gumelar wonten ing srat kabar bramartani ongka 82 sapi burutipun punika boten leres leresipun kedah lajeng kados ingkang adeg-adeg pongka 2 sapiturutipun ewadene nyumanggakaken kaping 2 iyah durung-durung bae wis gumujeng la kabelik-belik gugujengan kaping 2 lo sampun duking inggih den wasana atur taklim kula.
Banjaransari kaping 17 Mulud Jimawal ongka 1821
Retnanindita inggih undhakan Sastramiruda.

Gandarwa
Ngadireja (Temanggung)

Griyanipun cina awasta Babah Inggiyong matapitayanipun badnar panyadeyan madat griya wau gedhong, wangunipun limasan ing sakiwatengen saha ngajeng wingkingipun pepet pipit grioni kababah Iggyong sasemahipun anakipun estri satunggal rencang rare estri satunggal.
Enggal punika anuju ing saweneh dinten wanci tabuh, lo sonten cina wau saweg pratistha ing ngamben ing ngayap anek semah tuwin rencangipun sami sakeca awawan sabda, ing nalika punika ing salebetipun griya kadhawahan balang ngantos ambal-ambalan nanging ingkang

namakaken balang boten kawistara, cina wau lajeng ngadeg angyaktosaken sangkanipun balang punika saking pundi, ing sarehning griya wau pager banon tur rapet langitanipun ugi rapet sanget dadeos tuwuh panggarjitanipun manah, ingkang ambalangi punika gandarwo, cina lajeng picanten kaambalangi iki janma manungsa apagandaro, apa kang bauresa ing desa Ngadireja kene, yen pancen kowe gendruwo, ara aku anjeluk panganan ing sanalika sangajengipun kadhadhahan pisang raja, 5, uler, ananging cina wau boten sumerep sangkanipun pisang punika, pramila sakalangkung dheleg-dheleg saha sawatawis radi trataban awit saking punika cina wau santosa ing panyananipun bilih ingkang ambalangi punika eswtu manawi gandarwo, cina awicanten malih, yen kowe sumedya becik sarta welas marang aku, aku wenehana dhuwit ing sanalika ngajengipun kadhawahan yatra, 1 sen cina awicanten o allah, aweh dhuwit bae kok ming 1 sen la bok ya sing akeh banget bojonipun ugi ambiyantu wicanten asarana sabda manohara amikatsih, pikajenganipun amrih lumunturing sih kawelasanipun gandarwo, ananging ngantos dangu boten kadhawahan yatra malih, kajawi namung balang ingkang tansah mawanti-wanti, wondene ingkang kadamel ambalang punika wingka, sela, janggel beling saha sanes-sanesipun.

Sareng mas angabei asisten wadana ing ngadireja mireng pawartos babpunika, enggal anitipriksa, akanthi para punggawa upas nalika mas angabei asisten wadana wonten ing ngriku dhawah ing balang dereng mendha, sanadyan ing langitanipun griya wau dipun inggahi sarana ambekta obor, tur ing salebeting griya sakalangkung kathah para niwali, ananging dhawah ing balang ugi boten kendhat-kendhat ingkang sakalangkung adamel gawoking kathah, dhawah ing balang wau teka saged amilih panggenan ingkang sela, boten wonten tiyang satunggil-tunggila ingkang kataman balang andak inggih gandarwo punika mlangkring wonten ing langitan utawi mencok ing pager banon,

Sontenipun anakipun cina akaliyan rencang lare estri sami adus wonten ing sumur sawingking griya, wasana lajeng sami gundam-gundam sarta gumeter,. Sareng dipun pitakeni,. Wangsulanipun sumerep tiyang ageng inggil rambutipun gembel untunipun ageng ageng sanget tanpa udheng tuwin rasukan namung bebedan kemawon kajawi rare wau ugi wonten rare sanesipun ingkang asring gndam-gundam amargi inggih sumerep rarupen kados ingkang kula aturaken punika. Sareng, 14 ditnen griya wau mantun kataman balang, ing salebetipun samanten dinten wau para ningali sakalangkung kathah, rinten dalu selur anggili kesah dhateng.

Saking panginten kula gandarwo wau lajeng kesah saking nriku, ananging saben dalu tansah kliyag-kliyeg plesir ing salebetipun krajan Ngadireja, amargi sampun kerep sanget tiyang sepuh utawi lare, boten namung tiyang stunggal kalih kemawon ingkang asring kapregok tiyang ageng inggil kados ingkang kula aturaken wau, ananging boten wonten ingkang pramanem menggah rupi tuwin panganggenipun, amargi gandarwa purunipun plresir kliyag-kliyeg wau manawi nuju petengan kemawon bokmanawi ragi rikuh kataman sunaring sitengsu.

Ismayawati, ing Asraman Wukir Sundara

Ongka 89, Setu Kliwon kaping 4 Rabiyulakir Jimawal 1821, utawi kaping 7 Nopember 1891

Surakarta
Sambetipun pasamuan garebeg

Munggul pin pikul ing Jagul duk tumurun sing sitinggil tinon saking doh li gigal anenggel labet gengingggil kadya luguning ngancala, salawe prahjaler estri.
Sawiji-wijining gunung, kaapit galadhag mantri, samana jeng sang pamasa, dupi pareden wus nipis aparing sasmita marang, demang Niyaga kakalih.
Ungeling mogang sinuwuk tanapi anyasmitani, malih mring demang niyaga, panataping pradongga di, jeng kyai sekar dalima, pusaka karaton jawi.
Ing nguni bendhe prangipun pandhawa lan drawati, dewadenta poncajanya, tinatas munya melingi, kodhok ngorek swara lumrang, neng tawang tuwang mratani.
Lir ngungudang mring praanung, angimanahe prajurit warata nata sanjata, muntab kasurane mintir, tinitir sruning kadarpan gegeage den abani.
Lan wonten ingkang kadulu, karya resmining pangeksi, majengira mring ngarsendra, mantrining badhut kakalih, candhang balung empal jaya, miragarana wong gingsir.
Saking bangsal angunangun lampahe tanjak sisirig myang abdi dalem niyaga, kang badhe natap setkati, banjeng lampah urut kacang, sumaos ngarseng narpati,
Tanapi jagul kang mikul badhe udhuing sekati, ugi wus samya samekta, tanantara sribupati, paring sasmita niyaga, panatapireng sekati
Sigra mungel gendhing rangkung, empal jayatansah nglirik dhawuh sasmita ning nata, sawusnya den sasmitani, gumregah sangking ngalenggah, nembah jebenge cinangking
Mudhun saking siti luhur, sisirig anggantung sikil pradongga sekati sigra, lumengser saking ngarsaji, punikul dening jagulan tan pedhot tinabuh ngrangin.
Taksih wonten sambetipun.

Nalika malem saptu tanggal kaping 27 wulan Mulud wanci jam 3 dalu griyanipn Ngabei Darpapranata ing kampung anggandhek Kiwa, kalebetan pandung, lebetipun sarana anyuthk kancnging konten lajeng amendheti barang barang saisining griya, warni sinjang 2 4 iji, supe bendhilan 3 iji, gunggung 27 iji, sadaya kinten argi, 144, rupiyah, sarehning ngabei darpapranata saha tiyang ing griyanipun sami sakecanen anggenipun tilem dados pun durjana bikut anggenipun mendheti barag barang wau, kadenganganipun sareng sampun enjing, ing pamuhi kula mugi para kawogan enggal lajeng saged amikut pun durjana wau

Klathen
Wonten suldhadhu walandi taksih kidhungan dipun geladhi dening sarsan suldhadhu punika dangu boten saged tampi punapa sapangerehing sarsan mila tansah dipun sentak-sentak dangu-dangu suldhadhu kidhungan boten saged angampah ardaning nala, la karsa sampun wancinipun sayah wewah mambet ujar sengak kaken manahipun sangsar sandipun jojoh ing sangkuh cepret kenging lempengipun kiwa meh kirang akedhik tatas sangsarsan andhawah dhepani siti bantala, sanjata ingkang kadamel nyangkuh lajeng dipun culaken ponang sangkuh taksih tumancep ing lempeng , suldhadhu cidra inggal dhateng ing ngarsanipun sang litnan ingkang saweg wonten ing kantin dumugining ngarsanipun sang litnan lajeng angaturaken kalepatanipun sarta anyumanggakaken punapa ingkang ddos dhendhanipun sang litnan dereng ngantos amangsli wuwus selak katungka dhatengipun sang sarsan ingkang nandhang kanin akaliyan kuthah ludira, angaturaken bilih piyambakipun kacidra suldhadhu ingkang sowan ing ngarsanipun punika, sang litnan lajeng anyasmitani para suldhadhu ingkang sami wonten ing kantin kinen nyepeng suldhadhu durhaka, sarta inggal kalebetna ing kamar dodosan tuwin wonten ingkang kapatah angaturi tuwan dhokter militair, awit saking dresing wedaling rah tuwan dhokter dereng ngantos dhateng sang sarsan sumaput supe ing purwaduksina, wondene sagedipun lumampah dhateng ing

ngarsanipun tuwan litnan wau saking tatag saha kawanteraning manahipun owaling sangkuh sakin glempengipun ugi kadudut piyambak sami sami salebetipun benteng klathek sarsan satunggal punika pancen radi kondhang kerasing manahipun wasana sadhatengipun tuwan dhokter sasrsan ingkang kantaka inggal kaupakara, dupi sampun enget ing purwaduksina lajeng kabekta dhateng balemarta salebeting benteng, salajengipun samangke kula mireng wartos sarsan punika boten kenging dipun ajeng-ajeng sagedipun waluya, jalaran tatu anrajang usus, dhuh memelas sanget.

Tuban
Kulawisudhan
Raden mas Arya Pratigta kusumadinata, asisten wadana ongka I, ing Onder dhistrik Kepoh Bojanagara, kawisudha dados jaksa ing kabupaten Balora, salowonging kalenggahan asisten wadana wau, ingkang anggentosi mas seca amijaya, mantri sambong dhestrik Rengel Tuban, mas Reksaprawira, ingkang wau jaksa ing kabupaten tuban kawisudha dados mantri sambong dhestrik Ngumpak Bojanagara.

Dumugi sapriki ing padunungan kula dereng jawah, menggah awanipun bumi wewah sanget panasipun punika anjalari kathah wontenipun panyakit ing dhusun bawah dhisrik Bancar, ing dalem sadinten sadalu, tiyang ingkang mejah jalaran sakit kirang langkung wonten 26 tiyang, ing salebeting kitha meh saben dinten ing satunggal tunggaling kampung wonten tiyang sakit ingkang ngantos dados sakit tiwasipun punapa malih ing kampung Arab kenging kawestanan kapanenan wondening menggah pangupajiwanipun tiyang samangke kalebet rakaos reginipun uwos sampun mindhak rinten dalu para among tani sami asasambat anunuwun ing gusti maha agung mugi mugi tumunten kaparingan jawah, awit sadaya tataneman karangkitri, kathah ingkang sami alum temahan dados pejahipun makaten malih sadangunipun boten wonten jawah kaetang meh saben dalu kemawon wonten griya kabesmi.

Kala dinten Jumungah kapengker punika, wanci tabuh pitu sonten ing dhusun Keduran dhestrik Rembes wonten tiyang pejah jalaran kabacok dening durjana, nunggil sadalu punika ing dhusun bawah Onder dhistrik Bangilan dhestrik Jatiraga, wonten tiyang pejah jalaran kagorok dening durjana.

Salerehipun bupati Tuban Raden Tumenggung Panji Citrasoma, sadaya para tiyang ing salebeting Apdheling Tuban sami getun sanget sarta kathah ingkang sami angrentahaken luh, labet saking gengipun tresna, dene tumuwuh ing kasutresnan wau boten sabab saking punapa, boten sanes namung sabab ingkang awit raden tumenggung panji Citrasoma wau jumeneng bupati ing Tuban ngantos kalih welas taun laminipun boten nate anandukaken badi angkara, anyuwiyah tuwin aniyat adamel cilakanipun dhumateng sasamining tumitah, tansah anandukaken budyarja, ambek palamarta sih ing dasih, sarta adil lan malih jumenengipun bupati wonten ing Tuban sampun sakawan turunan boten mawi kaselanan ing sanes inggih punika wiwit ingkang eyang buyut jumeneng bupati ing Tuban pikantuk ganjaran sasebutan nami: Pangeran Citrasoma, dereng dangu jumenengipun ing Tuban lajeng kaingser jumeneng bupati wonten ing Japara, nami taksih kalulusaken salowongipun kalenggahan bupati ing Tuban saking kaparenging karsanipun kajeng guprenemen ingkang kakarsakaken anggentosi putranipun ingkang nami raden ngabei Natawijaya, ugi pikantuk ganjaran sasebutan nami Pangeran Cirasoma, jalaran karimah saged angudharaken brandhal Yoswa, 54 seda, kalenggahanipun lajeng kagentosan ingkang putra nami Rade Amengkucitranagara, tumunten kawisudha dening kanjeng guprenemen sasebutan nami Rade Adipati Citrasoma, sarta kalilan ngagem songsong jene, sareng ing taun walandi 1879 nyuwun lereh saking pangkat bupati, sarta lajeng kagentosan ingkang putra nami Raden Ngabei Panji Murdhakusuma, wedana dhistrik Jenu, inggih punika raden Tumenggung Panji Citrasoma,

ingkang nembe lereh wau, dados para titiyang ing afdheling Tuban ageng alit ajrih tuwin asihipun wewah sanget sarta kenging kawestanan sampun sami mandara, pramila salerehipun raden tumenggung panji citrasoma wau ngantos sapriki, para mitra karuh tuwin abdi kulawarganipun kathah ingkang sami bela sungkawa, saweneh wonten ingkang boten kolu nedha, rinten dalu tansah amumuhi, mugi mugi panjenenganipun raden tumenggung panji Citrasoma, pikantuk pangaksamanipun kanjeng guprenemen saged jumeneng bupati wonten ing tuban malih, tamtu kathah tiyang ingkang sami ngluwari punagi, ananging pamuji ingkang mangkaten wau kathah botenipun saged kasembadan sanadyan kanjeng guprenemen karsa paring pangaksama, ingkang sarta saged jumeneng bupati malih, inggih dhateng sanes panggenan.
Wasana lajeng sami anynyuwun ing gusti rabilalamin mugimugi kanjeng guprenemen karsa anggalih tuwin angluluri dhumateng salah satunggilipun tedhak turun citrasoma, ingkang pantes kajumenengaken bupati Tuban awit citrasoma kapisan bupati wadana ing Japara, dumugi pangeran Citrasoma bupati Tiban tuwin pangeran citrasoma bupati ing Japara, tulunganipun dhumateng kanjeng guprenemen sampun kathah, punapa malih kontaping pawartos menggah lerehipun raden tumenggung PanjiCitrasoma wau boten wonten sabab ingkang mranani, boten sanes namung sabab kaem sanget lengggah kursi males.
Pramila sampun pantes kemawon, upami kanjeng guprenemn kagungan welas taksih karsa tutulung tuwin angluluri dhumaten gtedhak turunipun citrasoma kajarwa nginggil ingkang sampun kacihna lalabetanipun ing kanjeng guprenemen amin amin yarabilalamin
Katandhan pun Kabula.

Batawi
Kapala kampung ing Purwakarta ingkang sisih ler (Krawang) anggadhahi pamanggih supados tumunten katurunan jawah, makaten rekanipun kapala kampung wau amantokaken kucingipun ingkang kaliyan pasamuwan ageng-agengan kucing sarimbitipun arak kaubeng-bengaken salebetipun kitha, kalian dipun iring para mitra tuwin sdherek kathah, kabarung ungeling musik biyolah, terbang, wah kathah tiyang tuwin rare ingkang sami ningali tontonan punika, ngantos saurutipun radinan jejel uyel-uyelan ewadene si gendhuk jawah teka ayem kemawon dereng karsa tumedhak.
Ing sawenehing kampung ing Batawi, wonten para wan jawi karabi dening sawenehing Arab sawatawis dinten laminipun wanci dalu kyai Arab boten saged anahan kaardanipun kalampahan angrudapaksa dhateng pun prawan wau, ananging wantunipun rare dereng nate nate, wah ingkang kyai ageng inggilipun anggigirisi, punapa malih tarekahipun pun anglir pendah danawa wuru, dados pun prawan ajerit jerit pancen astri jawi karabi dening tiyang Arab tamtu awis ingkang tahan prasasat kalenan dipun ambah baita kunthing, pawartosipun saprik inyai Arab boten purun nyelak dhateng kyai Arab lah punika kenging kadamel lupiya dhateng sadaya bongsa kula tiyang jawi, sampun ngantos anakipun estri kapasokaken dhateng para arab dupeh dipun galundhungi galindhingaken gepak bunder lajeng boten etang ing wingkingipun wah kathah rabinipun ingkang lajeng kaanggep rencang tumbasan wekasan binaekaken kados kapal momotan ingkang sampun risak, bongsa kula tiyang jawi ingkang kathah-kathah boten angengeti ingkang makaten wau, madnar bingah badhe anggsal turunipun putra kadewatan andulu patrapipun para Arab, para tiyang ingkang cinalakan pancenipun sampun tuwuk anguthuh, dharidhis amurba, amasesa, endah puna sadhengah tiyang ingkang kadhatengan tiyang Arab anggening ngaji-aji ngantos supe dhateng gustinipun inggih tiyang Arab ing nganggep allah katon ingkang ing wekasan badhe anyangking dhateng swarga loka, rak mung jarene niku, kayaktosanipun rak dereng wonten wangsul tiyang jawi ingkang cinelakan tiyang Arab kathah ingkang ical sisikonipun jawi watek wantunipun asring angemaremari
Pethikan.

Kalebet pratingkah nganeh-anehi.

Mas Resa Supalwa abdi dalem lurah Pambelah griya ing Sampangan Surakarta, kalangajengaken bakda mulud punika, mireya ulam bendung lepen ing sampangan patrapipun kdhi wreduk ngandai, setu Bondalayu, ing dalem sabendungan antawis 10 elo tebihipun toya tinawu ngantos sat saking kathahing ngulam pametipun meh tanpa pirantos kathah cinepeng tangan, asalipun tanpa wicalan sareng sampun kapandum lajeng sami sarembag badhe bendung ing kedhung Panganten kaangkah dumugi sampangan temah lepe toyanipun litreg-litreg kadi blumbang, dhasar sampun meantaka, nahenta kang winursita, marengi dheng bakda, kdhung panganten kabendung, angsal sapalih tikung manginggil, purnaning pambendung gya bibaran. Yata enjang sami dhateng, olah bawa kadhi wremeperestu, sae sating toya, pamolahing ngulam gigirisi, ing riku kalebet dhatulaya, sakala ngantos sami supe pananduking pirantos kathah kacepeng tangan tangan kalih, ulam kalih, dene mas lurah belah, tansah alok tuding tuding, sawi malangkrik jebles sang kapyanila, yata dupi wanci tabeh madya catur, katingal sai cape, margi tanpa bukti, lajeng sami mentas, dene angsalipun ulam atusan, ingkang sami mirsa sumlengeren lajeng kapandum tiyang sampangan tiyang sangkrah ageng alit, nalika punika lajengt wonten dhawuhing sisiku lintuning suka, dilalah karsa Allah sadaya tiyang, katuwuhan supe, dereng rampung pamerangipun lajeng sami ambyuk rebatrinebat ngantos boten kantenan temahan juru pandum gugup gita tanpa gati, lajeng mlajengaken ulam sadhahipun kang dereng kaperang wau.
Yata mas Luranila, supe walengipun kadunungan waswas temah lajeng tumut ngrebat ulam kang kabekta mlajeng, juru pandum, duk punika wonten satunggal tiyang sangkrah ingkang lenger-lenger boten tumut ngfebat dupi enget ulam sampun telas lajeng nututi mas Sicallurahipun, nedha panduman, wangsulanipun den bongganaken teka boten tumut ngrebat wangsulanipun mila boten tumut ngrebat pangintenipun boten cara baajangan bajing, teka mas lurah malah tumut ngrebat kados bajangan bajing, sakala mas Lurah lajeng baramandhiya duka sarusora, tiyang sangkrah ngraos sayah tanpa pedah, lajeng purun mangsuli sak cap sami sak cap pisuh pinisuh, tan drana mas lurah gya gatgada manggala, enget anak gada manggala, lajeng ngancap badhe nabek tanganipun gya cinandhak temah kuwel gelut ngaben kadibyan dupi peluik lajeng kasapih ing kathah, kadhabyang saking kedhung Jiblen kang baureksa candhik rajamala, gya bibaran kundhisi tanah Yawa, kang sami ningali sidhakep gedheg judheg, saweneh wonten kang ngraosaken dhh kados pundi dene boten nyana temahan mangkaten mongka ingngajeng sami sayuk syuyud, ing ngriku wonten kang radi limpat budi gya mangsuli: lo mulane kawruhana, kabeh kaananiki: dadi wulang lan pepeling, pangawase saka solah tingkah bawa paribawa, krana alabecik bener luput iku ora metu, sakalning ngawak, mangkene bebasane, sing kajeni ku dudu pangkat kaluhurane, sing keringaniku, dudu kasudhirane. Sibeicik iku dudu dhang panganggone, sing klakoniku dudu karepe, lawan ana lampita mangkene sing bisa gawa awake, sing bisa nganggo atine, sing ngreti parlune, sing wruh uripe, ujara sang wus man sing sapa wruh kayogyaning catur prakara, saingga wus kalakyan tindaking telung prakara nistha, madya, utama, uger wikan wiweka dya tmika, yaiku wahyu kagugrahgan tegese kawimbuhan, dene nistha iku wite budya angkara kembange melik, woe lali, madya wite duduga, kembange, prayoga, wohe, watara, utama, wite budyadarma, kembange, palamarta, wohe, aksama, mulane mas lurah ilang larine, witan wikan tan wiweka, tandya tmika, o sng ratna nimpuna, inggih nindita, mugi sampun kagalih kulacalak aninisani, punapa dene, sang narawa ngumpa, ing galih sampun nanyakra kula amasang smu, bab pitanyanta, dhateng dyah ngabei, meheng darmi kojah, malah badhe sadya ngalap barkah tembung remeh, ingkang dereng mudheng pikajengipun, kados pundi, tiyang den sujanani, den mejanani, punika kang badhe kula suwunaken berkah, sang dwitapara, nangig dereng ngangsal sarana, pikaruh kula, sampu nun krilan dugekaken kojah.
Taksih wonten sambetipun. Satuhu Endracatra.

Panjurung katur Ismayawati
Ing ngatasing tiyang taken sampun dipun jawab punika kedah amangsuli, manawi jawab wau lepat lepatipun kapratelakna kalayan manising basa (*) supados boten angusutaken nitya, manawi

leres amedharna bingahing manah, kanthi sukapanarimah, dados ingkang suka panjarwa lega manahipun rak inggih ta mas narawangsa
Undhakan Sastramiruda
==========\=======
(*) lah punika ingkang kula ajeng-ajeng, sapunika sikagumlethek saha lajeng kacandhak kemawon tiyang angedegi pasamuan tetembunganipun inggih amalipir saha angidegana tapsila, punapa malih sami angemutana pasemon adeging pantun ingkang isi tumungkul ingkang kothong dhangak.
Jurungarang.
=========\================
Sambetipun pasamuan ing Prabuningratan.
Arya Prabuningrat kang bawani, tumanggaping pratamu sahaya, de pangeran antanane, muhung sapta kang rawuh, kadi ta kang winahjyeng tulis sajuga jeng pangeran kusumayudeku, kalihira jeng pangeran panji Priyambada katiga kang rayi, pangran Dipakusuma. Katriwayah dalem sang siniwi, swargijeng sinuhun Pakubuwana, ping catur mongka tindake, pangeran katri wau, pan sadherek naksanak sami, wayah kang kaping gangsal ingkang nomer catur, jeng pangeran natabrata, tuwin kangjen gpangeran Kusumabrateki, myang kanjeng pangran arya. Adinagara nulya kang rayi, kanejng pangran panji puspasuma, sakawan sami sadherek naksanak urutsepuh, dene ta sang para bupati, ugi astha kathahira, ingkang samya rawuh, nomer juga rahadyan mas arya Jayadiningrat kang nomer kalih, nenggih radyan mas Arya. Sasrakusuma taruna pekik yeku putra kanjeng srinarendra, ingkang jumeneng samangke, jeng gusti pangran prabu, wijaya kang puputra yekti, mijil saking ampeyan nulya dyan tumenggung arjadipura kalawan dyan mas Arya Kartadipura wawangi, wadana gedhong kiwa. Gangsal bupati seu wawangi, radyan tumenggung Jayanagara, nulya bupati pangrembe, rahadyan mas tumenggung, nenggih Wiryadiningrat tuwin bandara dyan mas arya, sujanapureku, bupati ing kasatriyan kadipaten nulya bupati pulisi, nagari Surakarta. Kang mase Arjaning prajadi, radyan tumenggung Kartanagara, pranayaka sadayane, tan weneh ing pangrasuk samya ngaggem makutha breji, nging yampingan kewala, tan angagem kampuh, sadaya sami rasukan laken langking lenggah ing sikepan alit ing jro rinangkep seta,
Taksih wonten sambetanipun,
==========\================

Ongka 90, Salasa Pon kaping 7 Rabingulakir Jimawal 1821, utawi kaping 10 Nopember 1891

Pawartos kawat
Kanjeng tuwan Kuhr anyuwun sandenipun anggening kakulawisudha dados asisten residhen ing Bojanagara
Kawisudha dados asisten residhen ing Bojanagara, kanjeng tuwan Martens.
=========\==========
Surakarta
Sambetanipun pasamuan garebeg

Ungkuring sekati wau, tanantara sribupati, tanapi jeng tuwan lawan pratamu dipun larihi, minuman ngunjuk sapisan jeng tuwan ingkang kundhisi.
Wilujenging bakda mulud gumrah sinambaweng musik sinungsung suli srangsrangan kendeling tambur saruning, mayoring wiratamtama, tumama tnadang kumenthir.
Urmat drel prajurit satus bantas netes tansarenti, tinimbrung siti lawang,mariyem mageng kiyai, swah brastha sagarawana, sinumbu jumegur muni.
Ninggang wangkonge wonglungguh,manggut-manggut lr ngastuti, rantasing patratinatab rontok ngrarambat siti, tepa gitani jawata, ngudan ken puspita minter.
Tinimbangan idrelipun prajurit miji pinilih nulimalih kang sumelang, mariyem kdya ngegongi, tamtama drel kaping tiga,miji dhinilih kaping tri.
Tumruntun ingngalun-alun ungeling mariyem kaping, tigangdasa langkung tiga, sapundhating mriyem muni, sangnata paring sasmita, kendeling pradongga kyai.
Sekar dlima wuya suwuk pasamuan ing sitinggil dhedhep datan pasabawa, kawawang wingiting gusti, pindhapasewakanira ratu jim prabu rawangin.
Nalika mangun pangungun ngudi impening putrestri,pratiwa mantra malitra, katrngan dhawuhing ngaji, jinejer aritanira, samana srinarapati.
Mring abdi wadana dhawuh, o boah ing sun bupati, warahena sasranginingrat dhawuh ana menyang mesjid lan sakancane wadana, kaliwon nonanon mati.
Adongakna slameting sun kalamun wis didongani, mring sitapsir anom nulwa, ajad dhawuhena bagi, bocah ing sun kawarata, anbdikabupatikalih.
Lengser saking ngarseng prabu kaliwon gandhek umiring, kalih prapteng pagerlaran panggih rising nindya mantrei, tan wawangsawang sinawang, kaya kanguluk-uluki.
Yata sang mantra pangayun sandika nulwa nanggapi, lengser sangking palenggahan andhodhok ngrsaning nglampit bupati merpeki dhadhap dhodhok ngraras dhawuh aji.
Dyan dipati pakenira tampi, dhawuhe sang katong, pekenira ingngabdikakake, menyang mesjid lan mwadana mantra, donya kaena nuli, lujenge sang prabu.
Taksih wonten sambetanipun.

Kula gumun sanget dene samangke ing sagaran salebting kagungan dalem pagrogolan ing kartasura, peksi toya bangsanipun maliwis kathah sanget sarta awarni warni, saking kathah ipun ngantos kula upamekaken kados peken ingkang saweg temawon malah peksi wau kathahingkang waninipun kula dereng nate sumerep kula gadhah kinten dhatengan enggal saking rawa-rawa, ingkang sami asat toyanipun jalaran saking lamikabenteren pnapa dene ulam kutuk badher sapanunggilanipun ing sagaran wau ugi kathah sanget.
Kintunan.

Ing salebtipun wulan mulud kang kapengekr punika, ing kampong klurahan wetan ing sisih ler, wonten tiyang jaler bongsa waswa wanci siyang sawe pinuju angeloni kalulutanipun lajeng kasumerepan ingkang estri, ing nriku raden nganten saeng sumerep ingkang jaler angeloni anu, sakalalajeng bramantya jajabang mawi ngawi ngaku medut pardoning lathi, ingkang jaler kauman uman akaliyan swara sora, ananging ingkang jaler sarehning enget yen trahing ngandarna warih, dados botenpatos kamirengaken menggah panguman uman wau, malah kaedheng angganing angeloni wau…..hem ing ngriku raden ngantensaeng sumerep saparipolahipun ingkang jaler, sansaya srukrodhanipun lajeng supe ingpurwa madya wasana ingkang wonten among mituruti ardaning manah,sakala lajeng amendhet dhuwung ignakng

cepak pangenanipun lajeng kaunus badhe katamakaken dhateng pun hem ananging dhuwung lajeng karebat dining ignkang jaler kalayan pangrarapu ujar raris ulat manis awit saking taksih enget pyambakipun bongsa waswa, ing ngriku pun em sareng sumerep badhe kalarihan dhuwung, lajeng onaat saking ronanggana medals aking griya mlajeng mangilen terus lajeng malebet ing pura, dene kula lajeng dumugekaken lampah,
Kedhung Srengengeping 3 Rabingulakir, 1821
Juruwarti, jalumampang.

Ing Bramartani, sampu kerep kimawon, anguwus0-uwus para enem ingkang asring rimong plangi, sinjang sarung, mawi cripu, lan rasukan potong mangkok, suprandosipun boten wonten ingkang sedya amantuni, prsasulanipun, sami mandar kadereng andarung anggenipun ngangge potong mangkok, sarung lan cripu, rimong plangi, lo, kajawi,ta, parabandara tuwin sagung santananing ratu, punika pantes kemawon, ah, sareng sanesipun punika ingkang dados ken kusud tumrapipun salebeting baluwarti, e pramila para bau pulisi kang sami waspaos manawi krungu cripu thiyet-thiyet swantenipun o gih niku lare jing jeneng samadi anake tiyang pangandhung, purun purun ngangge potong mangkok plangi lan sarungan.

Tilas carikipun tuwan H, ing dhusun Demangan saking anggenipun remen maos ngantos meh kasupen dhateng anak bojonipun, sawenehing dinten anuju nglilng serat, saweg anenengahi maos bojonipun dhateng sarta wianten e kipriye tam as kowe kuwi saka dhemen mu maa laying nganti lali menyang anak bojo, bok ya aja banet banget yen kadhek biyen biyen aku wruyh amenawa kowe dhemen laying mangkono dhek biyen akudadiya laying bae mesthikok dhemeni banget ignkang jaler mangsuli, iya ta,dhuk, nanging kowe aja dadi laying almenak karangane den Panji Jayasebrata,mundhak pijer ditabuh bae.
Ileng.

Kala dinten malem Jumungah wge wonten tiyang estri nami RK kasariyos nuju wanci tengah dalu jam 2 mongka amarengi nglembur nyerat woten ing jogan tur ngisis pantes ngentosi bojonipun ingang ksaweg marasowan sareng watawis jam ½ 3 ingkang dipun nentosi meksa dereng wonten sabawaning mantuk anethek kori, embok RK temahan ngantuk asendhen sakapungna pamalih gelung wudhar sumamir pucuking dilah ceretan bel sanghyang Brahma maerdhi mangkrak kagiri-giri, embok RK taksih eca ngantuk lah sareng nyandhak sirahipun lajeng tangi, makjeginggad o, getun rambute ilang, tujunipun sanghyang brahma Krodhanipun lajeng lilih, upaminyandhakkakepang, lah dalah, gek kados pundit, rak temtu gigirisi mongka kanan keringipun ngriku griya kathah ingkang sami payon welit mila kengatos-atos yen dekek dilah
Ilemarasma.

Klathek

Titiyang ing kitha padunungan kulak ala punikakathah ingkang badhe ngauli, samongsa mongsa katurunan jawah, wonteningkang badhe kaul udhik-udhik yatra, wonten ingkang badhe amragat ayam saweneh wonteningkang badhe kaul wuda wonten tengah latar kaliyan jogedan eh mangke rak gih medeni wong ngurip temenan iku, kalampahan kala dinten akat paing kapengker punika wancijam 1, siyang ing gagana ktingal mendhung angendhanu, dhuh kados punapa pangantun-antuning para titiyang prasasat semadosan lan bedhangipun wasana ing dinten wau saestu sanghyang riris karsa tumurun ing ngarcapada, ananging naming kemlambi kemawon ewasamanten saking enggaring titiyang ingkang sami gadhah kaul sampun kathah ignakng ngluwari ujar, wasana dumugi sapunika sanadyan ingngantariksa meh sabendinten katingal prepat prepet ananging teka lajeng sinaponan dening sanghyang Bayu, temahan lajeng resik anjiglag.
Kaki…..ja…..tu…..ba……

Dereng dangu kula maos pustaka Bramartani angemot cariyos para momor samburare jaler cundhuk jungkat gelung kondhe mawi ngangge samir sarta estri mangangge sembongan ugi mawi sapiran sami nandukaken apuskrama, lalampahan mangkaten wau tetela awit saking pambudining dur ingkang tansah kagilut saben dinten, patrap ignakng mangkaten punika sampun kagolong angge wokaken panugilanipun kados ing ngandhap punika.
Kala tanggal kaping 12, sapar jimawal punika tiyang wasta surareja bekeling Jimbung dhistrik Gesikan kadhatengan tiyang 3 iji, ingkang satunggal ngaken nama RAden Mas Ariya Sasra ADiarsa, ngaken wayah dalem ingkang sinuhun kanjeng sultan ing Ngaygyakarta, ignakng kalih minongka papatipun sadhatengipun ing ngriku lajeng pitaken kasajakaken kados dene para luhur manawi dangu dhumateng tiyang alit, e man ngendi omahe Surareja, pun Surareja mangsuli, inggih kula punika punSurareja, ang mindha wicanten tembungipun o kabeneran ane aku jaluk leren omah mu sadhela surareja, sang mindha lajeng ing ngancaran lumebet griya.
Sasampunipun sinugata wedang sarrta ttedhan sakawontenipun sang mindha ptiaken malih tuwin anedahaken asmanipun sarta angewedharaken ingkang dados sedyanipun ing lampah rekane, tembungipun surareja kowe bekele suwargi kang mas pangeran ariya Sontakusuma Surakarta, pun Surareja mangsuli inggih, sangmidnha wicanten malih, andadekna sumurup mu surareja, yen aku iki kabener wayah wayah dalem ignakng sinuwun sultan ing Ngayogya, aranku RAden Ariya Sasradiarja, lan suwargi kang maspangeran Sontakusuma kabener sadulur naksanak kambi aku ana dene teka ku ing kiene iki mung prelu aweh wruh marang kowe, yen padha ginanjar slamet sakabehe sajrone ssi sapar iki aku arep duwe gawe anetakaken bendaramu anaku, ananging aku anetepi ujar dhek nalika bendaramu ginanjar lara banget Manawa bias waras besuk yen tak tetakake aku aku jaluk urun waragadpara bekel le sanak adulur ku ing Surakarta, mulane aku jaluk urun karo kowe sapuluh rupiyah, yen ora ana sapuluhiya kang cepak bae apira anane lilaha Surareja, pun surareja nir ing wewek lajeng mendhet arta 3, rupiyah kaaturaken sang mindha, kalayan matur angrereepa,dhuh Bandar mugi sampun dados cuwaing panggalih dalem pun abdi naming saged ngaturi panjurung 3 rupiyah, sng midnha anampeni kalayan suka rena ning manah sarta lajeng pamitan wis Surareja kari slamet aku arep nutugake lakuku, kocapa lampahipun durjana apus tiga wau anuju dhateng dhusun tegalsari, dhistrik GEsikan (Klathek) lenggah ing kusumabratan jujug ing sriyaning bekelipun anama wongsadiwirya, kaleresan pun wongsa diwirya saweg wonten ing plataran ang mindha lajeng pitaken endi omahe wong sadiwirya bekel Tegalsari wongsadiwirya amangsuli inggih kula punika wongsadiwirya bekel ing dhusun ngriki, sang mindha lajeng amedharaken wiraos tembungipun kados kala dhateng surareja wau, naming wonten kaotipun tembungipun dhateng kusumabratan adhimas pangeran demadakan pun wongsadiwirya gadhah rimatan arta 3 rupiyah 50 sen gurawalan lajeng katampekaken sang mindha sarwi matur ngrarepa nyuwun pangaksama akathah kathah, awit boten saged anetepi sapamundhutipun anggepe, sang mindha amangslui trimakasih, wis kari slamet Wongsadiwirya akunutugake laku.
Nahanta: sapengkeripun durjana titiga wau pun Surareja kalayan pun Wongsadiwirya, saweg anggadhahi panyana bilih tiyang tiga punika durjana mindha mindha, mila lajeng sami gagancangan lapur dhaten gdemang pulisi, sakala demang pulisi lajeng anungka lampahing durjana apus anangin sampun boten angsal lacak, dhuh para kadang myang mitra, kula aturi angatos-atos jamanipun angulah kasagedan ngukulipun pambudidaya angupaboga teka warni-warni asnapun
M.T.S.

Sambetipun kalebt pratingkahnganeh-anehi:
Kocapa ing dalunipun tiyang Sangkrah dipun primepeni, yen boten nunten mangsulaken dhateng lepen badhe katumpes tiyang mangsuli kula nikimung kelu wong samampangan gih kula balekne, sareng enjing gumyah ken warti ing kasupe dalu, kang taksih sami simpen nulam lajeng kawangsulakening lepen let sadalu, wonten kabar tiyang sampangan kendhang jiwanipun tandhanipun bendungan kang dereng katawu boten winangsulan dados sampyu lan lep lepen pejah tyang pejah, ing mangke sampun dados margi, temahan sanget grsah pangresulanipun tiyang sakiwatengen lepen siyang wanci enjing sonten susah boten saged

susuci, mongka sadaya sumur sad sangsaya cekakrakakan bilih adus dhatengipun dhateng sumuru bur, lepen wau pancen kalbet dados pitulungan ageng salebeting angrak punika. Bilih dalu sumlang durjana, sabab durjana sampun kadamelaken margi kang pakewed pambujungipun dening mas Resasupalwa. Mila panginten kula sami mumule sekul golong peel lele urip-urip kotes tetep mas resasupalwa wau anerak sipat 1 botnsumrep wajibipun lepen dados panggasangan malah kapejahan saweg ga enget anak wiranarmada kimawon boten purun mejahi lepen 2 nuntuni lampah awon sasat napekaken dhawuh undhanging nagari, 3 ing samasa rendheng mongka wonten jawah bladheg tigang dinten tigang dalu, apes kalihdinten kalih dalu, ses tutota mambet ing balowarti, sabab kang sampun kalampahan saben jawahkados kasebut nginggil tamtu dugi ngalun-alun mil amangkaten panginten kula, margi ing kandhung pangaten samangke sampun kados ara-ara tuwuh dhukut bondhotan upami ngajeng peres tamtu samangke beleber minggah pemahan pratingkah mangkaten wau punapa boten jalari kasusahan ageng, lan punapa boten saingga nglanggar angger nagari, yen pyambakipun inggih boten susah sabab awak baita, malah dados wimbuhing kauntungan sok lepen kerem baleber kathah tambanganipun thok thelipun wangsul dhateng wijiing gelut rebutan lele, lo kok mayar saslenganggo atine, lo kok entheng mas legawa awake lo kok ngreti mas parluning melik, lo kok tur mas nek panancanging orip pangan e mas ampun ngaget-ageti, petik-petok hems aupami boten wonten panggalihipun sang yogya kawogan sestu kaleksanan sadaya riyos kula i
Ingkng dhungkol kaping Rabingulawal JImawal warsa kulasumongga sesdhiing manah
Satuhu
Endracatra.

Panjurung
Sambetipun pethakan Pustakaraja

Ngagema kaprabon mami, aja siwah paparentah, amengku kaya adate, sandika karsinung sabda, kalih sareng umedal kyana patih undha gupuh, tan antara wus samakta.tata tariping lumaris laras lalagehing bala, bala barsudireng kewoh, anjaksilaning ngasrama, mangkana srinarendra, mangarih garwa sangayu,yuwana ning tindakira. Ing karsa sang raja putri, pukulun mugi tebihna, ing tulah lawan sarike, menggah ing panuwu kula, sampun lajeng paduka, nyarirani tedhakipun cekap pun patih Sriyana. Lawan putranta srigati, margi sedhenge paduka, ecamukti neng kadhaton tuwin kawula katingal anarusileng karma, anggen paduka pukulun tedhak angupaya kidang.Kang geg srinata tumuli, angusma garwa sang retna, wong ayu tan atimbang e, dene sira tansah tresna, lan ngeman marang priya, priya untung ngundhung-undhung, wastune garwa musthika. Angujiwat snag sudewi, tanggap liring pagutiiingal yayi mungguhkarsaningong, lumaku priyongga marga, wus dangu tan uninga, jronign bondhot bandhil sirung sarang sarining paningal. Lawan uga ingsun lami, nora ngirapaken wadya, wajib ratu ngosikake, adapt kala guing karya,lan malih sir animas lami dadi garwaningsun during tau amamanti. Pantes ingsun angawaki, andheku kang garwa nembah, srinaranata nulya ge, angasuk busana abra, silir soroting surya, nulya miyos siti luhur, ginarebeg pramanggala. Gulaguling prajaniti,buwangganing silakrama, ajejem neng ngarsa katong, rekyana patih ngandikan sinabdan yayi para, wadyanira apa uwuspepak angrakit babekten. Manembah sang nindya mantra,pukulun srinaranata, wadya tuwan sakabehe, umyablir dira dameta, saking dangu tan medal mila sami sukeng kalbu, kang kapath umiringa. Yayi ametuwa dhisik nta alakuing bala, kang gawa piranti age, pikatjala jarring jampang, samongsa wus tumeka, , ing papan wiwita gupuh, srinata niti turongga. Sembrani ulese kuning, besus muntap grahitanya, lebar rampas ing mangsane, kpyah luwes tandang pada, inggil jujunging jangkah, lembut tindakira sengkut anirig medhar aneongklang. Dhadhasar kuda prayogi, geng inggil gamoh lambenya, empuk membat ing gegere, andengkeng lir papah gedhang, jongga geng jalak munglang, sirah daweg pryaluhung, kumrisik kang suri memak. Wulu lemes akalimis gilape pindha mas jenar, kuncung mawur keh bobate, buntut ngatongggeng kumelap yen tinon warganira, tarab tirncing kadya mabur, tan ngambah mungguhing bantala. Kyana patih para mantra, sadaya wahana kuda, kang

ngampil upacarane, ugi anitih turongga, rongatus mantrinira, wadya dharat wolungatus sangkep piranti bebedhag
Taksih wonten sambetipun.

Minangka pasumbang tumraping pustakawarti yeka kadya ringandhap punika cnadhakira Kanangwiyata.

Pan wus weruh sira ing sabumi, tribawana yen tanupahing ngga, pan tan ana weak supine, parandene kang ngayun anglangkoni dadi maharsi, alamidenyatapa, pan durung anemu, ing kaluwihaning tingal mideer nusup nusup ing giri wanamrih, apa sangkaning muktya. Sapata sira ingkang nglakoni, lanpadha ta ingkang pinaranan aneng pucaking wukire , apa dewa linuhung, myang padanign hyang giri aji, ngendi ta engonira, sribathara Guru, ing pamrihira sang mahas ing ngasepi atata pangkah pinurih, tinuwuhana ing dewa. Padaning hyang rihana ing ngati, tuwin kenane satmateng tingal kang linewih panemune, alantrana wuwus awarah aja tininging, kanglanggeng ing sarira, sribathara Guru, denya amimbuhi jagadmateguha ing driya dipun kapusthi, darma ari aranya. Ing teges e ing kadarma ari, bathara guru mangubi rangrat amimbui sakalire, mangkana upameku, sedhengira angucap putra ti, ingkang geseh sastranya, yeku tanpa tuwuh, ing brahma sakalawidya, anasuraresi gana dewa widhi, yeku kang kaengetan. Pakaryanira angamomori, bathara brahma Bathara Kala,myang dadya rekup sakabeh, miwah resiganeku, dwa dewi kang ngamambengi, desang hyang panupakala, kadya wus paputus nanging tyas datan cumadhang, anging datan patuduh enggening dasih, tan lyan alunmanembah. Tanupah bekti ring padaning widhi, datan pegat ing pajujinira, asru minongka isine, ing tyas kaara-uru, ing panudya mongka panapih parirajahlawan tamah, ginunturan tutur tutur kang andununge na, ing panembah wadanira sang dewadi, ing reh wahya dyatmika,taksih wonten sambetipun tikang manulat ping pakem muhung papan tahi, dera I Jaka Pranawadhi
Sang dhudhukuhing Mendhang Prawa.

ONGKA 91, SETU PAING KAPING 11 Rabingulakir JImawal 1821 utawikaping 14 Nopember 1891

Surakarta
Sambetanipun psamuan garebeg
Kalamun wis denira dongani, wilujeng sang katong, pakenira kadhawuhan bge, abdi dalem ingkang awaradin rising dinyd mantra, amangsuli alus.
Konca manira wangsul nyaosi, unjuk ing sang katong, manira wus nampeni dhawuhe, srinarendra manira tinuding, dhumaten ging masjid sakonca tumenggung.
Myang kaliwon panewu tanapi, mantra anon-anon dhawuh dalem ing ngandikakake, dongakaken wilujengan aji, yen wus den dongani, wilujeng sang prabu
Kadhawuhn bage kang waradin saabdi sang katong, sembah manira sandika mangke, sang nayaka caraka mangsuli, enggeh ngadeg nuli, wangsul ngarseng prabu.
Kadhawuhan bage kang waradin saabdi sang katong, sembah manira sandika mangke, sang nayaka caraka mangsuli, enggeh ngadeg nuli, wangsul ngarseng prabu
Nat radya wangsul lenggah ngalmpit winuwus sang katong, saungkuring duta sripamase, lan jeng tuwan larih ngunjuk malih, wilujengira sri, jeng tuwan guprenur.
General ing Indhiya Walandi, kunburmatan gobyog ing musikan l gulir adate, mares raja mariyem nyambungi, gumalegaer muni, kaping pitulikur.
Dereng sirep mariyem kang muni, duk nata roro, myangkang ngiring kaliwon anggendhek sampun prapt ngarsaning narpati, matur awotsari, kawula nun sampun.
Dhawuhaken pangandika aji, mring papatih katong, dyan dipati sang srudiningrate, dhawuh dalem raden adipati, pakenira tampi, dhawuhe sangprabu.
Pakenira menyanga ing mesjid skonca non-anon pakenira ing ngandikakake, dongakena wilujeng narpti yen wis didongani, wilujeng sang prabu.
Pakenira kdhawuhan bagi, ingkang amirantos kawula nuwun atur sembahe, abdi dalem raden adipati, sasradiningrat di, sandika turipun
Taksih wonten sambetipun

Siyang punika wau wanci jam satunggal prenah sakilenipun parapatan Secayudan wonten griya kabesmen sanadyan rawuhipun para ageng prasasat sarengan mubalipun latu, punapa malih pompa po,pa pepak saaya, ewadene boten pisan para tandang saged ananggulangikrudhanipun hyang brama, benteripun angalangkungi wah kapejahan toya, ingkang kawit kabesmen sakiduling margi, jalaran genteripun ing ngangin ngantos latu saged anglanjak dhateng salering radinan, kendel jam sakawan sonten latu dereng sirep.

Ing dhusun Komplang, bawah Mangkunagaran wonten rare jaler kinten wanci 8 taun angen maesa, sareng wanci giring rare wau boten mantuk bapakipun lajeng nusul dhateng pangenan rare dalah maesanipun boten wonten dipun padosi dhateng pundit-pundi boten pinanggih, dumugi ing mangke sampun 15 dinten laminipun meksa dereng pinanggih, adhuh memelas asih sanget lalampahan punika, saiba anggening gadabigan bapak biyungipun, sumongga ta para kawogan angatingalna kadibyan sammpeyan saestu ageng katarimahipun bilih ngantos saged angsal titik ing prakawis punika, sampun kapatuh anggen sampeyan ananduki kalayan tetembangan sampun dhateng dhawuhipun nagari, kadosta sampun kabudi, sampun kabyawarakaken makaten salajengipun.

Kala tanggal kaping 12.11.1891 wancijam 10 siyang, anakipun mas demang Dj.B. ing Kabalen kinten saweg wanci 9 taun kulak ses dhteng ing Iradikan sareng mantuk panganggenin sengkang inten sarta gelang suwaos dipun apusi tiyang, rare mantuk sanjang manawi sengkang sarta gelangipun katedha ing tiyang estri wontenpara parapatan galadhag getting wartos kamireng dening mas upas tangganipun ingkang mentas jagi wonten ing kantor,lajeng matur dhumateng mas demang kula wau ugi sumerep pun Gendhuk panganggenipun dipun tedha ing tiyang estri wonten ingparapatan Galadhag kula kinten sanes pun Gendhuk ananging kula ugi sampun nate sumerep tiyang ipun estri ingkang ngapusi, mas upas pengg dhateng griyanipun pun upas kapanggih sepen lajeng jujug ing griyanipun para

ing Reksaniten sarta pitaken: ngriki wau punapa wonten tiyang nawekaken sengkang sarta gelang suwaos wangsulanipun boten mas upas ameling manawi mangke wonten tiyang nawekaken sengkang sarta gelang suwaos sampeyan andheg rumiyin kapinujon sanget saukuring pun mas upas sinten saweg sadasa tindak barang katawekaken mriku, bokmas para jawil rencangipun kapurih nututi mas upas dujana estri lajeng kacepeng ciyet kaaturken ing parentah, kilap ing salajengipun
Kintunan.

Yogyakarta
Kala dinten malem Rebo paing ingkang kapengker punika, kadugi wanci jam 10 ing ngriki katurunan jawah deres saha dangu, nanging toya dereng waged mili jalaran siti sanget kerakipun gumun kula ngantos dumugi punika teka dereng wonten tunggilipun malih.
Sapunika dhawuhing nagari prakawis ting sangsaya kenceng, janji medal saking griya manawi sampun jam 6 sonten kedah bekta ting, tiyang satunggal ugi satunggal nanging para militer ingkang kalilan boten bekta ting, manawi ngangge pakeyan dhin sanadyan para plang ting ing Pakulaman ugi mangkaten.
Utawi malih manawi wonten salebeting praj boten kenging toyan utawi sense enggen enggen sanadyan wonten ing kalen kalen ugi boten keningg, muhung kantun saprakawis pamuji kula ing kang dereng kaleksanan kadosta: tiyang adus ing lepen utawi belik ingkang celak margi, mongka wuda blejet punika andadosaken rikuhing tiyang lumampah.

Warni-warni

Ing kampong Sarayudan (Samarang) wonten tiyang estri asring mangangge mindha-mindha nyonyah Welandi, sarta asring anampeni tamu para Arab tuwin para Babah, kocapa: kala malem tanggalkaping 29 Oktober, asisten wadana karang tengah tampi pratela, manawi tiyang estri punika rimat apyun peteng, sami sanalika asisten wadana lajeng papriksa mriku, ewadene boten amanggih cihna ingkang anekakeken piyambakipun simpen apyun ananging saeng asisten wadana anggledhah ing loteng sumerep wonten karangan ageng, dipun bikak: adhuh, makspecengeh jebul isi eyang Arab ingkang ngibadah sanget dhumateng tiyang estri wau sarta tanpa jinabad kala samanten para tiyang ingkang sami wonten ing ngriku rumaos getun ngungun teka eyang Arab ingkang asring nyerik-nyerik dhateng sadhengah bongsa, kok wonten ing griya garoh, salajengipun eyang Arab kaladosaken dhumateng jeksan sarimbit kaliyan tiyang estri wau, hure.]

Griya pamulangan ingkang ageng piyambak ing sangalamdunyapunika kados naming satunggal inggih punika pondhok Arab ing kairo, adegipun kala taun 975 murid salebeting pamulangan punika kathahipun 10.000 tiyang, gurunipun 370 tiyang, salebeting griya pamulangan tanpa praboting palinggihan kajawi gelaran dhokdhok para murid sami angleset wonten ing gelaran wau kemawon menggah ingkang kagelaraken wonten ing pamulangan punika sinau marsudi basa, bab kukum ilmu falak ilmu alam ilmu Agami miturut kados ingkang kasebut ing dalem Kuran para guru ing ngriku boten wonten ingkang pikantuk balonja, kajawi medal saking wewehipun para murid ing sakadaripun piyambak-piyambak.

Kacariyos ing nagari dhitselan wonten satunggilipun nonah kinten saweg wanci 18 taun betahipun slulup anggigirisi,

Wonten tuwan kakalih sami baitan sareng badhe mentas: erlojinipun tuwan ingang satungil dhawah kacemplung ing lepen, pencaring wartos kamireng dening nonah wau, nonah lajeng amanggihi dhateng tuwan ingkang kealan erloji, sarta pitaken sampeyan punapa saged andedahaken prenahin grentahipun erloji, wangsulanipun tuwan ugi saged lajeng apratela:rentahipun erloji kuli kaleres wontening babagan ngriku, wicantenipun nonah bokmanwi kula saged amangggihaken arloji sampeyan awit badhe kula slulupi, biyungipun nonah awicanten dhateng tuwan awit katawis bilih semunipun tuwan boten ngandel dhateng anakipun sampun sawatawis dinten laminipun anak kula mentas mengnang anggening

totohan betah betahan ngelangi tuwin slulup nonah kaliyan tuwan lajeng sami dhateng babagan prenah ing rentahipun erloji wau, sareng sampun dipun dedahi prenahipun dhawah ing erloji, nonah lajeng ambyyur sarta aslulup boten watawis dangu mancungul sampun ambekta erloji, wicantenipun punika tuwan kagungan sampeyan erloji sampun pinanggih: lo, sakala sapandurat pun tuwan kengetan boten sabawa, kataman dayaning hyang asmara tuwan gentos kacemplung ing nonah, wista , o,o,o,.
==========\==========

Panjurung
Ri sampunya pudyastawa ulun.
Dhuh-dhuh sang tinanggenah mongka Abulmuslimin ingkang mugi sampun kabesturon anginginte sasikingrat salekering praja mandhala, kawikanana ing sakatek mring rahayu widadaning ngulh pudyastuti, amantra kabentarning haygn maha kawasa, sanadyan sampun jinurungan ing dalem istikarah kamirahan ingkang kawruyan mijil saking istikna, anging pajampuwa prasidaning pamilasa, kurniyaning sang haygn mahagung, yakongsi kauwan menenewimbuh kasarakat ambatuwan kang laip darunanya tan kawawanang gulang biramaning budhi, delahan abdaluya, paelan kang wus panggah, ing palungguh sumarah satitah, dera yang maha wisesa, tanpa garantes saksirik yan kadi sabang sakitha, maksih dahat widhak-widhak tamtam tuman mring druhaka, ciptane tan miyatani, marma ing panuhun ulun dhuh-dhuh sang abulmuslimin sampun tha ing pangrengkuh mrih samoaning kang laip den kadi atasusuta, tansah mengkumurakabi muhung samanten ngong nawung tur nuhun dhuh kiyai ijabah akinaulna eklas pamuhining dasih, I, amin amin yarabilalamin
Ping 4/4/309 ijrat
Katandhan Insanusiri, Ikwanulmuslimin ing Jatisari.
=======\===============

Tuwan REdhaktir
Bok bilih panjenenganipun tuwan amarengaken kula nyuwun priksa, para kliwon ing Surakarta kathahingkang sami nyebut awakipun onderregen, punika ingkang makaten wau, sinten ingkang paring nami, makaten malih tegesipun Onderegen. Sampun kerep kula miring aken wiyosing dhawuh timbalan dalem ingkang kabyawaraken ing pagelaran wawu timabalan dalem naming kawisudha dados kliwon ing anu, boten mawi kawewahan Onderegen.
Saking kula carik kabupaten……

Sarehning pitaken punika anggepok prakawis ingkang keningg kaewokaken kawis gatos pramila kula giyaraken ingngakathah awit kula piyambak pancen radi semang amangsuli, punapa malih panggandheting ukara tuwin tetembunganipun serat punika sakalangkung anggening angidaki ukaraning serat-serat ingkang kalebet wewengkoning serat linampahakening pandamelaning nagari (officieel)./jurungarang.
=========\==========
Endracatra, andadosna auningan sampeyan menggahpanjawab sampeyan dhteng pitaken kula prakawis nistha, madya tuwin utama kasebut ing bramataning ongka 89, sampun leres sadaya dene cocogakaliyan pamanggih kula, sanadyan leresing pitaken kula dhateng mitra retnanindhita, ananging saestu andadosaken suka bingahipun manah kula, kula tampeni askta kalih ingkang sampun sami kula borehi sarta arun amargi ingkang makaten wau saking pamanah kula naming anelakaken resep sampeyan dhateng kula, sarta bokmanawi mitra undhakan sarta miruda ugi boten dados manahipun dene pitaken sampeyan kalih prkawis den sujanani kaliyan den mejanani, punika bilih pamanggih kula makaten.
Den mejanani, punika tanggap ing kriya, lingganipun sujana, tegesipun mekani utawi nyigeni, ngrangkepi, kasebut Wurdhenbuk anggitanipun tuwan Girike(Gerike) kaca 475.. den mejanani, punika ugi tanggap ikriya, linggganipu nmejana, tegesipun boten angaosi, naming kasebut wurdhenbuk ugi anggitanipun tuwan Girike, kaca 825, utawiWurdhenbuk anggitanipun tuwan misterG.Y, Grasis kaca 473 den mejanani, wau angremehaken utawi

anesoraken. Wasana panjawab kula wau manawi leres ukur wangsul manawi lepat mugi anggengna pangapunten sarehning epat-leres sampu kula jawab manawi kaparengkula tentosi taken wonten pinten prakawis lalampahan ingkang boten kenging dipun selaki, sampu cun kula badhe manggih ing mitra retnanindita ingkang mentas entos gentosaken kula.
Mitra undhakan sastramiruda, mugi sampun dados panggalih ampeyan serat sampeyan ingkang kasebut ing bramartani ongka 88 boten susah kula wangsuli mindhak kapanjang panjang ing temahan badhe anjalari sandening dados mitra darma, wangsul mongga sami memuji pitanglet kula dhateng mitra dhatengan enggal kasebut ing nginggil tumuntena dipun jawab wasana atur taklim kula,. Ing wreksacandhana kaping 9 NOpember 1891
Narawangsa.
==========\==========

Supeketing tyas lumintu, lumuntur tabe kang mugi, ing panduka kyai raka, kawartaning bramartani, kang mahambeg atubudya, budaya pindha jaladri. Mangkana sasampunipun, wiyosing srat tarlen aming, sumengka pangawak braja, lir katipan gayuh langit, santisanta sumantana, saking kumedahing kapti. Kelayu-layu manjurung, mangkana ring sudra budi, sawadi mung cacangkriman, sasembening mongsa sepi, tinambang-ngambang angkara, selaning pakaryan nagri. Risang moneng lir manengku, manungku reh pudyastuti, aneng jron para gothaka, mung prawadya kang kakaring, ngambaramrih sotasmara, puara samya babarji. Ing mangke sumogeng kayun, mring sang parapramengbudi, budi man sapda, rasa, sarasa raosing ngosik e sik sumaroning cipta, sasmita minongka yakti. Tondha talaten met atul, tuladan ingnguni uni, sarjana arsa yeng driya, muhung mangudya mangolik, mangolah lukita prana, pranawane winarsudi. Titining gita pitnatut pinatrap salasa nenggih, astha mencoronging condra, ing wulan rabingulakir, jimawal ingkang sangkala, nyitra mulat ngesthi dadi.
Katandhan, rarasukarsih ing Sindutara.
==========\==========

Sambetipun pethikan Pustakaraja

Dumulur garbeg sangaji, anakering iwah kanan tanapingarsa pungkure, asring busananing nata, mindha kartikamubyar, kasumbung bagus pinunjul dedengya srinaranata. Respati tinon dedeling, langa nanging ajat mila , ruruh raras sarirane, pindha hyang asmara swarga, tuhu pekik srinata, madeg nata wpunggawagung, kacatur busaneng wadya. Kadya arga sari-sari, sumawur kang kembang kembang, pating pancurat mancorong, miwah kyah kang daludag andedel lir daladal keneng prabaning hyang bayu, geter swarane goraya. Lalayu turut sisilir, sungayem ingkang lumampah, bandera asri swarane, karya sukaning wardaya, mulating moncawarna, sumringah abang lan biru, pita seta daduwarna. Kathah tutunggul kaeksi, suka wau srinarendra, mulat ing wadya balane, cipta wigya amunaha, mring satru kalamurka, denyulimrah teguh teguh,pramantri Medhang Kamulan. Tan winarna aneng margi, lampah nya srinaradipa, wus ngancik wanabalane, nulya anyebar punggawa, nguapaya buron wana, ganti wau kang winuwus amarengi masanira. Ingkang wus dangu anganti, ngupaya karti sampeka, bathara kala ing mangke, waspada lamun sang nata, medhang kamulan lagya, tedhak papara wanagung, hyang kala tumurun sigra. Saking setragondamayi, lawan sawadya rasaksa, anyiluman sawadyane, prapta doing wana wasa, kang kinarya papara, dening kresupati prabu, hyang kala sigra marentah. Mring punggawa nyarasaksi, anggusahi buron wana, kidang manjangan lan celeng, waraksi ngalan andaka, kethek lutung rangutan kancil miwa manuk manuk buyar katrajang rasaksa. Maledug maksagiri ring, wus adoh antaranira, la kon sadina adohe, saking genya srinarendra, prabu Medhangkamulan tan wikan sawadyanipun lamun ana mungsuh cidra. Mung mangungun ing panggalih, dene ing sawanawasa, jinajah jurang ardine, tanana kang buron wana, miwah manuk tanana, among lacak ira nglur den lacak nora kacandhak. Kendel prabu kresnapati, wadadya bala ararywan sayah denya tanpantuk don yata wau srinarendra, sigra tedha kapriyongga, ngiwa nandhewa dibyanung, den iring para parepat. Nora den iring pramantri, wus malebeng wawana pringga, ngantos dangu ing tindake, nuli ana kang katingal kidang kancana juga, mirengadoh nuli wangsul solahe nora anyana. Kalamun ana sujanmi, yeku hyang kalamancala, karya sandi sampekane, suka prabu kresna dipa, dupi caleg den ancap mendhanggak dhwanya gupuh, kidang waspa datumingal. Malumpatan ningali, mring prabu Kresna lir datan uninga solah

bawane, nganseg mau srinarendra, kendel pamenthangira, ngupadi antuking dunung tand kanthi lan panakawan. Samana kidang wus tutu tarring angrenggut ron wilis nuli srinarendra kresna, ngayati mendhang jemparing, kidang lelewa gya mesad neng jujurang datan tebih. Srikresna pati angungun mangunadi kainggalih, babo sira kidang emas tututa ing sun jemparing yen kena saiba iba ing sukane mask u sori. Kidang nora sun prih lamps among sun panah ing tali, pusara nuli bebeda, dimen den ingu jropuri, teka kesite kajamak nulnya parane kininthil.
Taksih wonten sambetipun.

Ongka 92, Salasa Kliwon kaping 14 Rabingulakir JImawal 1821 utawi kaping 17 Nopember 1891

Surakarta
Sambetanipun pasamuan garebeg

Kuneng pasamuwan ing sitinggil genti winiraos sakendeling mariyem urmate,kang jeng tuwan besar ing Batawi, paglaran miranti, samangtri pangayun.
Atanapi kang para buapti, kaliwon non anon ngestokaken dhawuhing pamase mundur sangking paglaran mring mesjid rising nidya mantra, ninajaran dulur.
Lawan Mangku upacareng patih, titih yen tinonton kdon pantes angumbar koncane, sinongsongan prenemseret kalih, listyanira kadi, patih Sasrabau.
Untapira geng alit kang iring, lir setu binedhol talanjere gumledheg lampahe,kinurmatan ing prajurit jawi, ingkang sami baris, aneng ngalun-alun.
Lan kaparak aran sarageni, rumpul regu mrojog kaditoya tumurun pepereng, sapraptane para taran masjid ajate sang aji, wus katon jinujur.
Babanjengan gunungan jalestri, jejer nora moncol tinrap atap neng kanan keringe, margi sangking gapura mring mesjid satepining margi, pramantri panewu.
Gladhag sami tharik klunggunglampit ngegeraken songsong reparepan mangidul lan ngaler, kawuwus sarisan nindya mantra, tumameng surambi, lan para tumenggung.
Lajeng lenggah samadyaning srambi, kang kapering kulon mjeng ngetan kang munggengkanane,dyan pangulu tapsir anom nuli, ketibyang ngulami, mukmin sapangidul.
Pradikan lan sakodrah ing masjid nekuk ngetan ngrompol dene ingkang lenggah neng keringe, rising nindya pranayaka jawi, bupati pulisi, nagara sinambung.
Para kliwon nayaka tanapi, para anon anon sinambungan panewu mantrine siti ageng sewu lan panumping, bumikangnepungi, sapa ngidul kemput.
Pepet par ingkang sipat lampit marapitan papot sangkingpipit kang supit kang pepet wusnya sampet sang anindya mantra, sigra anguluki, asalamungalakum.
Sinauran ngalekumsalami, pramukmin gumuroh, nulwarisang wakiling pamase, sasalaman lan pangulu tuwin para ketib mukmin sawuseira rampung.
Nindyamantri andhawuhken aris raden tapsir ranom pakenira atompa dhawuhe, srinarendra donganana nuli, wilujenging ngaji kaya adatipun
Taksih wonten sambetanipun.

Anyambetipawartos bramartani, ongka 91, kala dinten SEtu ingkang kapengker, bab griya kabesmen ingkampung Jaidan kaleres sakilen prapatan Secayudan ing dinten wau wanci ngajengaken jam satengahkalih siyang, ingkang dados kawitan griyanipun tiyang alit nama Jayawadana, lajeng mermen dhateng griyaning tongga tepalihipun sarta griya gedhong-gedhong ing cina, ingkang sampun pakantuk pangupajiwanipun sadeemori, malam gondorukem ingprapatan secayudan jibek kathahing bongsa ageng, ingkang samingrigenaken tandukipng tutulung, ananging tiyang bongsa jawi tetela ajrihipun dhateng pakewet kajawi sedyanipun naming badhe ningali thok urubing latu ingkang sinembadan kencenging samirana, ngantos nyuwara gereng kados bathara kala ewa dhateng resmining jagad tangising rare panrjiting estri pangadhuhing kelaran amemenyet manahipun ingkang miengaken kanjeng tuwan residhen sasampunipun anggalih, yen latu badhe boten saged sirep saking tutulungipun tiyang jawi, inggal ananggenah ing kanjeng tuwan asisten dhumaeng beteng mundhut biyantu prajurit kumpeni, sapengkeripun kanjeng tuwan asisten latu taksih arda andadra, nanging sampun nilar kampung jaidan anglanjak dhateng saleri radinan inggihpunika ing kampong Guna Pengrawitan lajeng katungka dhaengipun prajurit kumpeni, kinten wonten walandi tigangatus ingkang lajeng ing ngatak tutulung sumahab anrangbaya, sakala latulajeng sirep kala samanten sampun wanci jam 5 sonten adhuh, sinten ingkang boten dhodhog dhadhangrentah aken luh, ningali kalaregeng arjanipun kampong Jaidan sapengaler, teka sapejahing latu lajeng katingal padhang sumeblak kadi langit mongsa katiga, wondene kkampung jaidan kathah ing griya ingkang kabasmi cacah 56 iji, ing kampong gunapengrawitan 2 iji, sarta ing Jaidan wonten tiyang estri sampun sepuh, wanci 85 taun

nama bok Sontawirya sadherekipun saha manggen nunggil ki Jayawadana, pejah apulang latu, dene kapitunan karancang glunggung 123.705 rupiyah kathahipun
Kintunan saking T.D.

Bok K ing kampung Kaptiyan padamelanipun sade gorengan ulam nalika ing tanggal kaping 28-10-91 wancijam ½ 7 enjing bok K badhe anggoreng ulam dupi anggenipun cethik latu sampun dados sarta wajan kaenkrengaken amendhet lisah ing endul sarehne pandekekipun gendul wadhah lisah klentik katunggilaken kaliyan gendul wadhah lisah petroliyun dilalah bok K nyandhak gendul ingkang isi lisah petroliyun ingkang kaesokaken ing wajan tamtu lajeng murup bok K bengok bengok jalran kabesmi rai sarta awakipun kocapa mas KI jaler saeng miring jelihipun ingkang estri rtangginas anyandhak wajan ingkang taksih murup wau lajeng kabucal angengingi anakipun jaler kinten wanci 13 taun rare lajeng jukel awit kajawi sakit kauncalan wajan rai sarta awakipun ugi kabesmi, ananging bok sat anakipun wilujeng
Kintunan.

Ladalah sakiki bakal nyngir sigembeleng, dhuh sang para kawogan tilah sampeyan gatosaken dhateng pun samadi, pamuhui kula smpun gnantos kamlaksana piyambak mesakaken sanet punika lo pun mandhung, rare kratonan bawah Cakranagaran punika pantes dados kanthipnipun samadi, kapara mandarr angonjoni, suwawi ta sampeyan telik sinjangipun rak parang kusuma sruwalipun panji panji maring nos wilis rasukan potong cowek sampir calcriputhiyet wah kadhal wenek kemawon nyandhas la swaminipun kreta juragan areng ing riya diniratan lajeg nnyingur tuku, wit kasmaran anggenipun baut dhateng pakartiipng seleing sebrot tujunipun Kreta jaler lajeng narimah.
E samadi tumengowa mandhuwur kang ana apa, lan delengen tulis kang ana githokmu, unine mangke: samadi anake kuda sadar karo maneh apa kowe ora kelingan nalika bapakmu cilik si Jumadi karo siburbang padha di sakolahake kawruhpangajaran ana pamulangan Kartanagaran (Jebimblik) mulane enggal tolehe githok
Katandhan Bareskures.

Sanajan ing mongsa punika katiganipun panjang sanget ewadene saleebtipunnagari Bancana latu kalebet boten wonten awit saking kaluberan barkah daleming gusti, ingkang kulagirisinamung ing dhusun dhusun meh saben dalu kemawon wonten griya kabesmen ngantos banthung-banthung, mangkaten wau bokmanawi para tiyang tani sami kakirangan tedha kajengipun ambesmi griya wau boten naming sakin gkapanasan tandhanipun ingkang dipun besmi boten mesthi griya, terkadhang pager:dhadhah: kajengipun ambesmi griya wau boten namung saking kapanasan tandhanipun ingkang dipun besmiboten mesthi griya, terkadhang pager, dhadhah utawi rorompok, annging asring mrambat dhateng griya, pamurihipun pun dur ngudu bilah, supados tiyang sacelakipun ngriku gugup angedalaken barangipun pun lanat animbrung, nihan gentos cariyos anggen kula ningali pasamuwan, kala dinten rebo tangal kaping 8 wuloanpunika, mas ngabei Jayadimeja ing dhusun Karang dhuwet (Bayalali) gadhah damel mantu, andhaubaken anakpun estri, menggah gumelaripun ingkang kula sumerepi kados ing ngandhap punika.
Ing dinten Rebo wau wancijam 6 sonten para tamu sampun sami pepak pangagengipun prayagung Kliwon saking nagari satunggal saha parawadana kaliwon pulisi, Galadhag Pamaosan sarta kaptin Cina, betakanthi sawatawis tuwn tuwan mardika, ingkang kathah konca panewu mantra, para tamu ing dhusun sadaya sami maktuhan rasukan sikepan cekak boen watawis dangu panganten kadhaubaken sarampunging pangrukti punapa adatipun panganten panggih, para pangageng dipun aturi lenggah ing griya, panganten kasuwunaken ngabekti, sarampungipun para pangageng wangsul lenggahingpandhapi, lajeng dipun ladosi ngunjuk minman warni-warni, punapa saka parengipun saantawis gongsa slendro katatab mungel pathet sanga, sarta dipun suluki ada-ada, sakendeling pathetan mungel gendhing ayak-ayakan wedalipun langendriya, inggih punika samimba urubisma,kaliyan dammar sasongka, dalah saparpatipun ingkang kapethakala perangan wontening Balambangan

mengahparigeling joget wileding swara boten anguciwani, ing ngriku tiyang ningali jaler estri ewon kathahipun ngantos angebegi papan sareng Minakjingga lena, para tamu sami dipun aturi dhahar: dhiner, isining meja, tuwin wedaling larihan kalebet sae, salebetipun dhahar mawi dipun selani gegerongan panambramanipun ingkang gadhah griya, angaturi wilujeng sadaya para tamu, saha mumuji arjaning praja dalem sawawengkonipun winarhyakaken dening para anung swara jaler estri swara rempeg ambatarebah, sinawung ing gendhing ngantos tigang rambahan 1 ladrang calunthang slendro 2 laras maya pelog 3 pangkur slendro, andadosaken renanipun para tamu, sabibaring dhahar lajeng nayban sareng jam 4 dalu mager sarinpun mas ngabei Jayadimeja kabesmen ngantos telas cacah wuwung 3 dereng sirep kabupaten lamiing Bayalali ugi kabesmen telas griya kathah, ing ngriku sami puyengan ewadene ingkang sami begsa boten karsa bibar.
Dintenipun Kemis siyang para tamu saking nagari, tuwin para sadherek samilenggah ing pandhapi, aningali langentaya, inggih punika topeng Gunungsari,lajeng klana saparpatipun sawawratipuningkang nopeng estri saged damel gugujengan.
Jagonganipun malem Jumungah wancijam 8 para tamu sampun sami pepak tamunipun naming panewu mantra: rongga: demanglalangen tuwin sugatanipun samikala panggihipun panganten sareng jam 4 dalu ugi wonten griya kabesmen malah ngantos bandung tiga, sanalika tamu lajeng sami bibar.
Wondene ingkang kapatah anyepeng damel sadaya mawi tindhih panewu mantra kadosta: biyantu among tamu, nyepeng minuman nyepeng wedang, nata meja, juru icip-icip ing koken katimbang sapangkatipun pranatan mangkaten wau kalebet langkung, kula radi gumun kathahipun cina sasadeyan punapa malih tiyang jaler estri boten kirang tiyang skeet malah wonten cina nyambut griya kangge bikak took bakmi, karta sade panganan samukawis cao kamartis inggih wonten inggih punika ingkang mawi dilah setroli dipun ubet-ubeti kacu, e lameh kasupen thethothemel inggihkathah
Katandhan kula pun irnem

Yogyakarta

Kanjeng tuwan residhen maringaken serat dhawuh dhateng kanjeng gusti Pangeran Adipati Pakualam terang saking dhawuhipun kanjeng gupremen bilih awit ing wulan punika kanjeng gusti saputra santananipun ingkang sampun pangkat pangeran manawi tindakan dhateng Purwareja janji wonten gatosipun anumpang kareta awi-awit settatsiyun Tugu dumugiing PUrwareja kapareng lalahanan kemawon saha para abdinipun sanadyan muhung utusan kemawon janji mawa gatos ugi anumpang lahanan nanging kedah kauningan deing kanjeng tuwan residhen punapa gatosipun badhe angsal luulsan serat saha tapakasta dalem kanjeng tuwan residhen supados para tuwan setatsiyun sepa utawi altesep sumerep tumuwuh ing pranatan ingkang mangkaten punika andadosaken suka jumurungipun para panjenengan ageng ingkang sampun sami atampi karuhuran wau.

Warni-warni
Ing Salinas tanah Brasili, para pulisi sami analengseng ngupadosi tiyang ingkang anjalari reresah amejahi tiyang, boten antawis lami pulisi saged amikut benggoling druhaka, ingkang pakaremanipun saemper kados sato ingkang purun mongsa tiyang, begal lajeng dipun lebetaken ing kunjaran.
Wonten priyantun juruwarti anyuwun kaparenga kapanggih kaliyan onggol wau, sasampunipun kapareng juru pawarti lajeng lumebet dhateng kunjaran kapanggihipun lan benggol apitaken kados ing ngandhap punika:
Juruwarti, //apa temen sira mangan daging wong
Benggol// iya temen aku doyan daging uwong
Juruwarti// apa iya nganggo kok bumboni uyah
Benggol//iya nganggo, aku samitraku wis pirang pirang sasi uripe mungmangan daging wong bae, kang dak bumboni uyah supaya wuwuh enake.
Juruwarti//kapriye teka sira dadi doyan mangand daging wong

Benggol// hem la wong gampang kang entuke tanpa tukuwah rasen enak dene wiwit ku karema mangan daging wong mengkono aku nglayat menyang omahe mitraku kang aran Liandro kang anake mati, ana ing kono aku di suguh mangan lawuhe daging wong nganti saprene aku ora mangan daging liyane.
Durhaka punika muhung nyariyosaken saantahipun ingkang makaten wau ugi ceceg sadaya kalayan pratelaning pulisi, ingkang sawenehing dinten wanci siyang saged anukup para benggol ingkang saweg royaman sami anedha dagingipun tiyang, ugi lajengkalebetaken ing kunjaran punika.
=========\=================
Panjurung
Serat kabar jawi kandha ongka ……. anyariyosaken manawi ing Bayalali wonen satunggiling cina waged adamel sarat supados angialaken lemut punika temenipun dora amargi panjenengan dalem sampeyan dalem kanjeng gusti pangeran adipati anom sareng maos kabar punika wau, sanalika lajeng utusan minggah ing kang kautus raden ngabei jayasewaya, kadhawuhan mariksa kayektosanipun.Wusana sareng kataliti sarana taken-taken dening raden ngabei Jayasewaya wau, ing kiwatengening kampong ingkang kasbut kabar boten wonten ingkang sumerep, dados tetela doraning kabar wau meng karane ngabei Jayasewaya wau awak Bayalali. Menggah sarana ingkang waged ngicalaken lemut punika kados ingkang kacariyos ing ngandhap punika. Pundi panggenan ingkang kathahlemutipun kadekek ana godhong gadhung, katangsulana kaliyan bolah utawi tamper-tampar, ing mangke lemut manawi mambet gandaning godhong gadhung sungging gedhong temtu lajeng angrummyung emahan amendem lajeng, sami kesah, bokmanawi kanji.

Sarana ingkang ngicalaken tinggi
Panggenan ingkang kathah tingginipun kadosta: ing galar-galaring ngamben punika adhakan kaththah tingginipun punika salebeting longan kadekekana kulit duren temtu lajeng sirna tingginipun kilap sababipun sumongga para marsudi kula aturi galih sabab icaling tingg
Pun M.M.
====\=========================
Sambetipun pasamuan ing Prabuningratan.
Yata wau para tamu sami, asampuning sinung pasugatan wedang miwah minumane, myang dhaharan lumintu, sanitya sasalin sumalin jeng gusti sumawana,sasaosanipun rinengga sarwa kancana, dene ingkang sawarni kang b0ngsa beling, wedalan ing Eropah. Sampet samekta tan nguciwani, saking gunging knang pasugatan tata titipranatane, tan akuciweng semu, sinembadan tanggaping galih, jeng pangeran Prabuningratan bangkit momong tamu gung alit binoja karma,pinapangkat saundhak sabilik-bilik pameting pranaseda. Marma sagung kang rinobaningsih, kapirenan rumenggeping driya, kadriyan sing kadarmane, tumraping reng sang bagus kawula lit samya jrih asih, sigeg caritanira, rising among tamu, dyah arum dayun kocapa, denya lagya windhak kandhuan wiyadi, tansah mijil kang waspa.
//mijil\\ nalikane gandrung angrerepi, taksih gendhang genjong, dupi sampun andaleming ngame, genjong dhawah gendhing eling-eling, eram kang ningali mring sang ayun kandrung. Deya manuara angarih-arih, lir satuhu nglamong, lamat-lamat memet pangunrume, saka saka dinalih seng dewi, dewataning brangti, sinindur anggandrung. Dupi paretkwaspadeng pangaksi, panyindare angglong, wruh kalamun saka sawantahe, temah mundur sarwi lara nangis tinon amlas asih, gendrug-gedrug gandrung. Kadar paning darna geng kingkin kekes tyas nya kepon kaprawitan ardaning wirage, ginagas lir satuhu mong brangti, gendhing ricik-ricik rarancaging gandrung. Dangu denya kasmaran geng kingkin tansah asalah ton reh katresan matrenyuh driyane, sagung ingkang kadulu dinalih, sang makirtyeng brangti, pipindhaning gandrung. Sujanmestri kang samya mangaksi, ngangseg denya lunggoh, legi pranakapranan solahe, sang kalana dayun yen mandhesthi, esthane lir yekti, keh samya kapiluh. Lukita mrih karya tyas matistis mring sagung kang nonton datan montra montra ing solahe, kawistara kalamun pawestri, mung kalamun angling swaraning dya gandrung.
Taksih wonten sambetipun.

Ongka 93, Setu Wage kaping 18 Rabingulakir JImawal 1821 utawi kaping 21 Nopember 1891

Surakarta
Sambetanipun pasamuan Garebeg

Dyan pangulu sandika nanggapi, ngadeg sakinglunggoh, majeng ngetan mahayaken dongane, pwara arum lir bremara ngungsir, sarkaraning sari, sareh nora ngangsur.
Sarta ageng alit kang neng srimbi, amin buta ruboh, sarampunge donganira raden tapsir anom wangsul lenggah malih, endek kang ngamini, aja dalem wau.
Sampun wonten iingkang amajibi, gebayan amboyong, pareden wus warata binage, abdi dalem sadaya waradin ngestokaken kadi, dhawuhe sang prabu.
Tan winarna ramening surambi, ingkang sami among, pambujana ajating pamase pinuwus amalih ing sitinggil kanjeng sribupati lawan para tamu
Sapungkure sang nidya mring masid ing wuri sang katong, linarihan ngunjuk kaping trine, kanjeng tuwan kang maksih kundhisi, wilujengira sri, kanjeng sang sinuhun.
Jendral mayor kumandhur ordering, geder lan seleyo, myang kumandhurkalawan tintange ordhepranisyosem ing Ostenrik kinurmatan musik mares raja umyung.
Sinauran mariyem kangmuni, ping salawe notog sakendeling pakurmatan kabeh, srinarendra myang jeng residhensi, linarih biskuwit warata pra tamu
Nuli ngunjukmalih kang kundhisi, gantya sang ngakatong, wilujenge jeng tuwan residhen surakarta manggalaning nagri, kinurmatan musik maresing ngaluhur
Binarng lan mariyem kang muni, ping wolu lan manggon sawatara nuli larih maneh, kanjeng tuwan gantya kundhisi, wusnya larih wradin amahyakaken tembung
Kang wilujeng nenggih kanjeng gusti, pangram dipatya nom amengkungara tuwin colonel jendral setap kinurmatan musik mriyem munel kaping rolas sru jumegur
Taksih wonten sambetanipun

Para tiyang sakalangkung sami suka sungkem jumurung ing Hyang Murbengpasthi, kala Kemis tuwin kala wingi sonten wanci jam tiga siyang, ing ngriki sampun katuruhan jawah, inggih punika ing ngangggep lir pendah tirta marta maosadi, punapa mlih dhawahipun jawah kala wingi deres sanget binarung dhewet Erawati, galudhug goraya jumegur liliperan anggigirisi inggih punika sakalangkung amikantuki, awit sadaya sasakit ingkang kumabang ing ngantariksa, katarajang tamtu ambyur mawut katemahanipun ambatuan sadaya waluya, kocapa tumuwuh sangeting angina uwit waringin ageng sakilenipun prapatan gadhing kidul radinan rebah mangaler, angrebahi bangonipun tiyang sade ulam rebahing bango angebruki tiyang estri tiga ingkang saeyan manggen ngriku, dhuh tujunipun tiyang estri wau sami wilujeng, sanalika radinan boten keningg kaambah awit rebahing uwit waringin malang ing radinan.
Nalika ing dinten Salasa kliwon tanggal kapng 14 wulan Rabyulakir pnika, kapalipun raden Kudaprasena, gagriya ing kampong Kestalan Mangkunagaran dipun tumpaki dening rencangipun kapal kacingklak ing ngriku lajeng glewar bandhang terus mangidul tiyang ingkang anumpaki kasingsaldhawah andhepani siti, wasana ngantos sapriki kapal kaupadosan dereng kapanggih, kapal wau meteng, tanah kore, wulu bopong, suri rubuh nengen buntut panjang mathipepak kinten wanci 6 taun, sinten iingkang kandhegan mugi enggal angaturna dhateng kurnelan Purbanagaran sarta badhe kaganjar.
==========\==========

Kalathen
Kala rebo tanggalkaping 18 Rabiyulawalpunika, rare wasta sarima wanci 17 taun griya tumut sadherekipun jaler wasta Mangunwijaya ing dhusun jarakan dhistrik GEsikan wanci jam 11 siyang, mantuk saking sabin kraos ngelak mituruti awa ingkantg tansah ngangah-angah sanget kumecer badhe angombe toya dawegan sakala pun Sarima lajeng menek witing kalapa ingkang inggilipun 19 kaki, dumugining nginggil tangan tengen anguntir dawegan tangan kiwa anyepengi papah,katalompe panyepenging papah areng dawegan sampun pethil saking

janjangan dhawah ing dawegan anarengi parucutin gpanyepengipun papah pun sarima dhawah gabrug malumah angathang-athang, sakala tanpa nonrat dupi bok mangunwijaya miren gsuwanten gumabrug datan saronta medal ing jawi anuweni panggenaning suwanten gubrug wau, sareng sumerep pun Sarima anjebabah wonten sangandhaping wit kalapa,wantuning wanita gugup sarwijelih sarosanipun anedha tulung, pun sarima lajeng kaupakara ponten ingkang duduting palandhunganipun wonten ingkang ngesog-esog rambutipun wonten ingkang nyiram toya, watawis 10 menut sarima sageg gereng-gereng sarta lajeng pulih engetanipun asasambat welas asih.
Wondene ingkang kaparwasa bau tengen tosanipun putung ngantos medal saking kulit pupu ingkang kiwa abuh kakinten tosaning pupu pepes ah memelas sanget mugi-mugi gustiingakng murbeng pasthi aparinga wilujeng dhumateng pun Sarima.
M.T.S.

Yogyakarta
Kala dintenSalasa pon tanggal kaping 10 salebetipun wulan nopember punika, wanci jam 4 dalu, karma Taruna pangindhung nataprajan (Mangkubumen) griyanipun kalebetan dursila pandung, kengingan udheng, 1 rasukan1 ingkang wonten ing sampiran durjanadereng narimah taksih kadunungan budimurka, ngangkat piring ingkang sumimpen ing tenong, punika ingkang anjalari kadenanganipun pandung lajeng kabujeng deing kan ggadhah griya saha dipun lokaken maling maling, tenong ingkang isi piring wau lajeng dipun brukaken kang sarta lumajar, nanging margi margi sampu ndipun kapingi par tandang, salajengipun pandung pejah kenging waos pilinganipun lempeng utawi cethik wah sirahipun dipun gebag alu tosan inakgn aengipun salengen.
Ingkang pinanggih ing ngriku pandung wau bekta dadamel linggis alt pirantos babah utawi cumethi, cumethipunika kabaripun ingkang gadhah mas panewu sasrangulama, ugi sareng sadalu wau anggenipun mandung malah katututan bantala nanging bantalipun dipunbucal ing margi, mas panewu sasrangulama pinuju turun.
Mangsuli pejahipun pandung ing ngriku, wonten tiyang dhateng anyalawadi, tanpa rasukan wah lebus siti, anggenipun ningali mremanemaken saking caksananipun pulisi raden tumengung Mangunkusuma, priksa tingkah saha pangangge punapa malih wandaning tiyang ingkang mangkaten wau, pun paman ingkang anyalawadinipun andheg dening pulisi boen suka kesah-kesah, dipun kinten manawi punika kancanipun pandung ingkang sampun pejah, utawi malih salebeting pakampungan ngriku, Kauman Suranatan wonten pitung griya ingkang kababahan tiyang wau kadangu ngaken tiaygn gendheng (Arjawinangun Kalasan) saking prayitnanipun pulisilajeng nyorog serat dhateng ingkng bawahaken temen utawi botenipun pngaken wau , tiyantg ugi lestantun boten kesah-kesah, kilap kadaosanpun.
Bokmanawi saged anjalarikretanipuns alebeting pakampungan ngriku sarehning sampun wonten durhaka nemahi pejah, awit pakampungan nataprajan punika kbaripun para tiyang jaler dipun angep estri dening durjana kondhang meh saben dalu kemawon dipun sabasa angrisak rencang griya, sukur ta mas manawi sampeyan gadhah lingsem dipun estekaken pandung
Kintunan

=====\========

Pasuruhan
Enggal punika ing wana bawah Malang kabesmi, urubipun latu amulet-mulat ngantos pinten pinten dinten latu derneg sirep para tandang sami kaweken ing tarekahipun amejahi, para tiyang ingkang manggen sacelaking wana wau griynipun samikatut kamongsa ing sanghyang Bathara Brahma, dalah kreteg-kreteg saha tatneman sami risak anjalari kapiturnan kathah, ananging tiyang ingkang manggen radi tebih kaliyan wana wauprasasat manggih kabegjan awit badhe saged adamel tegilan sata sabin tanpa mawi dipun saranani ambabat.
Wonten pandung lumebet dhateng griyanipunbabah Tang Ce, dalu punika babah Tang Ce pinuju boten wonten griya, druhaka la ja angrodapksa estrinipung Tang Ce, katitik ing kawontenanipun ing ngriku pun nyonyah sakalangkung anggening ananggulangi dhateng pun

durjana, sruning krodhanipun sang druhaka nyonyah lajeng kasembeleh,sapejahipun nyonyah lajeng amendheti yatra sarta barangipun druhaka kang den ugung ing eblis wilujeng boten kaengangan.
========\================

Panjurung
Kula mentas angisisi rimaktan kula serat-serat amanggih balenikan sengkalan sarehning kula boten mngretos ing bab sengkalan wau, mila manawi wonten kaparengipun para saged kula suwunaken barkah saserepan tegesipun ing satunggal tunggal mangkaten ungelipun
mikradipun kanjeng nabi Ngisa, sinengkalan krungu s wara saluhuring langit.
Miyosipun kanjeng nabiMUkamad sinengkalan remeking brahala sarengat salin
Sedanipun Kanjeng Nabi MUkamad sinengkalan yekang kaloka wisiking nabi.
Katandhan Rudaksa
================\==============
Sampun kaping tiga unika kula tumbas serat pananggalan Samarang, wedalipun taun 1890, 1891, 1891, ing ngriku kula tingali umuripun wulan Cina geseh sadaya, ingkang mangkaten wau puja palasar boten saged ajeg punapa sakng geseh pangarrangipun kajawi wulan Lun Guwik kadosta wedalipun ing taun

	1890	1891	1892
	Umur	Umur	umur
Ciyakguwik	29 dinten	29 dinen	29 dinten
Jiguwik	30 dinten	30 dinten	29 dinten
Saguwik	30 dinten	29 dinten	30 dinten
Goguwik	30 dinten	29 dinten	29 ditnen
Lakguwik	29 dinten	30 dinten	30 dinten
Citguwik	30 dinten	29 dinten	30 dinten
Pekguwik	30 dinten	30 dinten	30 dinten
Kauguwik	29 dinten	30 dinten	29 dinten
Capguwik	30 dinten	29 dinten	30 dinten
Capitguwik	29 dinten	29 dinten	30 dinten
Capjiguwik	30 dinten	30 dinten	--

Dhuh sang para maos ingkang mangkaten wau punapa boten badhe damel kodhenging manah, mongka tumrapipun dhateng bongsa cina parlu sanget rak inggih ta mas Jaya, sarehning kula dereng mudheng, bilih temen boten saged ajeg umuriing wulan cina wau, pangetangipun mendhet saking punapa, mugi jurupangaranganging almenak Samarang paringa katrangan ingkang mesthi.
Dene bilih ajeg umuripun sampun tetela pananggalan samarang kasebut ing nginggil wau lepat
Aru:bi
====\=========

B ing ngayogya kang winuwus ingkajumeneng narpati, jeng sultan Mengkubuwana, ing Ngalaga Senapati, NgabdurrahmanSayidina, kapisan pantagami, B. tuhu Kalipatullahu, titiduksultan mandhiri, buta sapta ngrasa tunggal dupyan tuk kaandasatri, warsa, seda kangjeng sultan putra kang gumantya aji, B. Pangrandipatya nomipun jujulukira narpati, jeng sultan mengkubuwana, ping kalih, jenengiraji, ngesthi sedya sabdanyata, antuk pitulikur warsi B. tendhang wau sangaprabu, putrendra pangrandipati, gumantya rama sang nata, mengkubuwana kaping tri, nalika taun rembulan trus osik sabda,sayekti B. seda antuk tigang taun puta gumanti narpati, ping catur mengkubuwana, titiduk sultan mandhiri, janma catur tutur arja, seda antuk wolung warsi B. putra kang sumilih prabu, jeng gusti pangram dipati, jujulukireng pawasa, jeng sinuhun sultan Mukmin Mengkubuwana ping lima, titi duk adeging raji B. Truscaturing sabda ayu, tuk tridasa catur warsi, seda wau srinarendra, tuna datan darbe siwi, lagya garbini garwendra, ginantyaning ngari aji, B. Jujuluk ingkang sinuhun sultan Mengkubuwaneki, kaping nem ingkang minulya, titi duk jenengiraji, gunesthi mitutur tama,

sedantuk rolikur warsi B. putra sing prangrembe prabu, jeng gusti pangeran Ngabei, duk jumeneng nya kang rama, ing ngangkat pangrandipati, witnata tan dabe putra, ingkang mijil saking sori B. Sasedaning rama prabu, gumantya madeg narpati, jujulukira jeng sultan amengkubuwana kaping, sapta duk ing Jenengira, rasa tanpa ngesthi pati B.
Taksih wonten sambetipun.
=========\==========
Mingka pasumbang tumrapipun tatawarti:yekakadyaringa ndhap punika candhakira kanangwiyata.

Ing teges kang dyat mikanenggih ti kang wahya paesupianing raga, dyat mika paesan rohe, mban lair batinipun wahya lair dyatmika batin kalih punika tekang, angreh ala ayu, mong kasarining lagana, sang ngakarya ing jagad tribuwaneki, tanpa nggihing kamukupan. Kang wus pan tuk ing suka sakalir, pujinira pantan awangsulan tankatara panamare, tanpegat wuwusipun tan kawruhan ing sarireki, tan awor aneng atma, sawit ning ling nuhung, isastra ingkang akarya, ala ayu pandatan karaket lening, tyas puitanpa wahya. Sang wus putus ing buwana singgih, uninga ing sira sangkan paran sangkan paraning uripe, sarira buwaneku, sumala mor ingkang wruh neki, rising sukma kawekas kang pinrih ing kalbu, angilken darsendriya, panuembah ing kawula puniku saking, nugrahaning jawata. Amenuhi lebuning padeki, jengira sang hyang jagad karana, datan pegat pangestune, apanggah bektinipun tunupun tanem baliking ati, kewala mung pangucap sadaya pangestu, dadya sanggar pamelengan eremena anendra padaning widhi, tumekaing kamukupan. Sampun angiket ulun ing wengi, panemunira ing sang panembah, tanumpah muja ing padane, sang sukci nirmaleku, mongka tanbanyolah sabumi, marma ngong pinaringan wawarah lan wuruk saking nugrahaning pada, sang aulun dening pangabekti mami, ing pada sang Bathara. Krana panembah punika kadi, enggen kang ngaresik tinaneman kembang kembang panedhenge, gandanira tulya rum lawan puja mantra ngastuti geseh ngadeg nembaha, ing jatining tutur, yen janman tan purunembah, ing padaning bathara yeka pan kadi, enggen kang reregedan. Binuwangan wuhwuh sabenari, kadya mangkana warananingwang, sukertanana becike, mangakana dipun emut away lupa ing ngari ratri, marang ing nganggganira, ing pralambinipun reregeding ati ika, mega kandel na wengi petenging ati, tumusuping ngulatira. Denya peteng karem mring tan becik lamun resik iya rganira, tumus marang ing atmane, kadya surya sumuluh, anelahi dumipeng bumi, yawn pangetbratanira, tan gumingsir tuhu sumungku sireng kaanan ujalanya kewala sarwa meguhi, madhangi jagad raya. Anglangkungi pakaryaning rawi, denira anyunari bawana, myang jaladara ngisore, mega mega manaput iku ingkang maha metengi, kenyaring arunaya, ya upaminipun mangkana ta ang hyang atma, denya amrabani marang sarineki, , kalinganing mamala. REregeding nala naglimputi, ingkang mongka mendhung ing ngawiyat yen tanumpir papetenge, yareregeding kalbu, sirna limut pumilak wening, pendah wulan purnama, tingalan ring drun kang jranih maisi tirta, yak likatonpanggya wulan anglaweni, yan toyaneng wawadhah.
Taksih wonten pambetanipun
Tiakng manulat ping papakem muhung swantah ikewala, dera ki jaka prananawasidhi, sang dhudhukuh ing mendhang prawa.
Partipawong mitran sudargaran tuwin sanesipun.

Ongka 94 Salasa Paing kaping 21 Rabiyulakir JImawal 1821 utawi kaping 24 Nopember 1891

Surakarta
Sambetanipun pasamuan garebeg

Kunenginggil cariyta mangsuli, saen sanga katong, ngunjuk lawan jeng tuwan residhen ingkang angsal larih ngunjuk naming, pangram putra aji, myang kang para tamu
Bongsa an di jawi kang neng kursi yen bupati loroh mung nayaka kaparak kang oleh liya saking punika tan kenging, ngunjuk lan sangaji, wus kamarandangu.
Duk samana sakendelig, mariyem ing siti lawang, pakurmkatan kdipaten tan adangu srinarendra, tanapikanjeng tuwan linari an ganten arum warata tamu sadaya.
Sawatawis larih malih, minuman maksih jeng tuwan ingkang angundhisekake, minongka wilujengira putra Santana wadya, dalem kanjen gsang aprabu, binarung ing panembrama
Musikan dipun sambungi, mariyem ing siti lawang, rambah ping sanga unine, sakendeling prakurmatan sirep ingkang sabawa, nulya kanjeng sang aprbu, ngandika bocah wdana.
Bocah bocah sarupaning, kang padha gawa gamela dhawuhana ngunekake, nayaka matur sandika, nolih mring wuri dhawah, nedha konca gandhek gupuh, timbalan dalem sang nata.
Sarupaning kawula ji kang padha gawa gamelan kadhawuhan ngunekake, kaliwon gandhek kalinya, matur nuwun sandika,mudhun marang ngalun-alun kuneng ganti winursita.
Ngalun-alun wiwit enjing, benjing-enjing, banjengan cang pinanjeran ngulumbal lelayu rontek pradongga pinontha-pontha, neng tarup kang kinontha, bangsal kapit paying agung, punika ladosanira
Yata rising nindya mantra, sasradiningrat sakonca, nira nayaka nonanon pulisi lan pamajegan sawijinipung bupatya, saprangkat pradongga saput kalawan titindhihira.
Priyayi panewu manri, jaksa kori lan kabayan sarayuda kabupaten tharik ngarsaning pagongan lungguh nglampit payungan lawan saking para tumenggung, jeng pangram wadana putra
Taksih wonten sambetipun

Ginem sae

Nalika malem Akat kaping, 19 wulan Rabiyulakir taun punika, kula aningali nayuban dhateng ing Atmacndakan kula kalangkungungun dene tata sae guyupipun sak jeg kula ningali nayuban saweg punika, ngantos nutug dumugi sabibaripun wanci jam ½ 7, enjing, saking remen aningali saenipun tur uruting beksa inggih boten urut ananging boten wonten ingkang dados panggalihipun wah salebetipun pandhapi nayuban ngriku wonten ingkang lucu anglangkungi, nama pun T.M. Wa, lah punika sansaya seneng manah kula, tiyang lucu kok kados makaten sadalu kula naming guyu thok-thok ngantos lemes padharan kula.
Punika ta, pola nauban kenging dipun tiru, kenging dipun tingali ingkang beksa, boten mawi oyak-oyok undhuk punapa, ramenipun naming rame kplok kaliyan surak gegerongan kimawon sanes kaliyan nayubanipun priyantun kabupaten…..mangilen niyat dipun kurupaken anggenipun beksa tombok naming sarupiyah, tiygn temtu undhuk mawi ngambng mawi ngasta manisan kismis kula ningali sampun boten remen, beksa nipun wah boten kenging dipun tingali, priyantun sak pandhapi temtu ngadeg sadaya, dados boten katingal genipun ngadegpunika sakin ganggenipun ngurun badhe ngurupaken anggenipun kecalan arta tombok.
Katandhanpun K.D.

Nalika dinten REbo ingkang angrintenaken dinten Kemis tanggal kaping 9 wulan Rabiyulakir punika,kula dolan dhateng ing dhusun Plumbon margi ing dhusun ngriku saweg wonten prayantun gadhah damel miwaha anakipun estri, ing dinten wau kaleres dhaubing panganten menggah pasamuanipun nayub sareng wanci jam 1 saweg nedheng rame-ramenipun para tamu ingkang sami amangun suka, kaget miring swara pasambatipun tiyang, sanalika wau tamu sami bibar murugi panggenaning sasambat wau, wusana kayektosanipun ingkang sasambat wau tiyang kakalih saminglilir saking tilem lajeng mlajeng rumaosipun kagrejeg

ingkang ambaureksa dhusun ngriku, ngantos dumuginipun mlajeng wau taksih kagrejeg kemawon e e dhanyang ingkang makaten wau manawi pancen tresna kaliyan ingkang sami tilem wau, tandhanipun kok purun ngajag gegujengan kalayan sukaning manah, jebule sing dijag geguyon kok banjur gundam-gundam, weh lakiye, wasana para tamu sami wangsul amangun suka malih kanthi jumurunging manah.

Ing kampong Kanoman kaparak tengen wonten tiyang estri karan anak biyang gombak kinten wanci 30 taun wanci sonten sasampunipun tatasikan sarta agenglung mawi karengga ing sekar kanthil tuwin malathi, lajeng leledhang sarwi rengeng-rengeng wonten ing nglatar, awit pancen naming kirang 1/8 dadosipun liwar wasana lathinipun kaencokan orong-orong lajeng mlebet dhaten ggrana, kocapa biyang Gombak lajeng nangis kikitrang lir pendah rare katilar ing biyungipun ngantos andadosaken kagedipun tongga tepalih, sapriki orong-orong dereng saged medal saha taksih gesang amargi taksih karaos anyakoti, dene biyang gombak ugi tansah anggiyeng panangisipun adhuh amesakaken sanget kakang gule kados pundi setiyar dika, awit kados dika inconipun Gobak.
Manguyu.

Kala senen siyang wanci jam 12 kula sumerep tiyang jaler pejah wonten sawetan kreteg lepen larangan mujur mangidul tiyang punika gundhul mripatipun taksih melek untu maringis pethak kinten wanci 30 taun awakipun katingal kera, saemper gadhah sakit tlebet saknng cariyosipun tiyang inaknng celak ing ngriku tiyang punika mentas gonceng kareta andhong mudhun saking gonceng lajeng galoso temahan pejah, ngantos jam 4 sonten taksih gilang-gilang wonten sapinggiring margi saragenen kiwa ingkang sisih kidul kilen kula pitaken tiyang ngriku punapa sampun kaaturaken dahteng priyantun pulisi ingkang bawahaken sanjangipun sampun nanging priyantun pulisi saweg madosi sanakipun kacriyos tiyang gondarsan salebeting balowarti, kilap ing salajengipun o memelas sanget.
Kintunan.

Nalika ing dinten Jumungah tanggal kaping 3 rabiyulakirpunika wanci jam 10 enjing, ing kampung Keprabon wonten griya kabesmen inggih punika griyanipun Kramatenaya, saking cukatipun para tandang latu boten angrebda lajeng sirep among telas griya 3 wuwung griya payon gendheng 2 wuwung, griya payon atep 1 wuwung, dene ingkang dados jalaran latu anggenipun olah-olah pyambak.
Nalika ing dinten Kemis tanggal kaping 9 Rabiyulakirpunika anci jam 11, siyang, bawah ing Mangkunagaran wonten griya kabesmen malih, sanadyana para tandang sami cukat cukat sarehning panasipun banter wah baratipun angidid dados griya telas, 12 wuwung, ingkang dados jalaran latu anggenipun nyoga nglorod.
Nalika malem Rebo tanggalkaping 8 punika, wanci jam ½ 12 tiyang patrol ing Cakrajayan (kaparak Kiwa) anyepeng tiyang jaler radi nyamar, saking kidul mawi ambeta kajeng tilas saka, sanalika ngriku tiyang lajeng kaladosaken dhateng ing kapulisen ingkang bawahaken tiyang lajeng iapriksa ngaken saking Langenarja badhe dhateng ing Timuran ugi sami sadalu ngriku tiyang dalah kanjeng babetanipun lajeng kaladosaken dhateng ing Kartanagaran kilap salajengipun
Juruwarti

Yogyakakarta
Kala dinten Kemis Paing tanggalkaping 19.11.1891 awit enjing ing dirgantara mendhungipun angendhanu, sareng wancijam 12 siyang lajeng jawah kados dipun sokaken dangunipun 1 ¼ jam toya sampun saged ilen-ilen ing wradinan punapa dene ing latar-latar, wondening sanghyang Surya sadinten pisan boten katingal jalaran tansah mendhung kemawon telesing siti lebetipun 5 senti meter, tumuwuh ing jawah wau andadosaken suka jumurungipun para tiyang ingkang tansah angajeng-ajeng, mongka saged kaleksanan saha anuwuki raosing manah, sapinten kemawon anggenipun sami muji sumungkem dhateng ingkang maha kuwasa,

sanadyan wotnen ingkang nuju sekesahan kathah ingkang lajeng sami adus awit saking nyitah ing manah.
Ugi nunggil sadinten bandara raden ayu Pringgadirja, putra dalem swargi ingkang sinuhun kanjeng sultan kaping II seda jalaran gerah sepuh, layon sumare ing Ngastana kitha ageng kadherekaken ingkang ra asampeyan dalem ingkang sinuhun kaping II.
Sapunika pangaosipun uwos ingkang nomer satunggal sadhacinipun f 9 nomer kalih f 8 nomer tiga f 7 ¼ lisah klapa satunggal bleg ptiruliyum f4 ananging tiyang gadhah damel taksih kathah oten pisan suda, dados boten pisan dipun raosaken awising wont tuwin lisah.

Warni-warni
Bongsa Arab ingkang dumunung wonten ing Batawi panyambut damelipun sakolehan sanget sangaya lamis angsaya mindhak-mindhak kasugiyanipun awit kajawi sesadeyan bongsa suwek utawi bongsa pelican mawi anyambutaken yatra sarana nangge anakan manawi nyambutaken yatra f 150 ing dalem sadasa wulan dadosipun f 250 wonten sinyo-sinyo anyambut yatra dhaeng bongsa Arab ananging manawi dipun tagih panyauripun naming dipun ethungi kepelan kimawon, ah, ah, ah,.
Nyonyah Peng, ing Kedhiri pejah kasaya ing tiyang, ananging parentah dereng angsal katrangan ingkang anyaaya, amila prakawis punika taksih mengeng, jisim kabekta dhumateng Surabaya dening ahli warisipun lajeng kapriksakaken dhokter,leres ingpadharan wonten waranganipun nanging sinten ingkang nglebeti.
Kasangasran pepejah ing Jati ugi dereng angsal litik.
========\===========

Panjurung
Mugi sampun andadosaken cuwanipu para panjurung, manawi pakintunanipun derng kapacak amargi anggen kula anampeni panjurung kathah singet pramila pamacak kula boten saged sareng sanalika tampi kula, punapa malih sakalangkung tarimakasih kula, tumanduk dhumateng sadaya ingkang tansah ajeg amanjurung, inggih punika anedahaken wanteging pambeganipun boten lemeren boten gingmir dhateng tembung mamanis naming para panjurung ing sanes nagari teka kathah ingkang lembon wategipun
Jurungarang.
========\==============
e Pak Ile pataken sampeyan kawrat bramartani ongka 88 tumuhu dhateng resi Kridhasara, punika oten susah resi Kridhasara paring katrangan cobi sampeyan padosi salebeting srat saloka paribasa kimawon mangke rak kepanggih, gajegipun sampeyan rak gadhah ta, srat saloka, malah saking Ronggawarsitan tulen kok, iyah sampyn galih rikuh gek sampeyan padosi.
E meh kesupen kepripun tapak breleng dhek wage kok ora ca….o dadi awaku, ki ijen bae, ora ana mungsuhe grejgean
E la, meh lali maneh kawuningana pak Ileng, ridheripun ical satunggalingkang ngicalaken panekar: pa….
Sampun nun kula badhe ngaseo
Saking kula sisiyan sampeyan mulikiji.
==========\===========

Jati anom pitaken sampeya leresing panyerat sarta amaling tembung peniwen.

2. tegesing tembung Madiyun kawrat ing Bramartani ingkang katitimangsan salasa Kliwon kaping 1/7 20 ongkana 12 tumuhu dhateng para sarjana, ananging ngantos sapriki boten wonten ingkang mangsuli, kilap jalaranipun ingkang punika, saiba cuwaning manah sampeyan amila sanadyan kula punika dede bangsanin gsarjana, ewadene awit saking kaderenging sedya kula badhe anglipur cuwaning manah sampeyan dados sasaged-saged kla amedharaken pamanggih ing ngandhap punika.

1. Peniwen manawi pamanggih sampeya saking tiwi, punika winastan tembung, karana wacaka, tegesipun pirantos leresing panyerat kedah Paniwen naming ing pakeapan mesthi dipun pepet peniwen ananging manawis aking tiwi, pamanggih kula boten dhaup kaliyan kajenging rimbag awit karana wacaka, punika rimbagan sakin gtanduk kriya wantwah, wiji saking lingga ingkang dereng dados kadosta, panulisan sakin gduk anulis saking lingga tulis mongka tiwi, punika tembung kawi, temegesipun rata, langkung, rata, marga langkung, punika sami tembung kaanan mila upami prangratan pangluwiyan boten keningg ewasamanten manawi sampeyan peksa pangratan tegesipun pirantosipun ngrata, inggih kenging, tapi itu perkataan modhel baru.
2. Madiyun manawi pamanggih sampeyan sakin gDiyu, kados punika dereng lenggahkawuningana, boten wonten tembung Tanduka ingkang angsal panambang AN ugi wonten ananging ingkang mrojol saking pathokan kadosta magepokan Nayuban ingkang sapunika saweg dipun pungeng dening para saged dereng pinanggih wadosipun dados lepat kaping 2 amargi oe bilih angsal panambang an rebah dados on kdosta Pa Du, dados Padon manawi saking diyu leresipun kedah padiyon padiyon punika daya wacaka, tegesipun enbggening danawa, adhi tdiyu tegesipun danawa, mila saking pamanggih kula Madiyun punika dede tembung rimbagan pancen sampun tembung aran saminipun Surakarta, ngayogyakarta, ewadene nyumanggakakenpamanah sampeyan naming punika gaduging pamanggihkula.
Undhakan sastramiruda.

Sambetipun Pasamuan ing Prabuningratan.

Sujanma kang tumingal keh lali, marng anak bojo, piker ngepon kayungyun solahe, arum dayun datan nedya mulih, kula mun duruwis bubar denya gandrung. Neng na wau kang lagya geng kikin, sangkalana wadon dupi kendel denira anjoget nulya linggihtumungkul ngastuti, tapsilanya titi, manembah gya mundur. Ngaso marang pamondhokan salin ngrasuk cara wadon tndya abdi wana kawan age, catur samya tebah arerepik jarambah andhapi, sinulakan lancur. Jeng pangeran prabu ningrat nuli, angandika alon marang para panji sadayane, kabeh samya acucul klambi, away kang na mulih, ngramenana nayub. Anutuga ing sawengi iki, poma ywa amolos para panji sandika ature,kangjeng pangram nulya ngancarani, mring pratamu sami, kang kapareng sarju. Lukar rasukan amrih ngrahabi, rumenggep sapakon para kanjeng pangram kang nem-anem lawan sagung kang para bupati, sampun lukar sami, mung sang raja sunu. Taksih lenggah kasukan ngresepi, myang ingkang lumados datan ewah sadaya lenggahe, lir kang sampun winahhyeng kariyin tan antara nuli, jeng pangram dhadhawuh. Mring niyaga sampun mundhut gendhing, pathet barang boyong, kang pangriring ing ngandikakake, amucuki joget ngiras nganti, mring kng lagya salin busana sang dayun. Jeng pangeran prabunigrat ngirit dyan mas arya gupoh, martakusuma alon lampahe, prapteng ngarsa sampur sutra wilis ambeksa rumyin wiwit saking kidul. Kanjeng pangram prabuningrat larih, para panji keplok putra dalem ingkang nganem-anem ganti-ganti kang samya nglarihi, tan adangu nuli, kendel gending suwuk. Arum dayun wus samekta prapti, ngrasuk cara wadon cingak sagungkang tumingal kabeh, sanalika panyiptaning kapti, dinalih sang dewi, ratiyh kang tumurun. Sampur ngangrangan jambon tinepi, ing renda mencorong maya-maya muyeg gegelunge, tan kuciwa busananiradi, yen sinawang kadi, pracima mas murub. Bau wijang anggandhewa gadhing, pamulune ijo, jajawelar lir sitaresmine, ping pat belas arsa andhadhari, munep-mungup mungging, udayaning gunung.
Taksih wonten sambetanipun
=====\=========
warti pawongmitran sudagaran tuwin sanesipun.

Ongka 95 Setu Legi kaping 24 Rabiyulakir JImawal 1821 utawi kaping 28 Nopember 1891.

Pawartos kawat
Kanjeng tuwan Andreyas asisten residhen ing Sragen kapareng pamit dhateng tanah Eropah laminipun kalih taun.
Kaingser dhateng Sragen kanjeng tuwan Panderplas aissten residhen ing Wanagiri.
Kaangkat dados asisten residhen ing Wanagiri, kanjeng tuwan Bak

Surakarta
Sambetanipun pasamuan Garebeg
Ugi mawi angladosi, pradongga sakanthinira, yen gongsa ing kadipaten neng kidul wringin sengkeran manggen sawetan marga, majengilen bangsalipun rontok corak pare mudha.
Dene kang winastan margi,longkang ngrira wringin kembar, saking sitinggil mangaler, ler pagongan kadipatyan wonten malih pradongga, punika ladosanipun jeng gusti prabu Wijaya.
Ing ang munggeng kilen margi, majenge tan kapagongan pan punika leladene, pangram ma wadana sentana, lelayu gula klapa, dene saler wringin kurung, pagongan sawetan marga.
Majeng ngilen laden saking, sira sang nayaka wraktra, patih srinata tindhihe, kliwon patih kapatiyan tigawarna bendera, dene ta pradangganipun para bpati sadaya.
Wonten kan gpratistha mungging, sawetaniing wringin kembar, saweneh manggen ing kilen ing sapetak-petakira, sami mangku bandera, umbul-umbul paying agung, tigawarna sadayanya.
Wonten malih kawulaji, kang ngrenggani siti lapang, panewu lawan mantrine, jajar carik limalasan kang sami kawajiban nampeni ladosanipun lelayu para bupatya.
Lamun malih panewu mantra, bekeling jajar kemasan aneng patakan kang kulon lungguh nglante pinayungan wonten malih pepandhan pratistheng kandhaning tarub rinengga saking ing wastra.
Munggeng kilen metan ugi, leres salering paretan klangenan dalem sakatong, dwira kakalih rineka, panganten pinaesan aneng wantilan den angkus kinubeng pangayapira,
Panewu mantra sarati, sikep cis iingkang pusaka, pinayungan lungguh nglante, kinepung jajare kapang, sinangkulambi abang, samana ing ngalun-alun yayah tegal kurusetra.
Taksih wonten sambetipun.

Benjing malem salasa ngajeng punika, komidhi setambul ingkang sampun kawentar pamainipun sakalangkung sae, badhe main ing kagungan dalem alun-alun ngriki, serat serat pawartos iingkang medal ing Surabaya, sadaya sayuk sami angalembana gebyaging komedhi wau, endhanipun sampun sami ugi komedhi walandi, mawikelir gambaring wana, laut griya-griya, kadhaton sapannggilanipun saha sae-sae sadaya, dene wekasaning main ing saben dalu mawi angatingalaken gambar gesang,mamba lalampahankala kina-kina, kados ta: kala kanjeng nabi suleman angunjara tin kanjeng nabi Adam tuwin ibu kng wadi pun tundhung saking suwarga, kathah panunggilanipun saha angeram-eramaken menggah cariyosipun methik serat cariyos sewu sedalu, pangangenipun car Arab tetembunganipun cara malayu tanah Jawi TEngahan dados sadaya tiyang saged manertos turubipun amot 2600 tiyang, saha kaecet dados boten sumelang bilih tarocoh: palenggahanipun sakeca tuwin pantes prabeyaning kalebt sedheng wah malih ingkang main kathah wanodyanipun: kados ingkang sami aningal boten badhe kacuwan.

Sampun wonten kalih wulan punika, ing gedong kareta: S.P. salebeting balowarti, saben dinten kaangge pakumpulan tiyang tiyang sami kasukan belit totoanipun boten kirang saking satengah rupiyah mingagah, amila paman iingkang nucukaken tansah ngalekar, leyangan gembuk sarta mandhi bestrong ingkantg lumespasipun naming saran kaserot kemawon, awit angsal-angsalanipun art cucuk boten kirang saking 5 rupiyah.
Lo: mas pulisi tiyang celak kaliyan wisma sampeyan sarta sampeyan rak inggih kerep langkung ta teka sampeyan angkuhi, mindhak sampeyan kagepok ing panyana-nyana, enggal ta dipun tukupa, tiyang sampun genah wela-wela, prasasat anganteb kadibyan sampeyan nunb
Katandhan Esmiradho.

Awit kagalih amikantuki singet dhateng sudanipun lampah juti, rpamila ing mangke nagari andhawuhaken nyuwak pakumpulan ngabotohan keplek ingkang kaedegaken dening abdi dalem manri demang kuli, kadamel anjageni pundhutan bau suku, aiwt nagari tuwin ing karaton sampun boten badhe mundhut bau kuli, ingkang ing ngajeng dadosa sanggen lumados saking abdi dalem mantra demang kuli wau, sampun sawatawis wulan punika adegipun pateplekan kalampahan suwak malah wiwit kala amarengi malem garebeg besart taun Ehe kapengker, pakumpulan ngabotohan keplek ing bangsalpamagangan punika inggih suwak dumugi malem garebeg mulud kapengker punika ajad dalem pareden ingkang badhe kawiyosaken dhateng masjid boten mawi dpun eleki dening para bujang, iingkang saben saben tamtu mawi ngabotohan keplek ananging naming dipun reksa piyambak-piyambak dening sikepipun abdi dalem galadhag nagari.
Ingkang punika suwakipun pakeplekan wau, para kawula dalem sadaya kemawon sami mangayubagya, awita sampun tamtu badhe a jalari suda utawi nyegah wontenipun lampah kadurjanan jer sampun tetela manawi tumuwuh ing lampah durangkara, punika boten liya saking kathahipun para kawula alit utawi buja ingang karem ulah ngabobotohan iingkang kalih dene suwakipun ngabotohan kepleking malem garebeg punika migunani ageng tumrap para bekel tuwin kuli dhusun amargikathah kamawon para bekel sarta kuli dhusun iingkang nalika malebet garebegan dhateng lurahipun nagari katingal mrabot sareng enjing mantuk saking tumut keplek wonten Magangan among kantun mangage kathok balejed prabot tuwin arta sangonipun sampun tumpes lapis kapupu ing ngadilgaa pateplekan adhuh inggih manawi sasanggen utawi ladosanipun dhaeng lurah nagari sampun kabayar esah, labilih dereng bayar ladosan arak damel kapang tunaning lurahipun lo rak inggih ngaten ta ki, te, dho.

Nalika malem Senen Legi, tanggal kaping 11, wulan punika, wanci jam 3 dalu, ing kampong Jagabayan M.N. wonten durjana pandung, lumebet griyanipun tiyang nami, Nitirujita, kadangangan dipun lokaken tumuwuh sabiyantonipun para tandang, wedaling saking griyanipun piyambak-piyambak sami ambekta obor abyor, iingkang sakalangkung anyunari panggenan iingkang remit remit ing ngriku pun pandung lajeng badhe ngis amaringis maringkus karangkus lajeng kabesta, wah tujonipun katungka para tandang, awit pun pandung nalika kabujeng angliga keris bokmanawi sampun na obor-obor kathah, kula kinten wonten raja tatu.

Nalika ing dinten Akad kaping 12 punika, Setra SEtika tiyang ing kampung Pringgakusuman gadhah damel tetakan mawi ananggap reyog kapurih jogged turut margi dhateng griyanipun kyai Bong, sahantukipun rare ingkang tetak wau dumugi ing griya, reyog kapurih jogged malih wonten satengahing margi ageng ngajenging griyanipun ing ngriku kathah para rare inakgn sami ningali, areng reyog saweg perangan sarana main pedhang, sakng kirang pangatos-atosipun pedhang ingkang kadamel main wau oncat saking garan wasana angengingi rainipun rare estri kinten wanci 10 taun anakipun pak Patra ing Pirengantatu kewal pipinipun ingkang kiwa, rare lajeng jerit kaliyan sasambat sanalika kathahpara tiyang ing sami tutulung, dene rare lajeng kabekta mantuk kocapa embok ipun rare wau sareng sumerep anakipun tatu sarta gogobrah rah, andarana lajeng jerit kaliyan mondong anakipun lah kados punapa kumawonmanahipun punapa trajang ler esri, nanging wangunipun lajeng sidhem pramanem kilap ingkang dados jalaranipun bok bilih pun rare lajeng dipun dolan bunder gepak kaliyan pun pangreyog.

Nalika malem salasa paing tanggal kaping 21 wulan rabingulakir punika, kula ningali nayuban ing dalemipun raden ngabei mangun wardaya priyagung kaliwon polisi ing Kartasura, kagungan damel angundhuh panganten para pryantun kathah iingkang samijagong pangageng panjenenganipun raden tumenggung Jayanagara, para panrwu mantripulisi dhistrik bawah kartasura pepak tata tatanipun ingkang samibeksa urut laladosan saha rerengganing pasamowan boten anguciwani, salebetipun nayuban ngriku wonten satunggiling priyantun iingkang sawatawis lucu, anggening beksa tansah akudhung sampur.
Katandhan wong cilik timbel

Sampun sawatawis dinten punika, tiyang jawi cina ingknag ami sasaeyan ing saben dalu, kados ta: cao, saoto, taugoling, renggong sekul ulam terik gule, sapanunggilanipun punika sami dipun awising lumebet ing baluwarti, mila mangkaten tiyang sasadeyan wau kajawi adamel saruing slebetipun baluwarti, pncen sami degsura sadaya adosta bilih ta wi sadeyanipun mawi bengokbengok sarta mawi calunthangan calemedan mongka ing salebetipun baluwarti wau kathah dalemipun para gusti, para ruhur, menggah ingkang mangkaten wau sampun kasinggihan sanget bilih tiyang sasadeyan sami kaawisan malebet dhateng salebetipun baluwarti, ing wanci siyang sarta sanadyana boten mawi kapikul ananging kasunggi, punika pancen inggih prayogi dipun awisi, awit temenipun tiyang jaler sasadeyan ingkang sarana ider punika amu badhe angampangaken dhateng wewenanging paparentahan nagari, mila ingpamuhi kula para kawogan mugi sami angestokna dhawuhipun nagari saha ngulat tulata dhateng ing lampah punika, supados sageda katingal taberi sampeyan dhateng ing ebek sampeyan
Kintunan saking S.T.P.M.

Yogyakarta
Kala ing dinten Senen Legi ugi salebetipun wulan NOpember punika,tongga kula gadhah damel netakaken dalunipun mawi slawatan ngaturi eyang Arab anggenipun ngudnang pancen namung tiyang gangsal welas sareng dhteng kul petang tigang dasa kalih sanesipun bagondheal mongka ing ngajeng kakinten waragadipun cekap sadasa rupiyah prajangji ngajeng muhung segahan utawi ambeng rasulan temahan mawi ngabani nedha brekatan sekul ulam panganan kawadhahan ing tebok o punika ingkang gadhah griya sakelangkung anggenipun kopat-kapit rehing mrunga ucal malih kadamel brekatan dalu dalu gobyag tiyang sade uwos tumbas upam utawi tumbas panganan punapa malih narutus dhateng tongga pados tebok mongka ingkang gadhah damel wau warondha, sareng sampun bibar pangresulanipun mangkaten o dhengera yen kaya mangkono carane eyang ngarab wis ora kuda-kudu lowat slewetan okeh sarate ora kuncara, prasasat dikecu waras warasan etung ku wis cukup sapuluh bae, jebul entek patang muluh telu rupiyah.
Watekipun eyang Arab iingkang mangkaten punika sampun limrah, nanging bok rondha piyambak ingkang kainan awit kirang lepiyan dhateng watek wantuning eyang Arab.
Kintunan

MAGELANG
Para tiyang tani ing distrik Menoreh mong sapunika, kathah iingkang sami nandhang kasangsaran tumuwuh saking awis tedha tuwin angeling pangupajiwa, jalaran sabin sabin saha tegalan sami garing ambaledhag katemahan botn kenging kataneman, kanjeng tuwan residhen kedhu kalampahan anyuwunaken arta dhateng kanjeng gupremen gangsal welas ewu rupiyah, kadamel uwat tuwat ing panggesanganipun tiyang ingkang sami nandhang kasangsaran wau, sarana andadosai radinan tuwin yayasaning nagari.
Ing dhistrik Blabag wonten sasakitingakn anggigirisi, awit sasakit wau saged anular, sinten iingkang katrajang tamtu tiwas, anakipunlurah ing dhusun P Onder dhistrik S katempuh ing sasakit wau, dereng ngantos nem jam andadosaken pejahipun wiwitipun kraos sakit makaten awak sarta suku kraos gumeter, kringet gumrobyos boten watawis samantara ilat lajeng kaken mengkeret boten saged wicanten punika ingkang katarajang tmatu pejah, para tiyang ing balag sami angweilujengaken nyunyuwun supados sasakit mau tumunten anglesa, wah lemu ki kaum napa ki nyarikane.

Panjurung
Sambetipuun pasamuan ing Prabuningratan

Panjurung lamun winursiteng kawi, arum dayun anom kanjen gpangran prabunigrata mangke, iingkang beksa calunthang kan ggendhing, duk lagya nengahi,beksa sanga bagus. Srinarendra

rawuh anjenengi, wiyose sang katong, saking kamar pringgitan kang kilen datan wonten sagung kang udani, rawuhe sang aji,s amya kagyat gupuh. Oreg saguung kangmungging pandhapi, kengsredenya lunggoh, gurawalan sing kursi udhune, datanapi sang narendra siwi, tumedhak singkursi, lenggah makidhupuh. Srinarendra jumeneng ningali, kang beksa gya dhodhok jeng pangeran dhinawuhan age, anglajengken denya beksa anging, suwuk ing kang gendhing, salin rondha nunut. Yata wau sang narendra siti, pangrandipatya gom sampun lukar rasukan sedene, jeng gusti prabu wijaya tuwin ingkang pradipati, sadaya samya nut.
Taksih wonten sambetanipun.

Ongka 96 Salasa Wage kaping 28 Rabiyulakir JImawal 1821 utawi kaping 1 Dhesember 1891

Surakarta
Sambetanipunpasamuan garebeg.

Nalika kanggonan baris nata pandhawa sakodra, wuwusen kaliwon gandhek prapta ngarsaning panggonan ing kadipaten sigra, dhawuh kentimbalan prabu, marang tindhihing niyaga.
Kalih pangkatira sami, aran demang nagabonda, jiwalesana karone, mangkana dhawuhing duta, kidemang nagabonda, pakenira tampi dhawuh dalemkanjeng srinarendra.
Sarupaning kawulaji, kangpadha gawa gamelan kadhawuhan ngunekake, kidemang angapuranang, matur nuwun sandika, pradongga gupuh tinabuh, ngumandhang angombak-ombak.
Kaliwon ganmdhek kaklih sawusnya pradongga munya, annuli lumampah ngaler, mring panggongan kadpatiyan sapraptane ing kana, panggih lantitindhihipun kliwon patih kapatiyan.
Gandhek andhawuhaken nuli, dyan tabe ing sastradirja, timbalan dalem sangkatong, sarupane kawulendra, ingkang gawa gamelan padha kadhawuhan nabuh, sandika kang tampi sabda.
Sarta gupuh marentahi, anatab ingkang pradongaga, gumrenggurnitaning ngegong, lir ssmitaning rumagang, mring pradongga karenga, leladening pratumenggung, atimbangi nabuh monggang.
Rarap siswara deniring, maruta lir surak girang, nging wirawurung wirangrong, krebeting ronek sinerang, prahara kadi pindha, pamuhining prajumurung, raharjaning surakarta.
Priyayi kaliwon kalih, anggandhek sasampunira, rpadongga tinatap kabeh, wangsul marang baturata, samana sripamasa, duk ukuring duta wau, larih ngunjuk kang pungkasan.
Wilujeng karajarjaning, nuswa jawi surakarta, sinungsung musikan rame, lan mariyem kaping sapta, sakendeling tengara, rpawira tamtama gupuh, lan musikan kang saprangkat.
Bedhol saking ing sitinggil ngrumiyini lampahira, dumeling tambur sulinge, maresira lagu kuna, ulah lambung lan dhadha, gantung sikil tindak manut ira maring tamburira.
Taksih wonten sambetanipun.

Kanjeng rahaden adipati andhawuhake undhang-undhang, kados ingkang kula pethiking ngandhap punika.
Para abdi dalem panggedheing kabuapten pulisi lan pangadilan dalem yen anampeni gugate kang duwe gadhuhan kang ngampil utawa kang nguwasani kagungan dalem bumi desa, babekele utawakang anyoga kawaledan pajeg ubarampe utawa laladen liya-liyane kang wus dadijangji, yenw us kapriksa temen waled iku aja enggal katetepake saninre angger sapuluh babkapng 27 utawa prajangjine kang wus di sanggemi, ananging nganggo katitipariksa amarang blabag engone waled mau apa kagawa saka leledane apa pancen kamlaratan awit ora kameton enggone nanadur, lan ora anduweni maujud ingkang patut di angonyampeti wangadane, Manawa tetela saka leleda iuya katetepna apa benere, mung yen pancen saka kamlaratan iku kasarehna ing sawatara sarta kang kabener nampani ajeg sapanunggalane maukapeksa anyarentekake ubaya kang patut dene yen ing tembe wus kameton enggone nanandur, manira anglilani katindakake maneh apa benere. Wekasanipun kauningana para dhistrik bilih tumuwuhipun undhang-undhang wau awit kawontenanipun para alit ing masa kalapunika sakalangkung kawelas arsa, mongka suraosing undhang-undhang wau, pancen wonten lengipun ingkang kenging dipun lebeti, kados ta ukara punika lan ora duweni maujud ingkang patut dianggo nyampeti waledane, elo rak leta punika, punapa inggih bekel ingkang saestu boten kamedalan mongka gadhah rajakaya utawi sanesipun darbekipun wau, kalampahan kabeskup rajakaya katuntun, sampun samantenkemawon rumiyin
Jayendra.

Dinten senen kala wingi wonten ajad dalem Aswamedha, utawi Rajawedha, wiyosipun sataun sapisan saben wulan rabiyulakir, minongka wilujenganing nagari, manawi ing dhusun winastan baresih dhusun sarta bokbilh saking kathahingkang dipun mumule, ajad dalem wau ulam ulamanipun sakalangkung pepak ugi wonten cariyosipun kilap yektosipun ulaming sato

ing dalem wana punika wonten sadaya, utawi ulaming maesa inggih kedah milih maesa ingkang dereng nate dipun damelaken mila ajad dalem wau katelah dipun wastani wilujengan maesa lawung, wanci jam ½ 12 , ajad dalem sampun katata wonten ing sitinggil leres sangajenging bangsal manguntur, wonten satengah ing targag kendel jam 12, panatanipun sampun rampung, sarta sulih ingkaliwon surana ta sampun sowan wonten ing sitinggil tumunten panewu kabayan nagari angaturi wuninga dhumateng bupati lebet ingkang saos wonten srimanganti,bilih panataning ajad dalem sampun samapta kala samanten para bupati kaliwon panewu mantra lebet ingkang sami sowan ing srimanganti, lajeng sami medal dhteng sitinggil wanci jam ½ 12 panewu kabayan nagari angaturi uninga dhumateng sang nindya mantra ingkang sowan ing pagelaran bilih pnataning ajad dalem sampun rampung, kala samanten kanjeng raden adipati sasradiningrat utawi para bupati kaliwon panewu mantra jawi, ingkang sami sowan ingpagelaran lajeng sami minggah dhumateng ing sitinggil kanjeng rden adipati lenggahipun wonten kidul piyyambak majeng mangaler,ngungkuraken bangsal manguntur ngajengaken ajad dalem para buapti ugi sami majeng mangaler, bupati lebet wonten tengenipun kanjeng raden adipati, bupati jawi wontening kiwa, sinambungan kaliwon lebet majeng mangilen kaliwonjawi majeng mangetan makaten sapituruting pun dumugi panewu mantra,para bupati kaliwon lenggahipun alalemek galar pring, panewu mantra sami wonten ing siti, kala smantenbupati lebet ingkang caos lajeng andhawuhaken dhumateng kanjeng raden adipati awit saking dhawuh ing timbalan dalem kanjeng raden adipati kadhawuhan angujubaken wilujengan dalem maesa lawu, manawi sampun kadonganan dening abdi dalem supih ing Kaliwon Suranata, ajad dalem kadhawuhan bage abdi dalem ingkang sami sowan ingkang waradin kanjeng raden adiapti Matur sendika, bupati lebet ingkang caos lajeng wangsul lumebet ing Srimanganti, kanjeng raden adipati lajeng andhawuhaken dhumateng sulih kaliwon suranata andonganana ajad dalem wau, sulih kaliwon suranata nyandikani lajeng mahyakaken donganipun ngantos saprapat jam saweg rampung, ajad dalem lajeng kabage waradin kanjeng raden adipati, utawi para bupati lajeng sami dhahar saking sudhiyanipun piyambak-piyambak kaliwon panewu mantriinggih makaten ugi, sangunipun piyambak-piyambak dumugi ngajengaken jam 2 bibaran
T.D./

Nalika ing dinten akad tanggalkaping 26 wulan Rabiyulakirpunika, wanci enjing sampeyan dalem kanjen ggusti pangeran adipati anom Amengkunagara, karsa papara ngiras anumpu peksi saha anuba dhateng kagungan dalem pagrogolan ing Kartasura, tedhak dalemmawi kadherekaken raka dalem panjenengan kanjeng gusti pangeran adipati Arya Prabu Prangwadana, kondur dalem dumugi ing karaton wanci jam ½ siyang, menggah angsaling panumpu sangsam saha kompreng 10 peksi amoncawarni watawis wonten 200.
Awit saking kathahipun peksi ingang moncawarni sami kraos manggen wonten ing pagrogolan punapa dene ing ngrawa kathah ulamipun kutuk lele sapanunggalanipun kula anggadhahi pamanggih, upami wontena kaparengipun ingkarsa dalem ing ngrawa wau dipun ingahi ulam grameh,w ader bangsa sapanunggilanipun bok manawi badhe anambahi kaparengipun ing panggalih dalem samongsa amiyos ing pagrogolan langkung malih manawi peksi peksi ingkang amoncawarni wau lulus manggen wonten ing pagrogolan wa, saestu badhe anambahi asrinig pagrogolan
Kintunan.

Nalika ing ditnen Rebo angrintenaken dinten Kemis kaping 23 wulan Rabiyulakir punika, mas ngabei Jayadimeja abdi dalem mantra siti ageng, amanggihaken anakipun estri dhaup kaliyan anakipun raden ngabei atmadimeja, abdi dalem urdenas ing kasepuwan tamunipun naming para kadang warga kaliyan para kancanipun abdi dalem panewu mantra siti ageng, sanadyan anggenipun gadhah damel wau naming samadya, ewadene para tamu sami katingal kaparenging galih, awit saking ingkang gadhah damel saged ananduki para tamu, temahanipun para tamu sami amahyakaken karenanipun kapareng lalangenayub lah ing ngriku saya katingal guyubipu njampitu enjing saweg bibaran.
Kintunan.

Kula gumun sanget saben ing pacinan wonten tayuban mongka ringgitipun pun Menur, untapipun tiyang ningali kados dipun esokaken tur sisiti pun jemek awit pun menur wau tindak tandukipun beksa luwes sanget swara antalwah bening, ingkang gumunaken anggenipun saged ambeksa, sarta nyindheni manut iramanipun gendhing konto, ngantos boten angemungaken para mudha kemawon ingkang anggresah utawi kecap dalah ingkang sampun wanci lunges, ugi angadhuh sarta kecap amargi kaduwung anggenipun meningipun menur muhung kantun galih kemawon saiba meningana nalika taksih rara irengipun ambok manawi kathah ingkang sami dhudhukuh wonten ing jamurdipa, supados kagape dhumateng rising mindha ratih, botenipun naming trimah dados….saarak inggih ta K….
Katandhan Sambiya
========\===============
dhek sampeyan inggih kaduwung mas sambiya: Jurugubah

Yogyakarta
Tumuwuh ing dolananing para lare ing Pakualaman sapunika mangkaten ungelipun lagu kados dene sekar loyang, nanging tumrap dhateng pujiyan sekar loyang sekar loyang, bok benggala nyuwun udan turunana, turunana sing nenuwun bok purawan pawartosipun kanjeng gusti pangeran adipati Pakualam ingang mahayakaken wulang mangkaten wau dhumateng para daradara timur, klangenan tuwin kaparak sami andikakaken pujiyan mangkaten padupan ingkang nglandeng mukswaranipun awit jam pitu dumugi jam sadasa sonten supados pangeran ingkang maha kuwasa enggalnambadanana tumuruning jawah.
Kula mentas tuwi sadherek kula juru serat kadistrikan jumeneng sakit benter tis nanging sapunika sampun sakeca, sadangunipun kula wonten ngriku dipun cariyosi, bilih salebetipun bawah kadhistrik jumeneng kathah tiyang, ingkang katrajang sakit benter tis usada ingkang jodho dhateng sasakit wau kerikan sungu menjangan kaliyan adas pulasari kaborehaken sasranduning sarira katatalanipun kathah ingkang saras.
Sapunika ing dhusun dhusun wonten sasakit ingkang anggigirisi ananging boten ngrmbreh, dhatengipun sakit wau anganggetaken karaosipun ing ngawak kados sakit dhengkelen boten keningg dipun graying tiyang, kenging sinjang kemawon sakit mayaripun naming dipun kepeti, bilih sampun wayusa ingkang katarajang abuh, icaling abuh kulit traosipun kados dipun beset icaling raos ingkang kados mangkaten wau, upami tangan utawi sukuingkang katrajang kados apus makaten sasakit wau boten among sapisan kemawon dhatengipun mawi wongsal-wangsul usadaning sasakitpunika bongsa kula jawi dereng manggih sasserepan punapa malih sasakit wau inggih dereng sumerep.
Kala dinten Jumungah KKliwon tanggal kaping 27 NOpember punika, wanci jam 3 siyang ing kampung Baru wonten tiyang jaler wanci 40 taun suduksarira sarana pangot kacublesaken ing jongga ngajeng ingkang leres gurung, nalika kadengangan tiyang wau dereng pejah, lajeng kabekta dhateng rumah sakit cariyosipun sadumugenipun ngriku boten dangu tiyang lajeng pejah. Menggah anggenipun suduksarira wau jalaranipun mngkaten sarehning mongsa punika piyambakipun rumaos cabar anggenipun paados panggesangan mongka sadherekipun ingkang griya ing kampong Baru wau badhe gadhah damel kados piyambakipun sawek merang anggenipun boten saged urun urun sampun ingkang urun-urun sawega ngrembag awakipun piyambak kemawon boten saged anggenipun badhe sumimpang ing sarupa nganggenipun kumpulan kaliyan tiyang kathah katoging pambudidaya pangot ingkang lajeng kacublesaken ing jongga. Punika radi ngemperi paribasan wiring lan mati luhung matiya. Lalampahan makaten punika kados tumuwuh ipun naming saking cekaking budi,mongka bilih tiyang kasalepek raosing manah punika lajeng anyeut saha sumungkem ing pamurbawasesaning pangeran maha agung, tamtu lajeng lejar ing paningal ingkang adhakan naming lajeng anarimahing satitah.

Warni-Warni
Para martatama baudhendha, wonten cariyos ing mangke kanjeng gupremen dereng karsa ngini leh wongan bupati ing Tuban awit nyarantosaken kawekasanipun titipariksa, ing kawontenanipun anggening kanjeng tuwan residhen ing Rembang apa dudon kalihan kanjeng tuwan Temegelen ingkang piniji ingkang jeng gupremen pinatahananggulangi, lampah ing

aside apyun patrap salingkuh, awit reh-rehipun bupati ing rembang punika gayutan prakawis wau, mongka bupati pancen asaos unjuk ing Batawi, acumadhong dhawuh timbalanipun kanjeng gupremen supados karsa amiji pangageng ingkang tebih dhateng bau kapini, pinatah atitipariksa jalaraning re-rehipun wau.
Wonten cina ingLumajang dhateng Surabaya akulak dagangan sarehning ing panggenanipun amarengi katarajang sasakit kolerah, dumadakan sakala katuwuhan manah mangongsa-ongsa, ugi kulk tabela cina sakawan nyeket rupiyah, esthiing manah dumugi ing panggenan kathah tiyang badhe angangge tamtu pajeng ngalihatus rupiyah, ananging sulaya lampahing pepesthen sareng dumugi griya cina wau katarajang saakit kolereah, ingkang andadosaken tiwasipun nunten nyonyahipun anututi pejah, lajeng anakipun inggih pejah, kantun tabela satunggal punika kaangge tangganipun ingkang inggih unututi pejah, saha ingkang tinilaran sadaya rembag rembag sapengkeripun wau, tabela sakawan dados kaange sadaya.

Wonten dhokter ing nagari Inggris ingkang anakipun wiwit wedalipun ngantos wanci kalih taun rada katingal bancuriten saha endhasipun alit sanget katimbang kalihan sanesipun rare, dhokter kaweken ananging pancen piyambakipun kaceluk anung ing kasagedanipun kendhelirembag lan ingkang estri rarebadhe dipun ungkabi bathokaning sirah, adhuh boten kados samolahipun pun estri, ananging dhokter kenceng, sanalika rare pinangku lajeng dipun pejahi raosing awakipun sinelehaken ing kasur nunten kaupakara kulitipun sirah dipun kalonyom sasampunipun bathokaning sirah dipun ungkabi, punika katingal bilih utekipun binuntel in gkendhangan saha keletan cumplung, kendhangan dipun ulapi dene karaketipun utek wau, dipun angkah sampun ngantos saged karaket malih, sareng sampun kuliting bathokipun sirah dipun etrapaken malih, ing dalem sawulan rare sampun saras boten katawis bilih mentas sakit dene nalika dipun upakara bapakipun ngnatos rampung, rare katingal kados tilem kemawon, ing mangke rare katingal subur, andadosaken sukabingah lan narimahipun bapa biyung.
Lucu: R gadhah anak estri nama A sampun dipun pacangaken kaliyan Dj. Rising badhe mantu wau kerep sumiweng badhe marcepuhipun tarkadhang ngantos sipeng, bok mas R gadhah rencang rare estri nama M, radi lukak utekipun awit saking anggenipun pun M asring dipun purih ngladosi dhateng jawi anuwuhaken butajenganipun A, dados saparipolahipun pun M tansah boten kaleresan kemawon sareng ing ngantawis dinten pun M anggraita bilih dipun butajengaken wantuning rare lukak utekipun dados tuwuh engetanipun ingkang kirang prayogi. Ing saweneh ing dinten Dj. Dhateng griyanipun R. sareng lumebeting griya gapyuk rianngkul dening pun M awit saking kagetipun Dj. Anjelih sarwi budi sarosanipun pun M. dhawah kalumah,sasampuning pungipun M terus kesah sapariki boten wangsul bokmanawi pun M sanget angancam-ancam kapan-kapan kapapagpun Dj. Badhe rinangkul purun panen lucu.
Pun Gandurodar.
=======\=======
Panjurung
Panjarwa
Pak Ile (ARdamarasma) pitaken sampeyan ingkangkawrat bramartani ongka 88: ingkang tumuju dhateng raka jengandika empu Kridhasara, kaparenga kula kemawon ingkang jarwani, ing ngandhap punika.
Gandaning janggam nurnikangalaya lata mring kangum kumasar (lotlinawading kukus nika ngangus wari wimba bathara gana)tegesipun.
Gandaning: embeting, jangga:sekar gadhung, mnur:sekar menur, nikangalaya: ingkang semu alum lata: oyot mrik ngambar, angumkuma:kados kukuma, mar: arum lot sangaya, linawadning: kaworan ing, kukus nikanganguswa:kukusing kang dupa, riwimba: kang kados bathara gana:mega, kateranganipun
Ambeting sekar gadhung kaliyan sekar menur: ingkang asemu alum punapa dene oyot doyodan ingkang kados kumkum arum angambar, sangsaya awangi dening campuh kaliyan kukusing dupa ngendhanu kados mega, lugu anggen kula nedhak buk (bandung bondawasa) lereslepat kula naming nyumanggakaken.
Sinerat tanggalkaping 23 Rabingulakir JImawal ongka 1821

Katandhan pulunanta:dhisurkliwon.
Inggih E.M.T.
=====\==========
sambetipun pasamuan ing Prabuningratan.
Gya jumeneng sang narendra siwi, gumebyar mancorong, yayah kadi daru sarirane, ngasta gelas arsa anglarihi, seseg ponang gendhing keploke gumuruh. Kanjeng gusti kendel denya larih, nenggih kang gumantos jeng gusti prabu wijaya age, ngasta gelas arsa anglarihi, keploke gedhasih, para panji guyub. Samya langen swara anggerongi, wiramane amor,lan pradongga sareng ing ngandhege, arum dayun suwela nyindheni, kenonge nanggapi, panambunging laku. Yata wau sampun sawatawis suwuk tibaning gong , kanjeng gusti pangran dipatyage, anambungibeksa sang ngapekik ngagem sampur abrit rinen damas murub. Pathet barang gendhing ladrang manis keploke anggobyog yen dinulu jeng gusti beksane, lir trenggana coplok saking langit cumalorot kadi, ngalih singgyanipun. Sri narendra nulya dhawuh salin gendhing binuka lon rara nangis wilet wiramane,lah ing ngriku sang narendra siwi, saya wuwuh sigit keh Kenya sumaput. Dera saki gpangampeting brangti, samya ting palongo, tumareces lir antu ilere, yaya kadi dulu rujak wuni, sawenehing estri, nyeblek wintes muwus.
Taksih wonten sambetipun.

Ongka 97, Setu Pon kaping 3 JUmadilawal JImawal 1821, utawi kaping 5 Dhesember 1891

Surakarta
Kawulawisudhan tuwin ingseran

Awit saking wiyosipun dhawuh ing timbalan dalem sampeyan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan marengi ing dinten Kemis kaping 1 Jumadilawal JImawal ongka 1821.

1. salowonging kalenggahanipun abdi dalem bupati kaparak tengen ingkang kinarsakaken mingser anggentosi raden mas ARya Kartadipura, abdi dalem bupati Gedhongkiwa,kapatdhan nama, RadenMas Arya PUrwadiningrat.
2. ingkang kinarsakaken anggentosikalenggahanipun abdi dalem bupati gedhong kiwa, raden mas ARya dewakusuma, Santana dalem riya ngandhap nama Kalulusaken.
3. salowonging pun abdi dalem bupati ngajeng, ingkang kinarsakaken anggentosi raden Mas Arya Martakusuma, Santana dalem Riya ngandhap kapatedhan nama Raden Mas ARya Puspanagara.

Sambetanipun pasamuan garebeg

Tanduk tandange lir ngibing, wurinira sinambungan upacara kadipaten saprengkat kang banyakdhalang, sumbulan tegendhaga, saprangkat malih sumambung, panurung tameng lan pedhang.
Rotan gandhewa jemparing, sanjata krega kencana, ingkang sumambung wurine, abdi alem kasepuhan tuwin para bendara, panji wayahg, lawan buyut para riya wus samekta.
Ampilan dalem sang aji, kang kaampil prabiyada, wus samya rinakit kabeh, songsong geng ki Brawijaya, sinudyaken binuka, neng tritis witanakidul katungka praptaning duta.
Kaliwon gandhek kakalih, wus munggeng ngabyantaraendra, tanantara sang ngakatong, namudana mring kang bapa, jeng tuwan tanggapsigra, jumeneng saking ngalungguh, kalih mucung kanthen asta.
Srimahagung, jeng karsing balemanguntur, lawankang jeng tuwan residhen umanjingpuri, kinurmtan gumrah musik mares raja.
Tuwin sagung, pratamu ngadeg sadarum saking kursinira, jeng gusti pangram dipati, anom mangkunagara wus peluk asta.
Kadi wau,lan kangjeng asisten gupuh, medal wetan bansal lajeng jajari sang aji, tuwin sang gungjeng prangran putra Santana.
Urut sepuh, ingkang anem wonten ngayun ing wuri sang nata, jeng gusti pangram dipati, arya prabu Prangwadana, lan Prawira.
Upsiripun myang pratuwan mliter grubyug ing wuri narendra, ajibeg amternar lan hir, datan paeka lawan duk miyosira.
Pratumenggung, jero sakaliwonipun aneng wurinira, pratuwan kapara tebih, yata ingkang winuwus wiratamtama.
Taksih wonten sambetanipun.

Nalika malem Kemis Paing kaping 16 wulan Jumadilawal punika, kula aningali nayuban dhateng wirengan ingkang gadhah damel abdi dalem carik keniten sareng kula nginguk pandhapa, sumerep tiyang ngangge rasukan luwirk cemeng, sinjang ugi lurik cmenng, sarehning tebih dados kula kirang terang punapa lurikipun sanalika ngriku sanget pangungun kula, dene naming priyantun carik kemawon tengkatamunipun mawi bandara, awit ing ngatasing panganggen kados makaten wonten pasang muwan punika, kajawi para Santana dalem mesthi boten wonten wekasan sareng kula pitaken ingkang mangangge sarwa lurik wau abdi dalem ajidan naminipun mawi kartika, kartika, mangkaten dados ngungunkaping kalih, dene namung ajidan kemawon teka purun mangangge ngimba parabandara, puanpa boten sumerep reh ing tatakrami, punapa lasarma a dhateng patrap ca…lu….nthang….nga….n
Pun Gandurodar.

Sampun sawatawis dinten punika dangunipun wanci enjing panjeengan dalem kanjeng tuwan residhen amarengi mariksani radinan agem dalem songsong megar wah kadherekaken raden tumenggung Kartanagara, punika wonten andong malampaha, kusir tuwin para ingkang sami anumpak boten pisan pisan anandukna tatakrami, mandar ingkan numpak wau rewa-rewa mendem sami ura-ura, watekipun sakala wau naming sapa sira sapa ingsun akrudhuk mantol asingeb semyok caripu krengket pinggihipun wonten ing kareta atumpuk undhung, tiyang pitu taledhek kakalih, sanalika dhawuh dalem kangjeng tuwan kareta ingngandikakaken ngandheg para gambeleng wau superep dipun tututi agen nunten wawarah kareta kinen bandhangaken sanalika boten kacandhak saha kaecalan lacak kataliti angsal titik bilih ingkang sami numpak andong wau para gambeleng anama: sasttra atmaja, kapatiyan kasiman widuran martawikara, Panularan Setrasamita, tilas mandhor kawat suraarja, setabelan wiraatmaja, setabelan karya suwigya, tilas upas kawat, para cariputhiyet wau lajeng sami katimbalan ing ngarsa pulisi rol sowanipun nunten ing ngirid ingngandikakaken aso ingkunjara rumiyin sareng sampun radi tuwuk prakawis kainggahaken rol samikaprapatan anglampahi damelan paksan ngalih dasadinten laminipun. Lo para calunthangan dereng pitados katitik katitiyangipun saben enjing kaisis amandhi pacul saha anyoroki karakal. Lah punika kula punapa malih ingkang sami arumeksa kaajenipun karaton dalem kados inggih sami jumurung amangayobagya, dhateng tindakipun parentah amatrapi paa tiyang wau, awit kathah sanget para gambeleng, cariputhiyet para calunthangan, kados bilih nagari karsa anjalimet lib boten wande tamtu patrap punika wau sirna, pancen para kawogan piyambak inggihkalebet kabesturon pramila panuwun kula mugi sampun kendhat taberinipun angudi dhateng sirnaning lampahan punika, tiyang pancen angucemaken prabawaning praja dalem awit anuntuni risakipun tatakrami. Ing Guwasamun kaping 2 Jumadilawal warsa JImawal tinengeran nisthi sikara sarira tunggal
Jibeg.

Mas Kretamenggala ing dhusun Matesih dhistrik Karangpandhan (Mangkunagaran) nalika tangalkaping 25-11-91 wanci jam 5 sonten kadhatengan tiyang jaler tiga anembung nedha wedang wantah dene gendhis the sampun bekta piyambak awit sanjang saking kesahan kasep anggenipun wedangan the. Kretamenggala ugi dhanganing sartta lajeng aken godhog toya dhateng ingkang estri, sadangunipun wedangan kaliyan seretan dalah ingkang gadhah griya kaserapan sanghyang Bagaskara, tiaygn wau anembung nedha sipeng, ing sarehning kretamenggala sampun rumaos kedanan tike sarta gendhis the dados boten saged amangsulaken panembungipun wiwit jam 6 sonten tiyang sakawan kaliyan ingkang gadhah griya tansah seretan ngantos jam 1 dalu, saeng wanci jam 2 tiyang tiga wau dados sarta ingkang satunggal awicanten dhateng ingkang gadhah griya makaten: kangkebo dika niku kabeh piten iji, wangsulanipun KRetamenggala: anu dhi naming 6 iji, tamu blakan mawon inggih kang kebo dika niku kula jaluk sing papat dene sing loro kula tinggal manawi dika boten aweh, pilih mati napa urip pedhangipun lajeng kaunus srepet sarta kaacungaken dhateng Kretamenggala, pun Kretamenggala ngulungaken tiyang ingkang kalih medal angedaleken maesa saking kandhang, dene ingkang satunggal taksih nenggani Kretamenggala kaliyan amandhi pedhang, kocapa bok Kretamenggala dupi miring rembag makaten wau, lajeng medal jebol gedheg wingking kaliyan anyangking bendho, ingkang panes kaasah deing ingkang jaler enjingipun lajeng amping-ampingan lawang, sareng ingkang satunggal wau badhe medal saweg mumangkah ing lawang, kabendho sukunipun ingkang tengen gewel druhaka dhawah breg dipun kaping kalihi sukunipun ingkang kiwa gacres Kretamenggala jaler sareng sumerep klebatipun ingkang estri campuh, tranginas anyandhak waos cag druhaka ingkang dhawah katumbak bles kenging lempengipun lajeng pejah sanalika, medal jawi nututi ingkang ambekta maesanipun ugi kataman ing waos lajeng pejah, nanging ingkang satunggal boten kacepeng, dene maesa wilujeng boten kabekta, wah tujonipun kretamengala estri katitisan putrid ing Cempala.
Kintunan.

Yogyakarta

Sapunika jawah sampun ngreceh awit dinten Sabtu Legi sanghyang Surya awis-awis katingal jalaran tansah katutupan mendhung, ing sadinten sadalunipun tumuwuh ing jawah ngantos rambah kaping tiga kaping sakawan bokmanawi lajeng wontenipun jawah punika, lebu ingkang ngampak-ampak damel sakitipun mripat (belek) sapunika sampun mantun mabul nanging teksih kathah tunggakanipun tiyang beleken punapa malih lare.

Kala dereng wonten jawah sadaya barang tumbasan awis muhung kajeng obong ingkang mirah, sareng sampun wonten jawah punika lajeng wau teka nutui awis bokmanawi rumput utawi sedhah badhe mirah, ing dhusun-dhusun kathahingkang sami kikiangan terdha margi awis uwos katul utawi gaplek pajeng sanet bongsa dhusun kadamel gajuling sekul, nanging tiyang salebeting nagari sakng barkah dalem ingkang sinuhun kanjeng sultan taksih ajeg panedhanipun sekul saha boten patos kadandadapan punapa dene sasakit ugi boten kathah.

Jember

Wonten saweneh ing tiyang aran Pak Pasang, gigriya ing dhusun Keranjingan nalika malem Jumuwah amarengi tanggal kaping 13-11-91 katamuwan tiyang jaler sarta ngaken taliti ing dhusun Jenggala (Jember) tuwin pn tamu wau anembung badhe nyipeng wonten ing griyanipun awit pak Pasang punika misuwur sae watekipun pramila tamu katandukakan kalayan bingahing manah, sarta kasuguh ing sapantesipun sareng dalu tamu punika kaajak sasarengan tilem wonten ing langgar, ingakng tebihipun saking griya woten tigangatus tindak dupi angajengaken kinten jam tabuh tiga dalu, pak Pasang punika sawegsakeca anggenipun tilem lajeng pun durhaka ingkang apindha tamu punika agahan anyembeleh dhaten gpak Pasang, sarta awakipun sakojur dipun bocoki ngantos pejah. Ananging kalapun durhaka anandukaken lampah awon punika boten wonten tiyang satungga-tunggala ingkang sumerep utawi miring bilih ingkang jaler sampun pejah wonten ing langgar, sareng pun durjaka sampun amejahi dhateng pak Pasang, lajeng amurugi ing griya, ing ngriku lajeng andhodhog kori sarta angudnang-iundang dhateng semahipun pak Pasang, samudana anedha dilah kadamel nyuluh langgar, sarta awawartos bilih ing langar wonten sawer, makaten ugi bok Pasang dupi miren gtamunipun nedha kori, piyambakipun boten pisan-pisan anggadhahi manah sumelang, lajeng medal ambikak kori sarwi ambekta dilah, sareng bok pasang ambikak kori lajeng kapethukaken kababacok ing endhasipun bok Pasang sanalika asambat tulung-tulung, lajeng kabacok malih, menggah batunipun bok Pasang tanganipun ingkang tengen tugel babar pisan bok Pasang andhawah andhepani siti satengah pejah, punika durhaka saweg angoncati ing kangenan ngriku, awit dipun kinten bilih bok Psasang sampun pejah. Kacariyos kala bok Pasang dipun bacok dening pun durhaka, anakipun estri ingkang saweg umur pitung taun lajeng malajeng medal saking griya badhe awawarta dhaten gbapakipun ingkang tilem wonten ing langgar, rare dhateng ing langgar sumerep yen bapakipun sampun pejah kaaniaya ing tiyang, sarta ing langgar ngriku sampu nkathah katingal erah alambah-lambah, rare wangsul saking langgar anjujug ing griya ning tongga tepalihipun ingkang watawis tebihipun wonten saprapat pal ngajengaken jam tabuh nem enjing saaeg wonten tongga tepalih ingkang dhateng, pak pasang lan ingkang estri sami kapanggih sampun pejah, ngantos sapunika para pulisi dereng angsal titik, adhuh, para maos supados angatos-atosa, manawi katamuwan tiyang ingkang dereng nate srwauwungan mugi ingkang waspaos awit ing masa kalanipun kathah tiyang awon ingkang anandukaken awonipun sarana ulat manis.

Jampi karespen ingkang dayanipun angukuli kina utawi jampi sanes-sanesipun inggih punika kadosta:pupus godhong jarak cina 3 punggel lombok 3 iji, sarem 3 wuku, dipun mamah ingkang lembut lajeng dipun ulu

B.S.

========\==========

Panjurung

Mas Carik ing…..kauingana ing sampeyan bilih pun kiyai kanumuk kanumuk tumurun saking dhepokipun Balesuman adhuh ing sasaged-saged badhe anarbukanipandangon sampeyan kaemot ing Bramartani ongka…..menggah sesebutan Onderegen punika, bilih pun

kiyai boten lepat tembung Walandi, Onder, werdinipun ngisor, dados pikajenganipun ingkang anyebutaken wau, ananggenahaken para kaliwon punika sor-soranipun para regen. O inggih nun kasinggihan sanger anggen sampeyan amelehaken manawi nalikanipun para kaliwon kina ngulati sudha, dhawuh ing timbalan dalem boten mawi amedharaken sesebutan makaten wau, sansaya ing nawala dalem boten pisan-pisan yen wontena, la kados pundit tuwuhipun sesebutan wau, o punika dhapuripun umpak-umpaking ngandhap nun inggih tiyang ngnadhap mamanuhara dhateng bandaranipun, inggih angger carik teka gumun pun kuyai:kaanggenipun sesebutan wau, punapa inggih amalarati dhteng sampeyan, among makaten kemawon kok sampeyan saruwe, dene githoks ampeyan kok inggih amunuk bolotipun awit sampeyan punika bilih puni kiyai boten lepat priyantun pasisir inggih angger, sesebutan sathekruk sampeyan rampet sadaya, lah inggih makaten punapa boten kalihan malih angger pun kiyai mugi jinarwoha, serat sampeyan punika punapa angidak kitata kramijawipun pawinengku ing papathokan walandi, pun kiyai kodheng angger saha jubel ing pagayuhipun dhapuripun sampeyan punika pancenkumenthus kumaki,kuminter, angger, sampun angger un kiyai wangsul dhateng dhepokipun malih, jumurung mangaubagya sanget bilih angger karsa srawungan lan pun kiyai, la kar pun kiyai anganti-anti wangsulan sampeyan
Titi cinitra ing Pondhokmurti panggeh, wimbaning condra rabiyulakir ping 2 wasa tinengeran iku sikara kasarira janma.
Pun Kiyai Ajar kabesturon.
=========\==========
pangajeng-ajengipun kiyai Bramartani, utawi para angemin sampun ngantos boten isi panjurung babantahanipun para wira, ingkang tansah angudi indhaking kawruyh, alalambaran panggalihing saleresipun sampun ngantos awekasan dados paben inggih kasinggihan ing nngatasing saraseyan amesthi kedah anedahaken wawatoning kawruhipun piyambak-piyambak ananging sampun lajeng anandukaken panggalih cekak amedharaken tembung pengak saru, kasar, temahan dadosaken kusuting Bramartani, kados ingkang sampun sami kalimpahan ing ngajeng, para wira punapa kasupen yen bangsaning paben punika kagolong awisaning nagari, arak sampun tetela tiyang karem paben punika saged adamel kuciwanin gpaja arja, amila sintena ingkang purun anglampahi paben boten sande badhe tampi sapudhendaning nagari, bekjanipun amesthi kalok yen tiyang awon kyai jurungarang sampun kaping pinten paring pepenget parandene boten mendha malah andadra, mila lajeng kaendhak pisan upaminpun kambengan sawung ing mangke bramartani prasaasat sepi mamring, para botoh mila lah lajeng pados kambengan sanesipun lah ing mangke kados pundit, para moncer punapa boten kaemutan yen nrangkatena raran boten uninga lalabetan utami, mongka pinten kemawon bramartani anggening sampun anjalari indhaking kawruh para widagda, lah punapa boten mangkaten, amila saking panyuwun kula mugi mugi para widagda karsa amanjurung babantahan malih, mpara pitaken sampun kendhat para angsung katrangan sampun ngantos kemba, supados awet anggening dados lantaran indhaking kasagedanipun ingkang taksih sami kikirangan utawi angengeti, yen manungsa punika titah ingkang langkung utami, nanging bilh gesangipun tansah gjubel inggih boten kenging sinebut makaten wondening manungsa ingkang sampun tetep kenging sinebut utami, inggih punika tiyang ingkang gesangipun saged angunkup sadaya kasagedan saha kawruh ingkang rungsit-rungsit para wira punapa bon mangkaten pangancasipun lokngka nun pnika, mila sinten tiyangipun ingkang sami majeng anggening ngudi indhaking kawruyh, iinggih sampun kenging winastan gapuraning kautamen lah suwawi sami tumandanga, lalantaran angrebata pitaken kula, ingkang sampun kasebut ing bramartani ongka 73, saha pamundhutipun katrangankiyai jurungarang, dene yen meksa wonten ingkang cekak panggalih, purun anrajang wawaleripun kiai jurungarang malih, anandukaken tembung, ingkang pancen dede para bot angudikawruh, inggih lajeng kasingkura kemawon sanadyan cariyose kathah kathah sampun ngantos dipun wangsuli, amesthi lajeng calingukan medal saking pakempalaning para utami, temahan kapok menggah atur pamrayogi kula psadaya, mugi sami kagaliya ingkang panjang, manawi lepat anyuwun pangaksama, i
mitranta atur basuki, ki Jaka Waluya

Ongka 98 Salasa Legi kaping 6 Jumadilawal JImawal 1821 utawi kaping 8 Dhesember 1891

Surakarta
Sambetanipun pasamuan garebeg

Lampahipun duk wau ingkang rumuhun kalawan musikan prapteng natar srimanganti, kendel baris de upacareng Kanoman.
Sadaya wus ugi tumut kendel ngriku, sarta amrnata, ngadeg ingkang ngampil-ampil ingkang ngodhe dhodhok samya ngapurancang.
Ingkang laju, mung jajaranya sang prabu, wau sripamasa, duk rawuhing kori gapit dungkap natar kamandhungan kinurmatan.
Barisipun prawira nomlan panurung, dene lampahira, jajaran dalem sang aji, sampun prapta malataran prabendara.
Panji buyut wayah riyangisor dhuwur, tanapi sadaya, jeng pangram Santana tuwin putra samyapiyak dhodhok ngapurancang.
Sang nata wus lawan kangjeng tuwan rawuh, srimanganti nulwa, tamtama samya ngurmati, rawuh dalem palatrn kinurmatan
Musik umyung, wau kanjeng srimahagung, jujug ing swaka srinata winarak malih, pajeng tuwan tanapi tamu sadaya.
Samya lungguh, neng kursi padatanipun sang rekasakaningran jeng gusti pangram dipati, anom mangkunagara parek ngarsendra.
Myang praluhur, jeng gustipangeran prabu, wijaya kalawan jeng pangram arya matawis atanapi jeng pangram putra Santana.
Sadaya wus sumiwi ngarsa sang prabu, lan para bendra, riya panji myang bupati, prembe tuwin kaliwon mantra urdenas
Samya ndeku, neng platran danya lungguh, dene kang sewaka, aneneg bangsal srimanganti, prabu pati jero sakaliwonira.
Kuneng wau, agenti ingkang winuwus musikan saprangkat prajurit miji pinilih, duk sang nata jeng karsa king baturata
Musik wau lan miji pinilih grubyug pengkeran narendra, sapraptane srimanganti, nunggil baris kalawan wiratamtama
Taksih wonten sambetanipun.

Kala ing dinten Kemis tanggal kaping 23 Rabingulakirpunika wancijam 12 siyang, mas ngabei Lebdaudhara abding dalem mantra kadipaten angaben sawung kaliyan para tongga tangganipun wonten inglataripun mas ngabei lebedaudara pyambak sarta wonten satawis para botoh ingkang sami dhateng, ingngriku sareng sampun nengah-nengahi ramenipun sawung tarung, mas ngabei Lebdaudhara mlebet dhateng ing griya, angundang anak-anakipun ugi saweg sami tumut totohan saeng anak-anakipun sampun dhateng, lajeng dipun sanjangi bilih sirahipun mumet sarta lajeng badhe tilem sakedhap nanging pangabenipun sawung dipun purih nglajengaken wasana dereng ngantos dipun sanjangaken dhateng ingkang sami ngaben sawung, mas ngabei lebdaudhara wau sampun kalajeng lampaus lah kados punapa kemawon sambatipun para kadangipun mas ngabei Lebdaudhara, dene sadangunipun ngaben sawung ing mangke sampun mantuk dhateng kalaggengan wondene para tiyagn ingkang angaben sawung waulajeng samibibar, saha lajeng sami tumut angupakara wangke, dene ingkang sampun kalajeng mantuk sakalangkung anggenipun sami ngungun wasana lajeng sami dhteng anglayat wondene pametaking wangke ing dintenipun jumungah, menggah kathahing para priyantun ingkang sami anglayat sarta sami anguntabaken dhateng kubur, punapa malih uparengganing wangke boten anguciwani
Juruwarti.

Sampun sawatawis ditnen punika, kacariyos sawetaning dalemipun kanjeng pangeran gondasewaya, mangkunagaran wonten tiyagn wade sekul pulen sareng lampahipun dumugi panggenan ngriku, kaandheg dening tiyang titiga, ingkang 2 tiyang jawi, ingkang 1 bongsa Cina, tembungipun tiyang 3 wau mangkaten mandheg kang kula ajeng tuku segane, tiyang

wawadeyan inggih anuruti mandheg tiyagn ingkang ngandheg wau ing ngriku lajeng samingumbar aluamah, ingkang tansah angongsa-ongsa dhaeng tedhan katemahan katurutan kocapa,, satuwuking nedha, sang cina anyandhak bumbung, ingkang suwau sampun kaisenan gecekan lombok jemprit lajeng kakapyukaken rainipun tiyang wade sekul pulen wau, kakang wawadeyan sareng kakapyuk gulayaran wonten ing siti, sang druhaka sasampuning ngapyuk boten sumeja uwal sakingpanggenan ngriku bokmanawi kapitenggengen sarehning tiyang naming kakapyuk lombok kemawon dangu-dangu saged pulih mulanipun sareng sampun waspada ing paningal kakang sasadeyan cek lajeng anyandhak pikulanipun gampleng kapethungaken sang durjana, kaliyan jeleh-jeleh anedha tulung, druhaka kang katamuwan wau anjerbabah dhepani siti, ingkang kalih premana manawi kancanipun galangsaran wonten bantala, pleng lumajeng agenjret sipat kuping, ananging plajengipun wau kapethuk dening para tandang, mai cuwit kacepeng, dene ingang nandhang tatu inggih lajeng kacepeng, bleng sami kacemplungaken ing kunjara, adhuh tiyang ngupaboga ingkang mangkaten wau memelas sanget.
Ing mangke sasait panas sarta watuk sampun kathahsanget mandhanipun anamungsapunika tingalipun risang sambernyawa (kolerah) sampun asring kekaring dhateng ingkampung-kampung, enggal punika ing kampong kaparak kiwa, ingkang sampun kenging kaarad dening rising sambernyawa tiyang tiga amila pamuji kula mugi pangeran ingkang maha agung paringa pangapunten dhateng para kawulanipun kruraning sang sambernyawa wuka:samanten kemawon.
Wiwit wonten jawah, sampun maratah, ing pakampungan pundit-pundi, saben dalu sami kasaba ing sulung sakalangkung kathah, ngantos saengga andadosaken kamayaranipunpara tiyang ingkang sami kakirangan amargi saben nedha cekap lawuh gorengan sulung, langkung malih pakampungan sakiwatengenipun ing kabuapten sewu, kadosta: ing beton sapanunggilanipun punika saya kathah sanget mila para tiyang ing pakampungan ngriku sami susah prakawis rayap.
Kintunan.

Nalika ing dinten REbo tanggalkaping 22 wulan Rabingulakir, raden mas ngabei Bratadipura, abdi dalemkaliwon kaparak kiwa,kagungan damel andhaupaken ingkang rayi putrid kakalih, samiputra titilaranipun sawargi kanjeng pangeran arya Surbrata kapisan mengggah tamunipun para kanjeng pangeran putra dalem sawatawis para kanjeng pagneran Santana sawatawis para prayagung wadana kaliwon mayor kapitan upsir sawatawis wondene laladosanipun pasugata tuwin rerengganing pasamuwan boten anguciwani, wanci jam 4 enjing saweg bibaran ing dintenipun malem jumungah tanggal kaping 24 pasamuwan malih, tamunipun para panewu mantra jawi lebet kathah sanget ingkang sami sowan jagong, wondene lumadosing pasugata boten siwah kados nalika panggih ing panganten.

Kala dinten Akad ingkang kapengker punika anci jam 2 siyang, wonten tiyang estri aside peresan saweg medal saking bango radinan jayadiningratan ingkang sisih kidul sengkangipun karebat dening druhaka keningg kalih pisan tiyang estri wau kupingipun ngantos dawir saasisih adhuh memelas sanget pitulunging pangeran rikating para tandang, pun druhaka paikut wonten radinan ing kawatan lajeng kasowanaken dhateng ing pulisen, dhuh para estri, bilih langkung wonten margi ingkang radi kiwa, prayogi ingkang ngatos-atos.

Kala wau dalu angrintenaken salasa punika, wanci jam 2, ing kampung Panularan wonten griya katunu, cacah wuwung telas griya 3 inggih punika dalemipun raden mas Panji Bratadirja, sarehning wancipunika saweg sakecanipun tiyang tilem dados konanganipun sanghyang Braasma sampun mangrebda, katitik empering pandhapi ingkang katunu rumiyin.

Ing lepen ngepung ingkang kidul nalika dinen saptu wanci jam 3 sonten para tiyagn sami sumerep wonten sawer kakalih agengipun kinten sabongkoting wit pucang, menggah pamangggening sawer wau dumunung wonten sangandhaping uwit kalapis ingkang ngrembaka sapinggiring lepen, ananging sawer wau sareng kadengangan ing tiyang lajeng

sami kesah, ocehing para gugon tuhhon sawer wau samiputranipun sanghyang anantaboga, o eh mlekothoane,
Pun Kathaksini

Kendhal

Kala ing dinten jumungah kaliwon ingkang kapengker punika, kula kesah dhateng pguh kadhistrikanprebuwan pangkat kula saking griya jam tabuh 8 enjing, medal margi ingkang dhateng ing Magangan hating kula ing peken Pamidhangan putat ing ngriku kaleresan pekenan pinten pinten maesa tuwin lembu ingkang kamidhangaken punapa malih glnding tuwin dhokar andhong ingkang sami katumpakan dhaten gpara tiyagn midhang ugi kathah, wondene maesa tuwin lembu katingal saking katebihan sakalangkung sae, awit mawi kakalungan salendhang plangi, sekar saha juwadah peken ingkang kenging kasundukan lajeng dipun kalungaken wah mali sungunipun sami kaborehan kula lajeng mangilen medal margi ingkang terus dhtateng kadhistrikan prebuwan wonten margikula kapethuk sawatawis para titiyang ingkang mentas saking masjid pakuncen saking watengenipun margi ingkang kula idegi sabin sabin katingal taksih kathah tatanemanipun kadosta: jagung,kacang, gondem sata, tuwin sanes-sanesipun wonten ugi ingkang badhe labuh kangge ing sabin rendhengan, dene margi-margi kumetiran ing kiwatengenipun tansah kataneman deing uwit jowar utawi turi, pramila senadyan panas para ingkang langkung inggih boten ngrsula, awit kaauban ing roning uwit jowar wau
Kintunan.
Titiyang kitha ngriki sami pinacakan ing parentah, kedah anyingkiri tetedhan utawi wowohan ingkang kecut kecut kadosta: pelem nanas krai tuwin sanes-sanesipun ingkang sami anuwuhkaken ings asakit padharan angombe toya wantah inggih kacegah toya kedah kagodhog rumiyin, kawartos ing peken peken sami kajagenan dhateng pulisi, boten keningg tiyang sade kados dene ingkang kasebut ing nginggil wau, awit slendhing-slenthing ing ngriki sampun wonten sesakit padharan saking panuwunipun para kawula sampun ngantos sesakit punika angrebda, pramila prayogi sami angatos-atosa sampun ngantos dhahar wowohan ingkang enem utawi kakecut.

Sabinipun pak H.ing dhusun P nembe mangke mentas dipun derepi, sarehning kadangon boten katurunan jawah dados taneman sami pejah ewasamanten sareng wonten jawah sapisan pak H punika lajeng nuweni dhateng sabinipun sareng dumugi ingngriku katingal bilih sogolanipun pantun ingkang mentas dipun derepi punika mabul malih, kinten-kinten kalih kothak ingkang medal mila ngantos sapunika taksih dipun tengga.
Ing ngrikipangaosipun uwos sampu nmindhak sadhaciningkang nomer 1 regi 9 rupiyah, nomer 2 regi 8 rupiyah,nomer 3 regi 5 ½ rupiyah, ibata: benjing rendhengan bokmanawi inggih mindhakmalih.

Ing sabin saleripun caket kaliyan pasareyanipun kyai Gembyang, wonten gumukipun ingkang kalebet angker, awit enggal pnika taneman rosan pabrik cepiring, kaariyos nalika pasitenipun wiwit kagarap punika boten kenging kaambah ing tiyang, awit manawi siti kapacul tiyang ingkang macul punika dumadakakan lajeng kraos awakpun benter saha dharodhog wonten ugi ingkang mentas macul ing panggenan ngriku dumugi griya sakit lajeng pejah, ngantos dipun sayembarakaken sinten purun anggarap pasiten ngriku kaganjar yatra tuwin mori saemblog

ewasamanten boten wonten ingkang sagah ngleksanani, awit ajrih jalaran ing ngajeng-ajeng sampun wonten katatalanipu nkathah tiyang ingkang anggarap samikasangsaran ing mangke sakiwatengipun gumuk punika sami kataneman rosan naming gumuk dipun tilar kemawon, menggah angkeripun gumuk wau punapa katarik saking patilasan utawi wonten isinipun punapa.
Kintunan.

Batawi
Wonten tiyagn ing kampong Duren (Batawi) saweg agogoreng, anakipun alit amurugi, wasana sareng dumugi sacelakipun keren rare kasandhung dhawah angrungkebi wajan dene ingkang kasiramlisah boten ngemungaken sirah sarta rainipun kemawon dalah awakipun ugi klupurut lisah, saengga kados dipun goring gesang-gesangan ananging rare wau saantawis dangunipun lajeng saras jalaran naming dipun usadani, awakipun sakojur dipun borehi talethong maesa, sareng talethong sampun ngalethek kulit sampun katingal saras kados waunipun.

ERopah.
Ing kitha A tumut ing Sapoi, wonten sawenehing tiyagn estri ing wanci dalu amendhem anakipun estri gesangan ingkang saweg wanci kalih taun kapendhem wonten ing kebonipun piyambak sarehning ingkang jaler saweg tilem dados boten sumerap sareng tiyang estri punika mentas amendhem anakipun lajeng tilem malih boten angatawisi awonipun, kocapa enjingipun ingkang jaler pitaken dhateng pundit anakipun teka boten katingal ingkang estri mangsuli bilih dipun titipaken wonten ing ngriyaning mitranipun ingkang jaler boten pitados saking omongipun ingkang estri lajeng medal wonten ing kebon boten dangu aningali siti ingkang kados mentas dipun dhudhuki, kadhudhuk ing ngriku anakipun esrti kapangih taksih gesang, ananging boten dangu lajeng pejah.
==========\========
Panjurung
Mongkamasatrining wursitengsemasikati
Dhuh-dhuh hem ja sampu nsandeya ing driya, bab patanya maring, sang para sarjana, ing rawiyawrangkaa asthadas patar bukaning, rasmanasara, nenggih pemasikati, reh mangkinta, rising para mardyeng basa, dereng karsa maringi, tossing sotya reta, sampun nariyantara, cobi bok bilih marengi, condonging karsa kula sumelang kapti, tur panjarwa kyarjana mungjarwa sota, wawaton tyas sayekti, saking dereng wikan lasmane kusalama, lumakseng kredyating budhi, budi butuhan sumongga leres sisip, pan mangkaten menggah ing pamanggih kula, tembung pemasi kati, puniku d miwanda, makaten bokmanawa, pamesi dados pepesi, ing pakecapan kalanturan pemasi tegesipun pamesi panduking ngastra, dene tegesing kati, bobot tuwin tembung, dados pikajengira ing tembung samyantuk tandhing sami prawira, sami agunasekti, mila den salokani, prawawayangan makaten lwiring kapti, sagunging gagaman saengga tantu mama, ing nganggangalaga sami, moring kadibyan datan wonten nglabekti, bet tugel mupuni kapanggayu kula dhuh sang para winasis lo sampunngeseman kang mugi aksamanta, mring pun wumuh dameng budhi, saking kumedah, srawung sang prumeng kawi, sampekaning kapti, respati riwimba, sasangka lek sasiki dumadya walwarsa, jimawal angkanira, mudhapaksa ngesthi lewih, satuhu endracatra, kang dhungkol bukit.

Rehning lugu wedalan dhukuh sestunun dereng mirsa tembung punika, kasebut srat pnapa, nangis muni pun sampeyan punika radi kumet punapa nuninggih
=====\==========
kados boten wonten pakewedipun bilih sang dibya D.Y. anglegani ingkang jinarwa ing ukara pungkasan punika, awit punika badhe katitik embok manawi kalintu ing panedhakpun jurungarang.

Sambetanipun pasamuan ing Prabuningratan.

Tobil tobil gusti ku wong sigit denya beksa alon pantes temen lawan saranane, ngendi ana wong bagus dheweki, mung gusti ku iki, bagus alus tulus. Uyeg rame solahing parestri, acethot cinethot jawil-jinawil ceblek-cineblek mesem rarasan pating kalesik ana kang ngowahi, kemben myang gegelung. Weweneh wonten pawestri ningali, kuing jonggrang-jonggrang, galak ulat pasemone sareh, ingkang lanang nusul ngajakmulih, kang wadon mleroki, wangsulane sendhu. Arsaha pasira ngajak mulih, nusul wong nenonton ambakneya wong tan wruh ngawake, bengi-bengi naruthuk goleki, aku iki gething, andulu dhapurmu. Wis minggat a ing sun tanbraduli, aja sandhing lunggoh, marang ingsun aja pijer srewet glis minggata enya ngongsangoni, dhuwit telungkethip tinampan gya wangsu. Keh solahe parestri kang brangti, mring sang narendra nom wusing kendel jeng gusti beksane, raka dalem wau kang nambungi, ambeksa jeng gusti, prabu wijayanung. Maesa kurda sesegkang gendhing, kineplokan gobyog sreng denya tumiba kepyeke, samya senengkang tumingal maring, beksan nya jeng gusti, srigak gagh alus. Lawan wonten kang dadya nambahi, sukaing wong nonton angluconi ing pasamuane, yeku bandara raden mas panji, sumewa sang nggeng, denya maki dhupuh. Para kngjeng myang para bupati, nglarih gentos gentos sakendel nya jeng gusti beksane, nulya rayi-rayi dalems ami, beksa anambungi, tataurut sepuh. Prapteng wanci byar jam pitu enjing, jengkar sang ngakatong, ing sakondur dalem tan asuwe, nulya para tamu samuaning, wus bubaran sami, pamungkasing kidung.
//i\\

lepatipun ing pangripta mugi-mugi linepatna tulah sariking jawata, sapudhendhaning hyang murbeng tuwuh, tuwin siskuing para ruhur sadaya, ing salebeting nagari dalem surakarta adiningrat, sembah sumujud utawi sembah sumungkem konjem ing ngarsanipun sang paa rruhur.
Pun patik panlongsa.

Ongka 99 Setu Kliwon kaping 10 Jumadilawal JImawal 1821 utawi kaping 12 Dhesember 1891

Surakarta: sambetanipun pasamuan Garebeg

Malihipun jayeng ngastra ingkang wau, baris pagerlaran samangkya minggah sitinggil sarageni duk wau neng siti lapang.
Mangkya sampun aminggah mring sitiluhur, samya ayun-ayunan lawan jayengngastra baris tritis tratak kulon sarageni wetan.
Dukpuniku, kan gbaris neng ngalun-alun mung prajurit jaba, bandera pitu tan osik ing paglaran jibeg rata pasudhiyan.
Para anung, ing mangke badhe garubyuk dhumateng jeng tuwan lan narpa putra mring ngliji, marmanira upacara kadipatyan.
Apan sampun tinata neng ngalun-alun ingkang munggeng ngarsa, bawating pangram dipati, glodhog tuwi gendhaga kothak makutha.
Lawan paung, bawat ingaknng ginilap byur, sadaya ampilan sinongsongan seret kuning, sinambungan titiyan dalem pandengan.
Kuda luhng, prabot baludru sinawung, kencana watangan mawa gandhewa jemparing, sinongsongan kaapit lan jinajaran
Ing panurung, myang priyayi gamelipun panewu mantrilan panlawe jajar angampil carak cara uparengganing turongga.
Kang sumambung, saprangkat ampilanipun kacumas gajah mas banyak dhalang sawunggaling, lan kebut mas jemparing tuwin gandhewa
Den rungurung, ginrubyug mantra panewu, lurah bekel jajar, ranlwiryan gindes tuwin jinajaran panakawan tan petungan
Tur sarwa lus manggen kanan keringipun ampilan kang ngarsa, praptaingaknan keringing, kang swandana jeng gusti pangram dipatya
Rata lumung, pendhulen lelemesipun kumelem inggilap lir wulan den lingalinga, ing jalada medem trenyuh nyandrakanta.
Taksih wonten sambetanipun.

Wonten tuwan tuwan andhasaraken ing pandamelipun gambar sorot amanggen prenah salering beteng, anggenipun agambar sakalangkung rikat wiwit anggambar dumugi ampungipun ngantos dados gambar katampen ingkang agambaraken dangunipun naming sakawan menit waragaddipun inggih sakalangkung mirah, angambar tiyang satunggal utawilangkung saking satunggal anunggil sapapan punika naming 50 sen.

Kala ing dinten Salasa tangal kaping 6 wulan Jumadilawal punika sampeyan dalem ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan MIyos ing pasanggrahan dalem Langenarja, dintenipun rebo siyang animbali para tuwan tuwan sawatawis kakarsakaken angladosi kasukan awit saking rumahabing para tuwan-tuwan andadosaken sanget kaparenging panggalih dalem jam 5 sonten saweg bibaran.

Kala jawah deres ing dinten malem Rebo tanggal kaping 7 wulan Jumadilawalpunika, tiyang dhusun ing Nglawu nama Supe, kecalan maesanipun cacah 7 iji, konanganipuning sateranging jawah ingkang gadhah griya nganglang, kandha maesa sampun katingal suwung, sanalika anjenger kados pecat jiwanipun enjngipun lajeng lapur dhateng kadhistrikan kilap salajengipun.

Nalika malem Jumungah tanggal kaping 2 wulan Jumadilawal punika, kula ningali tayuban dhateng salebeting Baluwarti, tamunipun naming para taruna kemawon kamisepuh ing tamu wonten priyantun gangsal sami makuthan rasukan sikepan cekak ringgirtipun arum dayun para tamu sami katingal bingah sadaya, sanadyan panataning beksa boten urut parandosipun para tamu boten wonten ingkang katingal kirang rena, sadaya sami suka kemawon bokmanawi katarik saking dayaning dayun wah salebeting panayuban ngriku wonten amu

kakalihingkang cucut sanget dados anambahi rame sarta guyupipun para tamu, jam ½ 8 enjing saweg bibaran.
Pangungun kula pun Arumdayun anggenipun saged adamel pirenaning para tamu, sadaya kawaratan dipun jak gugujengan dados geseh kaliyan kondhangipun awit pawartosipun wingit sanget boten kenging cepetha-cepethe katiwasan wekasan sareng kula sumerenp piyambak pancen gagambening ringgit anuwuhaken ciptaning manah, kapan kapan lurah kudu duwe gawe aku nyuwun pinitaya golek ledhek mesthi aku sumewa mas jeng dayun.
R.T. ing kampung Kaparak Kiwa, nalika wulan Rabingulawal kapengker, mupu rare ngulandara kinten wanci 12 taun awit saking sregep sarta cethanipunbilih dipun kengken dados lurahipun sanget remen sarta welasipun kerep dipun purih bekta arta, wekasan sareng lebetipun wulan jumadilawal punika, rare wau dipun kengken dening lurahipun andadosaken karset jene kinten pangaos 25 rupiyah wa jaman saikikok warna-warna gelaring wong golek pangan, mila dipun ngantos-atosw mas punapa sampeyan dereng maos serat suluk Brataatmaja, gajegipun ing ngriku amambengi dhateng tiyang mupu tiyang ingkang boten kantenan kawijilanipun.

Nalika ing dinten Jumungah, wanci jam 3 dalu, kula piinuju dolan dhateng sawetaning jurug sareng lampahkula dumugi kreteg lajeng anguwot adhuh meh kemawon badhe kajeglong ing kreteg boten watwis dangu wonten tiyang estri lumampah saking wetan sasadeyan janganan kawadhahan senik kagendhong badhe dhaeng nagari, , sareng lampahipun dumugi satengahing kreteg kajeglong bruk ambruk sasadeyanipun sami mawut adhuh tujonipun lajeng katulungan para kancanipun saupami sampunna kathah sasarenganipun lumampah bokmanawi saestu dhawah ingngandhap la rak dados sawalang-walang saupami dhawaha, dene kreteg wau pancen sampun sami gapuk manawi boten lajeng kasantunan anyumelangi sanget
Kondhestu.

Kala wingi enjing kula nyumerepi tiyang sade deling katumbas tiyang ing Reksaniten arta ugi lajeng dipun sukani: jreng, katampen lajeng dipun kandhut kasuwel wasana kalimpe ingkang tumbas saweg malebet griya, deling dipun angkat malih dhateng ingkang sade wau kabekta kesah, sareng ingkang tumbas sumerep bilih delingipun kabekta kesah, tandarana enggal anututi, sarehning deren gtebih lampahipun inggih lajeng katututan pleng, lajeng kacepeng, cuwit lajeng katlikung, sendhiyeng, kaladosaken dhateng kapulisen mongka kyai sade sampun wanci” 60 taun o saiba pangajeng-ajengipun ingkang wonten griya, o wong sok ora ngelingi bakal suruping baskara, lamu ndhak…

Mas Rongga Trunadipraja ing ngrundal kala malem Rebo Paing kapandungan ingkang kenging kabekta ing pandung meh sadaya barang ringkes sadaya gunggung: 1184 rupiyah kala kapandungan wau ing pandhapi nujukalenengan mas ronggatrunadipraja saweg sowan dhateng nagari nyadong karampunganmprakawis dados pun durhaka kaleresan panangguhipun ingkang gadhah griya boten woten para rencangipun kaecanen katungkul anggenipun angraras gendhing pacul gowang
Daniswara.

Yogyakarta
Kanjeng gustipangeran Adipati Pakualam tedhak dhateng Kilen Pragi mriksani anggenipun andikakaken yasa pasanggrahan ing Sudhun Glagah, sapingiring lepen susukan enggal ingkang anjog saganten lepen wau pancen pitulungan ageng sanget ing samongsa mongsa sawangan bagawonta bebeng toya lajeng ngelebi sabin sabin saha dhusun-dhusun sareng susukan punika sampun dados toya ingkang ngelebi dhusun-dhusun sabin-sabin wau kathah sudanipun jalaran sagd angsal margi terus dhateng saganten, ing sakonduripun kanjeng gusti wau lajeng gerah benter, ingkang sami dherek inggih sami sakit dalah pendherek rencangipun para abdi ingkang dherek ugi sakit inggih benter, tembung boten wonten ingkang kalangkungan saking pamuhi kula gusti enggala senggang, tuwin para sentana inggih enggala

dhangan punapa malih para abdi tuwin begondhal tumunten saras amin amin ya rabulngalamin.

Ing dhusn Kacubung Dharat (Ngadikarta) bawah Pakulaaman wonten demang gadhah damel mantu, anggenipun ngaturi kitnten wonten tiyang satus kapara langkung, ingkang dhateng naming 40 ingkang boten dhteng sami prasaben bilih sakit benter, nanging tamu ingkang sampun dhateng wonten pasamuan wau pamit saking satunggal kalih mratelakaken biih awakipun karaos sakit ingkang tebih griyanipun mongka gadhah sadherek celak ing dhusun ngriku lajeng sipeng panggenaning sadherekipun sareng dumugi mngsanipun sugata medal tamunipun kantun tiga iji tok dene ingkang sami los saking pasamuan wau kacihna boten damel-damel anggenipun karaos sait punapa malih angkatipun saking griya ugi dereng karaos tetela ta anggenipun sami sakit punika dadakan sadangunipun wonten pajagongan ananging boten gumunaken manawi kula laras kalian cariyosipun tiyang ing dhusun ngriku, awit sampun salami-laminipun yen ing dhusun kecubung sapangetan sapangilen urut sewu galur pinggir pasisir kidul saben sampun wonten jawah, mongka sawangan bagawonta dereng bedhah, punika mesthi kathah tiyang sakit punika boten ngamungaken bawah Pakulaman kemawon sanadyan tanah Pagelen inggih mangkaten ugi, sarasipun boten mawi usada, sawangan ingkang bebeng wau madawi sampun bedhah sasakit lajeng sirna, punapa boten kenging kabedhah sawangan punika, inggih kenging nanging kedah dipun ewokaken sawangan sagedipun bedhah saha mili toyanipun naming sakedhap boten dangu pepet malih, sampun rambah-rambah para pangageng anggenipun nyantosakaken ewadene kyai Sawangan boten jeleh anggenipun bebeng, malah ingkang sami budidaya ingkang bosen manggenipun manawi dereng wonten banjir, suwangan wau boten purun bedhah-bedhah.
Yen mangakten saben sawangan bebeng kathah tiyang susah margi sasakit badhe ngembrah, boten mangkaten ingkang bingah inggih kathah, jalaran saged damel kaontungan sarehning ulam badhe mijah, paman juru misaya ulampanen gadhu.

Warni-warni
Pawartos lokomotip anggyaraken para tiyang ingkang boten nate ngombe toya tawa, sarta nedha tetedhan ingkang boten dipu momori toya tawa, saha boten nedha tetedhan ingkang sampun dangu dipun cawisaken punika namtokaken boten dipun sambangi sasakit kolerah.
Panjenenganipun tuwan Eringa, presidhen ing RAtpanyusetii ing Surabaya, ing sawenehing dinten wanci jam 1 siyang, mentas kondur saking kantor karaos sumuk lajeng siram dhumateng kulah, dupi sampun lajeng dhawah kalenger, pangintenipun ing ngakathah, ingkang mangakten wau ambk manawi tumuwuh saking kaget amargi mentas kabenteren lajeng kataman ing daya asrep katemahanipun rah kendhel ing salebetipun kalih dinten tuwan wau sakedhap kedhap boten enget ananging taksih pinarengaken waluya, boten anjalari tiwasipun. Pramila prayogi angatos-atos para taruna kathah ingkang asring karajang makaten wau, dupeh awak taksih enem tamtu kuwawi anambadani ardaning kapti.
H,O

Panjurung

Kual sampun maos serat panjurungipun mitra ingkang sinilih nama Rudaksa, kapacaking Brmartani ongka 93 setu kaping 18Rabingulakir JImawal 1821 suuraosipun anelasahaken anggenipun manggih balenikan sengkalan, milamugi sampun andadesaaken panggalih, ing sasaged-saged kula ngaturaken pamanggih kula kados ing ngandhap punika.1. mikradipun kanjeng nabi Ngisa, sinengkalan krungus waraluhuring langit, krungu 2 swara 7 luhur 0 langit 0 dados punika taun 72.
2. wiyosipun kanjeng nabi MUkammad sinengkalan remeking brahala sarengat salin, remek) brahala, rurupan, rupa 1 sarengat pranatan tata 5 salin 0 dados punika taun 510.
3. sedanipun kanjeng Nbi MUkamad sinengkala yekang kaloka wisiking nabi, yekang, bokmanawi lepasipun yeka, iya ika, 1 kaloka, kasuwara, 7 wisik 7 nabi, 1 dadospunika taun 1771 kajawi saking punika wonten kodheng kula sakedhik menggah sengkalan sengkalan ing nginggil wau ngange taun punapa, punapa taun yahudi, punapa taun rumi, utawi sanesipun

kula cocogaken kaliyan angakaning taun sasumerep kula teka nalisir, lah punapa anggen kula negersi ingkang lepat, kadosta: mikradingipun kanjeng Nabi Ngisa punika wonten ing Yrusalem pantesipun angangge sengkalan taun WElandi utawi taun Yahudi punapa dene taun Rumi, mongka kala samanten etanging surya sangkala welandi 33 Yahudi 4004 Rumi 312 dene sangkala jawi dereng wonten, mila kula nyuwun katerangan dhateng panjenenganipun mitra rudaksa, menggah balenikan wau saking serat punapa, supados kenginga dipun lari katranganipun, bilih balenikan saking serat embret embret utawi orek-orekan saestu boten kenging dipun gega, awit rare kemawon saged damel
Abunawas.

Ongka 100 Salasa Pon kaping 13 Jumadilawal JImawal 1821 utawi kaping 15 Dhesember 1891]

Surakarta
Kulawisudhan
Kanjeng tuwan Bak Asisten REsidhen ing Wanagiri, pamit dhateng tanah Eropah kalh taun laminipun ingkang ginentosaken kanjeng tuwan Arensseniyus

Sambetanipun pasamuan garebeg

Kudacatur, meles ules ireng mulus sriningkangreerenggan nelasken Kletheking ati, kusir bongsa Eropah, nedheng taruna.
Langkung patut mantering sakenekipun ing jotepirenda, ing dhadharab badan peni, dene ingkang badhe garubyuging rata.
Pratiwanung, bupati Kliwon Panewu, mantra kadipatyan sarehira wus cumawis ngampil pedhang tameng panurung sanjata.
Den rungurung, kanoman sikep panurung, rangkep punakawan kadya malathi den anggit sinulaman kembanging gadhung upama.
Tan winuwus ing jawi ingkang wussaput genti winurcita, jroning purasribupati, lan jeng tuwan wus nya lenggah sawatara.
Mamet semu, jeng tuwan pamit sang prabu, lan sasmita marang, jeng gusti pangram dipati, anom Mengkunagara tamu sadaya.
Sareng mundur, saking ngarsasrimaha agung, samana sang nata, jumeneng sing dhampar rukmi, peluk asta lan jeng tuwan Mardyeng praja.
Sang aprabu, tansah sasmita mring tamu, tondha sukarena, paring slameting lumaris sagung kanjeng pangeran putra Santana.
Sadaya wus lengser saking ngarsa prabu, umyung kang musikan sapraptaning srimanganti, kinurmatan miji winilih tamtama.
Tindakipun jeng tuwan jejer wong agung, kakalihing kanan jeng gusti pangram dipati, anom dene ingkang munggeng keringira.
Jeng gustku, pangram adipati prabu, prangwadana samya, titiga dipun songsongi, gilap kadya andaru tempuh purnama.
Para tamu, muyang jeng pangram putra prabu, tanapi jeng pangram Santana grubyuging wuri, tindakira kanjeng tuwan dupi prapta.
Kori mandhung, kinurmatan barisipun prawira nom lawan kang sikep tumbuk prajurit nuli prapta kori ageng brajanala.
Taksih wonten sambetipun.
Nalika malem Kemis tanggal kaping 1 punika, wanci jam 12, tata sudarma kapala kampung anggandhek kiwa, anyepeng tiyang estri anyamar, wonten sangajenging patrolan ing bratadipuran sakng kilen mangetan tanpa rasukan mawi angggendhong klapa, 4 iji, kapriksa ngaken saking dipayanan denek klapa wau badhe kasukakaken sadherekipun ananging sareng kagiri-giringaken bilih klapa anggenipun mandung kagunganipun raden mas Panjidipayana, durjana esri lajeng kapriksa malih, pamendhetipun kalapa wau medal ing pundit, durjana pratela medal saking kori butulan wingking, sanalika ngriku ta sudarma kanthi tiyang patrol lajeng sami amriksa punapa kawontenanipun kori butulan wau, inggih temen lebetipun durjana saking kori butulan wah sangajenging komi butul wau taksih wonten kalapa, tunggilipun ingkang kagendhong ing durjana wau, kawadhahan ing senik ageng kanten wonten 10 iji, sareng sadaylu punika durjana lajeng kaladosaken ing kabuapten Kartanagaran.

Nalika malem Saptu tanggal kaping 3, Jumadilawal punika wanci jam 1 ngabei Jayapranata mantripulisi kaparakiwa, kanthi tata sdarma, kapala kampung angandhek kiwa, anyepeng tiyang jaler anyamar, wonten sangajenging patrolan kabupaten kaparak kiwa, tiyang wau saking ler mangidul mawi ambekta jam ageng dipun kudhungi sinjang, lajeng kapriksa ngaken tiyang ing gemblegan dene jam wau saking sadherekipun ingkang Kadipala, badhe kabekta mantuk dhateng ing griyanipun nanging sareng kagirinng-giri dening pulisi lajeng

ngaken temenipun jam wau anggenipun mandung gadhahanipun Ngabei Kartamenggala ing Kadipala, sami sadalu ngriku durjana dalah jam lajeng kaladosaken dhateng ing Kartanagaan Kintunan.

Kalathen

Mas jaya Prawira bekel dhusun Ngukiran gadhah damel angentas anakipun jaler, sarehning anggening andhatengaken tamu kalebt kathah, kakinten tandhoning jenewer tuwin lisah pet badhe kirang, kengkenan atumbas malih jenewer pitung kopi, lisah pet gangsal kopi, sonten amidadareni sampun kathah tamunipun punapa malih praddongga sampun angangkang, sang pindhawaranggana sawaranya angrarangin ingkang amrabawani para tamu sami gambira, ing sadangunipun sinugata dhadhaharan tansah sami linarihanminuman keras sareng samadya ning dalu nedhenging wanci angumbar sampur, adhuh memelas sarsa sanget teka para tamu sami galasaran wonten ing kejogan wonten ing kang sambat mules saweneh nun tak wonten malih ingkang mutahipun salah margi, miyos ing pengkeran mongka ngenggen ingkang gadhah damel atambuh polahipun wekasanipun pradongga suwuk pasamuan bibar dadakan para tamu mantukipun sami kabayar karerencangipun piyambak-piyambak: kocapa enjingipun ingkang gadhah damel asedhakep suku tungggal tansah anggangas gagas punapa jalaranipun para tamu teka sami amanggih babaya, punika saweg kaemutan bilih siyangipun mentas kengkenan tumbas lisah pet renangpun dipun tangledi amratela, bilih lisah pet dipun tanpekaken dhateng tiyang ingkang pinatah angrukti sabarangreh ing pasegah, adhuh sapinten ta pangungunipun dene ingkang linarihaken dhaten gpara tamu, kados sanes jenewer ananging lisah pet…..lidok……sareng dipun satitekeken inggih yaktos ingkang sami dipun larihaken para tamu lisah pet, ingkang anggumunaken nalika saweg angombe sagelas punapa malih anyandhak kalihipun gelas para tamu boten wonten satunggal tunggala ingkang caluluk para tamu punapa pinuju sami pileg teka boen wonten ingkang karaos utawi amambet gandanipun….aneh.

Glothe-glothe dadi gawe.

Tiyang estri anama Bok Mangunkarya, aminggat saking pangengeranipun ambekta barang bongsa suwek gadhahanipun nyonya ingkang dipun nngengeri kapratelakaken dhaengkadhistrikan gesikan panewu dhistrik sakala lajeng matah tiyang anyepeng bok Mangunkarya, enggalipun embok Mangunkarya kacepeng wonten griyaning sadherekipun dhatengipun ingkang kadhistrikan wanci tabuh ½ 7 sonten sarehning wanci dalu embok Mangunkarya kedah kaleremaken kadhistrikan kareksa dening tiyang bau jagi kawan enjingipun lajeng badhe kaladosaken ing kabupaten.

Sahenta, watawis tabuh ½ 2 dal;u demang Sastraarja juru serat dhistrik angelresi sambaing dhateng kadhistrikan sareng malebet pandhapi sumerep wonten tiyang estri, tilem sacelaking meja panyeratan den demang lajeng ngerek kangge anyolok ti sang lagya nendra, reketek byar katingal sagulng taksih enem wah kawuryan rainipun radi elok melok kala smanten wastra barongsonging cengkir denta kawingkisa sawatawis kacetha dening den demang Sumiringah kadya kancana binesut tur nedhengipun menter-menter, adhuh sinten priyanipun ingkang kaconggaha anambadani ardaning nala, teka boten byat neturidasmara, den demang supe dhateng ebekipun watek anyepat domba tinandukaken gurameyan embok mangun kinen anggugah, den paripih manut mituruta arda tyas kin-kin, ambok Mangunnata mandaya ning tembung manuhara lajeng ambruk goloso amulungaken jiwaraganipun sarwi miseng mingseg asenggruk-senggruk sanalika den demaang mak prepet ical panonipun sampun boten saged angampet ardaning tyas baliwur,muhung naming dhateng campuhing asmaradana, embok mangun cinandhak lengenipun sasarengan lumebet ing tilamsari, kocapa enjingipun konca jagi abucali tilas sami alok kaecalaan resanipun sareng dipun ethungi patrapan sami apratela sawantahipun bilih anakipun mas dhestrik piyambak ingkang lampah sikara, cekakipun prakawisipun punika sampun minggah ing pradata kabupaten dhawuh ingkan karampungan demang kapatrpan sapudhendhaning nagari, mawi kaundur ing pangawulanipun saha kaecakaken ing damel peksan, pramila leres sanget eca punika panjangipun namung sanyari, rak inggih ta den demang.

Yogyakarta
Kala tanggal kaping 3 wulan dhesember punika, kula katamuan sadherek nak-dherek ingkang gigriya ing dhusun beran kabawah ing Suleman cariyos bilih tanah sendhang pitu punika kathah tiyang utawi rare sami sakit beleken saking sangetipun ngantos boten saged tumandang damel saben saben mongsa benter ugi wonten ingkang sakit beleken nanging boten kados ing mongsa punika kathah sarta sangetipun ingkang sakit benter tis inggih wonten nanging boten ngembreh.

Ugi nunggil sadinten ipe kula ingkang gigriya ing dhusun WAtes Ngadikarta, P.A. awawarti bilih sapunika kathah tiyang sakit benter tis sakadhistrikan kemawon ing Plumbon wonten tiyang 905 ingkang katrajang sakit benter tur sanget sami mawid lemeng, wondene pangaosing uwos sarta gendhis kalapa tikel tiga awisipun dipun timbang kaliyan kalapa maa mirah, muhung klapa tuwin saem ingkang mirah sasadeyan gaplek awis sanget boten trimah tikel tiga pangaosipun katimbangkaliyan saben sabenipun.
Marasepuh kula estri nembe punika inggih mentas sakit benter tis laminipun ngnatos 37 ditnen srehning pancen angembat watangan tur ageng, kula usadani kenini ngantos telas satengah botol madal kemawon manah kula sampun sumelang dene wonten tiyang sakit benter boten kandhi deing dayaning kenini, lajeng wonten sadherek ingkang cariyos kapurih jampeni ulam truwelu, kagoreng katedha aplakan kemawon cariyos wau derneg kula leksanani, wonten ingkang cariyos maliy kapurih jampeni tai yeng, kaliyan ron katisen tuwin adas pulasari, punika lajeng kula leksanani wusana saras dumugi sapunika.

Eropah.
Wonten saweneh ing estri wanci 18 taun kala taksih alit anggadhahi sasakit dhadha, saya sepuh saya sanget sakitipun mentas punika sakitipun kaleresan kumat awakipun lemes sarta lajeng boten saged ambekan malih, ngantos sawatawis dinten dipun antos ugi dereng saged ambekan kalampahan ing nganggep sampun pejah, kala ing dinten badhe panguburipun wangke sampun kalebetaken ing tabela, wonten saweneh sanakipun badhe anyipati ingkang kawekas dhapuring wangke, sarehing peteng anyangking dilah lilin lelehing lilin punika anetesi pipinipun wangke, pancenipun esri wau derengpejah, aweg kalemper kapatos pramila sareng katetesan wau, karaos panas katemahanipun maripatipun lajeng sami melek ing salajengipun anuwuhakensuka bingah ing kula wangsanipun estri estu waluya.

Pawartos ingkang wingking piyambak lumantar ing genggelan (Enggeland) anggiyaraken bili reresah kraman ing Yaman tanah Arabi dereng mendha mandar ngretda, para brandhal kalempakipun wonten tiyang 40.000 dadamelipun amitayani, ingkang mongka mangala she amid adhin sampun kathah telukanipun beteng, dene ing mangke sampun angepangibukitha, ingkang dipnunungan gegelenganing bala TUrki, Senapati Turki anyuwun wewah prajurit 20000 tiyang, saha angaturaken bilih piyambakipun kedah amengku prajurit sakedhikipun 40000 tiyang, sagedipun anyirnakaken reresah, bebenggol ing brandhal angudi sirnaning bulubekti ing dalem gangsal taun laminipun bilih sampun lajeng sudanipun bulu bekti, kinaota ingkang sakalangkung kathah kalihan sapunika, punapa malih para kang kim kedah tiyang tunggil tanah ngriku, makaten ugi ingkang ambupateni tanah yamaninggih kedah tiyang wutah rah ing ngriku, senapati Turki andhawuhaken bilih sadaya aturipun bebenggoling brandhal badhe kaunjuk kaki ing Turki, ananging para brandhal sami anyelehna gagaman para brandhal adereng ing pangudinipun saha lenggana anyelehaken gagamanipun.
========\==========

Minangka pasumabng tumrabing pustakaarti, yeka kadya ring ngandhap punika, candhakira kanangwiyatarja.

Isine toya buthak upami, tingalana wayanganing wulan kang aneng toya butheke, yakti datan kadulu, pae laan toya kang wening, anaha pira-pira, wawadhah ing banyu, yawn wening yakti katingal wayanganya nadyan jembangan pakethi, samoa isi wulan. Wulanira amuhung sasiki,

pan mangkono ing ngupamanira, hyang sukup masajatine, angebeki sawegung, durla ayu agal tanalit panuparwa kaebekan mung sawiji iku, yen janma tyasupi pun durta, pindha tirta buthak neng wawadhah kekupi, wulan datan pratela. Lamun manungsa atine becik kadya tirta wening muggyeng gatha, yekti tetela wulane, lumrah ing ngangga wimbuh, ingkamukupan anglilimputi,, aningalana sira, ing sajroning ranu, tontonen panggung wayangan jroning toya pira anarika keris apranga lan wayangan. Ingkang ngana jroning tirta wening, sinuduk kapan datan karasa, kang toya dadya ombake, denya wau pinukul ing curiga kocaking warih, mangkana papadhanya, hyang suksma sumusup asiluman aneneg ngangga, tinunu apinaribawatan lirip pinrang tan ngraalara. Pinayungan datan asrep nenggih, dene peyangiya datan panas abusana ing wastrane, sarwa endah pinrih iku asuka adi pun tingali, kewala bubunglonan giyuh tumut giyuh suka suka awisaya, kadya kapas warnane tuhu aputih, dadeken warna kathah. Adining wastra awarni-warni, ijo kuning ireng muwah rekta, wungu lurik myang batike, manungsa kang karyeku, analini mawarni warni, daedya sasenengira, nutupukaning kalbnu, ing ngaranan rupa pelag pan pinuju puji rupa namaneki, marmane akyeh janma. Kang tan wikan paking kapas neki, pan kalimput pelake kang warna, mangkana ing upamane, sang hyang suksma amengku, angaubi tingal pakalir, anarupa rekupsa, danawa myang diyu manungsa miwah palwaga, sakathae ing jagad kadenarani, kang katon dening jalma. Taksih wonten sambetanipun

Tikang manulat ping papakem muhung sawantah kewala, dera ki jaka pranawasidhi, sadhudhukuh ing Mendhangprawa.

Ongka 101 Setu paing kaping 17 JUmadilawal JImawal 1821 utawi kaping 19 Dhesember 1891

Surakarta
Sambtanipun pasamuan garebeg

Ngaper terus minggah marng siti luhur, praptaning taratag ngarseng basall den urmati, sarageni lan prajurit Jayengngrasta.
Rwuhipun pagelaran triwong ngagung, kanejng tuwan lawan jeng gusti pangram dipati, anom Mengkunagara tunggil sakreta.
Narpasunu, lan jeng tuwan yen dinulu, lir sang ragu putra, lan dewa kang mituturi, danurweda, pamunahing Dasamuka.
Wstu jumbuh, lan srining titiyanipun kang winaheng ngarsa, anangsayeng sitaresmi, kadya rata kang tumurun saking swarga
Ginarubyug ampilan kaoman wau, miwah prabandara, ngampil pagantenan rukmi lan kecowan pethen mubyar sinongsongan
Mlampah sampun gumredeg rata lir sumyur, labet keneng prabaujwalaning sotya rukmi, obah sagung jajaran amapil ngarsa.
Langkung umyung, pakurmatan ngalun-alun rumpulan musikan braising prajurit jawi myang pradongga tinatap sadayanira
Monggang ngungkung,kodhok ngorek cara wangsul tanpa e sangnat, kaprbon tedhak ing loji, sinambungan titiyan ing prang wadanan
Rata munggul geng luhur keprabon wangun pinajanging dhamas kumilat gilap narpati, tan kuciwa sekawan pangiridira.
Kuda luhur, wedalan ing Indhidhuwur, teji alesploka, pakeyan kusir kalangking, sinukar ta iceplok kembang salaka.
Kusir atul mring pakewuh sinepis tul jumbuh menteringnya, lawan kenekira kalih, luhura ta wong song megar byur parade.
Yen dinulu, jeng gusti kadi sang prabu, kresna duk dinuta, mring nagri Ngastina nguni, minta praja lungguh ing natapandhawa.
Kang kapagut gumetert manembah takut kaayap prawira upsir myang wadya kapleri, wuri ngarsa jajaran ahana kuda.
Kang sumambung, ing wuri karetanipun prapangeran arya, satriya pangkat kumpeni, ari tuwin Santana kaprang wadanan
Taksih wonten sambetanipun

Nalika malem Kemis tanggal kaping 8 wulan Jumadilawal punika, kinten jam 10 ing prapatan Sraten wonten tiyang sade gule dipun tumbasi deig tiyang kakalih,s aeng sampun tuwuk anggenipuns ami nedha, tiyang kakalih wau lajeng sami sumingkir dhateng ing lindhukan ingkang sade gule nedha ata panumbasipun tiyang kakalih amangsuli, sanyata lanang mreneya, wa kaya gathutkaca siumbare, paman gule narimah, nanging bokmanawi namungkawuwung saking ajrih, awit lajeng lumajeng sarwi wicanten iya ta pujekna laris bae, pangungunkula teka boten nedha tulung, mongka kala samanten wonten tiyang ingkang sumerep dhateng lalampahan wau, nanging kok inggih ayem kemawon
Wonten tiyang jaler nama Tapawira, gigriya ing dhusun Pengging, anyambut damel dados tukang batu wonten ing salebeting baluwarti, salebetipun nyambut damel anjrak wonten ing ngriku, wulan Rabiyulakir kapengker punika, tapawira kadhatengan tiyang estri nama Bok Takrama, ing dhusun Nawut sakidul bacem pandamelanipun sade gempol pleret ok takrama wau pratela dhateng tapawria, suka boten suka wa kedaht umut dhateng piyambakipun sukur purun amengku pisan botenipun narimah dados pamomonging anakipun kemawon (alaki ye) menggah wangsulaning tapawira, angger trimah laki tiaygn sepuh wahh awon inggih(wah pindho gawe sikakang) menggah boktakrama salebetipun wulan Jumadilawalpunika, sampun kalampahan dipun ningkah dahteng pun tapawira
Kintunan.

Yogyakarta
Kala dinen Jumungah Wage punika sampeyan dalem kanjeng gustipangeran adipati anom tedhak dhateng Pakem amirsani pabrik inggih punika pabrik kagunganipun gusti pangeran ARya mangkubumi, tedhak dalem wau kadherekaken dening para wandu-wandu wandawa dalem para gusti pangeran para bndara pangeran punapa malih kanjeng pangeran arya Yudanagara sarimbit ingkang garwa kanjeng ratu angger kaliyan ingkang putra adaya, raden tumenggung Kartanagara, saha kanjeng ratu Duretna, inggih sami andherek wonten Pakem mawi kasegah lalangen langendriya, iyasanipun gusti pangeran ARya mangkubumi,lampahan awit jumenengipun ratu ayu dumugi pejahipun Menakjingga, ngantos kalih dalu sadinten kondur dalem ing dinten angkat Legi, gusti pangeran Arya M<angkubumi andherekaken kondur, ananging lajeng wangsul malih dhateng Pakem gumyuh ipun pawartos ing dinten malemipun senen taksih wonten tiytingalan malih ringgit wacucal, dene uparenganipun manganjali tehak dalem wau boten anguiwani.

Kala dinten Rebo Paing tanggal kaping 9 salebetipun wulan dhesember punika, rama kaji MUkamad Nur abdi dalem lurah bar jumungah, griya ing kampong Kauman wanci jam1 siyang pyambakipun tilem ingkang estri saeng sumerep bilih rama kaji tilem lajeng boten mawi taha-taha anyandhak peso, saha anungangi rama kaji sarta wicanten mangkaten ramakne apa aku apakowe kangmati dhisik nanging rama kaji boten ngalisik teksih sakeca angenipun tilem peso estu kairisaken jangganipun rama kaji, sir, rama kaji kaget tangi lajeng angrebat peso sarwi bengok-bengok nedha tulung, tulung tulung ana wong ngamuk peso ugi kenging karebat dening rama kaji, nanging epek-epekipun ingkang tengen tambah labet wah lebet sampuna katungka dhatengipun para tandang bokmanawi rojah-rajeh rama kaji, mareng sampun radi lerem babaya punika, ibu kaji kaimur-imur denig sanak sadherekipun tuwin tongga tepalih wonten ing pandhapi, jebul nyat ngadeg malebet griya sampun anyepeng peso malih, ingkang lajeng dipun irisaken jangganipun piyambak gurungipun ngantos meh tatas ibu kaji lajeng andhaprah peso taksih tumanem ing jongga, dipun daut dening tiyang tandang rahipun lajeng daledeg rah ayunipun tiyang kakalih wau boten ngantos pejah, ngantos dumugiing dinten punika tiyang kalih wau taksih kaupakara dening dhokter wonten griyanipun rama kaji, menggah jalaranipun gumyah ing pawartos makaten rama kaji Mukamad Nur punika badhe rabi angsal tangganipun ingkang estri wau sampun dipun pegat ananging taksh kaandheg awit wawrat 6 wulan kaping kalihipun estri angentosi arta lintuning barngipun ingkang sampun telas sami katedha, manawi rama kaji boten purun anglintoni telasing bondha, ibu kaji boten purun dipun pegat trimah ngempen rondha keringa amomong anak tiga patutanipun kaliyan rama kaji, e sakawan badhe neh dene sampun wawrat saha angenggeni griya pandhapi sapanunggilanipun rama kaji kapurih kesah saking ngriku manggena ing griya sanes sreng wonten lampahan mangkaten wau kilap kadadosanipun.
Kala dinten Kemis Legi ingkang kapengker punika kula ngenggar-enggar manah samumpel dolan dhateng sepur, sareng dumugi nglempuyangan miring tangisipun tiyang estri sarta wicanten makaten tebusen putuku aja kok gadhekake mundhak laki cina, kowe rak uwis tak penging mainta, wonte tiyang jaler nem-neman mangsuli mangkaten tembungipun tak gadhekna kae wong anak-anaku dhewe, karone mongsa tak burna ora, bura pisan ya mongsa ilanga, karo maneh beknyuda tadhah larang larang beras ngenekok arak pira-pira pancene perimamu nyai, oleh dhuwit tur diewangi ngingoni, nek ana gone babahe mongsa ngantiya kapiran pangane putumu nyai, kadhang sok ngopenopene babahe mongsa ngantiya kapiran pangane putu mu nyai, kadhang sok ngopen-openi menyang kowe, wis ta menenga mundhak diisin-insini, suk nek menang main tak tebuse bilah, kula lajeng andumugekaken lampah kilap salajengipun nanging saantuk kula saking sepur sampun boten wonten banenipun anggen kula nglebetaken pawartos punika boten nedya ngerang-erang dhateng lalampahan wau, muhng dadosa pangilonipun para remen kandhangan supados sami engeta sampun ngantos kalajeng-lajeng anggenipun sami anguja kasenengan ingkang malarati.

Tuban
Wiwit wulan dhesember punika ing padunungan kula sampun katuruhan jawah, rinten dalu tansah angeceh, awanipun bumi karaos ing awak sakeca sanget para amongtani katingal

bingah, tanem tuwuh ingkang sami gegrek labet saking dayanipun awa benter, ing mangke sampun katingal seger-seger, sarta sampun sami semi, makaten malih menggah wontenipun sasakit kenging kawastanan sampun sirna, ananging kula kawatos ambok manawi benjing rendhengan punika badhe awis tedha, awit ing mangke kula sampu nkerep amranggguli titiyang dhusun sami ngrembat walur, pamendhetipun saking wana.
Griyanipun sawenehing tiyang ing dhusun Bulu, dhestrik Rengel nembe punika wanci dalu, kalebetan dursila kampak barang-barang tuwin yatra ingkang keningg karebat dening dursila wau gunggung pangaos pitung dasa rupiyah pethak ing mangke konca pulisi sampun saget nyepeng dursilanipun.
Kala malem Salasa angrintenaken tanggal kaping 15 wulan punika, wanci dalu, kula miring titir mungel sakawan inggih punika tengara bilih wonten tiyang ngamuk sareng kula terngaken pancen inggih leres titir wau tengara bili, wonten babaya, anging dede tiyang ngamuk sejatosipun wonten tiyang ngrembat kajeng peteng, kadengangan pulisi bahe kacepeng bongga, wekasanipun pun dursila inggih ugi kenging kapikut deing para pulisi tuwin para tandang.
Ing dhusun bawah dhestrik Ngawen nembe punika ugi sampun kalebetan pandung kroyok.
Kala malem Rebo ingkang kapengker punika, ing kampong Kingking wonten saweneh tiyang amanggih babaya na bacok tiyang dursila, labet sapanggenan wonten ing sirah
Sadangunipun raden sumadigda tetep dados wadana ing dhistrik REmbes menggah kawontenanipun prakawis ing bawah dhistrik ngriku radi wonten kirangipun.
Sadangunipun tuwan Gonggrip jumeneng kontyrolir wonten ing Apdheling Tuban kaetang meh saben dinten kemawon ajung jaksa angladosaken ing rol prakawis tiyang sade sarem tamper, saderengipun tuwan gonggrip kaingser ing Tuban pamadeyan sarem gupremen ing gudhang Tuban tiras sanget jalaran saking kathahipun tiyang ingkang sami sade sarem tamper.
Sanadyan ing ngriki sampun kerep katuruhan jawah, ewadene mengah wontenipun griya kabesmi inggih dereng wonten mendhanipun.
Nembe punika ing dhusun Leran onderdhistrik Wangun wonten sawenehing tiyang estri kabacok dening ingkang jaler, jalaran tiyang estri wau dinalih lambangsari kaliyan tiyang jaler sanesipun.
Ing kampong Bendhongan wonten sawenehing tiyang jawah estri arencang rare dene pun Jabangbayi tanganipun kalih pisan tanpa dariji.
Pun Kesed.

Panjurung
Supatramba binangsuba astute, tinuparja arjuning budaya, yayah pkindha sarwestune, sarkara karajuruh, linut sarwa sari mrik minging, kaswasing kadang wreda, kang wardyam bekksadu, kontap kaubing parasma, tuwan mu dhiridhek sining bramartani, pratameng Surakarta.risat laswing puuji kawijil kuneng menewahywaning wilapa, tarmuhung met saselane, rawatira wikaruh, rinuruh reh rumareah pamrih, mardawaning kotarja, arjuning tumuwuh, ulun kalululning nala, sung panjurung sajarah ing para aji, jumaning yoga jawa. Kanang samya katarimeng widhi, kawahyaning wahyu mongsa kala, sing rikala kamulane, dera sami pikantuk geganjaran saking swargadi, lowung muhung minongka, tuladan salugu, winitan duk yogajawa, indhu tekeng talatah ing tanah jawi, kadye kakang winahya. //.\\taru nambeg kumawigya, gumenyang reh kramaniti, maniti lukita prana, pranawane pinarsudi, sudaning ardehudi, binudi panduking pandum pandaming kabudayan myang kagunan linalantih, suprandene tangeh tekeng kalam tipan. Sing kamula-mulanetanpa rekparameng kawi, myang kakawining kawarja, mung arjuning tyas kang pinrih, rumuruh saking ririh, ingngarah-arah mrih karuh, rarabing gita tama, tumusing tyas rahahrjanti, sajatine ngeja pajumaning cipta. Marma sami ngaksomoha, sawangsaning prawinasis reh damakendreman karsa, kaarsayan pak samardi, mardawaning palupi, lepiyan para gung luhur, kang sami ambeksanta, santosa sih para dasih, sih ing praja arjaning ngrat pinardawa. Kang pinurweng kotamarja, praja gung ing Maespati, maha prabu Kartawirya, saking kretartaning kambi, tumraping mengkunagri, nguger angering kaprabun, tan tara katarima, dera sanghyang Otipati, sinutaman sriwedari namanira. Wonten malih cinarita, tur saantah ing dityaji, jumeenng

aneng Ngalengka, srimaharaja Sumali, dera Mengkunagari, martamartotama tulus, kontap katuping warta, temah sanghyang Surapati, anedhaki paring taman Ngargasoka. Katri sang dipatiswara, jumeneng ngastina napuri, ambek santa martengjana, jeneng kweh arjaning bumi, mila lama marsudi, padilan pangruwating dur, durmala durtatama, hyang yamanulya nedhaki, sinung taman ing ngadilengeng ranira. Kaping catur cinarita, srimaha cempala aji, sajumeenging narendra, manebar ebering budi, budaya anjeladri, sakara moring jejuruh, mardaweng pujabrata, tan tara hyang wisnumurti, matedhaken taman dimaeratkaca.
Taksih wonten sambetipun.

Ongka 102 Salasa Kliwon kaping 20 Jumadilawal JImawal 1821 utawi kaping 22 Dhesember 1891

Surakarta
Sambetipun pasamuan garebeg

Telasipun ing wuri nuli sinambung, rataning pratuwan militer amtenar lan ir, monca warna dhapuring rata turongga.
Kadya teruh, ardaning lebu dalangung, kambah kang lelampah, tumpa-tumpa tan patepi, kwehning rata karya tambuh ing satmata.
Telas pratuwan mau, wuri wonten jajaran kadulu, anemsepuh bebet sabukira sami, lonlonan ing lampahipun satemah cetha tinonton.
Rata titiyanipun kang pangirid kuda abrit catur, kanan keringing rata dipun ampingi dening kang waos panurung, godhi sinulamas mompyur.
Kathah ingkang garubyug ngampil gendhaga lan kothak kuluk pedhang tameng pasikon sanjata buwis talempak karahmas ruru, lo pak lopak myang paidon.
Jroning rata kadulu, nenggih kanjeng gusti pangram prabu, awijayaputra dalem sribupati sinongsongan ingggil pangyar nengluhuring rata abyor.
Kathahingkang garubyug ngampil gendhaga lan kothak kuluk pedhang tameng pasikon sanjata buwis talempak rahmasruru, lopallopak myang paidon
Jroning rata kadulu, nenggihkanjeng gusti pangran prabu, awijayaputra dalem sribupati sinongsongsan iinggil myarsa, neng luhurira tahabyor.
Datan siwah saestu, kanjeng gusti kadisang aprabu, baladewa ngater mring sang dartasiwi, gitik pasanggrahanipun ratu sabrang gambir anom
Dupi ingknag sumabur wonten malih rata kan gginrubyug praprawira sangtep ingkang ngampil-ampil upacarakng wong agung sonongsongan sagara rob
Kang nitih rata iku ugi putrra dalem sang aprabu, nenggihkanjeng pangeran arya Matawis kalangkung wenes dinulu satriya adining kraton
Titi tejane wutuh, tan antara ing wuri sinambung, ing jajaran sareh rakiting lumairs ugi pangram putra prabu, nitih rata kang kaprabon
Kaampil dharat grubyug panmakaten ing lalampahipun urut sepuh, ingkang anem wonten wuri, kalawan saben wong agung, neng rata ngegarken songsong
Taksih wonten sambetipun

Karaharjan
Pawartosing kathah ing mangke sareng sampun wonten jawah, para tiyang tani sami sengkut angggenipun anyebar wiji, ngantos arebut dhucu, wah kanjeng parentah ageng nagari lumuntur sih welasipun aparing wiji pantun dhaten gpara kawula alit andadosaken seger kasaranipun para kawula alit amargi salugunipun salebetipun mongsa benter, tiyang alit keningg kawestanan kathahingkang kaceklik sanajan darbe tandhon wiji sampun anandhes sami katedha, mila sareng wonten jawah pancen kasesa panyebaripun wiji, mongka kathahingkang dereng gadhah, kapanujon w3onten sih kamirahanipun nagari paringan wiji wau, lajeng saged anjalari maremipunmanah, punika tiyang ingkang darbe sabin sarta darbe raja kaya, wangsul tiyang ingkang boten gadhah abin miwah boten gadhah rajakaya, tamtu boten anggsal paringan wiji, mongka kakiranganipun bokmanawi sami kemawon.
Wartosipun ingkang kasangsaran sanget bawah kabupaten Sukaarja amargiingngriku pasabinan tadhahan malah sampun tigang mongsa punika sabinipun anggenipun sami kakirangan jawah, sabin kathah ingkang dados ara-ara, ing wawengkon sukaarja wonten toya lepen ageng, inggih punika Bangawan yen tatoyanipun saged minggah piyambak tamtu saged angelebi pasabinan wau, dados boten sumelang kaseksa dening toya jawah kakiranganipun tiyang tani wau wartosipun boten angijeni, sanajan para priyantunpulisi tumut biyantu sasambat agerantang, jalaranipun sareng para bekel ingkang kasarngaran anyuwun sudaning arta rukun damel para pryantun ingkang wenang nampeni balonja ingkang belus suda, rehning punika kabar saking Sukaarja, leres lepatipunkula sumongga boten sumerepi piyambak
Wontens ambetipun (kintunan)

Kala malem Sabtu tanggalkaping 17 wulan JUmadilawal punika, kula ningali kaluban dhateng wiyar rumeksan sadhateng kula angleresi ingkang beksa priyantun taksih timur, kinten yuswa 11 taun gendhingipun calunthang, ginerong gobyog para tamu sami ngadeg keplok sadaya, ananging tingalipun sami ngembeng luhs arehning katemben anggen kula ningali, dados kula pitaken dhateng sawenehing prikonca sinoman priyantun timur ingkang beksa wau sinten sarta siten ingkang puputra, dene bagus temen wah taksih timur kemawon teka sampun baut beksa, ngawonaken sadaya ingkang wonten pasamuwan ngriku, pangungun kula anggenipun parigel saparipolahipun saged damel ulat-ulatan sarta sagedipun dhteng ing rama, angger dhawah gong tanjak tengen ingkang kula takeni wangunipun kasesa abadhe angladosi, dados cekak wangsulanipun bener mawon dika ngungun wong niku putra titilarane gustikanjeng pangeran arya Pakuningrat dadi kang wayah sampeyan dalem sakniki,s areng kula sampun dipun sanjangi, sanalika sirna pangungun kula, awit sampun anggenipun satriya punika mumpuni dhteng reh ingkarawitan sarta dhateng bangsaninglalangen menggah anggenipun para tamu sami semu kapiluh punika, botemanawi kengetan dhateng ingkang nembe, murud hdateng tepet loka, inggih lajeng bela kapiluh, wartosipun dalunipun ing dinten malem Akad nayuban malih, wa punika criyosipun rame sanget bibaripun ngantos jamp pitu,
Katnadhan pun Yektiwara

Yogyakarta
Raden Bei REksapranata, mantra pulisi salebeting kitha bawah Pakualaman kaundur ing pangkat kalengahnipun sabikakipun mantripulisi wau, kathahpara abdi dalem ing Pakualaman ingkang nyanyadhang sih ginentosnaingkalenggahan wau, ananging dereng wonten ingkang kaparengaken.

Kala tanggalkaping 6 wulan dhesember punika, wanci jam 5 enjing, ing dhusun PUrwareja (gedong KUing tilas pasanggrahan dalem swargi ingkang sinuhun kaping II) wonten tiyang estrinipun kapyuk toya lombok dening durjana, tiyang estri wau lajeng andhawah saha nekep mripatipun slendhang gendhonganipun saha arta sakanthonganipun punapa dene supe kaplajengaken ing durjana, tiyang estri bengok-bengok nedha tulung, titiyang ing ngriku ugi lajeng sami dhteng ananging druhaka sampun genjret tiyang estri wau semah panatus badhe dhateng peken nagari, waunipun saking griya dipun iringaken rencangipun kuli, sarehning taksihpeteng angkatipun sareng sampun radi padha rencang kapurih wangsul punapa malih sampun sarengan tiyanglumampah, boten sumerep bilih sarenganipun wau pancen ingkang ngapyuk toya lombok wusana tiyang estri wau lajeng mantuk boten estu dhateng peken nagari, sapunika teka warni-warni temen gunanipun tiyang durhaka, prayogi sami ngatos-atos.

ERopah
Ambeg wasis candhakan amarengi anontonaken satogalak juru amongipun sato galak wau angundhangaken sinten ingkang purun malebet ing sengkeranipun sima barong, ginantungan ganjaran gangsalatus rupiyah, sanadyan para nontonjejel uyel-uyelan kathahipun boten wonten satunggal-tunggala tiyang, ingkang arsa anadhahi sayembaranipun pun juru among wau, sareng sayembara wau mindhak satus rupiyah, punika wonten sawenehing tiyang tani, amiyak sakathah ing ppara nonton anyelakipun juru among, estrinipun tiayng tani sanget pagondhelipun dhateng piyambakipun para wangsanipuningkang wonten ingngriku, ugi sami anggondheli piyambakipun nanging tiyang tani meksa kemawon saha lajeng anggenahaken dhateng juru among, bilih sayembara wau saestu yatra nematus rupiyah pinrih ngaturaken parentah,juru amonglajeng angengakaken rangkepaning konten sengkeran pun tani ingngatag mancik ing sengkeran, sumongga kisanak nunten malebeta dhaeng sengkeran, pun tani amangsuli e lahpunika boten mas sulaya lan sayembara dika, elo kas pundit, pun tani: elo inggihkula anyanggemi malebet ing sengkeraning sima barong, boten selak kula nun ning sima barong dika wedalaken rumiyin kula lajeng malebet ing sengkeranipun lah punika sayembara nika punjuru among satoalak sanalika kaweken acingak-cinguk rumaos kalingga ing sabdanipun para nonton sakala surakipun lir ampuhan sarehning juru among katindhih ing pabenipun parentah sakala amatedhakaken yatra nematus rupiyah dhatengpun tani, estrinipun

pun tai bingaripun lir pendah wanodya sumerep kalebatipun bedhang ingkang den anti-anti, ingkang sanalika lajeng jinojoh ujar ugi: lah mulane wong wadoniku aja sok angalangi, apa maneh taberi andingkik lungane wong lanan: endhuk Gendhuk
=======\==========

Panjurung
Kula maos bramartani ongka 26 taun 1820 wonten panjurungipun jakalengkawa mangkaten amanyapih sarana saraarjanti, serat sidin kaca 176, wonten ingkangmungel arjanti, tegesipun langkung repati, punika sakingpamanggihkula kados sulaya suraosipun ananging sarehniku lkula punika taksih ingkrang dhateng tembng kawidados kula suwunaken katrangan dhateng panjenenganipun undhakan sastra iruda, ing banjarsari
Sumaos tanggalkaping 29 rabingulakir JImawal ongka 1821
Pun WIracapa

Serat Salokatama
Anggitan dalem kanjeng gusti pangeran AdipatiArya mangkunagara ingkang kaping 4 ing nagari Surakarta

Wijilingkang pangripta murwani, myating ngreh salah ton kang mila pumilara anggane, laliwirang kaserenging kapti, niryitnanta dadi, nistha temahipun. Labet saking mudha domeng budi, digung lumuh kasor, gegemongsa medhar surane pamrihingra mung ngulab-ulabi, mring sanggyang kang ngeksi, den alema punjul. Tanwruh lamun akeh kang ngesemi, pinrayitneng batos kang wus asih suda ing resepe, kang during wruh wus ngrungu pawarti, ingkang sengit dadi, sukurireng kalbu. Temah kengis wateke kang wadi, alone katonton sapolahe denlumuhi bae, nora nana kang bares sawiji, wongjail lan juti, iku paminipun. Nadyan mari gungsinonga runggi, tanana pitados wus mangkono manungsa ngadate, paran bayagonira baleni, sapisan dumadi, nirpiyandelipun. Yen mesthiya tumitah ping kalih, sakathahing nguwong, nora nana kang duwung solahe lantana kang wedi mati, gampang denyabudi, tanana pamuwus.balik nora tinitahkenmalih, paran wekasing don mungkarantan kaduwung batine, gagetune sangsaya mranuhi, yen ganyuta pati, mimbuhi dosagung
Taksih wonten sambetipun.
==========\==========

Kula amanggih serat sacuwil mawiisi uran-uran kados ingkang kula tedhak ing ngandhap punika, ingkang saestu prayogi kawedharaken ing ngabyantaraning kyaiBramartani, kadosta.
Dhandhanggendhis\\ yogyanira kan gpara prajurit lamun bias sira anulada, duking nguni caritane, andelira sang prabu, Sasrabau ing Maespati, aran Patih Suwondo lalabuhanipun kang ginulang triprakara, gunakarya kasuran kang den antepi, nuhoni trah prawira. Lire lalabuhan triprakawis gunabisa saniskareng karya, binudi dadya unggule, kaya sayektinipun duk Bantu prang Manggada nagri, amboyong putrid dhomas katur ratunipun purune sampun tetela, aprang tandhing lan ditra Ngalengka nagri, Suwonda matyeng rana. Wonten malih tuladan prayogi, satriya gung ngri ing ngalengka, sang kumbakarna arane, tur iku warna diyu, suprandene galih utami, wiwit paing ngalengka denya darbe atur, mring kang raka mrihraharja, dasamuka tan kenguh atur kang yukti, dene mungsuh wanara. Kumbakarna kinen mangsah jurit mring kang raka tekatan lenggana, nuhoni kasatriyane, ing tekat tuna nurut amung cipta labuh nagari, lan tolih yayah rena, myang luluhuripun wus mukti aneng ngalengka, mangke arsarinusakkang bala kapi, punagi matyeng rana. Wonten malih kinarya palupi, surya putranarpati ngawongga, lan pandhawa tur kadangolan yayah tunggil ibu, suwita mring Srikurupati, aneng nagri Ngastina, kinarya gulagul manggala uluning aprang, bratayuda ingngadeken senapati, ngalga ing Kurawa. Den mungsuhken kadange pribadi, aprang tandhing lan sang dananjaya, srikarna suka manahe, degenira pikantuk apan denya arsa malesih, ira sang duryodana, marmanta kalangkung, denya ngetoka sudiran apran grame karma mati jinemparing, sumbaga wirotama.
Pun Ronggalawe.

==========\==========

pajuman kang kaping panca, panjenenganireng ngaji, Dwaraka sang Sri Kisrawa, narendra an dwipastati, katarimeng dewadi, dera mong amengku wadu, anulya sinung taman ingngaran Batacinawi, mongka tondha dununging sih, pinarbawa. Marengi kala samana, wonten satriya winasis waskitha manuksmengrahsa, sarasa lan batharaji, parab radian pamadi, dahad denira manengkung, manungku bratasmara, wor wong sawasiwinasis katarima sinung taman madegonda. Kaping nem narendratama, man eng praja Kadhiri, sang prabu ajipamasa, sawadya cangkrameng ardi, neng kono den panggihi, hyang darma kinen dumulu, taman maeratkaca, sawadya kalilan manjing, mung sadhela taman dianuyw musna. Den etanng kang kaping sapta, srinatong malawapati, maha prabu angling darma, dreman kadarmaning galih, andinanggung mumurih, kamurahaning prajagung, wadya tansinung rengat kabeh kablabaraning sih, sihing dewa sinung taman ing bagendha.mangkana kang kaping astha, panembahan ing matawis, SEnapati ing ngalaga Sayidin Ngabdulrahmani, manengku bratastati, tepining samodra kidul gruning brata katrima,mring hyang suksma denparingi, taman edi tur pelak aran Lipura. Kaping sangane winarna, yoganing janma samangkin narendra ing Surakarta, Kertartareh sadu budi, nindita mayayakti, kayaktyaning tyas pinutus yasa pura papara, sajroning praja tan tebih, tebah wana sinung aran langen arja. Marengi ing mongsa ala, kawahyaning wahyusidhi, sumaruneng tirtastawa,sendhang yasanta sang aji, cinaket lan capuri, dadya pangusadan agung, lelara-lara sirna, dinus sumbar tirta suci, yeku tondha kakasih kang sinarira. Sinarana tirta marta, mratani sapraja tapis tepus watesing prajaja, sanadyan wong monca nagri, keh kapiluyu sami, mangalap barkah snag rpaju, kang samya nandhang roga, rugininglaku tan kesthi, muhung ngesthi waluyeng ngangga katemah. Tumrahe kang tirtatawa, tuwin udaling wekatri, siki mijil lisah petra, kang kalih usa yekti, tan pilih ing asakit marma satatestri jalu, nara samya umalap barkahing narendra lewih, lyaning bongsa babasan basuki raga. Regeng tananari sela, sela mine tana uwis wus kontap ing langenarja, arjaning paparan puri, winahyeng tan pakardi, kadadyanireng wawangun lir wangunan ngudyana, ing kaendran wus tan kalih, kalihira kang winursiteng wasita. Nunggil yoganing sapraja, wonten senapatyeng nagri satriya dibya sumbaga, sambada nedhenging wanci, mayasa kang wedari, ujung puri naminipun kontap kotamanira, dadya ujating sanagri, nadyan janma monca keh praptyarsa wikan. Sanajana seje bongsa, kang tebah atebih tebih, kalayu layu denya arsa, miyat patamanan peni, kadye kamratandhani,w ah yuwaning hyang kang mamayu, yuwananing kan gyasa, tuhu kakasihing widhi, kadyeng ganesari saroseng kusuma. Ssampat sampeting mangriptam rinipteng nguntaranadi, jumadilawal condrama, sedhenging purna masidhi, jimawal ingkang warsi, ongka Sewu wolungatus salikur sinengkalan ngrupa padasaliraji, kangmangripta kawula pun Ondranarena.

Ongka 103 Setu Wage kaping 24 Jumadilawal JImawal 1821 utawi kaping 26 Dhesember 1891

Surakarta
Awit ingkang nawala kanjeng raden adipati, papatih dalem ing Kraton Surakarta, anamtokaken dhumaten gpun Martijam abdi dalem panakawan ing Gedhongkanan kakarsakaken dados abdi dalem mantra gadhing Mataram anggentosi lalampahaning bapa ingkang sampun seleh, kaganjar nama tuwin sasebutan mas Ngabei Wiryawijaya.

Sambetipun karaharjan
Bawah kabupaten Ngampel ingkang nami kikirangan ugi tanah wananmiwah pareden amargi ing wanan wau sabin tadhahan tanah pareden pategilan sareng mongsa jawahpunika ing sabin sabinh saweg wiwit sged anyebar wiji, malah wiji-wiji ingkang kasebar saderengipun jawah anyarengi mongsa, kala rumiyin sampun ludhes para tiyang anginten bilih sampun pejah babar pisan wasana sareng katumpangan wiji sabibaring jawah punika, thukulipun wiji inggal kalayan wiji lami sasarengan mila kathah ing dalem sabbin sakothak thukulanipun pantun gaga miwah jagung, terkdhang taneman gaga tuwuhipun tumpang tindhih.
Tanah pareden salebetipun mongsa benter sarehning tegil-tegil boten tuwuh babar pisan ingkang dipun tanemi janganan jurang-jurang saurutipun ingkang wonten toyanipun sapunika sampun sami saged ananem ananging salebetipun taneman dereng ngundhuh gajulipun tiyang alit sepen amargi palawija boten wonten babarpisan ing peken pundipundi boten wonten tiyang sade jadah pohong kados sabenipun ananging sapunika kalintunan sadeyan jenang pathi anren ingkang kawastanan oyol-oyol amargi mirah piyambak reginipun anuwuki kangge tetedhan rare miwah tiyang sepuh, ing dhusun tumang amargi ing ngriku kasrambah sasakit kolerah, ananging pancen enggenipun tiyang sugih, dados para tiyang ingkang kikirangan angsal jodho, sami beberah melek ing griyanipun tiyang ingkang cekap melek sadalu berahanipun 10 sen par sugih ngantos mangsulaken tiyang ingkang sami ider elek.. Ki Singawredaka, sesepuh ing Cepaga, amulang dhateng putu putunipun makaten: thole aja padha lena ing lalakon iki, becik padha muji asumungkem ing pangeran kang maha agung, nyuwun slamet nyuwun ngapura, dipun akena nata panutan kula. Sarehning tiyang cepaga wau sadaya anak putunipun Ki Singawredaka, salebetipun kaceklik wau ugi ungsum sasakit pujinipun among mangkaten cekak naming cekak (kintunan).

Nalika ing dinten Rebo tanggal kaping 14 wulan punika, ing Pacinan wonten tiyang jaler angutil pohung, ingkang saweg dipun dhacini wontening took Cina sangajeng Cakranagaran sareng konangan kaliyan Cina ingkang andhacini, tiyang wau badhe kacepeng paman ngutil lumajeng mangidul dipun tututi dereng antawis tebih tiyang kacepeng, pohung katedha wangsul tiyang dipun culaken ananging sampun radi sakit jalaran mawi dipun thuthuki oncowe.

Nunggil dinten ing peken ageng wonten rare jaler kinten wanci 13 taun kabujung deing tiyang jaler sampun sepuh, jalaran rare wau anyeler wungkusan sekul sareng pangoyakipun sampun celak wungkusan kauncalaken wangsul tiyang ingkang ambujung tangginas anyyandhak wungkusan sarta sampun narimah rare boten kacepeng.

Rare nama Sajirin kinten wanci 7 taun putunipun KiPUspayuda pitados bekel ingLaban nalika dinten Rebo tanggalkaping 14 wulan Jumadilawal punika, dipun apusi dening tiyang rahayunipun namungkenging artanipun nem wang, mongka rare wau prabotipun kinten regi: 20 rupiyah, menggahmulabukanipun kakaten rare wau tumut embahipun nyambut damel dhateng griyaning lurahipun ing Wirya rumeksan rare saweg dipun emong dening rencangipun estri wonten pandhanpi wonten tiyang dhateng sengadi ngundang punpamong mongka purih nedha dhateng pawon sapengkeripun pamomong, rare dipun jak kesah dhateng pun durhaka wau, lampahipun saking ngregol terus ngilen tujunipun wonten kuli Nglaban ingkang sumerep dados lajeng anunuku lampah, rare wau ing samargi-margi dipun rimuk supados cucula sandhanganipun sengadibadhe dipun sukani dolanan wantuning rare dados

kelu dhaten gmamanis ing bala, sareng dumugi ing grobagan lajeng kendel anggeipun lumampah, rare dipun atag supados rucata pangangge, ugi nuruti, salebeting cucul katungka dhatengipun ingkang nunuku, anyelaki sarta piken anggenipun cucul wangsulanipun rare awit saking pakenipun ingkang ngajak druhaka anggraita bilih badhe kawanguran sedyanipunlajeng oncat masi lurup dados paman kuli kecalan lari, saredi pun titipriksa sandhangan jangkep naming artanipun nem wang ingkang sampun kenging.
Kintunan

Nalika dinten malem Kemis paing tanggal kaping 22 wulan JUmadilawal punika, abdi dalem ingkang sami pinatah amandhegani, angedumaken kagungan dalem pantun ing lumbung kaparingaken dhumateng ing dhusun-dhusun sami kawedalaken ing dinten malem Kemis wau, sarehning pantun kathah sanget dados dangu anggenipun ngedalaken mandar ngantos kasaru tidheming sanghyang diwangkara: kacariyos sareng wancijam ½ 7 wonten sawenehing tiyang langkung mangaler,sumerep manawi ing lumbung saweg panuju angwedalaken pantun sarta sampun wanci serap tiyang wau teka glotha-glathe mampir sarwi nyangking pantun kalih dheng, kabekta lumampah mangaler, sareng nglampahipun dumugikagungan dalem ing kori gapit diun takeni dening prikonca kmit siti, e kang, niku ajeng digawa teng pundit, pun durcara kewran wangsulanipun puupntoning budhi pun durhaka lajeng lumajeng, paman kemit anganrjita manawi tiyang ewon paman kemitan saronta lajeng alok maling-maling aling, ngetan-ngetan para tiyangingkang ngupami gigirya sapinggiring margi trangginas sami medals arwi samekta, kacariyos palajengipun pandung kapapagaken deing para tandang, lajeng kemawon kaepeng, uwit kabonda seta dipun takeni ngaken kimawon wusana lajeng kaladosaken dhumeng pulisi ingkang bawah aken kilap kadadosanipun ah inggih punika awratipun tiyang ngupados tedha, sireglothag-gltahe dibonda tangane
Kintunan.

Pethikan
Titiyang padhusunan ing nagari Ruslan awit sakng kaluwen tumuwuh angetog kapurunanipun anandukaken lampahe peppinek sasaminipun sinuhun ing Ruslan andhawuhaken tenjenging rumeksanipun dhateng katentremanipun para alit.
Wonten bojonipun undhagi tanah beyeren ing kalamasa asring sakit ewah, ing saweneh dinten amarengi angot punika anakipun piyambak ingkang saweg wanci 9 wulan dipun goring, sareng nedhenging wanciing sami anedhi, gorengan rare wau kalakosaken para tamu sami anjumbul dene bapakipun rarre bleg lajeng dhawah kalenger.

Susupe ingkang niwasi

Panjenenganipun ang prabu Alponsus ingkang kaping 12 ing Sepanye, kagungan supe sakalangkung enah warninipun supe kaparingaken dhumateng sang prameswari sarta lajeng kaagem boten elet sawatawis wulan sang prameswari nata wau seda, sasedanipun ingkang garwa sang prabu akrama malih, supe nunten kaparingaken ingkang garwa nama KRistena, ingkang boten antawis lami inggih seda, supe nunten kaparingaken ingkang rayi sang nata piyambak sang putrid mariyah dhelpilar,s upe kaagem sawatawis dinen sang putrid ugi anemahi seda, supe lajeng kaparingaken dhumateng rayinipun prameswari Kristine, kaagem tigang wulan laminipun inggih anemahi seda, sang nata sakalangkung singkeling galih, supe kapundhut wonten kaagem piyambak naming sawatawis ditnen laminpun sang nata ugi anemahi seda, ing mangke supe wau kaborongaken ing grija ageng ing tanah Sepanye.
=========\=========
Panjurung
Sambetanipun serat Salokatama anggitan dalem Kanjeng Gusti Pangeran Adipati ARya Mangkunagara, ingkang kaping 4 ing nagari Surakarta

Wit jisim e wongkn gnglampaus dhiri, tan kena den uwor, lan makame para luluhure, lan sawiyah makamaning janmi, sinarang sinirik kang apitanayun. Krana wong kang amateni janmi, wis dosa wus asor, mongka ana wong kolu ragane, tetep lamun duraka ngungkuli,

patinira aji, kewan kethek lutung. Pangruwate dosa sawatawis rehning wus kalakon tan lyan among minta aksamane, ingkang samya denasaken ing galih, prapta apribadi, marang wismanipun. Yen kaprenah anom menang inggil den rahap pangrengkoh, kabeh prien lilih ing rengune, lamun prenah nompangkara ingil mengku mawa taklim kramanuting tembung. Yen kaprenah enomena inggil den rahap pangreko, kabeh prien lilih ing rtengune, lamun ana rikuhe ing ati, kamota ing tulis lawan tembung alus. Lan nyuwun apuraning widhi, tobata ing batos rumongsa a ing driya salahe, mumulenen ruruhure sami,kang sira ayani, nulak alanipun. Lan wus jamak manungsa donyaki, paparena kasor, nadyan ala kapok sayektine, saking pangkat gedhe lawan cilik sugih lawan meskin andhap miwah luhur. Kayektene kan gpangkat geng alit kang luhur lan asor, sugih meskin kabeh padha bae, yen ginunggung sarta den condhongi, adoh kang sakserik cedhak sukeng kalbu.
Taksih wonten sambetipun.
=======\================
Langenkridha

//sinom anahan oneng pinriha, ambingkas amiminihi, enenging tyas uningaha, anerng kang reh mrih uning, arsa wrin ardaningsih, ulah ilining luluhur, atma kang misesaha, esah ing sang hyang abadi, andhadhani undhak mrih tan dadya ina. Nga nanon nering kang prana, net nir tinaratas pinrih, rineh winotyas mrih pernah, maonah wanuh wiwinih, wenanging neng winongwing, ening kaonang mrih anung, manngku manrangnyata, kanyahaning dumadi, pinandara lalana manadugonda.be dawus careming cipta, kacacap kacep ngecupi, tan oncat nadyan rinucat cancut raracutan ricik naracak pinrih becik pinacak dadyapupucuk kacacak aneng pucak papancen pancering ati, nganti ngambang sinambi pangupaboga. Ing babingkas sarubeda, rineh lan linuri-luri, lalantaran mrih karoban barkah ing robilngalamin ngalamting ngaurip pangarep mrih kang tan wurung, tan larang ginunturan ginanter rog rontang-ranting, renteng mrih trang mangarng mamrih pranawa. Suka kekes kaskataman tumekeng tingkah mangungkih, kaangkah ingkah mrih kekah, kakenanana prin wengkoning, wekasaning pangikis lekas kawengku winengku, kukucahing karamat kerem kamoting pamardi, mardaweng tyas tuntas patitising sedya. Ra rudah ing tyas rabeda, dalidir daledeg dadi, dadalaning reh druhaka, kaduka dadak saardi, ardayeng tyas pambudi, panduk panduming pandudu, dadya derdah ing driya, andadar mrih wrin windradi, dinulura ring reh wenganing warana. Patut tiniti mrih tata, talaten atuling ati, tatag teteg datan murtat tulen tulus sah sajati, tititeteh ing karti, karkating cipta mrih sengkut pamikat mrih mupangat enget kakekating yekti, purwa madya prapteng wasana ning titah. Murwa saselaning sedya, sinuluh solah mrih keksi, kasok srikahya kongsi sasar, sir kasusutyasna lisir, neser srah mrih tan gingsir, rosing tyas mene kasebut pustaka kalatidha, tinundha tinandhing tandhing, kandhas kandhih kadhusdhah saliring cipta. Ya ta wawarah ing wara, warata ring sanubari, tan uwas wosing wasana, kawasananing dumadi, dadya wewah wewinih, wah ananireng tumuwuh, tan ewah mung sadarma, sih kadarmaning hyang widhi, ginadhuhan lumaksana lan tumandang. Mantep teteping kawula, lilih lalakon tan lali, lila tan kelu kalian elok gineleng mrih eling, hya linglung yen kalingling, pinalanganing pupulung, mrih tan ilang mangripta, langen kridha pinarsudi, sandining tyas mrih tatas bawuring swara. Tri maka taman panyeda, panglobaning cipta yekti, kayektene kang waspada, papadane lamun dadi, dinohken tulah sarik sarusarananing laku, sarisarining patrap pamatrap trep kang patitis lamun tuntas tan uwas wasananing tyas. Cadhang cumondonging rasa, rosing sedyaning dumadi, kadya andadak kang mongsa, masuh pamesu mametsih, sih ing hyang murbeng wasthi, mantheng mrih papethanipun mentheleng ing papandhan kinontha kanthining urip ngarep-arep pangarahrahmating Allah. Carem crahing papacuwan kuciwa wanci sumawis winawas wasananira, wose watgesaning takdir, dadar darane budi, betah banter pamrih bentur, tataran mrih tyas sabar, barkah kabuling pangesthi, papasthen kang pinandheng sareng lan mongsa. Ngarang lir saniskara, karana karenan dadi, dadak kang cinipta prapta, warata rahmating widhi, wadhag wadhah ing widhi, andhadha kridhaning laku, lekase mun glumampah, lempeng sadarma lumaris datan maras tan uwas suksma kawekas. Ya Allahya rasullolah linuluh nirna kang lali, lila lelah ing lelakyan kayungyun yuning kang takyin kayun kang miyatani, wah hya saliring tumuwuh, weh wewah ing nugraha, kanugrahan mring dumadi,

dumadya atetepi sabar santosa. Lalakonireng tumitah, teteh wnatah mung sadarmi sih kadarmaning pangeran kinarang reh nguni-uni, ina yen tan niteni, tatas patitis kang putus tinarutus mrih tata, keleng tatalining ngurip ngirib-irib mrih eling lawan waspada. Linuri lalajerira, ngarah reh tyas mugi-mugi, bedakna durlan raharja, ilanga lenge kanglali, suka seneng basuki, rareged pegat sumawur, panalongsa tansasar, murba pambebering uripyayah atan samara manising sarkara.

Punika panggagasing supenan pancen taksih wonten sambetanipun sarehing saweg nembe anggen kula sowan tuwi kyai bramartani malih amargi kalamen anggen kula dhedhepok wonten ngardi, dados sampun kathah ingkang kasupen pramila kula sigeg rumiyin

Inggih kula siswantalamipun Endhang Pracimasana.

Ongka 104 Salasa Paing kaping 27 Jumadilawal JImawal 1821 utawi kaping 29 Dhesember 1891

Pawartos kawat
Kaemot ing nawala dalem katitimangsan kaping 18 Dhesember 1891, sripaduka kanjeng tuwan besar, andhawuhaken ewah-ewahanipun pranatan amaosi tuwin amaosaken siting wonten reh ing karaton ing Surakarta tuwin ing Yogyakarta.
Kanjeng pangeran Arya WArsakusuma, bupati ing Balitar, kapatedhan songsong gilap.
=========\======================
Surakarta:sambetanipun Karaharjan
Bawah kabupaten Bayalali keningg kawastanan sedheng, amargi ing wewengknipun dhusun dhusun ngriku, kathah sabin gadhuwalikan dados sanajan mongsa katiga, tiyang tani taksih saged ananem sapa kang salipu malah sapunika ing dhusun-dhusun sabin gadhuwalikan sampunkathah ingkang panen naming gajulipun tiyang alit ingkang kikirangan amargi palawija sepen punika gorika jangan kaworaken sekul mila sapunika regining gori kalayan nongja taksih mirah angkanipun wonten sawatawis ing dhusun dhusun tiyang alit ingkang gajulipun warni gudheg bonggol pisang, amargi eca piyambak anyep sarta anuwuki.
Para tiyang alit ing dhusun-dhusun wewengkonipun sitipamaosanipun para tuwan-tuwan punika kalebet kathah maryaripun amargi tuwan tuwan tanah sami kadunungan kawelasan dhateng para tiyang alit wau, wonten ingkang kaliburaken pandamelanipun kalih tengah wulan mawi kapitulungan wiji, wonten ingkang kasambutan uwos sarta pantun minongka tedhanipun dene panyauripun dipun cicil sakacunggahipun wonten ingkang kapitulungan wiji, panyauripun benjing naming warni rabuk talethonging lembu.
Tuwan tanah kabudidayan ing Satriyan pitulunganipun dhateng tiyang alit kalebet onjo piyambak kajawi kaiptulungan wiji, saben dinten para tiyang enem sepuh samikapurih metani taneman tom ambucali uler, mawi kabayar sapa kang salanipun murih para tiyang saben dinten saged angsal arta pitulungan punika amigunani sanget dhateng para tiyang alit.
Dene para tiyang ingkang mesakaken sanget punika bawah Sukawati emeh sadaya, ing mangke tumuwuh lumunturing sih kawelasan dalem sang sribupati, nagari sampun ambage wiji pantun dhateng kawula alit 3000 dhacin wiji pantun ananging kadarman samanten wau dereng pantog sapunika taksih ameling wiji pantun malih.
Para tiyang alit reh ing kabupaten ing SRagen sarehning dhawah ipun jawah sampun kathah, sasampunipun tampi wiji pantun katingal sengkut pananemipun
Kintunan.

Wontenpawartos saking Batawi ingkang kenging kaanggep yaktos bilih kanjeng tuwan dhirektur binen lan Sebestir sampun asaos unjuk ing Sripaduka kanjeng tuwan Besar, manawi benjing tengahanipun taun ngajeng punika, badhe anyelehaken pandamelanipun, menggah ingkang pinandeng kapilih ginentosaken dhirektur wau, kanjeng tuwan Dhewit residhen ing Basuki, kanjeng tuwan Jonghir Orasikama, residhen ing Pakalongan tuwin kanjeng tuwan Birnabiloce, residhen ing Surakarta, mandar ingkang kalih sampun sami anyuwun gumantos ing pangkat wau, naming kanjeng tuwan Birnabiloce, katantun anggentosi, unjukipun amopo.
Mas Ngabei Wiradiwirya, abdi dalem mantra Gowong, ing mangke kaparengipun ing karsa dalem kasantunan nama mas ngabei Sandilata, sarta kapundhut miji sowan wonten ing ngarsadalem saben dinten dipun lepataken paosanipun naming ing sabens ampeyan dalemi miyos ing Langenarja mesthi kadhawahan dherek.
Yektiwara.

Kala malem Kemis tanggal kaping 15 wulan JUmadilawal punika, watawis wanci jam 7 wit asem ing margi ageng ing kampong Baron rebah angrebahi griyanipun Cina cacah wuwung 3iji , griya ingkang dipun enggeni cina sahanak bojonipun kadhawahan kaleres deleging nguwit tugel bet ingkang dipun enggeni wetah ingkang boten dipun enggeni rebah pecah kabelasah, dene griya satunggalipun kadhaahan kaleres epang ageng alit ingkang tamtu inggih rebah kabelasah mawi ajur aku murkumur, saha griya wau wonten isinipun tiyang satunggal

estri wasta pun Wongsa, papesthening ingkang murbamasesa, punapa malih rencangipun estri, ingkang tilem wonten ing griya wingking punika inggih wilujeng, jalaran griya ambrug tiyang kaebrukaken gedhek punika ingkang ngurungi tiyang wau lajeng kaapit-apit ing ngepang, dene wagedipun medal tiyang ingkang kakrukup wau mawi sarana babah, dening pitulungipun tiyang ing kampong ngriku, soluring ngallah, kilap salajengipun
H.M.

Nalika ditnen saptu ingkang kapengker punika wnaci jam 11 siyang jajaka ing kampung kapatiyan awasta katija wattawis ngumur 25 taun pejah angayut tuwuh sarana anggantung jangganipun ingkang kaangge gantung tamper serat nanas kaangsalaken ing pangeret wagedipun gumantung mawi ancik-ancik amben dene ingkang sumerep rumiyin bapakipun piyambak ingkang pinuju saweg mantuk saking kakesahan sareng ngengakaken kontening griya sumerep dhapuring anak makaten wau lajeng wicanten we o kepriye thole kathik nganggo gandhulan mengkono, sareng sampun makaten tongga tapalihipun miring, lajeng sami gita angudhunaken ingkang gandhulan ewa makaten katija sampun lemes kemawon sasaged saget sadaya wau sai budi wangsuling atmanipun katijha, ananging sampunboten purun wangsul amargi sampun kasep.
M.H. SEtyastuti.

Kala malem REbo legi ing kampong klurahan kinten wanci jam 2 dalu wonten pandung dhendheng kacepeng, lajeng kemawon kaladosaken ing pulisi, kilap griya saha namanipun ingkang mandung saha naminipuningkang kapandungan.

Batawi
Enggal punika wonten rare titiga, mentas mantuk saking pamulangan sadumuginipun riya lajeng kliyek-kliyek wonten mergi sami menek wit jamblang, sami iyud-iyudan epang ingkang kangge gocekan sempal rare titiga sami dhawah ingkang satunggal pejah ing ngenggen ingkang satunggal elet kalih dinten anututi pejah, inking satunggalipun dumugi sapunika taksih gesang, ananging sakitipun sanget rakaos mengah bapakipun rare ingkang pejah wau dados mantra jurugambar, sarehning boten kuwawi anahan kasusahan pejahing nganak kalampahan anyuwun pamit dhumaten gsukabumi, asareng kaliyan semahipun supados saged dalipur kasusahanipun. Kasebut ing nginggil punika kangge pepenget dhumateng para sepuh sampun ngantos lena pamong mongipun dhumateng dare.
P.B.

Surabaya
Wontenipun bongsa Cina ing tanah jawi, kaupamekaken lintah ingkang anyerot rahipun bongsa Jawi, pramila katiti kenceng sanget bongsa Cina sampun ngantos anjajah ing dhusun-ngadhusun. Kencenging tindakingkang makaten wau, teka boten katumrapaken dhateng bongsa arab anggeing ugi anjajah ing dhusun ngadhusun mongka bongsa Ab punika kening kaupamekaken lir endah ambah-ambah tarajangipun dhateng kawula alit lalabetanipun boten angungkuli, ananging inggih bag-ginebag kemawon lan Cina, kanjeng tuwan asisten residhen ing Jember, ing mangke angawisi panjajah ing bongsa Arab dhateng padhusunan bawah Jember, pangarsa-arsanipuningngakathah mugi tindak punika, tinulada para parentah sanesipun.

Sebitan
Wonten tiyang manawi tilem boten nate anyelehaken tasmakipun bojonipun pitaken: kapriye mask owe iku Manawa turu teka ora tinggal tesmak, e mangkene embokne gendhuk saben aku turu tamtu aku angimpi maca, mula iku aku ora pisah tesmak.
Pu Naya anyambut graji dhateng pun Dhita, wangsulanipun pun Dhita, apratela bilih boten gadhah graji, punaya amalehaken elo teka kowe kondha menek ora duwe graji, mongka ing saben dina tamtu aku ngukru pangasahmu, pun Dhita, o aja kaleruta, mungguh suwara kang ko sengguh pangasah ing graji iku pangomeling rabiku, tumuwuh saka kedalng ngilat tengreceh banget kongsi ora bena lan suwarane wong ngasah graji. Pun Naya: toblas.

Pamisudhan ing Mangkunagaran.
Awit saking kaparengipun ing karsa dalem kanejng gusti pangeran adipati Arya Prabu Prangwadana, ridering Ordhenederlan Senleyo, amarengi tingalan dalem ing dinten Senen Legi, tanggal kaping 26 Jumadilawal JImawal ongka 1821 rumentah ing Wilasa Dalem amisudha Polenter Infantri.

1. SErsan Mayur, Raden Mas Sumaasmara kawisudha dados twedhelutnan inpantri, sarta kapatedhan pasebutan Raden Mas Panji, Sumaasmara.
2. Sersan Mayur, Raden Mas Sumasugonda, kawisudha dados twedhelutnan inpantri, sarta kapatedhan pasebutan RAden Mas Panji, Sumasugonda.

Tinengran ing Sanasastra kaping 27 Jumadilawal JImawal angkalaning warsa, satriya loro angesthi aji
Wirasatata.

Panjurung
Masa
Nalika sakedhap punika kula mirengaken rembagipun para abdid alem dikan rame sanget prakawis anggenipun badhe sae kapraya asalat istika samangke panuwunipun jawah dhateng ingkang maha kawasa sampun sinembadan ananging kawontenaning jawah wau kilap saking kabulipun ing panuwun kilap katarik saking wateking masa, awit saking pamanggih kula mangkaten inggih leres ing masa terangan ingkang kapengke punika katiganipun radi panjang, ananging mengah ing patang langkahipun saking watesing masa katiga punika naming langkah awatawis dinten liripun mangkaten lampahing masa kalih welaspunika kapereang dados sakawan.

1. ing masa, karo, katiga, kapat punka kageleng ingmasa katiga, karo,wiwitipun katiga, katiga,tengah-engahipun katiga, kapat wekasanipun katiga,
2. ing masa, kalmia,kanem kapitu, punika kagelengingmasa labuh, kalmia, wiwitipun labuh, kanem tengah-tengahipun labuh, kapitu, wekasanipun labuh.
3. ingmasa kawolu, kasanga,kasadasa, punika kageleng ing masa rendheng, kawolu, wiwitipun rendheng, kasanga, tengah tengahipun endheng, kasadasa, wekasanipun endheng.
4. ing masa dhestha, sadha, kasa, punika kageleng ingmasa maeng, dhestha, wiwitipun maeng, sadha, tengah-tengahipun mareng, kasa, wekasanipun mareng.

Dene peperangan punika mangkaten upami salebetipun ing masa kalmia wau boten wonten jawah, punika dipun wastani katiganipun ingkang panjang, dene bilih ing masa kapat sampun wonten jawah, tiyang tani anggenipun mastani jawah labuh jagung, mangkaten ugi ing masa dhestha bilih taksih wonten jawah, punika dipun wastani rendhengipun ingkang panjang, mongka enget kula salebetipun ing masa kalmia ingkang kapengker punika, ugi sampun katurunan jawah ngantos rambah kapin gkalih, mila panglojokipun ing masa terangan punika langkahipun naming sawatawis dinten suprandosipun para tiyang tani sami ngaruhara anggenipun sasambat.
Dene papathokaning masa punika, kajawi mendhet saking paletheking surya, inggih mendhet saking lampahing masa wuku, katerangannipun ing ngandhap punika.
Ingkang dipun wastani masa wuku punika tampi serenipun pendhak ing dinten anggarakasih, masa kalih welas wau kaperang dados nenem miturut lampahing wuku ingkang kaleres wonten anggarakasihipun kadosta:
1.masa kasa kapitu, dinten anggarakasih dhawahipun wuku mondhosiya
2.masa karo kawolu dinten anggarakasih dhawahing wuku tambir
3. masa katelukasanga dinten anggarakasih dhawahipun wuku prangbakat
4. masa kapat kasadasa dinten anggarakasih dhawahing wuku dhukut
5. masa kalmia dhestha dinten anggarakasih dhawahing wuku kurantil
6.masa kanem sadha, dinten anggarakasih dhawahing wuku julungwangi.

Menggah pratelaning masa kakalih manggen wonten wuku satunggal punika, lampahipun makaten kados ta wuku julungsekar ingkang kapengker punika dhawah ing masa kanem benjing julungsekaripun malih dhawah masa sadha, mangkaten salajengipun gilir gumantos lampahing masa kalih wau ananging pangetangipun wiwit ing masa kasa dumugi masa kanem ingkang lumampah masa kakalih wau ingkang kasebut ramiyin bilih sampun wiwit nyandhak ing masa kapitu dumugi masa sadha, ingkang lumampah gentos ingkang kasebuting wingking mangkaten sapiturutipun wasana leres lepat kula sumongga para saged. Ing dhukuh Balerata kaping 16 dhesember 1 821. Kartasumbaga inggih arubi.
=====\==========

Minangka pasumabng tumrabing pustakawarti, yeka kadyaringandhappunika, candhakira kanamgwouatarka.

Pilih-pilih tinanguda neni, lamun ta sang hyang suksma anamar, ingngurip kawratan kabeh, yeku upaminipun angi munggyeng kang kayu aking, tiningalan winawas tan katon kang kayu, angi pan kaananira, ulatana kaananing sanghyang angi, sayekti pan kapanggya. Mangkana ta upamanya malih, ing manungsa kadi saantiga, sapa kang ina dadine, ing ngayam wedalipun data nana antaraneki, yen bakal dadya ayam mongka babonipun angrem ing sadina-dina, prapteng mongsa endhok netes dadya pitik sanupaya lama-lama. Sasolah bawa myang rupaneki, punangayam atelat ibuja, iya iku sasamane, sapandhita kalamun meneng meleng rahina wengi, angening aken cipta, ing pada sangluhung, telasnya amuji ring hyang, mari ngangen-anen ing jagad pakalir, pan wus lebda taruna.
Ana pepetenging manah, sarira minongka wukir, babada regeding ngawak kang minongka dhukuhneki, budhinira kang becik kang minongka dhengenipun panangen-angenira, nenggih kang minengka angi tata arja pituduhing gurunira. Mongka samadintea temah tyas panggah tutupireki, iwa kangminongka sanggar, mongka sangkanira urip kang minongka tatali, singgih punika kang bayu, mongka gelar kalalar, kangminongka wayahneki, kawruhira masekar wardaya mekar. Mabanyuy sukcining sipta, pamuja telenging ati, pitutur mongka sapuja, mongka bawanta tyas ing konang-ngonangenani, ing paribawa dadya nung, wenang anampakna ing nugraha sang hyang angi, kangminongka tetekenira bekidarma. Sadu minongka wastranya, mongka dremba ujar yekti, minongka murbanya ilang, kekesupen panuting becik kunci teguh ing ngati, rahina wengi tinugung, tetep na tutupana, binacikan kang ngabecik aywa laku durjana angongsa-ongsa. Ya iku araning tapa, nora dumeh marang wukir, angupaya ingka kamukupan nora dumeh mangan guling, sanadyan marang wukir, tan dadi yen during waruh, nadyan aneng ing praja, yen sampun uningeng jati, tan prabeda dhalan kang tapa aneng ngarga taksih wonten sambetanipun malih tikang manulat ing papakem muhung sawantah ikewala, dera kijaka pranawasidhi, sang dhudhukuh ing Mendhang prawa.